

UNOGONA KUNZWISISA BHAIBHERI!

***TSAMBA NERONDEDZERO
YEZVAKAONEKWA NOMUDIKANWI
MUDZIDZI : VHANGERI YAJOHANI, 1,
2 NA 3JOHANI***

BOB UTLEY
MUZVINAFUNDO WEZVEKUPIRIKIRWA KWESHOKO
PROFESSOR OF HERMENEUTICS
(BIBLICAL INTERPRETATION)

*IMWE YEDUNGWERUNGWE RE TSOROPODZO DZE
TESTAMENDE ITSVA, YECHINA.*

ZVIDZIDZO ZVEBHAIBHERI PASI ROSE (BIBLE LESSONS INTERNATIONAL, MARSHAL, TEXAS)
2011

ZVIRI MUKATI

Shoko Romunyoru: Tsoropodzo Ino Ingakubatsira Sei?.....	1
Nhungamiri Kumaverengerwo Ebhaibheri Akanaka: Tsvakurudzo Pauzima Yezvokwadi	4
Tsoropodzo;	
Nhanganyaya kuvhangeri yaJohani.....	13
Johani. 1.....	22
Johani. 2.....	64
Johani. 3.....	81
Johani. 4.....	110
Johani. 5.....	134
Johani. 6.....	153
Johani. 7.....	186
Johani. 8.....	203
Johani. 9.....	223
Johani. 10.....	234
Johani. 11.....	246
Johani. 12.....	264
Johani. 13.....	285
Johani. 14.....	299
Johani. 15.....	323
Johani. 16.....	335
Johani. 17.....	349
Johani. 18.....	365

Johani. 19.....	383
Johani. 20.....	400
Johani. 21.....	413
Nhanganyaya ya1Johani.....	422
1Johani. 1.....	429
1Johani. 2.....	443
1Johani. 3.....	465
1Johani. 4.....	492
1Johani. 5.....	505
2Johani.....	523
3Johani.....	534
Horokodzwa yokupeta gwaro yokutanga: Dudziro muchidimbu yezvivakamutauro zvemazwi echi Giriki.....	544
Horokodzwa yokupeta gwaro yepiri:Ongororo yechinyorwa.....	556
Horokodzwa yokupeta gwaro yetatu:Donongodzo yemazwi nezvirevo vawo.....	561
Horokodzwayokupeta gwaro yechina:Mitsara yedzidzispo yokute.....	573

**ZVINYORWA ZVAJOHANI
ZVIRIMUKATI ZVENHAURWA DZINOKOSHA**

Mavambo (<i>Archē</i>), Johani. 1:1.....	26
Ngirozi yaIshe, Johani. 1:5.....	28
Rutendo, kutenda, vimba, Johani. 1:7.....	30
Zvapupu zvaJesu, Johani. 1:8.....	31
Ziva, Johani. 1:10.....	33
Nyama (<i>sarx</i>), Johani. 1:14.....	36
Rubwinyo (<i>doxa</i>), Johani. 1:14.....	36
Rudo rweunyoro (<i>hesed</i>), Johani. 1:14.....	38
Tenda, vimba, rutendo, nokutendeseka mutestamende yekare, Johani. 1:14.....	38
Maonero aiiwa murayiro waMosesi naPauro, Johani. 1:17.....	43
vaFarisi, Johani. 1:24.....	49
Mutondwe wemazita evapositori, Johani. 1:45.....	57
Jesu muNazarini, Johani. 1:45.....	58
Ameni, Johani. 1:51.....	60
Matenga, Johani. 1:51.....	61
Waini nedoro rinodhaka, Johani. 2:3.....	66
Zvipimo zvouwandu nouremu zvokumabvazuva, Johani. 2:7.....	70
Pasika, Johani. 2:13.....	74
Mashandisirwo anoitwa izwi rokuti” tenda “naJohani, Johani. 2:23.....	79
Dare ravaPirisita vakuru, Johani. 3:1.....	83
Hutongo hwaMwari, Johani. 3:3.....	87
Femo, mhopo, Mweya, Johani. 3:8.....	90

Mutauriro wokudana Mwari somunhu wakashandiswa kutsanangura Mwari, Johani. 3:16.....	93
Kufanoronga kare (Calnivism) maringe nemazvokuda evanhu (Arminianism), Johani. 3:16...	95
Simbiso, Johani. 3:33.....	106
Rusaruraganda, Johani. 4:4.....	112
Chiporofita chetestamende yekare, Johani. 4:19.....	118
Chiporofita chetestamende itsva, Johani. 4:19.....	123
Baba, Johani. 4:23.....	126
Mesiasi, Johani. 4:25.....	127
Kuda kwaMwari, Johani. 4:34.....	129
Kuporesa, Johani. 5:14.....	139
Chivi chisingaregererwi, Johani. 5:21.....	142
Tuma (<i>Apostellō</i>), Johani. 5:24.....	144
Nguva, Johani. 5:25.....	145
Mharidzo (<i>kerygma</i>) yekereke yakare, Johani. 5:39.....	149
Musvo waishandiswa kuParastina panguva yaJesu, Johani. 6:7.....	157
Muraudzo wegumi nembiri, Johani. 6:13.....	159
Mazita ouMwari, Johani. 6:20.....	161
Simbiso yechiKristu, Johani. 6:37.....	169
Zvokwadi, Johani. 6:55.....	175
Nokusingaperi, Johani. 6:58.....	176
Kukwira kudenga, Johani. 6:62.....	179
Mweya (<i>pneuma</i> , mutetsamende itsva), Johani. 6:63.....	180
Uteveri hwenhema, Johani. 6:64.....	181

Ushimhwa (<i>Parresha</i>), Johani, 7:4.....	189
Madhimoni, Johani. 7:20.....	193
Kudiwa kwokutsungirira, Johani. 8:31.....	213
Kusanganisa vhangeri nepfungwa dzavanhu, Johani8:40.....	217
Zvirevanguva zvemazwi echiGiriki anoreva ruponeso, Johani. 9:7.....	226
Mhupuro, Johani. 9:22-23.....	229
Kuparadza (<i>Apollumi</i>), Johani. 10:10.....	237
Kuzodzwa mubhaibheri, Johani. 11:2.....	249
Kupira kwokuchema, Johani. 11:20.....	252
Madzimai mubhaibheri, Johani. 11:28.....	254
Nzira dzokuchengetedzwa kwevafi, Johani. 11:44.....	259
Kuipa kwepauzima, Johani. 12:31.....	275
Hondo kudenga, Johani. 12:31.....	277
Mwoyo, Johani. 12:40.....	281
Kusahndiswa kwe” murayiro” muzvinyorwa zvaJohani, Johani. 12:50.....	283
Muronga wePasika muchiJudha chemakore zana okutanga, Johani. 13:2.....	289
Isikarioti, Johani. 13:26.....	294
Vakafa varipi?, Johani. 14:3.....	302
Munyengerero unesimba, Johani. 14:13-14.....	309
Zita raIshe, Johani. 14:13-14.....	310
Jesu neMweya, Johani. 14:16.....	311
Nyika (<i>kosmo</i>), Johani. 14:17.....	313
Zuva iroro, Johani. 14:20.....	314

Mwari watatu mumwe, Johani. 14:26.....	317
Kuva munhu kweMweya mutsvene, Johani. 14:26.....	318
Rugare, Johani. 14:27.....	319
Moto, Johani. 15:6.....	328
Rujeko, Johani. 16:13.....	340
Sarudzo, Johani. 17:2.....	352
Kunamata Mwari mumwechete, Johani. 17:3.....	353
“Chokwadi” muzvinyorwa zvaJohani, Johani. 17:3.....	355
Mutsvene, Johani. 17:11.....	358
Sarudzo/kufanoronga kare nokudiwa kwenengaidzo yezvidzidzo zvouMwari, Johani. 18:2.....	368
Jesu muNazarini, Johani. 18:5.....	370
Muchengeti wepaTemberi, Johani. 18:28.....	376
Pirato, Johani. 18:29.....	378
Madzimai akatevera Jesu, Johani. 19:25.....	398
Zvinonhuwira zvokuchengetedzesa mufi, Johani. 19:39.....	398
Kuonekwa kwaJesu mushure mokumuka kuvakafa, Johani. 20:16.....	405
Chitarisiko (<i>Tupos</i>), Johani. 20:25.....	409
Johani. 1 ichienzaniswa na1Johani. 1, 1Johani. 1:1.....	432
Kuwadzana (<i>koinōnia</i>), 1Johani. 1:3.....	434
ChiKristu ndechezibatakwose, 1Johani. 1:3.....	434
“kugara” muzvinyorwa zvaJohani, 1Johani. 2:10.....	450
Ziva, 1Johani. 2:13.....	453

Hurumende dzavanhu, 1Johani. 2:15.....	454
Nguva ino nenguva ichauya, 1Johani. 2:17.....	457
Iye mutsvene, 1Johani. 2:20.....	460
Mazwi anoshandiswa kureva kudzoka kwaKristu, 1Johani. 2:28.....	468
Kururama, 1Johani. 2:29.....	470
Humboo hwemutestamende itsva hweruponeso rwomunhu, 1Johani. 3:1.....	473
Kuitwa mutsvene, 1Johani. 3:5.....	478
Mwanakomana waMwari, 1Johani. 3:8.....	480
Munyengerero hauna muganho uku iwo wakaganhurwa, 1Johani. 3:22..	488
Ko vaKristu vanofanira kutongana here?., 1Johani. 4:1.....	494
Mazwi echiGiriki anoreva kuti“kuedza” pamwe neminongedzo yawo, 1Johani. 4:1..	495
Rerekero youvhangeri hwaBob, 1Johani. 4:15.....	502
Simbiso, 1Johani. 5:13.....	512
Kunyengerera, 1Johani. 5:14.....	514
Chii chinonzi chivi chokusvika pakufa?, 1Johani. 5:16.....	517
Mukuru, 2Johani. ndima. 1.....	525
Kereke (<i>Ekklesia</i>), 3Johani. ndima. 6.....	538

SHOKO ROMUNYORI: TSOROPODZO INO INGAKUBATSIRE SEI?

Kupirikira bhaibheri ibasa rinoda pfungwa pamwe neMweya, basa iri nderekuedza kunzwisisa munyori wakare akatuswa, nenzira yokuti shoko raMwari rinzwiswe nokushandiswa munguva yedu.

ZveMweya zvinokosha asi zvakaoma kududza. Zvinosanganisira kuzvireutsa nokuzvipira kunaMwari. Panofanira kuva nenzira (1) yokuda Mwari (2) yokumuziva ne (3) yokumushumira. Basa iri rinosanganisira munyengetero, kupupura nechido chokushandura mararamiro. Mweya unokosha mubasa rokupirikira, asi kuti sei vaKristu vanouMwari vachinzwisisa bhaibheri nenzira dzakasiyana ndicho chinhu chino katyamadza.

Basa rokushandisa pfungwa rakapfava kutsanangura. Tinofanira kutsetsenura basa uye nokuita kuti rerekero yedu irege kunyangadza chinyorwa. Tose takaumbwa nenhoroondo. Pakati pedu hapana mupirikiri anganzi haana kwaakarerekera. Tsoropodzo ino inopa mubatiro webasa une misimboti mitatu yokupirikira iyo inotibatsira kukunda rerekero dzedu.

Musimboti wokutanga

Musimboti wokutanga ndoweku tarisa chimiro chenhoroondo iyo yakanyorerwa chinyorwa chebhaibheri uye nechitiko chacho chakakonzero kuti chinyorwa chinyorwe. Munyori wemabviro aiva nechinangwa, neshoko rokutaura. Chinyorwa hachingarevi kwatiri izvo zvachisina kumboreva kumunyori wemabviro uyo akatuswa. Vavariro yake – kete nhoroondoyedu, dengetera tsika nemagariro kana sangano redu — ndiyo shanguriro. Kuita kunobatira pamwe nokupirikira, asi kupirikira chaiko kunotanga kuita kusati kwavapo. Zvinofanira kurangarirwa kuti chinyorwa chose chemubhaibheri chine chirevo chimwechete uye chimwe choga. Chirevo ichi ndicho chaivavarirwa kutaurwa nemunyori wemabviro kuburikidza nokutungamirwa neMweya, pazuva ranhasi. Chirevo chimwechete ichi chinogona kuva nemashandisirwo akawanda kutsika nemagariro dzakawanda. Mashandisirwo aya anofanira kuva nehochechoche nezvokwadi chaiyo yemunyori wemabviro. Nokudaro, tsoropodzo ino yakaitwa nenzira yokupa nhanganyaya kubhuku roga roga rebhaibheri.

Musimboti wepiri

Musimboti wepiri ndowekudoma chidzidzo chemuraudzo wechinyorwa. Bhuku rose remubhaibheri igwaro rakabatana. Vapirikiri Havana kodzero yokumisikidza nyaya imwechete yezvokwadi vachirasa dzimwe. Naizvozvo, tinofanira kuedza zvikuru kunzwisisa chinangwa chebhuku rose remubhaibheri tisati tapirikira muraudzo wechinyorwa. Mbadzi, zvikamu, ganhuro, kana ndima—hadzigone kureva zvisingarehwi nemuraudzo wose. Kupirikira kunofanira kushanduka kubva mukushandisa nzira dzokusunhaidza kuchishandisa nzira dzokuongorora zvose zviripo. Naizvozvo, tsoropodzo ino yakarongwa nenzira yokubatsira mudzidzi kuti akwanise kuongorora murongerwo wemuraudzo wechinyorwa choga choga paganhuro yoga yoga. Mhatsanurwa dzeganhuro nechikamu hadzina kutuswa, asi dzinoti batsira kudoma pfungwa yemuraudzo.

Kupirikira panhanho yeganhuro—kwete mutsetse, mutsumbu wemazwi, mutsara kana panhanho yezwi—ndiyo shanguriro yokutevedza chirevo chaidiwa nomunyori wemabviro,

ganhuro dzinoumbwa nenhaurwa izere, ndiyo inodanwa kuti dingindira kana kuti mutsetse wenhaurwa, nguva zhinji. Izwi roga roga, mutsara, mutsumbu wemazwi, nemutsetse muganhuro zvine hochekeche nedingindira iri. Zvinori pendera, kurivandudza, kuritsanangura, nokuribvunzurudza. Shanguriro chaiyo yokupirikira ndeyekutevera pfungwa yomunyorori wemabviropaganhuro yoga yoga kuburikidza nemuraudzo wechinyorwa choga choga icho chinoumba gwaro remubhaibheri. Tsoropodzo ino yakarongwa kuti ibatsire mudzidzi kuita izvi nokuenzanisa shandurudzo itsva dzechirungu. Shandurudzo idzi dzakasarudzwa nokuti dzinoshandisa mashandurudziro akasiyana:

1. Gwaro rechiGiriki re'United Bible Society' (UBS⁴) ndiro gwaro rechina rakanyorwa patsva. Gwaro iri rine ganhuro dzakarongwa nevanzveri vemagwaro vemazuva ano.
2. Gwaro re 'New King James version' (NKJV) iri gwaro rakashandurudzwa izwi roga roga zvichibva muchinyorwa chechiGiriki9 che Textus Receptus.' Kupatsanurwa kweganhuro dzacho kwakareba kupfuura dzimwe shandurudzo. Miraudzo mirefu iyi inobatsira mudzidzi kuti aone nhaurwa.
3. Gwaro re'New Revised Standard Version' (NRSV) ishandurudzo yezwi roga roga yakavandudzwa. Inomira pakati peshandurudzo mbiri itsva dzirikutevera. Kupatsanurwa kweganhuro dzaro kunobatsira zvikuru pakudoma zvidzidzo.
4. Gwaro re'Today's English Version' (TEV) ishandurudzo yakanaka zvikuru inofambirana nedzimwe, yakatsikiswa ne (UBS). Rinoedza kushandurudza bhaibheri nenzira yokuti muverengi kana mutauri wechirungu chemazuva ano akwanise kunzwisisa chirevo chezvinyorwa zvechiGiriki. kunyanya mudzivhangeri, rinopatsanura ganhuro maringe nemutauri kwete nechidzidzo, sezvinoita re'NIV.' Kumupirikiri, izvi hazvibatsiri. Zvinofanira kuzivikanwa kuti magwaro e 'UBS⁴ ne TE' anotsikiswa nekambani imwechete, asi ganhuro dzawo dzinosiyana.
5. Gwaro re'Jerusalem Bible' (JB) ishandurudzo yakanaka zvikuru inofambirana nedzimwe, shandurudzo iyi yakabva pashandurudzo yekaturike yerurimi rweFrench. Inobatsira pakuenzanisa murongerwo weganhuro maringe nemaonero emanyoreroro ekunyika dzakadziva kumavirira kweAsia.
6. Chinyorwa chakadhindiswa ndeche 'Updated New American Standard Bible' (NASB), chinyorwa ichi chakashandurudzwa zvichiteverwa izwi roga roga. Tsoropodzo dzendima yoga yoga dzinotevera ganhuro idzi.

Musimboti wetatu

Musimboti wetatu ndowekuverenga shandurudzo dzebhaibheri dzakasiyana siyana kuita kuti ubate muvanzarira wezvirevo zvingangova mumazwi nemitsara yemubhaibheri. Kazhinji mutsara kana izwi rechiGiriki zvinogona kunzwisiswa nenzira dzakawanda. Shandurudzo dzakawanda idzi dzinoburitsa zvese izvi nokubatsira kudoma nokutsanangura musiyano wezvinyorwa zvechiGiriki. Izvi hazvikanganise gwara redzidziso, asi zvinoti batsira pakuedza kudzokera kuchinyorwa chemabviro icho chakanyorwa nemunyorori akatuswa.

Tsoropodzo ino inopa nzira yechimbi chimbi yokuti mudzidzi atarisise mhirikiro dzake. Haina kuitirwa kupa dudziro yose, asi kupa hukorokodzwa nokutekenya ndangariro. Kazhinji dzimwe mhirikiro dzinoti batsira kusava nererekro yakanyanya, kuomesa pfungwa nokumira nemasngano edu. Vapirikiri vanofanira kuva noruvanzarira rwakatambanuka rwokupirikira kuti

vaone kuti zvinyorwa zvine zvirevo zvakawanda sei. Zvinoshamisa kuti pane kubvumirana kushoma pakati pevaKristu avo vanoti bhaibheri ndiro hwaro hwezvokwadi yavo.

Misimboti iyi yakandibatsira kukunda zvizhinji zvekukuriswa kwangu nokundiita kuti ndishangazhike zvikuru nemagwaro akare. Tariro yangu ndeyekuti newewo uchawana kukomborerwa nazvo.

Bob Utley
East Texas University
June 27, 1996

NHUNGAMIRI KUMAVRENGERWO EBHAIBHERI AKANAKA TSVAKURUDZO PAUZIMA YEZVOKWADI INOBATIKA

Tinokwanisa kuziva zvokwadi here? iripi? zvinogoneka here kuti isu nepfungwa dzedu tive noumboo hwezvokwadi? kuna samasimba ariko here? kune zvokwadi dzakazara dzingatungamira hupenyu hwedu nenyika yedu here? Ko hupenyu hunechirevo here? Tiri kuitei pano panyika? Tirikuendepi? Mibvunzo iyi—iyo inofungwa nevanhu vose vane pfungwa—iyo yakakanganisa pfungwadzevanhu kubva kare (Muparidzi. 1:13-18; 3:9-11). Ndinorangarira tsvakurudzo yangu yechirevo muupenyu. Ndakava mutendi ndiri mwana mudiki, apa ndaiteverawo vamwe vemhuri yangu. Pandaikura kuva munhu mukuru, mibvunzo pamusoro pangu ini pauzima nezvakanipoterredza yaikurawo. Izvo zvekunamata netsika zvaigaro taurwa zvakatanga kusava nechirevo kune zvaitika izvo zvandaiverenga nokuona. Iyi yakava nguva yokuvhiringika, kutsvaka nokushuvira kukuru pamwe nokunzwa ndisisina tariro mukati menyika yakaoma iyo yandairarama mairi.

Vazhinji vaiti vane mhinduro yemibvunzo iyasi mushure mokutsvakurudzanzokufungisisa ndakaona kuti kuti mhinduro dzavo dzaingova dze (1) udzamu hwendangariro dzavo pauzima, (2) nyaya dzakare dzemashiripiti, (3) zvoupenyu hwavo kana (4) zvokudzidzawemafungiro. Ini ndaida zvokwadi, humboo, mirangariro yokuona nayo hupenyu, gungo rokusungisa hupenyu hwangu, chinangwa changu chokuraramira.

Ndakawana mhinduro idzi mukudzidza kwangu bhaibheri. Ndakatanga kutsvakurudza humboo hwokuvimbika kwaro, Izvi ndakazviwana mu (1) kuvimbika kwenhorooondo yebhaibheri iyo inotsigirwa netsvakurudzo yeavo vanoita zvokutsvaka nhorooondo nokuchera, (2) kunangana kwezvivorofita zvetestamende yekare, (3) kubatana kweshoko rebhaibheri mukati menguva yemakore chiuru chine makore mazana matanhatu okunyorwa kwaro, ne (4) Kupupura kwevanhu vaneupenyu hwakashandurwa nebhaibheri. Chikristu, senzira yorutendo nokutenda, chinokwanisa kubata mibvunzo iyi youpenyu hwevanhu. Izvi hazvina kungondipa hwaro hwemaonero, asiwo kutenda kwoupenyu hwebhaibheri kwakandipawo mufaro nokugadzikana.

Ndakafunga kuti ndainge ndawana gungo roupenyu hwangu—Kristu, sekunzwisiswa kwaanoitwa mushoko. Ichi chakava chinhu chikuru, kusununguka chaiko. Zvisineyi, ndichiri kurangarira kukatyamara nokurwadziwa apo ndakatanga kuona kuti paiva noupirikiri hwakasiyana siyana hwebhuku iri hwaitwa, dzimwe nguva chero musangano rimwechete chaimo nemune avo vanemaonero mamwechete. Kuva nerutsigiro rwe kutuswa nokuvimbika kwebhaibheri kwakanga kusiriiko magumo, asi kwaitova mavambo. Ndaizobvuma kana kuramba sei zvaitaurwa nevaipirikira mivaravara yemubhaibheri nenzira dzakasiyana uye dzinotopikisana, avo vaiti ndivo vanezvokwadi chaiyo inovimbika?

Basa iri rakava chinangwa nevarariro yokutenda kwangu. Ndaiziva kuti kutenda kwangu munaKristu kwaiva (1) kwandipa mufaro norugare rukuru. Pfungwadzangu dzaida chokwadi maringe netsika nemagariro angu; (2) Gakava rezvitendero zvaipikisana (zvitendero zvepanyika) ; ne (3) kuzvitutumadza kwemasangano. Mutsvakurudzo yangu yokuti ko zvinyorwa zvakare zvingapirikirwa sei, ndakakatyamara nokuona rerekero yangu panhorooondo, tsika nemagariro, sangano, nezvoupenyu. Nguva zhinji ndaiverenga bhaibheri senzira yokutsigira maonero angu. Ndairishandisa sechombo chokurwisa pakukakavara nevamwe uku ndichiviga kutya pamwe nokusaziva kwangu. Ruzivo urwu rwakandirwadza zvikuru!

Chero ndisingagoni kusava nererekero zvachose, zvino ndavakukwanisa kuva muverengi webhaibheri ari nane. Ndinogona kupombodza rerekero dzangu nokudziona nokuziva kuti

dziripo. Handisati ndasununguka kwadziri, asi ndakaringana nokusasimba kwangu. Kazhinji mupirikiri ndiye muvengi mukuru wokuverengwa kwakanaka kwebhaibheri!

Regai ndidonongodze mamwe mafungiro andinounza mudzidzo yangu yebhaibheri, kuitira kuti iwe, muverengi uaongorore pamwe neni.

I. Mafungiro

- A. Ndinotenda kuti bhaibheri ndiro chete gwarorakatuswa rokuzviratidza kwaMwari mumwe wezvokwadi. Naizvozvo rinofanirwa kupirikirwa maringe nevavariro yemunyori woutsvene (Mweya) kuburikidza nemunyori wenyama pane imwe nguva munhorondo.
- B. Ndinotenda kuti bhaibheri rakanyorerwa munhuwo zvake—vanhu vose!Mwari akada kutaura nesu zvakajeka mukati menguva, nhorondo netsika nemagariro. Mwari haavigi chokwadi—anoda kuti tinzwisise!Naizvozvo, rinofanira kupirikirwa maringe nenguva yaro, kwete yedu. Bhaibheri harifanire kureva kwatiri zvarisina kumboreva kuna avo vakatanga kuriverenga kana kurinzwa. Rinonzwisika chero naanzvake uye rinoshandisa nzira dzakajairika dzokutaurirana kwevanhu.
- C. Ndinotenda kuti Bhaibheri rineshoko nechinangwa zvakabatana. Harizvipikisi, nyangwe zvaro riine mivaravara yegangaidzo yakaoma. Nokudaro, mupirikiri webhaibheri akanaka, ndiro bhaibheri pacharo.
- D. Ndinotenda kuti muvaravara woga woga (kusiya kwezviprofita) Une chirevo chimwechete icho chiri maringe nevavariro yemunyori akatuswa. Chero tisingakwanise kuva nechokwadi chaicho chokuti tinoziva vavariro yemunyori wemabviro, kune minongedzo mizhinji:
 1. Manyorerwo (mhando yechinyorwa) akasarudzwa kutaura shoko
 2. Chimiro chenhoroondo nechitiko chakakonzeresa kunyorwa uku.
 3. Zviri muchinyorwa chose pamwe nemuraudzo wechinyorwa woga woga.
 4. Marongerwo echinyorwa (donongodzo) nokuva nesungano yemiraudzo yechinyorwa neshoko rose
 5. Zvimiro zvezvivakamutauro zvakashandiswa kutaura shoko
 6. Mazwi akasarudzwa kutura shoko
 7. Mivaravara inofambirana


Dzidzo yezvese izvi ndiyo inova chinangwa chedzidzo yedu yemivaravara. Ndisati ndataura nzira dzangu dzokuverenga bhaibheri zvakakanaka, regai nditsanangudze dzimwe nzira dzisakarurama idzo dziri kushandiswa mazuva ano, idzo dzakonzera kusiyana kukuru kwekupirikira, idzo dzinofanira kusashandiswa:

II. Nzira dzisakarurama


- A. Kusiya chirevo chechidzidzo chemabhuku ebhaibheri nokushandisa mutsetse woga woga, mutsumbu wemazwi, chero izwi chairo semutsara wezvokwadi usina sungano nechinangwa chemunyori kana chirevo chaicho chechinyorwa. Izvi zvinodanwa kuti “proof texting.”
- B. Kusiya chimiro chenhoroondo yemabhuku kuchitsivaniswa nechimiro chenhoroondo yefungidziro zvisina rutsigiro kubva muchinyorwa chacho
- C. Kusiya chimiro chenhoroondo yemabhuku ebhaibheri nokuaverenga sechitiko chatoitika ipapo chakanyorerwa vaKristu vazvino.

- D. Kusiya chimiro chenhoroondo yemabhuku ebhaibheri nokutora zvinyorwa seshoko rezvirahwe zvokudzamiswa kwendangariro/zvidzidzo zvouMwari izvo zvisina hochekeche nevavariro yemunyori wemabviro kana vanzwi veshoko vokutanga.
- E. Kusiya shoko remabviro nokuritsivanisa negwara rako rezvidzidzo zvouMwari, gwara redzidziso rokuzviitira kana imwewo nyaya isina hochekeche nevavariro yemunyori wemabviro pamwe neshoko raakadonongodza. Kuita uku kunowanzowanikwa mushure mokuverengwa kwebhaibheri kokutanga senzira yokuratidza ruzivo rwomutauri. Izvi zvinodanwa kuti “reader response” kureva kuti (“kupirikira kwokuti, zvinorehwa neshoko kwandiri”).

Pane zvinhu zvitatu zvinogona kuwanika munyaya dzokutaurirana kwevanhu:



Kare, mhando dzokuverenga dzakasiyana siyana dzaitarisa chimwe chezvitatu zvarehwa pamusoro. Asi kuti tikukumikidza zvizere kususwa kwebhaibheri, mufananidzo wakavandudzwa ndiwo ungabatsira:



Zvokwadi, zvinhu zvose zviri zvitatu izvi zvinofanira kuwanikwa pakupirikira. Nokuda kwokuda kuburitsa zvokwadi, kupirikira kwangu kunotarisisa nzira mbiri dzokutanga:munyori wemabviro nechinyorwa. Ndinoona sokuti ndiri kunyanya kuda kugadzirisa kukanganiswa kwekupirikira kwandakaona (1) kuisa zvirahwe nokuisa zveMweya muzvinyorwa ne (2) kupirikira zvinyorwa maringe nokuti zvinorevei kwauri. kukanganiswa kweshoko kunogona kuwanikwa panhanho ipi zvayo. Tinofanira kutarisisa rerekero yedu, zvinangwa zvedu, mapirikiriro edu nemashandisiro edu. Zvino izvi tingazvione sei nokuti happana muganho

wekupirikira, hakuna mhendero kana mapimiro? Apa ndipo pandino shandisa vavariro yemunyori wemabviro nemarongerwo echinyorwa kundipa mapimiro okuti ndingapirikira sei. Nokuda kwokuvapo kwenzira dzokuverenga bhaibheri dzisakarurama, nedzipi dzimwe nzira dzingabatsira pakuverengwa nokupirikirwa kwebhaibheri kwakananaka?.

III. NZIRA DZOKUVERENGA BHAIBHERI DZAKANAKA

Parizvino handichatauri nezvemhando dzokupirikirwa kwemanyorerwo ebhaibheri asi ndirikutaura nezve misimboto yezvidzidzo zvokupirikira iyo inoshanda kuzvinyorwa zvose zvebhaibheri. Gwaro rakanaka rinotaura nezve nzira dzemanyorerwo nderava Gordon Fee nava Douglas Stuart rinonzi Maverengerwo ebhaibheri zvariri zvose” *How To Read The Bible For All Its Worth*, “rakatsikiswa neZondervan.

Nzira yangu ndeyekutanga kupa muverengi mukana wokubvumira kuti Mweya mutsvene uise rujeko kubhaibheri kuburikidza nokuzviverengera bhaibheri runa. Izvi zvinoita kuti Mweya, chinyorwa nemuverengi vave chinhu chokutanga, kwete chepiri. Izvi zvinodzivirira muverengi kuti asakanganoswa nevatsoropodzi. Ndakambonzwa zvichinzi bhaibheri rinopa rujeko kutsoropodzo.”Aya haasi mashoko okudzikisira tsoropodzo, asi chikumbiro chokuti dzishndiswe zvakafanira.

Tinofanira kutsigira mhirikiro dzedu kubva muzvinyorwa chaizvo. Zvinhu zvitatu zvinotipa zvokwadi dzakapenderwa:

1. Munyori wemabviro
 - a. Chimiromo chenhorondo
 - b. Zviri muchinyorwa
2. Sarudzo yemunyori wemabviro
 - a. Murongerwo ezvivakamutauro (murongerwo wemazwi)
 - b. Mashandisirwo emazwi mazuva ano
 - c. Manyorerwo
3. Kunzwisisa kwedu kwe
 - a. Mivaravara inofambirana
 - b. Sungano yegwara rezvidzidzo (gangaidzo)

Tinofanira kukwanisa kupa musaka nemafungiro edu pamusoro pemhirikiro dzedu. Bhaibheri ndiro chete tsime rokutenda nokuita kwedu. Zvino tsamwisa ndezvekuti vaKristu vanowanzo pikisana pamusoro pokuti bhaibheri rinodzidzisei kana kutsigirei. Ndiko kuzviparadza chaiko kwokutaura nezvekuti bhaibheri rakatuswa bvapo vatendi votadza kubvumirana kuti bhaibheri rinodzidzisei nokudei!

Maverengerwo mana kakarongawa nechinangwa chokupa chidza munezvokupirikira zvinotevera:

A. Maverengerwo okutanga

1. Verenga bhuku kamwechete. Riverengezve mushandurudzo yakasiyana, ndinotarisa kuti mumashandurudziro akasiyana.
 - a. Izwi nezwi (NKJV, NASB, NRSV)
 - b. Imwewo shandurudzo yakanaka uye inofambirana nedzimwe (TEV, JB)
 - c. Ongorora nemuvaravara mudiki (Living Bible, Amplified Bible)
2. Tsvaga chinangwa chikuru chechinyorwa chose. Doma dingindira racho.

3. Taramutsa (kana zvichiita) muraudzo wechinyorwa, chikamu, ganhuro, kana mutsetse unonyatsoburitsa dingindira iri zvakajeka.
 4. Doma nzira yemanyorero yakanyanaya kushandiswa muchinyorwa
 - a. Testamende yekare
 - 1) Rondedzero yechiHebheru
 - 2) Nhetembo dzechiHebheru (zvinyorwa zvouchenjeri, Mapisrema)
 - 3) Chiporofita chechiHebheru (rondedzero pfupi, nhetembo)
 - 4) Mitemo
 - b. Testamende itsva
 - 1) Rondedzero (vhangeri, Mabasa)
 - 2) Mifananidzo (vhangeri)
 - 3) Tsamba.
 - 4) Zvinyorwa zvemagumo
- B. Maverengero epiri
1. Verenga bhuku rose zvakare, uchitsvaka kudoma nhaurwa nezvidzidzo.
 2. Donongodza nhaurwa, wodenengudza muchidimbu zviri mukati menhaurwa idzi nemutsara mumwe
 3. Tarisa mutsara unechirevo chechinangwa nedonongodzo maringe negwaro retsoropodzo
- C. Maverengero etatu
1. Verenga bhuku rose zvakare, uchitsvaka kudoma chimiro chenhoroondo nechiitko chakakonzera kunyarwa kwebhuku remubhaibheri.
 2. donongodza zviitiko zvenhoroondo zvakanyorwa mubhaibheri
 - a. munyori
 - b. zuva negore
 - c. vagamuchiri vechinyorwa
 - d. chinangwa chaicho chakanyorerwa chinyorwa
 - e. Zvinechekuita netsika nemagariro, zvinesungano nechinangwa chokunyorwa kwechinyorwa
 - f. Zvinonongedza zvenhoroondo nezviitiko
 3. Vandudza donongodzo yako kusvika panhanho yeganhuro yembadzi yebhuku iroro remubhaibheri rauri kupirikira. Nguva dzose garo doma nokudonongodza muraudzo wechinyorwa. Uyu muraudzo unogona kuva zvikamu zvakawanda kana ganhuro. Izvi zvinokubatsira kutevera muronga wemunyori wemabviro nemaumbiro aanoita chinyorwa chake.
 4. Taririsa chimiro chenhoroondo nokushandisa magwaro etsoropodzo.
- D. Maverengero echina
1. Verengazve muraudzo wechinyorwa mushandurudzo dzakasiyana
 - a. Izwi neizwi (NKJV, NASB, NRSV)
 - b. Imwewo shandurudzo yakanaka uye inofamnbirana nedzimwe (TEV. JB)
 - c. Ongorora nemuvaravara mudiki (Living Bible, Amplified Bible)
 2. Tsvaka kuumbwa kwezvivakamutauro nezvidzidzo
 - a. Mitsara yakadzokororwa, vaEfeso. 1:6, 12, 13
 - b. Kudzokororwa kwekuumbwa kwezvivakamutauro, vaRoma. 8:31
 - c. Maonero akasiyana
 3. Donongodza zvinhu zvinotevera

- a. Mazwi anokosha
 - b. Mazwi asina kujairika
 - c. Zviumbwa zvezvivakamutauro zvinokosha
 - d. Mazwi, mitumbu yemazwi nemitstetse yakaoma
4. Tsvaga mivarvara inofambirana
- a. Tsvaga muvaravara unodzidzisa zvakajeka pamusoro pechidzidzo chako uchishandisa
 - 1) Magwaro anodzidzisa nzira yokupirikira yokuti bhaibheri rireve chinhu chimwe” systematic theology”
 - 2) Mamwe wo mabhaibheri anojekesa zvinyorwa
 - 3) Mabhaibheri anojekesa kufanana kana kufambirana
 - b. Tsvaga hunyambiri hwegangaidzo muchidzidzo chako. Zvokwadi zhinji dzebhaibheri dzinoburitswa dziri muunyambiri; makakava mazhinji emasangano anobva pakupirikira bhaibheri nenzira yokutorwa chikamuchimwe chegakava rounyambiri. Bhaibheri rose rakatuswa, uye tinofanira kutsvaga chirevo charo chose kuti tipe nenfaidzo yeshoko kumhirikiro dzedu.
 - c. Tsvaga zvnhu zvinofambirana mubhuku rimwechetero, munyori mumwe, kana manyorero mamwe; bhaibheri roga ndiro rinogona kuzvipirikira nokuti rakanyorwa nomunyori mumwechete, Mweya.
5. Shandisa magwaro anobatsira kudzidza kutarisa ongororo yako yechimiro chenhorondo nechitiko
- a. Mabhaibheri anoshandiswa kudzidza
 - b. Maduramazwi ebhaibheri
 - c. Nhanganyaya dzebhabheri
 - d. Tsoropodzo dzebhaibheri (panhanho ino yokudzidza kwako bvumira vatendi kuti vakare nevazvino kuti vakugadzirise mukudzidza kwako)

IV. KUSHANDISWA KWEMHIRIKIRO YEBHAIBHERI

Parizvino tava kutarisa nyaya yekushandiswa. Watora nguva yako kuti unzwisise chinyorwa muchimiro chacho chemabviro, zvino unofanira kuchishandisa muupenyu hwako, netsika nemagariro ako. Ndinodudzira masimba ebhaibheri sokuti” kunzwisisa zvairehwa nemunyori wemabviro panguva yake nokushandisa zvokwadi iyi panguva yedu.”

Kushandisa kunofanira kutevera kupirikira vavariro yemunyori wemabviro zvose panguva pamwe nemafungiro. Hatigone kushandisa muvaravara munguva yedu kusvika taziva kuti wairevei pannguva yawo! Muvaravara wemubhaibheri haufanire kureva zvausina kumboreva!

Donogodzo yako yakadzama, panhanho yeganhuro (maverengero epiri), ndiyo ichakutungamira. kushandisa kunofanira kuitwa panhanho yeganhuro, kwete yezwi. Mazwi anongori nechirevo kana ari muchirevo chechinyorwa. Munhu akatuswa chete mukupirikira ndiye munyori wemabviro. Tinotevera iye nerujeko rweMweya mutsvene. Asi rujeko harusi kutuswa. Kutu “ndizvo zvinoreva Ishe, “tinofanira kubatirira pavavariro yemunyori wemabviro. Kushandisa kunofanira kuva nehochekeche nevavariro yechinyorwa chose, muraudzo wechinyorwa nevandudzo yepfungwa panhanho yeganhuro.

Usaite kuti nyaya dzenguva yedu kuti dzipirikire bhaibheri; ita bhaibheri ritaure! izvi zvinogona kureva kuti titore misimboti muchinyorwa. Izvi zvinoshanda chete kana chinyorwa chichitsigira musimboti. Asi nguva zhinji izvi hazviitke nokuti misimboti yedu, yakangodarowo—haisi misimboti yechinyorwa.

Pakushandisa bhaibheri, zvinoksha kurangarira kuti (kunze kwemuzviporofita) chirevo chimwechte chete ndicho chokwadi chechinyorwa chemubhaibheri. Chirevo ichocho ndicho chine hochekeche nevavariro yemunyori wemabviro paaigadzirisa matambudziko enguva yake. Mashandisiro mazhinji anogona kubva pachirevo chimwechete ichochi. Mashandisiro aya anenge achienderana nezvinodiwa neagamuchira shoko asi mashandisiro aya anofanira kunge aine hochekeche nechirevo chemunyori wemabviro.

V. Basa reMweya pakupirikira

Kusvika parizvino ndataura nezvekupirikira kwekushandisa pfungwa nekwekushandisa zvinyorwa. Zvino regai nditaureb muchidimbu nezvekupirikira kweMweya. Denengudzo inotevera inogaro ndibatsira zvikuru:

- A. Nyengeterera rubatsiro rweMweya (cf. 1vaKorinde. 1:26-2:16)
- B. Nyengeterera kuchenurwa nokuregererwa kubva muzvivi zvaunoziva (cf. 1Johani. 1:9).
- C. Nyengeterera kuda kuziva Mwari (cf. Mapisarema. 19:7-14; 42:1ff; 119:1ff)
- D. Shandisa ruzivo rwose rutsva kuupenyu hwako nokuchimbida.
- E. Ramba wakazvinipisa nokudzidzisika.

Zvakaoma zvikuru kunengaidza hukama pakati poupikiri hwepfungwa noutungamiri hweMweya mutsvene.

Mazwi anotevera akandibatsira kunengaidza zvinhu zviviri izvi:

- A. Kubva kuna vaJames W. Sire rinonzi kumonyorwa kweshoko, “*Scripture twisting*, pp. 17-18 vanoti: “Rujeko runouya kupfungwa dzevanhu vaMwari—kwete kuna avo veMweya chete. MuchiKristu hamuna boka rinokosha kupfuura rimwe, hamuna vabati vorujeko, hamuna vanhu vanganzi rujeko runouya kuburikidza navo. Zvino sezvo Mweya mutsvene unopa zvipo zvakanangurwa zvouchenjeri, ruzivo nokukwanisa kusiyana paMweya, hausarudze vaKristu ava kuti vave ivo vapirikiri veshoko rake. Zviri kumumwe nomumwe wevanhu vake kuti vadzidzire, kufunga nokusiyana maringe nebhaibheri iro rinomira semasimba ake chero kuna avo vaakapa zvipo zveMweya. kuzviisa mupfupiso, nyaya yandirikuedza kutaura mubhuku rose ndeyekuti, bhaibheri ndiro kuzviratidza kwaMwari kwezvokwadi kuvanhu vose, ndiro masimba edu epamusoro pazvinhu zvose zvarinotaura, kuti harina kuvanzika zvachose asi rinogona kunzwisisiwa nevanhuwo zvavo mutsvika nemagariro dzose dzose.”
- B. Pamusoro paKierkegaard, kubva mubhuku ravaBernad Ramm, rinonzi mhirikiro dzebhaibheri dzeavo vakapandukira sangano reKaturike” *Protestant Biblical Interpretations*, p. 75 vanoti: Kuna Kierkegaard, dzidzo yezvivakamutauro maduramazwi nenhoroondo yebhaibheri yaikosha uye iri yokutanga kukverengwa kwebhaibheri kwezvokwadi kwakanaka.”kuverenga bhaibheri seshoko raMwari, unofanira kuriverenga mapapu ari mukana, nokutarisira kukuru, mukutaurirana naMwari. kuverenga bhaibheri usingafunge, usina shungu, uchiitira bvunzo kana sebasa hakisiri iko kuverenga bhaibheri seshoko raMwari. Uyo anoriverenga setsamba yerudo, ndiko kuriverenga seshoko raMwari.”
- C. VaH. H. Rowley mubhuku ravo rinonzi, kukosha kwebhaibheri” *The Relevancy Of The Bible*, p. 19” :

“Hapana kunzwisisa bhaibheri nesimba rendangariro dzako, kungabata zvinokosha zvaro zvose. Bhaibheri harishore rudzi rwenzwisiso urwu, nokuti runokosha pakunzwisisa kwakazara. Asi kunofanira kuperera mukunzwisisa paMweya kwezvinokosha zveMweya zvebhuku iri kuti kuzova kwakazara. Uye kuti kunzwisisa kweMweya uku kuvapo kunodiwa chimwe chinhu chinodarika kuchechuka kwesimba rendangariro. Zvinhu zveMweya zvinongokwanisa kusiyaniwa chete paMweya, uye mudzidzi webhaibheri anotoda murangariro wekugamuchira kweMweya, chido chokuwana Mwari, kuti azvireutsire kwaari, kuti apfuure kudzidza kwake kweongororo achipinda mukuva mudyi wenhaka yegwaro remagwaro iri.”

VI. Mhando Yemaitiro Yakashandiswa Netsoropodzao Ino

Tsoropodzo ino yakarongwa nenzira yokubatsira basa rako rokupirikira nenzira dzinotevera:

- A. Donongodzo muchidimbu ndiyo inotura bhuku roga roga. Kana wapedza” maverengero etatu” tarira horokodzwa iyi.
- B. Ruono rwezviri mugwaro runowanikwa pamavambo echikamu choga choga. Izvi zvinokubatsira kuona kuti muraudzo wechinyorwa wakaumbwa sei
- C. Pamavambo echikamu choga choga, panopiwa tsanangudzo yemhatsanuro yeganhuro kubva kushandurudzo dzakasiyana siyana dzemazuva ano.
 1. Gwaro rechiGiriki re’UBS⁴, rakanyorwa patsva rechina
 2. Gwaro re’NASB. 1995’ rakavandudzwa
 3. Gwaro re’NKJV’
 4. Gwaro re’NRSV’
 5. Gwaro re’TEV’
 6. Gwaro re’JB’

Mhatsanuro dzeganhuro hadzina kutoswa. Dzinofanira kududzirwa kubva muchirevo chegwaro. Nokuenzanisa shandurudzo itsva dzakashandurudzwa nenzira dzakasiyana nemaonero akasiyana ezvidzidzo zvouMwari, tinogona kuongorora maumbirwo epfungwa dzomunyorori wemabviro. Ganhuro yoga yoga ine zvokwadi imwechete. Zvokwadi iyi ndiyo inodanwa kuti” mutsetse wenhaurwa” kana kuti “pfungwa chaiyo yechinyorwa” Iyi pfungwa inopa sungano kuchinyorwa ndiyo shanguriro yemhirikiro yenhoroondo, nezvivakamuturo. Haufanire kupirikira, kuparidza kana kudzidzisa chinyorwa chisingasviki ganhuro!Rangarirawozve kuti ganhuro yoga yoga inesungano nedzimwe dzakaipotedza. Ndokusaka donongodzo panhanho yeganhuro ichikosha. Tinofanira kukwanisa kutevera kufamba kwakanaka kwenyaya inenge ichitaurwa nemunyorori wemabviro akatuswa.

- D. Zvinyorwa zvaBob zvinotevera nzira yokupirikira yendima nendima. Izvi zvinotiita kuti titevere pfungwa dzemunyorori wemabviro. Zvinyorwa zvinotipa horokodzwa inobva kwakawanda
 1. Chirevo chechinyorwa
 2. Ruono rwenhoroondo netsika nemagariro
 3. Horokodzwa yezvivakamuturo
 4. Dzidzo yemazwi
 5. Mivaravara inofambirana inokosha
- E. Pane dzimwe nhanho mutsoropodzo, zvinyorwa zvakadhindwa zve (’NASB’zvavandudzwa) zvinowedzerwa neshandurudzo dzimwe dzemazuva ano

1. Gwaro re'NKJV', iro rinofambirana nere "Textus Receptus."
 2. Gwaro re'NRSV, ' iro rakaitwa patsva zvezwi roga roga kubva ku "Nationa council of churches of the revised standard version."
 3. Gwaro re 'TEV' iro rinova shandurudzo inofambirana zvakanaka nedzimwe, rakaitwa ne" American Bible Society."
 4. Gwaro re 'JB, ' iro rinova shandurudzo yechirungu rinobva mururimi rweFrench.
- F. Kune avo vasingaverengi rurimi rwechiGiriki, kuenzanisa shandurudzo dzechirungu kunogona kubatsira mukudoma matambudziko muzvinyorwa:
1. Kusiyana kwezvinyorwa
 2. Zvirevo zvezvinyorwa anotsinhaniswa
 3. Zvinyorwa zvakaoma zvezvivakamutauro nemaumbirwo
 4. Zvinyorwa zvinoreva zvakanakawanda
- Nyangwe zvazvo shandurudzo dzechirungu dzisinga gone kugadzirisa matambudziko aya, dzinoatarisa senzvimbo dzedzidzo yakadzama.
- G. Pamagumo echikamu choga choga pane mibvunzo yenhaurirano iyo inoedza kutarisisa nyaya huru dzekupirikira dzechikamu ichocho.

NHANGANYAYA YEVHANGERI RAKANYORWA NAJOHANI

ZARURO

- A. Mateu naRuka vanotanga vhangeri ravo rokunyora nezvekuzvarwa kwaJesu. Mako anotanga nezvekubhabhatidzwa asi Johani anotanga kunyora nezve pakutanga Mwari achisika denga nenyika nezvose zviripanyika.
- B. Johani anotura kuzara kweuMwari hwaJesu weNazareta kubva pandima yokutanga neChikamu chekutanga achizvidzokorora nekukumikidza mukunyora Vhangeri rake rose. Dzimwe Vhangeri dzakanyorwa mushure me vhangeri raJohani dzinotanga nokusaburitsa chokwadi ichi pachena dzosochiburitsa kwavanechemberu kwadzo.
- C. Zviripachena kuti Johani anosimudza vhangeri rake arimugwara rekutsigira vhangeri nhatu dzokutanga. Anoedza zvakare kuvandudza nekududzira upenyu nedzidziso yaJesu nechinangwa chezvadikwa pakusimudzira kereke yokutanga (chikamu chokunopera kwemakore zana okutanga)
- D. Hurongwa hweVhangeri raJohani hunoratidza kutura Jesu semutumwa kudurikidza nezviitiko zvinoti:-
1. Mashura manomwe, zviratidzo zvinomwe nedudzira yazvo.
 2. Mbonano makumi maviri dzine nomwe dzakaitwa navanhu vakasiyanasiyana.
 3. Mamwewo mazuva ekunamata nemitambo
 - a. Sabata
 - b. Pasika (cf Ch 5-6)
 - c. Mutambo wematumba (cf Chs 7-10)
 - d. Mutambo wekuvandudzwa kweTemberu (cf Chs 10:22-39)
 4. Mitsara inotaurwa na Jesu yekuti “Ndiri”
 - a. Zvinesungano neuzita rouMwari (YHWH)
 - 1) Ndiri Iye (Johani 4:26; 8:24, 28, 13; 19, 18:5-6)
 - 2) Ndaivepo Abhurahamu asati avepo (Johani 8:54-59)
 - b. Zvinemunongedzo
 - 1) Ndiri Chingwa Choupenyu (Johani 6:35, 41, 48, 51)
 - 2) Ndiri Chiedza Chenyika (Johani 8:12)
 - 3) Ndiri Musuo wamakwai (Johani 10:7, 9)
 - 4) Ndiri Mufudzi akanaka (Johani 10:11, 14)
 - 5) Ndiri kumuka neUpenyu (Johani 11:25)
 - 6) Ndiri Nzira, Chokwadi noUpenyu (Johani 14:6)
 - 7) Ndiri Mudzambiringa wechokwadi (Johani 15:1, 5)
- E. Musiyano weVhangeri raJohani nedzimwe Vhangeri
1. Zvisinei nokuti chinangwa chaJohani kudzidza nokudzidzisa nezvouMwari, anonyorawo Vhangeri rake achishandisa nhoroondo yevanhu, uye chimiro nezviwanikwa zvenzvimbo nenzira yakadzama isina mhosho. Chikonzero chokuti pave nekusanangana kwedzimwe Vhangeri nhatu dzakatanga nevhangeri yaJohani hachinyatsozivikanwa,

- a. Zvitendero zvechiJudhiya zvakare (kuchenurwa kweTembere)
 - b. Nguva neZuva revhiki rokupedziswa roupenyu hwaJesu
 - c. Kurongwa patsva kunechinangwa kwedzidzo youMwari.
2. Zvingabatsira kuti pave nenhaurirano yemusiyano pakati peVhangeri raJohani nedzimwe Vhangeri. Ndingada kutora mashoko avaGeorge Eldon Ladd kubva muchinyorwa chavo *A Theology of the New Testament*, vachitaura nezve Musiyano we Vhangeri idzi, vanoti
- a. “Vhangeri rechina iri rakasiyana zvikuru nedzimwe vhangeri zvokuti zvavakutoda kutarisisa nemoyo wose nyaya yokuti iri vhangeri rinotaura nezvedzidziso yaJesu zvisina mhosho, kana kuti rutendo rwechiKristu rwakagadzurudza maitirwo ezvhu zvokuti nhoroondo yavanhu yakabva yamedzwa nedzidzo pamwe nedudziro youMwari” (p. 215).
 - b. “Mhinduro iripedo ndeyekuti dzidziso yaJesu inoburitswa pachena muudamu muVhangeri raJohani. Kana maonero aya akava iwo mhinduro yedu tinobva tatarisana nemubvunzo wekuti. Ko dzidzo youMwari yeVhangeri rechina iri inodzidzisa zvaJohani here kana zvaJesu? Ko dzidziso yaJesu yakanga yakabata zvakadii mafungiro aJohani panguva yaakanyora zvekuti tingati idudziro yemaonero ake kana kuti tingati inhoroondo yakaswatuka yezvakadzidziswa naJesu?” (p. 215).
 - c. VaLadd vanotorawo manzwi avaW. F. Albright kubva “Recent Discoveries in Palestine and the Gospel of John” mugwaro *The Background of the New Testament and Its Eschatology*, vapedeti vari vaW. D. Davies nava D. Daube vanoti

“Hapana musiyano mukuru we dzidziso pakati paJohani nedzimwe vhangeri; kusiyanana kunowanikwa panezvimwe zvikamu apo vanyori vedzi vhangeri vanopinza zvakanyanya tsika namagariro avanhu munezvimwe zvikamu zvedzidziso yaKristu. Zvikurusei muzvikamu zvinotaridza kuva norudzidziso rwavaya verimwe bande revaJudha raidzidzisa kusafarira zvepanyika.

Hapana chinotaridza kuti pane dzidziso yaJesu yakakanganiswa, kushandurwa kana kuva nezvimwe zvakawedzerwa. Tinodaira kuti kereke yokutanga yakavawo nechekuita pakusarudzwa kwezvakanyorwa muvhangeri iri asi hatione sokuti kereke ingadai yakagadzurudza kana kuvamba rumwe rudzidziso rutsva rwezvousMwari.

Mwamwe maonero anokatyamadza – etsoropodzo ye Testamende itsva yevadzidzi nevaongorori vezvousMwari ndeanoti; mafungiro aJesu haana kunyatsoburitswa pachena mudzi ivhangeri zvokuti kusapindirana kunowanika muvhangeri raJohani nedzimwe ivhangeri kunotora chiratidzo chegakava pakati peVaongorori vedzidzo yeuMwari venguva yakare iyoyo.

Mudzamisi wendangariro wese anemukurumbira anodudzirwa zvakasiyana-siyana neshamwari uye neavo vanongonzwawo pfungwa dzake. Avo vanozotora zvavanofunga kuti zvineuremu kana zvinoshanda maererana nemanzwire kana maonera avakaita” (pp. 170-171).

- d. Tichitora zvakare kubva kuna VaGeorge E. Ladd,
 “Musiyano uri paiVhangeri iddzi haurevi kuti Johani ndiye oga anoburitsa dzidzo youMwari, chiripo ndechekuti vose vanoburitsa uMwari nenzira dzakasiyana. Dudziro yenhoroondo yevanhu inogona kutipa chimiro chezvinhu chakajeka kudarika kutarisa zviitiko nenguva yazvakaitika. Kana vhangeri raJohani riridudziro youMwari, zvinoreva kuti idudziro yezviitiko munhoroondo youpenyu hwavanhu, iyo Johani anogutsikanawo nayo hachizi chinangwa chevhangeri chekuburitsa vara rega rega rakataurwa naJesu kana kunyora nhoroondo yeupenyu hwake. Vhangeri rinongova mufananidzo nepfupiso yedzidziso yake. Mateu naRuka vanozvidzwa vakasununguka kuronga patsva unyorwa yaMako, zvakare vachipa humboo hwedzidziso yaJesu nenzira yakatambanuka zvikuru. Dai Johani akashanda nenzira yaMateo naRuka iyi, kwaiva kuda kokuti ainge oda kuburitsa mufananidzo yaJesu zvakadzama uye zvisina mhosho” (pp. 221 – 222).

MUNYORI

- A. Munyori wevhangeri haanyatsobudi pachena asi vhangeri rinoratidza hunyoro hwa Johani.
1. Munyori anehuchapupu hwemeso ake (cf 19:35)
 2. Vara rokuti “anodiwa mudzidzi” (Polycrates na Ireaneus vanoona mavara aya achinongedza Johani Mupositori)
 3. Johani, mwanakomana waZebhedhiya, hapana paakadomwa nezita.
- B. Nhoroondo yekwakanyorerwa iripachena kubva muVhangeri pacharo naizvozvo nyaya yokuti munyori ndiani haisi chinhu chinokosha padudziro, inokosha pakuburitsa pachena kuvapo hwaro kwemunyori akatuswa noMweya Mutsvene. Kuti vhangeri iri rakanyorwa nani uye riini hazvinachekuita nokuti munyori akanga atuswa noMweya Mutsvene, asi zvinokosha panyaya dzedudziro. Tsoropodzi dzamagwaro dzinotsvaga nhoroondo yenzvimbo yakanyorerwa nyaya uye nechitiko chakakonzerwa kuti gwaro rinyorwe. Kana ukarovanidza hunyambiri hwaJohani ne;
1. Mizera miviri yechiJudha
 2. Nezvekururma avo vaidzidzisa vaishandira vari mabvirazuva eJerusarema
 3. Vechitendero chaidzidzisa nezvekurwisana kwechiedza nerima
 4. Avo vaisanganisa dzidziso yaJesu ne mafungiro avo
 5. Mafungiro aJesu ayo aive akasiyana zvikuru neakanga agara aripo?
- C. Maonero mamwewo epasichigare anoti Johani mupositori, mwana waZebhedhiya ndiye chapupu chakaona zvakanyorwa. Izvi zvinoda kujekeswa nokuti kune humwewo humboo hunosiyana neuhu hunotaurwa panguva dzemakore a (AD 200) hunoti kunevamwe wo vakavanechekuita nekunyorwa kweVhangeri yaJohani, vamwe vacho ndevanotevera.
1. Vamwewo vatendi neVakuruvakuru veVaEfeso vanonzi vakakuridzira Johani uyo akanga ava mutana kuti anyore Vhangeri iyi (Eusebeus achitora manzwi aClement weku Alexandria)

2. Mumwewo Mupositori zita rake achinzi Andireya (Izvi zviri muzvinyorwa zve (Muratorian Fragment) pakati pamakore (AD 180 – 200)
- D. Vamwewo vadzidzi vemagwaro vechizvinozvino vanofunga kuti pangangova nemumwe munyori weVhangeri iri, ava vanodaro zvichibva pamaonero akasiyana siyana aripo nezvenzira yemanyorero nezviri muchinyorwa cheVhangeri raJohani. Ruzhinji rwavo runoti vhangeri rakanyorwa pakutanga kwemakore mazana marivi okutanga (kumashure kwa AD 115) vavanofungidzirwa kuti vangadai vakanyora ndevanotevera
1. Vadzidzi vaJohani vakagara naye vakaramba vachirangarira dzidziso yake (izvi zvirimuzvinyorwa zvevanyori vanoti: J. Weiss, B. Lightfoot, C. H. Dodd, O. Cullman, R. A. Culpeper, C. K. Barret).
 2. Mumwewo Johani aiva mutungamiriri wekereke kudunhu reAsia uko Mupostori Johani ainge aidzidzisa nezva Mwari, Johani uyu anonzi akanga agamuchira dzidziso nematauriro aishandiswa naJohani Mupositori zvikuru kwazvo (Izvi zvinowanikwa pakachipimvu kerimwe gwaro risinganyatsooneki zvakajeka raPapias rakanyorwa (kubva pamakore AD70 kusvika AD 146) zvichibva kuna Eusebius (pamakore AD 280 – 339)
- E. Humbo-o hwekuti Johani ndiye chete mabviro ezvakanyorwa muvhangeri
1. Humboo hunobva kuvanhu venzvimbo yakanyorerwa
 - a. Munyori anoratidza kuziva dzidziso nenzira yekupira kwechiJudha zvakare anoratidza kuva aitambira kutenda kwavo muTestamende yekare.
 - b. Munyori anoratidza kuziva Parastina neJerusarema panguva yemakore a (AD 70)
 - c. Munyori anoti anehuchapupu hwemeso ake, verenga;
 - 1) Johani 1:14
 - 2) Johani 19:35
 - 3) Johani 21:24
 - d. Munyori akange arinheango yechikwata chemapositori, nokuti anoratidza kuziva zvinotevera
 - 1) Zvakawanda nezvenguva nenzvimbo dzakatongerwa Jesu panguva dzeusiku.
 - 2) Zvakadzama nezvemakate emvura Johani 2:6 uye nezvehove Johani 21:11
 - 3) Zvakadzama nezvevanhu munyori aiziva
 - 4) Zvakadzama nezvezviitiko uye kutirimuka kwavanhu mushure mechiiitiko
 - 5) Munyori ainan'anurwa nokuti "Anodiwa Mudzidzi" Verenga
 - a) Johani 13:23, 25
 - b) Johani 19:26-27
 - c) Johani 20:2-5, 8
 - d) Johani 21:7, 20-24
 - 6) Munyori anoratidza kuti aivawo norumwero navana Petro. Verenga
 - a) Johani 13:24
 - b) Johani 20:2
 - c) Johani 21:7

- 7) Zita rokuti Johani, mwanakomana waZebhedhiya harina parinoburitswa muVhangeri rino, izvi zvinoratidza kuva ninji chairo nokuti Johani aiva nhengo yechikwata chevapositori yaizivikanwa kwazvo
2. Humboo hunobva kunedzimwewo nzvimbo nevamwewo vanhu
 - a. Vhangeri raJohani rinozivikanwawo nevanotevera:
 - 1) Irenaeus (pamakore AD 120 – 202) uyo aishamwaridzana na Polycarp, nayewo aiziva Johani mupositori (cf. *Eusebius' Historical Eccleasticus* 5:20:6-7) – “Johani mudzidzi waShe uyo akasendama pachipfuva chaShe, akaparidza shoko kuva Efeso muAsia iye pachake” (Haer, 3:1:1 zvichibva mugwaro *Eusebius' Historical Eccleasticus* pa 5:8:4).
 - 2) Clement weku Alexandria mumakore (AD 153 – 217) anoti “Johani uyo akakurudzirwa neshamwari dzake zvakare akatuswa nemweya, akanyora rondedzero yeVhangeri remweya” (aya mashoko tinoawana mugwaro *Eusebius' Historical Eccleasticus* 6:14:7)
 - 3) Justin Martyr (AD 110 – 165) mugwaro rinonzi *Dialogue with Trypho* 81:4 paneuchapupu hwekuziva Johani
 - 4) Humwezve humbo-o hwaJohani hwakanyorwa na Tertullian pamakore (AD 145 kusvika AD 220)
 - b. Hunyori hwaJohani hunowana simbiso kubva kuzvapupu zvapamazuva ekare
 - 1) Polycarp (AD 70-156) izvi zvakanyorwa na Irenaeus aiva Bishopi we kereke pa Simirina mugore ra (AD 155)
 - 2) Papias (AD 70-146) izvi zvakanyorwa pasi mugwaro raipikisa avo vairamba Testamende yekare uye vasingatendi Jesu iro rakanyorwa kubva kunyika yevaRoma naEusebius. Uyo aiva ari Bishopi we kereke yeHierapolis mu Firigiya zvakare anonzi akanga ari mudzidzi waJohani Mupositori.
- F. Zvikonzero zvinoshandiswa kusadaira kuti Vhangeri rakanyorwa zvemutambidzanwa
 1. Vhangeri iri rinehoche koche nedingindira remafungiro evechitendero cheavo vaisanganisa dzidziso yaJesu nemafungiro avo
 2. Mapeterwo akaitwa ndima ye makumi maviri neimwe.
 3. Kusafambirana pahurongwa hwenguva dedzimwe vhangeri
 4. Johani hazvaita kuti azvidaidze kuti “Anodiwa Mudzidzi”
 5. Jesu anonyorwa naJohani anotaura manzwi uye negwara remaitiro rakasiyana nedzimwe vhangeri
- G. Kana tikabatira pafungidziro yekuti munyori weVhangeri ndi Johani ndezvipi wo zvimwe zvatinga endamberi tichifunga pamusoro pake?
 1. Tingati here Johani akanyora vhangeri ari kunyika yava Efeso? (sezvo Irenaeus achiti “Vhangeri rakanyorwa kubva kunyika yavaEfeso”)
 2. Tungati here Johani akanyora vhangeri ava mutana akwegura? (sezvo Irenaeus achiti Johani akararama kusvika munguva yehutongi hwaTrajan (AD 98-117)

ZUVA NEGORE ROKUNYORWA KWEVHANGERI

A. Kana tikashanda nefungidziro yokuti Johani Mupositori ndiye munyori:

1. Mushure megore raAD70 apo Jerusarema rakaparadzwa neMukuru weuto re VaRoma ainzi Tito uyo akazoguma avashe Mukuru
 - a. Mubhuku raJohani 5:2 inoti “zvino kuJerusarema pedyo nesuo ramakwai kwaiva nedziva rainzi Bhetisaidha nechi Hebheru raiva namabiravira mashanu.”
 - b. Kudzokorora kushandiswa kwe mhando yemashevedzerwo yayitwa kare yokuti “vadzidzi” kureva chikwata chavapositori vaifamba naJesu.
 - c. Fungidziro yekuti avawo vaisanganisa dzidziso yaJesu nemafungiro avo vakava nechekuita zvikurusei pamitauro yaishandiswa patsangangudzo dzezveMwari pamakore zana okutanga irikutsigirwa nehumboo hwakawanikwa mumagwaro anozivikanwa nekuti ma “Dead Sea Scrolls”
 - d. Hapana panotaura nezvekuparadzwa kweJerusarema mugore raAD 70
 - e. Mutsvaki wenhorondo achishandisa mhando yokuchera ane Mukurumbira achibva kunyika yeAmerika vaW. F Albright vanoti vhangeri rakanyorwa kunopera kwaAD70 kana kutanga kwaAD80.
2. Zvinowanikwa nechekunopera kwemakore zana okutanga
 - a. Dzidziso yezvouMwari yaJohani yakavandudzwa
 - b. Kuparara kweJerusarema hakutaurwi nekuti kwakanga kwatoitika makore makumi maviri akanga apfuura
 - c. Johani anoshandisa kuronga mazwi netsanangudzo inofanana neye vaye vaisanganisa mafungiro avo nedzidzo yaJesu.
 - d. Tsika yomutambidzanwa yekereke yokutanga
 - 1) Irenaeus
 - 2) Eusebius

B. Kana tikati vhangeri rakanyorwa naJohani uya akanga ari mudzidzi waJohani Mupositori akazova Mukuru wekereke kuAsia zvinobva zvaita kuti Vhangeri rifanire kunge rakanyorwa pakutanga kwemakore mazana maviri okutanga kana nechepakati napakati pawo. Aya maonero akatanga apo umwe mutsoropodzi waMagwaro anonzi Dionysus akaramba kuti vhangeri harina kunge ranyorwa naJohani Mupositori kudurikidza nemhando yemanyorero yakanga yaitwa vhangeri iri. Eusebius naye akarambawo kuti hazvaigona kuti Johani Mupositori angeari iye akanyora Bhuku ra-Zvakazarurwa kudurikidza negwara remaonero pamusoro pezvo uMwari rakashandiswa, zvakare iye aiti ainge awana mumwe Johani anova kuvapo kwake kwaifambirana zvikuru nenguva nenzimbo yakanyorerwa vhangeri izvi zvichibva mugwaro raPapias iro rinotsanangudza nezvenhorondo yekuparadzwa kweshoko. Gwaro iri rinotaura nezvanaJohani vaviri wekutanga ndiJohani Mupositori wepiri ndiJohani uya aiva Mukuru wekereke kuAsia.

KWAIENDA VHANGERI

A. Richitanga kunyorwa vhangeri rakanga rakanangana ne makereke aiva mubande ravaRoma necheKuurtivi rudiki rwenyika dzeAsia kunyanya kuvaEfeso.

- B. Udzamu nokujeka kwenhoroondo yeupenyu hwa Jesu we Nazareta kwakava chikonzero chikuru chokuti vhangeri iri ritambirwe nokufarirwa chero ne avo vezvitenderwo zvaiva zvechihedheni pamwe ne avo vaisanganisa mafungiro avo nedzidziso yaJesu

ZVAKANYORERWA VHANGERI

- A. Vhangeri rinobuda pachena maererano nechinangwa chokukusha shoko kuvanhu (Johani 20:30-31)
1. Vhangeri rakanyorerwa vaverengi vechiJudha
 2. Vhangeri rakanyorerwa vaverengi vechi hedheni
 3. Vhangeri rakanyorerwa vaverengi viange vachangotanga kutevera chitendero chevaya vaisanganisa dzidziso yaJesu nemafungiro avo
- B. Vhangeri rinoratidza kuti rakanyorwa nechinangwa chekudzivirira chimiro che uparidzi mukereke
1. Rakaitirwawo kudzoreredza vateveri vaJohani Mubhabhatidzi vaive vakazhangadira panyaya dzeshoko
 2. Rakanyorwawo nedonzo rokuparadza rudzidziso rwenhema rwaitwa navaya vaisanganisa dzidziso yaJesu namafungiro avo. Dzimwe dzidziso idzodzi dzinotova hwaro hwemamwe mabhuku eTestamende Itsva seanoti
 - a. VaEfeso
 - b. VaKorose
 - c. Tsamba dza Pauro kuna Timotio wekutanga, Tito naTimotio wechipiri
 - d. Johani wekutanga (Johani wekutanga anoita sokuti itsamba yekutura vhangeri
- C. Zvinoratidza kuti zvingangoitika kuti chinangwa chevhangeri chakanyorwa pana Johani 20:31. Chinangwachekekukurudzira kutsungirira parutendo uye nokukusha shoko munyika. Izvi tinozviona kudurikidza nemashandisirwo anoita tsanangudzo yeRuponeso iyo inoramba ichinyorwa sokuti iri kutoitika ipapo. Tikaitora takadaro tinoona kuti Johani anogona kunge ari kuita saJakobho uyo akanyora vhangeri rake achiedza kunatsuruedza. Kupfurikidziswa mwero kwaive kwaitwa maonero aPauro pamusoro pezvouMwari. Izvi zvaitwa nezvimwewo zikwata zvaiva mubande diki renyika dze Asia verenga (1 Petro 3:15-16). Chinoshamisa ndechekuti tsika yomutambidzanwa yekereke yekare inotipa umboo hunoita sokuti Johani akanyora vhangeri ari kuvaEfeso isinga buritsi zita ra Pauro uyo anozivikana kuva nekubatirana naVaEfeso. (Izvi tinozviwana muongororo yakaitwa nava E. F. Bruce mugwaro *Peter, Stephen, James and John: Studies in Non-Pauline Christianity*, pp120-121).
- D. Chikamu makumi maviri ne imwe chinova chikamu chokuguma muvhangei raJohani, chinoratidza kupindura zvikuru sei mibvunzo yaiwanikwa mukereke yakare iyoyi.
1. Johani anowedzera nhoroondo yakanyorwa nedzimwe vhangeri nhatu dzokutanga zvisineyi nokuti Johani anotarisisa rudzidziso rwekereke yeJudhiya kunyanya yeJerusarema
 2. Mibvunzo mitatu inotaurwa nezvayo nechekumapeto paChikamu makumi maviri neimwe.
 - a. Kudzoreredzwa pakunamata kwaPetro

- b. Kureba kweupenyu hwaJohani
 - c. Kunonoka kudzoka kwaJesu
- E. Vamwe vanoti Johani anonyora achitarisira pasi nyaya dzetsika yechidyo chitsvene nokuti chero vhangeri achiinyora nyaya iyoyi ikavika pakuitwa kwetsika iye haana chaanonyora nezvazvo, zvikurusei pachikamu chechitatu panoitwa rubhabhatidzo nechikamu chechitanhatu apo paidyiwa pasika nechirairo.

ZVIMISO ZVEURONGWA HWEVHANGERI RAJOHANI

- A. Pakutanga tinowana kudzamiswa kwendangariro uye dzidziso yemaonero ouMwari yakajeka (1:1-8) nemapetero anooneka zvakajeka (chapter 21).
- B. Mashura manomwe akaitwa naJesu nedzidziso yawo, verenga (ch 2 – 12)
1. Kushandura mvura ichiita waini pa Kana (2:1-11)
 2. Kurapwa kwemwanakomana wegurukota rashe paKapenaume (4:46-54)
 3. Kuporeswa kwechirema paBhetisaidha (5:1-18)
 4. Kupa vanhu zviuru zvishanu zvingwa zvishanu nehove mbiri paGungwa reGariria (6:1-15)
 5. Kufamba pamusoro pemvura mugungwa reGariria (6:16-21)
 6. Kuporeswa kwemunhu akazvarwa riri bofu muJerusarema (9:1-14)
 7. Kumutsa kwaRazaro kubva kuvakafa muBhetania (11:1-57)
- C. Mbonano neNhaurirano neVanhu
1. Johani Mubhabhatidzi (1:19-34, 3:22-36)
 2. Vateveri vaJesu
 - a. Andireya naPetro (1:35-42)
 - b. Firipi naNataneri (1:43-51)
 3. Nikodhimo (3:1-21)
 4. Mukadzi muSamaria (4:1-45)
 5. Ma Juhda muJerusarema (5:10-47)
 6. Vanhu vazhinji pagungwa reGariria (6:22-66)
 7. Petro naVateveri vaJesu (6:67-71)
 8. Vanin'ina vaJesu (7:1-13)
 9. MaJudha muJerusarema (7:14, 8:59, 10:1-42)
 10. Vadzidzi vaiva muimba yaPamusoro (13:1-17, 26)
 11. Kusungwa namaJudha nokutongwa (18:1-27)
 12. Kutongwa naVaRoma (18:28 - 19:16)
 13. Kutaura kwakaita Jesu naVanhu amuka kubva kuvakafa (20:11-19)
 - a. naMaria
 - b. Nevadzidzi gumi
 - c. NaTomasi
 14. Nhaurirano yokupedzisira naPetro (21:1-25)
 15. Nyaya yomudzimai waiita gumbo mumba gumbo panze haina kubvira pakutanga iri muVhangeri raJohani (7:53 – 8:11)
- D. Mumwe mitambo nemazuwa okurumbidza Mwari
1. Sabata (5:9; 7:22, 9:14, 19:31)

2. Pasika (2:13; 6:4; 11:55; 18:28)
3. Mutambo weMatamba (chs 8-9)
4. Mutambo weKuvandudzwa kweTembere (10:22)

E. Kushandiswa Kwemutsara Yokuti “Ndiri”

1. “Ndiri Iye” (4:26; 8:24, 28, 13; 19, 18:5-6)
2. “Ndiri Chingwa Choupenyu” (6:35, 41, 48, 51)
3. “Ndiri Chiedza Chenyika” (8:12; 9:5)
4. “Ndiri Musuo wamakwai” (10:7, 9)
5. “Ndiri Mufudzi akanaga” (10:11, 14)
6. “Ndiri kumuka noupenyu” (11:25)
7. “Ndiri Nzira, Chokwadi noUpenyu” (14:6)
8. “Ndiri Mudzambiringa wechokwadi” (15:1, 5)

MAVERENGERO OKUTANGA

Gwaro rino nderetsoropodzo naizvozvo mumwe nemumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngaufambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri neMweya Mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisinei kuti wasangana nemutsoropodzi akadii.

Verenga Bhaibheri rose. Nyora dingindira reBhaibheri nemazwi ako

1. Dingindira rebhuku rose
2. Mhando yemanyorerwo

MAVERENGERO ECHIPIRI

Gwaro rino nderetsoropodzo naizvozvo mumwe nemumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngaufambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri neMweya Mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisinei kuti wasangana nemutsoropodzi akadii.

Verengesa Bhaibheri rwepiri. Tora zvidzidzo zvikuru zvawanzwisisa ugonyora nezvazvo mumutsara mumwe chete

1. Chidzidzo chokutanga
2. Chidzidzo chepiri
3. Chidzidzo chetatu
4. Chidzidzo chechina
5. Nezvimwewo...

JOHANI 1

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO*

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Izwi rakavanyama 1:1-5	Izwi nokusingaperi 1:1-5 Huchapupu hwa Johani: Chiedza chechokwadi	Nhanganyaya 1:1-5	Izwi roupenyu 1:1-5	Nhanganyaya 1:1-8
1:6-13	1:6-13	1:6-9 1:10-13	1:6-9 1:10-13	
1:14-18	Izwi rakva nyama 1:14-18	1:14-18	1:14 1:15 1:15-18	
Kupupura kwaJohani mubhabhatidzi 1:19-28	Inzwi murenje 1:19-28	Kupupura kwaJohani 1:19-28	Shoko raJohani Mubhabhatidzi 1:19 1:20 1:21a 1:21b 1:21c 1:22a 1:22b 1:23 1:24-25 1:26-27 1:28	Huchapupu hwaJohani 1:19-28
Hwayana yaMwari 1:29-34	Hwayana yaMwari 1:29-34	1:29-34	Hwayana yaMwari 1:29-31	1:29-34

* Nyangwe zvisina tuso yemweya, batsanuro neganhuro ndiro donzvo rekunzwisisa nokutevera chinangwa chomunyori (muzvingwaro). Shandurudzo yose yezvinozvino inebatsanuro nepfupiso yechikamu chekutanga. Ganhuro yoga yoga inotenderera panhaurwa imwechete, kana pfungwa. Mhando yechinyorwa yoga yoga inoputira nhaurwa iyoyo nenzira yacho choga. Pauno verenga chinyorwa, zvibvunze huti ndeipi chandurudzo inofambirana nekunzwisisa kwako zvidzidzo ne batsanuro rendima.

Pachikamu choga choga, unofanira kutanga maverenga Bhabheri, unoedza kuona zvidzidzo (ganhuro). Wobva waenzanisa kunzwisisa kwako nemhando yezvinyorwa zvechizvinozvino. Kana chete manzwisisa zvinangwa zvomuzvinagwaro (munyori) nokutevera mafungiro nematuriro aanoita nyaya, ndipo paanogona kunzwisisa Bhaibheri zvakakwana Muzvinagwaro (munyori) ndiye chete akatuswa – Vaverengi Havana kodzero yokushandurwa kana kugadzurudza shoko. Vaverengi veBhaibheri vane murandu wokuita chokwadi chetuso mumazuva neupenyu hwavo.

			1:32-34	
Vadzidzi vekutanga 1:35-42	Vadzidzi vekutanga 1:35-42	Kupupura kwevadzidzi vekutanga vaJesu 1:35-42	Vadzidzi vekutanga vaJesu 1:35-36 1:37-38a 1:38b 1:39 1:40-42a 1:42b	Vadzidzi vekutanga 1:35-39 1:40-42
Kudanwa kwaFiripi naNataneri 1:43-51	Firipi naNataneri 1:43-51	1:43-51	Jesu anodana Firipi naNataneri 1:43-45 1:46a 1:46b 1:48a 1:48b 1:49 1:50-51	1:43-51

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyoru. Ndiyozve hwaro hwepupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

RUONO RWEZVIRI MUGWARO ZVENDIMA. 1-18

A. Donogodzo yezvidzidzo zvouMwari zvenhetembo/rwiyo/mhiko

1. Nokusingaperi, tsvene, musiki, Kristu mudzikinuri, ndima. 1-5 (Jesu seshoko)
2. Ufakazi hwaKristu hwezviporofita, ndima. 6-9, 15 (Jesu sechiedza)
3. Huzimukadzimu hwaJesu hunoratidzira Mwari, ndima. 10-18 (Jesu seMwanakomana)

- B. Hurongwa hwezvidzidzo zvouMwari hwendima. 1-18 nematingindira anodzokororwa
1. Jesu akagara aripo iye naBaba (1a)
 2. Jesu aiva muruwadzano rwepedo naMwari Baba (1b, 2, 18c)
 3. Jesu anogovana huMwari nababa (1c, 18b)
 4. Nzira yaMwari baba yokudzikinura nokuita hukama hutsva (12-13)
 5. Zimukadzimu, Mwari anoita munhu (9, 140)
 6. Ratidzo, Mwari anoratidwa zvakazara nokunzwisiswa (18d)
- C. Mabviro ezwi rokuti *Logos* mundimi dzechiGiriki nedzechiHebheru
1. Mabviro aro mururimi rwechiHebheru
 - a. Simba reshoko rakataurwa (Isaya. 55:11; Mapisarema. 33:6; 107:20; 147:15, 18), sepakusikwa (Genesi. 1:3, 6, 9, 11, 14, 20, 24, 26, 29) nemakomborero emadzibaba (Genesi. 27:1ff; 49:1)
 - b. Zvirevo. 8:12-23 inotsanangura “uchenjeri” somunhu, sechisikwa chokutanga uye nomumiririri wezvisikwa zvose (cf. Mapisarema. 33:6 pamwe nezvinyorwa zvisina kuiswa mubhaibheri zveuchenjeri hwaSoromoni; “*Wisdom of Solomon, 9:9*”)
 - c. Zvinyorwa zveTargums (shandurudzo netsoropodzo dzerurimi rweAramaic) zvinotsivanisa mutsara wokuti “shoko raMwari” nezwi rokuti *Logos* nokuda kwokusafarira kutsanangura Mwari somunhu
 2. Mabviro erurimi rwechiGiriki
 - a. Heracleitus-- Izwi iri rairamba richishanduka ; izwi rokuti *Logos* iro rakanga risina chirevo chomunhu uye risinga shanduki ndiro rakava namo uye rikatungamira shanduko yose yayitika
 - b. Plato—Iri izwi rokuti *Logos*, iro risina chirevo chomunhu uye risnga shanduki, ndiro rinobatanidza zuva, nyeredzi nezvirimudzana renzou pamwechete nokuronga mwaka yegore
 - c. Stoics—Izwi rokuti *Logos*, raiva nchirevo chokuva” mbariro dzomurangariro wepasi rose” kana murongi webasa, asi raivawo nekachirevo kwomunhu muchidimbu
 - d. Philo—Aitsanangura izwi rokuti *Logos* nechirevo chechimiro chomunhu, sokuti” mupirisita mukuru akaisa mweya womunhu pamberi paMwari, “kana kuti “zambuko pakati pomunhu naMwari, “mubato wokutyairisa uyo unoshandiswa nomutyairi wenyika pakufambisa zvinhu zvose” (*kosmocrater*)
- D. Zvinechekuita nekuvandudzwa kwegwara redzidziso yeavo vaidzidzisa kudzamisa ndangariro nezvouMwari zvakavazika pamakore mazana maviri okutanga (3rd century. A. D)
1. Makakatanwa nokusingaperi, ounyambiri hweeraramo pakati pemweya nenyama
 2. Nyama yakaipa uye inozvikudza; Mweya wakanaka
 3. Vegwara rezvidzidzo zvokudzamisa ndangariro izvi vanoti kune dungwerungwe rezvinhanho zvengirozi (*aeons*) pakati paMwari mukuru akanaka naMwari mudiki uyo akasika nyama nezviripanyika. Vamwewo vavo vakaita saMarcioni vaiti, Mwari mudiki uyu ndiye “YHWH” wetestamende yekare
 4. Ruponeso rwakauya ne

- a. Ruzivo rwemavara emuchivande anobvumira munhu kuti apinde munhanho dzengirozi idzi achisvika mukuva naMwari
 - b. Rupfarivari rwoutsvene kuvanhu vose, urwo rwavasinga nzwisisi kusvikira vagamuchira ruzivo rwakavanzika
 - c. Mumiririri wepauzima weratidzo inopa ruzivo rwakavanzika kuvanhu (Mweya waKristu)
5. Iri gwara remafungiro runoti Jesu anouMwari, asi richiramba kuva zimukadzimu kwake nechigaro chake chokudzikinura!

E. Zvine chokuita nenhoroondo

1. Ndima 1-18 dzose dzinoedza kuva nesungano nemaonero echiHebheru pamwe neechiGiriki nokushandisa izwi rokuti *Logos*.
2. Gwara remafungiro asakarurama eavo vaisanaganisa tsika nemafungiro avo nevhangeri ndihwo hwaro hwemuronga wevhangeri raJohani. 1Johani inogona kuva iyo tсамaba yehangaruvanze yevhangeri. Gwara remafungiro pamusoro pezvouMwari” reavo vaisanaganisa tsika nemafungiro avo nevhangeri” hari zivikamwi muzvinyorwa kusvika pamakore mazana maviri okutanga, asi dingindira remafungiro aya rinotanga kuonekwa muzvinyorwa zveDSS uye muzvinyorwa zvaPhilo.
3. Vhangeri ina dzokutanga (kunyanya Mako) dzinofukatidza huMwari hwaJesu (zvakananzika zvouMesiasi) kusvika dzapfuura paKarivhari, asi Johani achizonyora pava paya, anovandudza dingindira rokuva Mwari nokuva munhu kwakazara kwaJesu (Mwanakomana womunhu, cf. Ezekieri. 2:1 naDhanieri. 7:13) muchikamu chokutanga.

F. Tarira nhaurwa inokosha :Johani. 1 ichienzaniswa na1Johani. 1 paiJohani. 1:1.

DZIDZO YEMITSARA NEMAZWI

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :1:1-5

¹Pakutanga izwi rakanga riripo, Izwi rakanga riri kuna Mwari, Izwi rakanga riri Mwari. ²Irori pakutanga rakanga riri kuna Mari. ³Zvinhu zvose zvakaitwa naye; kunze kwake hakuna kuitwa kunyange chinhu chimwe chakaitwa. ⁴Upenyu hwaiva maari; upenyu hwaiva chiedza chavanhu. ⁵Chiedza chinovhenekera murima; asi rima harina kugona kuchikunda.

1:1 “Pakutanga” Izvi zvinoreva zviri munaGenesi. 1:1 uye zvinoshandiswawo muna1Johani. 1:1sechirevo chezimukadzimu. Zvinogoneka kuti 1Johani yaiva tсамaba yehangaruvanze yevhangeri. Dzose dzinobata nyaya yekusanganiswa kwevhangeri nemafungiro evanhu. Ndima 1-5 dzinotsigira kuvapo muuMwari kwaJesu kusika kusati kwaitwa (cf. 1:15; 8:56-59; 16:28; 17:5; 2vaKorinde. 8:9; vaFiripi. 2:6-7; vaKorose. 1:17; vaHebheru. 1:3; 10:5-9).

Testamende itsva inotsanangurwa sokuti

1. Chisikwa chitsva, chisina kukanganiswa nokutadza (kureva., Genesi. 3:15 ichizadzisirwa vanhu)
2. Kukunda kutsva (nyika yechipikirwa)

3. Kubuda kutsva (chiporofita chakazadziswa)
 4. Mosesi mutsva (mupi womurayiro)
 5. Joshua mutsva (cf. vaHebheru. 4:8)
 6. Shura idzva remvura (cf. vaHebheru. 3-4)
 7. Mana / zvokudya zvitsva (cf. Johani. 6)
- Nezwiwewo zvakanwanda, kunyanya munavaHebheru.

NHAURWA INOKOSHA: ARCHĒ

Izwi rokuti “dunhu” mururimi rwechiGiriki ndiro rokuti *archē*, rinoreva kuti “mavambo” kana kuti “mabviro” echinhu.

1. Mavambo omuronga wezvisikwa (cf. Johani. 1:1; 1Johani. 1:1; vaHebheru. 1:10)
2. Mavambo evhangeri (cf. Mako. 1:1; vaFiripi. 4:15; 2vaTesaronika. 2:13; vaHebheru. 2:3)
3. Vakaona nameso vokutanga (cf. Ruka. 1:2)
4. Zviratidzo zvokutanga (mashura, cf. Johani. 2:11)
5. Misimboti yemavambo (cf. vaHebheru. 5:12)
6. Simbiso yemavambo inobva pazvokwadi yevhangeri (cf. vaHebheru. 3:14)
7. Mavambo, vaKorose. 1:18; Zvakazarurwa. 3:14

Rakazoshandiswawo kureva “kutonga” kana “masimba”

1. Eve hurumende dzavanhu
 - a. Ruka. 12:11
 - b. Ruka. 20:20
 - c. vaRoma. 13:3; Tito. 3:1
2. emasimba engirozi
 - a. vaRoma. 8:38
 - b. 1vaKorinde. 15:24
 - c. vaEfeso. 1:21; 3:10; 6:12
 - d. vaKorose. 1:16; 2:10, 15
 - e. Judhasi. ndima. 6

Vadzidzisi venhema ava vanosvora masimba ose, panyika nokudenga. Havana unhu uye vanoti kutenda nyenasha ndizvo zvinoraramisa. Vanozvisusukidzira pamberi vachisiya Mwari, ngirozi, vehurumende nevatungamiri vedzikereke.

- ▣ **“Rakanga”** (rutatu) ichi chirevanguva chinoreva zvaitika (cf. ndima. 1, 2, 4, 10) chinonongedza zvairamba zviciitika munguva yekare. Chireva nguva ichi chinoshandiswa kuratidza kuvapo kare kwesimba reshoko” Logos” (cf. 8:57-58; 17:5, 24; 2vaKorinde. 8:9; vaKorose. 1:17; vaHebheru. 10:5-7). Chinoenzaniswa nechirevanguva chinoreva zvaitika chiri mundima. 3, 6 na14.
- ▣ **“Izwi”** Izwi rechiGiriki rokuti Logos raireva shoko, kwete izwi rimwechete. Muchirevo chechinyorwa chino izita raishandiswa nevaGiriki kureva “murangariro wenyika” uye nevaHebheru somuringanidzo wokureva “ungwaru.” Johani akasarudza izwi iri kureva kuti izwi raMwari rinechimiro chomunhu pamwe neshoko. Tarira ruono rwezvirimugwaro, C.
- ▣ **“kunaMwari”** “kuna” rinogona kuva izwi remutsara unoreva kuti “mahwekwe.” Rinechirevo choruwadzano rwemandorokwati. Rinonongedzawo pfungwa youMwari humwe pamwe

nokuzviratidza nokusingaperi kutatu (tarira nhaurwa inokosha: Mwari vatatu mumwe pa 14:26). Testamende itsva inotaura nezvegangaidzo rokuti Jesu akasiyana nababa, asi mumwewozve nababa.

- ▣ **“Izwi rakanga riri Mwari”** Izwi rechiito iri riri muchimiro chezvaitika semundima. 1a. Hapana izwi remunongedzo (rinodudza muitirwi, tarira gwaro ravaF. Bruce, rinonzi ; mibvunzo kumhinduro” *Answers to Questions, p. 66*) nezwi rokuti *Theos*, asi iri izwi rinoiswa pokutanga pemutsara muchiGiriki senzira yokuratidza kumikidzo. Ndima ino nendima. 18, mitsara yakasimba inechirevo chofanovapo kwouMwari musimba reshoko “Logos” (cf. 5: 18; 8:58; 10:30; 14:9; 17:11; 20:28; vaRoma. 9:5; vaHebheru. 1:8; 2Petirosi. 1:1). Jesu anouMwari hwakazara uye nokuvamunhu akazara (cf. 1Johani. 4:1-3). Haana kufanana nababa, asi ndiye anoutsvene chaihwo sehwebaba.

Testamende itsva inodudza huMwari chaihwo hwaJesu weNazareta, asi ichi dzivirira huvapo hwababa. Iye mutsvene mumwechete anotaurwa munaJohani. 1:1; 5:18; 10:30, 34-38; 14:9-10; na 20:28, ukuwo kusiyana kwavo kunotsanangudzwa kwazvo kwazvo munaJohani. 1:2, 14, 18; 5:19-23; 8:28; 10:25, 29; 14:11, 12, 13, 16.

1:2 Izvi zvinofambirana nezvirimundima. 1 uye zvinokumikidza zvakare zvokwadi inoshamisa mumaonero okutenda Mwari mumwe okuti Jesu, uyo akazvarwa pakati pemakore 6-5 B. C., akagara aina baba uye, naizvozvo, ndiMwari.

1:3 “Zvinhu zvose zvakaitwa naye” Shoko “Logos” ndiro raiva mumiriri wababa pakusika zvose zvinooonekwa nezvisingaonekwi (cf. ndima. 10; 1vaKorinde. 8:6; vaKorose. 1:16; vaHebheru. 1:2). Izvi zvinofanana nebasa rinoitwa nounngwaru munaMapisarema. 104:24 naZvirevo. 3:19; 8:12-23 (mururimi rwechiHebheru, izwi rokuti “ungwaru” izwi rinoreva zita riri muchimiro chechikadzi).

- ▣ **“kunze kwake hakuna kunyange chinhu chakaitwa”** Izvi zvinoramba pachena dzidziso yenhema yeavo vaisanganisa vhangeri netsika nemafungiro avo, yezvinhanho zvingirozi pakati paMwari mukuru akanaka namwari mudiki uyo akasika nyika nezvinoonekwa (Tarira ruono rwezviri mugwaro, D).

1:4 “Upenyu hwaiva maari” Mutsara uyu urikusimbisa kwazvo kwazvo kuti “upenyu” chaihwo hunobva kuMwanakomana, shoko. Johani anoshandisa izwi rokuti *zoe*, achireva upenyu hwokumuka kuvakafa, upenyu nokusingaperi, upenyu hwaMwari (cf. 1:4; 3:15, 36; 4:14, 36; 5:24, 26, 29, 39, 40; 6:27, 33, 35, 40, 47, 48, 51, 53, 54, 63, 65, nedzimwewo). Rimwewo izwi rechiGiriki rinoreva “upenyu” nderokuti *bios*, raishandiswa kureva upenyu hwepanyika, hwenyama (cf. 1Johani. 2:16).

- ▣ **“Upenyu hwaiva chiedza chavanhu”** Chiedza ndichochibhende chinonyanyo shandiswa naJohani kureva zvokwadi neruzivo rwaMwari (cf. Johani. 3:19; 8:12; 9:5; 12:46). Tarira uone kuti upenyu hwaiva hwevanhu vose (zvinogona kutsigira zvirimuna Mapisarema36:5-9) ! Chiedza nerima ndiwo matingindira anowanikwa zvikuru mugwaro reDSS. Johani anonyanya kuzviisa muunyambiri hwemazwi nemhatsanuro.

1:5 “Chiedza chinovhenekera” ichi chirevanguva chezvirikutoitika, zvichireva chiitiko chine zierendamberi. Jesu akagara aripo, asi zvino azviratidza zvakajeka kunyika (cf. 8:12; 9:5; 12:46). Mutestamende yekare kuzviratidza panyama kana somunhu kwaMwari kwaizivikanwa nokuonekwa kwengirozi yaIshe (cf. Genesi. 16:7-13; 22:11-15; 31:11, 13; 48:15-16; Ekisodho. 3:2, 4; 13:21; 14:19; vaTongi. 2:1; 6:22-23; 13:3-22; Zekariya. 3:1-2). Vamwe vanoti uku ndiko kufanovapo kweshoko” Logos” rezimukadzimu.

NHAURWA INOKOSHA:NGIROZI YAISHE

Zviri pachena kuti mutestamende yekare Mwari anozviratidza panyama semunhu. Nyaya yeavo vanotenda Mwari vatatu mumwe ndeyekuti, ndeupi munhu wevatatu mumwe anozadzisa chiito ichi. Sezvo Mwari baba YHWH) neMweya wake vagara vasiri venyama, zvinoratidza sokuti kuzviratidza somunhu kwose uku ndekwe zimukadzimu kwakafanovapo kwaMesiasi.

Kuratidza kuoma kunosangana navanhu pakuedza kududza kuzviratidza somunhu kuvanhu kwaMwari, kubva pakusangana nengirozi; donongodzo inotevera ndiyo inonyatso buritsa pachena.

1. Ngirozi yaIshe sengirozi
 - a. Genesi. 24:7, 40
 - b. Ekisodho. 23:20-23; 32:34
 - c. Numeri. 22:22
 - d. vaTongi. 5:23
 - e. 2Samueri. 24:16
 - f. 1Makoronike. 21:15-30
 - g. Zekariya. 1:12-1

2. Ngirozi yaIshe somunhu
 - a. Genesi. 16:7-13; 18:1-19:1; 22:11-15; 31:11, 13; 48:15-16
 - b. Ekisodho. 3:2, 4; 14:19 (13:21)
 - c. vaTongi. 2:15; 6:22-24; 13:3-23
 - d. Hosea. 12:3-4
 - e. Zekariya. 3:1-5



NASB, NKJV “Rima harina kugona kuchinzwisisa”

NRSV “Rima harina kugina kuchikunda”

TEV “Rima harisati rachidzima”

NJB “Uye rima harina kugona kuchikunda”

Mabviro echirevo chezwi iri rokuti (*katalambanō*) ndeekuti “kubatisisa.”Naizvozvo, rinogona kureva kuti (1) kubatisisa nechinangwa chokukunda (cf. Mateu. 16:18) kana (2) kubatisisa nechinangwa chokunzwisisa. Johani anogona kunge akashandisa kureva zvakawanda uku kureva tsanangudzo dzose dziri mbiri. Vhangeri yaJohani inozivikanwa nokuva nemitsara inezvirevo zvinounyambiri (sokuti., “kuzvarwa patsva uye/kana kuti “kuzvarwa kubva kudenga, “3:3 nokuti “mhapo” uye/kana kuti mweya, “3:8).

Izwi rechiito rokuti (*katalambanō*) rinowanikwa ruviri chete muzvinyorwa zvaJohani (kuwanikwa muna. 8:3, 4 hakisiri iko mabviro). Muna 1:5, rima harigoni kunzwisisa/kukunda uye muna 12:35 rima rinoramba chiedza (Jesu/vhangeri) richasiyiwa. Kuramba kunounza bishapisha; kugamuchira kunounza kunamata!

vaManfred T. Brauch, mugwaro ravo rinonzi; kuchanyangudza shoko” *Abusing Scripture*, p. 35, “vanofananidza chimiro chevanhu noku.

1. Kurasika, Ruka. 15
2. Rima, Johani. 1:5
3. Huvengi, vaRoma. 5:10
4. Kuparadzana, vaEfeso. 2:15-17
5. Kusava naMwari, vaRoma. 1:18
6. Kupfukurira paupenyu hwaMwari, vaEfeso. 4:17-18
7. Pfupiso yezvivi zvemunhu inowanikwa munavaRoma. 1:18-3:23

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :1:6-8

⁶Kwakanga kune munhu akatumwa naMwari, zita rake rainzi Johani. ⁷ Iye akauya kuzopupura, kuti apupurire chiedza, kuti vose vatende naye. ⁸ Uyu akanga asati ari iye chiedza, asi akatumwa kuti apupurire chiedza.

1:6-8 Ndima idzi pamwe nendima. 15 (dzakawedzerwa seringashure renyaya) dzinonyora huchapupu hwaJohani mubhabhatidzi kunaJesu. Ndiye aiva muporofita wokupedzisira wetestamende yekare. Zvakaoma kuisa ndima idzi muchimiro chedetembo. Pane gakava guru rokuti, kuturwa kwevhangeri kunechimiro chedetembo here kana kuti kune chimiro cherondedzero.

Johani mubhabhatidzi ndiye aiva muporofita wokupedzisira wetestamende yekare (maringe neshoko nemaonero ake). Aiva mugadziri wenzira akarehwa munaMaraki. 3:1 na4:5 (cf. Johani. 1:20-25). Johani mupositori anogona kunge akaisa ndima. 6-8 nokuda kwokusanzwisisa kwaivapo, pamazuva okutanga aya pamusoro paJohani mubhabhatidzi (cf. Ruka. 3:15; Mabasa. 18:25; 19:30. Johani, achinyora pava paya ; vamwe vanyori vevhangeri vatonyora kare, akaona kukura kwedambudziko iri

Zvinofadza kuona kuti Kristu anotsanangurwa muchirevanguva chezvaiitika zvine zierendamberi (kuvapo kare) chemazwi anoreva chiito, ukuwo Johani achitsanangurwa nezwi rechiito rinoreva zvakaitika (zvakaraidzwa munguva) chirevanguva chezvirikuitika (chiitiko chemunhorondo chine zvibereko zvichangovapo narini) mazwi ezviito (vf. ndima. 6). Jesu akagara aripo.

1:7 “kuti vose vatende naye” Uyu muvaravara unechirevo chechinangwa. Vhangeri yaJohani, sedzimwe vhangeri dzose (manyorero echiKristu chemandorokwati), bepeto rouvhangeri. Iyi ndiyo pfupiro inoshamisa yeruponeso kuna vose vanotenda munaKristu, anova chiedza cheniyika (cf. ndima. 12; Johani. 3:16; 4:42; 20:31; 1Timoti. 2:4; Tito. 2:11; 2Petirosi. 3:9; 1Johani. 2:1; 4:14).

1:7, 12 “vatende” Izwi rechiitoiri rinoshandiswa kamakumi manomwe anesere muvhangeri yaJohani, makumi maviri aneina mutsamba dzaJohani. Zvinoshamisa kuti vhangeri yaJohani

aishandisi izwi rine sungano nezita, inongoshandisa chimiro chezwi rechiito. Kutenda hakusi rudaviro rwemupfungwa kana dengetera chete, asi rudaviro rwesarudzo. Izwi rechiGiriki iri rinoshandrudza nemazwi echirungu matatu:tenda, ruvimbo, nokutenda. Rinofambirana nokuti “kumutambira” (cf. ndima. 11), pamwe nokuti” kumugamuchira” (cf. ndima. 12). Ruponeso nderwepachena munyasha dzaMwari nebasa raKristu rakapedzwa, asi runofanira kugamuchirwa. Ruponeso ndihwo hukama hwechisungo hunezviwanikwa pamwe nezvekuita

NHAURWA INOKOSHA: RUTENDO, KUTENDA, VIMBA (*pistis/izwi rine sungano nezita*), *pisteuō*, [*izwi rechiito*], *pistos*[*chipaurol*])

- A. Iri izwi rinokosha zvikuru mubhaibheri (cf. vaHebheru. 11:1, 6). Ndiyo nyaya yekuparidza kwaJesu pamazuva okutanga (cf. Mako. 1:15). Pane zvinhu zvingava zviviri zvinodiwa muchisungo chitsva:rutendeuko nokutenda (Mako. 1:15; Mabasa. 3:16, 19; 20:21).
- B. Chirevo nemabviro aro
 - 1. Izwi rokuti” kutenda” mutestamende yekare rinoreva kuti kuvimbika, kutendeseka kana kuvimbisika uye raitsanangura hunhu hwaMwari, kwete hwedu.
 - 2. Rakabva paizwi rechiHebheru rokuti (*emun, emunah*), iro raireva kuti “kuva nechokwadi kana kuterama.”kutenda kweruponeso ndekwekubvuma mupfungwa (muronga wezvokwadi), kurarama zvinounhu (mararamiro), uye oukama (kugamuchirwa kwomunhu) nesarudzo yokuzvipira (rutemo) kumunhu iyeyo.
- C. Mashandisirwo aro mutestamende yekare

Zvinofanira kutsanangurwa kwazvo kwazvo kuti kutenda kwaAbhurahamu kwakanga kusiri munaMesiasi achauya, asi muchipikirwa chaMwari chokuti iye achazova nemwana uye nezvizvarwa (cf. Genesi. 12:2; 15:2-5; 17:4-8; 18:14). Abhurahamu akadavira vimbiso iyi nokuvimba naMwari. Aiva norupokano pamwe nedambudziko pamusoro pevimbiso iyi, iyo yakatora makore gumi nematatu kuit izadziswe. Zvisineyi, kutenda kwake kusakarurama kwakagamuchirwa naMwari. Mwari anoda kushanda nevatadzi avo vanodavira kwaari nokutenda, chero kutenda kwavo kwakaita setsanga yemasitadhi (cf. Mateu. 17:20).

- D. Izwi rokuti” kutendwa” rinobva paizwi rechiGiriki rokuti (*pisteuō*) iro rinogona kushandurudzwa richireva kuti” tenda, ““kutenda, “kana “ruvimbo.”Semufananidzo, izwi rinesugano nezita hariwanikwi muvhangeri yaJohani, asi izwi rinoreva chiito ndiro rinoshandiswa. MunaJohani. 2:23-25 hamuna chokwadi chokuratidza kuzvipira kwavanhu kunaJesu weNazareta saMesiasi. Mimwe mifananidzo yekushandiswa zvebarapara kweizwi iri rokuti” tenda” iri munaJohani. 8:13, 18-24. Kutenda kwebhaibheri kwezvokwadi kunopfuura rudaviro rwokutanga. Runofanira kuteverwa negwara roudzidzi (cf. Mateu. 13:20-22, 31-32).
- E. Kushandiswa kwaro nezvirevamwene
 - 1. Vara rokuti “*eis*” rinoreva kuti” mu.”uku kuvakwa kwemursara kunotsindikidza chirevo chokuti vatendi vanoisa ruvimbo/kutenda kwavo munaJesu
 - a. Muzita rake (Johani. 1:12; 2:23; 3:18; 1Johani. 5:13)
 - b. Maari (Johani. 2:11; 3:15, 18; 4:39; 6:40; 7:5, 31, 39, 48; 8:30; 9:36; 10:42; 11:45, 48; 12:37, 42; Mateu. 18:6; Mabasa. 10:43; vaFiripi. 1:29; 1Petirosi. 1:8)
 - c. Mandiri (Johani. 6:35; 7:38; 11:25, 26; 12:44, 46; 14:1, 12; 16:9; 17:20)

- d. MuMwanakomana (Johani. 3:36; 9:35; 1Johani. 5:10)
- e. MunaJesu (Johani. 12:11; Mabasa. 19:4; vaGaratiya. 2:16)
- f. Muchiedza (Johani. 12:36)
- g. MunaMwari (Johani. 14:1)
- 2. Vara rokuti” *en*” rinorevava kuti “ku/kwa” semunaJohani. 3:15; Mako. 1:15; Mabasa. 5:14
- 3. Vara rokuti” *epi*” rinoreva kuti” mu/pamu, “semunaMateu. 27:42; Mabsa. 9:42; 11:17; 16:31; 22:19; vaRoma. 4:5, 24; 9:33; 10:11; 1Timoti. 1:16; 1Petirosi. 2:6
- 4. Chirevo chezvinodokwairirwa pazvima asi chisina chirevamwene semunavaGaratiya. 3:6; Mabasa. 18:8; 27:25; 1Johani. 3:23; 5:10
- 5. Vara rokuti” *hoti*, “rinoreva kuti” tenda kuti, “rinopa chimiro chezvinofanira kutendwa
 - a. Jesu ndiye mutsvene waMwari (Johani. 6:69)
 - b. Jesu ndiye iye wandiri (Johani. 8:24)
 - c. Jesu ari munababa uye baba vari maari (Johani. 10:38)
 - d. Jesu ndiye Mesiasi (Johani. 11:27; 20:31)
 - e. Jesu ndiye Mwanakomana waMwari (Johani. 11:27; 20:31)
 - f. Jesu akatumwa nababa (Johani. 11:42; 17:8, 21)
 - g. Jesu mumwe nababa (Johani. 14:10-11)
 - h. Jesu akabva kunababa (Johani. 16:27, 30)
 - i. Jesu akazvidudza muzita rechipikirwa nababa, “ndini wandiri” (Johani. 8:24; 13:19)
 - j. Tichagara naye (vaRoma. 6:8)
 - k. Jesu akafa akamuka zvakare (1vaTesaronika. 4:14)

1:8 Zvinogoneka kuti Johani mupositori, uyo akanyora pava paya vamwe vanyori vatonyora kare, akaona dambudziko raikura mukati mevateveri vaJohani mubhabhatidzi avo vakanga vasina kumbonzwa kana kugamuchira Jesu (cf. Mabasa. 18:25-19:7).

NHAURWA INOKOSHA :ZVAPUPU ZVAJESU

Izwi rinesungano nezita rokuti (*marturia*) “chapupu” nerimwe rinoreva chiito rokuti (*martureō*) “kupupura” mazwi anokosha munaJohani. kune zvapupu zvakananda zvaJesu.

1. Johani mubhabhatidzi (cf. Johani. 1:7, 8, 15; 3:26, 28; 5:33)
2. Iye Jesu pachake (cf. Johani. 3:11; 5:31; 8:13-14)
3. Mukadzi muSamariya (cf. Johani. 4:39)
4. Mwari baba (cf. Johani. 5:32, 34, 37; 8:18; 1Johani. 5:9)
5. Shoko (cf. Johani. 5:39)
6. Ruzhinji pakumutswa kwaRazaro (cf. Johani. 12:17)
7. Mweya (cf. Johani. 15:26-27; 1Johani. 5:10, 11)
8. Vadzidzi (cf. Johani. 15:27; 19:35; 1Johani. 1:2; 4:14)
9. Munyori pachake (cf. Johani. 21:24)

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :1:9-13

⁹Ichi chaiva chiedza chechokwadi, chinovhenekera munhu mumwe nomumwe, pakusvika kwake panyika. ¹⁰Akanga ari panyika, asi nyika haina kumuziva. ¹¹Akauya kunezvake, asi vanhu vake Havana kumugamuchira. ¹²Asi vose vakamugamuchira, akavapa samba kuti vave vana vaMwari, ivavo vanotenda kuzita rake; ¹³avo vasina kuberekwa neropa, kana nokuda kwenyama, kana nokuda kwomurume, asi naMwari.

1:9 “Chiedza chechokwadi” Ichi ichokwadi nenzira yemandorokwati, kwete senzira yokupikisa nhema. Izvi zvinogona kureva dzidziso dzose dzechiKristu chenhema chemakore zana okutanga. Chipauro ichi chakajairika muzvinyorwa zvaJohani (cf. 4:23, 37; 6:32; 7:28; 15:1; 17:3; 19:35 pamwe nemunnaJohani. 2:8; 5:20 nekagumi munaZvakazarurwa). Tarira nhaurwa dzinokosha:chokwadi pa. 6:55 naNyika pa14:17. Jesu ndiye chiedza chenyika (cf. 3:19; 8:12; 9:5; 12:46; 1Johani. 1:5, 7; 2:8, 9, 10). vatendi vanofanira kuva chadzera chechiedza chake (cf. vaFiripi. 2:15). Izvi zvinosiyana zvikuru nerima chairo rokusikwa nokuda kwekupandika kwe

1. Vanhu
2. Ngirozi

☐ **“pakusvika kwake panyika”** Johani anowanzo shandisa mutsara uyu achireva kubva kwaJesu kudenga, nyikadzimu, achipinda munyika yezvinoonekwa yemuhasva nenguva (cf. 6:14; 9:39; 11:27; 12:46; 16:28). Mundima ino mutsara uyu unoita sokuti unoreva kuva zimukadzimu kwaJesu. Uyu ndiwo munyorero wounyambiri unozivikanwa uchiitwa naJohani (kureva., pamusoro maringe nepasi).

☐

NASB “Chinovhenekera kumumwe nomumwe”

NKJV “Chinopa chiedza kumunhu wose”

NRSV “Chinovhenekera munhu wose”

TEV “Chinovhenekera vanhu vose”

NJB “Chinopa chiedza kumumwe nomumwe”

Mutsara uyu unogna kunzwiswa nenzira mbiri. Yokutanga, mufungidziro yetsika dzechiGiriki, unoreva chiedza cheratidzo chomukati chiri mumumwe nomumwe, gwenya rouMwari. Uku ndiko kupirikirwa kunoitwa ndima iyi neavo vechitendero chakatanga navaGeorge Fox kunyika yeEngland mumakore chiuru chimwe nemazana manomwe apfuura. Zvisineyi mafungiro aya haawanikwi muvhangeri yaJohani. Kuna Johani” chiedza” ndicho chinoburitsa kuipa kwevanhu (cf. 3:19-21).

Yepiri, unogona kusareva kuzviratidza kuburikidza nezvisikwa (kureva kuzivikanwa kwaMwari kuburikidza nezvisikwa[cf. Mapisarema. 19:1-5; vaRoma. 1:19-20]kana murangariro wounhu womukati[cf. vaRoma. 2:14-15], asi pfupiro yaMwari yoruvhenekero noruponeso kuburikidza naJesu, iye oga chiedza chezvokwadi.

1:10 “Panyika” Johani anoshandisa izwi rokuti” *kosmos*” nenzira nhatu dzakasiyana.

1. Nyika chaiyo inoonekwa (1:10, 11; 11:9; 16:21:17:5, 24; 21:25)
2. Vanhu vose (1:10, 29; 3:16, 17; 4:42; 6:33; 12:19, 46-47; 18:20)
3. Mugarisanwa wavanhu wakarongwa uye uchishanda pasina Mwari (7:7; 15:18-19; 1Johani. 2:15; 3:1, 13)

Muchirevo chechinyorwa chino, tsanangudzo yepiri ndiyo yakanaka. Tarira nhaurwa inokosha pa 14:17.

- ▣ **“Nyika haina kumuziva”** Kunyange rudzi rwevaHedheni chero rudzi rwakasarudzwa rwaIsiraeri, Havana kuziva Jesu saMesiasi akavimbiswa. Izwi rokuti” ziva “rinoreva tsumo yechiHebheru inoreva ukama hwemandorokwati kupfuura chirevo chokuziva nendangariro (cf. Genesi. 4:1; Jeremiya. 1:5).

NHAURWA INOKOSHA: ZIVA (pachishandiswa chirevo chemanyorerwo emunaDhuteronomi)

Izwi rechiHebheru rokuti” ziva” (BDB 393) rinezvirevo zvakawanda (ruvanzarira rwesungano yezvirevo zvemazwi) mu*Qal*.

1. Kunzwisisa zvakanaka nezvakaipa-Genesi. 3:22; Dhuteronomi. 1:39; Isaya. 7:14-15; Jona. 4:11
2. Kunzwisisa nenzira yokuziva-Dhuteronomi. 9:2, 3, 6; 18:21
3. Kuziva nokuona zvichiitika-Dhuteronomi. 3:19; 4:35; 8:2, 3, 5; 11:2; 20:20; 31:13; Joshua. 23:14
4. Kuva nemufungo—Dhuteronomi. 4:39; 11:2; 29:16
5. Kuziva pauszima
 - a. Munhu—Genesi. 29:5; Ekisodho. 1:8; Dhuteronomi. 22:2; 33:9
 - b. Chimwari—Dhuteronomi. 11:28; 13:2, 6, 13; 28:64; 29:26; 32:17
 - c. Mwari“YHWH” –Dhuteronomi. 4:35, 39; 7:9; 29:6; Isaya. 1:3; 56:10-11
 - d. Pabonde—Genesi. 4:1, 17, 25; 24:16; 38:26
6. Mubato wemaoko kana ruzivo—Isaya. 29:11, 12; Amosi. 5:16
7. Ngwara—Dhuteronomi. 29:4; Zvirevo. 1:2; 4:1; Isaya. 29:24
8. Ruzivo rwaMwari
 - a. rwaMosesi—Dhuteronomi. 34:10
 - b. yeIsiraeri—Dhuteronomi. 31:21, 27, 29

1:11 “Akauya kune zvake, asi vanhu vake havanakumugamuchira” izwi rokuti” zvake/vake “rinoshandiswa kaviri mundima. 11. Rokutanga riri muchimiro chechivakamutauro chisina chirevo chechirume kana chechikadzi uye riri muuzhinji, richireva (1) zviskwa zvole kana (2) kwazvo kwazvo Judhea kana Jerusarema. Repiri riri muchirevo chechirume uye riri muuwandu, rinoreva vanhu verudzi rwechiJudha.

1:12 “Asi vose vakamugamuchira” Izvi zvinoratidza chikamu chevanhu muruponeso (cf. ndima. 16). Vanhu vanofanira kuva norudaviro kupfupiro yaMwari yenyasha munaKristu (cf. 3:16; vaRoma. 3:24; 4:4-5; 6:23; 10:9-13; vaEfeso. 2:8-9). Zvokwadi Mwari anotonga, asi mukutonga kwake akaparura ukama hune chimiro chechipikirwa navatadzi. Vatadzi vanofanira kutendeuka, kutenda, kuteerera, nokutsungirira mukutenda.

Iyi pfungwa yoku “gamuchira “inofanana pazvidzidzo zvouMwari noku” revurura, “uko kwareva kudura panevanhu kutenda munaJesu saKristu (cf. Mateu. 10:32; Ruka. 12:8 ; Johani. 9:22; 12:42; 1Timoti. 6:12; 1Johani. 2:23; 4:15). Ruponeso, chipo chinofanira kugamuchirwa nokuyemurwa.

Avo vano” gamuchira “Jesu (1:12) vanogamuchirawo Baba vakamutuma (cf. 13:20; Mateu. 10:40). Ruponeso ndihwo ukama pazima naMwari vatatu mumwe!

- ▣ **“Akavapa samba** “Izwi rechiGiriki iri (kureva., *exousia*) rinogona kureva kuti (1) masimba omutemo kana (2) kodzero kana mutsa (cf. 5:27; 17:2; 19:10, 11). Kuburikidza nokuva Mwanakomana noutumwa utsvene hwaJesu, vatadzi vavakugona kuziva nokuyemura Mwari sababa.
- ▣ **“kuti vave vana vaMwari”** Vanyori vetestamende itsva vanoramba vachishandisa mazwi echibhende anezvirevo zvemhuri kana vachitsanangura kereke (1) Baba; (2) Mwanakomana (3) vana (4) akazvarwa patsva; ne (5) kuitwa vana. ChiKristu iringanidzo yemhuri, kwete nchigadzirwa (mvumo yokuenda kudenga, simbiso yokupisirwa nemoto). Vatendi munaKristu vava vatsva veurongwa hwemagumo “hwa Mwari.”Sevana tinofanira kuratidza hunhu hwababa, sezvakaitwa na” ziiitakamwe” (cf. ndima. 14; 3:16) Mwanakomana (cf. vaEfeso. 5:1; 1Johani. 2:29; 3:3). Herino zita rinoshamisa zvikuru ravatadzi (cf. 11:52; vaRoma. 8:14, 16, 21; 9:8; vaFiripi. 2:15; 1Johani. 3:1, 2, 10; 5:2; Hosea. 1:10 iyo yakashandiswawo munavaRoma. 9:26; na2vaKorinde. 6:18).
Zvinokatyamadzawo kuti pamazwi maviri echiGiriki anoreva vana, rimwechete ndiro rinoshandiswa kureva Jesu, rokuti (*huinos*), iri rimwe rokuti (*tecknon, tekna*) richishandiswa kureva vatendi. vaKristu ndivo vana vaMwari, asi Havana kuenzana neMwanakomana waMwari, Jesu. ukama hwake ndehweziitakamwe, asi huri ihwo ringanidzo.
Izwi rokuti” kereke” (*ekklessia*) hariwanikwi muvhangeri yaMako, Ruka, kana Johani. Vanoshandisa dimikira /chibhende chokureva ruwadzano rweMweya pazima nezibatakwose.
- ▣ **“Ivavo vanotenda”** ichi, chirevanguva chinonongedza zvirikuitwa chichireva “avo vanoramba vachitenda.”Mabviro ekuumbwa nechirevo cheizwi iri anobatsira kuona chirevo charo mazuva ano. MuchiHebheru raireva munhu akamira zvakaterama. Rakazoshandiswawo sedimikira rokureva munhu akatendeseka, anovimbika, kana akavimbika. Rinofambiranawo naro rechiGiriki rinoshandurudzirwa muchirungu nemazwi okuti (“kutenda, “tenda, “ne” ruvimbo”). Kutenda noruvimbo rwebhaibheri hachisati chiri chinhu chatinoita, asi uyo watinoisa ruvimbo rwedu maari. Nyaya ndeyekuvimbika kwaMwari, kwete kwedu. Vatadzi vanovimba nokuvimbika kwaMwari, vanotenda kutendeka kwake, vachitenda mune mudikanwi wake. Nyaya haisi ypkuwanda kana kusimba kwokutenda kwavanhu, asi chinangwa chokutenda ikoko. Tarira nhaurwa dzinokosha pa. 1:7 na2:23.
- ▣ **“Kuzita rake”** Mutestamende yekare, zita romunhu raiva rakakosha zvikuru. Ndiro raiva chiporofita chetariro yemaitiro akekana tsanangudzo yemaitiro ake. Kutenda kuzita ndiko kutenda nokugamuchira munhu iyeye (cf. 2:23; 3:18; 20:31; 1Johani. 5:13). Tarira nhaurwa inokosha :Zita ralshe pa 14:13-14.



1:13

NASB, NKJV,

NRSV “Avovasina kuberekwa neropa, kana nokuda kwenyama, kana nokuda kwomurume”

TEV “Havana kuva vana vaMwari nokuda kwerudzi, kureva kuti, kuberekwa nokuva vana vababa venyama”

NJB “Vasina kuberekwa kubva kumnhu kana kuda kwenyama kana kwomurume”

Mamwe madzibaba ekereke yokutanga (kureva., Irenaeus, Origen, Tertullian, Ambrose, Jerome, Augustine) vanoona sokuti mutsara uyu unoreva Jesu (kureva., muchimiro choumwe), asi humboo hwakawanda huri muzvinyorwa zvechiGiriki hunechimiro chouwandu (chimiro chouwandu chezwi iri chinowanikwa pano chete mutestamende itsva; gwaro reUBS⁴rinopa chipimo chokutanga” A”), Zvichireva kuti ndima iyi irikureva vanotenda munaJesu (cf. 3:5; 1Petirosi. 1:3, 23), naizvozvo harirevi mutsa wakaitirwa rudzi kana zvizvarwa zvavanhu (“zveropa”), asi kusarudzo negwezvo raMwari kuna avo vanovimba neMwanakomana wake (cf. 6:44, 65). Ndima. 12 na13 dzinoratidza nengaidzo yechipikirwa pakati poutongo hwaMwari norudaviro rwavanhu.

Izwi rechiGiriki rechiito (rinonongedza kuitirwa) rinoiswa pokupedzisira pemutsara senzira yokuratidza kumikidzo. Kumikidzo iyi inoratidza basa rokuparura nokutonga raMwari mukuzvarwa kepiri (kureva., “asi yaMwari, “unova chipimvu chokupedzisira chomutsara, cf. 6:44, 65).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :1:14-18

¹⁴Izwi rakazova munhu, rikagara pakati pedu, tikaona kubwinya kwake, kubwinya sokwowakaberekwa mumwechete wababa, azere nenyasha nechokwadi.

¹⁵Johani akamupupurira, akadanidzira achiti, “Ndiye wandaireva, ndichiti, ’ Uyo, anouya shure kwangu, akavapo mberi kwangu; nokuti akanditangira.’ “

¹⁶Nokuti pakuzara kwake isu tose takapihwa nyasha pamusoro penyasha.

¹⁷Nokuti murayiro wakapiwa naMosesi, nyasha nechokwadi zvikauya naJesu Kristu.

¹⁸Hakuna munhu akatongoona Mwari; mwanakomana akaberekwa ari mumwe oga, ari pachipfuva chababa, ndiye akamuzivisa isu.

1:14 “Izwi rakazova munhu” Johani arikuparadza dzidziso yenhema yeavo vaisanganisa vhangeri nemafungiro avo, avo vaishingairira kusanganisa vhangeri nemaonero netsika dzechiGiriki. Zvokwadi Jesu aiva munhu uye Mwari (cf. 1Johani. 4:1-3) muzadziso yevimbiso yaImanueri/Mwari anesu (cf. Isaya. 7:14). Mwari akagara pakati pevataadzi (kwazvo kwazvo, “akamisa tende yake”). Izwi rokuti “nyama” munaJohani, harirevi chimiro chokuva nezvivi sezvarinoreva muzvinyorwa zvaPauro.

NHAURWA INOKOSHA: NYAMA (*sarx*)

Izvi zvinoreva uchenjeri hwevanhu kana maitiro epanyika (cf. 1vaKorinde. 1:20; 2:6, 8; 3:18). Pauro anoshandisa izwi rokuti” nyama” (kureva, *sarx*) nenzira dzakawanda muzvunyorwa zvake.

1. Muviri womunhu (cf. vaRoma. 2:28; 1vaKorinde. 5:5; 7:28)
2. Zvizvarwa zvevanhu (kureva., baba –mwanakomana, cf. vaRoma. 1:3; 4:1; 1vaKorinde. 10:18)
3. Vanhu vose zvavo (cf. 1vaKorinde. 1:26, 29)
4. Kushaya samba kwevanhu nokuda kwokutadza kwomunaGenesi. 3 (cf. vaRoma. 6:19; 7:18)

- ▣ **“Rikagara pakati pedu”** Kwazvo kwazvo, izvi zvimnoreva kuti “kugara chaiko.”Zvinemabviro echiJudha kubva munguva yemurenje neTabhanakeri (cf. Zvakazarurwa. 7:15; 21:3). VaJudha vakazodana nguva yemurenje iyi kuti “nguva yokutandara “pakati peIsiraeri naMwari “YHWH.”Mwari hapana paakazova pedo neIsiraeri kupfuura nguva iyi. Izwi rechiJudha rokureva gore dzvene raitungamira Isiraeri panguva iyi nderokuti” *shekinah*, “rinova izwi rechiHebheru rinoreva kuti “kugara na.”
- ▣ **“Tikaona kubwinya kwake”** Izwi remutestamende yekare rokuti *kabod* (kubwinya) rakazoiswa pamunhu, kuitwa zimukadzimu. Izvi zvinoreva (1) zvoupenyu kwavapostori, cf. 2Petirosi. 1:16-17) izvozvo kana (2) pfungwa yokuti Mwari asingaonekwi ava kuonekwa nokuzivikanwa zvakazara. Iyi ndiyo kumikidzo seiri munaJohani. 1:1-4, iyo inova kumikidzo yokuva munhu kwaJesu, zvichipikisana nedzidziso yevaisanganisa vhangeri nemafungiro avo yokuti pane hukama hwemakakatanwa pakati penyama nemweya.
- ▣ Mutestamende yekare, izwi rakajairika rechiHebheru rinoreva “kubwinya” (*kabod*, BDB 458) raiava izwi rezvekutengeserana (raireva chipimo), richireva kwazvo kwazvo kuti “kurema.”Izvo zvairema zvaiva nouremo kana kukosha zvikuru. Paiwedzerwawo chirevo chokupenya kuizwi iri senzira yokureva hukuru hwaMwari (kureva., kwokutanga pagomo reSinai, gore *rokubwinya*” *shekinah*” chiedza chemagumo. cf. Ekisodho. 19:16-18; 24:17; Isaya. 60:1-2). Iye oga ndiye anokosha uye anoremekedzwa. Anopenya zvikuru zvokuti vatadzi havanga mutariri (cf. Ekisodho. 33:17-23; Isaya. 6:5).”YHWH” Mwari anogona kuzivikanwa chaizvo izvo kuburikidza naKristu (cf. Johani. 1:14, 18; vakorose. 1:15; vaHebheru. 1:3).

NHAURWA INOKOSHA: RUBWINYO (*DOXA*)

Pfungwa yechirevo chezwi rokuti” kubwinya” mubhaibheri yakaoma kududzira. kubwinya kwevatendi kunoreva kunzwisisa kwavo vhangeri nokubwinya kwaMwari, kwete kwavo (cf. 1:29-31; Jeremiya. 9:23-24). Mutestamende yekare, izwi rechihebheru rakajairika rokureva kuti” kubwinya” (*kbd*, BDB 217) rinemabviro okuva izwi rokutengeserana raireva zvipimiso (“kurema”). Chose chairema chaiva nouremu. kazhinji paiwedzerwawo chirevo chokupenya senzira yokureva hukuru hwaMwari (cf. Ekisodho. 19:16-18; 24:17; Isaya. 60:1-2). Iye oga ndiye anekodzero yokuremekedzwa. Anobwinya zvikuru zvokuti vatadzi havanga mutariri nameso (cf. Ekisodho. 33:17-23; Isaya. 6:5).”YHYWH” Mwari anogona chete kuzivikanwa kuburikidza naKristu (Jeremiya. 1:14; Mateu. 17:2; vaHebheru. 1:3; Jakobho. 2:1) izwi rokuti

“kubwinya” rinezvirevo zvakawanda.

1. Rinogona kufambirana nerokuti” vakarurama vaMwari”
2. Rinogona kureva “utsvene” kana” kururama “kwaMwari
3. Rinogona kureva mufananidzo uyo wakasikwa nawo vanhu (cf. Genesi. 1:26-27; 5:1; 9:6), asi wakazokanganiswa nkupanduka (cf. Genesi. 3:1-22). Rinotanga kushandisa kureva kuvapo kwaMwari nevanhu vake panguva yemurenje munaEki-sodho. 16:7, 10; Revhitiko. 9:23; naNumeri. 14:10.



NASB, NKJV “Kubwinya Sokwowakaberekwa mumwechete wababa”

NRSV “kubwinya sokwomwanakomana mumwechete wababa”

TEV “Kubwinya kwaakagamuchira somwanakomana mumwechete wababa”

NJB “Kubwinya kwake, somwanakomana mumwechete wababa”

Izwi iri rokuti” mumwechete” (*monogenes*) rinoreva kuti” ziitakamwe, ““mumwechete oga” (cf. 3:16, 18; 1Johani. 4:9, tarira gwaro rava F. F. Bruce, rinonzi, mhinduro kumibvunzo” *Answers to Questions, pp. 24-25*”). Gwaro reVulgate rinorishandurudza richiti” mumwechete akaberekwa” zvakadaro shandurudzo yechirungu yekare yakatevedzera izvi (cf. Ruka. 7:12; 8:42; 9:38; vaHebheru. 11:17). Nyaya ndeyekuva mumwechete nokuva ziitakamwe, kwete zvokuva chizvarwa pranayama.

▣ **“Baba”** Testamende yekare ndiyo inotura dimikira roukama hwemandorokwati hwemhuri ichireva Mwari saBaba.

1. Rudzi rwaIsiraeri runogaro tsanangura ruchinzi “mwanakomana “waMwari” YHWH” (cf. Hosea. 11:1; Maraki. 3:17)
2. Chero kumashure munaDhuteronomi ringanidzo yokurevaMwari saBaba, inoshandiswa (1:31)
3. munaDhuteronomi. 32, Isiraeri inodanwa kuti” vana vake” uye iye Mwari achidanwa kuti “baba venyu”
4. Ringanidzo iyi inodonongodzwa munaMapisarema. 103:13 pamwe nokuvandudzwa munaMapisarema. 68:5 (baba venherera)
5. Rainyanya kuwanikwa mumaporofita (cf. Isaya. 1:2; 63:8; Isiraeri ichitsanangurwa semwanakomana, Mwari sababa, 63:16; 64:8Jermiya. 3:4, 19; 31:9)
 - A. Jesu anatora ringanidzo iyi oyi dzamisa kureva ruwadzano chairwo rwemhuri rwakazara, kunyanya munaJohani. 1:14, 18; 2:16; 3:35; 4:21, 23; 5:17, 18, 19, 20, 21, 22, 23, 26, 36, 37, 43, 45; 6:27, 32, 37, 44, 45, 46, 57; 8:16, 19, 27, 28, 38, 42, 49, 54; 10:15, 17, 18, 25, 29, 30, 32, 36, 37, 38; 11:41; 12:26, 27, 28, 49, 50; 13:1; 14:2, 6, 7, 8, 9, 10, 11, 12, 13, 16, 20, 21, 23, 24, 26, 28, 31; 15:1, 8, 9, 10, 15, 16, 23, 24, 26; 16:3, 10, 15, 17, 23, 25, 26, 27, 28, 32; 17:1, 5, 11, 21, 24, 25; 18:11; 20:17, 21!

▣ **“Azere nenyasha nechokwadi”** Kuisa mazwi pamwe uku kunofana nemazwi emutestamende yekare okuti *hessed* (rudo nokuvimbika kwechisungu) na *emeth* (kuvimbisika) ayo anoshandiswa nokutandaudzwa munaEki-sodho. 34:6; Nehemiya. 9:17; Mapisarema. 103:8, mazwi ose ari maviri aya anowanikwa pamwe munaZvirevo. 16:6. Izvi zvinotsanangura maitiro aJesu (cf. ndima. 17) mumazwi echisungu chetestamende yekare. Tarira nhaurwa inokosha pamusoro pechokwadi pa6:55 nepa. 17:3.

NHAURWA INOKSHA: RUDO RWEUNYORO (HESED)

Izwi iri rineruvanzarira rwezvirevo nokuumbwa kwemazwi rwakakura. Gwaro reBDB rinoritsanangura nenzira yokuti (338-339).

A. Richishandiswa riine sungano nevanhu

1. Unyoro kunavamwe (semuenzaniso., 1Samueri. 20:14; 2Makoronike. 24:22)
2. Unyoro kuvarombo navanoshaya (semuenzaniso., Mika. 6:8)
3. Ruchenamwoyo (cf. Jeremiya. 2:2; Hosea. 6:4)
4. Chitarisiko (cf. Isaya. 40:6)

B. Richishandiswa riine sungano naMwari

1. Kuvimbika nerudo rwechisungo
 - a. “murudzikinuro kubva kuvavengi nematambudziko” (semuenzaniso., Jeremiya. 31:3; Ezira. 7:28; 9:9)
 - b. “Mukutsungirirra upenyu kubva kurufu” (semuenzaniso., Jobho. 10:12; Mapisarema. 86:13)
 - c. “Mukuchimbizika kwoupenyu hweMweya” (semuenzaniso., Mapisarema. 119:41, 76, 88, 124, 149, 150)
 - d. “mukudzikinurwa kuzvivi” (cf. Mapisarema. 25:7; 51:1)
 - e. “mukuchengeta chisungo” (semuenzaniso., 2Makoronike. 6:14; Nehemiya. 1:5; 9:32)
2. Rinotsanangura maitiro outsvene (semuenzaniso., Ekisodho. 34:6; Mika. 7:20)
3. Unyoro hwaMwari
 - a. “zhinji” (semuenzaniso., Nehemiya. 9:17; Mapisarema. 103:8)
 - b. “huwandu hukuru” (semuenzaniso., Ekisodho. 20:6; Dhuteronomi. 5:10; 7:9)
 - c. “nokusingaperi” (semuenzaniso., 1Makoronike. 16:34, 41; 2Makoronike. 5:13; 7:3, 6; 20:21; Ezira. 3:11)
4. Zviitovounyoro (semuenzaniso., 2Makoronike. 6:42; Mapisarema. 89:2; Isaya. 55:3; 63:7; kuungudza kwaJeremiya. 3:22)

NHAURWA INOKOSHA: TENDA, VIMBA, RUTENDO, NOKUTENDESEKA MUTESTAMENDE YEKARE

I. Mutsara wezaruro

Zvinofanira kudonongodzwa kuti kushandiswa kwemafungiro ano pazvidzidzo zvouMwari, uko kunokosha zvikuru mutestamende itsva, hakuna kududzwa zvakajeka mutestamende yekare.

Kurimo, asi kunowanikwa mumivaravara nevanhu vakasarudzwa apo neapo.

Testamende yekare inosanganisa

1. Munhu pachake nemana raanogara
2. Mahwekwe pazima neruteerero rwechisungo

Kutenda ndekwe mahwekwe pamwe nemararamiro emisi yose!Tsanangudzo yepazima yetsanangudzo yemunhu pachake inoburitswa zvakazara muna

1. Abhuramu nechizvarwa/mbeu yake
2. Davhiti neIsiraeri

Varume ava vakasangana /kuita mahwekwe naMwari, upenyu hwavo hukashanduka zvachose (kwete upenyu hwokururama, asi hwekutenda kuneziendamberi). Kuedzwa kwakaburitsa kusava nesimba nokuva nesimba kwekutenda kwavo mumahwekwe avakaita naMwari, asi ukama

hwemandorokwati, hweruvimbo, hwakaenderera mberi muupenyu hwavo!Hwakaedzwa hukapepetwa, asi hukaenderera mberi sezvinoonekwa mumararamiro nokuzvipira kwavo.

II. Mabviro chaiwo akashandiswa

A. (BDB 52)

1. Izwi rechiito

- a. Dzitsi rezwi rokuti” *Qal*” —kutsigira, kugutisa (semuna., 2Madzimambo. 10:1, 5; Esiteri. 2:7, Mashandisirwo asina chokuita nezvezvidzidzo zvouMwari)
- b. Dzitsi rezwi rokuti” *Niphal*” —kuva nechokwadi kana kuva nesimbiso, kudzika, kusimbisa, kutenda kana kuvimbika
 - 1) Kwevarume, Isaya. 8:2; 53:1; Jeremiya. 40:14
 - 2) Kwezvinhu, Isaya. 22:23
 - 3) kwaMwari, Dhuteronomi. 7:9; Isaya. 49:7; Jeremiya. 42:5
- c. Dzitsi rezwi rokuti” *Hiphil*” —kumira zvakasimba, kutenda, kuvimba
 - 1) Abhurhamu akatenda kunaMwari, Genesi. 15:6
 - 2) vaIsiraeri muljipita vakatenda, Ekisodho. 4:31; 14:31 (zvinopikiswa munaDhuteronomi. 1:32)
 - 3) vaIsiraeri vaitenda kuti Mwari aitura kuburikidza naMosesi, Ekisodho. 19:9; Mapisarema. 106:12, 24
 - 4) Ahazi haana kutenda munaMwari, Isaya. 7:9
 - 5) Ani naani anotenda mazviri/maari, Isaya. 28:16
 - 6) Tenda zvokwadi pamusoro paMwari, Isaya. 43:10-12

2. Izwi rinesungano nezita (muchimiro chechirume) —kutendeseka (kureva., Dhuteronomi. 32:20; Isaya. 25:1; 26:2)

3. Izwi rinotsanangura chiito—zvokwadi, zvedi, ndinobvuma, ngazvive saizvozvo (cf. Dhuteronomi. 27:15-26; 1Madzimambo. 1:36; 1Makoronike. 16:36; Isaya. 65:16; Jeremiya. 11:5; 28:6). Aya ndiwo mashandisirwo ourongwa hwekunamata ezwi rokuti” ameni” mutestamende yekare pamwe neitsva.

B. (BDB 54) Izwi rinesungano nezita riri muchimiro chechikadzi, kusimba, kutendeseka, chokwadi

1. Kwevarume, Isaya. 10:20; 42:3; 48:1
2. kwaMwari, Ekisodho. 34:6; Mapisarema. 117:2; Isaya. 38:18, 19; 61:8
3. kwechokwadi, Dhuteronomi. 32:4; 1Madzimambo. 22:16; Mapisarema. 33:4; 98:3; 100:5; 119:30; Jeremiya. 9:5; Zekariya. 8:16

C. (BDB 53), Kusimba, kugadzana, kuterama

1. Kwemaoko, Ekisodho. 17:12
2. Kwenguva, Isaya. 33:6
3. Kwevanhu, Jeremiya. 5:3; 7:28; 9:2
4. kwaMwari, Mapisarema. 40:11; 88:11; 89:1, 2, 5, 8; 119:138

3. Mashandisirwo anoitwa mafungiro aya naPauro

A. Pauro anoti hwaro hwekunzwisisa kwake Mwari” YHWH” netestamende yekare huri mukusangana kwake naJesu munzira yokuenda kuDhamasiko (cf. Mabasa. 9:22; 26).

B. Akawana rutsigiro rwekunzwisisa kwake mumivaravara miviri yemutestamende yekare iyo inoshandisa mabviro okuti” *H. C*”.

1. Genesi. 15:6—kusangana naMwari kwaAburamu uko kwakaparurwa naiye Mwari pachake (Genesi. 12) uko kwakaunza upenyu hwokuteerera nokutenda (Genesi. 12-22). Pauro anorevawo izvi munavaRoma. 4 navaGaratiya. 3.
2. Isaya. 28:16—avo vanotenda mazviri (kureva., ibwe repamugwava raMwari iro rakaedzwa rikasimnbiswa) havazofa
 - a. vaRoma. 9:33, “vakanyadziswa” kana “kugumbuswa”
 - b. vaRoma. 10:11, setsanangudzo iri pamusoro
3. Habhakuki. 2:4—avo vanoziva Mwari wokutenda vanofanira kurarama upenyu hwokutenda (cf. Jeremiya. 7:28). Pauro anoshandisa chinyorwa ichi munavaRoma. 1:17 navaGaratiya. 3:11 (tarirawozve vaHebheru. 10:38).
4. Mashandisirwo anoitwa mafungiroi aya naPetirosi
 - A. Petirosi anobatanidza
 1. Isaya. 8:14—1Petirosi. 2:8 (chinopingaidza)
 2. Isaya. 28:16—1Petirosi. 2:6 (ibwe repamugwava)
 3. Mapisarema. 118:22—1Petirosi. 2:7 (ibwe rakaraswa)
 - B. Anoshandura mutauro wokutsanangura Isiraeri yoga, “rudzi rwakasarudzwa, roupirisita hwoushe, rudzi runoutsvene, vanhu vaMwari pachake” kubva
 1. Dhuteronomi. 10:15; Isaya. 43:21
 2. Isaya. 61:6; 66:21
 3. Ekisodho. 19:6; Dhuteronomi. 7:6

Achiri shandisa kureva kutenda kwekereke munaKristu

5. Mashandisirwo anoitwa mafungiro aya naJohani
 - A. Mashandisirwo awo mutestamende itsva

Izwi rokuti “akatenda “rinobva paizwi rechiGiriki rokuti (*pisteuō*). iro rinogona kushandurudzwa richireva kuti” tenda, ““kutenda, “kana” ruvimbo.”somuenzaniso, izwi rinesungano nezita hariwanikwi muvhangeri yaJohani, asi izwi rechiito ndiro rinonyanya kushandiswa. MunaJohani. 2:23-25 hamunyatsoonekwi kuzvipira chaiko kwegungano munaJesu weNazareta saMesiasi. Mimwe mienzaniso yokushandiswa kwezwi iri rokuti” tenda “zvebarapara, iri munaJohani. 8:31-59 pamwe naMabasa. 8:13. 18-24. kutenda kwemubhaibheri kwezvokwadi kunopfuura rudaviro rwepakutanga. kunofanira kuteverwa noudzidzi (cf. Mateu. 13:20-22, 31-32).

B. Kushandiswa kwaro riine zvirevamwene

1. Vara rokuti” *eis*” rinoreva kuti” mu.”uku nkuvakwa kwemazwi kunokumikidza kuisa kwevatendi kutenda /ruvimbo rwavo munaJesu
 - a. Muzita rake (Johani. 1:12; 2:23; 3:18; 1Johani. 5:13)
 - b. Maari (Johani. 2:11; 3:15, 18; 4:39; 6:40; 7:5, 31, 39, 48; 8:30; 9:36; 10:P42; 11:45, 48; 12:37, 42; Mateu. 18:6; Mabasa. 10:43; vaFiripi. 1:29; 1Petirosi. 1:8)
 - c. Mandiri (Johani. 6:35; 7:38; 11:25, 26; 12:44, 46; 14:1, 12; 16:9; 17:20)
 - d. muMwanakomana (Johani. 3:36; 9:35; 1Johani. 5:10)
 - e. munaJesu (Johani. 12:11; Mabasa. 19:4; vaGaratiya. 2:16)
 - f. Muchiedza (Johani. 12:36)
 - g. MunaMwari (Johani. 14:1)
2. Vara rokuti” *en*” rinoreva kuti” kwaari” semunaJohani. 3:15; Mako. 1:15; Manasa. 5:14
3. Vara rokuti” *epi*” rinoreva kuti” pa/pamu, “semunaMateu. 27:42; Mabasa. 9:42; 11:17; 16:31; 22:19; vaRoma. 4:5, 24; 9:33; 10:11; 1Timoti. 1:16;

1Petirosi. 2:6

4. Chirevo chezvinodokwairirwa pazima asi chisina chirevamwene semunavaGaratiya. 3:6; Mabasa. 18:8; 27:25; 1Johani. 3:23; 5:10
5. Vara rokuti” *hoti*, “iro rinoreva kuti” tenda kuti, “rinonngedza zvinofanira kutendwa
 - a. Jesu ndiye mutsvene waMwari (Johani. 6:69)
 - b. Jesu ndiye ndiri iye (Johani. 8:24)
 - c. Jesu ari munaBaba uye Baba vari maari (Johani. 10:38)
 - d. Jesu ndiye Mesiasi (Johani. 11:27; 20:31)
 - e. Jesu ndiye Mwanakomana waMwari (Johani. 11:27; 20:31)
 - f. Jesu akatumwa naBaba (Johani. 11:42; 17:8, 21)
 - g. Jesu ndiye mumwe naBaba (Johani. 14:10-11)
 - h. Jesu akabva kunaBaba (Johani. 16:27, 30)
 - i. Jesu akazvidudza muzita raBaba rechisungo, “ndini iye” (Johani. 8:24; 13:19)
 - j. Tichagara naye (vaRoma. 6:8)
 - k. Jesu akafa akamuka zvakare (1vaTesaronika. 4:14)

6. Mapeto

Kutenda kwemubhaibheri ndirwo rudaviro rwevanhu kuvimbiso /shoko routsvene. Mwari anogaro parura (kureva., Johani. 6:44, 65), asi chimwe chikamu chezwi dzvene iri ndechekudiwa kworudaviro rwevanhu.

A. Ruvimbo

B. Kuteerera kwechipikirwa

Kutenda kwebhaibheri ndiko

1. Ukama pazima (kutenda kwokutanga)
2. Rutsigiro kuzvokwadi yebhaibheri (kutenda muratidzo yaMwari)
3. Rudaviro rwekuteerera chaiko kuzvokwadi iyi (kutenda misi yose)

Kutenda kwebhaibheri hakusiri mvumo yokuenda kudenga kana simbiso. Hukama pazima. Ichi ndicho chinangwa chokusika pamwe nokuitwa kwavanhu nomufananidzo waMwari (cf. Genesi. 1:26-27). Nyaya ndeye “ukama hwemandiriri.”Mwari anoda ruwadzano, kwete mamwe maonero ezvouMwari!Asi ruwadzano naMwari mutsvene anodawo kuti vana varatidze maitiro e” mhuri” (kureva., utsvene, cf. Revhitiko. 19:2; Mateu. 5:48; 1Petirosi. 1:15-16). kutadza (cf. Genesi. 3) kwakanganisa kugona kudavira kwedu chaiko. Naizvozvo, Mwari akatiitira (cf. Ezekieri. 36:27-38), achitipa “mwoyo mutsva” pamwe ne” mweya mutsva, “uyo wakatigonesa kuburikidza nokutenda pamwe nokutendeuka kuti tiwadzane naye pamwe nokumuteerera!

Zvose zviri zvitatu zvinokosha. zvose zviri zvitatu zvinofanira kuchengetwa. Vavariro ndeyekuziva Mwari (zvose mumaonero echiGiriki nechiHebheru) uye nokuratidza maitiro ake muupenyu hwedu. Chinangwa chokutenda hachisi chokuenda kudenga rimwe zuva, asi kuva saKristu misi yose!

Kutendeseka kwevanhu ndicho chibereko (testamende itsva), kwete hwaro (testamende yekare) hweukama naMwari:kutenda kwevanhu mukutendeseka kwake; kuvimbika kwevanhu mukuvimbisika kwake. Donzvo remaonero etestamende itsva paruponeso nderekuti vanhu vanofanira kudavira kumharuro yenyasha netsitsi dzaMwari pakutanga uye nokuenda mberi, iro rakaratidzwa munaKristu. Akada, akatuma, akapa; tinofanira kudavira mukutenda pamwe nokutendeseka (cf. vaEfeso. 2:8-9 na 10) !Mwari wokutenda anoda vanhu vanotenda kuti azviratidze kunyika isisngatendi nokuvaunza mukutenda maari pazima.

1:15 “Nokuti akanditangira” Iri ndiro gwara redzidzisoro Johani mubhabhatidzi rokutsigira zvakasimba kuvapo kare kwa Jesu (cf. 1:1; 8:56-59; 16:28; 17:5; 2vaKorinde. 8:9; vaFiriipi. 2:6-7; vaKorose. 1:17; vaHebheru. 1:3; 10:5-8). Dzidziso dzekuvapo kare nezviporofita zvokureva mberi zvinoburitsa pachena kuti kuna Mwari ari pamusoro uye anodarikira nhoroondo, asi achishanda mukati menhoroondo. Ndizvo chikamu chemutumbi wemaonero emubhaibheri echiKristu.

▣ Ndima iyi hainyatsonzwisisika uye pakava neshanduko zhinji dzakaitwa nevanyori vachiedza kuijekesa. Tarira gwara rava Bruce M. Metzger, rinonzi; Tsoropodzo yechinyorwa chetestamende itsva yechiGiriki” *A Textual Commentary on the Greek New Testament*, pp. 197-198.”

Muenzanisowo wakanaka wokuti mazwi echirevo echiGiriki haagone kuiswa muchimiro chechirevo chimwechete. Ichi, chiitiko chakaitika kare chakanyorwa muchirevo chechirevanguva chezvirikuitika. Tarira zvinyorwa zvokumagumo zvokutanga” *Appendix One.*”

1:16-18 Chimwe chezvimiromo zvevhangeri ya Johani ndechenzira iyo munyori anopinda nayo muzviitiko zvenhoroondo, nhaurirano kana dzidziso achishandisa mazwi ake. Kazhinji zvakaoma kusiyana pakati penhaurwa pazvima dza Jesu nemashoko a Johani. Vadzidzi vazhinji vanoti, ndima. 16-19, mashoko omunyori, iye Johani (cf. 3:14-21).

1:16 “Pakuzara” Iri izwi rechiGiriki rokuti “*pleroma*” Vadzidzisi venhema, avo vaisanganisa vhangeri nema fungiro avo vairi shandisa kureva musiyano pakati pa Mwari mukuru nemweya midiki. Jesu chete ndiye murevereri (kureva., mumwechete wezvokwadi akazara) pakati pa Mwari nomunhu (cf. vaKorose. 1:19; 2:9; vaEfeso. 1:23; 4:13). Pano panoratidzawo sokuti Johani mupositori arikupikisa dzidziso yeavo vaisanganisa vhangeri nema fungiro avo.

▣

NASB, NRSV “Nyasha pamusoro penyasha”

NKJV “Nenyasha kunyasha”

TEV “Achitipa makomborero nemakomborero”

NJB “Zvipo zvichiturikana”

Mubvunzo mukuru weupirikiri ndowekuti ko “nyasha “dzinganzwisiswa sei. Dzingava

1. Tsitsi dza Mwari muna Jesu muruponeso
2. Tsitsi dza Mwari muupenyu hwechi Kristu
3. Tsitsi dza Mwari muchisungo chitsva kuburikidza na Jesu?

Nyaya huru ndeye” nyasha “; Nyasha dza Mwari dzakapiwa mukuva zimukadzimu kwa Jesu. Jesu ndiye kuti” hongu” kwa Mwari kuvatadzi (cf. 2vaKorinde. 1:20).

1:17 “Murayiro” Murayiro wa Mosesi wakanga usina kuipa, asi wakanga uri mavambo uye usina kukuwana maringe nokupa ruponeso rwakazara (cf. 5:39-47; 3:23-29; vaRoma. 4). Gwara rava Hebheru rinoringanidza nokuenzanisa basa /ratidzo/zvisungo zva Mosesi na Jesu.

NHAURWA INOKOSHA :MAONERO AITWA MURAYIRO WAMOSESI NAPAURO

Wakanaka uye wakabva kuna Mwari (cf. vaRoma. 7:12, 16).

- A. Hausiri iwo nzira yokururama nokugamuchirwa na Mwari (unogona kuva chituko, cf. vaGaratiya. 3).
- B. Uchiri kuda kwa Mwari kuvatendi nokuti ndiko kuzviratidza kwa Mwari pazvima (Pauro anowanzatora mazwi emutestamende yekare senzira yokukurudzira kana kuita kuti vatendi vazvipire).
- C. Vatendi vanowana ruzivo kubva kutestamende yekare (cf. vaRoma. 4:23-24; 15:4; 1vaKorinde. 10:6, 11), asi havaponeswe netestamende yekare (cf. Mabasa. 15; vaRoma. 4; vaGaratiya. 3; vaHebheru.)
- D. Unoshanda muchisungo chitsva ku:
 1. Kuratidza kuva nezvivi (cf. vaGaratiya. 3:15-29)
 2. Kutungamira vanhu vakadzikinurwa pakugarisana
 3. Kutungamira maitiro evaKristu pane zvavanoita

Ndiwo mukwanan'wana wezvidzidzo zvou Mwari wokubva mukutukwa kupinda mumakomborero zvachose unounza dambudziko pakuedza kunzwisisa maonero aPauro pamurayiro waMosesi. Mugwaro ravaJames Stewart rinonzi munhu munaKristu” *A Man in Christ*, “rinoburitsa gangaidzo rokunyora nokufunga kwaPauro:

“Unotarisira kuti munhu akanga achiumba gwara remafungiro nedzidziso kuti agadzirise kwazvo kwazvo zvirevo zvemazwi aishandisa. Unotarisira kuti aumbe mitsara nepfungwa dzake zve mandorokwati. Ungada kuti izwi roga roga raanenge ahandisa neimwe nzira, rinofanira kuva nechirevo ichocho kusvika kumagumo echinyorwa. Asi kutarisira izvi kuna Pauro kuzvishungurudza. Mitsara yake mizhinji ine ziwerera uye haina kumira pachirevo chimwechete...’murayiro mutsvene’vanodaro, ’ndinofarira murayiro wa Mwari kumunhu womukati’9cf. vaRoma. 7:12, 22) asi zviripachena kuti ichi ndicho chimwe chirevo cheizwi rokuti “*nomos*” chinoita kuti panemimwe mitsara yake, ati’Kristu akanga ati dzikinura kubva mukutukwa nomurayiro (cf. vaGaratiya. 3:13) “(p. 26).

- ▣ **“Nyasha”** Izvi zvinoreva rudo rwa Mwari kuvatadzi, rusina makodzero (cf. vaEfeso. 2:8). Izwi iri rokuti nyasha (*charis*), iro rinokosha zvikuru muzvinyorwa zvaPauro, rinoshandiswa muganhuro ino chete muvhangeri ya Johani 9cf. 1:14, 16, 17). Vanyori vetestamende itsva, vari mutuso, vaive vakasununguka kushandisa mazwi, ringanidzo, nemadimikira avo. Jesu akaunza “chisungo chitsva” chaJeremiya. 31:31-34; Ezekieri. 36:22-38.
- ▣ **“chokwadi”** Izvi zvinoshandiswa nenzira yokureva (1) kutendeseka kana (2) chokwadi maringe nenhema (cf. 1:14; 8:32; 14:6). Tarira uone kuti zvose nyasha nechokwadi zvakauya kuburikidza na Jesu (cf. ndima 14). Tarira nhsaurwa inokosha pa. 17:3.
- ▣ **“Jesu”** Uku ndiko kushandiswa kwekutanga kwezita romunhu rokureva mwanakomana waMaria mumutsara wezaruro. Zvino iye mwanakomana uyo akagara aripo azova mwanakomana wezimukadzimu!

1:18 “Hakuna munhu akatongoona Mwari” Vamwe vanoti izvi zvinopikisana naEkisodho. 33:20-23. Zvisineyi, izwi rechiHebheru riri munaEkisodho rinoreva “kuzobwinya pava paya, “kwete kuona Mwari chaiye pachake. Nyaya chaiyo yemuvaravara uno ndeyekuti Jesu chete

ndiye anoratidza Mwari zvizere (cf. 14:8ff). Hakuna mutadzi akatongoona Mwari (cf. 6:46; 1Timoti. 6:16; 1Johani. 4:12, 200).

Ndima iyi inotsindikidza kuzviratidza kwakasanangurwa kwaMwari munaJesu weNazareta. Ndiye chete kuzviratidza kuzere kunoutsvene. Kuziva Jesu ndiko kuziva Mwari. Jesu ndiye kuzviratidza chaiko kwaBaba. Hapana nzwisiso yakajeka youMwari kunze kwake (cf. vaKorose. 1:15-19; vaHebheru. 1:2-3). Jesu” anoona” Baba uye vatendi “vanoona” Baba kuburikidza naye (upenyu, mashoko, nemabasa ake). Ndiye kuzviratidza kuzere uye kwakaperera kwaMwari asingaonekwi (cf. vaKorose. 1:15; vaHebheru. 1:3).



NASB “Mwari mumwe oga”

NKJV “Mwanakomana akaberekwa ari mumwe oga”

NRSV “Ndiye mwanakomana mumwe oga waMwari”

TEV “Mwanakomana mumwe oga”

NJB “Ndiye mwanakomana mumwe oga”

Tarira chinyorwa pamusoro peizwi rokuti” *monogenes*” pa 1:14. Jesu ndiMwari nomunhu akazara. Tarira zvinyorwa pa 1:1.

Pane zvirevo zvakasiyana siyana zvechiGiriki pano. Izwi rokuti” *Theos*/Mwari ndiro riri muzvinyorwa zvokutanga zvechiGiriki P⁴⁶, P⁷⁵, B, naC. ukuwo rokuti “mwanakomana “rinotsivanisirwa rokuti” Mwari” mugwaro reMSS A na C³. Gwaro reUBS⁴ rinopa izwi rokuti” Mwari” chipimo chepiri” B” (kureva pedo nechokwadi). Izwi rokuti” mwanakomana “ringona kunge rakabva kuvanzveri vemagwaro vachirangarira mutsara wokuti“mwanakomana akaberekwa oga” munaJohani. 3:16, 18 na1Johani. 4:9 (cf. kubva mugwaro rava Bruce M. Metzger rinonzi tsoropodzo yetestamende itsva yechiGiriki” *A Textual Commentary on the Greek New Testament, p. 198*). Iyi itsigiro yakasimba yokuzara nokuperera kweuMwari hwaJesu!zvinogoneka kuti ndima iyi inemazita matatu okureva Jesu (1) akaberekwa oga (2) Mwari, na (3) ari pachipfuva chaBaba. Pane nhaurwa inofadza iri pamusoro pokuti panogona kuva nokushandurwa kwakaitwa zvinyorwa nevanzveri vemagwaro, iri mugwaro rava Bart D. Ehrmans rinonzi, kushapaidzwa kweshoko nevekereke yekare” *The Orthodox Corruption of Scripture, p. 78-82.*”



“Ari pachipfuva chaBaba” Uyu mutsara unofana zvikuru pachirevo nowekuti “kunaMwari” mundima. 1 na2. unotaura nezveruwadzano rwemandorokwati. unogona kureva (1) ruwadzano rwakavapo kare kana (2) ruwadzano rwake rwakadzoreredzwa (kureva., kukwira kudenga).



NASB “Akamuzivisa isu”

NKJV “Akamudzika kwatiri”

NRSV, NJB “Akamuzivisa”

TEV “Akamuzivisa”

Tinowana izwi rechirungu rokuti” *exegesis*” (iro rinoreva kuti “kutungamira, “ririmuchirevo chokuita pamwe nokuitirwa, kubva paizwi iri rechiGiriki rakashandiswa muna 1:18 iro rinoreva ratidzo yakakwana uye yakazara. Rimwe basa guru raJesu raiva rokuratidza baba (cf. Johani.

14:7-10; vaHebheru. 1:2-3). Kuona nokuziva Jesu ndiko kuona nokuziva baba (kupa rudo kuvatadzi, kubatsira vasina simba, kugamuchira vakaraswa, kugamuchira madzimai nevana) !

MuchiGiriki, izwi iri raishandiswa kureva avo vaipirikira shoko, zviroti, kana magwaro. Nepanowo Johani anogona kunge achishandisa raiva nechirevo kuvaHedheni pamwe nekuvaJudha (serokuti *logos (shoko)* iro riri mundima 1). Pamutsara wake wezaruro, Johani arikuedza kuvaka ukama nevaJudha pamwe nevaHedheni. Izwi irir rinogona kureva

1. kuvaJudha, uyo anotsanangudza kana kupirikira murayiro
2. kuvaHedheni, uyo anotsanangudza kana kupirikira vamwari

Vanhu vanoona nokunzwisisa Baba muna Jesu uye Jesu oga!

MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Dudzira izwi rokuti "*logos*" /*shoko* mumashandisirwo aro munezvezvitendero, munyika, pamwe nemubhaibheri
2. Sei gwara redzidziso yokuvapo kare kwaJesu ichikosha?
3. Ko vanhu vanobatawo chikamu chipi muruponeso?ko munhu anogamuchira Jesu nenzira ipi?
4. Ko zvaiva zvakakosherei kuti shoko rive nyama?
5. Sei muvaravara uno wakaoma kudonongodza?
6. Denengudza nzira dzakasiyana siyana dzezvokwadi yezvidzidzo zvouMwari yokutsanangura Jesu (dzingava sere).
7. Sei ndima 18, iri ndima inokosha?

RUONO RWEZVIRI MUGWARO RWENDIMA 19-51

- A. Muvaravara uno uyo unotaura nezvaJohani mubhabhatidzi, unobata nyaya mbiri dzaisanzwisiswa mukereke yekare:
 1. Izvo zvaiva pamusoro pomunhu ainzi Johani mubhabhatidzi, izvo zvinorambwa mundima 6-9, 20, 21, 25; pamwe na 3:22-36;
 2. Izvo zvaiva nechokuita nemunhu ainzi Kristu, uye zvinotaurwa nezvazvo mundima32-34. Nhema dzimwechedzo dzeavo vaisanganisa vhangeri nemafumgiro avo dzinorambwawo muna1Johani. 1. 1Johani inogona kunge yaive tsamba yenhangeru vanze yevhangeri yaJohani.
- B. Vhangeri yaJohani haitaure nezve kubhabhatidzwa kwaJesu naJohani mubhabhatidzi. Mitemo yekereke, inoti kudya chidyo nekubhabhatidzwa, hazviwanikwe

muchinyorwa chaJohani icho chiri pamusoro poupenyu hwaKristu. Kusawanikwa uku kunogona kunge kwakavapo nokuda kwezvinhu zviviri:

1. Kukura kwezvekudya chidyo mukereke yekare kunogona kuva kwakaita kuti Johani arege kubata nyaya iyi yechiKristu. Vhangeri yake inobata zvikuru nyaya youkama, kwete kupira. Haatauri kana kunyora nezvezvidyo zviviri zverubhabhatidzo pamwe nechirariro chalshe. kushaikwa kwezvinhu zvinotarisirwa uku kunounza rukwamira kunyaya iyi.
2. Johani achinyora pava paya vamwe vanyori vatonyora kare, akashandisa chinyorwa chake icho chiri pamusoro poupenyu hwaKristu, kutsivira zvakanga zvisina kunyorwa nevamwe vanyori. sezvo dzimwe vhangeri dzichibata nyaya iyi yemitemo yekereke, Johani akangowedzerawo humwehumboo hwakanga hwasara pamusoro pezvakaaitika. Muenzaniso ndewe nhaurirano nezvakaaitika muimba yepamusoro (zvikamu 13-17) asi kwete chirariro chacho chaicho.

C. Kumikidzo huru yechinyorwa chino ndeyekupupura kwakaitwa naJohani mubhabhatidzi pamusoro paJesu. Johani anoburitsa mitsara yezveuKristu inotevera:

1. Jesu ndiye gwayana raMwari, (ndima. 29) zita raJesu iro rinoshandiswa pano chete nemuna Zvakazarurwa
2. Jesu akagara aripo (ndima. 30)
3. Jesu ndiye mugamuchiri nemupi weMweya mutsvene (ndima. 33)
4. Jesu ndiye Mwanakomana waMwari (ndima. 34)

D. Zvokwadi yokuva munhu nebasa raJesu inovandudzwa nokupupura pazvima kwa

1. Johani mubhabhatidzi
2. Andireya naSaimoni
3. Firipi naNataneri

Iri rinova bhindauko rokunyora rinoshandiswa muvhangeri rose. Vhangeri rose rine nhaurirano nemhupuro idzo dziri pamusoro paJesu kana dzinoitwa naJesu dzinokwana makumi maviri ane nomwe.

DZIDZO YEMITSARA NEMAZWI

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :1:19-23

¹⁹Uku ndiko kupupura kwaJohani, musi vaJudha vakatumira kwaari vapristi navaRevhi, vachibva Jerusarema, kundomubvunza kuti, “Iwe ndiwe aniko?”

²⁰Akatenda pachena, haana kuramba, akatenda pachena achiti, “Handisi Kristu.”

²¹Vakamubvunza vachiti, “Asi kudiniko? Ndiwe Eriya here?” Akati, “Handisi iye.” “Ko uri uya muporofita here?” Akapindura, akati, “kwete.”²²Zvino vakati kwaari, “Ndiwe aniko? Tigondopindura vakatituma. Unozviti aniko?”²³Akati, “Ndini izwi raanodana murenje, richiti, ’ruramisayi nzira yaIshe; sezvakarehwa nomuporofita Isaya.”

1:19 “vaJudha” MunaJohani, izvi zvinoreva (1) vanhu vekuJudhea avo vaipikisa Jesu kana (2) vatungamiri vechitendero chechiJudha (cf. 2:18; 5:10; 7:13; 9:22; 12:42; 18:12; 19:38; 20:19). Vamwe vadzidzi vanoti muJudha chaiye haangatauri pamusoro pevamwe vaJudha nenzira yokudzikisira yakadayi. Zvisineyi kupikiswa kwechiKristu kwakasimbarara mushure mokugarwa kwedare reJamnia mugore raA. D 90.

Izwi rokuti” muJudha “rinobva kwazvo kwazvo pachirevo chokureva munhu wedzinza raJudha. Mushure mokuparadzana kwemadzinza gumi nerimwe aya mugore ra922 B. C., Izwi rokuti Judha rakava remadzinza matatu ekumaodzanyemba. Hwose hushe hwevaJudha, Isiraeri naJudha, hwakaparadza vakaiswa muudzingwa, asi vashoma vavo, vazhinji vacho vari vedzinza raJudha, ndivo vakazodzoka panguva youtongi hwaCyrus mugore ra538 B. C. Izwi iri rakazoreva zvizvarwa zvaJakobho zvaigara munyika yeParastina uye vaive vakapararira mumatunhu anotevera gungwa reMedhitereniya.

Muvhangeri yaJohani, izwi iri rinechirevo chezvisakarurama, asi mushandisirwo warinonyanya kuitwa unowanikwa muna. 2:6 na4:22.

▣ **“vaPristi nevaRevhi”** Zvinoratidza pachena kuti Johani mubhabhatidzi aiva chizvarwa chouPristi (cf. Ruka. 1:5ff). Apa ndipo chete panowanikwa izwi rokuti “vaRevhi” muvhangeri yaJohani. Vanogona kuva vaiva mapurisa epaTembere. Ichi chaiva chikwata “chevatsvaki vounboo” change chatumwa nevakuru vezvezvitendero kubva Jerusarema (cf. ndima. 24). Kazhinji vaPristi nevaRevhi vaiva vaSadhusi, ukuwo vanzveri vemagwaro vaiva vaFarisi (cf. ndima. 24) ZVose zvikwata izvi zvaiva mubishi rokubvunzurudza Johani mubhabhatidzi. Vapikisi vezvematomongerwo enyika nevezvitendero vakabatana mukupikisa Jesu nevateveri vake.

▣ **“Iwe ndiwe aniko”** Jesu anobvunzwa mubvunzo mumwechetewo muna8:25. Johani naJesu vakadzidza nokuita zvinhu zvakashayisa vatungamiri rugare, nokuti muvarume vaviri ava, vaiona mazwi nematingindira edzidziso yekuguma yemutestamende yekare. Zvino, uyu mubvunzo unoratidza tariro yevaJudha yenguva yokuguma, nevanhu venguva itsva.

“1:20” Akatenda pachena, haana kuramba, akatenda pachenda” Uyu mutsara wakasimba, ndewokuramba zvakapetwa rutatu kuti ndiye ainge akatarisirwa, Mesiasi akavimbiswa (Kristu). Pamusoro pezwi rokuti” akatenda” tarira nhaurwa inokosha pa 9:22-23.

“Iye Kristu” “Kristu “ishandurudzo yechiGiriki rechiHebheru rokuti *“mašġah*, “iro raireva kuti “uyo akazodzwa.”Mutestamende yekare mutauriro wokuti kuzodza waireva kumikidzo yokudana nokusimbisa kwakasanangurwa kwaMwari, kuchiitirwa basa rinokosha. Madzimambo, vaPristi ne vaporofita vaive vakazodzwa. Rakazorevawo munhu anokosha aizounza kururama kwenguva itsva. Vazhinji vaifunga kuti Johani mubhabhatidzi ndiye aiva Mesiasi akavibiswa uyu (cf. Ruka. 3:15) nokuti ndiye akava mutauriri waMwari akatuswa wokutanga kubva munguva yevanyori vetestamende yekare yemakore mazana mana. Parizvino ndinodawo kuisa mazwi angu anobva kuna Dhanieri. 9:26 pamusoro pa” Mesiasi.”

Dhanieri. 9:26

NASB “Iye Mesiasi”

NKJV “Mesiasi”

NRSV “Iye muzodzwa”

TEV “Mutungamiri akasarudzwa naMwari”

NJB “Akazodzwa”

Zvinoita kuti kupirikira ndima iyi kuome inyaya yezvimwe zvirevo izvo zvinechekuita nezwi rokuti Mesiasi kana kuti akazodzwa (BDB 603) :

1. Raishandiswa kureva madzimambo echiJudha (semuna., 1Samueri. 2:10; 12:3)
2. Raishandiswa kureva vaPristi vechiJudha (semuna., Revhitiko. 4:3, 5)
3. Raishandiswa kureva Cyrus (cf. Isaya. 45:1)
4. Tsanangudzo yokutanga neyepiri dzinobatanidzwa munaMapisarema. 110 naZekariya. 4
5. Raishandiswa kureva kuuya kwakanangurwa kwaMwari samambo Dhavhiti, achiunza kururama kwenguva itsva
 - a. Dzinza raJudha (cf. Genesi. 49:10)
 - b. Imba yaJese (cf. 2Samueri. 7)
 - c. Kutonga pasi rose (cf. Mapisarema. 2; Isaya. 9:6; 11:1-5; Mika. 5:1-4ff)

Ini ndinokwezverwa mukududzwa kwaJesu weNazareta sa” iye muzodzwa” nokuda kwe:

1. Kuturwa kweushe husingaperi muchikamu chepiri munguva yeutongo hwemakore mazana mana okutanga
2. Kuturwa kwe” mwanakomana womunhu” muna. 7:13 achipiwa ushe husingaperi
3. Mavara orudzikinuro emuna. 9:24 ayo anonongedza kusvika pamahengatenga kwenhorondo yevatadzi
4. Kushandiswa kwakaitwa bhuku raDhanieri naJesu mutestamende itsva (cf. Mateu. 24:15; Mako. 13:14)

1:21 “Asi kudiniko, ndiwe Eriya here” Nokuti Eriya akanga asina kufa, asi akatorwa nechinyamupupuri akaenda kudenga (cf. 2Madzimambo. 2:1), aitarisirwa kuuya Mesiasi asati auya (cf. Maraki. 3:1; 4:5). Johani mbhabhatidzi aitaridzika nokuita saEriya (cf. Zekariya. 13:4).

▣ **“Handisi iye’** “Johani mubhabhatidzi aisazviona achiita basa remagumo raEriya, asi Jesu ndiye aimuona sezadziso yechiporofita chaMaraki (cf. Mateu. 11:14; 17:12).

▣ **“ko uri uya muporofita here’** “Mosesi akafembera kuti mumwe akaita saiye (uyo waayi dana kuti “muporofita”) achauya shure kwake (cf. Dhuteronomi. 18:15, 18; Johani. 1:25; 6:14; 7:40; Mabasa. 3:22-23; 7:37). Pane nzira mbiri dzakasiyana idzo izwi iri raishandiswa nadzo mutestamende itsva (1) semunhu wenguva yemagumo asiri Mesiasi (cf. 7:40-41) kana (2) semunhu anechekuita naMesiasi (cf. Mabasa. 3:22).

1:23 ‘Ndini izwi raanodana murenje’ Aya mazwi akatorwa mubhaibheri rechiGiriki rekare achibva munaIsaya. 40:3 achitsigirana neemuna Maraki. 3:1.

▣ **“Raramisai nzira yaIshe’** “Izvi zvakatorwa (munaIsaya. 40:3) chidzidzo chechinyorwa chaIsaya (zvikanu 40-54) umo munowanikwa nziyo dzomuranda (cf. 42:1-9; 49:1-7; 50:4-11; 52:13-53:12). Pakutanga aya mazwi aireva Isiraeri, asi muna52:13-53:12, mutsara wakaiswa muchimiro chokureva munhu mumwechete. Pfungwa yokuti kuswatura nzira yaishandiswa kureva gadziriro yokuuya kweveushe. Izwi rokuti “kuswatura” rinehochekeche pamabviro nezvirevo nezwi rokuti” kururama.”Tarira nhaurwa inokosha paJohani. 2:29.

Ganhuro yose iyi inogona kuva nzira yaJohani mupositori yokumhura Johani mubhabhatidzi pazvidzidzo zvouMwari, nokuda kwokumuka kwezvikuwata zvenhema izvo zvaitora Johani mubhabhatidzi semutungamiri wazvo paMweya.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :1:24-28

²⁴Ava vakanga vatumwa vaiva vavaFarisi. ²⁵Vakamubvunza, vakati kwaari, “kana usiri Kristu, kana Eriya, kana muporofita uya, unogobhabhatidzireiko?”

²⁶Johani akapindura akati, “Ini ndinobhabhatidza nemvura; asi pakati penyu pamire mumwe wamusingazivi; ²⁷ndiye anouya shure kwangu, wandisina kufanira kuti ndisunungure rukanda rweshangu yake.”²⁸Izvozvi zvakaitwa paBhetania, mhiri kwaJorodhani, kwaibhabhatidza Johani.

1:24 “vakanga vatumwa vaiva vavaFarisi” Chinyorwa ichi chinoreva zvakawanda. Chinogona kureva kuti (1) vaFarisi ndivo vakatuma avo vaibvunza Johani (ndima. 19) kana (2) ivo vabvunzi vacho vaiva vaFarisi, izvo zvisinga goni kuva nechokwadi nokuti vaPristi vazhinji vaiva vaSadhusi (cf. ndima. 9). Zvinoita sokuti zvinoreva chimwewo chikwata chisiri chinorehwa mundima. 19.

NHAURWA INOKOSHA: VAFARISI

- I. Pamabviro aro izwi iri raigona kuva nechirevo chezvirevo zvinotevera:
 - A. “kutaramuka.”ichi chikwata chakavapo panguva yeMaaabean. (aya ndiwo maonero anotambirwa noruzhinji).
 - B. “kukamuranisa.”ichi ndicho chimwe chirevo chemabviro eizwi rimwechetero rechiHebheru. Vamwe vanoti raireva mupirikiri (cf. 2Timoti. 2:15).
 - C. “YekuPesia.”ichi ndicho chimwe chirevo chemabviro eizwi rimwechetero rerurimi rwechiAramaic. Dzimwe dzidziso dzevaFarisi dzinofanana zvikuru nedzeunyambiri dze avo vechitendero chekuPesia cheZoroastrianism.
- II. Izvi zvirevo zvakavandudzwa zvikuru munguva yeMaacabean kubva kuna avo vaizvidana seicho chebande revaJudha raiwanikwa muParastina zvakabva mukushingaira pakupikisana (Anti-Hellenistic) naAndiyokasi wechina (Antiochus 4 Epiphanes) wevaGiriki. VaFarisi vanotanga kutaurwa nezvavo mugwaro raJosephus rinonzi, nhoroono yakare yevaJudha” *Antiquities of the Jews* 8. 5. 1-3.”
- III. Dzidziso dzavo huru.
 - A. Kutenda munaMesiasi anouya uko kwakasimbiswa zvikuru nezvinyorwa zvechiJudha zviri pamusoro penhaurwa yokuparara izvo zvinehochekeche nebhaibheri sa1Enoki.
 - B. Kubata kwaMwari muopenyu hwemisi yose. Izvi zvaipikisana zvikuru nedzidziso yevaSadhusi. Zvidzido zvouMwari zvizhinji zvevaFarisi zvaifambirana nedzidziso yevaSadhusi.
 - C. Dzidziso youpenyu muuchakabvu hune ringanidzo yepanyika, uhwo hwaiva nomugove pamwe nezvirango (Dhanieri. 12:2).
 - D. Kukosha kwetestamende yekare pamwe mirayiro yemagariro (*Talmud*) Paive nomurangariro wokuteerera mirayiro yaMwari apo zvikoro zvevadzidzisi vechiJudha zvaipirikira nokushandisa mirayiro yemagariro netestamende yekare kuvadzidzi. (chikoro cheShammai, chaichengetedza tsika dzakare, cheHillel, chaida zvokushandura tsika). kupirikira kwavadzidzisi vechiJudha kwaibva panhurirano pakati pevadzidzisi vemafungiro maviri aive akasiyana, vaya vaidzidzisa kuchengetedza tsika dzakare nevaidzidzisa shanduko yetsika. Nhaurirano idzi pamusoro pezvirevo zveshoko, dzaizonyorwa nenzira mbiri:chinyorwa

che*Talmud* yeBhabhironi nechisina kupera che*Talmud* yeParastina. Vaitenda kuti Mosesi akanga agamuchira naurwa yemhirikiro idzi pagomo reSinai. Nhorooondo yokutanga kwenaurwa idzi yakatangawa naEzira nechikwata chevarume vaizvidana kuti; Sinagoge huru” Great synagoge” avo vakazodanwa kuti (Sanhedrin).

E. Kuvandudzwa kwezidzo yezvengirozi, Izvi zvaisanganisira yose mweya yakaipa neyakanaka. izvi zvakabva kudzidziso younyambiri yekuPesia nezvinyorwa zvechijudha zvine hochekeche nebhaibheri.

1:25” ‘unogobhabhatidzireiko’ “Rubhabhatidzo rwerupinduko waiva mutemo muchinamato chechiJudha chakare kuna vaHedheni vaida kutendeka. Asi zvaiva zvisina kujairika kuti vaJudha vabhabhatidzwe (rimwewo bande revaJudha veQumran raiitawo zvokuzvibhabhatidza uye vanamati vemutemberi vazvigeza vasati vapinda mutemberi). Chinyorwa ichi chinogona kuva nezvirevo zveMesiasi sezviri munaIsaya. 52:15; Ezekieri. 36:25; Zekariya. 13:1.

“kana” Uyu mutsara uneshongedzo yokuva wechokwadi kubva pamaonero nezvinangwa zvemunyori

“Usiri Kristu, kana Eriya, kana muporofita uya” Zvinokatyamadza kuti muzvinyorwa zveD. S. S, vanhu vatatu vanorehwa apa vanomirira zvimiro zvitatu zvaMesiasi mumaonero eavo vechitendero cherimwe bande revaJudha vaiwanikwa kumatunhu eParastina neSiriya. Zvinoshamisawo kuti vamwe vatungamiri vekereke yokutanga vaitenda kuti Eriya ndiye aitanga kuuya iye mbune panyama, kuuya kwaKristu kwepiri kusati kwaitika (cf. Chrysostom, Jerome, Gregory, naAugustine).

1:26” Ini ndinobhabhatidza nemvura” chirevamwene chokuti” mu” chinogonawo kureva kuti” ne.”Chipi zvacho chirevo chinenge chashandiswa chinofanira kufambirana nechirevo chendima. 33 icho chiri maererano “nemweya.”

“Asi pakati peny u pamire mumwe 3wamusingazivi” Pane musiyano mukuru wezvinyorwa maringe nechirevanguva chezwi rechiito rokuti” pamire.”Gwaro reUBS⁴rinopa chipimo chepiri” B” (pedo nechokwadi) kuchirevo chechirevanguva chezvakaaitika uye zviine ziendamberi. VaBruce Metzger vanoti, chirevanguva chezvakaaitika uye zvine ziendamberi ichi ndicho chinonyanya kuzivikanwa chichishandiswa naJohani uye chinoreva tsumo rechiHebheru rokuti” pane mumwe uyo aire pakati peny” (p. 199).

1:27” Wandisina kufanira kuti ndisunungure rukanda rweshangu yake.”Izvi zvinoreva basa remushandi rokusunungura rukanda rwatenzi vake apo vanenge vopinda mumba nmavo (iro rinoonekwa esbasa repasi pasi rinoitwa nemushandi). Dzidziso yevadzidzisi vechiJudha yaiti, mudzidzi angaita zvole zvinorehwa nemudzidzisi wake kunze kwekusunungura rukanda rweshangu dzemudzidzisi wake. Kune chimwewo zve chirevo chisina kutaurwa nezvacho chokukumura shangu nokudziisa padzinochengeterwa. Iri raiva dimikira rokureva kuzvininipisa kukuru.

1:28” paBhetania” Bhaibheri reKJV rinezita rokuti” Bhetabhara” (MSS N², C²). Izvi zvakanzerwa nokuti vashandurudzi vebhaibheri reKJV vakatevera zvikuru kusanzwisisa kwaOrigen (kushandisa zvirahwe pamazita enzvimbo) kwekwaiva neguta. Munyorero chaiwo

ndowekui Bhetania (Bodmen Papyrus, P⁶⁶) ---kwete iro raidziva kumaodzanyemba kwekumabvazuva kweJerusarema (cf. 11:18), asi guta riri mhiri kwekubva kuJeriko, mhiri kwaJorodhani (nechedivi remabuda zuva).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :1:29-34

²⁹Ava mangwana akaona Jesu achiuya kwaari, akati, “Tarirai Hwayana yaMwari, inobvisa zvivi zvenyika. ³⁰Ndiye wandaireva ndichiti, ’shure kwangu kunouya mumwe, akavapo mberi kwangu, nokuti akanditangira.”³¹Neni ndakanga ndisingamuzivi; asi ndizvo zvandakauyira, ndichibhabhatidza nemvura, kuti aoneswe kuvaIsiraeri.”

³²Johani akapupura, akati, “Ndakaona Mweya achiburuka kudenga senjiva akagara pamusoro pake. ³³Neni ndakanga ndisingamuzivi ; asi akandituma kubhabhatidza nemvura, ndiye akati kwandiri, ’Uyo waunoona Mweya achiburuka pamusoro pake, akagara pamusoro pake, ndiye anobhabvhatidza noMweya mutsvene.”³⁴ Ini ndikaona, ndikapupura kuti uyu ndiye mwanakomana waMwari.”

1:29” Tarirai Hwayana yaMwari” Mutambo wepasika wakanga usiri kure (cf. 2:13). Naizvozvo izvi zvinogona kureva hwayana yepasika iyo yaiva chirevo chokudzikinurwa (kureva., ruponeso) kubva kuJipiti (cf. Ekisodho. 12). Johani anoisa rufu rwaJesu pazuva rimwero rakabayiwa hwayana yepasika (kureva., “zuva regadziriro”). Zvisineyi, kune dzimwe mhirikiro:

1. Zvinogona kureva muranda anotambura womunaIsaya. 53:7
2. Zvinogona kureva mhuka iya yakabatwa mumiti munaGenesi. 22:8, 13.
3. Zvinogonawo kureva chibayiro chezuva nezuva mutemberi, icho chaidanwa kuti” cheziendamberi” (cf. Ekisodho. 29:38-46).

Chero zvipi zviriine hochekeche nazvo, gwayana raiva rechinangwa chechibayiro (cf. Mako. 10:45).

Iri dimikira rokureva kuva chibayiro kwerufu rwaJesu harishandiswei naPauro uye rinoshandiswawo apo neapo naJohani (cf. 1:29, 36; tarirawo Mabasa. 8:32 na 1Petirosi. 1:19). Izwi rechiGiriki rokureva “hwayana diki” (kuva diki nokuda kwokuti yaiva negore rimwechete, iro raiva zera rezvipiriso). Iziwi rakasiyana neiri rinoshandiswa naJohani muna21:15 uye rinoshandiswawo kamakumi maviri anesere munaZvakazarurwa.

Kune imwewo tsanangudzo yechimiro chaJohani mubhabhatidzi inogona kuvapo yokuti:hwangwaridzo yedzitestamende, zvinyorwa zvemagumo umo, “hwayana” inotsanangurwa semukundi. Nyaya yokubayira inenge iripo, asi tsanangudzo yokuti hwayana ndiyo mutongi wepamagumo inoratidzawo kuvapo zvikuru (cf. Zvakazarurwa. 5:5-6, 12-13).

“Inobvisa zvivi zvenyika!” Mutsara wokuti “inobvisa “unoreva kuti” kutora nokutakura.”Izwi rechiito iri rinofanana nepfungwa yokuti” gondohwe remarasiro” yemuna Revhitiko. 16. Nkuda kwokuti zvivi zvenyika zvinotaurwawo nezvazvo, zvinonongedza kwazvo kwazvo chimiro chepasi rose chebasa rehwayana (cf. ndima. 9; 3:16; 4:42; 1Timoti. 2:4; 4:10; Tito. 2:11; 2Petirosi. 3:9; 1Johani. 2:2; 4:14). Tarira uone kuti zvivi zviru muchimiro chomwe kwete muuwandu. Jesu akabata nyaya yedambudziko re” zvivi” zvenyika.

1:30 "Akavapo mberi kwangu" Iyi idzokororo yendima. 15 yakaitirwa tsindikidzo. Iyi ndiyo imwe tsindikidzo/kumikidzo yokuvapo kare nouMwari hwaMesiasi (cf. Johani. 1:1, 15; 8:58; 16:28; 17:5, 24; 2vaKorinde. 8:9; vaFiripi. 2:6-7; vaKorose. 1:17; vaHebheru. 1:3).

1:31 "kuti aoneswe kuvaIsiraeri" Uyu mutsara unozivikanwa zvikuru kuti unoshandiswa naJohani (cf. 2:11; 3:21; 7:4; 9:3; 17:6; 21:14; 1Johani. 1:2; 2:19, 28; 3:2, 5, 8; 4:9), asi harinyanye kuwanikwa muvhangeri ina dzokutanga, rinongowanikwa munaMako. 4:22 chete. Idambetambe rinoitwa neizwi rechiHebheru rokuti "kuziva, "iro rinoreva kuwadzana nomunhu zve mandorokwati kwete kuva noruzivo pamusoro pake. Chinangwa chekubhabhatidza kwaJohani mubhabhatidzi chaiva paviri (1) kugadzirira vanhu ne (2) kuonesa Mesiasi.

Izwi rechiito iri rokuti "kuonesa" (*phaneroō*) rinoita nsokuti rinotsiva rokuti "kuratidza" (*apokaluptō*) muzvinyorwa zvaJohani. Jesu anounza zvakajeka, munhu neshoko raMwari!

1:32-33 Iyi itsindikidzo yakapetwa rutatu yokuti Johani Mweya achiuya uye akagara panaJesu

1:32 "Mweya achiburuka senjiva kubva kudenga" Iyi inzira yaIsaya (zvikamu. 40-66) yokuona Mesiasi (cf. Isaya. 42:1; 59:21; 61:1). Izvi hazvirevi kuti kusvika panguva iyi Jesu akanga asina Mweya. Yaiva nzira yaMwari yakasanangurwa yokusimbisa nokusarudza. Haina kuitirwa Jesu oga, asi naJohani mubhabhatidziwo!

VaJudha vaiva nemaonero enguva mbiri (tarira nhaurwa inokosha pana1Johani. 2:17), nguva ino youipi pamwe nenguva ichauya yokururama. Nguva itsva ndiyo yaidanwa kuti nguva yeMweya. Chiedza chaigona kuti kuna Johani mubhabhatidzi (1) uyu ndiye Mesiasi nokuti (2) nguva itsva yasvika.

"Njiva" Iri izwi rakashandiswa

1. Sechirevo chechimiro chaishandiswa navadzidzisi vechiJudha kureva Isiraeri (kureva., Hosea. 7:11)
2. Sokureva Mweya seshiri hadzi "inovhumbamira" zvisikwa munaGenesi. 1:2 weshandurudzo yerurimi rweAramaic (Targums)
3. Muna Philo, semufananidzo weungwaru
4. Sedimikira rokureva nzira iyo Mweya wakaburuka nayo (Mweya hausi shiri)

"Akagara" Tarirra nhaurwa inokosha:" kugara" muzvinyorwa zvaJohani pana1Johani. 2:10.

1:33" Neni ndakanga ndisingamuzivi" Izvi zvinoreva kuti Johani mubhabhatidzi aisaziva Jesu saMesiasi, kwete kuti aisa muziva zvachose. Zvokwadi sevanhu vaiva noukama, vaifanira kunge vakambosangana mumakungano emhuri kana ekunamata.

"Akandituma kubhabhatidza nemvura, ndiye akati kwandiri" Mwari akataura naJohani sezvaaiita nemamwe maporofita etestamende yekare. Johani aizoona Jesu nezvitiko izvi izvo zvaizoitika pakubhabhatidzwa kwake.

Kubhabhatidza kwaJohanu kunoburitsa masimba okunamata. Avo vakatumwa kubva kuJerusarema (cf. ndima. 19-28) vaida kuziva kwaibva simba iri. Johani mubhabhatidzi anoti

samba iri rinobva kuna Jesu. Kubhabhatidza neMweya kwaJesu kuripamusoro kwekubhabhatidza nemvura kwaJohani. Kubhabhatidzwa kwaJesu nemvura ndiko kuchava chiratidzo chokubhabhatidza neMweya, kukumbanidzwa munguva itsva!

“Ndiye anobhabhatidza noMweya mutsvene” Kubva muna1vaKorinde. 12:13, zvinoratidza sokuti mafungiro aya anehochekeche nokuiswa kwomunhu kokutanga mumhuri yaMwari. Mweya unotonisira zvivi, unokwezvera kunaJesu, unobhabhatidza munaKristu, nokuumba Kristu mumutendi mutsva (cf. Johani. 16:8-13). Tarira nhaurwa inokosha :Iye mutsvene pana1Johani. 2:20.

1:34” Ini ndikaona, ndikapupura” Izvi zvinoreva zvose zvakaitika uye zvine zierendamberi. Izvi zvinofanana zvikuru na1Johani. 1:1-4.

“kuti uyu ndiye Mwanakomana waMwari” Zvino katyamadza kuti izwi rechiGiriki rokuti *pais*, iro rinonyanya kushandurudzwa richireva kuti” muranda, “richiburitsa izwi rechiHebheru (*‘ebed*, BDB 712) mubhaibheri rakare rechiGiriki (LXX), rinogona kuva mabviro ezwi rokuti” mwanakomana.”Kana zviri izvo, saka Isaya. 53 (sezvazviri” hwayana” yaMwari muna1:29) ndiyo tsigiro yetestamende yekare kwete Dhanieri. 7:13. Jesu ndiye Mwanakomana pamwe nomuranda!Achashandura vatendi kuti vave “mwana, “kwete “muranda” !

Zita rimwechetero rinoshandiswawo naNatanieri munaJohani. 1:49. Rinoshandiswawo zve naSatani munaMateu. 4:3. Pane musiyano wechinyorwa chechiGiriki unowanikwa mugwaro reMSS P⁵ na N* chine mutsara wokuti “iye akasarudzwa waMwari” kunze kwokuti “mwanakomana waMwari” (gwaro reUBS⁴ rinopa mutsara wokuti” mwanakomana waMwari” chipimo chepiri” B”). Mutsara wokuti “mwanakomana waMwari” unowanika zvikuru munaJohani. Asi kana pakateverwa misimbotti yokutsoropodza magwaro, zvinozoonekwa kuti iyo mitsara yakanyorwa zvisina kujeka inogona kuva iri iyo yemabviro, pachigonawo kuva neimwe sarudzo yeshandurudzo nyangwe zvazvo humboo hwechinyorwa husina kuperera. vaGordon Fee vanotaura nezve nyaya yekusiyana kwezvinyorwa uku muchinyorwa chavo chinonzi” Tsoropodzo yechinyorwa chetestamende itsva ; *“The Textual Criticism of the New Testament, pp. 419-433, “muchinyorwa chenhanganyaya kugwaro rechinyorwa chenhaurwa yetsoropodzo yebhaibheri” Expositor’s Bible Commentary:”* vanoti; “MunaJohani. 1:34 ko Johani mubhabhatidzi anoti, ‘uyu ndiye mwanakomana waMwari’here (KJV, RSV) kana kuti’kuti uyu ndiye musanangurwa waMwari’ (NED, JB) ?humboo hweMS hwakapatsanuka, chero muzvinyorwa zvakare ‘OL’. Zita rokuti “mwanakomana” rinowanikwa muuchapupu hwezvinyorwa zveAlexandrian (P⁶⁶, P⁷⁵, B, C, L cop^{bo}) pamwe nezvinyorwa zvakare zvakawanda (aur, c, flg) neuchapupu hwezvinyorwa zverurimi rwakare rwekuSiriya, ukuwo mutsara wokuti’iye akasarudzwa ‘ unotsigirwa nechinyorwa cheAlexandria P⁵, N, cop^{sa} pamwe nemuzvinyorwa zvakareOL MSS a, b, e, ff², nezvinyorwa zverurimi rwakare rwekuSiriya.

“Mubvunzo wakafanira kuti ubvunzwe pamusoro pezviri mukati mezvinyorwa. Zviripachena kuti kusiyana uku kwakaunzwa nokuda kwete nemhosho (cf. vaBart D. Ehrman muchinyorwa chavo chinonzi ‘kukanganiswa kwezvinyorwa panguva yakare’ *“The Orthodox Corruption of scripture, pp. 69-70”*).

Zvingaita here kuti munyori wemakore mazana maviri okutanga, angadaro akashandura chinyorwa ichi kuti atsigire gwara redzidziso yechikristu yokuiswa muukama utsva, kana kuti munyori wenguva yakare akaona kuti nan'anuro yokuti 'mumwe akasarudzwa 'yaizoshandiswa kutsigira dzidziso iyi yokuiswa muukama utsva ndokushandura chinyorwa? Tichitevera fungidziro, tsanangudzo yokupedzisira ndiyo inoita sokuva yechokwadi, zvikuru nokuti nan'anuro yokuti 'mwanakomana 'haina kushandurwa muvhangeri dzose kuti itsigire dzidziso yokuiswa muukama utsva.

“Asi kuti tisvike parutemo chairwo tinofanira kushandisa nzira dzokuongorora magwaro. Sezvo zvaitaurwa naJohani zvinoratidza kuti zvaiva nechinangwa chokuratidza uMesiasi kwete tsanangudzo yezvidzidzo zvechiKristu, mubvunzo ndowekuti zvinoratidza here uMesiasi semunaMapisarema. 2:7 kana esmunaisaya. 42:1. Kana zvichitariswa maringe nokutambura, Paseka, chitarisiko chehwayana chaJohani. 1” :29, zvokwadi zvinogoneka kuti nan'anuro yokuti 'mumwe akasarudzwa inofambirana nemanyorerwo akaitwa vhangeri” (pp. 431-432).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :1:35-42

³⁵Ava mangwana zve, Johani akanga amire navadzidzi vake vaviri; ³⁶akatarisisa Jesu achifamba, akati, “Tarirai hwayana yaMwari!” ³⁷Ivavo vadzidzi vaviri, vakamunzwa achitaura, vakatevera Jesu. ³⁸Jesu akatendeuka akavaona vachitevera, akati kwavari, “Munotsvakeiko?” Vakati kwaari, “Rabhi” (ndokuti “mudzidzisi, kana zvichishandurwa), munogarepiko? ³⁹Akati kwavari, “Uyai, muone.”Vakaenda, vakandoona kwaigara, vakagara naye zuva iroro; yakanga iri nguva inenge yegumi. ⁴⁰Mumwe waivavo vaviri, vakanga vanzwa Johani, vakamutevera, waiva Andireya, munun'una waSimoni Petirosi. ⁴¹Iye akatanga kuwana Simoni mukoma wake, akati kwaari, “Tawana Mesiasi” (ndokuti Kristu kana zvichishandurwa.) ⁴²Akamuisa kuna Jesu. Jesu akamutarira akati, “Ndiwe Simoni, mwanakomana waJohani, uchanzi Kefasi, kana zvichishandurwa ndokuti dombo.”

1:35” vadzidzi vake vaviri” Muna Mako. 1:16-20 mune imwewo tsanangudzo yokudanwa kwevadzidzi vaviri ava yakasiyana neiyi. Hazvinyatsozivi kanwa kuti Jesu ainge agara achizivana zvakadzi nevadzidzi vake veGarirya ava. Paiva nematanho aitorwa kuti uzokwanisa kutevera mudzidzisi zvizere munguva ysaJesu. Matanho aya akanyorwa zvizere muzvinyorwa zvevadzidzisi, asi haanyatsotevedzerwi muvhangeri. Vadzidzi vaviri vanotaurwa pano ndiAndireya (cf. ndima. 40), naJohani mupositori (uyo asingazvidomi nezita muvhangeri).

Izwi rokuti mudzidzi rinogona kureva (1) anodzidza kana (2) muteveri. Iri ndiro zita raipihwa vatendi vaJesu Kristu saMesiasi akavimbiswa. Zvinokosha kuziva kuti testamende itsva inotaurwa nezve kuva mudzidzi kwete kupa rutemo koga (cf. Mateu. 13; 28:18-20). ChiKristu ndiko kupa rutemo rwokutanga (kutendeuka nokutenda) kuchiteverwa nesarudzo yeziendamberi rokuteerera nokutsungirira. ChiKristu haisi vimbiso yokudzivirirwa kubva kumoto kana vimbiso yokuenda kudenga, asi ndihwo ukama hwemisi yose pakati pemuranda /shamwari naJesu.

1:37” ivo vadzidzi vaviri vakamunzwa achitaura” Johani mubhabhatidzi akadoma zvaidarika iye pachake, achidoma Jesu (cf. 3:30).

1:38” Rabhi (ndokuti mudzidzisi kana zvichishandurwa) “Iri raiva zita raishandiswa zvikuru mumaramiro echiJudha mumakore zana okutanga, richireva avo vaigona kududzira murayiro waMosesi netsika nemagariro akare (Talmud). Zvinoireva kwazvo kwazvo kuti “tenzi wangu.” rinoshandiswa naJohani mupositori kureva “mudzidzisi” 9cf. 11:8, 28; 13:13-14; 20:16). Nyaya yokuti Johani anotsanangudza mazwi ake (cf. ndima. 38, 41, 42) zvinoreva kuti ainyorera kuvaHedheni.

“Munogarepiko” Izvi zvinoita sokuratidza zvaitwa chinyakarecho pakuvaka ukama pakati pemudzidzi nemudzidzisi. Mubvunzo wavo uyu unoratidza kuti vaidha kuva naJesu kwenguva yakareba kwete kungo wana nguva pfupi yokubvunza mibvunzo mishoma (cf. ndima. 39).

Izwi rokuti *menō* (kugara) rinowanika rutatu mundima. 38, 39. Rinogona kureva nzvimbo chaiyo panyika kana yepamweya. Kusahndiswa rutatu uku kunoita sokunoreva rimwewo dambanemazwi, kwokunongedza zvirevo zvose zviri zviviri, uko kwakajairika muvhangeri yaJohani (semuna., 1:1, 5; 3:3; 4:10-11; 12:32). Aya maitiro ezirevambiri anozivikanwa zvikuru muzvinyorwa zvaJohani!

1:39” Yakanga iri nguva inenge yegumi” Hazvinyatso zivikanwi kuti Johani nguva dzechiRoma here, idzo dzinotanga (1) nenguva dzegumi nembiri masikati kana (2) mangwanani, kana nguva dzechiJudha, dzinotanga nenguva dzenhanhatu (madeuka zuva). Kana ukaenzanisa Johani. 19:14 naMako. 15:25, zvinoita sokuti aireva nguva dzechiRoma. Zvisineyi, kana ukatarisa Johani. 11:9, zvinoita sokuti aireva nguva dzechiJudha. Zvinogoneka kuti Johani aishandisa nguva dzose idzi. Pano zvinoita sokuti inguva dzechiRoma, tsanangudzo yepiri, kana ingava nguva yena zuva richidoka.

1:40” Mumwe waivavo vaviri, vakanga vanzwa Johani” Munyori (Johani mupositori) haazvidomi muvhangeri (semuna., 21:2). Zvinogoneka kuti mumwe waivava vakanzwa Johani mubhabhatidzi achitaura ndiye Johani mupositori, mwanakomana waZebhedhiya (semuna., Mateu. 4:21; Mako. 1:19).

1:41

NASB “Iye akatanga kuwana mukoma wake”

NKJV, NRSV “Iye akatanga kuwana mukoma wake”

TEV “Pakarepo akawana”

NJB “Chinhu Chokutanga chakaitwa naAndireya”

Apa pane kusiyana kwezvinyorwa kunokanganisa shandurudzo. Manyorewro aripo ndeaya

1. Chinhu Chokutanga chakaitwa naAndireya
2. Munhu wokutanga waakaona
3. Andireya ndiye akatanga kutaura izvi

“Mesiasi (ndokuti Kristu kana zvichishandurwa) “Tarira chinyorwa pa. 1:20.

1:42” Jesu akamutarira” Izvi zvinoreva “kutarira zvakadzama.”

“Simoni mwanakomana waJohani” kune bishapisha mutestamende itsva maererano nezita rababa vaPetirosi. MunaMateu. 16:17, Petirosi anodanwa kuti “mwanakomana waJona” (*Iōnas*), asi pano anodanwa kuti “mwanakomana waJohani” (*Iōannes*). Zita rokuti Johani rinowanikwa mumagwaro eMSS P⁶⁶, P⁷⁵, N naL. MS B ane zita rimwechetero asi aine vara “n” rimwechete (*Iōanes*). Zita rokuti Jona rinowanikwa mumagwaro e MSS A, B³, K nezvimwewo zvinyorwa zvechiGiriki. Panoita sokuti hapana mhinduro yakajeka yomubvunzo uyu. Musiyano wezviperengo unowanikwa zvikuru pamazita akashandurudzwa kubva mururimi rwechiAramaic.

vaMichael Magill, mugwaro ravo rinonzi ‘shandurudzo yomutsara woga woga yetestamende itsva *“The New Testament TransLine, p. 303”* vanoti “mavara okuti Jona naJohani anogona kuva zviperego zvakasiyana zvezita rimwechete rechiHebheru, sokuti Simoni naSimiyoni.”

“Uchanzi Kefasi’ (ndokuti Petirosi kana zwichishandurwa) “Izwi rokuti kefasi, izwi rechiAramic rinoreva kuti dombo (*kepa*), iro rinoshandurudzirwa muchiGiriki richinzi *kephas*. Zita iri rinounza ndangariro dzokuterama, simba nokusimbarara.

Iyi ndiyo imwe yetsanangudzo dzaishandiswa nemunyori wevhangeri kutsanangura upenyu nedzidziso yaJesu, kuvaverengi vechiHedheni.

1. Ongororo yemagwaro, kutungamirira, yakashandiswa muna. 1:18
2. Dzidzo youpirikiri, kutsanangura, kupirikira, kushandurudza, yakashandiswa muna1:42

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :1:43-51

⁴³Ava mangwana akada kuenda Gaririya, akawana Firipi; Jesu akati kwaari, “Nditevere.”⁴⁴ Firipi akanga ari weBhetisaidha, guta raAndireya naPetirosi.

⁴⁵Firipi akawana Nataneri, akati kwaari, “Tamuwana iye akanyorwa zvake naMosesi mumurayiro navaporofita, iye Jesu weNazareta, mwanakomana waJosefa.”⁴⁶Nataneri akati kwaari, “kune chinhu chakanaka chingabva Nazareta here?” Firipi akati kwaari, “Uya uone” ⁴⁷Jesu akaona Nataneri achiuya kwaari, akamuti, “Tarirai muSiraeri wechokwadi, asina kunyengera maari.”

⁴⁸Nataneri akati kwaari, “Mandzivirepiko?” Jesu akapindura akati kwaari, “Firipi asati akudana, uri munyasi memuonde, ndakakuona.”⁴⁹Nataneri akamupindura akati, “Rabhi, ndimi mwanakomana waMwari, ndimi ishe waSiraeri.”⁵⁰Jesu akapindura akati kwaari, “Unotenda iwe, nokuti ndakati kwauri, ndakakuona munyasi memuonde here?uchazoonza zvikuru kuna izvozvi.”⁵¹Akati kwaari, “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, muchaona maenga azarurwa, navatumwa vaMwari vachikwira, nokuburukira pamusoro pomwanakomana womunhu.”

1:43” Ava mangwana” Johani anoisa zvidoma nguva muvhangeri yake yose (cf. 1:29, 35, 43; 2:1; nedzimwewo ndima). Chirevo chechinyorwa (1) chinotanga mundima. 19, iro rinogona kuva iro zuva rokutanga; (2) ndima. 29, 35, 43 dzine mutsara wokuti” zuva repiri” ; ne (3) ndima. 2:1dzine mutsara wokuti” rava zuva retatu.”

“Akada kuenda” Johani anonyora nezve mazuva okutanga oushumiri hwaJesu muJudhea, ayoasina kunyorwa muvhangeri ina dzokutanga. Vhangeri yaJohani inotarira zvikuru ushumiri

hwaJesu muJudhea uye zvikuru muJerusarema. Zvisineyi, parizvino Jesu arikuda kuenda kuGaririya, zvingango daro kuti aienda kumuchato paKana (Johani. 2).

“**Nditevere**” uyu mutsara une chirevo chezviri kudokwairirwa kuti zviitwe. Iyi yaiva nzira yechiRabhi yokudana munhu kuti ave mudzidzi zvachose. VaJudha vakange vatara misimboti yokududza ukama uhwu.

1:44 “Firipi akanga ari weBhetisaidha” Zita reguta iri rinoreva kuti” Imba yokuredza.”Ndiri raivawo guta raAndireya naPetirosi.

1:45 “Nataneri” Iri izita rechiHebheru rinoreva kuti” Mwari ndiye apa.”Haataurwe nezita rake muvhangeri ina dzokutanga. Vanzveri vemagwaro vemazuva ano vanofunga kuti ndiye ainzi “Bhatoromiya, “Asi iyi inongori fungidziro.

NHAURWA INOKOSHA :MUTONDWE WEMAZITA EVAPOSITORI

	MATEU 10 :2-4	MAKO 3:16-19	RUKA 6:14-16	MABASA 1:12-18
BOKA REKUTANGA	Simoni (Petirosi) Andireya (Munun’una waPetirosi Jakobho (Mwanakomana waZebhedhiya) Johani (Munun’una waJakobho)	Simoni (Petirosi) Jakobho (Mwanakomana waZebhedhiya) Johani (Munun’una waJakobho) Andireya	Simoni (Petirosi) Andireya (Munun’una waPetirosi) Jakobho Johani	Simoni Johani Jakobho Andireya
BOKA REPIRI	Firipi Bhatiromiyo Tomasi	Firipi Bhatiromiyo Tomasi	Firipi Bhatiromiyo Tomasi	Firipi Bhatiromiyo Tomasi
BOKA RETATU	Mateu (Muteresi) Jakobho (Mwanakomana waArifosi) Tadhiasi Simoni (weKenani) Judhasi (Sikarioti)	Mateu Jakobho (Mwanakomana waArifosi) Tadhiasi Simoni (weKenani) Judhasi (Sikarioti)	Mateu Jakobho (Mwanakomana waArifosi) Simoni (Mupindikiti) Judhasi (Mwanakomana waJakobho) Judhasi (Sikarioti)	Mateu (Muteresi) Jakobho (Mwanakomana waArifosi) Judhasi (Mwanakomana waJakobho) Judhasi (Sikarioti)

“Mumurayiro navaporofita” Izvi zvinoreva mhande nhatu dzezvinyorwa zvechiHebheru: murayiro, vaporofita neshoko (iro raingodai kukurukurwa nezvaro kuJamnia mugore raA. D. 90). Yaiva tsumo yokureva testamende yekare yose

“Jesu weNazareta, mwanakomana waJosefa” Izvi zvinofanira kunzwiswa nenzira yemataurire echiJudha. Panguva iyoyi, Jesu aigara kuNazareta uye baba vemhuri vainzi Josefa. Izvi hazvitadzise kuti Jesu akaberekerwa kuBheterehema (cf. Mika. 5:2). chero kuzvarwa kwake nemhamdara (cf. Isaya. 7:14). Tarira nhaurwa inokosha inotevera.

NHAURWA INOKOSHA: JESU MUNAZARINI

Pane mazwi akawanda echiGiriki anoshandiswa mutestamende itsva okureva Jesu.

A. Mazwi etestamende itsva

1. Nazareta—guta remuGaririya (cf. Ruka. 1:26; 2:4, 39, 51; 4:16; Mabasa. 10:38). Guta iri haritaurwi nezvaro munezvimwewo zvinyorwa zvenguva imwecheteyo, asi rinowanikwa muzvinyorwa zvakazovapo pava paya.

Kuti Jesu aibva kuNazareta kwaisava kuyemura (cf. Johani. 1:46). Chikwangwari chaiva pachipiyano chaJesu icho chaivawo nezita iri chaiva nzira yavaJudha yokuzvidza.

2. Zita rokuti *Nazarenos*—rinoratidza sokuti iyi yaiva nzvimbo yaitovako (cf. Ruka. 4:34; 24:19).
3. *Nazōraios*—rinogona kureva guta, asi rinogonawo kuva izwi rechiHebheru remadunhurirwa rokureva Mesiasi nechibhinde chokuti” Davi” (*netzer*, cf. Isaya. 4:2; 11:1; 53:2; Jeremiya. 23:5; 33:15; Zekariya. 3:8; 6:12; mutestamende itsva, Zvakazarurwa. 22:16). Ruka anoshandisa izvozvi kureva Jesu muna. 18:37 naMabasa. 2:22; 3:6; 4:10; 6:14; 22:8; 24:5; 26:9.
4. Izwi rokuti *Nazir* ndiro rinesungano netsanangudzo yetatu, iro rinoreva kuti” uyo akaitwa mutsvene nokuda kwemhiko.”

B. Nhorooondo yemashandisirwo aro asiri emutestamende itsva.

1. Raireva bato reavo vaipikisana nemanatiro aivapo (chiKristu chisati chavapo) (mururimi rwechiAramaic *Nasōrayya*).
2. Raishandiswa nevaJudha kureva vaitenda munaKristu (cf. Mabasa. 24:5, 14; 28:22, *nosri*).
3. Rakavawo izwi raishandiswa kureva vatendi kuSiriya mukereke dzechiAramaic. kuti “muKristu” kwaishandiswa mukereke dzechiGiriki kureva vatendi.
4. Pane imwewo nguva mushure mokuparara kweJerusarema, vaFarisi vakaungana paJamnia vakadzika musiyano pakati pemaSinagoge nemakereke. Mienzaniso yezvituko zvakaitwa vaKristu zviri mugwaro re” kombodzo dzegamuchiro gumi nesere ‘the eighteen benedictions’ “kubva mu*Berakoth 28b-29a*, iro rinodana vatendi kuti “maNazarini.” rinoti

“Dai maNazarini neavo vanopikisa kunamata kwagara kuripo vaparadzwa; vachapfudzwa mubhuku roupenyu uye vasazonyorwa pamwe nevanotenda.”

5. Rakashandiswawo naJustin Martyr, *Dial.* 126:1 uyo akashandisawo tsanangudzo yaIsaya (*netzer*) yokureva Jesu.

C. Pfungwa dzemunyori

Ndinoshamiswa zvikuru nouwanda hwezviperego zvezwi iri, nyangwe zvazvo ndichiziva kuti izvi hazvishamisi mutestamende yekare, sezvo zita rokuti “Joshua” riine zviperengo zvakasiyana zvakawanda muchiHebheru. Zvinotevera zvinoita kuti ndisave nechokwadi chechirevo charo chaicho:

1. Kuva nehochekeche kwaro neizwi rokureva Mesiasi rokuti” Davi” (*netzer*) kana rimwewo izwi rinofanana naro rokuti *nazir* (uyo akaitwa mutsvene nokuda kwemhiko)
2. Chirevo chokuzvidza cheGaririya
3. Kusavapo kweumboo hwekuvapo kweguta reNazareta muGaririya
4. Kubva kwazvo mmuromo wedhimoni nenzira yokureva magumo (kureva., mauya here kuzoti paradza?”).

Kana uchida muronga wezvidzidzo zvemazwi zvakazara pamusoro peizwi iri verenga bhuku ravaCollin Brown (ed.), rinonzi ‘Dura mazwi idzva rezvidzidzo zvouMwari zvetestamende itsva’ “*New international Dictionary of New testament Theology, vol. 2, p. 346* kana rava Raymond E. Brown, rinonzi ‘uzvarirwo’ “*Birth*”, pp. 209-213, 223-225.

1:46 “Nataneri akati kwaari, ’kune chinhu chakanaka chingabva Nazareta here?”
 ’Zviripachena kuti Firipi naNataneri vaiziva nezvechiporofita chetestamende yekare; Mesiasi achabva kuBheterehema (cf. Mika. 5:2) pedyo neJerusarema, kwete Nazareta muGaririya yevaHedheni, asi Isaya. 9:1-7 inotaura kwazvo kwavo chinhu ichi!

1:47

NASB, NKJV,

NRSV “Asina kunyengera maari”

TEV “Maari hamuna nhema”

NJB “Asina kunyengera maari”

Izvi zvinoreva munhu akarurama asina nhema (cf. Mapisarema. 32:2), chiratidzo chaicho chevanhu vakasarudzwa, vaIsiraeri.

1:48 “Jesu akapindura akati kwari, “Firipi asati akudana uri munyasi momuonde ndakakuona.”Zviripachena kuti apa Jesu akashandisa simba rake remweya (semuna., 2:24-25; 4:17-19, 29; 6:61, 64, 71; 13:1, 11, 27, 28; 16:19, 30; 18:4) kupa chiratidzo kuna Nataneri kuti iye aiva Mesiasi.

Zvakaoma kunzwisisa kuti kuva munhu nouMwari hwaJesu zvaishanda sei. Mune zvimwe zvinyorwa hazvinyatsooneki kana Jesu aishandisa “uMwari “hwake kana simba repanyama. Pano chirevo chinoti “simba rouMwari.”

1:49 “Nataneri akamupindura akati, ’Rabhi ndimi mwanakomana waMwari...Ishe waIsiraeri’ “Tarira uone mazita oruremekedzo maviri!ose anechirevo chouMesiasi chorudzi (semuna., Mapisarema. 2). Vadzidi vokutanga ava vainzwisisa Jesu maringe netsanangudzo dzechiJudha dzemakore zana okutanga. Vaisa nzwisisa zvakazara kuva munhu nokuva muranda anotambura (cf. Isaya. 53) kusvika pakuzomuka kuvakafa kwake.

1:51

NASB “Zvirokwazvo zvirokwazvo ndinoti kwauri, “

NKJV “Zvokwadi ndinoti kwauri, “

NRSV “Zvokwadi, ndinokuudza kuti, “

TEV “Ndinokuudza chokwadi”

NJB “Muchokwadi chose”

Izvi zvinoreva kwazvo kuti “Ameni! Ameni!” kushandisa muunyambiri kweizwi iri kunoitwa naJesu kunowanika muvhangeri yaJohani chete umo kunowanika makumi maviri aneshanu.”Ameni” chimiro chezwi rechiHebheru rokureva kutenda (*emeth*) raireva kuti” kusimba” tarirra nhaurwa inokosha pa. 1:14). Rakashandiswa mutestamende yakare sedimikira rokureva kuterama pamwe nokuvimbisika. Rakazo shandurudzwa richinzi” kutenda” kana” kutendeseka.”Zvisineyi, nokufamba kwenguva rakazoshandiswa kureva kukumikidza. Pano mumutsara uno rinoshandiswa kuratidza kukosha kwaJesu, mazwi ake okuvimbisika kana ratidzo inobva kunaMwari” YHWH” (CF. 1:51; 2:3, 5, 11; 5:19, 24, 25; 6:26, 32, 47, 53; 8:34, 51, 58; 10:1, 7; 12:24; 13:16, 20, 21, 38; 14:12; 16:20, 23; 21:18).

Tarira uone kushanduka richienda muuwandu (izwi rinesungano nezita pamwe nezwi rechiito). Izvi zvinofanira kunge zvakaudzwa vanhu vose vaivepo.

NHAURWA INOKOSHA:AMENI

I. TESTAMENDE YEKARE

A. Izwi rokuti “Ameni” “rinobva paizwi rechiHebheru rokureva kuti

1. “chokwadi” (*emeth*, BDB 49)
2. “Kuva nechokwadi” (*emun, emunah*, BDB 53)
3. “Kutenda” kana” kutendeseka”
4. “ruvimbo” (*dmn*, BDB 52)

B. Mabviro nechirevo charo anobva pakumira zvakaterama kwemunhu. kupikisana naro chinenge chiri chirevo chokusasimba, kutsvedza (cf. Mapisarema. 40:2; 73:18; Jeremiya. 23:12) kana kugumbuswa (cf. Mapisarema. 73:2). Kubva pakushandiswa uku ndipo pakabva dimikira rokureva kutendeka, kuvimbisika, kuteerera nokumirisika (cf. Genesi. 15:6; vaHebheru. 2:4).

C. Mashandisirwo akasanangurwa

1. Mutsigo, 2 Madzimambo. 18:16 (1 Timoti. 3:15)
2. Simbiso, Ekisodho. 17:12
3. Kutsiga, Ekisodho. 17:12
4. Kugadzikana, Isaya. 33:6
5. Zvokwadi, 1Madzimambo. 10:6; 17:24; 22:16; Zvirevo. 12:22
6. Kusimba, 2 Makoronike. 20:20; Isaya. 7:9
7. Kuvimbika, (Torah), Mapisarema. 119:43, 142, 151, 160

D. Mutestamende yekare mamwe mazwi maviri anoshandiswa kureva kutenda kwemabasa.

1. *Bathach* (BDB 105), ruvimbo
2. *Yra* (BDB 431), kutya, kuremekedza, kunamata (Genesi. 22:12)

E. Kubva pamaonero okuti kuvimbika nokuvimbisika pakabva mashandisirwo ari maererano nezvechinamoto akazoshandiswa kutsigira zvokwadi nokuvimbika kweshoko romumwe (cf. Dhuteronomi. 27:15-26; Nehemiya. 8:6; Mapisarema. 41:13; 72:19; 89:52; 106:48).

F. Shanguriro yezvidzidzo zvouMwari zveizwi iri haisri kutendeseka kwevanhu, asi kwaMwari’YHWH’ (cf. Ekisodho. 34:6; Dhuteronomi. 32:4; Mapisarema. 108:4; 115:1; 117:2; 138:2). Tariro yoga yasarira vatadzi ndidzo tsitsi dzokutendeseka mukutevera chisungo chaMwari nevimbiso dzake. Avo

vanoziva Mwari'YHWH' vanozova saiye (cf. Habhakuki. 2:4). Bhaibheri inhorooondo nerugwaro rokudzoreredzwa kwemufananidzo waMwari (cf. Genesi. 1:26-27) muvanhu. Ruponeso runodzoreredza kugona kwavanhu kuva noukama hwepedo naMwari. Ndokusaka takasikwa.

II. TESTAMENDE ITSVA

- A. Kushandiswa kwezwi rokuti “Ameni” semheto yekutsigira kuvimbisika kweshoko rekunamata, kuninyanya kuwanikwa mutestamende itsva (cf. 1vaKorinde. 14:16; 2vaKorinde. 1:20; Zvakazarurwa. 1:7; 5:14; 7:12).
- B. Kushandiswa kwezwi iri semheto yemunamato kunowanikwa zvikuru mutestamende itsva (cf. vaRoma. 1:25; 9:5; 11:36; 16:27; vaGaratiya. 1:5; 6:18; vaEfeso. 3:21; vaFiripi. 4:20; 2vatesaronika. 3:18; 1Timoti. 1:17; 6:16; 2Timoti. 4:18).
- C. Jesu chete ndiye akashandisa izwi iri kutura (kazhinji rwakapetwa ruviri munaJohani) mashoko anokosha (cf. Ruka. 4:24; 12:37; 18:17, 29; 21:32; 23:43)
- D. Rinoshandiswa sezita reruremekedzo raJesu munaZvakazarurwa. 3:14 (rinogona kuva zita reruremekedzo rakarehwa munaIsaya. 65:16).
- E. Pfungwa yekutendeseka kana kutenda, kuvimbisika, kana ruvimbo inoburitswa muizwi rechiGiriki rokuti *pistos* kana *pistis*, iro rinoti kana richishandurudzirwa muchirungu rinoreva kuti” ruvimbo, ““kutenda, ““tenda.”

▣ **“kwamuri, mucha”** Mazwi ose ari maviri aya anonongedza uwandu. Jesu arikutaura nevanhu vose vaivapo, neimwe nzira vanhu vose pasi rose!

▣ **“Matenga azarurwa”** Mutsara uyu une chirevo chokuzviratidza kwaMwari muchimiro chomunhu chemutestamende yekare.

1. Ezekieri., Ezekieri. 1:1
2. Jesus, Mateu. 3:16; Mako. 1:10; Ruka. 3:21
3. Stefani, Mabasa. 7:56
4. Konerio, Mabasa. 10:11
5. Kuuya kwepiri, Zvakazarurwa. 19:11

Ichi chirevanguva icho chinoreva zvakaitwa uye zvicharamba zvakaita saizvozvo, chinoreva kuti matenga acharamba akazarurwa. Izwi rokuti” matenga” riri muuwandu nokuda kwokuti mururimi rwechiHebheru riri muuwandu. Zvinogona kureva (1) ruvanzarira ruri pamusoro penyika semunaGenesi. 1 kana (2) kuvapo chaiko kwaMwari.

NHAURWA INOKOSHA:MATENGA

Mutestamende yekare, kazhinji izwi rokuti” denga “riri muuwandu (sokuti., *shamayim*, BDB 1029). Izwi rechiHebheru rinoreva kuti” urefu.”Mwari anogara kumusoro. Mafungiro aya anoratidza utsvene nokusava namagumo kwaMwari.

MunaGenesi. 1:1, munongedzo wouuwandu wokuti” matenga nenyika” unodudzirwa sokureva Mwari achisika (1) muvanzarira uri pamusoro penyika ino kana (2) senzira yokureva zvose zvinoonkwa kwazvo kwazvo (sokuti., Mweya nenyama). Kubva panzwisiso iyi, zvimwe zvinyorwa zvakazoonekwa sokuti zvaireva nhanho dzakasiyana dzedenga:” denga ramatenga” (cf. Mapisarema. 68:33) kana” denga nedenga rematenga” (cf. Dhuteronomi. 10:14;

1Madzimambo. 8:27; Nehemiya. 9:6; Mapisarema. 148:4). vadzidzisi vechiJudha vaifungidzira kuti kungangova ne

1. Matenga maviri (semuna., R. Judah, Hagigah 12b)
2. Matenga matatu (Test. Revhitiko. 2-3; Ascen. yaIsaya. 6-7; Midrash Tehillim pana Mapisarema. 114:1)
3. Matenga mashanu (3 Baruch)
4. Matenga manomwe (R. Shimonb. Lakish; 2 Enoki. 8; Ascen. yaIsaya. 9:7)
5. Matenga gumi (2Enoki. 20:3b; 22:1)

Zvose izvi zvaitirwa kuratidza kusiyana kwaMwari nezvisikwa uye nokusava nomugumo kwake. Huwandu hwainyanya kudzidziswa mudzidziso yechiJudha ndehwe matenga manomwe. vaA. Cohen mugwaro ravo rinonzi ; dzidziso yemurayiro nesika nemagariro yemunhu wose'Everyone's Talmud (p. 30), 'vanoti ; izvi zvaiva nehochekeche nomuvanzarira womuchadenga, asi ndinofunga zvinoreva kuti, nomwe ndihwo huwandu hwakanaka pakuverenga (kureva., mazuva okusika, rechinomwe richimirira zuva rokuzororra kwaMwari munaGenesi. 1)

Pauro muna2vaKorinde, anotaurawo nezve denga re" chitatu" (muchiGiriki rinonzi *ouranos*) senzira yokureva kuvapo kwaMwari noushe hwake. Pauro akasangana naMwari pachake!

▣ **“vatumwa vaMwari vachikwira nokudzika”** Izvi zvinotsigira zvakaitika kunaJakobho paBheteri (cf. Genesi. 28:10ff). Jesu arikuti sezvo Mwari akavimbisa kupa Jakobho zvose zvaaida, naiyewo zvose zvaanoda zvirira kubva kuna Mwari!

▣ **“Mwanakomana womunhu”** Iyi inan'anuro yaJesu yokuzvisarudzira. Waiva mutsara wechiHebheru wokureva munhu anorarama (cf. Mapisarema. 8:4; Ezekieri. 2:1). Asi nokushandiswa kwaro munaDhanieri. 7:13, waiva nesungano nemasimba ouMwari. Izwi iri rakanga risina zvirira zverudzi kana zvechiuto nokuti harina kushandiswa navadzidzisi vechiJudha. Jesu akaushandisa nokuti waiburitsa zvaiva ari (kuva munhu nokuva nouMwari, cf. 1Johani. 4:1-3). Johani anoburitsa Jesu achiushandisa kagumi netatu

MIBVUNZO YENHAURIRANO.

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudzira yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zvirira muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Sei boka rakatumwa kubva kuJerusarema richibvunza Johani kana ari mumwe wevatatu vakataurwa mutestamende yekare?
2. Doma mutsara wezvidzidzo zvouKristu wakataurwa naJohani mubhabhatidzi pamusoro paJesu mundima. 19-30.
3. Sei vhangeri ina dzokutanga nevhangeri yaJohani dzichisiyana zvikuru panyaya yokudanwa kwevadzidzi?

4. Varume ava vainzwisei pamusoro paJesu? Tarira uone mazita oruremekedzo avaimudana nawo (ndima. 38).
5. Ko iye Jesu aizvidana kuti ani? Sei?

JOHANI 2

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Muchato paKana 2:1-11	Mvura Ichiitwa waini 2:1-12	Muchato paKana 2:1-11	Muchato paKana 2:1-3 2:4 2:5 2:6-10 2:11 2:12	Muchato paKana 2:1-10 2:11-12
2:12		2:12		
Kucheneswa kwetemberi 2:13-25	Jesu anochenesa temberi 2:13-22	Kucheneswa kweTemberi 2:13-22	2:13-17 2:18 2:19 2:20 2:21-22	Kucheneswa kweTemberi 2:13-22
Jesu anoziva vanhu vose 2:23-25	Muzivi wezviri mumoyo 2:23-25	2:23-25	Kuziva vanhu kwaJesu 2:23-25	Jesu muJerusarema 2:23-25

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyoru. Ndiyozve hwaro hwekupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

RUONO RWEZVIRI MUNDIMA 2:1-11

- A. Jesu aiva akasiyana zvikuru nevamwe vatungamiri vezvitendero venguva yake. Ainwa nokudya nevanhuwo zvavo. Uku uyu Johani mubhabhatidzi aiva munhu ainge akazvibvisa muvanhu achigara mugwenga, Jesu aizivikanwa nevanhuwo zvavo.
- B. Chiratidzo chake chokutanga chaiva chomumana, chemhuri!kuchengeta nokunzwira vanhuwo zvavo ndirwo rwaiva rupawo rwaJesu, saizvozvo kuitira hashu avo vaizviita vakarurama mukunamata kwairatidzwo rumwe rutivi rwehunhu hwake. Kuisa vanhu mberi kwazvose, kwete magariro kana kupira, kunoratidza kusununguka kwaJesu, asiwo nokusimudzira tariro yetsika nemagariro.
- C. Izvi ndizvo zviratidzo zvinomwe izvo zvakashandiswa naJohani senzira yokuratidza hunhu nesimba raJesu (zvikamu. 2-11).
1. Kushandura mvura kuita waini (2:1-11)
 2. Kuporeswa kwemwanakomana wegurukota (4:46-54)
 3. Kuporeswa kwechirema paBhetisaidha (5:1-18)
 4. Kupiwa zvokudya kwevane zviuru (6:1-15)
 5. Kufamba pamusoro pemvura (6:16-21)
 6. Kuporeswa kweakaberekwa riri bofu (9:1-41)
 7. Kumutsa kwaRazaro (11:11-57)

DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA:2:1-11

¹Nezuva retatu muchato waivapo paKana yeGaririya; namai vaJesu vakanga varipo. ²NaJesu navadzidzi vake vakanga vadanwawo kumuchato. ³Waini yakati ichizoshaikwa, mai vaJesu vakati kwaari, “Havachina waini.”⁴Jesu akati kwavari, “ndineiko nemi mai?nguva yangu ichigere kusvika.”
⁵Mai vake vakati kuvaranda “itai zvose zvaanokuudzai.”⁶Zvino kwakanga kuna makate matanhatu amabwe, akanga aiswapo netsika yavaJudha yokuzvinatsa, rimwe nerimwe raizadzwa nezviero zviriri kana zvitatu. ⁷Jesu akati kwavari, “Zadzai makate nemvura.” Ivo vakaazadza kusvikira pamiromo. ⁸Akati kwavari, “cherai zvino muisse kumukru womuchato.”vakandoisa. ⁹Zvino mukuru womuchato wakati aravira mvura yakashanduka ikava waini, asingazivi payabva, (asi varanda vakanga vachera mvura, vaiziva), mukuru womuchato akadana muwani, ¹⁰akati kwaari, “munhu mumwe nomumwe anositanga abudisa waini yakanaka, neisinganaki kana vanwa kwazvo; asi iwe wachengeta waini yakanaka kusvikira zvino.”
¹¹Ichi chiratidzo chake chokutanga Jesu akaita paKana yeGaririya, akaratidza kubwinya kwake; vadzidzi vake vakatenda kwaari.

2:1 “muchato waivapo” Michato yomumana yaiva zviitiko zvikuru. Yaito batanidzira mana rose uye yaitika kwamazuva akawanda.

▣ **“paKana”** Zita iri rinotaurwa muvhangeri raJohani chete (2:1, 11; 4:46; 21:2). Pane zvatinozivawo pamusoro paro.

1. Guta raibva Nataneri
2. Nzvimbo yakaitirwa chiratidzo chokutanga chaJesu
3. Yaiva pedo neKapenaume

Pane nzvimbo ina dzinofungirwa (AB, vol. 1, p. 827)

1. Ain Qana, yaiva chipimo chimwe chemaira nechekuchamhembe kweNazareta
2. Kafr Kana, yaiva zvipimo zvemaira zvitatu nechekuchamhembe kwakadziva kumabvazuva kweNazareta
3. Kirbet Qana, yaiva zvipimo zvemaira zvisere nechidimbu nechekuchamhembe kweNazareta, pachikomo
4. Kana yaiva pahwene hweAsochis, iyo yakarehwa naJosephus (*mugwaro rinonzi, upenyu'life, 86, 206*).

Kuva iri pahwene ndiko kunofambirana nezita rokuti Kana, iro rinova rechiHebheru rinoreva kuti” tsanga” (kureva., runzimbe)

▣ **“Namai vaJesu vaivapo”** Zviripachena kuti Mariya akanga achibatsira nokuronga muchato. Izvi zvinoonekwa noku (1) taurira kwake varanda zvokuita (cf. ndima. 5) noku (2) pirimuka kwake pamusoro pokushayikwa kwezvinwiwa (cf. ndima. 3). Kureva kuti vachati vaiva hama dzake kana madzisahwira epedo.

2:3 “Havachina waini” Chinhu chaifanira kuitwa kuti vakokwi vapihwe waini. Zviripachena kuti waini iyi yainge yakavirisa, sezvinoonekwa ne (1) mashoko omukuru womuchato, ndima. 9-10; (2) tsika yechiJudha pamazuva aJesu; kana (3) kushaikwa kwoutsanana kana mishonga yokuvirisa.

NHAURWA INOKOSHA:WAINI NE DHORO RINODHAKA

I. Mazwi emubhaibheri

A. Testamende yekare

1. *Yayin*—iri ndiro izwi rinonyanya kuzivikanwa rinoreva waini (BDB 406), iro rinoshandiswa kazana nemakumi mana ane imwe. Mabviro aro haanyatsozivikanwe nokuti haribve mururimim rwechiHebheru. Raireva muto wemichero wakavirisa, kazhinji wemuzambiringa. Mimwe mivaravara inotaura izvi ndeinoti; Genesi. 9:21; Ekisodho. 29:40; Numeri. 15:5, 10.
2. *Tirosh*—Izvi zvinoreva waini itsva (BDB 440). Nokuda kwemamiriro okunze kunyika dzokumabvazuva, kuvira kwaitotanga mukati mezvidimbu zvenguva zvitahatu mushure mokusvinwa kwemuto uyu. Iri izwi rinoreva waini ichiri kuvira. Tarirawo mivaravara yakaita saDhuteronomi. 12:21; 18:4; Isaya. 62:8-9; Hosea. 4:11.
3. *Asis*—Zviripachena kuti izwi zvinoreva zvinwiwa zvinodhaka (“waini inotapira, “BDB 779, Semuenzaniso. Joere. 1:5; Isaya. 49:26).
4. *Sekar*—Iri ndiro izwi rinoreva kuti “chinwiwa chinodhaka” (BDB 1016). Izwi remabviro echiHebheru rinoshandiswa kureva kuti” kudhakwa” kana kuti” chidhakwa.”Kureva kuti chinwiwa ichi chaiwedzerwa mushonga

kuti chidhake. Rinofanana nerekuti *Yayin* (cf. *Zvirevo*. 20:1; 31:6; *Isaya*. 28:7).

B. Testamende itsva

1. *Oinos*—Izwi rechiGiriki rinofambirana nerokuti *Yayin*
2. *Neos oinos* (waini itsva) —Izwi rechiGiriki rinofambirana nerokuti *tirosh* (cf. *Mako*. 2:22).
3. *Gleucos vinos* (waini inotapira, *asis*) —waini ichiri kuvira (cf. *Mabasa*. 2:13).

II. Mashandisirwo emubhaibheri

A. Testamende yekare

1. Waini chipo chaMwari (*Genesi*. 27:28; *Mapisarema*. 104:14-15; *Muparidzi*. 9:7; *Hosea*. 2:8-9; *Joere*. 2:19, 24; *Amosi*. 9:13; *Zekariya*. 10:7).
2. Waini inoshandiswawo sechipiriso9Ekisodho. 29:40; *Revhitiko*. 23:13; *Numeri*. 15:7, 10; 28:14; *Dhuteronomi*. 14:26; vaTongi. 9:13).
3. Waini inoshandiswa semushonga wokurapa (2Samueri. 16:2; *Zvirevo*. 31:6-7)
4. Waini inogona kuvadambudziko chairo (Nowa—*Genesi*. 9:21; *Roti*—*Genesi*. 19:33, 35; *Samusoni*—vaTongi. 16; *Nabhari*—1Samueri. 25:36; *Uriya*—2Samueri. 11:13; *Amoni*—2Samueri. 13:28; *Era*—1Madzimambo. 16:9; *Bhenihadhadhi*—1Madzimambo. 20:12; *vatungamiri*—*Amosi*. 6:6; *Madzimai*—*Amosi*. 4).
5. Waini inogona kushandiswa zvisiri izvo (*Zvirevo*. 20:123:29-35; 31:4-5; *Isaya*. 5:11, 22; 19:14; 28:7-8; *Hosea*. 4:11).
6. Waini yaisabvumidzwa kunwiwa nemamwe mapoka (vaPirisita vari pabasa, *Revhitiko*. 10:9; *Ezekieri*. 44:21; vaNaziri, *Numeri*. 6; nevatungamiri, *Zvirevo*. 31:4-5; *Isaya*. 56:11-12; *Hosea*. 7:5).
7. Waini inoshandiswa muchirevo chemagumo (*Amosi*. 9:13; *Joere*. 3:18; *Zekariya*. 9:19).

B. Zvinesungano nebhaibheri

1. Waini inobatsira ikanwiwa zvine mwero wakanaka (*Muparidzi*. 31:27-30).
2. vaRabhi/vadzidzisi vechiJudha vanoti” Waini ndiwo mushonga mukuru, kana ikashaikwa, panotodiwa mapiriti.”(BDB 58b0.

C. Tetstamende itsva

1. Jesu akashandura mvura zhinji ikava waini (*Johani*. 2:1-11).
2. Jesu akanwa waini (*Mateu*. 11:18-19; *Ruka*. 7:33-34; 22:17ff).
3. Petirosi akapomerwa kudhakwa ne” waini itsva” papendekositi (*Mabasa*. 2:13).
4. Waini inogona kushandiswa semushonga (*Mako*. 15:23; *Ruka*. 10:34; 1Timoti. 5:23).
5. Vatungamiri havafaniri kuinwa zvakapfurikidza mwero. Izvi hazvirevi kusanwa zvachose (1Timoti. 3:3, 8; *Tito*. 1:7; 2:3; 1Petirosi. 4:3).
6. Waini yakashandiswa mumufananidzo wemagumo (*Mateu*. 22 :1ff; *Zvakazarurwa*. 19:90).

7. Kuraradza kunosvorwa (Mateu. 24:49; Ruka. 12:45; 21:34; 1va Korinde. 5:11-13; 6:10; vaGaratiya. 5:21; 1Petirosi. 4:3; vaRoma. 13:13-14).
- III. Ruono rwezvidzidzo zvouMwari
- A. Zvekupikisana kwegangaidzo
1. Waini chipo chaMwari.
 2. Kuraradza idambudziko guru.
 3. Vatendi vanobva munedzimwewo tsika nemagariro vanofanira kuzvidzora kuitira vhangeri (Mateu. 15:1-20; Mako. 7:1-23; 1va Korinde. 8-10; vaRoma. 14).
- B. Tsika yokupfurikidza mwero
1. Mwari ndiye mabviro ezvinhu zvose zvakanaka.
 2. Vatadzi vakakanganisa zvipo zvaMwari zvose nokupfurikidza mwero.
- C. Kupfurikidza mwero kurimatiri, kwete muzvinhu. Hakuna chakaipa muzvisikwa zvose (cf. Mako. 7:18-23; vaRoma. 14:14, 20; 1vaKorinde. 10:25-26; 1Timoti. 4:4; Tito. 1:150).
- IV. Kuvirisa netsika nemagariro dzechiJudha dzemakore zana okutanga
- A. Kuvira kunotanga pakarepo, nguva dzingaita ma awa matanhatu muchero wezambiringa wadzvuro.
- B. Patsika yechiJudha vanoti, kana ukaona tumafuro pamusoro (chiratidzo chokuvira), waini inenge yaakufanira kupirwa (*Ma aseroth* 1:7). Iyi waini yaidanwa kuti” waini itsva” kana kuti” waini inotapira.”
- C. Kuvira kwenhanho yokutanga kunodhaka kwaizoitika mushure mesvondo rimwe.
- D. Kuvira kwenhanho yepiri kwemandorokwati kwaizoitika mushure memazuva makumi mana (40 days). Panhanho iyi waini yainzi” yashwira” uye yainge yokwanisa kupirwa paAritari (*Edhuyyoth* 6:7).
- E. Waini iyo yainge yagadzana (waini yakare) ndiyo yainzi yakanaka asi yaifanira kusvinwa zvakanaka isati yanwiwa.
- F. Waini yainzi yanaka mushure mokuviriswa kwegore rimwechete. Kuchengetwa kwewaini makore matatu ndiko kwaionekwa senguva yakarebesa. Iyi ndiyo yaizonzi “waini yekare” uye yaito tembenudzwa nemvura.
- G. Pamakore zana apfuura chete ndipo paregwa nzira iyi yokuvirisa, nokuda kwemamiriro ekunze asina kunaka uye nokushandiswa kwemishonga yokuvirisa. Vanhu vakare havazai rega nzira yavo yokuvirisa yemabviro.
- V. Mitsara yokupeta
- A. Iva nechokwadi kuti zvidzidzo zvouMwari, maramiro nokupirikira bhaibheri kwako, Hazvidzikisiri Jesu pamwe netsika yechiJudha/kristu yemakore zana okutanga!zviri pachena kuti ava vanhu vakanga vasina kurega kunwa zvachose.
- B. Handisiri kukurudzira kunwiwa kwedoro. Zvisineyi vazhinji vakadarikidza mwero pakutaura nyaya iyi, avo vavakuzviita vakarurama maringe netsika nererekero yemasangano avo.
- C. Kwandiri, mabhuku anoti vaRoma. 14 na1vaKorinde. 8-10, akandipa ruono negwara rine rudo nokuremekedza vatendi nokuparidzirwa

kwevhangeri mutsika nemagariro edu, kwete kusununguka pazvima kana kutsoropodza. Kana bhaibheri riri iro chete hwaro hwokutenda nokuita, pamwe iko zvino yasvika nguva yokuti tifunge patsva maonero edu panyaya iyi.

D. Kana tikati kusanwa zvachose ndiko kuda kwaMwari, tinozoti kudii naJesu, pamwe netsika dzamazuva ano idzo dzinoshandisa waini (sedzeku Europe, Israel, Argentine) ?

2:4 “Mai” Mururimi rechirungu izvi zvinoratidza ukasha, asi raiva dimikira rechiHebheru, zita reruremekedzo (cf. 4:21; 8:10; 19:26; 20:15).



NASB “Zvinei nesu?”

NKJV “Dambudziko renyu rinei neni?”

NRSV “Zvineyi nemi uye ini?”

TEV Hamungandiudzi zvokuita?”

NJB “Munodei kwandiri?”

Iri idmikira rechiHebheru, iro rinoreva kwazvo kwazvo kuti” chii kwandiri nemi” (cf. vaTongi. 11:12; 2Samueri. 16:10; 19:22; 1Madzimambo. 17:18; 2Madzimambo. 3:13; 2Makoronike. 35:21; Mateu. 8:29; Mako. 1:24; 5:7; Ruka. 4:34; 8:28; Johani. 2:4). Uku kunogona kuva kwaiva kutanga kweukama hutsva hwaJesu nehama dzake (cf. Mateu. 12:46ff; Ruka. 11:27-28).

▣ **“Nguva yangu ichigere kusvika”** Izvi zvinoratidza kuzviziva kwaJesu pamusoro penguva yake yakatarwa (cf. Mako. 10:45). Jesu anoshandisa izwi iri rokuti “nguva” nenzira dzakawanda.

1. Kureva nguva (cf. 1:39; 4:6, 52, 53; 11:9; 16:21; 19:14; 19:27)

2. Kureva nguva yekuguma (cf. 4:21, 23; 5:25, 28)

3. Kureva mazuva ake okupedzisira (kusungwa, kutongwa, kufa, cf. 2:4; 7:30; 8:20; 12:23, 27; 13:1; 16:32; 17:1)

2:5 “Itai zvose zvaanokuudzai” Maria haana kunzwa kutaura kwaJesu uku sokunoreva kuramba kumuitira zvaaida panguva iyi.

2:6

NASB “Netsika yavaJudha yokuzvinatsa”

NKJV “Maringe netsika yokuzvinatsa”

NRSV “Netsika yavaJudha yokuzvinatsa”

TEV “VaJudha vanetsika yokuzvinatsa”

NJB “Pakuzvinatsa uko kunava tsika pakati pava Judha”

Makate emvura aya aivapo kuitira tsika yokugeza makumbo, maoko, midziyo, nezvimwewo. Johani anotaure izvi kuitira kuti vaHedheni vanzwisise.

2:6-7 Makate matanhatu amabwe” Sezvazvinongova kazhinji munaJohani, izvi zvinoratidza sokuva chiratidzo chine zvinangwa zviviri.

1. Kubatsira vachati
2. Chaiva chiratidzo chemanhengatenga chokunongedza Jesu sezadziso yetsika yechiJudha. Chinangwa chemutsara wekupedzisira uyu chinogona kuva
 - a. Muraudzo wechitanhatu” 6” unomirira chirevo chemabasa evanhu
 - b. Chikumbiro chaJesu chokuti azadzwe kusvika pamuromo kunoita sokuti kunomirira chmwe chirevo kwete chokupa waini.
 - c. Waini zhinji, iyo yaipfuura inodiwa pamabiko emuchato
 - d. Waini yaimirira chirevo chokureva zvakawandisa munguva itsva (cf. Jeremiya. 31:12; Hosea. 2:22; 14:7; Joere. 3:18; Amosi. 9:12-14).

▣ **“Rimwe nerimwe raizadzwa nezviero zviviri kana zvitatu”** Muero wakasahandiswa apa waiva wezwi rechiHebheru rokuti” *bath.*”Kwaiva noukuru hwebathhutatu hwaishandiswa panguva yaJesu, naizvo zvo huwandu chaihwo haunyatso zivikanwa, asi shura iri rakaita waini zhinji!

NHAURWA INOKOSHA:ZVIPIMO ZVOUWANDU NOUREMU ZVOKUMABVA ZUVA (ZVIDZIDZO ZVOKUERA)

Huremu nezviero zvaishandiswa mukutengeserana mune zvoupfumi hwezvokurima hwakare. Bhaibheri rinokurudzira vaJudha kuti vavimbike mukutengeserana (cf. Revhitiko. 19:35-36; Dhuteronomi. 25:13-16; Zvirevo. 11:1; 16:11; 20:10). Dambudziko chairo kwaisava kuvimbika chete, asi kwaiva kusavapo kwezvipimo zvemhando imwechete muParastina. Zvinoita sokuti kwaiva nemhando mbiri dzezviero zvouremu; “chakareruka “ne” chairema” chouwandu hwoga hwoga (verenga duramazwi romupirikiri rebhaibheri” *the interpreter’s Dictionary of the Bible, vol. 4, p. 831*”) pamwewo nerunoro rwemitsumbutsumbu yemiraudzo yegumi yekuljipita yakangewo yabatanidzwa nemiraudzo yemitsumbutsumbu yenhanhatu yekumatunhu ari kuchamhembe kweIjipiti (Mesopotamia). “Hukuru” nou” wandu “huzhinji hwaishandiswa hwaiva nechirevo chenhengo dzemiviri yevanhu, mitsegede yaitakurwa nemhuka pamwe nematengu evarimi, zvose izvi zvakanga zvisina hurongwa hwakajeka. Naizvozvo, zvinyorwa zvezviero zvaiva zvefungidziro uye zvisina kujeka. Nzira yaiva yakapfava yokuratidza uremu nezviero yaiva yechinyorwa chezviero chakayanaiswa.

- I. Mazwi okureva huwandu ainyanya kushandiswa
 - A. Zviero zvemifushwa
 1. Homeri” *Homer*” (BDB 330, unogona kuva “mutsegede wembongoro, “BDB 331), semuna., Revhitiko. 27:16; Hosea. 3:2
 2. Masirivha ane gumi nemashanu” *letek*” (kana” *lethech*, “BDB 547, zvinogona kuva zvakarehwa munaHosea. 3:2)
 3. Efa” *Ephah*” (BDB 35), semuna., Ekisodho. 16:36; Revhitiko. 19:36; Ezekieri. 45:10-11, 13, 24
 4. Zviero zvitatu” *Se’ah*” (BDB 684), semuna., Genesi. 18:61Samueri. 25:18; 1Madzimambo. 18:32; 2Madzimambo. 7:1, 16, 18
 5. Omeri” *Omer*” (BDB 771 2, zvinogona kureva “chimwanda” [chisumbu chemumera], BDB 771 1), semuna., Ekisodho. 16:16, 22, 36; Revhitko. 23:10-15
 6. Chegumi cheefa” *Issaron*” (BDB 798, “Chegumi cheefa”) semuna., Ekisodho. 29:40; Revhitiko. 14:21; Numeri. 15:4; 28:5, 13

7. Mashekeri esirivha ana makumi masere” *Qav*” (kana *kab*, BDB 866), cf. 2Madzimambo. 6:25

B. Zviero zvemvura

1. Kori” *kor*” (BDB 499), semuna., Ezekieri. 45:14 (zvinogona kurevawo chiero chemufushwa, cf. 2Makoronike. 2:10; 27:5)
2. Bhati” *bath*” (BDB 144 20semuna., 1Madzimambo. 7:26, 38; 2Makoronike. 2:10; 4:5; Isaya. 5:10; Ezekieri. 45:10-11, 14)
3. Hini” *hini*” (BDB 2280, semuna., Ekisodho. 29:40; Revhitiko. 19:36; Ezekieri. 45:24)
4. Rogi” *log*” (BDB 528), cf. Revhitiko. 14:10, 12, 15, 21, 24

C. Rujarira (zvikatorwa kubva mugwaro ravaRoland deVaux rinonzi Isiraeri yekare” *Ancient Israel, vol. 1, p. 201*” neDuramazwi guru rechiJudha “*Encyclopedia Judaica, vol. 16, p. 379*”)

Homeri” *Homer*” (mufushwa) =kori” *kor*” (mvura kana mufushwa) 1

Efa” *Ephah*” (mufushwa) =Bhati” *Bath*” (mvura) 10 1

Zviero zvitatu” *se’ah*” (mufushwa) 30 3 1

Hini” *hin*” (mvura) 60 6 2 1

Omeri” *omer, issaron*” (mufushwa) 100 10 - - 1

Mashekeri esirivha ana makumi masere” *Qav/kab*” (mufushwa) 180 18 6 3 - 1

Rogi” *log*” (mvura) 720 72 24 12 - 4 1

II. Mazwi ouremu ainyanya kushandiswa

A. Mazwi ainyanya kushandiswa ndewokuti tarenda, gera neshekeri.

1. Uremu hwakakura kudarika hwose mutestamende yekare itarenda. kubva munaEkisodho tinodzidza kuti taredna rimwe rinoenzana nemashekeri zviuru zvitatu (kureva., “huremu hukuru hwacho, “BDB 503).
2. Izwi rokuti shekeri (BDB 1053, “huremu”) rinonyanya kushandiswa zvikuru zvokuti rinongofungidzirwa, asi hazvina kudonongodzwa muzvinyorwa. Kune hukoshi hwakasiyana siyana hweshekeri hunorehwa mutestamende yekare.
 - a. “hwezvekutengeserana” (Genesi. 23:16 weNASB)
 - b. “shekeri rapanzvimbo tsvene” (Ekisodho. 30:13 weNASB)
 - c. “huremu hwamambo” (2Samueri. 14:26 weNASB), hunodanwawo kuti “chiero choushe” mugwaro re” Elephantine papyri.”
3. Huremu hwegera hune hukoshi hunosvika zvikamu makumi maviri zvehuremu hweshekeririmwe (cf. Ekisodho. 30:13; Revhitiko. 27:25; Numeri. 3:47; 18:16; Ezekieri. 45:12). Zvipimo izvi zvinosiyana siyana kubva kudunhu reMesopotamia kusvika kuljipita. Isiraeri yainyanya kutevera zvipimo zvaishandiswa kuKenani zve (Ugarit)
4. Chiero chemina (BDB 584) chinoukoshi hungaita mashekeri makumi mashanu kana matanhatu. Izwi iri rinonyanya kuwanikwa mumabhuku akazotevera etestamende yekare (semuna., Ezekieri. 45:12; Ezira. 2:69; Nehemiya. 7:71-72). Ezekieri akashandisa chiero chemashekeri makumi matanhatu achienzana nemina rimwe, Kenaniwo yaishandisa chiero chemashekeri makumi mashanu kumina rimwe.
5. Chiero chebheka (BDB132, “chidimbu cheshekeri, “cf. Genesi. 24:22”) chinoshandiswa ruviri chete mutestamende yekare (cf. Genesi. 24:22; Ekisodho. 38:26) uye chinoukoshi hwechidimbu cheshekeri. Zita racho rinoreva kuti “kupangura.”

B. Rujarira

1. Rakaitwa kubva mumagwaro mashanu aMosesi okutanga					
Tarenda	1				
Mina	60	1			
Shekeri	3,000	50	1		
Bheka	6,000	100	2	1	
Gera	60,000	1000	20	10	
2. Rakaitwa kubva mubhuku raEzekieri					
Tarenda	1				
Mina	60	1			
Shekeri	3,600	60	1		
Bheka	7,200	120	2	1	
Gera	72,000	1,200	20	10	1

2:8

NASB “Mukuru mukuru”

NKJV “Mukuru womuchato”

NRSV “Mubati mukuru”

TEV “Mukuru womuchato”

NJB “Mutungamiri womuchato”

Uyu munhu anogona kuva (1) muenzi anoremekedzwa uyo aitungamira basa pamuchato kana (2) muranda aitungamira pakufambiswa kwebasa pamuchato.

2:10 Nyaya ndeyekuti nguva zhinji waini yakanaka ndiyo yaitanga kupihwa vanhu. Kana zvino vanhu vadhakwa ndipo paizoburitswa waini yemhando yepasi. Asi pano waini yakanaka ndiyo yakapiwa kwokupedzisira! Izvi zvinoratidza kusiyanisa pakati pechisungo chakare (waini yekare) muchiJudha nechisungo chitsva (waini itsva) munaJesu (cf. vaHebheru). kuchenesa temberi kwaJesu (cf. 2:13-25, zviri pachena kuti izvi zvakaburitswa mumuronga wenguva naJohani nechinangwa chezvidzidzo zvouMwari) kunogona kumirira chirevo chechokwadi ichi.

2:11 “Ichi chiratidzo chake chokutanga” Vhangeri raJohani rinoumbwa nezviratidzo zvinomwe pamwe nekupirikirwa kwazvo. Ichi ndicho chokutanga. Tarira nhaurwa inokosha :*Arche* pal:1.

☐ **“Akaratidza kubwinya kwake vadzidzi vake vakatenda kwaari”** kuratidza (tarira chinyorwa pamusoro pezwi rechiito pal:31) kwokubwinya kwaJesu (tarira nhaurwa inokosha:pal:14) ndiko kwaiva chinangwa chezviratidzo. Chiratidzo ichi sezvimwe zvose, chaita sokuti chakanangana nevadzidzi vake! Izvi hazvirevi kutenda kwavo kwokutanga, asi zierendamberi rokunzwisisa zvaari nebasa rake. Zviratidzo zvinoratidzo humunhu nebasa chaira raMesiasi. Hazvinyatso zivkanwi kana vaiva pamuchato vakaziva zvakanga zvaitika.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :2:12

¹²Shure kwaizvozvo, akaburukira Kapenaume, iye namai vake navanun’una, navadzidzivake; akagarapo mazuva mashamanane.

2:12 “Kapenaume” Mushure mokusatenda kweNazreta (cf. Ruka. 4:16-30) iyi ndiyo yakazova nzvimbo yaishandira Jesu muGaririya (cf. Mateu. 4:13; Mako. 1:21; 2:1Ruka. 4:23, 31; Johani. 2:12; 4:46-47).

☐ Iri ndiro ziiitakamwe rokuoneswa ushumiri hwaJesu kumhuri yake, maringe nechiratidzo ichi paKana.

RUONO RWEZVIRI MUNDIMA 2:13-25

A. Kune nhaurirano dzakawanda zvikuru muvanzveri vegwaro retestamende itsva pamusoro penyaya yokuti Jesu akachenesa temberi rungani. Johani anonyorwa nyaya iyi mukutanga kweushumiri hwaJesu, ukuwo vhangeri ina dzokutanga (Mateu. 21:12; Mako. 11:15 naRuka. 19:45) vanotsanagura kuchenesa temberi pasvondo rokupedzisira roupenyu hwaJesu. Kana tikatarisa kusiyana kwetsanagudzo mbiri idzi dzokucheneswa kwetemberi, zvinogoneka kuti kwakava nokucheneswa kwetemberi kuviri kwete kumwe.

Zvisineyi, zvinogoneka kwazvo kwazvo kuti Johani anoranga mabasa aJesu nechinangwa chezvidzidzo zvouMwari (sokuti., Johani anodenengudza huMwari hwaJesu kubva pachikamu chokutanga). Mumwe nomumwe wavanyori vevhangeri aiva akasununguka mukutiswa kuti asarure, nokutora, kurongedza nokupfupisa mabasa nedzidziso yaJesu. Handitendi kuti vaiva norusununguko rwokuisa mazwi mukanwa maJesu kana kunyora zviitiko zvenhema. Zvinofanira kurangarirwa kuti vhangeri hadzisiri nhoroondo dzoupenyu dzemazuva ano, asi zvinyorwa zvevhangeri zvaiva zviine vanhu vazvainge zvakananga. Vhangeri hadziteveri muronga wenguva, uye hadzinyore mazwi chaiwo aJesu (dzinotova pfupiso). Izvi hazvirevi kuti dzine mhosho. Zvinyorwa zvokumabvazuva zvaiva zviri zvetariro yetsika nemagariro yakasiyana neyezvinyorwa zvokumadokero. verenga gwaro ravaGordon Fee navaDouglas Stuart, rinonzi ; Maverengerwo ebhaibheri zvariri zvose” *How to read the Bible for All its Worth*, pp. 127-148.”

B. Kuchenesa temberi kunofambirana nechinangwa chezvidzidzo zvouMwari zvaJohani izvo zviri pamusoro pokutanga kwokubata kwaJesu murudzi rwechiJudha. Izvi zvinoonekwa munhaurirano yaanoita naNikodhimo muchikamu chetatu (chiJudha chakare). Zvisineyi, muchikamu chechina Jesu anotanga kubata mumapoka akawanda (boka rainamata zvakasiyana nevamwe vaJudha), achitanga nemukadzi muSamaria.

DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :2:13-22

¹³Pasika yavaJudha yakanga yava pedyo; zvino Jesu akakwira Jerusarema. ¹⁴Akawana mutembri vaitengesa mombe namakwai nenjiva, navaitsinhanha mari, vageremo.

¹⁵Akaruka tyava yerwodzi, akaburitsa mutemberi makwai nemombe zvose; akaparadza mari yavaitsinhanha, nokuwisa matafura avo. ¹⁶Akati kuna vaitengesa njiva, “Bvisai zvinhu izvozvo muno; musaita imba yababa vangu imba yokutengesera.”¹⁷Vadzidzi vake vakarangarira kuti kwakanyorwa kuchinzi, “kushingairira imba yenyu kuchandipedza.”¹⁸Zvino vaJudha vakapindura vakati kwaari, “Ungatiratidza chiratidzo cheiko, zvaunoita zvinhu izvozvo?” ¹⁹Jesu akapindura akati kwavari, “putsai temberi iyi,

ini ndichaimutsazve namazuva matatu.”²⁰Zvino vaJudha vakati, “Temberi iyi yakavakwa namakore ana makumi mana namatanhatu, zvino iwe ungaimutsa namazuva matatu here?”²¹Asi iye akanga achireva temberi yemuviri wake.²²Zvino akati amutswa kuvakafa, vadzidzi vake vakayeuka, kuti akanga achireva izvozvo; vakatenda rugwaro neshoko rakanga rarehwa naJesu.

2:13 “Pasika” Uyu mutambo waiitwa gore roga roga unotsanagurwa munaEkisodho. 12 naDhuteronomi. 16:1-6. Uyu mutambo ndiwo chete watiinawo watinoshandisa kudoma nguva youshumiri hwaJesu. Vhangeri ina dzokutanga dzinoti Jesu akashumira kwegore rimwechete (kureva., kudomwa kwepasika imwechete). Asi Johani anodoma Pasika nhatu (1) 2:13, 23; (2) 6:4 (3) 11:55; 12:113:1; 18:28, 39; 19:14. Panoitawo sokuti pane imwezve pasika yechina muna. 5:1. Hatinyatso ziva kuti ushumiri hwaJesu hwakatora makore manganic asi vhangeri yaJohani inonongedza kuti hwakava makore angava matatu uye angatosvika kumana kana mashanu.

Johani anoruka vhangeri yake mumuronga wemitambo yeveJudha (Pasika, mutambo wematumba neHanuka, verenga gwaro ravaRichard N. Longenecker, rinonzi tsoropodzo yebhaibheri munguva youpositori, “*Biblical Exegesis in the Apostolic period, 2nd ed., pp. 135-139*”).

NHAURWA INOKOSHA :PASIKA

- I. Mitsara yezaruro
 - A. Ichi chiiitiko chouMwari chokutongwa kwevaIjipita nokununurwa kweIsiraeri ndicho nhangaruvanze yerudo nokudzikwa kweIsiraeri sorudzi naMwari (kureva., kunyanya kuvaporofita)
 - B. Kubuda muIjipita izadziso yevimbiso yaMwari kunaAbhurahamu munaGenesi. 15:12-21. Pasika ndiwo mutambo wokurangarira kubuda muIjipita.
 - C. Iri ndiro dambudziko guru uye rokupedzisira (panyika., kureva Ijipita neGosheni) rakaparadza zvikuru (madange evana vevanhu nemombe zvakaurawa) pamatamdziko gumi akatumirwa naMwari’YHWH’ kuIjipita kuburikidza naMosesi.
- II. Zita pacharo (BDB 820, KB947)
 - A. Chirevo chezwi rinoreva zita iri hachinyatsozivikanwi
 1. Rinehochekeche ne” matambudziko, “kureva kuti” kurova” (semuna., Ekisodho. 11:1) ; ngirozi yaMwari yakarova madangwe evana vevanhu nemombe
 - B. Chirevo chezwi rechiito
 1. “kukamhina” kana “kutsvetsveyara” (cf. 2 Samueri. 4:4) rakashandiswa nechirevo choku” danha dzimba dzaive dzakaiswa mutaro” (Ekisodho. 12:13, 23, 27, BDB 619, maumbirwo ezwi akajairika)
 2. “kudzana” (cf. 1 Madzimambo. 18:21)
 3. Mururimi rwechiAkkadian-“kuteterear”
 4. Mururimi rwechiIjipita-“kurova” (verenga, A. 1)
 5. Rimwewo izwi rechiito rinofambirana neiri riri munaIsaya. 31:5, “kudzivivirira” (cf. Ekisodho. 12:13 webhaibheri reREB)
 6. Maungira emazwi ainyanyo shandiswa navaKristu vokutanga pakati pezwi rechiHebheru rokuti *pasha* nerechiGiriki rokuti *paschō*, “kutambura”

- C. Mimwewo mienzaniso yemazwi akadai munhoroondo
 - 1. Chibayiro chevafudzi chegoredzva
 - 2. Chibayiro nekudya pamwechete kunoitwa nerudzi rwenhenderekwa dzokumatunhu akadziva kuchamhembe kweAfrica, panguva yokuendesema matende avo kumafuro manyoro senzira yokudzivirira zvakaipa
 - 3. Chibayiro chokudzivirira zvakaipa kubva kunhenderekwa
- D. Zvinoita kuti pasava noruzivo rwakanaka rwechirevo cheizwi iri, pamwe nemabviro aro ndezvekuti pane muitiro wePasika unowanikwa munzira dzimwewo dzokupira dzakare.
 - 1. Dandaro mukutanga kwezhizha
 - 2. Kuumbwa nemabviro ezwi rinoreva zita iri haanyatsozivikanwi
 - 3. Rinehochekeche neunharire hwemanheru
 - 4. Kushandiswa kweropa
 - 5. Mifananidzo yengirozi nemadhimoni
 - 6. Kudya kwakanaka
 - 7. Zvokurima nokupfuya (chingwa chisina mbiriso)
 - 8. Pasina vapirista, aritari, zvakanagana nevagari

III. Chiitiko

- A. Chiitiko chaicho chakanyorwa munaEkirodho. 11-12.
- B. Mabiko egore roga roga aya akatsanagurwa munaEkirodho. 12 uye anobatanidzwa nemabiko emazuva masere echingwa chisina mbiriso.
 - 1. Pakutanga, aiva mabiko aiiwa pamugarisanwa, cf. Ekirodho. 12:21-23; Dhuteronomi. 16:5 (cf. Numeri. 9)
 - a. Pasina mupirista
 - b. Pasina aritari
 - c. Paine kushandiswa kweropa
 - 2. Akazova mabiko aiiwa panzvimbo yokupira
 - 3. Kubatanidzwa kwezvibayiro uku (kureva., ropa rehwayana rokurangarira kudanha kwengirozi yerufu) uye nemabiko okupemberera goho ayo aiiwa panzvimbo tsvene zvaiwa nokuisa mazuva azvo pedo nepedo, mumwedzi inoti *Abib kananisan* 14 na 15-21
- C. Miriro yokuva muridzi wemadangwe evanhu nemhuka nokudzikinurwa kwawo kunotsanagurwa munaEkirodho. 13

IV. Nhorondo yokuitwa kwayo

- A. Pasika yokutanga yakaitirwa muIjipita, Ekirodho. 12
- B. Pagomo reHorebhu/Sinai, Numeri. 9
- C. Pasika yokutanga yakaitirwa muKenani (Girigari), Joshua. 5:10-12
- D. Panguva yakakumikidzwa temberi naSoromoni, 1 Madzimambo. 9:25 na2 Makoronike. 8:12 (zvinofungidzirwa asi hazvina kunyatso donogodzwa)
- E. Iyo yakaitwa pakutanga kwaHezekiya, 2 Makoronike. 30
- F. Iyo yakaitwa panguva yeshanduko dzaJosiya, 2 Madzimambo. 23:21-23; 2 Makoronike. 35:1-18
- G. Tarira uone pana 2 Madzimambo. 23:22 na2 Makoronike. 35:18 kuti panotaurwawo nezvekurega kuchengetedza mitambo yegore kweIsiraeri

V. kukosha

- A. Aya ndiwo mamwe emabiko matatu epagore anotarirsirwa kuitwa (cf. Ekisodho. 23:14-17; 34:22-24; Dhuteronomi. 16:16)
 - 1. Pasika /chingwa chisina mbiriso
 - 2. Mutambo wemasvondo
 - 3. Mutambo wematumba
- B. Mosesi ndiye anopa mufananidzo wokutanga wezuva rinopembererwa pasika munzvimbo tsvene (sezvinoitwa mimwe mitambo miviri) munaDhuteronomi.
- C. Jesu anoshandisa chiitiko chechidyo chePasika (kana zuva riri mumashure mairoro) kuratidza chisungo chitsva muchimiro chechingwa newaini, asi haana kushandisa hwayana:
 - 1. Chidyo chemana rose
 - 2. Chibayiro cherudzikinuro
 - 3. Kukosha kwazvo kuzvizvarwa zvaizotevera

☐ **“Zvino Jesu akakwira Jerusarema”** VaJdha vaitaura nezveJerusarema munzira yezvidzidzo zvouMwari isingarevi Jerusarema seguta riri panyika.

2:14 “Mutemberi” Temberu yamambo Herodhi (uyo aiva muDhumiya akatonga Parastina makore 37-4B. C.) yaive yakaiswa makamuri anokwana manomwe. Kamuri yokunze ndiyo yaiva yava Hedheni, apo vatengesi vainge vakaisa zvitoro zvavo kuitira vaye vaida kubaya zvibayiro nemipiro.

☐ **“Mombe, makwai nenjiva”** Vanhu vaifamba kubva kumatunhu arikure vaida kutenga mhuka dzinotambirika sezvibayiro. Zvisineyi vemhuri dzava Pirista vakuru ndivo vaiona nezvezvitoro izvi uye vaitengesa mhuka idzi nemiripo mikuru kwazvo. Tinozivawo kuti vanhu vaiti kana vakauya nemhuka dzavo vaPirista vaidziramba vachiti dzainge dzisina kunaka. Naizvozvo vanhu vaitozofanira kutenga mhuka dzavatengesi ava.

☐ **“Navaitsinhanha mari”** Pane tsanagudzo mbiri dzinojekesa kudikwa kwevanhu ava (1) mari yendarama yaigamuchirwa netemberu yaiva yemashekeri. Sezvo mashekeri echiJudha akanga asisiri kuitwa nendarama, temberu yaigamuchira mashekeri okuTire munguva yaJesu kana (2) ndarama inemifananidzo yeRoma yaisa gamuchirwa. kuwana ndarama iyi kwairipiswa!

2:15 “Akaruka tyava yerwodzi, akabudisa mutemberu makwai nemombe” Kutsamwa kwaJesu kunoonekwa chaizvo muchiitiko ichi. Nzvimbo iyo yainge yakaitirwa kuziva Mwari, yakanga isisiri nzvimbo yokunamatira kana kuzviratidza kwaMwari!kutsamwa chaiko hakusi chivi!Zvinotaurwa naPauro munavaEfeso. 4:26 zvinogona kuva nehochekeche nechitiko ichi. Pane zvimwe zvinhu zvinofanira kutitsamwisa.

2:16 “Bvisai zvinhu izvozvo muno” Iyi ikumikidzo yekunongedza zvinofanira kuitwa (AORIST ACTIVE IMPERATIVE), “bvisai zvinhu izvozvo muno!”

☐ **“Musaita imba yababa vangu imba yokutengesera”** Apa pane chirevo chezvinofanira kuitwa pakare pakare (PRESENT IMPERATIVE) chine tsiudzo (NEGATIVE PARTICIPLE), icho chinoreva kumiswa kwezvirikuitwa. Dzimwe vhangeri, (semunaMateu. 21:13; Mako. 11:17; Ruka. 19:46) dzinotora mazwi kubva munalsaya. 56:7 naJeremiya. 7:11 panyaya iyi,

munaJohani maporofita etestamende yekare haana kutaurwa nezvawo. Izvi zvinogona kutsigirana nezvechiporofita chokuuya kwaMesiasi zviru munaZekariya. 14:21.

2:17” Vadzidzi vake vakarangerira” Mutsara uyu unoreva kuti, chero panguva youshumiri hwaJesu nokubatsira kweMweya, varume ava vaitozoziva zvokwadi yeMweya pamusoro pemabasa aJesu, pava paya. (cf. ndima. 22; 12:16; 14:26).

☐ **“Kwakanyorwa”** Ichi chibhende chokureva zvakaitwa (PERFECT PASSIVE PERIPHRASTIC) chinoreva kwazvo kwazvo kuti” zvakanyorwa.”Yaiva nzira yokureva nokutsigira kutusa kwetestamende yekare (cf. 6:31, 45; 10:34; 12:14; 20:30). Izvi zvakatorwa munaMapisarema. 69:9 mubhaibheri reLXX. Mapisarema aya, saMapisarema. 22, anofambirana zvikuru nokuriverwa kwaJesu. Kuzvipira kunaMwari kwaJesu pamwe nokunamata kwake kwezvokwadi ndiko kuchamurayisa, uko kwaiva kuda kwaMwari (cf. Isaya. 53:4, 10; Ruka. 22:22; Mabasa. 2:23; 3:18; 4:28).

2:18

NASB “Ungatiratidza chiratidzo cheiko, senzira yokuratidza masimba ako okuita zvinhu izvi”

NKJV “Ungatiratidza chiratidzo cheiko, zvaunoita zvinhu izvozvo”

NRSV “Ungatiratidza chiratidzo cheiko zvawaita izvi”

TEV “Ndoupi munana waungatiitira kuratidza kuti unekodzero yokuita izvozvo”

NJB “Ndechipi chiratidzo chaungatiitira kuti uite sezvizvi”

Uyu ndiwo mubvunzo mukuru waibvunzwa navaJudha pamusoro paJesu. VaFarisi vaiti samba rake rinobva kunaSatani (cf. 8:48-49, 52; 10:20). Ivo vaitarisira kuti Mesiasi aite zvinhu neimwe nzira. Paakarega kuita zvinhu izvi vakatanga kukatyamara naye (cf. Mako. 11:28; Ruka. 20:2), sezvokwadi chero naJohani mubhabhatidzi.

2:19 “Putsai temberi iyi, ini ndichaimutsazve namazuva matatu” ’Izwi rechiGiriki rokuti (*hieron*) mundima. 14 na15 rinoreva kwazvo kwazvo kuti nzvimbo yetemberi, iriwo rokuti (*naos*) mundima. 19, 20 na21 rinoreva panzvimbo tsvene chaipo. Pane nhaurwa huru kwazvo pamusoro pemutsa uyu. Zviripachena kuti munaMateu. 26:60ff; Mako. 14:57-59; Mabasa. 6:14, izvi zvinoreva kuroverwa kwaJesu nokumuka. Zvisineyi, muchirevo chechinyorwa chino, zvinofanirawo kureva kuparadzwa kweTemberi munaA. D. 70 naTito (cf. Mateu. 24:1-2). Mitsara miviri iyi inesungano nezvokwadi yokuti Jesu akanga achironga kunamata kutsva kwepaMweya kuchaitwa kuburikidza naye kwete nechiJudha chakare (cf. 4:21-24).

2:20 “Temberi yakavakwa namakore ana makumi mana ana matanhatu” Mambo Herodhi akavandudza nokuita patsva Temberi yepiri (kubva pamazuva aZerubhabhari, cf. Hagai) achiedza kunyengedza vaJudha nengari yokuti iye aiva muIdhumiya. Josephus anotiudza kuti yakatangwa kuvakwa muna 20 kana 19B. C. Kana izvi zviru zvechokwadi, zvinoreva kuti chiitiko ichi chakaitika mumakore 27-28 A. D. Tinozivawo kuti basa rokuvandudza Temberi rakaitwa kusvika gore ra64 A. D. Temberi iyi yakanga yava tariro huru yavaJudha (cf. Jeremiya. 7). Ichatsiviwa naiye Jesu pachake, anova ndiye Temberi itsva. Muna. 1:14, anodomwa seTabhanakeri uye seTemberi! Izvi ndizvo zvibhende zvinoshamisa pamusoro pomuvezi weNazareta! Mwari nevanhu zvino vosangana nokuwadzana munaJesu!

2:21 “Asi iye akanga achireva temberi yomuviri wake.”Panguva yakataurwa mazwi aya naJesu, vadzidzi vake havana kuanzwisisa (cf. ndima. 17). Rangarira kuti Johani anozo nyora kwapera makumi emakore izvi zvaitika.

Iye Jesu pazvima aiziva zvaainge ainga panyika. Panoratidza sokuti pane zvinangwa zvitatu.

1. Kuzoratidza Mwari
2. Kuzoumba vanhu chaivo
3. Kuzofira ruzhinji

Ndima ino inotaura zvikuru nezvechinangwa chokupedzisira ichi (cf. Mako. 10:45; Johani. 12:23, 27; 13:1-3; 17:1).

2:22 “Vadzidzi vake vakayeuka kuti akanga areva izvozvo” Nguva zhinji mazwi nemabasa aJesu zvaibatsira vadzidzi vake zvikuru kupfuura avo vaaitara navo. Nguva zhinji vadzidzi ava vaisanzwisisa pakarepo.

▣ **“Vakatenda Rugwaro neshoko”** Nyangwe zvazvo chinyorwa chisinga buritsi kuti rugwaro neshoko ripi, zvinoita sokuti ndiMapisarema. 16:10 iyo iri kurehwa naJesu (cf. Mabasa. 2:25-32; 13:33-35). Chinyorwa chimwechetecho ichi (chemaonero ezvidzidzo zvouMwari—okumuka kuvakafa) chinotarwawo nezvacho munaJohani. 20:9.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :2:23-25

²³Zvino nguva yaakanga ari Jerusarema pamutambo wePasika, vazhinji vakatenda kuzita rake, vachiona zviratidzo zvaaiita. ²⁴Asi Jesu haana kutendeseka navo, nokuti akanga achivaziva vose. ²⁵Akanga asingatsvaki zvokuti munhu mumwe apupure zvomunhu; nokutiakanga achiziva iye zviri mumunhu.

2:23 “vazhinji vakatenda kuzita rake” Izwi rokuti “vakatenda “rinobva pazwi rechiGiriki rokuti (*pisteō*) iro rinogona kushandurudzwa kuti” tenda, ““kutenda, “kana” ruvimbo.”Izwi rinoreva zita (NOUN) iri hariwanikwi muvhangeri raJohani, asi izwi riri muchimiro chokureva chiito (VERB) ndiro rinonyanya kushandiswa. Muchirevo chechinyorwa ichi, hazvinyatso zivikanwi kuti vanhu waitenda chaizvo izvo munaJesu weNazareta saMesiasi. Mimwewo mienzaniso yokushandiswa zvedambe kwezwi rokuti” tenda” kuri munaJohani8:31-59 naMabasa. 8:13, 18-24. Kutenda chaiko kwebhaibheri kwezvokwadi kunopfuura rudaviro rwokutanga. kunofanira kuteverwa noudzidzi (cf. Mateu. 13:20-22, 31-32).

Zviripachena kuti vatendi vedambe ava vainge vakwezverwa kwaari nezviratidzo zvake (cf. 2:11; 7:31). Chinangwa chavo chaiva chokuburitsa pachena humunhu nebasa raJesu. Zvisineyi, zvinofanira kuzivikanwa kuti kutenda mabasa aJesu kwakanga kusina kukwana, kutsungirira mukutenda (cf. 4:38; 20:29). Chinofanira kutendwa ndiye Jesu, pachake. Minana haisiri chiratidzo chouMwari (cf. Mateu. 24:24; Zvakazarurwa. 13:13; 16:14; 19:20). Mabasa aJesu aiitirwa kuti vanhu vatende maari (cf. 2:23; 6:14; 7:31; 10:42) kazhinji vanhu vaiona minana asi vairamba kutenda (cf. 6:27; 11:47; 12:37).

NHAURWA INOKOSHA:MASHANDISIRWO ANOITWA IZWI RECHIITO (VERB) ROKUTI “TENDA” (rinoreva zita hariwanikwi)

Johani anobatanidza izwi rokuti” tenda “nechirevamwene

1. Vara rokuti ‘*eis*’rinoreva kuti” mu.”uyu muumbirwo wemutsara unokumikidza vatendi kuti vavimbe nokutenda munaJesu
 - a. Muzita rake (Johani. 1:12; 2:23; 3:18; 1Johani. 5:13)
 - b. Maari (Johani. 2:11; 3:15, 18; 4:39; 6:40; 7:5, 31, 39, 48; 8:30; 9:36; 10:42; 11:45, 48; 12:37, 42)
 - c. Mandiri (Johani. 6:35; 7:38; 11:25, 26; 12:44, 46; 14:1, 12; 16:9; 17:20)
 - d. Muna iye waakatuma (Johani. 6:28-29)
 - e. Mumwanakomana (Johani. 3:36; 9:35; 1Johani. 5:10)
 - f. munaJesu (Johani. 12:11)
 - g. Muchiedza (Johani. 12:36)
 - h. munaMwari (Johani. 12:44; 14:1)
2. vara rokuti ‘*ev*’rinoreva kuti” mu.”semunaJohani. 3:15 (Mako. 1:15)
3. Muchimiro chezvaitarisirwa pazuma (DATIVE CASE) pasina chirevamwene (Johani. 4:50; 1Johani. 3:23; 5:10)
4. Vara rokuti ‘*hoti*’rinoreva kuti” tenda kuti, “rinonongedza zvinofanira kutendwa. mifananidzo ndeinoti
 - a. Jesu ndiye mutsvene waMwari (6:69)
 - b. Jesu ndiye ndini (8:24)
 - c. Jesu ari munababa uye baba vari maari (10:38)
 - d. Jesu ndiye Kristu (11:27; 20:31)
 - e. Jesu ndiye mwanakomana waMwari (11:27; 20:31)
 - f. Jesu akatumwa nababa (11:42; 17:8, 21)
 - g. Jesu ndiye mumwe nababa (14:10-11)
 - h. Jesu akabva kunababa (16:27, 30)
 - i. Jesu akazvidoma muzita rechisungo rababa, “ndini” (8:24; 13:19)

Kutenda kwebhaibheri kuri mumunhu pamwe neshoko!kunoratidzwa nokuteerera, rudo pamwe nokutsungirira.

2:24-25 Ndima yose iyi inoumba mutsara mumwe mururimi rwechiGiriki. Izwi rinopa chirevo kumutsara rokuti “kutendeseka” chirevo chetsiudzo/mhingo yezvakaitwa (IMPERECT ACTIVE INDICATIVE) zvezwi rokuti” tenda.”chinoshandiswa muchirevo chokutsanangura zviito nechimiro chemafungiro aJesu. Zvinoreva zvakakura kupfuura kubvuma kwedengetera kworudaviro rwokutanga. Mutara uyu unoratidzawo kuti Jesu aiziva uzengeya nokuipa kwemwoyo wemunhu (kuratidza kuziva kwaMwari, cf. Genesi. 6:11-12, 13; Mapisarema. 14:1-3). Ganhuro iyi inojekeswa naNikodhimo muchikamu chetatu. Chero ivo “vokuzviti vanamati” namabasa, noruzivo, nechimiro kana dzinza vakakona kugamuchirwa naMwari. Kururama kunouya chete nokutenda/rutendo nokuvimba munaJesu (cf. vaRoma. 1:16-17; 4).

MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Ko Jesu akashandurirei mvura ikava waini?zvaimirirei?
2. Tsanangura nzira dzokuwanana panguva yaJesu.
3. Ungatara mufananidzo weTemberi yamambo Herodhi here?ungakwanisa kuratidza apo paishandira vatengesi nevatengi here?
4. Sei vhangeri dzokutanga ina dzisinganyori nezvekucheneswa kweTemberi?
5. Ko Jesu akafembera nezvekuparadzwa kweTemberi yamambo Herodhi here?
6. Dudza nokutsanagura izwi rechiGiriki iro rinoshandurudzwa richireva kuti “ruvimbo, “tenda, “na” kutenda.”

JOHANI 3

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Jesu naNjikodhimo 3:1-15	Kuberkwa Patsva 3:1-21	Jesu nechijudha 3:1-10	Jesu NaNjikodhimo 3:1-2 3:3 3:4 3:5-8 3:9 3:10-13	Nhaurirano naNjikodhimo 3:1-8 3:9-21
3:16-21		3:11-15 3:16 3:17-21	3:14-17 3:18-21	
Jesu naJohani mubhabhatidzi 3:22-30	Johani anorumbidza Kristu 3:22-36	Kupupura kwaJohani 3:22-24 3:25-30	Jesu naJohani 3:22-24 3:25-26 3:27-30	Johani anopupura kokutanga 3:22-24 3:25-36
Iye anobva kudenga 3:31-36		3:31-36	Iye anobva kudenga 3:31-36	

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo

rokujeverera chinangwa chomunyori. Ndiyo zve hwaro hwepirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :3:1-3

¹Kwaivapo mumwe wavaPirista wva Farisi, ainzi Nikodhimo, mukuru wava Judha. ²Iye akauya kwaari usiku, akati kwaari, “Rabhi, tinoziva kuti muri mudzidzisi akabva kunaMwari; nokuti hakuna munhu anogona kuita zviratidzo izvozvo zvamunoita, kana Mwari asiri naye.”

³Jesu akapindura, akati, kwaari” zvirokwazvo zvirokwazvo, ndinoti kwauri, kana munhu asingaberekwi kutsva, haangaoni ushe hwaMwari.”

3:1 “vaFarisi” Bato iri rezvekunamata /matongerwo enyika rakavapo kare panguva yokupandukira Siriya kwakaita vaJudha. Zita ravo iri rinogona kureva kuti “avo vakasanangurwa.” Vaichengetedza mirayiro yaMwari zvikuru, sezvino tsanangurwa mudzidziso yechiJudha (Talmud). Chero nanhasi vamwe vavo vaiva vanhu vechisungo vezvokwadi (Nikodhimo, Josefa weArimatiya), asi vamwe vavo vaizviita vachengeti vomurayiro, vachitonga vamwe nokuzviita vanhu vechisungo vakarurama (cf. Isaya. 6:9-10; 29:13). Mwoyo ndiwo shanguriro!” chisungo chitsva (Jeremiya. 31:31-34) chinobata murangariro womukati (kureva., mwoyo mutsva, pfungwa itsva, murayiro wakanyorwa pamwoyo). Mabasa evanhu agara asina kuperera. Kuchechedzwa kwemwoyo kwemuna Dhuteronomi. 10:16; 30:6 idimikira rokureva ruvimbo nokutenda pazvima uko kunounza kuteerera pamwe noupenyu hwomufaro!

Rumhangapanga norukombokombo rwekunamata zvinogona kuva zvinhu zvakashata zvikuru. Zvidzidzo zvouMwari zvinofanira kuunza rudo nokutenda. Tarira nhaurwa inokosha :vaFarisi pa 1:24.

☐ **“Nikodhimo”** Zvinoshamisa kuwana muJudha muParastina anezita rimwechete uye rechiGiriki (saFiripi naAndireya, cf. 1:40, 43), iro raireva kuti “mukundi wavanhu” (cf. 7:50; 19:39).

☐

NASB, NKJV “Mutongi wavaJudha”

NRSV, NJB “Mutungamiri wavaJudha”

TEV “Mutungamiri wechiJudha”

Muchirevo chechinyorwa chino, uyu ndiwo mutsara waishandiswa kureva nhengo yedare revaJudha (nezvimwewo zvirevo, zvinogona kureva mutungamiri weSinagoge), nhengo yedare guru revaJudha muJerusarema, iro raiva nenhengo makumi manomwe. Masimba edare iri akanga akaganhurwa nevaRoma, asi zvakadaro raikosha zvikuru kuvaJudha. Tarira nhaurwa inokosha inotevera.

Zvinoita sokuti Johani anoshandisa Nikodhimo somumiririri wechinamato chechiJudha chakare chamakore zana okutanga. Avo vaifunga kuti vainge vasvika pamweya vaiudzwa kuti vatange patsva. Kutenda munaJesu, kwete kutevera murayiro (chero mirayiro yaMwari, cf. VaKorose. 2:16-23), kana rudzi (cf. 8:31-59), ndizvo zvinopa rutemo rwougaro hwomunhu muushe hwokudenga. Chipa chaMwari munaKristu, kwete kushangazhika kwevanhu muzvinamato, ndiwo musiwu kukugamuchirwa kutsvene. Kubvuma kwakaitwa naNikodhimo kuti Jesu aiva mudzidzisi akabva kunaMwari, chero kwaiva kwechokwadi, kwakanga kusina kuperera. Kuvimba pazvima, kuvimba zvakwadi, kuvimba zvakaperera munaJesu saMesiasi ndiyo tariro yevatadzi yoga (cf. 1:12) !

NHAURWA INOKOSHA:DARE RAVAPIRISTA VAKURU

I. Mabviro ehorokodzwa

- A. Testamende itsva pachayo
- B. Gwaro raFlavius Josephus rinonzi, nhorondo yakare yevaJudha” *Antiquities of the Jews*”
- C. Mbadzi yeMishnah yegwaro redzidziso yevaJudha” Talmud” (gwaro pfupi” dare revapirista vakuru’sanhedrin’ “)

Dambudziko nderokuti testamende itsva nezvinyorwa zvaJosephus hazvibvumirane nezvinyorwa zvevadzidzisi vechiJudha/vaRabhi, izvo zvinoti kwaiva nematare mukuru aya maviri muJerusarema, rimwe raiva rava Pirista (kureva., vaSadhusi), raitungamirwa nomuPirista mukuru uye richitonga mhosva dzose, repiri rinonzi raitungamirwa nevaFarisi nevanzveri vamagwaro, iri raibata nyaya dzokunamata netsika nemagariro. Zvisineyi, zvinyorwa zvavaRabhi izvi ndevze makore mazana maviri okutanga (A. D. 200) uye rinoratidza chimiro chetsika nemagariro mushure mokupambwa kweJerusarema nemurwi wechiRoma, Tito, munaA. D. 70. vaJudha vakaumba chinamato chavo muguta rainzi Jamnia (kureva., munaA. D. 118) vakazoenda kuGaririya.

II. Mazwi anoshandiswa

Dambudziko rokudoma dare iri rinobva pamazita akasiyana arinozivkanwa nawo. Pane mazita akawanda anoshandiswa kureva matare aya muJerusarema.

- A. *Gerousa*—“dare repamusoro” kana “dare.”iri ndiro zita rakareraraidanwa naro, nechekumapeto kwenguva yekuPersia (cf. gwaro raJosephus” *Antiquities* 12. 3. 3 na2 *Maccabees*11:27). Rinoshandiswa naRuka munaMabasa. 5:21 pamwe nerokuti” dare guru” (Sanhedrin). Inogona kuva yakanga iri nzira yokutsnangura zita iri kunavaverengi vemutauro wechiGiriki (cf. 1 Macc. 12:35).
- B. *Synedrion*—“Sanhedrin.”iri izwi remubatanidzwa wevara rokuti ‘syn’ (pamwe ne) nerokuti ‘hedra’ (chigaro). Zvinoshamisawo kuti izwi iri rinoshandiswa mururimi rweAramaic, asi rinoratidza kuva rechiGiriki. Pakunopera kwenguva ye’Maccabean’izwi iri rakanga ratova iro rainan’anura dare guru revaJudha muJerusarema (cf. Mateu. 26:59; Mako. 15:1; Ruka. 22:66; Johani. 11:47; Mabasa. 5:L27).

Dambudziko rinozovapo kana mazwi mamwechetewo avakushandiswa kureva mamwewo matare asiri muJerusarema (cf. Mateu. 5:22; 10:17).

- C. *Presbyterion*—“dare revatana” (cf. Ruka. 22:66) iyi inan’anuro yaishandiswa mutestamende yekare kureva vatungamiri vedzinza. Zvisineyi rakazoreva dare guru muJerusarema (cf. Mabasa. 22:5).

- D. *Boule*—Izwi iri rokuti” dare “rinoshandiswa naJosephus (semuna., ’wars’Hondo. 2. 16. 2; 5. 4. 2, asi kwete mutestamende itsva) kureva mapazi ezvemutemo akawanda (1) dare guru muRoma; (2) mamwe matare muRoma; (3) dare guru revaJudha muJerusarema; ne (4) mamwewo matare echiJudha. Josefa weArimatiya anotsanagurwa senhengo yedare iri nezwi rokuti (sokuti” *Bouleutes*, “izvo zvinoreva kuti” gurukota, “cf. Mako. 15:43; Ruka. 23:50).

III. Kuvandudzwa munhoroondo

Pakutanga zvinonzi Ezira akamisa Sinagoge huru (cf. Rwiyo rukuru rwaSoromoni. 6:1 mushandurudzomuchidimbu yebhaibheri mururimi rweAramaic’Targum’) munguva yokunopera kwoudzingwa, iyo inoratidza kuva ndiyo yakazova dare guru revaJudha munguva yaJesu.

- A. Gwaro redzidziso yemitemo yechiJudha (Mishnah[Talmud]) rinonyora kuti kwaiva namatare maviri muJerusarema (cf. Snh. 7:1).
1. Rimwe raiva nenhengo makumi manomwe kana makumi manomwe neimwe (*sandl:6* rinotiwo Mosesi ndiye akaumba dare rokutanga munaNumeri. 11, cf. Numeri. 11:16-25).
 2. Rimwe raiva nenhengo makumi maviri nenhatu (asi izvi zvinogona kureva mamwe matare madiki emasinagoge).
 3. Vamwe vanzveri vemagwaro vanoti kwaiva nepoka matatu ematare anenhengo makumi maviri nenhatu rimwe nerimwe muJerusarema. Zvinonzi zvaiti kana mapoka ematare aya asangana pamwe nevatungamiri vakuru vaviri, aizoumba dare guru rinenhengo makumi manomwe ane imwe (mumagwaro anoti re” *Nasi” nere” Av Bet Din*).
 - a. Rimwe revaPirista (kureva., vaSadhusi)
 - b. Rimwe romutemo (kureva., vaFarisi)
 - c. Rimwe revatongi (kureva., vakuru)
- B. Mushure mokupera kweudzingwa, dzinza raDhavhiti rakadzoka kwaiva na Zerubhabheri uyewo rakadzoka raAroni kwaiva na Joshua. Mushure mokufa kwaZerubhabheri, hakunazve dzinza raDhavhiti rakaenderera mberi, saka simba rematare rakatorwa nevaPirista (cf. 1Macc. 12:6) nevatungamiri venharaunda (cf. Nehemiya. 2:16; 5:7).
- C. Basa revaPirista mumatare rakanyorwa naDiodorus. 40:3:4-5 munguva youtongo hwemaGiriki (Hellenistic).
- D. Basa ravaPirista muhurumende rakaenderera mushure mokufa kwa Alexander. Josephus anatora mashoko aAntiochus wetatu (223-187 B. C.) mugwaro rake re” *Antiquities 12. 138-142.*”
- E. Simba revaPirista rakaenderera mberi kusvika munguva yokupandukirwa kweSiria nevaJudha, maringenezvinyorwa zvaJosephus” *Antiquities 13. 10. 5-6; 13. 15. 5*”
- F. Munguva youtongo hwevaRoma, mutungamiri weSiria (kureva., Gabinius, 57-55 B. C.) akaunza matare ematunhu mashanu (cf. gwaro raJosephus” *Antiquities 14. 5. 4. ; nere’Wars, hondo. 1. 8. 5* “).
- G. Dare guru re” Sanhedrin” rakambokakavadzana namambo Herodhi (gwaro raJosephus’ *Antiquities*’14. 9. 3-5) uyo akazopindura nokuuraya ruzhinji rwevedare iri (cf. Josephus’ *Antiquities*’14. 9. 4; 15. 1. 2).
- H. Panguva yeavo vaitungmira vachishandira vaRoma (kureva., mumakore A. D. 6-66) Josephus anotiudza kuti (*Antiquities*) dare iri rakavawo nemasimba kwazvo (Mako. 14:55). Pane kutonga kwedare kunokwana kutatu mutestamende itsva kunoitwa

- nedare iri richitungamirwa nemuPirista mukuru.
1. Kutongwa kwaJesu (cf. Mako. 14:53-15:1; Johani. 18:12-23, 28-32)
 2. Petirosi naJohani (cf. Mabasa. 4:3-6)
 3. Pauro (cf. Mabasa. 22:25-30)
- I. VaJudha pavakapanduka munaA. D. 66, vaRoma vakabva vaparadza Jerusarema pamwe netsika nemagariro evaJudha mugore raA. D. 70. Dare guru revaJudha iri rakabva raparadzwawo, nyangwe zvazvo vaFarisi paJamnia vakaedza kuumba dare guru (kureva., *Beth Din*) kuti riwanikwe mukurarama nokunamata kwevaJudha (asi kwete munezvematomgerwo enyika).
- IV. Nhengo dzaro
- A. Kutaurwa kwokutanga pamusoro pedare guru mubhaibheri kunowanika muna2 Makoronike. 19:8-11. raive rakaumbwa ne (1) vaRevhi; (2) vaPirista; ne (3) vatungamiri vemhuri (kureva., vakuru, cf. 1 Macc. 14:20; 2 Macc. 4:44).
 - B. Panguva ykupanduka kwavaJudha, dare iri raitungamirwa nava (1) mhuri dzevaPirista vechiSadhusi ne (2) vatongi vemunharaunda (cf. 1 Macc. 7:33; 11:23; 14:28). Pava paya munguva iyoyo zvakare rakazovawo “navanzveri vemagwaro” (magweta emurayiro waMosesi, kazhinji vaFarisi) vakazowedzerwa kwazvo kwazvo nemudzimai waAlexander Janneus ainzi Salome (76-67 B. C.). Mudzimai uyu anotonzi ndiye akaita kuti vaFarisi vave nesimba zvikuru mumatare aya (gwaro raJosephus ; hondo dzevaJudha” *Wars of the Jews I. 5. 2*).
 - C. Panguva yaJesu, dare iri raibatandiza
 1. Mhuri dzevaPirista vakuru
 2. Varume vemunharaunda vaive vakapfuma
 3. Vanzveri vamagwaro (cf. Ruka. 19:47)
- V. Magwaro akatsvagwa humboo
- A. Duramazwi raJesu nevhangeri” *Dictionary of Jesus and the Gospels, IVP, pp. 728-732*”.
 - B. Duramazwi guru remifananidzo yebhaibheri reZondervan” *The Zondervan Pictorial Encyclopedia of the Bible, vol. 5, pp268-273*”
 - C. Duramazwi idzva reSchaff Herzog reruzivo rwezvekunamata” *The New Schaff Herzog Encyclopedia of Religious Knowledge, vol. 10, pp. 203-204*”
 - D. Duramazwi romupirikiri rebhaibheri” *The interpreters Dictionary of the Bible, vol. 4, pp. 214-218*
 - E. Duramazwi guru rechiJudha “*Encyclopedia Judaica, vol. 14, pp. 836-839*”

3:2” Usiku” Vadzidzisi vechiJudha vaiti ivo husiku ndiyo nguva yakanaka yokuverenga nokudzidza murayiro nokuti kunenge kuisina zvibingaidzo. Zvinogonawo kuti Nikodhimo aisada kuonekwa ainaJesu saka iye (pamwewo nevamwe vaiva naye) akauya kwaari usiku. Zvinoshamisa muzvinyorwa zvaJohani ndezvekuti mupirikiri angatarisira kangani kusangana nezvirevo zvonnyambiri. Zvinyorwa zvaJohani zvinozivikanwa nedzokororo yokusiyaniswa kwerima nechiedza (tarira bhaibheri reNET, p. 189, #7sn).

▣ **“Rabhi”** Muna Johani izvi zvinoreva kuti “mudzidzisi” (cf. 1:38; 4:31; Mako. 9:5; 11:21). Chinhu chainyanya kutambudza vatungamiri vechiJudha ndechokuti Jesu akanga asina kumbodzidza muzvikoro zvevadzidzisi vechiJudha. Akanga asina kudzidzia dzidziso yetsika nemagariro echiJudha muNazareta.

▣ **“Akabva kunaMwari”** Musumbutsumbu wemazwi uyu unoiswa pokutanga senzira yokukumikidza. Izvi zvinogona kunge zvichitsigira chiporofita chomuna Dhuteronomi. 18:15, 18. Nikodhimo akaona simba remabasa nemashoko a Jesu, asi izvi hazvirevi kuti iye akanga akarurama pamweya kuna Mwari.

▣ **“kana Mwari asiri naye”** Uyu mutsara unonongedza zvinogona kuitika (THIRD CLASS CONDITIONAL STATEMENT).

3:3, 5, 11” Zvokwadi, zvokwadi” Izvi zvinoreva kwazvo kwazvo kuti” ameni, ameni.”Zvakabva pazwi remutestamende yekare rokuti” kutenda.”rinobva pamabviro okuti” kusimba” kana” kuva nechokwadi.”Jesu anorishandisa kuzarura mitsara inokosha. Rakazoshandiswawo kutsigira mitsara yezvokwadi. kushandiswa kwaro muunyambiri kunowanikwa muvhangeri ya Johani chete. kudzokororwa ruviri ruviri kwezwi rokuti” ameni” kunoratidza nhanho munhaurirano ya Jesu na Nikodhimo. Tarira nhaurwa inokosha: Ameni pa 1:51.

3:3 “kana munhu” Uyu mutsara unonongedza zvinogona kuitika (THIRD CLASS CONDITIONAL STATEMENT), semutsara wa Nikodhimo muna. 3:2.

▣

NASB, NKJV,

TEV “Berekwi kutsva”

NRSV, NJB “Berekwi kubva kumusoro”

Uyu mutsara unonongedza chiitiko chinogona kuitwa (AORIST PASSIVE SUBJUNCTIVE). Izwi rokuti (*anōthen*) rinogona kureva kuti

1. “kuberekwa chaiko panyama rwepiri”
2. “kuberekwa kubva pakutanga” (cf. Mabasa. 26:4)
3. “kuberekwa kubva kumusoro, “uko kunofambirana nechirevo chechinyorwa chino (cf. 3:7, 31; 19:11)

Uyu unogona kuva mumwe muenzaniso wa Johani wokushandisa mazwi anezvirevo zviviri (double entendre), ose ari echokwadi (cf. verenga gwaro rava Bauer, Arndt, Gengrich nava Danker rinonzi, duramazwi rechi Giriki nechirungu retestamende itsva” *A Greek—English Lexicon of the New Testament*, p. 77). sezvagara zvichiitika kubva kundima. 4, Nikodhimo anozvinzwisisa setsanangudzo yokutanga. Johani na Petirosi (cf. 1 Petirosi. 1:23) vanoshandisa dimikira iri kureva ruponeso sekushandiswa kunoitwa na Pauro izwi rechirevo chemhuri rokuti kuiswa muukama hutsva. Nyaya iri pakuita kwababa vachiva nemwana (cf. 1:13) Ruponeso kuita uye chipo cha Mwari (cf. 1:12-13; va Roma. 3:21-24; 6:23; va Efeso. 2:8-9).

▣ **“Haangaoni”** Tsumo iyi inofananidzwa neyemundima. 5 inoti” haangapinde.”

▣ **“ushe hwaMwari”** Mutsara uyu unoshandiswa ruviri chete muna Johani (cf. ndima. 5) Iyi inyaya huru kwazvo muvhangeri dzose. Mharidzo dza Jesu yokutanga pamwe neyokupedzisira, pamwe nemifananidzo yake, zvinobata nhaurwa iyi. Inoreva kutonga kwa Mwari mumwoyo yevanhu izvozvi! Zvinoshamisa kuti Johani anoshandisa mutsara uyu ruviri chete (uye kwete mumienzaniso ya Jesu). Tarira nhaurwa inokosha inotevera. Kuna Johani “upenyu nokusingaperi” mutsara uye dimikira guru.

Mutsara uyu unehochekoche nedzidziso yemagumo yaJesu. Iri gangaidzo rezvidzidzo zvouMwari rokuti “zvakaatika, asi zvisati rinesungano nepfungwa yechiJudha yenguva mbiri, ino youipi neyekururama ichauya iyo ichasimbisa naMesiasi. VaJudha vaitarisira kuuya kamwe kwemutungamiri weMweya weuto (sevatongi mutestamende yekare). Kudzoka ruviri kwaJesu kwakakonzera kupindana pindana kwenguva mbiri idzi. Ushwe hwaMwari hwakapinda munhoroondo yevanhu nokuita zimukadzimu paBheterehema. Zvisineyi, Jesu akauya kwete semukundi wehondo wemunaZavakazarurwa 19, asi somuranda anotambudzika (cf. Isaya. 53) uye mutungamiri anozvinipisa (Zekariya. 9:9). Naizvozvo, ushwe hwaMwari hunosimbiswa (cf. Mateu. 3:2; 4:17; 10:7; 11:12; 12:28; Mako. 1:15; Ruka. 9:2, 11; 11:20; 21:31-32) asi haumunyungidzwe (cf. Mateu. 6:10; 16:28; 26:64).

Vatendi vanorarama mumakakatanwa enguva mbiri idzi. Vane hupenyu hwokumuka kuvakafa, asi vachiri kufa panyama. Vakasunungurwa kubva kusimba rezvivi, asi vanongotadza. Vanorarama munguva yemakakatanwa emagumo ezvakaitika nezvisati!

Tsanangudzo inobatsira yemakakatanwa pakati pezvakaitika nezvisati muvhangeri yaJohani, inowanika mugwaro ravaFrank Stag, rinonzi, zvidzidzo zvouMwari zvetestamende itsva” *New Testament Theology:*” Vhangeri yaJohani inotaura zvakasimba nezveremangwana ririkuuya (14:3, 18 f., 28; 16:16, 22) uye inotaura zvakajecha pamusoro pekumuka kuvakafa nokutongwa’pazuva rokupedzisira’ (5:28 f. ; 6:39 f., 44:54; 11:24; 12:48) ; asi muvhangeri yechina iyi, upenyu nokusingaperi, kutongwa, nokumuka kuvakafa zviri muchimirochezvinhu zvirikutozoitika izvozvi (3:18 f. ; 4:23; 5:25; 6:54; 11:23ff. ; 12:28, 31; 13:31f. ; 14:17; 17:26) “(p. 311).

NHAURWA INOKOSHA:HUTONGO HWAMWARI

Mutestamende ekare Mwari’YHWH’ndiye ainzi mambo weIsiraeri (cf. 1 Samueri. 8:7; Mapisarema. 10:16; ; 24:7-9; 29:10; 44:4; 89:18; 95:3; Isaya. 43:15; 44:6) uye Mesiasi achinzi ndiye mambo wemazvokwadi (cf. Mapisarema. 2:6; Isaya. 9:6-7; 11:1-5). Nokuberekwa kwaJesu paBheterehema (6-4 B. C.) Hushe hwaMwari hwakapinda munhoroondo yevanhu nesimba idzva nerudzikinuro (chisungo chitsva, cf. Jeremiya. 31:31-34; Ezekieri. 36:27-36). Johani mubhabhatidzi akadanidzira nezvekuva pedo kweushwe hwaMwari (cf. Mateu. 3:2; Mako. 1:15). Jesu akadzidzisa zvakajecha kuti hushe hwaMwari hwaiva maari nedzidziso yake (cf. Mateu 4:17, 23; 9:35; 10:7; 11:11-12; 12:28; 16:19; Mako. 12:34; Ruka. 10:9, 11; 11:20; 12:31-32; 16:16; 17:21). Asi hushe huri muneremangwanawo (cf. Mateu. 16:28; 24:14; 26:29; Mako. 9:1; Ruka. 21:31; 22:16, 18).

Mukufambira kwevhangeri yaMako neyaRuka, tinoona mutsara wokuti” hushe hwaMwari.”Iyi nhourwa yedzidziso yaJesu kuvapo zvino kweutongo hwaMwari mumwoyo yevanhu, uko kuchazo munyungidzirwa munyika yose rimwe zuva. Izvi zvinoratidzwa mumunamato waJesu munaMateu. 6:10. Muvhangeri yaMateu iyo yakanyorerwa kuvaJudha, makasarudzwa kusashandisa izwi rokuti Mwari (hushe hwedenga), ukuwo, vhangeri yaMako naRuka idzo dzakanyorerwa vaHedheni, dzakashandisa nan’anuro yezita rouMwari.

Uyu ndiwo mutsara unokosha muvhangeri dzose dziri ina. Mharidzo dzaJesu dzose dziri mbiri yokutanga neyokupedzisira, uye nemifananidzo yake, zvinobata nhourwa iyi. Iyo inotaura nezvekutonga kwaMwari mumwoyo yevanhu zvino ! Zvinoshamisa kuti Johani anoshandisa mutsara uyu ruviri chete (uye kwete mumifananidzo aJesu). Muvhangeri yaJohani “upenyu nokusingaperi” idimikira guru kwazvo.

Makakatanwa emutsara uyu anokonzerwa nokuuya kaviri kwaKristu. Testamende yekare inotaura nezvekuuya kamwe kwaMesiasi—kuuya kwemukuru wehondo, anotonga uye kuuya kunobwinya—asi Testamende itsva inoratidza kuti akauya kwokutanga semuranda anotambudzika anorehwa munaIsaya. 53 uye ishe anozvinipisa anorehwa munaZekariya. 9:9. Nguva mbiri dzechiJudha, nguva youipi nenguva itsva yokururama, dzinoita bindepinde. Jesu anotonga izvozvi mumwoyo yevatendi, asi nerimwe zuva, achatonga zvisikwa zvose. Achauya sezvinorehwa mutestamende yekare!vatendi vanorarama” muzvakaitika” maringe ne” zvisati” zveushe hwaMwari (cf. verenga gwaro ravaGordon D. Fee nava Douglas Stuart, rinonzi, Maverengerwo ebhaibheri zvariri zvose” *How to Read The Bible For All Its Worth, pp. 131-134*”).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :3:4-8

⁴ Nikodhimo akati kwaari, “Munhu angagoberekwa Seiko ava mukuru?Angapindazve mudumbu ramai vake rwechipiri, akaberekwa here?⁵Jesu akapindura, akati” Zvirokwazvo zvirokwazvo, ndinoti kwauri, kana munhu asingaberekwi nemvura neMweya, haangagoni kupinda muushe hwaMwari. ⁶Chakaberekwa nyama inyama, chakaberekwa noMweya Mweya. ⁷Usashamiswa, nokuti ndakati kwauri, munofanira kuberekwa kutsva. ⁸Mhepo inovhuvhuta painoda napo, unonzwa izwi rayo, asi hauzivi painobva napainoenda; mumwe nomumwe akaberekwa naMweya akadaro.”

3:5 “kana munhu asingaberekwi nwmvura neMweya” Uyu mutsara unonongedza zvinogona kuitika (THIRD CLASS CONDITIONAL STATEMENT). Panogona kuva nemusiyano (aya ndiwo manyorerero aJohani chaiwo) pakati pe

1. Nyama maringe neMweya (hapana izwi rinonongedza “Mweya”)
2. Zvepanyika maringe nezvedenga

Musiyano unoburitswa mundima. 6

Mafungiro pamusoro pechirevo che” mvura “ndeanoti

1. vaRabhi vanoshandisa chirevo chemvura kureva mbeu yemunhrume
2. Mvura inobuda pakusununguka mwana
3. Rubhabhatidzo rwaJohani urwo runomirira kutendeuka (cf. 1:26; 3:23)
4. Chirevo chemutestamende yekare chokureva kumwaiya neMweya (cf. Ezekieri. 36:25-27)
5. Rubhabhatidzo rwechiKristu (nyangwe zvazvo Nikodhimo asina kunge azvinzwisisa nenzira iyoyo, iyo yakatanga kutaurwa naJustin naIrenaeus)

Mumaonero emafungiro echinyorwa chino tsanagudzo yetatu ndiyo yakanaka—Rubhabhatidzo rwemvura rwaJohani uye nezvaakataura pamusoro pokubhabhatidza neMweya kwaMesiasi—zvinofanira kuva ndizvo zvirokwazvo zviripachena. Naizvozvo maonero etsanagudzo yekutanga haate. Nyangwe zvazvo Nikodhimo aisakwanisa kunzwisisa mazwi aJesu sokureva kuzobhabhatidzwa kwevakristu, Johani mupositori anowanzopinza maonero ake ezvidzidzo zvouMwari mumazwi enhoroondo aJesu (cf. ndima. 14-21) Maonero eperi anofambirana nehunyambiri hwaJohani hwekumusoro nepasi, muvanzarira waMwari nemuvanzarira wenyika. Mukududzira mazwi aya unofanira kuona kuti arikusiyana here (okutanga kana eperi) kana kuti anoshandidzana (echina).

Gwaro rava D. A. Carson rinonzi, nhema dzeongororo yemagwaro “*Exegetical Fallacies*, “rinotaura nezve mamwe maonero:kuti mazwi ose aya anoreva kuberekwa kumwechete,

kuberekwa kwemagumo kunofambirana naEzekieri. 36:25-27, inotsanangura “chisungo chitsva” chakarehwa munaJeremiya. 31:31-34 (p. 42).

VaF. F. Bruce mugwaro ravo rinonzi, mhinduro dzemibvunzo” *Answers to Questions*, “vagoonawo sokuti gwaro raEzekieri serutsigiro rwemazwi aJesu mutestamende yekare. Inogonawo kunge yaireva kubhabhatidzwa kwevatendi vatsva, uko kunofanirawo kuitwa naNikodhimo, mukuru wevadzidzisi vechiJudha/vaRabhi! (p. 67).

▣ **“Hushe hwaMwari”** chimwe chinyorwa chechiGiriki chakare (kureva., MS N) nevatungamiri vekerekke vakawanda, vanoshandisa mutsara wokuti” hushe hwedenga, “uyo unonyanya kuwanikwa muvhangeri yaMateu. Zvisineyi, mutsara wokuti” hushe hwaMwari” unowanikwa mundima. 3 (ndima. 3 na 5 ndimo chete munowanikwa mutsara uyu chete muvhangeri yaJohani). Johani achinyorera kuvaHedheni (sezvinoita Mako naRuka), havashandisi madimikira echiJudha okureva Mwari.

3:6 Uwu hunyambiriwo (pamusoro maringe nepasi) uhwo hunonyanya kuwanikwa muvhangeri yaJohani (cf. ndima. 11).

3:7” Usa.... muno” vara rokutanga riri muhumwe, richireva Nikodhimo, asi rechipiri riri muuwandu, kureva chimiro chokureva vanhu vose (kutura kumwe muhumwe nouwandu mundima. 11).

Apa unogona kuedzwa zvokupirikira izvi nemaitiro echiJudha okuvimba nerudzi rwavo (cf. 4:12; 8:53). Johani, achinyorwa nechekumapeto kwemakore zana okutanga, anotarisa wo nedzidziso yeavo vaisanganisa vhangeri nemafungiro avo pamwe nekuzvikudza nokuda kwerudzi kwevaJudha.

▣ **“Fanira”** Izwi rechiito rechiGiriki rokuti ‘*dei*’ (rinoreva kwazvo kwzvo kuti” zvinokosha, “(BAGD 172), riri muchirevo chezvinofanira kuitwa (PRESENT ACTIVE INDICATIVE) rinoshandiswa rutatu muchikamu chetatu (ndima. 7, 14, 30). Rinonongedza zvinhu zvinofanira kuitikira kuenda mberi kwehurongwa hwaMwari (cf. 4:24; 9:4; 10:16; 12:34; 20:9)

3:8 Pano panedambetambe nezwi rechiHebheru (nerechiAramaic) rokuti (*ruach*) nerechiGiriki rokuti (*pneuma*) iro rinoreva zvole “mhapo, “femo, “pamwe ne” Mweya.”Nyaya ndeyokuti mhapo yakasununguka, sezvinoita Mweya. Hakuna angaona mhapo, asi inzwi rayo; ndizvo zvimwechetezvo neMweya. Ruponeso rwemunhu harusi pakubata kwake, asi mukubata kweMweya (cf. Ezekieri. 37). Zvinogoneka kuti ndima. 5-7 dzinoburitsawo chokwadi chimwechetewo. Ruponeso ibatanidzo yekuparura kweMweya (cf. 6:44, 65) norudaviro rwokutenda nokutendeuka kwemunhu pazvima (cf. 1:12; 3:16, 18).

Vhangeri yaJohani inonanga kwzvo kwazvo noumunhu nebasa reMweya (cf. 14:17, 25-26; 16:7-15). Johani anoona nguva itsva yokururama senguva yeMweya waMwari.

Ndima. 8 inotsanangudza zvokuti, zvakananzika zvokuti sei vamwe vanhu vachitenda kana vanzwa/vaona vhnageri uye vamwe havanzwi. Johani anoti hakuna munhu angatenda kana asina kubatwa neMweya (cf. 1:13; 6:44, 65). Ndima iyi inosimbisa dzidziso yezvouMwari iyi. Zvisineyi, nyaya yerudaviro rwechisungo (kureva., kugamuchira pfupiro yaMwari kwevanhu)

inotiwo Mweya unobata munhu wose. Kuti vamwe vanoramba kutenda ndiro gangaidzo routadzi (kureva., utadzi hwokuzvitutumadza). Nokukura kwandinoita ndikowo kuwedzera kwandinoita kuverenga nokudzidza bhaibheri, nokushumira kuvanhu vaMwari, ndichinyorawo nezve” gangaidzo” roupenyu. Tose tinorarama mumhute yakasviba (kureva., 1vaKorinde. 13:12) youpanduki hwevanhu!kugona kuzvitsanagura nokuzvijekesa, nokuumba gwara redzidziso hazvikoshi sokuvimba na youMwari, hakufanani nokutenda naMwari munaKristu. Jobho haana kumboudzwa kuti “sei” !

NHAURWA INOKOSHA:FEMO, MHEPO, MWEYA

Izwi rechiHebheru rokuti *ruach* (BDB 924) nerechiGiriki rokuti *pneuma* anogona ose kureva kuti” Mweya, “femo, “mhepo” (cf. Johani. 3:5, 8). Mweya unogaro iswa musungano nekusika (cf. Genesi. 1:2; Jobho. 26:13; Mapisarema. 104:30). Testamende yekare hainyatsojekesi hukama huripakati peMweya naMwari. MunaJobho. 28:26-28; Mapisarema. 104:24 naZvirevo. 3:19; 8:22-23 Mwari akashandisa uchenjeri (zita riri muchimiro chechidzimai) kusika zvinhu zvose. Mutestamende itsva Jesu ndiye anonzi mumiririri waMwari pakusika (cf. Johani. 1:1-3; 1vaKorinde. 8:6; vaKorose. 1:15-17; vaHebheru. 1:2-3). Semurudzikinuro, ndizvo zvimwe nokusika, vanhu vatatu vose vaMwari vatatu mumwe vanoshandidzana. Genesi. 1 pachayo haikumikidze chimwewo chikonzero chepiri.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :3:9-15

⁹Nikodhimo akapindura, akati kwaari, “Zvinhu izvi zvingagoitwa Seiko?” ¹⁰Jesu akapindura, akati kwaari, “Iwe uri mudzidzisi wavaIsiraeri, haunzwisise zvinhu izvozvi here?¹¹Zvirokwazvo kwazvo, ndinoti kwaari, tinotaura zvatinoziva, tinopupura zvatakaona; asi imi hamugamuchiri kupupura kwedu. ¹²” Kana ndakaudzai zvinhu zvenyika, mukasatenda, mungagotenda Seiko, kana ndichikuudzai zvinhu zvokudenga?¹³” Hakuna munhu akakwira kudenga asi iye akaburuka kudenga, iye Mwanakomana.”¹⁴Mosesi sezvaakasimudza nyoka murenje, saizvozvo Mwanakomana womunhu anofanira kusimudzwawo, ¹⁵kuti ani naani anotenda kwaari, ave noupenyu husingaperi.

3:9-10 Nikodhimo aifanira kunzwisisa mazwi omuenzaniso aJesu maringe ne (1) rubhabhatidzo rwevatendi vatsva muchiJudha ne (2) mharidzo yaJohani mubhabhatidzi.

Uku kunogona kuva kurinwaidzwa kweruzivo rwavanhu kunechinangwa; chero munhu akaita saNikodhimo, mukuru wavaJudha, haana kunzwisisa zvinhu zveMweya. Vhangeri yaJohani yakanyorerwa kurwisana nenhema dzeavo vaisanganisa vhangeri nemafungiro avo, avo vaiti ruzivo rwevanhu ndirwo ruponeso. Jesu chete ndiye chiedza chevokwadi (cf. ndima. 19) kuna vose kwete vakuru chete.

3:11 “Tinotaura zvatinoziva” Aya mazwi anesungano nezita ari muchimiro chouwandu (PLURAL PRONOUNS) anoreva Jesu naJohani mupositori (cf. ndima. 11) kana Jesu naBaba, anofambirana nechirevo chechinyorwa chino zvakanaka (ndima. 12). Vhangeri haisiri mirangariro, asi ratidzo youtsvene!

“Hamugamuchiri kupupura kwedu” Johani anowanzoshandisa mazwi okuti gamuchira /tambira (*lambanō*) nemubatanidzwa wechirevamwene mumaonero edzidziso youMwari.

1. Yokugamuchira Mwari
 - a. Nenzira isakarurama (1:11; 3:11, 32; 5:43, 47)
 - b. Yakanaka (1:12; 3:11, 33; 5:43; 13:20)
2. Yokugamuchira Mweya
 - a. Nenzira isakarurama (14:17)
 - b. Yakanaka (7:39)
3. Yokugamuchira mazwi aJesu
 - a. Nenzira isakarurama (12:48)
 - b. Yakanaka (17:8)

Tarira nhaurwa inokosha :Zvapupu zvaJesu pa1:8.

3:12 “Kana.. kana” Izwi rokutanga rinoreva mutsara uneshongedzo yokuva wechokwadi marerano nemaonero omunyori (FIRST CLASS CONDITIONAL STATEMENT) repiri rineshongedzo yechiitiko chiri muneremangwana.

▣ **“Muka”** Mazwi anesungano nezita nemazwi ezviito ari muchimiro chouwandu. Nikodhimo anogona kunge aiva nevadzidzi kana vamwe vaFarisi vaakange auya navo kunaJesu, kana kuti uyu unogona kungovawo mutsara (kureva., Nikodhimo semumiririri weboka) wokureva vaJudha vose vaisatenda semundima. 7 na11.

3:13 Iyi ndima yakitirwa kuburitsa kuratidza kwakaitwa naJesu kuva wezvokwadi kwababa, akazara, chaizvo, uye weziitakamwe (cf. 1:1-4). Uyu ndiwo mumwe mufananidzo wehunyanzvi hwevhangeri yaJohani:denga maringe nenyika, zvenyama maringe neMweya, mabviro aNikodhimo maringe nemabviro aJesu (cf. 1:51; 6:33, 38, 41, 50, 51, 58, 62). Ndimba iyi inoti (1) huMwari; (2) kuvapo kare; ne (3) kuva zimukadzimu kwemunhu wepiri munaMwari vatatu mumwe (kuziva nezvaMwari vatatu mumwe, tarira nhaurwa inokosha pa 14:26).

▣ **“Mwanakomana womunhu”** Uku ndiko kuzvinan’ura kunoita Jesu; izvi zvakanga zvisina chokuita nerudzi, hutungamiri hwehondo, chirevo chouMesiasi muchiJudha chemakore zana okutanga. Izwi iri rinobva munaEzekieri. 2:1 naMapisarema. 8:4, apo paraireva kuti “munhu” naDhanieri. 7:13 umo raireva huMwari. Izwi iri rinobatanidza gangaidzo rokuva munhu kwaJesu, kuva Mwari akazara nokuva munhu akazara (cf. 1 Johani. 4:1-3).

3:14-21Zvakaoma kuziva chaizvo panoperera kutaura kwaJesu naNikodhimo uye panotangirawo nhaurwa yaJohani mupositori kana Jesu. Zvinogoneka kuti vhangeri dzokutanga dzinonyora ushmiri hwaJesu, ukuwo iyi yaJohani ichinyora nezvenhaurwa dzaitwa naJesu nevadzidzi vake. Ndimba 14-21, dzinogona kudonongodzwa sezvino tevera.

1. Ndimba. 14-15 dzinesungano naJesu
2. Ndimba. 16-17 dzinesungano nababa
3. ndimba. 18-21 dzinesungano nevanhu

Ziva kuti chero zvikataurwa naJohani kana Jesu hazvishandure zvokwadi yemitsara!

3:14 “Mosesi sezvaakasimudza nyoka” Izvi zvinoreva zviriri munaNumeri, 21:4-9 iyo inotaura zvikuru nezvekutonga panguva yemurenje. Nyaya chaiyo ndeyekuti vanhu vanofanira kuvimba

nokuteerera shoko raMwari, chero vasinga nyatsori nzwisise. Mwari akapa vaSiraeri nzira yokuti vaponeswe kukurumwa nyenya kana chete vakatenda. Rutendo urwu rwakazoburitswa nokuteerera shoko nevimbiso yake (cf. Numeri. 21:8).

▣ “Akasimudza” Izwi rechiGiriki iri (cf. 8:28; 12:32, 34) raiwanzo shandurudzwa richiti” anoremekedzwa zvikuru” (cf. Mabasa. 2:33; 5:31; vaFiripi. 2:9) uye ndiro rimwe izwi rinoshandiswa naJohani muzvirevo zviviri (unyambiri, cf. 1:5; 3:3, 8). Sezvo Mwari akavimbisa kununura kubva kurufu rwokurumwa nyenya kuna avo waitenda shoko rake vakatarisa kunyoka yendarama, saka, naizvozvo, neavowo vanotenda shoko raMwari (vhangeri pamusoro paKristu, iye akasimudzwa pachipiyaniso) nokuvimba munaJesu vachanunurwa (kuponeswa) kubva kunyoka (Satani, zivivi) kuruma kwezvivi (cf. 12:31-32).

3:15-18 “Ani naani” (ndima. 15) “Ani naani” (ndima. 16) “Iye ano” (ndima. 18) Rudo rwaMwari ndirwo rudo rwakatambanudzirwa vanhu vose (cf. Isaya. 55:1-3; Ezekieri. 18:23, 32; Johani. 1:29; 3:16; 6:33, 51; 2vaKorinde. 5:19; 1Timoti. 2:4; 4:10; Tito. 2:11; 2Petirosi. 3:9 ; 1Johani. 2:2; 4:14). Pfupiro yeruponeso ndeyenyika yose, asi kugamuchirwa kwayo hakusi!

3:15 “Anotenda” Ichi ndicho chirevo chezvirikuitwa (PRESENT ACTIVE INDICATIVE). Rutendo ndiko kuenda mberi kweruvimbo. Tarira chinyorwa pa1:12 neNhaurwa inokosha pa1:7 na2:23.

▣ “Maari” Izvi hazvirevi chete hukorokodzwa (zvokwadi yedzidziso youMwari) pamusoro paJesu, asi kuukama hwepauzima naye. Ruponeso ndirwo (1) shoko rinofanira kutendwa; (2) munhu anofanira kugamuchirwa nokuteererwa; ne (3) hupenyu hwakadaro hwekurarama!

Chimiro chezvivakamutauro chiripano hachina kujairika. Pane izwi rinesungano nezita rine chirevamwene chokuti ‘en’iro rinongowanikwa pano chete muvhangeri yaJohani; kazhinji panoshandiswa chirevamwene chokuti ‘eis.’ Izvi zvinogona kuva nesungano nemutsara wokuti” Angava noupenyu husingaperi” (cf. Gwaro rava Harold Greenlee rinonzi, Testamende itsva nechirungu chakapfava” *The New Testament in Basic English*).

3:15, 16 “upenyu husingaperi” Izwi rechiGiriki iri rokuti (*zoe*) raireva ukoshi nouwandu (cf. 5:24). MunaMateu. 25:46, izwi rimwechetero rinoshandiswa kureva kuparadzana nokusingaperi. Muvhangeri yaJohani izwi rokuti *zoe* (rakashandiswa kamakumi matatu netatu kazhinji muzvikamu 5 na6) kazhinji (izwi rechiito rakashandiswa kureva upenyu hwepanyika, semuna., 4:50, 51, 53) rinoreva kumuka kuvakafa, upenyu hwemagumo, kana kuti upenyu hwenguva itsva, upenyu hwaMwari pachake.

Vhangeri yaJohani yakasiyana nedzimwe vhangeri pakuti inotaura zvakasimba pamusoro po” upenyu husingaperi.”Ndiri dingindira guru nevavariro yevhangeri yake (cf. 3:15; 4:36; 5:39; 6:54, 68; 10:28; 12:25; 17:2, 3).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :3:16-21

¹⁶Nokuti Mwari akada nyika nokudaro, kupi akapa Mwanakomana wake akaberekwa mumwe woga, kuti ani naani anotenda kwaari, arege kufa, asi ave noupenyu husingaperi. ¹⁷Nokuti Mwari haana kutumira Mwanakomana wake panyika, kuti atonge nyika, asi kuti nyika iponeswe naye.

¹⁸Anotenda kwaari, haatongwi; asi asingatendi kwaari, anotongwa, nokuti haana kutenda kuzita reMwanakomana waMwari akaberekwa mumwe woga.

¹⁹Kutongwa ndokuku, kuti chiedza chakasvika panyika, asi vanhu vakada rima kupfuura chiedza, nokuti mabasa avo akanga akaipa. ²⁰Nokuti mumwe nomumwe, anoita zvakaipa, anovenga chiedza, haauyi pachiedza, kuti mabasa arege kubudiswa pachena. ²¹Asi anoita chokwadi, anouya kuchiedza, kuti mabasa ake aonekwe, kuti akaitwa munaMwari.

3:16 “Mwari akada” Izvi zvinoreva zvakaitwa (sezvinoreva izwi rechiito rokuti” akapa”), izvi zvinoreva chiito chakapedzwa kare (Mwari akatuma Jesu). Ndima. 16-17 dzinotaura zvikuru pamusoro perudo rwababa (cf. 1Johani. 4:7-21, kunyanya, ndima. 9-10).”Akada” ndiro izwi rokuti *agapaō*. Izwi iri raisashandiswa zvikuru muchiGiriki chakare. Kereke yakare yakaritora ikaripa chirevo chayo. Munezvimwe zvirevo zvezvinyorwa, rinoreva rudo rwababa kana Mwanakomana, zvisineyi, rinoshandiswa zvisiri izvo kureva rudo rwevanhu (cf. 3:19; 12:43; 1Johani. 2:15). Mudzidziso yezvouMwari, izwi iri rinofanana nerokuti *hessed* mutestamende yekare, iro raireva kuti rudo nokuteerera kwaMwari kuchisungo. Mururimi rweKoine Greek rwemazuva aJohani, mazwi okuti *agapaō naphileō* anoreva zvakafanana (enzanisa 3:35 na 5:20).

Vapirikiri vanofanira kuziva kuti mazwi ose akashandiswa kureva Mwari anechirevo chemitauro yevanhu (anthropomorphic). Tinofanira kushandisa mazwi anechirevo chenyika yatigere, dundudzira redu, maonero edu munhorooondo pakuedza kutsanangura Mwari mutsvene weMweya. Mutauro wose wevanhu une pauneringanidzo nezvibhende. Zvakaratidzwa ndevzechokwadi, asi hazvisiri manhengatenga. Vatadzi vanoguma havanganzwisisi zvokwadi iyi zvakazara.

**NHAURWA INOKOSHA:MWARI ACHITSANANGURWA SOMUNHU
 (“ANTHROPOMORPHIC” MUTAURO WEVANHU)**

I. Mhando yematauro iyi inowanikwa zvikuru mutestamende yekare (mienzaniso)

A. Nhengo dzemuviri wenyama

1. Maziso—Genesi. 1:4, 31; 6:8; Ekisodho. 33:17; Numeri. 14:14; Dhuteronomi. 11:12; Zekariya. 4:10
2. Maoko—Ekisodho. 15:17; Numeri. 11:23; Dhuteronomi. 2:15
3. Ruoko—Ekisodho. 6:6; 15:16; Dhuteronomi. 4:34; 5:15
4. Nzeve—Nimeri. 11:18; 1 Samueri. 8:21; 2 Madzimambo. 19:16; Mapisarema. 5:1; 10:17; 18; 6
5. Uso—Ekisodho. 33:11; Numeri. 6:25; Dhuteronomi. 34:10; Mapisarema. 114:7
6. Munwe—Ekisodho. 8:19; 31:18; Dhuteronomi. 9:10; Mapisarema. 8:3
7. Inzwi—Genesi. 3:8, 10; Ekisodho. 15:26; 19:19; Dhuteronomi. 26:17;

27:10

8. Makumbo—Ekisodho. 24:10; Ezekieri. 43:7
9. Chitarisiko chomunhu—Ekisodho. 24:9-11; Mapisarema. 47:; Isaya. 6:1; Ezekieri. 1:26
10. Ngirozi yaIshe—Genesi. 16:7-13; 22:11-15; 31:11, 13; 48:15-16; Ekisodho. 3:4, 13-21; 14:19; vaTongi. 2:1; 6:22-23; 13:3-22

B. Zviito zvepanyama

1. Kutaura senzira yokusika—Genesi. 1:3, 6, 9, 11, 14, 20, 24, 26
2. Kufamba (kureva ruzha) mubindu reIdheni—Genesi. 3:8; 18:33; Revhitiko. 26:12; Dhuteronomi. 23:14
3. Kuvhara musuo weAreka yaNowa—Genesi. 7:16
4. Kunzwa munhuwe wezvipiriso—Genesi. 8:21; Revhitiko. 26:31; Amosi. 5:21
5. Kudzika pasi—Genesi. 11:5; 18:21; Ekisodho. 3:8; 19:11, 18, 20
6. Kuviga Mosesi—Dhuteronomi. 34:6

C. Dengetera revanhu (mifananidzo)

1. Tsumba/tendeuka—Genesi. 6:6, 7; Ekisodho. 32:14; vaTongi. 2:18; 1 Samueri. 15:29, 35; Amosi. 7:3, 6
2. Hasha—Ekisodho. 4:14; 15:7; Numeri. 11:10; 12:9; 22:22; 25:3, 4; 32:10, 13, 14; Dhuteronomi. 6:15; 7:4; 29:20
3. Godo—Ekisodho. 20:5; 34:14; Dhuteronomi. 4:24; 5:9; 6:15; 32:16, 21; Joshua. 24:19
4. kuvenga/kunyangadzwa—Revhitiko. 20:23; 26:30; Dhuteronomi. 32:19

D. Mazwi anechirevo chemhuri (mifananidzo)

1. Baba
 - a. weIsiraeri—Ekisodho. 4:22; Dhuteronomi. 14:1; Isaya. 1:2; 63:16; 64:8; Jeremiya. 31:9; Hosea. 11:1
 - b. weMadzimambo—2 Samueri. 7:11-16; Mapisarema. 2:7
 - c. Zvibhende zvokureva kuita kwababa—Dhuteronomi. 1:31; 8:5; 32:6-14; Mapisarema. 27:10; Zvirevo. 3:12; Jeremiya. 3:4, 22; 31:20; Hosea. 11:1-4; Maraki. 3:17
2. Mubereki—Hosea. 11:1-4
3. Amai—Isaya. 49:15; 66:9-13 (ringanidzo yamai vano yamwisa)
4. Mudikanwi wechidiki anotendeka—Hosea. 1-3

II. Zvikonzero zvokushandiswa kwematarire aya

- A. Zvinokosha kuna Mwari kuti azviratidze kuvanhu. Pfungwa inongoshandiswa yokureva Mwari muchimiro chechirume, ndiwo mutaurirousiri iwo wokutsanangura Mwari somunhu nokuti Mwari ndiMweya!
- B. Mwari anatora zvoupenyu hwevanhu zvinechirevo achizvishandisa kuzviratidza kuvatadzi (baba, amai, mubereki, mudikanwi)
- C. Nyamgwe zvazvo zvichikosha, Mwari haadi kuzviganhurira pachitarisiko chenyama (cf. Ekisodho. 20; Dhuteronomi. 5)
- D. Tsanagudzo chaiyo yaMwari somunhu ndiko kuva zimukadzimu kwaJesu!Mwari akava nyama, zvokubatika (cf. 1Johani. 1:1-3). Murayiro waMwari wakava shoko raMwari (cf. Johani. 1:1-18).

▣ **“Aka”** Izvi zvinoreva kwazvo kwazvo kuti “nenzira iyoyo” (semuna., 7:46; 11:48; 18:22). Zvinechirevo chemaitiro, kwete dengetera! Mwari akaratidza rudo rwake (cf. vaRoma. 5:8) nokupa (ndima. 16) nokutuma (ndima. 17, zvose izvi zvirevo zvinonongedza kuitira) Mwanakomana wake kuzofira vanhu (cf. Isaya. 53; vaRoma. 3:25; 2vaKorinde. 5:21; 1Johani. 2:2).

▣ **“Nyika”** Johani akashandisa izwi rechGiriki rokuti *kosmos* nenzira dzakawanda (tarira chinyorwa pa1:10 pamwe nenhaurwa inokosha pa14:17).

Ndima iyi inopikisanawo netsanangudzo younyambiri yeavo vaisanganisa vhangeri nemafungiro avo, pakati peMweya (Mwari) nenyama. vaGiriki vai zvivi ndezvenyama. Kwavari nyama (kureva., muviri womunhu) ndiwo waiva jengeto re gwenya rouMwari muvanhu vose. Johani haataure nezvekuipa kwenyama. Mwari akada nyika (nyika, cf. varOMA. 8:18-22) nevanhu (nyama, cfvaRoma. 8:23). Uku kunogona kuvakushandisa izwi nenzira dzakawanda kwekuzvisarudzira (unyambiri) uko kwainyanya kuitwa naJohani (cf.. 1:5; 3:3, 8).

▣ **“Mwanakomana mumwe akaberekwa oga”** Izvi zvinoreva kuti” ziiitakamwe, mumwe oga.”hazvifanire kunzwiswa sokuti” mumwe akaberekwa” mumaonero (1) okubereka kwenyama kana (2) mumaonero okuti hapana vamwe vana. Nyaya ndeyekuti hapana vamwe vana vakafanana naJesu. Tarira chinyorwa chakazara pa1:14.

▣ **“Ani naani anotenda maari”** Ichi ndicho chirevo chezvinofanira kuitwa, tarira nhaurwa dzinokosha pa1:14 na2:23. Tsigiro iyi inodzokororwa mundima. 15 sekumikidzo. Tinotenda Mwari nokuda kwemazwi okuti” ani naani” !Izvi ndizvo zvino nengaidza nyaya yokunongedza boka rimwechete revanhu (zvorudzi, kuchenjera kana dzidziso youMwari). Izvi hazvirevi kuti pane kuzvimirira pakati po“utongo hwaMwari” kana “kusununguka kita madiro kwevanhu” asi zvose izvokwadi!Mwari ndiye anoparura rudaviro nokupa urongwa (cf. 6:44, 65), asi iye akaronga hukama hwake nevanhu maringe nenzira yechisungo. Vanhu vanofanira kuva norudaviro kupfupiro yake uye nokuramba vachidavira kuurongwa hwake!*phileō*

NHAURWA INOKOSHA:KUFANORONGWA (MAONERO AVA CALVIN) MARINGE NEMADIRO EVANHU (MAONERO AVA ARMINIUS)

Tito. 2:11 ndiyo nengaidzo kune mimwe mivaravara yetestamende itsva inotaura pamusoro pesarudzo. Ndinofunga kuti zvinga batsira zvikuru padzidzo yezvouMwari kana ndikaisawo zvinyorwa zvangu zvetsoropodzo yavaRoma. 8:29 pamwe navaRoma. 9, uyewo vaEfeso. 1.

- I. vaRoma. 8:29—Pauro anoshandisa izwi rokuti” kuziva kare” (*proginōskō*, “kufanoziva”) ruviri, pano nepana11:2. Muna. 11:2 rinoreva rudo rwaMwari rwechisungo kuIsiraeri kubva pakutanga. Rangarira kuti izwi rokuti” ziva” muchiHebheru raireva hukama hwepabonde, hwepauzima kwete nyaya pamusoro pomunhu (cf. Genesi. 4:1; Jeremiya. 1:5). Pano rakaiswa mudungwerungwe rezviitiko nokusingaperi (cf. vaRoma. 8:29-30). Iziw iri raiva riine hochekeche nekufanorongwa kare. Zvisineyi, zvinofanira kudonongodzwa kuti kuziva kare kwaMwari hakisiri iko hwaro hwesarudzo nokuti dai zvaiva saizvozvo, kusarudza kwaizova nechekuita norudaviro rwevatadzi rwemangwana, urwo runova mabasa

evanhu. Izwi iri rinowanikwawo munaMabasa. 26:5; 1Petirosi. 1:2, 20 na2Petirosi. 3:17.

A. “Ziva kare” (*proginōskō*, “kuziva kare”)

Mazwi ose aya rokuti” kuziva kare “nerokuti” kuronga kare” ndeemubatanidzwa une chirevamwene chokuti” zvi.. /kusati” uye naizvozvo, anofanira kushandurudzwa achinzi” kuziva zvi.. /kusati, “kuronga zvi.. /kusati.”kana” kufano tara” Mivaravara inonyatso dudza kufanoronga mutestamende itsva ndivaRoma. 8:28-30; vaEfeso. 1:13-14; pamwe navaRoma. 9. Zviripachena kuti zvinyorwa izvi zvinodudza hutongo hwaMwari. Ari pamusoro pazvose. Pane zano raMwari riri kuitwa nguva dzose. Zvisineyi, zano iri harisi rechibvokopfopko kana rusaruro. Riri pahwaro kwete hwekuziva kare pamwe noutongo hwaMwari chete, asi pamaitirowo ake erudo, tsitsi, nenyasha dzisina makodzero dzisingashanduki.

Tinofanira kungwarira huzindoga noupindikiti hweuvhangeri hwedu isu venyika dzokumadokero (America) uhwo hwatinoshandisa kudzurudzuta zvokwadi yakanaka iyi. Tinofanirawo kungwarira kuti tisapinde munhorooondo yokupikisana pakati paana Augustine naPelegius kana Calvin naArminius.

B. “kufanorongwa” (*proorizō*, “kufanorongwa zvi.. /kusati”)

Kufanorongwa kare harisiri gwara redzidziso yokuganhura rudo, nyasha netsitsi dzaMwari kana kubvisa vamwe muvhangeri. Gwara redzidziso iri rakaitirwa kusimbisa vatendi nokuumba maonero avo. Mwari ndewevanhu vose (cf. 1Timoti. 2:4; 2Petirosi. 3:9. Mwari ari pamusoro pazvose. Chii kana ndiyani angatiparadzanisa naye (cf. vaRoma. 8:31=39) ?Mwari anoona nhorooondo yose iri muchimiro chezvirikuitika; vanhu ndivo vanosungwa nenguva. Maonero nekugona kwemurangariro wedu kwakaganhuka. Hapana kupokana pakati poutongo hwaMwari nemadiro evanhu. Uhwu ndihwo hurongwa hwechisungo. Uyu ndiwo mumwe wemifananidzo yezvokwadi yakataurwa nenzira yokukakavadzanisa maonero. Dzidziso dzebhaibheri dzinoturwa nenzira uye maonero akasiyana siyana. Dzinowananzoita segangaidzo. Zvokwadi iri panengaidzo yezvinoita sezvinopikisana. Hatifanire kubvisa kukakavadzana tichitora zvokwadi imwechete. Hatifanire kupatsanurira zvokwadi yebhaibheri ipi zvayo tichiita kamuri yakazvimirira yoga.

Zvinokoshawo kuwedzera kuti vavariro yesarudzo haisingiri denga kana tafa, asi kuvasaKristu izvozvi (cf. vaRoma. 8:29; vaEfeso. 1:4; 2:10). Takasarudzwa kuti tive” vatsvene, uye vasina mhosho.”Mwari anosarudzira kuti ati shandure kuitira kuti vamwe vaone shanduko vagodavira nokutenda kunaMwari munaKristu. Kufanorongwa hakusiri pundutso yepauzima, asi rudaviro rwechisungo. Iyi ndiyo zvokwadi huru yemuvaravara, Ndiyo vavariro yechiKristu. Hutsvene ndiko kuda kwaMwari kumutendi woga woga. Sarudziro yaMwari ndeyekuva saKristu (cf. vaEfeso. 1:4), kwete kuva musanangurwi. Mufananidzo waMwari, uyo wakapiwa munhu pakusika (cf. Genesi. 1:26; 5:1, 3; 9:6), ndiwo uchadzoreredzwa.

C. “Kufananidzwa nemufananidzo weMwanakomana wake” —Vavariro chaiyo yaMwari ndeyekudzoreredza mufananidzo wakararika pakutadza. Vatendi vakafano sanangurirwa kuva saKristu (cf. vaEfeso. 1:4).

II. VaRoma. 9.

A. vaRoma. 9, ndiwo mumwe wemivaravara inotsanangura zvakadzama pamusoro poutongo hwaMwari mutestamende itsva (imwe ichiva vaEfeso. 1:3-14), ukuwo chikamu. 10 chinodonongodza zvakajeka uye nedzokororo nezvemadiro evanhu (cf.”munhu wose” ndima. 4; “ani naani” ndima. 11, 13; “vose” ndima. 12[ruviri]). Pauro haaedze kuwadznisa makakatanwa edzidziso youMwari iyi. Dzidziso dzose idzi ndedzechokwadi!Makwara edzidziso ebhaibheri mazhinji anoturwa ari muunyambiri hwemakatanwa kana gangaidzo. Nzira dzedzidziso

dzouMwari zhinji, izvokwadi isina kuperera. Maonero avaAugustine nava Calvin maringe nemaonero avaArminius nava Pelegius, ane zvokwadi pamwewo nemhosho. Makakatanwa pakati pemakwara edzidziso dzebhaibheri, anowanikwa zvokwadi dzidziso dziya dzakaurungudzwa nenzira yokuti dzipirikire zvinodiwa nevarongi vadzo.

- B. Zvokwadi imwechete iyi (iyo inowanikwa munavaRoma. 9:23) ndiyo inodonongodzawze munavaRoma. 8:29-30 navaEfeso. 1:4, 11. Chikamu ichi ndicho chinotaura zvakasimbisira pamusoro poutongo hwaMwari mutestamende itsva. Zviripachena kuti Mwari ndiye ari pamusoro pezvisikwa zvole norudzikinuro. Iyi zvokwadi haifanire kurerutswa kana kudzikisirwa. Zvisineyi, inofanira kunengaidzwa nesarudzo yechisungo chaMwari senzira yokuwadzana nevanhu, avo vakaitwa nemufananidzo wake. Zvirokwazvo kuti zvimwe zvisungo zve mutestamende yekare semunaGenesi. 15, hazvina zvimiso uye hazvirevi rudaviro rwevanhu vose, asi zvimwe zvisungo zvine zvimiso zverudaviro rwevanhu (sokuti., mubindu reIdheni, Nowa, Mosesi, Dhavhiti). Mwari ane zano rerudzikinuro rwezvisikwa zvake zvole; hakuna munhu angakanganisa zano irori. Mwari akabvumira vamwewo vanhu kuti vashande muzano rake. Iwo mukana wokushanda muzano iri ndiwo makakatanwa edzidziso youMwari pakati poutongo hwaMwari (vaRoma. 9) nemafero evanhu (vaRoma. 10).

Hazvina kunaka kusarudza kumikidzo yebhaobheri imwechete uchirasa imwe. Pane makakatanwa pakati pemakwara edzidziso nokuti vanhu vekumabvazuva vanotura chokwadi muchimiro chekukakavadzana zvokwadi kana unyambiri hune makakatanwa. Makwara edzidziso anofanira kuonekwa musungano nemamwewo makwara edzidziso. Zvokwadi mubatanidzwa wezvidimbu zvakananda zvezvokwadi.

III. vaEfeso. 1

- A. Sarudzo igwara redzidziso rinofadza. Zvisineyi, harusi rudano rwokuitirwa zvakanaka pazvima, asi rudano rwokushandiswa, kuva chinhu chokushandisa, kana nzira yokudzikinurwa kwevamwe! Mutestamende yekare izwi iri raishandiswa kureva kushumira ; mutestamende itsva rinoshandiswa kureva ruponiswa runounzwa nokushumira. Bhaibheri hariwadzanisa makakatanwa anoita sokuti ari pakati poutongo hwaMwari nemadiro evanhu, asi rinotsigira zvole! Muzananiso wakanaka wemakakatanwa emubhaibheri uri munavaRoma. 9, iyo iri pamusoro pesarudzo youtongo hwaMwari navaRoma. 10 iyo iri pamusoro pokudiwa kworudaviro revanhu (cf. 10:11, 13).

Shanguriro yemakakatanwa edzidziso youMwari iyi inogona kuwanikwa muna. 1:4. Jesu ndiye akasarudzwa naMwari uye vanhu vose vanogona kusarudzwa maari (Karl Bath). Jesu ndiye kuti” hongu “kwaMwari kuzvido zvevatadzi (Karl Bath). VaEfeso. 1:4 inobatsirawo kujekesa nyaya iyi nokuti kwayo vavariro yekufanoronga kare harisi denga chete, asi hutsvene (kuvasaKristu). Tinonyanya kutorwa mwoyo nezvinowanikwa muvhangeri asi tisingatarisi basa rinoda kuitwa revhangeri! Kudana kwaMwari (sarudzo) ndeyazvino pamwe nokusingaperi!

Makwara edzidziso anouya aine hochekoche nedzimwe zvokwadi, kwete sezvokwadi imwechete isinasungano yakanaka. Ringanidzo yakanaka ingava yegwara renyeredzi maringe nenyeredzi imwechete. Mwari anotura zvokwadi mumanyorero ekumabvazuva kwete ekumadokero. Hatifanire kubvisa hunyambiri hwekakavadzano (gangaidzo) yezvokwadi yemakwara edzidziso (Mwari seziendanakuenda maringe naMwari

Maringe naMwari ari munazvose zvakasikwa; kudzivirira maringe nokutsungirira; Jesu achienzana naBaba maringe naJesu achizviisa pasi paBaba; kusununguka kwechiKristu maringe nokubata kune mumwe muchisungo, nezvimwewo).

Mafungiro edzidziso youMwari pamusoro pe” chisungo” anobatanidza hutongo hwaMwari (uyo anogaro parura nokutanga musoro wenyaya) nokudiwa kweziendamberi rokutenda kwokutendeuka kwevanhu. Nwarira kupirikira ndima imwechete yegangaidzo nokudzikisira yerimwe divi!Ngwarira kushandisa bhaibheri senzira yokutsigira gwara redzidziso kana nzira yedzidziso youMwari yaunofarira.

B. “Akatisarudza” vaEfeso. 1:4 apa pane chirevo chinonongedza kubatikana kwemutauri muchiitiko (AORIST MIDDLE INDICATIVE). Izvi zvinotarisa sarudzo yababa kubvira pakutanga. Sarudzo yaMwari haifanire kunzwisiswa nenzira yeavo vechitendero cheIslam yekureva kuva norutemo, kana nenzira yavaCalvin yokuti ava vachipikisana neavo, asi nenzira yechisungo. Mwari akavimbisa kudzikinura vatadzi (cf. Genesi. 3:15). Mwari akadana akasarudza Abhuramu senzira yokusarudza vanhu vose (cf. Genesi. 12:3; Ekisodho. 19:5-6). Iye Mwari pachake ndiye akasarudza vanhu vose avo vachatenda munaKristu. Mwari anogaro parura ruponeso (cf. Johani. 6:44, 65). Chinyorwa ichi pamwe navaRoma. 9 ndizvo zvinova hwaro hwegwara redzidziso yokuronga kare iyo inokumikidzwa navaCalvin navaAugustine.

Mwari haana kusarudzira vatendi kuruponeso (kururamiswa) chete, asiwo kukuitwa vatsvene (cf. vaKorose. 1:10-12). Izvi zvinogona kuva nesungano ne (1) nzvimbo yedu munaKristu (cf. 2vaKorinde. 5:21) kana (2) Chido chaMwari chokubudisira maitiro ake muvana vake (cf. 2:10; vaRoma. 8:28-29; vaGaratiya. 4:19). Kuda kwaMwari kuvana idenga rimwe zuva pamwe nokuvasaKristu iko zvino!

“Maari” ndiyo nyaya huru yavaEfeso. 1:4. Makomborero ababa, nyasha, noruponeso zvinouya kuburikidza naJesu (cf. Johani. 14:6). Tarira uone kudzororwa kwechivakamutauro ichi icho chinotsanagura nzvimbo (LOCATIVE OF SPHERE) mundima. 3, “munaKristu” ; ndima. 4, “maari” ; ndima. 7, “maari” ; ndima. 9” maari” ndima. 10, “munaKristu” ndima. 12, “munaKristu” nendima. 13, “maari” (ruviri). Jesu ndiye kuti” hongu “kwaMwari kuvatadzi (Karl Bath). Jesu ndiye akasarudzwa uye vamwe vose vanosarudzwa maari. Makomborero ose aMwari anobuda kuburikidza naKristu.

Mutsara wokuti” hwaro hwenyika husati hwaitwa” unoshandiswawo munaMateu. 25:34; Johani. 17:24; 1Petirosi. 1:19-20 naZvakazarurwa. 13:8. Izvi zvinoratidza basa rokudzikininura raMwari vatatu mumwe chero zviru munaGenesi. 1:1 zvisati zvavapo. Vanhu vanoganhurirwa nekuva nomurangariro wenguva; kwatiri isu zvinhu zviru muchimiro chezvachaitika, zvirikuitika, nezvichaitika, kwete kunaMwari.

Vavavriro yokufanoronga ndeyehutsvene, kwete mutsa. Kudana kwaMwari hakusi kwevashoma vakasanangurwa vevana vaAdhamu, asi ndekwavose!Urwu rudano nderwekuva zvaitarisirwa naMwari kuti vanhu vagova, kuva saiye (cf. 1vaTesaronika. 5:23; 2vaTesaronika. 2:13) ; mumufananidzo wake (cf. Genesi. 1:26-27). Tsaona ndeyekushandura pfungwa yokufanoronga ichiitwa dzidziso yezvouMwari isingaitwe nzira yemararamiro outsvene. Kazhinji dzidziso dzedu dzozvouMwari ndidzo dzinova noruzha kupfuura zvinyorwa zvebhaibheri.

Izwi rokuti” kusava nemhosho” (*amōmos*) kana kuti” kusava nokushoreka” rinoshandiswa kureva (1) Jesu (cf. vaHebheru. 9:14; 1Petirosi. 1:19) ; (2) Zekariya naErizabheti (cf. Ruka. 1:6) ;

(3) Pauro (cf. vaFiripi. 3:6) ; na (4) vaKristu vezvokwadi vose (cf. vaFiripi. 2:15; 1vaTesaronika. 3:13; 5:23). Kuda kwaMwari uko kusingashandurwe kumukristu wose harisiri denga roga mangwana, asi kuvasaKristu iko zvino (cf. vaRoma. 8:29-30; vaGaratiya. 4:19; 1Petirosi. 1:2). Vatendi vanofanira kuratidza maitiro aMwari kunyika yakarasika nevavariro youvhangeri. Pakuvakamutauro, mutsara wokuti” murudo” mundima ino unogona kufambirana nendima. 4 kana ndima. 5. Zvisineyi, panoshandiswa mutsara uyu kunemimwe mitsara semunavaEfeso unoreva rudo rwavanhu kunaMwari (cf. 3:17; 4:2, 15, 16).

C. MunavaEfeso. 1:5 mutsara wokuti” akatirongera” izwi rechiito rinoreva zvakaitirwa (AORIST ACTIVE PARTICIPLE). Izwi rechiGiriki iri mubatanidzwa wezwi rokuti” zvi.. /kusati” nerokuti” kutarira.”rinoreva zano raMwari rakarongwa kare (cf. Ruka. 22:22; Mabasa. 2:23; 4:28; 17:31; vaRoma. 8:29-30). Kufanoronga kare imwe yezvokwadi zhinji dzinesungano nokudzikinurwa kwevanhu. Pfungwa iyi inova chikamu cheunyerekete wedzidziso youMwari kana dungwerungwe rezvokwadi iro ine chokuita nerudzikinuro. Zvokwadi iyi haina kumboitirwa kuti ikumikidzwe iri yoga!. Zvokwadi yebhaibheri yakaturwa muunyerekete hweunyambiri hwegangaidzo. Nyaya yemasangano ndiyo yave kuparadza chimiro chemanyorerwo egangaidzo aya nokukumikidza rutivi rumwechete rwezvokwadi younyambiri (kufanoronga kare maringe nemadiro evanhu; kudzivirirwa kwomutendi maringe nokutsungirira kwevatsvene; chivi chemabviro maringe nechivi chokuda; kusava nezvivi maringe nokutadza zvisvoma; kuitwa mutsvene chiriporipo maringe neziendamberi rokuitwa mutsvene; kutenda maringe nemabasa; kusununguka kwechiKristu maringe nebasa rechiKristu; kusava nomugumo maringe nokuva mukati mazvose).

Sarudzo yaMwari haina chokuita nokufanoziva mabasa evanhu, asi ine chokuita nemaitiro ake enyasha (cf. ndima. 9 na11). Anoshuvira kuti vose (kwete avo vanozviti vanokosha sevaya gvanosanganisa vhangeri nemafungiro avo kana avo vanoyevera maonero ava Calvin) vachaponeswa (cf. Ezekieri. 18:21-23, 32; Johani. 3:16-17; 1Timoti. 2:4; 4:10; Tito. 2:11; 2Petirosi. 3:9). Nyasha dzaMwari (maitiro aMwari) ndidzo

nyaya huru yezvidzidzo zvouMwari zvemubaravara uno (cf. ndima. 6a, 7c, 9b), sokutiwo tsitsi dzaMwari ndidzowo nyaya huru yemivara vara iri pamusoro pekufanoronga kare, vaRoma. 9-11.

Tariro yevatadzi ndidzo nyasha netsitsi dzaMwari dzoga (cf. Isaya. 53:6 nedzimwewo ndima dzetestamende yekare idzo dzinoshandiswa munavaRoma. 3:9-18). Zvinokosha zvikuru pakupirikira zvikamu izvi kuziva kuti Pauro anokumikidza zvinhu zvisina chokuita nemabasa evanhu:kufanoronga kare (chikamu. 1), nyasha (chikamu. 2), nezano raMwari redzikinuro nokusingaperi (zvakananzika, 2:11-3:13). Uku kwaiva kupikisa kumikidzo yevadzidzisi venhema iri pamusoro pemabasa nokuzvitutumadza kwevanhu.

▣ **“Arege kufa”** Chirevo chiri pano ndechokuti kune vamwe vachafa, chirevo chezvichaitika muneremangwana (AORIST MIDDLE SUBJUNCTIVE). Kuzofa kwavo (AORIST MIDDLE SUBJUNCTIVE) kune chekuita nokusava norudaviro rwokutenda munaJesu (cf. 11:25). Mwari haakonzeresi neipi nzira zvayo kana kuitisa kuti vasatenda (cf. Ezekieri. 18:23, 32; 1Timoti. 2:4; 2Petirosi. 3:9).

Vazhinji vakaedza kudura mazwi aya nenzira isiri iyo vachiti izvi zvaireva kuparadzwa kwevatadzi vose. Izvi zvinopesana naDhanieri. 12:2 pamwe naMateu. 25:46. Uyu ndiwo

muenzaniso wakanaka wevatendi vanomonyorora manyorero ekumabvazuva ayo akarukwa netsumo nemadimikira vachiaisa mukupirikira kwemanyorero ekumadokero. Kuti udzidze zvakawanda pamusoro pemazwi aya verenga gwaro rava Robert B. Girdlestone rinonzi mazwi anoreva zvakafanana etestamende yekare” *Synonyms of the Old Testament*, pp275-277.”Tarira nhaurwa inokosha :kuparara (*apolummi*) pa 10:10.

Tarirawo zve kuti Johani anofunga nokunyora muunyambiri (kureva., kufa maringe noupenyu nokusingaperi). Kurongwa kwemazwi nezvidzidzo zvouMwari zvaJesu kunosiyana zvikuru pakati pevhangeri dzokutanga nhatu nevhangeri yaJohani. Zvinonetsa kuziva kuti ava vakanyora vhangeri vaiva nerusununguko rwakadii (kutungamira kwaMwari, kureva., tuso) apo vaironga maturiro evhangeri yaJesu kuruzhinji. Verenga gwaro rava Gordon Fee navaDouglas Stuart rinonzi, Maverengerwo ebhaibheri nezvose zvariri” *How to Read The Bible For All Its Worth*, pp. 127-148.”

3:17” kuti atonge nyika” Pane mivaravara yakawanda munaJohani inotaura kuti Jesu akauya semuponesi kwete semutongi (cf. 3:17-21; 8:15; 12:47). Zvisinei, pane mimwewo mivaravara inotiwo Jesu akauya kuzotonga nyika, achatonga (cf. 5:22-23, 27; 9:39; nezvimwewo zvikamu zvetestamende itsva zvinoti, Mabasa. 10:42; 17:31; 2Timoti. 4:P1; 1Petirosi. 4:5).

Zvimwewo zvedzidziso dzouMwari dzinehurongwa hwekuti

1. Mwari akapa masimba okutonga kunaJesu sezvaakaita kusika norudzikinuro senzira yokuratidza ruremekedzo (cf. 5:23)
2. Jesu haana kuuya kwokutanga kuzotonga, asi kuzoponesa (cf. 3:17), asi nokuda kwokuti vanhu vanomuramba, vanobva vazvitonga ivo vemene
3. Jesu achadzoka samambo wemadzimambo uye mutongi (cf. 9:39)

3:18 Ndima iyi inodzokorora dingindira reruponeso rwekungopihwawo kuburikidza naJesu maringe nokuzviisa mukutongwa. Mwari haaendese vanhu kugehena. Vanozviendesa. Kutenda kune zvibereko zveziendamberi (“kutenda, “chirevanguva chezviri kuitika, PRESENT ACTIVE PARTICIPLE). Nokusatendawo kune zvibereko zvakadaro (“atotongwa, “chirevanguva chezvichaitwa, PERFECT PASSIVE INDICATIVE pamwe nokuti” haana kutenda, “chirevanguva chevatoitwa, PERFECT ACTIVE INDICATIVE). Tarira nhaurwa inokosha pa2:23 na 9:7.

3:19-21 “Vanhu vakada rima kupfuura chiedza” Vanhu vazhinji vakanzwa vhangeri asi vakairamba, kwete nokuda kwekusanzwisisa kana tsika nemagariro asi nokuda kwehunhu hwavo (cf. Jobho. 24:13). Kuti chiedza kunoreva Kristu (cf. 1:9; 8:12; 9:5; 12:46) neshoko rake rerudo rwaMwari, urwo runodiwa navanhu, kupa kwaKristu norudaviro runodiwa. Uku ndiko kurukwa kweshoko kubva muna. 1:1-18.

3:19 “kutongwa ndokuku” kutongwa sokuponeswa, izvokwadi yazvino (cf. 3:19; 9:39) nokunyungurudzwa muneremangwana (cf. 5:27-29; 12:31, 48). Vatendi vanorarama zvakatoitika (nyaya yemagumo akatovapo) pamwe nezvisati (nyaya yemagumo yakamunyungidzwa). Hupenyu hwechiKristu musanganiswa wemufaro nehondo huru; ndiko kukunda mushure medungwerungwe rokukoniwa; simbiso asi nedungwerungwe reyambiro yokutsungirira!

3:21 “Anoita chokwadi” Nokuda kwokuti “chiedza “(cf. ndima. 19, 20[ruviri], 21) chinoreva kwazvo kwazvo iye Jesu, zvinogonawo kuti” chokwadi” kunofanirawo kusimudzirwa chirevo. Mugwaro ravo va Robert Hanna rinonzi, zvibatsiro zvezvivakamutauro zvechiGiriki zvetestamende itsva” *A Grammatical Aid to the Greek New Testament*” vanотора mazwi zvegwaro rava N. Turner rinonzi, ruono rwezvivakamutauro zvetestamende itsva, “*Grammatical insights into the New Testament*, “avo vanoshandurudza izwi iri kureva” munhu anotevera chokwadi” (p. 144).

Pazvidzidzo zvouMwari ndima iyi inoreva chokwadi chimwechetecho saMateu. 7. Upenyu nokusingaperi hune zvibereko zvinonekwa. Munhu haakwanise kwazvo kwazvo kusangana naMwari munaKristu, kuzadzwa nemweya mutsvene, agoramba akadaro zvachose. Muenzaniso wevhu inoreva nyaya kuva nezvibereko, kwete kumera (cf. Mateu. 13; Mako. 4’Ruka. 8. Tarirawo nhaurirano yakaitwa naJohani muna15:1-11). Mabasa haaunze ruponeso, asi ndiwo humboo hwarwo (cf. vaEfeso. 2:8-9, 10).

MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Ko mutsara wokuti “kuberekwa patsva unorevei” ?
2. Unofunga kuti” mvura “yemundima 5 inorevei uye unodaro sei?
3. Ko kuti” kutenda” (rutendo rweruponeso) kuita sei?
4. Ko Johani. 3:16 ungava muvaravara unoreva rudo rwaJesu kuvanhu here kana rwaBaba?
5. Ko mafungiro avaCalvin anofambirana zvakadii naJohani. 3:16?
6. Ko kuti” kufa “kunoreva kuparadzwa zvachose here?
7. Dudzira izwi rokuti” chiedza.”

RUONO RWEZVIRI MUGWARO ZVENDIMA. 22-36

- A. Kumikidzo yaJohani youMwari hwakazara hwaJesu inotaurwa kubva pakutanga kwevhangeri kuburikidza nenhaurwa pamwe nezvaakaona iye womene. Chikamu chino chinotevera muronga iwoyo.
- B. Johani achinyora vhangeri pakunopera kwemakore zana okutanga, anobata nyaya dzakanga dzavapo kubvira pakanyorwa vhangeri nhatu dzokutanga. Imwe yenyaya ndiyo yokuteverwa kwaJohani mubhabhatidzi, uye inova nhema huru kwazvo, (cf. Mabasa. 18:24-19:7). Zvinokosha kuti muna1:6-8, 19-36 na3:22-36 Johani mubhabhatidzi anoburitsa kuva mudiki kwake kuna Jesu weNazareta uye achitaura nezvebasa rouMesiasi raJesu.

DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA**NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :3:22-24**

²²Shure kwaizvozvo Jesu akasvika munyika yeJudhea, navadzidzi vake, akagarako achibhabhatidza. ²³NaJohani akanga achibhabhatidzawo paAinoni, pedyo neSarimi, nokuti kwaiva nemvura zhinji ipapo; vakauya, vakabhabhatidzwa. ²⁴Nokuti Johani akanga achigere kuiswa mutorongo.

3:22” Akasvika munyika yeJudhea” Hushumiri hwokutanga uhwu muJudhea neGaririya, hautaurwi nezvahwo muvhangeri nhatu dzokutanga. Vhangeri idzi hadzirondi nguva youpenyu hwaJesu. Verenga gwaro rava Gordon Fee nava Douglas Stuart, rinonzi, maverengerwo ebhaibheri zvariri zvose” *How to Read the Bible For All Its Worth*, pp. 127-148.

▣ **“Akagarako navo”** Jesu aiparidzira mhomo dzavanhu asi aita nhaurirano nevadzidzi vake. Aizvidudza zvikuru kwavari. Nzira yemaitiro iyi ndiyo inotaurwa mumagwaro ava Robert E. Coleman, rinonzi, zano guru rouvhangeri” *The Master Plan of Evangelism*” nerinonzi, zano guru roudzidzi, *“The Master plan of Discipleship*, “magwaro ose ari maviri aya anotaura zvikuru nezve ugaru hwaJesu pazima neboka revashoma ava!

▣ **“Achibhabhatidza”** Tinodzidza muna. 4:2 kuti iye Jesu pachake haana kubhabhatidza, asi vadzidzi vake vakabhabhatidza. Pakutanga, shoko raJesu rakanga rakafanana neraJohani mubhabhatidzi. Raiva shoko retestamende yekare rokutendeuka nokugadzirira. Rubhabhatidzo runorehwa pano harusi rwechikristu asi rubhabhatidzo runoreva rutendeuko nokugamuchira Mweya.

3:23” NaJohani akanga achibhabhatidzawo paAinoni, pedyo neSarimi” Pane nzvimbo iyi hapanyatso zivikanwi.

1. Vamwe vanoti yaiva kuPeriya mumatunhu eJorodhani
2. Vamwe vanoti yaiva kuchamhembe kwakadziva kumabvazuva kweSamariya
3. Vamwe vanoti yaiva zvipimo zvemaira zvitatu nechekumabvazuva kweguta reShekemu

Nokuti vara rokuti *“aenon”* rinoita sokuti rinoreva “kakova” tsanangudzo yetatu ndiyo yakanaka. Zvisineyi nechaipo ipo penzvimbo iyi, nyaya ndeyokuti Jesu akanga achishumira muJudhea uye Johani akanga ari kunzvimbo iri pedyo niche kuchamhembe kwaJesu.

3:24” Nokuti Johani akanga asati aiswa mutorongo” Hazvinyatso zivikanwa kuti sei chirevo chenguva ichi chakaiswa pano. Vamwe vanoti zvakaitirwa kunanganisa muronga wenguva yevhangeri yaJihani nevhangeri nhatu dzokutanga (cf. Mateu. 14:1-12; Mako. 6:14-29). Chirevo ichi chinoshanda senzira yokuburitsa nguva iyi muupenyu hwaKristu.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :3:25-30

²⁵Zvino nharo dzikamuka pamusoro pokuzvinatsa pakati pavadzidzi vaJohani nomumwe muJudha. ²⁶Vakauya kunaJohani, vakati kwaari, “Rabhi, uya aiva nemi mhiri kwaJorodhani, wamaimbo pupurira, tarirai, iye anobhabhatidza, uye vose vanouya kwaari.”

²⁷Johani akapindura, akati, “Munhu haanga gamuchiri chinhu kana asina kuchipiwa chichibva kudenga. ²⁸Imi mumene mungapupurira kuti ndakati, ’Handisi Kristu ini, asi

kuti ndakatumwa pamberi pake.²⁹Ano mwenga ndiye muwani; asi shamwari yemuwani niomira ichimunzwa, inofara zvikuru nezwi remuwani. Naizvozvo kufara uku kwazadzika.³⁰Iye anofanira kukura, asi ini ndinofanira kudukupiswa.”

3:25” Nharo dzakamuka pakati pavadzidzi vaJohani nemumwe muJudha” “Nhaurirano” (NASB, NRSV, NJB) izwi rinoratidza chirevo chinoukasha chokureva “daritari” kana “makakatamwa.”Zvimwe vzinyorwa zvechiGiriki zvine izwi riri muuwandu rokuti” vaJudha.”Zvinyorwa zvakare zvechiGiriki zvinosiyawo paizwi iri. Nokuda izwi riri muumwe ndiro risina kujairika (kureva., MSS P²⁵, N², A, B, L, W), rinogona kuva iro remabviro. Gwaro reUBS⁴ rinopa chipimo chepiri” B” (pedo nechokwadi). Vanzveri vemagwaro vakare vaiva nomuitiro wokukwenenzvera zvinyorwa. Zvinogonekawo kuti vadzidzi vaJohani ndivo vakatanga nharo idzi.



**NASB, NKJV,
NRSV, NJB “Pamusoro pokuzvinatsa “
TEV “Nenyaya yetsika yokuzvinatsa”**

Pane maonero akawanda pamusoro penharo idzi (NKJV).

1. Zvinogona kuti vadzidzi vaJohani vakanga vachitaura nezve hochekeche pakati perubhabhatidzo rwaJohani nerwaJesu vachidaro maringe netsika yokuzvinatsa yechiJudha; izwi rimwechetero rinoshandiswa muna. 2:6.
2. Vamwewo vanoti zvinehochekeche nechirevo chedzidziso yaJesu yokuti ushumiri hwake ndihwo zadziso izere yechiJudha
 - a. 2:1-12 muchato paKana
 - b. 2:13-22, kucheneswa kweTemberi
 - c. 3:1-21, nhaurirano naNikodhimo, mukuru wevaJudha
 - d. 3:22-36, kuzvinatsa kwevaJudha pamwe nokubhabhatidza kwaJohani mubhabhatidzi naJesu.

Nyaya yokuti chirevo chechinyorwa pano hachivandudzi nhaurwa iyi, zvinoratidza kwaipiwa Johani mubhabhatidzi mumwe mukana wokupupura ukuru hwaJesu weNazareta.

3:26” **Wamambopupura, tarirai, iye anobhabhatidza, uye vose vanouya kwaari**” Vadzidzi vakarangarira mhupuro yaJohani yokutanga pamusoro pehwayana yaMwari (cf. 1:19-36), uye vanoratidza kuchiva kubudirira kwaJesu (gudzanyaya). Jesu ainzwisawo zvemakwikwi izvi (cf. 4:1).

3:27” **Munhu haangagamuchiri chinhu kana asina kuchipiwa chichibva kudenga**” Iyi itsanangudzo iri pachena yokureva kuti munyaya dzeMweya hamhuns mskwikwi. Zvose zvinavatendi zvinobva kunyasha dzaMwari. Zvisineyi, pane nhaurwa huru pamusoro pechirevo chevara rokuti” iyi/ichi” nerokuti” iye.”

1. Vamwe vanoti” iye” zvinoreva mutendi uye” ichi/iyi” zvinoreva munhu anoinga ruponeso kuna Jesu (Mwari ndiye anoparura, vanhu vanogona kudavira chete, cf. Johani. 6:44, 65)
2. Vamwewo vanoti vara rokuti” iye” rinoreva Jesu uye rokuti “ichi/iyi” rinoreva vatendi (cf. Johani. 6:39; 10:29; 17:2, 9, 11, 24)

Musiyano pakati pemaonero maviri ndowekuti izwi rokuti” akapiwa” rinoreva ruponeso rwemutendi pazuma kana vatendi vose ndivo chipo chakabva kunaMwari (cf. 17:2).

3:28” Handisi Kristu” Johani mubhabhatidzi anosimbisazve sezvaakaita muna1:20, kuti haasiri Mesiasi, asi iye akauya mberi kwake. Iyi itsigiro iri pachena yemivaravara yechiporofita chaMaraki. 3:1; 4:5-6, chichibatanidzwa nechaIsaya. 40 (cf. Johani. 1:23). Tarira chinyorwa pamusoro paMesiasi p1:20 pamwe nenhaurwa inokosha pa4:25.

3:29” Ano mwenga ndiye muwani” Zvinoshamisa zvikuru kuti pane mitauriro yakawanda yedimikira rewanano iri inotsanangura hukama pakati paMwari neIsiraeri (cf. Isaya. 54:5; 62:4, 5; Jeremiya. 2:2; 3:20; Ezekieri. 16:8; 23:4; Hosea. 2:21). Pauro anoshandiswa dimikira iri munavaEfeso. 5:22ff. Muchato wechiKristu ndiwo ungava muenzaniso chaiwo wehukama hwechisungo.

“**Naizvozvo kufara kwangu uku kwazadzika**” Izwi rinoreva zita rokuti” mufaro” nezwi rechiito rokuti” kufara” anoshandiswa rutatu mundima ino. Panze pokuva nemweya wokukwikwidza, zviri pachena kuti Johani mubhabhatidzi anozviisa panzvimbo yake uye achifarira Jesu.

3:30 “Iye anofanira kukura, ini ndinofanira kudukupiswa” Izwi rokuti” fanira” (*dei*) rinokosha pano. Ramboshandiswa kare muna3:14 uye richashandiswa zve muna4:4. Ndiyo tsanangudzo yakajeka yaJohani mubhabhatidzi yokuzvinzwisisa kuti iye akangouya mberi kwaJesu kuzotsigira ushumiri hukuru hunokosha hwaJesu.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :3:31-36

³¹Iye Anobva kumusoro ndiye uri pmusoro pavose; noanobva panyika ndowenyika, anotaura zvenyika; anobva kudenga ndiye ari pamusoro pavose.

³²Zvaakaona nezvaakanzwa, ndizvo zvaanopupura; asi hakuna munhu anogamuchira kupupura kwake. ³³Uyo akagamuchira kupupura kwake, akasimbisa kuti Mwari ndowe chokwadi.

³⁴Nokuti akatumwa naMwari, ndiye anotaura mashoko aMwari; nokuti haapi Mweya asina mwero. ³⁵Baba vanoda Mwanakomana, vakamupa zvose muruoko rwake.

³⁶Anotenda Mwanakomana, ano upenyu husingaperi; asi asingateereri Mwanakomana, haangaoni upenyu, asi kutsamwa kwaMwari kunogara pamusoro pake.

3:31-36 “Pane nhaurwa huru pakati pevatsoropodzi vemagwaro pamusoro pekuti ndima idzi

1. Itsigiro yakataurwa naJohani mubhabhatidzi
2. Mazwi akataurwa naJesu (cf. 3:11-12)
3. Mazwi aJohani mupositori

Ndima idzi dzinodzosa nyaya kudingindira rendima. 16-21.

3:31“Iye anobva kumusoro” Zvinokosha kuti mazita maviri akashandiswa kunan’anura Mesiasi anokumikidza kuvapo kare nouMwari hwake hwakazara (zvakaiburitswa mundima. 31), nokuva zimukadzimu kwake uye noshumiri hwaakapiwa naMwari (zvakaiburitswa mundima.

34). Izwi rokuti “wokumusoro” ndiro rimwechetero rakashandiswa mumutsara wokuti” kuberekwa patsva” kana “kuberekwa kubva kumusoro” mundima. 3.

Hunyambiri hwepamusoro nepasi, hwemuhasva waMwari nemuhasva wevanhu wepanyika, ndiwo unonyanyoitwa naJohani. Hunyambiri uhwu hunosiyana nehwe magumo hunorehwa mumagwaro eDead Sea Scrolls. Hunosiyana zve nehwe avo vanosanganisa vhangeri nemafungiro avo, hweMweya nenyama. MunaJohani, kusika nemuviri wemunhu hazvina kuipa kana kuva nezvivi.

▣ **“Pamusoro pavose.... pamusoro pavose”** Chitsauko chokutanga chendima iyi chinoreva huMwari nokuvapo kare kwaJesu, achibva kudenga (cf. 1:1-18; 3:11-12). Chikamu chepiri chendima chinoreva kuti iye ari pamusoro pezvisikwa zvose zvaMwari. Hazvina kunyaso jeka muzvinyorwa zvechiGiriki kuti izwi rokuti” vose” riri muchimiro chechirume here kana kuti zibatakose (MASCULINE or NEUTER), rinoreva vanhu vose kana zvinhu zvose. Izwi repiri rokuti “pamusoro pavose “hariwanikwi muzvinyorwa zvechiGiriki. Gwaro reUBS⁴ harina kukwanisa kupa chipimo chokuvapo kwezwi iri, asi fungidziro yetsoropodzo dzamagwaro (tarira horokodzwa yokupeta gwaro yepiri) inotsigira kuvapo kwaro.

▣

NASB “Anobva panyika ndowepanyika, anotaura zvepanyika”

NKJV “Anobva panyika ndowepanyika, anotaura zvepanyika”

NRSV “Iye anobva panyika ndowepanyika uye anotaura zveoanyika”

TEV “Anobva panyika ndowepanyika, anotaura zvepanyika”

NJB “Iye wepanyika ndowenyika uye anotaura nenzira yenyika”

Uyu hausiri mutsara unechirevo chokutsiura pamusoro paJohani. Izwi rokuti nyika pano (*ge*, 12:32; 17:4; 1Johani. 5:8, asi kamakumi manomwe ane nhanhatu munaZvakazarurwa) harisiri rimwechetero nezwi rokuti “pasi rose” (*kosmos*), iro rinoshandiswa nenzira yokutsiura naJohani. Izvi zvaingoreva kuti Jesu aitura pamusoro pezvinhu zvaaziva, zvedenga, ukuwo vanhu vanotaurawo zvavanziva, zvepanyika. Naizvozvo, mharidzo yaJesu yakakura kupfuura idzo dzamaporofita kana vaparidzi vepanyika (cf. vaHebheru. 1:1-4).

3:32” Zvaakaona nezvaakanzwa ndizvo zvaanopupura” Pane dambanemazwi echiito ezvirevanguva mundima ino (1) “akaona” chirevo chezvakaaitwa uye zviine zvibereko zviripo (PERFECT TENSE) ; (2) “akanzwa” izwi rine chirevo chechirevanguva chezvakaaitwa (AORIST TENSE) pamwe ne (3) “anopupura” izwi rine chirevo chechirevanguva chezviri kuitwa (PRESENT TENSE). Jesu ndiye manhengatenga okuzviratidza kwaMwari (cf. 1vaKorinde. 8:6; vaKorose. 1:13-20; vaHebheru. 1:2-3). Anotaura pamusoro pe (1) zvaakaona naMwari baba pamwe ne (2) uMwari hwake.

▣ **“Asi hakuna munhu anogamuchira kupupura kwake”** Iri ndiro gudzanyaya remunyorero wekumabvazuva nokuti ndima. 23-26 dzinotaura kuti vazhinji vanouya kwaari. Mutsara uyu unoreva chiJudha chose zvacho (cf. 3:11), kwete chirevo chechinyorwa chete pano.

3:33” Uyo aka” Izvi zvinoratidza rudo rwaMwari rwepasi rose rusina mugumo kuvanhu vose. Vhangeri yaMwari haina miganho; munhu anofanira kutendeuka nokutenda (cf. Mako. 1:15; Mabasa. 20:21), asi pfupiro yakapiwa vose (cf. 1:12; 3:16-18; 4:42; 1Timoti. 2:4; Tito. 2:11; 2Petirosi. 3:9; 1Johani. 2:1; 4:14).

▣ **“Akagamuchira kupupiura kwake”** Ndima. 33 mutsara une chirevo chechirenguva chezvakaikwa (AORIST PARTICIPLE), ukuwo ndima 36 ine chirevanguva chezviraikwa (PRESENT PARTICIPLE). Izvi zvinoratidza kuti kuvimba naMwari muruponeso harusiri rutemo rwekutanga chete, asi hunotova hupenyu hweudzidzi. Nyaya imwecheteyo yokudiwa kwokugamuchira yakambodonongodzwa muna1:12 na3:16-18. Tarira musiyano pakati pokugamuchira kupupura (ndima. 33) nokuendamberi nokufamba mukugamuchira (ndima. 36). Izwi rokuti “kugamuchira” sezwi rokuti” kutenda, “rine zvirevo zviviri mutestamende itsva.

1. Kugamuchira Kristu pazima nokufamba naye
2. Kugamuchira zvokwadi nedzidziso yevhangeri (cf. Judhasi. 3, 20)

▣

NASB “Akasimbisa kuti Mwari ndoweckwadi”

NKJV, NRSV “Akadzika kuti Mwari ndwezvokwadi”

TEV “Akasimbisa nezvi kuti Mwari ndoweckwadi”

NJB “Arikupupura kuti Mwari ndoweckwadi”

Vatendi pavanoisa ruvimbo rwavo munaKristu, vanosimbisa kuti shoko pamusoro pake, pasi rose, vanhu neMwanakomana wake ndereckwadi (cf. vaRoma. 3:4). Iri idingindira rinodzokororwa muvhangeri yaJohani (cf. 3:33; 7:28; 8:26; 17:3; 1Johani. 5:20). Jesu ndwezvokwadi nokuti anoratidza Mwari mumwe wezvokwadi (cf. 3:7, 14; 19:11).

Kuti uzive nezveizwi rechiito rinoreva zvakaikwa (AORIST ACTIVE INDICATIVE) rokuti “kusimbisa” verenga nhaurwa inokosha inotevera

NHAURWA INOKOSHA:SIMBISO

Kusimbisa inogona yaiva nzira yakare yokuratidza

1. Chokwadi (cf. Johani. 3:33)
2. Kuva muridzi (cf. Johani. 6:27; 2Timoti. 2:19; Zvakazarurwa. 7:2-3)
3. Kudziviririka (cf. Genesi. 4:15; Mateu. 27:66; vaRoma. 15:28; 2vaKorinde. 1:22; vaEfeso. 1:13; 4:30)
4. Chinogonawo kuva chiratidzo chezvokwadi yevimbiso yechipo chaMwari (cf. vaRoma. 4:11 na1vaKorinde. 9:2)

Chinangwa chesimbiso iyi ndechekudoma vanhu vaMwari kuti vasawirwa nekutsamwa kwake. Simbiso yaSatani inodomawo vanhu vake avo vanowirwa nekutsamwa kwaMwari. MunaZvakazarurwa “matambudziko” (kureva., *thipsis*) izwi rinoreva kutambudzwa kwevatendi neavo vasingatendi, ukuwo hashu/kutsamwa (kureva., *orge* kana *thumos*) ndiko kutonga kunoitwa vasingatendi naMwari kuti vatendeuke vave norutendo munaKristu. Ichi chinangwa chakanaka chokutonga chinoonekwa muzvituko/makomborero ezvisungo zvemunaDhuteronomi. 27-28.

Izwi rokuti “Mwari mupenyu” idambanemazwi rezita rokuti’YHWH’ (cf. Ekisodho. 3:14; Mapisarema. 42:2; 84:2; Mateu. 16:16). Dambetambe rimwechetero rinowanikwa mumhiko dzemubhaibheri sokuti, “kana Ishe achirarama.”

3:34” Nokuti iye akatumwa naMwari, ndiye anotaura mashoko aMwari” Pane mitsara miviri inofambirana mundima 34 inoratidza kuti masimba aJesu anobva kunaMwari

1. Mwari akamutuma
2. Ane kuzadza kweMweya

▣ **“Nokuti haapi Mweya asina mwero”** Kwazvo kwazvo mutsara uyu uri muchimiro chekutsiudza, asi kuna avo vanotaura rurimi rwechirungu chimiro chekurudziro ndicho chinopa chirevo. Pane nzira mbiri dzokunzwisisa kuzadza kweMweya :vamwe vanotenda kuti

1. Jesu ndiye anopa kuzadza kweMweya kuvatendi (cf. 4:10-14; 7:37-39)

2. Kuti iko kuzadza kweMweya kunoreva chipo chaMwari chaMesiasi (cf. ndima. 35) vaRabhi vaisahndisa izwi rokuti “mwero” kutsanangura kutuswa kwevaporofita naMwari. vaRabhi vaitiwo hakuna muporofita anemwero wose wekuzadza kweMweya, Naizvozvo, Jesu ndiye mukuru kuvaporofita (cf. vaHebheru. 1:1-2) uye ndiye kuzviratidza kwaMwari kwakazara.

3:35 “Baba vanoda Mwanakomana” Nyaya iyi inodzokorarwa muna5:20 na17:23-26. Hukama hwevatendi kuna Mwari hunobva parudo rwake kunaMesiasi (Mwanakonana weziitakamwe, cf. vaHebheru. 1:2; 3:5-6; 5:8; 7:28). Tarira uone kuti muchirevo chechinyorwa chinodonongodza rungani nyaya yokuti vanhu vanofanira kuvimba naJesu saMesiasi.

1. Nokuti anobva kumusoro uye ari pamusoro pavose (ndima. 34)

2. Nokuti akatumwa nebasa rorudzikinuro kubva kunaMwari (ndima. 34)

3. Nokuti Mwari akamupa mwero uzere weMweya (ndima. 34)

4. Nokuti Mwari anomuda (ndima. 35)

5. Nokuti Mwari akamupa zvole muruoko rwake (ndima. 35)

Pane mazwi mazhinji echiGiriki anoreva kuti” rudo” ayo anezvirevo zvakasiyana siyana zvoukama hwevanhu. *Agapaō* nerokuti *phileō* anechirevo chemabviro chinofambirana. Ose anoshandiswa kutsanangura rudo rwaBaba kuMwanakomana.

1. 3:35; 17:23, 24, 26—*agapaō*

2. 5:20—*phileō*

Izvi zvinoita sokuti zvinoratidza musiyano wechirevo chenhaurwa yaJesu naPetirosi muna21:15-17. Ramgarira kuti, “chirevo chechinyorwa choga, “kwete maduramazwi ndiwo anopa chirevo chemazwi!

▣ **“Vakamupa zvole muruoko rwake”** Ichi ndicho chirevo chezvaitwa uye zviine zvibereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVE). Iri idimikira rechiHebheru rokureva samba kana masimba pamusoro pomumwe (kureva., 10:28; 13:3; Mabasa. 4:28; 13:11). Uyu mutsara unoshamisa zvikuru uye une mimwe yaunofambirana nayo (cf. Johani. 17:2; Mateu. 11:27; 28:18; vaEfeso. 1:20-22; vaKorose. 2:10; 1Petirosi. 3:22).

3:36

NASB “Anotenda Mwanakomana, anoupenyu husingaperi; asi asingateereri Mwanakomana haangaoni upenyu”

NKJV “Anotenda Mwanakomana, anoupenyu husingaperi; asi asingatendi Mwanakomana haangaoni upenyu”

NRSV “Wose anotenda Mwanakomana, anoupenyu husingaperi; asi wose asingateereri Mwanakomana haangaoni upenyu”

TEV “Wose anotenda Mwanakomana, anoupenyu husingaperi; asi wose asingateereri Mwanakomana haangaoni upenyi”

NJB “Ani zvake anotenda Mwanakomana, anoupenyu husingaperi; asi ani zvake anoramba kutenda muMwanakomana haangaoni upenyu”

Mazwi echiito ose aya ari muchimiro chokureva zvirikutoitwa (PRESENT ACTIVE). Kutenda kunopfuura rutemo rumwe zvisineyi nokuti ndekwechokadi (cf. Mateu. 13:20). Izvi zvinotsigira nyaya yokuti hakuna angaziva Baba asingazive Mwanakomana (cf. Johani. 12:44-50 na1Johani. 5:10). Ruponeso runobva chete pahukama hweziendamberi naJesu, Mwanakomana (cf. 10:1-18; 14:6).

Chirevanguva chezviri kuitika, hachngotauri nezvechiito cheziendamberi, asi nezvechokwadi chanhasi cheruponeso. Ichi ndicho chinhu chiripo kuvatendi zvino, asi hachisati chamunyungidzwa zvakazara. Ndiwo hunyambiri hwe” zvakaitwa kare” maringe ne” zvisati” zvenguva mbiri (tarira nhaurwa inokosha:nguva ino nenguva ichauya pana 1Johani. 2:17). Tarira nhaurwa inokosha :zvirevanguva zvezmazwi echiito akashandiswa kureva ruoneso pa9:7.

Zvinofadza kuona musiyano pakati pezwi rokuti” tenda” nerokuti” teerera” mundima ino. Vhangeri haisingori munhu nezvokwadi watinogamuchira, asi inovawo hupenyu hwatinorarama (cf. Ruka. 6:46; vaEfeso. 2:8-10).

▣ **“Asi kutsamwa kwaMwari kunogara pamusoro pake”** Muzvinyorwa zvaJohani apa ndipo chete (kunze kwerushanu munaZvakazarurwa) apo panowanikwa izwi rokuti” kutsamwa” (*orge*). Aya maonero akajairika zvikuru uye ane hochekeche nezwi rokuti “kutongwa.”Ichi ndicho chirevo chokureva zviri kuitwa (PRESENT ACTIVE INDICATIVE).”Kutenda, “kuteerera, “ne” kutsamwa” mazwi anoreva ziendamberi rechokwadi chazvino chichazo munyungirwa muneremangwana. Aya ndiwo makakatanwa aripo pakati pe” zvakatoitwa” ne” zvisati” zveushe hwaMwari. Kana uchida kunzwisisa nyaya yokutsamawa kwaMwari zvakajeka verenga bhuku ravaRoma. 1:18-3:20.

MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviriviri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Ko shoko raJesu rokutanga rinofanana sei neraJohani mubhabhatidzi?
2. Ko rubhabhatidzo urwu runofanana nerwevaKristu here?
3. Sei mazwi aJohani mubhabhatidzi achikumikidzwa zvikuru muzvikamu zvokutanga zvehangeri yaJohani mupositori?
4. Tsanangudza kuti rungani uye nemhando dzipi, apo Johani munyori anoshandisa kusiyana hukama pakati paJesu naJohani mubhabhatidzi
5. Ko izwi rokuti” gamuchira “mundima. 33 rine sungano ipi nerokuti” tenda mundima. 36?. ko izwi rokuti “kusateerera” mundima. 36 rinesungano ipi nenhaurirano ino?
6. Denengudza zvakarehwa zvinosungira kuti vanhu vavimbe naJesu weNazareta setariro yavo imwechete yeruponeso? (ndima. 31-36)

7. Tsanangudza kuti sei izwi rokuti” kutsamwa” mundima. 36, riri chirevanguva chezwi rechiito chinoreva zvirikuitika.

JOHANI 4

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Jesu naNhikodhimo	Mukadzi MuSamariya anosangana naMesiasi wake	Jesu nevaSamamariya	Jesu nevaSamariya	Jesu muvaSamariya
4:1-6	4:1-26	4:1-6	4:1-4 4:-5-6	4:1-10
4:7-15		4:7-15	4:7-8 4:9 4:10 4:11-12 4:13-14	4:11-14
4:16-26		4:16-26	4:15 4:16 4:17a 4:17b-18 4:19-20 4:21-24 4:25	4:15-24 4:25-26
	Mutambo weGoho		4:26	
4:39-42	4:39-42	4:39-42	4:39-40 4:41-42	4:39-42
Kuponeswa kwe Mwanakomana weGurukota	Kugamuchirwa paGaririya	Jesu nevaHedheni	Jesu Mwanakomana weGurukoto	Jesu muGaririya
4:43-45	4:43-45	4:43-45	4:43-45	4:43-45
4:46-54	Mwanakomana weGurukota anoporeswa	4:46-54	4:46-48 4:49 4:50-51 4:52-53 4:54	Kuponeswa kwe Mwanakomana weGurukota 4:46-54 4:54

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyoru. Ndiyozve hwaro hwepupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

RUONO RWEZVIRI MUGWARO ZVENDIMA. 1—54

- A. Pane marongerwo ane chinangwa muchikamu. 3 na4
1. Vamuzvina chinamato (Nikodhimo) maringe nemudzimai murambiwa (mukadzi pastime)
 2. ChiJudha chekuJerusarema (chakare'orthodox') maringe nechijudha chekuSamariya (chebande revapanduki'heretical')
- B. Zvokwadi pamusoro pemunhu nebasa raJesu zvinovandudzirwa mberi ne
1. Nhaurirano nemukadzi pastime (ndima. 1—26) ;
 2. Nhaurirano nevadzidzi vake (ndima. 27—38)
 3. Kupupura kwevanhu veguta reSamariya (ndima. 39—42)
 4. Kugamuchirwa nevekuGaririya (ndima. 43—45)
 5. Chiratidzo/chishamiso chaJesu pamusoro pourwere, ndima. 46—54.

DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :4:1-6

¹Zvino Ishe akati aziva kuti vaFarisi vakanga vanzwa kuti Jesu akaita nokubhabhatidza vadzidzi kupfuura Johani, ²kunyange Jesu akanga asinga bhabhatidzi amene, asi vadzidzi vake, ³akabva Judhea, akaendazve Gaririya. ⁴Akanga achifanira kupfuura neSamariya. ⁵Zvino akasvika paguta reSamariya, rainzi Sikari, pedyo nemunda wakanga wapa Jakobho mwanakomana wake Josefa.

⁶Tsime raJakobho rakanga riripo. Zvino Jesu aneta nokufamba, ndokungogara zvake pastime. Yaiva nguva inenge yechitanhatu.

4:1 “Ishe” Johani, achirangarira mundangariro dzake (nenzira yoMweya) kwapfuura makore mazhinji, anoshandisa zita rokuti” Ishe “nerokuti “Jesu” mumutsara mumwechetewo kureva munhu mumwechete.

Zvinyorwa zvizhinji zvechiGiriki zvnioshandisa zita rokuti” Jesu” kaviri mundima. 1 (kureva., N, D, NRSV, NJB, REB), asi rokuti” Ishe “riri muchinyorwa cheMSS P^{66, 75}, A, B, C, L (NASB, NKJV). Zvisinei, chero nekumikidzo yezvinyora zvakanyorwa zvakanaka kuzita rokuti” Ishe”, gwaro reUBS⁴ rinoisa zita rokuti” Jesu” muchinyorwa uye rinoripa chipimo chetatu” C” (kureva kuti zvakaoma kupa rutemo).

▣ “vaFarisi” Tarira nhaurwa inokosha pa1:24.

▣ “Vakanga vanzwa kuti Jesu akaita nokubhabhatidza vadzidzi kupfuura Johani” Jesu akabva kunzvimbo nokuda kwemakakatanwa akanga avapo pakati pevadzidzi vake nevaJohani mubhabhatidzi, ayo akanga akonzerwa nevaFarisi. Vhangeri nhatu dzokutanga dzinoti Jesu akabva kunzvimbo iyi nokuti Johani mubhabhatidzi akanga asungwa namambo Herodhi (cf. Mateu. 4:12; Mako. 1:14; Ruka. 3:20).

4:2 “Jesu amene akanga asinga bhabhatidzi” Uku hakusi kudzikisira nyaya yekubhabhatidza (cf. Mateu. 28:19; Mabasa. 2:38; 8:12; 16:33; 22:16), asi kungojekesa kuzvitutumadza kwevanhu (kureva nyaya yokuti., “ndakabhabhatidzwa naJesu kana naPauro, cf. 1vaKorinde. 1:17). Zviripachena kuti Jesu akabhabhatidza pakutanga kweushumiri hwake (cf. 3:22), akazorega pava paya. Johani arikugadzirisa mutsara wenhema wevaFarisi.

4:3 “Akabva Judhea akaendazve Gaririya” Aya ndiwo mazwi okunongedza zvaitwa (AORIST ACTIVE INDICATIVES) nokungoreva kwaiva kuina Jesu chaiko.

4:4 “Akanga achifanira kupfuura neSamariya” Izwi rokuti “achi” pano, izwi rechiito rechiGiriki rokuti’*dei*’iro rinoshandiswa kakawanda muchirevo chechinyorwa chino (cf. 3:7, 14, 30). Rinowanoshandurudzwa richireva kuti” sungirwa” kana “zvaifanirwa.” Pane hurongwa hwaMwari hwokuti Jesu afambe nenzira iyi. Ndiyo nzira pfupi ; Josephus anotiudza kuti vaJudha vainyanyoshandisa nzira iyi kubva kuGaririya. Zvisineyi, vaJudha vekuJudhea vaivenga vaSamariya, naizvozvo vaisada kupfuura nemudunhu ravo nokuti vaiti vaSamariya vaiva vasina kukwana panyaya dzekunamata.

NHAURWA INOKOSHA: RUSARURAGANDA

I. Nhanganyaya

- A. Uyu mutauriro unoshandiswa nevatadzi pasi rose munzvimbo dzavanogarisana. Uku ndiko kuzvikudza kwomunhu kwokuzvitsigira nokuremedza vamwe. Rusaruraganda chinhu chirikuwanikwa mazuva ano, izviwo zvechindudzindudzi zvavapo kubva kare.
- B. Chindudzindudzi chakatanga parusvingo rweBhabheri (Genesi. 11) uye chinehochekochenevana vaNowa vatatu avo vanonzi ndivo vakabereka marudzi ari panyika nhasi (Genesi. 10) Zvisineyi, zviripachena kuti maererano nezvinyorwa, vanhu vakabva pamudzi mumwe (Genesi. 1-3; Mabasa. 17:24-26)
- C. Rusaruraganda imwe yenzira zhinji dzorusaruro. Dzimwe nedzinotevera:
 - 1) Kusarura kuburikidza nedzidzo
 - 2) Kusarura kuburikidza nokushaya kana kuwana
 - 3) Kusarura kuburikidza nenzira yemitemo yechitendero
 - 4) Kusarura kuburikidza nemapato ezvematongerwo enyika

II. Zviri mubhaibheri

A. Testamende yekare

1. Genesi. 1:27—vanhu, murume nomukadzi vakasikwa nomufananidzo waMwari, zvinova izvo zvinovasiyanisa nezvimwe zvisikwa zvose. Zvinoratidzawo kukosha nechiremerera chavo (cf. Johani. 3:16).
2. Genesi. 1:11-25 inoburitsa mutsara wokuti” namarudzi a[yo, dzo,]” kagumi. Mutsara uyu ndiwo urikushandiswa kutsigira rusaruraganda. Zvisineyi, zviripachena kuti kubva pamanyorerwo awo, unoreva mhuka nemitu kwete vanhu.
3. Genesi. 9:18-27 Idzi ndima dzinoshandiswa kukurudzira udzvanyiriri pakati pamarudzi. Zvinofanira kurangarirwa kuti Mwari haana kutuka Kenani, Nowa baba vake ndiye akamutuka apo paakapepuka kubva mukudhakwa kwake. Bhaibheri hapana parinotaura kuti Mwari akatsigira kutuka uku. Kunyangwe dai Mwari akatsigira, izvi hazvina chokuita navanhu vatema. Kenani aiva tateguru weavo vakazogara muParastina. Zvakare izvo zvakanyorwa pamudhuri weIjipita zvinoratidza kuit vakanga vasiri vanhu vatema.
4. Joshua. 9:23—Ndima iyi inoshandiswa kupa humboo hwekuti rumwe rudzi ruchava varanda vorumwe rudzi. Zvisineyi, vaGibheoni ndeve rudzi rumwe nevaJudha.
5. Ezira. 9-10 naNehemiya. 13—Zvikamu izvi zvinogaroshandiswa nenzira yerusaruro. Asi muchinyorwa munoratidza kuti kuroorana kwakarambidzwa kwete nokuda kwerudzi (vaiva vazukuru vaNowa vose) asi nokuda kwechinamoto.

B. Testamende itsva

1. Dzivhangeri

- a) Jesu akashandisa ruvengo pakati pavaJudha navaSamariya, nguva zhinji; zvinoreva kuti ruvengo pakati pamarudzi haruna kunaka
 - 1) Rungano rwemuSamariya akanaka (Ruka. 10:25-37)
 - 2) Mukadzi pastime (Johani. 4)
 - 3) Murume aiva namaperembudzi wokuvonga Jesu (Ruka. 17:11-19)
- b) Vhangeri ndeyo munhu wose
 - 1) Johani. 3:16
 - 2) Ruka. 24:46-47
 - 3) vaHebheru. 2:9
 - 4) Zvakazarurwa. 14:6
- c) Hushe huchasanganisira munhu wose
 - 1) Ruka. 13:29
 - 2) Zvakazarurwa. 5

2. Mabasa

- a. Mabasa. 10 iganhuro inodudza pachena rudo rwaMwari kumunhu wose nemurayiro wevhangeri kunavose.
- b. Petirosi akashoropodzwa munaMabasa. 11 nokuda kwezviito zvake, dambudziko iroto rakatozogadziriswa apo pakasangana dare reJerusarema (Mabasa. 15) kusawirirana pakati pevaJudha nevaHedheni venguva yemakore zana okutanga kwaiva kwakakura kwazvo.

3. Pauro

- a. MunaKristu hamuna mipanda
 - 1) vaGaratiya. 3:26-28
 - 2) vaEfeso. 2:11-22
 - 3) vaKorose. 3:11
- b. Mwari haasiri muremekedzi wavanhu
 - 1) vaRoma. 2:11
 - 2) vaEfeso. 6:9
4. Petirosi naJakobho
 - a. Mwari haasiri muremekedzi wavanhu, 1Petirosi. 1:17
 - b. Nokuti Mwari haaratidzi rusaruro, saka navanhu vake havafanire kuratidza rusaruro, Jakobho. 2:1
5. Johani
 - a. Umwe wemitsara inotaura zvakasimba pamusoro pebasa revatendi unowanikwa muna1Johani. 4:20

III. Mhendero

A. Rusaruraganda kana rusaruro rwemhando ipi zvayo, haruna kufanira vanhu vaMwari. Inzwa zvakataurwa navaHenlee Bearnette, vachitura pfungwa dzavo pamusangano wezveutumwa hwechiKristu mugore ra1964, muguta reGlorieta kuNew Mexico

“Rusaruro manyepo nokuti haruna humboo hunorutsigira mubhaibheri nemuchiKristu, chero muongororo yezvamazuva ano”

B. Dambudziko iri rinopa vaKristu mukana wokuratidza rudo rwavo saKristu, ruregerero nekunzwisisa kunyika yakarasika. Kurasika kwevaKristu panyaya iyi kunoratidza kusakura mukutenda uye kunopa wakaipa mukana wokudzosera shure simbiso nekukura kwevatendi. Izvi zvinoitawo semupanda kuna avo vakarasika vanoda kuuya kynya Kristu.

C. Ndingaite seko? (chikamu chino chakatorwa mugwaro rinotaura nezveupenyu hweutumwa hwechiKristu chinonzi’hukama hwemarudzi “RACE RELATIONS”

“PANHANHO YEPAUZIMA”

- ★ Gamuchira basa rako rokugadzirisa dambudziko rine chokuita nemarudzi.
- ★ kuburikidza nemunyengerero, kudzidza bhaibheri nokuwadzana neavo vemamwe marudzi, edza kubvisa rusaruro muupenyu hwako.
- ★ Ratidza pfungwa dzako pamusoro pezvemarudzi kunyanya kuna avo vanokurudzira rusaruro, vasina anovapikisa

“PANHANHO YOUPENYU MUMHURI”

- ★ Koshesa dzidziso yemhuri pakuumbwa kwemaonero akanaka pamusoro penyaya yezvemarudzi
- ★ Tsvaka kuvandudza maonero echiKristu nokutaura pamusoro pezvinonzwika nevana nevabereki, apo vanenge vasiri kudzimba dzavo
- ★ Vabereki vanofanira kuchenjerera kuti vave muenzaniso wakanaka wechiKristu pakugarisana nevanhu vemamwe marudzi
- ★ Tavaka mikana yokuvaka hushamwari pakati pemhuri dzemarudzi akasiyana.

“MUKEREKE YAKO”

- ★ Nokuparidza pamwe nokudzidzisa chokwadi chemubhaibheri icho chiri maererano nezvemarudzi, sangano rinogona kubatsira nokuita muenzaniso wakanaka kuruwa rose.
- ★ Ivai nechokwadi kuti kunamata, kuwadzana nokushumira mukereke kunoitwa nemunhu

wose, chero kereke dzetestamende yekare dzaive dzisina rusaruro (vaEfeso. 2:11-22; vaGaratiya. 3:26-29).

“PANHANHO YOKURARAMA MAZUVA OSE”

- ★ Batsira kubvisa rusaruro pamabasa.
- ★ Shandai kuburikidza nemapato omuruwa renyu pakusimbisa kuenzana kwekodzero nemikana, rangarirai kuti kurikurwiswa rusaruraganda kwete vanhu. Chinangwa ndechekuvaka kunzwisisa kwete ruvengo.
- ★ Kana zvakakunakira, umba dare rinoona nezvekuzarurwa kwenhaurirano muruwa, nokudzidzisa ruzhinji uye nezvimwewo zvirongwa zvekuvandudza kugarisana kwemarudzi.
- ★ Tsigirayi mitemo nevamiriri vedare romutemo mukugadzirwa kwemitemo inovandudza kuenzaniswa kwemarudzi nokupikisa avo vanoshandisa kusawirirana kwemarudzi munezvematomongerwo enyika.
- ★ Kurudzirayi vezvemutemo nokushnadisa mutemo zvisina rusaruro
- ★ Sema mhirizhonga, nokukurudzira kuremekedzwa kwomutemo, uchiita zvose zvinogoneka somugari wemunyika wechiKristu nokuona kuti zvomutemo hazvizovi zvombo zveavo vanoshandisa mutemo kukurudzira rusaruro.
- ★ Iva muenzaniso wemweya nepfungwa dzaKristu muukama hwako nevamwe vanhu.

▣ **“kupfuura neSamariya”** Paiva nokuvengana kukuru pakati pevaJudha nevaSamariya kwakabvira mumakore mazana mapfumbamwe Jesu asati azvarwa (8th century B. C) Mugore ra722 B. C, madzinza gumi ekuchamhembe, ayo aiva eguta reSamariya akapambwa neAssyria akaendeswa kudunhu reMedia (cf. 2Madzimambo. 17:6). Dzimwe nhapwa idzi dzkagariswa kuchamhembe kweParastina (cf. 2Madzimambo. 17:24). Nokufamba kwenguva vorudzi rwaisatya Mwari ava vakaroorana netsarirwa dzevaIsiraeri dzaiva mumatunhu aya. VaJudha vaiti vaSamariya ava vakange vasina kukwana panyaya dzekunamata uye vainzi vafambisi vevhangeri yenhema (cf. Ezira. 4:1-4). Izvi ndizvo zvinounza chirevo chechinyorwa chendima. 9.

4:5” Guta reSamariya rainzi Sikari, pedyo nemunda wakanga wapa Jakobho mwanakomana wake Josefa” (cf. Genesi. 33:18, 19; Joshua. 24:32) vazhinji vanoti guta reSikari ndiro rimwechete rinonzi Shekemu, nyangwe zvazvo izvi zvisina kutaurwa mutestamende itsva.

4:6” Tsime raJakobho rakanga riripo.”Kwazvo kwazvo, chaiva chisipiti chaive chakadzika zvipimo zana. Raisava guvi remvura yaijera (chitubu), asi raiva gasva remvura yokunaya. Tsime iri hari taurwe nezvaro mutestamende yekare asi zita racho ndiro rinehochekeche netsika dzemadzibaba akare.

▣ **“Zvino Jesu aneta nokufamba”** Pano tinoona zvakajeka kuva munhu kwaJesu (cf. Ruka. 2:52), asi kuneta kwaisamukonesa kuratidza rudo rwake kuvanhu!

▣

NASB, NKJV,

JB **“Yaiva nguva inenge yechitanhatu”**

NRSV, TEV **“Yaiva nguva inenge yemasikati”**

Pane nhaurwa huru kwazvo pamusoro pokuti Johani akashandisa mhando ipi yokudoma nguva muvhangeri yake. Mamwe magwaro anoratidza kuti anoshandisa kudoma kwechiJudha mamwe achishandisa kwechiRoma. VaJudha vanotanga zuva ravo nenguva dzenhanhatu mangwanani (vaRoma vanotanga zuva pakati nepakati pezuva, naizvozvi, Jesu akasvika pastime panguva yokunge zuva ropisa zvikuru, masakati.

NASB (ZVINYORWA ZVAJAVANDUDZWA) :4:7-14

⁷Zvino mumwe mukadzi weSamariya akasvikapo kuzochera mvura. Jesu akati kwaari, “Ndipeiwo, ndinwe.”⁸Nokuti vadzidzi vake vakanga vaenda muguta kundotenga zvokudya.

⁹Ipapo mukadzi muSamariya akati kwaari, “Ko iwe muJudha, unokumbira Seiko kwandiri kunwa, ini mukadzi muSamariya?” (Nokuti vaJudha havafambidzane navaSamariya).

¹⁰Jesu akapindura, akati kwaari, “Dai waiziva chipo chaMwari, uye kuti ndiani anoti kwaari, ndipeiwo ndinwe, ungadai waikumbira kwaari, akakupa mvura mhenyu.”¹¹Mukadzi akati kwaari, “Ishe hamhuna chamungachera nacho, tsime rakadzika, zvino mvura mhenyu mungaiwanepiko?”¹²Ko muri mukuru kuna Baba vedu Jakobho, vakatipa tsime iri, vakanwa pariri vamene navanakomana vavo nezvipfuwo zvavo?”¹³Jesu akapindura, akati kwaari, “Mumwe nomumwe anonwa mvura iyi, achava nenyotazve.

¹⁴Asi ani naani, anonwa mvura yandichamupa ini, haachazovi nenyota nokusingaperi; asi mvura, yandichamupa ichava mukati make tsime remvura, inovhaira kuupenyu husingaperi.”

4:7 “Zvino mumwe mukadzi weSamariya akasvikapo” Mukadzi uyu akanga auya ari oga kutsime raiva kure nenguva isina kujairika nokuda kwechimiro chake muguta.

☐ **“Ndipeiwo, ndinwe”** Iri izwi rinonongedza zvaaidokwairirwa (AORIST ACTIVE IMPERATIVE).

4:8 Iyi ndima ndiyo inoumba mavambo enhaurirano pakati paJesu nomukadzi murambiwa uyu, uyo aiva webande revaJudha rainamata nhema. Ichi ndicho chimwe chezvinyorwa zvaJohani zvinosiyana nedingindira renyaya.

4:9 “Ko iwe muJudha, unokumbira seko kwandiri kunwa, Ini mukadzi muSamariya” ’ vaJudha vaisatotenderwa kunwora mumukombe umwechetewo nevaSamariya (cf. tsika dzevaJudha dziri munaRevhitiko. 15). Jesu akanga achidaridzira mipingo miviri yetsika nemagariro (1) kutaura nemukadzi muSamariya pamwe (2) nokutaura nomunhu kadzi.

☐ **“(Nokuti vaJudha havafambidzane navaSamariya) “kutsauka uku (NASB, NRSV), uko kunoshanda setsanagudzo munaJohani, hakuwanikwi mugwaro reMSS N* na D, asi kunowanikwa mmagwaro eP^{63, 66, 75, 76}, N¹, A, B, C, L. Gwaro reUBS⁴ rinopa kuvapo kwekutsauka uku chipimo chokutanga” A”** (kureva chokwadi).

4:10 “Dai” Uyu ndiwo mutsara unoshandisa muenzaniso senzira yokuburitsa chokwadi (SECOND CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Pano mutsara wenhema unotaurwa senzira yokuratidzawo mhendero yenhema.

Apa ndipo chete panoshandiswa izwi rokuti” chipo” muvhangeri yaJohani. Pano rinoreva kuti Jesu ndiye chipo chaMwari (cf. 3:16) uyo anopa upenyu husingaperi. MunaJohani. 7:38-39 naMabasa, rinoshandiswa kureva kupiwa kweMweya mutsvene (cf. Mabasa. 2:38; 8:20; 10:45; 11:17). Nyaya ndeyenyasha dzaMwari idzo dzisina makodzero, dzinoratidzwa munaKristu neMweya.

▣ **“Mvura mhenyu”** Izwi iri rinesungano nemadimikira etestamende yekare (cf. Mapisarema. 36:9; Isaya. 12:3; 44:3; Jeremiya. 2:13; 17:13; Zekariya. 14:8). Jesu anoshandisa izwi rokuti” mvura mhenyu” zvinofanana nokuti” hupenyu hweMweya.”Zvisineyi, mukadzi muSamariya akafunga kuti aireva mvura inoerera, iyo yaisiyana nemvura yaiva muchisipiti. Aya ndiwo manyorerwo evhangeri yaJohani okuti Jesu (chiedza cheniyika) haanyanye kunzwiswa (kureva., Nikodhimo). Vepanyika, vatadzi havanzwisisi zvedenga (kureva., shoko raJesu).

4:11” Ishe” Iri ndiro izwi rechiGiriki rokuti *kurios* riri muchimiro chekunongedza nhaurirano (VOCATIVE form). Rinogona kusandiswa senzira yokuita nhaurirano zvinoruremekedzo (ishe) kana kushandiswa semutsara wezvidzidzo zvouMwari (Tenzi) kureva uMwari hwakazara hwaJesu semundima. 1 nevaRoma. 10:13. Ndiko kutaudza zvineruremekedzo.

4:12” ko muri mukuru kuna Baba vedu Jakobho “Pano zvivakamutauro zviri kutarisira “mhinduro yokuti kwete” Zviri pachena kuti mutsara uyu ndewendyaringo. Mukadzi muSamariya akanga achida kuratidza hukuru hwerudzi rwake, urwo rwavanotevedza kubva kunaEfuremu naManasa kusvika kunaJakobho. Chinhu chinoshamisa ndechekuti hukuru hwaJesu ndihwo hwaaitoreva!

Nhaurirano iyi inobata nyaya mbiri dzedzidzo youMwari.

1. Rudo rwaMwari /Jesu kunavarambiwa (kureva., vaSamariya. vakadzi)
2. Hukuru hwaJesu kunyaya dzechiJudha nedzechindudzindudzi

4:13-14” Asi ani naani, anonwa mvura yandichamupa ini haachazovi nenyota nokusingaperi” Izvi zvinogona kunge zvaiva nechirevo chouMesiasi (cf. Isaya. 12:3; 48:21; 49:10). Uyu mutsara unechirevo chinekupikisa kwakapetwa ruviri. Pane dambanemazwi rakaitwa nezvirevanguva zvezmazwi echiito (VERB TENSES). Chirevanguva chokureva zvirikuitwa (PRESENT ACTIVE PARTICIPLE) chendima. 13 chinoreva kudzokorora kunwa, ukuwo chirevo chezvaitwa nemuneremangwana (AORIST ACTIVE SUBJUNCTIVE) CHEMUNDIMA. 14 chinoreva kunwa kamwe.

4:14” Tsime remvura inovhaira kuupenyu husingaperi” Uyu mutsara unechirevo chechirevanguva chezvirikutoitika, zvichireva” zierendamberi “(cf. Isaya. 58:11 naJohani, 7:38). Kuvanhu vaigara mugwenga, mvura yaireva hupenyu pamwe nokupa kwaMwari.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :4:15-26

¹⁵Mukadzi akati kwaari, “Ishe ndipei mvura iyi, kuti ndirege kuzova nenyota, kana kuuya kuzochera pano.”¹⁶Jesu akati, “Enda undodana murume wako, ugouya pano.”

¹⁷Mukadzi akapindura akati kwaari, “Handina murume.”Jesu akati kwaari, “Wareva zvakanaka, zvawati, Handina murume.”

¹⁸” Nokuti watova navarume vashanu; uyo waunaye zvino haasi murume wako; apo wareva chokwadi.”

¹⁹Mukadzi akati kwaari, “Ishe ndinoona kuti muri muporofita. ²⁰Madzibaba edu ainamata pagomo iri; imi munoti muJerusarema ndimo munofanira kunamatwa.”

²¹Jesu akati kwari, “Mai nditende kuti nguva inouya, yamusingazonamati baba pagomo iri, kana muJerusarema. ²²Imi munonamata chamusingazivi; isu tinonamata chatinoziva, nokuti ruponeso runobva kuvaJudha. ²³Asi nguva inouya, nazvino yatovapo, yokuti vanonamatanechokwadi vachanamata baba mumweya nezvokwadi; nokuti baba vanotsvaga vakadaro kuzomunamata.

²⁴” Mwari ndiMweya; vanomunamata, vanofanira mumweya nechokwadi.”

²⁵Zvino mukadzi akati kwaari, “Ndinoziva kuti Mesiasi anouya, anonzi Kristu; kana iye asvika, achatiudza zvose.”

²⁶Jesu akati kwaari, “Ini, ndinotaura newe ndini iye.”

4:15 Mukadzi uyu, saNikodhimo; achiri kunzwisisa Jesu panhanho yenyama. Izvi zvaisashamisa chero kuvadzidzi chaivo. Vaigaro tadza kupirikira mashoko aJesu nokutadza kunzwisisa tsumo nemadimikira ake (cf. Johani. 4:31-33; 11:11-13).

4:16 Gwaro reUBS⁴haritombotauri nezvekuti zita rokuti “Jesu “rakambowedzerwa (cf. NKJV, NRSV, NJB, REB). Bhaibheri reN E T rinopa humboo hwekuwedzerwa kwezita iri (p. 1903, kureva., MSS N*^c, A, C², D, L, na W, asi hariwanikwi muMSS P^{66, 75}, B, C) Vanzveri vemagwaro ndivo vaiita kuti zvinyorwa zvijeke nokuva nyire kuverenga.

☐ “**Enda undodana**” Uyu mutsara unechirevo chezvirikudokwairirwa (PRESENT ACTIVE IMPERATIVE) chakateverwa nezvaidokwairirwa (AORIST ACTIVE IMPERATIVE).

4:17” Handina murume” chivi chinofanira kuonekwa. Jesu haashore uye haakurudzire.

4:18” Watova navarume vashanu” Jesu anoshandisa simba reMweya kuitira kubvisa mukadzi uyu mukunzwisisa kwenyama kuenda mukunzwisisa kweMweya (cf. 1:48).

4:19” Ndinoona kuti muri muporofita” Mukadzi akanga asati asvika pakunzwisisa zvouMesiasi. Aiedza kunyenyeredza nyaya youkama hwake naMwari nokushandisa mazwi okuyemura (sezvakaitwawo naNikodhimo muna. 3:2).

Vamwewo vatsoropodzi vemagwaro vanoona sokuti izvi zvinoreva Mesiasi akarehwa munaDhuteronomi. 18:15-22.

NHAURWA INOKOSHA:CHIPOROFITA CHETESTAMENDE YEKARE

I. Nhanganyaya

A. Mitsara yezaruro

1. Boka revatendi haribvumirane panyaya yokupirikira chiporofita. Dzimwe zvokwadi dzakasimbiswa sezviitiko zvekare, asi kwete chokwadi ichi.
2. Pane nguva dzakawanda dzakanyatso dudzwa dzechiporofita chetestamende yekare
 - a. Kusati kwavanaMadzimambo
 - 1) Vanhu vaidanwa kuti vaporofita
 - a) Abhurhamu—Genesi. 20:7

- b) Mosesi—Numeri. 12:6-8; Dhuteronomi. 18:15; 34:10
 - c) Aroni—Ekisodho. 7:1 (mutauriri waMosesi)
 - d) Miriamu—Ekisodho. 15:20
 - e) Medhadhi naEridhadhi—Numeri. 11:24-30
 - f) Debhora—vaTongi. 4:4
 - g) Asina kurehwa nezita—vaTongi. 6:7-10
 - h) Samueri—1 Samueri. 3:20
- 2) Kureva boka remaporofita—Dhuteronomi. 13:1-5; 18:20-22
 - 3) Boka rechiporofita kana chikwata—1 Samueri. 10:5-13; 19:20; 1 Madzimambo. 20:35, 41; 22:6, 10-13; 2 Madzimambo. 2:3, 7; 4:1, 38; 5:22; 6:1, nezvimwewo
 - 4) Mesiasi akadanwa kuti muporofita—Dhuteronomi. 18:15-18
- b. vouMambo vaisa nyora (avo vaitaurira Mambo) :
- 1) Gadhi—1 Samueri. 22:5; 2 Samueri. 24:11; 1 Makoronike. 29:29
 - 2) Natani—2 Samueri. 7:2; 12:25; 1 Madzimambo. 1:22
 - 3) Ahija—1 Madzimambo. 11:29
 - 4) Jehu—1 Madzimambo. 16:1, 7, 12
 - 5) Asina kudomwa nezita—1 Madzimambo. 18:4, 13; 20:13, 22
 - 6) Eriya—1 Madzimambo. 18-2 Madzimambo. 2
 - 7) Mikaya—1 Madzimambo. 22
 - 8) Erisha—2 Madzimambo. 2:8, 13
- c. Vaporofita venguva yekare (vaitaurira nyika pamwe naMambo) :kubva panalsaya kusvika panaMaraki (kunze kwaDhanieri)
- B. Mazwi emubhaibheri
1. *Ro'eh*="muoni" 1 Samueri. 9:9. Chirevo ichi choga chinoratidza shanduko yezwi rokuti *nabi'*. Izwi rokuti *Ro'eh* rinobva paizwi rokuti" kuona". Uyu munhu aizonzi muoni ainge achinzwisisa maitiro aMwari zvokuti ndiye aibvunzirwa nyaya dzinechekuita nekuda kwaMwari.
 2. *Hozeh*="muoni" 2 Samueri. 24:11. iri izwi rinoreva zvakafanana nerokuti *Ro'eh*. Rinobvawo panerimwe izwi risina kujairika rokuti" kuona."Izwi rir muchimiro chechirevanguva ndiro rinonyanya kushandiswa kureva vaporofita (kureva., "kunanganidza").
 3. *Nabi*= "muporofita, "rine mabviro mamwechete nezwi rechiito rerurimi rwechiAkkadian rokuti *Nabu*="kudana" nerechiArab rokuti *Naba'a*="kududza."Iri ndiro izwi rinonyanya kushandiswa mutestamende yekare kunan'anura muporofita. Rinoshandiswa kanopfuura mazana matatu. Zvirevo nemabviro aro haanyatsozivikanwi asi kuti" kudana" ndicho chirevo chinoratidza kuva chakanaka kupfuura zvose parizvino. Nzwisiso inonyatsoita zvakana inobva kuna 'YHWH'Mwari achitsanangudza ukama hwaMosesi kunaFaro kuburikidza naAroni (cf. Ekisodho. 4:10-16; 7:1; Dhuteronomi. 5:5).
 4. Mazita ose ari matatu anoshandiswa kureva basa remuporofita muna1 Makoronike. 29:29; Samueri—*Ro'eh*; Natani—*Nabi'* naGadhi—*Hozeh*.
 5. Mutsara wokuti, '*ish ha-'elohim*, "Munhu waMwari, "unoreva kwazvo kwazvo nan'anuro yomunhu anotaurira Mwari. Unoshandiswa kamakumi manomwe ane nhanhatu mutestamende yekare nenzira yokureva "muporofita."
 6. Izwi rokuti "muporofita" rinobva mururimi rwechiGiriki. Rinobva

mumubatanidzwa wemazwi anoti (1) *pro*=iro rinoreva kuti” zvisati” kana kuti” zva/zve” ne (2) rokuti *phemi*=iro rinoreva kuti “kutura.”

II. DZUDZIRO YEZWI ROKUTI CHIPOROFITA

- A. Izwi rokuti” chiporofita “rine muvanzarira wezvirevo mururimi rwechiHebheru kupfuura muchirungu. Magwaro enhoroondo okubva panaJoshua kusvika panaMadzimambo (kunze kwaRute) anodanwa nevaJudha kuti “vaporofita vaimbovapo” Vose Abhurahamu (Genesi. 20:7; Mapisarema. 105:5) naMosesi (Dhuteronomi. 18:18) vano nan’anurwa samaporofita (naMiriamuwo, munaEksidho. 15:20). Naizvozvo, chenjerera dudziro yefungidziro yechirungu!
- B. “Zvechiporofita zvinogona kududzirwa zvichinzi, manzwisisiro enhoroondo ayo anogamuchira chirevo maringe nokuda kwaMwari chete, chinangwa chaMwari, kuita kwaMwari, “kubva muduramazwi remupirikiri rebhaibheri” *interpreter’s Dictionary of the Bible*, vol. 3, p. 896.”
- C. “Muporofita hasiri mudzamisi wendangariro kana mudzidzi wezvidzidzo zvouMwari, asi ndiye musvitsanisi wechisungo uyo anotaura shoko raMwari kuvanhu vake kuitira kuumba remangwana ravo nokushandura ranhasi ravo, “vaPorofita nechiporofita, “kubva mujengeta mazwi guru rechiJudha” *Eyclopedia Judaica* vol. 13, p. 1152.”

III. CHINANGWA CHECHIPOROFITA

- A. Chiporofita inzira inoshandoswa naMwari kutaura nevanhu vake, kuvapa hutungamiri mumaramiro avo pamwe netariro mukubata muupenyu hwavo nezviitiko zvepasi rose. Shoko raiva zibatakose. Rinoitirwa kutsiura, kukurudzira, kusimbisa kutenda nokuteneuka, nokuyambira vanhu vaMwari pamusoro pake nohurongwa hwake. Vaporofita ndivo vanoita kuti vanhu vaMwari varambe varipachisungo chaMwari. Tingawedzerewo kuti chiporofita ndichowo chinoshandiswa kuratidza zvakajeka sarudzo yaMwari yomutauririr wake (Dhuteronomi. 13:1-3; 18:20-22). Kana izvi, zvikatorwa nenzira iyi, zvinoreva Mesiasi.
- B. Kazhinji, muporofita aitora dambudziko renhoroondo kana zvidzidzo zvouMwari zvenguva yake, ozvipangamidzira muchimiro chemagumo. Aya maonero enguva yemagumo anechekuita zvikuru neSiraeri uye nepfungwa yayo yesarudzo pamwe nevimbiso dzechisungo.
- C. Chigaro chemuporofita chinoita sokuti chinonengaidza (Jeremiya. 18:18) nokutora samba romupirista mukuru senzira yokuziva kuda kwaMwari. Zvishongo zvemaPirista zvinova shoko raMwari pamutauriri waMwari. Chigaro chemuporofita chinoita sokuti chakapera mulSiraeri mushure memuporofita Maraki. Chigaro ichi hachionekwi kwemakore mazana mana kusvika apo panouzouya Johani mubhabhatidzi. Hazvina kunyatso jeka kuti chipo che” chiporofita “chetestamende itsva chiesungano ipi neTestamende yekare. VaPorofita veTestamende itsva (Mabasa. 11:27-28; 13:1; 15:32; 1vaKorinde. 12:10, 28-29; 14:29, 32, 37; vaEfeso. 4:11) havasi varatidzi veratidzo itsva kana shoko, vanotaura zvakaitika nezvichaitika zvokuda kwaMwari muchisungo.
- D. Chiporofita harisi ngori basa rokufembera chete. Kufembera ingori imwe yenzira dzokusimbisa chigaro chechiporofita neshoko, asi zvinofanira kuzivikanwa kuti” zvikamu zviri pasi pezviviri kubva muzana zvechiporofita chetestamende yekare ndizvo zvaitaura nezveMesiasi. zviripasi pezvishanu kubva muzana, ndizvo zvaitanangura kwazvo kwazvo nezvechisungo chitsva. Zviripasi pechikamu chimwe kubva muzana, ndizvowo zvaitaura nezvezvichauya.”(kubva mugwaro ravaFee nava Stuart rinonzi,

maverengerwo ebhaibheri nezvose zvariri” *How to Read the Bible For All Its Worth*, p. 166”)

- E. VaPorofita ndivo vimiriri vaMwari kuvanhu, ukuwo vaPirista ndivo vanomirira vanhu kuna Mwari. Aya ndiwo maonero anotambirwa neruzhinji. Asi panewo musiyano wevaPorofita vakaita saHabhakuki avo vanoita sokuti vanobvunza Mwari mibvunzo.
- F. Imwe nyaya inoita kuti tisanyayso nzwisisa vaPorofita ndeyekuti hatinyatso zivi murongerwo wemagwaro avo. Magwaro aya haateveri nguva. Anoita sokuti anedingindira asi kwete nenzira inotarisirwa nevanhu. Kazhinji haana chimiro chenhoroondo chakajekanguva kana musiyano pakati pemashoko. Magwaro aya akaoma (1) kuaverenga; (2) kudonogodza panhanho yechitsauko; ne (3) kuburitsa zvokwadi yawo kana vavariro yomunyorori mushoko roga roga.

III. MAITIRO ECHIPOROFITA

- A. Mutestamende yekare munoita sokuti ndimo mune vandudzo yepfungwa ye” muporofita “pamwe ne” chiporofita.”MuIsiraeri yekare kwakava nokuvapo kwekuwadzana kwevaporofita, vachitungamirwa nevaporofita vakuru vakaita savanaEriya kana Erisha. Izwi rokuti” vanakomana ve vaporofita “raishandiswa kunan’anura boka irori (2 Madzimambo. 2). Izvi zvaitika nenzira yokupumhuzika kunesimba (1 Samueri. 10:10-13; 19:18-24).
- B. Zvisineyi, nguva iyi yakapfuura kukauya yevaporofita vaive vakazvimiririra. Kwaiva nava porofita (venhema pamwe nevaMwari) vaigara mumizinda yaMadzimambo (Gadhi, Natani). Kwaivawo neavo vaisagara mumizinda iyi, vaive nedzimwe nguva vasina hochekeche nemugarisanwa wevaIsiraeri (Amosi). Vanowanikwa vari varume pamwe navakadzi (2 Madzimambo. 22:14).
- C. Kazhinji muporofita airatidza remangwana, riine chokuita nerudaviro rwevanhu. Nguva zhinji, basa romuporofita raiva rokupetenura zano raMwari kuzvisikwa zvake iro risingashandurwe norudaviro rwavanhu. Irori zano remugumo wepasi rose rinonyanya kuwanikwa muchiporofita chakare chematunhu akadziva kumabvazuva. Kufembera pamwe nekumira pachisungo ndidzo nyaya huru dzinobuda mushoko ravaporofita (cf. kubva muzvinyorwa zvavaFee nava Stuart, p. 150). Izvi zvinoreva kwazvo kwazvo kuti nyaya yevaporofita ndeyezibatakose. Kazhinji, asi kwete nguva dzose, vanotaura nerudzi.
- D. Zvizhinji zvevaporofita zvinowanikwa zviri zvokutaurwa nemuromo. Zvakazobatanidzwa nedzimwe nzira dzedingindira, nguva kana mimwe minyereketete yemunyorero wekumabvazuva, iyo yatisisina parizvino. Nokuda kwokuti dzaitwa dzokutaurwa nyaya idzi hadzina kurongeka sedziya dzakanyorwa. Izvi ndizvo zvinoitwa kuti magwaro aya anetse kuverenga pamwe nokunzwisisa nokuti haana muronga wenhoroondo wakajeka.
- E. Vaporofita vanoshandisa minyereketete yakawanda pakutaura shoko ravo.
 - 1. Padare—Mwari anoendesa vanhu vake kudare, kazhinji inenge iri nyaya yokurambana apo Mwari ‘YHWH’ anoramba mukadzi wake (Isiraeri) nokuda kwekusatendeseka kwake (Hosea. 4; Mika. 6).
 - 2. Rwiyo rweparufu—Chipimo chemhando iyi yeshoko chinoonekwa nezwi rokuti” ndoimba” ndiro rinosiyanisa (Isaya. 5; Habhakuki. 2).
 - 3. Kuturwa kwemakomborero echisungo—Zvimiso zvechisungo zvinokumikidzwa nezvinozoitika, zvose zvakanaka nezvakaipa, zvinotaurirwa ramangwana (Dhuteronomi. 27-28).

V. NHUNGAMIDZO DZINOBATSIRA PAKUPIRIKIRA CHIPOROFITA

- A. Tsvagurudza vavairo yemuporofita wemabviro (mupepeti) nokudoma muronga wenhorooondo pamwe nechirevo chechinyorwa cheshoko rake. Kazhinji zvinechekuita neIsiraeri ichityora chisungo chomurayiro waMosesi.
- B. Verenga nokupirikira shoko rose, kwete chikamu charo, ridonongodze maringe nezvariinaro. Ona kuti rinesungano ipi nemamwe mashoko akaripoteredza. Edza kudonongodza gwaro rose.
- C. Tanga nokusatsvaga zvi bhende kusvikira waona chinyorwa chakanyorwa nechibhende; ipapo wobva waisa mutauro wechibhende murondedzero.
- D. Ongorora zviito zvinonongedza muronga wenhorooondo pamwe nemivaravara inofambirana. Rangarira kuti munyorero wekumabvazuva uyu haufanani nowekumadokero kana wemazuva ano.
- E. Bata ufemberi nouchenjeri.
 - 1. Hwakanagana nenguva yemunyori chete here?
 - 2. Hwakazadziwa here munhorooondo yeIsiraeri?
 - 3. Huchiri chiiitiko chemuneremangwana here?
 - 4. Hungava nezadziso yenguva iyoyo pamwe neyeremangwana here?
 - 5. Ita kuti vanyori vebhaibheri vakutungamire pamhinduro dzako, kwete vemazuva ano.
- A. Nyaya dzinokosha
 - 1. Ko hufemberi hunozadziwa nemuronga worudaviro here?
 - 2. Zvakajeka here kuti chiporofita chakanagana naani (uye sei) ?
 - 3. Zvingavapo here mubhaibheri kana munhorooondo kuti hufemberi hungazadziwa nenzira dzakawanda?
 - 4. Vanyori vetestamende itsva kuburikidza netuso vakagona kuona Mesiasi muTestamende yekare munzvimbo dzisina kujairika kwatiri. Vanoita sokuti vanoita dambanemazwi. Sezvo isu tisina kutuswa, zvakana kuti tisiye nzira iyi kwavari.

MAGWARO ANOBATSIRA

- A. Gwaro rakanyorwa navaCarl E. Amending pamwe navaW. Ward Basque rinonzi, nhungamiro yechiporofita chemubhaibheri ” *A Guide to Biblical Prophecy* ”
- B. Gwaro rakanyorwa navaGordon Fee pamwe navaDouglas Stuart rinonzi, maverengerwo ebhaibheri nezvariri zvose ” *How to Read the Bible for All Its Worth* ”
- C. Gwaro rakanyorwa navaEdward J. Young rinonzi, varanda vangu vaporofita ” *My Servants the Prophets* ”
- D. Gwaro rakanyorwa navaD. Brent Sandy rinonzi, mapanga okukohwesa nengovo dzokusanzaurisa:kufunga patsva mutauro wezaruro yeramangwana nechiporofita chebhaibheri ” *Plowshares and Pruning hooks:Rwthinking the Language of Biblical Prophecy and Apocalyptic* ”
- E. Gwaro rinonzi, Duramazwi guru rezvidzidzio zvouMwari nokupirikira Testamende yekare ” *New International Dictionary of Old Testament Theology and Exegesis*, vol. 4, pp. 1067-1078”

NHAURWA INOKOSHA:CHIPOROFITA CHETESTAMENDE ITSVA

- I. Hachina kufanana nechetestamende yekare (BDB 611), Icho chaiva chirevo chevaRabhi cheratidzo yakatuswa naMwari (cf. Mabasa. 3:18, 21; vaRoma. 16:26). Vaporofita chete ndivo vainyora shoko raMwari.
 - A. Mosesi akadanwa kuti muporfita (cf. Dhuteronomi. 18:15-21)
 - B. Magwaro enhoroondo (Joshua—Madzimambo[kunze kwaRute]) vakadanwa kuti “vaporofita vakare” (cf. Mabasa. 3:24).
 - C. vaPorofita vanotora samba revaPirista sevaturi vehorokodzwa inobva kuna Mwari (cf. Isaya-Maraki)
 - D. chikamu chepiri chezvinyorwa zvitsvene zvechiHebheru ndeche” vaporofita” (cf. Mateu. 5:17; 22:40; Ruka. 16:16; 24:25, 27; vaRoma. 3:21).
- II. Mutestamende itsva nyaya iyi inoshandiswa nenzira dzakasiyana.
 - A. Kureva vaporofita vetestamende yekare neshoko ravo (cf. Mateu. 2:23; 5:12; 11:13; 13:14; vaRoma. 1:2)
 - B. Kureva shoko romunhu akazvimirira kwete boka (kureva., vaporofita vetestamende yekare vaitaurira Isiraeri chete)
 - C. Kurevawo vose Johani mubhabhatidzi (cf. Mateu. 11:9; 14:5; 21:26; Ruka. 1:76) naJesu sevadudzi vehushe hwaMwari (cf. Mateu. 13:57; 21:11, 46; Ruka. 4:24; 7:16; 13:33; 24:19) Jesu akadudzawo kuti iye aiva mukuru kuvaporofita (cf. Mateu 11:9; 12:41; Ruka. 7:26).
 - D. Vamwewo vaporofita vemutestamende itsva
 1. Hupenyu hwaJesu ari mudiki hwakanyorwa muvhangeri yaRuka (kureva., kurangarira kwaMariya)
 - a. Erizabheti (cf. Ruka. 1:41-42)
 - b. Zekariya (cf. Ruka. 1:67-79)
 - c. Simioni (cf. Ruka. 2:25-35)
 - d. Ana (cf. Ruka. 2:36)
 2. Hufemberi hwendyaringo (cf. Kefasi. Johani. 11:51)
 - E. Kureva uyo anodudza vhangeri (denengudza yezvipa zvokududza munavaKorinde. 12:28-29; vaEfeso. 4:11)
 - F. Kureva zierendamberi rechipo ichi mukereke (cf. Mateu. 23:34; Mabasa. 13:1; 15:32; vaRoma. 12:6; 1vaKorinde. 12:10, 28-29; 13:2; vaEfeso. 4:11). Dzimwenguva izvi zvinogona kureva vanhukadzi (cf. Ruka. 2:36; Mabasa. 2:17; 21:9; 1vaKorinde. 11:4-5).
 - G. Kureva gwaro rezaruro yezvichauya raZvakazarurwa (cf. Zvakazarurwa. 1:3; 22:7, 10, 18, 19)
 - H.
- III. Vaporofita vetestamende itsva
 - A. Havapi ratidzo yakatuswa seinopiwa neveTestamende yekare (kureva., shoko raMwari). Mutsara uyu unovapo nokuda kwekushandiswa kwezwi rokuti” rutendo” (kureva., vhangeri rakakwana) rakashandiswa munaMabasa. 6:7; 13:8; 14:22; vaGaratiya. 1:23; 3:23; 6:10; vaFiripi. 1:27; Judhasi. 3, 20).

Mafungiro aya anojekeswa nemutsara uri munaJudhasi. 3, wokuti” kutenda kwakapiwa vatsvene kamwe.”Izwi rokuti” kamwe” kutenda unoreva zvokwadi, gwara redzidziso, maonero nedzidziso dzechiKristu. Iyi kumikidzo yo mutsara wokuti kamwe ndiyo rerekero yehwaro

hwebhaibheri yekuganhurira dzidziso yezvouMwari kutuso yezvinyorwa zvetestamende itsva nokusatendera zvimwewo zvinyorwa kuti zvinzi zvakatuswa uye zvine zaruro. Mutestamende itsva munezvinhu zvakawanda zvisina kujeka uye zvisina chirevo chimwechete, asi vatendi vanosimbisa nokutenda kuti zvose “zvinodiwa “zvokutenda nokuita zvirimo uye zvakajekeswa zvakazara mutestamende itsva. Pfungwa iyi yakatsanangurwa zvizere mumazwi okuti” mbambo nhatu dzezaru”

1. Mwari akazviratidza mumuhasva wenguva nenhorondo (ratidzo)
 2. Akasarudza vanyori kuti vanyore nokutsanagura mabasa ake (tuso)
 3. Akapa Mweya wake kuti uvhure mwoyo nepfungwa dzavanhu kuti vanzwise zvinyorwa izvi, kwete zvakaperera asi zvinokwanira ruponeso nokurarama muchiKristu chaicho (rujeko). Nyaya iri apa ndeyekuti tuso ndeyevanyori veshoko raMwari. Hakuchina zvimweze zvinyorwa zvitsvene, kuoneswa kana ratidzo. Kunyorwa kweshoko dzvene kwakapera. Tava nezvokwadi yakakwana kuti tive norudaviro rwakakwana kunaMwari. Zvokwadi iyi inoonekwa nokubvumirana kwevanyori veshokodzvene maringe nokusabvumirana kwevatendi chaivo, vanotywa Mwari. Hakuna munyori wemazuva ano aneutungamiri hwaMwari sehwaiva navanyori veshoko dzvene.
- B. Nedzimwe nzira vaporofita vetestamende itsva vanofanana nevetestamende yekare.
1. Kufembera zvichaitika (cf. Pauro, Mabasa. 27:22; Agabho, Mabasa. 11:27-28; 21:10-11; nevamwewo vaporofita vasina kudomwa namazita, Mabasa. 20:23)
 2. Kududza kutongwa (cf. Pauro, Mabasa. 13:11; 28:25-28)
 3. Zviito zvinoburitsa chitiko zvakajeka (cf. Agabho, Mabasa. 21:11)
- C. Vanodudza zvokwadi yevhangeri, dzimwe nguva nokufembera (cf. Mabasa. 11:27-28; 20:23; 21:10-11), asi iyi handiyo nyaya huru. Kuporofita muna 1vaKorinde ndiko kutaura vhangeri (cf. 14:24, 39)
- D. Ndivo nzira itsva yeMweya yokuratidza maitirwo ezvokwadi yaMwari kuchimiro choga choga chitsva, netsika itsva, kana nguva itsva (cf. 1vaKorinde. 14:3).
- E. Vaibata zvikuru mukereke panguva yaPauro (cf. 1vaKorinde. 11:4-5; 12:28, 29; 13:2, 8, 9; 14:1, 3, 4, 5, 6, 22, 24, 29, 31, 32, 37, 39; vaEfeso. 2:20; 3:5; 4:11; vaTesaronika. 5:20) uye vakanyorwa wo nezvavo mugwaro re*Didache* (rinova gwaro rakanyorwa mukupera kwemakore zana okutanga kana kutanaga kwemakore mazana maviri okutanga, nguva chaiyo yarakanyorwa hainyatsozivikanwi) pamwe neavo vaitevera muporofita Montanus kuchamhembe kweAfrica.
- IV. Ko zvipo zvetestamende itsva zvakapera here?
- A. Mubvunzo uyu unonetsa kupindura. Unobatsira kujekesa nyaya nokududza chinangwa chezvipo. ko zvipo izvi zvakaitirwa kusimbisa hushumiri hwevhangeri hwokutanga here kana kuti ndidzo nzira dzeziendamberi dzekereke dzokuzvishumirira pamwe nokushumira kunyika yakarasika?
 - B. Ko ungatarisa nhoroondo yekereke kana testamende itsva imene kuti upindure mubvunzo uyu? Hapana munongedzo mutestamende itsva wokuratidza kuti zvipo izvi zvaiva zvenguva pfupi. Avo vanoedza kushandisa 1vaKorinde. 13:8-13 kutaura nyaya iyi vanotoshapaidza vavariro yemunyori wemuvaravara uyu, iyo inoti zvose zvichapera kunze kwerudo.
 - C. Ndinonzwa ndichiedzwa kuti nditaure ndichiti, sezvo simba riri mutestamende itsva kwete nhoroondo yekereke, vatendi vanofanira kusimbisa kuti zvipo zvichiri kuenda mberi. Zvisineyi, ndinotenda kuti tsika nemagariro dzinechekuitawo nekupirikira.

Zvimwe zvinyorwa zvakajeka kwazvo hazvichakwanise kuitwa (sokuti., kutsvoda kutsvene, kupfeka mijivha kwemadzmai, kusangana kwekereke mudzimba, nezvimwewo). Kana tsika nemagariro dzichikanganisa zvinyorwa, zvino nhorondo yekereke ingatadza neiwo?

- D. Uyu ungoriwo mubvunzo usingakwanise kupindurwa zvakajeka. vamwe vatendi vanoti “zvipo zvakapera” vamwewo vachiti” hazvina kupera.”Panyaya sezvazviriwo nedzimwe nyaya dzoupirikiri, mwoyo womutendi ndiyo shanguriro. Testamende itsva hairevi chinhu chimwechete uye unobatwa zvikuru netsika nemagariro. Dambudziko riri panya yokupa rutemo rwokuti ndezvipi zvinyorwa zvakashapaidzwa netsika nemagariro pamwe nenhorondo nokuti ndezvipi zvinomirira nguva dzose pamwe netsika dzose (cf. gwaro ravaFee nava Stuart rinonzi, maverengerwo ebhaibheri zvariri zvose” *How to Read the Bible for All Its Worth*, pp. 14-19 na69-77). Apa ndipo panokosha nharirano yerusununguko nebasa iyo inowanikwa munavaRoma. 14:1-15:13 na1vaKorinde. 8-10. Mapindurire atinoita mubvunzo anokosha nenzira mbiri.
1. Mutendi wose anofanira kufamba nokutenda muchiedza chaainacho. Mwari anotarisa mwoyo yedu nezvinangwa.
 2. Mutendi woga woga anofanira kubvumira vamwe vatendi kuti vafambe nokutenda mukunzwisisa kwavo. Panofanira kuva nokureredzana munyaya dzebhaibheri. Mwari anoda kuti tidanane sezvanotiita.
- E. Kupedzesa nyaya iyi, chiKristu ndihwo hupenyu hwokutenda norudo, kwete zvidzidzo zvouMwari zvakaperera. Hukama naMwari uhwo hunobata hukama hwedu nevamwe ndizvo zvinokosha kupfuura horokodzwa kana mhiko dzakaperera.

4:20” Madzibaba edu” Izvi zvinoreva Abhurahamu naJakobho (cf. 12:7; 33:20). Apa mukadzi arikuedza wo kuburitsa kuvawo muchisungo (cf. 8:31-59).

▣ **“Ainamata pagomo iri”** Izvi zvinoreva doritori rezvidzidzo zvouMwari rokuti Mwari’YHWH’ anofanira kunamatirwa kupi. vaJudha vaiti anofanira kunamatirwa pagomo reMoriya (nzvimbo yeTemberu yevaJudha), ukuwo vaSamariya vaitiwo pagomo reGerizimu (apo paimbova netemberu yevaSamariya iyo yakaparadzwa naJohn Hyracanus mugore ra129 B. C).

Panguva ino yatiri izvi zvinofanana nokuedza kuunza nyaya yedaritari rezvidzidzo zvouMwari vachinzvenga nyaya youkama hwavo naKristu. Vanhu vanofarira kudzidza zvinamato neufzhamisi hwendangariro kana chete zvisingazovashanduri ivo pazvima (cf. 3:19-21).

4:21 “Nguva inouya yamusingazonamati baba pagomo iri, kana muJerusarema” Uyu unofanira kuva mutsara wakakatyamadza mukadzi uyu pamwe nevadzidzi vaJesu. Kuti kuchanamatirwepi haisi nyaya, asi kuti ani!

4:22 “Ruponeso runobva kuvaJudha” Iyi ndiyo kumikidzo yokuti Mesiasi achabva kupi (cf. Genesi. 12:2-3; 49:8-12; Isaya. 2:3; vaRoma. 9:4-5).

4:23 “Asi nguva inouya, nazvino yatovapo” Iyi inogona kuva tsigiro yaMaraki. 1:11 pamusoro pekunamata pasi rose. Zviripachena kuti Jesu akaunza chipo choupenyu nokusingaperi panguva

youpenyu hwake pamwe nemushure mokufa kwake. Uyu mutsara unoburitsa makakatanwa aripo pamusoro pokuuya kuviri kwaMesiasi. Nguva mbiri dzevaJudha (tarira nhaurwa inokosha panaJohani. 2:17) dzadarikwa zvino. Nguva itsva yoMweya ndiyo yatovapo, asi tichiri kurarama munguva yakare youtadzi nezvivi.

Zvirokwazvo Jesu arikududza kuti nguva itsva iyi yakanga yatotanga maari. Nguva yoMweya, nguva yaMesiasi, yakanga yatogadzwa !

▣ **“Mumweya nechokwadi”** Izwi rokuti” mweya” (tarira nhaurwa inokosha pa 3:8) rinotaura nezvekunamata kusiri kwenzvimbo. Izwi rokuti” chokwadi” raishandiswa navaGiriki kureva maonero emuranagariro, ukuwo muchiHebheru raireva kutendeseka kana kuvimbisika. Tarira nhaurwa inokosha pamusoro pechokwadi pa 6:55 na17:3.

▣ **“Baba”** Zvakanga zvisina kujairika kudana Mwari kuti “baba” mutestamende itsva usnga wezeri chirevo chokuti Jesu ndiye Mwanakomana wake weziitakamwe.

NHAURWA INOKOSHA:BABA

Tetstamende yekare inounza dimikira remhuri rokureva Mwari saBaba:

1. Rudzi rwaIsiraeri rinogaro tsanagurwa ruchinzi “Mwanakomana” waMwari’YHWH’ (cf. Hosea. 11:1; Maraki. 3:17)
2. Chero kumashure munaDhuteronomi ringanidzo yaMwari saBaba inoshandiswa (1:31)
3. Muna Dhuteronomi. 32, Isiraeri inodanwa kuti” vana vake” uye Mwari anodanwa kuti” Baba venyu”
4. Ringanidzo iyi inodonongodzwa munaMapisarema. 103:13 ichivandudzwa munaMapisarema. 68:5 (Baba venherera)
5. Ringanidzo yaiva yakajairika mumagwaro evaporofita (cf. Isaya. 1:2; 63:8; Isiraeri seMwanakomana, Mwari saBaba, 63:16; 64:8; Jeremiya. 3:4, 19; 31:9).

Jesu aitura rurimi rweAramaic, izvo zvinoreva kuti pose panoonekwa zita rokuti” Baba” mururimi rwechiGiriki” *Pater*” rinoratidza kuti paiva nerechiAramic rokuti “*Abba*” (Mako. 14:36). Iri zita remhuri rokuti” Baba” muchirungu” Daddy” kana” Papa” rinoreva kuva pedo naBaba kwaJesu; kuratidza kwaakaita izvi kuvadzidzi vake kunokurudzirawo kuva pedo naBaba kwedu. Izwi rokuti “Baba” raisahandiswa zvinouchenjeri muTestamende yekare kureva ‘YHWH’, asi jesu anonyanya kurishandisa. Iyi iratidzo huru youkama hutsva hwevatendi naMwari kuburikidza naJesu (cf. Mateu. 6:9).

▣ **“Nokuti Baba vanotsvaga vakadaro kuzomunamata”** Mwari arikutsva vakarasika zvomene (cf. Isaya. 55; Ezekieri. 18:23, 32; Ruka. 19:10; Johani. 1:12; 3:16).

4:24” Mwari ndiMweya” Pane mitsumbu tsumbu yemazwi muvhangeri yaJohani inotsanagura chimiro chaMwari (1) Mwari ndiye rudo; (2) Mwari ndiye chiedza; (3) Mwari ndiMweya. Izvi zvinogona kureva (1) zvisiri zvepanyama; (2) kusava panzvimbo imwechete; (3) kusava nesungano nemuronga wenguva; (4) zvedenga maringe nezvepanyika.

4:25” Mesiasi anouya” Izwi rokuti Mesiasi rinowanikwa ruviri chete mutestamende itsva, kwose muvhangeri yaJohani (cf. 1:41; 4:25).

NHAURWA INOKOSHA:MESIASI

Izvi zvinobva pazvinyorwa zvangu zvetsoropodzo panaDhanieri. 9:6. Dambudziko rokupirikira ndima iyi rinobva pakuvapo pezvimwe zvirevo zvinechekuita neizwi rokuti Mesiasi kana muzodzwa (BDB 603).

1. Rakashandiswa kureva madzimambo echiJudha (semuna., 1 Samueri. 2:10; 12:3)
2. Rakashandiswa kureva vapirista vechiJudha (semuna., Revhitiko. 4:3, 5)
3. Rakashandiswa kureva Koreshi (cf. Isaya. 45:1)
4. Tsanangudzo yokutanga neyechipiri dzinobatanidzwa munaMapisarema. 110 naZekariya. 4
5. Rakasahndiswa kureva kuuya kunokosha kwaMwari, Mambo werudzi rwaDhavhiti achauza nguva itsva yekururama
 - a. Dzinza raJudha (cf. Genesi. 49:10)
 - b. Imba yaJesi (cf. 2 Samueri. 7)
 - c. Kutonga pasi rose (cf. Mapisarema. 2; Isaya. 9:6; 11:1-5; Mika. 5:1-4ff)

Ini ndinofarira kudanwa kwaJesu weNazareta achinzi” muzodzwa” nokuti

1. Kutangwa kwehushe husingaperi munaDhanieri. 2 panguva youshe hwechina
2. Kutangwa kwelkuta urwa kwe” Mwanakomana womunhu” munaDhanieri. 7:13 achipiwa hushe husingaperi
3. Mitsumbutsumbu yemazwi anoreva rudzikinuro munaDhanieri. 9:24, ayo anonongedza kusvika pamanhengatenga enhoroondo yenyika yevatadzi
4. Kushandiswa kwegwaro raDhanieri naJesu mutestamende itsva (cf. Mateu. 24:15; Mako. 13:14)

▣ **“Kana iye asvika, achatiudza zvose”** Izvi zvinoratidza kuti vaSamariya vaitarisirawo Mesiasi. Zvinoratidzawo kuti vaiona sokuti Mesiasi aiuya kuzoratidza kuzara kwaMwari.

4:26 “Ini ndinotaura newe ndini iye” Izvi zvinogona kunge zvichitsigirana naIsaya. 52:6. Iyi ndiyo simbiso youMwari hwake iri pachena (iyo yakasiyana zvikuru neiri muvhangeri nhatu dzokutanga) ! Idambe ririkuitwa nemutsara wokuti “ndini iye, “uyo wairatidza zita remutestamende yekare raMwari, ’YHWH’ (cf. Johani. 3:12, 14). Jesu akashandisa zita raMwari remutestamende yakare iri senzira yokureva kuzviratidza kuzere kwaMwari’YHWH’ munaJesu (cf. Johani. 8:24, 28, 58; 13:19; 18:5 enzanisa naIsaya. 41:4; 43:10; 46:4). Uyu mushandisiro wakasanangurwa wezwi rokuti” ndini iye” unofanira kusiyaniswa nomushandisirwo unoitwa mutsara wokuti “ndini” waJohani, 6:35, 51; 8:12; 10:7, 9, 11, 14; 11:25; 14:6; 15:1, 5, iyo inoteverwa nemunongedzo wemazwi anoreva mazita (NOUNS).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :4:27-30

²⁷Zvino vadzidzi vake vakasvika, vakashamiswa vachiona kuti anotaurirana nomukadzi; kunyange zvakadaro hakuna mumwe akati, “Munotavakeiko kwaari?” kana” Munotaurireiko naye?”

**²⁸Ipapo mukadzi akasiya chirongo chake, akaenda muguta, akati kuvanhu, ²⁹” Uyai muone munhu, akandiudza zvose zvakaita. ko uyu handiti ndiye Kristu here?”
³⁰Vakabuda muguta, vakaenda kwaari.**

4:27 “Vakashamiswa vachiona kuti anotaurirana nomukdzi” Pachinyakare izvi zvaisaitwa chete nevaJudha vaitevera tsika dzakare.

☐ **“kunyange zvakadaro hakuna mumwe akati, ’Munotsvakeiko kwaari’kana’ Munotaurireiko naye”** Uku kutaura kwaJohani anova akaona izvi. Anofanira kunge achirangarira chitiko chakavakatyamadza ichi!

4:28 “Mukadzi akasiya chirongo chake” Iyi ndiyo rondedzero yemandorokwati yezvakaitika, inoratidza kufara kwakaita mukadzi achimhanyira kuguta kunopupura (cf. ndima. 29-30).

4:29” Ko handiti uyu ndiye Kristu here” Chimiro chechivakamutauro pano chinotarisa mhinduro yokuti “kwete, “asi chirevo chechinyorwa chinoratidza kuti aitenda kuti ndiye omene!Chirevo chechinyorwa chikuru kupfuura chivakamutauro!

NASB (ZVINYORWA ZVAKVANDIDZWA) :4:31-38

³¹Nenguva iyo vadzidzi vake vakafanomunyengetera vachiti, “Rabhi chidyai.”³²Iye akati kwavari, “Ini ndine zvokudya, zvamusingazivi.”³³Zvino vadzidzi vakataurirana, vachiti, “kasi mumwe amuvigira zvokudya kanhi?”

³⁴Jesu akati kwavari, “Zvokudya zvangu ndizvo kuti ndiite kuda kwoakandituma, nokupedza basa rake. ³⁵ko imi hamuti, ‘kwasara mwedi mina, kukohwa kwasvika?’Tarirai ini ndinoti kwamuri, simudzai meso enyu, onai minda, kuti yatochena kuti ikohwiwe.

³⁶Anocheka anopiwa mubayiro, anounganidza mbesanwa muupenyu husingaperi; kuti anokusha naanocheka vose vafare vose. ³⁷Nokuti tsumo ndeyechokwadi, inoti, ’Mumwe anokusha, mumwe achikohwa.’

³⁸Ndakakutumai kundokohwa zvamusina kubindukira, vamwe vakabindukira, zvino imi mapinda pane zvavakabindukira ivo.”

4:32 Iyi ndiyo imwe tsigiro younyambiri hwedenga maringe nenyika, Mweya maringe nenyama. Jesu aiva muushumiri hweratidzo yevhangeri. Vanhu ndivo vai/vanokosha!

4:34” Zvokudya zvangu ndizvo kuti ndiite kuda kwoakandituma, nokupedza basa rake” Chikamu cha Johani. 17 chinoburitsa pachena kuti Jesu ainzwisisa kuti Baba vaidha kuti aitei (cf. Mako. 10:45; Ruka. 19:10; Johani. 6:29).

Musiyano waJesu akatumwa kubva kumusoro, kunaMwari, Baba, seushumiri hwake hwokuratidza Baba nokuita basa raBaba. Uhwu ndihwo hunyambiri hwedenga nenyika hwemanyorero aJohani (kumusoro maringe nepasi, Mweya maringe nenyama).

Pane mazwi maviri anoshandiswa pakutsangura kutumwa kwaJesu.

1. *Pempō* (4:34; 5:23, 24, 30, 37; 6:38, 39, 40, 44; 7:16, 18, 28, 33; 8:16, 18, 26, 29; 9:4; 12:44, 45, 49; 14:24; 15:21; 16:5)

2. *Apostellō* (3:17, 24; 5:36, 38; 6:29, 57; 7:29; 8:42; 10:36; 11:42; 17:3, 18, 21, 23, 25; 20:21)

Mazwi aya anoreva zvakafanana sezvinoburitswa pa20:21. Panoratidzwawo kuti vatendi vanotumwa munyika yakarasika sevamiriri vaBaba nechinangwa chokudzikinura (cf. 2vaKorinde. 5:13-21).

NHAURWA INOKOSHA:KUDA KWAMWARI (*thelema*)

VHANGERI YAJOHANI

- Jesu akauya kuzoita kuda kwaBaba (cf. 4:34; 5:30; 6:38)
- Kuzomutsa pamazuva okupedzisira vose vakapiwa Mwanakomana naJesu (cf. 6:39)
- Kutu vose vatende muMwanakoamana (cf. 6:29, 40)
- Kuzopa mhinduro kuminamoto inechekuita nokuda kwaBaba (cf. 9:31 na1Johani. 5:14)

VHANGERI NHATU DZOKUTANGA

- Kuita basa raMwari kunokosha (cf. Mateu. 7:21)
- Kuita basa raMwari kunoita kuti uve noukama naJesu (cf. Mateu. 12:50; Mako. 3:35)
- Hakusi kuda kwaMwari kuti munhu aparare (cf. Mateu. 18:14; 1Timoti. 2:4; 2Petirosi. 3:9)
- Karivhari ndiko kwaiva kuda kwaBaba kunaJesu (cf. Mateu. 26:42; Ruka. 22:42)

TSAMBA DZAPAURO

- Kukura nokushumira kwavatendi vose (cf. vaRoma. 12:1-2)
- Vatendi vakadzivirirwa kubva kunguva youipi (cf. vaGaratiya. 1:4)
- Kuda kwaMwari ndiko kwaiva zano rake rorudzikinuro (cf. vaEfeso. 1:5, 9, 11)
- Vatendi vachirarama upenyu hwakazadzwa neMweya (cf. vaEfeso. 5:17-18)
- Vatendi vakazadzwa noruzivo rwaMwari (cf. vaKorose. 1:9)
- Vatendi vachiitwa vakarurama nokupedzeredzwa (cf. vaKorose4:12)
- Vatendi vachivonga munazvose (cf. 1vaTesaronika. 5:18)

TSAMBA DZA PETIROSI

- Vatendi vachiita zvakana (kureva., kuteerera vehurumende dzepanyika) nokunyaradza avo vasakarurama, kuitira mukana wokuparidza shoko (cf. 1 Petirosi. 2:15)
- Vatendi vachitambura (cf. 1Petirosi. 3:17; 4:19)
- Vatendi vasinga rarama upenyu hweundinindini (cf. 1Petirosi. 4:2)

TSAMBA DZA JOHANI

- Vatendi vachiita kuda kwaMwari nokusingaperi (cf. 1Johani. 2:17)
- Vatendi ndivo shanguriro yomunamoto wakakupindurwa (cf. 1Johani. 5:14)
-

4:35” Kwasara mwedzi mina, kukohwa kwasvika” 'Iri idimkira rinoreva kuti mukana worudaviro rweMweya watovapo zvino!vanhu vakaponeswa nokutenda maari panguva youpenyu hwake iye Jesu, kwete mushure mokumuka kuvakafa chete.

4:36-38” Mumwe anokusha mumwe achikohwa” Ndimba idzi dzinoreva ushumiri hwevaporofita kana Johani mubhabhatidzi. Mazwi aya akashandiswa muna 1vaKorinde. 3:6-8 kureva hukama huri peushumiri hwaPauro nehwa Aporo.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :4:39-42

³⁹Zvino vaSamariya vazhinji veguta iro vakatenda kwaari neshoko romukadzi akapupura, achiti, “Andiudza zvose zvakaita.”⁴⁰Zvino vaSamariya vakati vachisvika kwaari, vakamunyengerera kuti agare navo; akagarapo mazuva maviri.

⁴¹Navamwe vazhinji vakatenda neshoko rake. ⁴²Vakati kumukadzi, “Hatichatendi nokureva kwako; tazvinzwira timene, tinoziva kuti uye ndiye muponesi wepasi pose.”

4:39 “vaSamariya vazhinji veguta iro vakatenda kwaari” Johani anoshandisa izwi rechiito (VERB) rokuti “tenda” riri musungano nemamwe mazwi akawanda: “tenda kwa” (*en*), “tenda kuti” (*hoti*) uye kazhinji, “tenda mu” (*eis*) kana kuisa ruvimbo ma (cf. 2:11, 23; 3: 16, 18, 36; 6:29, 35, 40; 7:5, 31, 38, 48; 8:30; 9:35, 36; 10:42; 11:25, 26, 45, 48; 12:11, 37, 42, 44, 46; 14:1, 12; 16:9; 17:20). Pakutanga vaSamariya vakatenda nokuda kwekupupura kwemukadzi (ndimba. 39), asi mushure mokunzwa Jesu, vakazvigamuchirira mharidzo yake (ndimba. 41-42). Jesu akainga hwai dzaIsiraeri dzakarasika, asi vhangeri yake yaiva yevanhu vose: vaSamariya, mukadzi weSiro Fenike, nematico echiRoma (cf. vaRoma. 10:12; 1vaKorinde. 12:13; vaGaratiya. 3:28-29; vaKorose. 3:11). Tarira nhaurwa inokosha pa 2:23.

▣ **“Neshoko romukadzi akapupura”** Kana Mwari akashandisa uchapupu hwemukadzi uyu uyo aitevera chinamoto chenhema uye aine hunhu husina kutsarukana, anogonawo kushandisawo hwangu newe! Ndimba iyi inoratidza kukosha kwekupupura kwepauzima. Tarira nhaurwa inokosha:zvapupu zvaJesu pa 1:8.

4:40

NASB, NRSV “Vakamunyengerera”

NKJV “Vakamukurudzira “

TEV, NJB “Vakamudemberera”

Iri izwi rechiGiriki rine chirevo choudzamu uye rinofanira kushandurudzwa richinzi” kukurudzira” kana kuti” kudemberera.”Udzamu hwezwi iri hunoonekwa mukushandiswa kwarakaitwa mundima. 47 (cf. Ruka. 4:38).

4:42” Muponesi wepasi rose” Iri izwi rinechirevo chokureva pasirose rinoshandiswawo zve muna 1Johani. 4:14. Rinoshandiswawo muchirevo chimwechete chepasi rose chokureva rudo rwaMwari kuvanhu vose (cf. 1Timoti. 2:6; vaHebheru. 2:9; 1Johani. 2:2). Vimbiso yaGenesi. 3:15 yazadziswa! Munguva yemakore zana okutanga mutsara uyu waishandiswa kureva Kesari. Kutambudzwa navaRoma kwazovapo nokuti vaKristu vakange voshandisa nan’anuro iyi kureva Jesu chete. Nan’anuro iyi inoratidzawo kuti vanyori vetestamende itsva vaipa mazita enan’anuro aMwari Baba kuMwanakomana: Tito. 1:3—Tito. 1:4; Tito. 2:10—Tito. 2:13; Tito. 3:4—Tito. 3:6.

VaJudha vakanga varamba Jesu (cf. 1:11), asi vaSamariya vakamugamuchira nokukurumidza (cf. 1:12)!

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :4:43-45

⁴³Mazuva maviri akati apfuura, akabvapo; akaenda Gaririya. ⁴⁴Nokuti Jesu amene akapupura, kuti muporofita haakudzwi munyika yake. ⁴⁵Zvino akati achisvika Gaririya, vaGaririya vakamugamuchira, nokuti vakanga vaona zvose zvaakaita Jerusarema pamutambo wePasika, nokuti naivo vakanga vaendawo kumutambo wePasika.

4:43 Ndimba iyi inoratidza zvakajeka kuti Jesu aifamba zvikuru pakati peJudhea neGaririya kupfura zvinorehwa muvhangeri nhatu dzokutanga.

4:44 Iyi indimba isina kujairika nokuti hairevi zvinofambirana nendimba yapfuura. Inogona kureva ushumiri hwakanga hwavakutanga muGaririya (cf. 4:3) Tsumo iyi inowanikwawo munaMateu. 13:57; Mako. 6:4; Ruka. 4:24. Muvhangeri nhatu dzokutanga, inoreva Gaririya, asi pano inoreva Judhea.

VaGaririya vanonziwo “vakagamuchira” Jesu, asi vazhinji vavo Havana kuzoramba vachitenda kwaari uye vakazomusiya. Mazwi okuti” tenda “nerokuti” gamuchira” anoreva zvinopfuura kugamuchira kwokutanga (cf. muenzaniso wevhu urimunaMateu. 13:18-23; Mako. 4:12-20; Ruka. 8:11-15).

4:45 “VaGaririya vakamugamuchira” Vakanga vambonzwa dzidziso yaJesu nokuona minana yake pamutambo wePasika wakanga wapfuura muJerusarema. Izvi zvinoreva kuti vaivimbisika naJesu saMesiasi waMwari (cf. 1:12) muchidimbu (ndimba. 48).

☐ **“Nokuti naivo vakanga vaenda kumutambo wePasika”** Bhaibheri reTEV rinotora mutsara uyu sokumwe kutsauka kubva panyay kwakaitwa nemunyori, sezviri mundima yose ya. 44 (cf. NRSV, NIV).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :4:46-54

⁴⁶Zvino Jesu akasvikazve paKana yeGaririya, paakanga ahandura mvura ikaita waini. Ipapo pakanga painorimwe gurukota raIshe, mwanakomana wake akanga achirwara paKapenaume.

⁴⁷Iye akati achinzwa kuti Jesu abva Judhea asvika Gaririya, akaenda kwaari, akamunyengerera kuti aburuke Kundoporesa mwanakomana wake; nokuti akanga achitandadza. ⁴⁸Zvino Jesu akati kwaari, “kana musingaoni zviratidzo nezvishamiso, hamungatongotendi.”

⁴⁹Gurukota raIshe rakati kwaari, “Ishe, burukai henyu, mwana wangu asati afa.”

⁵⁰Jesu akati kwaari, “Enda hako, mwanakomana wako mupenyu.” Munhu uyu akatenda shoko rakarehwa naJesu kwaari, akaenda. ⁵¹Akati achaburuka, varanda vake vakasangana naye, vakati, “Mwana wenyu mupenyu.”

⁵²Zvino akavabvunza nguva yaakatanga kunaya nayo. Vakati kwaari, “zuro nenguva yechinomwe fivha yakabva kwaari.” ⁵³Zvino Baba vakaziva kuti ndiyo nguva Jesu yaakati kwaari, “Mwanakomana wako mupenyu.” Iye akatenda nemhuri yake yose.

⁵⁴Ichi ndicho chiratidzo chepiri chakaitwa naJesu, abva Judhea, asvika Gaririya.

4:16

NASB, NRSV,

NJB “Gurukota raIshe”

NKJV “Umwewo murume wokuushe”

TEV “Mushandi wehurumende”

Iri raiva Gurukota rehurumende raishandira mhuri yaHerodhi.

4:48 “Kana musingaoni zviratidzonezvishamiso hamungatotendi” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yechirevo cheremangwana (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE) une tsiudzo yakapetwa ruviri. Jesu anotaura nomurume uyu nechimiro chouwandu. VaJudha vaitsvaga zviratidzo (cf. 2:18; 6:2, 30; Mateu. 12:38; 16:1). Asi muranda waHerodhi uyu akatenda asati aona chiratidzo.

4:49” Mwana” Mundima nhatu Johani anoshandisa mazwi matatu akasiyana.

1. Ndimba. 49—*paidion* (NASB, “mwana”)
2. Ndimba. 50—*hyiōs* (NASB, “mwnakomana”)
3. Ndimba. 51—*pais* (NASB, “mwanakomana”)

Zviripachena kuti mazwi aya akashandiswa kureva zvakafanana.

4:50 Ndimba iyi ndiyo inobata gwara revhangeri yaJohani yose—tenda kunaJesu, tenda shoko rake, tenda mabasa ake, tenda maari!Rutendo rwemurume uyu runosimbiswa nokutenda kwake asina kuona zvakavimbiswa naJesu.

4:53 “Iye akatenda nemhuri yake yose” Uyu ndiwo mumwe wemifananidzo yokutanga yokutenda kwemunhu mumwe kwakabata mhuri yose.

1. Konerio (Mabasa. 10:44-48)
2. Ridhiya (Mabasa. 16:15)
3. Murindi wetorongo paFiripi (Mabasa. 16:31-34)
4. Kirisipo (Mabasa. 18:18)
5. Sitefana (1vaKorinde. 1:16)

Pane nhaurwa huru pamusoro penyaya iyi yokutendeuka kwemhuri yose, asi zvinofanira kuburitswa pachena kuti mumwe noumwe wenhengo dzemhuri idzi aifaniara kuzvigamuchirira Jesu. Nyika dziri kumatunhu akadziva kumabva zuva dzine tsika yokutevera madzinza nezvemhuri kupfuura dzimwe tsika dzamazuva ano dzose. Ichokwadi kuti vamwe vatiinavo mumhuri vanobata zvikuru musarudzo dzedu.

4:54 Chiratidzo chokutanga ndechepamuchato paKana (cf. 2:1-11).

MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Sei Jesu akabva kunharaunda yeJudha?
2. Ko Johani anoshandisa muronga wenguva wechiRoma here kana wechiJudha?
3. Sei kutaura kwaJesu nemukadzi muSamariya kuchikosha?
4. Ko ndima. 20 inobata sei hukama pakati pemasangano munguva yanhasi?
5. Tsanangura mutsara unokatyamadza unotaurwa naJesu mundima. 26.
6. Ko vaGaririya vaiva nokutenda kwezvokwadi here?

JOHANI 5

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Kuporeswa padziva	Murume akaporeswa padziva reBhetisaidha	Kupereswa kwemurume akaremara nemusi weSabata	kuporeswa padziva	Kuporeswa kwemurume airwara padziva reBhetisaidha
5:1-9a	5:1-15	5:1 5:2-9a	5:1-6 5:7 5:8-9a 5:9b-10 5:11 5:12 5:14 5:16 5:15-17	5:1-9a
	Kudza Baba neMwanakomana		5:18	
Masimba eMwanakomana 5:19-29	5:16-23	Ukama hwaJesu naBaba 5:19-24	Masimba eMwanakomana 5:19-23	5:19-47
	Hupenyu nekutongwa kunouya kuburikidza neMwanakomana			
	5:24-30	5:25-29	5:24-29	
		Humboo hweukama HwaJesu naMwari	Zvapupu zvaJesu	
5:30		5:30	5:30	
Zvapupu zvaJesu	Kupupura kwakapetwa runa			
5:31-40	5:31-47	5:31-38	5:31-40	

Jesu anotuka avo
vanoramba
pfupiro yake
5:39-47

5:41-47

5:41-47

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyorori. Ndiyozve hwaro hwekupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :5:1-9a

¹Shure kwaizvozvo, mutambo wavaJudha waivapo; Jesu akakwira Jerusarema. ²Zvino Jerusarema pedyo nesuo ramakwai kwaiva nedziva rainzi Bhetisaidha nechiHebheru, raiva namabiravira mashanu. ³Mukati mawo makanga muvete vazhinji varwara namapofu, nezvirema, navakaonyana, [vaigarira kubvongodzwa kwemvura. ⁴Nokuti mutumwa waiburukira mudziva iro neimwe nguva, achibvongodza mvura; zvino uyo aitanga kupinda mumvura yabvongodzwa aiporeswa, kunyange akange akabatwa nokurwara kupi nokupi.]

⁵Zvino kwaivapo mumwe munhu, akanga abatwa nokurwara kwake makore makumi matatu namasere.

⁶Jesu akati aona munhu uyo avete pasi, zvaaziva kuti akanga akadaro nguva refu, akati kwaari, “Unoda kuporeswa here?”

⁷Murwere akamupindura akati, “Ishe, ndinoshayiwa munhu anondiwisira mudziva, kana mvura ichibvongodzwa; asi ndinoti kana ndoenda, mumwe onditangira kupinda.”⁸Jesu akati kwaari, “Simuka, tora nhoo dzako ufambe.”⁹Pakarepo munhu uyu akaporeswa, akatora nhoo dzake, akafamba.

5:1 “Mutambo” Zvimwe zvinyorwa zvekare zvechiGiriki, anoti reN naC, ane mutsara wokuti” uyu mutambo, “asi ruzhinji rwezvinyorwa rune mutsara wokuti” mutambo” (P⁶⁶, P⁷⁵, A, B, naD). Paiva nemitambo mitatu pagore iyo yaisungirwa kuendwa nemurume wese wechiJudha, kana zvichigoneka (cf. Revhitko. 23) : (1) Pasika; (2) Pendekositi; (3) Mutambo wematumba. Kana izvi zvichireva Pasika, saka Jesu akaita ushumiri hwemakore mana kwete matatu (cf. 2:13, 23; 6:4; 12:1). Zvinonyanyo taurwa kuti Jesu akaita ushumiri kwemakore matatu mushure mokubhabhatidzwa naJohani. Izvi zvinoburitsawa pachena nouwandu hwemitambo yePasika inorehwa muvhangeri yaJohani.

▣ **“Jesu akakwira Jerusarema”** Muvhangeri yaJohani, Jesu anonzi akaenda kuJerusarema kakawanda kumitambo (cf. 2:13; 5:1; 7:10; 12:12).

Guta reJerusarema raiva rakavakirwa pamusoro pezvikomwo zvinomwe uye raiva pakakwirira kupfuura nzvimbo dzose dzaive dzakaripoteredza. Naizvozvo, mutsara wokuti “akakwira “unogona kureva kukwira chaiko. Zvisineyi, unogonawo kuva dimikira rokureva ukoshi hweguta. Nokuda kwokuvapo kwe” Temberi” muJerusarema, guta iri rakava nzvimbo inoukoshi nokuva nhongony’a yenyika.

5:2 “Pedyo nesuo ramakwai” Iri “suo ramakwai” raiva nechekuchamhembe kwakadziva kumabvazuva kwemudhuri weguta reJerusarema. Suo iri rinotaurwawo nezvaro mukukumikidzwa nokuvakwa patsva kwemudhuri weguta uyu naNehemiya (cf. Nehemiya. 3:1, 32; 12:39).

▣

NASB, NKJV “Dziva rainzi Bhetisaidha nechiHebheru”

NRSV “Rainzi Bhetizadha nechiHebheru”

TEV “MuchiHebheru rinonzi Bhetizadha”

NJB “Rinonzi Bhetisaidha muchiHebheru”

Pane zviperengo zvakawanda zvezita iri. Josephus aidana dziva iri nezita rechiHebheru rokuti “Bhetizadha, “iro raiva zita renharaunda iyi yeJerusarema. Rinodanwawo kuti “Bhetisaidha muzvinyorwa zvechiGiriki. Zvinyorwa zvemhangura zvekuchikoro cheQumran zvakaridanawo kuti” Bhetisaidha, “izvo zvinoreva kuti” imba yetsitsi” kana kuti “imba yezvitubu zviviri.”Mazuva ano yave kuzivikanwa nezita rokuti dziva reSt Anne (*St Anne’s pool (s)*).

Panguva yaJesu vaJudha vekuParastina vataura rurimi rwechiAramaic kwete chiHebheru. Muvhangeri yaJohani, panonzi “chiHebheru” zvinoreva chiAramaic (cf. 5:2; 19:13, 17, 20; 20:16; Zvakazarurwa. 9:11; 16:16). Mitsara yose yakataurwa naJesu, seyokuti

1. *Talitha kum*, Mako. 5:41
 2. *Ephpatha*, Mako. 7:34
 3. *Eloi, Eloi, lama sabachthani*, Mako. 15:34
- Iri mururimi rwechiAramaic.

5:4 Ndimba (3-4b) mitsara yetsoropodzo yakazoitwa pava paya nevanveri vamagwaro ichiedza kutsanangura

1. Kuvapo kwevarwere vose padziva
2. Kutu sei murume akava padziva apa kwenguva refu
3. Kutu sei aida kutu mumwe munhu amukandire mumvura, ndimba. 7

Zviripachena kuti iyi nyaya ingano yechiJudha. Yakanga isiri muvhangeri yaJohani yokutanga. Humboo hwokusavapo kwendima iyi huri pakuti:

1. Haiwanikwi muzvinyorwa zvinoti cheP⁶⁶, P⁷⁵, N, B, C*, D
2. Yakatarwa nemuhozera muzvinyorwa zvakazowedzerwa zvechiGiriki zvinodarika makumi maviri, zvichiratidza kuti chinyorwa ichi chinofungidzirwa chaisavapo pakutanga
3. Mundima pfupi iyi munemazwi mazhinji asingazivikanwi achishandiswa naJohani.

Ndima iyi inowanikwa muzvinyorwa zvakare zvechiGiriki zvakawanda, zvinonzi zveA, C³, K, neL. Inowanikwawo muzvinyorwa zvakanyorwa mumakore (A. D180), pamwe nemuzvinyorwa zvaTertullian (A. D. 200), zvinorwa zvavaAmbrose, Chrysostom naCyril. Izvi zvinoratidza kuva chinyorwa chakare kwayo asi kwete kuwanikwa muzvinyorwa zvehangeri zvakatuswa kwayo. Inowanikwawo mumabhaibheri eKJV, NASB (rakavandudzwa mugore ra1995, nehomberedzo), pamwe nereNKJV, asi haiwanikwi mubhaibheri reNASB (ra1970), NRSV, NJB, REB, NET nereNIV.

Nhaurwa yakanaka pamusoro pekusiyana kwezvinyorwa uku, iyo yakaitwa nemutsoropodzi wechivhangeri, verenga gwaro rakanyorwa navaGordon Fee rinonzi, toburitse netsoropodzo yeupirikiri " *To what End Exegesis?*, pp. 17-28.

5:5-6 Isu hatinyatsozivi kuti sei Jesu akasarudza murume uyu. Pamwe ndiye akanga agarisa padziva apa. Hapana kutenda kukuru kunodiwa kumurume uyu. Zviri pachena kuti Jesu aida kudenha nhaurwa nevakuru vevaJudha. Izvi zvakamupa mukana wokuburitsa huMesiasi hwake. Muvaravara unotaura nezve magumo uri munalsaya. 35:6 unogona kuiswa musungano nokuporesa kweuMesiasi uku.

Zvishamiso zvizhinji zvaJesu hazvina kuitirwa ivo vana nyakuporeswa, asi avo vainge vachiona.

1. Vadzidzi
2. Vakuru vechiJudha
3. Ruzhinji

Vhangeri dzinosarudza zvimwe zvishamiso kuitira kujekesa kuti Jesu aiva ani. Zviitiko izvi zvinoratidza mabasa ake emazuva ose. Zvakasarudzirwa kuratidza

1. Humunhu hwake
2. Tsitsi dzake
3. Simba rake
4. Masimba ake
5. Kuratidza Baba kwake zvakajeka
6. Kuratidza kwake nguva youMesiasi zvakajeka

5:8 "Simuka, tora nhoo dzako, ufambe" Iri idungwerungwe remirayiro.

1. Zvirikudokwairirwa kuti zviitike (PRESENT ACTIVE IMPERATIVE)
2. Zvakadokwairirwa kuti zviitwe (AORIST ACTIVE IMPERATIVE)
3. Pamwe noumwe mutsara wezvirikudokwairirwa kuti zviitike (PRESENT ACTIVE IMPERATIVE)

Nhoo zvaireva chipimvu chemucheka chairarirwa nevarombo. Kuna ava vairwara, vakaremara nevakaonyana, mucheka uyu ndiwo waiva wokugarira panguva yemasikati (cf. Mako. 2:4, 9, 11, 12; 6:55; Mabasa. 9:33).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :5:9b-18

9Zvino musi uyo waiva weSabata. **10**Zvino vaJudha vakati kune akaporeswa.”ISabata, hautenderwi kutakura nhoo dzako.”**11**Iye akapindura akati, “Uyo andiporesa ndiye akati kwandiri, tora nhoo dzako ufambe.”

12Vakamubvunza, vachiti, “Ndianiko munhu uyo akati kwaari, tora nhoodzako ufambe?”

13Zvino akanga aporeswa, haana kuziva kuti ndiani; nokuti Jesu akanga abva, zvakwaiva navanhu vazhinji panzvimbo iyo.

14Shure kwaizvozvo Jesu akamuwana mutemberi, akati kwaari, “Tarira, waporeswa; usatadzazve kuti urege kubatwa nechinhu chakaipa chinokunda chichi.”

15Zvino munhu uyo akandoudza vaJudha, kuti ndiJesu akamuporesa. **16**Saka vaJudha vakatambudza Jesu, nokuti wakazviita izvozvo neSabata. **17**Asi iye akapindura, akati, “Baba vachabata kusvikira zvino, neni ndinobatawo.”

18Saka zvino vaJudha vakatsvaga zvikuru kumuuraya, nokuti akanga asingatyori murayiro weSabata bedzi, asi akatiwo Mwari ndiBaba vake, achizvienzanisa naMwari.

5:9b “Musi uyo waiva weSabata” Vakuru vevaJudha Havana chero kutombofarira kuporeswa kwemurume uyu, asi vakatotsamwiswa nekutyorwa kwemurayiro (uyo wakazonatsurudzwa mugwaro retsika nemagariro echiJudha [Talmud]) uyo unechokuita neSabata (cf. ndima. 16, 18; Mateu. 7:1-23).

Kuporesa neSabata kwaJesu kunogona kutsanangurwa nenzira mbiri

1. Aiporesa mazuva ose, asi kusanzwisisa kwakazovapo pakuporesa musi weSabata
2. Akasarudza kuita izvi achida kukonzera bokoshindi kuitra kuti pagova nenhaurirano nevakuru vevaJudha

Jesu aigaroporesa musi weSabata (cf. Mateu. 12:9-14; Mako. 1:29-31; 3:1-6; Ruka. 6:6-11; 14:1-6; Johani. 5:9-18; 9:14). Jesu akadzinga madhimoni nemusi weSabata (cf. Mako. 1:21-28) ; Ruka. 13:1-17) Jesu akamirira vadzidzi vake pavakadya neSabata (cf. Mateu. 12:1-8; Mako. 2:23-28) Jesu akaparura nyaya dzinonetsa muSinagoge musi weSabata (cf. Ruka. 4:16-30; Johani. 7:14-24).

5:13 “Jesu akanga abva” Izvi zvinoreva kwazvo kwazvo “kurerekera musoro kurutivi.”Jesu aitarisika semuJudha chaiye wenguva yake. Akanyangarikira muruzhinji.

5:14

NASB, NRSV,

NJB “Usatadzazve, “

NKJV “Urege kutadzazve”

TEV “Saka urege kutadza”

Uyu mutsara unechirevo chezvirikudokwairirwa (PRESENT ACTIVE IMPERATIVE) chine chirevanguva chetsiudzo (NEGATIVE PARTICIPLE), icho chinoreva kumiswa kwezvirikutoitika, asi muchirevo chechinyorwa chino hazvirevi izvozvo (cf. bhaibheri reNET, p. 1907tsanagudzo yechisere). Vadzidzi vezvouMwari vechiJudha vemakore zana okutanga vaiti kurwara kwaiva nechokuita nezvivi (cf. Jakobho. 5:14-15). Izvi hazvitsanaguri kurwara kwose, sezvakaitwa naJesu kumurume akanga aberekwa asingaoni (cf. Johani. 9) pamwe nemazwi aJesu munaRuka. 13:1-4.

Jesu akanga achiri kubata nezveupenyu hwepaMweya hwemurume uyu. Mabasa edu anoburitsa kutenda nezvirimumwoyo yedu. Kutenda kwebhaibheri kunobata zvose nyaya isineyi nepauzima pamwe nepauzima, zvose kutenda nemabasa.

Mazuva mumakereke murikukurudzirwa nyaya yokuporeswa panyama. Zvokwadi Mwari achiri kuporesa. Asi kuporeswa zveMweya kunofanira kuita zvibereko zveshanduko pamweya yemararamiro nezvinokosheswa. Mubvunzo wakanaka ndowekuti “sei uchida kuporeswa?”

NHAURWA INOKOSHA: KUPORESA

1. Kuporesa kwaiva chinhu chaikosha muushumiri hwaJesu nevapositori.
2. Kwaingoitirwa kusimbisa shoko ravo idzva pamusoro poushe hwaMwari.
3. Kunoratidza mwoyo waMwari pakurwadziswa kwevanhu.
4. Mwari haana kushanduka (Maraki. 3:6) uye achiri kuporesa murudo.
5. Pane mienzaniso yeapo pasina kuporeswa vanhu.
 - a. Pauro, 2vaKorinde. 12:7-10
 - b. Tirofimo, 2Timoti. 4:20
6. Zvivi nokurwara zvinoiswa musungano mumagwaro avaRabhi naJakobho (cf. Johani. 9:2; Jakobho. 5:13-18)
7. Kuporesa hakusi simbiso yechisungo chitsva. Hakuna chokuita nekuyanana kunorehwa munaIsaya. 53 naMapisarema. 103.
8. Pane zvokwadi yezvakavanzika yokuti sei vamwe vachiporeswa vamwe vasingaporeswe.
9. Zvinogoneka kuti nyangwe zvazvo kuporesa kuri munguva dzose, pakava nekuwanda kwekuporesa munguva yaJesu; kuwanda kwokuporesa uku kuchavapozve apo anenge ava kuzodzokazve.

5:15 “Zvino munhu uyo akandoudza vaJudha” kuti kwazvo kwazvo akaenderei kundoudza vaJudha, hazvinytso zivikanwi.

1. Zvinoita sokuti uku kwaiva kufarisa, kwekusafunga zvakanaka, uko kunoratidza kuti kuporeswa kwaisatanga nokutenda kuchipera nokutenda.
2. Zvinoitawozve sokuti Jesu akamuudza kuti aite saizvozvo (cf. Mateu. 8:4; Mako. 1:44; Ruka. 5:14; 17:14)

5:16” Nokuti wakazviita neSabata” Izwi rechiito (VERB) iri rineshonedzo yokureva zvaitika kareko (IMPERFECT ACTIVE INDICATIVE). Aka kakanga kasiri kokutanga kana kokupedzisira Jesu achiita izvi zvokuporesa nemusi weSabata!

5:17

NASB “Asi iye akapindura”

NKJV, REV,

NRSV, NIV “Asi Jesu akapindura”

NJB “Mhinduro yake kwavari akati”

Vanyori vemagwaro avo vakanyora magwaro echiGiriki vaiva netsika yoku

1. Rerutsa zvivakamutauro
2. Buritsa zvirevo zvemazwi anehochekeche nemazwi anesungano nemazita
3. Kunatsurudza mitsara

Zvakaoma kuziva kuti ndima. 17 iri muchimiro chemabviro api

1. “asi aka.....”—P⁷⁵, N, B, W

2. “asi Jesu....”—P⁶⁶, A, D, L
3. “asi Ishe....”kana” Ishe Jesu” —shandurudzo yeSyriac

Gwaro reUBS⁴rinopa tsanangudzo yepiri chipimo chetatu” C” (kureva kuti zvakaoma kupa rutemo).

▣ **“Baba vachabta kusvira zvino neni ndinobatawo”** Iyi mitsara inonongedza kuti muiti ndiye ari kutaura zvirikuitwa (PRESENT MIDDLE (deponent) INDICATIVES). Jesu aitura kuti Baba havaregi kuita zvakanaka neSabata uye naiyewo seMwanakomana haaregiwo (cf. tsanangudzo yakakwana yenyaya iyi inowanikwa mugwaro ravaManfred Brauch rinonzi, kushapaidzwa kweshoko” *Abusing Scripture*, p. 219”). Kwazvo kwazvo, izvi zvinopa simbiso yokunzwisisa kwaitwa naJesu hukama hwake naBaba (cf. ndima. 19-29).

Maonero echiJudha aMwari mumwechete (cf. Dhuteronomi. 6:4) hwairatidzwa nemaonero etsanangudzo yokuti” mviro mviro imwe” yezviitiko zvenyika ino (cf. vaTongi. 9:23; Jobho. 2:10; Muparidzi. 7:14; Isaya. 45:7; 59:16; kuungudza kwaJeremiya. 3:33-38; Amosi. 3:6). Mabasa ose aingozova mabasa aMwari mumwe wezvokwadi. Jesu paakataura hunyambiri hweumiriri hwaMwari, aireva hunyambiri hwehuhonzeri hweutsvene. Iyi ndiyo nyaya inorema yaMwari vatatu mumwe. Mwari mumwe, asi anokuzviratidza kutatu (cf. Mateu. 3:16-17; 28:19; naJohani. 14:26; Mabasa. 2:33-34; vaRoma. 8:9-10; 1vaKorinde. 12:4-6; 2vaKorinde. 1:21-22; 13:14; vaGaratiya. 4:4; vaEfeso. 1:3-14; 2:18; 4:4-6; Tito. 3:4-6; 1Petiroso. 1:2). Tarira nhaurwa inokosha. :Mwari vatatu mumwe pa14:26.

5:18” Saka zvino vaJudha vakatsvaga zvikuru kumuuraya” Pane zvikonzero zviviri zvkuti vaJudha vade kuuraya Jesu.

1. Aigaro tyora (kureva kwazvo kwazvo “kudarika, “chirevo chemaitikiro (IMPERFECT ACTIVE INDICATIVE), cf. Mateu. 5:19) mitemo yetsika dzechiJudha (Talmud) dziri pamusoro peSabata
2. Zvaaitaura zvairatidza kuti vaimunzwisisa somunhu aizvienzanisa naMwari (cf. 8:58-59; 10:33; 19:7)

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :5:19-23

¹⁹Zvino Jesu akapindura, akati kwavari, “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, Mwanakomana haagoni kuita chinhu oga, kana asingaoni Baba vachichiita; nokuti zvole zvavanoita ivo, Mwanakomana anozviita saizvozvowo.

²⁰ Nokuti baba vanoda Mwanakomana, vanomuratidza zvole zvavanoita vamene; vachamuratidza mabasa makuru kuna iwawa, kuti mushamiswe. ²¹Nokuti baba sezvavanomutsa vakafa, vachivararamisa, saizvozvo Mwanakomana anoraramisawo vanoda kuraramisa. ²²Nokuti nababa havatongi munhu, asi vakapa Mwanakomana kutonga kwose, ²³kuti vose vakudze Mwanakomana sezvaanokudza baba. Asingakudzi Mwanakomana, haakudzi nababa, vakamutuma.

5:19, 24, 25 “Zvirokwazvo zvirokwazvo” Izvi zvinoreva kwazvo kwazvo kuti “Ameni, ameni.”Izwi rokuti “ameni”rakabva mururimi rwechiHebheru. Pamabviro aro raireva kuti kuvimbisika. Rakazoshandiswa kureva simbiso yezvokwadi. Jesu ndiye chete anozivikanwa achishandisa izwi iri kutanga mutsara. Airishandisa kutanga mitsara inokosha. Johani ndiye chete akanyora kushandiswa ruviri kweizwi iri. Tarira nhaurwa inokosha :Ameni pa 1:51.

5:19 “Mwanakomana” Pane kudzokororwa kunokosha kwevzidzidzo zvouMwari kwezwi rokuti” Mwanakomana”

Rokuti” Mwanakomana” mundima shoma dzinotevera. Rinoshandiswa kasere muchirevo chechinyorwa chipfupi chino. Izvi zvinoratidza kunzwiswa kwaitwa naJesu hukama hwake hweziitakamwe nababa uye zvinoratidza mazita okuti” mwanakomana womunhu” nokuti” mwanakomana waMwari.”

▣ **“Mwanakomana haagoni kuita chinhu oga”** Sezvino garova zvokwadi, testamende itsva inotura Jesu nechirevo chegangaidzo. Mune zvimwe zvinyorwa.

1. Ndiye anorumwero nababacf. 1:1; 5:18; 10:30, 34-38; 14:9-10; 20:28)
2. Akasiyana nababa (cf. 1:2, 14, 18; 5:19-23; 8:28; 10:25, 29; 14:10, 11, 12, 13, 16; 17:1-2)
3. Anotozviisa pasi pababa (cf. 5:20, 30; 8:28; 12:49; 14:28; 15:10, 19-24; 17:8)

Izvi zvinogona kureva kuti Jesu anouMwari hakakwana, asi ari kuzviratidza kwouMwari kwakasiyana.

Mutsoropodzo yakapepetwa navaJohn Raymond E Brown, inonzi tsoropodzo yebhaibheri reJerome” *Jerome Bible Commentary*” mune nyaya inokosha inotaurwa

“chirevo chokuzviisa pasi hachifaniri kubviswa nokushandisa mazwi aJesu kureva kuva munhu kwake chete.... izvi hazvizofambirane nedzidziso yechiKristu yaJohani. Asi kwazvo, Jesu arikutaura nezvekubata pamwe kwemandorokwati pakati pababa nemwanakomana, izvo zvingada kwazvo kutsinhirwa nokudoma panyama; nzira imwecheteyo ndiyo inoshandiswa muna. 16:12ff. pakupa sungano pakati pemwanakomana neMweya mutsvene. Asi muvhangeri yose iyi hapana patinowana nyaya yaMwari vatatu mumwe senzira yemafungiro pazvidzidzo zvouMwari, inongogaro batwa nenzira yokuratidza kukosha kwayo munyaya dzoruponeso”

▣ **“kana asingaoni baba vachichiita”** vanhu havasati vamboona Mwari baba (cf. ndima. 37 na1:18), asi mwanakomana arikuti aneruzivo rwemandiriri rwepauzima rwababa rwazvino (cf. 1:1-3).

▣ **“Nokuti zvose zvavanoita ivo, Mwanakomana anozviitawo saizvozvo”** Vanhu vanoona Mwari asingaoneki mumabasa nedzidziso yaJesu (cf. vaKorose. 1:15; vaHebheru. 1:3).

5:20” Baba vanoda Mwanakomana, vanomuratidza zvose zvavanoita vamene” Mitsara iyi yose inechirevo chezvirikuitwa (PRESENT ACTIVE INDICATIVES) ichireva chiitiko chineziendamberi. Iri ndiro izwi rechiGiriki rokuti *phileō* iro rinoreva kuti rudo. Apa paigona kutarisirwa izwi rokuti *agapeō* semuna. 3:35. Mazwi maviri aya ayo anoreva kuti rudo anemuvanzarira wemabviro ezvirevo anopindirana mururimi rwemutauro weKoine Greek (verenga gwara ravaD. A Carson rinonzi, mhoshho yemaonero edzidzo yekupirikira” *Exegetical Fallacies*, 2nd ed., pp. 32-33” neravaF. F. Bruce, rinonzi mhinduro dzemibvunzo “*Answers to Questions*, p. 73).

▣ **“Mabasa makuru”** Muchirevochechinyorwa chino izvi zvinoreva kumutsa vakafa (ndima. 21, 25-26) nokutonga (ndima. 22, 27).

▣ **“kuti mushamiswe”** Uyu mutsumbutsumbu wemazwi unechirevo chechinangwa ndiwo unoratidza pachena kuti chinangwa chezvishamiso ndechekuti vaJudha (muuwandu) vatende muMwanakomana weziitakamwe (cf. ndima. 23; Mabasa. 13:41[Habhakuki. 1:5]).

5:21” Baba sezvavanomutsa vakafa.... saizvozvo, Mwanakoamana” Mutestamende yakare Mwari ‘YHWH’chete ndiye anopa upenyu (cf. Dhuteronomi. 32:39). Nyay yokuti Jesuanogona kumutsa vakafa ndiwo mutsara unomuenzanisa naMwari (cf. ndima. 26).

Jesu anopa upenyu nokusingaperi izvozvi (cf. 2vaKorinde. 5:17; vaKorose. 1:13) izvo zvine hochekeche nokuzviratidza kweupenyu hwepanyama munguva itsva mundima. 26 (cf. 1vaTesaronika. 4:13-18). Zvinoita sokuti kuonana kwaJohani naJesu ndekwepauzima, asiwo paine chimwe chitiko chemuneremangwana (chekutongwa noruponeso).

▣ **“Anoraramisawo vaanoda kuraramisa”** Ndianiko anosarudzirwa kupiwa upenyu neMwanakomana? Izvi, muchirevo chechinorwa hazvirevi kuti ndima iyi yoga yava nechirevo, senzira yokupirikira yavaCalvin, asi kuti kutenda munaJesu kunounza upenyu (cf. 1:12; 3:16). Makakatanwa anobva muna. 6:44, 65. Ko Mweya unosarudza” vose” here kana kuti “vamwe vavo” ?Ndinofunga kuti zviripachena kuti vatadzihavana chavanoparura munyikadzimu, asi ini ndinofunga kwazvo kwazvo kuti vanofanira kuva norudaviro vose (voramba vachidavira) kugwezvo roMweya nokutendeuka, kutenda, kuteerera, nokutsungirira!Chakavanzika ndechokuti sei vamwe avo vanonzwa vhangeri vachiti” kwete” !Izvi ndinozvidana kuti” zvakavanzika zvokusatenda.”Zvokwadi ichi ndicho” chivi chisingaregerereki” chedzivhangeri pamwe ne” chivi chokusvika murufu” chaJohani. Tarira nhaurwa inokosha pa 1Johani. 5:16.

NHAURWA INOKOSHA: “CHIVI CHISINGAREGERERWI”

- A. Rangarira kuti vhangeri dzine chimiro chemurongerwo wechiJudha
 1. Mhandi mbiri dzezvivi (cf. Revhitiko. 4:2, 22, 27; 5:15, 17-19; Numeri. 15:27-31; Dhuteronomi. 1:43; 17:12-13)
 - a. Zvisiri mazvokuda
 - b. Mazvokuda
 2. Chimiro chechiJudha chitiko chezuva rePendekositi chisati chaitika (kureva., kuzadziwa kwevhangeri uye Mweya mutsvene usati wazviratidza)
- B. Tarira uone chirevo chechinyorwa chaMako. 3:22-30
 1. Kusatenda kwemhuri yaJesu pachayo (cf. 3:31-32)
 2. Kusatenda kwevaFarisi (cf. 2:24; 3:1, 6, 22)
- C. Enzanisa mitsara inofambirana apo zita rokuti” Mwanakoamana womunhu” rinoshandurirwa kuzita rokuti” vanakomana vavanhu”
 1. Mateu. 12:22-37 (kureva., 12:32, “shoko rakaipa pamusoro poMwanakoamana womunhu”)
 2. Ruka. 11:14-26; 12:8-12 (kureva., 12:10, “shoko rakaipa pamusoro poMwanakoamana womunhu”)
 3. Mako. 3:28 (kureva., “zvivi zvose zvavanakomana vavanhu zvicharegererwa”)

5:22 Tsiudzo yakasimba yakapetwa ruviri pamwe nechirevanguva chezvachaitika uye zvicharamba zvakadaro, inokumikidza kuti kutonga kwakapiwa kuMwanakoamana (cf. 5:27; 9:39; Mabasa. 10:42; 17:31; 2Timoti. 4:1; 1Petirosi. 4:5). Gangaidzo riri pachena pakati pendima

iyi naJohani. 13:17 rinotsanagurwa nenyaya yokuti, Jesu, “mumazuva ano okupedzisira” haana wanotonga, asi kuti vanhu vanozvitonga vemene nokugamuchira kana kusagamuchira Jesu. Kutonga kwemagumo kwaJesu (kwevasingatendi) kuri pahwaro hwekumugamuchira kana kusamugamuchira kwavo.

Nyaya yokupa upenyu nokusingaperi maringe nokutonga ndiyo yaiva dingindira ra. 3:17-21, 36. Rudo rwaMwari munaKristu, apo anenge arambwa, ndirwo runova kutsamwa kwake! Pangori nenzira mbiri!kune nzira imwechete yoga yokugamuchira upenyu nokusingaperi—kutenda munaKristu (cf. 10:1-18; 14:6; 1Johani. 5:9-12) !

5:23 “kuti vose vakudze Mwanakomana” Izwi rokusinganisira rokuti” vose” rinngangova nechirevo chechimiro chemagumo (cf. vaFiripi. 2:9-11).

▣ **“Asingakudzi Mwanakoamana, haakudzi naBaba vakamutuma”** Mutsara uyu unofanana zvikuru na1Johani5:12. Hakuna angaziva Mwari asingazive Mwanakoamna wake, saizvozvo hakuna angakudza baba asingakudzi Mwanakomana wake!

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :5:24-29

²⁴Zvirokwazvo zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, anonzwa shoko rangu nokutenda akandituma, anoupenyu husingaperi; haauyi mukutongwa, asi abva murufu, aenda muupenyu. ²⁵Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, nguva inouya nazvino yatovapo, nayo vakafa vachanzwa izwi roMwanakomana waMwari; vanonzwa vachararama. ²⁶Nokuti baba sezvavanoupenyu mavari, saizvozvo vakapa Mwanakomana, kuti ave noupenyu maari. ²⁷Vakamupa samba rokutonga, zvaari Mwanakomana womunu ²⁸” Musashamiswa naizvozvo; nokuti nguvainouya, navo vose vari mumabwiro vachanzwa izwi rake²⁹vachabuda; avo vakaita zvakanaka, kukumuka kwoupenyu, avo vakaita zvakaipa, kukumuka kwokutongwa.

5:24 “Zvirokwazvo, zvirokwazvo” Uyu munyorero waJohani wekutsitsikidza (cf. ndima. 25) mazwi aJesu inzira yepamusoro yokutura nhanganyaya yemitsara inokosha. Tarira nhaurwa inokosha :Ameni pa1:51.

▣ **“Ndinoti kwamuri anonzwa shoko rangu nokutenda akandituma, anoupenyu husingaperi”** Aya ndiwo mazwi anoreva chiito arimuchimiro chezvirikuitwa (PRESENT ACTIVE VERBALS). Iyi ikumikidzo yokutenda (Tarira nhaurwa inokosha pa 2:23) munaBaba uko kunoitwa nokutenda muMwanakomana (cf. 1Johani. 5:9-12) Mudzivhangeri nhatu dzokutanga, upenyu nokusingaperi hunonzi chiitiko chemuneremangwana icho chinotarisirwa mukutenda, asi muvhangeri yaJohani hunotaurwa sechiitiko chaizvozvi (kureva., 8:51; 11:25). Zvinogoneka kuti izwi rokuti” anonzwa “rinoreva izwi rechiHebheru rokuti *shema*. iro raireva kuti” kunzwa nevavariro yokuteerera” (cf. Dhuteronomi. 6:4).

▣ **“Akandituma”** Izwi rechiito rokuti *Apostellō* rinova chirevanguva chezvakaaitwa (AORIST ACTIVE PARTICIPLE) ndiro chimiro chemabviro ezwi rokuti” mupositori [*apostle*]” (ndima. 36). Raishandiswa nevaRabhi kureva” uyo akatumwa semumiriri kubasa routumwa.”Izwi iri rinoshandiswa muvhangeri raJohani kureva Baba vachituma Mwanakomana semumiriri wavo. Tarira chinyorwa pa4:34.

NHAURWA INOKOSHA :TUMA (APOSTELLŌ)

Iri izwi rechiGiriki rinoreva kuti“tuma” (kureva., *apostellō*) Izwi iri rinoshandiswa nenzira dzakawanda muzvidzidzo zvouMwari.

1. vaRabhi vairishandisa kureva uyo akatumwa semumiriri wemumwe, sezvinofanana ne”mumiriri” watinoreva pachirungu (cf. 2vaKorinde. 5:20)
2. Vhangeri dzinowanzoshandisa izwi iri kureva Jesu achitumwa naBaba. Muvhangeri yaJohani izwi iri rinova nechimiro chokureva Mesiasi (cf. Mateu. 10:40; 15:24; Mako. 9:37; Ruka. 9:48 uye kunyanya Johani. 5:36, 38; 6:29; 8:42; 10:36; 11:42; 17:3, 8, 18, 21, 23, 25; 20:21). Rinoshandiswa kureva Jesu achituma vatendi (cf. Johani. 17:18; 20:21[ose mazwi, rokuti *apostellō* pamwe nerarinofanana naro rokuti *pempō* ayo akashandiswa mundima. 21])
3. Testamende itsva yairishandisa kureva vadzidzi
 - a. Ivo gumi nevatatu vokutanga (semua., Mako. 6:30; Ruka. 6:13; Mabasa. 1:2, 26)
 - b. Boka revabatsiri vevapositori nevaishanda navo
 - 1) Bhanabhasi (cf. Mabasa. 14:4, 14)
 - 2) Andironiko naJuniasi (KJV, Junia, cf. vaRoma. 16:7)
 - 3) Aporo (cf. 1vaKorinde. 4:6-9)
 - 4) Jakobho nomunin’ina waIshe (cf. vaGaratiya. 1:19)
 - 5) Sirivhano naTimoti (cf. 1vaTesaronika. 2:6)
 - 6) Pamwewo Tito (cf. 2vaKorinde. 8:23)
 - 7) Pamwewo Epafirodhito (cf. vaFiripi. 2:25)
 - e. Chipro cheziendamberi mukereke (cf. 1vaKorinde. 12:28-29; vaEfeso. 4:11)
4. Pauro anoshandisa izwi iri kuzvinan’anura mutsamba dzake zhinji senzira yokureva masimba aakapiwa naMwari okuva mumiriri waKristu (cf. vaRoma. 1:1; 1vaKorinde. 1:1; 2vaKorinde. 1:1; vaGaratiya. 1:1; 1Timoti. 1:1; 2Timoti. 1:1; Tito. 1:1).

▣ **“Asi abva murufu, aenda muupenyu husingaperi”** Ichi ndicho chirevo chokureva zvakaitwa uye zviine zviwereko muneremangwana (PERFECT ACTIVE INDICATIVE). Hushe hwaMwari huripo izvozvi, huchivapowo muneremangwana, saizvozvowo noupenyu husingaperi (cf. ndima. 25-26; 1Johani. 3:14). Ndima. 25 ndiwo mutsara wemandorokwati wokureva kuvapo kwaMwari rwazvino!

5:25” Nguva inouya, nazvino yatovapo” Uyu ndiwo munyorero unozivikanwa uchiitwa muzvinyorwa zvaJohani. Nguva zhinji, mazwi nemitsara zvinova nezvirevo zviviri. Pano, izwi rokuti” nguva “rinoreva

1. Nguva yoruponeso
2. Nguva yokutongwa

Hurongwa hwenguva huri muchirevo chazvino neramangwana (cf. ndima. 29; 6:39, 44, 54). Zvaunoita naJesu nhasi ndizvo zvinoreva zvichaitika kwauri muneremangwana. Ruponeso nokutongwa zvose zviitiko zvine chirevo chazvino pamwe nokumunyungidzwa muneremangwana (cf. ndima. 28).

NHAURWA INOKOSHA: NGUVA

Izwi rokuti “nguva” rinoshandiswa nenzira dzakasiyana mudzivhangeri, sokuti

1. Munongedzo wenguva (cf. Mateu. 8:13; Ruka. 7:21; Johani. 11:9)
2. Dimkira rokureva nguva yokuedzwa nenhamo (cf. Mateu. 10:19; Mako. 13:11; Ruka. 12:12)
3. Dimikira rokureva Jesu achitanga ushumiri hwake (cf. Johani. 2:4; 4:23)
4. Dimikira rokureva zuva rokutongwa (kureva., kuuya rwepiri, cf. Mateu. 24:36, 44; 25:13; Mako. 13:32; Johani. 5:25, 28)
5. Dimikira rokureva unyoro hwaJesu (cf. Mateu. 26:45; Mako. 14:35, 41; Johani. 7:30; 8:20; 12:23, 27; 13:1; 16:32; 17:1)

▣ **“Naro vakafa vachanzwa izwi roMwanakomana waMwari”** Ndima. 25 inotaura nezvavakafa paMweya; ndima. 29 inotaura nezvekumuka kwavose vakafa panyama. Bhaibheri rinotaura nezvekufa kutatu.

1. Kufa paMweya (Genesi. 3)
2. Kufa panyama (cf. Genesi. 5)
3. Kufa nokusingaperi (cf. vaEfeso. 2:2; Zvakazarurwa. 2:11; 20:6, 14) kana nyanza yemoto, gehena (*Gehenna*).

Uyu ndiwo mushandisirwo usina kujairika wemutsara wekuti “Mwanakomana waMwari.” Tarira nhaurwa inokosha pana1Johani. 3:8. Zvimwe zvakasakisa kuti mutsara uyu usanyanya kushandiswa yaiva nyaya yemaonero ezvinamoto zvechiGiriki yokuti vamwari (Gomo re Olympus) vachitora vakadzi panyika kana vahosi. Chigaro chaJesu chokuva Mwanakomana waMwari hachirevi kuzvarwa panyama kana muronga wenguva, asi hukama hwemandiriri. Iri ndiro dimikira rechiJudha rokureva mhuri. Jesu akanga achikumikidza huMwari hwake kuvatungamiri vechiJudha ava nenzira yakajeka nokushandisa muronzero wetestamende yekare (cf. 5:21, 26).

5:26 “Nokuti Baba sezvavanoupenyu mavari” Ichi kwazvo kwazvo, ndicho chirevo chezwi rokureva ‘YHWH’Mwari kubva munaEkisodho. 3:14. Ichi chimiro chezita raMwari rechisungo chinobva muizwi rechiito rechiHebheru rokureva kuti “kuva.” Rinoreva kuti, iye anorarama nokusingaperi, mumwe anorarama. Tarira nhaurwa inokosha: Maziita ouMwari pa6:20.

Mutestamende yekare ‘YHWH’Mwari chete ndiye aiva no” upenyu” (cf. 1Timoti. 1:17; 6:16) uye iye chete ndiye aipa hupenyu kunavamwe (kureva., Jobho. 10:12; 33:4; Mapisarema. 36:9). Jesu anoti, Mwari anomupa samba irori!

▣ **“Saizvozvo vakapa Mwanakomana kuti ave noupenyu maari”** Iyi ikumikidzo yakasimba youMwari hwaJesu (cf. 1:4; 1Johani. 5:11).

5:27 Zvinoita kuti Jesu agone (*exousia*, ane masimba, cf. 10:18; 17:2; 19:11) kutonga zvakanaka ndezvekuti iye ndiMwari akazara asi ari munhuwo akazara. Hapana izwi rechivakashure (DEFINITE ARTICLE) rinobatana nomutsara wokuti” Mwanakomana waMwari” (cf. Ezekieri. 2:1 naMapisarema. 8:4). Anotiziva zvakazara (cf. vaHebheru. 4:15) ; Anoziva Mwari zvakazara (cf. 1:18; 5:30).

Zvinoshamisa kuti, muchirevo chehcinyorwa umo Jesu anozvidana kuti “Mwanakomana” (cf. ndima. 19 [ruviri], 20, 21, 22, 23 [ruviri]25, 26) kuti mundima. 27, zita rokuti “Mwanakomana

womunhu” (asi risina izwi rechivakashure (DEFINITE ARTICLE) rinonyanya kushandiswa) rinoshandiswa. Zvisineyi, tsinhaniso imwecheteyo iripo (1) 3:13, 14 maringe na 3:16, 17, 18, 35, 36; (2) 6:27, 53 maringe na 6:40; pamwe ne (3) 8:28 maringe na 8:35, 36. Jesu akashandisa mzita aya ari maviri kuzvinan’anura zvakafanana.

5:28 “Musashamiswa naizvozvo” Ichi ndicho chirevo chezvirikudokwairirwa kuti zviitike (PRESENT ACTIVE IMPERATIVE) chakabatanidzwa nechirevo chechirevanguava chetsiudzo (NEGATIVE PARTICIPLE) icho chinowanoreva kumiswa kwezvirikuitika. Sekushamisa kwakaita mashoko aJesu kuvatungamiri vechiJudha ava, mutsara wake wakatevera wakavashamisa zvikuru.

▣ **“Vose vari mumabwiro vachanzwa izwi rake”** Izvi zvinoita sokuti zvinoreva kudaidzira kwaMesiasi pakuuya rwepiri (cf. 1vaTesaronika. 4:16). Razaro (cf. 11:43) rumwe rutivi rwechiitiko ichi. Izvi hazvikonesi zvokwadi ya2vaKorinde. 5:6, 8. Zvinototsigira kutongwa kwepasi rose nemasimba eMwanakomana.

Zvizhinji zvechirevo chechinyorwa ichi zvinehochekeche neupenyu hweMweya hwazvino (kuitika kwemagumo). Asi mutsara uyu unotaurawo nezvenguva yemagumo yechiitiko cheramangawana. Iri gakava riri pakati pezvakaikita nezvisati zvehushe hwaMwari, rinonyanya kuwanika mudzidziso yaJesu iyo iri mudzivhangeri nhatu dzokutanga, asi zvikuru muvhangeri yaJohani.

5:29 Bhaibheri rinotaura nezvekumuka kwavose vakarurama nevakaipa (cf. Dhanieri. 12:2; Mateu. 25:46; Mabasa. 24:15). Mivaravra mizhinji inotaura zvikuru nezvekumuka kwevakarurama voga (cf. Jobho. 19:23-29; Isaya. 26:19; Jona. 6:39-40, 44, 54; 11:24-25; 1vaKorinde. 15:50-58).

Izvi hazvirevi kutonga kunechekuita nemabasa, asi kutonga kunechokuita nemararamiro evatendi (cf. Mateu. 25:31-46; vaGaratiya. 5:16-21). Pane musimboti uri mushoko raMwari nemunyika wokuti, vanhu vanokohwa zvavakarima (cf. Zvirevo. 11:24-25; vaGaratiya. 6:6). Kana kuti kuzviisa nomutauriro wetestamende yekare, “Mwari acharipira vanhu maererano nehunhu hwavo” (cf. Mapisarema. 62:12; 28:4; Jobho. 34:11; Zvirevo. 24:12; Mateu. 16:27; vaRoma. 2:6-8; 1vaKorinde. 3:8; 2vaKorinde. 5:10; vaEfeso. 6:8 navaKorose. 3:25).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :5:30

³⁰” Handigoni kuita chinhu ndoga; ndinotonga sezvandinonzwa; kutonga kwangu kwakarurama, nokuti handitsvaki kuda kwangu, asi kuda kwoakandituma.

5:30 Jesu, zimukadzimu reshoko raBaba, aiva muranda achizviisa pasi paBaba. Iyi kumikidzo yakasimba pamusoro pokuzvininipisa inowanikwawo mundima. 19 (“Mwanakomana haagoni kuita chinhu”) Izvi hazvirerutsi Mwanakomana, asi muronga waMwari vatatu mumwechete wakagova basa rokudzikinura pakati pavanhu vatatu, Baba, Mwanakomana, pamwe naMweya.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :5:31-47

³¹Kana ndichizvipupurira, kupupura kwangu hakusi kwechokwadi. ³²” Mumwe aripo anondipupurira; ndinoziva kuti kupupura kwake kwaanondipupurira ndokwechokwadi.

³³Makatuma kunaJohani, iye akapupura chokwadi. ³⁴Ini handigamuchiri kupura kunobva

kumunhu, asi ndinoreva izvozvo kuti muponeswe. ³⁵Iye akanga ari mwenje unopfuta nounovheneka; imi makanga muchida kufara nguva duku muchiedza chake. ³⁶Ini ndine chapupu chikuru kuna Johani; nokuti mabasa andakapiwa naBaba kuti ndiapedze, iwo iwo mabasa andinoita, ndiwo anondipupurira kuti Baba vakandituma. ³⁷Naivo Baba, vakandituma, ndivo vakandipupurirawo. Hamhuna kutongonzwa izwi ravo, kana kuona mufananidzo wavo. ³⁸Shoko ravo harigari mukati menyu, nokuti hamutendi avakatuma. ³⁹Munonzvera magwaro, nokuti munoti hupenyu husingaperi munahwo maari; ndiwo anondipupurira ini.

⁴⁰” Asi hamudi kuuya kwandiri, kuti muve noupenyu. ⁴¹” Handigamuchiri kukudzwa kunobva kuvanhu; ⁴²asi ndinokuzivai, kuti hamuna rudo rwaMwari mukati menyu.

⁴³Ndakauya nezita raBaba vangu, asi hamundigamuchiri; kana mumwe akasvika nezita rake amene, muchamugamuchira iye. ⁴⁴Mungatenda Seiko imi, iyemi munogamuchira kukudzwa mumwe kune mumwe, asi kukudzwa kunobva kunaMwari, ari oga, hamukutsvaki?⁴⁵Musati ndichakupomerai mhosva kuna Baba; mumwe ariko anokupomerai mhosva, ndiye Mosesi, wamakavimba naye. ⁴⁶Nokuti dai maitenda Mosesi, mungadai maitenda ini, nokuti iye akanyora zvangu. ⁴⁷ Asi kana musingatendi manyoro ake, mungatenda Seiko mashoko angu?”

5:31 Mutestamende yekare kwaidiwa zvapupu zviviri kusimbisa nyaya (cf. Numeri. 35:30; Dhuteronomi. 19:15). Pachirevo chechinyorwa chino, Jesu anopa zvapupupu zvisihanu izvo zvinomupupurira.

1. Baba (ndima. 32, 37)
 2. Johani mubhabhatidzi (ndima. 33, cf. 1:19-51)
 3. Mashoko ake iye Jesu amene (cf. ndima. 36)
 4. Shoko dzvene (cf. ndima. 39)
 5. Mosesi (cf. ndima. 46) iyo inoreva Dhuteronomi. 18:15-22
- Tarira nhaurwa inokosha pa1:8

☐ **“Kana”** Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yefungidziro yeramangwana (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE).

☐ **“kupupura kwangu hakusi kwechokwadi”** Uyu mutsara unoita sokuti unopikisana na 8:14. Chirevo chechinyorwa chinoratidza kuti mitsara iyi yakataurwa muzviro zvakasiyana. Pano Jesuanoratidza kuti zvapupu zvakawanda zvakadii, asi muna. 8:14 anoti iye chete ndiye anokosha!

Kana uchida kuziva zvakawanda pamusoro pe” chokwadi” verenga nhaurwa inokosha :chokwadi muvhangeri yaJohani pa 6:55.

5:32 “Mumwe aripo anondipupurira” Izvi zvinoreva Mwari Baba (cf. 1Johani. 5:9) nokuda kwokushandiswa kweizwi rokuti *allos*, iro rinorevakuti” mumwe werudzi rumwechete” zvinosiyana kwazvo kwazvo nokuti *heteros*, iro rinoreva kuti” mumwe werumwe rudzi, “nyangwe zvazvo musiyano uyu waisaoneka mururimi rweKoine Greek. Tarira nhaurwa inokosha:zvapupu zvaJesu pa1:8.

5:33 “Makatuma kunaJohani” Izvi zvinoreva Johani mubhabhatidzi (cf. 1:19).

5:34 “Ndinoreva izvozvo kuti muponeswe” Uyu mutsara unoreva shuviro ykuitirwa (AORIST PASSIVE SUBJUNCTIVE). Izwi rechirevo chokuitirwa (PASSIVE VOICE) rinoreva humiriri hwaMwari kana Mweya (cf. 6:44, 65). Rangarira kuti vhangeri imharidzo dzouvhangeri (kureva., misusudzo), kwete zvinyorwa zvenhorondo. Mune chinangwa chouparidzi munazvose zvakanorwa (cf. 20:30-31).

5:35 “Akanga ari mwenje” Iyi ndiyo imwe kumikidzo yokureva mwenje, pano mushoko raJohani regadziriro (cf. 1:6-8).

5:36” Iwo mabasa andinoita ndiwo anondipupurira” Mabasa aJesu aiva zadziso yechiporofita chetestamende yekare icho chiri pamusoro paMesiasi. VaJudha venguva vangadai vakaziva zvizhamiso izvi—kuporesa mapofu, kupa kudya kuvarombo, kuporesa zvirema (cf. Isaya. 29:18; 32:3-4; 35:5-6; 42:7). Simba redzidziso yaJesu, mararamiro okururama, tsitsi, pamwe nezvizhamiso zvikuru (cf. 2:23; 10:25, 38; 14:11; 15:24) zvakapa uchapupu hwakakwana hwokuti iye aiva ani, kwaakabva, pamwe noakamutuma.

5:37” Vakandipupurirawo” Izwi rokuti” va” [muchimiro chechirume]rinoreva Baba. Muchirevo chechinyorwa mutsara uyu unoita sokuti unoreva shoko dzvene retestamende yekare (cf. vaHebheru. 1:1-3). Izvi zvinobva zvasanganisira zvirevozvose zvouMesiasi mutestamende yekare (cf. ndima. 39).

☐ **“Hamuna kutongonzwa izwi ravo kana kuona mufananidzo wavo”** Jesu arikuti nyangwe zvazvo vaJudha vaifanira kunge vakaziva Mwari kuburikidza neshoko dzvene pamwe nokunamata pazvima, Havana kutongomuziva (cf. 8:43; Isaya. 1:1-15; 6:9-10; 29:13; Jeremiya. 5:21).

Mutestamende yekare, kuona Mwari kwainzi kunounza rufu. Munhu akataura naMwari amene ndiMosesi uye chero panguva iyoyo naurirano iyi yayitwa kuburikidza nefuko yegore. Vazhinji vanofunga kuti Ekisodho. 33:23 inopokana naJohani. 1:18. Zvisineyi, mazwi echiHebheru ari munaEkisodho anoreva kuti” kubwinya mberikwazvo, “kwete mufananidzo wepanyama.

5:38 “Izwi ravo kugara mamuri” Aya ndiwo madimikira makuru muzvinyorwa zvaJohani. Izwi raMwari (*logos*) rinofanira kugamuchirwa, kana ragamuchirwa (cf. 1:12) rinofanira kugara (kugara, cf. Johani. 8:31; 15:4, 5, 6, 7, 10; 1Joani. 2:6, 10, 14, 17, 24, 27, 28; 3:6, 14, 15, 24). Jesu ndiye kuzviratidza kwaMwari kwakaperera (cf. Johani. 1:1-18; vaFiripi. 2:6-11; vaKorose. 1:15-17; vaHebheru. 1:1-3). Ruponeso rwunosimbiswa noukama hweziendamberi (maonero echiHebheru ezwi rokuti” ziva” cf. Genesi. 4:1; Jeremiya. 1:5) nokudzikwa kwezvkwadi dzevhangeri (maonero echiGiriki ezwi rokuti” ziva” cf. 2Johani. 9)

Iri izwi rokuti “kugara” rinoshandiswa muchirevo choukama hwemandorokwati, hwepazvima hune kutsungirira. kugara ndicho chimiro choruponeso rwechokwadi (cf. chikamu. 15) Rinoshandiswa nenzira dzakawanda muvhangeri yaJohani.

1. Mwanakomana ari munababa (cf. 10:38; 14:10, 11, 20, 21; 17:21)
2. Baba vari muMwanakomana (cf. 10:38; 14:10, 11, 21; 17:21, 23)
3. Vatendi vari muMwanakomana (cf. 14:20, 21; 15:5; 17:21)
4. Vatendi vari muMwanakomana pamwe naBaba (cf. 14:23)
5. Vatendi vari mushoko (cf. 5:38; 8:31; 15:7; 1Johani. 2:14).

Tarira nhourwa inokosha pana1Johani. 2:10.

5:39 “Munonzvera magwaro” Izvi zbvogona kureva zvirikutoitika (PRESENT ACTIVE INDICATIVE) kana zvirikudokwairirwa kuti zviitike (PRESENT ACTIVE IMPERATIVE). Sezvo rir dungwerungwe rezvapupu izvo zvakarambwa navaJudha, uyu mutsara unogona kuva wezvirikuitika (INDICATIVE).

Heino tsaona yevatungamiri vevaJudha:vaiva neshoko dzvene, vakarinzvera, vakaridzidza, vakariisa mumirangariro yavo, asi ndokusaziva munhu airehwa neshoko iri!Pasina Mweya, chero shoko harishandi! Hupenyu chahwo hunouya kuburikidza noukama hwokuteerera hwepauzima (kureva., Dhuteronomi. 4:1; 8:13; 30:15-20; 32:46-47).

▣ **“Ndiwo anondipupurira ini”** Izvi zvinoreva shoko dzvene retestamende yekare, iro rinozadziswa naJesu (kureva., 1:45; 2:22; 5:46; 12:16, 41; 19:28; 20:9). Mharidzo zhinji dzokutanga dzaPetiroso (cf. Mabasa. 3:18; 10:43) naPauro (cf. Mabasa. 13:27; 17:2-3; 26:22-23, 27) munaMabasa dzinoshandisa chiporofita chakazadziswa soumboo hweuMesiasi hwaJesu. Mivaravara yose kunze kwomumwechete (1Petiroso. 3:15-16), uyo unotsigira masimba eshoko dzvene rinowanikwa mutestamende itsva (cf. 1vaKorinde. 2:9-13; 1vaTesaronika. 2:13; 2vaTimoti. 3:16; 1Petiroso. 1:23-25; 2Petiroso. 1:20-21), unonongedza kutestamende yekare. Zviripachena kuti Jesu aizviona iye amene ari zadziso nevavariro (uye nemupirikiri wezvokwadi, cf. Mateu. 5:17-48) wetestamende yekare.

NHAURWA INOKOSHA: MHARIDZO (KERYGMA) MUKEREKE YAKARE

- A. Vimbiso dzakaitwa naMwari mutestamende yekare dzazozadziswa nokuuya kwaJesu, iye Mesiasi (Mabasa. 2:30-31; 3:19, 24; 10:43; 26:6-7, 22; vaRoma. 1:2-4; 1Timoti. 3:16; vaHebheru. 1:1-2; 1Petiroso. 1:10-12; 2Petiroso. 1:18-19).
- B. Jesu akazodzwa saMesiasi naMwari pakubhabhatidzwa kwake (Mabasa. 10:38).
- C. Jesu akatanga ushumiri hwake muGaririya mushure mokubhabhatidzwa kwake (Mabasa. 10:37).
- D. Ushumiri hwake hwakava hwokuita zvinhu zvakana pamwe nokuitwa kwemabasa makuru nesimba raMwari (Mako. 10:45; Mabasa. 2:22; 10:38).
- E. Mesiasi akaroverwa maererano nechinangwa nokusingaperi chaMwari (cf. Mako. 10:45; Johani. 3:16; Mabasa. 2:23; 3:13-15, 18; 4:11; 10:39; 26:23; vaRoma. 8:34; 1vaKorinde. 1:17-18; 15:3; vaGaratiya. 1:4; vaHebheru. 1:3; 1Petiroso. 1:2, 19; 3:18; 1Johani. 4:10).
- F. Akamutswa kuvakafa uye akaonekwa navadzidzi vake (cf. Mabasa. 2:24, 31-32; 3:15, 26; 10:40-41; 17:31; 26:23; vaRoma. 8:34; 10:9; 1vaKorinde. 15:4-7, 12ff; 1vaTesaronika. 1:10; 1Timoti. 3:16; 1Petiroso. 1:2; 3:18, 21).
- G. Jesu akarumbidzwa naMwari akapiwa zita rokuti” Ishe” (cf. Mabasa. 2:25-29, 33-36; 3:13; 10:36; vaRoma. 8:34; 10:9; 1Timoti. 3:16; vaHebheru. 1:3; 1Petiroso. 3:22).
- H. Akapa Mweya mutsvene kuti uumbe mugarisanwa mutsva waMwari (cf. Mabasa. 1:8; 2:14-18, 38-39; 10:44-47; 1Petiroso. 1:12).
- I. Achauya zvakare kuzotonga pamwe nokudzoreredza zvinhu zvose (cf. Mabasa. 3:20-21; 10:42; 17:31; 1vaKorinde. 15:20-28; 1vaTesaronika. 1:10).
- J. Vose vanonzwa shoko vanofanira kutendeuka nokubhabhatidzwa (cf. Mabasa. 2:21, 38; 3:19; 10:43, 47-48; 17:30; 26:20; vaRoma. 1:17; 10:9; 1Petiroso. 3:21).

Muronga uyu ndiwo wakashanda senzira yokudua shoko mukereke yokutanga, zvisinei kuti vanyori vakasiyana vetestamende itsva vanogona kusiya zvimwe zvikamu kana kukumikidza zvimwe zvikamu mumharidzo dzavo. Vhangeri yose yaMako inotevedzera zvikuru nzira yokuparidza yaPetirosi (*kerygma*). Vhangeri yaMako inoonekwa zvikuru sokuti inoumbiridza mharidzo dzaPetirosi, idzo dzakaparidzirwa muRoma, ichiita vhangeri yakanyorwa. Vose Mateu naRuka vanotevedzera murongerero wechinyorwa waMako.

5:41-44” Ndimba idzi dzinoita sokuti dzinoratidza nyaya yokuti vatungamiri vechinamato chechiJudha vaiyemurwa zvikuru nevamwe vavo. Vaifadzwa nokutora mazwi evaRabhi vakare, asi nokuda kwokupofomara paMweya Havana kuziva mudzidzisi mukuru, uyo aiva pakati pavo. Izvi ndizvo zvaishorwa zvikuru muchiJudha chevaRabhi vemakore zana okutanga (onawozve mufananidzo munaMateu. 21:33-46; Mako. 12:1-12; Ruka. 20:9-19).

5:41

NASB, NRSV “Handigamuchiri kukudzwa kunobva kuvanhu”

NKJV “Handigamuchiri ruremekedzo runobva kuvanhu”

TEV “Handitsvaki rumbidzo yevanhu”

NJB “Rumbidzo yevanhu haitongorevi chinhu kwandiri”

Izwi rokuti” rumbidzo, “*doxa*, rinonetsa kushandurudza kwazvo kwazvo (Tarira nhaurwa inokosha pa1:14). Rinoreva chirevo chechiHebheru che” rumbidzo, “*kabodh*, iro raishandiswa senzira yokureva kubwinya kwaMwari, un’arin’ari hwokuvapo kwake (cf. Ekisodho. 16:10; 24:17; 40:34; Mabasa. 7:2)

Iyi nyaya youn’arin’ari hwokuvapo kwaMwari pamwe nemaitiro ake inesungano ne

1. Ngirozi (cf. Ruka. 2:9; 2Petirosi. 2:10)
2. Hukuru kuna Jesu (cf. Johani. 1:14; 8:54; 12:28; 13:31; 17:1-5, 22, 24; 1vaKorinde. 2:8; vaFiripi. 4:21)
3. huchivawo kuvatendi (cf. vaRoma. 8:18, 21; 1va Korinde. 2:7; 15:43; 2vaKorinde. 4:17; vaKorose. 3:4 1vaTesaronika. 2:12; 2va Tesaronika. 2:14; vaHebheru. 2:10; 1Petirosi. 5:1, 4)

Zvinoshamisawo kuti Johani anoti kuraverwa kwaJesu kurumbidzwa kwake (cf. 7:39; 12:16, 23; 13:13-31). Zvisineyi, rinogonawo kushandurudza richinzi” ruremekedzo” kana” kupa kutenda” (cf. Ruka. 17:16; Mabasa. 12:23; vaRoma. 4:20; 1vaKorinde. 10:31; 2vaKorinde. 4:15; vaFiripi. 1:11; 2:11; Zvakazarurwa. 11:13; 14:7; 16:9; 19:7). Aya ndiwo mashandisirwo aro muchirevo chechinyorwa chino.

5:43 “Hamundigamuchiri” Muvhangeri yaJohani yose, nyaya yokutenda munaJesu haisi yokupiwa mhiko dzezvidzidzo zvouMwari, asi kusangana naye pazvima (kureva., ndima. 39-40). Rutendo runotanga norutemo rwokuvimba naye. Izvi zvinovakawo hukama hwepazvima hwoodzidzi uhwo hunosvika mukukura pakunzwisisa gwara redzidziso pamwe nemararamiro echiKristu.

▣ **“Kana mumwe akavika nezita rake amene”** Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yefungidziro yeramangwana (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE).

▣ **“Muchamugamuchira”** Apa pakaitwa dambe nenzira yavaRabhi yokuenzanisa vadzidzisi vezvikoro zvakasiyana kubva kugwaro retsika nemagariro echiJudha (Talmud).

Gwaro ravaMichael Magilrinonzi, *“New Testament Transline*, “rine mazwi akanaka zvikuru okuti:

“vatungamiri vevaJudha vachagamuchira mudzidzisi kana Rabhi anova munhu uyo asingataure kuti akatumwa naMwari. Nomudzidzisi womunhu uyu, vanova noukama hwetsika nditsikewo, vachitsinhana kubwinya zvakaenzana. Nomuporofita akatumwa naMwari, vanofanira kuva pachinhano chokuzviisa pasi pake, vachinzwa nokuteerera. Ichi ndicho chagara chiri chikonzero chinoita kuti vaporofita vaMwari vasagamuchirwe” (p. 318).

5:44 Tarira chinyorwa pa17:3.

5:45-47 Jesu arikuti zvinyorwa zvaMosesi zvinomuratidza iye. Izvi znogona kunga zvichireva Dhuteronomi. 18:15-22. Mundima. 45 shoko rinopiwa chimiro chomupomeri. Rakanga raitirwa kutungamira (cf. Ruka. 16:31). Nhungamiri yakarambwa, inozova mhandu (cf. vaGaratiya. 3:8-14, 23-29).

5:46, 47 “Dai... kana” Ndima. 46 ndiwo mutsara uneshongedzo yokupikisana nenyaya iripo (SECOND CLASS CONDITIONAL SENTENCE), uyo unoreva kuti vatungamiri vevaJudha Havana kana kutombotenda muzvinyorwa zvaMosesi uye nokuti iye Jesu (anova Mosesi wemagumo) [kureva., muporofita akarehwa munaDhuteronomi. 18:15-19] ndiye achava mutongi wavo pazuva rokupedzisira. Vara rokuti “kana” romundima. 47 rinounza chirevo chomutsara uneshongedzo yokuva wechokwadi (FIRST CLASS CONDITIONAL SENTENCE) (Bhaibheri reNIV rine vara rokuti “sezvo”).

MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anakodzera yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviriri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Sei ndima 4, isingawanikwe mushandurudzo dzedu dzemazuva ano?
2. Sei Jesu akaporesa murume uyu?
3. Ko kutenda kwaivawo nechekuita nokuporeswa kwomurume uyu here?ko iko kuporeswa panyama kunoreva kuporeswa pamweya here?
4. Ko ihwo hurwere hwake hwaivawo nechekuita nokuva nezvivi kwake here?ko hurwere hwose hunechekuita nezvivi pazvima here?
5. Sei vaJudha vaidira kuraya Jesu?

6. Denengudza mabasa aMwari mutestamende yekare ayo anechekuita naJesu.
7. Ko upenyu nokusingaperi hungava zvokwadi yazvino here kana kuti itariro yeramangwana?
8. Ko hwaro hwekutongwa huri pamabasa here kana pakutenda?Sei?

JOHANI 6

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Kupiwa kudya kwevane zviuru zvishanu 6:1-15	Kupa kudya vane zviuru zvishanu 6:1-14	kupa kudya vane zviuru zvishanu 6:1-15	Jesu anopa kudya vane zviuru zvishanu 6:1-6 6:7 6:8-9 6:10-13 6:14-15	Chishamiso chezvingwa 6:1-4 6:6-15
Kufamba pamusoro pemvura 6:16-21	Jesu anofamba pamusoro penyanza 6:16-21	Jesu anofamba pamusoro penyanza 6:16-21	Jesu anofamba pamusoro pemvura 6:16-21	Jesu anouya kuvadzidzi achifamba pamusoro pemvura 6:16-21
Jesu chingwa choupenyu 6:22-33	Chingwa chinobva kudenga 6:22-40	Jesu chingwa choupenyu 6:22-24 6:25-40	Vanhu vanotsaka Jesu 6:22-24 Jesu Chingwa choupenyu 6:25 6:26-27 6:28 6:29 6:30-31 6:32-33 6:34	Nhaurirano muSinagoge paKapenaume 6:22-27 6:28-40
6:34-40	Akarambwa nevokwake 6:41-51	6:41-51	6:41:42 6:43-51 6:43-51	6:41-51
6:52-59		6:52-59	6:52 6:53-58 6:59	6:52-58 6:59-63

Mashoko oupenyu Husingaperi 6:60-71	Vadzidzi vakawanda vanomusiya 6:60-71	6:60-65	Mashoko oupenyu Husingaperi 6:61	6:64-66 Kumira pakutenda kwaPetirosi
---	--	---------	---	---

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyorori. Ndiyozve hwaro hwekupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

5. Ganhuro yokutanga
6. Ganhuro yepiri
7. Ganhuro yetatu
8. Nezvimwewo.

RUONO RWEZVIRI MUGWARO RAJOHANI. 6:1-71

A. Vhangeri yaJohani hainyore nezvechidyo chemanheru chaIshe chomene, nyangwe zvazvo zvikamu 13-17 dzinonyora nhaurirano nemunamato wekamuri yepamusoro. kusavapo uku kunogona kuva kuri kwemaune. kereke yemakore zana okutanga yakatanga kuona nyaya yenzira dzokunamata senzira dzokupira. Vaizviona senzira dzokuwana nyasha. Johani anogona kunge akasiya nyaya yokubhabhatidzwa kwaJesu kana chidyo chemanheru nokuda kwemaonero aya.

B. Johani. 6 ndiyo inechirevo chechinyorwa chokupiwa kudya kwevanhu zviuru zvishanu. Zvisinei, vazhinji vanoshandisa nyaya iyi kudzidzisa maonero edzidziso yokupira. Apa ndipo panobva gwara redzidziso yezvemanamatiro esangano reKaturike yeshanduko inowanikwa mune zvinoonekwa (transubstantiation) (ndima. 53-56.

Mubvunzo wokuti chikamu 6 chinova nesungano sei neuyo anotungamira kupira pakunamata unoratidza hunyambiri hwedzihangeri. Zviri pachena kuti dzivhangeri dzinoreva mazwi noupenyu hwaJesu, asi idzo dzakanyorwa shure kwamakumi emakore uye dzichiratidza rutendo rwomugarisanwa womunyorori pachake. Naizvozvo pane nhanho nhatu dzevavariro yemunyorori

1. Mweya
2. Jesu nevanzwi veshoko vemabviro
3. Vanyori vevhangeri nevaverengi vavo

Ungapirikira sei? Nzira chaiyo yezvokwadi inofanira kuva yechirevo chechinyorwa, zvivakamutauro, dudziro yemadura mazwi makuru, zvichitevera chimiro chenhoroondo uye kwete zvimwewo.

- C. Tinofanira kurangarira kuti vateereri vevhangeri vaiva vaJudha uye vaiva netariro yetsika nemagariro yeVaRabhi avo vaitarisira kuona Mesiasi ari Mosesi ane masimba makuru (cf. ndima. 30-31), zvikuru maringe nezvakaitika munaEkisodho zvokuvapo kwe” mana.”vaRabhi vaishandisa Mapisarema. 72:16 sechinyorwa choumboo. Mitsara yaJesu isina kujairika (cf. ndima. 60-62, 66) yayitirwa kupikisa tariro yenhema yaiva navanhu pamusoro paMesiasi (cf. ndima. 14-15).
- D. Vatungamiri vekereke yokutanga vaisabvumirana kuti muvaravara uyu waireva chidyo chemanheru chaIshe. Clement weAlexandria, Oregon naEusebius Havana kumbotaura nezvechidyo chemanheru chaIshe munhaurirano dzavo pamusoro pemuvaravara uyu.
- E. Madimkira emuvaravara uyu anofanana zvikuru nemazwi aJesu akashandiswa ne” mukadzi patsime” munaJohani. 4. Mvura nechingwa zvepanyika zvinoshandiswa semadimkira okureva upenyu husingaperi pamwe nezveMweya.
- F. Kuwanziridzwa kwechingwa uku ndicho chishamiso choga icho chakanyorwa mudzivhangeri dzose dziri ina (Mateu. 14:13-21; Mako. 6:32-44; Ruka. 9:10-17) !
- G. Mugwaro ravaMichael Migal rinonzi” *New Testament Trans Line* (p. 325) “vanotaura zvinofadza kwazvo maererano nemapoka akasiyana siyana ayo aiva muKapenaume pamwe nesungano yawo kumazwi aJesu ayo anoshamisa.
1. Gungano, ndima. 24
 2. vaJudha, ndima. 41-52
 3. vadzidzi, ndima. 60, 66
 4. vanegumi nevaviri, ndima. 67

Jesu akanga kwazvo kwazvo a

1. Misa gungano ravanhu iri kuti risamuita mambo nokuti akanga avapa kudywa (6:15)
2. Denha vatungamiri vechiJudha nezvaaitura
3. Konzera kuti vateveri vasiri vezvokwadi vaende
4. Buritsa mutsara wokureva ziendamberi nokudzama kwokutenda kweavo vanegumi nevaviri (6:68-69)

DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :6:1-14

¹Shure kwaizvozvo Jesu akaenda mhiri kwegungwa reGaririya, ndiro reTibheriasi. ²Vanhu vazhinji-zhinji vakamutevera, nokuti vakaona zviratidzo zvaaita kuvarwere. ³Jesu akakwira mugomo, akagaramo navadzidzi vake. ⁴Pasika, mutambo wavaJudha wakanga

uri pedyo. ⁵Zvino Jesu akati achitarira, akaona vanhu vazhinji-zhinji vachiuuya kwaari, akati kuna Firipi, “Tingatengepiko zvingwa, kuti vanhu ava vadye?”

⁶Akareva izvozvo kuti amuedze, nokuti iye akaziva amene zvaakanga achida kuita. ⁷Firipi akamupindura achiti, “Zvingwa zvamadhanari ana mazana maviri hazvingavaringani, kuti mumwe nomumwe atore zvishoma.”

⁸Zvino mumwe wavadzidzi vake, Andireya, munin’ina waSimoni Petirosi, akati kwaari, ⁹”Pano pano mukomana, ane zvingwa zvishanu zvebhari nehove mbiri; asi izvi zvingakwanira sei vanhu vazhinji?”

¹⁰Jesu akati, “Garisai vanhu pasi.”Zvino kwakanga kunouswa huzhinji ipapo. Naizvozvo varume vakagara pasi, kuwanda kwavo kunenge zviuru zvishanu. ¹¹Zvino Jesu akatora zvingwa; akavonga, akazvipa vakanga vagere pasi; nehovewo saizvozvo pavaida napo.

¹²Zvino vakati vaguta, akati kuvadzidzi vake, “Unganidzai zvimedu zvakasara kuti zviरेge kurasika.”¹³Ipapo vakazviunganidza, vakazadza matengu ane gumi nemaviri nezvimedu zvezvingwa zvishanu zvebhari, zvakanga zvasara kuna vakadya.

¹⁴Zvino vanhu vakati vaona chiratidzo chaakaita, vakati, “Zvirokwazvo uyu muporofita, anouya panyika.”

6:1 “Gungwa reGaririya (ndiro reTibheriasi) “Iri guvi remvura raizivikanwa nemamwewo mazita akawanda. Mutestamende yekare raidanwa kuti kinereti, (Numeri. 34:11). Raizivikanwa richinzi Genesareti munaRuka. 5:1 uye nezita rechiRoma rokuti gungwa reTibheriasi munaJohani. 21:1. Mazwi anotsauka kubva panyaya akabva mukupepetwa kwetsoropodzo nemunyorori. Zvinoratidza kuti vhangeri yaJohani yakanyorerwa vanhu vaigara kunze kweParastina (cf. 6:4, 6, 64, 71).

6:2 Tarira uone zvakaita kuti vanhu vazhinji-zhinji vamutevere.

6:3 Jesu aishandisa maungira anobva mumvura negomo kuitira kuti inzwi rake riende kure. Nyaya yokuti akagara pasi inoratidza kuti iyi yaiva dzidziso yaaitira vadzidzi vake. Zvinokatyamadzawo kuti kana gomo raireva chimiro chenguva yaMosesi semunaMateu. 5-7.

Mumakungano edzidziso aya, Jesu aiwanzotaura nezvikwata zvevanhu vakasiyana siyana zvaiva mugungano. Akangozvipoterederwa navadzidzi vake; kuchitiwo nechekoko kuine vaida kudzidza vapfumi pamwe ne” vanhuwo zvavo venyika” uyewo, mumapoka madiki, vatungamiri vezvinamato (vaFarisi, vanzveri vemagwaro, vaSadhusi, zvichigonawo neavo vebande ravaJudha raidzidza kusafarira zvepanyika).

6:4” Pasika, mutambo wavaJudha” Nzira imwe yoga yokugona kuziva urefu hwenguva youshumiri hwaJesu ndeyokurava mitambo yepasika iyo inorehwa muvhangeri yaJohani (wokutanga, muna2:13; wepiri, muna. 6:4; wetatu, muna. 11:55 na 13:1). kana Johani. 5:1 ichitaura nezvePasika, naizvozvo tinova namakore matatu nechidimbu kana mana oushumiri hwaJesu. Pane zvinhu vzkawanda zvatisingazviv pamusoro poupenyu hwaJesu (cf. 20:30; 21:25).

6:6” Akareva izvozvo kuti amuedze” Izwi rechiGiriki riripano rokuti” kuedza” (*peirazō*) rinowanzova nechirevo chouipi (tarira nhaurwa inkosha panaJohani. 4:1, cf. Mako. 4:1). Uyu ndiwo muenzaniso wakanaka wokuratidza kuti vapirikiri vemazuva ano vanoedza kumanikidzira mazwi etestamende itsva kuti ave nedudziro imwechete. Mutauro werurimi rweKoineGreek

wakanga uchirasikirwa zvikuru nezvivakamutauro pamwe nemisiyaniso yemazwi emutauro wchiGiriki chakare (cf. chinyorwa pa 5:20).

Jesu akanga achiedza Firipi, asi nenzira ipi?

1. Mukutenda kwake munaJesu seanopa?
2. Muruzivo rwake rwetestamende yekare (cf. Numeri. 11:13, pamubvunzo waMosesi kunaMwari pamusoro pokupa kudya) ?
3. Pakutaririra nokuda kwake gungano?

6:7

NASB, NKJV, JB “Zvamadhanaru mazana maviri”

NRSV “Muhoro wemwedzi mitanhatu”

TEV “Sirivheri mazana maviri”

Dhinari rairingana nemuhoro wemushandi wezuva rimwechete (cf. Mateu. 20:1) pamw nemuuto. Iyi mari inorehwa pano yaisvika zvikamu zviviri kubva muzvitatatu zvemuhoro wegore rose.

NHAURWA INOKOSHA: MUSVO WAISHANDISWA MUPARASTINA PANGUVA YAJESU

- I. Musvo wemhangura
 - A. Kerima (*cherma*) —yaiva isina hukoshi (cf. Johani. 2:15)
 - B. Karikosi (*chalchos*) —yaiva isina ukoshi (cf. Mateu. 10:9; Mako. 12:41)
 - C. Asariyoni (*assarion*) —uyu waiva musvo wemhangura wechiRoma waiva noukoshi hwaiita chimwe chichiringana nezvikamu gumi nezvitanhatu zvemadhanari (cf. Mateu. 10:29)
 - D. Kodhirande (*kodrantes*) —Uyu waiva musvo wemhangura wechiRoma, chikamu chimwe chawo chairingana nezvikamu makumi matanhatu zvemadhanare (cf. Mateu. 5:26)
 - E. Repitoni (*lepton*) —uyu waiva musvo wemhangura wechiRoma, chikamu chimwe chawo chairingana nezvikamu zana nemakumi maviri ane zvisere zvamadhanari (cf. Mako. 12:42; Ruka. 21:2)
 - F. Kwadhirani/peni (*quadrans/farthing*) —musvo wemhangura wechiRoma waiva usina hukoshi
- II. Musvo wesirivheri
 - A. Ndarira (*arguros*) (musvo wesirivheri) —uyu musvo wesirivheri waiva noukoshi hunopfuura hwemusvo wemhangura (cf. Mateu. 10:9; 26:15)
 - B. Dhenari (*denarius*) —uyu waiva musvo wesirivheri wechiRoma wairingana nebasa rezuva rimwe (cf. Mateu. 18:28; Mako. 6:37)
 - C. Dhirakema (*drachme*) —musvo wesirivheri wechiGiriki uyo unoenzana paukoshi nedhenari (cf. Ruka. 15:9)
 - D. Dhirakime mbiri (*di—drachmon*) —uyu musvo waiva madhirakime maviri uchiringana nechikamu chepakati nepakati peshekeri rechiJudha (cf. Mateu. 17:24)
 - E. Sitaterimo (*starte*) —musvo wesirivheri unoringana nemadhanari mana (cf. Mateu. 17:27)
- III. Musvo wendarama—makuruso (*chrusos*) (“musvo wendarama”) —uyu ndiwo musvo waiva noukoshi hwepamusoro (cf. Mateu. 10:9)
- IV. Mazwi aishandiswa kureva uremu hwesimbi

- A. *Mnaa*—mururimi rwechiLatin zvonreva *mina*, huremu hwesimbi hunoringana nemadhenari zana (cf. Ruka. 19:13)
- B. *Talanton*—chipimo chouremu chechiGiriki (cf. Mateu. 18:24; 25:15, 16, 20, 24, 25, 28)
 - 1. Sirivheri unokwana madhenari zviuru zvitanhatu
 - 2. Ndarama inokwana madhenari zviuru zana zvine zviuru makumi masere
- C. *Shekeri*—huremu hwesirivheri hwechiJudha hwemutestamende yekare (cf. Genesi. 23:15; 37:28; Ekisodho. 21:32)
 - 1. *Pim*—zvikamu zviviri kubva muzvitanhatu zveshekeri
 - 2. *Beka*—chikamu chepakati nepakati peshekeri
 - 3. *Gerah*—ringanidzo yezvikamu makumi maviri kuchimwe cheshekeri

Zvipimo zvikuru

- 1. *Maneh*—mashekeri makumi mashanu
- 2. *Kikkar*—mashekeri zviuru zvitatu

6:8-9” Andireya, munun’una waSimoni Petirosi” chirevo chechinyorwa chino chinoratidza zvakanaka kutenda noruvimbo rwaAndireya mukugona kwaJesu.

6:9” Zvingwa zvebhari” Ichi ndicho chingwa chainge chisingatengwi nemutengo wepasi uye chaisafarirwa nevanhu. Chaiva kudya kwevarombo. Jesu haana kushandisa masimba ake kupa kudya kunodhura!

6:10” Garisai vanhu pasi” Patsika dzavo vanhu ava vaidya vakagara pasi kana patafura yainge yakagadzirwa yakagonyoroka.

▣ **“Kwakanga kunouswa huzhinji ipapo”** uku kutaura kwechapupu chakaona zvachinotaura.

▣ **“Naizvozvo varume vakagara pasi, kuwanda kwavo kunenge zviuru zvishanu”** Hachingavi chokwadi kutaura kuti apa pakapiwa kudya vanhu zviuru zvishanu nokuti zviripachena kuti vanhu vaiva vakawanda kudarika zviuru zvishanu musi uyu. Zviuru zvishanu ndihwo huwandu hwakangoshandiswawo uye ndehwe varume vakuru chete (kureva., vane makore gumi nematatu nokudarika) uye huwandu uhwu hausanganisire madzimai nevana (cf. Mateu. 14:21) Zvisineyi, hazvinyatsozivikanwi kuti madzimai nevana vangani vangadai vakanga varipowo (cf. Mateu. 14:21).

6:11” Akavonga akazvipa vakanga vagere pasi” Chishamiso chokuwanziridza chinofanira kuva chakaititkira mumaoko aJesu. Muchirevo chetariro youMesiasi hwaitarisirwa navaJudha, ichi chaifanira kuva chiratidzo chokuti Jesu aipa kudya sezvakaitwa naMosesi achipawo mana.

Izwi rechiGiriki rokureva “kuvonga” (*eucharisteō*) ndiro rakazova izwi rokureva kudya kwemanheru kwepedzisira (cf. 1vaKorinde. 11:23-24). ko Johani akarishandisawo pano nemaonero eramangwana aya mumurangariro wake here?Dzimwe vhangeri idzo dzisnga tsigiri zvechirevo chomuvongi, dzinoshandisa izwi rakasiyana neiri rokuti (*eulogeō*, cf. Mateu. 14:19; Mako. 6:41). Dzinoshandisa izwi rokuti *eucharisteō* (cf. Mateu. 15:36; Mako. 8:6; Ruka. 17:16; 18:11) asi kwete zvakatsetseka muchimiro chekudya kwemanheru kwepedzisira. Dzinoshandisa

izwi rimwero kutsanagura munamato wokuvonga waJesu ari muimba yepamusoro (cf. Mateu. 26:27; Mako. 14:23; pamwe naRuka. 22:17-19). Naizvozvo, sezvo mashandisirwo asina kufanana, Johani anogona kunge akada kuratidza chirevo chake zvakajeka, kana vaverengi vaizotevera vaifanira kupirikira izvi muchimiro chokuvonga!

6:12 “Kurasika” Tarira nhaurwa inokosha :*Apolumi* pa 10:10.

6:13 “Ipapo vakazviunganidza vakazadza matengu gumi nemaviri” Izwi rokuti” dengu” pano rinoreva tswanda huru huru. Zvinokosha kuti Jesu haana kutambisa kumwe kwekudya kwakawanziridzwa uku. Kana kuti haana kushandura mhando yechingwa ichocho.

Ko izwi rokuti “gumi nembiri “ringava nechirevo chinokosha here?Zvakaoma kuva nechokwadi. Zvakapirikirwa sokureva madzinza gumi nemaviri eIsiraeri (Jesu anozadzisa testamende yekare) kana kuti dengu roga roga richimirira mudzidzi woga woga (Jesu anogutsa pamwe nokupa vadzidzi vake), asiwo kunogona kungovawo kutaura kweakaona (sendima. 19).

NHAURWA INOKOSHA:MURAUDZO WE GUMI NEMBIRI

Gumi nembiri ndiwo wagara uri muraudzo unokosha pakuronga

A. Kunze kwebhaibheri

1. Zviratidzo gumi nezviviri zvechirevo chenyeredzi
2. Mwedzi gumi nemiviri yegore

B. Mutestamende yekare (BDB 1040 pamwe na797)

1. Vanakomana vaJakobho (madzinza gumi nemaviri eIsiraeri)
2. Zvinoreshwa mu
 - a. Mitsigo gumi nemiviri yeAritari munaEkisodho. 24:4
 - b. Ndaza gumi nembiri pachishongo chepachipfuva chomupirista (idzo dzinomirira madzinza) munaEkisodho. 28:21
 - c. Zvingwa gumi nezviviri munzvimbo tsvene yeTabhanekeri munaRevhitiko. 24:5
 - d. Vasori gumi nevaviri vakatumwa kukenani munaNumeri. 3 (dzinza roga roga richimirirwa nomumwechete)
 - e. Tsvimbo gumi nembiri (dzemadzinza) pakupanduka kwaKora munaNumeri. 17:2
 - f. Mabwe gumi nemaviria Joshua, munaJoshua. 4:3, 9, 20
 - g. Nharaunda gumi nembiri dzoutongo hwaSoromoni munaI Madzimambo. 4:7
 - h. Mabwe gumi nemaviri e aritatri yaErija yaakaitira Mwari’YHWH’ munaI Madzimambo. 18:31

C. Mutestamende itsva

1. Kusarudzwa kwevadzidzi gumi nevaviri
2. Matengu echingwa gumi nemaviri (mupositori mumwe nomumwe aine rake rakanagana naye) munaMateu. 14:20
3. Zvigarozvoushe gumi nazviviri izvo zvinogarwa navadzidzi vetestamende itsva (kureva madzinza gumi nemaviri eIsiraeri) munaMateu. 19:28
4. Mapoka engirozi gumi nemaviri okiutakanura Jesu munaMateu. 26:53
5. Chirevo chaZvakazarurwa
 - a. Vatungamiri makumi maviri nevana pazvigarozvoushe makumi maviri nezvina muna. 4:4

- b. Zviuru zana nemakumi mana nena (144, 000) kureva zviuru gumi nezviviri zvakapetwa rugumi nembiri (12*12, 000) muna. 7:4; 14:1, 3
- c. Nyeredzi gumi nembiri pakorona yemukadzi muna. 12:1
- d. Misuo gumi nemiviri, ngirozi gumi nembiri dzichiratidza madzinza gumi nemaviri muna. 21:12
- e. Mabwe gumi nemaviri ehwaro hweJerusarema idzva uye akanyorwa mazita evadzidzi gumi nevaviri muna. 21:14
- f. Nhandare gumi nembiri muna. 21:16 (hukuru hweguta idzva, Jerusarema idzva)
- g. Mudhuri unourefu hwezvipimo zvemakubiti zana nemakumi mana anena muna. 21:17
- h. Misuo yamapera gumi nemiviri muna. 21:21
- i. Miti yomuJerusarema iyo ine mhando dzezvibereko gumi nezviviri (chibereko choga choga chichimirira mwedzi woga woga wegore) muna. 22:2

6:14 “Uyu muporfita” Izvi zvinotsigira nyaya yaMesiasi inorehwa munaDhuteronomi. 18:15-22 (cf. Mabasa. 3:22; 7:37). Ruzhinji rwaibvuma samba raJesu asi rwusinga nzwisise chimiro chebasa nezviratidzo zvake.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :6:15

¹⁵Zvino Jesu zvaakaziva kuti voda kuuya kuzomubata nesimba kuti vamuite mambo, akabvazve, akaenda mugomo ari oga.

6:15 Ruzhinji rwakanga rwafadzwa zvikuru nechishamiso chaJesu chokupa vanhu kudya. Ndima iyi inogona kuva nesungano nowakaipa anorehwa munaMateu. 4:3.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :6:16-21

¹⁶Zvino ava madekwana, vadzidzi vake vakaburukira kugungwa; ¹⁷vakapinda muigwa, vakatanga kuyambuka gungwa kuenda Kapenaume. Zvino kwakanga kwasviba, asi Jesu akanga asati asvika kwavari. ¹⁸Gungwa rikatanga kumutswa nemhepo huru yaivhuvhuta. ¹⁹Zvino vakati vakwasva zvikuru masitadhia anenge makumi maviri namashanu, kana makumi matatu, vakaona Jesu achifamba pamusoro pemvura, achiswadera pedyo neigwa; vakatya. ²⁰Asi iye akati kwavari, “Ndini musatya.”²¹Zvino vakafara kumugamuchira muigwa, igwa rikasvika pakarepo kunyika kwavakanga vachienda.

6:17” Kapenaume” Uku ndiko kwaigara Jesu panguva youshumiri hwake muGaririya nokuda kwokusatenda muguta rokwake reNazareta (cf. Ruka. 4:28-29).

6:19” vakati vakwasva zvikuru masitadhia anenge makumi maviri namashanu kana makumi matatu” Vakanga vava nechapakati pegungwa pakauya Jesu kwavari achifamba pamusoro pemvura. Mateu anowedzerawo rondedzero iyi nokunyora kuti Petirosi akafambawo pamusoro pemvura achienda kunaJesu.

☐ **“vakatya”** vadzidzi ava vakanga vachiri kupima Jesu nezvipimo zvepanyika. Kutya kwevadzidzi ava kunonyatsoratidzwa munaMako. 6:49. Huremu hwe” zviratidzo” zvose izvi ndihwo hwakaita kuti vatange kutarisa Jesu nenzira itsva.

6:20 “Ndini” Izvi zvinoreva kwazvo kwazvo (*egō eimi*) “ndini iye” (cf. 4:26; 8:24, 28, 54-59; 13:19; 18:5-6) izvo zvinoreva zita raMwari rechisungo mutetsamende yekare, YHWH Mwari wemunaEkisodho. 3:12-15. Jesu ndiye” ndini iye “anoonekwa, kuzviratidza kwakazara kwaMwari, zimukadzimu reshoko (inzwi) raMwari, Mwanakomana wezvokwadi mumwe oga. Tarira tsanangudzo yechina (D) munhaurwa inokosha inotevera.

NHAURWA INOKOSHA: MAZITA OUMWARI

A. *El* (BDB 42, KB 48)

1. Zita remabviro rouMwari harinyatsozivivkanwi, Nyangwe zvazvo vanzveri vemagwaro vazhinji vachitenda kuti rinobva mururimi rwechiAkkadian rokureva kuti” kuva nesimba” kana kuti “kusimbarara” (cf. Genesi. 17:1; Numeri. 23:19; Dhuteronomi. 7:21; Mapisarema. 50:1).
2. Mutemberi dzekenani, Mwari mukuru ndiye anonzi ‘*El*’ (kubva muzvinyorwa zveRas Shamra)
3. Mubhaibheri dzitsi rokuti ‘*El*’ haribatanidzwe nemamwe mazwi. Mibatidzwa iyi ndiyo yakazova nzira yokutsanangura maitiro aMwari.
 - a. *El—Elyon* (Mwari mukuru kuru, BDB 42 na751 2), Genesi. 32:8; Isaya. 14:14
 - b. *El—Roi* (“Mwari anoona” kana kuti” Mwari anozviratidza, “BDB 42 na 909), Genesi. 16:13
 - c. *El—Shaddai* (“Mwari samasimba” kana kuti “Mwari anetsitsi” kana kuti” Mwari wepagomo, “BDB 42 na 994), Genesi. 17:1; 35:11; 43:14; 49:25; Ekisodho. 6:3
 - d. *El—Olam* (Mwari nokusingaperi, BDB 42 na 761), Genesi. 21:33. Pazvidzidzo zvouMwari, izwi iri rine sungano nevimbiso yaMwari kuna Dhavhiti, 2Samueri. 7:13, 16
 - e. *El—Berit* (“Mwari wechisungo, “BDB 42 na 136), vaTongi. 9:46
4. Dzitsi rokuti *El* rinoringanidzwa ne
 - a. YHWH munaMapisarema. 85:8; Isaya. 42:5
 - b. *Elohim* munaGenesi. 46:3; Jobho. 5:8, “*El*, iye ‘*Elohim*’ ndini iye wamadzibaba enyu
 - c. *Shaddai* munaGenesi. 49:25
 - d. “ane godo” munaEkisodho. 34:14; Dhuteronomi. 4:24; 5:9; 6:15
 - e. “ane tsitsi” munaDhuteronomi. 4:31; Nehemiya. 9:31.
 - f. “iye mukuru anoshamisa” munaDhuteronomi. 7:21; 10:17; Nehemiya. 1:5; 9:32; Dhanieri. 9:4
 - g. “ruzivo” muna 1Samueri. 2:3
 - h. “utiziro hwangu” muna2 Samueri. 22:33
 - i. “anonditsivira” muna2 Samueri. 22:48
 - j. “iye mutsvene” munaIsaya. 5:16
 - k. “samba” munaIsaya. 10:21
 - l. “ruponeso rwangu” munaIsaya. 12:2
 - m. “mukuru anesimba” munaJeremiya. 32:18
 - n. “kuripira” munaJeremiya. 51:56
5. Mubatanidzwa wemazwi ose aMwari emutestamende yekare unowanikwa munaJoshua. 22:22 (*El, Elohim, YHWH, akadzokororwa*)

B. *Elyon* (BDB 751, KB 832)

1. Chirevo charo chaicho ndechekuti” pamusoro, ““kurumbidzwa” kana” kusimudzwa” (cf. Genesi. 40:17; 1Madzimambo. 9:8; 2Madzimambo. 18:17; Nehemiya. 3:25; Jeremiya. 20:2; 36:10; Mapisarema. 18:13).
2. Rinoshandiswa muringanidzo yemamwe mazita aMwari akawanda.
 - a. *Elohim*—Mapisarema. 47:1-2; 73:11; 107:11
 - b. *YHWH*—Genesi. 14:22; 2 Samueri. 22:14
 - c. *El—shaddai*- Mapisarema. 91:1, 9
 - d. *El*—Numeri. 24:16
 - e. *Elah*—rinoshandiswa kazhinji munaDhanieri. 2-6 naEzira. 4-7, riine sungano nezwi rokuti ‘*illair*’ (rinova izwi rechiAramaic rinoreva kuti” Mwari wokumusoro”) munaDhanieri. 3:26; 4:2; 5:18, 21
3. Rinonyanya kushandiswa neavo vasiri vaIsiraeri.
 - a. Merekizedheki, Genesi. 14:18-22
 - b. Bharamu, Numeri. 24:16
 - c. Mosesi, achitaurane zveamarudzi munaDhuteronomi. 32:8
 - d. Vhangeri yaRuka mutestamende itsva, achinyorera vaHedheni, anoshandisawo izwi rinofambirana neiri rechiGiriki rokuti *Hupsistos* (cf. 1:32, 35, 76; 6:35; 8:28; Mabasa. 7:48; 16:17)

C. *Elohim* (riri muuwandu), *Eloah* (riri mumwe), rinoshandiswa zvikuru munhetembo (BDB 43, KB 52)

1. Izwi iri rinowanikwa mutestamende yekare chete.
2. Izwi iri rinogona kunan’anura Mwari waIsiraeri kana vamwari vedzimwe ndudzi (cf. Ekisodho. 12:12; 20:3). Vemhuri yaAbhurahamu vainamata vamwari vakawanda (cf. Joshua. 24:2)
3. Rinogona kureva vatongi veIsiraeri (cf. Ekisodho. 21:6; Mapisarema. 82:6)
4. Izwi rokuti *Elohim* rinoshandiswawo kureva mimwe mweya (ngirozi, madhimoni) semunaDhuteronomi. 32:8 (LXX) :Mapisarema. 8:5; Jobho. 1:6; 38:7.
5. Mubhaibheri ndiro zita rouMwari rokutanga (cf. Genesi. 1:1). Rinoshandiswa riri roga kusvika munaGenesi. 2:4, umo rinozobatanidzwa nerokuti’YHWH.’Pazvidzidzo zvouMwari izwi iri rinoreva kwazvo kwazvo Mwari semusiki, muchengeti nomupi woupenyu hwose pane rinopasi. (cf. Mapisarema. 104).

Izwi iri rinofanana nerokuti *El* (cf. Dhuteronomi. 32: 15- 19). Rinogona kufambirana nerokuti YHWH sekufambirana kwarinoita nerokuti (*Elohim*) munaMapisarema. 14, iyo inofanana kwazvo kwazvo naMapisarema. 53 (YHWH), kunze kwekushanduka kwemazita outsvene.

6. Nyangwe zvaro riri muuwandu (PLURAL) uye richishandiswa kureva vamwe vamwari, izwi iri rinonyanya kunan’anura Mwari weIsiraeri, asi kazhinji rinenge riine izwi rechiito rinodomwa humwe senzira yokureva kushandiswa kwokureva Mwari mumwechete.
7. Izwi iri rinowanikwawo richitaurwa neavo vasiri vaIsiraeri sezita rokureva uMwari.
 - a. Merekizedheki, Genesi. 14:18-22
 - b. Bharamu, Numeri. 24:2
 - c. Mosesi, achitaura nezvendudzi, munaDhuteronomi. 32:8.
8. Zvinoshamisa kuti zita rinoshandiswa kureva Mwari mumwe wavaIsiraeri

anotaurwa arimuchimiro chouwandu (PLURAL) Inyangwe zvazvo zvisingaso nyatsozivikanwi, heano mafungiro aripo

- a. Rurimi rwechiHebheru rune zvimiro zvouwandu zvakawanda, ayo anonyanya kushandiswa sekumikmidzo. Zvinesungano neizvi ndizvo zvivakamutauro zverurimi rwechiHebheru, izvo zvinodanwa kuti” chimiro chouwandu chokureva ruremekedzo, “apo chimiro chouwandu chinoshandiswa kukudza maonero.
- b. Izvi zvinogona kureva dare rengirozi, iro rinosangana naMwari kudenga uye rinomumiririra (cf. 1Madzimambo. 22:19-23; Jobho. 1:6; Mapisarema. 82:1; 89:5, 7).
- c. Izvi zvinogonawo kureva ratidzo yetestamende itsva mumwechete muvanhu vatatu. MunaGenesi. 1:1 Mwari anosika; Genesi. 1:2, Mweya unogarira, uye kubva kutestamende itsva Jesu ndiye mumiririri waMwari baba pakusika (cf. Johani. 1:3, 10; vaRoma. 11:36; 1vaKorinde. 8:6; vaKorose. 1:15; vaHebheru. 1:2; 2:10).

D. YHWH (BDB 217, KB 394)

1. Iri ndiro zita rinoreva huMwari saMwari anoita chisungo; Mwari semuponesi, mudzikinuri!vanhu vanotyora zvisungo, asi Mwari akavimbika kushoko rake, vimbiso (cf. Mapisarema. 103).

Zita iri rinotanga kutaurwa richibatandiswa nerokuti *Elohim* munaGenesi. 2:4. Hakuna nyaya dzokusika mbiri munaGenesi. 1-2, asi mune kumikidzo mbiri (1) Mwari somusiki wepasi rose (nyika nezvinobatika) ne (2) Mwari somusiki wamandorokwati wevanhu. Genesi. 2:4-3:24 dzinotanga nyaya inokosha yechinzvimbo chevanhu chokudiwa naMwari pamwe nechinangwa chavo kwaari, pamwewo nedambudziko rechivi noupanduki uhwo hune chokuita nechinzvimbo ichi.

2. MunaGenesi. 4:26 zvinonzi” vanhu vakatanga kudana zita raMwari” (YHWH). Zvisineyi, Ekisodho. 6:3 inoti vanhu vakare vechisungo (madzibaba nemhuri dzavo) vaingoziva Mwari achinzi *El-shaddai*. Zita rokuti YHWH rinotsanangurwa kamwechete koga munaEkisodho. 3:13-16, kunyanya ndima. 14. Zvisinei, zvinyorwa zvaMosesi, zvinopirikira mazwi nenzira yedambanemazwi yokuti izwi iroro rinonyanya kushandiswa zvakadii, kwete mabviro nezvirevo zvawo (cf. Genesi. 17:5; 27:36; 29:13-35). Pane mafungiro akawanda pamusoro pokuti izwi iri rinorevei (zvaktorwa mu IDB, chinyorwa chepiri, pp. 409-11).
 - a. Mabviro emutauro wechiArab, “kuratidza rudo rwemandiriri”
 - b. Mabviro emutauro wechiArab” kuvhuvhuta” (YHWH achitsanangurwa saMwari wedutu)
 - c. Mabviro erurimi rwechiUgartic (chiKenani) “kutura”
 - d. Mabviro orunoro rwechiFenike (Phoenician inscription), rinoreva chirevanguva chine munongedzo wehuhonzeri kureva “iye anochengeta, “kana kuti” iye anodzika”
 - e. Mabviro edzitsi rechiHebheru rokuti *qal* rinoreva kuti” iye ari” kana kuti “iye aripo” (muchirevo cheramangwana, “iye achavapo”)
 - f. Mabviro echiHebheru echimiro chezwi rokuti *Hiphil* rinoreva kuti” iye anoitisa”
 - g. Mabviro echiHebheru “kurarama” (semuna., Genesi. 3:20), kureva kuti” anorarama nokusingaperi, iye oga anorarama”

- h. Kubva muchirevo chechinyorwa chaEkisodho. 3:13-16, pane dambe rinoitwa nechirevo chechimiyo chezvakaikita chichishandiswa muchirevo chezvakaikita uye zviine zvibereko zviripo, “ndicharamba ndiri zvandaiva “kana” ndicharamba ndiri zvandagara ndiri” (cf. kubva mugwaro ravaJ Watts rinonzi ongororo yemuvanzarira wezvirevo zvezvivakamutauro zvetestamende yekare. *A Survey of Syntax in the Old Testament*, pp. 67). Zita rakazara rokuti YHWH rinogaro taurwa riri muchidimbu kana muchimiyo charo chemabviro.
- 1) *Yah* (sokuti., Hallelu-yah, BDB 219, cf. Ekisodho. 15:2; 17:16; Mapisarema. 89:8; 104:35)
 - 2) *Yahu* (“iah” ‘ya’kupedzisa mazita[chivakashure], sokuti., Isaya)
 - 3) *Yo* (“jo” kutanga mazita [chivakamberi]sokuti., Joshua kana Joere).
3. MuchiJudha chakazouya zita iri rechisungo, nokuda kwoutsvene hwaro (zita risingataurwe, ‘tetragrammaton’) vaJudha vaitya kuritaura nokuti vaizotyora murayiro wemunaEkisodho. 20:7; Dhuteronomi. 5:11; 6:13. Naizvozvo vakaritsiva nezwi rechiHebheru rokuti” muridzi, ““tenzi, “murume, ““ishe” — *adon* kana *adonai* (ishe wangu). Pavaisvika paizwi rokuti YHWH, vachiverenga zvinyorwa zvetestamende yekare vaidana kuti” ishe.”Ndizvo zvakaikita kuti izwi rokuti YHWH, rinyorwe richinzi ISHE mushandurudzo dzechirungu.
4. Sezvinoitwa izwi rokuti *El*, izwi rokuti YHWH, rinonyanya kubatanidzwa nemamwe mazwi senzira yekukumikidza mamwe maitiro aMwari wechisungo weIsiraeri. Apowo paine mimwe mibatandiswa yakawanda yemazwi, heino mimwe yacho.
- a. *YHWH—Yireh* (‘YHWH’Mwari achapa, BDB 217 na 906), Genesi. 22:14
 - b. *YHWH—Ropheka* (‘YHWH’Mwari murapi wako, BDB 217 na 950, CHIREVANGUVA *qal*), Ekisodho. 15:26
 - c. *YHWH—Nissi* (‘YHWH’Mwari anondidzivirira, BDB 217 na 651), Ekisodho. 17:15
 - d. *YHWH—Meqaddishkem* (‘YHWH’Mwari iye anokuita mutsvene, BDB 217 na 872, CHIREVANGUVA cha *piel*), Ekisodho. 31:13
 - e. *YHWH—Shalom* (‘YHWH’Mwari ndiye rugare, BDB 217 na 1022), vaTongi. 6:24
 - f. *YHWH—Sabbaoth* (‘YHWH’Mwari wehondo, BDB 217 na 878), 1 Samueri. 1:3, 11; 4:4; 15:2; kazhinji mumaporofita
 - g. *YHWH—Ro’I* (‘YHWH’Mwari ndiye mufudzi wangu, BDB 217 na 944, CHIREVANGUVA cha *Qal*), Mapisarema. 23:1
 - h. *YHWH—sidqenu* (‘YHWH’Mwari ndiye kururama kwedu, BDB 217 na 841), Jeremiya. 23:6
 - i. *YHWH—shammah* (‘YHWH’Mwari aripo, BDB 217 na 1027), Ezekieri. 48:35

6:21 “Igwa rakasvika pakarepo kunyika kwavakanga vachienda” Ichi chimwewo chishamiso (cf. 22-25) sezvo vhangeri yaMako ichiti vakanga vakwasva chidimbu chepakati nepakati chekwavaienda (cf. Mako. 6:47). Zvisinei, izvi hazvina kutaurwa munedzimwe vhangeri (kureva., Mateu. 14:32 kana Mako. 6:51).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :6:22-25

²²Ava mangwana vanhu vazhinji vakanga vamire mhiri kwegungwa, vakaona kuti pakanga pasina rimwe igwa duku ipapo, asi iro rimwe makanga mapinda vadzidzi vake, mariri, uye kuti Jesu haana kupinda muigwa navadzidzi vake, asi kuti vadzidzi vake vakanga vaenda voga. ²³ (Asi mamwe magwa maduku akanga abva Tibheriasi, akasvika pedyo nepavakadyira zvingwa, Ishe ambovonga). ²⁴Zvino vanhu vazhinji vakati vaona, kuti Jesu haapo, navadzidzi vake, vakapinda vamene mumagwa maduku vakasvika Kapenaume, vachitsvaka Jesu.

²⁵Zvino vakati vamuwana mhiri kwegungwa, vakati kwaari, “Rabhi, mauya pano riniko?”

6:23” Tibheriasi” Guta rakanga ravakwa namambo Herodhi Antipas mugore raA. D 22 uye ndiro rakazova guta guru rake.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :6:26-34

²⁶Jesu akavapindura akati, “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, hamunditsvaki nokuti makaona zviratidzo, asi nokuti makadya zvingwa mukaguta. ²⁷Musabatira basa kutsvaka zvokudya zvinopera, asi batirai basa kuti muwane zvokudya zvinogara kuupenyu husingaperi, zvamuchapiwa naMwanakomana womunhu; nokuti baba, Mwari, vakaisa chisimbiso kwaari, ²⁸Zvino vakati kwaari, “Tichaiteiko, kuti tibate mabasa aMwari?” ²⁹Jesu akapindura, akati kwavari, “Basa raMwari ndiro kuti mutende kuna iye waakatuma.”

³⁰Zvino vakati kwaari, “Munoita chiratidzo chipiko, kuti tione, tikutendei?”³¹Madzibaba edu akadya mana murenje, sezvazvakanyorwa, zvichinzi, ’akavapa chingwa chikabva kudenga, kuti vadye.’ “

³²Zvino Jesu akati kwavari, “Zvirokwazvo, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, akanga asi iye Mosesi, akakupai chingwa chakabva kudenga, asi ndibaba vangu vanokupai chingwa chechokwadi, chinobva kudenga. ³³Nokuti chingwa chaMwari ndicho chinoburuka kudenga, chinopa pasi upenyu.”

³⁴Zvino vakati kwaari, “Ishe, tipei chingwa ichi misi yose.”

6:26, 32, 53 “zvirokwazvo, zvirokwazvo ndinoti kwamuri” “Ameni, ““Ameni.”Uyu ndiwo mutsara wechiHebheru uyo unoshandiswa nenzira nhatu dzakasiyana.

1. Mutestamende yekare izwi iri raishandiswa kureva” ruvimbo.”Chimiro charo chechibhende chaireva” kusimba” uye chaishandiswa kutsanangura rutendo rwemunhu munaMwari’YHWH.’
2. Mashandisiro aJesu ndookuratidza kuturwa kwemitsara inokosha. Hatina mamwe mashandisirwo ezwi rokuti “Ameni” nenzira iyi atinoziva.
3. Mukereke yokutanga, semutestamende yekare, rakazoshandiswa seizwi rokuratidza kubvumirana kana kutsigira.

Tarira nhaurwa inokosha:Ameni pa 1:51.

“**Nokuti makadya zvingwa** “Dengenyedzo raiva repanyama uye renguva iyoyo, kwete repamweya uye nokusingaperi.

“**Mukaguta**” Izwi iri raireva kuti “kuzvimbirwa, “raiwanzishandisirwa pamhuka (kunyanya mombe).

6:27 “Musabatira basa” Ichi ndicho chirevo chokureva zvirikudokwairirwa kuita chine chirevanguva chetsiudzo icho chinowanzoreva kumiswa kwezvirikuitika. Hwaro hwemuvaravra uyu hwemutestamende yekare ndiIsaya. 5. Nhaurirano iyi inofanana zvikuru neiya yemukadzi pastime yemunaJohani. 4.

“zvinopera” Tarira nhaurwa inokosha :*Apllumi* pa10:10.

“Vakaisa chisimbiso” Izvi zvinoreva kwazvo kwazvo kuti” kuisa munembo.”Ichi chaiva chiratidzo chokuva wezvokwadi, kuva muridzi, masimba, uye kudzivirira (cf. NEB uye Mateu. 28:18; Johani. 17:2). Bhaibheri reTEV nereNIV anoshandurudza mutsara uyu sokureva kuti” mvumo” sezvo richishandiswa kureva mvumo yaMwari baba kuushumiri hwaJesu. Tarira nhaurwa inokosha:chidhindo/munembo pa 3:33, apo rinogona kureva Mweya mutsvene.

6:28 “Zvino tichaiteiko kuti tibate mabasa aMwari” Uyu ndiwo waiva mubvunzo mukuru muchiJudha chemakore zana okutanga (cf. Ruka. 18:18). MuJudha ainamata ainzi akarurama kunaMwari maringe ne (1) dzinza rake pamwe (2) mabasa ake pamurayiro waMosesi sokupirikirwa kwawaitwa negwaro retsika nemagariro rechiJudha (Talmud).

6:29 “Ndiko kuti mutende kunai ye waakatuma” Mutsara uyu uneshongedzo yezvinofanira kuitwa zvino neramangwana ichiteverwa neshongedzo yezvakaitwa. Izwi rokuti” tenda” rinokosha pakunzwisisa dzidzso yetestamende itsva pamusoro peruponeso. Tarira nhaurwa inkosha pa2:23. Munongedzo wechirevo chezwi iri ndecheruvimbo rwokuzvidira. Mutsumbutsumbu wezwi rechiGiriki rokuti *pistis* unogona kushandurudzwa uchireva kuti” tenda, ““vimba” kana “kutenda.”Nyaya huru yokutenda kwevanhu inofanira kuva ye” Maari” (cf. 1:12; 3:16), kwete chokwadi chavanhu, kuzvipira kana kushingaira kwavo. Munongedzo wemuvaravara uyu ndowe ukama hwepauzima naJesu Kristu, kwete zvidzidzo zvouMwari pamusoro pake, kana kupira kwezvekunamata kunotarirwa, kana kurarama kunounhu. Zvinhu zvose izvi zvinobatsira asi hazvikoshe. Tarira uone kuti Jesu anoshandura chimior chouwandu chokuti” mabasa” chomubvunzo wavo achichiisa muumwe hwokuti” basa.” Kana uchida kunzwisisa nezveizwi rokuti” tuma” tarira nhaurwa inokosha :Tuma (*Apostellō*) pa 5:24.

6:30-33 Zvinofanira kurangirirwa kuti boka iri rakanga ririwo pachishamiso chokupiwa kudya kwevanhu zviuru zvishanu. Vakanga waitirwa chiratidzo chavo kare!ChiJudha chevaRabhi chaiti Mesiasi anofanira kudzorora zviratidzo zvetestamende yekare, sekupa mana/chingwa (cf. 2Baruki. 29:8). vaRabhi vaishandisa Mapisarema. 72:16 seumbo hwemaonero aya aMesiasi anenge “Mosesi anemasimba makuru” (cf. 1vaKorinde. 1:22).

Pane chivakamutauro chinokosha pakati po” kutenda iye” kwendima. 29 nokuti” tikutendei” kwendima. 30. Kutenda kwokutanga kunoreva kuvakamutsara kwakajaira kuitwa naJohani kwekutenda mu/munaJesu. Iyi inyaya yepauzima. Kwechipiri kunoreva kutenda mashoko nezvinorehwa naJesu, izvo zvinova izvo nyaya yechirevo chechinyorwa. Rangarira kuti, vhangeri ndiye munhu pamwe neshoko. Tarira nhautwa inokosha pa2:23.

6:31 “Sezvazvakanyorwa” Iyi ndiyo shongedzo yechibhende yokushandisa mazwi akawanda kureva chirevanguva chokudoma zvakaitwa uye zviine zierendamberi rezvibereko zviripo (PERIPHRASTIC PERFECT PASSIVE PARTICIPLE). Iyi ndiyo chaiva chimiro

chechivakamutauro chokutura mazwi eshoko akatorwa kutetsamende yekare. Yaiva tsumo yokutsigira tuso nemasimba etestamende yekare. Mazwi aya anogona kureva imwe yezvinyorwa zvakawanda zvetestamende yekare kana mubatanidzwa: Mapisarema. 78:24; 105:40; Ekisodho. 16:4, 15, kana Nehemiya. 9:15.

6:32 Jesu arikutaura pamusoro pezvidzidzo zvouMwari zvakare zvechiJudha. Ivo vaiti Mesiasi aifanira kutia mabasa anoshamisa saMosesi nokuda kwezvakanyorwa munaDhuteronomi. 18:15, 18. Jesu anogadzirisa mafungiro avo pakawanda.

1. Mwari, kwete Mosesi, ndiye akapa mana
2. Mana yaisabva kudenga nyangwe zvazvo zviri izvo zvaifungwa nevanhu (cf. Mapisarema. 78:23-25)
3. Chingwa chezvokwadi chokudenga chaiva iye Jesu amene, uyo aisava chitiko chakare, asi zvokwadi yanhasi

6:33 “Ndicho chinoburuka kudenga” Iri idingindira rinodzokororwa munaJohani (cf. 3:13). Uhwu ndihwo hunyambiri hwaJohani hweringanidzo yokumusoro. Muchirevo chechinyorwa chino dzinza raJesu rinodonongodzwa runomwe (cf. 6:33, 38, 41, 42, 50, 51, 58). Izvi zvinoratidza kuvapo kare kwaJesu, mabviro outsvene (cf. ndima. 33, 38, 41, 42, 50, 51, 58, na 62). Panoitwawo dambetambe ne” mana “iyo yakabva kudenga sezvakaitawo Jesu, anova chingwa chezvokwadi chokudenga, chingwa choupenyu.

Izvi zvinoreva kwazvo kwazvo kuti” chingwa chaMwari ndicho chinoburuka kudenga.”Pano chirevanguva chezvirikuitika chine chimiro chechirume (MASCULINE PRESENT ACTIVE PARTICIPLE) ichi chinoreva (1) “chingwa” kana (2) munhu, Jesu. Muvhangeri yaJohani, mazwi anoreva zvakawanda aya (double entendres) anoitirwa chinangwa.

▣ **“Chinopa pasi upenyu”** Ichi ndicho chinangwa chokuuya kwaJesu (cf. 3:16; Mako. 10:45; 2vaKorinde. 5:21). Vavariro ndeye” upenyu hutsva, ““upenyu nokusingaperi, ““upenyu hwenguva itsva, ““mhando youpenyu hwaMwari” kunyika yakapanduka nokurasika, kwete kurimwewo boka (muJudha /muHedheni, akasarudzwa/asina kusarudzwa, vanotevera zvakare/vanoda shanduko), asi kunavose!

6:34

NASB, NKJV “Ishe”

NRSV, TEV,

NJB, Bhaibheri reNET,

NIV, REB “Changamire”

Mazwi ose ari maviri aya anemuvanzarira wemashandisirwe ezvirevo zveizwi rokuti *Kurios*. Muchirevo chechinyorwa chino tsanangudzoyepiri ndiyo yakanaka. Ruzghinji rwaisanzwisisa Jesu kana mabasa ake. Vaisamuona saMesiasi (tarisawo 4:11; 5:7).

“Tipei chingwa ichimisi yose” Uyu mutsara unofanana nowemukadzi pastime munaJohani. 4:15. VaJudha ava vaisanzwisawo madimikira aJesu. Iri idingindira rinodzokororwa munaJohani.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :6:35-40

³⁵Jesu akati kwavari, “Ndini chingwa choupenyu; anouya kwandiri, haangatongovi nenzara, noanotenda kwandiri haangatongovi nenyota. ³⁶Asi ndakakuudzai, kuti makandiona, asi hamutendi.

³⁷” Zvose baba zvavanondipa zvichauya kwandiri; noanouya kwandiri, handingatongomurasiri kunze. ³⁸Nokuti handina kuburuka kudenga, kuti ndiite kuda kwangu, asi kuda kwoakandituma. ³⁹Kuda kwoakandituma ndiko, kuti pazvose zvaakandipa, ndirege kurasikirwa nomumwechete waakanditurira, asi kuti ndivamutse nezuva rokupedzisira. ⁴⁰Nokuti kuda kwababa vangu ndiko, kuti mumwe nomumwe, anotarira mwanakomana, nokutenda kwaari, ave noupenyu husingaperi; neni ndichamumutsa nezuva rokupedzisira.”

6:35 “Ndini chingwa choupenyu” Uyu ndiwo mumwe wemitsara yokuti” ndini” inowanikwa muvhangeri yaJohani (cf. 6:35, 41, 48, 51; 8:12; 10:7, 9, 11, 14; 11:25; 14:6; 15:1, 5). Vhangeri yaJohani inotarira zvikuru iye Kristu amene. Izvi zvine hochekeche netarisiro yevaJudha pamusoro pemana pamwe nemupi womurawo mutsva uyo achauza kubva muutapwa kutsva (kubva kuzvivi). Tarira chinyorwa pa 8:12.

▣ **“Anouya kwandiri, haangatongovi nenzara, noanotenda kwandiri haangatongovi nenyota”** Idzi itsiudzo mbiri dzakadzama muchiGiriki, “haangatongovi handingatongo” (ndima. 37).

Pane hochekeche yokufambirana pakati pe” anouya” ne” anotenda” (cf. 7:37-38, zvinofanana nokuti” anoona” na “anonzwa”). Zvose ndizvo zvirevanguva zvinoreva zvirikuitika (PRESENT PARTICIPLE). Kuuya nokutenda kwevatendi harusi rutemo rwokuita kamwe chete, asi ndiko kutanga mararamiro oruwadzano, ushamwari nokutevera.

▣ **“Nzara...nyota”** Mifananidzo yenzara nenyota ndiyo yainyanya kushandiswa kutsanangura nyaya yezvokwadi yemweya (cf. Mapisarema. 42:1; Isaya. 55:1; Amosi. 8:11-12; Mateu. 5:6).

6:36 “kuti makandiona” Zvimwe zvapupu zvakare (MSS N, A nezvimwewo zvakawanda zvakare zverurimi rweLatin, zvinyorwa zveVulgate neSyriac) hazvina munongedzo wevara rokuti” ini” izvo zvinobva zvaita kuti mutsva waJesu uyu ureve chiratidzo chake (kureva., kupa zvokudya kuruzhinji). Izwi rinesungano nezita (PRONOUN) rinowanikwa muzvinyorwa zvizhinji zvechiGiriki, zvokuti gwaroreUBS⁴ harina kukwanisa kupa rutemo kuti rwemabviro chaiwo.

6:37 “Zvose baba zvavachandipa zvichauya kwandiri” Nyaya huru yomuvaravara uyu ndeyokutsinhidzira hutongo hwaMwari. Mivaravara inodudza zvakajeka zvokwadi yezvidzidzo zvouMwari iyi ndeinoti vaRoma. 9 navaEfeso. 1:3-14. Zvinofadza kuti muzvirevo zvose zviri zviviri izvi, rudaviro rwomunhu runodiwa zvikuru. VaRoma. 10 inemitsara minomwe inotaura nyaya iyi. Ndizvowo zvinowanikwa munavaEfeso. 2, umo nhaurirano pamusoro penyasha dzaMwari mundima. 1-7 inobva parudano rwekutenda, mundima. 8, 9. Gwara redzidziso yekufanoronga, igwara revakadzikinurwa, kwete chimhinga mupinyi kuna avo vasati vaponeswa. Svumbunuro dzokuvhurisa dzidziso iyi ndirwo rudo nenyasha dzaMwari, kwete mhiko nokusingaperi. Tarira uone kuti vose avo vanopiwa kunaJesu naMwari “vanouya” kwaari. Mwari

ndiye anogaro parura (cf. ndima. 44, 65), asi vanhu vanofanira kudavira (cf. 1:12; 3:16). Tarira nhaurwa inokosha pa3:16.

▣ **“Anouya kwandiri handingatongomurasiri kunze”** Iyi ndiyo imwe tsiudzo yakasimba (DOUBLE NEGATIVE). Izvi zvinokumikidza zvokwadi yokuti Mwari anodana nokugamuchira munhu wose kuburikidza naJesu (cf. Ezekieri. 18:21-23; 30-32; 1Timoti. 2:4; 2Petirosi. 3:9) Mwari ndiye anogaro parura (cf. ndima. 44, 65), asi vanhu vanofanira kudavira (Mako. 1:15; Mabasa. 3:16, 19; 20:21). houno muvaravara unodudza kudzivirirwa (cf. vaRoma. 8:31-39) !

NHAURWA INOKOSHA: SIMBISO YECHIKRISTU

Simbiso i (1) zvokwadi yemubhaibheri (2) kuvapo kwokutenda kwomutendi, ne (3) mararamiro.

A. Hwaro hwesimbiso yemubhaibheri ndiwo

1. Maitiro aMwari baba
 - a. Genesi. 3:15; 12:3
 - b. Mapisarema. 46:10
 - c. Johani. 3:16; 10:28-29
 - d. vaRoma. 8:38-39
 - e. vaEfeso. 1:3-14; 2:5, 8-9
 - f. vaFiripi. 1:6
 - g. 2Timoti. 1:12
 - h. 1Petirosi. 1:3-5
2. Basa raMwari Mwanakomana
 - a. Munamoto wake wouPirisita, Johani. 17:9-24, kunyanya ndima. 12
 - b. Kuzviita chabayiro chetsinhaniso kwake
 - 1) vaRoma. 8:31
 - 2) 2vaKorinde. 5:21
 - 3) 1Johani. 4:9-10
 - c. Ziendamberi rokupindira kwake
 - 1) vaRoma. 8:34
 - 2) vaHebheru. 7:25
 - 3) 1Johani. 2:1
3. Kugonesa kwaMwari Mweya
 - a. Kudana kwake, Johani. 6:44, 65
 - b. Simbiso yake
 - 1) 2vaKorinde. 1:22; 5:5
 - 2) vaEfeso. 1:13-14; 4:30
 - c. simbiso yake amene
 - 1) vaRoma. 8:16-17
 - 2) 1Johani. 5:7-13

B. Rudaviro rwechisungo rwemutendi runodiwa ndiko

1. Kutenda nokutenduka kwokutanga neziendamberi
 - a. Mako. 1:15
 - b. Johani. 1:12
 - c. Mabasa. 3:16; 20:21
 - d. vaRoma. 10:9-13

2. Tichirangarira kuti vavariro yokutenda ndiko kuvasaKristu
 - a. vaRoma. 8:28-29
 - b. vaEfeso. 1:4; 2:10; 4:13
3. Tichirangarira kuti simbiso inoonekwa nemararamiro
 - a. Jakobho
 - b. 1 Johani
4. Tichirangarira kuti simbiso inoonekwa namabasa okutenda pamwe nokutsungirira
 - a. Mako. 13:13
 - b. 1vaKorinde. 15:2
 - c. vaHebheru. 3:14; 4:14
 - d. 2Petirosi. 1:10
 - e. Judhasi. ndima. 20-21

6:38 “Ndakaburuka kudenga” Ichi ndicho chirevanguva chezvakaikwa zvine zvibereko zviripo (PERFECT TENSE) zvichinongedza kuva zimukadzimu (cf. Johani. 1:1ff; vaEfeso. 4:8-10). Uye zvibereko zviripo. Zvinoratidza maviro okudenga aJesu (cf. ndima. 41, 62).

▣ **“kwete kuzoita kuda kwangu, asi kwoakandituma”** Testamende itsva inotaura pamusoro pazvose, kubatana kwaMwari vatatu mumwe (tarira nhaurwa inokosha pa14:26), muenzaniso 14:8-9 uye nokuzvimiririra kwevanhu vatatu vaMwari vatatu mumwe. Ndimu iyi ndiyo zindamberi rekumikidzo yaJohani pamusoro pokuzvirereka kwaJesu kunababa. Ona chinyorwa chakazara pa 5:19. Tarira nhaurwa inokosha:Tuma (*Apostellō*) pa 5:24.

6:39” kuti pazvose zvaakandipa ndirege kurasikirwa nomumwechete” Pane hochekeche iri pachena pakati pechirevo chevara risina kwarakarerekera rir muchimiro chumwe (NEUTER SINGULAR) rokuti” zvose zvaaka” rendima. 37 nevara risina kwarakarerekera riri muchimiro chumwe (NEUTER SINGULAR) rendima. 39. Johani anoshandisa chimiro chezwi ichi chisina kujairika kakawanda (cf. 17:2, 24). Rinoratidza kuva zibatakose zviripachena (cf. ndima. 40, 45). Iyi ndiyo vimbiso huru yokuchengeta kwesimba raMwari, inova ndiyo tsuma resimbiso yechiKristu (cf. Johani. 10:28-29; 17:2, 24, tarira nhaurwa inokosha pana1Johani. 5:13). Tarira uone kuti chirevanguva chezwi rechiito (VERB TENSE) mundima. 37 chiri muchimiro chechirevanguva chezvirikuitika (PRESENT TENSE), ukuwo mundima. 39 chiri muchimiro chazvakaitika zviine zvibereko zviripo (PERFECT TENSE). Chipa chaMwari chiripo!Uyewo tsigiro mbiri dzendima. 39 dzose dzinoreva zvakaikwa (AORIST ACTIVE) ; Jesu haarasikirwe kana nechimwe chezvaakapiwa (ndima. 37 na39) uye pazuva rokupedzisira anomutsa vose vaakapiwa (cf. ndima. 44). Hedzinoi vimbiso dze (1) sarudzo ne (2) kutsungirira!

Aya mafungiro ezuva rokumunyungidzwa (zvose zvakanaka nezvakaipa) anodanwa nemazita akasiyana siyana

1. Mazuva okupedzisira, 6:39, 40, 44, 54; 11:24; 12:48; 2Timoti. 3:1; 1Petirosi. 1:5; 2Petirosi. 3:3
2. Nguva yokupedzisira, 1Johani. 2:18; Judhasi. ndima. 18
3. Zuva iro, Mateu. 7:22; 2Timoti. 1:12, 18; 4:8
4. Zuva, Mabasa. 17:31
5. Zuva guru, Judhasi. ndima. 6
6. Iro Zuva, Ruka. 17:30; 1vaKorinde. 3:13; 1vaTesaronika. 5:4; vaHebheru. 10:25
7. Zuva rake, Ruka. 17:24

8. Zuva raShe, 1vaTesaronika. 5:2; 2vaTesaronika. 2:2
9. Zuva raKristu, vaFiripi. 1:10; 2:16
10. Zuva raShe Jesu Kristu, 1vaKorinde. 1:8; 5:5
11. Zuva raShe Jesu, 2vaKorinde. 1:14
12. Zuva raKristu Jesu, vaFiripi. 1:6
13. Zuva reMwanakomana womunhu, Ruka. 17:24 (tarisawo tsanangudzo yechinomwe)
14. Zuva rokutongwa, Mateu. 10:15; 11:22, 24; 12:36; 2Petirosi. 2:9; 3:7; 1Johani. 4:17
15. Zuva rokutsamwa, Zvakazarurwa. 6:17
16. Zuva guru raMwari, Zvakazarurwa. 16:14

▣ **“Asi kuti ndivamutse nezuva rokupedzisira”** Izvi zvinoreva zuva rokumutswa kuvatendi asi zuva rokutongwa kunavasingatendi (cf. ndima. 40, 44, 54; 5:25, 28; 11:24 pamwe na1vaKorinde. 15). VaFrank Stagg vane mutsara unobatsira zvikuru pamusoro penyaya iyi mugwaro ravo rinonzi, zvidzidzo zvouMwari zvetestamende itsva *“A new Testament Theology”*.

“Vhangeri yaJohani inotsindikidza zvikuru nyaya yeramangwana rinouya (14:3, 18 f., 28; 16:16, 22) uye inotaura zvakajeka pamusoro pokumuka nokutongwa ‘pazuva rokupedzisira’ (5:28 f., 44, 54; 11:24; 12:48) ; asiwo muvhangeri yechina yose iyi, hupenyu nokusingaperi, kutongwa, pamwe nokumukazvinotova zvokwadi yazvino (3:18 f., 4:23; 5:25; 6:54; 11:23ff; 12:28, 31; 13:31 f. ; 14:17; 17:26) “(p. 311).

6:40 “Ndiko kuda kwababa vangu” Iyi ndiyo mhinduro yaJesu kumubvunzo womundima. 28, wokuti” Tichaitei kuti tibate mabasa aMwari?” Tarira nhaurwa inokosha:kuda kwaMwari pa 4:34.

▣ **“kuti mumwe nomumwe anotarira Mwanakomana”** Zhirevanguva zhezvirikuitwa (PRESENT ACTIVE PARTICLES) zvokuti “anotarira” na “anotenda” zvinofanana (sokuti “anouya” na “anotenda” mundima. 35, sokuti” anoona” na” anonzwa”). Izvi ndizvo zviitko zvine ziendamberi kwete zvinoitka kamwe chete. Izwi rokuti” anotarira” rairevakuti “kutarirsisa” chinhu nechinangwa chokuchinzwisisa kana kuchiziva.

kwazvo kwazvo ini ndinofarira izwi rokuti” mumwe nomumwe” (*pas*), ona

1. Kuti mumwe nomumweatende maari, 1:7
2. Kuti avhehekere munhu mumwe nomumwe, 1:9
3. Kuti ani naani anotenda maari ave noupenyu husingaperi, 3:15
4. Kuti ani naanianotenda kwaari arege kufa asi ave noupenyu husingaperi, 3:16
5. Kuti vose vakudze Mwanakomana, 5:23
6. . -9 Johani. 6:37, 39, 40, 45
10. Mumwe nomumwe ari mupenyu anotenda kwandiri haangatongofi, 11:26
11. Neni, kana ndasimudzwa panyika ndichakwevera vose kwandiri, 12:32
12. Kuti ani naani anotenda kwandiri arege kugara murima, 12:46

Izvi ndizvo zvakavanzika zvoutongo hwaMwari (cf. ndima. 38-39; 17:2, 24 maringe nemazvokuda). Zvose ndezvechokwadi. Kwandiri, maonero ezvidzidzo zvouMwari e” chisungo” ndiwo anozvibanidza zvakanaka!

▣ **“nokutenda kwaari”** Rangarira kuti ruponeso inyaya youkama pazima, kwete mhiko, zvidzidzo zvaMwari zvakanaka, kana mararamiro anounhu (cf. 3:16; 11:25-26). Nyaya ndeyokutenda kwomunhu, kwete umbirimi. Tarira nhaurwa inokosha pa 2:23.

Tarira uone nengaidzo yekumikidzo yesarudzo youtongo hwaMwari mundima. 37a, 39, 44, 65 nerudaviro rwokutenda rwavanhu mundima. 37b, 40. Makantanwa ebhaibheri aya anofanira kuchengetedzwa. Hutongo hwaMwari nemazvokuda evanhu ndizvo zvinoumba hunyambiri hwechisungo chebhaibheri.

▣ **“Ave noupenyu husingaperi”** Ichi ndicho chirevo chine shongedzo yezvirikushuvirwa (PRESENT ACTIVE SUBJUNCTIVE) ; rudaviro runodiwa (cf. 1Johani. 5:11). Onawozve kuti ndima. 39 ine chirevo chezibatakose, uku ndima. 40 ine chirevo chepazima. Iri ndiro gangaidzo reruponeso.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :6:41-51

⁴¹Zvino vaJudha vakagununa; na pamusoro pake, nokuti akati, “Ndini chingwa chakaburuka kudenga.”⁴²Vakati, “Uyu haasi Jesu, Mwanakomana waJosefa, watinoziva baba namai vake here?zvino angagoti Seiko, ndakaburuka kudenga?”⁴³Jesu akapindura akati kwavari, “Musagununa pakati penyau. ⁴⁴Hakuna munhu anagauya kwandiri, kana baba, vakandituma, vasingamukwevi; nenei ndichamumutsa nezuva rokupedzisira. ⁴⁵Muvaporofita makanyorwa muchinzi, ’Vachadzidziswa vose naMwari.’Mumwe nomumwe akazvinzwa kuna baba, akadzidza, anouya kwandiri. ⁴⁶Handirevi kuti kuno munhu akaona baba; asi uyo unobva kunaMwari, ndiye akaona baba.

⁴⁷” Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, anotenda, anoupenyu husingaperi. ⁴⁸”Ndini chingwa choupenyu. ⁴⁹” Madzibaba enyu akadya mana murenje, akafa. ⁵⁰Ichi ndicho chingwa chinoburuka kudenga, kuti munhu achidye, arege kufa. ⁵¹”Ndini chingwa chipenyu, chakaburuka kudenga; kana munhu achidya chingwa ichi, achararama nokusingaperi; chingwa chandichapa, inyama yangu, yandinopira upenyu hwapasi.”

6:41” Zvino vaJudha vakagununa “Ichi ndicho chirevanguva chinodoma zvaitika (IMPERFECT TENSE), icho chinoreva kuti vakatanga kugununa kana kuti vaingoramba vachigununa. Kufambirana kuri apa nenguva yemurenje kunoshamisa zvikuru (cf. Ekisodho. na Numeri). VaIsiraeri venguva iyoyo vakarambawo Mosesi, mumiririri waMwari uyo akavapawozve kudya.

6:42 Izvi zvinoratidza kuti vaJudha vainzwisisa mashoko aita urwa naJesu pamusoro pake amene. Akanga achishandisa zvi bhende zvechiJudha kureva kuti iye aiva akavapo kare uye anouMwari! Mashoko aJesu achiri kushamaisa kuti abve kumuvezi wekuGaririya! Jesu akataura mitsara mikuru pamusoro pake amene. Zvino ndiye.

1. Mwanakomana waMwari, zimukadzimu, anounza upenyu husingaperi nemabasa nokuita kwake kana
2. Murevi wenhema mukuru kana
3. Murwere wepfungwa (kubva pane zvakatorwa mugwaro ravaJosh McDowell rinonzi, humboo hunotsvaka rutemo “*Evidence That demands a Verdict*”)

Zvokwadi yezvairehwa naJesu ndiyo nyaya yechiKristu.

6:43” Musagunun’una pakati penyū” Iyi ndiyo shongedzo yezvirikudokwairirwa kuti zviitwe (PRESENT IMPERATIVE) ine chirevanguva chetsiudzo (NEGATIVE PARTICIPLE) iyo inoreva kumiswa kwezvirikuitika.

6:44” Hakuna munhu angauya kwandiri, kana baba, vakandituma vasingamukwevi” Mwari ndiye anongogaro parura (cf. ndima. 65 na 15:16). Rutemo rwose rwepaMweya runobva pagwezvo reMweya. kwete hunamato hwevanhu (cf. Isaya. 53:6). Hutongo hwaMwari pamwe nokutarisirwa kworudaviro ndizvo zvinhu zvisingaparadzaniswe netsitsi dzaMwari. Aya ndiyo maonero echisungo etestamende yekare.

Nengaidzo yokukweva kwaMwari uku inowanikwa muna. 12:32 umo Jesu” anokwevera vanhu vose kwaari” Iyi nyaya yokukweva inodzorerwa shure muronga wetestamende yekare wokusadavira kwevanhu vaMwari kushoko revaporofita (muenzaniso; Isaya. 6:9-13; 29:13; Jeremiya). Zvino Mwari avakutaura, kwete kuburikidza navaporofita kuliraeri, asi kuburikidza neMwanakomana wake kuvanhu vose (vaHebheru. 1:1-3). Tarira nhaurwa inokosha:Tuma (*Apostellō*) pa 5:24.

6:45” Muvaporofita makanyorwa muchinzi” Izvi zvakatorwa kubva kunaIsaya. 54:13 kana Jeremiya. 31:34 umo munotsnngurwa mwoyo (mutsva womukati, pfungwa itsva) nyaya ye” chisungo chitsva.”

▣ **“mumwe nomumwe akazvinzwa akadzidza kunababa achauya kwandiri”** Hazvigoni kuti uti unoziva Mwari uchiramba Jesu (cf. 1Johani. 5:1-12).

6:46” handirevi kuti kuno munhu akaona baba” Zvirikutaurwa naJesu pano ndezvekuti munhu anogona kuziva nokunzwisisa Mwari kuburikidza naye chete (cf. Johani. 1:18; 14:6, 9). Chero Mosesi haana kuona Mwari ‘YHWH’ amene (cf. ona chinyorwa pa5:32).

6:47 Ndima iyi ndiyo inopa pfupiso yepfupiro yaJesu yeruponeso rwekungopihwawo kuvanhu vose (“uyo anotenda” chirevanguva chezviri kuitika (PRESENT ACTIVE PARTICIPLE) ; “hupenyu husingaperi” cf. ndima. 51, 58; 3:15, 16, 36; 5:24; 11:26; 20:31). Jesu chete ndiye kuzviratidza kwechokwadi kwaMwari, musuo wechokwadi wokuenda kunaMwari (samuridzi wevhangeri, cf. 10:1-6, 7-9; 14:6), asi pfupiro iyi inopiwa kuvanakomana nevanasikana vose vaAdhamu (kuzadziswa kwekusanganisira kwevhangeri 1:4, 7, 12; 3:16; Genesi. 3:15; 12:3).

6:50 Ndima ino sendima. 31-35, idambetambe nechirevo chechingwa, chingwa chaicho (mana) nechingwa chokudenga (Jesu). Chimwe chinochengetedza utano, asi chinofanira kuramba chichidiyiwa uye hachikundi rufu. Chimwe chinopa uye nokuchengetedza upenyu husingaperi, asi chinofanira kugamuchirwa nokurerwa uye chinopedza kufa paMweya. (kuwadzana naMwari kwakaparadzwa; hukama hwemandiriri nezvivi pazima).

6:51 “ndini chingwa chipenyu” Uyu ndiwo umwe wemitsara inemukurumbira yokuti” ndini” I nowanika muvhangeri yaJohani (cf. 6:35, 48, 51). Chaiva chidobi chaJesu chokuti vanhu vose vamuterere. Ruponeso, seratidzo, runovawo munhu.

▣ **“nyama yangu yandinpira upenyu hwepasi”** Iri idimikira rokureva kuti iye Jesu amene kwete zvokudya, ndiye anodiwa kwatiri. Zviripachena kuti mutsara uyu unehochekeche na1:14.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :6:52-59

⁵²Zvino vaJudha vakakavara pakati pavo, vachiti, “Munhu uyu angatipa Seiko nyama yake, tidye?” ⁵³Jesu akati kwavari, “zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, kana musingadyi nyama yoMwanakomana womunhu, nokunwa ropa rake, hamuna upenyu mamuri.

⁵⁴” Anodya nyama yangu, naanonwa ropa rangu, ane hupenyu husingaperi; ini ndichamumutsa nezuva rokupedzisira. ⁵⁵Nokuti nyama yangu ndiyo chokudya chaicho, ⁵⁶Anodya nyama yangu naanonwa ropa rangu anogara mandiri, neni maari. ⁵⁷Baba vapenyu, sezvavakandituma, neni ndichirarama nababa; saizvozvo anondidya, achararama neni. ⁵⁸Ichi ndicho chingwa chakaburuka kudenga; hazvina kuita samadzibaba akadya, akafa; anodya chingwa ichi achararama nokusingaperi.”

⁵⁹Akareva zvinhu izvi musinagoge, achidzidzisa paKapenaume.

6:52

NASB “Gunun’una”

NKJV “Vakakakavadzana”

NRSV “Vakakakatirana”

NRSV “Kugunun’una nehasha”

NJB “Vachigunun’una”

Chirevanguva chezvakaaitika ichi chaireva kutanga kwezvinhu kana kuenda mberi kwazvo munguva yakare. Iri izwi rechiGiriki rinoreva kurwa (cf. Mabasa. 7:26; 2Timoti. 2:23-24; Tito. 3:9) uye chakashandiswa sechibhende muna2vaKorinde. 7:5 naJakobho. 4:1-2.

☐ **“munhu uyu angatipa Seiko nyama yake tidye”** Muvhangeri yaJohani, Jesu anotaura mutauro wemadimikira /chibhende uyo usinganzwisike mumutaurire wakajairika: (1) Nikodhimo, 3:4; (2) Mukadzi muSamariya, 4:11; (3) Ruzhinji rwevaJudha, 6:52; ne (4) vadzidzi, 11:11.

6:53-57 Mutaure wemazwi ezviito uri mundima. 53 na 54 unofadza zvikuru. Mundima. 53, izwi rokuti” idya” nerokuti” inwa” ose ndiwo mazwi okureva zvaizoitika muneremangwana (AORIST ACTIVE SUBJUNCTIVES) ayo anonongedza kugoneka kwemharuro yokuzviitira. Mazwi anonongedza zviito aya, mundima. 54 okuti” anodya” na” anomwa” ndiwo zvirivanguva zvezvirikuitika (PRESENT ACTIVE PARTICIPLES) ayo anokumikidza kuenda mberi kwechiito (cf. ndima. 56, 57, 58). Zvinoita sokuti zvinotsigira kuti munhu anofanira kuva norudaviro rwokutanga kunaJesu uye oramba achidavira (cf. ndima. 44).

Zvinofanira kunzwiswa kuti kutora muvaravara uyu sezvauri ndiko kusanzwisisa kuvenga kunwa ropa kwevaJudha (cf. Revhitiko. 17:10-14). Kutora kutaura kwaJesu nevzemana murenje (cf. ndima. 58), wozvitora saizvozvo semitsara inesungano nomuYukarisitiya/mubati pazvidyo zvotsvene, ndiko kusurudzira chimiro chenhorondo pamwe nechirevo chechinyorwa nevavariro yokusimudzira gwara redzidziso yemanamatiro.

6:54” nyama...ropa” Iri ndiro dimikira rechiJudha rokureva munhu chaiye akazara, sokuti” mwoyo.”

6:55” kudya chaiko...kunwa chaiko” Iyi ndiyo nzira yaJohani ypokushandisa izwi rokuti chokwadi/zvokwadi (tarira nhourwa inokosha inotevera). Johani, achinyorwa pava paya vamwe vanyori vetestamende yakare vatonyora kare, akanga aona kuvapo nokuvandudzika kwedzidziso dzenhema (kunyanya kutsigirwa kwaJohani mubhabhatidzi, mipiro yokuwana nyasha, noruzivo rwevanhu—dzidziso yevaya vaisanganisa vhangeri nemafungiro avo (Gnosticism).

NHAURWA INOKOSHA: “ZVOKWADI” (MAONERO) MUZVINYORWA ZVAJOHANI

Neimwe nzira Johani anosanganisa nhorroondo yechiHebheru neyechiGiriki yechirevo chokuti “chokwadi” *aletheia* sezvaanoita nezwi rokuti *logos* (cf. 1:1-14). MuchiHebheru izwi rokuti *emeth* (BDB 53) rinoreva izvo zvinova zvechokwadi kana zvinovimbika (mubhaibheri reSeptuagint izwi iri rinoiswa muhochekeche nerekuti *pisteuō*). MuchiGiriki izwi iri raiva nesungano nemafungiro omudzamisi wendangariro ainzi Plato, okuti mazvokwadi maringe nezvisipo, zvedenga maringe nezvepanyika. Izvi zvinofambirana neunyambiri hwemanyorero aJohani. Mwari akazviratidza (mabviro nezvirevo zvezwi rokuti *aletheia* ndezvokureva kukwangwaridza, bvundunura, kuratidza zvakajeka) zvizere muMwanakomana. Izvi zvinoratidzwa nenzira dzakasiyana.

1. ZITA, *aletheia*, chokwadi
 - a. Jesu azere nyenasha nezvokwadi (cf. 1:14, 17—zvimiso zvechisungo chetestamende yekare)
 - b. Jesu ndiye nyaya huru youpupuri hwaJohani mubhabhatidzi (cf. 1:32-34; 18:37—muporofita wokupedzisira wetestamende yekare)
 - c. Jesu anotaura zvokwadi (cf. 8:40, 44, 45, 46—ratidzo inewainonanga uye ndeye pazima)
 - d. Jesu ndiye nzira, zvokwadi pamwe noupenyu (cf. 14:6)
 - e. Jesu anovaita vatsvene muchokwadi (cf. 17:17)
2. CHIPAURO, *alethes*, chokwadi, ruvimbo
 - a. Chapupu chaJesu (cf. 5:31-32; 7:18; 8:13-14)
 - b. Kutonga kwaJesu (cf. 8:16)
3. CHIPAURO, *alethinus*, mazvokwadi
 - a. Jesu ndiye chiedza chaicho (cf. 1:9)
 - b. Jesu ndiye chingwa chaicho (cf. 6:32)
 - c. Jesu ndiye waini chaiyo (cf. 15:1)
 - d. Jesu ndiye chapupu chaicho (cf. 19:35)
4. IZWI RINOTSANAGIURA CHIITO, *alethōs*, zvirokwazvo
 - a. Chapupu chemuSamariya chakati Jesu ndiye muponesi wepasi rose (cf. 4:42)
 - b. Jesu ndiye kudya nokunwa chaiko, kana zvichienzaniswa nemana yemazuva aMosesi (cf. 6:55)

Izwi rokuti zvokwadi nemamwe anesungano naro anoratidzwo pachena mhupuro dzevamwe kuna Jesu, *alethes*

- a. Mhupuro yaJohani mubhabhatidzi ndeyechokwadi (cf. 10:41)
- b. Mhupuro yaJohani (munyori wevhangeri) ndeyechokwadi (cf. 19:35; 21:24)
- c. Jesu achionekwa semuporofita wechokwadi (cf. 6:14; 7:40)

Kana uchida kuziva zvakawanda pamusoro pezvokwadi mutestamende yekare neitsva verenga gwara ravaGeorge E. Ladd rinonzi, zvidzidzo zvouMwari zvetestamende itsva “*a Theology of the New Testament*. pp. 263-269.”

6:56” anogara mandiri neni maari” Zvokwadi imwecheteyo iyi ndiyo inotaurwa munaJohani. 15:4-7; 1Johani. 2:6, 27, 28; 3:6, 24, ona nhaurwa inokosha :kugara pana 1Johani. 2:10. Iyi ndiyo kumikidzo yetestamende itsva yokutsungirira kwavatsvene (cf, vaGaratiya. 6:9; Zvakazarurwa. 2:7, 11, 17, 26; 3:5, 12, 21, ona nhaurwa inokosha pa8:31). Rudaviro rwechokwadi runoratidzwa nekuendamberi kwokudavira. Iyoyi nyaya yokutsungirira ndiyo isingawanikwe muuvhangeri dzokumadokero (America). Munhu haafanire chete kutanga nokutenda, asi anofanirawo kupedza nokutenda (vaHebheru. 11). VaJonathan Edwards vakati, “humboo chaihwo hwekusarudzwa hunoratidzwa nokunge munhu atsungirira kusvika kumagumo.”vaW. T. Conner vakati, “Ruponeso rwemunhu akasarudzirwa ruponeso nderwokubva nokusingaperi kusvika nokusingaperi, zvokwadi muvavariro yomurangariro waMwari, asiwo paine zvimiso zvokutenda, uye nokutenda kunotsungirira nokukunda.”

6:57” baba vapenyu” Mutsara uyu hauna kujairika, asi mutauriro iwoyu unoshandiswa zvikuru mubhaibheri. Pane nzira dzakawanda dzokupirikira mabviro ezita raMwari iri.

1. Zita chairo rezita rechisungo raMwari (cf. Ekisodho. 3:12, 14-16; 6:2-3, ona nhaurwa inokosha pa6:20)
2. Mhiko dzaMwari, “zvandiri mupenyu” kana muzita raMwari” ishe ari mupenyu” (cf. Numeri. 14:21, 28; Isaya. 49:18; Jeremiya. 4:2)
3. Senzira yokutsanagura Mwari (cf. Mapisarema. 42:2; 84:2; Joshua. 3:10; Jeremiya. 10:10; Dhanieri. 6:20, 26; Hosea. 1:10; Mateu. 16:16; 26:63; Mabasa. 14:15; vaRoma. 9:26; 2vaKorinde. 3:3; 6:16; 1vaTesaronika. 1:9; 1Timoti. 3:165; 4:19; vaHebheru. 3:12; 9:14; 10:21; 12:22; Zvakazarurwa. 7:2)
4. Mutsara uri munaJohani. 5:26 wokuti baba banoupenyu mavari uye vakapawo Mwanakomana uye munaJohani. 5:21 umo baba vanomutsa vakafa sezvinoita Mwanakomana.

6:58 Apa pakaenzaniswa testanede yekare neitsva, Mosesi naJesu. (verenga bhuku ravaHebheru, kunyanya zvikamu. 3, 4).

☐ **“madzibaba akadya akafa”** Izvi zvinogona kupa chirevo chekupikisa dzidziso yezvouMwari yokuti ruponeso ruchauya kuburikidza nedzinza (cf. 8:33-39) kana kuburikidza nemurayiro waMosesi (Torah)

☐ **“nokusingaperi”** Tarira nhaurwa inokosha inotevera.

NHAURWA INOKOSHA:NOKUSINGAPERI

Muvanzarira wezvirevo nemabviro ezwi rechiHebheru rokuti ‘*olam*, [*Hebrew character here*] (BDB 761) haunyatso zivikanwa (NIDOTTE, vol. 3, p. 345). Izwi iri rinoshandiswa nenzira dzakawanda (kazhinji chirevo charo chinobva pachirevo chechinyorwa). Mienzaniso inotevera ndiyo yakasarudzwa.

1. Zvinhu zvakare

- a. Vanhu, Genesi. 6:4; 1Samueri. 27:8; Jeremiya. 5:15; 28:8
- b. Nzvimbo, Isaya. 58:12; 61:4
- c. Mwari, Mapisarema. 93:2; Zvirevo. 8:23; Isaya. 63:16
- d. Zvinhu, Genesi. 49:26; Jobho. 22:15; Mapisarema. 24:7, 9; Isaya. 46:9
- e. Nguva, Dhuteronomi. 32:7; Isaya. 51:9; 63:9, 11

Nguva yemangwana

- a. Hupenyu hwemunhu, Ekisodho. 21:6; Dhuteronomi. 15:17; 1Samueri. 1:22; 27:12
- b. Gudzamazwi rokureva mambo, 1Madzimambo. 1:31; Mapisarema. 61:7; Nehemiya. 2:3
- c. Kuvapo zvachose
 - 1) Nyika, Mapisarema. 78:69; 104:5; Muparidzi. 1:4
 - 2) Matenga, Mapisarema. 148:6
- d. Kuvapo kwaMwari
 - 1) Genesi. 21:33
 - 2) Ekisodho. 15:18
 - 3) Dhuteronomi. 32:40
 - 4) Mapisarema. 93:2
 - 5) Isaya. 40:28
 - 6) Jeremiya. 10:10
 - 7) Dhanieri. 12:7
- e. Chisungo
 - 1) Genesi. 9:12, 16; 17:7, 13, 19
 - 2) Ekisodho. 31:16
 - 3) Revhitiko. 24:8
 - 4) Numeri. 18:19
 - 5) 2Samueri. 23:5
 - 6) Mapisarema. 105:10
 - 7) Isaya. 24:5; 55:3; 61:8
 - 8) Jeremiya. 32:40; 50:5
- f. Chisungo chakanangurwa naDhavhita
 - 1) 2Samueri. 7:13, 16, 25, 29; 22:51; 23:5
 - 2) 1Madzimambo. 2:33, 45; 9:5
 - 3) 2Makoronike. 13:5
 - 4) Mapisarema. 18:50; 89:4, 28, 36, 37
 - 5) Isaya. 9:7; 16:5; 37:35; 55:3
- g. Mesiasi waMwari
 - 1) Mapisarema. 45:2; 72:17; 89:35-36; 110:4
 - 2) Isaya. 9:6
- h. Mirayiro yaMwari
 - 1) Ekisodho. 29:28; 30:21
 - 2) Revhitiko. 6:18, 22; 7:34; 10:15; 24:9
 - 3) Numeri. 18:8, 11, 19
 - 4) Mapisarema. 119:89, 160
 - 5) Isaya. 59:21

- i. Vimbiso dzaMwari
 - 1) 2Samueri. 7:13, 16, 25; 22:51
 - 2) 1Madzimambo. 9:5
 - 3) Mapisarema. 18:50
 - 4) Isaya. 40:8
 - j. Zvizvarwa zvaAbhurahamu nenyika yechipikirwa
 - 1) Genesi. 13:15; 17:19; 48:4
 - 2) Ekisodho. 32:13
 - 3) 1Makoronike. 16:17
 - k. Mitambo yezvisungo
 - 1) Ekisodho. 12:14, 17, 24
 - 2) Revhitiko. 23:14, 21, 41
 - 3) Numeri. 10:8
 - l. Nokusingaperiperi
 - 1) 1Madzimambo. 8:13
 - 2) Mapisarema. 61:7-8; 77:8; 90:2; 103:17; 145:13
 - 3) Isaya. 26:4; 45:17
 - 4) Dhanieri. 9:24
 - m. Zvinotaurwa neMapisarema kuti zvichaitwa nevatendi nokusingaperi
 - 1) Kuvonga, Mapisarema. 30:12; 79:13
 - 2) Kugara muhuvapo hwake, Mapisarema. 41:12; 61:4, 7
 - 3) Kuvimba mutsitsi dzake, Mapisarema. 52:8
 - 4) Kurumbidza Ishe, Mapisarema. 52:9
 - 5) Kuimba rumbidzo, Mapisarema. 61:8; 89:1
 - 6) Kudzika ruenzaniso rwake, Mapisarema. 75:9
 - 7) Kurumbidza zita rake, Mapisarema. 86:12; 145:2
 - 8) Kombodza zita rake, Mapisarema. 145:1
3. Zvose mberi neshure kwenguva (“nokusingaperiperi”)
- a. Mapisarema. 41:13 (Mwari ngaarumbidzwe)
 - b. Mapisarema. 90:2 (Mwari amene)
 - c. Mapisarema. 103:17 (rudo nounyoro hwaIshe)

Rangarira kuti chirevo chechinyorwa ndicho chinopa chirevo cheizwi. Zvisungo nevimbiso dzisingaperi dzine zvimiso (kureva., Jeremiya. 7) Ngwarira kuverenga uchiisa maonero ako emazuva ano kana muronga wezvidzidzo zvouMwari wetestamende itsva mumashandisirwo eizwi iri mutestamende yekare. Testamende itsva yakaisa vimbisi dzetestamende yekare muchimiro chepasi rose.

6:59 Jesu airarama nenzira yechiJudha chemazuva ake. Akadzidza muzvikoro zvemumaSinagoge, ainamata muSinagoge, uye aidzidzisa muSinagoge. Akazadzisa zvose zvomurayiro zvaidiwa.

MaSinagoge akatanga munguva youdzingwa kuBhabhironi (B. C. 605-538). VaJudha vakatanga kuita nzvimbo dzokunamatira nokudzidzisa pose paiva navarume vechiJudha vaisvika gumi. Ava ndivo vakazova vachengetedzi vetsika nemagariro dzechJudha. VaJudha pavakazo dzokera kuJudhea uye vachizotanga kuenda kutemberi, vakachengetedza tsika iyoyi yemaSinagoge.

Muchikamu. 6, hatina kuudzwa apo Jesu akapinda muSinagoge kuKapenaume (cf. ndima. 24).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :6:60-65

⁶⁰Zvino vazhinji vavadzidzi vake vakati vachizvinzwa, vakati, “Iri shoko igukutu; ndianiko angarinzwa?”

⁶¹Asi Jesu, zvaakanga achiziva mumwoyo make kutivadzidzi vake vanogununa neshoko irero, akati kwavari, “Iri shoko rinokugmbusai kanhi?⁶²Muchagodiniko kana muchiona Mwanakomana womunhu achikwira kwaiva pakutanga?⁶³Mweya ndiye anoraramisa, nyama haina mature; mashoko andakataura kwamuri, ndiwo mweya noupenyu.

⁶⁴Asi vamwe venyu variko vasingatendi; “nokuti Jesu akanga achiziva kubva pakutanga, kuti vaisatenda ndivanaani, uye kuti ndiani aizomupandukira.

⁶⁵Akati, “Nemhaka iyi ndakati kwamuri, kuti hakuna munhu angauya kwandiri, kana asina kuzvipihwa nababa.”

6:60” zvino vazhinjivavadzidzi vake” kushandiswa kwezwi rokuti” vadzidzi” kune zvirevo zvakawanda. Muvhangeri yaJohani, izwi iri nerokuti” tenda” anoshandisirwa ose kureva (1) vateveri vechokwadi (ndima. 68) ne (2) vateveri venguva pfupi (ndima. 64, cf. 8:31-47).

☐ **“vachizvinzwa...teerera”** Apa pakaitwa dambe nezwi rokuti” inzwa” (*akouō*). Vakanzwa mazwi aJesu, asi havana kuanzwisisa kana kuita zvaaireva. Mumafungiro aya izwi rechiGiriki iri rinoshanda seizwi rechiGiriki rokuti *shema* (cf. Dhuteronomi. 4:1; 5:1; 6:3, 4; 27:9-10).

6:62 Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokuva wechokwadi usina kuperera (FIRST CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Chirevo pano ndechokuti vachazoono (cf. Mabasa. 1). Mushure mokufa/kumuka nokuenda kudenga kwaJesu nokuuya kwomweya mutsvene, zvizhinji zvakadzidziswa naJesu zvaizotanga kunzwisika.

☐ **“achikwira kwaiva pakutanga”** Uku ndiko kuenda mberi kwekumikidzo yokuti Jesu “akaburuka kudenga.”Inotaura nokuvapo kare kwake aina baba kudenga uye noruwadzano rwake rwemandiriri nababa kudenga (cf. 17:5, 24).

NHAURWA INOKOSHA: KUKWIRA KUDENGA

Pane mazwi akawanda echiGiriki okutsanangura kukwira kudenga kwaJesu.

Mabasa. 1:2, 11, 22; *analambanō*, kukwidza (cf. 1Timoti. 3:16), iro rinoshandiswawo muna2Madzimambo. 2:9, 11 mubhaibheri rechiGiriki rakare, kureva kuendeswa kudenga kwaEriya pamwewo nemunaMaccsabees. 2:58

1. Mabasa. 1:9, *epairō*, kusimudza, kusimudzira, kugomedzera
2. Ruka. 9:51, *analepsis* (chitarisiko chetsanangudzo yokutanga)
3. Ruka. 24:51, *diistemi*, kubva
4. Johani. 6:62, *anabainō*, kukwira

Chitiko ichi hachina kunyorwa muvhangeri yaMateu kana yaMako. Vhangeri yaMako inoperera pana16:8, asi chimwe chezvinyorwa zvakazonyorwa pava paya zvinotsanangura chitiko ichi muna. 16:19 (kureva., *analambanō*).

6:63 Ndima iyi, nokuda kwemuvanzarira wechirevo chechinyorwa chakapamhama chechikamu. 6, inogona kureva musiyano pakati pechisungo chakare nechitsva, Mosesi maringe naJesu (cf. ndima. 58; 2vaKorinde. 3:6, tarira muenzaniso wezvisungo zviviri izvi munavaHebheru).

▣ **“mweya ndiye anoraramisa”** Uyu ndiwo mumwe wemitsara inoshandiswa kutsanagura Jesu pamwe neMweya.

1. Mweya ndiyo mvura inoraramisa (7:38-39)
2. Jesu ndiye mvura inorarama (4:10-14)
3. Mweya mutsvene ndiwo mweya wechokwadi (14:17; 15:26; 16:13)
4. Jesu ndiye chokwadi (14:6)
5. Mweya ndiwo unoutsvene (14:16, 26; 15:26; 16:7)
6. naJesuwo anoutsvene (1Johani. 2:1)

Nhaurwa inokosha pana14:16.

Tarira uone kuti mundima iyi iyi rokuti” mweya” (*pneuma*) rinoshandiswa nenzira mbiri.

1. Mweya mutsvene (cf. 1:32, 33; 3:34; 7:39; 14:17; 15:26; 16:13)
2. zveMweya (cf. 4:24; 11:33; 13:21)

MunaJohani. 3:5, 6, 8 zvakaoma kuziva kuti rinenge richirevei. Sezvo ariJohani izwi irori rinogona kureva zvirovo zvose zviru zviviri.

NHAURWA INOKOSHA :MWEYA (*PNEUMA*) MUTESTAMENDE ITSVA

Izwi rechiGiriki rokureva kuti” mweya” rinoshandiswa nenzira dzakawanda mutestamende itsva. Heino mimwe mienzaniso yemironga yekushandiswa kwezwi rokureva

A. Mwari vatatu mumwe

1. Baba (cf. Johani. 4:24)
2. Mwanakoana (cf. vaRoma. 8:9-10; 2vaKorinde. 3:17; vaGaratiya. 4:6; 1Petirosi. 1:11)
3. Mweya mutsvene (cf. Mako. 1:11; Mateu. 3:16; 10:20; Johani. 3:5, 6, 8; 7:39; 14:17; Mabasa. 2:4; 5:9; 8:29, 35; vaRoma. 1:4; 8:11, 16; 1vaKorinde. 2:4, 10, 11, 13, 14; 12:7)

B. Kureva samba rinoraramisa munhu

1. Kureva Jesu (cf. Mako. 8:12; Johani. 11:33, 38; 13:21)
2. Kureva vanhu (cf. Mateu. 22:43; Mabasa. 7:59; 17:16; 20:22; vaRoma. 1:9; 8:16; 1vaKorinde. 2:11; 5:3-5; 7:34; 15:45; 16:18; 2vaKorinde. 2:13; 7:13; vaFiripi. 4:23; vaKorose. 2:5)

C. Kureva nyikadzimu

1. Zvisikwadzimu
 - a. Zvakanaka (kureva., ngirozi, cf. Mabasa. 23:8-9; vaHebheru. 1:14)
 - b. Zvakaipa (kureva., madhimoni, cf. Mateu. 8:16; 10:1; 12:43, 45; Mabasa. 5:16; 8:7; 16:16; 19:12-21; vaEfeso. 6:12)
 - c. Zvipoko (cf. Ruka. 24:37)
2. Kuziva zveMweya (cf. Mateu. 5:3; 26:41; Johani. 3:6; 4:23; Mabasa. 18:25; 19:21; vaRoma. 2:29; 7:6; 8:4, 10; 12:11; 1vaKorinde. 14:37)
3. Zvinhu zveMweya (cf. Johani. 6:63; vaRoma. 2:29; 8:2, 5, 9, 15; 15:27; 1vaKorinde. 9:11; 14:12)
4. Zvipo zveMweya (cf. 1vaKorinde. 12:1; 14:1)
5. Tuso yemweya (cf. Mateu. 22:43; Ruka. 2:27; vaEfeso. 1:17)
6. Muviri wemweya (cf. 1vaKorinde. 15:44-45)

- D. Zvinoreva ringanidzo ye
1. Muronga wemafungiro enyika (cf. vaRoma. 8:15; 11:8; 1vaKorinde. 2:12)
 2. Mafungiro evanhu (cf. Mabasa. 6:10; vaRoma. 8:6; 1vaKorinde. 4:2)
- E. Kureva nyika
1. Mhepo (cf. Mateu. 7:25, 27; Johani. 3:8; Mabasa. 2:2)
 2. Femo (cf. Mabasa. 17:25; 2vaTesaronika. 2:8)

Zviripachena kuti izwi iri rinoda kupirikirwa maringe nechirevo chechinyorwa charinenge riri. Pane mivanzarira yezvirevo yakawanda iyo inogona kureva (1) nyika; (2) nyikadzimu; (3) pamwe nevanhu venyika ino nevenyikadzimu.

Mweya mutsvene ndiyo nhengo yaMwari vatatu mumwe iyo iri kushanda panhanho inpanhorondo. Nguva itsva yeMweya yakauya. Zvose izvo zvakanaka, zvitsvene, zvakarurama uye zvechokwadi zvinesungano naye. Kuvapo, zvipo pamwe noushumiri hwake ndizvo zvinokosha mukuenderera mberi kwevhangeri nokubudirira kwoushe hwaMwari. (cf. Johani. 14:na16). Mweya haazvikwezveri vanhu, asi anokwezvera Kristu (cf. Johani. 16:13-14). Anopomera, anokwezva, anobhabhatidza, nokukurisa vatendi vose (cf. Johani. 16:8-11).

6:64 Boka iri revateveri venhema vanotsanangurwa semuteveri wenhema—Judhasi (cf. ndima. 70-71; 13:11. Ichokwadi kuti pane zvakananzika pamusoro penhanho dzokutenda.

NHAURWA INOKOSHA: UTEVERI HWENHEMA (*APHISTEMI*)

Izwi rechiGiriki iri rokuti *aphistemi* rinemuvnzarira wezvirevo wakakura. Zvisinei, izwi rechirungu rokuti” uteveri hwenhema” rinobva paizwi iri uye rinotonhisira mashandisirwo aro kuvaverengi vemazuva ano. Chirevo chechinyorwa, senguva dzose, ndicho shanguriro, kwete dudziro yakafanofungwa kare.

Iri izwi nderemubatanidzwa wechirevamwene chokuti *apo* icho chinoreva kuti” kubva ku” kana kuti” kubva pa” nerokuti *histemi*, iro rinoreva kuti” kugara” “kumira, “kugadzira.”Tarira mashandisiro asina chokuita nezvidzidzo zvouMwari:

1. Kubvisa chaizvo
 - a. Kubva muTemberi, Ruka. 2:37
 - b. Kubva mumba, Mako. 13:34
 - c. Kubva kumunhu, Mako. 12:12; 14:50; Mabasa. 5:38
 - d. Kubva kuzvinhu zvose, Mateu. 19:27, 29
2. Kubva munezvematongerwo enyika, Mabasa. 5:37
3. Kubvisa muukama, Mabasa. 5:38; 15:38; 19:9; 22:29
4. Kubvisa nezvemutemo (kubvarura muchato), Dhuteronomi. 24:1, 3 (LXX) neTestamende itsva, Mateu. 5:31; 19:7; Mako. 10:4; 1vaKorinde. 7:11
5. Kubvisa chikwereti, Mateu. 18:27
6. Kusaratidza hany’a nokubva, Mateu. 4:20; Johani. 4:28; 16:32
7. Kuratidza hany’a nokusabva, Johani. 8:29; 14:18
8. Kubvumira kana kupa mvumo, Mateu. 13:30; 19:14; Mako. 14:6; Ruka. 13:8

Pamaonero ezvidzidzo zvouMwari izwi rechiito iri rinoshandiswa nenzira dzakawanda:

1. Kubvisa, kuregerera, kuregerera zvivi, EkiSodho. 32:32 (LXX) ; Numeri. 14:19; Jobho. 42:10 netestamende itsva, Mateu. 6:12, 14-15; Mako. 11:25-26
2. Kurega kuita zvivi, 2Timoti. 2:19

3. Kuvimbiridza nokubva

a. Mutemo, Mateu. 23:23; Mabasa. 21:21

b. Kutenda, Ezekieri. 20:8 (LXX) ; Ruka. 8:13; 2vaTesaronika. 2:3; 1Timoti. 4:1; vaHebheru. 3:12

Vatendi vemazuva ano vanobvunza mibvunzo yezvidzidzo zvouMwari iyo isina kumbofungwa navanyori vetestamende yekare. Umwe mubvunzo wacho ndiwowu wokusiyana kutenda nokutendeseka.

Pane vanhu mubhabheri vanobata muvanhu vaMwari uye zvimwe zvinhu zvinobva zvaitika.

I. Testamende yekare

A. Avo vakanzwa vane gumi nevaviri, rondedzero yevasori gumi, Numeri. 14 (cf. vaHebheru. 3:16-19)

B. Kora, Numeri. 16

C. Vanakomana vaEri, 1Samueri. 2, 4

D. Sauro, 1Samueri. 11-31

E. Vaporofita venhema (mienzaniso)

1. Dhuteronomi. 13:1-5; 18:19-22 (nzira dzokuziva muporofita wengema)

2. Jeremiya. 28

3. Ezekieri. 13:1-7

F. Vaporofitakadzi venhema

1. Ezekieri. 13:17

2. Nehemiya. 6:14

G. Vatungamiri veSiraeri vasakarurama (mienzaniso)

1. Jeremiya. 5:30-31; 8:1-2; 23:1-4

2. Ezekieri. 22:23-31

3. Mika. 3:5-12

II. Testamende itsva

A. Izwi rechiGiriki iri rinoreva kwazvo kwazvo kuti kuitisa muteveri wenhema (*apostasize*). Dzose testamende itsva neyakare dzinotaura nezvekusimbaradzwa kwemabasa edzidziso yenhema kuuya kepiri kusati kwaitika (cf. Mateu. 24:24; Mako. 13:22; Mabasa. 20:29, 30; 2vaTesaronika. 2:9-12; 2Timoti. 4:4). Izwi rechiGiriki iri rinogona kureva mashoko aJesu mumuenzaniso wevhu munaMateu. 13; Mako. 4; pamwe naRuka. 8. Zviripachena kuti vadzidzisi venhema havasi vaKristu, asi vanobuda mukereke yechiKristu (cf. Mabasa. 20:29-30; 1Johani. 2:19) ; zvisinei, vanogona kukwevza nokurasisa vakristu avo vanenge vasati vakura pakutenda (cf. vaHebheru. 3:12).

Mubvunzo wezvidzidzo zvouMwari ndowekuti ava vadzidzisi venhema vakambovawo vatendi here? Izvi zvinonetsa kupindura nokuti vaiva vadzidzisi venhema mukereke (cf. 1Johani. 2:18-19). Kazhinji maonero edu pazvidzidzo zvouMwari kana maitiro emasangano edu ndiwo atinoshandisa kupindura mubvunzo uyu tisingatarisi zvinyorwa zvebhaibheri (kunze kwenzira yokutora ndima nokuishandisa zvisiri izvo senzira yokutsigira rerekero yedu).

B. Kutenda kuri pachena

1. Judhasi, Johani. 17:12

2. Simony n'anga, Mabasa. 8

3. Vanotaurwa nezvavo munaMateu. 7:13-23

4. Vanotaurwa munaMateu. 13; Mako. 4; Ruka. 8

5. vaJudha vomuna Johani. 8:31-59
 6. Arekizanda naHimenio, 1Timoti. 1:19-20
 7. Avo vomuna 1Timoti. 6:21
 8. Himenio naFireto, 2Timoti. 2:16-18
 9. Dhemasi, 2Timoti. 4:10
 10. Vadzidzisi venhema, 2Petirosi. 2:19-22; Judhasi. ndima. 12-19
 11. Antikristi, 1Johani. 2:18-19
- C. Kutenda kusina zvibereko
1. 1vaKorinde. 3:10-15
 2. 2Petirosi. 1:8-11

Hatinyanye kufunga nezvezvinyorwa izvi nokuti muronga wezvidzidzo zvouMwari zvedu (Calvinism, Arminianism, nezvimwewo) zvinogara zvatipa nzira yokupindura nayo. Ndinokumbirawo kuti musandipima nokuti ndaunza nyaya iyi. Chido change ndechekupirikirwa kweshoko chaiko kwakanaka. Tinofanira kubvumira kuti bhaibheri ritaure nesu uye tisariumba kuti rive chidzidzo chouMwari chatakaita kare. Izvi zvinorwadza nokushamisa nokuti zvidzidzo zvouMwari zvedu ndezvemasangano, tsika kana zvoukama (mubereki, shamwari, kana mutungamiri wesangano), kwete zvebhaibheri. Vamwe vari mukati mevanhu vaMwari asi vanooneka kuti havasi vanhu vaMwari (semuna., vaRoma. 9:6).

6:65 Izvi zvinoreva chokwadi chimwechetechi sechiri mundima. 44. Vatadzi havazvitsvagiri Mwari voga (cf. vaRoma. 3:9-18 inokupa dungwerungwe rezvakatorwa mutestamende yekare zvinokumikidza kupanduka nokutadza kwevanhu).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :6:66-71

⁶⁶Ipapo vadzidzi vake vazhinji vakadzokera shure, vakasazofamba naye. ⁶⁷Jesu akati kunavane gumi navaviri, “Nemi munoda kubwawo here?” ⁶⁸Simoni Petirosi akamupindura, akati, “Ishe, tichagoenda kunaaniko? Ndimi munamashoko oupenyu husingaperi. ⁶⁹” Ishe takatenda, tikaziva kuti ndimi mutsvene waMwari.”⁷⁰Jesu akapindura akati, “Handina kukutsanagurai, imi muri gumi navaviri here? Asi mumwe wenyu ndowa Dhiabhoru.”⁷¹Akareva Judhasi, mwanakomana waSimoni Isikarioti, nokuti ndiye aizomupandukira, aiva mumwe wava negumi navaviri.

6:67” vane gumi navaviri” Aka ndiko kwokutanga muvhangeri yaJohani, panoshandiswa mutsara wezibatakose uyu wokureva vapositori (cf. 6:70, 71; 20:24). Tarira nhaurwa inokosha pa6:13. hazvrevi kuti vaimuona semutungamiri wavo (cf. Mako. 9:34; Ruka. 9:46; 22:24).

▣ **“munamashoko oupenyu husingaperi”** ChiKristu chinobata zvose (1) zvokwadi iri mushoko” shoko roupenyu husingaperi, “pamwene (2) zvokwadi yakaratidzwa mumunhu, Jesu. Zvino, vhangeri inomira zvose somunhu neshoko. Izwi rokuti *pistis* rinogona kuva nesungano nezvose (1) shoko (cf. Judhasi. 3, 20) ne (2) munhu (cf. Johani. 1:12; 3:15-160. Tarira nhaurwa inokosha pa 2:23.

6:69 “takatenda, takaziva” Apa pane zvirevo zvezvakaitika ue zvine zvibereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVES). Ruponeso pano ruri muchirevanguva chezvakaaitika

(PERFECT TENSE) izvo zvinoreva kuti chitiko chakare chakazova mamiriro chaiwo. Ruponeso rwechokwadi runosanganisira zviirevanguva zvemazwi echiGiriki ezviito ose. Tarira nhaurwa inokosha: Zviirevanguva zvemazwi echiGiriki akashandiswa kureva ruponeso pa 9:7.

NASB, NRSV,

NJB “Ndimi mutsvene waMwari”

NKJV “Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu”

TEV “Ndimi mutsvene akabva kunaMwari”

Pane dambudziko rechinyorwa pano. Chinyorwa chipfupi (NASB, NRSV, NJB) chine rutsigiro rwezvinyorwa zvechiGiriki zvekare P⁷⁵, N, B, C*, D, L naW. Zviri pachena kuti vanzveri vemagwaro vakazouya ndivo vakazowedzera mamwe mazwi kubva pamhupuro yaMarita yemua. 11:27 kana yaPetirosi munaMateu. 16:16. Gwaro reUBS⁴ rinopa chinyorwa chipfupi chipimo chokutanga” A” (kureva kuti chokwadi).

Mutsara wokuti” mutsvene waMwari” ndiwo mutsara wemutestamende yekare wokureva zita rouMesiasi. Unotaurwawo munaRuka. 1:35 naMabasa. 3:14. Ndirowo rinotaurwa naro nemadhimoni achireva Jesu munaMako. 1:24; Ruka. 4:34. Tarira nhaurwa inokosha :panaI Johani. 2:20. Iyi ndiyo imwe mhupuro yokutenda yakaitwa nevane gumi navaviri, inofanana nemunaMateu. 16.

6:70” handina kukutsanangurirai here” Iyi ndiyo imwe kumikidzo yokureva kusarudzwa zvoutsvene kwevadzidzi (cf. ndima. 44 na65). Tarira uone mubvunzo waJesu mundima. 67. Sarudzo tsvene nemazvokuda evanhu zvinofanira kuramba zviri mumakakatanwa. Kune nhivi mbiri dzehukama hwechisungo.

“asi mumwe wenyu ndowadhiabhoru” Uyu ndiwo mutsara unokatyamadza!Haurevi vadzidzi vava vakabva kwaari (cf. ndima. 66), asi kuno mumwe wegumi nevaviri avo vakaratidz akutenda maari. Vanhu vazhinji vanopa sungano kumutsara uyu na13:2 kana 27. Pane mibvunzo mizhinji inechekuita nekunzisisa kwedu ndima iyoyi (1) sei Jesu akasarudza mumwe wadhiabhoru? ne (2) izwi iri rinorevei muchirevo chechinyorwa chino?

Mubvunzo wokutanga unechokuita nechiporofita chokufenbera (cf. 17:12; Mapisarema. 41:9). Jesu aiziva zvaizoitwa naJudhasi. Judhasi ndiye muenzaniso wemandorokwati wechivi chisingaregererwi. Akaramba Jesu mushure mokunzwa, kuona, uye nokuva naye kwemakore anechitsama.

Mubvunzo wepiri unezvirevo zvingava zviviri.

1. Vamwe vanoti izwi zvinesungano naSatani (wakashandiswa usina chirevo chomunongedzo (ARTICLE) chokureva Satani munaMabasa. 13:10 naZvakazarurwa. 20:2) achipinda munaJudhasi (cf. 13:2, 27)
2. Izwi iri rinogona kunge richingoreva vanhuwo zvavo (hapana chirevo chomunongedzo (ARTICLE) semunaI Timoti. 3:11; 2Timoti. 3:3 naTito. 2:3)

Pamaonero etestamende yekare Judhasi aiva mupomeri, saSatani (Tarira nhaurwa inokosha pa12:310.. Izwi rechiGiriki rinoreva kuti mufumuri kana mutakuri wenyaya. Izwi rechiGiriki, izwi remubatanidzwa rinoreva kuti” kupotsera.”

6:71 “Simoni Isikarioti” Pane mafungiro akawanda pamusoro peizwi iri (izwi iri rinoperengerwa zvakasiyana muzvinyorwa zvakawanda zvechiGiriki). Rinogona kureva

1. Murume aiva muKeriyoti, guta reJudha

2. Murume wekuKaritani, guta reGaririya
3. Chikwama chedehwe, chaishandiswa kutakura mari
4. Izwi rechiHebheru rokureva “kudzipa”
5. Izwi rechiGiriki rokureva banga romuurayi

Kana tsanangudzo yokutanga iri yechokwadi, zvinoreva kuti ndiye chete aibva kuJudhea pana vane gumi nevaviri. kana tsanangudzo yechishanu iri yechokwadi zvinoreva kuti ndiye aimbovawo mupindikiti saSimoni.

Pane bhuku rakanyorwa idzva rakanyorwa nava William Klassen, rakatsikiswa neFortress Press mugore ra 1996, iro rinotaura zvakanaka pamusoro pa Judhasi. Bhuku iri rinonzi, Judhasi mutengesesi kana shamwari yaJesu” *Judas, Betrayer or friend of Jesus?*. Dambudziko randiinano nebhuku iri nderokuti haritarisi zvakanaka zvinotaurwa muvhangeri yaJohani.

▣ **“pandukira”** Izwi rechiGiriki iri rinoshandurudzwa zvikuru uye muzvirevo zvezvinyorwa zvizhinji rinenge risina kwarakarerekera. Zvisinei, musungano nokti Judhasi akaendeswa Jesu kuvatongi, rinobva rava nechirevo chemabasa akaipa. Ona chinyorwa pa18:2.

MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Ko chikamu chaJpohani. 6 chingava nhaurirano yechidyo chemanheru chaIshe here?unodaro nei kana kuti haudaro nei?
2. Ko Jesu airevei paakati” “ndini chingwa choupenyu” ?
3. Sei Jesu akataura mitsara yaikatyamadza kudai kugungano iri?

JOHANI 7

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Kusatenda kwevanun'una vaJesu	Kusatenda kwevanun'una vaJesu	Jesu, Mvura youpenyu	Jesu nevanun'una vake	Jesu anokwira Jerusarema kumutambo uye anodzidzisa ko
7:1-9	7:1-9	7:1-9	7:1-9	7:01
Jesu aripamutambo wematumba	Mudzidzi wedenga		Jesu pamutambo wematumba	7:2-9
7:10-13	7:10-24	7:10-13	7:10-11	7:10-13
7:14-24		7:14-18	7:12-13	
7:14-24		7:14-18	7:14-15	
			7:16-19	
			7:20	
			7:21-24	7:14-24
			6:22-24	
Ndiye Kristu here?	Uyu angava Kristu here?		Ndiye Mesiasi here?	Vanhu vanotaura nezve mabviro aMesiasi
7:25-31	7:25-31	7:25-31	7:25-27	7:25-27
			7:28-29	7:28-29
			7:30-31	7:30
Mapurisa anotumwa kunosunga Jesu	Jesu nevakuru vechitendero		Mapurisa anotumwa kunosunga Jesu	Jesu anotaura nezve kuenda kwake
7:32-36	7:32-36	7:32-36	7:32-36	7:31-34
			7:35-36	7:35-36
Nzizidemvura mhenyu	Vimbiso yeMweya Mutsvene		Nzizi dzvemvura inopa upenyu	Vimbiso yemvura mhenyu
7:37-39	7:37-39	7:37-39	7:37-39	7:37-38
				7:39

Kupesana pakati pevanhu	Ndiani?		Kupesana pakati pevanhu	Ruzivo rutsva pamusoro pemabviro aMesiasi
7:40-44	7:40-44	7:40-44	7:40-44	7:40-44
Kusatenda kwevatungamiri	akarambwa nevatungamiri		kusatenda kwevakuru vevaJudha	
7:45-52	7:45-52	7:45-52	7:45 7:46 7:47-49 7:50-51 7:52	7:45-52

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyorori. Ndiyo zve hwaro hwekupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

RUONO RWEZVIRI MUGWARO RWENDIMA. 1-52

A. Muronga wezviku. 5 na6 ndewechimiro chenguva yemutambo wePasika. Muronga wechikamu. 7:1 kusvika kuchikamu. 10:21 ndewechimiro chemutambo wematumba (7:2ff).

B. Mutambo wematumba wakanga uri wekuvonga goho (uyowo waidanwa kuti mutambo wekuunganidza pakupera kwegore, cf. Ekisodho. 23:16; 34:22). Yaivawo nguva yokurangarira kubuda muljipita (waidanwawo kuti mutambo wematumba, cf. Revhitiko. 23:29-44 naDhuteronomi. 16:13-15). Mutambo uyu waiitwa pazuva rechigumi neshanu mumwedzi waGunyana kana kutanga kwaGumiguru.

C. Chikamu. 7 na8 ruvengo rwevaJudha oamusoro pokutyora murayiro weSabata kwaiitwa naJesu (5:16) uye nokutaura kwake kuti iye aiva mumwe naMwari'YHWH' (5:18). Tarira uone kuti chinyorwa chinyorwa chinoburitsa rungani twavakaedza ku

1. Kumusunga, 7:30, 32, 44; 10:39
2. Kumuuraya, 7:1, 19, 25; 8:37, 40 (pamwewo na11:53)

DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :7:1-9

¹Shure kwaizvozvo Jesu akafamba muGaririya; nokuti akanga asingadi kufamba muJudhea, nokuti vaJudha vakanga vachida kumuuraya. ²Zvino mutambo wavaJudha wamatumba wakanga uripedyo. ³Naizvozvo vanun'una vake vakati kwaari, "Ibva pano uende Judhea, kuti vadzidzi vako vaonewo mabasa ako aunoita. ⁴Nokuti hakuna munhu unoitwa chinhu chinyararire, kana iye amene achida kuzivikanwa; kana iwe uchiita izvi, uzviratidze kunyika."⁵Nokuti navanun'una vake vakanga vasingatendi kwaari.

⁶Ipapo Jesu akati kwavari, "Nguva yangu ichigere kusvika; asi nguva yenyu inogara yakagadzirwa.

⁷" Nyika haingakuvengei imi; asi inondivenga ini, nokuti ndinoipupurira, kuti mabasa ayo akaipa. ⁸Kwirai kumutambo imi; ini handiti ndokwira kumutambo, nokuti nguva yangu ichigere kusvika kwazvo."⁹Akati areva izvozvo kwavari, akagara Gaririya.

7:1" shure kwaizvozvo" Iyi inzira yokudoma chiitiko kwazvo kwazvo, kwete kudoma zvechinguvana (cf. 5:1; 6:1; 7:1; 21:1)

☐ **"vaJudha vakanga vachida kumuuraya"** Muvhangeri yaJohani, mutsara wokuti "vaJudha "unechirevo chouipi (cf. 1:19; 2:18, 20; 5:10, 15, 16; 6:41, 52; 7:1, 11, 13, 35; 8:22, 52, 57; 9:18, 22; 10:24, 31, 33; 11:8; 19:7, 12; 20:19). Ruvengo nechinangwa choumhondi chavo chakanyorwa kakawanda (cf. 5:16-18; 7:19, 30, 44; 8:37, 40, 59; 10:31, 33, 39; 11:8, 53).

7:2 "mutambo wavaJudha wamatumba" Uyu mutambo waidanwawo kuti mutambo wematabhanekeri (cf. Revhitiko. 23:34-44; Dhuteronomi. 16:13-17) nokuda kwokuti panguva yokukohwa varimi vaigara mutumatumba kuminda, izvo zvairangaridza vaJudha rwendo rwavo rwokubuda muJipita. Kupira nedzidziso yokunamata yemutambo uyu ndiyo inopa hwaro hwedzidziso yaJesu muna. 7:1-10:21 sezvinoitawo Pasika muzvikamu. 5-6.

7:3 "vanun'una vake" Apa ndipo pokutanga panotaurwa nezvevemhuri yaJesu kubva muna. 2:12. Zviripachena kuti havanzwisise zvaano vavarira, nzira kana chinangwa.

☐ **"ibva pano uende Judhea"** Izvi zvaireva kwazvo kwazvo mudungwe wevafambi vechinamato (cf. Ruka. 2:41-44) avo vaibva kuGaririya vachienda kuJerusarema. Rangarira kuti vhangeri yaJohani inotaura zvikuru pamusoro poushumiri hwaJesu muJerusarema.

7:4 "pachena" Tarira nhaurwa inokosha inotevera.

NHAURWA INOKOSHA :USHIMHWA (*PARRESIA*)

Izwi rechiGiriki iri nderemubatanidzwa wezwi rokuti” zvole” (*pan*) nerokuti” mutauriro” (*rthesis*). Rusununguko urwu kana ushimhwa mumatauriro hwaiwanzoreva ushimhwa pakupikiswa kana kurambwa (cf. Johani. 7:13; 1vaTesaronika. 2:2).

Muzvinyorwa zvaJohani (rakasahndiswa kagumi netatu) rinowanzoreva kududza pachena9cf. Johani. 7:4, nemuzvinyorwa zvaPaurowo, vaKororse. 2:15). Zvisinei, nedzimwe nguva rinongoreva kuti” zvazviri” (cf. Johani. 10:L24; 11:14; 16:25, 29).

MunaMabasa vapositori vanotaura shoko pamusoro paJesu nenzira imwecheteyo (noushimhwa) semataurire anoita Jesu pamusoro paBaba nemazano pamwe nevimbiso dzavo (cf. Mabasa. 2:29; 4:13, 29, 31; 9:27-28; 13:46; 14:3; 18:26; 19:8; 26:26; 28:31). Pauro akakumbirawo kunyengeterwa kuti aparidze vhangeri noushimhwa (cf. vaEfeso. 6:19; 1vaTesaronika. 2:2) nokurarama vhangeri (cf. vaFiripi. 1:20).

Pane imwewo nyaya pamusoro peizwi iri. Mutauro wechiHebheru unorishandisa nenzira yokureva Ushimhwa hwaKristu hwokusvika kunaMwari nokutaura naye (cf. vaHebheru. 3:6; 4:16; 10:19, 35). Vatendi vanogamuchirwa muukama hwemandorokwati nababa kuburikidza noMwanakomana!

Rinoshandiswa nenzira dzakasiyana mutestamende itsva.

1. Kuzvivimba, ushimhwa, kana simbiso inesungano ne
 - a. Varume (cf. Mabasa. 2:29; 4:13, 31; 2vaKorinde. 3:12; vaEfeso. 6:19)
 - b. Mwari (cf. 1Johani. 2:28; 3:21; 4:12; 5:14; vaHebheru. 3:6; 4:16; 10:19)
2. Kutaura pachena, zvazviri, kana zvisingarevi zvakawanda (cf. Mako. 8:32; Johani. 7:4, 13; 10:24; 11:14; 16:25; Mabasa. 28:31)
3. Kutaura pachena (cf. Johani. 7:26; 11:54; 18:20)
4. Chitarisiko chenichoche (*parrhesiazomai*) rinoshandiswa kureva kuparidza noushimhwa munguva yakaoma (cf. Mabasa. 18:26; 19:8; vaEfeso. 6:20; 1vaTesaronika. 2:2)

Muchirevo chechinyorwa chino rinoreva kuzvivimba kwenguva yemagumo. Vatendi havatye kuuya kwaKristu kwepiri; vanokugamuchira nomufaro wokuzvivimba nokuti ivo vanogara munaKristu uye vanorarama upenyu hwokuva saKristu.

▣ **“kana”** Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokuva wechokwadi pamaonero emunyori.

▣ **“uzviratidze kunyika”** Jesu akatora mashandisiro avanoita izwi rokuti” nyika” mundima. 4 achitaura pamusoro paro mundima. 7. Nyika yakanga isinga mugamuchire nokumufarira, asi yaimuvenga (cf. 15:18-19; 17:14; 1Johani. 3:13) nokuti aiburitsa hupanduki nezvivi zvayo (cf. 3:19-20).

Nzira yevanun’una vaJesu yokuti azviratidze (kureva., zvishamiso) yakanga yakasiyana zvikuru neyaJesu amene (chippiyaniso). Apa ndipo panobuda pachena chiporofita chaIsaya. 55:8-11!

7:5 “nokuti nabanun’una vake vakanga vasingatendi kwaari” Iyi ndiyo imwe nhaurwa youpepeti hwemunyori. Zvaifanira kunge zvakanga zvakaoma kugamuchira Jesu saMesiasi, iwe wambokura naye mumba imwechete (cf. Mako. 3:20-21). Jesu aida zvikuru vanun’una nehanzvadzi dzake. Chimwe chezvinangwa zvake zvokuonekwa mushure mokumuka kuvakafa chaiva chokuzviratidza kwavari. Vakazotenda (cf. Mabasa. 1:14) !Jakobho ndiye akazova mutungamiri wekereke yeJerusarema. Uye vose Jakobho naJudhasi vakanyorawo mabhuku ari mutestamende itsva.

7:6 “nguva yangu ichigere kusvika” Izwi rokuti” nguva” (*kairos*) rinowanikwa pano (ruviri) nemundima. 8 mutsamba dzevhangeri yaJohani. Gwaro reBAGD rinopa zvirevo zvitatu.

1. Nguva yokugamuchirwa (kureva., 2vaKorinde. 6:2)
 - Imwe nguva (kureva., Ruka. 4:13)
 - Nguva yakatarwa (kureva., Mako. 13:33; Mabasa. 3:20; 1Petirosi. 1:11)
2. Nguva chaiyo kana yakafanira
 - Nguva chaiyo (kureva., Mateu. 24:45; Ruka. 1:20)
 - Nguva yakamisirwa (kureva., Johani. 7:8; 2Timoti. 4:6)
3. Nguva yemagumo (kureva., Ruka. 21:8; vaRoma. 13:11; 1vaTesaronika. 5:1; 2vaTesaronika. 2:6)

Tsanangudzo yepiri neyechitatu dzinoruvanzarira rwezvirevo runozereredzana.

Jesu ainzwisisa utmwa hwake (cf. 12:23; 13:1; 17:1-5). Paiva nenguva yakanga yakanga yakarongwa naMwari yokuitika kwezviitiko izvi (cf. Ruka. 22:22; Johani. 7:30; 8:20; Mabasa. 2:23; 3:18; 4:28).

7:7” nyika” Tarira nhaurwa inokosha :nyika (*kosmos*) pa14:17.

7:8

NASB “Kwirai kumutambo imi, ini handiti ndokwira kumutambo”

NKJV “Imi kwirai kumutambo, ini handisati ndokwira kumutambo”

NRSV, NJB “Endai kumutambo imi pachenyu, ini handiendi kumutambo uyu”

TEV “Imi endai zvenyu kumutambo, ini handisi kuenda kumutambo uyu”

Zvinyorwa zvakare zvizhinji zvehiGiriki (N, D, naK) hazvina izwi rinotsanagura chiito rokuti” ichi.”Zvinoratidza sokuti izvi zvakawedzerwa nevanzveri vemagwaro senzira yokuedza kubvisa kusafambirana kuripachena pakati pendima. 8 na10. Izwi rinotsanagura chiito iri rinowanikwawo mugwaro reUBS P⁶⁶, P⁷⁵, B, L, T, naW (NKJV, testamende itsva yemakore zviuru zviviri zvokutanga, NIV)

Mutsara uyu unogona kunzwisiswa sokuti.

1. Handiendi nemi (kana zvinangwa zvenyu)
2. Handiendi pava pakati pezuva rechisere remutambo (kuratidza kuburikidza nezvimiso zvemutambo)

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :7:10-13

¹⁰Zvino vanun’una vake vakati vakwira kumutambo, iye akabva okwirawo, asingaendi pachena, asi panenge sepakavanda. ¹¹Zvino vaJudha vakamutsvaka pamutambo, vakati, “Aripo iye?” ¹²Kugunun’una kukuru kukavapo pakati pavazhinji pamusoro pake, vamwe vachiti, “Akanaka, “vamwe vachiti, “kwete anotsausa vanhu vazhinji.”¹³kunyange zvakadaro kakanga kusina munhu aitura pachena pamusoro pake, nokuti vakatya vaJudha.

7:11 “vaJudha” Muchikamu chino mune mapoka mana anosangana naJesu.

1. Vanun’una vake
2. “vaJudha, “izvo zvinoreva vatungamiri vechitendero
3. “ruzhinji” vafambi vechitendero avo vaienda kumutambo wematumba

4. “vanhu vemuJerusarema, “vaiva vanhu vemunharaunda avo vaiziva dare guru ravaJudha pamwe nourongwa hwaro hwekuuraya Jesu

7:12 “kugunun’una kukuru kukavavapo pakati pavazhinji pamusoro pake” Izvi ndizvo chaizvo zvinoitiswa nevhangeri pakati peruzhinji. Izvi ndizvo zvinoratidza kusiyana kwezvipa zvemweya pamwe nezvidanhi zvokunzwisisa zviri muvanhu (cf. 7:40-44).

▣ **“anotsausa vanhu vazhinji”** Izwi rechiito rokuti *plana*ōrinoshandiswa kureva

1. Vadzidzisi venhema (kureva., Mateu. 24:11; 2Timoti. 3:13; 1Johani. 1:8; 2:26; 3:7)
2. vaMesiasi venhema (kureva., Mateu. 24:4-5, 24; muvhangeri yaJohani vevaJudha nyangwe zvazvo Jesu akanga ari iye (cf. Johani. 7:12, 47; Mateu. 27:63)
3. vanhu vaizvitsausa (cf. 1vaKorinde. 3:18; 1Johani. 1:8) kana
4. kutsauswa (cf. 1vaKorinde. 6:9; 15:33; vaGaratiya. 6:7; Jakobho. 1:16)

Izwi iri raishandiswawo kureva misendosendo yaisatevera denderedzi renyeredzi. Yaidanwa kuti “nheterekwa.”

7:13” vaJudha” Ruzhinji rwose rwaiva vaJudha. Izvi zvinoratidza pachena masahndisirwe anoitwa izwi iri naJohani kureva vatungamiri vechitendero muJerusarema. Tarira chinyorwa pa7:1.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :7:14-18

¹⁴Zvino kwakati pava pakati pomutambo, Jesu akakwira kutemberi, akatanga kudzidzisa.

¹⁵ Naizvozvo, vaJudha vakashamiswa vachiti, “Munhu uyu anoziva Seiko mabhuku zvaasina kumbodzidza?”

¹⁶Jesu akapindura akati, “kudzidzisa kwangu hakusi kwangu, asi ndokwaakandituma.

¹⁷kana munhu achida kuita kuda kwake, achaziva kana kudzidzisa uku kuchibva kunaMwari, kana ndichizvitaaurira ndimene.

¹⁸” Anozvitaaurira, anotsvaka kukudzwa kwake; asi anotsvaka kukudzwa kwoakamutuma, ndiye wechokwadi, hapana kusarurama maari.”

7:14” zvino kwakati pava pakati pomutambo” Hazvinyatso zivikanwi kuti sei Jesu akamira kusvikira panguva iyi, asi unogona kutaura kuti izvi zvaipa nguva kuvafambi vezvitendero pamwe nevemuguta kuti vambotanga vataura pamusoro pake noshumiri hwake. Zvaipawo vaJudha nguva yokuratidza ruvengo rwavo (cf. ndima. 13).

▣ **“kudzidzisa”** Mataurirwo anoitwa zviitiko naJesu anoitwa nenzira yoku

1. Dzidzisa, Mateu. 4:23; 5:2, 19; 7:29, nezvimwewo; Johani. 6:59; 7:14, 28, 35; 8:20, 28
2. Paridza, Ruka. 4:18; 7:22; 9:6, 20:1

Zviitiko izvi zvinoshandiswa zvakanana pakureva Jesu achitaura chokwadi chaMwari kuvanhu vaakasika. Ratidzo yakagara yakaitirwa kupa ruzivo nokushandura. Yaitsvaka rutemo runofamba pamwe neshanduko yemararamiro. Chokwadi chinoshandura zvinhu zvose!

7:15” munhu uyu anoziva Seiko mabhuku zvaasina kumbodzidza” Izvi zvaireva kuti akanga asina kumboenda kuzvikoro zvevaRabhi, kana kuva mudzidzi wemumwe wevaRabhi vaiva

nomukurumbira. Kusahndiswa kwomutsara wokuti” munhu uyu” kunechirevo chokusvora (cf. 18:17, 29).

Dzidziso yaJesu yaigaro shamisa avo vaimunzwa (cf. Mako. 1:21-22; Ruka. 4:22) nokuda kwe (1) zvayaiva nazvo ne (2) chimiro chayo. Vamwe vaRabhi vaitsinhanisirana dzidziso, Jesu aiti anотора dzidziso kuna Mwari!

7:16 Jesu aisangoratidza kuzviisa pasi (tarira chinyorwa pa5:19) pababa kwake chete, asi kukuzivawo baba kwake zvakadzama. Vaiva nava dzidzisi vepanyika ; iye aiva nomudzidzisi wekudenga.

7:17” kana” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yechirevo chezvinogona kuitika muneremangwana (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Iri ndiro gangaidzo repfupiro yevhangero kupasi rose (cf. 1:12; 3:16) noutongo hwaMwari (cf. 6:44, 65). Mweya unofanira kuzarura mwoyo (cf. 16:8-13).

7:18 Jesu anotaure kuva ziiitakamwe kwake uko kunomusiyana nevatadzi (1) hazvitsvakiri kurumbidzwa; (2) anotsvaka kurumbidzwa kwababa; (3) ndowe chokwadi uye (4) haana zvivi.

“kukudzwa kwaiye” Tarira chinyorwa pa1:14.

“hapana kusarurama maari” Jesu anogona kutifira nokuti aisada kufira zvivi zvake iye amene (2vaKorinde. 5:21). Kusava nezvivi kwaJesu inyaya huru yezvidzidzo zvouMwari. Nyaya iyi inotaurwa kakawanda uye nenzira dzakasiyana siyana.

1. Ruka. 23:41
2. Johani. 6:69; 7:18; 8:46; 14:30
3. 2vaKorinde. 5:21
4. vaHebheru. 4:15; 7:26; 9:14
5. 1Petirosi. 1:19; 2:22 (Isaya. 53:9)
6. 1Johani. 2:29; 3:5, 7

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :7:19-24

¹⁹Mosesi haana kukupai murayiro here? Asi hakuna mumwe wenyu anoita murayiro. Munotsvakireiko kundiuraya?”

²⁰Vanhu vazhinji vakapindura, vachiti, “Uno mweya wakaipa iwe; ndianiko anotsvaka kukuuraya?”

²¹Jesu akapindura, akati kwavari, “Ndakaita basa rimwe, mukashamiswa mose.

²²Nemhaka iyi Mosesi akakupai dzingiso, (handiti ndeyaMosesi, asi yamadzibaba) ; zvino imi munodzingisa munhu neSabata.

²³” Zvino kana munhu angadzingswa neSabata, kuti murayiro waMosesi urege kutyorwa, koi mi monditsamwira nokuti ndakaporesa munhu wose neSabata here?²⁴Musatonga nezvinoonekwa, asi tongai nokutonga kwakarurama.”

7:19 Zvivakamutauro pano zvinotarirsira mhinduro yokuti” hongu.”

☐ “asi hakuna mumwe wenyu anoita murayiro” Izvi zvinofanira kunge zvakakatyamadza vaJudha avo vakanga vauya pamutambo wetsika dzavo muJerusarema.

Murayiro waMosesi wairambidza zvakajeka kuronga kuponda, asi izvi ndizvo chaizvo zvairongwa nevatungamiri ava. Vagari vemuguta vaiziva nezvehurongwa uhwu asi vaisada kuhumisa kana kuratidza kusazvifarira kwavo.

▣ **“munotsvakireiko kundiuraya”** Mubvunzo wendima. 20 haubvi kuvatungamiri vechitendero, asi kuruzhinji rwevafambi vechitendero avo vaisaziva nezvehurongwa hwokumuuraya. Pava paya, vagary vemuJerusarema vakazoziva nezvohurongwa hwokuurayiwa kwaJesu.

Vakuru vechitendero ava vakapomerawo Jesu mhosva yokuva namadhimoni senzira yokutsanagura simba neuchenjeri hwake (cf. Mateu. 9:34; 11:18; 12:24; Mako. 3:22-30; Johani. 8:48-52; 10:20-21).

7:20” uno mweya wakaipa iwe” Zviripachena kuti munhu wose akaona Jesu kuti akazivawo kuti aiva nemasimba emweya. Mubvunzo ndowekuti samba rake iri raibvepi?vatungamiri vevaJudha havaitongoramba “zviratidzo nezvishamiso” zvaJesu saka vakati samba rake iri raibva kunaSatani pamwe nemweye yakaipa (cf. 8:48-49, 52; 10:20).

Muchirevo chechinyorwa chino, ruzhinji rwevafambi vechitendero avo vakanga vauya kumutambo wematumba, vanoshandisawo mutsara mumwechetewo, asi nenzira yakasiyana. Varikuti ivo Jesu arikuita hunhu husingaratidze kufunga uye hweupenzi.

NHAURWA INOKOSHA:MADHIMONI (MWEYA YETSVINA)

- A. Vanhu vakare vaiita zvemitupo. Vaitsanangura maitiro evanhu maringe nemasimba ezvakasikwa, mhuka nezvimwewo zvinhu. Hupenyu hwaitanangurwa kuburikidza nesungano pakati pezvinhu zvemweya izvi nevanhu.
- B. Kuita uku ndiko kwakazova tsika yokunamata vamwari vakawanda. Kazhinji madhimoni (*genii*) ndiwo aiva vamwari vepasi kana kuti vanhu vaiva nesimba ramwari (rakanaka kana rakaipa) iro raibata muupenyu hwevanhu.
 1. Mesopotamia, hondo nokusagadzikana
 2. Ijipita, kugadzikana nokushanda zvakana
 3. Kenani, verenga bhuku ravaW. F. Albright rinonzi, humboo hwakawanikwa mukuchera pamwe nechinamato cheIsiraeri “*Archeology and the religion of Israel*, rakaitwa rwechishanu, pp, 67-92”
- C. Testamende yekare haitaure nezvenyaya yevamwari vadiki ngirozi kana madhimoni, izvi zvinogona kudaro nokuda kwekusimbisa kwayo nyaya yokunamata Mwari mumwechete (cf. Ekisodho. 8:10; 9:14; 15:11; Dhuteronomi. 4:35, 39; 6:4; 33:26; Mapisarema. 35:10; 71:19; 86:8; Isaya. 46:9; Jeremiya. 10:6-7; Mika. 7:18). Inotaura pamusoro pevamwari venhema vedzimwe ndudzi (*shedim*, cf. Dhuteronomi. 32:17; Mapisarema. 106:37) uyewo inotodoma vamwe vevamwari ava.
 1. *se'im* (madhimoni ezvifananidzo dzenhongo nemhuru, cf. Revhitiko. 17:7; 2Makoronike. 11:15)
 2. *Lilith* (dhimoni rechikadzi rokufeva, cf. Isaya. 34:14)
 3. *Mavet* (izwi rechiHebheru rokureva rufu iro raishandiswa kudana mwari wevaKenani, *Mot*, cf. Isaya. 28:15, 18; Jeremiya. 9:21; pamwewo naDhuteronomi. 28:22)
 4. *Rasheph* (matambudziko, cf. Dhuteronomi. 32:24; Mapisarema. 78:48; Habhakuki. 3:5)
 5. *Dever* (zvinovhundusa, cf. Mapisarema. 91:5-6; Habhakuki. 3:5)

6. *Az'azel* (chirevo chezita iri hachinyatsozivikanwi, asi rinogona kureva dhimoni romugwenga kana zita renzvimbo, cf. Revhitiko. 16:8, 10, 26)

(mienzaniso iyi yakatorwa kubva mudura mazwi guru rechiJudha” *Encyclopedia Judaica*, vol. 5. p1523.) “

Zvisineyi, mutestamende yekare hamuna hunyambiri kana ngirozi dzinozvimirira dzoga dzisina Mwari’YHWH’. Satani anotsanagurwa semuranda waMwari’YHWH’ (cf. Jobho. 1-2; Zekariya. 3), kwete muvengi akazvimiririra uye anozvirongera (cf. verenga bhuku ravaA. B. Davidson rinonzi, dzidziso yezvouMwari yetestamende yekare” *A Theology of the Old Testament*, pp. 300-306).

D. Chinmato chechiJudha chakavapo panguva youdzingwa hwekuBhabhironi (586-538 B. C). Chinamoto ichi chakabatwa zvikuru neicho cheunyambiri chekuPesia chezoroastrianism, icho chaiti kunaMwari wekumusoro akanaka anonzi *mazda* kana *Ormazd* neanopikisa uye akaipa anonzi *Ahriman*. Izvi ndizvo zvakakonzera kuti muchinamoto chechiJudha chakazova mushure moudzingwa makavawo nounyambiri pakati paMwari ‘YHWH’ nengirozi dzake uyewo naSatani nengirozi dzake kana kuti madhimoni.

Dzidziso yezvouMwari yechiJudha iyo iripamusoro pezvouipi yakanyorwa uye nokunyatso tsanangurwa mubhuku ravaAlfred Edershein rinonzi, hupenyu nenguva dzaJesu iye Mesiasi” *The Life and Times of Jesus the Messiah*, vol. 2, appendix 13 (pp. 749-863) and 16 (pp. 770-776). ChiJudha chaitsanangura chivi nenzira nhatu.

1. Satani kana kuti Sammael
2. Vavairo yakaipa (*yaidanwa kuti Yetzer hara*) nevanhu
3. Ngirozi yerufu

Edersheim anodana izvi kuti (1) mupomeri; (2) muedzi; uye (3) murangi (vol. 2. p. 756). Pane musiyano mukuru wedzidziso yezvouMwari pakati pechiJudha chemushure moudzingwa nokutura netsanangudzoyetestamende itsva panyaya youipi

E. Testamende itsva kunyanya dzivhangeri dzinotaura nezvokuvapo kwemweya yakaipa iyo kuitira Mwari). Mweya iyi inopikisana nokutonga utongo uye kuda kwaMwari.

Jesu akasangana uye akadzinga madhimoni aya, ayo anodanwawo kuti (1) mweya yetsvina (cf. Ruka. 4:36; 6:18) kana (2) mweya yakaipa (cf. Ruka. 7:21; 8:2), kubva muvanhu. Jesu akasiyanisa zvakajeka pakati pekurwara (panyama nepfungwa) nemadhimoni. Akaratidza samba nouchenjeri hwake paMweya nokudoma pamwe nokudzinga madhimoni aya. Kazhinji madhimoni aya aimuziva uye oedza kutaura naye, asi Jesu airamba kupupura kwawo, achiaudza kutiyanarare, uye oadzinga. Kudzinga madhimoni ndicho chiratidzo chokukundwa kweutongo hwaSatani

Pane kusavapo kunokatyamadza kwehorokodzwa mutsamba dzevapositori dzemutestamende itsva pamusoro penyaya iyi. Kudzinga mweya yetsvina hakuna kunyorwawo sechipo cheMweya, hapanawo kupiwa nzira kana maitirwo kuitira vashumiri vaizotevera kana vatendi.

F. Huipi hunorarama ; huipi ndohwepauzima; huipi huripo izvozvi. Mabviro kana chinangwa chahwo hachina kuburitswa. Bhaibheri rinotaura nezvekuvapo kwahwo uye rinopikisa zvakasimba kubata kwahwo. Mukurarama hamhuna hunyambiri chaihwo. Mwari ndiye ari pamusoro pazvose; huipi hunokundwa nokutongwa uye huchabviswa muzvisikwa.

G. Vanhu vaMwari vanofanira kupikisa huipi (cf. Jakobho. 4:7). Havangato tungamirwe nahwo (cf. 1Johani. 5:18), asi vanogona kuedzwa uye nesimba ravo rinozoparadzwa (cf. vaEfeso. 6:10-18). Huipi chinhu chakaburitswa mumaonero echiKristu. vaKristu

vemazuva ano Havana kodzero yokududza huipi patsva (kufumura kwakarehwa navaRudolf Baltman) ; Paradzai kuvapo kwehuipi (muronga wekugarisana wakarehwa navaPaul Tillich), kana kuedza kuhutsanangura maringe nedzidziso yemafungiro (dzidziso yavaSigmund Freud). Hunobata zvinorunya, asi huchingokundwa. vatendi vanosungirwa kuti vafambe mukukunda kwaKristu!

7:22

NASB, NKJV “(Handiti ndeya Mosesi, asi yemadzibaba) “

NRSV “(Zvokwadi haibvi kunaMosesi, asi kumadzibaba) “

TEV “(Nyangwe zvazvo yaisava yaMosesi, asi madzitateguru enyu ndiwo akaitanga) “

NJB “(---Kwete nokuti yakatanga naye, yakatanga nemadzibaba) “

Tsika yokudzingisa haina kutanga nomurayiro waMosesi (cf. Ekisodho. 12:48; Revhitiko. 12:3), asi yakapiwa kunaAbhurahamu senzira yokuratudza chisungo naMwari’YHWH’ (cf. Genesi. 17:9-14; 21:4; 34:22).

▣ **“Zvino imi munodzingisa munhu neSabata”** Nyaya huru yedorotori raJesu ndeyekuti vaida havo kusendeka mitemo yavo yeSabata kuitira kuti vadzingise mwana mudiki (cf. *shab.* 132a; *sabh.* 18:3; 19:1-6), asi vaisada kusendeka mitemo yavo yeSabata kuti munhu aporeswe. Zvinokosha kuziva kuti, Jesu akanga achishandisa mafungiro nematauriro echiRabhi chechiJudha muchikamu chechinyorwa chino chose.

7:23” kana” Uyu ndiwo mutsara unesngedzo yefungidziro yekuva wechokwadi kubva pamaonero emunyorori.

▣ **“koi mi monditsamwira nokuti ndakaporesa munhu wose neSabata here”** Izvi zvinogona kureva kuporesa kwakaitwa naJesu uko kwakanyorwa muna. 5:1-9 kana kumwewo kuporesa kusina kunyorwa nezvako panguva yemutambo.

Izwi rechiGiriki rokuti” kutsamwa” (*chalaō*) harina kujairika uye rinowanikwa pano chete mutestamende itsva. Rinowanikwawo apo neapo muzvinyorwa zvechiGiriki (BAGD, p. 883 neMM, p. 689). Rine hochekeche nezwi rokuti” nduru” (*chole*, cf. Mateu. 27:34). Zvakaita kuti Jesu ashandise izwi iri (kureva chirevo charo) hazvinyatso zivikanwi. Zvinogona kureva “kutsamwa kwoutsvene” nenzira yokuti vaifunga kuti varikudzivirira kuda kwaMwaripamwe nemirayiro yake, iyo yaityorwa naJesu.

7:24” musatonga nezvinoonekwa, asi tongai nokutonga kwakarurama” Chirevo chezvirikudokwairirwa kuti zviitwe (PRESENT IMPERATIVE) chine chirevanguva chetsiudzo (NEGATIVE PARTICIPLE), izvo zvinoreva kumiswa kwezvirikuitwa. Chinoteverwa nechirevo chezvacadokwairirwa kuti zviitwe (AORIST IMPERATIVE), icho chinoreva shuviro yokuchimbizka. Izvi zvinogona kunge zvichitsigirana naIsaya. 11:3.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :7:25-31

²⁵Zvino vamwe veJerusarema vakati, “ko haasi iye wavaitsvaga kuuraya here?²⁶Tarirai anotaura pachena, vasingarevi chinhu kwaari. ko vakuru vanoziva here kwazvo kuti ndiye Kristu?²⁷Zvino uyu tinoziva kwaanobva, asi Kristu kana achisvika, hakuna munhu angaziva kwaanobva.”

²⁸Zvino Jesu akadanidzira mutemberi, akadzidzisa achiti, “Munondiziva munoziva nepandakabva; handina kuuya ini ndimene, asi akandituma ndiye wechokwadi, wamusingazivi imi. ²⁹ini ndinomuziva nokuti ndinobva kwaari; ndiye akandituma.”³⁰Naizvozvo vakatsvaka kumubata, asi kwaknga kusina munhu akaisa ruoko kwaari, nokuti nguva yake yakanga isati yasvika. ³¹Asi vamwe vazhinji vakatenda kwaari, vakati, “Kana Kristu achizovika, angaita zviratidzo zvizhinji kunezvizvi zvakaitwa nouyu here?”

7:25” ko haasi iye wavaitsvaga kuuraya here” chmiro chechivakamutauro ichi chinotarisisira mhinduro yokuri “hongu” (cf. 5:47; 7:19). Uyu ndiwo mubvunzo wokutanga padungwerungwe remibvunzo mundima. 36.

7:26

NASB, REV,

NET “Anotaura pachena”

NKJV “Anotaura noushimhwa”

NRSV, NJB “Anotaura pachena”

Tarira nhaurwa inokosha :ushimhwa (*parrhesia*) pa7:4.

▣

NASB “Ko vakuru vanoziva here kwazvo kuti ndiye Kristu “

NKJV “Kovakuru vanoziva here kwazvo kuti ndiye Kristu”

NRSV “Zvingaita here kuti vakuru vanoziva kuti ndiye Kristu”

TEV “Zvingaita zvechokwadi here kuti vakuru vanoziva kuti ndiye Kristu”

NJB “Zvinga izvo here kuti vakuru vaziva kuti ndiye Kristu”

Chivakamutauro ichi chinotarisisira mhinduro yokuti” kwete”. Zvisineyi, chinoratidzawo zvinogona kuitika (cf. 1:31; 4:29).

7:27 “uyu tinoziva kwaanobva; asi Kristu kana achisvika, hakuna angaziva kwaanobva”

Izvi zvinoreva dzidziso yevaRabhi pamusoro paMesiasi iyo inobva muchiporofita chaMaraki muna. 3:1 chokuti Mesiasi achaonekwa chiriporipo mutemberi. Izvi zvinowanikwa muna1Enoki. 48:6 na4Ezirasi. 13:51-52.

7:28 Mundima ino Jesu anotaura mitsara miviri.

1. Kuti Mwari ndiye akamutuma (cf. 3:17, 34; 5:36, 38; 6:29; 7:29; 8:42; 10:36; 11:42; 17:3, 18, 21, 23, 25; 20:21)

2. Kuti havazive Mwari (cf. 5:37, 42; 8:19, 27, 54-55; 16:3)

Johani anonyora kuti Jesu “akadanodzira” (cf. 7:37; 12:44; Mateu. 8:29). Jesu akataura nezwi riri pamusoro kuti anzwikwe. Neimwe nzira izvi zvinoshanada kwazvo kwazvo sokuti kutanga kwakaita Jesu kusahndisa izwi rokuti” Ameni, ameni.”Aida kuti mitsara yendyaringo iyi ikumikidzwe!Ndima. 29 inoatidza dambudziko!Vanofunga kuti anobva kuGaririya (cf. ndima. 41), asi zvokwadi iye anobva kudenga!

▣ **“akandituma ndiye wechokwadi”** Baba ndevechokwadi (cf. 3:33; 8:26; 1Jhani. 5:20). Tarira nhaurwa inokosha pa6:55

7:29” ini ndinomuziva nokuti ndinobva kwaari, ndiye akandituma” Uhwu ndihwo humwe hnyambiri hwekuringa kudenga hwemuvhangeri yaJohani. Vatungamiri vevaJudha vaiti uku kwaiva kunyomba uye zvakabva zvasimbisa chido chavo chokuuraya Jesu. Tarira nhaurwa inokosha :Tuma (*Apostellō*) pa5:24.

7:30” vakatsvaka kumubata” Uyu mutsara wakashongedzwa nechirevanguva chezwi rechiito rokureva zvakaitika (IMPERFECT VERB TENSE) icho chinoreva (1) vakatanga kutsvaka kumubata kana (2) vakaedza kakawanda kumubata asi vaitya kukonzera nyonga nyonga nevakambi vechitendero avo vaotenda kuti ndiye Mesiasi.

▣ **“nokuti nguva yake yakanga isati yasvika”** Iyi idzokororo yedimikira rechiporofita rinoreva muronga wenguva unoutsvene (cf. 2:4; 7:6, 30; 8:20; 12:23, 27; 13:1; 17:1).

7:31” Asi vamwe vazhinji vakatenda kwaari” uku kwaiva kutenda munaKristu kwechokwadi nyangwe zvazvo kwaiva kuine kusanzwisisa pamusoro pebasa raMesiasi. Hapana anokutenda “kwakarurama” (cf. Nowa, Abhurahamu, Mosesi, Dhavhiti, vane gumi navaviri) Tarira nhaurwa inokosha pa2:23.

Izvi ndizvo zvinowanzoitika kana vhangeri raturwa. vamwe vanotenda, vamwe vanopokana uye vamwe vanotsamwa. Heino njigwa yezvakavanzika zve

1. Sarudzo tsvene
2. Kuva nezvivi kwevanhu

Pane zvakavanzika pano. Ndingaro katyamadzwa nokuvapo kwokusatenda ipo paine chiedza chakawanda kudai. Aya ndiwo anogona kuva mabviro emazwi aJesu pamusoro pokupesana nhengo dzemhuri imwe. Vhangeri rinounza rugare kunavamwe pamwe nokuunza kupesana kunavamwe!

▣ **“Kristu achizosvika angaita zviratidzo zvizhinji kunezvizvi zvakaitwa nouyu here”** chivakamutauro chechiGiriki chinotarisa mhinduro yokuti” kwete.”

Gwaro ravaGeorge E Ladd rinonzi dzidziso yezvouMwari yetestamende itsva” *ATheology of the New Testament*” rine nhaurwa inofadza kwazvo pamusoro pe” zviratidzo” zvokurudzira kutenda munaJesu:

Nyaya yehochekeche yezviratidzo nokutenda haina kupfava, nokuti humboo hunoita sokuti hunonongedza makwara maviri akasiyana. nedzimwe nguva zviratidzo zvinoitirwa kuisa vanhu mukutenda munaJesu (2:23; 6:14; 7:31; 10:42). Norumwewo rutivi kuna avo vakaona zviratidzo asi Havana kutenda (6:27; 11:47; 12:37) Zvakadaro, Jesu anotuka vaJudha nokuti havangatotendi kana vasina kuona zviratidzo (4:48; 6:30). Mhinduro inofanira kuwanikwa mukukakavadzana kwezviratidzo nekutenda. Zvinotoda kutenda kuti uone chirevo chezvokwadi chezviratidzo pamwe nekupupurira Jesu kwazvinoita; kuna avo vakanga vasina rutendo, zviratidzo zvnongori mashura asina zvaanoreva. Kuna avo vanorudaviro, zviratidzo ndizvo zvinosimbisa nokudzamisa kutenda. Zviri pachena kuti zviratidzo mzvaJesu zvakanga zvisri zvokumanikidza vanhu kutenda. Norumwe rutivi, mabasa aJesu imhupiro yakakwana kuna avo vanogona kuona zviri kuitika muushumiri hwake. Mabas aJesu achabatsira senzira yokubata nemhosva pamwe nokusimbisa mapofu mukutadza kwavo (p. 274).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :7:32-36

³²Zvino vaFarisi vakanzwa vanhu vazhinji vachigununa izvozvo pamusoro pake; vapristi vakuru navaFarisi vakatuma mapurisa kundomubata. ³³Ipapo Jesu akati kwavari, “Ndichiri nemi nguva duku, ndigoenda kune akandituma. ³⁴Muchanditsvaka, asi hamungandiwani; uye apo pandiri, imihamungasvikipo.”

³⁵Zvino vaJudha vakataurirana, vachiti, “Uyo anoda kuendepiko, kwatingazomuwani? Ko anoda kuenda kuna vakapararira pakati pavaGiriki, kuti anodzidza vaGiriki here?” ³⁶Rinoti kudiniko iri shoko raareva, rokuti, ‘Muchanditsvaka, asi hamuchazondiwani, uye apo pandiri imi hamungasvikipo.”

7:32” vaFarisi navapristi vakuru” Izvi zvinoreva nhengo dzedare guru ravaJudha (tarira nhairwa inkosha pa3:1). Kwaingova nomupristi mukuru mumwechete, asi kubva panguva yokupambwa navaRoma, chigaro ichi chakava chezvematongerwo enyika uye chakanga chorwirwa nemhuri dzaive dzkapfuma dzechJudha, chichiitwa mutambidzanwa nenhengodzemhuri.

☐ **“vakatuma mapurisa kundomubata”** Izvi zvinoreva “mapurisa emutemberi” avo vanofanira kunge vakanga vari vaRevhi. Vakanga vasina masimba kana vari kunze kwenharaunda yetemberi (cf. cf. 7:45, 46; 18:3, 12, 18, 22).

7:33” ndichiri nemi nguva duku” Uyu ndiwo mutsara unonyanya kushandiswa muvhangeri yaJohani. (cf. 12:35; 13:33; 14:19; 16:16-19). Jesu aiziva kuti iye aiva ani, nokuti chii chaizoitika kwaari, uye nokuti riini (cf. 12:23; 13:1; 17:1-5).

☐ **“ndigoenda kune akandituma”** Izvi zvinoreva zviitiko zvokupedzisira muushumiri hwaJesu hwerudzikinuro:kuroverwa, kumuka kuvakafa, kukwira kudenga, nokudzoreredzwa kwerubwinyo rwakagara rwuripo (cf. 17:1-5; Mabasa. 1).

7:34 Mazwi aya anofanana zvikuru nemazwi enhaurwa yaJesu nevadzidzi vake muimba yepamusoro (13:33; cf. 7:36 ne8:21). Zvisinei, pano mazwi aya anoreva vasingatendi (kureva., ruzhinji, vagary vemuJerusarema, pamwe navatungamiri vechiJudha).

7:35-36” anoda kuenda kunavaka pararira pakati pava Giriki, kuti anodzidza vaGiriki here” Chivakamutauro chechiGiriki chinotarisa mhindiro yokuti” kwete.”Uku ndiko kumwe kushandiswa kwendyaringo. Uku ndiko kwagara kuri kuda kwaMwari (cf. Genesi. 3:15; 12:3; Isaya. 2:2-4). Panguva yemutambo wematumba, mombe hono makumimanomwe dzaibayirwa ndudzi dzepasi rose. vaJudha vaisungirwa kunamatira nokuunza chiedza kuvaHedheni. Izvi zvinogona kureva chimiro chetsika nemagariro chemutsara uyu. Izwi rokuti “vaGiriki” rakashandiswa nenzira yokureva “vaHedheni.”Izwi rokuti *disperiat* inoreva vaJudha vaigara munyika dzevaHedheni (cf. Jakobho. 1:1; 1Petirosi. 1:1). Uyu ndiwo mumwe muenzaniso wekutadza kunzwisisa madimikira aJesi kwakaitwa neruzhinji.

Uyu ndiwozve muenzaniso wehunyanzvi hweringanidzo yekumusoro yakaitwa naJesu. Ruzhinji haruna kumunzwisisa nokuti rwakatadza kupirikira madimikira ake edzidziso yo” kumusoro” ne” pasi”. Akanga abva kuna baba uye aizodzokera kunababa.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :7:37-39

³⁷Zvino nezuva rokupedzisira, zuva guru romutambo, Jesu akamira, akadanidzira akati, “Ani naani, kana ane nyota, ngaauye kwandiri, anwe. ³⁸Anotenda kwandiri, sezvazvakarehwa noRugwaro, nzizi dzemvura mhenyu dzichayerera dzichibva mukati make.’ “

³⁹Asi izvi akareva Mweya, aizopiwa avo vaitedna kwaari, nokuti Mweya akanga sati avapo, nokuti Jesu akanga asati akudzwa.

7:37” nezuva rokupedzisira, zuva guru romutambo” Pane mubvunzo wokuti mutambo wakanga uri wamazuva manomwe here (cf. Dhuteronomi. 16:13). kana kuti waiva mutambo wamazuva masere (cf. Revhitiko. 23:36; Nehemiya. 8:17; 2Maccabees. 10:60, pamwe naJosephus). Zviripachena kuti pamazuva aJesu mutambo uyu waiva wamazuva masere, zvisinei, pazuva rokupedzisira mvura yaisa cherwa pamatsime eSiroamu, ichidirwa pahwaro hweAritari sezvaitwa kwamazuva manomwe. Tinodzidza nezve mhembero idzi kubva mumagwaro etractate sukkah ari mugwaro guru retsika nemagariro echiJudha (Talmud), ayo anatora mazwi kubva munaIsaya. 12:3. Uyu unogona kunge waiva mufanidziro wemunamato wemvura yezvirimwa.

☐ **“kana”** Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yezvinogona kuitika muneremangwana (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE).

☐ **“ani naani anenyota”** Urwu ndirwo rudano rwokutenda munaJesu kupasi rose!tarira chinyorwa pa7:17

☐ **“ngaauye kwandiri anwe”** Jesu anoshandisa dimikira rimwechetero muna. 4:13-15. Izvi zvinogonawo kureva Jesu sedombo rouMesiasi iro rakapa mvura (cf. IvaKorinde. 10:4). Zviripachena kuti izvi zvinosungano nekoka kwakaitwa munaIsaya. 55:1-3 uye nemukana kwemvura pamutambo senzira yetsika.

Zvimwe zvinyorwa zvakare zvechiGiriki zvinosiya izwi rokuti” kwandiri” (cf. MSS P⁶⁶, N*, naD) rinowanikwa muzvinyorwa zvinoti P^{66C}, P⁷⁵, N^C, L, T, W, uye rinopiwa chirevo nechirevo chechinyorwa. Gwaro UBS⁴rinopa chipimo chepiri kukuvapo kwaro (kureva pedo nechokwadi). Muvhangeri yaJohani, vanhu banokurudzirwa kuvimba naye. Vhangeri iyi ndeye pazvima.

7:38” anotenda kwandiri” Tarira uone kushandiswa kwechirevanguva chinodoma zvirikuitika (PRESENT TENSE). Izvi zvinokumikidza hukama hwepauzima huneziendamberi uhwo hunorehwa munaJohani. 15 hwoku” gara.”Tarira nhaurwa inokosha:zvirevanguva zvemazwi echiGiriki okureva ruponeso pa9:7.

“sezvazvakarehwa noRugwaro” Zvakaoma kudoma rugwaro rune hochekeche nemazwi aya. Inogona kuvaIsaya. 12:3; 3:19-20; 4:3; 8:11; zekieri. 7:1; Joere. 3:18; Zekariya. 13:1; kana14:8, idzo dzinoreva dimikira rokureva mvura yemagumo inomirira kuvapo kwouMwari. Panyaya iyi mvura yakavimbiswa yenguva itsva yemakomborero okurima inoshandurudzirwa kudimikira rokureva chimiro mchomukati mechisungo chitsva. Mweya uhabata mumwoyo nemupfungwa (cf. Ezekieri. 36:27-38).

▣ **“nzizi dzemvura mhenyu dzichayerera dzichibva mukati make”** Pane mafungiro akawanda pamusoro peizwi rinesungano nezita

1. Jesu amene (cf. madzibaba ekereke yokutanga)
2. Vatendi vemene vakavimba naKristu
3. Jerusarema. Mururimi rweAramaic, izwi rinesungano nezita rokuti” make/ake/rake” muchimiro chechirume rinogona kureva zvimwechetezvo muchimiro chechikadzi, uye rinogonawo kureva guta (aya ndiwo manzwisisiro evaRabhi, cf. Ezekieri. 47:1-12 naZekariya. 14:8)

Pane nhaurwa pfupi pamusoro penzira mbiri dzemaonero, zvichibva pakuti munhu anoshandisa sei mihozera yokubatanidza mazwi kana mitsara pandima. 37b nendima. 38a mugwaro reNIDOTTE, vol. 1, p. 683.

Jesu azvidana kuti mvura mhenyu (cf. 4:10). Zvino muchirevo chechinyorwa ichi, arikureva Mweya mutsvene (cf. ndima. 39) uyo anopa nokuita mvura mhenyu muvateveri vaJesu. Izvi zvinofambirana nebasa reMweya rokuumba Kristu mumutendi (cf. vaRoma. 8:29; vaGaratiya. 4:19; vaEfeso. 4:13).

7:39” nokuti Mweya akanga asati avapo, nkuti Jesu akanga asati akudzwa” Zviripachena kuti izvi zvinoratidza kufunga kwaJohani pava paya (kureva., kupepetwa kwetsoropodzo) pamusoro pekukosha kwemutsara uyu (cf. 16:7). Zvinoratidzawo kukosha kwekarivhari nePendekositi zvose zvichionekwa se” kukudzwa” (cf. Johani. 3:14; 12:16, 23; 17:1, 5). Pane misiyano yakawanda yevanzveri vemagwaro panyaya yokuedza kutsanangura kuti Johani aiedza kurevei nemutsara mupfupi wake uyu.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :7:40-44

⁴⁰Zvino vamwe pakati pavanhu vazhinji vakati vachinzwa mashoko awa, vakati, “Zvirokwazvo uyu muporofita.”⁴¹vamwe vakati, “Uyu ndiye Kristu.”Asi vamwe vakati, “ko Kristu angabva Gaririya here? ⁴²Rugwaro haruna kureva here, kuti Kristu achabva kurudzi rwaDhavhiti, napamusha weBheterehema, paiva naDhavhiti?⁴³Naizvozvo kupesana kwakamuka pamusoro pake pakati pavazhinji. ⁴⁴Vamwe vakanga vachida kumubata; asi kwakanga kusina akaisa maoko kwaari.

7:40 “zvirokwazvo uyu muporofita” Izvi zvinotsigira vimbiso yaMesiasi yaMosesi iri munaDhuteronomi. 18:15, 18. Vazhinji vaipupura kuti Jesu aiva muporofita (cf. 4:19; 6:14; 9:17; Mateu. 21:11). Vaitenda simba raJesu, asi vaisamunzwisisa iye amene pamwe nebasa rake. Vechitendero cheIslam vanoshandisawo zita irori kureva Jesu, asi havanzwisise shoko rake.

7:41 “vamwe vakati, ’uyu ndiye kristu’ “Izvi zvinoratidza kuti izwi rokuti “kristu” rinoreva zvimwechetezvo nerechiHebheru rokuti” Mesiasi.”Iro rinoreva kuti” muzodzwa.”Mutestamende yekare madzimambo, vapristi, nevaporofita vaizodzwa sechiratidzo chokudanwa nokusimbiswa naMwari. Tarira nhaurwa inokosha:kuzodza mubhaibheri pa11:2.

▣ **“asi vamwe vakati, ’ko kristu angabva kuGaririya here’** “Zvivakamutauro zvechiGiriki zvinotarirsira mhinduro yokuti” kwete” pamubvunzo uyu. Asi ko munaIsaya. 9:1 munotarisirweiwo?

7:42 Chivakamutauro chemutsara uyu chinotarirsira mhinduro yokuti” hongu.”

▣ “rudzi rwaDhavhiti” (cf. 2Samueri. 7:; Mateu. 21:9; 22:42).

▣ “pamusha weBheterehema, paiva naDhavhiti” Uku ndiko kumwe kushandiswa kwendyaringo (cf. Mika. 5:2-3 naMateu. 2:5-6).

7:43 Jesu neshoko rake aiwanzokonzera kupesana (cf. 7:48-52; 9:16; 10:19; Mateu. 10:34-39; Ruka. 12:51-53). Izvi ndizvo zvakavanzika zvemufananidzo wevhu (cf. Mateu. 13). Vamwe vanenzeve dzeMweya, vamwe Havana (cf. Mateu. 10:27; 11:15; 13:9, 15 [ruviri], 16, 43; Mako. 4:9, 23; 7:16; 8:18; Ruka. 8:8; 14:35).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :7:45-52

⁴⁵Zvino mapurisa akauya kuvapristi vakuru nokuvaFarisi, ivo vakati kwavari, “Makaregereiko kuuya naye?”

⁴⁶Mapurisa akapindura akati, “Hakuna munhu akatongotaura nokutaura kwomunhu uyo.”⁴⁷Naizvozvo vaFarisi vakapindura vakati, “Nemiwo matsauswa kanhi? ⁴⁸kuvakuru nokuvaFarisi kuno mumwe akatongotenda kwaari here?⁴⁹Asi vanhu ava vazhinji vasingazivi murayiro, vakatukwa.”

⁵⁰Nikodhimo, (uya akambouya kwaari, aiva mumwe wavo), akati kwavari, ⁵¹” Murayiro wedu unotonga munhu, vasati vambomunzwa, nokuziva chaanoita here?”

⁵²Vakapindura, vakati kwaari, “ko newewo uri weGaririya here? Nzvera uone kuti hakuna muporofita, anobva Gaririya.”

7:46” ivo vakati kwavari, ’hakuna munhu akatongotaura nokutaura kwomunhu uyo’ “Idzi indyaringo dzaJohani zvakare! Iyi imhupuro inoshamisa zvikuru.

1. Havana kutaura kutya kwavaiita ruzhinji, uko kwaigona kuva tsanagudzo yakavanakira
2. Mapurisa etemberi aya aibvumirana pamaonero avo avakanga vaita Jesu, asi ruzhinji rwaiva rwusingabvumirane
3. Varume ava vakanga vakajaira kuita zvavainge vaudzwa kwete kuzvifungira.

7:48 “kuvakuru nokuvaFarisi kuno mumwe akatongotenda kwaari here” Zvivakamutauro zvechiGiririki zvendima dzose dziri mbiri, ndima. ⁴⁷ ne⁴⁸ zvinotarirsira mhinduro yokuti” kwete.”Izwi rokuti” vakuru” rinoreva dare guru revaJudha. Pano tine vaSadhusi pamwe navaFarisi (dare guru rose ravaJudha). Avo vaigaro vengana zvikuru, vanobatana mukupikisa Jesu (cf. 11:47, 57; 18:3).

7:49 “asi vanhu vazhinji ava vasingazivi murayiro, vakatukwa” Izvi zvinoreva “vanhu venyika” (*am ha ares*) avo vaitarisirwa pasi nevakuru vezvitendero nokuti vaisatevera tsika nenzira yakanaka (cf. Dhuteronomi. 27:26). Ndyaringo dzaJohani dzinoenderera mberi dzichionekwa mundima. ⁵¹, umo Nikodhimo anovaudza kuti naivowo varikutyora murayiro nenzira yavanobata nayo Jesu.

Herino dambudziko rezvitendero. Ivavo vanotuka (*eparatos*, vanoonekwa pano chete mutestamende itsva) vanhuwo zvavo venyika, ndivo vanowanikwa vari ivo vakatuka vemene! kana chiedza chava rima, tarirai kusviba kweima iri! Ngwarirai, imi vezvitendero zvevakadzidza zvezvema ano!

7:51 “murayiro wedu, unotonga munhu, vasati vambomunzwa nokuziva chaanoita here” Chirevanguva chechiGiriki chinotarirsira mhinduro yokuti “kwete.”(cf. Ekisodho. 23:1; Dhuteronomi. 1:16).

7:52 “ko newewo uri muGaririya here” Izvi zvinoburitsa pachena ruvengo rwaiva nedare revaJudha kuna Jesu

▣ **“nzvera uone”** kuti nzvera uku, muchiJudha kwaireva kuita tsvakurudzo muzvinyorwa zvitsvene (cf. 5:39). Izviwo zvinoratidza ndyaringo dzaJohani. ko Eriya9cf. 1Madzimambo. 17:1) naJona (cf. 2Madzimambo. 14:25). Hosea naNahumi?Vanofanira kunge vaireva “muporofita akarehwa munaDhuteronomi. 18:15, 19; Genesi. 49:10; 2Samueri. 7.

7:53-8:11 Tarira chinyorwa pamavambo echikamu. 8.

MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviriri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Ko mazwi aJesu muchikamu. 7, anesungano ipi nemutambo?
2. Dudza nokutsanangura chinangwa “chemutambo wematumba”
3. Sei vakuru vaivenga Jesu zvakadaro?
4. Donongodza mapoka akasiyana anotaure nezvaJesu muchikamu chino.

JOHANI 8

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Mukadzi akabatwa achifeva	Mufevi wechikadzi anotarisana nechiedza chenyika	Mukadzi akabatwa achifeva	Mukadzi akabatwa achifeva	Mukadzi chifeve
7:53-8:11	7:53-8:12	7:53-8:11	7:53-8:11	7:53-8:11
Jesu, Chiedza Chenyika 8:12-20	Jesu anomiririra kuzvipupurira kwake 8:13-20	Jesu, Chiedza chenyika 8:12-20	Jesu, Chiedza chenyika 8:12 8:13 8:14-18 8:19a 8:19b 8:20	Jesu Chiedza chenyika 8:12 Nhairirano Pamusoro pokuzvipupurira kwaJesu 8:13-18 8:19a 8:19b 8:20
Pandinoenda hamungasvikiko 8:21-30	Jesu anotaure nezvekuenda kwake Chokwadi chichakusunungurai 8:30-36	8:21-30	Hamungaendi kwandinoenda 8:21 8:22 8:23-24 8:25a 8:25b-26 8:27-29 8:30	8:21 8:30
Chokwadi chichakusunungurai 8:31-38		8:31-33	Chokwadi chichakusunungurai 8:31-32	Jesu naAbrahamu 8:31-32

			8:33	8:33-38
	Chizvarwa chaAbrahamu naSatani	8:34-38	8:34-38	
Baba Venyu Dhiabhozi	8:37-47			
8:39-47		8:39-47	8:39a 8:39b-41	8:39-41a
			8:41b 8:42-47	8:41b-47
Abrahamu asati avapo, ndaivapo	Abrahamu asati avapo, ndaivapo		Jesu naAbrahamu	
8:48-59	8:48-59	8:48-59	8:48	8:48-51
			8:49-51	
			8:52-53	8:52-53
			8:54-56	
			8:57	8:57-58
			8:58	
			8:59	8:59

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyorori. Ndiyozve hwaro hwekupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

5. Ganhuro yokutanga
6. Ganhuro yepiri
7. Ganhuro yetatu
8. Nezvimwewo.

CHIMIRO CHEZVINYORWA ZVEZVIKAMU. 7:53-8:11

A. Johani. 7:53-8:11, zvikamu izvi zvakanga zvisiri mugwaro remabviro revhangeri yaJohani yokutanga.

- B. Humboo hwokusavapo kwomutsara uyu (muchigiriki) muvhangeri,
1. Hunobva kunezvimwewo zvinyorwa

- a. Hauwanikwe muzvinyorwa zvakare zvechiGiriki
 - 1) Papyrus-P⁶⁵ (zvekwokutanga kwemakore mazana matatu okutanga), P⁷⁵ (makore mazana matatu okutanga)
 - 2) Runyoro –N (makore mazana mana okutanga), B (makore mazana mana), unogonawo ksawanika mugwaro reA neC. Magwaro evhangeri yaJohani aya parizvino akaparara, asi kana hukuru hwemapeji acho huchipimwa, hauratidze kuva nechipimvu chinokwana mutsara uyu.
 - b. Zvinyorwa zvizhinji zvakare izvo zvine mutsara uyu, zvinoisa chidodzi pauri, chakaita segombedzero, senzira yokuratidza kuti hausi wemabviro echinyorwa
 - c. Unowanikwawo munzvimbo dzakasiyana siyana muzvinyorwa zvakasiyana siyana zvakazovapo pava paya
 - 1) Mushure mechikamu chaJohani. 7:36
 - 2) Mushure mechikamu chaJohani. 7:44
 - 3) Mushure mechikamu chaJohani. 7:25
 - 4) MunaRuka, mushure ma. 21:38
 - 5) MunaRuka, mushure ma. 24:53
 - d. Hauwanikwe mushandurudzo dzakare
 - 1) Dzerurimi rwakare rweLatin
 - 2) Dzerurimi rwakare rweSyric
 - 3) Zvinyorwa zvakare zvegwaro rePeshiita (rurimi rweSyriac rwakazivapo pava paya)
 - e. Hakuna zvinyorwa zvevadzidzibaba akare echiGiriki zvinotaura nezvemutsara uyu (kusvika pamakore chiuru nemazana maviri okutanga)
 - f. Unowanika mugwaro recodex D (bezae), rinova chinyorwa chekumadokero chakaitwa mumakore mazana matanhatu okutanga, gwaro reLatin Vulgate, nemamwewo magwaro ePeshiita.
2. Humboo hunobva muzvinyorwa
 - a. Manyorerwo nemazwi akashandiswa anoratidza haaratidzi kuva aJohani asi aRuka. Mutsara uyu wakaiswa munezvimwe zvinyorwa zvechiGiriki mushure maRuka. 21:38 uye munezvimwewo mushure maRuka. 24:53.
 - b. Unokanganisa zvikuru chirevo chenhaurirano yaJesu nevaJudha mushure memutambo wematumba, 7:1-52; 8:12-59.
 - c. Hakuna imwe mitsara inofambirana nawo muvhangeri nhatu dzokutanga
 3. Kana uchida kuziva zvakawanda pamusoro pemutsara uyu verenga gwaro ravaBruce M Metzger rinonzi, tsoropodzo yechinyorwa chetestamende itsva yechiGiriki” *A Textual criticism on the Greek New Testament*, pp. 219-221.
- C. Nyaya iyi inogona kuva yechokwadi yemabviro eupenyu hwaJesu. Zvisineyi, pane nyaya dzakawanda dzoupenyu hwaJesu dzisina kunyorwa navanyori vevhangeri (Johani. 20:30-31). Ivo vanyori vevhangeri ava, ndivo vakatuswa. Vanzveri vemagwaro vakazouya vakanga vasina kodzero yokuwedzera nyaya dzoupenyu hwaJesu, chero dzaiva dzechokwadi, idzo dzakanga dzisina kunyorwa nemunyori akatuswa wemabviro. Vanyori vemabviro ndivo vaviva noruono vachitungamirwa naMweya mutsvene rwokusarudza, kuronga nokutora mabasa nemashoko aJesu. Muvaravara uno hausi wemabviro, naizvozvo, hauna kutuswa uye haufanire kuva mumabhaibbheri edu!

D. Ndasarudza kusataura nezvemubaravara uyu nokuti ndinotenda kuti hauna kunyorwa naJohani, naizvozvo hausi chikamu chechinyorwa chakatuswa (chero zvawo uri nhorondo yechokwadi).

DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :8:12-20

¹²Zvino Jesu akataurazve navo, akati, “Ndini chiedza chenyika; anonditevera haangatongofambi murima, asi achava nechiedza choupenyu.”

¹³Naizvozvo vaFarisi vakati kwaari, “Unozvipupurira iwe, kupupura kwako hakusi kwechokwadi.”¹⁴Jesu akapindura akati kwavari, “kunyange ndichizvipupurira kupupura kwangu ndokwechokwadi; nokuti ndinoziva kwandakabva, nokwandinoenda.

¹⁵” Imi munotonga nenyama; ini handitongi munhu. ¹⁶Asi kunyange ndichitonga, kutonga kwangu ndokwechokwadi; nokuti handisi ndoga, asi ini nababa vakandituma. ¹⁷Uye mumurayiro wenyu makanyorwa, kuti kupupura kwavanhu vaviri ndokwechokwadi.

¹⁸Ndini ndinozvipupurira, nababa vakandituma vanondipupurirawo.”

¹⁹Zvino vakati kwaari, “Baba vako varipiko?” Jesu akapindura akati, “Hamundizivi ini, kunyange nababa vanguwo; dai maindiziva ini, maizivawo nababa vangu.”

²⁰Akataura mashoko aya ari paichengeterwa mari achidzidzsa mutemberi; kwaknga kusina munhu akamubata, nokuti nguva yake yakanga isati yasvika.

8:12 “zvino Jesu akataura navo” “Ruzhinji “harutaurwe nezvarwo muchikamu chino. Zvinogona kureva kuti mutambo wematumba wakanga wapera uye Jesu anoramba ari mutemberi achitaura nokushumira kuvakuru vevaJudha.

Zvisineyi, sezvo Jesu akashandisa kucherwa kwemvura kwemutambo senzira yokuzviratidza, pachikamu chino arikushandisa kutungidzwa kwemwenje pamutambo senzira yokuzviratidza. Zvokwadi izvi zvinogona kuita kuti chikamu. 8:12-10:21 chinobata zuva rokupedzisira remutambo wematumba.

▣ “**ndini chiedza**” Zvikamu. 6, 7 ne8 zvinoita sokuti zvinehochekeche nenguva ye” kufamba murenje” kwenhorondo yeIsiraeri, panova ndipo pakabva madimikira akashandiswa naJesu kuzvinan’anura.

1. Chikamu. 6 chinoshandisa “mana” pamwe ne” hingwa choupenyu”
2. Chikamu. 7 chinoshandisa” mvura” pamwe ne” mvura mhenyu”
3. Chikamu. 8 chinoshandisa” chiedza” pamwe ne” rubwinyo’*shekinah*’.”

Dimkira rechiedza rinodzokororwa muvhangeri yaJohani yose (cf. 1:4-5, 8-9; 3:19-21; 9:5; 12:46).

Kune nhaurwa huru kwazvo pamusoro pokuti izvi zvinomborevei

1. Kutya rima kwaiitwa kare
2. Hurongwa hwemutambo wematumba, kutungidzwa kwemwenje munhandare yemadzimai
3. Ringanidzo yegore raibwinya munguva yokufamba murenje’*shekinah*’iro raireva kuvapo kwaMwari
4. Mazita ouMesiasi emutestamende yekare (cf. Isaya. 42:6, 49:6; Ruka. 2:32).

vaRabhi vaishandisawo “chiedza “sezita rokureva Mesiasi. Kutungidzwa kwemwenje mikuru munhandare yemadzimai pamutambo wematumba ndicho chimiro chiripachena chemitsara

yaJesu. Chirevo chouMesiasi chechiedza pamwe neminongedzo yemazwi ari munaJohani. 1:4, 8 zvinonanganawo nebishapisha raiitwa mutemberi kuitira kuti Jesu arambe achiratidza mabviro ake chaiwo.

Uyu mutsara ndiwo umwe wemitsara minomweyokuti” ndini” iri muvhangeri yaJohani (uchiteverwa neizwi rinongedza kana kutsanagura chiito)

1. Ndini chingwa choupenyu (6:35, 41, 48, 51)
2. Ndini chiedo chenyika (8:12; 9:5; cf. 1:4, 9; 12:46)
3. Ndini musuo wamakwai (10:7, 9)
4. Ndini mufudzi akanaka (10:11, 14)
5. Ndini kumuka noupenyu (11:25)
6. Ndini nzira, chokwadi noupenyu (4:6)
7. Ndini muzambiringa wechokwadi (15:1, 5)

Mitsara yakadai iyi, iyo inowanikwa chete muvhangeri yaJohani, ndiyo inonongedza chimiro chaicho chaJesu. Johani anotarisa zvikuru izvi zvine chokuita neruponeso. Tinofanira kumuvimba!

▣ **“chenyika”** Izwi iri (*kosmos*, tarira nhaurwa inokosha pa14:17) rinoratidzo chimiro chekubata pasi rose chevhangeri yaJesu Kristu (cf. 3:16).

▣ **“uyo anonditevera”** Ichi ndicho chirevanguva chezvirikuitwa (PRESENT ACTIVE PARTICIPLE). Zvinofanira kurangarirwa kuti chiKristu haisiri mhiko kana dzidziso youMwari, asi hunotova hukama hwepauzima hunoteverwa nemaramiro oudzidzi (cf. Mateu. 28:18-20; 1Johani. 1:7).

▣ **“haangatongofambi murima”** Izvi zvinofambirana nedzidziso youMwari yokuti Satani anodzimaizda maziso eavo vasati va” dzikinurwa” (cf. 2vaKorinde. 4:4). Pane mivaravara yemutestamende yekare inotsigira izvi iyo inotaura pamusoro peshoko raMwari sokuti” chirdza kutsoka dzangu pamwe nechiedza munzira yangu” (cf. Mapisarema. 119:105).

Avo vanogamuchira “chiedza “vanofanira kurarama mararamiro akasiyana nevamwe (cf. 1Johani. 1:7) !

▣ **“Chiedza choupenyu”** Jesu anoupenyu hwaMwari uye anohupa kuvateveri vake (Mateu. 5:14), kuna avo vaakapiwa naMwari.

8:13 “vaFarisi” Tarira nhaurwa inokosha pa1:24.

▣ **“kupupura kwako hakusi kwechokwadi”** vaJudha vaitaura nezve kushanda kwehumboo maringe nomurayiro (kureva., kudiwa kwevapupuri vaviri, cf. Numeri. 35:30; Dhuteronomi. 17:6; 19:15-21). Jesu akanga ataura kare nezvokuramba uku (cf. Johani. 5:31ff) uye akanga adoma zvapupu zvine chitsama. Muchirevo chechinyorwa chino chapupu chake ndiBaba!

8:14, 16 “kunyange.... kunyange” Mavara ose aya ndemutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuitika. Zvimiso zvose zvechikamu. 8 zvakaumbwa nenzira iyoyi.

▣ **“ndinoziva kwandakabva nokwandinoenda”** Uhwu ndihwo zvakare hunyambiri hwe” pasi nokudenga.”Jesu aiva noruzivo rwokuvapo kwake kare nababa, runzwisiso rwebasa rake, uye noruzivo rwemuronga wenguva yakaporofitwa (cf. Johani. 1:1-4, 14-18; 7:28-29; 13:1; 17:5).

▣ **“asi imi hamuzivi kwandinobva nokwandinoenda”** Izvi zvinofanira kuva nehoche koche nechikamu. 7. Vaisaziva kwakaberekerwa Jesu (cf. ndima. 41-42) uye vaisa zivawo kwaienda (cf. 7:34-36; 8:21). Tarira nhaurwa inokosha:zvapupu zvaJesu pa1:18.

8:15” munotonga nenyama” Izvi zvinofambirana nechikamu. 7 (cf. ndima. 24) Tarira nhaurwa inokosha:nyama (*sarx*) pa1:14.

▣ **“ini handitongi munhu”** vamwe vanoona kusafambirana pano pakati paJohani. 3:17 na9:39. Jesu haana kuuya kuzotonga, asi kuzopa upenyu. Iyo nyaya yokuuya kwake ndiyo nioita kuti avo vanomuramba vatongwe (cf. 3:18-21).

8:16-18 Pano zvakare pane chirevo chokudiwa kwevapupuri vaviri semunyaya dzemudare (cf. Numeri. 35:30; Dhuteronomi. 17:6; 19:15). Zvokwadi Jesu anobiritsa pachena humwe hwake nababa (cf. 7:29; 14:9). Tarira nhaurwa inokosha:zvapupu zvaJesu pa1:8.

8:16

NASB (1970),

NJB, REB “Iye akandituma”

NASB (1995),

NKJV, NRSV,

NIV “Baba vakandituma”

Semamiriro azvakaita kuti pane kusafambirana pakati pezvinyorwa zvakatsikiswa nguva dzakasiyana zveNASB, ndozvazviriwo kuti pane kusafambiranawo pakati pemagwaro e UBS^{3,4}

1. Gwaro re UBS³ rinopa kushandiswa kwezita rokuti” baba” chipimo chetatu “C” (MS P^{39, 6675}, N², B, L, T, W)
2. Gwaro re UBS⁴ rinopa kushandiswa kwezita rokuti” baba” chipimo chokutanga” A” (MSS N*, D, nezvimwewo zvinyorwa zvakare nezvakazonyorwa pava paya zveSyriac hazvina zita iri)

Jesu haana kumbova oga!baba vanogara vainaye (cf. ndima. 16, 29; 16:32), pamwe kunze kwepachipiyana (cf. Mako. 15:34). Mufaro nokuzadziwa kweurwadzano ndiyo nyaya huru yeruponeso. Chinangwa chokusika chakanga chiri chokuti Mwari awane wokuwadzana naye, saka, iye (kureva., Jesu, cf. Jona. 1:3; 1vaKorinde. 8:6; vaKorose. 1:16; vaHebheru. 1:2) akavasika nomufananidzo waMwari’YHWH’ (cf. Genesi. 1:26, 27). Kushayikwa kweruwadzano ndiko chirango chezvivi. Kudzoreredza ndiro basa raJesu!

8:19” Baba vako varipiko” vakakanga vachirir kunzwisisa Jesu nemaonero enyama. Fungidziri nendariri dzavo dzokuzvikudza dzakanga dzisisngaoni chokwadi (cf. ndima. 27). Kusanzwisisa uku ndiko chimiro chaicho chemanyorerwo evhangeri yaJohani.

▣ **“dai maindiziva ini, maizivawo nababa vangu”** Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokukakavadzanisa nyaya (SECOND CLASS CONDITIONAL SENTENCE), sokuti” zvisiri izvo.”dai maiziva, izvo musingazivi, zvino maizivawo baba vangu, avo

vamusingazivi.”Dingindira iri rinodzokororwa kubva muna. 5:37, tarira chinyorwa chakazara pa7:28. Kudonongodza vhangeri yaJohani kunonetsa nokuti yakaumbwa sechirukwa cheminyerekete inoramba ichidzokororwa kana kambo kaneurungudzo yemadetembedzo anoramba achidzokororwa.

8:20” Akataura mashoko ari paichengeterwa mari” Ndima iyi inoratidza kuva mazwi akataurwa nemunyori aiva chapupu chezvaanonyora. Paichengeterwa mari paisava munechimwewo chivakwa. Zvinyorwa zvevaRabhi (*shekalim. 6*) zvinoti kwaiva nematura gumi nematatu aiva akaumbwa semabhosvo, rimwe nerimwe rakaiswa dodzi raireva basa raro, ayo aiva ari munhandare yemadzimai (cf. Mako. 12:41), umo maitungidzirwa mwenje mikuru panguva yemutambo wematumba.

▣ **“nguva yake yakanga isati yasvika”** Tarira chinyorwa pa 2:4.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :8:21-30

²¹Zvino akatizve kwavari, “Ndinoenda, muchanditsvaka, mukafira muzvivi zvenyu; pandinoenda imi hamungauyipo”²²Zvino vaJudha vakati, “Achazviuraya kanhi, zvaanoti pandinoenda imi hamungauyipo?”

²³Akati kwavari, “Imi muri vapasi, ini ndiri wokumusoro; imi muri venyika ino, ini handisi wenyika ino. ²⁴Naizvozvo ndakati kwamuri, muchafira muzvivi zvenyu, nokuti kana musingatendi, kuti, ‘Ndini iye, muchafira muzvivi zvenyu.’ “

²⁵Zvino vakati kwaari, “Iwe ndiwe aniko?” Jesu akati kwavari, “Izvo zvandinongoramba ndichikuudza kubva pakutanga. ²⁶Ndine zvizhinji zvandinoda kureva nokutonga pamusoro penyu; asi akandituma ndoweckokwadi; izvo zvandakanzwa kwaari, ndizvo zvandinoudza nyika.”

²⁷Asi Havana kunzwisisa kuti anovaudza zvababa. ²⁸Naizvozvo Jesu akati, “kana masimudza Mwanakomana womunhu, ipapo muchaziva kuti ndini iye, uye kuti ini handiiti chinhu ndimene, asi ndinotaura izvozvo zvandakadzidziswa nababa.

²⁹” Akandituma aneni. Haana kundisiya ndiri ndoga; nokuti ini ndinoita nguva dzose zvinomufadza.”

³⁰Akati areva izvozvo, vazhinji vakatenda kwaari.

8:21-22” pandinoenda imi hamungauyipo” achazviuraya kanhi” Mubvunzo wepandima. 22 unotarisa mhinduro yokuti” kwete.”Zviripachena kubva pachirevo chechinyorwa kuti nyangwe zvavo vasina kunzwisisa mutsara wake (cf. 7:34-36), vakaupa sungano nokufa kwake. Tinodzidza kunaJosephus kuti kuzviuraya kwaiisa munhu kuzvikamu zvepasi pasi zveGehena. Mubvunzo wavo unoratidza kuti uku ndiko kwavaitarisira kuti Jesu aizoenda.

8:21” uye muchafira muzvivi zvenyu” Izvi zvinoreva kwazvo kwazvo kuti” muzvivi zvenyu ndimo mamuchafira.”Izwi rokuti “zvivi” rinechirevo chomwe (SINGULAR) mundima. 21 uye chimiro chezvizhinji mundima. 24. Izvi zvinoreva kuramba kwavakaita Jesu saKristu (cf. ndima. 24). Ichi ndicho chivi chisingaregererwi chemuvhangeri ina dzokutanga. Vatungamiri vavo varikuramba Jesu muchiedza chikuru cheshoko nezviratidzo zvake.

Verenga zvinyorwa zvinotevera izvo zvakabva mutsoropodzo yangu yevhangeri yaMako.

Mako. 3:29” ani naani anoshonha Mweya mutsvene” Izvi zvinofanira kunzwiswa maringe nechimiro chaivapo zviitiko zvezuva rePendekositi zvisati zvaitika. Mutsara uyu waishandiswa kureva kurambwa kwezvokwadi yaMwari. Kudzidziswa kwendima iyi kunonyanya kudanwa kuti” chivi chisinga regererwi.”Ndima iyi inofanira kupirikirwa nenzira inotevera:

1. Musiyano uri mutestamende yekare pakati pe” chivi chemazvokuda” ne” chivi chisiri chemazvokuda, “(cf. Numeri. 15:27-31)
2. Kusatenda kwevemhuri yaJesu kuchiringanidzwa nokusatenda kwevaFarisi muchirevo chehcinyorwa chino
3. Mitsara yokuregerera mundima. 28
4. Musiyano pakati pemitsara inofambirana kunyanya shanduko pamutsara wokuti” mwanakomana womunhu, “(cf. Mateu. 12:32; Ruka. 12:10) uchinzi “vanakomana vavanhu, “(cf. Mateu. 12:31; Mako. 3:28).

Maringe nezviri pamusoro izvi, chivi ichi chinotwa neavo vanoramba Jesu ipo paine chiedza chikuru nokunzwiswa, senzira yaMwari yokuzviratidza neruponeso. Izvi ndizvo zvinotungidza chiedza chevhangeri murima raSatani (cf. Mako. 3:30). Vanoramba gwezvo nokurovedzera kweMweya (cf. Johani. 6:44, 65). Chivi chisingaregererwi hachirevi kurambwa naMwari nokuda kwechiito kana izwi rimwechete, asi zierendamberi rokuramba Mwari munaKristu nokusatenda kwemazvokuda (kureva., vanzveri vemagwaro nevaFarisi).

Chivi ichi chinogona kuitwa neavo vakambonzwa vhangeri. Avo vakanzwa shoko pamusoro paJesu ndivo vane murandu wokuriramba. Izvi ndezvechokwadi kutsika nemagariro dzemazuva ano idzo dzine mukana wevhangeri, asi dzichiramba Jesu (kureva., nyika dzekumadokero netsika dzadzo).

8:23 “imi murivepasi, ini ndiri wokumusoro” Uyu ndiwo mumwe muenzaniso weunyambiri hwaJohani hweringanidzo yepasi nokumusoro (kureva., pasi maringe nokumusoro, cf. 7:35-36; 18:36).

Muenzaniso unoitwa naJohani pakati paJesu uyo anobva kumusoro nevaJudha avo vanobva pasi, ndiwo unoumba unyambiri uhwo husingawanikwe mune dzimwe vhangeri. Vhangeri nhatu dzokutanga (Mateu, Mako, Ruka) dzinoringanidza nguva mbiri dzechJudha, nguva yazvino inouipi pamwe nenguva inouya yokururama. Musiyano uyu inotsanangurwa nemazwi okuti hunyambiri hwepanyika maringe nounyambiri hwokumusoro. Ko Jesu akadzidzisa zvimiro zvose izvi zviri zviviri here?. Vhangeri nhatu dzokutanga dzinogona kunge dzakanyora dzidziso yaJesu kuruzhinji iyiwo yaJohani iri iyo yakanyora dzidziso yaJesu kuvadzidzi vake.

Muri venyika ino” Nyika iri musimba rowakaipa (cf. 2va Korinde. 4 :4 ; vaEfeso. 2:2; na 1Johani. 5:19). kana uchida kunzwiswa nezvenyika (*kosmos*) tarira nhaurwa inokosha pa14:17.

8:24 “kana” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo ykureva zvinogona kuitwa.



NASB, NKJV “Mukatenda kuti ndini iye”

NRSV, JB “Tendai kuti ndini iye”

TEV “Tendai kuti ndini”

NJB “Tendai kuti ndini iye”

Uyu ndiwo umwe wemitsara yakadzama yaJesu yokuratidza kuzvinzwiswa nokunzwiswa huMwari hwake (kana kuti zvinogoneka kuti muchirevo chehcinyorwa chino zita rokuti” Mesiasi” ndiro rairehwa). Anoshandisa zita raMwari’YHWH’ retestamende yekare (cf.”ndini”

romunaEkisodho. 3:14). Izwi zvinosiyana nemitsara yokuti” ndini” yemuvhangeri yaJohani. Uyu mutsara `hauna izwi rinonongedza chiito (PREDICATE) (cf. 4:26; 6:20; 8:24, 25, 58; 13:19; 18:5, 6, 8). Tarira nhaurwa inokosha :Mashandisirwo anoitwa izwi rokuti” tenda “naJohani pa2:23.

8:25 “iwe ndiwe aniko” Vakuru vechiJudha varikutsvaga chikonzero chokuti vamupomere mhosva yokushanha Mwari (cf. Mateu. 26:57-68; Mako. 14:53-65) !varikuda kuti aurawe. Havasi kutsvaga humboo asi mhosva.

Jesu anozviratidza zvakakwana muvhangeri yaJohani (zvinosiyana nemuvhangeri nhatu dzokutanga) !mazwi ake (kureva., ndima. 24) nemabasa ake (kureva., kuporesa musi weSabata) zvinoratidza zvakajeka masimba ake.



NASB “Izvo zvandinongoramba ndichikuudzai kubva pakutanga”

NKJV “Sezvandaingokuudzai kubva pakutanga”

NRSV “Ko ndinombotaurireiwo nemi”

TEV “Ndakambokudzai chii kubva pakutanga”

NJB “Chii chandakambokudzai kubva pakutanga”

Chinyorwa chechiGiriki chokutanga chakanga chisina mihasva pakati pemazwi. Naizvozvo, mazwi echiGiriki anogona kuparadzaniswa munzvimbo dzakasiyana senzira yokuita mazwi anoenderana nechirevo chechinyorwa. Kusiyana kweshandurudzo hakuna chokuita nekusiyana kwezvinyorwa, asi kunechokuita nokuparadzniswa kwemazwi.

Hedzinoyi dzimwe nzira dzacho.

1. *Hote*—ndakati kwamuri kubva pakutanga (NASB, NKJVTEV, NJB, NIV)
2. *ho ti*—sedimikira romuvanzarira wezvirevo zvemazwi zvinoreva kukatyamara—kuti ndinotombotaura nemi (NRSV, TEV mavara arimujinga mechinyorwa)

Iri rinogona kuva dambanemazwi raJohani rokuita kuti izwi rokuti “pakutanga” rinoshandiswa mushandurudzo yebhaibheri rechiGiriki rakare (Septuagint) yaGenesi. 1:1 (kusika) pamwe nemunaJohani. 1:1 (ushumiri hwake). Jesu anobva “pakutanga” uye agara achivataurira nyaya iyi kuburikidza nemashoko pamwe nezviito zvake!

8:26-27 Madingindira aya anodzokorodzwa muvhangeri yaJohani kuitira kumikidzo

1. baba vakandituma⁹cf. 3:17, 34; 4:34; 5:36, 38; 6:29, 44, 57; 7:28-29; 8:16, 26, 42; 10:36; 11:42; 12:49; 14:24; 15:21; 17:3, 18, 21, 23, 25; 20:21)
2. baba ndowechokwadi (cf. 3:33; 7:28)
3. dzidziso yaJohani inobva kunababa (cf. 3:11; 7:16-17; 8:26, 28, 40; 12:49; 14:24; 15:15)
4. Jesu anoratidza baba (cf. 1:18; 8:26-29; 12:49-50; 14:7, 9)

▣ “nyika” Tarira chinyorwa pa1:10.

8:27 Iyi imwezve tsororopodzo youpepeti hwemunyori. Dai vakanzwisisa tsumo nemadimikira ake, ivo, sevamwe vaJudha, vangadai vakaedzawo kumuuraya (cf. 5:18; 8:59; 10:33). Zvaaitaura zvakanga zvisina kuhwanda!

8:28 “kana masimudza mwanakomana wemunhu” Izwi zvinofambirana nezvakanyorwa munaNume. 21:4-9, iro rinotaurwa nezvaro munaJohani. 3:14. Izwi iri, semamwe mazwi ari muvhangeri yaJohani, aiva nezvirevo zviviri. Rinogona kureva kuti” kusimudzwa” sepachipiyano (cf. 3:14; 12:32, 34), asi rinonyanya kushandiswa nenzira yokureva “kukudzwa” semunaMabasa. 2:33, 5:31; vaFiripi. 2:9. Jesu aiziva kuti akauya kuzofa (cf. Mako. 10:45).

▣ **“mwanakomana womunhu”** Iri ndiro zita raJesu raakazvisarudzira nkuti rakanga risina chirevo chehondo kana chokutungamira rudzi muchiJudha chevaRabhi. Jesu akasarudzira zita iri nokuti rinehochekeche nemuronga wokureva vanhu (Ezekieri. 2:1; Mapisarema. 8:4) pamwe nouMwari (cf. Dhanieri. 7:13).

▣ **“ipapo muchaziva kuti ndini iye”** Chero vadzidzi (pamwe nevemhuri yake) vaisanyatsonzwisisa kusvika (cf. 7:39) mushure mePendekositi!Mweya wakauya nesimba rokuvhura meso kuna avo vaiva nameso nenzeve dzeMweya!

Kana uchida kuziva zvakanwanda nezvetsigiro yechivakamutauro chokuti” ndini iye” tarira chinyorwa pandima. 24. Vachaziva

1. Zvaari (kureva., Mesiasi)
2. Kutu anoratidza baba (cf. 5:19-20)
3. Kutu iye nababa vanorumwe (ndima. 29)

8:29 “haana kundisiya ndiri ndoga” Ruwadzano rwaJesu nababa ndirwo rwakamuchengeta (cf. 8:16; 16:32). Ndizvo zvakaite kuti kugurwa kweruwadzano pachipiyano kumuremere (cf. Mako. 15:34).

8:30 “vazhinji vakatenda kwaari” Izwi rokuti “tenda” rinoshandiswa nenzira dzakanwanda mumuvaravara uyu. Rinoita sokuti rinoiva kutenda kwechinguvana kwaitwa nevaiterera ava (cf. Mateu. 13; Mako. 4) Vakanga vachida kubvuma kuti ndiye Mesiasi maringe nokunzwisisa kwavo. Chirevo chechinyorwa cha. 8:30-58 chinoratidza pachena kuti vakanga vasiri vatendi vechokwadi (cf. 2:23-25). Muvhangeri yaKohani mune zvidanho zvakasiyana siyana zvokutenda, hazvisi zvose zvinounza rupeeso. Tarira nhaurwa inokosha pa2:23.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :8:31-33

³¹Zvino Jesu akati kuvaJudha avo vakanga vamutenda, “kana imi muchigara mushoko rangu, muri vadzidzi vangu zvirokwazvo. ³²Muchaziva chokwadi, nechokwadi chichakusunungurai.”

³³Vakamupindura, vakati, “Tiri vorudzi rwaAbhurhamu isu, hatina kutongova varanda vomunhu; zvino iwe ungareva Seiko kuti, ’Muchasunungurwa.”

8:31 “kana imi muchigara” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuitwa (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Iyi kumikidzo pamusoro pokutenda kweziendamberi inoburitswa kwokutanga munaJohani. 15. Ichi ndicho chinhu chisipo mubasa rouvhangeri hwekuparidza shoko. Shoko richatendwa (cf. 5:24), kuteererwa, uye nokugarwa mariri. Tarira nhaurwa inokosha:kugara pana1Johani. 2:10.

NHAURWA INOKOSHA:KUDIWA KWOKUTSUNGIRIRA

Makwara edzidziso ebhaibheri ayo anechokuita nechikristu anonetsa kutsanagura nokuti akanyorwa ari muunyambiri hwekakavadzani yemanyorero okumabvira zuva. Hunyambiri uhwu hunoita sokuti hunokakavadzana, asi hwose huri hwemubhaibheri. VaKristu venyika dzokumadokero vanowanikwa nguva zhinji vachisarudza rutivi rumwechete rwechokwadi vachisiya kana kutodzakisira rumwe runenge rwuri rwerumwe rutivi rwekavadvano. Regai ndinyatsojekesa.

- A. Ko ruponeso rungava rutemo rwokutanga kuvimba naKristu here kana kuti ndiko kuzvipira kuva mudzidzi hupenyu hwose?
- B. Ko ruponeso rungava kusarudzwa nenzira yenyasha kubva kuna Mwari anotonga here kana kuti ndiko kutenda kwavanhu norudaviro rwokutendeuka kupfupiro tsvene?
- C. Ko irwo ruponeso, kana rwangogamuchirwa, harungatsvedzi here, kana kuti panodiwa zierendamberi rokuchenjerera?

Nyaya yekutsungirira yakanetsa munhoroondo yekereke yose. Dambudziko rinotangira pamivaravara inopikisana iri mutestamende itsva:

A. Zvinyorwa pamusoro pesimbiso

1. Mitsara yakaturwa naJesu (Johani. 6:37; 10:28-29)
2. Mitsara yakataurwa naPauro (vaRoma. 8:35-39; vaEfeso. 1:13; 2:5, 8-9; vaFiripi. 1:6; 2:13; 2vaTesaronika. 3:3; 2Timoti. 1:12; 4:18)
3. Mitsara yakataurwa naPetiroso (1Petiroso. 1:4-5)

B. Zvinyorwa pamusoro pokudiwa kwokutsungirira

1. Mitsara yakataurwa naJesu (Mateu. 10:22; 13:1-9, 24-30; 24:13; Mako. 13:13; Johani. 8:31; 15:4-10; Zvakazarurwa. 2:7, 17, 26; 3:5, 12, 21)
2. Mitsara yakataurwa naPauro (vaRoma. 11:22; 1vaKorinde. 15:22vaKorinde. 13:5; vaGaratiya. 1:6; 3:4; 5:4; 6:9; vaFiripi. 2:12; 3:18-20; vaKorose. 1:23)
3. Mitsara yakataurwa nemunyorori wavaHebheru (2:1; 3:6, 14; 4:14; 6:11)
4. Mitsara yakataurwa naJohnai (1Johani. 2:6; 2Johani. 9)
5. Mitsara yakataurwa nababa (Zvakazarurwa. 21:7)

Ruponeso rwemubhaibheri runobva parudo, tsitsi, pamwe nenyasha dzaMwari vatatu mumwe uyo anotonga. Hakuna munhu angaponeswa pasina mharuro yeMweya (cf. Johani. 6:44, 65). HuMwari ndihwo hunotanga kuuya kuzotanga nyaya, asi panodiwa kuti munhu ave norudaviro mukutenda nokutendeuka, zvose pokutanga nokuenda mberi. Mwari anoshanda navanhu muukama hwechisungo. Pane zvakanaka zvinobvapo pamwe nebasa rokuita!

Ruponeso runopiwa kuvanhu vose. Rufu rwaJesu ndirwo rwakagadzirisa dambudziko revanhu rezvivi. Mwari akapa nzira uye anoda kuti vose avo vakasikwa nomufananaidzo wake vave norudaviro kurudo rwake nokupa kwake munaJesu.

Kana uchida kuverenga zvakanakanda pamusoro penyaya iyi, zvemaonero akasiyana neavaCalvin, verenga mabhuku akanyorwa navanyori vanotevera

1. vaDale Moody, rinonzi shoko rechokwadi” *The word of truth*, “Eerdmans, 1981 (pp. 348-365)
2. vaHoward Marshal, rinonzi, kuchengetwa nesimba raMwari “*Kept by the power of God*, “Bethany Fellowship, 1969
3. vaRobert Shank, rinonzi, hupenyu muMwanakomana “*Life in the Son*, “Westcott, 1961

Pano bhaibheri ririkutaura nezve nyaya mbiri, dzinoti (1) kutora simbiso semvumo yokurarama usingaite zvibereko zveMweya uchizvitutmadza (2) kukurudzira avo varikurwa panyaya

youshumiri pamwe nechivi chepauzima. Dambudziko nderekuti mapoka asiri iwo arikutora shoko risiri iro uye bvachiumba makwara edzidziso youMwari nemivaravara isina kuperera. Vamwe vaKristu vanoda shoko resimbiso zvikuru, ukuwo, vamwe vachitoda kudzorwa zvakanyanya!iwe uri muboka ripi?

▣ “**mushoko rangu, murivadzidzi vangu zvirokwazvo**” Jesu ayi kumikidza kuteerera kwemagariro (kumirayiro yake, cf. ndima. 51, 52, 55; 14:15, 21, 23, 24; 15:10, 20; 17:6; Ruka. 6:46; 2Johani. 9). Neimwe nzira ndima iyi inoratidza *shema*, izwi rechiHebheru iro rinoreva kuti“kunzwira kuita” (kureva., Dhuteronomi. 6:4-6).

8:32” muchaziva” Mazwi aya anoshandiswa nenzira yetestamende yekare yokureva kuti” ziva” izvo zvaireva “hukama hwepauzima, “kwete nenzira yokureva “kuziva chokwadi nemurangariro” (cf. Genesi. 4:1; Jeremiya. 1:5). Chokwadi chinotoriwo munhu paari!Ndima iyi iyo inowanzowanikwa muzvikoro hairevi ruzivo rwemumurangariro wemunhu. Urwo runowanikwa ruchisungirira kwete kusunungura vanhu.”Chokwadi” chinotaurwa nezvavcho pano ndiyo vhangeri nomunhu anova Jesu Kristu. Hakuna chokwadi rugare, kana tariro kunze kwake!

8:32, 40, 44, 45, 46 “chokwadi” Iyi ndiyo nyaya huru yemaonero echirevo chechinyorwa. Izwi iri rinezvirevo zviriri.

1. Kuvimbisika
2. Chokwadi maringe nenhema

Minongedzo yezvirevo yose iri miviri iyi ndeyechokwadi paupenyu noushumiri hwaJesu. Ndiye vavariro yevhangeri nezviri mukati mayo. chokwadi kwazvo kwazvo chinotori munhu!Jesu anoratidza baba. Ndima iyi inowanzoshandiswa nenzira isiri iyo painoshandiswa muzvikoro. Mazwi chaiwo, chero echokwadi, chero akawanda sei, hangasununguri munhu. (cf. Muparidzi. 1:18). Tarira nhaurwa inokosha pamusoro pechokwadi pa6:55 nepa17:3.

8:32 “chichakusunungurai” vatendi vakasunungurwa kubva kunezvemutemo, zvokupira, pamwe nezvekururamiswa nemabasa, nezvezvitendero zvavanhu. Asi vatendi vakasununguka ava vanozvisungirira nokuda kwevhangeri (cf, vaRoma. 14:1-15:6; 1vaKorinde. 8:-10).

8:33 “Tiri vorudzi twaAbhurahamu isu hatina kutongova varanda vomunhu” Zvinoshamisa zvikuru zvinoitwa nokuzvikudza pamusoro porudzi. ko vaIjipita, vaSiriya, vaBhabhironi, vaPesia, VaGirirki, nevaRoma?

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :8:34-38

³⁴Jesu akapindura akati, “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, mumwe nomumwe anoita zvivi, ndiye muranda wezvivi. ³⁵Muranda haagari mumba nokusingaperi; mwanakomana ndiye anogara nokusingaperi. ³⁶Naizvozvo kana Mwanakomana achikusunungurai, muchava vakasununguka kwazvo. ³⁷Ndinoziva kuti muri rudzi rwaAbhurahamu; asi munotsvaga kundiuraya, nokuti shoko rangu hariwani nzvimbo mamuri. ³⁸” Ini ndinotaura zvandakaona kuna Baba vangu; imi munoitawo zvamakanzwa kunaBaba venyu.”

8:34 “mumwe nomuwe anoita chivi ndiye muranda wezvivi” Pano Jesu aiedza kuvakwezvera kuzvokwadi yeMweya yemutsara wainge abva kuvaudza wokuti” chichakusunungurai” mundima. 32, uyo unozoburitswa nemutsara wemundima. 33 kuti Havana kuunziwsisa. Mutsara uyu unesungano nemutsara wekupomera waJesu mundima. 21 ne24. kutuka kwaanoita vateveri venhema ava kunomunyungirwa mundima. 44-47.

Sezvinodonongodzwa navaFrank Stagg mugwaro ravo rinonzi, dzidziso youMwari yetestamende itsva” *New testament Theology*, “vanoti” ndyaringo dzenyaya yomunhu ndedzokuti anozvipinza muutapwa ari mubishi rokuedza kuzvisunungura” (p. 32).

Izwi rechii6to pano riri muchimiro chechirevanguva chezviri kuitika (PRESENT ACTIVE PARTICIPLE), rokuti” anoita” izvo zvinoreva ziendamberi rokutadza. Ziendamberi rokuita zvivi ndihwo humboo hwokuti munhu haa” zive” chokwadi (Jesu). Chokwadi chimwecheto chinoratidzwa nokushandisa mazwi ezviito aneshongedzo yezvirikuitika (PRESENT TENSE VERBS) okuti” kuita zvivi” munaJohani. 3:6, 9!

Mubvunzo neunoti” vatendi vachiri kuita zvivi here?” mhinduro inoti “hongu” (cf, vaRoma. 7; 1Johani). VaKristu vanorwisana nezvivi, asi vakarasika vanotozvifarira uye havazvioni!

Bhaibheri re NET (p. 192#21) rinowedzera kachinyorwa kanoti zviri muchivi muvhangeri yaJohani ndiko” kusatenda” (chivi chisingaregererwi). Ichi hachisi chirevo chemufungo chete asi “chirevo chokutenda kunosvitsa muruponeso.”kuti “chivi” muvhangeri yaJohani kunorvawo kusatenda (chivi kusvika mukufa) !

8:35 Ndima iyi haina hochekeche chaiyo nendima. 34, asi nendima. 36. Jesu, kwete Mosesi wechijudha chevaRabhi, ndiye Mwanakomana wechokwadi (cf. vaHebheru. 1:2; 3:6; 5:8; 7:28). Kutenda maari chete, kwete kuita mirayiro nemipiro isingaperi, ndiko kunosunungura munhu (cf. ndima. 32).

▣ **“nokusingaperi”** Tarira nhaurwa inokosha pa6:58.

8:36 “kana” Apa pane mutsara uneshongedzo yekureva zvinogona kuitika (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE).

8:37 “Asi munotsvaga kundiuraya” (cf. 5:18; 7:1, 19; 8:37, 40; 11:53).

▣ **“nokuti shoko ramgu hariwani nzvimbo mamuri”** Mutsara uyu unonzwisiswa nenzira dzakawanda. Gwaro ringabatsira panyaya iyi, rinonzi, Bhaibheri mushandurudzo makumi maviri nenhanhatu” *The Bible in twenty six translations.*”

1. “nokuti shoko rangu hariwani nzira yokupinda zvakanaka mamuri” —Bhaibheri re American Standard Version
2. “hariwani ndima mamuri” —Testamende itsva yakanyorwa navaHenry Alford
3. “hariiti chinhu pakati penyu” —Testamende itsva:shandurudzo yetestamende itsva yakanyorwa navaJames Moffat
4. “hariwani nzvimbo mamuri” —Testamende itsva yakakumikidzwa:shandurudzo itsva yakanyorwa navaJ. B Rotherham
5. “nokuti mashoko angu haawani nzvimbo mumwoyo yenyu” —vhangeri nina rakanyorwa imi

Zvakare, dambudziko nderekugamuchira kana kusagamuchira vhangeri. Iyi inyaya yeruponeso kwete kuita zvakanaka pahunhu.

8:38 “zvandakaona” Uyu mutsara uneshongedzo yokureva zvakaitwa (PERFECT ACTIVE INDICATIVE), uyo unoreva kuvapo kare kwaJesu pamwe nokuwadzana kwake izvozvo nababa (cf. ndima. 40, 42).

“imi munoitawo zvamakanzwa kunababa venyu” kudoma kuti “baba” kwokutanga kunogona kuchireva tsika yechiJudha (cf. Isaya. 29:13). Zvisineyi, mundima. 41-44, nyaya inorehwa inonongedza Satani/Dhiabho. Zviito, zvinangwa nemashoko avo okuita sokuti vanotsigira “Mosesi, “zvinoratidza pachena dzidziso yavo yeMweya. Vanhu havakwanisi kuparura chinhu munyika dzimu. Pane nzira mbiri dzinobata muupenyu hwemunhu (hausi hunyambiri) — Mwari/Kristu/Mweya kana Satani nezvake!kuti munhu anodavira sei kuvhangeri (cf. 1:12; 3:16; 10:1-18; 14:6) ndiko kunoratidza dzidziso yake yeMweya!

Pane imwewo nzira yechinyorwa inesungano nemutsara uyu.

1. Yose minongedzo yokuti” baba” inogona kureva ‘YHWH’Mwari (pasina izwi rinesungano nezita rokuti “wenyu”)
2. Izwi rechiito (VERB) rinoreva kudokwairirwa (IMPERATIVE) harinongedzi (INDICATIVE)

(Verenga gwaro ravaBruce M Metzger rinonzi, tsoropodzo yechinyorwa chetestamende itsva yechiGiriki” *A Textual commentary on the Greek New Testament*, “p. 225).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :8:39-47

³⁹Vakapindura, vakati kwaari, “Baba vedu ndiAbhurahamu.” Jesu akati kwavari, “Dai maiva vana vaAbhurahamu, maiita mabasa aAbhurahamu. ⁴⁰Asi zvino munotsvaga kundiuraya, ini munhu wakakuudzai chokwadi, chandakanzwa kunaMwari. Abhurahamu haana kuita izvozvo. ⁴¹Imi munoita mabasa ababa venyu.” Vakati kwaari hatina kuberekwa noupombwe; tina baba vamwechete iye Mwari.”

⁴²Jesu akati kwavari, “Dai Mwari aiva baba venyu, maindida ini; nokuti ndakabuda ndikabva kunaMwari. Nokuti handina kuuya nokuda kwangu ini, asi ndiye akandituma.

⁴³Hamunzwisisi Seiko kutaura kwangu? Nokuti hamugoni kunzwa shoko rangu. ⁴⁴Imi muri vababa venyu Dhiabho, munoda kuita kuda kwakaipa kwababa venyu. Iye akanga ari muurayi kubva pakutanga; haamiri muchokwadi, nokuti maari hamuna chokwadi. Kana achireva nhema, anoreva zvake, nokuti ndiye wenhema, uye baba vadzo. ⁴⁵Asi ini, zvandinoreva chokwadi, hamunditendi. ⁴⁶Ndianiko kwamuri angakonese kuti ndine zvizvi? kana ndichireva chokwadi, munoregerereiko kunditenda?⁴⁷Ari waMwari anonzwa mashoko aMwari; imi hamunzwi nemhaka iyi, nokuti hamusiri muri vaMwari.”

8:39 “baba vedu ndiAbhurahamu” Jesu akabvuma zvedzinza ravo panyama, kuti Abhurahamu ndiye baba wavo, asi akavaudzawo kuti vanounhu hunenge hwaSatani (cf. ndima. 38, 44). Hukama hwekutenda kwepauzima, kwete zverudzi, ndizvo zvakaruramisa vaJudha naMwari (cf. Dhuteronomi. 6:5, 13; vaRoma. 2:28-29; 9:6).

☐ **“Dai”** Muchimiro chawo mutsara uyu uneshongedzo yekuva wechokwadi kubva pamaonero emunyorori (FIRST CLASS CONDITIONAL SENTENCE) (pachikamu chawo chokutanga—une shongedzo yokureva zvirikuitika[PRESENT ACTIVE INDICATIVE]pamwe nedzitsi rokuti *ei*), asi unogona kushandawo semutsara uneshongedzo yekuburitsa chokwadi nokureva zvinopikisana nechokwadi (SECOND CLASS CONDITIONAL SENTENCE) (cf. ndima. 19 na42). Zvinyorwa zvechiGiriki zvakaedza kubvisa chimiro chomusanganiswa wemitsara

inshongedzo iyi nokushandura izwi rechiito kuti rive muchimiro chokureva zvakaitika. kana zvakadaro mutsara uyu unozoverengwa uchinzi” dai maiva vana vaAbhurahamu, avo vamusiri, zvino maizoita zvakaitwa naAbhurahamu asi hamusiri.”Gwaro re UBS⁴rinopa chimiro chemusanganiswa ichi chipimo chepiri” B” (kureva, pedo nechokwadi).

8:40 “ini munhu” Jesu aisangozvinzwisisa semumiriri waMwari’YHWH’, ane masimba akaenzana neaMwari’YHWH’, asiwo semunhu chaiye. Iyi ndiyo nyaya yakanetsa vadzidzisi venhema avo vaidzidzisa hunyambiri nokusingaperi pakati penyama nenyama (cf. 1Johani. 1:1-4; 4:1-4).

NHAURWA INOKOSHA: KUSANGANISA VHANGERI NEPFUNGWA DZEVANHU (GNOSTICISM)

- A. Ruzivo ruzhinji rwatiinarwo pamusoro pedzidziso yenhema iyi tinorwana kubva muzvinyorwa zvakanyorwa nevadzidzisi venhema ava mumakore mazana maviri okutanga. Zvisineyi, maonero avo aivawo muzvinyorwa zve’Dead Sea Scrolls’pamwe nezvinyorwa zvaJohani mupositori zvevakore zana okutanga.
- B. Dambudziko raiva paEfeso (1Timoti), paKiriti (Tito) nepaKorose (vaKorose) raiva musanganiswa wokutanga kunyuka kwedzidziso yeavo vaisanganisa vhangeri nemafungiro avo pamwe neaitvera mirayiro yechiJudha.
- C. Heino mimwe misimboti yedzidziso yenhema iyi yemapoka maviri anoti re’Valentinian ‘nere’Cerinthian’emakore mazana maviri okutanga
 - 1. Nyama neMweya zvose zvinorarama nokusingaperi (hunyambiri hwedzidziso yekurarama). Nyama inouipi, Mweya wakanaka. Mwari, anova Mweya, hangatongo bati mukusika nyama inouipi.

Pane madzangaradzimu (*eons* kana nhanho dzengirozi) pakati paMwari nenyama. Wepasi kana wokupedzisira ndiye Mwari’YHWH’ wetestamende yekare, uyo akasika nyika (*kosmos*).

- 2. Jesu raiva dzangaradzimu, saMwari’YHWH’, asi ari pamusoro pa’YHWH’, ari pedyo naMwari wechokwadi. Vamwe vanoti ndiye wepamusorosoro, asi ari pasi paMwari wechokwadi uye asiri zimukadzimu raMwari (cf. Johani. 1:14). Sezvo nyama inouipi, hazvaigona kuti Jesu ave nemuviri wenyama uye achiva mutsvene. Akaoneka somunhu, asi zvokwadi aiva Mweya (cf. 1Johani. 1:1-3; 4:1-6).
- 3. Ruponeso rwaiwanikwa kuburikidza nokutenda munaJesu pamwe noruzivo rakasanangurwa, urwo runozivikanwa nevanhu vakasanangurwa. Ruzivo (mavara echivande) ndirwo rwaidiwa kuti munhu apfuure dzimwe nharaunda dzematenga. Mirayiro yechiJudha yainzi yadivikanwawo kuti munhu asvike kunaMwari.
- D. Vadzidzisi venhema ava vaidzidzisa nzira mbiri dzakasiyana dzetsika.
 - 1. Kuna vamwe, mararamiro akanga asina chokuita neruponeso. Kwavari, ruponeso nezvemweya zvaiva zviri mubutiro reruzivo rwakavanzika (mavara echivande) rwokupinda munharaunda dzengirozi (*eons*).
 - 2. Vamwewo vaiti, mararamiro ndiwo aikosha uye aine chokuita neruponeso. Mugwaro rino, vadzidzisi venhema ava vaikurudzira mararamiro okusafarira zvepanyika sechiratidzo cheruponeso (cf. 2:16-23).
- E. Gwaro rinotaura nyaya iyi zvakanaka nderinonzi, jengeta magwaro reNag Hammadi” *The Nag Hammadi Library*” irorakanyorwa navaJames M Robinson pamwe navaRichard Smith.

8:41

NASB, NKJV ‘ “Hatina kuberekwa noupombwe” ‘

NRSV ‘ “Hatisi vana voupombwe “

TEV ‘ “Tiri vana vechokwadi” ‘

NJB ‘ “Hatina kuberekwa tiri voupombwe” ‘

Izvi zvinogona kunge zviine chokuita nezvakataurwa mundima. 48 (“uri muSamariya”). Zvinoita sokuti vaJudha vaireva kuti Jesu aiva mwanakomana woupombwe, asina ropa rechiJudha chairo. Pava paya vaRabhi vechiJudha vakazoti Jesu akanga ari mwana wemumwewo muuto wechiRoma.

▣ **“tina baba vamwechete, iye Mwari”** Mutsara uyu unoratidza kunamata Mwari mumwechete kwetestamende yekare (cf. Dhuteronomi. 32:6; Isaya. 1:2; 63:16 ; 64:8). Herinoi dambudziko:vatungamiri vechiJudha ava vaikumikidza humwe hwaMwari (cf. Dhuteronomi. 6:4-5) pamwe nokuti kuteerera mirayiro yaMosesi kunounza hukama hwakanaka naMwari (cf. Dhuteronomi. 6:1-3, 17, 24-25). Jesu akauya achiti anohumwe naMwari! Jesu aitiwo kururama kunaMwari kwakanga kusiri kwemabasa emurayiro, asi kwerutendo rwepauzima maari. Kuvhiringika kwavo kunonzwisika, asi ipo pano ndipo panounzwa kutenda noruono rweMweya pamwe nemabasa makuru aJesu!

8:42 “dai” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokuburitsa chokwadi nokureva nyaya inopikisana nechokwadi (SECOND CLASS CONDITIONAL SENTENCE).”“dai Mwari aiva baba venyu, izvo zvaasiri, maindidawo, izvo zvamusingait!” (cf. ndima. 47).

8:43 “nokuti hamungagoni kunzwisisa shoko rangu” Izvi zvinoreva rugamuchiro nokunzwisisa kwepaMweya. Vakanga vasina nzeve dzeMweya (cf. Isaya. 6:9-10; Mateu. 11:15; 13:9, 15-16, 43; Mako. 4:9, 23; 7:16; 8:8; 14:35; Mabasa. 7:51; 28:26-27).

8:44 “muri vababa venyu Dhiabhoru” Uyu ndiwo mutsara unokatymadza kuvatungamiri vechinamato venguva yake (cf. ndima. 47). Aya maonero okuratidza kufanana kwemhuri anoburitswa mutsumo yechiHebheru, yokuti” vanakomana va...”(cf. Mateu. 13:38; Mabasa. 13:10; 1Johani. 3:8, 10).

Kana uchida kuziva zvakawanda pamusoro pa” Dhiabhoru” Tarira nhaurwa inokosha pa12:31.

▣ **“iye akanga ari muurayi kubva pakutanga”** Izvi hazvirevi kuvapo kwezvivi nokusingaperi (kureva., hunyambiri sehuri muchitendero cheZoroastrianism), asi zvinoreva maonero okuedzwa paMweya kwaAdhamu naEvha noumiririri hwemweya unoreva nhema waiva mukati menyoka (cf. Genesi. 3). Tarira uone musiyano unechinangwa pakati paMwari wechokwadi, wezvokwadi naDhiabhoru!

8:46 “ndianiko kwamuri angakonese kuti ndine zvivi” Muchirevo chechinyorwa izvi zvinoreva kupupura kwenhema. Satani anoreva nhema, asi Jesu anotaura chokwadi. Jesu anokwezvera vakuru vevaJudha ava kuti varambe dzidziso nemitsara yake iyi, vaburitse kuti anoreva nhema! Muchirevo chechinyorwa ichi, mutsara uyuhaiti sokuti unechokuita nokusava nezvivi kwaJesu segwara redzidziso yezvouMwari.

Muvhangeri yaJohani, “chivi” chionoonekwa semusimbotti wouipi munyika yavatadzi iyo inopandukira Mwari, kwete sechiito chikutadza. Chivi zvinoreva zvose zvisina chokuita naJesu!” chivi “chikuru ndiko kusatenda (cf. 16:9).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :8:48-59

⁴⁸VaJudha vakapindura, vakati kwaari, “Hatinakureva here, tichiti, uri muSamariya, une mweya wakaipa?”

⁴⁹Jesu akapindura akati, “Handina mweya wakaipa, asi ndinokudza baba vangu, zvino imi mondizvidza. ⁵⁰Ini handitsvaki kuti ndikudzwe; ariko mumwe anozvitsvaka, achitonga.

⁵¹Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, kana munhu akachengeta shoko rangu, haangatongooni rufu.”

⁵²VaJudha vakati kwaari, “Tinoziva zvino kuti unomweya wakaipa; Abhurahamu akafa, navaporofitawo; zvino iwe unoti kana munhu akachengeta shoko rangu, haangatongooni rufu.

⁵³” Koi we uri mukuru kuna baba vedu Abhurahamu, vakafa, kanhi?navaporofita vakafa?Unozviita aniko?”

⁵⁴Jesu akapindura akati, “kana ini ndichizvikudza, kuzvikudza kwangu hakuna mature; anondikudza ndivo baba, avo vamunoti ndivo Mwari wenyu. ⁵⁵Hamuna kuvaziva imi, asi ini ndinovaziva; kana ini ndikati handivazivi, ndava murevi wenhema semi; asi ndinovaziva ini, ndinochengeta shoko ravo.

⁵⁶” Abhurahamu, baba wenyu, vakafara, vachiti, vachaona zuva rangu; vakariona, vakafara.”

⁵⁷Ipapo vaJudha vakati kwaari, “Iwe ugere kusvika makore ana makumi mashanu, wakaona Abhurahamu sei?”

⁵⁸Jesu akati kwavari, “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, ’Abhurahamu asati avapo, ini ndaivapo.’ “

⁵⁹Ipapo vakanonga mabwe kuti vamutake nawo; asi Jesu akazvivanza, akabuda mutemberi.

8:48 “uri muSamariya, unemweya wakaipa” Zvinogoneka kuti chirevo chechinyorwa chaicho chinoburitswa nezwi rechiAramaic rakashandurudzwa nezwi rechiGiriki rokuti” muSamariya, “iro raireva kuti” mukuru wemaDhimoni.”Jesu aitura rurimi rwechiAramaic. kana zviri izvo, zvino izvi zvinofambirana zvikuru nokupomerwa kwaaitwa nevakuru vechitendero kuti simba rake iye Jesu raibva kumweya wetsvina. Zvinogonekawo kuti kureva kuti munhu aiva nedhimoni zvaireva kuti munhu iyeye aireva nhema (cf. ndima. 52). Kutu Jesu aiva muSamariya (cf. 4:9) kana kuti aiva nedhimoni (cf. 7:20; 8:48, 49, 52; 10:20, 21, tarira nhaurwa inokosha pa12:31) yaiva nzira yokureva kuti vanhu vaisafanira kumuteerera kana kuva norudaviro kushoko rake. Zvino izvi, sokuti” Abhurahamu baba vedu, “yaivawo imwe nzira yokuramba kuva norudaviro kunaJesu kana shoko rake.

8:49 Munhu haangatendi munababa asingatendi muMwanakomana (cf. 1Johani. 5:9-12) ; munhu haangazive baba asingakudze Mwanakomana (cf. 5:23).

8:50 “ini ndikudzwe” Tarira nhaurwa inokosha pa1:14.

8:51, 52 “kana...kana” Mitsara yose iyi inechirevo chineshonedzo yokureva zvinogona kuitwa (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCES). Tarira uone kuti kuteerera kunesungano nekutenda (tarira donongodzo yezvinyorwa mundima. 48).

▣ **“hangatongooni rufu”** Iyi itsiudzo yakadzama (DOUBLE NEGATIVE). Zviripachena kuti izvi zvinoreva kufa pamweya (cf. ndima. 21, 24), kwete kufa panyama (cf. 5:24; 6:40, 47; 11:25-26). Zvinogonawo kureva kutya rufu (cf. 1vaKorinde. 15:54-57).

Nyaya ye” rufu” (*thanatos*) inoburitswa mubhaibheri munhanho nhatu.

1. Kufa pamweya, Genesi. 2:17; 3:1-24; Isaya. 59:2; vaRoma. 7:10-11; Jakobho. 1:15 (hukama naMwari hunoparara)
2. Kufa panyama, Genesi. 3:4-5; 5 (hukama nenyika hwaparara)
3. Kufa nokusingaperi, kufa kwepiri, “Zvakazarurwa. 2:11; 20:6, 14; 21:8 (kuparara kweukama naMwari kunoitwa zvachose)

Rufu runopikisana nokuda kwaMwari kuchisikwa chake chaanokoshesa (cf. Genesi. 1:26-27).

8:52 Izvi ndizvo zvinoratidza kuti vaisanzwisisa mutsara waJesu (cf. ndima. 51). Vakazvitora sokuti zvinoreva hupenyu hwepanyama hwaAbhurahamu navaporofita.

8:53 Mubvunzo uyu unotarisa mhinduro yokuti” kwete.”Heuno mutsara unokatyamadza! Asi izvi ndizvo chaizvo zvairehwa naJesu.

1. Aiva mukuru kunaAbhurahamu, ndima. 53
2. Aiva mukuru kunaJakobho, 4:12
3. Aiva mukuru kunaJona, Mateu. 12:41; Ruka. 11:32
4. Aiva mukuru kunaJohani mubhabhatidzi, 5:36; Ruka. 7:28
5. Aiva mukuru kunaSoromoni, Mateu. 12:42; Ruka. 11:31

Bhuku rose ravaHebheru rinoratidza hukuru hwaJesu kunaMosesi, hukuru hwechisungo chitsva kuchisungo chakare (tarira tsoropodzo yangu yebhuku ravaHebheru padzimudzangara pawww. freebiblecommentary. org).

▣ **“unozviita aniko”** Iyi ndiyo nyaya chaiyo!Jesu anodonongodza magumo zvakajeka mundima. 54 ne58 uye vanoedza kumutaka namabwe vachiti anozvidza (cf. ndima. 59).

8:54 “kana” Uyu ndiwo mumwezve mutsara uneshonedzo yokureva zvinogona kuitwa (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE).

▣ **“Kuzvikudza”** Izwi iri rinoshandiswa pano nenzira yokureva kuremekedza (cf. vaRoma. 1:21; 1vaKorinde. 12:26).

8:55 “ziva...ziva” Izwi rechirungu rinoshandurudza mazwi maviri echiGiriki mundima iyi, rokuti *ginōskō* nerokuti *oida* ayo anenge anoreva zvakafanana muchirevo chechinyorwa chino (cf. 7:28-29) Jesu anoziva baba uye anovaridza kuvateveri vake. Nyika (chero vaJudha) haizivi baba (cf. 1:10; 8:19, 55; 15:21; 16:3; 17:25).

8:56 “baba venyu Abhurahamu” Uyu mutsara unokatyamadza. Jesu anozvitaramutsa kubva ku” vaJudha, “ne”murayiro “(cf. 8:17), “temberi, “uye chero nekunababa Abhurahamu. Apa pane kusataura nezvechisungo chekare kwakajeka!

▣ **“vakafara vachiti vaona zuva rangu”** Uyu mutsara uneshongedzo yokureva zvakaikwa (AORIST MIDDLE INDICATIVE). Ko Abhurahamu ainzwisisa Mesiasi zvakaikwa? Shandurudzo zhinji dzinoshandurudza mutsara uyu muchimiro cheramamngwana. Nzira idzi dzinotorwa mugwaro rebhaibheri mushandurudzo makumi maviri nenhanhatu” *The Bible in twenty six translations*”

1. “Akakudzwa kuti aizoona” —Testamende itsva yakatsindikidzwa:shandurudzo itsva yakanyorwa navaJ. B Rotherham
2. “akafara kuti aizoona zuva rangu” —Bhaibheri rakaitwa patsva” Revised standard version”
3. “akafara zvikuru nokuti aizoona” —Bhaibheri reBerkely retestamende itsva” *The Berkely version of the New Testament*” rakanyorwa navaGerrit Verkuyl
4. “nokuona kuuya kwangu” —Testamende itsva:shandurudzo yekuAmerica yakanyorwa navaEdgar J Goodspeed
5. “akafadzwa nokuziva zuva rangu” —testamende itsva nomutauro wemazuva ano, rakanyorwa navaWilliam F Beck

Pamwewo neduramazwi reongororo rechiGiriki, iro rakapepetwa nava Harold K Moulton, rinodonogodza izwi rechiito mucirevo chokuti” kudokwairira zvikuru” k kubva pamasahndisirwo aro mubhaibheri rechiGiriki rakare (p. 2).

▣ **“vakariona vakafara”** Izvi zvinoreva chimwe chezviviri zvinotevera

1. Kutu Abhurahamu muupenyu hwake akambova nomunyin’inyira waMesiasi (cf 2Esdras. 3:14)
2. Kutu Abhurahamu aiva ari mupenyu (kudenga) uye aiziva basa raMesiasi panyika (cf. vaHebheru. 11:13)

Nyaya huru yaitaurwa naJesu ndeyekuti iyeBaba wrudzi rwevaJudha uyu aitarisirawo nguva itsva yaMesiasi nomufaro mukuru, asi chizvarwa chake chazvino, chinoramba kufara nokutenda! Abhurahamu ndiye baba wavanotenda (cf, vaRoma. 2:28-29), kwete vasingatendi!

8:57 Pano zvakare vateereri vaJesu havana kunzwisisa mashoko ake nokuda kwokutadza kududzira madimikira ake! kuvhiringika uku kunogona kuva kuine chinangwa! havana kuona nokuti vaisada kuona kana kuti vaisagona kuona!

8:58 “Abhurahamu asati avapo, ini ndaivapo” Uku ndiko kwaiva kuzvidza kuvaJudha naizvozvo vakaedza kumutaka Jesu namabwe (cf. Ekisodho. 3:12, 14). vakanzwisisa zvaitaura chaizvo, izvo zvaireva kuti aiva uMwari hwakavapo kare (cf. 4:26; 6:20; 8:24, 28, 54-59; 13:19; 18:5, 6, 8).

8:59 “vakanonga mabwe kuti vamutake nawo” Mashoko aJesu akanga ari pachena. Akanga ariMesiasi uye aiva norumwero nababa. VaJudha ava, avo vanonzi mundima. 31 “vakatenda kwaari, “vavakuda kumutakira namabwe kuti azvidza (cf. Revhitiko. 24:16).

Zvakange zvakaomera vaJudha ava kuti vagamuchire shoko idzva raJesu.

1. Haana kuita zvavaitarisira kuti Mesiasi aite
2. Akapiksa tsika nemaitiro avo
3. Akavhirngidza kunamata Mwari mumwe kwavo
4. Akati Satani, kwete Mwari’YHWH’ ndiye aiva “baba” vavo

Apa aifanira “kutakwa namabwe” kana “kugamuchirwa” !hapana kumira pakati nepakati apa!

▣ **“Jesu akazvivanza akabuda mutemberi”** Iyi ndiyo imwe yendima dzinoita kuti vapirikiri vafungudzire (uye vachiwedzera mitsara kuzvinyorwa zvehiGiriki) pamusoro pokuti

1. Ichi chaiva chishamiso (cf. Ruka. 4:30 nezvinyorwa zvakawedzerwa pano)

2. Jesu akanyangarikira muruzhinji nokuti aiva akafanana nevamwe vaJudha vaivapo

Paiva nemuronga wenguva weutsvene. Jesu aiziva kuti akanga auya kuzofa uye nefiro yacho, riini, uye kupi.”Nguva yake yakanga isati yasvika” !

MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Ko Johani. 7:53-8:11 igwaro remabviro revhangeri yaJohani here?sei kana kuti sei risiri?
2. Ko mutsara waJesu wokuti” ndini chiedza chenyika “wakataurwa zvaita sei?
3. Sei vaFarisi vaivenga Jesu zvakadai?
4. Tsanangura kushandiswa kweizwi rokuti” tenda” mundima. 30 maringe nechirevo chechinyorwa chinozotevera.

JOHANI 9

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Kuporeswa kwemurume akaberekwa riri bofu 9:1-12	Murume akaberekwa ari bofu anosvinudzwa meso 9:1-12	Jesu anozviritidza sechiedza chenyika 9:1-12	Jesu anoporesa murume akaberekwa riri bofu 9:1-2 9:3-5 9:6-7 9:8 9:9a 9:9b 9:10 9:11 9:12a 9:12b	Kuponeswa kwemurume akaberekwa riri bofu 9:1-5 9:6-7 9:8-12
VaFarisi vanotsvakurudza nezvekuporeswa 9:13-17	VaFarisi vanodzingura panze murume akaporeswa 9:13-34	9:13-17	VaFarisi vanotsvakurudza nezvekuporeswa 9:13-15 9:16a 9:16b 9:17b	9:13-17
9:18-23		9:18-23	9:18-19 9:20-23	9:18-23
9:24-34		9:24-34	9:24 9:25 9:26 9:27 9:28-29 9:30-33 9:34	9:24-34
Upofu paMwoyo 9:35-39	Kuona kwechokwadi 9:35-41	9:35-41	Upofu paMwoyo 9:35 9:36 9:37 9:37	9:35-39

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyorori. Ndiyozve hwaro hwekupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

RUONO RWEZVIRI MUNDIMA 1-41

- A. Kuporeswa kwevasingaoni, uko kunova chishamiso chakajairika muushumiri hwaJesu, kunoitwa nenzira dzakasiyana siyana.
- B. Kuporeswa kwevasingaoni kwaiva chiratidzo chouMesiasi (cf. Isaya. 29:18; 35:5; 42:7; Mateu. 11:5). Kukosha kwekuporesa uku kunoonekwa nemashoko aJesu okuti iye aiva chiedza chenyika (cf. 8:12 na9:5). vaJudha vaidva chiratidzo; vakapiwa zvakawanda!Mwari'YHWH' ndiye chete anozarura maziso!
- C. Chikamu chino chakaitwa madunhurirwa okuvabofu kwomunhu panyama nokuva mapofu pamweya kwevaFarisi (cf. ndima. 39-41; Mateu. 6:23).

DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :9:1-12

¹Akati achipfuura, akaona munhu akanga ari bofu kubva pakuberekwa kwake. ²Vadzidzi vake vakamubvunza, vachiti, “Rabhi, ndianiko akatadza, uyu kana vabereki vake, zvaakaberekwa riri bofu?”

³Jesu akapindura, akati, “Uyu haana kutadza, kunyange navabereki vake; asi izvi zvakaitwa kuti mabasa aMwari aoneswe maari. ⁴Ndinofanira kubata basa rowakandituma, achiri masikati, usiku hunouya, husingagoni munhu kubata basa nahwo. ⁵Ndichiri panyika, ndiri chiedza chenyika.”⁶Akati areva izvozvo, akapfira mate pasi, akakanya dope namate, akazodza dope pameso pake, ⁷akati kwaari, “Enda undoshamba mudziva reSiroamu, “(ndokuti, kana zvichishandurwa, “kutumwa.”) Ipapo akaenda, akandoshamba, akadzoka achiona.

⁸vakanga vagere naye, navaimuona kare, kuti ndiye waikumbira, vakati, “ko uyu haasi iye aigara achikumbira here?”

⁹Vamwe vakati, “Ndiye; “vamwe vakati, “kwete asi akatodzana naye, “Iye akati, “Ndini.”

¹⁰Zvino vakati kwaari, “Meso ako akagosvinudzwa Seiko?” ¹¹Akapindura akati, “Munhu anonzi Jesu akakanya dope, akazodza meso angu, akati kwandirienda Siroamu, undoshamba; naizvozvo ndakaenda, ndikashamba ndikaona.”¹²vakati kwaari, “Iye aripiko?” Akati, “Handizivi.”

9:1” akanga ari bofu kubva pakuberekwa kwake” Uyu ndiwo mumwe wemienzaniso wemhando yemarapiro aya. Pakanga pasina mukana wokubiridzira.

9:2:vadzidzi vake” Akandiko kekutanga kutaurwa nezvevadzidzi vake kubva pachikamu. 6. Izvi zvinogona kureva (1) vadzidzi vechiJudha avo vanorehwa muchikamu. 7:3 kana (2) vanegumi nevaviri.

▣ **“ndiani akatadza, uyu kana vabereki vake, zvaakaberekwa riri bofu”** Mubvunzo uyu wakadenha nhaurwa yezvidzidzo zvouMwari huru kwazvo. Tinofanira kuupirikira maringe nechJudha chakare, kwete nemaonero ezvinamato zvokumadokero. Pane nzira dzakawanda dzokuupirikira.

1. Izvi zvinoreva zvivi zvinobata munhu asati aberekwa izvo vairehwa nevaRabhi kubva munaGenesi. 25:22
2. Izvi zvinoreva zvivi zvevabereki kana zvamadzitateguru izvo zvaibata vana vasati vaberekwa (cf. Ekisodho. 20:5; Dhuteronomi. 5:9)
3. Izvi zvinoreva sungano pakati pezvivi nekurwara, iyo yaiva yakajairika zvikuru mudzidziso yezvouMwari yavaRabhi (cf. Jakobho. 5:15-16; Johani. 5:14)

Izvi hazvina chokuita nedenderekwa redzidziso youMwari yekumabvazuva yeziendamberi rekuvapo kwezvimukadzimu kana mudhandari wezviiito nezvibereko zvazvo (*karma*). Ichi ndicho chimiro chemararamiro echiJudha. Kuti uwane nhaurwa yakakwana pamusoro penyaya iyi verenga gwaro ravaJames W. Sire rinonzi, kumonyororwa kweshoko” *Scripture twisting*, pp. 127-144.”

9:3 Ndima iyi ndiyo inopa mhinduro yaJesu kumubvunzo wemundima. 2 wevadzidzi vake. Panorehwa zvokwadi dzakawanda:

(1) zvivi nekurwara hazvina sungano uye (2) matambudziko ndiyo anounza mukana wemakomborero aMwari.

9:4” tino.... ndino” Zviri pachena kuti mazwi znesungano nemazita aya haapindirane. Zvinyorwa zvakawanda zvechoiGiriki zvakashandura rimwechete rawo senzira yokuti afambirane. Anoita sokuti anoreva dzidziso youMwari yokuti sezvo Jesu akanga ari chiedza chenyika, nesuwo tinofanira kuratidza chiedza ichi munguva yedu (cf. Mateu. 5:14).

▣ **“usiku hunouya”** Muenzniso nendima. 5 kunoratidza pachena kuti, iri raiva dimikira. Usiku hunogona kumiririra

1. Kutongwa kunouya
2. Nguva yokuzarirwa kwemikana
3. Kurambwa nokuroverwa kwaJesu

9:5 “ndichiri panyika” Izvi zvinoita sokuti zvinoreva nguva yokuita zimukadzimu, nguva yokubva Bheterehema kuenda kuKarivhari/pagomo remiorivhi. Jesu aiva pano kwenguva shoma. Vanomunzwa vanofanira kudavira kushoko rake. Mutsara uyu unofambirana padzidziso youMwari nendima. 4.

Zvinoshamisa kuti mutsara wokuti” ndini” unorevei muchirevo chechinyorwa chinenge ichi!

▣ **“ndiri chiedza chenyika”** Johani anogaro shandisa “chiedza “ne” rima” semadimikira okureva zvinoitika paMweya. Jesu se” chiedza chenyika” (cf. 1:4-5, 8-9; 3:17-21; 8:12; 9:5; 12:46) zvinogona kureva chirevo chaMesiasi wetestamende yekare (cf. Isaya. 42:6; 49:6; 51:4; 60:1, 3). Tarira chinyorwa pa8:12.

9:6 “akapfira akakanya dope” Mate aishandiswa semushonga mudzimba dzevaJudha. Aisa bvumirwa kushandiswa nemusi weSabata (cf. ndima. 14). Vhangeri dzinonyora kushandiswa kwemate naJesu rutatu (cf. Mako. 7:33; 8:23; nepano). Nokushandisa nzira yaigamuchirwa uye ichitarisirwa nevanhu, Jesu akanga achikurudzira kutenda kwemurume uyu, asiwo achidhenha tsika nemitemo yavaFarisi!

9:7” dziva reSiroamu” Zita rokuti Siroamu rinoreva kuti” akatumwa.”Dziva iri raisahndiswa pamutambo wematumba.

▣ **“(kana zwichishandurudzwa, akatumwa)”** Izwi rokuti “akatumwa” raiva nesungano nokuti mvura yedziva iri yaibva kuzvitubu zveGibhioni, izvo zvaiva kunze kweguta reJerusarema. vaRabhi vaipa sungano kuizwi rokuti” akatumwa” nechirevo chouMesiasi. Ayawo mafungiro emunyori.

▣ **“akashamba** “Ichi chaiva chiito chokutenda kwake. Akatevedzera zvaakanga audzwa naJesu!nyangwe uku kwakanga kusati kuri “kutenda kweruponeso” (cf. ndima. 11, 17, 36, 38). Kwaiva kuitwa kwokutenda. Pavhangeri dzose, yaJohani ndiyo inoburitsa “nhanho” dzokutenda. Chikamu chinoburitsa boka revaka” tenda, “asi kwete kusvika muruponeso (cf. Mateu. 13; Mako. 4; muenzaniso wevhu).

NHAURWA INOKOSHA:ZVIREVANGUVA ZVEMAZWI ECHIITO ECHIGIRIKI AKASHANDISWA KUREVA RUPONESO

Ruponeso harusi chigadzirwa, asi ndihwo ukama. Harupereri pakuvimba naKristu; ipapo runnenge rwatotanga!haisi simbiso yokudzivirirwa kumoto, kana mvumo yokuenda kudenga, asi upenyu hwekukura mukuva saKristu. Tine tsumo kuAmerica inoti, kureba kwenguva inogarisana vawanani, vanotangawo kufanana. Iyi ndiyo vavariro yeruponeso!

RUPONESO SECHIITIKO CHAKAPERERA (ZVAKAITWA[AORIST])

- Mabasa. 15:11
- vaRoma. 8:24
- 1Timoti. 1:9
- Tito. 3:5
- vaRoma. 13:11 (inosanganisa zvakaitwa nedzidziso yechirevo cheramangwana)

RUPONESO SEMAMIRO (ZVAKAITIKA ZVINE ZVIBEREKO[PERFECT])

- vaEfeso. 2:5, 8

RUPONESO SEKUITA KWEZINDAMBERI (ZVIRIKUITIKA[PRESENT])

- 1vaKorinde. 1:18; 15:2

- 2vaKorinde. 2:15
- 1Petirosi. 3:21

RUPONESO SEKUMUNYUNGIRA KWERAMANGWANA (REMANGWANA MUCHIREVANGUVA CHEZWI RECHIITO KANA CHIREVO CHECHINYORWA)

- vaRoma. 5:9, 10; 10:9, 13
- 1vaKorinde. 3:15; 5:5
- vaFiripi. 1:28
- vaTesaronika. 5:8-9
- vaaHebheru. 1:14; 9:28
- 1Petirosi. 1:5, 9

Naizvozvo, ruponeso runotanga norutemo rwokutanga (cf. Johani. 1:12; 3:16; vaRoma. 10:9-13), asi izvi zvinofanira kubva mumararamiro okutenda (cf. vaRoma. 8:29; vaGaratiya. 2:19-20; vaEfeso. 1:4; 2:10), ayo achazomunyungirwa rimwe zuva (cf. 1Johani. 3:2). Iyi nhanho yokupedzisira ndiyo inodanwa kuti rubwinyiso. Uye inogona kutsanangurwa zvakazara sokuti

1. Ruponeso rwokutanga—kururamiswa (kuponeswa kubva kumutongo wezvivi)
2. Ruponeso rweziendamberi—kuitwa mutsvene (kuponeswa kubva kusimba rezvivi)
3. Ruponeso rwokupedzisira—rubwinyiso (kuponesa kubva kukuvapo kwezvivi)

9:8 “vakanga vagere naye” Pane mapoka matatu anotaurwa muchikamu chino, kuti ndivo vakapupura chishamiso ichi (1) vakanga vagere naye (ndima. 8) iye murume uyu pachake (ndima. 11) ; ne (3) vabereki vake (ndima. 18) Pakava nokukakavadzana pakati pavaiva vagere naye, nepakatiwo pevaFarisi pamusoro pekuporesa uku.

☐ **“ko uyu hasi iye aigara achoikumbira here”** Mubvunzo wechiGiriki uyu unotarisa mhinduro yokuti” hongu.”

9:9 “ndini” Iri ndiro dimikira rechiGiriki rinoshandiswa naJesu muna. 4:26; 6:20; 8:24, 58; 13:19; 18:5, 6, 8. Chirevo chechinyorwa chinoburitsa kuti mutauriro uyu haubve wareva utsvene. Kureva zvakasiyana siyana uku kunowanikwa muizwi rokuti *kuriosiro* rinoshandiswa mundima. 36 (changamire) ne38 (ishe) dzechikamu chino.

9:11-12 Nhaurirano iyi inoratidza kuti kuporeswa kwemurume uyu hakusi kweruponeso rweMweya. Kutenda kwemurume uyu kunokura nokuramba achusangana naJesu kwake (cf. ndima. 35).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :9:13-17

¹³Vakamuisa kuvaFarisi, iye akanga ari bofu kare. ¹⁴Zvino raiva Sabata zuva iro Jesu raakakanya dope naro, akasvinudza meso ake. ¹⁵Zvino vaFarisi vakamubvunzazve, kuti wakaoneswa sei. Akati kwavari, “Akaisa dope pameso pangu, ndikandoshamba, ndikaona.”

¹⁶Zvino vamwe vavaFarisivakati vakati, “Munhu uyu haasi waMwari, nokuti haachengeti Sabata.” Asi vamwe vakati, “ko munhu mutadzi angaita Seiko zviratidzo zvakadai?” ipapo kupesana kwakamuka pakati pavo.

¹⁷Zvino vakatizve kubofu, “iwe unoti kudiniko pamusoro pake, zvaakakusvinudza meso ako?” Akati, “Muporofita.”

9:13 “vaka” Izvi zvinoreva vaigara naye.

▣ **“vaFarisi”** vakuru vevaJudha vanodanwa nemazita maviri muvhangeri yaJohani. Vanowanzodanwa kuti “vaJudha” (cf. ndima. 18, 22). Zvisineyi, muchikamu chino vanodanwa kuti vaFarisi mundima. 13, 15, 16 nendima. 40. Tarira nhaurwa inokosha pa1:24.

9:14 “zvino raiva zuva reSabata iro Jesu raakakanya dope naro” Mitemo yevakuru vevaJudha (iyo yakanyorwa mugwaro reTalmud) ndiyo yaikosheswa kupfuura zvaidiwa nomunhu uyu (cf. 5:9; 9:16; Mateu. 23:24). Zvinoita sokuti Jesu akaita izvi nemusi weSabata neune achiitira kutsvaka nhaurwa yezvidzidzo zvouMwari nevakuru ava. Tarira chinyorwa pa5:9.

9:16 vaFarisi vanogona kunge vaitaura nezvaJesu maringe nevziri munaDhuteronomi. 13:1-5.

▣ **“kupesana kwakamuka pakati pavo”** Jesu anowanzokonzeresa zvakadai (cf. 6:52; 7:43; 10:19; Mateu. 10:34-39).

9:17” muporofita” Chikamu chino chinoratidza kukura kwekutenda kwemurume uyu (cf. ndima. 36, 38). Kana uchida kuziva zvakawanda nezwi rokuti” Muporofita “tarira nhaurwa inokosha pa4:19.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :9:18-23

¹⁸Naizvozvo vaJudha Havana kutenda pamusoro pake, kuti akanga ari bofu, akazoon, kusvikira vadana vabereki voakaoneswa, ¹⁹vakavabvunza vachiti, “Uyu ndiye Mwanakomana wenyu, wamunoti akaberekwa riri bofu here?zvino anogoona Seiko?”

²⁰Vabereki vake vakapindura, vakati, “Tinoziva kuti uyu mwanakomana wedu, uye akaberekwa riri bofu; ²¹asi hatizive kuti woona sei; noakamusvinudza meso ake, hatimuzivi; mubvunzei henyu; ayaruka achazvirevera hake.”

²²Vabereki vake vakareva izvozvo, nokuti vaitya vaJudha, nokutivaJudha vaknga vatotenderana, kuti kana kuchinge kunomunhu anotenda kuti ndiye Kristu, abudiswe muSinagoge. ²³Naizvozvo, vabereki vake vakati, “Ayaruka hake, mubvunzei henyu.”

9:22-23 “kana kunomunhu anotenda kuti ndiye Kristu” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuitika (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Vabereki varikutya vakuru vevaJudha ava. Kune zvapupu zvakawanda zvakapupurira kuporeswa uku (1) vaigara naye (ndima. 8-10; (2) iye murume uyu pachake (ndima. 11-17, 24-33) ne (3) vabereki vake (ndima. 18-23).

NHAURWA INOKOSHA: MHUPURO

- A. Pane zvimiro zviviri zvemabviro mamwechetwo echiGiriki anosahandiswa kureva kuti kureurura kana kuti kubvuma, *homolegeō naexomologe*. Izwi remubatanidzwa iro rinoshandiswa naJakobho rinobva pana *homo*, iro rinoreva kuti” zvimwechetezvo; nerokuti *legō*, iro rinorevawo kuti” kutaura” ; nerokuti *ex*, iro rinoreva kuti” kubva mu.”Chirevo charo kwazvo kwazvo ndechokuti kutaura zvimwechete nokubvuma. Vara rokuti *exrinozowedzerwa* senzira yokureva kududza paruzhinji.
- B. Mapoka eshandurudzo dzezwi iri muchirungundeanoti
1. Kurumbidza
 2. Kubvumirana
 3. Kududza
 4. Kubvuma
 5. Reurura
- C. Boka remashandisirwe ezwi iri raiva nemashandisirwe anenge maviri anopikisana
1. Kurumbidza (Mwari)
 2. Kubvuma chivi

Maonero ose aya anogona kunge akabva pamafungiro evanhu pamusoro poutsvene hwaMwari pamwe nokuva nezvivi kwavo. kubvuma zvokwadi imwe ndiko kubvuma dzose.

1. Kubvuma chinhu (cf. Johani. 1:20; Ruka. 22:6; Mabasa. 24:14; vaHebheru. 11:13)
2. Kurumbidza (cf. Mateu. 11:25; Ruka. 10:21; vaRoma. 14:11; 15:9)
3. Kubvumirana ne
 - a. Munhu (cf. Mateu. 10:32; Ruka. 12:8; Johani. 9:22; 12:42; vaRoma. 10:9; vaFiripi. 2:11; 1Johani. 2:23; Zvakazarurwa. 3:5)
 - b. Chokwadi (cf. Mabasa. 23:8; 1Johani. 4:2)
4. Kududz paruzhinji kwe (mutemo kwakavandudzika kukava rutsindikidzo rwezvechitendero, cf. Mabasa. 24:14; 1Timoti. 6:13)
 - a. Pasina kubvuma mhosva (cf. 1Timoti. 6:12; vaHebheru. 10:23)
 - b. Nokubvuma mhosva (cf. Mateu. 3:6; Mabasa. 19:18; vaHebheru. 4:14; Jakbho. 5:16; 1Johani. 1:9)
 - c. Pasina kubvuma mhosva (cf. 1Timoti. 6:12; vaHebheru. 10:23)
 - d. Nokubvuma mhosva (cf. Mateu. 3:6; Mabasa. 19:18; vaHebheru. 4:14; Jakbho. 5:16; 1Johani. 1:9)

9:22 “kuti abudiswe muSinagoge” Zviripachena kutivabereki ava vaitya kubudiswa muSinagoge (cf. 12:42; 16:2). Muitiro uyu unowanikwawozve munguva yakare muzvinyorwa zvaEzira (cf. 10:8). Tinoziva kubva muzvinyorwa zvavaRabhi kuti paive nenzira nhatu dzokubudiswa (1) kwesvondo rimwechete (2) kwemwedzi mumwechete; (3) kweupenyu hwise. Johani achinyorwa nechekumagumo kwemakore zana okutanga, aiziva zvikuru nezvekubudiswa muSinagoge nokuda kwokutenda kuti Jesu ndiye Kristu.”Zvituko” izvi zvakaitwa navaFarisi mushure mokupanduka kwavaJudha kubva kuJamnia mu makore (70 A. D).

▣ **“anofanira kubudiswa muSinagoge”** Ichi chaiva chiitiko chikuutu chokumiswa kuwadzana (cf. 12:42; 16:2).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :9:24-34

²⁴Zvino vakamudanazve rwechipir, iye munhu akanga ari bofu, vakati kwaari, “Rumbidza Mwari; isu tinoziva kuti munhu uyu mutadzi.”

²⁵Ipapo iye akapindura akati” kana ari mutadzi ini handizvizivi; ndinoziva chinhu chimwe, kuti ndaiva bofu, zvino ndoona.”

²⁶Ipapo vakati kwaari, “Akakuiteiko? Akasvinudza meso ako sei?”

²⁷Akavapindura akati, “Ndatokuudzai mukasanzwa. Munoda kunzwazve nemhaka yeiko? Nemi munaodawo kuva vadzidzi vake kanhi?”

²⁸Vakamunyomba, vachiti, “Iwe ndiwe mudzidzi wake, asi isu tiri vadzidzi vaMosesi.

²⁹Tinoziva kuti Mwari wakataura naMosesi; asi uyu hatizivi kwaakabva.”

³⁰Iye munhu akapindura akati, kwavari, “Nyambera chinhu ichi chinoshamisa, kuti imi hamuzivi kwaanobva, kunyange akasvinudza meso angu. ³¹Tinoziva kuti Mwari haanzwe vatadzi; asi kana munhu achishandira Mwari, achiita kuda kwake, anomunzwa iye.

³²Kubvira pakutanga hakuna kumbonzwika, kuti mumwe akasvinudza meso omunhu, akaberekwa riri bofu. ³³Dai uyu usati ari waMwari, haasaigona kuita chinhu.”

³⁴Vakapindura, vakati kwaari, “Iwe wakaberekwa muzvivi chose, zvino iwe wotidzidzisa isu?” vakamudzingira kunze.

9:24 “rumbidza Mwari” Iyi yaiva nzira yokuita mhiko, kuratidza kureva zvokwadi (cf. Joshua. 7:19).

9:25 Mhinduro iyi inofanira kunge ichireva ndima. 16. Murume uyu haasi kuda kuita dorotori redzidziso yezvouMwari, asi anotaura zvaitika mukusangana kwake naJesu.

9:27 “munodawo kuva vadzidzi vake kanhi” Chimiro chezvivakamutauro zvechiGiriki chinotarisa mhinduro yokuti” kwete, “asi mabvunzirwo akaitwa apa unoratidza ndyaringo uye nokungwara kwemurume aimbova bofu raigara richikumbira.

9:28a “iwe ndiwe mudzidzi wake” Pane mubvunzo muchikamu chino wokuti murume uyu akazova mutendi panhanho ipi. Zvinoita sokuti pakutanga kuporesa kwaJesu kwakanga kusina chokuita nokutenda kwemurume uyu kunaJesu saMesiasi; pava paya Jesu ndipo paanozomutaurira zvouMesiasi hwake (cf. ndima. 36-38). Chitsauko chino chinoratidza kuti kuporesa panyama hakuunzi ruponeso.

9:28b-29 Izvi zvinoratidza kuomerwa kwaiita vakuru ava. Vaiedza kuenzanisa mhirikiro yegwaro retsika nemagariro ravo (Talmud) neratidzo yaMosesi yakatuswa. Maziso avo akanga akapofomadzwa norusaruo rwedzidziso yezvouMwari yavo (cf. Mateu. 6:23). Vaiva vadzidzi vetsika dzakitwa navanhu (cf. Isaya. 29:13).

9:29 “hatizivi kwaakabva “Uyu ndiwo mumwe mufananidzo wendyaringo dzaJohani9cf. 7:27-28; 8:14). Jesu akanga abva kunaBaba (cf. 8:42; 13:3; 16:28) asi muupofu hwavo vaFarisi Havana kuziva

1. Mabviro ake
2. Nzvimbo yaakaberekerwa

9:30 “Nyambera chinhu ichi chinoshamisa, kuti imi hamuzivi kwaanobva nyangwe akasvinudza meso angu” Uyu ndiwo mumwe muenzaniso wekuchenjera nokuva nendyaringo kwebofu raikumbira iri, apo richiramba maonero netsanagudzo dzevaFarisi.

9:31-33 Murume aiva bofu uye asina kudzidza, aiva netsanangudzo yedzidziso youMwari yakajeka kupfuura vakuru ava!

9:33” dai” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokuburitsa chokwadi nokudoma mutsara unopikisana nechokwadi (SECOND CLASS CONDITIONAL SENTENCE) unofanira kunzwiswa sokuti, “dai murume uyu asina kubva kunaMwari, kunova iko kwaanobva, haangadai akaita zvizvi, asi akaita.”

9:34” iwe wakaberekwa muzvivi chose” Zvinoshamisa kuti dzidziso yevaRabhi haitare nezve” chivi chemabviro” (cf. Jobho. 14:1, 4; Mapisarema. 51:5). Kutadza kwemunaGenesi. 3, hakuna kutsindikidzwa mudzidziso yechiJudha chevaRabhi. VaJudha vaiti kwaiva nevavariro yakanaka neyakaipa (*yetzer*) mumwoyo wemunhu wose. VaFarisi ava vaiti kupupura kwemurume uyu nemaonero ake zvakanga zvisina basa nokutizvaiva pachena kuti aiva mutadzi izvo zvaionekwa nokuberekwa ari bofu.

☐ **“vakamudzingira kunze”** Izvi zvinoreva kwazvo kwazvo kuti “vakamusandudzira panze.” Izvi zvinoreva (1) kuva nhengo pamwe nokuwadzana muSinagoge kana (2) kudzingwa pamusanagano. Muchirevo chechinyorwa tsanangudzo yepiri ndiyo yakanaka.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :9:35-41

³⁵Jesu akanzwa kuti vamudzingira kunze; akati amuwana, akati kwaari, “Iwe unotenda kuMwanakomana womunhu here?”

³⁶Akapindura akati, “Iye ndianiko ishe, kuti nditende kwaari?”

³⁷Jesu akati kwaari, “Wamuona, uye ndiye anotaura newe.”³⁸Ipapo akati, “Ndinotenda, Ishe.” Akamupfugamira.

³⁹Jesu akati, “kutonga ndiko kwandauyira panyika ino, kuti vasingaoni vaone; navanoona vave mapofu.”

⁴⁰Avo vavaFarisi vaiva naye, vakazvinzwa, vakati kwaari, “ko nesuo tiri mapofu here?”

⁴¹Jesu akati kwavari, “Dai maiva mapofu, hamusaiva nezvivi, asi zvino munoti tinoona; zvivi zvenyu zvinoramba zviripo.”

9:35

NASB, NRSV,

TEV, NJB

NKJV

“Unotenda kuMwanakomana womunhu here”

“Unotenda kuMwanakomana waMwari here”

Zvinyorwa zvechiGiriki zvakare cheA ne L, zvine mutsara wokuti” Mwanakomana waMwari, “asi zvinyorwa zve P⁶⁶, P⁷⁵, N, B, D ne W zvine mutsara wokuti” Mwanakomana womunhu.” kubva kumashandisoro aJohani pamwe noumboo hunobva muzvinyorwa, mutsara wokuti” Mwanakomana womunhu” ndiwo chaiwo wemabviro. Gwaro reUBS⁴ rinopa mutsara wokuti “Mwanakomana womunhu” chipimo chokutanga” A” (kureva kuti chokwadi). Mubvunzo uyu unotarirsira mhinduro yokuti” hongu.”

9:36

NASB, NKJV, “Ishe”
NRSV, TEV,
NJB “Changamire”

Tinoona kuvandudzika kwekutenda kwemurume uyu pazvidzidzo zvouMwari, muchikamu chino, apo murume uyu anotanga kurega kudana Jesu nemazita okuti

1. Murume (ndima. 11)
2. Achimuti muporofita (ndima. 17)
3. Achimzomudana nezita reruremekedzo rokuti” changamire” (ndima. 36)
4. Kusvika pakumudana kuti” Ishe” nokushandiswa kuzere kwechirevo chezwi iri (ndima. 38)

Izwi rechiGiriki rinoreva zvakafanana mundima. 36 nemundima. 38. Chirevo chechinyorwa ndicho chete chinogona kudoma chirevo cheizwi. Tarira nhaurwa inokosha:mazita ouMwari pa6:20. Izwi rechiGiriki rokuti *kurios* rinogona kureva zvimwechetezvo nerechiHebheru rokuti *Adon*, iro rakazotangawo kushandiswa kureva kuti Mwari’YHWH’.

9:38 Aya ndiwo manhengatenga enyaya, kana tichitarisa nyaya yeruponeso rwemurume akaporeswa uyu. Zvinoshmaisira kuti ndima iyi haiwanikwi munezvimwe zvinorwa zvechiGiriki zvinoti che (P⁷⁵, N, W) pamwe negwaro romubatanidzwa wevhangeri ina dzokutanga (Diatessaron). Gwaro iri rine mazwi maviri asina kujairika (1) mutsara wokuti” akati” unowanikwa pano chete nepana1:23 pamwe (2) nezwi rokuti “akanamata” rinowanikwawo pano chete muvhangeri yaJohani. Rinowanikwawo mushandurudzo itsva zhinji.

9:39 “kutonga ndiko kwandauyira panyika ino” Izvi zvinoita sokuti zvinofambirana nezviri muna. 5:22, 27 iyo inotaura nezvenguva yokuguma (eschatology) nokutongwa. Zvisineyi, izvi zvinoita sezvinopikisana na3:17-21 ne12:47, 48. Izvi zvinogona kuva nesungano nenyaya yokuti Jesu akauyira rudzikinuro, asi vanhu nokuramba pfupiro yake, vanozvitonga.

▣ **“kuti vasingaone vaone, vanoona vave mapofu”** Uku ndiko kwaiva kuzadziswa kwechiporofita rwakapetwa ruviri, kunyanya chaIsaya.

1. mulsiraeri anozvikudza haanganzwisise shoko raMwari (cf. Isaya. 6:10; 42:18-19; 43:8; Jeremiya. 5:21; Ezekieri. 12:2)
2. varombo, vakaraswa, vakaremara avo vanotendeuka ndivo vachanzwisisa (cf. Isaya. 29:18; 32:3-4; 35:5; 42:7, 16)

Jesu ndiye chiedza chenyika kuna avo vanosarudza kuona (cf. 1:4-5, 8-9).

9:40 “ko nesuwo tiri mapofu here” Murongerwo wemazwi mumutsara wechiGiriki uyu unotarisa mhinduro yokuti” kwete” (cf. Mateu. 15:14; 23-24). Ndima shoma dzokupedzisira dzinoratidza chikamu chino ndechemuenzaniso wemadunhurirwa okureva upofu hwepaMweya uhwo husingaporeseki (chivi chisingaregererwi chokusatenda, tarira nhaurwa inokosha pa5:21), noupofu hwepanyama, uhwo hunoporeseka!

9:41 Ndima iyi inoburitsa chokwadi chinozivikanwa nemunhu wose (cf. 15:22, 24; vaRoma. 3:20; 4:15; 5:13; 7:7, 9). Vanhu vanomurandu wechiedza chavainacho kana chavakaona!

MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Ko chikamuchino chinobata nyaya yokuporeswa panyama chete here kana kuporeswa paMweya?kuva bofu panyama kana kuvabofu paMweya?
2. Ko murume uyu aigova nezvivi asati aberekwa sei?
3. Murume uyu akazwana ruponeso panhanho ipi muchikamu chino?
4. Ko Jesu akauya kuzotonga nyika here kana kuzoponesa?
5. Tsanangudza mabviro nenhoroondo yezwi rokuti” Mwanakomana womunhu.”
6. Denengudza mitsara yendyaringo dzemhunduro dzebofu iri kuvakuru vechiJudha.

JOHANI 10

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Muenzaniso wedanga ramakwayi 10:1-6	Jesu Mufudzi akanaka 10:1-6	Jesu Mufudzi anopa upenyu 10:1-6	Muenzaniso wemufudzi 10:1-5 10:6	Mufudzi akanaka 10:1-5 10:6
Jesu mufudzi akanaka 10:7-18	Jesu Mufudzi akanaka 10:7-21	10:7-10 10:11-18	Jesu Mufudzi akanaka 10:7-10 10:11-16 10:17-18	10:7-18
10:19-21	1:8-15	1:19-21	10:19-20 10:21	10:19-21
Jesu akarambwa nevaJudha 10:22-30	Mufudzi anoziva makwayi ake 10:22-30	10:22-30	Jesu anorambwa 10:22-24 10:25-30	Jesu anoti ndiye MwanaKomana waMwari 10:22-30
10:17-18	Vanoedzazve kutakaJesu 10:17-18	10:17-18	10:17-18 10:33 10:34-38 10:39	10:17-18 10:39
10:40-42	Vatendi Vemhuri KwaJorodhani 10:40-42	10:40-42	10:40-42	Jerusarema kuno rumwe rwaJorodhani 10:40-42

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzera yedudzira yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyorori. Ndiyozve hwaro hwekupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

5. Ganhuro yokutanga
6. Ganhuro yepiri
7. Ganhuro yetatu
8. Nezvimwewo.

DZIDZO YEMITSARA NEMAZWI

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :10:1-6

¹Zvirokwazvo, zvirokwazvo ndinoti kwamuri, “Asingapindi napamusuo mudanga ramakwai, asi anokwira napamwe, imbavha negororo. ²Asi anopinda napamusuo, ndiye mufudzi wamakwai. ³Murindi womusuo anomuzarurira iye, makwai anonzwa izwi rake, anodana makwai ake namazita awo, nokuaperekedzera kunze. ⁴kana abudisa makwai ake ose, anoatungamirira; makwai anomutevera, nokuti anoziva izwi rake. ⁵Asi mweni haangatongomuteveri, asi anomutiza; nokutihaazivi izwi ravaeni.”

⁶Jesu akareva mufananidzo uyu kwavari, asi Havana kunzwisisa, kuti zvaakavataurira ndezvei.

10:1 zvirokwazvo, zvirokwazvo” Tarira chinyorwa pa1:51.

▣ **“asi anokwira napamwe, imbavha negororo”** Tarira uone kuti kuna mamwe makwai asiri omufudzi akanaka (cf. Mateu. 7:21-23 pamwe “nemuenzaniso wemasawi nezviyo, “Mateu. 13:24-30). Dambudziko riri pano nderokuti vamwe varikushangazhikira nemabasa avo kuwana zviri kupiwa pahena naMwari kuburikidza naKristu (cf. vaRoma. 3:19-31; 9:30-33; 10:2-4; vaGaratiya. 2:16; 5:4). Muenzaniso wakanaka ndeweveFarisi vemuchikamu. 9.

10:2 “asi anopinda napamusuo, ndiye mufudzi wamakwai” Muchikamu chino mune kusnaganiswa kwemadimikira kuri pachena. Jesu semusuo wedanga remakwai, ndima. 7, uyewo nemufudzi wamakwai (ndima. 11 ne14). Zvisineyi, kusanganiswa kwemadimikira uku hachisi chinhu chitsva muvhangeri yaJohani netestamende itsva.

1. Jesu ndiye chingwa nomupi wechingwa (cf. ndima. 6:35, 51)
2. Jesu ndiye chokwadi uye mutauri wechokwadi (cf. ndima. 8:45-46 na14:6)
3. Jesu ndiye nzira uye anoratidza nzira (14:6)
4. Jesu ndiye chibayiro uye anopira chibayiro (cf. bhuku ravaHebheru)

Zita rokuti” mufudzi” raiva zita rakanga rakajairika mutestamende yekare richireva zvose Mwari naMesiasi (cf. Mapisarema. 23; Mapisarema. 80:1; Isaya. 40:10-11; 1Petirosi. 5:1-4). Vakuru vevaJudha vanodanwa kuti” vafudzi venhema” munaJeremiya. 23; Ezekieri. 34 naIsaya. 56:9-12. Izwi rokuti” mufudzi” rinesungano nezwi rokuti “mufundisi (cf. cf. vaEfeso. 4:11; Tito. 1:5, 7).

10:3” makwai anonzwa izwi rake” kunzwa nokuteerera kunobva muukama. Muvhangeri yaJohani, zvose “kunzwa “(cf. 4:42; 5:24, 25, 28-29; 8:47; 10:16, 27; 18:37) no” kuona” (cf. 3:3; 12:40; 20:8) zvinoshandiswa kureva kutenda /nokuvimba naKristu.

☐ **“anodana makwai ake namazita awo”** Jesu anoziva vake mumwe nomumwe uye pazuzima (sezvinoita Mwari’YHWH, ’cf. 10:29-31). vafudzi kazhinji vaiva namazita amadunhurirwa emakwai avo, chero makwai akawanda zvakadii.

Zvinoshamisa, pazvidzidzo zvouMwari kuti Jesu anodana makwai ake echokwadi kubva mumakwai enhema murudzi rwaJudha. Vanhu vechisungo vakanga vasiri ivo vanhu chaivo vaMwari. Iri ndiro bishapisha rechisungo chitsva. kutenda kwomunhu kwete rudzi rwake, ndiko kunoreva ramangwana rake!kutenda ndokwepazuzima, kwete kwerudzi.

Vakuru vevaJudha avo vaipikisana naJesu vakanga vasiri vanhu vaMwari (cf, ndima. 26) !

☐ **“nokuaperekedza kunze”** Izvi hazvingorevo ruponeso chete, asi kukutungamira kwemisi yose (cf. ndima. 4 na9).

10:4 Izvi zvinogona kurevatska yokuchengetera mapoka emakwai akasiyana siyana mudanga rimwechete panguva dzousiku. Ava mangwanani, mufudzi aidana makwai ake obva auya kwaari.

10:5 Kereke yagara ichimbosangana nevafudzi venhema (cf. 1Timoti. 4:1-3; 2Timoti. 4:3-4; 1Johani. 4:5-6; 2Petirosi. 2).

10:6 “Jesu akareva mufananidzo uyu kwavari” Izvi handizvo zvinoshandurudzwa zvichinzi “muenzaniso” (*parabole*), asi ichi chirevo chinobva pamabviro mamwechetewo ezwi rokuti (*paraimian*). chimiro chomufananidzo ichi chinowanikwa pano pamwe nemuna16:25, 29 naPetirosi. 2:22. Nyangwe zvazvo chiri chimwe chimiro, chinoita sokuti chinofambirana nechkajairika chokuti” muenzaniso” (icho chinoshandiswa muvhangeri nhatu dzokutanga). Izwi rokuti” muenzaniso” rinowanoreva kuti kuisa chiitiko chemagariro anozivikanwa kuti chive nechirevo cheMweya kuitira kuti vanhu vanzwisise. Zvisineyi, rinogona kureva kuvigira chokwadi kuvanhu vanoupofu hwepaMweya (cf. 16:29; Mako. 4:11-12).

☐ **“asi Havana kunzwisisa”** kana chikamu. 10 chiine sungano munguva, nechikamu. 9, ivo vanonzi” hava” ndivo vaFarisi. vaiti vanoona (cf. 9:4), asi Havana kuona (cf. 10:20). Chitendero chinogona kutova chibingamupinyi, kwete zambuko.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :10:7-10

⁷Zvino Jesu akati kwavarizve, “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, ndini musuo wamakwai. ⁸vose vakanditangira kuuya, imbavha namakororo, asi makwai haana kuvanzwa.

⁹” Ndini musuo kana munhu apinda neni, achaponeswa, achapinda, achabuda,, achawana mufaro. ¹⁰Mbavha inongouya kuti ibenokuuraya nokuparadza. ini ndakauya, kuti vave noupenyu, uye vave nohwakawanda.

10:7 “ndini musuo wamakwai” Uyu ndiwo umwe wemitsara yaJohani inemukumbira yokuti” ndini”. Dimkira iri rinoburitsa kuti Jesu ndiye chete nzira yechokwadi (cf. 8, 10; 14:6). Iyi ndiyo nyaya inowananzivikanwa nokuti kusanagura kwevhangeri. Kana bhaibheri riri iro kuzviratidza kwaMwari, saka panongovanenzira imwechete yokururama kunaMwari—kutenda munaKristu (cf. Mabasa. 4:12; 1Timoti. 2:5). Ona chinyorwa pa8:12.

10:8 “vose vakanditangira kuuya imbavha namakororo” Nokuda kwechirevo chechinyorwa chezvikanwa. 9 na 10, mutambo wekuvandudzw kwetemberi (cf. 10:22), zvinogona kuti izvi zvinoreva avo vainyepera kuva vanaMesisasi (Maccabees), ivo pamwe nezvizvarwa zvavo, panguva yokupera kwetestamende yekare nokunotanga kwetestamende itsva. Zvisinei, zvinogona kuva nesungano nemivaravara yemutestamende yekare iyo iri pamusoro pevafudzi venhema (cf. Isaya. 56:9-12; Jeremiya. 23; Ezekieri. 34; naZekariya. 11).

Madimikira aya pamwe nemitsara ine zvirevo zvisina kujeka, ndizvo zvakakonzerwa kuti vanzveri vemagwaro vakare vashandure nokuvandudza zvinyorwa nevavariro yokuedza kutsanangura chirevo chemitsara iyi. Chimwe chinyorwa che (MS D) chinosiya zvachose vara rokuti” vose” pamwe nezvimwewo zvinyorwa zvakare zvakawanda zvinoti (P⁴⁵, P⁷⁵, N*) zvinosiyawo mutsara wokuti” vakanditangira.”

10:9 “kana munhu apinda neni, achaponeswa” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuitika (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE) uine chirevo chokureva kuitirwa munerenangwana (FUTURE PASSIVE VERB). Jesu ndiye chete nzira yokuenda kunaMwari (cf. 14:6). Izwi rechiito rokuti” achaponeswa, “muchirevo chechinyorwa chino rinogona kuvanesungano nechirevo chetestamende yekare yokureva kuponeswa panyama (kureva., makwai akadziviririka). Zvisinei, Johani anogaro sarudza mazwi maviri anenge aine zvirevo zvinopindirana. Nyaya yokuponeswa paMweya irimowo muchirevo chechinyorwa chake (cf. ndima. 42).

10:10 “mbavha” Izvi zvinoratidzo vavariro isakarurama yevafudzi venhema. Zvinoratidzwo zvinangwa zvowakaipa!Uyuwo mufngiro wevashandi vemarikicho vasina hany’a unogona kuonekwa mundima. 12-13.

☐ **“kuparadza”** Tarira nhaurwa inokosha inotevera

NHAURWA INOKOSHA:KUPARADZA (APOLLUMI)

Izwi iri rine muvanzarira mukuru kwazvo wezvirevo, izvo zvakakonzerwa kuvhiringika kukuru pamusoro pemaonero ezvidzidzo zvouMwari zvekutongwa nokusingaperi maringe nokuparadza. kwazvo kwazvo chirevo chezwi iri chinobva pamubatanidzwa wezwi rokuti *apo* nerokuti *ollumi*, kushpodza, kuparadza.

Dambudziko rinowanikwa mumashandisirwo aro echibhende. Izvi zvinoonekwa mugwaro rakanyorwa navaLouw navaNida rinonzi, duramazwi guru rechirungu nechigiriki retestamende itsva, remivanzarira yezvirevo” *Greek-English Lexicon of the New Testament, Based on Semantic Domain*, vol. 2, p. 30. Duramazwi iri rinodonongodza zvirevo zvakawanda zvezwi iri

1. Paradza (semuna., Mateu. 10:28; Ruka. 5:37; Johani. 10:10; 17:12; Mabasa. 5:37; vaRoma. 9:22 kubva muchinyorwa chokutanga (vol. 1) 232)
2. Kukoniwa kuwana (semuna., Mateu. 10:42, chinyorwa chokutanga (vol. 1), p. 566)

3. Kurasa (semuna., Ruka. 15:8, chinyorwa chokutanga (vol. 1), p. 566)
4. Kusaziva nzvimbo (semuna., Ruka. 15:4, chinyorwa chokutanga (vol. 1), p. 330)
5. Kufa (semuna., Mateu. 10:39, chinyorwa chokutanga (vol. 1), p. 266)

vaGerhard Kittel, mugwaro ravo rinonzi, duramazwi rezvidzidzo zvouMwari zvetestamende itsva, *“Theological dictionary of the New Testament, vol. 1, p. 394, “vanoedza kutsanangudzo zvakadzama mashandisirwo ezwi iri nokudonongodza zvirevo zvaro zvina:*

1. Kuparadza kana kuraya (semuna., Mateu. 2:13; 27:20; Mako. 3:6; 9:22; Ruka. 6:9; 1vaKorinde. 1:19)
2. Kurasa kana kurasikirwa (semuna., Mako. 9:41; Ruka. 15:4, 8)
3. Kuparara (semuna., Mateu. 26:52; Mako. 4:38; Ruka. 11:51; 13:3, 5, 33; 15:17; Johani. 6:12, 27; 1vaKorinde. 10:9-10)
4. Kurasika (semuna., Mateu. 5:28-30; Mako. 2:22; Ruka. 15:4, 6, 24, 32; 21:18; Mabasa. 27:34)

vaKittel vanoti, “Tinogona kureva kuti tsanangudzo yepiri neyechina dzine chirevo chinesungano nyenika ino sezviri muvhangeri nhatu dzokutanga, asiwo yokutanga neyechitatu, dzine chirevo chinesungano nyenyikadzimu, sezvinorehwa muvhangeri yaPauro naJohani” (p. 394).

Ipo pano ndipo panovhiringa. Izwi iri rine muvanzarira wezvirevo wakakura zvokuti vanyori vakasiyana vetestamende itsva vanorishandisa nenzira dzakawanda dzakasiyana siyana. Ndinofarira zviri mugwaro ravaRobert Girdlestone rinonzi, mazwi akafanana emutestamende yekare” *Synonyms of the old testament, pp. 275-277.* Vanoti ivo izwi iri rinesungano nevanhu vakaparadzwa pahunhu uye vakamirira kuparadzani swa naMwari nokusingaperi maringe nevanhu vanoziwa Kristu uye vanoupenyu nokusingaperi maari. Iri boka rokupedzisira ndiro “rakaponeswa” iriwo rokutanga rakaparadzwa.

Ini handifungi kuti izwi rinoreva kuparadzwa (cf. gwaro ravaE Fudge rinonzi, moto unoparadza” *The fire that consumes”*) Iziw rokuti nokusingaperi rinoshandiswa kureva zvole kurangwa kusingaperi pamwe noupenyu husingaperi, munaMateu. 25:46. kudzikisa ukoshi hwechimwe ndiko kudzikisa ukoshi hwezvole!

▣ **“ndakauya kuti vave noupenyu uye vave nohwakawanda”** Mutsara uyu unowanzoshandiswa kureva upfumi hwepanyika, asi muchirevo chechinyorwa unooreva kuziva Jesu pamwechete nemakomborero eMweya aanounza, kwete pfuma yepanyika (izvi zvinofamnbirana na4:14 na7:38). Hazvirevi kuwana zvakawanda panyika pano, asi kuziva nokuwana upenyu hwechokwadi!

Sokunyorwa kunoitwa nevhangeri nhatu dzokutanga pamusoro pokutaura zvakasimba nezveutongo hwaMwari kunoitwa naJesu, vhangeri yaJohani inonyorawo pamusoro pokutaura zvakasimba nezveupenyu husingaperi kunoitwa naJesu. Unogona kuva nahwo izvozvi! Hutongo hwakatogadzwa!

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :10:11-18

¹¹” Nдини мufudzi akanaka; мufudzi akanaka anorasira makwai ake upenyu hwake. ¹²Muranda, asati ari мufudzi wamakwai, makwai asati ari ake, anoti kana achiona bere richiuya, anosiya makwai, ndokutiza; bere rinoabvuta, nokuaparadza; ¹³anotiza zvaari muranda; haana hanya namakwai. ¹⁴Nдини мufudzi akanaka, ndinoziwa makwai angu, namakwai angu anondiziva ini, ¹⁵Baba sezvavanondiziva, neni ndichiziva baba; ndinorashira makwai angu hupenyu hwangu. ¹⁶Namamwe makwai ndinawo, asati ari

edanga rino. Naiwo ndinofanira kuuya nawowo, achanzwa inzwi rangu; richava boka rimwe, nomufudzi mumwe.

17” Saka baba vanondida, nokuti ndinorasha upenyu hwangu, ndigohutorazve. 18Hakuna munhu anganditorera upenyu; asi ndinohurasha ndimene. Ndine simba rokuhurasha, uye ndne samba rokuhutorazve. Uyu murayiro ndakaupiwa nababa vangu.”

10:11, 14” ndini mufudzi akanaka” Iri ndiro zita rokureva Mesiasi retestamende yekare (cf. Ezekieri. 34:23; Zekariya. 11; 1Petirosi. 5:4) uye nokureva Mwari’YHWH’ (cf. Mapisarema. 23:1; 28:9; 77:20; 78:52; 80:1; 95:7; 100:3; Isaya. 40:11; Jeremiya. 23:1; 31:10; Ezekieri. 34:11-16).

Pane mazwi maviri echiGiriki anogona kushandurudzwa achireva kuti” akanaka” (1) *agathos*, iro rinonyanya kushandiswa muvhangeri yaJohani kureva zvinhu, ne (2) *kalos*, iro rakashandiswa mubhaibheri rechiGiriki rakare, kureva zvakanaka zvisiri zvakaipa. Mutestamende itsva rinechirevo chokureva” hunaku, ““kugadzikana” “kutsarukana, “kuva noukoshi.”Mazwi aya anoshandiswa pamwechete muvhangeri yaRuka. 8:15. Tarira chinyorwa pa8:12.

10:11” mufudzi akanaka anorasira hupenyu hwake makwai ake” Izvi zvinoreva zodzo rorutsivo rwaKristu (cf. ndima. 11, 15, 17, 18). Akada kurasira vatadzi hupenyu hwake (cf. Isaya. 52:13-53:12; Mako. 10:45; 2vaKorinde. 5:21). Hupenyu hwechokwadi, hwakawanda hunouya chete kuburikidza norufu rwake.

vaBruce M Metzger mugwaro ravo rinonzi, tsoropodzo yechinyorwa chechiGiriki chetestamende itsva” *A Textual commentary on the Greek New Testament*” vanonyora zvinofadza zvikuru pamusoro pendima iyi:

“kunze kwekushandisa mutsara wokuti” kurashaira hupenyu hwake, “uyo unonyanya kusahandiswa muvhangeri yaJohani (10:15, 17; 13:37, 38; 15:13; 1Johani. 3:16), zvapupu zvizhinji (P⁴⁵, N*, D) zvinotsivanisa mutsara uyu newokuti” kupira hupenyu hwake, “uyo unowanikwa muvhangeri nhatu dzokutanga (Mateu. 20:28; Mako. 10:45) “(p. 230).

10:14 “ndinoziva makwai angu, namakwai angu anondiziva ini” Ichi ndicho chirevo chezwi rechiHebheru rokuti” ziva” (tarira nhaurwa inokosha pa1:10). Sokuziva kunoitwa baba noMwanakomana nababawo vanoziwa Mwanakomana, Jesu anoziva avo vanovimba naye navowo vanomuziva.”vakanzwa” “nokuona” (cf. ndima. 4) vakadavira (cf. 1:12; 3:16). chiKristu ndihwo hukama chaihwo (cf. 17:20-26).

10:15 “baba sezvavanondiziva neni ndichiziva baba” Iri ndiro dingindira rinodzokororwa muvhangeri yaJohani. Jesu anoita nokuitaura pamusoro poukama hwake hwemandorokwati nababa.

Ringanidzo inoshamisa mundima. 14-15 ndeyekuti hukama hwendorokwati pakati pababa noMwanakomana hunoenzaniswa nehukama pakati peMwanakomana nevateveri vake (cf. 14:23). Johani anotarisa chirevo chechiHebheru chezwi rokuti” ziva “sokureva ruwadzano rwemandorokwati, kwete kuziva kwemurangiro. Jesu anoziva baba; avo vanoziwa Jesu, vanoziwawo baba!

10:16 “namamwe makwai ndinawowo; asati ari edanga rino” Izvi zvinotsigirana nezviri munaIsaya. 56:6-8. Chirevo chechinyorwa chinoita sokuti chinoreva kuti (1) vaSamariya (cf. 4:1-42) kana (2) kereke yevaHedheni (cf. 4:43-54). Ndima iyi inotaura nezvekubatana kwavose

vanotenda munaKristu. Chisungo chitsva chinobatanida vaJudha nevaHedheni (cf. vaEfeso. 2:11-3:13; onawo 1vaKorinde. 12:13; vaGaratiya. 3:28; vaKorose. 3:11) !Genesi. 3:15 naJohani. 3:16 dzinobatana!

▣ **“richava boka rimwe nemufudzi mumwe”** Iyi ndiyo yagara iri vavairo yaMwari (cf. Genesi. 3:15; 12:3; Ekisodho. 19:5-6). Nyaya dzezvidzidzo zvouMwari zvekubatana uku dzinotaurwa munavaEfeso. 2:11-3:13 na4:1-6.

10:17 “baba vanondida nokuti ndinorashira hupenyu hwangu” Sezvo Mwanakomana asina kumanikidzwa kurashira hupenyu hwake, nababawo Havana kumanikidzwa kupa Mwanakomana. Izvi hazvifanire kupirikirwa sokureva kuti Mwari akapira Jesu kuteerera kwake (manyepo aya anowanzodanwa kuti kuiswa muukama hutsva, tarira horokodzwa yekupeta gwaro).

▣ **“ndinorashira hupenyu hwangu kuti ndigohutorazve”** Izvi zvinoreva kumukakuvakafa. Kazhinji mutestamende itsva ndibaba vanomutsa Mwanakomana (cf. 18b) kuratidza kugamuchira kwavo kuzviita chibayiro kwake. Asi pano panotaurwa nevzesimba raJesu amene, mukumuka kuvakafa.

Mutsara uyu unounza mukana wokuratidza kuti testamende itsva inogaropa hochekeche yemabasa erudzikinuro kuvanhu vatatu vouMwari.

1. Mwari baba ndivo vakamutsa Jesu (cf. Mabasa. 2:24; 3:15; 4:10; 5:30; 10:40; 13:30, 33. 34. 37; 17:31; vaRoma. 6:4, 9; 10:9; 1vaKorinde. 6:14; 2vaKorinde. 4:14; vaGaratiya. 1:1; vaEfeso. 1:20; vaKorose. 2:12; 1vaTesaronika. 1:10)
2. Mwari Mwanakomana akazvimutsa (cf. Johani. 2:19-22; 10:17-18)
3. Mwari Mweya ndiye akaumutsa Mwanakomana (cf. vaRoma. 8:11)

10:18” ndine simba” Iri ndiro izwi rimwechetero rinoshandiswa muna1:12. Rinogona kushandurudzwa richireva kuti” masimba, ““kodzero pamutemo, “kana” simba.”Ndima iyi ndiyo inoratidza simba nemasimba aJesu.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :10:19-21

¹⁹Ipapo kupesana kukamukazve pakati pavaJudha pamusoro pamashoko iwayo. ²⁰Vazhinji vavo vakati, “Ane mweya wakaipa, anopenga; munomuteerereiko?”

²¹Vamwe vakati, “Mashoko awa haasi ari omunhu akabatwa nomweya wakaipa; ko mweya wakaipa ungoni kusvinudza meso amapofu here?”

10:19” Sezvo pakanga paine maonero akasiyana pamusoro paJesu muna. 6:52; 7:12, 25, 43; 9:16; 10:19-21; 11:36-37, dingindira iri rinoenda mberi muvhangeri yaJohani yose. Zvakavanzika zvokuti vamwe vanogamuchira vhangeri vamwe vachiramba ndizvo zvinoita makakatanwa pakati pekufanoronga kare nemazvokuda evanhu!

10:20” ane mweya wakaipa uye anopenga” Uku ndiko kupomerwa kwaiitwa Jesu nevanhu vose.

1. Mundima ino, semuna7:20, kwakashandiswa kureva kuti Jesu aiva murwere wepfungwa
2. Ndiko kupomerwa kwaanoitwa navaFarisi vachiedza kutsnsngura kwaibva samba rake (cf. 8:48, 52)

10:21 Mundima. 21 mune mibvuno miviri.

1. Mundima. 21a mune mubvunzo wokuti *ouk* ‘ko’uyo unotarisira mhinduro yokuti” hongu”
2. Mundima. 21b mune mubvunzo wokuti *me* ‘unga’uyo unotarisira mhinduro yokuti” kwete”

Verenga gwaro ravaJames Hewett, rinonzi, testamende itsva yechiGiriki” *New testament Greek*, p. 171.”Zvisinei, ndima iyi inoratidza kuti yakaoma sei mitemo mururimi rweKoine Greek. Chirevo chinobva muchirevo chehcinyorwa kwete zvivakamutauro.

Kuporeswa kwebofu kwaiva chiratidzo chouMesiasi (cf. Ekisodho. 4:11; Mapisarema. 146:8; Isaya. 29:18; 35:5; 42:7). Pane chimwe chirevo chokuti upofu hweIsiraeri (cf. Isaya. 42:19) hunoratidzwa pano sekuratidzwa kwahunoitwa muchikamu. 9.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :10:22-30

²²Yaiva nguva yemutambo wokuvandudzwa kwetemberi paJerusarema; yaiva nguva yechando. ²³Jesu akafamba mutemberi pabiravira raSoromoni.

²⁴Zvino vaJudha vakamukomba, vakati kwaari, “Uchatinetsa kusvikira rinhiiko? kana uri Kristu iwe, tiudze pachena.”

²⁵Jesu akavapindura akati, “Ndakakuudzai, mukasatenda. Mabasa andinoita nezita rababa, ndiwo anondipupurira.

²⁶Asi imi hamutendi, nokuti hamusi vamakwai angu. ²⁷Makwai angu anonzwa inzwi rangu; neni ndinoaziva, uye anonditevera. ²⁸Ndinoapa hupenyu husingaperi; haangafi nokusingaperi, uye hakuna munhu angaabhvuta muruoko rwangu. ²⁹Zvandakaapiwa nababa vangu zvikuru kunazvose; hakuna munhu angaabhvuta muruoko rwababa vangu.

³⁰” Ini nababa tiri vamwe.”

10:22” mutambo wokuvandudza temberu” Josephus anodana mutambo uyu kuti” mutambo wemwenje.”Unozivikanwawo munguva yedu sokuti Hanuka. Waiva mutambo wemazuva masere uyo waiitwa nechepakati pemwedzi waZvita. Uyu ndiwo mutambo wekupembera kuvandudzwa kwetemberi paJerusarema mushure mokukunda kwaJudhas Maccabees mugore ra164 B. C. Antiochus 4 Epiphanes uyo aive mumwe wevatongi vakatonga mushure mokufa kwaAlexander muGiriki, akaedza kumanikidzira vaJudha kuti vaite tsika dzechigiriki (cf. Dhanieri. 8:9-14). Mutungamiri uyu akashandura temberu paJerusarema ikava nzvimbo yainamatirwa zvimwari zvokuveza, uyewo akatoisa aritari wechimwe chimwari ichi icho chaidanwa nezita rokuti Zeus, chikaiswa munzvimbo tsvene yemutemberu (1Maccabees. 4:36-59; 2Maccabees. 1:18).

☐ **“pabiravira raSoromoni”** Iyi yaiva nzvimbo yaiva nechekumabhvaziva kwenhandare yemadzimai, uko kwaidzidzisirwa naJesu. Josephus anoti nzvimbo ndiyo yakanga yasara pakuparadzwa kwakaitwa temberu neve Bhabhironi mugore ra586. B. C.

10:23” yaiva nguva yechando “Iyi ndiyo tsanangudzo yemunhu akaona zvaanotaura.

10:24” kana” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yekuva wechokwadi pamaonero emunyoru (FIRST CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Pane mitsara yakawanda yemhando iyi iri muchirevo chehcinyorwa chino (cf. ndima. 24, 35, 37 na38). Mashandisirwo emundima. 24

anoratidza kuti maumbirwe aya anogonawo kuitwa nenzira isiri yedimikira kana chibhende. vaFarisi ava vaisatenda zvachose kuti Jesu ndiye Mesiasi; vakanga vachimuteya.

▣ **“tiudze pachena”** Pane zvinhu zvizhinji zvinoda kutaurwa nezvazvo mundima iyi. Chokutanga, Jesu aidzidzisa nemienzaniso, mutauro wechibhende, pamwe nemitsara inounyambiri isina kunyatso jeka. Ruzhinji rwaiva mutemberi rwaida kuti anyatsojekesa zvaaitaura. Tarira nhaurwa inokosha: *parrhesiapa* 7:4.

Chepiri, vaJudha venguva yaJesu vaisatarisira kuti Mesiasi angave zimukadzimu rouMwari. Nguva zhinji Jesu akanga atura nezvokuvamumwe naMwari (cf. 8:56-59), asi muchirevo chechinyorwa chino, varikubvunza nezvaMesiasi. vaJudha vaitarisira kuti muzodzwa uyu aite saMosesi (cf. Dhuteronomi. 18:15, 19). Jesu akanga aita saizvozvo muchikamu. 6. Mabasa ake akazadzisa zviporofita zvetestamende yekare, kunyanya chekuporesa mapofu (hikamu. 9). Vaiva noumboo hwose hwavaida. Dambudziko rakava rokuti, Jesu haana kuenderana nezvavaida ivo zvaMesiasi werudzi, wematongerwo enyika newetsika dzavo.

10:25” mabasa andinoita nezita rababa ndiwo anondipupurira” Jesu akati iye mabasa ake ndiwo anopupurira zvaanotaura (cf. 2:23; 5:36; 10:25, 38; 14:11; 15:24).

10:26 Uyu ndiwo mutsara unokatyamadza!

10:28” ndinoapa hupenyu husingaperi” Hupenyu husingaperi huri muukoshi pamwe nouwandu. Ndiwo hupenyu hwenguva itsva. Huripo izvozvi nokutenda munaKristu (cf. 3:36; 11:24-26).

▣ **“haangafi nokusingaperi uye hakuna munhu angaabvuta muruoko rwangu”** Apa panechirevo chokutsiudzwa zvakadzama (DOUBLE NEGATIVE with an AORIST MIDDLE SUBJUNCTIVE). Uyu ndiwo muvaravara unobata nyaya yekudzivirirwa kwemutendi zvakadzama kupfuura pamwe pose mutestamende itsva (cf. 6:39). Zviripachena kuti chinhu chinotibvisa parudo rwaMwari ndisu pachedu (cf. vaRoma. 8:38-39; vaGaratiya. 5:2-4). Simbiso (tarira nhaurwa inokosha pana1Johani. 5:13) inofanira kunengaidzwa nokutsungirira (tarita nhaurwa inokosha pa8:31). Simbiso inofanira kuva nechokuita nemaitiro nezviito zvaMwari vatatu mumwe.

Vhnageri yaJohani inotaura nezvesimbiso yeavo vanoramba vachiisa rutendo rwavo munaKristu. Runotanga nokutendeuka nokutenda kwokutanga kuchisvika mumaramiro okutenda. Dambudziko rezvidzidzo zvouMwari nderokunge hukama hwemandorokwati uhwu hwakakanganiswa kuva chinhu chatingaita chedu (“kuponeswa rumwe, ndiko kuponeswa zvachose”). kuenda mberi kwekutenda ndiko humboo hwekuponeswa chaiko (cf. vaHebheru, Jakobho, na1Johani).

10:29

NASB, NKJV “Zvandakaapiwa nababa vangu, zvikuru kuna zvose”

NRSV “Zvandakapiwa nababa vangu zvikuru kunazvose”

TEV “Zvandakapiwa nababa vangu zvikuru kunazvose”

NJB “Baba nokuda kwezvavakandipa, vakuru kunazvose”

Mubvunzo ndowe kuti ko chinhu chirikurehwa nemutsara ndechipi, “zviku kuna” (1) vanhu vakapiwa naMwari kunaJesu (NRSV, TEV) kana (2) iye Mwari amene (NASB, NKJV, NJB). Chikamu chepiri chendima iyi chinoreva kuti pane angangoda kubvuta vateveri vaJesu. Pazvidzidzo zvouMwari tsanangudzo yepiri ndiyo yakanaka. Tarira nhaurwa inokosha pamusoro pesimbiso pa6:37.

Uyu ndiwo muvaravara unofadza uyo unotaura pamusoro pesimbiso yomutendi inobva pasimba rababa!kudzivirirwa kwomutendi, sechimwe chokwadi chiri mubhaibheri, kunoturwa nenzira yokukakavadzanisa zvokwadi kweunyeyerekete hwechisungo. Tarira yevatendi yesimbiso yeruponeso iri mumaitiro aMwari vatatu mumwe, tsitsi nenyasha dzake. Zvisinei, mutendi anofanira kuenda mberi nokutenda. Ruponeso rwunotanga norutemo rwukutuswa nemweya rwekutendeuka nokutenda. Runofanira kuonekwa nokuendamberi nokutendeuka, kutenda, kuteerera pamwe nokutsungirira!Ruponeso harusi chigadzirwa (vimbiso youbhdharwa kana wafa, mvumo yokuenda kudenga), asi ruponeso ndiko kukura kwehukama hwemandorokwati naMwari kuburikidza naKristu.

Humboo chaihwo hwehukama hwakanaka naMwari ndihwo hupenyu hwakashanduka uye huri kushanduka hwekutenda nokushumira (cf. Mateu. 7). Hapana humboo hwekutsigira vaKristu avo vanoshingairira zvenyama (cf. 1vaKorinde. 2-3). Nyaya ndeyokuva saKristu izvozvi kwete kuzoenda kudenga kana tafa. Simbiso nokudzivirirwa kweavo varikukura, kushumira, chero avo varikurwisana nezvivi, iripo. Asiwo pasina zvibereko hapana mudzi!Ruponeso runouiswa nenyasha chete, kuburikidza nokutenda koga, asi kuponeswa kwechokwadi kunonekwa ne” mabasa akanaka” (cf. vaEfeso. 2:10; Jakobho. 2:14-26).

10:30-33” Ini nababa tiri vamwe..... vaJudha vakanhonga mabwe voda kumutaka” Uyu ndiwo mumwe wemitsara yakadzama inoreva uMesiasi nouMwari hwaJesu (cf. 1:1-14; 8:58; 14:8-10. kunyanya 17:21-26, iyo inoshandisawo izwi rokuti” mumwe”). vaJudha vainyatsonzwisisa zvaaitaura asi vakati aizvidza (cf. ndima. 33; 8:59). vakanga voda kumutaka maringe nezvakanyorwa panaRevhitiko. 24:16.

Pahunjarijari hwokutanga huri pamusoro pokuva munhu kwaJesu (kureva., *Arius*—dangwe; *Athanasius*—kuva Mwari akakwana) ndima. 30 na14:9 dzakashandiswa zviku naAthanasius (verenga gwaro rinonzi, nhoroono yebhaibheri yeCambridge” *The Cambridge History of the Bible*, vol. 1, p. 444”) kana uchida kuziva nezvedzidziso yavaArian, verenga horokodzwa yekupeta gwaro.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :10:31-39

³¹Zvino vaJudha vakanongazve mabwe kuti vamutake. ³²Jesu akapindura akati, “Ndakakuratidzai mabasa mazhinji akabva kunababa; munonditakira basa ripiko kuna iwaya?” ³³vaJudha vakamupindura, vakati, “Hatikutakiri basa rakanaka; asi nokuti wamhura Mwari; uye, nokuti iwe munhu, unozviita Mwari.”

³⁴Jesu akavapindura akati, “Hazvina kunyorwa here mumurayiro wenyu, zvichinzi, ndakati, ’muri vamwari?’ ³⁵Zvino kana akavadaidza vamwari, ivo shoko raMwari rakasvika kwavari, (Rugwaro harungaputswi) ; ³⁶imi moti Seiko hakuna iye akaitwa mutsvene nababa, nokutumwa panyika, unomhura Mwari, zvakadati ndiri Mwanakomana waMwari?³⁷Kana ndisingaiti mabasa ababa vangu regai kunditenda ini³⁸Asi kana ndichiaita, kunyange musinganditendi ini, tendai mabasa, mugoziva nokunzwisisa, kuti baba vari mandiri, neni ndiri munababa.”

³⁹Zvino vakatsvakazve kumubata, asi iye akapukunyuka pamaoko avo.

10:31 Ndima iyi inesungano nezvakaturwa naJesu mundima. 30. Jesu anopindura kumupomera kwavaimuita nenzira isina kujairika yedorotori rechiRabhi. Apa panongitwa dambetambe nezwi rokuti *Elohim*, rinova ndiro zita raMwari mustetamende yekare (cf. Genesi. 1), asi riri muchimiro chouwandu uye raiwanzoshandiswa kureva ngirozi pamwe nevatungamiri vavanhu (vatongi). Tarira nhaurwa inokosha:mazita ouMwari pa 6:20.

10:32 Mufudzi akanaka (*kalos*) anoita mabasa akanaka (*kalos*) anobva kuna baba.

10:33 “**wamhura**” Jesu aiziva kuti vainzwisisa zvaaitaura zvokuva mumwe nababa.

10:34” **mumurayiro wenyu**” Jesu anatora zvakanyorwa muMapisarema, asi anozvidana kuti “murayiro” (kureva., torah zvinoreva kuti “dzidziso, “cf. 12:34; 15:25; vaRoma. 3:9-19). Izwi rokuti murayiro raiwanzoreva zvinyorwa zvaMosesi (Torah), kubva munaGenesi kusvika munaDhuteronomi. Izvi zvinoratidza kushandiswa kwezwi iri zvakadzama kureva testamende yekare yose.

▣ **“muri vaMwari”** Jesu akatora mazwi kubva munaMapisarema. 82:6. Ndima iyi yakashandisha izwi rokuti *elohim* kureva vatongi vavanhu (ona izwi rokuti *Elohim* munhaurwa inokosha pa6:20). Vatongi ava (nyangwe vaiva vakaipa) vaidanwa kuti” vanakomana vomukuru kuru.”vaJudha ava vaisvora Jesu nokuti, nyangwe aiva zvaaitaura kuti ndozvaakanga ari: (1) Mwanakomana waMwari ne (2) mumwe naMwari. Asiwo vamwe vanhu (cf. Ekisodho. 4:16; 7:1; 22:8, 9; Mapisarema. 82:6; 138-19) vakadanwa kuti” vamwari.”

Doritori rechiRabhi raJesu rinoita sokuti rinotevera muronga uyu:shoko nderechokwadi, vanhu vanodanwa kuti *elohim*, Seiko muchinditi ndazvidza nokuti ndati ndiri Mwanakomana waMwari?Izwi rokuti *elohim* riri muchimiro chouwandu muchiHebheru, asi rinoshandurudzirwa mumwe uye rinoshandiswa seizwi rechiito riri muchimiro choumwekana richireva zita rouMwari remutestamende yekare. Tarira nhaurwa inokosha:Mazita ouMwari pa6:20. Iri rinogona kuva dambanemazwi rinoitwa muvhangeri yaJohani: (1) izwi rinezvitevo zviviri ne (2) mubvunzo wechiGiriki uyo unotarisa mhinduro yokuti” hongu.”

10:35” (**rugwaro harungaputswi**) “Johani anowanzo tsanangudza nhaurirano dzaJesu. Hazvinyatsozivikanwi kuti mutsara uyu ndewaJesu here kana kuti ndewaJohani. Zvisineyi, Nyaya huru yemazwi aya ndeyekuvimbisika kweshoko/rugwaro. Jesu nevadzidzi vake vaiona testamende yekare nokuipirikira kwavo seshoko chairo raMwari (cf. Mateu. 5:17-19; 1vaKorinde. 2:9-13; 1vaTesaronika. 2:13; 2vaTimoti. 3:16; 1Petirosi. 1:23-25; 2Petirosi. 1:20-21; 3:15-16).

vaNyamufuro (Bishop) H. C. G. Moule mugwaro ravo rinonzi, hupenyu wavaNyamufuro (Bishop) Moule” *The Life of Bishop Moule*” vanoti,

“Iye (Kristu) aivimba neBhaibheri zvikuru, uye, nyangwe riine zvimwe zvinhu zvisngatsananguriki uye zvakadzama izvo zvinondishamisa zvikuru, ndichavimba nebhuku iri, kwete nechidzungu mutevere; nokuda kwake” (p. 138).

10:36 Mundima iyi Jesu anoti baba vakamusarudza (kana” kumueresa” kana “kumuita mutsvene”) uye vakamutuma (saMesiasi). Naizvozvo ndiye anekodzero yokudanwa kuti” Mwanakomana waMwari.”Sokumiririra kwaitwa Mwari navatongi veIsiraeri (cf. Mapisarema. 82:6), Anomiririra baba pakutaura nokuita. Tarira nhaurwa inokosha:tuma (*Apostellō*) pa5:24.

10:37 Izvi ndizvo chaizvo zvinorehwa nendima. 19-21. Zvishamiso zvaJesu zvairatidza mabasa aMwari.

10:37, 38 “kana” Iyi ndiyo mitsara ineshongedzo yekuvayechokwadi pamaonero emunyori (FIRST CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Jesu aiita mabasa ababa. kana zvirizvo saka vanofanira kutenda maari, vachivimba kuti iye nababa vamwechete (cf. ndima. 30, 38) Tarira nhaurwa inokosha:kugara munaI Johani. 2:10.

10:39 Aka ndiko kamwe kekakawanda apo Jesu anozvivanza kuna avo vaiedza kumuuraya (cf. Ruka. 4:29-30; Johani. 8:59). Hazvinyatso zivikanwi kana kupunyuka uku kwaiva kuda kwe (1) chiitiko chechishamiso kana (2) kufanana kwaJesu nevamwe kwaiita kuti anyangarikire muruzhinji.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :10:40-42

⁴⁰Zvino akaendazve mhiri kwaJorodhani, paya paibhabhatidza Johani pakutanga; akagarapo. ⁴¹Vazhinji vakauya kwaari, vakati, “Johani haana kuita chiratidzo, asi zvose zvakareva Johani pamusoro pouyu munhu ndezvechokwadi.”

⁴²Vazhinji vakatenda kwaari ipapo.

10:40 Izvi zvinoreva nharaunda yeJorodhani kwakadziva kuJeriko muguta rainzi bhetani.

10:41 Johani anonyora zvakare kuti Johani mubhabhatidzi akarevawo nezvaJesu (cf. 1:6-8, 19-42; 3:22-30; 5:33) !Izvi zvinogona kungezvakaiteirwa kupikisa manyepo akanga otaurwa pamusoro paJohani mubhabhatidzi.

10:42 Apo vaJudha vairamba Jesu, vanhuwo zvavo (vanhu vemunharaunda) vakadavira nokutenda kwaari (cf. 2:23; 7:31; 8:30). Tarira nhaurwa inokosha pa2:23.

MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviriviri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Sei Johani achisanganisa madimikira ake (muenzaniso:Jesu ndiye zvose musuo wemakwai pamwe nomufudzi akanaka”)
2. Ko Johani. 10 inesungano nezvinyorwa zvipi zvemutestamende yekare?
3. Chii chinokoshera “kurashira hupenyu” kunoitwa naJesu?
4. Sei vaJudha vakaramba vachipomera Jesu kuti anomweya wakaipa?
5. Ko mabasa aJesu anokoshei?
6. Ko tingape sungano ipi pakati pe “kudzivirirwa kwevatendi” neku” kutsungirira kwevatsvene?”

JOHANI 11

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Kufa kwaRazaro 11:1-16	Kufa kwaRazaro 11:1-16	Kumutswa kwaRazaro 11:1-16 11:7-16	Kufa kwaRazaro 11:1-4 11:5-7 11:8 11:9-11 11:12 11:13-15 11:16	Kumuka kuvafi kwaRazaro 11:1-4 11:5-10 11:11-16
Jesu, kumuka kufavi noupenyu 11:17-27	Ndini kumuka noupenyu 11:17-27	11:17-27	Jesu kumuka kufavi noupenyu 11:17-19 11:20-22 11:23 11:24 11:25-26 11:27	11:17-27
Jesu anochema 11:28-37	Jesu nerufu muvengi nekupedzisira 11:28-37	11:28-37	Jesu anochema 11:28-31 11:32 11:33-34a	11:28-31
Razaro anomutswa 11:38-44	Razaro anomutswa kufavi 11:38-44	11:38-44	Razaro anomutswa 11:38-39a 11:39b 11:40-44	
Vanorangana kuponda Jesu 11:45-53	Vanorangana kuponda Jesu 11:45-57	11:45-53	Vanorangana kuponda Jesu 11:45-48 11:49-52	Vakuru vevaJudha vanoronga kufa kwaJesu 11:45-54

		11:53-54	
11:54	11:54		Pasika inoswedera
11:55-57	11:55-57	11:55-57	11:55-57

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyorori. Ndiyozve hwaro hwepupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

PFUPISO YEDZIDZISO YEZVOUMWARI

Kkosha kwedzidziso yezvouMwari yechikamu. 11 ndekwe

1. Kuratidzwa kwesimba nemasimba aJesu kunoenderera mberi.
2. Rufu rwaRazaro rwuri muorongwa hwaMwari kuti ape Jesu mukana wokuti arumbidzwe (cf. 9:3).
3. Nhaurirano pakati paJesu naMarita kunounzawo mukana wokuti apupure pamwewo nokuenderera mberi kwokuzviratidza kwaJesu (kureva., kumuka kuvakafa noupenyu, ndima. 25).
4. Jesu anopa hupenyu husingaperi izvozvi (kuvapo kwemugumo). Izvi zvinoratidzwa nokumutswa kwaRazaro. Jesu aiva nesimba pamusoro perufu!
5. Chero paine chishamiso chikuru kudai, kusatenda kunongoramba kuchienderera mberi (kureva., chivi chisingaregererwi, tarira nhaurwa inokosha pa 5:21) !

DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :11:1-16

¹Mumwe munhu wakanga achirwara, ainzi Razaro weBhetania, musha waMaria nomukoma wake Marita.

²Ndiye Maria uya, akazodza Ishe namafuta, akapukuta tsoka dzake nevhudzi rake; hanzvadzi yake Razaro, akanga achirwara. ³Zvino hanzvadzi dzake dzakatuma shoko kwaari, dzichiti, “Ishe tarirai uyo anodikanwa nemi anorwara.”⁴Jesu akati azvinzwa, akati, “Kurwara uku hakusi kwokufa, asi kuti Mwari akudzwe, noMwanakomana waMwari akudzwewo nazvo.”⁵Jesu akanga achida Marita, nomunun’una wake naRazaro. ⁶Zvino akati anzwa kuti anorwara, akambogara mazuva maviri paakanga ari. ⁷Shure kwaizvozvo akati kuvadzidzi vake, “Hendeizve Judhea.”⁸Vadzidzi vakati kwaari, “Rabhi, vaJudha vakanga vachikutsvakai ikozvino, kuti vakutakei namabwe; zvino moindazve ikoko here?”
⁹Jesu akapindura akati, “Nguva hadzisi gumi nembiri pazuva here?kana munhu achifamba masikati, haangagumburwi, nokuti anoona chiedza chenyika ino. ¹⁰Asi kana munhu achifamba usiku, anogumburwa, nokuti hakuna chiedza maari.”¹¹Ndizvozvo zvaakareva, akazoti kwaari, “Razaro, hama yedu, avata; asi ndinoenda, kuti ndimumutse pahope.”
¹²Zvino vadzidzi vakati kwaari, “Ishe, kana achivata, achanaya.”¹³Jesu akanga areva kufa kwake, asi ivo vakanga vachiti anoreva kuvata hope. ¹⁴Ipapo Jesu akavaudza pachena, “Razaro afa. ¹⁵Ndinofara nokuda kwenyu, kuti ndakanga ndisipo, kuti mugotenda; asi zvino hendei kwaari.”
¹⁶Ipapo Tomasi, ainzi Dhidhimo, akati kuna vamwe vadzidzi, “Hendei nesuo, kuti tindofa naye.”

11:1” mumwe munhu airwara” Ichi ndicho chirevanguva chokureva zvaitika (IMPERFECT TENSE). Izvi zvinoreva kuti akanga arwara kwenguva refu. Zvisineyi, chirevanguva chokureva zvaitika ichi chinonogona kupirikirwa chichireva kuti” akatanga kurwara.”

☐ **“Razaro”** Iri ndiro zita rechiHebheru rokuti “Eriza, “iro rinoreva kuti” Mwari ndiye mubatsiri.”Johani aiva nomufungo wokuti vaverengi vaiziva hushamwari hwaJesu naMaria, Marita naRazaro (cf. Ruka. 10:38-42, panova ndipo poga pavanonyorwa nezvavo muvhangeri nhatu dzokutanga dzose).

☐ **“Bhetania”** Iyi imwewo nzvimbo yakasiyana neBhetania inorehwa muchikamu. 1:28 na10:40, iyo yaiva pedo neJeriko nechekurukova Jorodhani. Bhetani iyi iri pachinhambwe chingava zvipimo zvemaira zviviri, kurutivi rwekumadokero kwakadziva kumaodzanyemba kweJerusarema mumutunhu mumwechetewo neGomo reMiorivhi. Iyi ndiyo nzvimbo yainyanyo garwa naJesu kana ari Jerusarema.

☐ **“Maria”** Iri ndirozve zita rechiHebheru rokuti” Miriamu.”

☐ **“Marita”** Zita iri nderechiAramaic uye rinoreva kuti” vanyachide.”Hazvina kujairika kuti iye Marita, uyo aiva mukoma waMarita haana kutaurwa pokutanga; izvi zvinogona kuva nehochekeche naRuka. 10:38-42.

11:2” ndiye Maria uya akazodza Ishe namafuta akapukuta tsoka dzake nevhudzi rake” Ndima. 2 ndeimwe yemitsara inowezerwa naJohani pachake (kureva., TEV, NET). Ichi chitiko chokupira kwaMaria (cf. 12:2-8) chinofanana munaMateu (cf. 26:6-13) naMako (cf. 14:3-9).

Mukadzi anorehwa munechimwewo chiitiko chokuzodza munaRuka. 7:36ff mumwewo akasiyana nouyu.

Ndima iyi inonyora nezvechiitiko chisati chaitika muvhangeri. Chinozonyorwa muchikamu. 12. Vzhinji vanofunga kuti Johani aiva nomufungo wokuti vaverengi vanoziwira mhuri iyi nedzimwewo nzira.

NHAURWA INOKOSHA:KUZODZA MUBHAIBHERI (BDB 603)

- A. Rakashandiswa nenzira yokureva kupa runako (cf. Dhuteronomi. 28:40; Rute. 3:3; 2Samueri. 12:20; 14:2; 2Makoronike. 28:15; Dhanieri. 10:3; Amosi. 6:6; Mika. 6:15)
- B. Rakashandiswa kureva vaenzi (cf. Mapisarema. 23:5; Ruka. 7:38, 46; Johani. 11:2)
- C. Rakashandiswa kureva kuporesa (cf. Isaya. 61:1; Jeremiya. 51:8; Mako. 6:13; Ruka. 10:34; Jakobho. 4:14) [rakashandiswa nechirevo chokureva zvoutsanana munaEzekieri. 16:9]
- D. Rakashandiswa kureva kugadzirira kuviga mufi (cf. Genesi. 50:2; 2Makoronike. 16:14; Mako. 16:1; Johani. 12:3, 7; 19:39-40)
- E. Rakashandiswa nechirevo chokureva zvokunamata (kureva chinhu, cf. Genesi. 28:18; 31:13[mutisiko]; Ekisodho. 29:36[aritari]; Ekisodho. 30:26; 40:9-16; Revhitiko. 8:10-13; Numeri. 7:1[Tabhanekeri])
- F. Rakashandiswa kureva kugadzwa kwevatungamiri
 1. vaPirista
 - a. Aroni (Ekisodho. 28:41; 29:7; 30:30)
 - b. Vanakomana vaAroni (Ekisodho. 40:15; Revhitko. 7:36)
 - c. Mutsara kana zita (Numeri. 3:3; Revhitiko. 16:32)
 2. Madzimambo
 - a. naMwari (cf. 1Samueri. 2:10; 2Samueri. 12:7; 2Madzimambo. 9:3, 6, 12; Mapisarema. 45:7; 89:20)
 - b. navaPorofita (cf. 1Samueri. 9:16; 10:1; 15:1, 17; 16:3, 12-13; 1Madzimambo. 1:45; 19:15-16)
 - c. navaPirista (cf. 1Madzimambo. 1:34, 39; 2Madzimambo. 11:12)
 - d. navakuru (cf. vaTongi. 9:8, 15; 2Samueri. 2:7; 5:3; 2Madzimambo. 23:30)
 - e. kureva Jesu saMambo anovaMesiasi (cf. Mapisarema. 2:2; Ruka. 4:18[Isaya. 61:1]; Mabasa. 4:27; 10:38; vaHebheru. 1:9[Mapisarema. 45:7])
 - f. kureva vateveri vaJesu (cf. 2vaKorinde. 1:21; 1Johani. 2:20, 27[*chrisma*])
 3. Rinogona kurevawo vaPorofita (cf. Isaya. 61:1)
 4. Zvishandiswa zvisingatendi zvokudzikinurwa kutsvene
 - a. Koreshi (cf. Isaya. 45:1)
 - b. Mambo weTire (cf. Ezekieri. 28:14, apo anoshandisa madimikira eEdhomu)
 5. Izwi kana zita” Mesiasi” rinoreva kuti” muzodzwa” (BDB 603)

11:3” hanzvadzi dzake dzakatuma shoko kwaari” vakatumira shoko kunaJesu, uyo akanga ari kudunhu rePeriya mhiri kwaJorodhani.

▣ **“uyo anodikanwa nemi anorwara”** Izvi zvinoratidza hukama hwemandorokwatipakati paJesu nemhuri iyi. Iri ndiro izwi rechiGiriki rokuti *phileō*. Zvisinei, mururimi rweKoine Greek, mazwi okuti *phileō* nerokuti *agapaō* anogona kushandiswa kureva zvakafanana (cf. ndima. 5; 3:35; 5:20).

11:4 “kurwara uku hakusi kwokufa, asi kuti Mwari akudzwe” Izvi zvinoreva kuti Jesu aiziva kuti Razaro airwara. Aizomurega achifa kuitira kuti varatidze samba ravo kuburikidza naye nokumumutsa kubva kuvakafa. Dzimwe nguva kurwara nokutambudzika zvinoitika nokuda kwaMwari (cf. 9:3; bhuku raJobho; 2vaKorinde. 12:7-10).

▣ **“Mwari akudzwe”** Mabasa aJesu ndiwo anoratidza “hukuru kwaMwari.”tarira chinyorwa pa1:14.

▣ **“noMwanakomana waMwari akudzwewo nazvo”** Mutsara unechivakashure (GENITIVE phrase) wokuti” waMwari” hauwanikwi muzvinyorwa zvechiGiriki zvakare zvePapyri zvinoti P⁴⁵, P⁶⁶. Kurwara uku kuchaunza kukudzwa kuMwanakomana pamwe naBaba. Kukudzwa kweMwanakomana, muchimiro chino kwakasiyana zvikuru nezvatingatarirsire. Muvhangeri yaJohani yose, izwi iri rinoreva kuroverwa nokukudzwa kwaJesu. Kumutswa kwaRazaro ndiko kuchaita kuti vaJudha vatsvake kufa kwaJesu.

11:5” Iyi ndiyo imwe wedzero yakaitwa naJohani (cf. ndima. 36).

11:6” akambogara mazuva maviri paakanga ari” Jesu akazvinonotsa kusvika Razaro afa!Jesu aisaita zveruzivano. Paiva nechinangwa chitsvene pakurwara uku (cf. ndima. 15; 9:3).

11:7” shure kwaizvozvo akatikuvadzidzi vake, ’hendeizve Judhea’ “Nhaurirano inotevera inoratidza kuti vadzidzi vaiziva kuti vaJudha vaida kutaka Jesu namabwe (cf. ndima. 8; 8:54; 10:31, 39). Vadzidzi vanoratidza musanganiswa wokutenda pamwe nokutya (cf. ndima. 16). Tomasi anowanzonekwa semudzidzi asingavimbike, asi pano aida kufa pamwe naJesu (cf. ndima. 16).

vaMichael Magill, mugwaro ravo rinonzi” *New Testament TransLine* (p. 345 tsanangudzo yemakumi mana nenhatu) rinotaura zvakanaka zvikuru, zvokuti mutsara wokuti” hendei” wendima. 7 unogadzurudzirwa uchiti” asi ndinoenda “wendima. 11. Vadzidzi vakanga vachitya uye vachizeza, asi Jesu aisatya. Tomasi ndiye anobatana naJesu (handei) mundima. 16!

11:9-10 Iyi inogona kuva nzira yokupa sungano kuzvikamu. 8:12 ne9:4-5 (cf. 12:35). Ndima. 9a inotarisa mhiundo yokuti” hongu.”Pane musiyano uri pachena pakati peavo varikuita kuda kwaMwari (kureva., mJesu) neavo vasirikuita kuda kwaMwari (ndima. 10, vaJudha).

Jesu haasiri kukanganisa nokuenda uko kwaanoendeswa naMwari, nokuti ndiye chiedza chenyika!

Musiyano uyu wechiedza nerima unowanikwa zvikuru muzvinyorwa zvedzidziso yechiJudha pamwe nezvinyorwa zveQumran (kureva, “Gwaro revanakomana vechiedza richienzaniswa vanakomana verima” kana kuti” hondo pakati pevanakomana vechiedza nevanakomana verima”).

▣ **“kana...kana”** Iyi ndiyo mitsara ineshongedzo yokureva zvinogona kuitwa (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCES).

11:11” Razaro hama yedu, avata” Izwi rechiito pano rineshongedzo yokureva zvakaaitirwa (PERFECT PASSIVE INDICATIVE). Vadzidzi vaigaro tadza kunzwisisa Jesu nokuti vaisagona

kunzwa madimikira ake (cf. ndima. 13). Kushandiswa kunitwa dimikira iri naJesu, kunoburitsawo masahandisirwo arinoitwa mutestamende yekare (cf. Dhuteronomi. 31:16; 2Samueri. 7:12; 1Madzimambo. 1:21; 2:10; 11:21, 43; 14:20, nedzimwewo). Izwi rechirungu rokuti” kumakuva” rinobva pamabviro mamwechetewo ezwi rechiGiriki rokuti” kuvata.”

11:12” kana” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yekuva wechokwadi pamaonero omunyori (FIRST CLASS CONDITONAL SENTENCE).

▣ **“Achanaya”** Iri ndiro izwi rinoreva kwazvo kwazvo kuti” kuponeswa” pamasahandisirwo aro mutestamende yekare richireva” kuponeswa panyama” (cf. Jakobho. 5:15). Pano zvakare, vadzidzi Havana kunzwisisa madimikira aJesu (kureva., kuvata). Kusanzwisisa kwevateereri vaJesu uku ndiko kunonyanya kuwanikwa muvhangeri yaJohani (kureva., ndima. 23-24) anobva kumusoro –vanobva pasi. Pasina kubatsira kweMweya (kureva., Pendekositi), havanganzwisisi!

11:13Iyi iwedzero yakaitwa naJohani.

11:14” Jesu akavaudza pachena” Tarira nhaurwa inokosha:*parrheisia* pa7:4

11:15” ndinofara nokuda kwenyu, kuti ndakanga ndisipo, kuti mugotenda” Jesu arikuti kumutswa kwaRazaro hakunei noushamwari hwake naRazaro kana nokuda kwokuungudza kwaMaria naMarita, asi kunoitirwa (1) zvole kuvandudza kutenda kwevadzidzi (ndima. 14) pamwe noku (2) kurudzira kutenda kweruzhinji rwevaJudha (ndima. 42). Kutenda muvhangeri yaJohani, ritori zierendamberi. Dzimwe nguva kunovandudzwa (kureva., vadzidzi, cf. 2:11) dzimwe nguva hakukuri (kureva., vainge vakazvimirira havo, cf. 8:31-59).

11:16Ndima iyi inoratidza kutenda kwaTomasi pachena. Akanga akazvipira kufa naJesu. Vadzidzi vaida kuratidzwa simba raJesu pamusoro porufu, urwu runotyiswa navanhu.

Zita rokuti Tomasi rinoreva izwi rechiAramaica rokuti” patya” (imwezve wedzero yomunyori), sezvinorehwa nezita rokuti Dhidhimo muchiGiriki. Vhangeri nhatu dzokutanga dzinomudoma kuti aiva mupositori (cf. Mateu. 10:3; Mako. 3:18; Ruka. 6:15) ; vhangeri yaJohani inotaura nezvake zvikuru (cf. 11:16; 14:5; 20:24-29; 21:2). Tarira nhaurwa inokosha:mutondwe wemazita evapositori pa1:45.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :11:17-27

¹⁷Zvino Jesu akati achisvika akamuwana atova mubwiro mazuva mana. ¹⁸Bhetania rakanga riri pedyo neJerusarema, masitadhia anenge gumi namashanu; ¹⁹vazhinji vavaJudha vakanga vauya kunaMaria naMarita, kuti vava bate ruoko pamusoro pehanzvadzi yavo. ²⁰Zvino Marita akati achinzwa kuti Jesu wouya akaenda kundomuchingamidza; asi Maria akagara mumba. ²¹Marita akati kunaJesu, “Ishe, dai maiva pano, hanzvadzi yangu ingadai isina kufa. ²²kunyange zvino ndinoziva, kuti zvole zvamunokumbira kunaMwari, Mwari achakupai.”²³Jesu akati kwaari, “Hanzvadzi yako ichamukazve.”²⁴Marita akati kwaari, “Ndinoziva kuti achamukazve pakumuka nezva rokupedzisira.”

²⁵Jesu akati kwaari, “Ndini kumuka noupenyu; anotenda kwandiri, haangatongofi, kunyange akafa achararama..

26” Mumwe nomumwe ari mupenyu, anotenda kwandiri, haangatongofi. Unotenda izvozvo here?”

27Akati kwaari, “Hongu, Ishe, ndakatenda kuti ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari, uyo ainzi anouya panyika.”

11:17” atova mubwiro mazuva mana” vaRabhi vaiti mweya womunhu waigara pedyo nomutumbi kwemazuva angaita matatu. Jesu akamira kusvikira ava mazuva mana kuitira kuratidza kuti Razaro akanga afa zvomene uyo zvinodarika tarira yokuva mupenyu yavaRabhi.

11:18” masitadhia anenge gumi namashanu” Ndima. 18 ndiyo imwe wedzero yakaitwa naJohani. Kwazvo kwazvo, mamaira maviri airingana ne” masitadhia gumi nemashanu.”

11:19” vazhinji vavaJudha vakanga vauya kunaMari naMarita” Iyi inzira isina kujairika muvhangeri yaJohani yokushandisa izwi rokuti” vaJudha “nenzira isina kwayakarerekerera, iro, muvhangeri iyi rinowananzoshandiswa kureva vavengi vaJesu. Zvisinei, muchirevo chechinyorwa chino, rinoreva vagary vemuJerusarema avo vaizivana nemhuri iyi (cf. ndima. 31, 33, 45).

11:20” Maria akagara mumba” Maitirwo okuungudza echiJudha, aiva okugara pasi.

NHAURWA INOKOSHA:KUPIRA KOKUCHEMA

VaIsiraeri vairatidza kutambudzikira rufu rwomudikanwi pamwe nokutendeuka pazima, pamwewo nemhosva dzezibatakose, izvi zvaitwa nenzira dzakawanda:

1. Kubvarura hanzu yokunze, Genesi. 37:29, 34; 44:13; vaTongi. 11:35; 2Samueri. 1:11; 3:31; 1Madzimambo. 21:27; Jobho. 1:20
2. Kusimira magumbu, Genesi. 37:34; 2Samueri. 3:31; 1Madzimambo. 21:27; Jeremiya. 48:37
3. Kubvisa shangu, 2Samueri. 15:30; Isaya. 20:3
4. Kuisa maoko pamusoro, 2Samueri. 13:19; Jeremiya. 2:37
5. Kuisa huruva mumusoro, Joshua. 7:6; 1Samueri. 4:12; Nehemiya. 9:1
6. Kugara pasi, Kuungudza kwaJeremiya. 2:10; Ezekieri. 26:16 (kurara pasi, 2Samueri. 12:16); Isaya. 47:1
7. Kuravo chipfuva, 1Samueri. 25:12; 2Samueri. 11:26; Nahumi. 2:7
8. Kuzvicheka muviri, Dhuteronomi. 14:1; Jeremiya. 16:6; 48:37
9. Kutsanya, 2Samueri. 12:16, 22; 1Madzimambo. 21:27
10. Kuimba rwiyo rwokuungudza, 2Samueri. 1:17; 3:31; 2Makoronike. 35:25
11. Kugera musvuu (kudzura vhudzi kana kugera), Jeremiya. 48:37
12. Kudimburirra ndebvu, Jeremiya. 48:37
13. Kuisa jira mumusoro kana kumeso, 2Samueri. 15:30; 19:4

11:21” Marita akati...dai maiva pano hanzvadzi yangu ingadai isina kufa” Uyu ndiwo mutsara unobiritsa chokwadi nenzira yokudoma zvnopikisa chokwadi (SECOND CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Unonzwisiswa sokuti, “dai manga muripano nesu, asi manga musipo, hanzvadzi yangu haaifa, izvo zvazoitika.”Mitsara yaMaria naMarita (cf. ndima. 32) kunaJesu inofanana. Vanofanira kunge vakanga vataura nyaya iyi zvikuru mumazuva mana

okuchema mufi. Vakadzi ava vaigadzikana zvikuru kana Jesu aripo zvokuti vakaamutaurira kushungurudzwa kwavo nokusauya nokukurumidza kwake.

11:22” kunyange zvino ndinoziva kuti zvose zvamunokumbira kuna Mwari, Mwari achakupai” Hazvinyatso zivikanwi kuti Marita aikumbira kuti Jesu aitei, nokuti mundima. 39 akatoshamiswawo nokumutswa kwaRazaro.

11:23-24” hanzvadzi yako ichamukazve” Maritawo aiva nemaonero mamwechetewo seevaFarisi okumuka pazuva rokupedzisira, vaFarisi waitenda mukumuka kwemutumbi pazuva rokupedzisira. Mutestamende yekare mune zvinyorwa zvisihoma zvinotsigira maonero aya (cf. Dhanieri. 12:2; Jakobho. 14:14; 19:25-27). Jesu anoshandura runzwisiso rwevaJudha urwu achiratidza nokusimbisa samba nemasimba ake (cf. ndima. 25; 14:6).

11:24” nezuva rokupedzisira” Nyangwe chiri chokwadi kuti Johani anokumikidza kuuya chiripiripo kweruponeso uku (kuitika kwemagumo), anotarirsirawo kumunyungidzwa kwenguva yokupedzisira. Izvi zvinoratidzwa nenzira dzakasiyana.

1. Kutongwa/zuva rokumuka (cf. 5:28-29; 6:39-40, 44, 54; 11:24; 12:48)
2. “nguva” (cf. 4:23; 5:25, 28; 16:32)
3. Kuuya kwepiri kwaKristu (cf. 14:3; zvinogoneka kuti ndima 14:18-19, 28 ne16:16, 22 dzinoreva kuonekwa mushure mokumuka kwaJesu uye kwete kuuya kwenguva yemagumo)

11:25” Jesu akati kwaari, ’Ndini kumuka noupenyu’ “Uyu ndiwo umwe wemitsara minomwe yaJesu yokuti” ndini.”Akatarisana nerufu rwaRazaro, Marita akakurudzirwa kuti atende kuti hanzvadzi yake ichamukazve. Tariro iyi inobva mumunhu nesimba raBaba uye neraJesu (cf. 5:21). Tarira chinyorwa pa 8:12.

Zvinoshamisawo kuti zvimwe zvinyorwa zvakare zvepapyri (kureva., P⁴⁵) nezvimwewo zverurimi rweLatin zvakare, Siria, pamwe negwaro remubatanidzwa wevhangeri nhatu dzokutanga, anosiya mazwi okuti” noupenyu.”Gwaro reUBS³ rinopa kuvapo kwemutsara uyu chipimo chepiri” B, “asi reUBS⁴ rinopa kuvapo kwawo chipimo chokutanga” A” (kureva chokwadi).

11:26” mumwe nomumwe ari mupenyu anotenda kwandiri haangatongofi” Pane mivanzarira yezvirevo yakawanda nokuumbwa kwechinyorwa ichi.

1. Izwi rezibatakose rinesungano nezita (PRONOUN) rokuti” wose”
2. Chirevanguva chokudoma zvirikuitika nokuzoitika (PRESENT PARTICIPLE), icho chinoratidza kudiwa kwekuenda mberi nokutenda (ndima. 25 na26)
3. Tsiudzo yakapetwa ruviri iyo inehochekeche nekufa, “haangatongofi, “iyo inoreva kufa pamweya.

Muvhangeri yaJohani, hupenyu nokusingaperi ; huripo izvozvi kuvatendi, kwete chiitiko cheramangwana. Razaro anoitwa kuti aratidze mashoko aJesu!kunaJohani, hupenyu nokusingaperi chiitiko chazvino.

11:27” hongu Ishe ndakatenda kuti ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari ainzi anouya panyika” Izvi zvakadonongodzwa muchimiro chokureva zvakarehwa uye zviine zierendamberi

(PERFECT TENSE). Uku ndiko kupupura kutenda kwake Jesu saMesiasi akavimbiswa kwezvokwadi. Kupupura uku kunofanana nokwaPetirosi paKesaria (cf. Mateu. 16).

Anoshandisa mazita akasiyana siyana kuratidza kutenda kwake.

1. Kristu (iro raiva shandurudzo yechiGiriki yokureva Mesiasi, muzodzwa)
2. Mwanakomana waMwari (zita remutestamende yekare rokureva Mesiasi)
3. Iye anouya (rimwezve zita remutestamende yekare rokureva vimbiso yaMwari youyo achaunza nguva itsva yokururama, cf. 6:14)

Johani anoshandisa nhaurirano muzvinyorwa zvake senzira yokuburitsa chokwadi. Muvhangeri yaJohani munekupupura Jesu kwakawanda (cf. 1:29, 34, 41, 49; 4:42; 6:14, 69; 9:35-38; 11:27). Tarira nhaurwa inokosha:kushandiswa kwezwi rokuti tenda naJohani pa2:23.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :11:28-29

²⁸Akati areva izvozvo, akandodana Maria, munun'una wake, akati kwaari nvari voga, "Mudzidzisi asvika, anokudana."²⁹Iye akati achizvanzwa, akakurumidza kusimuka, akaenda kwaari.

11:28 "mudzidzisi" Bhaibheri reNASB (p. 1540) rine tsanangudzo huru kwazvo yokuti, "tsanangudzo inokosha yakapiwa nomukadzi. vaRabhi vaisadzidzisa vanhu kadzi (cf. 4:27), asi Jesu aigaro vadzidzisa."

NHAURWA INOKOSHA:MADZIMAI MUBHAIBHERI

- I. Tetsamende yekare
 - A. Patsika vanhukadzi vaionekwa senhumbi
 1. Vaiiswawo mudonongodzwa yenhumbi (Ekisodho. 20:17)
 2. Mabatirwo enhapwakadzi (Ekisodho. 21:7-11)
 3. Mhiko dzevanhukadzi dzaigona kushaiswa basa nevanhuruma (Numeri. 30)
 4. Vakadzi senhumbi dzinogovanwa pahondo (Dhuteronomi. 20:10-14; 21:10-14)
 - B. Paiva nokubvumirana pakuita izvi
 1. Vakadzi nevarume vose vakaitwa nemufananidzo waMwari (Genesi. 1:26-27)
 2. Kudza baba namai (Ekisodho. 20:12[Dhuteronomi. 5:16])
 3. Itya mai nababa (Revhitko. 19:3; 20:9)
 4. Varume nevakadzi vanogona kuva vaNaziri (Numeri. 6:1-2)
 5. Vanasikana vanekodzero yokupiwa nhaka (Numeri. 27:1-11)
 6. Vakadzi inhengo dzevanhu vechisungo (Dhuteronomi. 29:10-12)
 7. Teerera dzidziso yababa namai (Zvirevo. 1:8; 6:200)
 8. Vanakomana nevanasikana vaHemani (mhuri yomuRevhi) ndivo vaitungamira zvokuimba mutemberi (1Makoronike. 25:5-6)
 9. Vanakomana nevanasikana vachaporofita munguva itsva (Joere. 2:28-29)
 - C. Vanhukadzi mumabasa outungamiri
 1. Hanzvadzisikana yaMosesi, Miriamu, ainzi muporofita kadzi (Ekisodho. 15:20-21verengawozve Mika. 6:4)
 2. Vakadzi vakapiwa chipo naMwari chokuruka machira eTabhanekeri

(Ekisodho. 35:25-26)

3. Mukadzi ainzi Dhibhora aivawo muporofita kadzi (cf. vaTongi. 4:4), akatungamira madzinza ose (vaTongi. 4:4-5; 5:7)
4. Huridha aiva muporfitakadzi uyo akadanwanaMambo Josaya kuti apirikire “gwaro romurayiro rakanga rawanikwa” (2Madzimambo. 22:14; 2Makoronike. 34:22-27)
5. Mambokadzi Esiteri, mukadzi aitya Mwari, akaponesa vaJudha muPesia

II. Testamende itsva

- A. Patsika dzose dzevaJudha nedzevaGiriki pamwe nevaRoma, vakadzi vaiva vanhu vasina chiremerera uye vaiva nekodzero shoma (kunze kweMakidhonia).
- B. Vanhukadzi mumabasa outungamiri
 1. Erizabheti naMaria, vakadzi vaitya Mwari uye vakadiwa pamberi pake (Ruka. 1-2)
 2. Ana mukadzi aiya Mwari, aishandira mutemberi (Ruka. 2:36)
 3. Ridhiya, mutendi nomutungamiri wekereke yayitirwa mumba (Mabasa. 16:14, 40)
 4. Mhandara ina idzo dzaiva hanzvadzi dzaFiripi, dzaivawo vaporofitakadzi (Mabasa. 21:8-9)
 5. Fibhi, mushandiri wekereke paKenikiria (vaRoma. 16:1)
 6. Pirisira, aishanda pamwe naPauro uye aiva mudzidzisi waAporo (Mabasa. 18:26; vaRoma. 16:3)
 7. Maria, Tirifaina, Tirifosa, Pesisu, Juria, hanzvadzi yaNerea, nevakadzi vakawanda vaishanda naPauro (vaRoma. 16:6-16)
 8. Junia (KJV), anogona kunge aiva mupositorikadzi (vaRoma. 16:7)
 9. Yuodhia naSinitike, avo vaishanda naPauro (vaFiripi. 4:2-3)

III. Ko mutendi wanhasi anganengaidze sei mifananidzo yebhaibheri iyi iyo inekakusiyana?

- A. K munhu angapa rutemo pazvokwadi dzenhorondo netsika sei?idzo dzinoshanda muchirevo chemabviro chete, kubva kuzvokwadi nokusingaperi iri kukereke dzose, vatendi vose venguva dzose?
 1. Tinofanira kukoshesa vavariro yemunyori wemabviro. Bhaibheri ndiro shoko raMwari uye ndiro roga mabviro okutenda nokuita.
 2. Tinofanira kutarisisa zvinyorwa zvakaumbwa nokuda kwenhorondo.
 - a. Nzira yokutenda (kureva., mipiro nemuronga wokunamata) weSiraeri (Mabasa. 15; vaGaratiya. 3)
 - b. chiJudha chemakore zana okutanga
 - c. mitsara yaPauro muna1vaKorinde iyo inoratidza kuti yaibva mudzidziso yetsika nemagariro
 - 1) muronga wemutemo wevaHedheni veRoma (1vaKorinde. 6)
 - 2) kuramba uri muranda (1vaKorinde. 7:20-24)
 - 3) kusawana (1vaKorinde. 7:1-35)
 - 4) mhandara (1vaKorinde. 7:36-38)
 - 5) kudya kwakapirwa vamwari vokuveza (1vaKorinde. 8; 10:23-33)
 - 6) kuita kusakarurama pachidyo chashe chemanheru (1vaKorinde. 11)

3. Zviripachena kuti Mwari akazviratidza zvakajeka kune dzimwe tsika nemagariro, nerimwe zuva. Tinofanira kukoshesa kuzviratidza uku, asi kwete horokodzwa yose yenhoroondo yekuitika kwazvo. Shoko raMwari rakanyorwa nemazwi evanhu, richinyorerwa imwe tsika, paneimwewo nguva.

B. Kupirikira bhaibheri kinofanira kutsvaka vavariro yemunyori wemabviro. Airevei panguva yake?Uhwu ndihwo hwaro uye hunokosha pakupirikira. Asi zvino tinofanira kuzvishandisa munguva yedu. Zvino, herinoi dambudziko pakuva kwevakadzi mumabasa outungamiri (dambudziko chairo rinogona kunge riri rokudiudza izwi. Paiva namabasa oushumiri aunge akawanda kupfuura vaFundisi avo vaionekwa sevutungamiri here?ko ivo vashandiri vekereke ne vaporofitakadzi vaionekwa sevutungamiri here?) Zviripachena kuti Pauro muna1vaKorinde. 14:34-35 na1Timoti. 2:9-15, arikutaura kuti vakadzi havafanire kutungamira kunamata pamakungano!Asi ko izvi ndingazvishandisa Seiko muzuva ranhasi?Handidi kuti tsika nemagariro aPauro kana dzangu dzidzmaidze kuda neshoko raMwari. Pamwe nguva yaPauro yaiva noudzvanyiriri, asi nenguvawo yangu inogona kunge yakanyanaya kuzarura mikana zvakanyanya. Handinzwe kugadzikana kana ndichiti dzidziso nemazwi aPauro zvine zvimiso, makore zana okutanga, chokwadi chemamiriro ezvinhu. Ndiri aniwo zvangu kuti ndirege murangariro wangu kana tsika nemagariro angu apikise munyori akatuswa?1

Zvisinei, ndingaiteiwo ipo paine mienzaniso yemubhaibheri yevutungamiri vechikadzi (nyangwe muzvinyorwa zvaPauro, cf. vaRoma. 16) ?Muenzaniso wakanaka ndowe nhaurwa yakaitwa naPauro pamusoro pemakungano okunamata muna1vaKorinde. 11-14. Muna. 11:5 anoita sokuti anobvumira vakadzi kuparidza nokunamata mumakungano vakasunga micheka mumisoro yavo, ukuwo muna14:34-35 anoti vanofanira kuramba vanyerere!Paiva nevashandiri vekereke vechikadzi (cf. vaRoma. 16:1) ne vaporofitakadzi (cf. Mabasa. 21:9). Iwo musanganiswa iwoyu ndiwo unondibvumira kuti ndidome kuti nhaurwa dzaPauro (maererano nokudziviswa kwevakadzi) dzaiva dziine chokuita nemamiriro ezvinhu muKorinde neEfeso pamakore zana okutanga. Mukereke dzose idzi maiva nedambudziko remadzimai akanga onyumbwida norusununguko rwawo rutsva urwu (cf. vaBruce Winter mugwaro ravo rinonzi, mushure mokunge Pauro abva kuKorinde” *After Paul left Corinth*), Izvo zvakanga zvoomeru kereke kuti ibate basa raKristu mumigarisanwa yavo. Rusununguko rwavo rwaifanira kuderedzwa kuitira kuti vhangeri ifambe zvakakanaka.

Nguva yaPauro yakasiyana zvikuru neyaPauro. Munguva yangu vhangeri inogona kusafamba zvakakanaka kana vakadzi vakadzidziswa vakasapiwa mukana wokuita basa, vakasabvumirwa kutungamirwa!Ko chinangwa chokunamata mumakungano ndechei?hausi uvhangeri noudzidzi here?ko Mwari angakudzwa nokufadzwanoutungamiri hwevakadzi here?Bhaibheri rose rinoita sokuti rinoti” hongu” !

Ndinoda kubvumirananaPauro; dzidziso youMwari yangu inotevera yaPauro. handidi kuti nditsauswe nedzidziso yokusimudzira vakadzi yemazuva ano!Zvisinei, ndinoona sokuti kereke iri kunonoka kudavira

zvokwadi yebhaibheri iri pachena, sokusarurama kweutapwa, rusaruraganda, kusagamuchira vamwe sezvavari pamwe nokusarura maringe nokuva murume kana mukadzi. Iri kunonokawo kubata zvakakwana nyaya yokusabatwa zvakanaka kwevanhukadzi mazuva ano. Mwari kuburikidza naKristu akasunuungura nhapwa pamwe nomunhukadzi. Handigoni kubvuma kuti zvinyorwa zvakaumbwa nedzidziso yetsika nemagariro zvivasungurirezve.

Chimwe chinhu:semupirikiri ndinoziva kuti kereke yekuKorinde yaiva nebongozozo. Zvipo zvemweya zvaitengeswa uye zvichivhairwa nazvo. Vakadzi vanogona kunge vakanga vapindawo mumaitiro aya. Ndinotendawo kuti kuEfeso kwakanga kwava nevadzidzisi venhema, avo vakanga voshandisa vakadzi sevatauriri vavo mukereke dzaitwa mudzimba dzeko.

C. Mamwewo magwaro aunogona kuverenga ndeanotevera

Gwaro ravaGordon Fee nava Doug Stuart, rinonzi, maverengerwo ebhaibheri nevzariri zvose” *How to read the Bible for All its Worth*” (pp. 61-77)

Gwaro ravaGordon Fee rinonzi, vhangeri neMweya:zvokupirikirwa kwetestamende itsva” *Gospel and Spirit:Issues in the New Testament Hermeneutics*”

Gwaro ravaWalter C Kaiser, vaPeter H. Davids, F F. Bruce, navaManfred T. Branch rinonzi nhaurwa dzakaoma dzemubhaibheri” *Hard Sayings of the Bible*” (pp. 613-616; 665-667)

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :11:30-37

³⁰ (Zvino Jesu akanga asati asvika pamusha, asi akanga achiri paya paakachingamidzwa naMaria.) ³¹Zvino vaJudha, vakanga vari mumba naye vachimubata ruoko, vakati vachiona Maria achikurumidza kusimuka achibuda, vakamutevera, vachiti unoenda kubwiro kundochemako. ³²Zvino Maria akati achisvika kunaJesu, achimuona, akawira pasi patsoka dzake, akati kwaari; “Ishe, dai maiva pano, hanzvadzi yangu ingadai isina kufa.”

³³Zvino Jesu akati achimuona achichema, navaJudha vakanga vauya naye, vachichemawo, akafa neshungu mumweya, akatambudzika, ³⁴akati, “Mamuisepiko?” Vakati kwaari, “Ishe, uyai muone.”

³⁵Jesu akachema misodzi. ³⁶Ipapo vaJudha vakati, “Tarirai, aimuda sei!” ³⁷Asi vamwe vavo vakati, “Uyu akasvinudza meso ebofu, haasaigona kudzivisa kuti uyu munhuarege kufa here?”

11:30 Uku ndiko kumwe kunyora kwemunhu akaona zvaanonyora.

11:33

NASB “Akafa neshungu mumweya, akatambudzika”

NKJV “Akagomera mumweye, akatambudzika”

NRSV “Akashungurudzika mumweya, akatambudzika”

TEV “Akabatikana mumwoyo, akatambudzika”

NJB “Jesu akatambudzika zvikuru, akatura mafemo”

Izvi zvinoreva kwazvo kwazvo kuti” kumvimvidza mumweya.”Tsumo iyi inowanzoshandiswa kureva kutsamwa (cf. Dhanieri. 11:30[LXX]; Mako. 1:43; 14:5). Asi muchirevo chechinyorwa chino, shandurudzo inoratidza dengetera rakadzama ndiyo inodiwa (cf. ndima. 38). Nyangwe vamwe vatsoropodzi vachiona dengeteera iri, serinogona kureva kutsamwiswa nerufu, Jesu aiva nedengetera remunhu chairo (cf. ndima. 33, 35, 36, 38) uye anoriratidzira shamwari dzake pano.

11:35” Jesu akachema” Iyi ndiyo ndima yakapfupika kupfuura dzose mubhaibheri. Rufu rwakanga rusiri kuda kwaMwari kunyika ino. Rufu ndizvo zvibereko zvoudanduki hwevanhu. Jesu anonzwa kurwadziwa nokurasikirwa nomudokanwi. Anonzwa kurwadzirwa zvoudenyu hwe vateveri vake vose!

Kuchema kwaJesu kwaiva kwechinyararire, kwete kuzhamba kunorehwa mundima. 33.

11:37 Mubvunzo uyu unotarisa mhinduro yokuti” hongu.”Aya ndiwo aiva mafungiro aMarita mundima. 21 neaMariawo mundima. 32.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :11:38-44

³⁸Ipapo Jesu akafazve neshungu mukati make, akasvika pabwiro. Iro raiva bako, nebwe rakanga riri pamusoro paro. ³⁹Jesu akati, “Bvisai ibwe!” Marita, hanzvadzi yoakafa akati kwaari, “Ishe, otonhuwa zvino, nokuti ava namazuva mana okufa kwake.”⁴⁰Jesu akati kwaari, “Handina kukuudza here, kuti kana ukatenda, uchaona kubwinya kwaMwari?”⁴¹Ipapo vakabvisa ibwe. Zvino Jesu akatarira kudenga akati, “Baba, ndinokuvongai, nokuti mandinzwa. ⁴²Asi ndakanga ndichiziva, kuti munosindinzwa nguva dzose; asi ndakazvireva nokuda kwavazhinji vakandikomba, kuti vtende kuti makandituma.”⁴³Akati areva izvozvo, akadanidzira nezwi guru, akati, “Razaro, buda!” ⁴⁴Akanga afa akabuda, akapombwa makumbo namaoko nemicheka yomubwiro, nechiso chake chakapombwa nomucheka. Jesu akati kwavari, “Musunungurei aende.”

11:38” raiva bako” Panguva iyi muParastina, mabwiro aiva

1. Mapako (*Baba Bathra 6:8*)
2. Mabwiro aicherwa mumikaha, onamwa nemabwe aiswa mumipata yainge yacherwa
3. Makomba aicherwa pasi ovharwa nemabwe makuru

Kubva paongororo yokuchera yakaitwa munharaunda yeJerusarema, tsanagudzo yepiri ndiyo yakanaka.

11:39” bvisai ibwe” Ibwe guru raiiswa mumupata senzira yokuvhara mabwiro kubva kumakororo nemhuka.

☐ **“ava namazuva mana okufa kwake”** Iyi itsumo yechiGiriki yokuti” munhu wamazuva mana.”

11:40 “kana” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuitika (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Ndima iyi inechimiro chomubvunzo unotarisa mhinduro yokuti” hongu.”

▣ **“kubwinya kwaMwari”** Kubwinya kwaMwari kwakaritudzwa mumabasa aJesu (cf. ndima. 4). Ona chinyorwa chakazara pa1:14.

11:41” Jesu akatarira kudenga” Manamatiro chaiwo echiJudha waiva wokusimudza maoko nokutarira kudenga (namaziso akavhurwa). Iyi itsumo yekureva kunamata (cf. 17:1).

▣ **“nokuti mandinzwa”** Jesu “anonzwa “baba (cf. 8:26, 40; 15:15) uye nababa” vanomunzwa.”Avo “vanonzwa “Jesu vanoupenyu husingaperi. Iri ndiro dambanemazwi rinoramba richiitwa nemazwi okuti” ona” nerokuti “inzwa” achifananidzwa newokuti” gamuchira” (1:12) na” tenda” (3:16). Razaro “akanzwa” izwi raJesu akamukazve.

11:42 Izvi zvinodonongodza chinangwa chemunamato nechishamiso chakaitwa naJesu. Jesu aigaroita zvishamiso senzira yokukurudzira kutenda kwevadzidzi vake, uye nokuparura kutenda muvaJudha vaibva Jerusarema.

Pazvidzidzo zvouMwariwo, Jesu anoratidza masimba ababa nokuda kwavo mumabasa ake (cf. 5:19, 30; 98:28; 12:49; 14:10). Chishamiso ichi chinoratodza hukama hwemandorokwati hwaJesu nababa. Tarira nhaurwa inokosha:tuma (*Apostellō*) pa5:24.

11:43” akadanidzira nezwi guru, ‘Razaro buda’ “Zvinonzi dai Jesu asina kudana zita raRazaro, vaiva mumarinda vose vaibuda!

11:44 Mitumbi yaigadzirirwa kuvigwa nokugezwa nemvura, yopombwa nemicheka, nokumwayiwa zvinonhuwira kuitira munhuwe. Zvitunha zvaifanira kuvigwa mukati mezuva rimwe nokuti vaJudha vaisa gadzirira zvitunha zvavo kuti zvisaore.

NHAURWA INOKOSHA:NZIRA DZOKUKUCHENGETEDZWA KWEVAFI

I. Kudunhu reMesopotamia

A. Kuvigwa zvakanaka kwaikoshera hupenyu munyikadzimu.

B. Muenzaniso wechituko chekumatunhu aya ndowekuti” ivhu ngarisagamuchira chitunha chako.”

II. Testamende yekare

A. Kuvigwa zvakanaka kwaikosha (Muparidzi.. 6:3)

B. Kwaiitwa nokukurumidza (cf. Sara munaGenesi. 23 naRakeri munaGenesi. 35:19 tarisawozve Dhuteronomi. 21:23).

C. Kusavigwa zvakanaka chaiva chiratidzo chokurambwa pamwe nezvivi.

1. Dhuteronomi. 28:26

2. Isaya. 14:20

3. Jeremiya. 8:2; 22:19

D. Kuvigwa kwaitirwa mumabwiro emhuri kana zvaigoneka.

E. Vaisaomesa zvitunha sezvaiitwa kuljipita. Vanhu vakabva muvhu uye vanofanira kudzokera muvhu (Genesi. 3:19; Mapisarema. 103:14; 104:29).

F. MuchiJudha chevaRabhi zvainetsa kunengaidza kuremekedzwa kwemutumbi nemhemberero dzinosvibisa dzinechekuita nevafi.

III. Testamende itsva

A. Kuvigwa kwaiitwa munhu achangofa, kazhinji mukati mmezuya rimwe.

vaJudha vaichengeta bwiro kwemazuva matatu, vachitenda kuti mweya waigona kudzokera mumutumbi mukati memazuva iwayo (cf. Johani. 11:39).

B. Kuviga kwaisanganisirawo kupomba mutubi nemachira pamwe nokumwaya zvinonhuwira (cf. Johani. 11:44; 19:39-40).

C. Pakanga pasina nzira chaidzo dzaitwa navaJudha kana vaKristu dzokuviga uyewo vaisaisa nhumbi mumabwiro mumakore zana okutanga muParastina.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :11:45-46

⁴⁵Naizvozvo vazhinji vavaJudha vakanga vauya kunaMaria, vakati vaona zvaaita, vakatenda kwaari. ⁴⁶Asi vamwe vavo vakaenda kuvaFarisi, vakandovaudza zvakanga zvaitwa naJesu.

11:45” naizvozvo vazhinji vavaJudha.... Vakatenda kwaari” Iri ndiro dingindira revhangeri rinodonongodzwa (cf. 20:30-31). Mutsara uyu unoumba munyerekete (cf. 2:23; 7:31; 8:30; 10:42; 11:45; 12:11, 42). Zvisinei, zvinofanira kudonongodzwa kuti kutenda muvhangeri yaJohani kuri muzvikamu zvakasiyana siyana uye hakusingori kutenda kweruponeso (cf. 2:23-25; 8:30ff).. Tarira nhaurwa inokosha pa2:23.

11:46” vamwe vavo vakaenda kuvaFarisi, vakandovaudza zvakanga zvaitwa naJesu” kudzama kwoupofu hwepamweya uhwu hunoshamisa, kana tichitarisa dzidziso yakanaka pamwe nezvishamiso zvinoratidza simba zvakadai. Zvisinei, Jesu anosiyana mapoka ose nokuti kune avo vanouya kuzomvimba pamwe nevanoramba chokwadi pamusoro pake. Nyangwe chishamiso chinoratidza simba seichi, hachingaunzi kutenda kwavari (cf. Ruka. 16:30-31).

NASB (ZVINYORWA VZAKAVANDUDZWA) :11:47-53

⁴⁷Naizvozvo vaprista vakuru navaFarisi vakaunganidza makurukota, vakati, “Todiniko?Nokuti uyu anoita zviratidzo zvizhinji. ⁴⁸kana tikamurega achidaro, vanhu vose vachatenda kwaari; navaRoma vachauya vakatirorera nzvimbo yedu norudzi rwedu”

⁴⁹Zvino mumwe wavo, Kaifasi, akanga ari mupristi mukuru gore iro, akati kwavari, “Hamuzivi chinhu, imi, ⁵⁰uye hamurangariri kuti zviri nani kwamuri, kuti munhu mumwe afire vanhu, rudzi rwose rurege kufa.”⁵¹Haana kureva izvozvo pachake, asi zvaakanga ari muprista mukuru gore iro, akaporfita kuti Jesu aifanira kufira rudzi; ⁵²rusati ruri rudzi rwoga, asi kuti aunganidze pamwechete vana vaMwari vakapararira.

⁵³Zvino kubva pazuva iro vakarangana kuti vamuuraye.

11:47” vaprista vakuru navaFarisi vakaunganidza makurukota” Izvi zvinoreva dare guru ravaJudha paJerusarema (Sanhedrin). Raiva nenhengo makumi manomwe. vaprista vakuru vaitevera vari vechinamato nematongerwo enyika vachidanwa kuti vaSadhusi, avo vaigamuchira zvinyorwa zvaMosesi chete uye vachiramba zvokumuka kuvakafa. vaFarisi ndivo boka rainyanya kuzivikanwa, iro raiita zvechinamato chokutevera murayiro uye vaigamuchira (1) testamende yekare yose; (2) ushumiri hwengirozi; (3) pamwe noupenyu munyikadzimu. Zvinoshamisa kuti mapoka aisawirirana aya angawana chokusanganirana. Tarira nhaurwa inokosha:vaFarisi pa1:24. Tarira nhaurwa inokosha:dare guru ravaJudha (Sanhedrin) pa3:1.

▣ **“uyu anoita zviratidzo zvizhinji”** kurehwa kwaJesu achinzi” murume uyu” inzira yokuzvidza yokusareva zita rake. Zvinoshamisa kuti paine zvizhinji zvishamiso zvikuru, sokumutsa Razaro kuvafi, rerekero yemafungiro avo yakavapofomadza zvachose (cf. 2vaKorinde. 4:4).

11:48” kana” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuitika (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE).

▣ **“Vanhu vose vachatenda kwaari”** Kusavimba nokutya kwavo Jesu kwaibva mugodo pamwe nokusabvimirana pazvidzidzo zvouMwari. Izwi rokuti” vose” rinogona kunge raireva vaSamaria navaHedheni (cf. 10:16). kutya kwavo kwaivawo nechokuita nyenya dzezvematongerwo enyika (kureva., kutongwa navaRoma).

▣ **“vaRoma vachauya vakatitorera nzvimbo yedu yorudzi rwedu”** Iyi ndiyo imwe yendyaringo yechiporofita chevhangeri yaJohani, nokuti izvi vvakazozadziswa mugore raA. D 70, neuto guru revaRoma, iro rakazivawo mambo wechiRoma, rainzi Tito.

Zvokwadi yezvematongerwo enyika yokutongwa navaRoma, yaivawo chikamu chetariro yevaJudha yemazuva okupedzisira. Vaitenda kuti Mwari aizotumira munhu aizotungamira zvechitendero pamwe nehondo, sevaTongi vetestamende yekare, kuzova sunungura panyama kubva kuutongo hwevaRoma. vanaMesiasi venhema vazhinji vakatanga hondo muParastina vachida kuzadzisa tariro iyi.

Jesu aiti hutongi hwake hausi hwechinguvana uye hwezvematongerwo enyika (cf. 18:36), asi hutongo hwepaMweya uhwo hwaizomunyangidzwa pasi rose muneremangwana (kureva., ratidzo). Aiti arikuzadzisa chiporofita chetestamende yekare, asi kwete nenzira yerudzi yaidiwa nevaJudha. Nokuda kwaizvozvo akarambwa nevaJudha vakawanda venguva yake.

11:49” kaifasi, aiva muprista mukuru gore iro” Chigaro chokuva muprista mukuru chakanga chiri choupenyu hwose uye chaizopiwa vana vomuprista uyu kana iye afa (cf. Ekisodho. 28), asi mushure mokunge vaRoma vavakutonga, chigaro ichi chakatengeswa kuna aiva nemari zhinji kupfuura yevamwe nokuda kwechouviri chaiva paGomoremiorivhi pamwe nemutemberi. Kaifasi akava muprista mukuru kubva mugore raA. D 18-36 (Mukuwasha waAnasi, muprista mukuru kubva mugore raA. D. 6-15).

11:50-52 Uyu ndiwo mumwe muenzaniso wendyaringo dzaJohani. Kaifasi anoparidza vhangeri!

11:50 “munhu mumwe afire vanhu” Nyaya inobuda mutestamende yekare yemaonero echiJudha, ndeye amonero avo e” zibatakose.”Munhu mumwe (akaipa kana akanaka) anogona kubata vose (kureva., Adhamu/Evha; Akani). Maonero aya ndiwo akakurudzira zvikuru nyaya yokubayira, kunyanya pazuva rokuyanansira (Revhitiko. 16), apo mhuka imwe isina zvivi yaitakura zvivi zverudzi rwose. Izvi ndizvo zvinobva zvareva maonero ouMesiasi hwemunaIsaya. 53. Mutestamende itsva ringanidzo yaAhamu naKristu, munavaRoma. 5:12-21, inoratidza maonero aya.

11:51

NASB, REV,

NET “Kuti Jesu aizofa”

NKJV, NIV,

REB “Kuti Jesu aizofa”

NRSV “Kuti Jesu akanga ofa”

NJB “Kuti Jesu aizofa”

Gwaro re NIDOTTE, vol. 1, p. 326, rine tsanangudzo yakanaka pamusoro pedzidziso yezvouMwari yokushandiswa kweizwi rechiito rokuti *mellō* (“fanira, ““kufanira ku, ““kuva nechokwadi”) kana richireva kuda kwaMwari kubasa rokudzikinura raKristu.

1. Mako. 10:32
2. Mateu. 17:22
3. Ruka. 9:39, 44; 24:21; Mabasa. 26:23
4. Johani. 7:39; 11:51; 12:33; 14:22; 18:32

Rinoshandiswawo kureva kudiwa kwekutengesha Jesu kwakaitwa naJudhasi

1. Ruka. 22:23
2. Johani. 6:71; 12:4

Ruka, munaMabasa anorishandisa kureva zadziso yechiporofita (kureva., Mabasa. 11:28; 24:15; 26:22). Zvose zviitiko zvokudzikinura zvaiva mumaoko aMwari (cf. Mabasa. 2:23; 3:18; 4:28; 13:29)!

11:52” aunganidze pamwechete vana vaMwari” Mutsara uyu unoita sewedzero yakaitwa naJohani iyo inogona kufanana na10:16. unogona kureva

1. Jesu achigara kunze kweParastina
2. vaJudha vasina kuperera sevaSamaria
3. vaHedheni

Tsanangudzo yetatu ndiyo yakanaka. Zvazviri izvozvo, kufa kwaJesu kuchaunza kubatana kuvanhu” vanotenda” (cf. 1:29; 3:16; 4:42; 10:16).

11:53” zvino kubva pazuva iro vakarangana kuti vamuuraye” Iri ndiro dingindira rinodzokororwa muvhangeri yaJohani (cf. 5:18; 7:19; 8:59; 10:39; 11:8)

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :11:54

⁵⁴Naizvozvo Jesu haana kuzofamba pachena pakati pavaJudha, asi akabvapo, akaenda kunyika iri pedyo nerenje, kuguta rainzi Efuremu; akagarako navadzidzi vake.

11:54 “Naizvozvo Jesu haana kuzofamba pachena pakati pavaJudha” Chikamu. 12 chevhangeri yaJohani ndicho chinova chokupedzisira umo Jesu anoedza kutaurirana navakuru vavaJudha.

Izwi rakashandurudzwa muvhangeri yaJohani richinzi “pachena” (cf. 7:26; 11:54; 18:20) rinowanoreva kuti” noushimwa.”Tarira nhaurwa inokosha pa7:4

▣ **“guta rainzi Efuremu”** Guta iri rinogona kunge raiva pedyo nereBhetero muSamaria (cf. 2Makoronike. 13:19).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :11:55-57

⁵⁵Zvino Pasika yavaJudha yakanga yavapedyo, vanhu vazhinji venyika vakakwira Jerusarema, Pasika isati yasvika, kuti vazinatse. ⁵⁶Zvino vakatsvaka Jesu, vakataurirana vamiremutenberi, vachiti, “Munoti kudiniko, munoti mhaangauyi kumutambo here?”

⁵⁷Zvino vaprista vakuru navaFarisi vakanga varayira, kuti, ani naani kana achiziva kwaari, avazivise, kuti vandomubata.

11:55-57 Ndimba idzi dzinopa sungano kuzvikamu. 11 na12.

11:55 “kuti vazinatse” Izvi zvinoreva tsika yokuzvinatsa kuchigadzirirwa Pasika. Pane doritori rokuti ko Jesu akadzidzisa, kuparidza nokushumira muParastina kwenguva yakareba zvakadii. Muumbirwo wakaitwa vhangeri nhatu dzokutanga unoita kuti zviite sokuti akaita basa kwegore rimwe kana maviri. Zvisinei, vhangeri yaJohani inePasika dzakawanda (mitambo yepagore). Dzakanyatsonyorwa dzinosvika nhatu (cf. 2:13; 6:4; na11:55) neimwe ingangova yechina inorehwa kuti” mutambo” muna. 5:1.

11:57 Iyi ndiyo imwe wedzero yakaitwa naJohani.

MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviru muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzedza.

1. Sei Jesu akarega Razaro achifa?
2. Ko chishamiso ichi chakaitirwa ani?
3. Musiyano wokumutswa nokumuka ndoupi?
4. Sei vakuru vevaJudha vakanyangadzwa nokumutswa kwaRazaro?

JOHANI 12

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Kuzodzwa kuBhetania 12:1-8	Kuzodzwa kuBhetania 12:1-8	Kuzodzwa kuBhetania 12:1-8	Jesu anozodzwa kuBhetania 12:1-6 12:7-8	Kuzodzwa kuBhetania 12:1-8
Vanorongera Razaro 12:9-11	Vanorongera kuuraya Razaro 12:9-11	12:9-11	Vanorongerawo Razaro 12:9-11	12:9-11
Kugamuchirwa kuJerusarema 12:12-19	Kugamuchirwa 12:12-19	Mugevera wemichadwi 12:12-19	Kugamuchirwa kuJerusarema 12:12-13 12:14 12:15 12:16 12:17 12:18-19	Mesiasi anopinda muJerusarema 12:12-19
Vamwe vaGiriki vanotsvaka Jesu 12:20-26	Tsanga yembeu inezvibereko 12:20-26	Kupera kwoushumiri HwaJesu 12:20-26	Vamwe vaGiriki vanotsvaka Jesu 12:20-21 12:22-26	Jesu anota ura zvokufa nokukudzwa kwake 12:20-28a
Mwanakomana anofanira kusumudzwa 12:27-36a	Jesu anota ura zvokufa kwake pamuchinjiko 12:27-36a	12:27-36a	Jesu anota ura zvokufa kwake 12:27-28a 12:28b 12:29 12:30-33 12:34 12:35-36a	
Kusatenda kwevaJudha	Ndiani akatenda zvatakataura		Kusatenda kwevaJudha 12:36b-38	

			Mheto kusatenda kwevaJudha
		12:39-40	12:37-38
		12:41	12:39-40
	Famba muchiedza	12:42-43	12:41
Kutongwa nemashoko	12:42-50	Kutongwa nemashoko	12:42-50
12:44-50		12:44-50	

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyorori. Ndiyozve hwaro hwepupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

5. Ganhuro yokutanga
6. Ganhuro yepiri
7. Ganhuro yetatu
8. Nezvimwewo.

RUONO RWEZVIRI MUGWARO RWENDIMA. 1-50

- A. Vhangeri dzose dziri ina dzinonyorwa nezvekuzodzwa kwaJesu nomukadzi. Naizvozvo chiitiko ichi chinofanira kunge chakakatyamadza vanyori vevhangeri. Zvisinei, Mako. 14:3-9, Mateu. 26:6-13, naJohani. 12:2-8 dzinodoma mukadzi uyu saMaria weBhetania, hanzvadzi yaRazaro, ukuwo Ruka. 7:36-50 inomudoma semukadzi aiva mutadzi wemuGaririya.
- B. Chikamu. 12, ndicho chinovhara ushumiri hweparuzhinji hwaJesu (cf. ndima. 29). Akanga aedza kakawanda kuita kuti vakuru vevaJudha ava vatende. Muchikamu. 11 ndimo maakaedza kuunza kutenda kuvagari veguta reJerusarema.
- C. Kune mapoka mashanu evanhu vanotaurwa nezvavo muchikamu chino
 1. Ruzhinji rwakaona kumutswa kwaRazaro, ndima. 17

2. Ruzhinji rwekuJerusarema, ndima. 9
3. Ruzhinji rwevafambi vechitendero, avo vaiuya kuPasika, ndima. 12, 18, 29, 34
4. Pamwewo neruzhinji rwevaHedheni, ndima. 20
5. Pamwewo neruzhinji rwevakuru vevaJudha, avo waitenda kwaari, ndima. 42

DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :12:1-8

¹Zvino mazuva matanhatu Pasika ichigere kusvika, Jesu akasvika Bhetania, paiva naRazaro, wakare wokumutswa naJesu kuvakafa. ²Vakamuitirapo vchirayiro; Marita akavashandira; naRazaro akanga ari mumwe wavakanga vagere naye pakudya. ³Zvino Maria akatora paundi yamafuta enaridho, anomutengo mukuru, akazodza tsoka dzaJesu, akapukuta tsoka dzake nevhudzi rake; imba ikazadzwa nokunhuwira kwamafuta. ⁴Ipapo mumwe wavadzidzi vake, Judhasi Isikarioti akanga achazomupandukira, akati, ⁵” Mafuta awa akaregereiko kutengeswa namadhenari mazana matatu, akapiwa varombo?” ⁶Asi haana kureva izvozvo kuri kuti akarangarira varombo, asi nokuti aiva mbavha; aigara nechikwama, achisiba zvaiiswamo.

⁷Asi Jesu akati, “Muregei, azvichengetere zuva rokuvigwa kwangu. ⁸Nokuti varombo munavo nguva dzose; asi ini hamuneni nguva dzose.”

12:1” mazuva matanhatu Pasika ichigere kusvika” Uyu muronga wenguva unosiyana nwmunaMateu. 26:2. Zvinofanira kurangarirwa kuti chinangwa chevhangeri, hausi muronga wenguva, asi zviito zvaJesu zvinomirira kuratidza chokwadi pamusoro pake nemabasa ake. Vhangeri hadzisi nhoroondo dzevanhu, asi ndidzo zvinyorwa zvoudhnageri zvakaitirwa mapoka akasiyana.

12:2” vaka” Izvi zvinoita sokuti zvinoreva vagary veguta reBhetania, vakapa Jesu nevadzidzi vake kudya kwamanheru senzira yokuvaremekedza nokumutsa Razaro. Zvisinei, munaMateu. 26:6, izvi zvinoitirwa mumba maSimoni aimbova namapere.

12:3” paundi” Iri raiva izwi rechiLatin raireva paundi yechiRoma, iyo yaienzana nezvikamu gumi nezviviri zvechipimo chemvura. Zvinonhuwira zvinomutengo wepamusoro izvizvinogona kunge zvaiva chipo chepamuchato waMaria. Vakadzi vazhinji vakanga vasina kuwanikwa vaichengeta zvinonhuwira izvi zvakaiswa muchinu chaiva patambo yavaiisa muhuro.

▣

NASB “Paundi yezvinonhuwira zvenaridho, zvinomutengo mukuru”

NKJV “Paundi yemafuta enaridho, anomutengo mukuru”

NRSV “Paundi yemafuta anonhuwira anomutengo mukuru akaitwa nenaridho”

TEV “Paundi yose yemafuta anonhuwira anomutengo mukuru, enaridho”

NJB “Paundi yemafuta anonhuwira enaridho anomutengo mukuru”

Pane fungidziro yakawanda zvikuru pamusoro pechirevo chechipauro: (1) kusava nomusanganiswa; (2) mujururu; kana (3) zita renzvimbo. Mafuta anonhuwira aya aibva pamidzi yaiwanikwa kumakomo eHimalayas uye aiva omutengo wepamusoro. Tarira gwaro ravaJames M Freeman, rinonzi tsika nemaitiro emubhaibheri” *Manners and customs of the Bible*, pp. 379-380.

▣ **“akazodza tsoka dzaJesu”** Chiitiko chimwechete ichi chakanyorwa munedzimwe vhan`geri (anogona kunge aiva matendo aMaria kunaJesu nokumutsa Razaro, ndima. 2) chinonyorwa chichinzi mukadzi akazodza musoro wake. Zviripachena kuti Maria akazodza muviri wose waJesu namafuta aya, kutanga nemusoro kusvika kutsoka dzake. Chakaita kuti tsoka dzaJesu dzive pachena ndechekuti aive akagara akaita zvokusendama negokora rekuruboshwe patafura yaiva pasi pasi.

Uhwu ndihwo humwe hunyambiri hunoitwa naJohani. Mafuta aya aishandiswa kumwaya mutumbi usati wavigwa (cf. 19:40). Maria anogona kunge akanga anzwisisa nezveshoko rokufa kwaJesu kupfuura vadzidzi (cf. ndima. 7). Tarira nhaurwa inokosha:kuzodza pa11:2.

▣ **“imba ikazadzwa nokunhuwira kwamafuta”** Iyi ndiyo tsanangudzo inehorokodzwa inoratidza kuva yemunhu akaona zvaarikunyora. Johani anonyatso rangarira chiitiko ichi!

12:4” Judhasi Isikarioti” Izwi rokuti” Isikarioti” rine mivanzarira miviri yezvirevo namabviro (1) guta raJudha (keriote, cf. Joshua. 15:25) kana (2) izwi rokureva “banga romuurayi.”Pavanyori vevhangeri vose, Johani ndiye akanyora mitsara inonyanya kuratidza kutsamwa pamusoro paJudhasi (cf. ndima. 6). tarira chinyorwa chakazara pa6:70-71.

▣ **“pandukira”** Iyi ndiyo imwe wedzero yemunyori. kazhinji izwi iri harina chirevo ichochi. Rinoreva kwazvo kwazvo kuti” kupa ku” kana” kupira ku” nechirevo chomutemo kana kurongera. Tarira chinyorwa pa18:2.

12:5” madhinari mazana matatu” Dhinari rimwe rairingana nemuhoro wezuva rimwe wemuuto kana mushandi, nokudaro, uyu mutengo wairingana nemuhoro wegore rose.

12:6 Ndima iyi ndiyo imwe wedzero yakaitwa nomunyori. Vhangeri yaJohani inopa Judhasi mhosva kupfuura dzimwe vhangeri dzose.

▣

NASB, NKJV “Mukwembe wemari”

NRSV “Chikwama chavo vose”

TEV “Chikwama chemari”

NJB “Mari yavo vose”

Izwi iri rinoreva” kamukwembe kadiki.”Kamukwembe korudzi urwu ndiko kainyanya kushandiswa nevaimbi kutakurira zviridzwa zvavo.

“achisiba zvaivamo” Izwi rechiGiriki nderokuti” takura.”Rinoshandisa nenzira mbiri dzakasiyana: (1) aitakura mukwembe asi (2) aitakurawo zvaivamo. Mutsara uyu unogona kunge wakaisirwa kuratidza kuti Judhasi aisa revera izvi kurangarira varombo mundima. 5, asi aaitira kuti abe mari yacho iye.

12:7 Iyi indima isina kujairika. Zviripachena kuti inopa kupa uku sungano nemaitirwo anoitwa pakuviga mufi (cf. 19:40). Uyu ndiwo umwe wemitsara yokuporofita yaJohani.

12:8 “varombo munavo nguva dzose” Mutsara uyu unesungano naDhuteronomi. 15:4, 11. Kwakanga kusiri kutaura kwekurerutsa chido chekupa varombo, asi yaiva kumikidzo iri

pamusoro pokuvapo kwaMesiasi ari Jesu (cf. ndima. 35; 7:33; 9:4). Testamende yekare ndicho chinyorwa chakasiyana nezvimwe zvokumabvazuva pamusoro pekodzero nezvinofanira kuitirwa varombo.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :12:9-11

⁹Zvino vanhu vazhinji zhinji vokuvaJudha vakanzwa kuti aripo; vakauya asi Havana kuuya nokuda kwaJesu bedzi, asi kuti vaonewo Razaro, waakanga amutsa kuvakafa. ¹⁰Asi vaprista vakuru vakarangana kuti vauraye naRazarowo, ¹¹nokuti nokuda kwake vaJudha vazhinji vakanga vachibva kwaari, vachitenda kunaJesu.

12:9 “vazhinji zhinji vokuvaJudha vakanzwa kuti aripo” Uyu ndiwo mushandisirwo wezwi rokuti “vaJudha” usina kujairika muvhangeri yaJohani. Kazhinji rinoshandiswa kureva vakuru vechitendero chechiJudha avo vanopikisa Jesu. Zvisinei, muchikamu. 11:19, 45; 12:17, rinoita sokuti rinoreva vagari vemuJerusarema avo vaiva shamwari dzaRazaro uye vainge vauya kurufu rwake.

12:10” vaprista vakuru vakarangana kuti vauraye naRazarowo” Vaida kuparadza humboo!vakanga vava nokutya (cf. 11:48) uye negodo (cf. 11:48; 12:11).

Vanofanira kunge vaifunga kuti zvakaitwa naJesu zvokumutsa Razaro, chaiva chitiko chiri choga uye chinoshamisa. Upofu uye nererekero yevakuru vevaJudha ava hunoratidza rima riri muvatadzi.

12:11 Izvi zvinehochekeche nechikamu. 11:45. Tarira nhaurwa inokosha:kushandiswa kunoitwa izwi rechiito rokuti” tenda” naJohani pa2:23.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :12:12-19

¹²Zvino ava mangwana vanhu vazhinji zhinji, vakanga vauya kumutambo, vakati vanzwa kuti Jesu auya Jerusarema, ¹³vakatora mashizha emichindwi, vakabuda kundomuchingamidza, vakadanidzira vachiti, “Hosana!Ngaarumbidzwe anouya muzita raIshe, Mambo wavaIsiraeri.”

¹⁴Jesu akati awana mwana wembongoro, akagara pamusoro payo, sezvazvakanyorwa, zvichinzi, ¹⁵” Usatya, mukunda weZioni; tarira mambo wako anouya, agere pamusoro pemhuru yembongoro.”

¹⁶Vadzidzi vake Havana kunzwisisa izvozvi pakutanga; asi Jesu akati akudzwa, vakazoyeuka, kuti izvozvo zvakanga zvanyorwa pamusoro pake, uye kuti vaknga vamuitira izvozvo. ¹⁷Zvino vanhu vazhinji vaiva naye pakudana kwake Razaro kuti abve mubwiro, nokumumutsa kuvakafa, vakapupura. ¹⁸Saka vazhinji vakamuchingamidzawo, nokuti vakanga vanzwa, kuti akaita chiratidzo ichocho. ¹⁹Ipapo vaFarisi vakataurirana, vachiti, “Munoona henyu kuti hamugoni chinhu; tarirai, nyika yose yamutevera.”

12:12-19 Iyi ndiyowo tsanagudzo yaJohani yokugamuchirwa kwaJesu muJerusarema (Matei. 21:1-11; Mako. 11:1-11; Ruka. 19:29-38).

12:12 “vanhu vazhinji zhinji vakanga vauya kumutambo” Kwaiva nemazuva matatu emutambo akanga akatarirwa vanhurume vechiJudha (cf. Ekisodho. 23:14-17; Revhitiko. 23; Dhuteronomi. 16:160. Chido chikuru chevaJudha vaisagara muParastina chaiva chokuuya

kumutambo kuJerusarema. Panguva yemitambo iyi, guta reJerusarema raizara nevanhu vaiva nohuwandu hwaipeta hwegura iri hwemazuva ose rutatu kana rushanu. Mutsara uyu unoreva huwandu uhwu hwevafambi vechitendero avo vakanga vanzwa nezvaJesu uye vakanga voda kumuona (cf. 11:56).

12:13 “mashizha emichindwi” Iri izwi rechiGiriki risina kujairika rokureva mashizha emichindwi. Vamwe vanoti michindwi yaimbova mujinga megomo remiorivhi (kureva., Josephus⁰, vamwewo vachiti, miti iyi yakanga yabva kuJeriko. Inoita sokuti yaiva chiratidzo chokukunda kana kupembera (cf. Zvakazarurwa. 7:9). Yaishandiswa gore roga roga pamutambo wematumba (cf. Revhitiko. 23:4) pamwe nePasika (Tsika kubva panguva yaMaccabees).

▣ **“vakadanidzira”** Ichi ndicho chirevanguva chokureva zvakaitika chichimirira (1) zvairamba zvichiitwa munguva yakare (2) kutanga kwechiitiko munguva yakare.

▣ **“Hosana”** Izwi iri rinoreva kuti” ponesa zvino” kana “ponesai zvino” (cf. Mapisarema. 118:25-26). Panguva yePasika kudetembwa kweMapisarema e (Hillel) (Mapisarema. 113-118) kwaiitwa apo vanhu vainge vachifamba vakananga kutemberi. Mizhinji yemitsatra nezvaiitwa izvi zvaizokororwa gore roga roga panguva yemutambo wePasika. Asi pagore iri zvakawana chirevo chaicho munaJesu!Ruzhinji rwakazvionawo. vaFarisi vakazvionawo.

▣ **“ANOUYA MUZITA RAISHE”** Izvi ndizvo chaizvo zvakanga zvagara zvichirehwa naJesu. Ndiye akanga ari mutumwa!Aimirira Mwari ‘YHWH’.

▣

NASB “Mambo wavaIsiraeri”
NKJV, NRSV,
TEV, NJB “Mambo wavaIsiraeri”

Uyu mutsara wakanga usiri mumapisarema, asi wakawedzerwa noruzhinji. Unoita sokuti unoreva kwazvo kwazvo kuti Jesu ndiye Mesiasi akavimbiswa muna2Samueri. 7 (cf. 1:49; 19:19).

12:14 “mwana wembongoro” Mbongoro ndidzo dzaishandiswa neMadzimambo eIsiraeri (cf. 1Madzimambo. 1:33, 38, 44). Mambo chete ndiye aitasva mbongoro yake, nokudaro zvaive zvakakosha kuti Jesu atasve mbongoro yakanga isina kumbotasvwa (cf. Mako. 11:2).

12:14-15 “sezvazvakanyorwa” Aya mazwi akatorwa munaZekariya. 9:9. Mwana wembongoro anechirevo kwete choushe hweuMesiasi asi kuzvininipisawo. Jesu haana kuuya semurwi anotsvaka kukunda sezvakanga zvakatarisirwa navaJudha, asi semuranda anotambura akarehwa munaIsaya. 53, anouya agree pamusoro pemwana wembongoro.

12:16” vadzidzi vake Havana kunzwisisa izvozvi pakutanga” Uhwu ndihwo humwe huchapupu hweakaona zvaanonyora hunoitwa naJohani, hwendangariro dzokurwadziwa. Iri ndiro dingindira rinodzokororwa (cf. 2:22; 10:6; 16:18; Mako. 9:32; Ruka. 2:50; 9:45; 18:34). Meso avo akazoonza mushure mokukwira kwaJesu kudenga pamwe nezva rePendekositi.

▣ **“Jesu akati akudzwa vakazoyeuka”** Uhwu ndihwo hwaiva humwe hushumiri hweMweya mutsvene (cf. 14:26 ne2:22).

Izvi zvinoratidza kuti vanyori vevhangeri vakainyora maererano nezvavakanga vaona pakusangana kwavo naJesu akamuka kuvakafa. Vhangeri nharu dzokutanga dzinotanga kunyora nhorooondo yaJesu dzisinga buritsi zvokukudzwa kwake kusvika dzava pamanhengatenga, asi Johani anonyora vhangeri yake yose achitaura nezvaMesiasi akakudzwa. Vhangeri idzi dzinoratidza mirangariro nezvaidiwa pakutenda kwemigarisanwa yevarume vakatuswa ava. Naizvozvo, pane zvimiro zvenhorooondo zviviri (chaJesu nechevanyori vevhangeri), zvose zvakatuswa.

▣ **“akudzwa”** Tarira chinyorwa pa1:14.

12:17 Tarira nhaurwa inokosha:zvapupu zvaJesu pa1:8. verenga ruono rwevziri mugwaro, C.

12:19” vaFarisi vakataurirana vachiti” Uku ndiko kumwe kutaura kwechiporofita. Kune sungano ne (1) vaJudha, 11:48; 12:11 ne (2) vaHedheni, ndima. 20-23. Kunorevawo zvimiro zviviri zvenhorooondo:choupenyu hwaJesu pamwe nechekereke yokutanga.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :12:20-26

²⁰Zvino kwaiva navamwe vaGiriki pakati pavakanga vakwira kumutambo kundonamatako; ²¹Ivo vakauya kuna Firipi weBhetisaidha reGaririya, vakakumbira kwaari, vachiti, “Ishe, tinoda kuona Jesu.”²²Firipi akaenda, akandoudza Andireya; Andireya akaenda naFiripi vakandoudza Jesu. ²³Jesu akavapindura akati, “Nguva yasvika kuti Mwanakomana womunhu akudzwe. ²⁴Zvirokwazvo zvirokwazvo ndinoti kwamuri, kana tsanga yezviyo ikasa wira muvhu ikafa ichagara iri yoga; asi kana ikafa inobereka zvibereko zvizhinji. ²⁵Anoda upenyu hwake acharasikirwa nahwo; noanovenga upenyu hwake panyika ino, achahuchengeta kuupenyu husingaperi. ²⁶Kana munhu achindishumira, ngaanditevere; napandinenge ndiri, nomuranda wangu achavapo. kana munhu achindishumira, baba vachamukudza.

12:20” vamwe vaGiriki” Izvi zvaireva vaHedheni, kwete vaGiriki chaivo.

▣ **“pakati pavakanga vakwira kumutambo kundonamatako”** Chirevanguva chokudoma zvirikuitika ichi chinoreva kuti ava vanhu vaisigaroida kundonamata kumutambo. Vanogona kunge vakanga vari (1) vanhu vaitya Mwari kana (2) vatendi vakanga vachangotenduka pamusuo weguta. Vokutanga vakanga vari vaya vaigaronamata muSinagoge uye vepiri ndivo vaya vakanga vatendeukira kuchitendero chechiJudha.

12:21” vakakumbira kwaari” Chirevanguva chezvakitika (IMPERFECT TENSE) ichi chinoreva kuti (1) vakaramba vachikumbira kana (2) vakatanga kukumbira. Vaida kuona Jesu ivo mbune. Zviripachena kuti ichi ndicho chitiko chokupedzisira mumuronga wenguva yechiporofita, Jesu asati afa (cf. ndima. 23).

12:22 Firipi (mufariri wemabhiza) naAndireya (murume chaiye) ndivo vadzidzi vaviri vaiva nemazita echiGiriki. Pamwe izvi ndizvo zvakaita kuti vaGiriki ava (kureva., vaHedheni) vakwanise kutaura navo.

12:23” nguva yasvika” Ichi ndicho chievanguva chezvakaikita uye zvine zviwereko zviripo (PERFECT TENSE). Johani ainyanya kushandisa izwi rokuti” nguva” kureva kuroverwa nokumuka kvakafa sezviitiko zvevanhengatenga ebasa raJesu (cf. 12:27; 13:1, 32; 17:1). Jesu akati iye akanga auya kumakwai akarasika eSiraeri (Mateu. 15:24). Zvino shoko rake rakanga rosvika kuvaHedheni!

▣ **“Mwanakomana wemunhu”** Uyu ndiwo mutsara wechiAramaica unoreva kuti” munhu” (cf. Mapisarema. 8:4; Ezekieri. 2:1). Zvisinei, unoshandiswa munaDhanieri. 7:13 uine chirevo chokureva uMwari. Iri ndiro zita rokuzvinan’anura raJesu, iro rinobatanidza zvimiro zvake zvose zviriviri, kuva munhu nokuvaMwari (cf. 1Johani. 4:1-3).

▣ **“akudzwe”** Kufa kwaJesu kunosinzi ndiko “kukudzwa kwake.” Izwi rokuti” kukudzwa” rinoshandiswa kakawanda muchirevo chehcinyorwa chino (cf. ndima. 28[ruviri]; 32, ne33). Rinowanzo shandiswa kunan’anura kufa kwaJesu nokumuka kwake kuvakafa (cf. 13:1, 32; 17:1). Tarira chinyorwa pa1:14.

12:24” kana tsanga yezviyo ikasa wira muvhu ikafa” Uyu ndiwo mutauro unotsnagudza zvakadzama, kutsanagudza zvinhu semaonero omumurangariro. Tanga imwe inogona kubereka tsanga dzakawanda (cf. 15:2, 4, 5, 8, 16; 1vaKorinde. 15:36). Kufa kwake kwakaunza vazhinji kuupenyu hwechokwadi (cf. Mako. 10:45).

▣ **“kana”** Pane dungwerungwe remitsara ineshongedzo yokureva zvinogona kuitika (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCES) (cf. ndima. 24, 26, 32, 47).

12:25” anoda upenyu hwake acharasikirwa nahwo” Iri idambe rakaitwa nezwi rechiGiriki rokuti *psyche*, iro rinoreva samba rinoraramisa munhu (cf. Mateu. 10:39; 16:24-25; Mako. 8:34-35; Ruka. 9:23-24). Kana munhu akavimba naKristu, anobva apiwa hupenyu nhutsva. Hupenyu uhwu ndicho chipo chinobva kunaMwari choushumiri, kwete chokuti apiwa aite zvaanoda nacho. Vatendi ndivo vakachengeteswa hupenyu hutsva uhwu. Takasunungurwa kubva muzvivi kuti tive varanda vaMwari (cf. vaRoma. 6:1-7:6).

Vafudzi venhema vanorehwa muchikamu. 10 vakaedza “kuchengetedza” hupenyu hwavo nokutiza. Asi Jesu anorashira hupenyu hwake, ndizvowo zvinofanira kuitwa navatendi (2vaKorinde. 5:12-15; vaGaratiya. 2:20).

▣ **“acharasikirwa nahwo”** Uyu mutsara unodoma zvirikuitwa (PRESENT ACTIVE INDICATIVE). Izwi iri rinoreva kuti” kuparadza, “iri ndiro rimwewo izwi rine zviwevo zviriviri. Izvi ndizvo zvinopikisana “noupenyu husingaperi.” Kana munhu akasatenda munaKristu, izvi ndizvo chete zvaanowana. Kuparadzwa uku hakusi kwepanyama, asi kwokurakirwa noukama hwepauzima naMwari (uko kunoreva kuenda kugehena).

▣ **“anovenga”** Iyi itsumo yechiHebheru inoreva kuenzanisa. Mwari ndiye anofanira kuva pamusoro pavose (cf. vakadzi vaJakobho, Genesi. 29:30, 31; Dhuteronomi. 21:15; Esau naJakobho, Maraki. 1:2-3; vaRoma. 10-13; mhuri yemunhu. Ruka. 14:26).

▣ **“hupenyu”** Iri ndiro izwi rechiGiriki rokuti *zoe*. Rinoshandiswa chaizvo muvhangeri yaJohani kureva (1) hupenyu hwepamweya; (2) hupenyu nokusingaperi; (3) hupenyu hwenguva itsva; ne (4) hupenyu hwokumuka kuvakafa. Hupenyu chaihwo ndehwekusunguka kubva mukuzvidzvanyirira, kunova ndiko kutadza.

12:26” kana” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuitika (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE).

▣ **“Ngaanditevere”** Izvi zvinoreva zvirikudokwairirwa kuti zviitike (PRESENT ACTIVE IMPERATIVE) izvo zvinodoma hukama hemandiriri hune ziendamberi (cf. Johani. 15). Iyi ndiyo nyaya yemubhaibheri iyo isingataurwe nevazhinji yokutsungirira (Tarira nhaurwa inokosha:kudiwa kwokutsungirira pa8:31). Nyaya iyi inowanzo vhiringidzwa nokuvapo kwemakakatanwa edzidziso youMwari ari pakati paMwari anotonga nemazvokuda evanhu. Zvisinei, zvinokosha kuti tione ruponeso sechinhu chinouya muupenyu hwechisungo. Mwari ndiye anosiparura (cf. 6:44, 65) nokudoma zvokuita, asi anoda kuti vanhu vadavire kupfupiro yake nokutendeuka nokutenda (cf. Mako. 1:15; Mabasa. 20:21), zvose serutemo rwokutanga pamwe noupenyu hwoudzidzi. Kutsungirira ndihwo hmboo hwokureva kuti tinomuziva (cf. Mateu. 10:22; 13:20-21; vaGaratiya. 6:9; 1Johani. 2:19; Zvakazarurwa. 2:7, 11, 17, 26; 3:5, 12, 21).

Dzidziso yechiKristu, sezvo iri yebhaibheri, inowanzova iine gangaidzo rine hunyambiri hwemakakatanwa. Zvinyorwa zvokumabvazuva zvakarukwa nemutauro wemadimikira, wemunyereketete wemafungiro anokakavadzaniswa. Kazhinji vaverengi vekumadokero vanotoromodza mutauro wegangaidzo uyu vachiuita kuti uve sarudzo iwo uchifanira kureva zvose/nezvokwadi.

Kuitira kuti ndtsindikidze zvandataura, ndaisa chikamu chedzidziso yangu pamusoro pokupirikirwa kwebhaibheri, inonzi gangaidzo dzebhaibheri:

“gangaidzo dzebhaibheri

1. Ruono ndirwo rwakandibatsira ini ndimene semunhu anoda nokuvimba kuti bhaibheri ndiro shoko raMwari. Pakuedza kutora bhaibheri nemwoyo wose zvakava pachena kuti zvinyorwa zvakasiyana zvemubhaibheri zvinoburitsa chokwadi nenzira yokusengudza, kwete nenzira dzokuisa chokwadi mumuringa. Chinyorwa chakatuswa chimwe hachinga putsi kana kuderedza chimwewo chakatuswa!chokwadi chinouya nokuziva rugwaro rwose (rugwaro rwose kwete zvikamuzvarwo, ndirwo rwakatuswa, cf. 2Timoti. 3:16-17), kwete kutora muvaravara mumwechete!
2. Zvokwadi zhinji yemubhaibheri (zvinyorwa zvokumabvazuva) zvinoturwa nenzira yokukakavadziswa nounyambiri hwemitsara (rangerira kuti vanyori vetestamende itsva, kunze kwaRuka, vaiva vadzamisira vendangariro vechiHebheri vainyora nerurimi rwechiGiriki). Zvinyorwa zvouchenjeri pamwe nezvemadetembedzo zvinoburitsa chokwadi nenzira yemitsara inofambirana. kufambirana kwechibhende uku kunoita segangaidzo. Musanganiswa wekufambirana uyu unoita semivaravara inofambirana. Zvakadaro zvose ndezvechokwadi!Makangaidzo aya anovdambudzo kunzira dzedu dzatakajaira dzokunzwisisa!
 - a. Kufanoronga kare maringe nemazvokuda evanhu
 - b. Kudzimirirwa kwemutendi maringe nokudiwa kwokutsungirira

- c. Chivi chemabviro maringe nechivi chemazvokuda
- d. Jesu saMwari maringe naJesu semunhu
- e. Jesu achienzana nababa maringe naJesu anozvininpisira kunababa
- f. Bhaibheri seshoko raMwari maringe nokunyora kwevanhu
- g. Kusavanezvivi (kururama, cf. vaRoma. 6) maringe nokuita zvivi zvisihoma
- h. Kururamiswa kwekutanga nokitwa mutsvene maringe neziendamberi rokuitwa mutsvene
- i. Kururamiswa nokutenda (vaRoma. 4) maringe nokururamiswa nemabasa (cf. Jakobho. 2:14-26)
- j. Kusununguka kwechiKristu (cf. vaRoma. 14:1-23; 1vaKorinde. 8:1-13; 10:23-33) maringe nebasa rinofanira kuitwa nevaKristu (cf. vaGaratiya. 5:16-21; vaEfeso. 4:1)
- k. Kusava nomuganhu kwaMwari maringe nokuvamunazvose kwake
- l. Mwari asingakwanise kuzivikanwa zvakakwana maringe nokuzivikanwa kwake murugwaro nemunaKristu
- m. Madimikira aPauro okureva ruponeso
 - 1) Kuiswa muukama hutsva
 - 2) Kuitwa mutsvene
 - 3) Kururamiswa
 - 4) Rudzikinuro
 - 5) Kukudzwa
 - 6) Kufanoronga kare
 - 7) Kuyanana
- n. Kuvapo kwoushe hwaMwari maringe nokumunyungirwa muneramangwana
- o. Kutenduka sechipo chaMwari maringe nokutendeuka serudaviro rwunodiwa kuitira ruponeso (cf. Mako. 1:15; Mabasa. 20:21)
- p. Testamende yekare haiperi maringe nokuti testamende yekare yakapfuura uye haichashandi (cf. Mateu. 5:17-19 maringe na5:21-48; vaRoma. 7 maringe navaGaratiya. 3)
- q. Vatendi ndivo varanda/nhapwa kana vana/vadyi venhaka”

▣ **“napandinenge ndiri nomuranda wangu uchavapo”** Dingindira iri rinodzokororwa muzvikamu. 14:3; 17:24; 2vaKorinde. 5:8; vaFiripi. 1:23; 1vaTesaronika. 4:17! ChiKristu hgunongori hukama hwepauzoma naMwari! vavariro ndeyeukama: kuvapo kwake, ruwadzano rwake!

Takasikirwa kuwadzana naMwari (cf. Genesi. 1:26-27). Ruponeso ndiko kudzoreredzwa kwruwadzano rwakaparadzwa mubindu reIdheni. Joahani anokumikidza kuti ruwadzano urwo ruwadzorerredzwa zvino!

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :12:27-36a

²⁷” Zvino mweya wangu unomanikidzwa; ndichatiiko? Baba ndiponesei panguva ino. Asi ndizvo zvandauyira panguva ino. ²⁸Baba kudzai zita renyu.” Ipapo izwi rakauya richibva kudenga, richiti, “Ndatorikudza, ndicharikudzazve.” ²⁹Zvino vanhu vazhinji, vakanga vamirepo, vachizvinzwa, vakati, “kwatinhira.” Vamwe vakati, “Mutumwa ataura naye.” ³⁰Jesu akapindura akati, “Izwi iri harina kuuya nokuda kwangu asi nokuda kwenyu. ³¹Zvino kutongwa kwenyika ino kwavapo, zvino muchinda wenyika

ino achadzingwa. ³²Neni, kana ndasimudzwa panyika, ndichakwevera vose kwandiri.”³³Wakareva izvozvi, achiratidza kufa, kwaizofa nako.

³⁴Zvino vanhu vazhinji vakamupindura, vakati, “Isu takanzwa pamurayiro kuti Kristu uchagara nokusingaperi; zvino moreva Seiko imi, kuti Mwanakomana womunhu anofanira kusimudzwa?Uyu Mwanakomana womunhu ndianiko?”

³⁵Ipapo Jesu akati kwavari, “chiedza chichipo pakati penyu chinguva chiduku. Fambai muchine chiedza, kuti murege kukundwa nerima; anofamba murima haazivi kwaanoenda.

³⁶” Muchine chiedza, tendai kuchiedza, mugoitwa vana vechiedza

12:27” mweya unomanikidzwa” Uyu mutsara uneshongedzo yokureva kuitirwa (PERFECT PASSIVE INDICATIVE). Muiti (Baba, Satani, mampiriro ezvinhu, nezvimwewo) jhaana kurehwa. Iri ndiro izwi rakadzama iro rinoshandiswa nenzira dzakawanda mutestamende itsva.

- a. Kutya kwaHerodhi (Mateu. 2:3)
- b. Kutya kwevadzidzi (Mateu. 14:26)
- c. Kusagadzikana kwaJesu (Johani. 12:27; 13:21; onawozve Mateu. 26:38; Mako. 14:34)
- d. Kereke yemuJe4rusarema (Mabasa. 15:24)
- e. Kukanganiswa kwekereke dzokuvaGaratiya nevadzidzisi venhema (vaGaratiya. 1:7)

Iyi ndiyo yaiva nzira yaJohani yokupa sungano pakutambura kwaJesu panyama nokushungurudzika kwekuroverwa kwake (Mako. 14:32ff). Johani haanyori nezvekutambura kwa Jesu muGetsemani, asi iyi ndiyo nguva imwecheteyo.

▣ **“ndiponesei panguva ino”** Pane nhaurwa huru kwazvo pamusoro pechirevo chaicho chemutsara uyu. Ungava munyengetero here uyu (kureva., Mateu. 26:39) ?kuti kungava kuchechuka kune zvaisafanira kuitika here (Bhaibheri re NET) ?

▣ **“Ndizvo zvandauyira panguva ino”** Hupenyu hwaJesu hwaiitika maringe nourongwa hwaMwari (cf. Ruka. 22:22; Mabasa. 2:23; 3:18; 4:28) Jesu aizvinzwisisa zvikuru izvozvo (cf. Mateu. 20:28; Mako. 10:45).

12:28 “kudzai zita renyu” Baba vanopindura mundima. 28b. Izwi ir rokuti “kudzai” rinogona kureva zvakawanda. Rinogona kureva

1. Rukudzo rwakavapo kare (cf. 17:5)
2. Kuratidzwa kwababa naJesu (cf. 17:4)
3. Kuroverwa nokumuka kwaJesu (cf. 17:1)

Tarira chinyorwa pa1:14.

▣ **“izwi rakauya richibva kudenga”** vaRabhi izvi vaizvidana kuti *bath-kol*. kubva panguva yaMaraki pakanga pasina kunge pambova neinzwi rechiporofita muIsiraeri. Kana kuda kwaMwari kwaizosimbiswa, zvaitoitwa nezwi rinobva kudenga. Vhangeri dzinonyora kuti Mwari akataura rutatu munguva youpenyu hwaJesu.

1. Pakubhabhatidzwa kwaJesu, Mateu. 3:17
2. Pakubwinya kwake pagomo, Mateu. 17:5
3. Pano pandima ino

12:29 “zvino vanhu vakanga vamirepo vachizvinzwa vakati” Pane mhirikiro mbiri dzezvakaitika. (1) raiva bhanan’ana. Iro rakashandiswa kureva kutaura kwaMwari mutestamende yekare (cf. 2Samueri. 22:14; Jobho. 37:4; Mapisarema. 29:3; 18:13; 104:7) kana kuti (2) ngirozi yakataura naye. Izvi zvinofanana nokuvhiringika kwaSauro munaMabasa9:7; 22:9.

12:30 “Jesu akapindura akati, ’izwi iri harina kuuya nokuda kwangu, asi nokuda kwenyu” Mutsara uyu muenzaniso wendimi dzakare. Izvi zvinoreva kuti izwi rakanga risina kuvinga ivo voga asi rakavinga navowo (cf.. 11:42).

12:31 “zvino kutongwa kwenyika ino kwavapo” Uyu mutsara wakaumbwa zvinofambirana nemutsara unotevera wokuti (“muchinda wenyika ino achadzingwa”). Nguva yokuti izvi zvaizoitika riini haina kurehwa (Tarira nhaurwa inokosha inotevera).

Ndinobvumirana navaF. F. Bruce, mugwaro ravo rinonzi, mhinduro dzemibvunzo” *Answers to Questions*” (p. 198), kuti mundima. 31 ndiyo mumwe wemienzaniso inodanwa navaC. H. Dodd kuti” magumo akatoitika.”Nokuti, Johani atounza kare ruponeso kuvatendi pamwe nokutongwa kunavasinatendi. Neimwe nzira izvi zvinofanana nezvivakamutauro zvinodanwa kuti” CHIPOROFITA CHEZVAKAITIKA UYE ZVIINE ZVIBEREKO ZVIRIPO[PROPHETIC PERFECT].”Chinhu chemuneramangwana ndechekokwadi zvokuti chinotaurwa sokuti chirikutoitika!

▣ **“muchinda wenyika ino”** Izvi zvinoreva simba rakaipa (cf. 14:30; 16:11) iro rinozivikanwa muchiHebheru kuti” Satani” kana kuti “Muvengi” (cf. Jobho. 1-2) kana muchiGiriki sokuti” Dhiabhoru” kana kuti” murevi wenhema” (cf. Mateu. 4:1, 5, 8, 11; 13:39; 25:41; Johani. 6:70; 8:8:44; 13:2; 2vaKorinde. 4:4; vaEfeso. 2:2). Mazita maviri aya anofanana muvhangeri yaMateu. 4:1-11 naJohani. 13:2, 27. Anodzingwa kudenga kuti asarambe achipomera nokurevera nhema vateveri vaJesu.

NHAURWA INOKOSHA:KUIPA KWEPAUZIMA

Iyi inyaya yakaoma nokuda kwezvakawanda.

1. Testamende yekare haitaure nezvemuvengi anovenga zvakanaka, asi nezve muranda waMwari anopa imwe nzira uye anopomera vanhu mhosva yokusarurama (A. B. Davidson, mugwaro ravo rinonzi, dzidziso youMwari yetestamende yekare” *Old Testament Theology*, pp. 300-306).
2. Nyaya yokuvapo kwomuvengi waMwari yakatanga muzvinyorwa zviru mumukaha wenguva iri pakati petestamende yekare neitsva, muchitendero chekuPesia (*Zoroastrianism*). Izvi, zvakazobatawo zvokuru mudzidziso yeveRabhi vechiJudha.
3. Testamend itsva inovandudza madingindira etestamende yekare zvakajeka, asi mumironga yakasarudzwa.

Kana ukabata nyaya dzidzo youipi kubv kumaonero edzidziso youMwari yebhaibheri (bhuku roga roga kana munyori oga oga kana manyorero oga oga aunenge wadzidza pamwe nokudonongodzwa zvakasiyana) unoona kuburitswa pachena kwemaonero akasiyana siyana pamusoro pouipi.

Zvisinei, kana ukadzidza nezvouipi nenzira isina chokuita nebhaibheri kana yezvimwewo zvinyorwa zvisiri zvebhaibheri, mabatiro evitendero zvokumabvazuva; zvizhinji zviru mutestamende itsva zvinobva zvatevera manyorero evzomweya ounyambiri okuPesia nematunhu evaRoma pamwe nevaGiriki.

Kana wagara uchitenda zvakazara kumasimba erugwaro, kuvandudzwa kwetestamende itsva unokuona seziendamberi rezaruro. VaKristu vanofanira kungwarira kuti vasarege ngano dzevaJudha nezvinyorwa zvevarungu (kureva., Dante, Milton) dzichiva idzo dzinoshandiswa kujekesa maonero. Ichokwadi kuti pane zvakananzika pamwe nokureva zvakanwanda kwemazwi panyaya yezaruro iyi. Mwari akasarudza kusaburitsa zvose zvinechokuita nouipi, mabviro ahwo, chinangwa chahwo, asi akaburitsa kukundwa kwahwo!

MuTestamende yekare, izwi rokuti Satani (BDB 966) kana kuti mupomeri rinoita sokuti rinehochekeche nemapoka matatu.

1. Vanhu vanopomera (1Samueri. 29:4; 2Samueri. 19:22; 1Madzimambo. 11:14, 23, 25; Mapisarema. 109:6)
2. Ngirozi dzinopomera (Numeri. 22:22-23; Zekariya. 3:1)
3. Madhimoni anopomera (1Makoronike. 21:1; 1Madzimambo. 22:21; Zekariya. 13:2)

Pakazoti pava paya munguva iri pakati petestamende yekare neitsva, ndipo pakazodudzwa kuti nyoka yemunaGenesi. 3 ndiye Satani (cf. magwaro oungwaru. 2:23-24; 2Enoki. 31:3), chero pava paya sanangudzo iyi inoshandiswawo navaRabhi (cf. *sot.* 9b na*Sanh.* 29a). Mutsara 'wokuti' vanakomana vaMwari "womunaGenesi. 6 unobva wareva ngirozi dzerima munaEnoki. 54:6. Ngirozi idzi ndidzo dzinotsanangurwa semabviro ouipi mudzidziso yezvouMwari yavaRabhi. Izvi ndazviture kwete kuti ndiratidze kusava nemhosho kwazvo, asi kuti ndiratidze mabviro nevandudzo yazvo. Mutestamende itsva zviitiko izvi zvinoiswa musungano nouipi hwengirozi (kureva., Satani) muna2vaKorinde. 11:3; Zvakazarurwa. 12:9.

Mabviro ouipi hwomene akaoma kana kuti anonetsa (marererano nemaonero ako) kudoma mutestamende yekare. Chimwe chikonzero cheizvi ndechekunamata Mwari mumwechete kwaitwa navaSiraeri (cf. 1Madzimambo. 22:20-22; Muparidzi. 7:14; Isaya. 45:7; Amosi. 3:6). Matambudziko ose ainzi aitwa naMwari kuti aratidze kuvamumwe kwake (cf. Isaya. 43:11; 44:6, 8, 24; 45:5-6, 14, 18, 21, 22).

Magwaro anogona kubatsira ndeanoti (1) Jobho. 1-2, umo Satani anenge ari mumwe we" vanakomana vaMwari" (kureva., ngirozi) kana (2) Isaya. 14; Ezekieri. 28, apo Madzimambo aizvikudza ekumatunhu kwakadziva kumabvazuva (Bhabhironi neTire) anoshandiswa kuratidza kuzvikudza kwaSatani (cf. 1Timoti. 3:6). Ndinonzwa zvakananasiyana nemaonero aya. Ezekieri anoshandisa dimikira rebind reidheni kureva kwete mambo weTire chete saSatani (cf. Ezekieri. 28:12-16), asi kurevawo mambo weJipita semuti wekuziva zvakanaka nezvakaipa (Ezekieri. 31). Zvisinei, Isaya. 14 kunyanya ndima. 12-14 dzinoita sokuti dzinotaura nevzekupanduka kwengirozi nokuda kwekuzvikudza. Kana Mwari akanga achida kutiudza nezvemabviro aSatani, iyi tsanangudzo haina kujeka. Tinofanira kungwarira maitiro ezvidzidzo zvouMwari okutora nhengo pfupi dzemitsara yakasiyana, vanyori magwaropamwe nenzira dzemanyorero dzisingarevi chinhu chimwechete; todzibatandiza sembadzi dzechirevochegahadziko rimwechete rouMwari.

vaAlfred Edersheim mugwaro ravo rinonzi, (hupenyu nenguva dzaJesu Mesiasi" *The Life and Times of Jesus the Messiah*, vol. 2, horokodzwa yokupeta gwaro XIII, pp. 748-763] neXVI[pp. 770-776]) vanoti dzidziso yechiJudha chevaRabhi yakanyanya kubatwa nedzidziso younyambiri hwekuPesia nekureva zvikuru pamusoro pemadhimoni. vaRabhi havangave neruzivo rwechokwadi pamusoro penyaya iyi. Jesu anosiyana zvikuru nedzidziso yemuSinagoge. Ndinofunga kuti hurevereri nokupikisa kwengirozi pakupiwa kwomurayiro kunaMosesi pagomo reSinai, ndiko kwakatanga nyaya yokuvapo kwengirozi inopikisana naMwari 'YHWH' pamwe navanhu. Pane vamwari vakuru vaviri vounyambiri hwekuPesia (Zoroastrianism), *Ahkiman* na*Ormaza*, akaipa noakanaka. Hinyambiri uhwu hwakavawo dzidziso apo neapo yevaJudha

yokureva Mwari'YHWH' naSatani.

Ichokwadi kuti mutestamende itsva mune ziendamberi reratidzo maringe nokuburitswa kwouipi, asi kwete sokutsindikidzwa kwazvinoitwa navaRabhi. Muenzaniso wakanaka wemusiyano uyu ndewe” hondo kudenga.”Kuwa kwaSatani inhourwa inodiwa chaizvo, asi hapana kupiwa tsanangudzo yakaperera. Chero izvo zvakapiwa zvacho zviru muchimiro chezvinyorwa zvokureva kuparara (cf. Zvakazarurwa. 12:4, 7, 12-13). Nyangwe Satani akakundwa akadzingirwa panyika, achiri kungoshanda semuranda waMwari'YHWH' (cf. Mateu. 4:1; Ruka. 22:31-32; 1vaKorinde. 5:5; 1Timoti. 1:20).

Tinofanira kudzora hudokwadokwa hwedu panyaya iyi. Pane samba repauzima rokuedzwa nouipi, asi pachiina Mwari mumwechete uye vanhu vachiine murandu wesarudzo dzavo. Pane hondo yepamweya zvose usati waponiswa nokunge waponiswa. Kukunda kunongovapo chete muna uye nokuburikidza naMwari vatatu mumwe. Huipi hwakakundwa uye huchabviswa!

▣ **“achadzingwa”** Uyu mutsara unechirevo chokureva kuitirwa muneramangwana (FUTURE PASSIVE INDICATIVE). Rugwaro harudomi nguva chaiyo yokudzingwa kwaSatani kudenga. Satani anotaurwa nezvake neimwewo nzira munalsaya. 14 naEzekieri. 28. Mivaravara yechiporofita inotaura nezvemadzimambo aizvikudza eBhabhironi neTire. Kuzvikudza kwoutadzi kwavo kwaiva chiratidzo chokuzvikudza kwaSatani (cf. Isaya. 14:12, 15; Ezekieri. 28:16). Zvisinei, Jesu anoti akaona Satani achiwa parwendo rwoutumwa rwevana makumi manomwe (cf. Ruka. 10:18)

Pane kutaurwa pamusoro paSatani mutestamende yakare yose. Pakutanga aivawo ngirozi yaMwari, asi nokuda kwekuzvikudza, akava muvengi waMwari. Nhourwa`yakanaka iri pamusoro penyaya iyi iri mugwaro ravaA. B. Davidson rinonzi, dzidziso yezvouMwari yetestamende yekare” *Old Testament Theology*, pp. 300-306.

NHAURWA INOKOSHA :HONDO KUDENGA (zvaktorwa kubva mutsoropodzo yangu pamusoro peratidzo)

Pane nhourwa huru kwazvo pamusoro penguva yakaitika hondo iyi. Jesu anoita sokuti anotaura nyaya iyi munaRuka. 10:18 naJohani. 12:31. Asi kuedza kuisa muronga wenguva kunyaya iyi kwakaoma zvikuru.

1. Kusati kwavanaGenesi. 1:1 (kusika kusati kwaitwa)
2. Pakati paGenesi. 1:1 naGenesi1:2 (tsanagudzo yomuhanwa)
3. Mutestamende yekare mushure maJobho. 1-2 (Satani ari kudenga)
4. Mutestamende yekare mushure ma1Madzimambo. 22:21 (Satani ari padare rokudenga)
5. Mutestamende yekare mushure maZekariya. 3 (Satani arikudenga)
6. Mutestamende yekare semunalsaya. 14:12; Ezekieri. 28:15 na2Enoki. 29:4-5 (kutukwa kweMadzimambo ekumabvazuva)
7. Mutestamende itsva mushure mokuedzwa kwaJesu (cf. Mateu. 4)
8. Mutestamende itsva parwendo rweutumwa rwevane makumi manomwe (akaona Satani achiwa kubva kudenga, cf. Ruka. 10:18)
9. Mutestamende itsva mushure mokugamuchirwa kwaJesu muJerusarema (muchinda wenyika ino akadzingwa, cf. Johani. 12:31)
10. Mutestamende itsva mushure mokumuka nokukwira kudenga kwaJesu (cf. vaEfeso. 4:8; vaKorose. 2:15)

11. Panguva yokupedzisira (cf. Zvakazarurwa. 12:7, sokuti Satani akatsvaga mwana kudenga)

Tinongofanira kuzviona sehondo irirpo nokusingaperi pakati paMwari naSatani; hondo iyi ichamunyangidzwa nokukundwa kwenyoka nevateveri vayo. MunaZvakazarurwa. 20 vanodzingwa nokuiswa kwavo voga!

12:32” neni, kana ndasimudzwa” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuitika. Izwi iri rinogona kureva

1. Kusimudzwa (cf. 3:14)
2. Kuroverwa (cf. 8:28)
3. Kukudzwa (cf. Mabasa. 2:33; 5:31)
4. Kukudzwa zvokwadi (cf. vaFiripi. 2:9)

Ihwo huwandu hwezirevo uhwu ndihwo hunowanikwa muvhangeri yaJohani.

☐ **“ndichakwevera vose kwandiri”** Izvi zvinogona kufambirana nevimbiso yaMwari’YHWH’ yerudo kuIsiraeri munaJeremiya. 31:3 inova ndiyo muvaravara uri pamusoro pe” chisungo chitsva” (cf. Jeremiya. 31:31-34). Mwari anokwezva vanhu nezviito nerudo rwake kwavari. Chibhende chimwechetecho ndicho chiri munaJohani. 6:44 uye chinotsanangudzwa mu6:65.

Pano izwi rokuti” vose” rinoreva kukokwa pamwe nevimbiso yokudzikinurwakwepasi rose (cf. Genesi. 3:15; 12:3; Ekisodho. 19:5; Isaya. 2:2-4; Johani. 1:9, 12, 29; 3:16; 4:42; 10:16; 1Timoti. 2:4; 4:10; Tito. 2:11; 2Petirosi. 3:9; 1Johani. 2:2; 4:14) !

Pane musiyano mukuru pamutsara uyu. Izwi rokuti” vose” rinogona kuva muchimiro chechirume (MASCULINE), ipapo rinobva rashandurudzwa richinzi “varume vose” uye rinowanikwa muchinyorwa chechiGiriki chakare che P⁷⁵ (VID), N², B, L, na W, ukuwo iri risina kwarakarerekera (NEUTER), iro rinoshandurudzwa richinzi” zvinhu zvose, “rinowanikwa muchinyorwa chechiGiriki chakare cheP⁶⁶naN. Kana riri muchimiro chokusava nerekarakarerekera (NEUTER) rinotaura nezvekudzikinura pasi rose kunoitwa naKristu kunofanana nokunorehwa munavaKorose1:16-17, Izvo zvinobva zvaburitsa manyepo evaya vaisanganisa vhangeri nemafungiro avo ayo anoonekwa zvikuru muvhangeri yaJohani. Gwaro reUBS⁴rinopa kuvapo kwechirevo chehchimiro chechirume chipimo chepiri” B” (kureva pedo nechokwadi).

12:33 “wakareva izvozvi achiratidza kufa, kwaizofa nako” Iyi ndiyo imwe wedzero yakaitwa naJohani. Izvi zvinesungano naDhuteronomi. 21:23 umo kuroverwa pamuti kwainzi” kutukwa naMwari.”Izvi ndizvo zvaiita kuti vatungamiri vechitendero vaida kuti Jesu aroverwe, kwete kutakwa namabwe. Jesu ndiye akati takurira chituko chomurayiro (cf. vaGaratiya. 3:13).

12:34 “vazhinji vakamupindura vakati, isu takanzwa pamurayiro kuti Kristu uchagara nokusingaperi” Urwu runogona kuva rutsigiro rwaMapisarema. 89:4, 29, 35-37. Testamende yekare yaitarisira kuuya kamwe kwaMesiasi pamwe nokuzodzika kwake hutongo hwerugare hwenyika yose muParastina (cf. Mapisarema. 110:4; Isaya. 9:7; Ezekieri. 37:25 naDhanieri. 7:14). kuziva zvakawanda nezwi rokuti” zvachose” tarira nhaurwa inokosha pa6:58.

☐ **“Mwanakomana wemunhu”** Ruzhinji (tarira ruono rwezviri mugwaro, C) runofanira kunge rwakanga rwanzw Jesu achidzidzisa/kuparidza (pamwe mundima. 23-24 zvezita uye nendima.

30-32 zveizwi rechiito rokuti” kusimudzwa”) Nokuti ruzhinji runoshandisa zita rake rokuzvinan’anura. Apa ndipo chete parakashandiswa nevamwe vanhu. Rakangarisiri zita rinoreva chinhu kana nan’anuro youMesiasi kuvaJudha.

12:35 “fambai machine chiedza” Jesu arikukurudzira avo vaimunzwa kuti vadavire nokuchimbizika kumashoko ake. Nguva yake panyika yaiva duku. Akanga opinda muvhiki rake rokupedzisira ari panyika. Nguva yake yakarongwa kare yakanga yasvika (ndima. 23).

Neimwe nzira, mutsara uyu (zvikuru munaJohani) unechirevo chenhoroondo pamwe nechokuvapo kare. Zvakataurwa naJesu ndevzechokwadi kumunhu wose anonzwa vhangeri (kureva., muenzaniso wevhu).

Uku ndiko kushandiswa nechibhinde kwezwi rokuti” famba” richireva mararamiro (cf. vaEfeso. 4:1, 17; 5:2, 15). Uyu mutsara unechirevo chokureva zvirikudokwairirwa kuti zviitike (PRESENT ACTIVE IMPERATIVE), Icho chinoendesera mberi kumikidzo yaJesu pamusoro pokutenda sehukama noudzidzi, rutemo rwokutanga chete (cf. ndima. 44-46).

12:36 Iri dingindira rokureva Jesu sechiedza cheniyika raiva dzokororo yekumikidzo inokosha muvhangeri yaJohani (crf. 1:4, 5, 7, 8, 9; 3:19, 20, 21; 5:35; 8:12; 9:5; 11:9, 10; 12:35, 36, 46). Rima nechiedza zvaivawo zvokwadi nezvinopikisana muzvinyorwa zveungwaru hwechiJudha pamwe nemuzvinyorwa zveDead Sea.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :12:36b-43

^{36b}Jesu akareva izvozvi akabva azvivanza kwavari. ³⁷Zvino kunyange akanga aita zviratidzo zvizhinji zvakadaro pamberi pavo, Havana kutenda kwaari; ³⁸kuti shoko romuporofita Isaya riitike, raakareva achiti,

“Ishe, ndianiko akatenda chavakanzwa kwatiri?

Noruoko rwaIshe rwakaraidzwa kuna aniko?”

³⁹Saka vakanga vasingagoni kutenda, nokuti Isaya akatizve,

⁴⁰” Akapofumadza meso avo, akaomesa meso yavo; kuti varege kuona nameso avo, nokunzwisisa nemwoyo yavo, vadzoke ndivaporesa.”⁴¹Isaya akareva izvozvi, nokuti akaona kubwinya kwake; akamureva iye. ⁴²Asi kunyange zvakadaro vazhinji vavabati vakatenda kwaari; asi vakanga vasinga mureururi nokuda kwavaFarisi, kuti varege kubudiswa muSinagoge; ⁴³nokuti vakanga vachida kukudzwa navanhu kupfuura kukudzwa naMwari.

12:37 Iyi inguva inotsamwisa zvikuru. Kuva noupofu paMweya kwakanyanya kuipa (cf. 2vaKorinde. 4:4). Ndima iyi inechirevo chechivi chisingaregererwi (tarira nhaurwa inokosha pa5:21).

12:38” shoko romuporofita Isaya” Izvizvakatorwa mumuvaravara unotaura nezvemuranda anotambudzika munaIsaya. 53:1.

12:39-40 Idzi ndidzo ndima dzakaoma. ko Mwari anoomesa mwoyo yevanhu kuti vasava norudaviro here?Ndaisawo maonero angu kubva munaIsaya. 6:9-10 pamwe navaRoma. 11:7 (tarira [www. freebiblecommentary. org](http://www.freebiblecommentary.org)).

Isaya. 6:9-10 Apo Mwari anoratidza chinangwa chake kuushumiri hwaIsaya, Anoratidzawo kunaIsaya rudaviro ruchavapo kushoko rake kurudzi rwaJudha.

1. Enda, ndima. 9, BDB 229, KB, 'Qal' Kudokwairira
2. Udza, ndima. 9, BDB 55, KB, 'Qal' zvakaitika zvine zvibereko zviripo
3. Ramba uchiteerera, ndima. 9, 'Qal' kudokwairira pamwe na'Qal' asina zvaanodoma weBDB 1033, KB 1570
4. Asi musanzwisisa, ndima. 9, BDB 106, KB 122, 'Qal' akashandiswa nenzira yokureva zvaiddiwa kuti zviitwe, cf. 1:3; 5:21; 10:13; 29:14
5. Rambai henyu muchiona, 'Qal' wokureva zvaiddokwairirwa pamwe neasina zvaanodoma weBDB 906, KB1157
6. Asi musanzwisisa, ndima. 9, BDB 393, KB 380, 'Qal' akashandiswa nenzira yokureva zvaiddiwa kuti zviitwe
7. Kodzai mwoyo yavanhu ava (kureva kwazvo kwazvo."kukora"), ndima. 10, BDB 1031, KB 1566, *Hiphil* muchimiro chokudokwairira
8. Remedzai nzeve dzavo, ndima. 10, BDB 457, KB 455, *Hiphil* muchimiro chokudokwairira
9. Tsinzinsai meso avo, ndima. 10, BDB 1044, KB 1612, *Hiphil* muchimiro chokudokwairira

Zvimiro zvokudokwairira zvinoteverwa nezvinozoitika (zvirevo zvezvakaitika zvemazwi okureva chiito akamboshandiswa kumashure, okuti" ona, ""inzwa, "nokuti" nzwisisa"). Mwari anoziva (nokufanoziva kwake kana nokuomesa kwaanoita mwoyo/pfungwa dzavo idzo dzagara dzkarasika) kuti vasava norudaviro uye varege kuponeswa.

1. Vangazo tendeuka, BDB 996, KB 1427, 'Qal' chimiro chokureva zvakatsiudzwa
2. Kutu varege kuporeswa, BDB 950, KB 1272, 'Qal' kureva zvakatsiudzwa

Isaya achaparidza nyangwe vamwe vachadavira, ruzhinji rwevanhu harudaviri (cf. vaRoma. 1:24, 26, 28; vaEfeso. 4:19) kana kuti havagoni kudavira (cf. Isaya. 29:9, 10; Dhuteronomi. 29:4; Mateu. 13:13; vaRoma. 11:8) !Isaya haasiri muapridzi pano, asi muporofita wezvibereko zvokuramba kuteerera chisungo (cf. Mateu. 13:13; Mako. 4:12; Ruka. 8:10). Shoko rake retariro nderenguva inouya, kwete nhasi!

vaRoma. 11:7" vamwe vakaomeswa" Ichi ndicho chirevo chokudoma kuitirwa (AORIST PASSIVE INDICATIVE) (cf. 2vaKorinde. 3:14). Chirevo ndechokuti Mwari akavaomesa (cf. ndima. 8-19). Muiti wokuomeswa uku ndiye wakaipa (cf. 2vaKorinde. 4:4)."kuomeswa" (*pōroo*) iri izwi rezvekurapa rinoreva kukakashara kana kusaona (cf. vaRoma. 11:25; 2vaKorinde. 3:14; vaEfeso. 4:18). Izwi rimwechetero rinoshandiswa kureva vapositori munaMako. 6:52. Iri rimwewo izwi rechiGiriki rakasiyana rinobva munavaRoma. 9:18 *skleruno*) iro rinoreva zvinopikisana nokuti tsitsi (cf. vaHebheru. 3:8, 15; 4:7).

Ndima iyi yakajeka zvikuru uye ipfupiso yendima. 11:1-6. Vamwe vakasarudzwa vakatenda, vamwe vakanga vasina kusarudzwa vakaomeswa. Zvisinei, ndima iyi haina kunyorwa yega, seshoko rekurudziro yedzidziso yezvouMwari. Yaiva chikamu chedoritori redzidziso yezvouMwari. Pane makakatanwa pakati pechokwadi icho chinodonongodzwa zvakajeka mundima iyi nokudanwa kwepasi rose kunoitwa mundima. 10. Pane zvakavanzika pano. Asi nyaya haisi yokudziva kana kuderedza imwe yenyanga dzedzemberedzo, mirazvu yegangaidzo.

12:39" saka vakanga vasingagoni kutenda "Apa pane chirevo zvakaitwa zvakasangana nokuitirwa (IMPERFECT MIDDLE (deponent) INDICATIVE) pamwe nechirevo chokudokwairira (PRESENT ACTIVE IMPERATIVE). Hvana kugona kuenda mberi noukama hwokutenda naJesu. Zvishamiso zvake zvakavakwezva, asi hazvina kuva svitsa

mukutenda/noruvimbo runoponesa munaJesu saMesiasi. Muvhnageri yaJohani” rutendo” rune nhanho. Vose havawane ruponeso. Tarira chinyorwa pa8:31-59.

▣ **“nokuti Isaya akatizve”** Isaya. 6:10 inoreva kuoma kwemwoyo yavaJudha pamusoro peshoko raMwari rakauya nalsaya (Jeremiya. 5:21; Ezekieri. 12:2; Dhuteronomi. 29:2-4).

12:40 “mwoyo” Tarira nhaurwa inokosha inotevera.

NHAURWA INOKOSHA: MWOYO

Iziw rechiGiriki rokuti *kardia* ndiro rinoshandiswa mubhaibheri rechiGiriki rakare (Septuagint) nemitestamende itsva kureva izwi rechiHebheru rokuti *Leb* (BDB 523). Rinoshandiswa nenzira dzakawanda (vaBauer, vaArndt, vaGingrich navaDanker, mugwaro ravo rinonzi, duramazwi rechiGiriki nechirungu” *A Greek-English Lexicon*, pp. 403-404).

1. Panhongonya poupenyu hwepanyama, dimikira rokureva munhu (cf. Mabasa. 14:17; 2vaKorinde. 3:2-3; Jakobho. 5:5)
2. Panhongonya poupenyu hwepamweya (kureva., hunhu)
 - a. Mwari anoziva mwoyo (cf. Ruka. 16:15; vaRoma. 8:27; 1vaKorinde. 14:25; 1vaTesaronika. 2:4; Zvakazarurwa. 2:23)
 - b. Rakashandiswa kureva hupenyu hwemunhu hwepamweya (cf. Mateu. 15:18-19; 18:35; vaRoma. 6:17 ; 1Timoti. 1:5; 2Timoti. 2:22; 1Petirosi. 1:22)
3. Nhongonya youpenyu hwomurangariro (kureva., ndangariro, cf. Mateu. 13:15; 24:48; Mabasa. 7:23; 16:14; 28:27; vaRoma. 1:21; 10:6; 16:18; 2vaKorinde. 4:6; vaEfeso. 1:18; 4:18; Jakobho. 1:26; 2Petirosi. 1:19; Zvakazarurwa. 18:7; mwoyo unofanana nepfungwa muna2vaKorinde. 3:14-15 navaFiripi. 4:7)
4. Nhongonya yesarudzo (kureva., mazvokuda, cf. Mabasa. 5:4; 11:23; 1vaKorinde. 4:5; 7:37; 2vaKorinde. 9:7)
5. Nhongonya yedengetera (cf. Mateu. 5:28; Mabasa. 2:26, 37; 7:54; 21:13; vaRoma. 1:24; 2vaKorinde. 2:4; 7:3; vaEfeso. 6:22; vaFiripi. 1:7)
6. Nzvimbo yakasanangurirwa mabasa emweya (cf. vaRoma. 5:5; 2vaKorinde. 1:22; vaGaratiya. 4:6[kureva., Kristu mumwoyo yedu, vaEfeso. 3:17])
7. Mwoyo ndiyo nzira yechibhende yokureva munhu mbune (cf. Mateu. 22:37, zvichitorwa kubva munaDhuteronomi. 6:5). Mifungo, zvinangwa, pamwe nezviito zvakabatanidzwa nemwoyo zvinoratidza zvakawana kuti munhu uyu munhu akaita sei. Testamende yekare ine mamwe mashandisiro emazwi anoshamisa
 - a. Genesi. 6:6; 8:21, “Mwari akava neshungu pamwoyo wake, “tarirazve Hosea. 11:8-9
 - b. Dhuteronomi. 4:29; 6:5, “nemwoyo wako wose nemweya wako wose, “
 - c. Dhuteronomi. 10:16, “mwoyo usina kudzingiswa” navaRoma. 2:29
 - d. Ezekieri. 18:31-32, “mwoyo mutsva”
 - e. Ezekieri. 36:26, “mwoyo mutsva” maringe ne” mwoyo webwe”

12:41” Isaya wakareva izvozvi nokuti akaona kubwinya kwake” Izvi zvinoreva kuti vaporofita vetestamende yekare vakaudzwa nezvaMesiasi (cf. Ruka. 24:27). Taira chinyorwa pamusoro pe” kubwinya” pa1:14.

12:42” asi kunyange zvakadaro vazhinji vavabati vakatenda kwaari” Shoko raJesu rakaita zvibereko (cf. ndima. 11; Mabasa. 6:7). Tarira nhaurwa inokosha pa2:23.

▣ **“vakanga vasingamureururi”** Tarira nhaurwa inokosha:kureurura pa9:22-23.

▣ **“kuti varege kubudiswa muSinagoge”** (cf. 9:22; 16:2)

12:43 Izvi zvinoreva kuti kutenda chaiko kunogona kuva kushaya samba nokutya, chero kusapupura!Vhangeri yaJohani inoshandisa izwi rokuti tenda (*pisteuō*) nenzira dzakawanda, kubva parudaviro rwokutanga kusvika pakutenda kweruponeso.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :12:44-50

⁴⁴Zvino Jesu akadana akati, “Anotenda kwandiri, haatendi kwandiri, asi kuna akandituma. ⁴⁵Anondiona anoona akandituma. ⁴⁶Ini ndakauya munyika, ndiri chiedza, kuti ani naani anotenda kwandiri arege kugara murima. ⁴⁷kana munhu achinzwa mashoko angu, akasaachengeta, handimutongi ini, nokuti handina kuuya kuzotonga nyika, asi kuti ndiponese nyika. ⁴⁸Anondiramba, asingagamuchiri mashoko angu, anomumwe anomutonga; shoko randakareva ndiro richamutonga; nezuva rokupedzisira.

⁴⁹” Nokuti handina kureva pachangu, asi baba, vakandituma, ndivo vakandipa murayiro, xzvandichareva nezvandichataura. ⁵⁰Ndinoziva kuti murayiro wavo ndihwo upenyu husingaperi; naizvozvi zvandinotaura, ndinotaura sezvandakaudzwa nababa.”

12:44” anotenda kwandiri, haatendi kwandiri, asi kunoakandituma” Manhengatenga evavariro yokutenda ndeekutenda munababa (cf. 1vaKorinde. 15:25-27). Iri ndiro dingindira rinodzokororwa (cf. Mateu. 10:40; Johani. 5:24). Kuziva Mwanakomana ndiko kuziva baba (cf. 1Johani. 5:10).

12:45 Mwari akaita sei?kuona Jesu ndiko kuona Mwari (cf. 14:7-10) !

12:46 Nyika iri murima kubvira panaGenesi. 3 (cf. Genesi. 6:5, 11-12; 8:21; Mapisarema. 14:3; Isaya. 53:6; vaRoma. 3:9-23).

12:47” kana munhu achinzwa mashoko angu akasaachengeta” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuzoitika (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Kuenda mberi nokuteerera ndicho chiratidzo chokuendamberi kwehukama hwedu nokutenda!Simbiso (tarira nhaurwa inokosha pana1Johani. 5:13) iri pahwaro hweupenyu hwakashanduka uye huri kushanduka hwekuteerera nokutsungirira (tarira nhaurwa inokosha pa8:31, cf. mabhuku aJakobho na1Johani).

12:47-48” handina kuuya kuzotonga nyika asi kuti ndiponese nyika” Jesu akauya kuzoita chinhu chimwechete, kuzodzikinura nyika, asi iko kuuya kwake kunoita kuti vanhu vafanire kupa rutemo. kana vakamuramba, vanozvitonga (tarira nhaurwa inokosha pa8:31, cf. Johani. 3:17-21).

12:49-50 Jesu akataura nemasimba aMwari, kwete ake.

12:50

NASB, NKJV “Murayiro wavo ndihwo upenyu husingaperi”

NRSV, TEV

NET “Mrayiro wake unounza hupenyu husingaperi”

NJB “Murayiro wake unorevsa hupenyu husingaperi”

REB “Mirayiro yake ndihwo hupenyu husingaperi”

NIV “Murayiro unosvitsa muupenyu husingaperi”

Net (chinyorwa chiri mujinga regwaro) “Murayiro wake unounza zvibereko zvoupenyu husingaperi”

Mutsara wokutanga ndiwo chaiwo uri muchinyorwa chechiGiriki. Mimwe iyi iri kuedza kupirikira chirevo chawo. Bhaibheri re NASB rine ndima. Johani. 6:68 semubaravara wefananidzo, ukuwo chinyorwa chavaMichael Magill chetestamende itsva chinaJohani. 17:8. Tsoropodzo yeJerome (p. 451) ina Johani. 10:18 semubaravara wefananidzo. Zviripachena kuti mutsara uyu unoreva zvakawanda.

Muvhangeri yaJohani, munekushanduka kubva muchimiro chomwe kuenda munechouwandu chezwi rokuti” murayiro, “zvisina chokuita nokupirikira.

NHAURWA INOKOSHA:KUSHANDISWA KWEZWI ROKUTI “MURAYIRO” MUZVINYORWA ZVAJOHANI

1. Rakamboshandiswa kureva murayiro waMosesi, Johani. 8:5
2. Kubva kunaBaba kusvika kunaJesu
 - a. Kuva nesimba pamusoro pokuzviita chibayiro cherudzikinuro, Johani. 10:18; 12:49-50; 14:31
 - b. Nyika inozoziva rudo rwaJesu kunaBaba, Johani. 14:31
 - c. Jesu akateerera murayiro waBaba, Johani. 15:10
3. Kubva kuna Jesu kusvika kuvatendi
 - a. Gara murudo rwake, Johani. 14:15; 15:10
 - b. Dananai, sokuda kwaakavaita, Johani. 13:34; 15:12, 17; 1Johani. 2:7-8; 3:11, 23; 4:7, 21; 2Johani. 5
 - c. Kuchengeta murayiro wake (kureva., b. 0, Johani. 14:15; 15:10, 14; 1Johani. 2:3, 4; 3:22, 24; 5:1-3; 2Johani. 6
4. Kubva kunaBaba kusvika kuvatendi
 - a. Tenda munaJesu, 1Johani. 3:23 (cf. Johani. 6:29)
 - b. Dananai, 1Johani. 3:23

MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviru muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Ko Mariya hanzvadzi yaRazaro akazodzerei tsoka dzaJesu?
2. Sei vhangeri nhatu dzinoti Mateu, Mako, naJohani dzichisiyana patsanangudzo yadzo yechiitiko ichi
3. Ko kusangana kwaJesu neruzhinji rwune mashizha omuchindwi pamwe nemazwi akatorwa munaMapisarema. 118 kunokoshei?
4. Sei Jesu akabatikana nokuti vaGiriki vaida kutaura naye?
5. Sei Jesu akamanikidzwa zvikuru pamweya wake?
6. Tsanangura kuti sei Johani achishandisa izwi rokuti” tenda “nenzira dzakasiyana siyana.

JOHANI 13

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Kushambidza tsoka dzavadzidzi	Ishe anoita Muranda	kudya kwekupedzisira	Jesu anoshambidza tsoka dzevadzidzi vake	Kushambidzwa kwetsoka
13:11	13:11	13:11	13:01 13:2-6 13:7 13:8a 13:8b	13:01
13:12-30	Tinofanirawo kushumira 13:12-30	13:12-30	13:10-11 13:12-17 13:18-20	12:12-19 13:17-20
Jesu anota ura kupandikirwa kwake		13:21-30	Jesu anota ura kupandikirwa kwake	Kuipa kwaJudhasi kunota urwa
13:21-30			13:21 13:22-24 13:25 13:26-29 13:30	13:21-30
Murayiro mutsva	Murayiro mutsva		Murayiro mutsva	Nhaurirano dzonekano
13:31-35	13:31-35	13:31-35	13:31-35	13:31-35
13:36-38	13:36-38	13:36-38	Jesu anota ura zvekuramba kwaPetirosi 13:36a 13:36b 13:37 13:38	13:36-38

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyorori. Ndiyozve hwaro hwekupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

RUONO RWEZVIRI MUGWARO RWENDIMA. 13:1-38

- A. Vhangeri yaJohani inozarira zviratidzo zvaJesu nechikamu. 12. Chikamu. 13 chinotanga vhiki yerudo yokusvika kwengauva yaJesu.
- B. Bhaibheri re NASB rinechinyorwa chomujinga chinofadza chokuti” izwi rinoreva zita rechiGiriki rokuti *agape* (‘rudo’) pamwe nezwi rechiito rokuti *agapaō* (‘rudo’) anowanikwa rusere muzvikamu. 1-12 asi rinowanikwawo kamakumi matatu anekamwe muzvikamu. 13-17.”
- C. Johani haanyore nezvekudya kwemanheru kwaIshe (Eucharist) sezvinoitwa nevhangeri nhatu dzokutanga. Anongonyora nezvenhaurirano muimba yepamusoro manheru iwayo (zvikamu. 13-17, iyo inova chikamu chinokosha muvhangeri yaJohani. Naizvozvo inofanira kuratidza kuva munhu nemabasa aJesu nenzira itsva dzinoratidza simba). Vamwe vanoona kusiiwa uku sekuedza kudzikisira kumikidzo yekereke yokutanga yekudyiwa kwechidyo. Johani haatauri zvakananda pamusoro pokubhabhatidzwa kwaJesu kana kudya kwemanheru kwaIshe.
- D. Chirevo chechinyorwa chenhoroondo chaJohani. 13 chinogona kuonekwa munaRuka. 22:24. Vadzidzi vakanga vachiri kukakavadzana pamusoro pokuti ndiani aiva mukuru.
- E. Chimiro chaicho chezvikamu. 13-17 ndechemuimba yepamusoro kuJerusarema (kanawo zvikamu. 15-17 munzira yokuenda kuGetsemani, cf. 14:31), pamwewo mumba maJohani Mako, manheru akapandukirwa Jesu naJudhasi.
- F. Panoita sokuti pane zvinangwa chaizvo zviviri muchiito chaJesu chokugeza tsoka
 1. Ndima. 6-11 dzinofanoratidza basa raakatiitira pachipiyaniso.
 2. Ndima. 12-20 dzinoratidza chidzidzo chokuzvininipisa (tichiringanidza naRuka. 22:24).

DZIDZO YEMITSARA NEMAZWI

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :13:1-11

¹Zvino mutambo wePasika usati wasvika, Jesu akaziva kuti nguva yake yasvika, kuti abve munyika ino, aende kuna Baba, zvaakanga aida vanhu vake vaiva munyika, akavada kusvikira pakuguma. ²Zvino vakati voravira, Dhiabhori atoisa mumwoyo maJudhasi Isikarioti, mwanakomana waSimoni, kuti amupandukire; ³Jesu achiziva kuti Baba vakamupa zvinhu zvose mumaoko ake, uye kuti akabva kunaMwari, uye kuti anoenda kunaMwari; ⁴akasmuka pakurayira, akabvisa nguwo dzake, akatora mucheka, akazvisunga chiuno. ⁵Zvino akadira mvura mumudziyo, akatanga kushambidza tsoka dzavadzidzi vake, akadzipukuta nomucheka, waakanga akazvisunga nawo. ⁶Akasvika kuna Simoni Petirosi, iye akati kwaari, “Ishe imi moshambidza tsoka dzangu kanhi?” ⁷Jesu akapindura, akati kwaari, “Chandinoita hauchiziva zvino; asi uchazvinzwisisa pashure.” ⁸Petirosi akati kwaari, “Hamungatongoshambidzi tsoka dzangu nokusingaperi.” Jesu akamupindura akati, “kana ndisingakushambidzi hauna mugove neni.” ⁹Simoni Petirosi akati kwaari, “Dzirege kuva tsoka dzangu dzoga, asi maoko angu nomusoro wanguo.” ¹⁰Jesu akati kwaari, “Akashambidzwa muviri wose, anofanira woga kuti ashambidzwe tsoka dzake, zvino Wanaka kwazvo; imi makanaka, asi hamusi mose.” ¹¹Nokuti akanga achiziva uyo aizomupandukira saka akati, “hamuna kunaka mose.”

13:1 “mutambo wePasika usati wasvika” Johani nedzimwe vhangeri nhatu dzokutanga vanopikisana pamusoro pokuti, uyu waiva musi wokunge pasika isati yasvika kana kuti waitova musi wePasika wacho chaiwo. Vose vanoisa chidyo pamusi wechina uye kuroverwa pamusi wechishanu (cf. 19:31; Mako. 15:43; Ruka. 23:54). Ichi chidyo chePasika chaiva mhemberero yokubuda kweIsiraeri muIjipita (cf. Ekisodho. 12). Johani anoti raiva zuva rokunge chidyo chisati chadyiwa (cf. 18:28; 19:14, 31, 42).

Zvinogoneka kuti avo verimwe bande revaJudha (Essene) vaishandisa mumwewo muronga wemazuva (kureva., muronga wemazuva wokutevera zuva romudenga uri mumagwaro aJubilee naEnoki, senzira yavo yokuratidza kusafarira vaPirista vaivapo), Izvo zvaiita kuti Pasika ikurumidze kuitwa nezuva rimwechete.

Tsoropodzo yebhaibheri reJerome inopa pfupiso kuudzidzi hwemazuva ano (p. 451) uye inoti “kukurumidza kuitwa kwePasika nezuva rimwechete” kwaJohani, hakuna mhosho uye nokuti vhangeri ina dzokutanga dzinopa chirevo chehidyo. Tinofanira kugara tichiziva kuti vhangeri idzi hadzisi zvinyorwa zvemuronga wenhorooondo yokumadokero. Nhorooondo inonyorwa nenzira dzakasiyana dzisiri dzisina mhosho kana dzine mhosho, dzisiri dzechokwadi kana dzenhema. Nhorooondo ndiyo tsanangudzo yezvakare kutira kubatsira nyaya dzezvinodiwa nemaonero anhasi. Gwaro rinonyatso tsanangura nzira yemanyorerwo erondedzero yenhorooondo nevhangeri nerakanyorwa navaGordon Stuart, rinonzi, maverengerwo ebhaibheri nevzose zvariri” *How to read the Bible For All Its Worth*, pp. 89-126.

▣ **“Jesu akaziva kuti nguva yake yasvika”** “Akaziva” Iri izwi riri muchimiro chechirevanguva chokudoma zvakaitika uye zviine zviwereko zviripo nhasi (semundima. 3). Jesu ainzwisisa hukama hwake nababa kubva paaiva namakore gumi nemaviri (Ruka. 2:41-51). Kuuya kwevaGiriki kuzomuona mundima. 12:20-23 ndiko kwakaridza Jesu kuti nguva yake yokufa nokukudzwa yakanga yakwana (cf. 2:4; 7:6, 8, 30; 8:20; 12:23, 27; 17:1).

▣ **“kuti abve munyika ino aende kuna baba”** Vhangeri yaJohani inoenda mberi nokukumikidza hunyambiri hwokutarisa kudenga, pamusoro maringe nepasi (cf. ndima. 3). Jesu akanga atumwa (cf. 8:42) nababa uye zvino ava kudzokera. Vhangeri dzokutanga dzinopa chimiro chokuti Jesu anoparidza hunyambiri hwepanyika hwenguva mbiri dzevaJudha, kakavadzano yezvakatoitika nezvisati zveushe hwaMwari.

Pane mibvunzo yakawanda iri pamusoro pedzivhangeri inoda kutarisiswa nevaverengi vemazuva ano, asi pamusoro pazvose, magwaro matsvene aya anoratidza maonero ebhaibheri anofambirana.

1. Kuna Mwari mumwe
2. Chisikwa chake chinokosha munhu chakapinda muzvivi noupanduki
3. Mwari akatumira mudzikinuri waagere (kureva., Mesiasi)
4. Vanhu vanofanira kudavira nokutenda, kutendeuka, kuteerera, nokutsungirira
5. Pane samba rouipi rinopikisana nokuda kwaMwari
6. Chisikwa chose chino murangariro chichapa rondedzero youpenyu hwacho kunaMwari

Izwi rechiito rokuti” abve” (*metabainō*) muzvinyorwa zvaJohani rine chirevo chokureva kushanduka panyama kubva muutadzi (kureva., nguva yakare yezvivi noupanduki) kupinda munguva itsva yeMweya noupenyu nokusingaperi (cf. 5:24; 13:1; 1Johani. 3:14; kunze kwekushandiswa kwaro muna. 7:3)

▣ **“zvaakanga ada vanhu vake”** Mutsara wechiGiriki uyu wkashandiswa muchinyorwa chePapyri chokuljipita (vaMoulton navaMilligan mugwaro ravo rinonzi, mavara etestamende itsva yechiGiriki” *The vocabulary of the Greek New Testament*) kureva hama dzepedyo (cf. Ruka. 8:19-21).

▣ **“vaiva munyika”** Johani anosahandisa izwi iri rokuti nyika (*kosmos*) nenzira dzakasiyana.

1. Pasi rino (cf. 1:10; 11:9; 16:21; 17:5, 11, 24; 21:25)
2. Vanhu (cf. 3:16; 7:4; 11:27; 12:19; 14:22; 18:20, 37)
3. Vanhu vakapanduka (cf. 1:10, 29; 3:16-21; 4:42; 6:33; 7:7; 9:39; 12:31; 15:18; 17:25)

Tarira nhaurwa inokosha:mashandisirwo anoitwa izwi rokuti *kosmos* naPauro pa14:17.

▣ **“akavada kusvika pakuguma”** Iri ndiro izwi rechiGiriki rokuti” *telos*, “rinoreva kuti chinangwa chakazadziswa. Izvi zvinoreva basa raJesu rokudzikinura vanhu pachipiyano. Chimwe chimiro cheizwi iri ndiwo mazwi aJesu okupedzisira ari pachipiyano (cf. 19:30), “zvapera, “ayo atinodzidza muchinyorwa chePapyri kuti aireva kuti” kupedza kuripira” !

13:2” vakati voravira” Pano pane musiyano wezvinyorwa zvechiGiriki. Musiyano uyu ndewe vara rimwechete muizwi rechiGiriki.

1. *Genomenou*, chirevanguva chezviri kuitika (PRESENT PARTICIPLE) (kureva., panguva yokudya kwemanheru), MSS κ , B, L, W
2. *Genomenou*, chirevanguva chezvaitika (AORIST PARTICIPLE) (kureva., mushure mokudya kwemanheru), MSS P⁶⁶, κ^2 , A, D

Gwaro reUBS⁴rinopa tsanangudzo yokutanga chipimo chepiri” B” (kureva pedo nechokwadi).

Izwi zvinogona kureva

1. Mushure mokudya kwemanheru
2. Mushure momukombe wekukombodza, apo hurongwa hwakanga hwoti maoko agezwe
3. Mushure momukombe wetatu wekukombodza

NHAURWA INOKOSHA:MURONGA WEPASIKA MUCHIJUDHA CHEMAKORE ZANA OKUTANGA

- A. Muyengetero
- B. Mukombe wewaini
- C. Kugezwa kwemaoko nokutambidzanwa kwemudziyo
- D. Ndiro yemiriwo nemuto
- E. Kudya kwemanheru nenyama yehwayana
- F. Muyengetero nendiro yepiri yemiriwo nemuto
- G. Mukombe wepiri wewaini nenguva yokutaurirana nevana (cf. Ekisodho. 12:26-27)
- H. Kuimbwa kweMapisarema. 113-114 pamwe nomuyengetero
- I. Mukuru womutambo anogadzirira munhu wose mupiro woruregerero mushure mokugeza maoko
- J. Vose vanodya kusvika vaguta; vanopedzisira kudya nhango yenyama yehwayana
- K. Mukombe wetatu wewaini mushure mokugeza maoko
- L. Kuimbwa kweMapisarema. 115-118
- M. Mukombe wechina wewaini, uyo waireva kuuya kehushe

Vazhinji vanotenda kuti kuitwa chaiko kwechidyo chaIshe kwakaitika panguva ye” mukombe wetatu wewaini mushure mokugeza maoko” “K”

▣ **“apo Dhiabhozi atoisa mumwoyo maJudhasi Isikarioti”** Ichi ndicho chirevanguva chezvakaaitika zvine zviripo nhasi (PERFECT ACTIVE PARTICIPLE). Jesu aiziva nezvaJudhasi kubva pakutanga (cf. 6:70). Muipi (tarira nhaurwa inokosha pa12:31) akanga agara achiedza Judhasi kwenguva yakareba, asi mundima. 27, Dhiabhozi akabudirira kumukunda. Tarira vnhaurwa inokosha:Mwoyo pa12:40. Ona chinyorwa chakazara pamusoro paJudhasi pa18:2

13:3 “Jesu, achiziva kuti baba vakamupa zvinhu zvose kumaoko ake” Ichi ndicho chirevanguva chezvakaaitika zvine zviripo nhasi (PERFECT ACTIVE PARTICIPLE), semundima. 1, chichiteverwa nechirevo chzvakaaitwa (AORIST ACTIVE INDICATIVE) Uyu ndiwo mumwe wemitsara inokatyamdzwa yaJesu pamusoro pokuzvinzwisisa nemasimba ake (cf. 3:35; 17:2; Mateu. 28:18). Chirevanguva chezvakaaitwa ndiko chinokosha. Baba vakapa Jesu zvinhu zvose asati aroverwa. Hazvina kupiwa sechituso chokuteerera kwake, asi nokuda kwezvaiva!Aiziva zvaiva uye akageza tsoka dzeavo vaikakavadzana pamusoro pokuti mukuru ndiani!

▣ **“akanga abva kunaMwari”** Ichi ndicho chimwe chezvinhu zvitatu zvinotaurwa mundima. 3 chokuti Jesu aiziva kuti

1. Baba vakanga vakamupa zvinhu zvose kumaoko ake
2. Akanga abva kunaMwari
3. Akanga achidzokera kunaMwari (cf. 7:33; 14:12, 28; 16:5, 10, 17, 28; 20:17)

Tsanangudzo mbiri dzokupedzisira dzinoreva nyaya younyambiri hwepamusoro maringe nepasi uhwo hunonyanya kuwanikwa munaJohani.

Mutsara wepiri hauna kujairika muvhangeri yaJohani (cf. 8:42; 13:3; 16:28, 30; 17:8). Une chirevo chemabviro nenzvimbo (kureva., uMwari hwekudenga).

13:4” akasimuka pakurayira” Rangarira kuti vakange vakazembera pamagokora avo vakapfunyira makumbo kumashure, kwete kugara pazvigaro.

▣ **“akabvisa nguo dzake”** Chirevo chouwandu ichi chinoreva kuti Jesu akabvisa nguo dzake dzepamusoro, Jazi (cf. 19:23). Zvinoshamisa kuti izwi rechiito rimwechetero rinoshandiswawozve muna. 10:11, 15, 17, 18 kureva kurashira hupenyu kwaJesu (cf. ndima. 37). Uku kunogonawo kuva maitiro aJohani okushandisa izwi rimwechete kureva zvakawanda. Zvinoita sokuti kugeza tsoka kwaiva nechirevo chinopfuura dzidziso yokuzvininipisa (cf. ndima. 6-10).

13:5” akashambidza tsoka dzavadzidzi vake” Izwi rechiGiriki iri rakashandiswa kureva” kushambidza nhengo imwechete yomuviri.”Izwi riri mundima. 10 rakashandiswa kureva kushambidza muviri wose. kushambidza tsoka raiva basa romuranda. Chero vaRabhi vaisa tarirsira kuti vadzidzi vavo vaite izvi. Jesu, achiziva huMwari hwake, aida kushambidza tsoka dzavadzidzi ava vaiva negodo pamwe noundingoveni (chero neJudhasiwo) !

13:6 Mubvunzo waPetirosi yaiva nzira yakangwara yokuda kuramba zvaitwa naJesu. Petirosi aigaro funga kuti iye ndiye aiziva zvinofanira kuitwa kana kusaitwa naJesu (cf. Mateu. 16:22).

13:7 Vapositori avo vaigara naJesu, vaisanzwisisa zviito zvake nedzidziso dzake (cf. 2:22; 10:6; 12:16; 14:26; 16:18). Kusanzwisisa uku ndiyo nzira yokuratidza hunya, mbiri hwokudenga.

13:8 hamungatongoshambidzi tsoka dzangu” Iyi itsiudzo yakapetwa ruviri iyo yaireva kuti” kwete, kwete chero zvadii.”

▣ **“kana ndisingakushambidzi hauna mugove neni”** Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuzoitika (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Mutsara uyu unoreva kuti apa paitoitika zvinopfuura chidzidzo chokuzvininipisa. Ndima. 6-10 dzinoita sokuti dzinesungano nebasa raJesu pachipiyaniso mukuregerera zvivi.

Mutsara wepiri unogona kuva nechirevo chetsumo yetestamende yekare inehochekeche nekuwana nhaka (cf. Dhuteronomi. 12:12; 2Samueri. 20:1; 1Madzimambo. 12:16). Uyu ndiwo mutsara wakadzama wokureva kusarurira.

13:9 Vara rinodoma chirevo rechiGiriki rokuti” kwete” (ME) rinodoma chirevo chokudokwairira (IMPERATIVE), rokuti” kushambidza.”

13:10 “akashambidzwa muviri” Jesu arikutaura nedimikira kureva rudzikinuro. Petirosi ashambidzwa (aponeswa, cf. 15:3; Tito. 3:5), asi anofanira kuramba achitenduka (cf. Johani. 1:9) kuitira kuchengetedza ruwadzano rwemandiriri.

Chimwewo chirevo chechinyorwa chinogona kuvapo ndechokuti, Jesu arikutaura nezvokupandukirwa naJudhasi (cf. ndima. 11 na 18). Saka dimikira rokushambidzwa muviri wose rinoreva (1) muviri waPetirosi kana (2) boka ravapositori.

☐ **“imi makanaka kwazvo, asi hamusi mose”** Izwi rokuti “imi” riri muchimiro chouwandu, kureva boka ravadzidzi, kunze kwaJudhasi (cf. ndima. 11, 18; 6:70).

“makanaka “izwi rinoreva, pano, shoko raJesu ravagamuchira (cf. 15:3).”vanaka” nokuti vatenda/vavimba/vava norutendi/vagamuchira iye akanaka, Jesu.

Kuti uzive zvakananda pamusoro pezwi rokuti” hamusi mose, “Tarira nhaurwa inokosha:uteveri hwenhema panaJohani. 6:64.

13:11 Bhaibheri reTEV nereNET anoisa ndima iyi mumigombedzero, achiipirikira seimwe yewedzero dzomunyorori.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :13:12-20

¹²Zvino akati ashambidza tsoka dzavo, akatora nguo dzake, akagarazve, akati kwavari, “Munoziva zvakaitirai here?¹³Munondiidza mudzidzisi, uye Ishe; munoreva zvakanaka, nokuti ndini iye. ¹⁴Zvino kana ini, Ishe nomudzidzisi, ndakashambidza tsoka dzenyu, nemiwo munofanira kushambidzana tsoka dzenyu. ¹⁵” Ndakakuratidzai makwara kuti multe imi sezvakaitirai ini. ¹⁶Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, Muranda haasi mukuru kuna Ishe wake, uye kana kuti wakatumwa haangaite mukuru kune akamutuma. ¹⁷Kana muchizviva izvi, makaropafadzwa kana muchizviita. ¹⁸” Handirevi imi mose; ini ndinoziva avo vandakasanangura; asi kuti rugwaro ruitike, runoti, ‘Anodya chingwa change, akandisimudzira chitsitsinho chake.’¹⁹kubva zvino ndinokuudzai zvisati zvaitika, kuti kana zvichiitwa, mugotenda kuti ndini. ²⁰Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, anogamuchira wandinotuma, unogamuchireni, noanondigamuchira ini, anogamuchira akandituma.”

13:12-20 Jesu pano anotsanangura chiito chake semuenzaniso wekuzvinipisa, izvo zvinobva zvasiyana nendima6-10. Vapositori vakanga vachikakavadzana pamusoro pokuti mukuru ndiani (cf. Ruka. 22:24). Muchirevo chechinyorwa chino Jesu anoita basa romuranda uye obva atsanangura zvazvinoziva pamwe nokuti zvinoitwa sei.

13:14” kana” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokuva yechokwadi pamaonero omunyorori (FIRST CLASS CONDITIONAL SENTENCE).

☐ **“Ishe nomudzidzisi”** Tarira uone vara rokudoma mundima13 na14. Tarisawozve uone kuti mazita oruremekedzo anoshandurudzwa. Ndiye iye anotaura namasimba. Anoratidza baba uye anotarisa kuteerera nokuvimbika!Zvaanoita, vanofanira kutevedzera (ndima. 15).

13:14-15” nemiwo munofanira kushambidzana tsoka dzenyu” Mutsara uyu ungareve here kuti chiito chokuzvinipisa ichichakaitirwa kuti chive chinhu chetatu chinoitwa mukereke?Mapoka mazhinji echiKristu anoti kwete nokuti

1. Hakuna pazvakamboitwa neipi zvayo kereke munaMabasa
2. Hazvina kukurudzirwa mutsamba dzetestamende itsva
3. Hazvina kumbonzi zvichava chiito chichateverwa sekubhabhatidzwa (cf. Mateu. 28:19) pamwe nechidyo chaIshe chemanheru (cf. 1vaKorinde. 11:17-34)

Izvi hazvirevi kuti chiitikko ichi hachikoshi.

“Mufananidzo” wavakapiwa naJesu wakanga usiri wekuzvininipisa, asi kuzvipira muushumiri (cf. 15:12-13). 1Johani. 3:16 ndiyo inonyatso donongodza zvakanaka!Jesu anovada kusvika pakuguma (cf. ndima. 1), vanofanira kudananawo zvakadzama (kureva., hupenyu hwokuzvipira, kudzorwa kwokutadza).

13:16” Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri” Izvi zvinoreva kwazvo kwazvo kuti” Ameni, ameni” (semundima. 20). Ichi ndicho chimiro chezwi remutestamende yekare rokuti” kutenda” (cf. vaHebheru. 2:4). Jesu ndiye oga (muzvinyorwa zvose zvechiGiriki) akarishandisa nenzira iyoyi yokuzarura mutsara. Raiwanzoshandiswa pokupedzisira kureva (1) kubvumirana kana (2) kutenderana nomutsara kana chiito. Parinenge rashandiswa pokutanga pomutsara uye rakapetwa ruviri, rainge richishandiswa kuratidza masimba, nokutsvaga kuteererwa. Tarira nhaurwa inokosha pa1:51.

▣ **“muranda haasi mukuru kunaIshe wake”** Uyu ndiwo mutsara unoshandiswa pakutanga kutaura zvokwadi.

1. Johani. 13:16, kana kuti akatumwa hangavi mukuru kune akamutuma
2. Johani. 15:20
 - a. Kana vakanditambudza ini nemiwo vachakutambudzai
 - b. Kana vakachengeta shoko rangu vachachengeta nerenyuwo
3. Ruka. 6:40 (kufanana), asi munhu wose, mushure mokudzidziswa, anofanana nomudzidzisi wake (cf. Mateu. 10:24)
4. Ruka. 22:27 (kufanana), asi ini ndiri pakati penyu sounoshumira

13:17” kana muchizviza izvi, makaropafadzwa kana muchizviita” Izwi rokuti “kana” rokutanga riri muchimiro chomutsara uneshongedzo yokuva wechokwadi pamaonero omunyoru (FIRST CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Rechpiri, mundima ino; riri muchimiro chomutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuzoitika (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Kana tichiziva, tinofanira kuita (cf. Mateu. 7:24-27; Ruka. 6:46-49; vaRoma. 2:13; Jakobho. 1:22-25; 4:11) !Ruzivo haisiri iyo vavariro, asi mararamiro okuva saKristu. Izvi zvinoreva izwi rechiito rokuti *shema*, “inzwa kuti uite” (cf. Dhuteronomi. 6:4).

13:18” kuti rugwaro ruitike” Izvi zvinoreva Judhasi. Izvi ndizvo zvakananzika zvemujigwa wezvakarongwa kare nemazvokuda evanhu.

Jesu nevadzidzi vake vaitenda kuti rugwaro nderwechokwadi!kana rukataura rwaifanira kuvimbwa narwo (cf. Mateu. 5:17-19). Nguva zhinji Johani anotaura mutsara wokuti”kuti rugwaro ruitike” (cf. 12:14; 13:18; 15:25; 17:12; 19:24, 36). Kazhinji zvinyorwa zvetestamende yekare hazvinyatsonzwiswi zvakanwana kusvikira paita bchiitiko muupenyu hwaKristu (kureva., ringanidzo, kureva., Hosea. 11:1) kana chiitiko mutestamende itsva chinova zadziso yezvinhu zvakanwanda (kureva., Isaya. 7:14 kana Dhanieri. 9:27; 11:31; 12:11).

▣ **“akandisimudzira chitsitsinho chake”** Aya mazwi akatorwa munaMapisarema. 41:9. Tsika yokumabvazuva yokudya pamwechete sechiratidzo chisungo noushamwari ndiyo inodzamisa mhosva yaJudhasi. Kumatunhu akadziva kumabvazuva, kuratidza munhu pasi petsoka dzako chaiva chiratidzo chokuzvidza.

13:19 Ndima iyi inoratidza chinangwa chezvishamiso noufemberi hwaJesu (cf. 20:31). Muvhangeri yaJohani, rutendo chiiitiko chinokura uye nokuramba chichiendamberi. Jesu anoramba achivandudza ruvimbo/kutenda/norutendo rwavapositori. Tarira nhaurwa inokosha pa9:7.

Jesu anovandudza kutenda kwavo ne

1. Mashoko ake
2. Zviito zvake
3. Kufanoziva kwake

Jesu akaunza “nzira” itsva yokururama kunaMwari. Nzira iyi ndiyo yakaita jekacheka kutsika nezvaitendwa navaJudha.

1. Iye, kwete Mosesi, ndiye aiva nenyaya
2. Nyasha, kwete mabasa

▣ **“kuti ndini”** Izvi zvinodoma zita raMwari, 'YHWH, 'iro rinobva paizwi rechiito rechiHebheru rokuti” kuva” (cf.”ndini” romunaEkisodho. 3:14). Jesu arikutaura kuti iye ndiye Mesiasi akavimbiswa nenzira inechirevo chouMwari pano (cf. 4:26; 8:24, 28, 58; 13:19 na18:5, 6, 8; onazve Mateu. 24:5 naMako. 13:6; Ruka. 21:8).

Tarira nhaurwa inokosha:mazita ouMwari pa6:20.

13:20 Kazhinji, Johani anoshandisa izwi rokuti” tenda” (*pisteuō*), “tenda kwa” (*pisteuō eis*) kana kuti” tenda kuti” (*pisteuō hoti*) kunan’anura vaKristu, (tarira nhaurwa inokosha:mashandisirwo anoitwa izwi rokuti” tenda “naJohani pa2:23), asi anoshandisawo mamwe mazwi akaita sookuti” gamuchira” kana “chingamidza” (cf. 1:12; 5:43; 13:20). Vhangeri rinoreva zvose kuchingamidza munhu pamwe nokugamuchira zvokwadi yebhaibheri pamusoro pemunhu iyeye, pamwewo nokurarama upenyu hwekutevedzera munhu iyeyezve.

▣ **“anogamuchira wandinotuma anogamuchireni”** Houno mutsara unoudzamu unoreva masimba akapiwa kuvadzidzi vaJesu. Mutsara uyu unogona kushanda panhanho dzakasiyana siyana.

1. Nzendo dzoutumwa dzevanegumi nevaviri (Mateu. 10:40) pamwe nevane makumi manomwe (Ruka. 10:16)
2. Huchapupu hwekereke (cf. 17:20)

Shoko raJesu rinesimba rokushandura hupenyu risingaenderani nomunhu anoritaura. Masimba ari mushoko (kureva., vhangeri), kwete shoko repanyika.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :13:21-30

²¹Zvino Jesu akati areva kudaro, akamanikidzwa mumweya, akapupura akati, “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, mumwe wenyu achandipandukira.”²²Vadzidzi vakatarirana, vasingazivi wareva ani. ²³Zvino mumwe wavadzidzi vake akanga akasendamira pachipfuva chaJesu, aidikanwa naJesu. ²⁴Simoni Petiroso akamuninira akati kwaari, “Tiudzei kuti ndiani waanoreva.”²⁵Iye akavata pachipfuva chaJesu akati kwaari, “Ishe ndianiko?”

²⁶Ipapo Jesu akapindura, akati, “Ndiye wandichapa chimedu kana ndachiseva.”Zvino akati aseva chimed, akachitora, akapa Judhasi, mwanakomana waSimoni Isikarioti. ²⁷Iye akati agamuchira chimed, Satani akapinda maari.”Ipapo Jesu akati kwaari, “Zvaunoita, ita uchikurumidza.”²⁸Asi kwakanga kusina mumwe kuna vakanga vagere naye pakudya,

akaziva kuti akareverei izvozvi kwaari, “²⁹Vamwe vakanga vachiti, Judhasi zvaagira anechikwama, kuti Jesu akati kwaari, “Tenga zvatinoda pamutambo; kana kuti ape varombo chinhu.”³⁰Iye akati agamuchira chimed, akabuda pakarepo; hwakanga huri usiku.

13:21” akamanikidzwa mumweye” Kupanduka kwaJudhasi kwakashungurudza Jesu zvechokwadi (izwi rimwechetero rinoshandiswa kureva Jesu muna12:27). Jesu akasarudza Judhasi nokuda kwezvaairatidza kuti aizogona kuita pamweya asi izvi hazvina kuzoitika (cf. ndima. 18).

▣ **“zvirokwazvo, zvirokwazvo”** Tarira chinyorwa pa1:51.

13:22 Iyi indima inoshamisa. Vadzidzi chaivo vaJesu vaitya kuti zano rakarongwa kare raigona kuzovaita vapanduki (cf. Mako. 14:19). Iri ndiro dambudziko rokuita mupi werutemo. Zviito zvaMwari hazvikanganisi mazvokuda evanhu, asi zvinokwezvera nokupedzisa zvarinoreva!

13:23 “aidikanwa naJesu” Izvi zvinoita sokuti zvinoreva Johani mbune (cf. 13:23, 25; 19:26-27, 34-35; 20:2-5, 8; 21:7, 20-24). Chikamu. 19, ndima26 chinotsigira izvi. Zita raJohani hariwanikwi muvhangeri iyi. Jesu aiva nevaaida kupfura vamwe here?Zvakadaro aiva nevadzidzi vake chaivo (Petirosi, Jakobho, naJohani) uye nemhuri yaaaida (Razaro, Mariya, Marita).

13:25 Chirevo chechinyorwa ichi chinoratidza madyirwo aiiwa muParastina yemakore zana okutanga. Vadzidzi vainge vakasendama pamakokora avo, patafura yakadzikira, vakapfanyira makumbo avo shure, vachidya nemaoko orudyi. Johani aiva kurudyi rwaJesu, Judhasi ari kuruboshwe kwake (nzvimbo yoruremekedzo). Chinangwa chomugariro uyu hachina kutaurwa mushoko. Johani akasendamira kumashure ndokubvunza Jesu mubvunzo.

13:26” ndiye wandichapa chimed kana ndachiseva” Ichi chaiva chiratidzo chokuremekedza (cf. Rute. 2:14). Judhasi aiva akagara kuruboshwe rwaJesu, uko kwaiva nzvimbo yoruremekedzo. Jesu akanga achiri kuedza kusveerera Judhasi

Chidyo chaiva gapu remiriwo nemuto (tarira nhaurwa inokosha pa13:2). Fananidzo yemunaMako (14:20) inoti” neni.”

Iyi itsanangdzo nokuvhiringika kunoitwa nemunhu akaona zvaanonyora.

▣ **“Isikarioti”** Tarira nhurwa inokosha inotevera pamwe nezvinyorwa pa6:71 ne18:2.

NHAURWA INOKOSHA : ISIKARIOTI

Judhasi akanga anzwa, aona, nokuwadzana naIshu Jesu zvemandorokwati kwemakore akawanda, asi zviripachena kuti akanga asina hukama hwemandiriri nokutenda kwaari (cf. Mateu. 7:21-23). Petirosi anoedzwawo sezvakaitwa Judhasi, asi paine zvibereko zvakasiyana zvikuru. Pane nhaurwa huru iripo pamusoro pokupandika kwaJudhasi:

1. Kwaingova kuda mari (cf. Johani. 12:6)
2. Zvaiva nechokuita nezvematongerwo enyika (cf. vaWilliam Klassen, mugwaro ravo rinonzi, Judhasi mupanduki kana shamwari yaJesu?” *Judas Betrayed or Friend of Jesus?*)
3. Zvaiva zvepamweya (cf. Johani. 13:27)

Panyaya yezvokupindwa naSatani kana madhimoni, pane mabhuku akawnda anonyatsotaura nyaya iyoyi (akadenengudzwanemuronga weandinovimba nawo).

1. Bhuku rava Meriil F. Unger, rinonzi dzidzo yemubhaibheri yezvemadhimoni, nemadhimoni munyika nhasi” *Biblical Demonology, Demons in the World Today*”
2. Bhuku ravaClinton E. Arnold, rinonzi, mibvunzo mitatu inokosha pamusoro pehondo dzemweya” *Three crucial questions about Spiritual warfare*”
3. Bhuku ravaKurt Kochh, rinonzi, rubatsira rwechiKristu nezvinamato zvemuchivande, dzidzo yemadhimoni kare nanhasi” *Christian counselling and Occultism, Demonology Past and Present*”
4. Bhuku ravaC. Fred Dickason, rinonzi, kubatwa nemadhimoni nemuKristu” *Demon possession and the Christian*”
5. Bhuku ravaP Newport, rinonzi, madhimoni, madhimoni, madhimoni” *Demons, Demons, Demons*
6. Bhukiu ravaJohn Warwick Montgomery, vatumwa nemasimba” *Principalities and powers*”

Ngwarirai nhema dzetsika nezvitendero zvisina Mwari. Satani anopinda Petirosi munaMateu. 16:23 kuti aedze Jesu nenzira imwecheteyo—rufu rwake rworutsivo. Satani anoramba achiita basa rake. Arikutsvaga nzira dzose dzokumisa kuitirwa basa rorudzikinuro kwedu naJesu.

1. Kuedzwa kwaJesu, Ruka. 4
2. Anoshandisa Petirosi
3. Anoshandisa Judhasi nedare guru revaJudha (Sanhedrin)

Jesu anotombotsangura Judhasi saSatani munaJohani. 6:70. Bhaibheri haritaure nyaya yekubatwa nemadhimoni pakutaura kwaro pamusoro pevatendi. Asi, zviripachena kuti vatendi vanobatwa zvikuru nesarudzo dzavo pazvima pamwe nouipi hwepazvima!

Muvanzarira wemabviro nezvirevo zveizwi iri haunyatsozivikanwa, zvisinei, pane dzimwewo tsanangudzo dzakawanda dziripo

1. *Kerioth*, guta raJudha (cf. Joshua. 15:25)
2. *Kartan*, guta reGaririya (cf. Joshua. 21:32)
3. *Karōides*, kachisango kemichindwi kari kuJerusarema kana kuJeriko
4. *Scortea*, mhapa kana chikwama chechikumba (cf. Johani. 13:29)
5. *Ascara*, kudzipa (chiHebheru) kubva munaMateu. 27:5
6. Bakatwa romuurayi (chiGiriki), zvichireva kuti aivawo mupindikiti saSimoni (cf. Ruka. 6:15).

13:27” satani akapinda maari” Apa ndipo chete panoshandiswa izwi rokuti” Satani” muvhamngeri yaJohani. Rinoreva kuti” muvengi” muchiHebheru (cf. Ruka. 22:3 naJohani. 13:2). Tarira nhaurwa inokosha pa12:31. ko Judhasi haanawo murandu here nokutiSatani akapinda maari?Mubhaibheri mune makakatanwa pakati pezviito zvenyikadzimu (Mwari achiomesa mwoyo waFarao) nemurandu wevanhu panyika. Chokwadi vanhu havanarusununguko pasarudzo dzavo sezvavanofunga. Tose tinekaunye kenhoroondo, kwatakabva noupenyu, pamwe neropa. Pamusoro peizvi pane nyikadzimu (Mwari, Mweya, Ngirozi, nemadhimoni). Izvi ndizvo zvakavanzika!Zvisinei, vanhu havasi zvidhori; tinemurandu wezviito, sarudzo, nezvibereko zvazvo. Judhasi akaita!Haana kuita oga!Asi anomurandu wezvaakaita. kupanduka kwaJudhasi kwakanga kwakataurwa kare (ndima. 18). Satani ndiye aiva

mvonganiso (tarira nhaurwa inokosha:huiipi pazima pa12:31). Tsaona ndeyekuti Judhasi haana” kuziva” kana kuvimba naJesu.

13:29” Judhasi aiva nechikwama chemari” Judhasi ndiye aibata mari yavo (cf. 12:6). Tarira chinyorwa chakazara pa18:2.

13:30” Hwaiva usiku” Izvi zvingareve nguva here kana kuti panechirevo cheMweya?Johani anogaro shandisa mitsara inoreva zvakawanda iyoyi, iyo inogona kunzwisiswa nenzira dzakawanda (kureva., Nikodhimasi, cf. 3:2; 19:39).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :13:31-35

³¹Zvino akati abuda, Jesu akati, Zvino Mwanakomana akudzwa maari; ³²kana Mwari akudzwa maari, Mwari achamukudza iye maari, uchamukudza pakarepo. ³³Vana vaduku, ndichiri nemi chinguva chiduku; muchanditsvaka asi sezvandarakareva kuvaJudha ndichiti, 'Pandinoenda, imi hamungauyipo, saizvozvo zvino ndinoreva kwamuriwo.'³⁴” Ndinokupai murayiro mutsva, wokuti mudane; sezvandarakudai imi, nemi mudanewo saizvozvo. ³⁵Vose vachaziva naizvozvi kuti muri vadzidzi vangu, kana muno rudo pakati penyuu.”

13:31-38 Ndimu idzi dzinomba chirevo chedungwerungwe remubvunzo yevadzidzi (cf. 13:36; 14:5, 8, 22; 16:17-19) yakabvunzwa panhaurirano muimba yepamusoro husiku hwekudya kwaIshe kwemanheru. Zviripachena kuti mitsara yaJesu pamusoro pokuenda kwake yakakonzerwa kuti vadzidzi vabvunze mibvunzo yakawanda iyo iri pamusoro pokusanzwisisa kwavo mashoko aJesu.

1. Petirosi (13:36)
2. Tomasi (14:5)
3. Firipi (14:8)
4. Judhasi (asiri Isikarioti) (14:22)
5. Vamwe vadzidzi vake (16:17-19)

13:31 “Mwanakomana womunhu” Iyi ndiyo yaiva na’anuro yakanga Jesu akazvisarudzira. Inobva munaEzekieri. 2:1 naDhanieri. 7:13. Inoreva chimiro chomunhu nechouMwari. Jesu akaishandisa nokuti yaisashandiswa muchiJudha chevaRabhi, naizvozvo, yakanga isina chirevo cherudzi, chokureva hurwi uye yaibatandiza zvimiro zvake zvole zviri zviviri (cf. 1Johani. 4:1-3).

13:32 Pane musiyano wezvinyorwa zvechiGiriki pandima iyi. Chinyorwa chirefu chinowanikwa muNASB, NKJV, NRSV, TEV, ne NJB. Chinotsigirwa nechinyorwa che N^C, A, C², K, pamwe negwaro reTextus Receptus. chino (“Mwari anokudzwa maari”) siiwa muchinyorwa cheMSS P⁶⁶, x*, B, C*, D, L, W naX. Ivi zvinoratidza kuva zvinyorwa zvakanaka. Asi zvinogonekawo kuti vanzveri vemagwaro vakavhiringwa nokufambirana ndokubvavasiya mutsara wokutanga.

☐ **“akudzwa”** Izwi iri rinoshandiswa runokwana runa kana rushanu mundima³¹ na³²—ruvuri kana rutatu riri muchimiro chokureva zvakaitwa (AORIST TENSE) uye ruviri riri muchimiro chokureva zvichaitwa (FUTURE TENSE). Rinoreva zano raMwari rokudzikinura kuburikidza nerufu rwaJesu nokumuka kwake (cf. 7:39; 12:16, 23; 17:1, 5). Pano rinoreva zvichaitika

muupenyu hwaJesu. Zvine mukana wokuitika wakakura zvokuti zvinorehwa sokuti zvakatoitika kare (zvakaiteka, 'AORISTS'). Tarira chinyorwa pa1:14.

13:33” vana vaduku” Johani, achinyora somunhu mukuru aibva kuguta kana kunharaunda yeEfeso, anoshandisa zita iri kureva vateereri/vaverengi muvhangeri ya1Johani. 2:1, 12, 28; 3:7, 18; 4:4; 5:21. Pano dimikira raJesu ndiro imwe nzira yokumupa sungano nababa. Ndiye baba, mukoma, muponesi, shamwari naIshe. Kana kuti tikazviisa neimwe nzira, ndiye zvose Mwari asina mugumo pamwe neshamwari iri mukati.

☐ **“ndichiri nemi chinguva chiduku..... sezvandakareva kuvaJudha”** Jesu akanga areva izvi kuvakuru vevaJudha mwedzi inechitsama yakanga yapfura (cf. 7:33) ; zvino anozvitaure kuvapositori vake (cf. 12:35; 14:19; 16:16-19). Naizvozvo, zviripachena kuti nyaya yenguva inoreva ine zvirove zvakawanda.

☐ **“pandinoenda imi hamungauyipo”** Vakuru vevaJudha havigona kuuyapo (cf. 7:34, 36; 8:21). Vadzidzi havaigona kuvanaye kusvika pakufa kwavo. Rufu kana kuenda kunyikadzimu, kuchamubatanidza nevateveri vake (cf. 2vaKorinde. 5:8; 1vaTesaronika. 4:13-18).

13:34” ndinokupai murayiro mutsva wokuti mudane” “kudana” ndiko kwaiva murayiro mutsva (cf. Revhitiko. 19:18; nezve murayiro“Tarira nhaurwa inokosha pa12:50). Chinhu chitsva ndechekuti vatendi vaifanira kudana sezvavakadiwa naJesu (cf. 15:12, 17; 1Johani. 2:7-8; 3:11, 16, 23; 4:7-8, 10-12, 19-29; 2Johani. 5).

Vhangeri ndiye munhu anoda kuchingamidzwa, mutumbi wezvokwadi unoda kutendwa, uye hupenyu hunoda kuraramiwa (cf. 14:15, 21, 23; 15:10, 12; 1Johani. 5:3; 2Johani. 5, 6; Ruka. 6:46). Vhangeri rinogamuchirwa, rinotendwa, nokuraramiwa! Rinoraramiwa murudo kana kuti hariraramiwe!

Ndinofarira mutsara wakataurwa navaBruce Corley muchinyorwa chavo chinonzi, dzidziso yezvouMwari yebhaibheri yetestamende itsva” Biblical theology of the New Testament” mubhuku redzidziso yezvokupirikira, rinonzi, hwaro hwakupirikira bhaibheri” *Foundations for Biblical interpretation:*” vanoti” vanhu vaKristu vanozivikanwa netsika yerudo, apo kuvapo kwenyasha kunesungano nezvinofanira kuitwa zverudo kuburikidza nebasa remweya (cf. vaGaratiya. 5:6, 25; 6:2; Jakobho. 3:17-18; Johani. 13:34-35; 1Johani. 4:7) “(p. 562).

13:35” vose vachaziva naizvozvo kuti muri vadzidzi vangu” Rudo ndicho chimwe chinhu chisingagoni kuitwa naSatani. vatendi vanofanira kuzivikanwa nerudo (cf. 1Johani. 3:14; 4:7-12).

“kana” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuzoitika (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Zvatinoitira vamwe vaKristu ndizvo zvinoratidza hukama hwedu naJesu (cf. 1Johani. 2:9-11; 4:20-21).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :13:36-38

³⁶Simoni Petirosi akati kwaari, “Ishe munoendepiko?” Jesu akapindura, akati, “Kwandinoenda haunganditeveri zvino; asi uchanditevera pashure.”³⁷Petirosi akati kwaari, “Ishe, handingakuteverei zvino neiko? Ndichakufirai ini.”

³⁸Jesu akapindura akati, “Uchandifira here? Zvirokwazvo zvirokwazvo, ndinoti kwauri, jongwe haringariri, usati wandiramba katatu.

13:36” Simoni Petirosi akati kwaari” Uyu ndiwo mubvunzo wokutanga padungwerungwe remibvunzo iri pamusoro pemitsara yaJesu mundima. 31-35 (cf. 13:36; 14:5, 8, 22; 16:17-19). Ndinofara kuti vadidzi vakabvunza mibvunzo iyi uye nokuti Johani akairangarira akainyora!

13:37” ndichakufirai” Petirosi airevesa! Asi zvinoratidza kushaya simba kwevatadzi pamwe nokuti Ishe wedu vakazvipira zvakadii, vakaita izvi.

13:38” Zvirokwazvo, zvirokwazvo” Tarira chhinyorwa pa1:51.

▣ **“Jongwe haringariri usati wandiramba katatu”** Iri rinofanira kunga raiva jongwe rechiRoma. VaJudha vaisabvumira mhuka muguta nokuti maiva nzvimbo inoera. Ndokusaka vazhinji vaiva vapfumi vaiva namapindu (aida mupfudze) aiva kunze kweguta, kugomo remiorivhi. Bindu reGetsemani nderimwe remapindu aya.

Jesu arikushandisa kufembera kuzvikurudzira kutenda. Chero chinhu chakaipa seichi chinoratidzawo kuziva nokubata zviitiko zveramangwana (cf. 18:17-18, 25-27; Mateu. 26:31-35; Mako. 14:27-31; Ruka. 22:31-34)

MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Sei Johani asinganyore nevzechidyo chemanheru chaIshe?
2. Sei Jesu akashambidza tsoka dzevadzidzi ?Isu tinofanira kushambidzana tsoka here?
3. Sei Jesu akasarudza Judhasi kuti ave mudzidzi wake?
4. Ko munhu angaziva sei kuti iye ava muKristu wemandorokwati?

JOHANI 14

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Jesu, Nzira yokuenda kunaBaba 14:1-14	Nzira, Chokwadi noupenyu 14:1-6 Baba vanoratidzwa 14:7-11 Munyengetero wakapandurwa 14:12-14	Hukama hwevatendi kuma Kristu akakudzwa 14:1-7 14:8-14	Jesu, nzira yokuenda kuna Baba 14:1-4 14:5 14:6-7 14:8 14:9-14	Nhaurirano dzeonekano (13:31-14:31) 14:1-4
Vimbiso yeMweya 14:15-24	Jesu anovimbisa mumwe mubatsiri 14:15-18 Kugara mukati kwaBaba neMwanakomana 14:19-24 Chipo chorugare rwake 14:25-31	14:15-17 14:18-24	Vimbiso yeMweya Mutsvene 14:15-17 14:18-20 14:21 14:22 14:23-24 14:25-26 14:27-31a 14:31b	14:22-31

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzera yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyorori. Ndiyo zve hwaro hwekupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

5. Ganhuro yokutanga
6. Ganhuro yepiri
7. Ganhuro yetatu
8. Nezvimwewo.

MURONGA WAJOHANI. 14:1-31

A. Hapafanire kuva nekupatsanuka kubva panaJohani. 13 kusvika kunaJohani. 17 nokuti zvikamu izvi zvinoumba chidzidzo chechinyorwa chimwechete, nhaurirano muimba yepamusoro, manheru echidyo chaIshe. Zviripachena kuti zvakataurwa naJesu pamusoro pokuenda kwake ndizvo zvakakonzero kuti vadzidzi vave nemibvunzo yakawanda. Chirevo chechinyorwa chino chakaumbwa nedungwerungwe remibvunzo iyi, iyo iri pamusoro pokusanzwisisa kwaiitwa navapositori mashoko aJesu.

1. Petirosi (13:36)
2. Tomasi (14:5)
3. Firipi (14:8)
4. Judhasi (asiri Isikarioti) (14:22)
5. Vamwe vadzidzi vake (16:17-19)

Rangarira kuti Johani anoshandisa nhaurirano kutaura chokwadi!

B. Mibvunzo iyi ichiri kubatsira vatendi

1. Inoratidza kuti chero ivo vapositori vaigara naJesu panyama Havaimunzwisisa nguva dzose.
2. Mamwe emashoko aJesu akadzama uye anokosha akataurwa pakupindura mibvunzo yokusanzwisisa iyi.

C. Chikamu. 14 ndicho chinotarura nhaurirano yakaitwa naJesu yo” mubatsiri” achauya

1. Kududzwa kunoitwa naJesu nyaya yeMweya mutsvene munhaurirano dzemumba yepamusoro idzi, kunehochekeche nokusagadzikana pamwe nokutya kwaiitwa navadzidzi pamusoro pokuenda kwaJesu (cf. 13:33, 36)
vaMichael Magill mugwaro ravo re” *New Testament TransLine* (p. 355)
vanodonongodza mazwi akanaka pamusoro pemhinduro dzaJesu dzaiva dzakanagana nemibvunzo yokutya iyi.
 - a. “muchava neni rimwe zuva, kwandinoenda, “ndima. 1-11
 - b. “zvichakuitirai zvakanaka kuti ndinoenda, “ndima. 12-17
 - c. “ndichazviratidza kwamuri, “ndima. 18-26
 - d. “ndinokupai rugare rwangu, “ndima. 27-31

2. Nhaurirano iyi youshumiri hweMweya mutsvene haina kuvandudzwa. Pane zvinhu zvakawanda zvinokosha zvoushumiri hwake zvisina kutaurwa muchirevo chechinyorwa ichi.

3. Mabasa eMweya oku
 - a. Ratidza chokwadi pamwe nokuva
 - b. Munyaradzi wepauzima ndiwo akakumikidzwa

DZIDZO YEMITSARA NEMAZWI

NASB (ZVONYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :14:1-7

¹” Mwoyo yenyu irege kumanikidzwa; tendai kunaMwari, mutendewo kwandiri. ²Mumba mababa vangu mune nzvimbo zhinji dzokugara; dai kusaiva kudaro, ndingadai ndaikuudzai; nokuti ndinoenda kundokugadzirirai pokugara. ³” Kana ndaenda kundokugadzirirai pokugara, ndinozouyazve, ndikugamuchirei kwandiri; kuti apo pandiri, nemi mugovapowo. ⁴Napandinoendanapo, imi munoziva nzira.”

⁵Tomasi akati kwaari, “Ishe hatizivi pamunoenda; nzira tingaiziva Seiko?” ⁶Jesu akati kwaari, “Ndini nzira, nechokwadi, noupenyu; hapana munhu unouya kuna baba, asi nokwandiri. ⁷Dai makanga muchindiziva mungadai maizivawo baba vangu; kubva zvino munovaziva, makavaona.”

14:1 “irege” Ichi ndicho chirevo chokuratidza zvirikudokwairirwa (PRESENT PASSIVE IMPERATIVE) chine tsiudzo (NEGATIVE PARTICIPLE).”Musarega mwoyo yenyu ichimanikidzwa.”Nhaurwa yaJesu yokuti anoenda yakanga yakonzera kusagadzikana kukuru.

▣ **“mwoyo yenyu”** Tarira uone kushandiswa kwechimiro chouwandu. Jesu akanga achitaura navo vose vari gumi nomumwe. Mashandisirwo anoitwa izwi rokuti” mwoyo” muchiHebheru, ndookureva munhu chaiye:pfungwa, mazvokuda, nedengerera (cf. Dhuteronomi. 6:5; Mateu. 22:37). Tarira nhaurwa inokosha pa12:40.

▣ **Tendai kunaMwari mutendewo kwandiri”** Izvi zvinogona kuva zvirevo zviviri zvezviri kudokwairirwa kuti zviitwe (PRESENT ACTIVE IMPERATIVES) (NASB, REB) kana kuti zvirevo zviviri zvezviri kuitwa (PRESENT ACTIVE INDICATIVES) kana kuti mubatanidzwa wazvo vose (NKJV, NJB nebhaibheri rennet anoti mtsara wokutanga unodoma chirevo wepiri unodoma kudokwairira). Kutenda maitiro uye zierendamberi. Nengaidzo yemurongerwo wezvivakamutauro inoratidza kuti Jesu anozviananisa nababa. Rangarirawo kuti vanhu ava vaiva vaJudha vakanga vachitenda zvikuru kunaMwari mumwechete (cf. Dhuteronomi. 6:4-6) asiwo vakaziva zvaireva mitsara yaJesu (tarira nhaurwa inokosha:Mwari vatatu mumwe pa14:26). Kutenda kuti kunaMwari nokuva muKristu, zvinhu zviviri zvakasiyana. Mutsara hauna kutarisa nyaya yegwara redzidziso, asi iye Jesu Kristu.

14:2 “mumba mababa vangu” MuTetsamende yekare izwi rokuti” imba “rinoshandiswa kurevaTabhanakeri kana Temberi (cf. 2Samueri. 7), zvisinei muchirevo chechinyorwa chino, zviripachena kuti rinoshandiswa kureva panogara mhuri yaMwari kudenga kana kuti kugara naye mutemberi yake (cf. Mapisarema. 23:6; 27:4-6).

NASB, REB, NIV “Kusaiva kudaro, ndingadai ndakuudzai”

NKJV “Kusaiva kudaro, ndingadai ndakuudzai”

TEV “Ndingadai ndisina kukuudzai dai kwaisava kudaro”

NJB, NET “Ndai dai ndakuudzai” shandurudzo yavaYoung “uye dai zvisaiva izvo, ndakuudzai”

NBV “Dai zvisaiva izvo, ndakuudzai”

WT “Dai dzaisvako, ndakuudzai”

▣ **“ndinoenda kundokugadzirirai pokugara”** Izvi hazvirevi kuti, denga ranga risina kugadzirwa, asi kuti dzidziso hupenyu nokufa kwaJesu ndiko kunobvumira mutadzi kuti aende uye nokunogara naMwari mutsvene. Jesu anotangira vatendi kuenda somutungamiri nomuzaruri wenzira (cf. vaHebheru. 6:20).

14:3 “kana” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuitika (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Jesu avaudza kuti arikudzokera kunababa munguva shoma inotevera (kureva., 7:33; 16:5, 10, 17, 28) uye achavagadzirira pokugara.

Gwaro rinobatsira vashandurudzi reUBS riri pamusoro pevhangeri yaJohani iro rakaitwa navaNewman navaWider rinoti muvaravara uyu unofanira kunzwisiswa nenzira yokureva chinguvana kuti” mushure mokunge ndaenda” kana” apo ndichaenda” kana” sezvo ndichienda” (p. 456).

▣ **“ndinozouyazve ndikugamuchirei kwandiri”** Izvi zvinoreva kuuya kwepiri kana kufa (cf. 2vaKorinde. 5:8; 1vaTesaronika. 4:13-18). Kuwadzana zve mandorokwati naJesu kunoratidza kuwadzana kwaJesu nokwababa (cf. 1:1, 2). vaKristu vachabatikawo muukama hwemandiriri hwaJesu nababa (14:23; 17:1ff).

Izwi rechiito rakashandiswa apa, rokuti kugamuchira (*paralambanō*), rinoreva “kuchingamidza munhu.”Denga ndirwo ruwadzano rwepauzima naMwari. Izvi zvinosiyana nezvakanyorwa pana1:2 (*lambanō*). Zvakaoma kunyatsoratidza kupindirana kwemuvanzrira wezvirevo nemabviro emazwi maviri aya. kazhinji anenge aine chirevo chinofanana.

▣ **“apo pandiri nemi mugovapowo”** Kudenga ndiko kunaJesu (cf. 17:24) !Denga ndiko kuwadzana naMwari vatatu mumwe zvepauzima!Testamende itsva haina kujekesa kuti kuwadzana uku kuchavapo riini

1. Pakufa, 2vaKorinde. 5:8

2. Pakuuya kwepiri. 1vaTesaronika. 4:13-18

Zvinoshamisa kuti Bhaibheri haritauri nezveupenyu mushure mokufa. Bhuku rakanaka panyaya iyinderakanyorwa navaWilliam Hendriksen, rinonzi, bhaibheri pamusoro poupenyu mushure mokufa” *The Bible on the hereafter.*”

NHAURWA INOKOSHA:VAKAFA VARIPI?

I. Testamende yekare

A. Vanhu vose vanomedzwa nenyika (*sheol*) (muvanzrira wezvirevo namabviro haunyatsozivikanwi, BDB 1066), Iyo inova nzira yokureva kuti rufu kana bwiro, kazhinji muzvinyorwa zvuongwaru nemunaIsaya. Mutestamende upenyu hwaingova semumvuri husinganakidze (cf. Jobho. 10:21-22; 38:17).

B. Tsanangudzo yezwi rokuti *sheol*

1. Rinesungano nekutonga kwaMwari (moto), Dhuteronomi. 32:22

2. Rinesungano nokurangwa nyangwe zuva rokurongwa risati rasvika, Mapisarema.

18:4-5

3. Rinesungano nokuparadza (*abaddon*), kunoitwa naMwari, Jobho. 26:6; Mapisarema. 139:8; Amosi. 9:2
4. Rinesungano ne” gomba” (guva), Mapisarema. 16:10; Isaya. 14:15; Ezekieri. 31:15-17
5. Vakaipa vanopinda muvhu (*sheol*) vari vapenyu, Numeri. 16:30, 33; Mapisarema. 55:15
6. Rinowanzotsanangurwa sezimhuka huru rine muromo mukuru, Numeri. 16:30; Isaya. 5:14; Habhakuki. 2:5
7. Kune vanhu ikoko vanodanwa kuti *Repha'im*, Isaya. 14:9-11

II. Testamende itsva

A. Izwi rechiHebheru rokuti *Sheori* rinoshandurudzirwa muchiGiriki richinzi *Hadhesi* (nyika isina akamboona)

B. *Hadhesi* ino

1. Reva rufu, Mateu. 16:18
2. rinesungano nokufa, Zavakazarurwa. 1:18; 6:8; 20:13-14
3. Kazhinji rineranganidzo nenzvimbo yokurangwa zvachose (*Gehena*), Mateu. 11:23 (zvaktorwa muTestamende yekare) ; Ruka. 10:15; 16:23-24
4. Kazhinji rineranganidzo neguva, Ruka. 16:23

C. Panogona kuva nokupatsanurana (vaRabhi)

1. Nzvimbo yokururama (rimwe zita rokureva denga, cf. 2vaKorinde. 12:4; Zvakazarurwa. 2:7), Ruka. 23:43
2. Nzvimbo yakaipa inonzi taritaro '*tartarus*, '2Petirosi. 2:4, inova nzvimbo inochengetrwa ngirozi dzakaipa (cf, Genesi. 6; 1Enoki.)

D. *Gehena*

1. Rinoreva mutsara wemutestamende yekare wokuti” nzvimbo yevanakomana vaHinomu, “(kuchamhembe kweJerusarema). Ndiyo nzvimbo yainamatirwa mwari wemoto wavaFenike, ainzi *Molek* (BDB 574), nokuita chibayiro chemwana (cf. 2Madzimambo. 16:3; 21:6; 2Makoronike. 28:3; 33:6), izvo zvairambidzwa munaRevhitiko. 18:21; 20:2-5.
2. Jeremiya akashandura nzvimbo kubva mukunamatirwa zvimwari zvenhema akaiita nzvimbo yokutonga kwaMwari (cf. Jeremiya. 7:32; 19:6-7). Yakava nzvimbo yokutonga kunotyisa nokusingaperi muna1Enoki. 90:26-27 naSib. 1:103.
3. vaJudha venguva yaJesu vainyangadzwa zvikuru netsika yamadziteteguru avo yokuita vana zvibayiro. Vakabva vashandura nzvimbo iyi vakaiita nzvimbo yokurasira marara muJerusarema. Madimikira mazhinji aJesu okureva kutongwa nokusingaperi aiva omuenzaniso wenzvimbo iyoyi (moto, hutsi honye, munhuwe, cf. Mako. 9:44, 46). Izwi rokuti *Gehena* rinoshandiswa naJesu chete (kunze kwomunaJakobho. 3:6).
4. Mashandisirwo anoitwa izwi rokuti *Gehena* naJesu
 - a. Moto, Mateu. 5:22; 18:9; Mako. 9:43
 - b. Zvachose, Mako. 9:48 (Mateu. 25:46)
 - c. Nzvimbo yokuparadzwa (zvose nyama nomweya), Mateu. 10:28
 - d. Rinofananidzwa nerokuti *sheori*, Mateu. 5:29-30; 18:9
 - e. Rinotsanagura vakaipa se” vanakomana vegehena, “Mateu. 23:15

- f. Zvabuda mumutongo, Mateu. 23:33; Ruka. 12:5
 - g. Maonero okuti *Gehena* anofanana norufu rwepiri (cf. Zvakazarurwa. 2:11; 20:6, 14) kana nynza yemoto (cf. Mateu. 13:42, 50; Zvakazarurwa. 19:20:10, 14-15:21:8). Zvinogona kuti nyanza yemoto inova nzvimbo yevamwe vanhu yokugara zvachose (vanobva kusheori) nengirozi dzakaipa (dzinobva kuTaritaro), 2 Petirosi. 2:4; Judhasi. ndima. 6 kana gomba rakadzikadzika, cf. Ruka. 8:31; Zvakazarurwa. 9:1-11; 20:1, 3).
 - h. Haina kuitirwa vanhu, asi Satani nengirozi dzake, Mateu. 25:41
- E. Zvinogoneka nokuda kwekupindirana kwemazwi aya okuti *sheori*, *Hadhesi*, *Gehena* kuti
- 1. Pakutanga vanhu vose vaienda kusheori/Hadhesi
 - 2. Kuipa kana kunaka kwenzvimbo iyi kunonyanya kuvandudzwa mushure mezuva rokutongwa, asi nzvimbo yevakaipa haishanduki (ndosaka bhaibheri reKJV rakashandurudza *Hadhesi* richinzi (guva) *Gehena* (nyanza yemoto).
 - 3. Chinyorwa chetestamende itsva chinotaura nezve kutambura kutongwa kusati kwaitwa ndiwo muenzaniso uri muna Ruka. 16:19-31 (Razaro nemupfumi). *sheori* inotsanagurwawo senzvimbo yekurangwa izvozvi (CF. Dhuteronomi. 32:22; Mapisarema. 18:1-5). zvisinei, haungaumbe gwara redzidziso kubva pamuenzaniso.
- III. Chimiro chiripo pakati pokufa nokumuka
- A. Testamende itsva haidzidzise nezve” kusafa kwemweya”, ayo anova mamwe emaonero akare pamusoro poupenyu mushure mokufa.
- 1. Mweya yavanhu inovapo isati yava noupenyu hwenyama
 - 2. Mweya yevanhu inovapo nokusingaperi isati kana mushure mokufa kwenyama
 - 3. Kazhinji muviri womunhu unoonekwa setirongo uye rufu runoonekwa sokusunungurirwa kuenda kuchimiro chokuvapo kare
- B. Testamende itsva inongonyevera nezvekuva muchimiro chokusava nomutumbi pakati pokufa nokumuka
- 1. Jesu anotaura nezvokupatsanurana kwemweya nemutumbi, Mateu. 10:28
 - 2. Abhurahamu anogona kuva nomutumbi izvozvi, Mako. 12:26-27; Ruka. 16:23
 - 3. Mosesi naErija vane mutumbi pakubwinya pagomo kwaJesu, Mateu. 17
 - 4. Pauro anoti pakuuya kwepiri, mweya ina Kristu ichatanga kuwana mitumbi pokutanga, 1vaTesaronika. 4:13-18
 - 5. Pauro anoti vatendi vachawana mitumbi yavo yemweya pazuva rokumuka, 1vaKorinde. 15:23, 52
 - 6. Pauro anoti vatendi havaendi kuHadhesi, asi pakufa vanenge vaina Jesu, 2vaKorinde. 5:6, 8; vaFiripi. 1:23. Jesu akakunda rufu akatora vakarurama akaenda navo kudenga, 1Petirosi. 3:18-22.
- IV. Kudenga
- A. Izwi iri rinoshandiswa nenzira nhatu mubhaibheri.
- 1. Muhasva uri pamusoro penyika, Genesi. 1:1, 8; Isaya. 42:5; 45:18
 - 2. Matenga anomunyerekete wenyeredzi, Genesi. 1:14; Dhuteronomi. 10:14; Mapisarema. 148:4; vaHebheru. 4:14; 7:26
 - 3. Nzvimbo yechigaro chaMwari, Dhuteronomi. 10:14; 1Madzimambo. 8:27; Mapisarema. 148:4; vaEfeso. 4:10; vaHebheru. 9:24 (denga retatu, 2vaKorinde. 12:2)

- B. Bhaibheri hariburitsi zvakawanda nezveupenyu mushure mokufa, dzimwe nguva zvakadaro nokuti vatadzi havangagoni kuzvinzwisisa (cf. 1vaKorinde. 2:9).
- C. Denga inzvimbo (cf. Johani. 14:2-3) pamwe nomunhu (cf. 2vaKorinde. 5:6, 8). Dena rinogona kuva bindu reIdheni rakadzoredzwa (Genesi. 1-2; Zvakazarurwa. 21:-22). Nyika ichashambidzwa nokudzoredzwa (cf. Mabasa. 3:21; vaRoma. 8:21; 2Petirosi. 3:10). Mufananidzo waMwari (Genesi. 1:26-27) unodzoredzwa munaKristu. Zvino ruwadzano rwemandorokwari rwemubindu reIdheni runogoneka zvakare.

Zvisinei, iri rinogona kuva dimikira (denga riri guta guru rinorehwa munaZvakazarurwa. 21:9-27) kwete zvekwasvo kwazvo. 1vaKorinde. 15 inotsanagura musiyano pakati pemutumbi wenyama nemutumbi wemweya setsanga yechirimwa chakasvika. 1vaKorinde zvakarewo (mazwi akatorwa munaIsaya. 64:4 na65:17) ivimbiso netariro huru!Ndinoziva kuti patinomuona tinova saiye (cf. 1Johani. 3:2).

V. Mabhuku anobatsira

- A. Bhuku ravaWilliam Hendriksen, rinonzi bhaibheri pamusoro poupenyu mushure mokufa” *The Bible On the Life after death*”
- B. Bhuku ravaMaurice Rawlings, rinonzi, mberi kwemusuo werufu” *Beyond death’s door*”

14:4” munoziva nzira” Mutsara waJesu unokonzera kuti Tomasi azengurire pamusoro pokuziva nzira. Mhinduro yaJesu inouya iri mumazwi matatu ayo anonyanya kushandiswa mutestamende yekare.

14:6 “ndini nzira” Mutestamende yekare, kutenda kwemubhaibheri kwaitaurwa kuchinzi inzira yemararamiro (cf. Dhuteronomi. 5:32-33; 31:29; Mapisarema. 27:11; Isaya. 35:80. Zita raishandiswa nekereke yokutanga nderokuti “nzira” (cf. Mabasa. 9:2; 19:9, 23; 24:14, 22). Jesu akanga achikumikidza kuti aiva uye ndiye chete nzira yokuenda kunaMwari. Iyi ndiyo nyaya huru yevhangeri yaJohani!Mararamiro emabasa akanaka ndiwo humboo hwekutenda pazvima (cf. vaEfeso.. 2:8-9, 10), kwete bhindauko rokururama. Tarira chinyorwa pa8:12.

▣ **“chokwadi”** Izwi rokuti “chokwadi” muudzamisi hwendangariro hwechiGiriki raiva nechirevo “chokwadi “maringe ne” nhema” kana “zvokwadi” maringe ne “ruvhevhe.”Zvisinei, ava vaiva vadzidzi vaitaura rurimi rweAramaic vaigona kunzwa kuti Jesu arikutaura nechirevo chetestamende yekare chokuti chokwadi zvaireva” kutendeseka” kana “kuvimbisika” (cf. Mapisarema. 26:3; 86:11; 119:30). Zvose “chokwadi” ne” hupenyu” zvinoreva “nzira.”Izwi rokuti” chokwadi” rinowananzoshandiswa muvhangeri yaJohani kureva kuita kwoutsvene (cf. 1:14; 4:23-24; 8:32; 14:17; 15:26; 16:13; 17:17, 19). Tarira nhaurwa dzinokosha pamusoro pechokwadi pa6:55 na17:3.

▣ **“hupenyu”** “Hupenyu” ndihwo hunodanwa kuti ‘zoa’ rinova izwi rinoshandiswa naJohani kutsanangura hupenyu hwenguva itsva. Mutestamende yekare, mararamiro okutenda emutendi ndiwo anotsanagurwa senzira youpenyu (cf. Mapisarema. 16:11; Zvirevo. 6:23; 10:17). Mzwi ose ari matatu aya anesungano nemararamiro okutenda ayo anowanikwa chete muukama hwepauzima naJesu Kristu.

▣ **“hapana munhu anouya kuna baba, asi nokwandiri”** Hokuno kutaura kuno katyamadza!Pano domwa nzira imwechete asiwo zviripachena kuti Jesu aitenda kuti kuburikidza noukama hhwemandorokwati hwepauzima naiye chete ndihwo hwaiita kuti munhu azive Mwari

(cf. 1Johani. 5:10-12). Izvi ndizvo zvinodanwa kuti chigumbuso chokusanangurira chechiKristu. Panyaya iyi hapana kusava nokwekurekerera. Mutsara uyu ndowe chokwadi kana kuti chiKristu ndechenhema! Izvi zvinofanana naJohani. 10 nenzira dzkakawanda.

14:7 “Dai” Pane musiyano wezvinyorwa uri maererano nemhando yemutsara weshongedzo (CONDITIONAL SENTENCE). Gwaro reUBS rechiGiriki rinotsigira mutsara uneshongedzo yokuva wechokwadi pamaonero omunyori (FIRST CLASS CONDITIONAL SENTENCE), sezvinoitawo zvinyorwa zvechiGiriki zveP⁶⁶, N, naD. Mutsara uyu unobva washandurudzwa uchiti” dai maindiziva ini uye munondiziva, saka maizivawo nababa vangu, avo vamunoziva.”

Unogona kuva mutsara uneshongedzo yokuburitsa chokwadi nokudoma nyaya inopikisa (SECOND CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Shandurudzo inobva yati” dai maindiziva ini, zvino hamundizivi, naizvozvo maidai maizivawo nababa vangu, avo vamusungazivi.” Izvi zvinotsigirwa nezvinyorwa zveA, B, C, D^b, K, L, naX. Uyu ndiwo mutsara wakaoma nokuti taifunga kuti vapositori vakanga vatenda kare kuruponeso munaJesu saMesiasi akatumwa naMwari’YHWH. Ichi chokwadi chitsva chinofanira kunge chakavaomera kugamuchira zvikuru. Vhangeri yaJohani inoita sokuti inotaura nezvenhanho dzorutendo. Chirevo chechinyorwa chinoita sokuti chinotsigira mutsara uneshongedzo yokuburitsa chokwadi nokudoma nyaya inopikisa (SECOND CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Tarira uonewo chimiro chimwechetcho mundima. 2 na 28.

“maindiziva” Jesu arikutaura neboka rose revapositori zvakare (cf. ndima. 9). Izwi rokuti” ziva” rinoshandiswa nenzira yemutestamende yekare, iyo inotaura nezveukama hwemandorokwati hwepauzima, kwete kungozivana chete (cf. Genesi. 4:1; Jeremiya. 1:5).

“mungadai maizivawo baba vangu” Kuona Jesu ndiko kuona Mwari (cf. Johani. 1:14-18; 5:24; 12:44-45; 2vaKorinde. 4:4; vaKorose. 1:15; vaHebheru. 1:3). Jesu ndiye kuzviratidza chaiko kwaMwari asingaoneki. Hapana anoramba Jesu angataure kuti anoziva Mwari (cf. 1Johani. 5:9-12).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :14:8-14

⁸Firipi akati kwaari, “Ishe, tiratidzei baba zvigotiringana.”⁹Jesu akati kwaari, “Ndakava nemi nguva refu yakadai, ko hausati wandiziva here, Firipi? Andiona ini, aona baba; zvino unoreva Seiko uchiti, “Tiratidzei baba?”¹⁰Hautendi here kuti ndiri muna baba nababa vari mandiri? Mashoko andinoreva kwamuri, handiarevi pachangu; asi baba, vanogara mandiri, ndivo vanoita mabasa avo. ¹¹Nditendei kuti ndiri munababa, nababa vari mandiri; kana kusi kudaro, nditendei nokuda kwamabasa amene. ¹²Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, Anotenda kwandiri, mabasa andinoita, iye achaitawo, achaita makuru kuna awa; nokuti ndinoenda kuna baba. ¹³Chinhu chipi nechipi chamunokumbira muzita rangu, ndichachiita, kuti baba vakudzwe muMwanakomana. ¹⁴Kana muchikumbira chinhu kwandiri muzita rangu, ndichachiita.

14:8” Firipi akati kwaari” Zviripachena kuti Firipi (1) aida kuoneswa Mwari (kuoneka kwaMwari semutumwa kana munhu) kunge saMosesi, Isaya, kana Ezekieri kana (2) kuti aisanzwisisa mazwi aJesu zvachose. Jesu anopindura nokutsindikidza kuti apo Firipi akaona nokuziva iye, akatoziva nokuona Mwari (cf. vaKorose. 1:15; vaHebheru. 1:3) !



NASB “Zvakatiringana”

NKJV “Zvakatiringana”

NRSV “Zvigotiringana”

TEV “Tinotsvaka izvozvo chete”

NJB “Zvino tichagutsa nazvo”

Vadzidzi ava vaidza chiratidzo sevaFarisi. Zvisinei, vatendi vanofanira kufamba nokutenda kwete nokuona (cf. vaKorinde. 4:18; 5:7) munyaya dzezvemweya. Ruvimbo ndiyo nyaya yacho. !

14:9 “ndakava nemi nguva refu” Tarira uone kuti mutsara uyu uri muchimiro chowandu. Firipi akabvunza mubvunzo waifungwa navadzidzi vose.

▣ **“andiona ini aona baba”** Ichi ndicho chirevanguva chezvakaaitika uye zvine zvibereko zviripo (PERFECT ACTIVE PARTICIPLE) chine izwi rechiito rinoreva zvakaaitika zvine zvibereko zviripo (PERFECT ACTIVE VERB) izvo zvinoreva kuti akaona uye anoramba achiona.” Jesu anoratidza uMwari zvakaaperera (cf. vaKorose. 1:15; vaHebheru. 1:3).

14:10 Mubvunzo waJesu muchiGiriki unotarisa mhinduro yokuti” hongu.” Tarira nhaurwa inokosha :” kugara” muzvinyorwa zvaJohani pana1Johani. 2:10.

▣ **“u...mu”** Chirevo cha’uwe.. u’ chokutanga chiri muchimiro chomwe, zvichireva Firipi. Chirevo chepiri chokuti” mu” chiri uchimiro chowandu, zvichireva boka ravapostori rose (ndima. 7, 10).

▣ **“mashoko andinoreva kwamuri, handiarevi pachangu”** Jesu aaitira baba pazvinhu zvose (cf. ndima. 24; 5:19, 30; 7:16-18; 8:28; 10:38; 12:49). Dzidziso yaJesu ndiyo mashoko ababa chaiwo (cf. ndima. 24)

▣ **“asi baba vanogara mandiri, ndivo vanoita mabasa avo”** Urwu ruwadzano pakati pababa noMwanakomana (kureva., 7:14; 8:28; 10:38), urwo runokumikidzwa mumunyengerero waJesu wouPirista muchikamu. 17, ndirwo runova hwaro hweku” gara” kwevatendi munaKristu muchikamu. 15. Vhangeri yaJohani inoburitsa ruponeso se (1) gwara redzidziso; (2) ruwadzano; (3) kuteerera; ne (4) kutsungirira.

14:11” nditendei” Izvi zvinoreva zvirikudokwairirwa kutizviitwe (PRESENT ACTIVE IMPERATIVE) kana zvirikuitwa (PRESENT ACTIVE INDICATIVE) (cf. 14:1).

Pane musiyano wezvinyorwa huru pano mumutsara wezaruro mundima ino. Zvinyorwa zvakare zvechiGiriki (P⁷⁵, N, D, L, naW) dzinongori nezwi rechiito rokuti” tendai” riichiteverwa nezwi rokunongedza rokuti (*hoti*) “kuti, “richireva kuti vaifanira kugamuchira chokwadi pamusoro poubatana kwaJesu naBaba. Zvimwewo zvinyorwa zvakare (MSS A na B) zvinowedzera chirevo chokunongedza zita (DATIVE) chokuti” kwandiri, “sokuratidza chinangwa chepauzima cherutendo. Vanzveri vegwaro reUBS rechiGiriki vanoti tsanangudzo yokutanga ndiyo yaiva yemabviro (cf. Bhuku ravaBruce M. Metzger rionzi, tsoropodzo yechinyorwa chetestamende itsva yechiGiriki” *ATextual commentary on the Greek New Testament*, “rinopa tsanangudzo yepiri chipimo chepiri” B” [kureva pedo nechokwadi], p. 244). Shandurudzo zhinji itsva

dzinoisa” kwandiri” asi dzichiwedzerawo “kuti” (izvo zvinodudza zvacho zvinofanira kutendwa).

▣ **“kana kusi kudaro, nditendei nokuda kwamabasa amene”** Jesu anovaudza kuti vatende mumabasa ake (cf. Johani. 5:36; 10:25, 38). Mabasa ake ndiwo akazadzisa chiporofita chetestamende yekare. Mabasa ake airatidza kuti iye ndiani! Vapositori, sesu tose, vaifanira kukura mukutenda.

14:12 “Zvirokwazvo, zvirokwazvo” Tarira chinyorwa pa1:51.

▣ **“anotenda ...achaita”** Kutenda hakusi kwemumurangiro chete asi izwi rinoreva kuita. Mutsara wokuti” achaita mabasa makuru kunaawa” unonongedza zvichaitwa muneramangwana (FUTURE ACTIVE INDICATIVE) unofanira kushandurudzwa uchiti” achaita zvinhu zvikuru.” Izvi zvinogona kureva

1. Muronga wemihasha (cf. Mateu. 28:18-20)
2. Ushumiri kuvaHedheni
3. Mweya uchiva nomutenda woga woga
4. Kunyengeterera kwaJesu (cf. vaHebheru. 7:25; 9:24)

Tarira nhaurwa inokosha: munyengetero unomuganhu ukuwo usina muganhu pana1Johani. 3:22, B. 2.

Mutsara wokupedzisira wokuti” achaita” unokosha kuchiKristu chebhaibheri. Sokutumwa kwakaitwa Mwanakomana naBaba, Mwanakomana anotumawo vadzidzi vake! vari” munaKristu, “vaino” upenyu husingaperi, “zvinoreva kubatwa mu” utumwa hukuru” pamwoyo nepfungwa. ChiKristu haisri mhiko kana chimwewo chinhu chatingafunga mundangariro dzedu. Inzira yemararamiro itsva, maonero matsva! Ayo anoshandura zvinhu zvose! Anofanira kuva esarudzo, misi yose, okuitira hushe hwaMwari, mararamiro okuzvipira.

Kereke inofanira kubata patsva

1. Ushumiri hwemutendi oga oga
2. Zvinokosha zvoutumwa hukuru
3. Sarudzo youshumiri hwekuzvipira hwemisi yose
4. kuvasaKristu zvino!

14:13-14 “chinhu chipi nechipi chamuchakumbira muzita rangu, ndichachiita” TARIRA UONE KUTI Jesu arikuti achapindira minyengetero yedu maererano nemaitiro ake. MunaMabasa. 7:59, Sitefani anonamata kunaJesu. Muna2vaKorinde. 12:8, Pauro anonamata kunaJesu. Muchikamu. 15:16 na 16:23 vatendi vanofanira kutaura naBaba. Kunamata muzita raJesu hakudi mapipi, anotaurwa kumagumo kweminamoto yedu, asi kungonamata mukuda nokuita kwaJesu.

Uyu ndiwo muenzaniso wakanaka wokudiwa kwokutarisisa mivaravara inofanana usati wataura maonero ako pamusoro penyaya dzebhaibheri.

Munhu anofanira kunengaidza mutsara wokuti” chipi nechipi chatichakumbira” ne

1. “muzita rangu” (Johani. 14:13-14; 15:7, 16; 16:23)
2. “rambai muchikumbira” (Mateu. 7:7-8; Ruka. 11:5-13; 18:1-8)
3. “vaviri vachibvumirana” (Mateu. 18:19)
4. “muchitenda” (Mateu. 21:22)
5. “musinganyunyuti” (Mako. 11:22-24; Jakobho. 1:6-7)

6. “musingazviitiri” (Jakobho. 4:2-3)
7. “chengetai mirayiro yake” (1Johani. 3:22)
8. “maererano nokuda kwaMwari” (Mateu. 6:10; 1Johani. 5:14-15)

Zita raJesu rinomiririra maitiro ake. Ndiyo imwe nzira yokureva pfungwa nemwoyo waJesu. Mutsara uyu unowanikwa kazhinji muvhangeri yaJohani (cf. 14:13-14, 26; 15:16; 16:23-26). Kufanana najesu kwakondiko kunoita kuti minamoto yako ipindurwe sokukumbira kwako. Chinhu chakanyanya kuipa chingaitwa naMwari kuvatendi vazhinji pamweya ndiko kupindura minamoto yavo yokuzvisusukidza, yenyama, sokukumbira kwavanenge vaita. Tarira chinyorwa pana1Johani. 3:22.

NHAURWA INOKOSHA :MUNYENGETERO UNESIMBA

- A. Inesungano noukama hwomunhu naMwari vatatu mumwe
 1. Inesungano nokuda kwaBaba
 - a. Mateu. 6:10
 - b. 1Johani. 3:22
 - c. 1Johani. 5:14-15
 2. Kugara munaKristu
Johani. 15:7
 3. Kunamata muzita raJesu
 - a. Johani. 14:13, 14
 - b. Johani. 15:16
 - c. Johani. 16:23-24
 4. Kunamata mumweya
 - a. vaEfeso. 6:18
 - b. Judhasi. 20
- B. Inesungano nezvinangwa zvemunhu pazvima
 1. Kusanzvenganzvenga
 - a. Mateu. 21:22
 - b. Jakobho. 1:6-7
 2. Kukumbira zvisiri izvo
Jakobho. 4:3
3. kukumbira zvisakarurama
Jakobho. 4:2-3
- C. Inesungano nesarudzo dzomunhu pazvima
 1. Kutsungirira
 - a. Ruka. 18:1-8
 - b. vaKorose. 4:2
 - c. Jakobho. 5:16
 2. Kusawirirana mumba
1Petirosi. 3:7
 3. Zvivi
 - a. Mapisarema. 66:18
 - b. Isaya. 59:1-2
 - c. Isaya. 64:7

Munamoto woga woga unopindurwa, asi hausi munamayto wose unesimba. Munamoto hukama

hwekandiro enda kandiro dzoka. Chinhu chakaipa chingaitwa naMwari kumutendi ndiko kubvumira minamoto yake isina mature. Tarira nhaurwa inokosha:kunyengetera pavaKorose. 4:3. Tarira nhaurwa inokosha :kunyengetera ; pana1Johani. 5:14. Donogodzo iri pa www.freebiblecommentary.org.

NHAURWA INOKOSHA:ZITA RAISHE

Uyu waiva mutsara wakajairika wemutestamende itsva wokureva kuvapo pazvima nokushanda kwesimba raMwari vatatu mumwe mukereke. Akanga asiri mapipi, asi kukumbira maitiro aMwari.

Kazhinjiizvi zvaireva Jesu saIshe (cf. vaFiripi. 2:11)

1. Pakupupurwa kwokutenda kwomunhu kurutendo rwake munaKristu pakubhabhatidzwa (cf. vaRoma. 10:9-13; Mabasa. 2:38; 8:12, 16; 10:48; 19:5; 22:16; 1vaKorinde. 1:13, 15; Jakobho. 2:7)
2. Pakudzinga mweya yakaipa (cf. Mareu. 7:22; Mako. 9:38; Ruka. 9:49; 10:17; Mabasa. 19:13)
3. Pakuporesa (cf. Mabasa. 3:6, 16; 4:10; 9:34; Jakobho. 5:14)
4. Pabasa roushumiri (cf. Mateu. 10:42; 18:5; Ruka. 9:48)
5. Panguva yokudzorana mukereke (cf. Mateu. 18:15-20)
6. Pakuparidza kuvaHedheni (cf. Ruka. 24:47; Mabasa. 9:15; 15:17; vaRoma. 1:5)
7. Mukunyengetera (cf. Johani. 14:13-14; 15:2, 16; 16:23; 1vaKorinde. 1:2)
8. Nzira yokureva chiKristu (cf. Mabasa. 26:9; 1vaKorinde. 1:10; 2Timoti. 2:19; Jakobho. 2:7; 1Petirosi. 4:14)

Zvipi nezvipi zvatingaite sevaparidzi, vafindisi, vabatsiri, varapi, vadzingi vemweya yakaipa, nezvimwewo., tinozviiita mukuita kwake, samba rake, kupa kwake—muzita rake!

▣ **“kana”** Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuitika (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE).

▣ **“Kumbirai chipi nechipi”** Kazhinji vatendi vanokurudzirwa kuti vanamate mumweya, kuburikidza neManakomana, kunaBaba. Ndima ino ndiyo yoga muvhangeri raJesu anoudza vanhu kuti vamunamate.

Izvi ndizvo zvinoita kuti zvimwe zvinyorwa zvechiGiriki zvakare zvisiye vara rokuti” ini” (kureva., MSS, A, D, L nezvimwewo zverurimi rweLatin yakare, Vulgate, Coptic, Ethiopian necheSalvic). Gwaro reUBS⁴ rinopa kuiswa kwevara iri chipimo chepiri” B” (kureva pedo nechokwadi). Vara iri rinowanikwa muzvinyorwa zveMSS P⁶⁶, N, B, W, nezvimwewo zverurimi rweLatin yekare, Vulgate, nezvekuSiria.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :14:15-17

¹⁵ Kana muchindida muchachengeta mirayiro yangu. ¹⁶Neni ndichakumbira Baba, vachakupai mumwe Munyaradzi, kuti agare nemi nokusingaperi; ¹⁷ndiye Mweya wechokwadi; nyika haigoni kumugamuchira, nokuti haimuoni, kana kumuziva; imi munomuziva, nokuti agere nemi, achava mukati menyu.

14:15” kana muchindida muchachengeta mirayiro yangu” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuitika (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Kuda Mwari muna Kristu kunoratidzwa nokuteerera.”chengeta” ndicho chirevo chezvichaitika (FUTURE

ACTIVE INDICATIVE), chakashandiswa sechirevo chezvirikudokwairirwa kuti zviitike (vaFriberg, mubhuku ravo rinonzi, Testamende itsva yeGiriki yeongororo “*Analytical Greek New Testament*, p. 337). kuteerera kunokosha zvikuru (cf. 8:51; 14:21, 23-24; 15:10; 1Johani. 2:3-5; 3:22, 24; 5:3; 2Johani. 6; Ruka. 6:46). Ndima. 21, 23 ne24 dzinokumikidzawo chokwadi chimwechetewo. kuteerera ndihwo humboo hwokutendeuka kwechokwadi (cf. Jakobho. na1Johani).

Bhaibheri reNKJV rine chirevo chokudokwairira (IMPERATIVE) Chokuti” chengetai mirayiro yangu, “icho chinotsigirwa negwaro reMSS A, D, W, gwaro reVulgate pamwe nemadzibaba ekereke akawanda. Gwaro reUBS⁴rinopa chirevo chezvichaitika chipimo chetatu” C” (kureva kuti zvakaoma kupa rutemo), izvo zvinotsigirwa nemagwaro e MSS B, L, pamwe negwaro reCoptic, uyewo madzibaba ekereke akasiyana siyana.

14:vachakupai” Tarira chinyorwa pa 14:26.

“NASB, NKJV,

TEV “Mumwe mubatsiri”

NRSV “Mumwe mubatsiri”

NJB “Mumwe Mweya munyaradzi”

Izwi rokuti” mumwe” rinoshandurudza izwi rechiGiriki rokuti (*allos*) iro rinoreva kuti” mumwe akafanana.”Mweya mutsvene unodanwa kuti” mumwe Jesu” (vaG Campbell Morgan, tarira nhaurwa inokosha inotevera).

Izwi repiri nderechiGiriki rokuti “*parakletos*, “iro rinoshandiswa kureva Jesu muna1Johani. 2:1 (semubatsiri) uye kureva Mweya mutsvene munaJohani. 14:26 na16:7-14. Muvanzarira wemabviro nezvirevo ndowekuti” uyo anodanwa kuzobatsira, “nenzira yezvirevo zvemutemo. Naizvozvo, izwi rokuti” mubatsiri” ndiro rinonyatso shandurudza izwi iri. Chimiro chemabviro mamwechetewo echiGiriki, chokuti” munyaradzi” (*parakaleo*), ndicho chinoshandiswa kureva Baba muna2vaKorinde. 1:3-11.

Shandurudzo yezwi rinoreva zita rokuti (NOUN) “mubatsiri” (*parakletos*) rinobva munezvemitemo yechiRoma. Shandurudzo yokuti” munyaradzi” yakatanga kushandiswa navaWycliffe uye rinoreva kushandiswa kwechimiro chezwi rechiito (VERB) chokuti (*parakaleō*) mubhaibheri rechiGiriki rakare (kureva., 2Samueri. 10:4; 1Makoronike. 19:3; Jobho. 16:2; Mapisarema. 69:20; Muparidzi. 4:1; Isaya. 35:4). Rinogona kuva zita rokupikisa raSatani (mupomeri).

Vose Philo naJosephus, vakashandisa izwi iri nenzira yokureva “mubatsiri” kana “muyambiri.”

NHAURWA INOKOSHA:JESU NEMWEYA

Pane kusajeka pakati pebasa roMweya nereMwanakomana. vaG Campbell Morgan vanoti zita chairo reMweya nderokuti” mumwe Jesu” (zvisinei, ava, Jesu neMweya, vanhu vaviri vakasiyana). Inotevera idonongodzo neyenzaniso yemabasa nemazita eMwanakomana neMweya.

1. Mweya uchidanwa kuti” mweya waJesu” nezvimwewo (cf. vaRoma. 8:9; 2vaKorinde. 3:17; vaGaratiya. 4:6; 1Petirosi. 1:11).
2. Vose vachidanwa nemazwi mamwechete
 - a. “chokwadi”
 - 1) Jesu (Johani. 14:6)

- 2) Mweya (Johani. 14:17; 16:13)
- b. “mubatsiri”
 - 1) Jesu (1Johani. 2:1)
 - 2) Mweya (Johani. 14:16, 26; 15:26; 16:7)
- c. “mutsvene”
 - 1) Jesu (Mako. 1:24; Ruka. 1:35; Mabasa. 3:14; 4:27, 30)
 - 2) Mweya (Ruka. 1:35; 4:34)
- 3. Vose vanogara muvatendi
 - a. Jesu (Mateu. 28:20; Johani. 14:20; 15:4-5; vaRoma. 8:10; 2vaKorinde. 13:5; vaGaratiya. 2:20; vaEfeso. 3:17; vaKorose. 1:27)
 - b. Mweya (Johani. 14:16-17; vaRoma. 8:9, 11; 1vaKorinde. 3:16; 6:19; 2Timoti. 1:14)
 - c. Baba (Johani. 14:23; 2vaKorinde. 6:16)

▣ “**kuti agare nemi nokusingaperi**” Zvireva mwene zvitatu zvakasiyana zvinoshandiswa kureva Mweya mutsvene.

1. “*meta*” (ndima. 16), “na”
2. “*para*” (ndima. 17), “parutivi”
3. “*en*” (ndima. 17), “mu, ma”

Tarira uone kuti Mweya mutsvene unesu, patiri, uye matiri. Ibaso rake kuratidza upenyu hwaKristu muvatendi. Achagara navo kusvika panguva yokupedzisira (cf. ndima. 18; Mateu. 28:20).

Tarira uone kuti Mweya mutsvene anodanwa kuti “*uye*” [muchimiro chechirume]. Izvi zvinoratidza kuti Mweya mutsvene atori munhu akazvimirira. Kazhinji mubhaibheri re KJV, Mweya mutsvene anotaurwa achinzi” iwo, “asi izvi zvinodaro nokuti izwi rokuti mweya muchiGiriki, harina kwarakarerekera (NEUTER) (cf. Johani. 14:17, 26; 15:26). Ndiye munhu wetatu waMwarivatatu mumwe (Tarira nhaurwa inokosha pa14:26). Izwi rokuti Mwari vatatu mumwe harisi remubhaibheri, asi kana Jesu anoutsvene uye Mweya mutsvene ari munhu akazvimirira, saka pane hutatu huripo. Mwari ndiye mutsvene mumwe, asi anozviratidza nenzira nhatu (Tarira nhaurwa inokosha pa14:26, cf. Mateu. 3:16-17; 28:19; Mabasa. 2:33-34; vaRoma. 8:9-10; 1vaKorinde. 12:4-6; 2vaKorinde. 1:21-22; 13:14; vaEfeso. 1:3-14; 2:18; 4:4-6; Tito. 3:4-6; 1Petirosi. 1:2).

Kuti uzive zvakanwanda nezve izwi rokuti” nokusingaperi” tarira nhaurwa inokosha pa6:58.

14:17 “Mweya wechokwadi” Izwi rokuti “chokwadi:pano rinechirevo chimwechete semundima. 6 (cf. 15:26; 16:13; 1Johani. 4:6). Tarira nhaurwa inokosha pamusoro pechokwadi pa6:55 na 17:3. Akasiyana naSatani ; baba venhema (cf. 8:44).

▣ “**uyo**” Izwi rokuti “*uyu*” harina kwarakarerekera (NEUTER) Kuitira kubvumirana nezwi rokuti” mweya” (*pneuma*). Zvisinei, munedzimwe nzvimbo mururimi rwechiGiriki, izwi rine sungano nezita rinechimiro chechirume (MASCULINE PRONOUN) ndiro rinoshandiswa (cf. ndima. 26; 15:26; 16:7, 8, 13, 14). Mweya mutsvene hauna chimiro chechirume kana chechikadzi; ndiMweya. Zvinokosha kuziva kuti Mweya, munhu akazimirirawo (tarira nhaurwa inokosha pa14:26).

▣ **“Nyika haigoni kumugamuchira”** Mweya mutsvene unogona chete kushandiswa neavo vanotenda munaKristu (cf. 1:10-12). Anopa mutendi zvose zvaanoda (cf. vaRoma. 8:1-11). Avo vasingatendi (*kosmos*, tarira nhaurwa inokosha inotevera) havanga nzwisise kana kugamuchira zvinhu zveMweya (cf. 1vaKorinde. 2:14; 2vaKorinde. 4:4).

NHAURWA INOKOSHA: NYIKA (KOSMOS)

Pauro anoshandisa izwi rokuti nyika (*kosmos*) nenzira dzakawanda.

1. Zvisikwa zvose (cf. vaRoma. 1:20; vaEfeso. 1:4; 1vaKorinde. 3:22; 8:4, 5)
2. Nyika ino (cf. 2vaKorinde. 1:12; vaEfeso. 1:10; vaKorose. 1:20; 1Timoti. 1:15; 3:16; 6:7)
3. Vanhu (cf. 1vaKorine. 1:27-28; 4:9, 13; vaRoma. 3:6, 19; 11:15; 2vaKorinde. 5:19; vaKorose. 1:6)
4. Vanhu vanorarama vasina Mwari (cf. 1:20-21; 2:12; 3:19; 11:32; vaGaratiya. 4:3; vaEfeso. 2:2, 12; vaFiripi. 2:15; vaKorose. 2:8, 20-24). Mashandisiro ake anofanana zvikuru nemashandisiro aJohani (kureva., 1Johani. 2:15-17)
5. Mamiriro enyika mazuva ano (cf. 1vaKorinde. 7:29-31; vaGaratiya. 6:14, zvinofanana navaFiripi. 3:4-9, apo Pauro anotsanagura hurongwa hwemararamiro evaJudha)

Nedzimwe nzira zvirevo zveizwi iri zvinoita bindepinde zvokuti zvinonetsa kusiyanisa. Izwi iri, semamwe ari muzvinyorwa zvaPauro, rinofanira kududzwa maringe nechirevo chechinyorwa marinenge rashandiswa, kwete dudziro yakagara iripo. Zvirevo zvemazwi kuna Pauro zvinoshanduka zvichinda nokuti iye anoshandisa sei izwi racho (vaJames Stuart, mugwaro ravo rinonzi, munhu munaKristu” *A man in Christ*”).

Pauro aisaedza kuita humwe hurongwa hwedzidziso youMwari, asi aiparidza Kristu. Anoshandura zvose!

▣ **“ziva...ziva”** Aya anogona kuva maitiro aJohani okushandisa izwi rimwechete kureva zvakawanda. Chirevo cheizwi iri muchiHebheru, ndechekuti hukama hwemandorokwati hwepauzima (cf. Genesi. 4:1; Jeremiya. 1:5). Chirevo chechiGirirki ndechokuti, ruzivo. Vhangeri nderepauzima pamwe nomumurangariro.

▣ **“agere nemi”** Izwi rokuti, kugara rinobata mafungiro makuru muzvinyorwa zvaJohani (kureva., chikamu. 15, tarira nhaurwa inokosha pana1Johani. 2:10). Baba vagere muMwanakomana, Mweya ugere muvatendi. Kugara uku kuri muchimiro chechireva nguva chezviri kuitika (PRESENT TENSE), kwete rutemo rwakazvimirira kana kudavira zvedengetera.

▣ **“uye achava mukati menyu”** Izvi zvinogona kunzwisiswa sokuti” pakati peny” (chirevo chouwandu., cf. NRSVchinyorwa chomujinga) kana kuti” mamuri” (chirevi chouwandu., cf. NASB, NKJV, NRSV, TEV neNJB). Kugarwa kwomutendi naMwari ndiyo vimbiso inofadza. Testamende itsva inoti vanhu vose vaMwari vatatu mumwe vanogara muvatendi.

1. Jesu (Mateu. 28:20; Johani. 14:20, 23; 15:4-5; vaRoma. 8:10; 2vaKorinde. 13:5; vaGaratiya. 2:20; vaEfeso. 3:17; vaKorose. 1:27)
2. Mweya (Johani. 14:16-17; vaRoma. 8:11; 1vaKorinde. 3:16; 6:19; 2Timoti. 1:14)
3. Baba (Johani. 14:23; 2vaKorinde. 6:16)

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :14:18-24

¹⁸” Handingakusiyi muri nherera; ndinouya kwamuri. ¹⁹” kuchine nguva duku, nyika haichazondioni; asi imi munondiona, nokuti ini ndiri mupenyu, nemiwo muchava vapenyu.

²⁰Nezuva iro muchandiziva, kuti ndiri muna baba, nemi mandiri, neni mamuri.

²¹” Ane mirayiro yangu, akaichengeta, ndiye anondida; anondida achadikanwa nababa vangu; neni ndichamudawo, ndichazviratidza kwaari.”

²²Judhsi (asati ari iye Isikarioti) akati kwaari, “Ishe, ndokuti kudiniko kuti muchazviratidza kwatiri, musingazviratidze kunyika?” ²³Jesu akapindura akati kwaari, “kana munhu achindida, achachengeta shoko rangu; nababa vangu vachamuda, tichauya kwaari, tikaita ugaro hwedu maari²⁴Asingandidi, haachengeti mashoko angu; shoko ramunonzwa, harisi rangu, asi nderababa vakandituma.

14:18” handikusiyi muri nherera; ndinouya kwamuri” Jesu akazadzisa vimbiso dzose dzaakaita kuvadzidzi vake manheru emusi wesvondo mushure mePasika nokutanga kuonekwa kwake navo muimba yepamusoro, mushure mokumuka kuvafi. (cf. 20:19-31). Vamwewo vatauri vanoona sokuti izvi zvinoreva kuuya kweMweya nezuva rependekositi (Mabasa. 2) kana kuuya kwepiri (cf. ndima. 3)

14:19” kuchine nguva duku, nyika haichazondioni; asi imi munondiona” Ndima. 20 inoratidza kuti izvi zvinoreva kuonekwa kwaJesu mushure mokumuka kuvafi. Uyu ndiwo mutsara unotorwa naJudhasi mundima. 22, achibvunza Jesu mumwe mubvunzo. Vadzidzi vakanga vachiri kutarisira kuti Jesu achaita hushe hwouMesiasi panyika (kureva., Mateu. 20:20-28; Mako. 10:35-45) uye vakavhiringika zvikuru paakati, “nyika haichazondioni.”mhinduro yaJesu kumubvunzo waJudhasi (asati ari iye Isikarioti) mundima. 23 na24, yakanga iri yokuti iye, Jesu, achazviratidza muupenyu hwevaKristu, mumwe nomumwe, uye naizvozvo nyika ichamuona kuburikidza navo!

☐ **“nokuti ndiri mupenyu, nemiwo muchava vapenyu”** Kumuka kwJesu chaiva chiratidzo chesimba raMwari pamwe nokuratidzwo kwake kuti anoda kupa upenyu (cf. vaRoma. 8:9-11; 1vaKorinde. 15:20-23, 50-58).

14:20 “nezuva iro” Mutsara uyu unowanzoshandiswa nenzira yokureva pamazuva okupedzisira (tarira nhaurwa inokosha notevera) asi pano unogona kureva kumuka kwaJesu kuvafi kana kuuya kwakazara kweMweya musi wependekositi.

NHAURWA INOKOSHA: ZUVA IRO

Mutsara uyu wokuti, “nezuva iro” kana kuti” pazuva iro” inzira yaishandiswa navaporofita vamakore mazana masere yokutsanagura kuuya kwaMwari (kuvapo kwake), zvose kuzotonga nokudzoreredza.

HOSEA		AMOSI		MIKA	
<u>Zvakanaka</u>	<u>Zvakaipa</u>	<u>Zvakanaka</u>	<u>Zvakaipa</u>	<u>Zvakanaka</u>	<u>Zvakaipa</u>
1:11	1:5	1:14 (2)	2:4		
	2:3	2:16	3:6		
2:15		3:14			
2:16		5:18 (2)	4:6		

2:21		5:20		5:10
	5:9	6:3		7:4
	7:5	8:3		
	9:5	8:9 (2)	7:11 (2)	
	10:14	8:10	7:12	
		9:11	8:13	

Munyerekete uyu ndiwo unozivikanwa uchiitwa nava porofita. Nokufamba kwenguva Mwari acharanga zvivi, asi anopawo zuva rokutendeuka nokuregerera avo vanoda kushandura mwoyo nezviito zvavo!Chinangwa chaMwari chorudzikinuro nokudzoredza chichazadziswa!Achava navanhu vanoratidza hunhu hwake. Chinangwa chokusika (ruwadzano pakati paMwari navanhu) chichazadziswa!

☐ **“muchandiziva”** kazhinji izwi rokuti” ziva” rine chirevo chechiHebheru chokureva ruwadzano rwepauzima, hukama hwemandorokwati, asi pano rinoteverwa nezwi rokuti” kuti” (*hoti*), iro rinojekesa zviru mumurangariro. Izwi akaita serokuti” tenda, “rine zvirevo zviru. Johani anosarudza mhando yemazwi akadai kuti ataure vhangeri. Vatendi vanomuziva (vanotenda kwaari), asi vanozivawo chokwadi pamusoro pake (vanotenda kuti) Tarira nhaurwa inokosha pa2:23.

☐ **“ndiri munababa, nemi mandiri, neni mamuri”** Jaohani anowanzotsindikidza kubatana kwaJesu nababa (cf. 10:38; 14:10-11; 17:21-23). Anwezera chokwadi chokuti sokubatana kwakaita Baba naJesu, ndikowo kubatana kwakaita Jesu nevateveri vake (cf. Johani. 17) !

14:21” Ane mirayiro yangu, akaichengeta” Izvi ndizvo zvirevanguva zvinodoma zvirikuitika, zviru. kuteerera kunokosha (tarira chinyorwa pandima. 15). Ndiwo humboo hwekutendeuka komene (cf. ndima. 23)

Vapositori vaiva vaJudha uye kazhinji vaishandisa tsumo dzerurimi rwavo muzvinyorwa zvavo. Munyengetero wechiJudha wokutanga kunamata waivaDhuteronomi. 6:4-5, uyo unodanwa kuti *shema*, izvo zvinoreva kuti “kunzwa kuti uite” !Iyi ndiyo nyaya huru yezvaitaurwa naJohani (cf. Jakobho. 2:14-26).

☐ **“ndichazviratidza kwaari”** Izvi zvinogona kureva (1) kuonekwa mushure mokumuka kuvafi (cf. Mabasa. 10:40-41) kana (2) kutumwa kweMweya mutsvene kuti uzoratidza nokuumba Kristu muvatendi (cf. ndima. 26; vaRoma. 8:29; vaGaratiya. 4:19).

Jesu aitenda uye akati iye (1) aimiririra; (2) aitaurira; ne (3) airatidza Baba. Kuvatendi shoko rinemasimba iri iro rakataurwa naJesu rikanyorwanavanyori vechipositori ndiro chitubu chehorokodzwa yakajeka pamusoro paMwari nezvinangwa zvake. Vatendi vanobvuma kuti masimba aJesu neshoko (ikapirikirwa zvakana) ndiwo masimba epamusoro; kudzamisa ndangariro, zvatakararama, pamwe netsika nemagariro zvinobatsira, asi hazvina samba.

Pane bindepinde pakati pebasa reMweya nereMwanakomana. vaG Campbell Morgan vanoti zita chairo rounpa Mweya nderokuti” mumwe Jesu” Tarira nhaurwa inokosha pa14:16.

14:22 Tarira chinyorwa pandima. 19.

▣ **“Judhasi (asati ari iye Isikarioti)** “Iri ndiro raiva rimwe zita raTadheo (cf. Mateu. 10:3; Mako. 3:18). Tarira nhaurwa inokosha pa 1:45.

14:23 “kana” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuzoitika (THIRD CLASS CONDITONAL SENTENCE). Rudo rwevadzidzi kunaJesu ruchazoonekwa nokudana ivo pachavo, mumwe nomumwe (cf. ndima. 15, 21).

ani?” Pazvivakamutaro, izwi rine sungano nezita riri muizwi rechiito, rokuti” inzwa” (chirevo chokudoma zvirikuitika, richireva kunongedza mmwe, riri muchimiro chouwandu [PRESENT ACTIVE INDICATIVE, SECOND PERSON PLURAL]). Rinogona kureva.

1. Vanhu venyika avo vanoramba shoko raJesu
2. Vadzidzi vachigamuchira mashoko aJesu semazwi chaiwo aBaba (cf. ndima. 10-11)

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :14:25-31

²⁵” Zvinhu izvozvi ndakakuudzai ndichigere nemi. ²⁶Asi Munyaradzi Mweya Mutsvene, achatumwa nababa muzita rangu, iye achakudzidzisa zvose, zvakareva kwamuri.

²⁷” Ndinokusiyirai rugare; ndinokupai rugare rwangu; handikupiyi sokupa kwenyika. Mwoyo yenyu irege kumanikidzwa irege kutya. ²⁸Makanzwa kuti ndakati kwamuri, ’Ndinoenda, ndigodzokerazve kwamuri.’Dai maindida mungadai maifara, nokutindinoenda kunaBaba; nokuti Baba vakuru kwandiri. ²⁹Zvino ndakuudzai zvisati zvaitika, kuti musi wzvinoitika mugotenda. ³⁰Handichazotauri zvizhinji nemi, nokuti muchinda wenyika anouya; asi haana chinhu kwandiri; ³¹asi izvi zvinoitika kuti nyika izive kuti ndinoda Baba, uye kuti sezvandakarairwa naBaba, ndizvo zvandinoita. Simukai, ngatibve pano.

14:25 “Zvinhu izvi” Izvi zvinofanira kureva dzidiso dzemuimba yepamusoro (zvikamu. 13-17, asi zvakanyorwa kwzvo kwazvo mundima. 15:11; 16:1, 4, 6, 25, 33).

14:26 “Mweya Mutsvene” Iri zita remunhu wetatu waMwari vatatu mumwe rinowanikwa chete muna1:33; 20:22, nepano muvhangeri yaJohani (tarira nhaurwa inokosha :iye mutsvene pana1Johani. 2:20). Zvisinei, anodanwa nemamwe mazita akawanda muvhangeri yaJohani (mutsvene, mweya wechokwadi, mweya).

Pane mivaravara yakawanda mutestamende itsva inoreva Mweya nenzira yokureva munhu (cf. Mako. 3:29; Ruka. 12:12; Johani. 14:26; 15:26; 16:7-15, tarira nhaurwa inokosha inotevera). Pane zvimwe zvinyorwa zvinoshandisa izwi rinesungano nezita risina kwarakarerekerera (NEUTER PRONOUN) kureva Mweya nokuti muchiGiriki izwi rokuti Mweya (*pneuma*) harina chimiro chechirume kana chechikadzi (NEUTER) (cf. 14:17; vaRoma. 8:26).

Uyewo, panhanho yatasvika ino, zvakana kuti timbotaura nezveizwi rokuti Mwari vatatu mumwe. Izwi iri rokuti” Mwari vatatu mumwe” haribvi mubhaibheri, asi muzvinyorwa zvakasiyana siyana, kuzviratidza kutatu kwaMwari mumwechete wechokwadi kunowanikwa kuri pamwechete (tarira nhaurwa inokosha inotevera). Kana Jesu anoutsvene uye Mweya ari munhu, saka pazvidzidzo zvouMwari sevanhu vanotenda Mwari mumwechete (cf. Dhuteronomi. 6:4-6), tinobva tasangana nepfungwa yaMwari vatatu mumwe—kwete zindamberi rokuzviratidza, asi vanhu nokusingaperi!

NHAURWA INOKOSHA: MWARI VATATU MUMWE

Tarira uone basa revanhu vose vari vatatu vaMwari vatatu mumwe muzvirevo zvokuva pamwe. Izwi rokuti” Mwari vatatu mumwe, “rakatanga kushandiswa naTertullian, uye haribvi mubhabheri, asi pfungwa iyi inowanikwa mubhaibheri rose.

A. Mudzivhangeri

1. Mateu. 3:16-17; 28:19 (nedzimwewo dzinofanana)
2. Johani. 14:26

B. Mabasa. —Mabasa. 2:32-33, 38-39

C. Pauro

1. vaRoma. 1:4-5; 5:1, 5; 8:1-4, 8-10
2. 1vaKorinde. 2:8-10; 12:4-6
3. 2vaKorinde. 1:21-22; 13:14
4. vaGaratiya. 4:4-6
5. vaEfeso. 1:3-14, 17; 2:18; 3:14-17; 4:4-6
6. 1vaTesaronika. 1:2-5
7. 2vaTesaronika. 2:13
8. Tito. 3:4-6

D. 1Petirosi. 1:2

E. Judhasi. ndima. 20-21

Chimiro chouwandu chinombonzi shandisweyi mutestamende yekare.

A. Kushandiswa kwechimiro chouwandu kureva Mwari

1. Zita rokuti *Elohim*, riri muchimiro chowandu, asi kana richishandiswa kureva Mwari rinenge riine izwi rechiito riri muchimiro choumwe
2. Vara rokuti “ngati” munaGenesi. 1:26-27; 3:22; 11:7

B. Mutumwa waIshe aiva mumiririri aionekwa wouMwari

1. Genesi. 16:7-13; 22:11-15; 31:11, 13; 48:15-16
2. Ekisodho. 3:2, 4; 13:21; 14:19
3. vaTongi. 2:1; 6:22-23; 13:3-22
4. Zekariya. 3:1-2

C. Mwari neMweya wake vanosiyaniwa munaGenesi. 1:1-2; Mapisarema. 104:30; Isaya. 63:9-11; Ezekieri. 37:13-14

D. Mwari’YHWH’naMesiasi (*Adon*) vanosiyaniwa munaMapisarema. 45:6-7; 110:1; Zekariya. 2:8-11; 10:9-12

E. Mesiasi neMweya vanosiyaniwa munaZekariya. 12:10

F. Vose vari vatatu vanotaurwa nezvavo munaIsaya. 48:16; 61:1

HuMwari hwaJesu nokuva munhu kweMweya zvakakonjera dambudziko guru kuvatendi vokutanga avo vaitenda munaMwari mumwe.

1. Tertullian—akaisa Mwanakomana pasi paBaba
2. Origen—akaisa hutsvene hweMwanakomana neMweya pasi paBaba
3. Arius—akaramba kuti Mwanakomana naMweya vanouMwari
4. Vanotevera pfungwa yeMonarchianism—vaitenda kuti Mwari anoramba achizviratidza iye mumwechete, Baba, Mwanakomana, naMweya mutsvene

Pfungwa yokuti Mwari vatatu mumwe, yakaumbwa nokuvandudzwa maringe nezvinyorwa zvebhaibheri

1. HuMwari hwakazara hwaJesu, hunoenzana nohwaBaba, hwakakumikidzwa mugore raA. D. 325 nedare reNicea

2. Humunhu nouMwari hwakazara hwaMweya, hunoenzana nohwaBaba pamwe noMwanakomana, hwakakumikidzwa nedare reConstantinople (A. D. 381)
3. Gwara redzidziso yaMwari vatatu mumwe rinonyatso taurwa muzvinyorwa zvaAugustine zvinonzi, *De Trinitate*.

Zvokwadi panyaya iyi pane zvakavanzika. Asi testamende itsva inoita sokuti inotsigira zvoutsvene humwe hunozviratidza nenzira nhatu dzakasiyana.

▣ **“achatumwa naBaba”** Pakava nokurwisana kukuru mukereke yokutanga (makore mazana mana okutanga) pamusoro penyaya yokuti Mweya wakabva kunaBaba here (cf. Johani. 3:34; 14:16; 16:26) kana kuti kuMwanakomana (cf. Johani. 15:26; 16:7; Ruka. 24:49; Mabasa. 2:33). Nyaya yegakava redzidziso yezvouMwari pakati paArius naAthanasius, yakanga iri youMwari hwakazara husinhaperi uye hwakaenzana pakati paMwari Baba naJesu Mwanakomana.

▣ **“achakudzidzisa zvinhu zvose”** Izvizvinofanira kujekeswa. Mweya haudzidzise vatendi ruzivo rwezvinhu zvose, asi nezve chokwadi chezveMweya, kunyanya rwJesu nemabasa ake, vchangeri (cf. 16:13-14; 1Johani. 2:20, 27).

NHAURWA INOKOSHA:KUVA MUNHU KWEMWEYA MUTSVENE

Mutestamende yekare” Mweya waMwari” (kureva., *ruach*) waiva samba raizadzisa zvinangwa zvaMwari’YHWH, ’asi hapana runyerekupe rwekuti raivawo noumunhu hwokuzvimirira (kureva., kutenda Mwari mumwe kwetestamende yekare” monotheism”). Zvisinei, mutestamende itsva, kuzvimirira nokuva munhu kweMweya, kwakanyorwa

1. Anogona kuzvidzwa (cf. Mateu. 12:31; Mako. 3:29)
2. Anodzidzisa (cf. Ruka. 12:12; Johani. 14:26)
3. Anopupurira (cf. Johani. 15:26)
4. Anopupura kutadza, anotungamira (cf. Johani. 16:7-15)
5. Anonzi” ano” (kureva., *hos*, cf, vaEfeso. 1:14)
6. Anogona kuchemedzwa (cf. vaEfeso. 4:30)
7. Anogona kupedzwa nyota (cf. vaTesaronika. 5:19)

Zvinyorwa zvevanotenda munaMwari vatatu mumwe (Trinitarian) zvinotaurawo nezvavanhu vatatu.

1. Mateu. 28:19
2. 2vaKorinde. 13:14
3. 1Petirosi. 1:2

Mweya unesungano nemabasa evanhu.

1. Mabasa. 15:28
2. vaRoma. 8:26
3. 1vaKorinde. 12:11
4. vaEfeso. 4:30

Basa reMweya rinokumikidzwa pakutanga kwebhuku raMabasa. Zvakaitika nemusi wePendekositi zvakanga zvisiri izvo zvinoreva kutanga kwebasa reMweya, asi chaingova chikamu chitsva. Jesu aingogara aine Mweya. Kubhabhatidzwa kwake hakusiri iko kwakava kutangwa kwebasa raMweyaasi kwaivawo chikamu chitsva. Ruka anogadzirira kereke kutanga kwechikamu chitsva choushuri chahwo. Jesu ndiye achiri nyaya huru, Mweya ndiwo nzira chaiyo yokuita basapamwe nerudo, ruregerero rwaBaba uye nokudzoreredza vanhu vakaitwa

nomufananidzo wavo, ndiyo vavariro!.

▣ “**nokukurangaridzai zvose zvandakareva kwamuri**” Zvinangwa zveMweya ndezveku

1. Kupupurira vanhu zvivi zvavo
2. Kuvaunza kunaKristu
3. Kuvabhabhatidzira kunaKristu
4. Kuumba Kristu mavari (cf. 16:7-15)
5. Kubatsira vapositori kuti varangarire zvose zvavaknga vaudzwa naJesu kuitira kuti vazozvinyorwa mushoko (cf. 2:22; 15:26; 16:13)

Iye Jesu pachake akaudza vapositori mushure mokumuka kuvafi kwake, kunyanya pamusoro pokuti testamende yekare yaitaura nezvake uye kuti inozadzisa maari (cf. Ruka. 24:13ff).

14:27 “ndinokusiyirai ruhgate, ndinokupai rugare rwangu” Rugare rwevatendi harubvi mumamiriro ezvinhu, asi murunyararo runobva muvimbiso nokuvapo kwaJesu (cf. 16:33; vaFiripi. 4:7; vaKorose. 3:15).

“Rugare” runoshandiswa zvose kureva kuitirwa, kudzoreredzwa naMwari, pamwe nokureva kuzviitira kunzwa kudzivirirka nokugadzikana mumamiriro ezvinhu akaoma. Rinoreva kumhoresa kwechiJudha, *shalom*, uko kunoreva kusavapo kwematambudziko pamwe nokugutsikana (cf. 20:19, 21, 26; 3Johani. 14:vaEfeso. 2:14; Numeri. 6:26; Mapisarema. 29:11; Isaya. 9:6). Rinoreva nguva itsva!

NHAURWA INOKOSHA: RUGARE

Iziw rechiGiriki iri raireva kuti” kubatanidza icho chainge chadambuka.”Testamende itsva inotaura nezverugare nenzira nhatu:

1. Nyaya yokuitirwa rugare naMwari kuburikidza naKristu (cf. vaKorose. 1:20)
2. Nyaya yokuzviitira rugare kwedu nokururama kunaMwari (cf. Johani. 14:27; 16:33; vaFiripi. 4:7)
3. Nyaya yokuti Mwari akabatanidza mumutumbi mumwechete vaJudha navaHedheni, kuburikidza naKristu (cf. vaEfeso. 2:14-17; vaKorose. 3:15).

vaNewman navaNida mugwaro ravo rinonzi, gwaro rinobatsira mushandurudzi patsamba dzaPauro kuvaRoma” *A Translator’s Handbook on Paul’s Letters to the Romans*, p. 92, “vaotaura zvakanaka zvikuru pamusoro po” rugare.”

“zvose mutestamende yekare pamwe neitsva, izwi rokuti rugarerine mvanzarira wezvirevo wakakura. Kwazvo kwazvo izwi iri rinotsanangura kufamba zvakanaka kwoupenyu hwemunhu; rakatozotorwa nokushandiswa nevaJudha senzira yokumhoresana. Izwi iri raiva nechirevo chakadzama zvokuti raitogona kushandiswa nevaJudha kutsanagura ruponeso rwaMesiasi. Nokuda kwaizvozvo, pane dzimwe nguva dzarinoshandiswa zvinofanana nokuti kuitwa” kuti uve muukama hwakanaka naMwari.”Apa izwi iri rinoita sokuti rinoshandiswa kutsanagura kuitwa kwehukama hwemandiriri pakati pemuhnu naMwari nokuda kwokuti Mwari akaruramisa munhu pamberi pake” (p. 92).

▣ “**siya**” vagrant Osborne, mugwaro ravo rinonzi, zanonoko redzidziso yokupirikira” *The Hermeneutical Spiral* (p. 21) vanotaura zvakanakisa kwazvo pamusoro pezvinokosha zvechirevo chechinyorwa pakupa rutemo rwechirevo chezwi.

“Chirevo chemafungiro ari muchinyorwa

Kwazvo kwazvo, chirevo chemafungiro ari muchinyorwa ndiyo nyaya huru pakupirikira. Ndinogaro taurira vadzidzi vangu kuti kana munhu achitsumwaira uye akasanzwa mubvunzo wandinenge ndabvunza, pane mukana mukuru wokuti aupindire zvakanaka kana akapindura akatarisa zviru muchirevo chemubvunzo wacho. Izwi pacharo rinobata muvanzarira mukuru kwazvo wechinyorwa. Izvi zvinogona kuratidzwa nenzira yokunyora dungwerungwe rematenderedzwa akarumatidzwa achiita sokuti anobudira kunze kwomuvaravara pachawo.

Apo tinoita sokuti tinoenda nechapakati nepakati pedungwerungwe rematenderedzwa aya, nechirevo chomuvaravara chinokurawo. Semuenganiso ngati torezi nzira yemanyorerwo, nzira yemanyorerwo inodoma mhando yezvinyorwa uye inobatsira mupirikiri pakudoma zvimwe zvinyorwa zvinofambirana, asi izvi hazvibati zvikuru sokubata kunoita chimiro cherugwaro rwose mumuvaravara. Semuenganiso, tinogona kudoma bhuku raZvakazarurwa sebuku rinotaura nezvekuguma; asiwo nyangwe zvinyorwa zvechiGiriki zviru pakati petestamende yekare neitsva, izvo zvinotaurawo nezvekuguma zviine fanaanidzo inokosha, muhozera yezvirevo mizhinji yacho inobva mutestamende yekare. Ukuwo, chirevo chechinyorwa ndicho chinopa rutemo chairwo pamusoro pechirevo cheizwi kana maonero. Hapana humboo hwakazara hwokuti Pauro anoshandisa izwi nenzira imwe munavaFiripi. 1, sezvaanoita munavaFiripi. 2. Mutauro haushande nenzira iyoyo, nokuti izwi roga roga rine zvirevo zvakawanda uye mashandisirwo arinotwa nemunyori anoenderana nechirevo chechinyorwa chenguva iyoyo kwete kushandiswa kwarakamboitwa munechimwe chirevo chechinyorwa. Muenganiso wakanaka ndowekushandiswa kwezwi rokuti *aphiemi* munaJohani. 14:27, “ndinokusiyirai rugare, “pamwe nomuna16:28, “ndinosiya nyikazve.”hatigone kupirikira chirevo chezwi iri chokutanga maringe nechechipiri, nokuti rakashandiswa zvakasiyana. Mumashandisirwo okutanga, Jesu anopa chinhu kuvadzidzi vake, mune epiri iye ndiye anatora chinhu kubva kwavari. Naizvozvowo hatikwanisi kuti tipirikire izwi iri nechirevo charinonyanya kushandiswa nacho (semuna. 1Johani. 1:9) chokuti” ruregerero.”umwe muvaravara unoti batsira kuona muvanzarira wezvinogona kurehwa nezwi iri, asi chirevo chechinyorwa ndicho chinotipa chirevo charo chaicho” (p. 21).

▣ **“mwoyo yenyu irege kumanikidzwa”** Uyu mutsara unechirevo chechirevanguva chokureva zvirikuitirwa (PRESENT PASSIVE IMPERATIVE) chine tsiudzo (NEGATIVE PARTICIPLE) izvo zvinowanoreva “kumiswa kwezviru kuitika, “dzokororo yendima. 1.

14:28” dai maindida” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokuburitsa chokwadi nenzira yokudoma shoko rokupikisa, semundima. 7, “dai zviru izvo.”Zvirinani kuti Jesu aende kunaBaba uye atumire Meya, asi, zvakadaro vadzidzi vake havazvinzwisise panguva iyi.

▣ **“nokuti baba vakuru kwandiri”** Uyu mutsara hauna kunangana nenyaya yokusaenzana kwababa noMwanakomana, asi unotarisa nyaya yokushandwa kunoitwa muhurongwahwaMwari vatatu mumwe izvo zvinochokuita nekuponeswa kwavanhu (cf. 10:29-30). kuiswa kweMwanakomana pasi paBaba kwaingova kwechinguvana, panguva yaaiva panyika kuitira kuzadziwa kwehurongwa hwaMwari vatatu mumwe hwekuzviratidza pamwe nokudzikinura (cf. 17:4-5; vaFiripi. 2:6-11). Zvisineyi, pane mamwe mafungiro okuti Baba sezvo vari ivo vakatuma ndivo vanokosha (cf. 13:16; vaKorinde. 15:27-28; vaEfeso. 1:3-14).

14:29” zvino ndakuudzi zvisati zvaitika” Izvi zvakaitirwa kuti kutenda kwavo kusimbiswe (cf. 13:19; 16:4)

14:30

NASB “Mutongi wenyika “

NKJV, NRSV,

TEV “Mutongi wenyika ino”

NJB “Muchinda wenyika ino”

Izvi zvinoreva Satani, uyo anoshandira panyika (cf. 12:31; 16:11; 2vaKorinde. 4:4, “mwari wenyika ino” ; vaEfeso. 2:2, “muchinda wesimba romumhepo”. Pamwe Jesu akaona kuenda kwaJudhasi sokuuya kwaSatani (cf. 13:27). Tarira nhaurwa inokosha pa12:31.

NASB, NKJV “Haana chinhu kwandiri”

NRSV, TEV,

NJB “Haana samba pamusoro pangu”

Chirevo cheizvi ndechokuti Satani haana pokutangira kupomera, haana simba pamusoro, kana chokufananidza naJesu nacho chacho (cf. vaHebheru. 4:15).

1. James Moffat akashandurudza achiti” haana pokubatira pandiri”
2. William F Beck akati, “haana chokutsvaka pandiri”
3. Bhaibheri re NEB rakati” haana kodzero pamusoro pangu”
4. Gwaro re” Twentieth century New Testament” rakati, “haafanani neni”

14:31 “asi izvi zvinoitika kuti nyika izive” Satani arimowo mukuda kwaMwari uye arikushandiswa kuzadzisa zvinangwa zvaMwari zvokudzikinura vanhu. Verenga bhuku ravaA. B Davidson rinonzi, dzidziso yezvouMwari yetestamende yekare” *Theology of the Old Testament*, pp. 300-306.”

☐ **“ndinoita sezvandakarairwa naBaba”** kufa kwaJesu kwaiva kuda kwababa (cf. Isaya. 53:10a, b; Mako. 10:45; 2vaKorinde. 5:21). Tarira nhaurwa inokosha:kushandiswa kwezwi rokuti “murayiro” muzvinyorwa zvaJohanipa12:50.

☐ **“simukai tibve pano”** Ichi ndicho chirevo chezvirikudiwa kuti zviitwe (PRESENT MIDDLE IMPERATIVE) Uyu mutsara wakaoma zvikuru nokuti unowanikwazve munaMateu naMako mubindu reGetsemani apo Judhasi neboka remauto vakanga vachisvika papaJesu. kuti sei uchishandiswa muchirevo chemumba yepamusoro (zvikamu. 13-17) hazvinyatso zivikanwa. Pamwe, Jesu akanga abuda mumba yepamusoro uye aidzidzisa achifamba akanaga kuGetsemani (cf. 18:1).

MBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara

ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Tsanangura musoyano pakati pekutenda kuti Mwari ndiye akasika nyika asi zvisngabvi mubhaibheri (theism) nokutenda kuti Mwari aksika nyika asi haana chokuita nayo (deism) maringe nendima. 1
2. Tsanangura mabviro mutestamende yekare emazita matatu anowanikwa mundima. 6
3. Munhu angakwanisa kuumba dzidziso yezvouMwari yemunyengetero kubva pandima. 13 here?
4. Ko basa guru reMweya Mutsvene nderei? (zvose kunavakarasika nevakaponeswa)
5. Ko Satani arimowo mukuda kwaMwari here?

JOHANI 15

RUONO RWEZVIRI MUGWARO RWAJOHANI. 15:1-27

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Jesu mudzambiringa	Mudzambiringa wechokwadi	Munyereketo weHupenyu Hwemutendi	Jesu Mudzambiringa Chaiwo	Mudzambiringa wechokwadi
15:1-10	15:1-8	15:1-11	15:1-4	
	Rudo nomufaro zvakatswa		15:5-10	
	15:9-17			
15:11-17			15:11-17	
		15:12-17		
Ruvengo rwenyika	Ruvengo rwenyika		Ruvengo rwenyika	Vadzidzi venyika
				15:18-16:4a
15:18-25	15:18-25	15:18-25	15:18-25	
	Kuuya kwekurambwa			
15:16-16:4a	15:16-16:4	15:26-27	15:16-16:4a	

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyorori. Ndiyo zve hwaro hwepirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

- A. Iri ndiro shoko rinofadza pamwe nokutambudza! Rinopa vatendi kurudziro huru yerudo rwaMwari pamwe nevimbios yokukwanisa kuita, asi rine yambiro huruwo! Mironga yedzidziso dzouMwari inonetsa kutaura nezvayo pano. Regai nditore mazwi emumwe wevanyori wandinofarira, F F Bruce, mubhuku rake rinonzi, mhinduro kumibvunao” *Answers to Questions.*”
- “Johani. 15:4, 6.”ko mutsara wokuti’kana mukagara’nowekuti’kana munhu akasagara’munaJohani. 14:4, 6 inomborevei?Zvinogoneka here kusagara munaKristu?’
- Mivaravara yakadai haina iyo kuzviomera; dambudziko rinongozova pakunge isu toedza kuti mivaravara iyi ifambirane nedzidziso yedu tezvouMwari, panze pokuishandisa sehwaro hwedzidziso dzedu dzezvouMwari. Panguva iyo Ishe wedu aitaura paitova nemuenzaniso wemunhu akanga atadza kugara maari—Judhasi Isikarioti, uyo akanga achangobva paiva. Judhasi akasarudzwa semudzidzi wake wechigumi nemumwe (Ruka. 6:13; Johani. 6:70) ; kudyidzana kwavo naIshe kwakamuwanisa zvinhu zvaaisakwanisa kuwana. Muvaravara wakajeka weshoko uyo unodzidzisa kutsungirira kwokupedzisira kwevatsvene haufanire kunyangadzwa nokutaura nezvedambudziko rinavawo guru rokutenda zvenhema” (pp. 71-72).
- B. Zvinoshmisa kuti apa pakashandiswa mazwi echiito anoreva zvakaitwa (AORIST TENSES) muchirevo chechinyorwa ichi umo munhu, maringe nefungidziro yedzidziso yezvouMwari angatarisira kuona zvirevanguva zvezviri kuitika (PERSENT TENSES). Mazwi okureva zvakaitwa aya anoita sokuti anoshandiswa nenzira yokupfupisa nyaya youpenyu hwemunhu pamwe nokuitarisa yose sechinhu chakaperera.
- C. Kupatsanurwa kweganhuro dzechikamu. 15 hakuna kujeka. Johani, sa1Johani, musanganiswa wemavara akasiyana siyana. Minyereketete yacho inoramba ichiuya apo neapo.
- D. Izwi rokuti” kugara” (*menō*) rinoshandiswa mutestamende itsva kanokwana kazana negumi nekamwe. Kamakumi mana kacho kanowanikwa muvhangeri yaJohani, kamakumi maviri nenhanhatu mutsamba dzake. Iri izwi guru redzidziso youMwari kunaJohani. Nyangwe chikamu. 15, chiri icho muenzaniso chaiwo waJesu wokureva kuti tinofanira kugara maari, izwi iri rinechirevo chikuru muvhangeri yaJohani.
1. Mutemo unogara nokusingaperi (Mate. 5:17-18) naKristuwo (12:34)
 2. Bhuku ravaHebheru rinotaura nyaya yekuzviratidza kutsva, kwete kuburikidza nemuranda, asi kuburikidza noMwanakomana anogara (vaHebheru. 1:1-3, pamwewo naJohani. 8:35)
 3. Jesu anonzi anopa kudya kunogara (6:27) uye anoita zvibereko zvinogara (15:16). Madimkira ose ari maviri aya anotaura chokwadi chimwechete, kuda kwatinoita Jesu zvose: (1) pakutanga ne (2) kuenda mberi (cf. 6:53)
 4. Johani mubhabhatidzi akaona Mweya uchiburuka nokugara panaJesu pakubhabhatidzwa kwake (1:32)
- E. Tarira nhaurwa inokosha:kugara pana1Johani. 2:10.

F. Mundima. 11-16vadzdzidzi vanovimbiswa mufaro waJesu, ukuwo mundima. 17-27, vadzidzi vanovimbiswa kutambudzwa kwaJesu. Chirevo chekutambudzwa chinovika muchikamu. 16:4a. Zvisinei, mukati mokutambudzwa uku vatendi vanofanira kudana sezvo iye akavada!

DZIDZO YEMITSARA NEMAZWI

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :15:1-11

1^o Ndini muzambiringa wechokwadi, baba vangu murimi. **2^o** Davi rimwe nerimwe rir mandiri, risingabereki michero, vanoribvisa; rimwe nerimwe rinobereka michero, vanorinatsa kuti riwedzere michero. **3^o** Imi matonatswa neshoko randakareva kwamuri. **4^o** Garai mandiri, neni mamuri. Sedavi risingagoni kubereka michero roga, kana risingagari mumudzambiringa; saizvozvo nemiwo kana musingagari mandiri.

5^o Ini ndiri mudzambiringa, imi muri matavi. Anogara mandiri, neni maari, ndiye anobereka michero yakawanda; nokuti kunze kwangu hamugoni kuita chinhu. **6^o** kana munhu asingagari mandiri, anoraswa kunze sedavi, ndokuoma; anounganidzwa, ndokukandirwa mumoto, atsve. **7^o** kana muchigara mandiri, namashoko angu achigara mamuri kumbirai zvamunoda, muchazviitirwa. **8^o** Baba vangu vanokudzwa naizvozvi, kuti mubereke michero yakawanda; uye muchava vadzidzi vangu. **9^o** Baba sezvavakandida, neni ndakakudai'garai murudo rwangu. **10^o** kana muchichengeta mirayiro yangu, muchagara murudo rwangu, Seni ndaichengeta mirayiro yababa vangu, ndichigara murudo rwavo.

11^o Zvinhu izvozvi ndakazvitaure kwamuri, kuti mufaro wangu ugare mamuri, nomufaro wenyu uzadzike.

15:1 Uyu ndiwo mumwe wemitsara yaJesu yokuti “ndini” muvhangeri yaJohani (cf. 4:26; 6:35; 8:12; 10:7, 9, 11, 14; 11:25; 14:6) Mutestamende yekare mudzambiringa waireva Isiraeri (Mapisarema. 80:8-16; Isaya. 5:1-7; Jeremiya. 2:21; Ezekieri. 15:19; Hosea. 10:1; Mateu. 21:33ff; Mako. 12:1-12, vaRoma. 11:1ff). Mutestamende yekare mienzaniso iyi inowanzova yokureva zvakaipa. Jesu anobvuma kuti iye ndowerudzi rwalsiraeri chairwo (cf. Isaya. 53). Sokushandiswa kwakaitwa naPauro madimkira okuti, muviri waKristu, mwenga waKristu, pamwe nechivakwa chaMwari achireva kereke, Johaniwo akashandisa mudzambiringa. Izvi zvinoreva kuti kereke ndiyo muIsiraeri chaiye nokuda kwoukama hwayo naJesu, mudzambiringa wechokwadi, (cf. vaGaratiya. 6:16; 1Petirosi. 2:5, 9; Zvakazarurwa. 1:6). Tarira nhaurwa inokosha pa6:55 na17:3. Tarirazve chinyorwa pa8:12.

Vamwe vapirikiri vanoti nhurirano yemumba yepamusoro inoperera pana14:31, “ngatibvei pano.” kana zvirizvozvo saka chikamu. 15-17 zvakadzidziswa munzira yokuenda kuGetsemani. Uyezve, kana zvirizvozvo, saka zvinogona kuti mufananidzo we” mudzambiringa wechokwadi” wakatorwa kubva pamifananidzo yemudzambiringa yakanyorwa pamudhuri wetemberi, apo Jesu navadzidzi vane gumi nomumwe vakanga vachipfuura napo husiku ihwohwo.

☐ **“Baba vangu murimi”** Jesu anobvumazve hukama hwemandorokwati huri pakati pake naBaba uye panguva imwecheteyo achizviisa pasi pokuda kwaBaba.

15:2 "davi rimwe nerimwe riri mandiri risingabereki michero vanoribvisa..... rinobereka michero" Chirevanguva chokureva kuitirwa ichi (PRESENT PASSIVE PARTICIPLE) chinowanikwa ruviri mundima iyi. Kuita zvibereko, kwete kumera ndicho chiratidzo cheruponeso (cf. Mateu. 7:16, 20; 13:1ff; 21:18-22; Ruka. 6:43-45). Chirevo chechinyorwa pano chinoreva kuti Jesu aitaura nezve (1) kupanduka kwaJudhasi (cf. ndima. 6; 13:10; 17:12) kana (2) vadzidzi venhema (cf. 2:23-25; 8:30-47; 1Johani. 2:19; 2Petirosi. 2). Muvhangeri yaJohani mune nhanho dzokurutendo.

▣ **"vanoribvisa"** Izwi zvinoreva kwazvo kwazvo kuti" anochenura" Izwi iri rakashandiswa naPhilo kureva kubvisa matavi pamudzambiringa (BDB 386). Izwi iri rinowanikwa pano chete mutestamende itsva. Iri rimwewo remazwi rakasarudzwa naJohani nokuda kwokuva nechirevo chounyambiri kwaro (kureva., kubvisa nokuchenura, cf. 3; 13:100. Iri izwi riri muchirevo chezvirikuitika (PRESENT ACTIVE INDICATIVE). Kutambudzika kune chinangwa muupenyu hwevatendi (cf. ndima. 17-22). Kunowanzurudza kuita zvibereko, kunoburitsa vanoedzesera pachena, uye kunoita kuti vanhu varambe vachivimba naMwari (cf. Mateu. 13:20-23; vaRoma. 8:17; 1Petirosi. 4:12-16). Pane mabhuku maviri anotsanagudza nyaya iyi zvakanaka (1) Misimboti yokukura pamweya, *"Principles of Spiritual Growth"* rakanyorwa navaMiles Stanford na (2) Chakavanzika ChomuKristu choupenyu hwemufaro" *A Christian's secret of aHappy Life*" rakanyorwa navaHannah Whithall Smith.

Zvinogoneka kuti pave nesungano pakati pokuchenura uku nokushambidza tsoka kwomuchikamu. 13, nokuda kwokubatana kwechirevo chechinyorwa chezvikamu. 13-17. Vakanga vashamba kare (vaponeswa), asi tsoka dzavo dzaida kushambidzwa (kuenda mberi kweruregerero). Izwi rechiito iri iro rinechirevo chezvirikuitwa iro rakashandiswa kutaura nevadzidzi semuna. 1Johani. 1:9 ndiro rinoita sokutsigira izwi."kugara "hakutsvaki kuteerera chete asiwo nokuendamberi nokutendeuka!

Chinangwa chokutambudzika muupenyu hwemuKristu kunogona kuva kunokonzerwa nezvakawanda

1. Kuvandudza kuvasKristu (cf. vaHebheru. 5:8)
2. Kurangirwa zvivi kwenguva pfupi
3. Kana kuvawo hupenyu munyika inoutadzi

Zvagara zvakaoma kuona chinangwa chaMwari, asi tsanangudzo yepiri ndiyo inogona kuva chaiyo.

15:3 "imi matonatswa" Izwi rokuti "anobvisa" (*kathairō*) mundima. 2, rinemabviro mamwechete echiGiriki serokuti" chenura" (*katharos*). Chirevo chechinyorwa chose chinoumboo hwoudzidzi hwechokwadi. Iziwi rokuti" mato" rinotsindikidzwa muchinyorwa chechiGiriki icho chakapa simbiso kuvadzidzi vane gumi nomumwe pamusoro pokudzivirika kwavo munaKristu (zvichienzaniswa nemabviro mamwe echirevo akashandiswa kureva Judhasi Isikarioti muna13:10).

▣ **"neshoko randakareva kwamuri"** (cf. 17:17; vaEfeso. 5:26; 1Petirosi. 1:23).

15:4

NASB, NKJV "Garai mandiri, neni mamuri"

NRSV "Garai mandiri, sokugara kwandinoita mamuri"

TEV "Rambai makabatana neni, neniwo ndicharamba ndakabatana nemi"

NJB “Rambai muri mandiri, seni mamuri”

Ichi ndicho chirevo chokudokwairira kuitirwa (AORIST ACTIVE INDICATIVE IMPERATIVE) (cf. Johani. 6:56; 1Johani. 2:6). Mubvunzo wezvivakamutauro ndowekuti ko chikamu chepiri chemutsara chingava tsanangudzo here kana kuti muenzaniso. Kazhinji mumutsara umu munotsindikidzwa gwara redzidziso yezvouMwari riri pamusoro pokutsungirira kwevatsvene vechokwadi (cf. ndima. 4, 5, 6, 7, 9, 10, 14; Mako. 13:13; 1vaKorinde. 15:2; vaGaratiya. 6:9; Zvakazarurwa. 2:7, 11, 17, 26; 3:5, 12, 21; 21:7, tarira nhaurwa inokosha pa8:31). Ruponeso rwechokwadi nderwokutanga pamwe simbiso yeruponeso. Simbiso yebhaibheri inesungano ne

1. Kutsungirira mukutenda
2. Mararamiro okutendeuka
3. Kuenda mberi nokuteerera (cf. Jakobho. na1Joahni)
4. Kuita zvibereko (cf. Mateu. 13:23)

Tarira nhaurwa inokosha pamusoro poku” gara” pana1Johani. 2:10.

▣ **“davi risingagoni kubereka michero”** Izvi zvinoratidza zvinodiwa nokupa kweutsvene. Panyaya ye” zvibereko” tarira chinyorwa pandima. 5.

▣ **“kana risingagare.... kana usingagare”** Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuitika (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE), kubata kwedu pamweya kunesungano noukama hwedu naJesu.

15:5” anogara mandiri neni maari, ndiye anobereka michero yakawanda” Ichi ndicho chirevanguva chokureva zvirikuitika (PRESENT ACTIVE PARTICIPLE) chinoteverwa nechirevo chokudoma zvirikuitwa (PRESENT ACTIVE INDICATIVE). Kuenda mberi kweruwadzano (kureva., hukama hwokutenda pazvima) ndiko kunoburitsa zindamberi rezvibereko. Zvibereko zvinogona kureva mafungiro pamwe nezviito zvevatendi (cf. Mateu. 7:15-23; vaGaratiya. 5:22-23; 1vaKorinde. 13). Vatendi vanovimbiswa kuvapo kwezvibereko zvisingaperi kana vakagara (cf. ndima. 16).

▣ **“nokuti kunze kwangu hamugoni kuita chinhu”** Iyi ndiyo tsiudzo yakadzama uye yakapetwa ruviri (DOUBLE NEGATIVE). Uyu ndiwo mutsara wetsiudzo yechokwadi chezvakanaka chemumndima. 5 navaFiripi. 4:13.

15:6 “kana munhu asingagare mandiri anoraswa” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuitika. Huni dzomudzambiringa dzakanga dzisina basa (huni) nokuti dzaibvira nokukurumidza (cf. Ezekieri. 15). Izvi zvinoita sokuti zvinoreva Judhasi uyewo neIsiraeri, kana zvisiri izvo saka zvinofanira kureva kutenda kwenhema (cf. Mateu. 13:41-42, 50; na1Johani. 2:19).

Zvokwadi uyu ndiwo mufananidzo wemugumo!Pachava ne” zuva rokuunganida” nero” kupisa.”Mararamiro edu ndiwo anoratidza chinotiraramisa (kureva., Mwari kana Satani). Munhu anozivikanwa nezvibereko zvake (cf. Mateu. 7; vaGaratiya. 6:7).

▣ **“moto”** Tarira nhaurwa inokosha inotevera.

NHAURWA INOKOSHA:MOTO

Moto unezvirevo zvose, chakanaka nechakaipa mushoko.

A. Zvakanaka

1. Unodziisa (cf. Isaya. 44:15; Johani. 18:18)
2. Kupa chiedza (cf. Isaya. 50:11; Mateu. 25:1-13)
3. Unobika (cf. Ekisodho. 12:8; Isaya. 44:15-16; Johani. 21:9)
4. Unochenura (cf. Numeri. 31:22-23; Zvirevo. 17:3; Isaya. 1:25; 6:6-8; Jeremiya. 6:29; Maraki. 3:2-3)
5. Utsvene (cf. Genesi. 15:17; Ekisodho. 3:2; 19:18; Ezekieri. 1:27; vaHebheru. 12:29)
6. Hutungamiri hwaMwari (cf. Ekisodho. 13:21; Numeri. 14:14; 1Madzimambo. 18:24)
7. Kupa simba kwaMwari (cf. Mabasa. 2:5)

B. Zvakaipa

1. Unopisa (cf. Joshua. 6:24; 8:8. 11:11; Mateu. 22:7)
2. Unoparadza (cf. Genesi. 19:24; Revhitiko. 10:1-20)
3. Kutsamwa (cf. Numeri. 21:28; Isaya. 10:16; Zekariya. 12:7)
4. Mutongo (cf. Genesi. 38:24; Revhitiko. 20:14; 21:9; Joshua. 7:15)
5. Zviratidzo zvemugumo zvenhema (cf. Zvakazarurwa. 13:13)

C. Hasha dzaMwari kuzvivi dzinorehwa nemadimikira emoto

1. Hasha dzake dzinopisa (cf. Hosea. 8:5; Zekariya. 3:8)
2. Anodurura moto (cf. Nahumi. 1:6)
3. Moto usingaperi (cf. Jeremiya. 15:14; 17:4)
4. Kutongwa kwemugumo (cf. Mateu. 3:10; 13:40; Johani. 15:6; 2vaTesaronika. 1:7; 2Petiroso. 3:7-10; Zvakazarurwa. 8:7; 16:8)

D. Semadimikira mazhinji mubhaibheri (kureva., kuvirisa, shumba) moto unogona kureva makomborero kana chituko zvichienderana nechirevo chehchinorwa.

15:7 “kana muchigara mandiri namashoko angu achigara mamuri” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kutika. Minamoto haipindurwe pakarepo! Jesu anoshandura madimikira kubva pakureva iye achigara muvadzidzi kusvika pakureva mashoko ake achigara muvadzidzi. Jesu anoratidza baba, nedzidziso yakewo, inoratidza baba. Idzi inzira dzinoshandurirana dzeratidzo. Vhangeri rine chimiro chemunhu pamwe neMweya.

▣ **“kumbirai zvamunoda muchazviitirwa”** Apa panechirevo chokureva kuitirana (AORIST MIDDLE IMPERATIVE) (ndima. 16). Mutsara uyu unogaropirikirwa nenzira isiri iyo zvikuru. Ngwarira kuti utsvake dzidziso yerugwaro rwose, usatsindikidze chinyorwa kana muvaravara woga (cf. chinyorwa pa14:13). Tarira nhaurwa inokosha :munyengetero, wakaganhurwa asiwo huana muganhu pana1Johani. 3:22.

15:8 “Baba vangu vanokudzwa” Mararamiro evatendi okuva saKristu, anonunza kukudzwa kunaMwari uye anopa humboo hwokuti ivo ndivo vadzidzi vechokwadi. MunaJohani. 13:31-32; 14:13; 17:4; naMateu. 9:8; 15:31, Baba vakakudzwa mubasa reMwanakomana uye iko zvino mubasa romutendi (cf. Mateu. 5:16). Tarira chinyorwa pa1:14.



NASB “Saka ratidzai kuva vadzidzi vangu”

NKJV “saka muchava vadzidzi vangu”

NRSV, TEV “ivai vadzidzi vangu”

NJB “ivai vadzidzi vangu”

REB “saka ivai vadzidzi vangu”

NIV, Goodspeed “muchiratidza kuti muri vadzidzi vangu”

Bhaibheri re NET “ratidzai kuti muri vadzidzi vangu”

JB “zvino muchava vadzidzi vangu”

Musiyano unokonzera nechirevanguva muizwi rechiito.

1. Chirevo chezvichaitwa (AORIST SUBJUNCTIVE), MSS P⁶⁶, B, D, L

2. Chirevo chokudoma ramangwana (FUTURE INDICATIVE), MSS, N, A

Hupenyu (zvibereko) hwevatendi hunoratidza zvavari! Chirevanguva chezwi rechiito, hachikoshi sokushanduka kwopenyu chaihwo hwerudo, kuteerera, nokushumira. Izvi ndizvo zvinoratidza mutendi wchokwadi! Hatina kuponeswa nerudo, kuteererakana kushumira kwedu (cf. vaEfeso. 2:8, 9), asi izvi ndizvo zvinopa humboo hwokuti tiri vatendi (cf. vaEfeso. 2:10).

Iziw rokuti” vadzidzi” rinoshandiswa muvhangeri yaJohani kureva vatendi navateveri vokuda kwaMwari uye vanoratidza maitiro ake. Johani haashandisi izwi rokuti “kereke” (*ekklesia*) chero kamwe zvako, naizvozvo izwi rokuti vadzidzi ndiro raanoita nzira yake yokureva ruwadzano nemakungano evaKristu. Hudzidzi ndihwo hupenyu hwemisi yose hwenguva itsva hwakararamiwa munguva yekare. Hunoratidzwa zvikuru nerudo, chiedza, kuteerera, nokushumira! naizvozvi vanwe vanovaziva sevadzidzi vaJesu.

15:9” Baba sezvavakandida, neniwo ndakakudai” Runjekete urwu rweukama hwerudo ndirwo runoratidza kuva mhuri yaMwari, Baba vanoda Mwanakomana, Mwanakomana anoda vadzidzi vake, vadzidzi vake vanodanana.

▣ **“garai murudo rwangu”** Iri izwi rokudoma kudokwairira zvinofanira kuitwa (AORIST ACTIVE IMPERATIVE). Vatendi vanokurudzirwa kuti vagare mu

1. Munamoto (ndima. 7; 14:14)

2. Kuteerera (ndima. 10, 14, 17, 20; 14:15, 21, 23, 24)

3. Mufaro (ndima. 11)

4. Rudo (ndima. 12; 14:21, 23, 24)

Zvose izvi zvinopa humboo hweukama hwepauzima naMwari. Tarira nhaurwa inokosha:kugara panaJohani. 2:10.

15:10” kana mukachengeta mirayiro yangu” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo youreva zvinogona kuitika. kuteerea ndihwo humboo hweudzidzi hwechokwadi (cf. 8:31; 14:15-21, 23-24; Ruka. 6:46). Jesu anokushandisa sechiratidzo chokuvimbika kunaBaba.

▣ **“rudo”** Izwi rechiGiriki iri rokureva rudo rokuti (*agape*) raisashandiswa muzvinyorwa zverurimi rwechiGiriki chakare kana rweKoine Greek kusvikira kereke payakazorishandisa nenzirawo yayo. Rakatanga kushandiswa kureva rudo rwekuzvipira, rwekuvimbika, rwemabasa. Izwi rokuti rudo, rinoreva chiito, kwete dengetera (cf. 3:16). Chirevo chezwi remutestamende itsva rokuti ‘*agape*’ chineranganidzo niche izwi remutestamende yekare rokuti *hessed*, iro raireva rudo nokuvimbika kwechisungo.

▣ **“seni ndaichengeta mirayiro yaBaba vangu”** Izvi zvinoreva zvakaitwa uye zviine zvibereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVE). Sezvo Jesu ainoukama nababa, vatendiwo vanoukama naye. Pane kubatana kuri pakati pababa noMwanakomana uko kunofanirawozve kuitika mukati mevatendi (cf. 14:23)

15:11 “mufaro wenyu uzadzike” Vatendi vachava nomufaro waJesu (cf. 17:13). Mufaro ndihwo humwe humboo hweudzidzi hwechokwadi (cf. 15:11[ruviri]16:20, 21, 22, 24; 17:13). Munyika ino mune nhamo nematambudziko; munaKristu munemufaro, mufaro wakazara, mufaro wake.

Gwaro re NIDOTTE, vol. 1, p. 741, rinetsanagudzo yakanaka pamusoro kwekushandiswa kwemazwi okuti “mufaro” na” kuzara” muzvinyorwa zvaJoahni.

“muvhangeri yaJohani uye nemutsamba dzake, munesungano irimo pakati pemufaro (*chara*) senyaya nechiiito. *plerōō* mumuvaravara., uchazadzika. Mufaro uyu ndowa Jesu (cf. 15:11; 17:13) uyo waanounza kuburikidza nokuuya kwake (3:29), nemashoko ake (15:11; 17:13), nokudzoka kwake (16:22) kuvadzidzi vake (15:11; 17:13). Mufaro uyu ndiwo unotsiva kusuruvara kwakazadza mwoyo yavo (16:16, 20). Naivozvo, mufaro waKristu unova mufaro wavo (15:11; 16:24; cf. 1Johani. 1:4). Mufaro uyu unoratidza hupenyu hwevadzidzi pakufamba kwavo naJesu; hunozadziwa (Johani. 3:29; 15:11; 16:24; 17:13; 1Johani. 1:4; 2Johani. 12). Muvaravara unotindikidza nyaya yokuti Mwari ndiye anozadzisa mufaro uyu.”

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :15:12-17

¹²Uyu ndiwo murayiro wangu, kuti mudane, seni ndakakudai imi. ¹³Hakuna munhu anorudo rukuru kune urwu, kuti munhu arasire hama dzake upenyu hwake. ¹⁴Imi muri hama dzangu, kana muchiita zvandinokurayirai ini. ¹⁵Hndichakuidzii varanda; nokuti muranda haazivi zvinoitwa naIshe wake; asi ndinokuidzai hama; nokuti zvose zvandakanzwa kuna Baba vangu, ndakakuzivisai izvo.

¹⁶” Imi hamuna kundisanangura, asi ini ndakakusanangurai imi, ndikakuisai kuti muende mubereke michero, uye kuti michero yenyu igare; kuti chinhu chipi nechipi chamunenge muchikumbira kuna Baba muzita rangu, vakupei icho.

¹⁷” Ndizvozvi zvandinokurayirai, kuti mudane.

15:12 “uyu ndiwo murayiro wangu” Kazhinji Jesu aidzokorora dingindira iri (cf. 13:34; 15:17; 1Johani. 3:11, 23; 4:7-8, 11-12, 19-21; 2Johani. 5).

▣ **“kuti mudane”** Izvi zvinhu zvaidokwairirwa kuti zviitwe uye zviine zvibereko zviripo (PERFECT ACTIVE IMPERATIVE), murayiro weziendamberi. Rudo ndicho chibereko chemweya (cf. vaGaratiya. 5:22). Rudo harusi dengetera, asi zviito. Runodudzwa nokuita (cf. vaGaratiya. 5:22-23; 1vaKorinde. 13).

▣ **“seni ndakakudai”** Ichi ndicho chirevo chokudoma zvakaitwa (AORIST ACTIVE INDICATIVE). Ichi chinogona kunge chaiva vchibhende chokureva muchinjikwa (cf. ndima. 13). uyezve yakanga iri mhando yerudo rwezvirasira kuna vamwe rwaJesu runofanira kuratidzwa navatendi (cf. 2vaKorinde. 5:14-15; vaGaratiya. 2:20; 1Johani. 3:16).

15:13” kuti munhu arasire hama dzake upenyu hwake” Izvi zvinoreva chenuro yegadzurudzo yeritsivo yaJesu (cf. 10:11, 15, 17, 18; Mako. 10:45; vaRoma. 5:7-8; 2vaKorinde.

5:21; Isaya. 53). Urwu ndirwo rudo runoonekwa nokuita! Izvi ndizvo zvinodiwa kuti zviitwe nevadzidzi (cf. 1Johani. 3:16).

15:14 “muri hama dzangu” Iri ndiro izwi rinoreva zita rechiGiriki rokuti *philos*, iro rinowanzova nesungano nokureva rudo rwehushamwari (*phileō*). Mururimi rweKoine Greek, mazwi okuti “*agapaō*” na “*phileō*” anowanzoshandiswa zvakananana semazwi echiito okureva rudo rwoutsvene (enzanisa 11:3[*phileō*] na 5[*agapaō*]; rokuti *phileō* rinoshandiswawo kureva rudo rwaMwari muna. 5:20).

▣ **“kana muchiita zvandinokurayirai ini”** Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuzoitika (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Mutsara uyu unopa zvimiso zvoushamwari, zvinova kuteerera (cf. 14:15, 23-24; 15:10; Ruka. 6:46). Sokugara kwakaita Jesu munaBaba uye akaramba ari murudo rwavo, navadzidzi vake vanofanira kuitawo saizvozvo!

15:15 Jesu anoudza vadzidzi neve (1) chokwadi pamusoro paMwari (2) zvichaitika. Anoratidza samba rake kuitira kuti vadzidzi vake vakure mukutenda nokuvimbika. Jesu akaudzawo vadzidzi vake izvo zvaakanga anzwa kunaBaba (cf. 3:32; 8:26, 40; 12:49; 15:15); vaizofanira kuudzawo vamwe zvinhu izvi (cf. Mateu. 28:20).

15:16 “Imi hamuna kundisanangura ini, asi ndakakusanangurai imi” Pane zvakananana zvanechokuita nezvivakamutauro.

1. Mazwi echiito (VERBS) arimuchimiro chokudoma kuitira (AORIST MIDDLE INDICATIVE) —Iye Jesu pachake, akavasaruza vose (cf. 6:70; 13:18; 15:16, 19)
2. Chirevo chakadzama chezwi rokuti “*alla*” (asi) paine chirevo chokupikisa (ADVERSATIVE)
3. Kumikidzo yezwi rokuti “*ego*” kana mutsara wokuti “*ini*”

Heino nengaidzo pakati rudaviro rwavanhu nekusaruza. Dzose idzidziso dzemubhaibheri. Mwari ndiye anogaro parura (cf. 6:44, 65; 15:16, 19), asi vanhu vanofanira kudavira (cf. 1:12; 3:16; 15:4, 7, 9). Kushanda kwaMwari navanhu kwagara kuri kwenzira yehukama hwechisungo (“kana...zvino”). Tarira nhaurwa inokosha pa3:16.

Izwi rechiito rokuti “sanagurai” muchirevo chechinyorwa chino rinoreva vadzidzivane gumi navaviri. Izwi rokuti “sanangurai” rine chirevo chokuti “kusanagurirwa ushumiri” mutestamende yekare uye mutestamende itsva chete ndimo munopinda muvanzarira wechirevo chemaonero okuti “kusanagurirwa ruponeso”. Vatendi vetestamende itsva vanosanagurirwa kuva saKristu kunova kuita ushumiri, kurasira, nokuzvipirira kuushe hwaMwari, muviri waKristu, unaku hwezibatakwose. Ichi ndicho chiratidzo chiripachena chokuti hunhunzvatunzva hwokutadza hwabviswa.

Muvhangeri yaJohani, zvinorehwa naJesu kuvadzidzi vake vane gumi navaviri, zvinechirevowo kuvatendi vose. Ivo ndivo chiratidzo chezvberoko zvokutanga zvodzidzi, asi hukama hwavo

1. Nouchapupu nemharidzo dzavo ndedze mhando iri yoga (kureva., tuso)
2. hunoshanda kuvatendi vose pakuti kuda kwaJesu kwavari ndiko kuda kwake kuna vose vanotenda nokumutevera.

▣ **“ndakakuisai kuti muende mubereke michero, uye kuti michero yenyu igare”** Apa pane zviirevo zvitatu zvefingidziro yeramangwana (PRESENT ACTIVE SUBJUNCTIVE) : (1) endai; (2) berekai michero (3) michero igare (kugara). Vatendi vari pautumwa (cf. Mateu. 28:19-20);

Ruka. 24:46-47; Mabasa. 1:8). Nyaya yechirevo chezwi rokuti” ndakakuisai, “pazvidzidzo zvouMwari, chinoonekwa munaMabasa. 20:28; 1vaKorinde. 12:28; 2Timoti. 1:11. Izwi iri rakashandiswawo kureva kufira vatendi kwaKristu (cf. 10:11, 15, 17-18; 15:13).

☐ **“muzita rangu”** Vatendi vanofanira kuratidza hunhu hwaJesu. Mutsara uyu unofambirana nowekuti” kuda kwaMwari” muna1Johani. 5:14. Rudo neminamato yakapindirwa zvinesungano pano semuna. 14:13-15. Traira nhaurwa inokosha:zita raIshe panaJohani. 14:13-14.

15:17” ndizvozvi zvandinokurayirai, kuti mudane” Ona chinyorwa pandima. 12. Munamato wakapindurwa unesungano nerudo pamwe noutumwa!

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :15:18-25

¹⁸Kana nyika ichikuvengai, muzive kuti yakandivenga ini, isati yakuvengai imi. ¹⁹Kana maiva venyika, nyika yaidana vayo; zvino zvamusati muri venyika, asi ini ndakakusanangurai panyika, saka nyika inokuvengai. ²⁰Rangarirai shoko randakareva kwamuri, ndichiti, ’muranda haasi mukuru kuna Ishe wake.’kana vakanditambudza ini, vachakutambudzai nemiwo; kana vakachengeta shoko rangu, vachachengeta nerenyuwo. ²¹Asi izvi zvose vachakuitirai nokuda kwezita rangu, nokutihavazivi akandituma. ²²Dai ndisina kuuya, ndikataura navo, vangadai vasina zvivi; asi zvino Havana pembedzo yezvivi zvavo. ²³Anondivenga, anovengawo nababa vanguwo.

²⁴” Dai ndisina kuita pakati pavo mabasa asina kumboitwa nomumwe munhu, vangadai vasina zvivi; asi zvino vakaona, nokundivenga ini nababa vangu.

“Asi zvakaitwa, kuti shoko rakanyorwa mumurayiro wavo, riitke rinoti, ’vakandivenga ndisina mhosva.’

15:18” kana” Uyu ndiwo mutsara unshongedzo yokuva wechokwadi pamaonero omunyori (FIRST CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Nyika, neurongwa hwevanhu hunoutadzi, hunovenga vateveri vaJesu.

☐ **“nyika”** Johani anoshandisa izwi iri nenzira dzakawanda : (1) Nyika, sedimkira rokureva vanhu vose (cf. 3:16) ne (2) mugarisanwa wevanhu wakaitwa nokushanda pasina Mwari (cf. 10:8; 1Johani. 2:15-17). Tarita nhaurwa inokosha pa14:17.

☐ **“ichikuvengai”** Izvi zvinoreva zvirikuitwa (PRESENT ACTIVE INDICATIVE) ; nyika inoramba ichivenga (cf. ndima. 20).

☐ **“muzive”** Izvi zvinoreva zvirikudokwairirwa kuti zviitwe (PRESENT ACTIVE IMPERATIVE). Ruzivo rwevatendi rwechokwadi chetestamende itsva rwunovabatsira kutambudzwa nenyika inoutadzi.

☐ **“kuti yakandivenga ini, isati yakuvengai imi”** Izvi zvinoreva zvakaitwa uye zvine zvibereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVE). Izwi rinesungano nezita rokuti” ini” rinechirevo chekumikidzo (cf. 7:7). Izvi zvinoburitsa kupikiswa kunoitwa Mwari, Mesisasi, nevanhu vake nenyika (cf. 17:14; 1Johani. 3:13).

Vatendi varipamwe murudo uye nomukuvengwa kwaKristu (cf. vaRoma. 8:17; 2vaKorinde. 1:5, 7; vaFiripi. 3:10; 1Petirosi. 4:13). Kuva pamwe naKristu kunounza rugare, mufaro nokuvengwa, chero rufu chairwo!

15:19 “kana” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva chokwadi nokudoma zvinopikisa (SECOND CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Izvi zvinofanira kushandurudzwa zvichinzi” kana maiva venyika, avo vamusiri, zvino nyika yaidai ichikudai, asi haikudei.”

15:20 “Rangarirai” Izvi zvinoreva zvirikudokwairirwa kuti zviitwe (PRESENT ACTIVE IMPERATIVE), semundima. 18, kana chirevo chezvirikuitika (PRESENT ACTIVE INDICATIVE), unogona kuva mubvunzo (LB).

▣ **“Muranda haasi mukuru kuna Ishe wake”** kana ukaenzanisa ndima iyi na13:16, zvinobuda pachena kuti Jesu aishandisa mutauro wakavanzika nenzira dzkakasiyana.

▣ **“kana vakanditambudza..... kana vakachengeta shoko rangu”** Iyi ndiyo mitsara ineshongedzo yokuva yechokwadi pamaonero omunyori (FIRST CLASS CONDITIONAL SENTENCES). Izwi rokuti” vakutambudza” rinoreva kuvhimwa semhuka yedondo. Kutamudzwa ndiwo mararamiro evateveri vaKristu munyika inoutadzi (Mateu. 5:10-12; Johani. 16:1-3; 17:14; Mabasa. 14:22; vaRoma. 5:3-4; 8:17; 2vaKorinde. 4:16-18; 6:3-10; 11:23-30; vaFiripi. 1:29; 1vaTesaronika. 3:3; 2Timoti. 3:12; Jakobho. 1:2-4; 1Petirosi. 4:12-16).

15:21” havazivi akandituma” Zviri pachena kuti izvi zvinoreva Baba. Zvinoreva kuti vose vaJudha nevaHedheni havazivi Mwari. Izwi rokuti” ziva “rinoshandiswa mumutauro wakare wemutestamende yekare kureva hukama hwemandiriri (cf. Genesi. 4:1; Jeremiya. 1:5). Nyika yevatadzi yaitambudza vatendi nokuti (1) ndevaJesu, uyo wavakatambudzawozve uye (2) havazivi Mwari!

15:22” dai ndisina kuuya” Uyu ndiwo mumwe mutsara uneshongedzo yokuburitsa chokwadi nokudoma zvinopikisa (S3ECOND CLASS CONDITIONAL SENTENCE) Unofanira kushandurudzwa uchinzi” dai ndisina kuuya kuzotaura navo, izvo zvandakaita, zvino vaidai vasina zvivi, izvo zvavainazvo.”Kuva nomurandu kunechokuita neruzivo (tarira nhaurwa inokosha :Chivi chisingaregererwi pa5:21). Muchirevo chino matavi asingabereki (kureva., Judhasi nevaJudha) aiva nomukana mukuru wokuva noruzivo, kupfuura avo vakangoona zvakasikwa naMwari (kureva., vaHedheni, cf. Mapisarema. 19:1-6; vaRoma. 1:18-20 kana 2:14-15).

15:23 kuenda mberi kwekupikisa Jesu ndikowo kuendamber kwokupikisa Mwari (cf. ndima. 24).

15:24” dai” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokuburitsa chokwadi nokudoma zvinopikisa (SECOND CLASS CONDITONAL SENTENCE). Unofanira kushandurudzwa uchinzi” dai ndisina kuita mabasa pakati pavo, ayo asina akamboaita (asi ndakaaita), zvino vaidai vasiva zvivi, izvo zvavava nazvo.”

Chiedza chinounza basa rokuita / murandu (cf. 1:5; 8:12; 12:35, 46; 1Johani. 1:5; 2:8, 9, 11; Mateu. 6:23).

“vakandivenga ini naBaba vangu” Mitsara yose iri miviri iyi inoreva zvakaitwa uye zviine zvibereko. Izvo zvinoratidza mafungiro aivapo chaiwo. Kuramba Jesu ndiko kuramba Baba (cf. 1Johani. 5:9-13).

15:25 “Zvinoshamisa kuti izwi rokuti” murayiro” kana “Tora” rinoshandiswa kutsanangura mazwi akatorwa munaIsaya. 35:19; 69:4. Izwi iri rinowanzoshandiswa kureva zvinyorwa zvaMosesi, kubva Genesi kusvika kunaDhuteronomi.

Zvakavanzika zvokuramba Jesu kwevaJudha ipo paine ratidzo yakawanda kudaro, kwakanzi kune chokuita nokuzvidira kusatenda (cf. Isaya. 6:9-13; Jeremiya. 5:21; vaRoma. 3:9-18).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :15:26-27

²⁶” Kana munyaradzi auya, wandichatuma kwamuri, achibva kuna Baba, iye mweya wechokwadi, anobuda kuna Baba, achandipupurira. ²⁷Nemiwo pupurai, nokuti maiva neni kubva pakutanga.

15:26 “kana munyaradzi auya, wandichatuma kwamuri” Vose Baba noMwanakomana ndivo vanotuma Mweya (cf. 14:16, 26; 15:26; 16:7). Basa rokudzikinura rinoitwa navanhu vose vatatu vaMwari vatatu mumwe.

“mweya wechokwadi” Izvi zvinoshandiswa nokureva kuti Mweya mutsvene ndiye anoratidza Baba (cf. 14:17, 26; 15:26; 16:13). Tarira nhaurwa inokosha pamusoro pechokwadi pa6:55 na17:3

“achandipupurira” Basa remweya nderekupupurira Jesu nedzidziso dzake (cf. 14:26; 16:13-15; 1Johani. 5:7).

15:27” nemiwo pupurai” Izwi rokuti “nemi...wo” rinechirevo chetsindikidzo. Iri izwi riri muchimiro chokureva zviri kuitika. Izvi zvinofanira kureva kutuswa kwevanyori vetestamende itsva (kureva., vapositori neshamwari dzavo) avo vaiva naJesu panguva youpenyu hwake panyika (cf. Ruka. 24:48). Tarira nhaurwa inokosha :zvapupu zvaJesu pa1:8 naHumunhu hweMweya pa14:26.

MIBVUNZO YENHAURIRANO

1. Ko kuti” kugara “kunoreva kuitei?
2. Ko kana mutendi akamira kugara?ko kana mutendi akasava nezvibereko?
3. Denegudza humboo hweudzidzi hwechokwadi.
4. Kana kutambura kuri iko mararamiro evakristu, zvinorevei kwatiri nhasi?
5. Tsanangudza ndima 16 nemazwi ako

JOHANI 16

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Ruvengo rwenyika	Kuuya kwekurambira			Vadzidzi nenyika
(15:18-16:4a)	(15:18-16:4)	Hukama hwemuKristu neNyika	(15:18-16:4a)	(15:18-16:4a)
Basa reMweya		16:1-4a	Basa reMweya Mutsvene	Kuuya kwemuyamuri
16:4b-11	Basa reMweya Mutsvene	16:4b-11	16:4b-11	16:4b-15
Kusuwa kuchapanduka mufaro	16:5-15		Kusuwa nekufara	Jesu achadzoka muchingvana
16:12-15	Kusuwa kuchapanduka mufaro	16:12-15	16:12-15	
16:16-24	16:16-24	16:16-24	16:16	16:16
			16:17-18	16:17-18
			16:19-22	
			16:23-24	
Ndakunda	Jesu Kristu akakunda nyika		Kukunda nyika	
16:25-33	16:25-33	16:25-28	16:25-28	
		16:29-33	16:29-30	16:29-33
			16:31-33	

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyorori. Ndiyozve hwaro hwepupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

RUONO RWEVZIRI MUGWARO MUNA JOHANI. 16:1-33

- A. Chidzidzo chechinyorwa ichi chinobva muna. 15:18-16:4a. Mhatsanuro dzechikamu hadzina kutuswa uye dzakazowedzerwa pava paya, sezvitsauko, munyorerwo wemavara,, mihozera inopatsanura kana kubatanidza mazwi, pamwe nemhatsanuro.
- B. Basa remweya mutsvene kune avo vakarasika rinodudzwa muna. 16:8-11, uye basa rake kuna vakaponeswa rinodudzawo muna. 16:12-15. vaSamuel Mikolaski vakanyora pfupiso inofadza zvikuru pamusoro pebasa remweya mutestamende itsva muchinyorwa chavo chinonzi, dzidziso yezvouMwari yetestamende itsva” *The Theology of the New Testament*” mugwaro rokutsanangudza tsoropodzo yebhaibheri” *The Exposition Bible Commentary*, vol. 1:
“Gwara redzidziso yekureva kuitwa mutsvene, rinofambirana zvikuru nokururamiswa, asi richisiyana nokururamiswa. Semutestamende yekare, kuitwa mutsvene kunotanga nokuburitsa kuparadzana—hutsvene hwokusava nomugmo kwaMwari—nepiri, hunhu noukama hwouMwari. kuita mutsvene ndiro basa raMweya Mutsvene, uyo anobatanidza munhu naKristu nokumutsiridza hupenyu hwake hwepaMweya. Testamende itsva inotaura nezvokubhabhatidzwa paMweya (1vaKorinde. 12:13) ; munembo weMweya (vaEfeso. 1:13, 14; 4:30), kuva mukati kweMweya (Johani. 14:17; vaRoma. 5:5; 8:9-11; 1vaKorinde. 3:16; 6:19; 2Timoti. 1:14), kudzidziswa namweya (Johani. 14:26; 16:12-15), kuzadza kwamweya (vaEfeso. 5:18), nezvibereko zvemweya (vaGaratiya. 5:22, 23). kuitwa mutsvene kunesungano nokururamiswa, uko kunova kumira pameso aMwari (vaHebheru. 10:10), uye kunogona kutsanagurwa sokupinda mumaitiro matsva” (p. 474).
- C. Ndima. 17, sendima. 13:36; 14:5, 8, na22, dzimwewo dzemibvunzo yevapositori.
- D. Vazhinji vanotenda kuti miutsara wokuti” ngatibvei pano” wemuna. 14:31 kana ukabatanidzwa na18:1, inoratidza kuti Jesu akataura zviri muzvikamu 15-17 ari munzira

yokuenda kuGetsemani achifamba nepatemberi, mumigwagwa yeJerusarema, kwete mumba yepamusoro.

DZIDZO YEMITSARA NEMAZWI

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :16:1-4

¹” Zvinhu izvi ndakakuudzai, kuti murege kugumburwa. ²Vachakubudisai mumaSinagoge, asi nguva inosvika, mumwe nomumwe wakakuurayayi, ahati anobatira Mwari basa. ³Zvinhu izvi vachaita, nokuti Havana kuziva Baba, kana ini. ⁴” Asi ndakakuudzai izvi, kuti kana nguva yazvo yasvika, mugoziyeuka, kuti ndakakuudzai. Handina kukuudzai izvi kubva pakutanga, nokuti ndaiva nemi.

16:1

NASB “Kuti murege kukugumburwa”

NKJV “Kuti musaitwa kuti mugumburwe”

NRSV “Kuti musagumburwa”

TEV “Kuti musarasa kutenda kwenyu”

NJB “Kuti musarasika”

Iri izwi rechiGiriki rokureva chiito chokuitirwa muneramangwana (AORIST PASSIVE SUBJUNCTIVE) rokuti *skandalizō*, BAGD 752) raishandiswa kureva riva rokubata mhuka. Rinowanoshandurudzwa richireva kuti” kurasika” (cf. Mateu. 13:21; 24:10; Mako. 4:17; 14:27, 29). kushandiswa kwaro kwechibhinde muchirevo chechinyorwa chino ndokwekuti vatendi vachenjerere zviito zvouipi zvevamwe vavo vechiJudha, chero vakuru vechitendero.

16:2” vachakubudisai mumaSinagoge” Izvi zvinoreva kudzingwa muchi Judha (cf. 9:22, 34; 12:42). Pane zvizhinji zvisingazivikanwe pamusoro penzira yevaJudha yokubudisana mumaSinagoge. Paiva nezira mbiri dzokubudiswa muSinagoge, yokubudiswa zvechinguvana nekubudiswa zvachose. Pava paya mushure mokuparara kweJerusarema mugore raA. D 70, paJamnia muParastina, vaRabhi vakaumba mhiko yokutuka inechekuita naKristu umo vaiedza kubvisa vaKristu mumabasa emuSinagoge. Izvi ndizvo zvakabva zvaparadzanisa vateveri vaKristu nemaSinagoge evaJudha.

☐ **“mumwe nomumwe anokuurayayi, ahati anobatira Mwari basa”** Izvi ndizvo chaizvo zvaifungwa navakuru vevaJudha (cf. Isaya. 66:5; Mateu. 5:10-12; 10:32) Sauro weTaso (Pauro) ndiye muenzaniso mukuru wemafungiro akarasika aya (cf. Mabasa. 26:9-11; vaGaratiya. 1:13-14).

16:3” zvinhu izvi vachaita” Kuvimbisika nokuzvipira kunaMwari, hakisiri iko kwakaperera. Huipi, mhosho pamwe noupindikiti hunowanzoitwa muzita raMwari.

☐ **“Havana kuziva Baba kana ini”** Izwi rokuti” kuziva” rinechirevo chetestamende yekare chokureva hukama hwemandorokwati hwepauzina (cf. Genesi. 4:1; Jeremiya. 1:5). Iyi itsanangudzo yakadzama yokuti kuramba Jesu ndiko kuramba Mwari chaiko (cf. 8:19; 15:21; 1Johani. 5:9-12).

Johani anogaroti kusaziva noupofu paMweya kwenyika (cf. 1:10; 8:19, 55; 15:21; 16:3; 17:25). Zvisinei, chinangwa chokuuya kweMwanakomana chaiva chokuponesa nyika (cf. 3:16) nokuratidza Baba kuti nyika ivazive (cf. 17:23) kuburikidza naKristu.

16:4” Kureva zvichaitika kana zvakaitika kwaJesu kwaiva nzira yokukurudzira vadzidzi mukutenda/kuvimba /kuva norutendo vari mukati mokutambudzwa nokurambwa (cf. 13:19; 14:29)

Mutsara wokuti“kubva pakutanga” unoreva kutanga kweushumiri hwaJesu nokusanagurwa kwevane gumi nevaviri.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :16:5-11

⁵Asi zvino ndinoenda kune akandituma; hakuna mumwe wenyu anondibvunza achiti, 'Munoendepiko?'⁶Asi zvino mwoyo yenyu yafa neshungu zvandakakuudzai izvi. ⁷Asi ini ndinokuudzai zvechokwadi, kana ndichiti, zviri nani kwamuri, kuti ndiende, nokuti kana ndisingaendi, Munyaradzi haangaui kwamuri; asi kana ndikaenda, ndichamutumira kwamuri. ⁸Iye kana asvika achazivisa nyika pamusoro pezvivi, napamusoro pokururama, napamusoro pokutongwa; ⁹pamusoro pezvivi, nokuti havatendi kwandiri; ¹⁰pamusoro pokururama nokuti ndinoenda kunaBaba, hamungazondioni; ¹¹pamusoro pokutongwa, nokuti muchinda wenyika ino atongwa kare.

16:5 “hakuna mumwe wenyu anondibvunza, 'Munoendepi' “Zvinoita sokuti Petirosi akabvunza mubvunzo uyu muchikamu. 13:36, asi pakarepo pfungwa dzake dzakavhiringwa nokurwadziwa kuti Jesu aizovasiya pamwe nenyaya yokuti chii chaizitika kwavari (cf. ndima. 6). Johani. 14:1-3 inotaura pamusoro pokuenda kudenga kwaJesu (cf. Mabasa. 1:9-11).

Pano ndipo pakanaka kuzivisana kuti vhangeri hadzisi kuyavaya, kunyorwa kwezwi roga roga rakataurwa naJesu. Ipfupiso dzakanyorwa makore mazhinji mushure mokuitika kwadzo, ichiitirwa dzidziso yezvouMwari. Vanyori vevhangeri, vari mukutuswa, vaiva nesarudzo yokuytora nokurongedzazve mazwi aJesu (verenga bhuku ravaGordon Fee navaDouglas Stuart, rinonzi, maverengerwo ebhaibheri nezvariri zvole” *How to read the Bible For All its Worth*). Handitendi kuti vaiva nekodzero yokuisa mazwi mukanwa maJesu. Iyoyi nyaya yedzidziso youMwari yokuronga patsva mazwi aJesu zvichiitirwa kuvhangeri rimwe boka ravanhu, ndiyo inogona kuva iri iyo yakakonzera musiyano uripo mudzivhangeri!

16:6 “mwoyo yenyu yafa neshungu” Uyu ndiwo mutsara unoreva zvakaitwa zvine zvibereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVE). Zviitiko zvemumba yepamusoro zvinosuwisa (cf. 14:1; 16:6, 22). Izwi rokuti” mwoyo” rinosandiswa nechirevo chehchiHebheru chokureva munhu pachake—pfungwa, dindinyaro, nemazvokuda. Tarira nhaurwa inokosha:Mwoyo pa12:40.

16:7 “zviri nani kwamuri kuti ndiende” Muviri waJesu waingogona kuva panzvimbo imwechete panguva imwechete, izvo zvaimutadzisa kushumira kuvadzidzi vake vose. Uyewo, panguva yake ari panyika ainyanya kutaura nezveIsiraeri (cf. Mateu. 10:6; 15:24). Kuuya kwaMweya mutsvene kwaizozarura nguva itsva inounza ushumiri hukuru (cf. vaEfeso. 2:11-3:13).

Izwi rokuti “zviri nani” raireva kuti “zvichiitirwa” uye rinoshandiswawo muna. 11:50 na. 18:14 riine sungano nokufa kwaJesu. Mutsara wokuti” ndiende” unogona kureva zviitiko zvose zvevhiki rokupedzisira raJesu.

▣ **“nokuti kana ndisingaendi, Munyaradzi haangaui kwamuri”** Iyi ndiyo mitsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuzoitika. Jesu aifanira kuenda kuti kuvapo kwakakwana kweMweya kuuye! Izwi rokuti *paracletos* rinogona kushandurudzwa richireva kuti” mumiririri, ““munyaradzi, “kana “mubatsiri” (cf. 14:16, 26; 15:26, tarira chinyorwa chakazara pa14:16). Izwi iri rinowanikwa muzvinyorwa zvaJohani chete. Raishandiswa muzvinyorwa zvechiGiriki kureva gweta iro rinodanwa kuzobatsira. Mundima. 8-11 Mweya wakaita semukwidziri wenyaya kunyika, zvisinei, mundima. 12-15 kumirira vatendi kweMweya kunoonekwa.

Izwi rimwechetero rokuti *parakletos*, rinoshandiswa kureva Mwanakomana muna1Johani. 2:1. Mabviro aro echiGiriki anogona kushandurudzwa achinzi” nyaradzo.”Nenzira iyi rinoshandiswawo kureva Baba muna2vaKorinde. 1:3-11.

▣ **“ndichamutumira kwamuri”** Mweya wakabva kunaBaba pamwe noMwanakomana (cf. 14:26).

16:8” Iye kana asvika achazivisa nyika pamusoro pezvivi” Tarira uone kuti zvinhu zvose zviri zvtatu izvi (zvivi, kururama, kutongwa) zvokupupura kweMweya zvine chokuita nezvinodiwa nevanhu pamwe nebasa rokudzikinura raKristu. Izwi rokuti “zivisa” raiva izwi romutemo rokureva “tsvakurudzo mudare.”

VaG. B Caird, mubhuku ravo rinonzi, mutauro nemifananidzo yebhaibheri” *The Language and imagery of the Bible*, p. 159, rinenzwisiso inoshamisa pamusoro penyaya nhatu idzi.

Zivisa nyika kuti

1. Yanga yakarasika nokutongesa nokuuraya Jesu
2. Yanga yakarasika pamusoro pechirevo chezvivi
3. Yanga yakarasika pamusoro pezvinorehwa nokururama
4. Yanga yakarasika pamusoro pezvinorehwa nokuti kutongwa

Kana zviri izvo, saka Mweya ari kuratidza vhangeri zvakazara kuburikidza naJesu. Kuita zvechinamato hakungavaponesi. kutongwa kwakamirira munhu wese anoramba Jesu!” zvivi “ndiko kusatenda!Jesu chete ndiye nzira yokuenda kunaMwari!

Izwi rokuti” nyika” rinoreva vanhu, mugarisanwa wevatadzi wakrongwa pamwe nokushanda pasina Mwari. Tarira nhaurwa inokosha pa14:17.

16:9” pamusoro pezvivi, nokuti havatendi kwandiri” Vhangeri niotanga nokubvuma kutadza kevanhupamwe nokudiwa kwokururama kwaMwari (cf. vaRoma. 3:9-18, 23; 6:23; vaEfeso. 2:1-3). Zvivi” hazvisiri” izvo” zvinotadzisa ruponeso kurutivi rwuno rweKarivhari, asi kusatenda kwevanhu muna Jesu Kristu pamwe nebasa rake (cf. Johani. 3:6-21; 8:24, 26). Izwi rokuti” rutendo” rine chievo chemurangariro pamwe nedengereta, asi rinoreva kwazvo kwazvo kuti kuita sarudzo yako (Tarira nhaurwa inokosha pa2:23). Haritarisi kukosha kana mabasa omutendi, asi kurudaviro rwokutenda kwavo kuvombiso yaMwari munaKristu (cf. vaRoma. 3:21-30).

16:10 “pamusoro pokururama” Izvi zvinogona kureva

1. Kubatana kwebasa raiuya raKristi rokudzikinura paKarivhari nekumuka kuvafi kwake (cf. ndima. 10)

2. Avo vanofunga kuti vakarurama pamberi paMwari vasina Kristu, apo chokwadi chiri chokuti Kristu chete ndiye akarurama kunaMwari, zvakaonekwa nokukwira kudenga

16:11 “pamusoro pokutongwa, nokuti muchinda wenyika ino atongwa kare” Pane zuva riri kuuya rokuti zvose ngirozi dzakatadza pamwe navanhu vachamira pamberi paMwari wokururama (cf. vaFiripi. 2:9-11). Nyangwe Satani achiine samba panyika ino (cf. 12:31; 14:30; 2vaKorinde. 4:4; vaEfeso. 2:2; 1Johani. 5:19), imhandu yakakundwa kare chirevo chokureva zvakaitirwa (PERFECT PASSIVE INDICATIVE). Vana vake (cf. 8:44; Mateu. 13:38; 1Johani. 3:8-10) vachaona kutsamwa kwaMwari!

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :16:12-15

¹²” Ndine zvizhinji zvandinoda kukuudzai; asi hamugoni kuzvigamuchira nhasi. ¹³” Asi kana asvika iye Mweya wechokwadi, achakutungamirirai muchokwadi chose; nokuti haangatauri zvake, asi zvaakanzwa, ndizvo zvaachataura, uye achakuparidzirai zvinouya. ¹⁴Achandikudza, nokuti achatora pane zvangu achikuparidzirai izvo. ¹⁵Zvose Baba zvavanazvo, ndezvangu; naizvozvo ndakati, achatora pane zvangu, achiparidzirai izvo.

16:12 “hamugoni kuzvigamuchira zvino” Izwi rokuti” gona” rinoshandiswa nechirevo chokureva mhuka yakatakura mutoro. Zvimwe zvezvinhu zvavaisagona kunzwisisa ndezvinoti

1. Kutambura kwaKristu
2. Kumuka kwaKristu
3. Hutumwa pasi rose hwekereke

Vaverengi vemazuva ano vanofanira kurangarira kuti hupenyu hwaKristu hunoreva nguva yeshanduko. Vapositori vaisanzwisisa zvinhu zvakanwanda kusvikira pakazomuka Jesu kuvafi nokuonekwa kwake pamwe nokuuya kweMweya mutsvene zvakanwanda musu wePendekositi.

Zvisinei, tinofanirawo kurangarira kuti vhangeri dzakanyorwa pava paya makore mazhinji dzichinyorerwa basa rokuvhangeri kumapoka evanhu akasiyana siyana. Naizvozvo, dzinoratidza dzidziso youMwari yakanga yavapo mazuva iwawo.

16:13 “mweya wechokwadi” Izwi rokuti chokwadi (*Aletheia*) rinoshandiswa nenzira yetestamende yekare yokureva kuvimbisika uye nedzimwe nguvawo kureva kuva nechokwadi. Jesu akati iye ndiye chokwadi muna14:6. Zita iri raMweya mutsvene rinokumikidza basa rake rokuratidzira Jesu (cf. 14:17, 26; 15:26; 16:13-14; 1Johani. 4:6; 5:7). Tarira chinyorwa pa6:55.

▣ **“achakutungamirirai muchokwadi chose”** Izvi hazvirevi chokwadi chezvinhu zvose, asi chokwadi chezvinhu zvemweya nedzidziso yaJesu. Izvi zvinoreva kwazvo kwazvo tuso yevanyori vetestamende itsva. Mweya wakavatumamira nenzira dzakadzama dzinemasimba. Nedzimwe nzira zvinoreva basa raMweya rokujekesera chokwadi chevhangeri kuvaverengi vaizouya. Tarira nhaurwa inokosha pamusoro pechokwadi pa6:55 neyehumunhu hweMweya pa14:26.

NHAURWA INOKOSHA:RUJEKO

“Mwari akaita kareko zvokuzviratidza kuvanhu. Mudzidziso yezvouMwari kuita uku kunodanwa kuti ratidzo. Akasarudza vanhu vokunyora nokutsanangura kuzviratidza kwake. Mudzidziso yezvouMwari, izvi zvinodanwa kuti tuso. Akatumira Mweya wake kuti ubatsire vaverengi kuti

vanzwisise shoko rake. Mudzidziso yezvouMwari izvi zvinodanwa kuti rujeko. Dambudziko rinouzouya apo patinenge toti Mweya unobatsira pakunzwisiswa kwshoko raMwari—saka sei paine mhirikiro dzakawanda kudai dzeshoko iri?

Chimwe chikamu chedambudziko chinobva pakufanonzwisisa shoko kwemuverengi kana zvoupenyu hwake. Kazhinji vanhu vanotaura nyaya dzavo vachishandisa bhaibheri nenzira isakarurama. Kazhinji dandadzira redzidziso yezvouMwari rinotsitsirirwa pamusoro pebhaibheri kwavakuri bvumida kutaura chete pamusoro pedzimwe nyaya uye nenzira yavanoda. Rujeko harugoni kuenzaniswa netuso nyangwe Mweya uine chokuita munezvoze zviri zviriviri.

Nzira yakanaka ndeyokuedza kutaura pamusoro penyaya inotaurwa neganhuro yose, kwete kupirikira hudonogodzwa hwose hwechinyorwa. Nyaya yakatakura dingindira ndiyo vavariro yemunyori wemabviro akatuswa. Hakuna mupirikiri akatuswa. Hatigoni kuitazve nzira yemunyori webhaibheri yokupirikira. Tinogona uye ngatiedze kunzwisisa zvaaitaura panguva yavo nokutaura chokwadi munguva yedu. Pane zvimwe zvikamu zvebhaibheri zvisingarevi chinhu chimwechete kana zvakavanzika (kusvikira yavawo imwe nguva). Pachazovawo nokusabvumirana pamusoro pezvimwe zvinyorwa, asi tinofanira kudenengudza chokwadi chenyaya nokubvumira mhirikiro dzomumwe nomumwe dzinenge dziri mukati mevavariro yemunyori wemabviro. Vapirikiri vanofanira kufamba muchiedza chavainacho, nguva dzose vachibvumira chimwe chiedza chakawanda kubva kubhaibheri neMweya. Mwari achatitonga maererano nenhanho yokunzwisisa kwedu uye nokuti tinorarama maringe neruzivo irworwo here.

▣ **“nokuti haangatauri zvake, asi zvaakanzwa, ndizvo zvaachataura; uye achakupupurirai zvinouya”** Zvinhu zvchauya zvinoreva zviitiko zverudzikinuro: Karivhari, kumuka kuvafi, kukwira kudenga pamwe nePendekositi. Izvi hazvirevi ushumiri hwekureva zvinouya (kureva., Agabho, Mabasa. 21:10, tarira nhaurwa inokosha: Chiporofita pa4:19).

Mweya achapiwa chokwadi naBaba, sezvakaitwa naJesu, ochisvitsa kuvatendi, sezvakaitwa naJesu. Hazvisingori zviri mushoko raMweya izvo zvinobva kunaBaba, asi nzira yokuunzwa kwarowo (kureva., pauzima, tarira nhaurwa inokosha pa14:26). Baba ndivo vakuru (cf. 1vaKorinde. 15:27-28).

16:14-15 “achandikudza, nokuti achatora pane zvangu, achikuparidzirai” Basa remweya nderekusimudzira nokutsanangura Jesu Mesiasi (cf. ndima. 15). Mweya haazvijekesi pachake, asi anojekesa Jesu nguva dzose (cf. 14:26).

▣ **“zvoze Baba zvavanazvo ndezvangu”** heino nhaurwa inokatyamadza (cf. 3:55; 5:20; 13:3; 17:10; Mateu. 11:27). Izvi zvineringanidzo naMateu. 28:18; vaEfeso. 1:20-22; vaKorose. 2:10; 1Petiroai. 3:22.

Pane kushanda kwakarongeka, kwete kusaenzana, munaMwari vatatu mumwe. Sokuratidza Baba kwakaitwa naJesu, naMweyawo anoratidza Jesu.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :16:16-24

16” Chinguva chiduku chasara, hamuchazondioni; uyezve chinguva chiduku, muchandiona.”¹⁷Zvino vamwe vavadzidzi vake vakataurirana vachiti, “Chinyiko ichi chaanoreva kwatiri, kuti, ’Chinguva chiduku chasara, hamuchazondioni; uyezve, chinguva chiduku, muchandiona, uye, nokuti, ndinoenda kunaBaba?’¹⁸Naizvozvo vakati, chinyiko chaanoti, ’chasara chinguva chiduku?’¹⁹Hatizivi chaanotaura.”¹⁹Jesu akaziva kuti vanoda

kumubvunza, akati kwavari, “Munobvunzana here pamusoro pechinhu ichi chandareva, ndichiti, 'Chasara chinguva chiduku, muchandiona?’²⁰” Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri kwamuri, mucharira nokuchema imi, asi nyika ichafara; imi muchanzwa shungu, asi shungu dzenyu dzichasanduka mufaro. ²¹” Mukadzi kana achipona, anonzwa shungu, nokutinguva yake yasvika; asi kana apona mwana, haachafungi kutambudzika, nokufara kwake nokuti munhu aponwa panyika. ²²Nemi zvino muneshungu; asi ndichakuonaizve, nomwoyo yenyu ichafara; hakuna munhu angakutongerai mufaro wenyu.

²³” Nezuva iro hamungazondibvunzi chinhu. Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, zvose zvamunenge muchakumbira kuna Baba, vachakupai izvo muzita rangu. ²⁴kusvikira zvino hamuna kukumbira chinhu muzita rangu; kumbirai, muchapiwa, mufaro wenyu uzadzike.

16:16 “chinguva chiduku” Mutsara uyu unowanikwa zvikuru muvhangeri yaJohani (cf. 7:33; 12:35; 13:33; 14:19). Pava nemafungiro akawanda pamusoro pechirevo chetsumo iyi.

1. Kuonekwa mushure mokumuka kuvafi.
2. Kuuya kwepiri
3. Kuuya kwaJesu muMweya uye kuburikidza naMweya Mutsvene

Maererano nechirevo chechinyorwa, tsanangudzo yokutanga ndiyo yakanaka (cf. ndima. 22). Vadzidzi vakavhiringwa nomutsara uyu (cf. ndima. 17-18).

16:17 “zvino vamwe vavadzidzi vake vakataurirana vachiti” Uyu mumwe wemubvunzo seuri muna13:36; 14:5, 8, 22. Jesu anoshandisa mibvunzo senzira yokukasimbisa pamwe nokuzviratidza. Aya ndiwo maitiro aJohani okuti anoshandisa nhaurirano kuburitsa chokwadi. Muvhangeri yaJohani mune nhaurirano dzinosvika makumi maviri ane nomwe, idzo dzinoita naJesu kana pamusoro pake. Ndiwowozve maitiro aJohani okuti vateereri vaJesu havanzwisise zvaanotaura (cf. ndima. 18). ndewekudenga, ivo ndevipasi.

☐ **“nokuti ndinoenda kunaBaba”** Jesu akataura izvi muna16:5 sezvaakaita mumutsara wokuti” chinguva chiduku” muna16:16. Nedzimwe nzira izvi zvinechirevo chouMesiasi (cf. 13:1, 3; 16:28; 17:24).

☐ **“hamuchazondioni... muchandiona”** Mundima. 16 na 17, mune mazwi maviri akasiyana anoshandiswa kureva kuti” ona.”Mazwi yaya anoita sokuti anofanana. Kana zviri izvozvo, saka parikurehwa nguva imwe yoga uye iyi inogona kuva nguva iri pakati pokufa kwaJesu pamuchinjiko nemangwanani okumuka kwake kuvafi.

Vamwe vanofingidzira kuti mazwi maviri echiito nemitsara zvinoreva kuona kwe” panyama” nokuona kwepa” Mweya” saka zvinoreva (1) nguva iri pakati peKarivhari nemangwanani emugovera kana (2) nguva iri pakati pokukwira kudenga nokudzoka kwepiri.

Nyaya yokuti izwi rechiito rokutanga rokuti (*theōreo*) riri muchimiro chehiringuva chokureva zvirikuitika (PRESENT TENSE) mundima dzose, 16na 17 uye rechipiri rokuti (*horaō*) riri muchimiro chehiringuva cheramangwana (FUTURE TENSE) mundima dzose, 16 na 17 zvinoita sokuti zvinotsigira mafungiro okuti mazwi aya anofanana.

16:18 “naizvozvo vakati” Ichi ndicho chirevanguva chezvakaikwa (IMPERFECT TENSE) chinogona kureva (1) vairamba vachitaura kana (2) vakatanga kutaura.

▣ **“chinyiko chaanoti”** Avo vakanga vainaye, vakamunzwa uye vakaona zvizhamiso zvake, vaisagaro nzwisisa (cf. 8:27, 43; 10:6; 12:16; 18:4). Izvi ndizvo zvichashandurwa neushumiri hweMweya.

16:19 “Jesu akaziva kuti vanoda kumbvunza” Jesu aigaroziva pfungwa dzevanhu (cf. 2:25; 6:61, 64; 13:11). Zvakaoma kuziva kwazvo kana izvi zvaiva (1) chimiro chake choutsvene; (2) kuva noruonon muvanhu pamwe nemamiriro ezvinhu; kana (3) zvose.

16:20 “zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri” Izvi zvinoreva kwazvo kwazvo kuti” Ameni, Ameni” (tarira nhaurwa inokosha pa1:51).”Ameni” raiva izwi remutestamende yekare (*aman, emeth, emunah*) rokureva kuti” kutenda” (cf. Habhakuki. 2:4). Muvanzarira waro wemabviro nezvirevo waiva wokuti” kusimba, “kana” kuva nechokwadi.”Rakazoshandiswa sedimikira rokureva kuvimbisika kwaMwari anova iwo mashandisirwo emubhaibheri okureva kutenda/kutendeseka. Jesu ndiye oga akavamba mitsara neizwi iri. Rinoita sokuti rine chirevo chokuti” Uyu ndiwo mutsara unokosha uye unovimbika, teeresai.”

▣ **“mucharira nokuchema imi”** Izvi zvaireva kukwamatata kwokuratidza kusuruvara, uko kwaiva nzira yevaJudha yokuchema (cf. 11:31, 33; 20:11). Jesu anoshandisa kumikidzo yechimiro chouwandu yezwi rokuti” imi” apo paanotaura nokusuwa kwavadzidzi vake (ndima. 20[ruviri] nendima. 22). Hutungamiri hunoreva

1. Kuva muranda
2. Kurambwa nenyika
3. Kutambiudzwa saIshe

▣ **“imi muchanzwa shungu, asi shungu dzenyu dzichasanduka mufaro”** Heinoyi vimbiso kuvadzidzi vari mukati mokuvhirngika pamwe nokusanzwisisa. Zvinhu zvose zvakavimbiswa naJesu kuboka iri ravadzidzi zvakazadziswa panguva yemushure mokumuka kwaJesu kuvafi kwokutanga, manheru omugovera wokutanga muimbayepamusoro mushure mokumuka kuvafi.

1. Aisazovasiya (cf. 14:18; 16:16, 19; 20:19)
2. Aizouya kwavari (cf. 14:18; 16:16, 19; 20:19)
3. Aizovapa rugare (cf. 16:22; 20:19)
4. Aizovapa Mweya (cf. 15:26; 20:22)

16:21 “mukadzi kana achipona” Dimikira remukadzi anopona rinowanikwa zvikuru mutestamende dzose yekare neitsva. Kazhinji rinoshandiswa kutsindikidza kukurumidza kana kuitika pasina chingakanganisa kwokupona kwacho, asi pano nyaya huru ndeye chimiro chemafungiro a mai vanopona, vasati pamwe nomushure mokuopona. Dimikira iri rinowananzoshandiswa riine sungano ne” marwadzo okupona” enguva itsva (cf. Isaya. 26:17-18; 66:7-14; Mako. 13:8). Izvi ndizvo chaizvo zvaitaurwa naJesu uye izvi ndizvo chaizvo zvakaitea kuti vadzidzi avo vakanga vachiri kumhiri kwemuchinjiko, kumuka nokukwira kudenga vasanziwisisa mashoko aJesu!

16:23 “nezuva iro” Uyu ndiwo mumwe mutsara wetsumo yechiHebheru (sokupona, cf. ndima. 21) uyo unonyanyawo kuiswa musungano nekuuya kwenguva itsva (cf. 14:20; 16:25, 26).

“hamungazondibvunzi chinhu” Pane mazwi maviri akasiyana anoreva kuti” kubvunza” kana kuti” kudembera” mundima ino (cf. ndima. 26). Rokutanga rinoreva kuti “kubvunza mubvunzo” (cf. 16:5, 19, 30). Kana iyi iri iyo shandurudzo yaro chaiyo, saka Jesu aireva mibvunzo yavo yose iyo iri muchirevo chechinyorwa chezvikuamu. 13-17 (cf. 13:36; 14:5, 8, 22; 16:17-18). Izwi trechipiri rinobva rareva kuuya kwepiri kweMweya mutsvene (cf. 14:16-31; 15:26-27; 16:1-5), ndiani achapindura mibvunzo yavo yose.

Nedzimwe nzira mutsara uyu unondirangaridza vimbiso ye” chisungo chitsva” yaJeremiya. 31:31-34, apo kuuya kwenguva itsva kunounza ruzivo rwakakwana kuvatendi vose.



NASB “Kana mukakumbira chinhu kunaBaba muzita rangu “

NKJV “Chipi nechipi chamuchakumbira kunaBaba muzita rangu”

NRSV “Kana mukakumbira chipinechipi kunaBaba muzita rangu”

TEV “Baba vachakupai chipi nechipi chamuchakumbira muzita rangu”

NJB “Chero chamuchakumbira kuna Baba vachakupai muzita rangu”

Uyu ndiwo mutsara wegombedzero unodoma zvichazoitika mberi (INFINITE RELATIVE CLAUSE) kwete mutsara weshongedzo (CONDITIONAL SENTENCE). Zvinofanira kunzwisisa kuti kukumbira muzita raJesu hazvirevi kungovhara mynyengetero nezita rake chete, asi kunyengetera mukuda, pfungwa uye maiitiro aJesu Kristu (cf. 1Johani. 5:13). Tarira chinyorwa pa15:16. Tarira nhaurwa inokosha :munamato wakaganhurwa asiwo hauna muganhu pana1Johani. 3:22.

Pane kusiyana kwezvinyorwa pamutsara uyu wokuti” muzita rangu.”unofanira kufamba nezwi rokuti” kumbira” kana “kupa” kana kuti ose?Chirevo chechinyorwa ndechemunyengetero, saka, rinogona kufanira kufamba nezwi rokuti” kumbira, “Nyangwe muzvokwadi, zvose zvinobva kunaBaba zvinouya kuburikidza nomuMwanakomana (“zita rangu” cf. 14:13, 14; 16:15, 24, 26). Tarira nhaurwa inokosha:Zita ralshe panaJohani. 14:13-14.

16:24 “kumbirai muchapiwa” Izwi rokuti “kumbirai” riri muchimiro chokureva zvirikudokwairirwa kuti zviitike (PRESENT ACTIVE IMPERATIVE). Izvi zvinoreva minyengetero yevatendi kuti irambe yakasimba nokuendamberi. Neimwe nzira vatendi vanongoda kukumbira kamwechete, asi neimwe, munyengetero unofanira kuva ruwadzano nokuvimba naMwari kune zierendamberi, rambai muchikumbira (cf. Mateu. 7:7-8; Ruka. 11:2-13; 18:1-8).

▣ **“kuti mufaro wenyu uzadzike”** Iri ndiro dambanemazwi/chibhende chechirevanguva chezvakaaitirwa zvine zvibereko zviripo (PERIPHASIC PERFECT PASSIVE PARTICIPLE). (cf. 1Johani. 1:4). Minyengetero yakapindurwa ndiyo inoita kuti tive nomufaro!Mufaro ndiwo mararamiro evateveri vaJesu (cf. 15:11; 16:20, 21, 24; 17:13).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :16:25-28

²⁵” Izvi ndakataura kwamuri nemifananidzo, nguva inouya yandisingazotauri kwamuri nemifananidzo; asi ndichakuparidzira pachena zvaBaba. ²⁶” Nezuva iro muchakumbira muzita rangu; handikuudzii, kuti ndichakunyengeterera ini kuna Baba; ²⁷nokuti Baba

vemene vanokudai, nokuti makandida ini, mukatenda kuti ini ndakabva kuna Baba.
²⁸Ndakabva kunaBaba, ndikauya panyika; ndinobvazve panyika ndichienda kunaBaba.”

16:25 “nemufananidzo” Dzidziso yaJesu yaibata zvinhu zviviri; (1) yaizarura kunzwisisa ne (2) yaivhara kunzwisisa (cf. Mako. 4:10-11; Isaya. 6:9-10; Jeremiya. 5:21). Mwoyo wemuteereri ndiwo shanguriro yokunzwisisa chaiko. Zvisinei, paiva nechimwe chokwadi chokuti chero vakaponeswa vaisakwanisa kuchinzwsisa kusvikira mushure mezviitiko zvevhiki retsitsi (kuroverwa, kumuka kuvafi, kuonekwa, kukwira kudenga) pamwe nePendekositi.

Kuonekwa kwemushure mokumuka kuvaviri pamugwagwawokuenda kuEmausi (cf. Ruka. 24:13-35) kunogona kupa humboo hwekuti Jesu aidzidzisa vapositori sei. (cf. ndima. 25-27, 29). Iye pachake mukuonekwa kwake mushure mokumuka kuvafi, airatidza kuti testamende yekare yaiva nechirevo uye ndiyo yakafanopa mufananidzo weushumiri hwake. Izvi ndizvo zvakabva zvaruka hunyerekete hwokuparidza kwaPetirosi munaMabasa. (*kerygma*, tarira nhaurwa inokosha pa5:39).

▣ **“ndichaparidzapachena”** Tarira nhaurwa inokosha :ushimhwa (*parrhesia*) pa7:4.

16:26” nezuva iro muchakumbira muzita rangu; handikuudzii kuti ndichakunyengeterera ini kuna Baba” Ndima iyi inotura nezve chokwadi chinokosha. VaKristu vazhinji vemazuva ano vanofunga kuti havangagoni kutaura naMwari pachake!zvisinei, bhaibheri rinodzidzisa kuti

1. Mweya unonyengeterera vatendi (cf. vaRoma. 8:26-27)
2. Mwanakomana anonyengeterera vatendi munaJohani. 2:1
3. Vatendi vanogona kutaura naMwari mbune mumunyengetero nokuda kwaKristu

16:27” nokuti Baba vemene vanokudai” Izwi iri rokureva “rudo” rokuti *phileō*, iro rinoshandiswawo muna. 5:20 kureva rudo rwaBaba kunaJesu. Heuno mutsara unotsigira zviru munaJohani3:16 (apo panoshandiswa izwi rokuti *agapaō*). Mwari anopfupwa naJesu haana udzumwa, asi ndiBaba vanorudo avo vanoshanda naJesu kuzadzisa chinangwa chavo chokudzikinura!

▣

NASB “Kuna Baba”
NKJV, NRSV “Kuna Mwari”

Pane musiyano muchinyorwa wemazwi echiGiriki maviri: (1) “Mwari” kana “Baba” ne (2) kuvapo kana kusavapo kwezwi rinonongedza chimiro chezwi rinoreva zita. Zita rokuti “Mwari” rinowanikwa mugwaro reMSS P⁵, N², A, na N, ukuwo rokuti “iye Mwari” rinowanikwa mugwaro reMSS C³ na W. Uku kunoratidza kushandiswa kwemazwi kwakaoma uye kusina kujairika. Ndiyo imwe nyaya iri mukuongororwa kwezvinyorwa (tarira horokodzwa yokupeta gwaro) yokuti chinyorwa chakanyanya kuoma kana chisina kunyanya kujairika chinogona kuva icho chemabviro icho chinonyanya kushandurwa nevanzveri vemagwaro. Gwaro reUBS rechiGiriki retestamende itsva rinopa chipimo chetatu “C” (kureva kuti zvakaoma kupa rutemo).

Zvisinei, zita rokuti “Baba” rinowanikwa muna \aleph^1 uye rokuti “iye Baba” rinowanika muna C*, D, na L. Rinofambirana nechirevo chechinyorwa zvakana.

☐ **“nokuti makandida, mukatenda kuti ini ndakabva kuna Baba”** Ichi ndicho chirevo chokudoma zvakaitwa zviine zvibereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVE). Rudo nokutenda munaJesu, ndizvo zvakaumba pokutangira kuwadzana naBaba. Mutsara uri mubhuku *Gospel of John*” iro rakanyorwa navaBradley Newman pamwe navaEugene Nida, unofadza zvikuru:

“Mitsara iyi inoratidza kuti kuna Johani, nyaya dzerudo, kuteerera, pamwe nokutenda, dzingori nzira dzakasiyana dzokuratidza hukama pakati pimunhu noMwanakomana” (p. 518).

Kuti uzive zvakawanda nezve” rutendo” tarira nhaurwa inokosha :Mashandisirwo anoitwa izwi rokuti” rutendo “naJohani pa2:23.

16:28” ndakabva kunaBaba..... ndikauya panyika” Ichi ndicho chirevo chehcirevanguva chezvakaaitwa (AORIST TENSE) chinoteverwa nechirevanguva chezvakaaitwa zviine zvibereko zviripo (PERFECT TENSE). Jesu akaberekerwa kuBheterehema (kuita munhu) uye zvibereko zvokuuya kwakezvinogara (kureva., “ndinemi nguva dzose, “cf. Mateu. 28:20).

Nyaya yokuti Jesu “akabva kunaBaba” (cf. ndima. 27, 30; 8:42; 13:3; 17:8) inoreva

1. Kuvapo kare kwake
2. huMwari hwake
3. kuratidza Baba zvakazara kwake

☐ **“ndinobvazve panyika ndichienda kunaBaba”** Izvi zvinoreva kukwira kudenga kwaizoita nokutanga kweushumiri hwe” mubatsiri” pamwe nokushumira kwokunyengeterera kwaJesu (cf. vaHebheru. 7:25; 9:24; 1Johani. 2:1) Sezvo kuvapo kare kwakataurwa mun1Johani. 1:1saka kudzoreredzwa kwesimba nokukudzwa kwaJesu ndiko kunorehwa mundima ino (cf. 17:5, 24).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :16:29-33

²⁹Vadzidzi vake vakati, “Tarirai zvino moreva pachena hamucharevi nemifananidzo.

³⁰Zvino toziva kuti munoziva zvose, hamutsvaki kuti munhu akubvunzei; tinotenda izvozvi kuti makabva kunaMwari³¹Jesu akavapindura akati, “Motenda zvino here?³²Tarirai, nguva inouya, yatosvika, yamuchaparadzirwa, mumwe nomumwe kune zvake mukandisiya ndiri ndoga, nokuti Baba vaneni. ³³Ndakareva izvozvi kwamuri, kuti muve norugare mandiri. Panyika munotambudzika; asi tsungai mwoyo, ini ndakakunda nyika.”

16:29 “munoreva pachena” Tarira nhaurwa inokosha:Ushimwa (*Parrhesia*) pa. 7:4.

16:30 Mutsara uyu unofanira kunzwisiswa maringe nokuti Jesu aiziva mubvunzo wevadzidzi wemundima. 19. Mutsara wavo uyu unoratidza kukura kwavo asi unoratidzawo kusaperera kwekutenda kwavo. Vakanga vaona nokunzwa zvakawanda; ko chiitiko ichi (cf. ndima. 19) ndicho chakazovaita kuti vanyatsonzwisisa here?Kwandiri izvi zvinoratidza sokuti ndiro rimwe gudzanyaya serinoitwa naPetirosi (gwaro retsoropodzo rebhaibheri reJerome, p. 4560).

16:31” motenda zvino here” Uyu unogona kuva mutsara kana mubvunzo. Shandurudzo zhinji itsva dzinounzwisisa semubvunzo. Chero panguva ino inokosha kudai, kutenda kwevapositori hakusati kwaperera. Kutendawo kwokutanga kwevatendi, kusina kuperera, kunogamuchirwa naMwari apo pavanodavira kunaJesu maererano nechiedza chavainacho. Kusava nokutenda kwevadzidzi kunozonekwa nokutiza kwavo Jesu panguva yokutongwa nokuroverwa kwake.

16:32 “yamuchaparadzwa mumwe nomumwe kune zvake, mukandisiya ndiri ndoga”
Zviripachena kuti Johani chete ndiye aivapo pakutongwa nokuroverwa kwaJesu (cf. Mateu. 26:31, kubva munaZekariya. 13:7). MunaJohani. 21:1-3 munonzi vamwe vevadzidzi vakanga vadzokera kundobata hove.

Jesu akashayiwa shamwari dzavanhu (cf. Mateu. 26:38, 40-41, 43, 45), asi kwete shamwari dzoutsvene (cf. 8:16, 29) kusvikira pakuroverwa, apo paakatakura zvivi zvenyika yose (cf. Mateu. 27:45-46).



NASB “Kumba kwake”

NKJV “Kune zvake”

NRSV “Kumba kwake”

NJB “Nekwake”

TEV “Kumba kwako”

REB, NET,

NIV “Kumba kwake”

Bhaibheri re NKJV ndiro rinoreva kwazvo kwazvo. Shandurudzo zhinji dzechirungu dzinoita sokuti mutsara uyu unoreva kumba kwemunhu. vaBuitmann vanoti unoreva “nhumbi” kana “zvinhu” 9NIDOTTE, vol. 2, p. 839), kureva Jesu somusiki (kureva., 1:3; 1vaKorinde. 8:6; vaKorose. 1:16; vaHebheru. 1:2).

16:33” muve norugare mandiri” Chirevo chetsanangudzo yeramangwana iri muchimiro chechirevanguva chezvirikuitwa ichi (PRESENT ACTIVE SUBJUNCTIVE) (cf. 14:270). Zvose rugare rwepauzima nerwavose runowanikwa munaJesu. Tarira nhaurwa inokosha:rugare pa14:27.

▣ **“nyika”** Johani anoshandisa izwi rokuti “nyika” achireva mugarisanwa wevanhu wakarongwa nokushanda pasina Mwari. Tarira nhaurwa inokosha:Nyika (*kosmos*) pa14:17.

▣ **“munotambudzika”** Kutambudzwa kwakitwa Jesu naivowo vachatambudzawo (cf. 15:18-25; Mateu. 5:10-12; Mabasa. 14:22; 1vaTesaronika. 3:3). kutambudzwa (kureva., *thlipsis*) ndiyo nzira yokuratidza kuva vateveri chaivo vaJesu.

MunaZvakazarurwa mune musiyano pazvidzido zvouMwari pakati pe” hasha” noku” tambudzwa.”Hasha dzaMwari hadzinangi pavatendi, asi kutsamwa kwevasingatendi kunonanga pavatendi. Vanhu venyika vanozviratidza kuti ivo ndivo vana vaSatani nokurwisana ne” chiedza chenyika” (cf. 1:1-18; 3:17-21) !

▣ **“tsungai”** Ichi ndicho chirevo chezvirikudokwairirwa kuti zviitwe (PRESENT ACTIVE IMPERATIVE). Kukunda kunotovapo chero kusati kwaendwa kuGetsemani, nokuKarivhari, uye kusati kwava nebwiwo risina chinhu (cf. vaRoma. 8:37; 1vaKorinde. 15:57; 2vaKorinde. 2:14; 4:7-15) !Hapana hunyambiri chaihwo. Mwari ndiye akabata zvose.

Sokukunda kwakaitwa nyika norudo nokuteerera Baba, naJesu, navatendiwo vakundi kuburikidza naye (cf. 1Johani. 2:13-14; 4:4; 5:4-5; Zvakazarurwa. 3:21; 12:110).

MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Hochekoche yezvikamu. 15 ne 16 iri papi?
2. Maererrano nendima. 5, tinonzwisisa chikamu. 13:36 nenzira ipi?
3. Ko ushumiri hwaMweya mutsvene kunyika yakarasika ndohwekuitei?
4. Ko ushumiri hwaMweya mutsvene kuvatendi ndohwekuitei?
5. Sei ndima. 26-27 dziri chokwadi chinokosha uye chinodiwa maringe nokusiyana kwemasangano mazuva ano?

JOHANI 17

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Munyengerero waJesu	Jesu anozvinyengerera	Munyengerera we piristia hukuru waJesu	Jesu anonyengerera vatemdi vose	Munyengerero waJesu
17:1-5	17:1-5	17:1-5	17:1-5	17:1-23
	Jesu anonyengerera vadzidzi vake			
17:6-19	17:6-19	17:6-19	17:6-8	
	Jesu anonyengerera vatendi vose		17:9-19	
17:20-26	17:20-26	17:20-24	17:20-23	
		17:25-26	17:24-26	17:24-26

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyor. Ndiyozve hwaro hwekupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu

4. Nezvimwewo.

RUONO RWEZVIRI MUGWARO KUNDIMA. 1-26

I. Chimiro chenhorondo

1. Chikamu chino ndicho chemunyengetero waJesu wouPirista hukuru ku
 - a. Iye pachake (ndima. 1-5)
 - b. Vadzidzi vake (ndima. 6-19)
 - c. Vatevri vake vemuneramangwana (ndima. 20-26).Munyengetero uyu wakaitwa nokuratidza kuzvivimba kwete kupererwa (cf. 16:33).
2. Uyu ndiwo munyengetero wakarebesa paminyengetero yose yakanyorwa yaJesu.
3. Chikamu chino chinonetsa kuti chipatsanurirwe muzvidzidzo zvakasiyana nokuti dingindira rimwechetero ndiro rinoramba richidzokoorwa, anova ndiwo manyorero aJohani. Ichi chinenge chirukwa cheminyerekete yakadzokororwa. Mazwi anonyanya kushandiswa neanoti” rukudzo, “ipa, “ziva, “tuma, “zita, “nyika, “nokuti” mumwe.”
4. Muchikamu chino hamuna kutaurwa nezvaMweya mutsvene. Izvi hazvina kujairika nokuda kwokunyanya kutaurwa nezvake muchikamu. 14-16.

II. Hunhu hwevadzidzi mundima. 6-19

1. Vakasarudzwa
2. Vanoteerera
3. Vanoziva Mwari naKristu
4. Vanogamuchira chokwadi
5. Vanonyengeterwa naJesu
6. Vanogara munyika
7. Vanochengetwa nesimba rake
8. Vamwechete sokuva mumwe kwaJesu naBaba
9. Vanomufaro wake
10. Havasi venyika ino
11. Vakaitwa vatsvene nechokwadi
12. Vanotumwa sokutumwa kwaakaitwa
13. Vanodiwa sokudiwa kwakaitwa Jesu naBaba

III. Izwi rokuti” rukudzo” muvhangeri yaJohani

1. Pane mazwi anopfuura makumi maviri nemashanu anoshandurudzwa kubva muiziw rechGiriki rokuti *doxa* mubhaibheri rechiGiriki rakare (Septuagint, LXX). Izwi chairo remutestamende yekare nderokuti *kabod*, iro rinoreva kuti” kusiyana” “huremu” “kurema” “hukoshi” “maitiro” “ruremekedzo” kana “kupenya/kubwinya.”
2. Izwi rechiGiriki rokuti *doxa* rinobva paizwi rechiito rokuti “kufunga” muchirevo chemaitiro.
 - a. Rukudzo rutsvene (cf. ndima. 5, 24; 1:14; 12:41; 12:16)
 - b. Kuratidzwa kwaBaba naJesu nezviratidzo, dzidziso, pamwe nemabasa evhiki retsitsi (cf. ndima. 4, 10, 22; 1:14; 2:11; 7:18; 11:4, 40) _
 - c. Kunyanya pamuchinjiko (cf. ndima. 1, 4; 7:39; 12:23; 13:31-32)Pane kupindirana kuri pachena kwemashandisirwo aya. Chokwadi chaicho ndechekuti Mwari asingaonekwi anoratidzwa mumunhu (kureva., Jesu Kristu) nemashoko nezviito.

DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :17:1-5

¹Jesu akataura izvozvi akatarira kudenga, akati, “Baba nguva yasvika; kudzai Mwanakomana wenyu, kuti Mwanakoamana akukudzei imi, ²sezvamakamupa simba pamusoro penyama yose, kuti vose vamakamupa, avape upenyu husingaperi. ³Upenyu husingaperi ndihwo, kuti vakuzivei imi, Mwari ari oga wechokwadi, naJesu Kristu, wmakatuma. ⁴Ndakakukudzai panyika, ndapedza basa ramakandipa kuti ndiriite. ⁵Zvino imi Baba, mundikudzei pamberi penyu nokukudzwa kwandaiva nako kwamuri, nyika isati yavapo.

17:1” Jesu akataura izvozvi” Izvi zvinofanira kureva nhaurirano dzemumba yepamusoro dziri muzvikamu. 13-16.

▣ **“akatarira kudenga”** Iyi ndiyo yaiva nzira yechiJudha yokunamata:maoko, musoro, nemaziso akavhurwa akatarira kudenga somunhu arikutaura naMwari (cf. 11:41; Mako. 7:34; Ruka. 18:13; Mapisarema. 123:1). Jesu ainamata nguva zhinji. Izvi zvinogona kuonekwa muvhangeri yaRuka. 3:21; 5:16; 6:12; 9:18, 28; 11:1; 22:41-45; 23:34.

▣ **“Baba”** Jesu aigaro dana Mwari nezita iri (cf. 11:41; 12:27, 28; Mateu. 11:25-27; Ruka. 22:42; 23:34). Jesu aitura rurimi rweAramaic, izwi raJesu rechiAramaic raiva rokuti *Abba*, iro rinova zita rinoshandiswa nemwana achidana baba vake pamba, “Baba” (cf. Mako. 14:36). Izvi zvinofanira kunga zvakashamisa nokugumburisa avo vakanga vasiri vadzidzi vaJesu!

▣ **“nguva yasvika”** Izvi zvinoratidza kuti Jesu aiziva chinagwa nenguva youshumiri hwake (cf. 2:4; 7:6, 8, 30; 8:20; 12:23; 13:1). Aisangoona zvinhu zvaakuitika.

▣ **“kudzai Mwanakomana wenyu”** Iri ndicho chirevo chinodoma zvaiddokwairirwa kuti zviitwe (AORIST ACTIVE IMPERATIVE). Jesu anogaro taurawo nezverufu rwake nemazwi mamwechetewo munaJohani (cf. ndima. 4; 7:39; 12:23; 13:31-32). Izwi iri rinorevawo kuvapo kare kwouMwari hwaJesu (cf. 1:14 nendima. 5, 24). Zviito zvaJesu zvaikudza Baba. Paiva nekandiro enda kandiro dzoka!Tarira chinyorwa pa1:14 neruono rwezviri mugwaro, C.

Nezve” Mwanakomana” tarira nhaurwa inokosha pana1Johani. 3:8.

Pane musiyano wezvinyorwa pamusoro pezwi rokuti” Mwanakomana.”

1. Mwanakomana anesungano neizwi rinodoma zita anowanikwa muzvinyorwa MSS P⁶⁰, N, B, C⁴, W
2. Mwanakomana aine izwi rinodudza maitiro kana ezwi rinesungano nezita rinowanikwa muzvinyorwa zveMSS A, D, C²

Gwaro re UBS⁴rinopa chipimo chepiri kutsanangudzo yepiri” B” (kureva kuti pedo nechokwadi).

17:2” simba pamusoro penyama yose” Uyu ndiwo mutsara unokatyamadza unotaurwa nemuvezi (cf. Johani. 5:27; Mateu. 11:27; 28:18; Ruka. 10:22). Izwi rokuti “simba” (*exousia*) ndiro rimwechetero rinoshandiswa muna. 1:12; 19:10, 11. Rinogona kushandurudzwa richireva” kodzero pamutemo, “simba, “kana “masimba.”

Mutara wokuti “nyama yose” uri muchimiro choumwe (itsumo yechiHebheru yokureva vanhu, cf. Genesi. 6:12; Mapisarema. 65:2; 145:21; Isaya. 40:5; 66:23; Joere. 2:28).

▣ **“kuti vose vamakamupa”** Izwi rokuti” vose vama” riri muchimro chisna kwachakarerekera (NEUTER) uye riri mumwe (SINGULAR), (cf. 7, 24). Rinoreva vadzidzi, muviri waKristu, kwete vanhu mumwe nomumwe! Izwi rechiito (VERB) riri muchimiro chokureva zvakaitika zvine zvibereko zviripo (PEFECT ACTIVE INDICATIVE) izvo zvinoreva chipo chinoramba chiripo! Mutsara uyu unoreva kufanoziva pamwe nokusarudzwa (cf. ndima. 6, 9, 12; 6:37, 39; vaRoma. 8:29-30; vaEfeso. 1:3-14). Mutestamende yekare kusarudzwa kwaiitirwa ushumiri, asiwo mutestamende itsva kunoitirwa ruponeso rwepamweya rwakadzivirika uye rusingaperi. Vatendi vanonziwo vashumire. Kusarudzwa hasiri iro roga basa routsvene, asi rinofanira kuva nesungano yechisungo nekubata kwevanhu. Haruna chokuita nokufa, asi noupenyu! vatendi vanosarudzirwa “utsvene” (cf. vEfeso. 1:4), kwete kungoitirwa zvakanaka kwoga. Mutsara uyu haufanire kuzwiswa sounoreva kupiwa kwevamwe vanhu kuna Jesu vamwe vachisiwa.

NHAURWA INOKOSHA:SARUDZO

Ksarudzwa ndiro gwara redzidiso rinofadza zvikuru. Zvisinei, hakusi nyaya yechizivano, asi ndirwo rudano rwokuitwa chombo, gwara kana nzira yokudzikinurwa kwevamwe! Mutestamende yekare izwi iri raingoshandiswa kureva ushumiri chete; Mutestamende itsva rinoshandiswa kureva ruponeso runounza ushumiri. Bhaibheri hariyananisi musiyano unoita sokuti uripo pakati poutongo hwaMwari nemazvokuda evanhu, asi rinotsigira zvose! Muenzaniso wakanaka wemakatanwa ebhaibheri ndivaRoma. 9, pamusoro pesarudzo youtongo hwaMwari navaRoma. 10, pamusoro perudaviro runodiwa rwevanhu (cf. 10:11, 13).

Nyaya huru yekakavadzano yedzidziso yezvouMwari iyi inogona kuwanikwa munavaEfeo. 1:4. Jesu ndiye akasarudzwa naMwari uye vanhu vose vanogona kusarudzwa maari (Karl Bath). Jesu ndiye kuti” hongu “kwaMwarikune zvinodiwa nomutadzi (Karl Bath). VaEfeso. 1:4 inobatsirawo kujekesa nyaya yokuti vavariro yokufanoronga harisi denga, asi utsvene (kuvasaKristu). Tinonyanyo kwezvwa nezvinofadza zvevhangeri tichisiya basa revhangeri rinoda kuitwa! Kudana kwaMwari (sarudzo) neyazvino uye nokusingaperi!

Makwara edzidziso anouya maringe nedzimwewo zvokwadi, kwete sechokwadi chimwe, chisina hochekeche. Ringanidzo yakanaka ndeyegwara renzou renyeredzi maringe nyeredzi imwechete. Mwari anotura chokwadi mumanyorero okumabvazuva kwete okumadokero. Hatifanire kubvisa hunyambiri hwegangaidzo regwara redzidziso yezvokwadi (Mwari asina maganhu maringe naMwari ari mukati. Muenzaniso. :kudzivirwa maringe nekutsungirira; Jesu seakaenzana naBaba maringe naJesu anozviisa pasi paBaba; kusununguka kwevaKristu maringe nokubata kwevaKristu kuna Mwari wechisungo, nezvimwewo).

Maonero edzidziso yezvouMwari okuti” chisungo” anobatanidza hutongo hwaMwari (uyo anogaro parura nokupa hurongwa) nokudiwa kwokutendeuka norudaviro rwokutenda kwokutanga kwevanhu pamwe neziendamberi (Mako. 1:15; Mabasa. 3:16, 19; 20:21). Ngwarira kutora chirevo chemivaravara yorutivi rumwe rwegangaidzo uye uchidzikisira chirevo cherumwe rutivi! Ngwarira kutsindikidza gwara redzidziso kana dzidziso yezvouMwari yaunofarira !

▣ **“avape upenyu husingaperi”** Upenyu husingaperi ndicho chipo chinobva kunaMwari kuburikidza naKristu (cf. 5:21, 26; 6:40, 47; 10:28; 1Johani. 2:25; 5:11). Hunoreva “upenyu hwaMwari, ““nguva itsva, “kana “upenyu hwokumuka kuvafi.” Hazvirevi huwandu, asi hukoshi (cf. 10:10).

17:3 “upenyu husingaperi ndihwo” Iyi ndiyo dudziro yo” upenyu husingaperi” yakaiswa naJohani. Ndima iyi ndiyo inoratidza zvokwadi huru mbiri dzechKristu: (1) kunamata Mwari mumwe (cf. Dhuteronomi. 6:4-6) ne (2) Jesu saMesiasi akarehwa naDhavhiti (cf. 2Samueri. 7).”Hupenyu husingaperi” uhwu hachis chinhu chemuneramangwana asi hutoripo zvino munaKristu.

▣ **“kuti vakuzivei imi”** Ichi ndicho chirevo chirikudoma zviitiko zviitiko zveramangwana (PRESENT ACTIVE SUBJUNCTIVE). Izvi hazvingorevi kuziva Mwari mumurangiro, chero paine chokwadi chinoda kutaurwa, asi izvi zvinoreva hukama hwemandiriri. Zvisinei, chokwadi ndechekuti Jesu ndiye Mesiasi, kuzviratidza kwakaperera kwaMwari mumwe wechokwadi (cf. 1:12, 14; vaKorose. 1:15; vaHebheru. 1:3), pamwe nokuti vanhu vanofanira kutenda, kugamuchira, kutendeuka, kuteerera, nokutsungirira maari.

▣ **“Mwari ari oga wechokwadi”** Testamende yekare yakajeka zvikuru pakutaura nezvaMwari mumwechete ari oga (cf. Ekisodho. 8:10; 9:14; Dhuteronomi. 4:35, 39; 6:4; 33:26; 1Samueri. 2:2; 2Samueri. 7:2; 1Madzimambo. 8:23; Isaya. 37:20; 44:6, 8; 45:6-7, 14, 18, 21, 22; 46:9; Johani. 5:44; 1vaKorinde. 8:4, 6; 1Timoti. 1:17; 2:5; Judhasi. ndima. 25). Zvakanakawo kuziva kuti kunyanya kutaura kunitwa Mwari mumwe wetestamende yekare kunechokuita netsika nemaonero ematunhu okumabvazuva evamwari vakawanda. KunaMwari mumwe ari oga, asiwo nemimwe mweya (cf. Ekisodho. 15:11; Dhuteronomi. 3:24; Mapisarema. 86:8; 89:6).

NHAURWA INOKOSHA:KUNAMATA MWARI MUMWECHETE

Mafungiro “okunamata Mwari mumwechete” (Mwari ari oga), kwete “Mwari mukuru” chete wevano namata vamwari vakawanda kana mwari akanaka wevechitendero cheZoroastrianism vekulIran, uyu ndeweIsiraeri (Abhurahamu, 2000 B. C). Kunze kwekamwechete muljipita (Amenhotep IV, uyo aizivikanwa sokuti Akhenatan, 1367-1350 kana 1386-1361. B. C).

Pfungwa iyi inoratidzwa mumitsara yakawanda mutestamende yekare.

1. “hakuna mumwe akafanana na’YHWH’Mwari wedu *Elohim*, “Ekisodho. 8:10; 9:14; Dhuteronomi. 33:26; 1Madzimambo. 8:23
2. “hakuna mumwe kunze kwake, “Dhuteronomi. 4:35, 39; 32:39; 1Samueri. 2:2; 2Samueri. 22:32; Isaya. 45:21; 44:6, 8; 45:6, 21
3. “‘YHWH’ Mwari ari oga, “Dhuteronomi. 6:4; vaRoma. 3:30; 1vaKorinde. 8:4, 6; 1Timoti. 2:5; Jakobho. 2:19
4. “hakuna mumwe akaita semi, “2 Samueri. 7:22; Jeremiya. 10:6
5. “Imi chete ndimi Mwari, “Mapisarema. 86:10; Isaya. 37:16
6. “Ndisati ndavapo kwakanga kusina Mwari, uye hakuzove nomumwe kunze kwangu, “Isaya. 43:10
7. “Hakuna mumwe kunze kwangu...hakuna mumwe, “Isaya. 45:5, 6, 22
8. “Hakuna mumwe, hakuna mumwe Mwari, “Isaya. 45:14, 18
9. “Hakuna mumwe kunze kwangu, “Isaya. 45:21
10. “Hakuna mumwe, ...hakuna mumwe anenge ini, “Isaya. 46:9

Zvinofanira kudairwa kuti gwara redzidziso inokosha iyi raratidzwa nenzira dzezviito dzakawanda. Mitsara yokutanga inogona kunzwisiswa sokureva kunamata Mwari mumwe pakati pevazhinji (henotheism) kana kureva kwazvo kwazvo (kuti pane vamwe vamwari, asi pane mumwe wedu, cf. Ekisodho. 15:11; 20:2-5; Dhuteronomi. 3:28; 5:7; 6:4, 14; 10:17; 32:12; 1Madzimambo. 8:23; Mapisarema. 83:18; 86:8; 136:1-2).

Zvinyorwa zvokutanga izvo zvinotanga kududza humwe (kudamisa ndangariro kwekunamata Mwari mumwe) ndezvakare (cf. Ekisodho. 8:10; 9:14; Dhuteronomi. 4:35, 39; 33:26). Nyaya iyi yakaperera inowanikwa muaIsaya. 43-46 (cf. 43: 11; 44:6, 8; 45:7, 14, 18, 22; 46:5, 9).

Testamende itsva inobvumirana naDhuteronomi. 6:4 munavaRoma. 3:30; 1vaKorinde. 8:4, 6; vaEfeso. 4:6; 1Timoti. 2:5; naJakobho. 2:19. Jesu anoitora achiti ndiwo murayiro wokutanga munaMateu. 22:36-37; Mako. 12:29-30; Ruka. 10:27. Testamende itsva pamwe neyakare, dzinotaura nezvekuvapo kwemimwe mweya (madhimoni, ngirozi), asi musiki/mudzikinuri mumwechete, Mwari (YHWH, Genesi. 1:1).

Kunamata Mwari mumwechete kwemubhaibheri kunoti

1. Mwari mumwechete uye akasiyana nevamwe (pane fungidziro yokuyaruka, asi hakuna kunyatsoburitswa)
2. Mwari ndewepauzima (cf. Genesi. 1:26-27; 3:8)
3. Mwari anekutita kwakanaka (cf. Ekisodho. 34:6; Nehemiya. 9:17; Mapisarema. 103:8-10)
4. Mwari ndiye akasika vanhu nomufananidzo wake (Genesi. 1:26-27) kuitra ruwadzano (kureva., tsanagudzo yepiri). NdiMwari anegodo (cf. Ekisodho. 20:2-3)

Kubva kutestamende itsva

1. Mwari anozviratidza nenzira nhatu (tarira nhaurwa inokosha:Mwari vatatu mumwe pa8:11)
2. Mwari anozviratidza zvakazara uye zvakaperera munaKristu (cf. Johani. 1:1-14; vaKorose. 1:15-19; vaHebheru. 1:2-3)
3. Zano raMwari kukudzikinurwa kwevatadzi ndiyo pfupiro yeMwanakomana wake mumwe ari oga (Isaya. 53; Mako. 10:45; 2vaKorinde. 5:21; vaFiripi. 2:6-11; vaHebheru.)

Neimwe nzira mimwe mivaravara yetestamende yekare inoratidza kunamata Mwari mumwe pakati pevamwari vakawanda (vamwari vakawanda[*elohim*], asi Mwari mumwe waIsiraeri). Mosesi akatsigirawo kuvapo kwemumwe mweya. Izvi hazvirevi kuti vamwari vokuveza vedzimwe nyika vaiva vechokwadi, asi kuti mweya yetsvina yaivawo muzvimwari zvokuveza izvi (cf. 1vaKorinde. 10:19-20).

Chimwe chipauro ndechokuti” chokwadi” (*alethinos*). Izwi iri nemamwe anesungano naro (*alethes*) anoshandiswa zvikuru muzvinyorwa zvaJohani, asiwo zvinonetsa kunyatsobata zvirevo zvawo. Ane zvirevi zvakawanda (muvanzarira wezvirevo). Chirevo chedimikira remutestamende yekare ndechokuti uyo anovimbika, kutedeseka, kuvimbisika (kubva paizwi rokuti *emeth*). MuchiGiriki zvinoreva kuti uyo akafugurwa, kuratidzwa zvakajeka. Neimwe nzira chokwadi ndicho chinopikisa nhema (cf. Tito. 1:2). Chivakamberi chokuti *inos* paizwi rechiGiriki rokuti (*alethinos*) chinodudza kuti, icho chinogadziriswa chimwe. Mashandisirwo anotevera ndiwo angajekesa zvirevo zvemazwi aya.

NHAURWA INOKOSHA:” CHOKWADI” (IZWI) MUZVINYORWA ZVAJOHANI

1. Mwari Baba
 - a. Mwari ndowe chokwadi/anovimbika (cf. Johani. 3:33; 7:18, 28; 8:26; 17:3; vaRoma. 3:4; 1vaTesaronika. 1:9; 1Johani. 5:20; Zvakazarurwa. 6:10)
 - b. Nzira dzaMwari ndedze chokwadi (cf. Zvakazarurwa. 15:3)
 - c. Mitongo yaMwari ndeye chokwadi (cf. Zvakazarurwa. 16:7; 19:2)
 - d. Mashoko aMwari ndee chokwadi (cf. Zvakazarurwa. 19:11)
2. Mwari Mwanakomana
 - a. Mwanakomana ndowe chokwadi/zvokwadi
 - 1) Chiedza chechokwadi (cf. Johani. 1:9; 1Johani. 2:8)
 - 2) Mudzambiringa wechokwadi (cf. Johani. 15:1)
 - 3) Azere nenyasha nechokwadi (cf. Johani. 1:14, 17)
 - 4) Ndiye zvokwadi (cf. Johani. 14:6; 8:32)
 - 5) Ndowe chokwadi (cf. Zvaakazarurwa. 3:7, 14; 19:11)
 - b. Mharidzo /uchapupu hweMwanakomana ndowe chokwadi (cf. Johani. 18:37)
3. Rinogona kuenzaniswa
 - a. Murayiro waMosesi maringe nenyasha nechokwadi chaJesu (cf. Johani. 1:17)
 - b. Tabhanakeri murenje maringe netabhanakeri yedenga (cf. vaHebheru. 8:2; 9:1)
4. Kazhinji muvhangeri yaJohani, izwi iri rine zvirevo zvakawanda (chiHebheru nechigiGiriki). Johani anoashandisa ose kutsanagura Baba neMwanakomana, sevanhu, sevatauri, pamwe seshoko ravo iro rinofanira kusvitswa kuvateveri vavo (cf. Johani. 4:23; 19:35; vaHebheru. 10:22; Zvakazarurwa. 22:6).
5. kunaJohani zvipauro zviviri izvi zvinoreva Baba saivo vari voga, Mwari anovimbika (cf. 5:44; 1Johani. 5:20) pamwe naJesu saiye kuzviratidza kwavo kwakazara kwechinangwa chekudzikinura, kwete nyaya dzomumurangariro chete!

“naJesu Kristu wamakatuma” Iyi inogona kuva wedzero yakaitwa naJohani. Iyi kumikidzo yaJesu achinzi” akatumwa” kubva kunaBaba idzokororo younyambiri hwokureva kudenga muvhangeri yaJohani (cf. 3:17, 34; 5:36, 38; 6:29, 38, 57; 7:29; 8:42 ; 10:36; 11:42; 17:3, 8, 18, 21, 23, 25 ; 20:21). vaRabhi vaishandisa izwi rokuti *apostellō* kureva uyo akatumwa somumiririri. Tarira nhourwa inokosha :tuma (*apostellō*) pa5:24.

17:4 “ndakakukudzai panyika” (tarira chinyorwa pa13:32). Izwi rokuti” rukudzo” rinogona kushandiswa nenzira yokuti (1) “kupa rukudzo kuna” kana” (2) “kuratidza rukudzo rwa.”Ndima. 6 inoreva tsanangudzo yepiri. Rimwe remamwe emabasa aJesu guru, raiva rkuratidza Baba (cf. 1:14, 18).

▣ **“ndapedza basa”** Izwi remabviro rechiGiriki, rokuti *telos*, rinoreva” kupedzeredza” (cf. 4:34; 5:36; 19:30). Basa raiva mamutatu.

1. Kuratidzwa kwaBaba (cf. 1:14, 18)
2. Rudzikinuro kuvatadzi (cf. Mako. 10:45; 2vaKorinde. 5:21)
3. Muenzaniso wemuhu chaiye (cf. 13:31; 1Petirosi. 2:21)
4. Uyewo basa rokunyengererera raJesu richiri kuenda mberi (cf. 1Johani. 2:1; vaHebheru. 7:25; 9:24).

17:5 “mundikudzei ...nokukudzwa” Ndima iyi inotsigira kuvapo kare kwaKristu (cf. 1:1, 15; 6:62; 8:58; 16:28; 17:11, 13, 24; 2vaKorinde. 8:9; vaFiripi. 2:6-11; vaKorose. 1:17; vaHebheru. 1:3; 10:5-8). Jesu akanga aratidza “kukudza” kuvadzidzi kuburikidza nezviratidzo nezvishamiso zvake (cf. 1:14; 2:11; 11:4, 40; 12:28). Zvino kukudzwa kwepamusoro ndiko kufa, kumuka kuvafi nokukwira kukubwinya kwednga kwake (cf. ndima. 24; vaFiripi. 2:5-6). Izwi rechiito (VERB) rinoreva zvaidokwairirwa kuti zviitike (AORIST ACTIVE IMPERATIVE). Iro rakashandiswa sechikumbiro kunaBaba. Tarira chinyorwa pamusoro po” rukudzo/rubwinyo” pa1:14.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :17:6-19

6” Ndakararidza vanhu, vamakandipa panyika, zita renyu. Vakanga vari venyu, mukandipa ivo, vakachengeta shoko renyu. 7Zvino vanoziva kuti zvose zvose, zvamakandipa, zvinobva kwamuri. 8Nokuti ndakavapa mashoko amakandipa, vakaagamuchira, vakaziva zvirokwasvo kuti ndakabva kwamuri, vakatenda kuti ndakatumwa nemi.

9” Ndinovanyengererera ivo; handinyengerereri nyika, asi ivo vamakandipa, nokuti ndivo venyu. 10Zvose zvangu ndezvenyu, nezvenyu ndezvangu; ndakudzwa mavari. 11Ini handichiri munyika, asi ivo vari munyika; ini ndinouya kwamuri. Baba vatsvene, muvachengete muzita renyu, ramakandipa, kuti vave vamwe, sesu. 12Ndichiri navo, ini ndaivachengeta muzita renyu, ramakandipa; hapana mumwe wavo wakararika, asi mwanakomana wokuraswa, kuti rugwaro ruitike. 13Asi zvino ndouya kwamuri; ndinotaura izvi panyika, kuti vave nomufaro wangu, wakazadzika mavari. 14” Ini ndakavapa shoko renyu, nyika ikavavenga, nokuti havasi venyika, seni ndisi wenyika. 15Handinyengerereri kuti muvabvise panyika, asi kuti muvachengete pano wakaipa. 16Havasi wenyika seni ndisi wenyika.

17” Muvaite vatsvene muchokwadi; shoko renyu ichokwadi. 18Sezvamakandituma panyika imi, saizvozvo neni ndakavatuma panyika. 19Ndinovaita mutsvene nokuda kwavo, kuti navo vaitwe vatsvene muchokwadi.

17:6 “ndakararidza vanhu zita renyu” Mazita echiHebheru ainzi aifanira kuratidza hunhu (cf. ndima. 11, 12, 25-26; Mapisarema. 9:10). Pazvidzidzo zvouMwari mutsara uyu unorevawo kuti kuona Jesu ndiko kuona Mwari (cf. Johani. 1:18; 12:45; 14:8-11; vaKorose. 1:15; vaHebheru. 1:3).

“Zita” rinebasa guru redzidziso yezvouMwari yenhaurirano dzemumba yepamusoro (cf. 14:13, 14, 26; 15:16, 21; 16:23, 24, 26; 17:6, 11, 12, 26). Muchikamu. 17 mune mazita mavari anoshandiswa kureva Mwari

1. Baba vatsvene, ndima. 11
2. Baba vakarurrama, ndima. 25

“vanhu vamakandipa” Pazvidzidzo zvouMwari izvi zvinoreva sarudzo (cf. ndima. 2, 9, 24; 6:37, 39). Hapana angauya kunze kwekunge

1. Mwari anopa
2. Mweya unokwezva (6:44, 65)
3. Vanogamuchira (1:12) ; vanotenda (3:16)

“vakachengeta shoko renyu” kuteerera ndiko kunokosha (cf. 8:51, 55; 14:23; 15:10, 20). Izvi zvinofanana netestamende yekare zvokuti” kusava nemhosho” (cf. Nowa, Genesi. 6:9; Abhurhamu, Genesi. 17:1; Isiraeri, Dhuteronomi. 18:13; Jobho. 1:1). Hazvirevi kuteerera kwakaperera kana kusava nezvivi, asi kuva nechido chokunzwa nokuita zvose zvakaraitidzwa; Parizvino zvinoreva kutenda, nokugara munaJesu kwevadzidzi, pamwe nokudana sokudiwa kwavakaitwa naJesu.

17:7 “zvino vanoziwa” Ichi ndicho chirevo chokudoma zvakaitwa uye zviine zvibereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVE) chinoteverwa neizwi rokuti” kuti” (*hoti*), iro rinodudza zviru mushoko. Nezve kushandiswa kwizwi rokuti “*hoti*” tarira nhaurwa inokosha pa2:23, tsanangudzo yechina.

▣ **“kuti zvose zvose zvamakandipa zvinobva kwamuri”** Jesu aitura zvainge aratidzwa naBaba (cf. ndima. 8; 7:16; 12:48-49).

17:8 “vakaagamuchira” Vakagamuchira shoko raJesu pamusoro paMwari. Hapana izwi rinonongedza chairo rakadonongodzwa. Muna. 1:12 izwi rokududza rokuti gamuchira/chingamidza raireva Jesu pachake; pano, ndiro shoko pamusoro paMwari rakauya naJesu (cf. ndima. 4). Izvi zvinoreva hunyambiri hwevhangeri se (1) munhu ne (2) shoko.

▣ **“vakagamuchira.....vakatenda”** Aya mazwi anoreva zvakaitwa (AORIST INDICATIVES). Zvokwadi idzi dzinoreva mabviro outsvene neshoko (cf. 5:19; 6:68-69; 12:48-49; 16:30; 17:18, 21, 23, 25).

17:9 “ndinovanyengerera” Jesu ndiye murevereri wedu (cf. 1Timoti. 2:5; mvaHebheru. 8:6; 9:15; 12:24) nomubatsiri (cf. 1Johani. 2:1). Nababawo vanechokuita mumabasa aya (cf. 16:26-27), naMweyawo (cf. vaRoma. 8:26-27). Vose vanhu vatatu vaMwari vatatu mumwe vanobata zvikuru munyaya yokudzikinura.

▣ **“Nyika”** Iziwi rokuti *kosmos* rinoshandiswa kagumi nesere muchikamu chino. Jesu anochengeta (1) nyika (cf. 17:5, 24) ne (2) noukama hwevatendi kukutadza kwayo (cf. 1:10; 17:6, 9, 11, 13, 14, 15, 16, 17, 18, 21, 23). Muzvinyorwa zvaJohani izwi iri rinoreva “mugarisanwa wevanhu wakarongwa nokushanda pasina Mwari.”Dzmwe nguva rinoreva (1) nyika; (2) zvipenyu zvose panyika; kana (3) upenyu pasina Mwari. Tarira nhaurwa inokosha pa14:17

17:10 “zvose zvangu ndezvenyu nezvenyu ndezvangu” Izvi zvinoburitsa kubatana kwaMwari vatatu mumwe (cf. ndima. 11, 21-23; 16:15). NezvaMwari vatatu mumwechete tarira nhaurwa inokosha pa14:26.

▣ **“ndakudzwa mavari”** Ichi ndicho chirevo chokudoma zvakaitirwazviine zvibereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVE). Hupenyu hwemudzidzi ndohwekukudza Jesu sezvaakakudzawo Baba. Herino basa guru!

17:11 “ini handichiri munyika” Izvi zvinoreva (1) zvaitouya chiriporipo (kukwira kudenga) apo Jesu aizodzokera kunaBaba (cf. Mabasa. 1:9-10) kana (ushumiri hwaJesu).

▣ “**Baba vatsvene**” Izwi rokuti” tsvene” rinoshandiswa kureva Baba mutestamende itsva chete (rinoshandiswawo muzita rokuti, “iye mutsvene, “1Petirosi. 1:15) sezvariri mutestamende yekare. Chipauro chokuti (*haigos*) chinonyanya kushandiswa chine hochekeche neMweya (cf. 1:33; 14:26; 20:22). Izwi remabviro rimwechetro rinoshandiswa kureva vadzidzi mundima. 17 (*haigiasmos*) nokurevawo Jesu mundima. 19 (*hagiazō*).

Chirevo chinobva pazidzo yezvirevo zvemabviro emazwi, chinoreva kuti” kusanangurirwa ushumiri hwaMwari” (cf. ndima. 17, 19). Chinoshandiswa kureva vanhu, nzvimbo, nezvinhu zvakasanangurirwa basa raMwari. Chinotsanangura kusava nomuganhu kwaMwari (iye mutsvene walsiraeri) nomusiyano nezvinhu zvepanyika zvoutadzi. Jesu aiva mutsvene; sezvowo vadzidzi vake vanoramba vachifanana naye, vanoratidzawo “utsvene.”Mabviro ezwi rokuti” mutsvene” ari muizwi rechiGiriki rokuti” tsvene.”Vatendi vatsvene nokuti vari munaKristu, asi vachava vatsvene nokumuraramira, saiye, uye maari.

NHAURWA INOKOSHA:MUTSVENE

I. Testamende yekare

- A. Mabviro ezwi rokuti *kadosh* (BDB 872) haanyatsozivikanwe, ringangodaro richibva mururimi rwekuKenani. Zvinogoneka kuti chimwe chikamu chemabviro (kureva., *kd*) chinoreva kuti” kupatsanura.”Apa ndipo panobva dudziro inoshandiswa zvikuru yokuti” kusanangurirwa (kubva mutsika dzeKenani, cf. Dhuteronomi. 7:6; 14:2, 21; 26:19) basa raMwari.”
- B. Rinoreva kuvapo kwaMwari muzvinhu, nzvimbo, nguva, nevanhu. Harishandiswe munaGenesi, asi rinowanikwa zvikuru munaEksidho, Revhitiko, naNumeri.
- C. Muzvinyorwa zvavaporofita (kunyanya. Isaya naHosea) tsanangudzo yepauzima yambovapo, asi isina kutsindikidzwa, inobva yabuda. Inova nzira yokunan’anura huMwari (cf. Isaya. 6:3). Mwari mutsvene. Zita rake iro rinomirira hunhu hwake idzvene. Vanhu vake avo vanoratidza hunhu hwake kunyika inomutsvaga, vatsvene (kana vakateerera chisungo nokutenda).
- D. Rudo netsitsi dzaMwari hazvipatsanurike kubva kumaonero edzidziso dzouMwari dzezvisungo, ruenzaniso pamwe nehunhu chaihwo. Ipo pano ndipo pane makakatanwa munaMwari kuvatdzi, vapanduki uye vasina utsvene. Pane tsanangudzo yakanaka zvikuru pamusoro poukama pakati paMwari aine “tsitsi” naMwari ari” mutsvene” mugwaro ravaRobert B. Girdlestone, rinonzi, mazwi anoreva zvakafanana emutestamende yekare” *synonyms of the old testament*, pp. 112-113.”

II. Testamende itsva

- A. Vanyori vetestamende itsva (kunze kwaRuka) vose vadzamisi vendangariro vechiHebheru, asi vaitaurawo rurimi rweKoine Greek (kureva., bhaibheri rechiGiriki rakare). Iyi ndiyo shandurudzo yechiGiriki yetestamende yekare, kwete zvinyorwa zvechiGiriki, mufungiro kana chitendero chakazovapo.
- B. Jesu mutsvene nokuti ndewaMwari uye akafanana naMwari (cf. Ruka. 1:35; 4:34; Mabasa. 3:14; 4:27, 30). Ndiye mutsvene uye akarurama (cf. Mabasa. 3:14; 22:14). Jesu mutsvene nokuti haana zvivi (cf. Johani. 8:46; 2vaKorinde. 5:21; vaHebheru. 4:15; 7:26; 1Petirosi. 1:19; 2:22; 1Johani. 3:5)
- C. Nokuti iye Mwari mutsvene, vana vake vanofanira kuva vatsvene (cf. Revhitiko. 11:44-45; 19:2; 20:7, 26; Mateu. 5:48; 1Petirosi. 1:16). Nokuti Jesu mutsvene,

vadzidzi vake vanofanira kuva vatsvene (cf. vaRoma. 8:28-29; 2vaKorinde. 3:18; vaGaratiya. 4:19; vaEfeso. 1:4; 1vaTesaronika. 3:13; 4:3; 1Petirosi. 1:15). VaKristu vanoponeserwa kuti vashumire mukuvasaKristu (utsvene).

▣ **“muvachengete muzita renyu”** Jesu arikunyengetera (chirevo chezvaidokwairirwa) kusimbisa, kudzivirirwa nokuvapo pauzima kwaMwari uko kwaakapa (chirevo chezvakaitika zviine zvibereko zviripo) kuvadzidzi vake (cf. ndima. 12). Izvi ndizvo zvinovaita kuti vagone kushumire kunyika inoutadzi sezvaakashumira kunyika inoutadzi (cf. ndima. 18) Izvi ndizvo zvimwe zvakanakira kubatana (cf. ndima. 21) pakati

1. paBaba
2. Mwanakomana
3. vadzidzi

▣ **“kuti vave vamwe sesu”** Iyi ndiyo tsanangudzo yeramangwana muchimiro chezvirirkuitika (PRESENT SUBJUNCTIVE). Inoreva hukama hwekubatana hwaMwari vatatu mumwe (cf. ndima. 21, 23; 10:30; 14:10). Ichi chikumbiro nebasa rakakura kuvaKristu! Rudano rwekubatana rwakadai ndirwo rusiri kuwanikwa munguva yedu (cf. vaEfeso. 4:1-6). Kubatana kwete kufanana, ndiyo chete nzira yokubatanidza kereke yaMwari yakapatsanuka.

17:12” ndichiri navo ndaivachengeta” Izwi rechiito rokutanga riri muchimiro chechirevanguva chezvakaitika uye rechipiri riri muchimiro zvakaitwa. Mazwi echiito aya anofanana. Nyaya huru yemuvaravara uno ndeyokuratidza kuti Jesu anoramba achichengeta (cf. 1Petirosi. 1:3-9).

Mugwaro ravo rinonzi dzidzo yemazwi mutestamende itsva” *word studies in the New testament*, vol. 1, vaM. R. Vincent vanosiyana mazwi maviri aya. vanoti rokutanga rokuti (*tereō*) raireva kuchengetedza uye repiri rokuti (*phulassō*) raireva kurinda (p. 496).

▣ **“hapana mumwe wavo wakarasiika”** Izvi zvinoratidza simba raJesu rokudzivirira (cf. 6:37, 39; 10:28-29).

Izwi rokuti (*apollumi*) rakaoma kushandurudza nokuti rinoshandiswa nenzira mbiri dzakasiyana. Mubhuku ravo rinonzi, duramazwi redzidziso yezvouMwari yetestamende itsva” *Theological dictionary of the New testament*, vol. 1, vaGerhard Kittel vanoti pamusoro pezwi iri, “kana tichingotaurawo tinogona kuti, tsanangudzo yepiri neyechina ndidzo dzine mitsara inechirevo chenyika ino muvhangeri nhatu dzokutanga, asiwo yokutanga neyetau dzine zvirovo zvenyikadzimu, semuvhangei yaPauro neyaJohani” p. 394. Dudziro dzavanopa ndedzinoti:

1. “kuparadza kana kuraya”
2. “kurasa kana kurasikirwa”
3. “kuparara”
4. “kurasika”

Izwi iri rakashandiswa zvikuru pagwara redzidziso yokuparadza, kureva kuti, vanhu vasina kuponeswa vanoparara mushure mokutongwa. Izvi zvinoita sokuti zvinopikisana naDhanieri. 12:2. Tsanangudzo iyi inopotsawo musiyano uri pakati pezvirevo zvinoshandiswa muvhangeri nhatu dzokutanga naJohani pamwe naPauro, avo vanorishandisa sedimkira rokureva kurasika paMweya, kwete kuparara panyama. Tarira nhaurwa inokosha pa10:10.

▣ **“asi mwanakomana wokuraswa”** Zviripachena kuti izvi zvinoreva Judhasi Isikarioti. Mutsara mumwechetewo unoshandiswa muna2vaTesaronika. 2:3 kureva “munhu wezvivi” (vanopikisa Kristu panguva yokupedisira). Iyi itsumo yechiHebheru yokureva” uyo akarongerwa kurasika.”Iri idambanemazwi rinoitwa neizwi rokuti” kurasika” iro rakashandiswa kwokutanga mundima:” hapana mumwe wavo akaraswa kunze kwemwanakomana wokuraswa.”

Tarira nhaurwa inokosha:uteveri hwenhema panaJohani. 6:64.

▣ **“kuti rugwaro ruitike”** Izvi zvinoreva Mapisarema. 41:9, zvakataurwazve muna Johani. 13:18; 6:70-71.

17:13” asi zvino ndouya kwamuri” Izvi zvinogona kureva

1. Munyenegetero waJesu (Johani. 17)
2. Kukwira kudenga kwaJesu (ndima. 11; Mabasa. 1)

▣ **“ndinotaura izvi panyika”** Mutsara uyu unogona kuva nehochekeche neyekumashure yokuti

1. 11:42, Jesu akadanidzira kuti vamwe vanzwe
2. 15:11, mazwi aJesu anechokuita no” mufaro” wavadzidzi

▣ **“kuti vave nomufaro wangu wakazadzika mavari”** Ichi ndicho chirevo cheramangawan chiri muchimiro chezvirikuitika chine chirevanguva nguva chokureva kuitirwa. Heino vimbiso inofadza (cf. 15:11; 16:24). Johani anoshandisazve mutsara uyu (cf. 1Johani. 1:4; 2Johani. 12).

17:14” ini ndakavapa shoko renyu” Iziwi rokuti” shoko” pano rinoreva “logos” inzwi. Rimwewo izwi rinofanana neiri rechiGiriki rokuti *rhema* ndiro rinoshandiswa mundima. 8. Izvi zvinotsigira kuratidzwa kwoutsvene kburikidza nedzidziso nemuenzaniso waJesu. Jesu anopa izwi uye ndiye izwi. Izwi riri muzvimiro zviviri, kuva muhnu pamwe nokuva zvirimurangariro. Tinogamuchira munhu wevhangeri pamwe nokutenda shoko revhangeri!

▣ **“nyika ikavavenga”** Kusagamuchirwa nenyika ndicho chiratidzo chokugamuchirwa naJesu (cf. Johani. 15:18-20; 1Johani. 3:13).

▣ **“nokuti havasi venyika”** Vatendi vari munyika, asi havasi venyika (cf. ndima. 16; 1Johani2:15-17).

▣ **“seni ndisi wenyika”** “nyika” inoreva nguva ino youtadzi hwavanhu pamwe nokupanduka kwengirozi (cf. 8:23). Uyu mumwe muenzaniso wehunyanzvi hwaJohani h wekupa ringanidzo yedenga nepasi.

17:15 “handinyengereri kuti muvabvise panyika” vatendi vane basa panyika (cf. ndima. 18; Mateu. 28:19-20; Ruka. 24:47; Mabasa. 1:8). Haisi nguva yavo yokuti vaende kumusha!

▣
NASB, NKJV “Wakaipa”
NRSV “Wakaipa”
TEV, NJB “Wakaipa”

Izwi iri rinongangova risina kwarakarerekera (NEUTER) kana kuti rinechirevo chechimiro chechirume (MASCULINE). Chirevo chechinyorwa chino chinonyanya kutaura nezvekuva nechimiro chomunhu kweupi (cf. 12:31; 13:27; 14:30; 16:11), naizvozvo ndima ino, saMateu. 5:37; 6:13; 13:19, 38, inofanira kunyorwa kuti” wakaipa” (cf. 2va Tesaronika. 3:3; 1Johani. 2:13-14; 3:12; 5:18-19). Tarira nhaurwa inokosha pa12:31.

17:17” vaitei vatsvene” Ichi ndicho chirevo chezvaidokwairirwa kuti zviitwe (AORIST ACTIVE IMPERATIVE) chinobva paizwi rokuti” tsvene” (*hagios*). Izvi zvinogona kureva

1. Vatendi vanodanirwa kuti vave saKriatu (cf. ndima. 19; vaRoma. 8:28-29; 2aKorinde. 3:18; 7:1; vaGaratiya. 4:19; vaEfeso. 1:4; 4:13; 1vaTesaronika. 3:13; 4:3, 7; 5:23; 1Petirosi. 1:15). Izvi zvinoitika chete nokuziva chokwadi, icho chinova zvose, shoko rinorarama (Jesu, cf. 1:1-14) pamwe norugwaro (Bhaibheri, cf. 15:3).
2. Mutsara“vaitei vatsvene” muchirevo chawo chemutestamende yekare, unoreva kwazvo kwazvo kuti” kusanangurira ushumiri hwaMwari.”Ndima. 18 inavajekesera chinangwa cho” kuitwa vatsvene “kwavo.

Haisi nyaya yokuti ndeipi tsanangudzo inoreva chokwadi. Dzose ndedzechokwadi. Hupenyu hwaJesu hwakaraidza kudiwa kwazvose (cf. ndima. 19).

Zvinogoneka kuti Jesu anotaura zvokuitirwa ushumiri vatsvene kwevadzidzi seringanidzo yevaPirisita vetestamende yekare avo vaisanangurirwa basa raMwari. Vaishanda sevarevereri vezvibayiro zvetestamende yekare, asi vadzidzi vaishanda sevaratidzi vechibayiro chakarurama chokubayira zvachose, chetestamende itsva, Kristu (verenga bhuku ravaHebheru, iro rinoringanidza testamende itsva neyakare).

▣ **“muchokwadi; shoko renyu ichokwadi”** Kutu chokwadi kunoreva shoko raJesu pamusoro paMwari (cf. 8:31-32). Jesu anodanwa zvose kuti shoko (*logos*, cf. 1:1-14) nokuti chokwadi (cf. 14:6) raMwari. Mweya unonyanya kudanwa kuti Mweya wechokwadi (cf. 14:17; 15:26; 16:13). Tarira uonewo kuti vatendi vanoitwa vatsvene nechokwadi. (cf. ndima. 19, chirevo chezvakaaitirwa) pamwe neMweya (cf. 1Petirosi. 1:2). Nhaurwa yakakwana yemabviro emazwi okuti” chokwadi. zvokwadi” Tarira nhaurwa dzinokosha pa6:55 na17:3.

Zvinogona kuti mutsara wokuti” shoko renyu ichokwadi.”iringanidzo kana mashoko akatorwa mubhaibheri rechiGiriki rekare (LXX) munaMapisarema. 119:142, “kururama kwenyu ndiko kururama nokusingaperi, uye murayiro wenyu ndowe chokwadi.”ichokwadi kuti Jesu aionekwa sa

1. Mosesi mutsva (Dhuteronomi. 18:15)
2. Vadzidzi vake sevaPirisita vatsva (kushandiswa kweizwi rechiito rokuti” vaitei vatsvene”)
3. Hupenyu sekuzviratidza kwechokwadi kwaMwari mumwe wechokwadi
4. chokusika (kureva., Genesi. 1:26-27)
5. Jesu sezadziso yaGenesi. 3:15

17:18 “sezvamakandituma panyika imi” Hupenyu hwaJesu hwoushumiri nokuteerera kusvika pakufa (2vaKorinde. 5:14-15; vaGaratiya. 2:20; 1Johani. 3:16), ndihwo hunopa muenzaniso kuvadzidzi vake (cf. ndima. 19). Achavatuma panyika yakarasika kunoita basa sekutumwa kwaakaitwa muna20:21. Vanofanira kutaura nenyika, vasabve pairi. Tarira nhaurwa inokosha:tuma (*apostellō*) pa5:24

17:19” ndinozviita mutsvene” Muchirevo chechinyorwa chino, izvi zvinoreva Karivhri!Jesu akazvituma kunoita kuda kwaBaba (cf. Mako. 10:45)

☐ **“kuti navo vaitwe vatsvene muchokwadi”** Iyi igombedzero *yehina* (kureva gombedzero yechinangwa) ine mutsara webembera unechirevanguva chokureva zvakaitirwa zvine zvibereko (PERIPHRASTIC PERFECT PASSIVE PARTICIPLE), Zvisinei, pane kachirevo kokureva hurongwa hwemberi huri maringe ne

1. Basa ririkuuya raKristu pamuchinjiko, kumuka kuvafi, pamwe nekukwira kudenga
2. Ziendamberi kwerudaviro rwokutendeuka kwavo kunaJesu nedzidziso yake.

Tarira nhaurwa inokosha pamusoro pechokwadi pa6:55 na17:3.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :17:20-24

20” Handinyengetereri ava bedzi, asi naivo vanotendawo kwandiri neshoko ravo, ²¹kuti vose vave vamwe; semi baba muri mandiri, neni mamuri; kuti naivowo vave mandiri, kuti nyika itende kuti makandituma.

22” Neni ndakavapa kubwinya kwamakandipa; kuti vave vamwe, sesu tiri vamwe; ²³ini mavari, nemi mandiri, vakwaniswe kuva vamwe; kuti nyika izive kuti makandituma, uye kuti makavada sezvamakandida ini. ²⁴” Baba ndinoda kuti avo vamakandipa, vavewo neni apo pandinenge ndiri, kuti vaone kubwinya kwangu, kwamakandipa, nokuti makandipa nyika isati yavambwa.

17:20” asi naivo vanotenda kwandiri” Ichi ndicho chirevanguva chezvirikuitika (PRESENT TENSE) chirikushanda sechirevanguva chezvichaitika (FUTURE TENSE). Izvi zvinoreva vatendi vose vaivapo uye muna. 10:16, chero nevaHedheni. Tarira nhaurwa inokosha pa2:23.

☐ **“neshoko ravo”** Iri ndiro izwi riya rokuti” *logos*” izwi. Nokuda kwemashandisirwo aro mundima. 14 uye neuro rinofanana naro rokuti *rhema* mundima. 8, Izvi zvinofanira kureva kufambisirwa mberi kweshoko raJesu nevadzidzi.

17:21” kuti vose vave vamwe” kubatana uku ndiko chaiko kwaMwari vatatu mumwe (cf. ndima. 11, 22, 23; vaEfeso. 4:1-6). Iyi ndiyo imwe yenyaya dzakadzidziswa naJesu idzo dzisisa tevedzerwi navateveri vake.

“kuti nyika itende kuti makandituma” Ichi ndicho chirevo chezvichazoitika muneramangwana. Chinangwa chokubatana ndiro vhangeri. Ndima. 23 inekumikidzo nemurongerwo mumwechetewo!

Mumunyengetero waJesu mune makakatanwa. Haanyengetereri nyika (ndima. 9) uku achitumira vadzidzi vake munyika neshoko rake iro richakonzera kuti vatambudzwe nokuti Mwari anoda nyika (cf. ndima. 21, 23; 3:16). Mwari anoda kuti nyika yose itende (cf. 1Timoti. 2:4; Tito. 2:11; 2Petirosi. 3:9). Mwari anoda vose vakaitwa nemufananidzo wake. Jesu akafira zvivi zvenyika yose. Tarira nhaurwa inokosha:tuma (*apostellō*) pa5:24.

17:22” neni ndakavapa kubwinya kwamakandipa” Izvi zvose zvirevo zvokudoma zvakaitika zvine zvibereko (PERFECT ACTIVE INDICATIVES). Kubwinya kunofanira shoko rinoratidza. Vachaenda neshoko rake kunyika sekutakurwa kwakaitwa shoko raBaba naJesu. Izvi zvichaitawo kuti vatakurewo kutambudzwa kwake!vaA. T. Robertson mugwaro ravo rinonzi,

mifananidzo yemazwi mutestamende itsva” *word pictures in the New testament*, vol. V, vanoti, “ndiko kubwinya kweizwi rakava munhu (cf. 1:14 na2:11) kwete kubwinya kweizwi ringaperi rakarehwa muna17:24” (p. 280). Tarira chinyorwa chakazara pamusoro po” kubwinya” pa1:14.

17:23” vakwaniswe kuva vamwe” Iri ndiro gombedzero reizwi rokuti *hina* riri remutsara webembera unechirevanguva chokureva zvakaitirwa zvine zvizbereko (PERIPHRASTIC PERFECT PASSIVE), semundima. 19, Pane kachirevo kwokureva hurongwa hwemberi maringe ne (1) basa raKristu raiuya kana (2) zierendamberi rokutenda kwavo. Chirevo ndechokuti vakabatanidzwa naJesu uye zvicharamba zvakadaro!Chinangwa chokubatana ndihwo uvhangeri.

☐ **“makavada sezvamakandida ini”** Iyi ivimbiso (cf. 16:27 na14:21, 23), asi ine zvimiso. Mwari anoshanda nevanhu nenzira yezvisungo (“kana... zvino”).

Izwi rokuti rudo (*agapeō*) rinowanikwa rusere munaJohani. 1-12, asi rinowanikwa runokwana makumi matatu nerumwe munaJohani. 13-17. Nhaurirano dzemumba yepamusoro dzaikumikidza kuburitswa kwehunhu hwaMwari Baba kuburikidza nemashoko pamwe nezviito zveMwanakomana chinguvana mushure, mokumuka kuvafi, uye kunyanya pazuva rependekositi, kuburikidza nevadzidzi. Mwari ndiye rudo (cf. Johani. 4:7-21)

17:24” vavewo neni apo pandinenge ndiri” Jesu arikudzokera kurubwinyo kuti agadzirire vateveri vake nzvimbo (cf. 14:1-3). Nyika ino haisi musha wedu sezvayakanga isiriwo musha wake!Yakasikwa naiye (Genesi. 1-2) uye ichadzoreredzwa (Zvakazarurwa21-22).

☐ **“kuti vaone kubwinya kwangu kwamakandipa”** Zviripachena kuti izwi rokuti “kubwinya” “mundima ino harirevi zvarinoreva mundima. 22. Mundima ino rinoita sokuti rinorevawo hushe hwouMwari hwokuvapo kare kwaJesu.

“nyika isati yavambwa” Mwari vatatu mumwe akanga achibata mubasa rokudzikinura chero kusika kusati kwaitwa. Mutsara uyu unoshandiswa kakawanda mutestamende itsva (cf. Mateu. 25:34; Ruka. 11:50; vaEfeso. 1:4; vaHebheru. 4:3; 9:26; 1Petirosi. 1:20; Zvakazarurwa. 13:8; 17:8).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :17:25-26

25” Baba vakarurama, nyika haina kukuzivai, asi ini ndakakuzivai, naivava vakaziva kuti makandituma. 26Ndakavazivisa zita renyu, uye ndicharizivisa, kuti rudo rwamakandida narwo, ruve mavari, neni ndive mavari.”

17:25” Baba vakarurama” Zita iri rinowanokwa pano chete mutestamende itsva. Rinofambirana nerokuti” Baba vatsvene” mundima. 11, iro rinobva paizwi rechiHebheru rinoreva kuti “tsanaga yokupimisa.”Mwari ndiye chipimiso chokutongwa!Tarira nhaurwa inokosha pana1Johani. 2:29.

☐ **“nyika haina kukuzivai”** Nyika, mugarisanwa wevanhu uyo wakarongwa nokushanda pasina Mwari (mashandisire aJohani chete), haizive Mwari (cf. 17:25) kana Mwanakoamana (cf. 1:10). Inoutadzi nouipi (cf. 3:19-20; 7:7).

▣ **“asi ini ndakakuzivai”** Jesu ndiye wepamusororsoro uye dura rehorokodzwa pamusoro paMwari (cf. 1:18; 3:11).

17:26” ndakavazivisa zita renyu” Izvi zvinoreva Jesu achiratidza hunhu hwaBaba pamwe nehurongwa hwekudzikinurwa kwevanhu (cf. ndima. 6, 11, 12; Mabasa. 2:23; 3:18; 4:28). Izwi rokuti” zivisa “rinoshandiswa rushanu mundima. 25-26.

▣ **“uye ndicharizivisa”** Izvi zvinogona kureva (1) kuenda mberi kwekuratidzwa kwaJesu kuburikidza naMweya uyo anojekesa dzidziso dzake (2) zviitiko zveruponeso (vhiki retsitsi) izvo zvainge zvaakuzoitika. Chirevo chechinyorwa chinoreva tsanangudzo yokutanga. Ruponeso runosanganisira munhu neshoko, rutemo nemararamiro, kutenda kwokutanga nokweziendamberi. Runosanganisira zvirevo zvose chechiGiriki chokuti” ziva” pamwe nechechiHebheru chokuti” ziva.”

MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anakodzera yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Sei munyengetero uchikosha pazvidzidzo zvouMwari?
2. Ko Judhasi aiva mutendi akahedhuka here?
3. Chinangwa chokubatana kwedu ndechei?
4. Sei kuvapo kare kwaJesu kuchikosha?
5. Dudzira, maringe nechirevo chechinyorwa chino; zvinoreva mazwi anotevera:
 - a. “bwinyiswa”
 - b. “ipa”
 - c. “ziva”
 - d. “tuma”
 - e. “zita”
 - f. “nyika”

JOHANI 18

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Jesu anotongerwa rufu 18 ; 38b - 19 : 16a 18 : 38b - 19 : 16a	Yarwi vanosvoveredza Jesu 19 : 1 - 4 Rutemo rwaPirato 19 : 5 - 16	18 : 38b - 19 : 7 18 : 3b - 19 : 7	Jesu anotongerwa rufu 18 :38b - 19 : 16 18 : 40 - 19 : 3 19 : 4 - 5 19 : 6a 19 : 6b 19 : 7 19 : 8 - 9 19 : 9b - 10 19 : 11	Jesu pamberi paPirato 18 : 28 - 19 : 11 18 : 33 - 19 : 3 19 : 4 - 7 19 : 8 - 11 Jesu anotongerwa rufu 19 : 12 - 16a
19 : 8 - 12		19 : 8 - 12	19 : 12	
19 : 13 - 16a		19 : 13 - 16a	19 : 13 - 14 19 : 15a 19 : 15b 19 : 15c 19 : 16a	
Kuroverwa kwaJesu 19 : 16b - 22	Mambo pamuchinjiko 19 : 17 - 24	19 : 16b - 25a	Jesu anoroverwa 19 : 16b - 21 19:22	Kuroverwa 19 : 16b - 22 Nguodza Jesu dzino govanwa 19 ; 23 - 24
19 : 23 - 27	Tarira maiVako 19 : 25 - 27	19 : 25b - 27	19 : 23 - 24 19 : 25 - 26 19:27	Jesu namai vake 19 : 25 - 27
Kufa kwaJesu 19 : 28 - 30	Zvapera 19 : 28 - 30	19 : 28 - 30	Kufa kwaJesu 19:28 19 : 29 - 30a 19 : 30b	Kufa kwaJesu 19:28 19 : 29 - 30

Kubaiwa kunerutivi rwaJesu	Rutivi rwaJesu runobaiwa		Rutivi rwaJesu runobaiwa	Rutivi rwabaiwa
19: 31 - 37	19 : 31 - 37	19 : 31 - 37	19 : 31 - 37	19 :31 - 37
Kuvigwa kwaJesu	Jesu anovigwa mubhiro hwaJosefa		Kuvigwa kwaJesu	Kuvigwa
19 : 38 - 42	19 : 38 - 42	19 : 38 - 42	19 : 38 - 42	19 : 38 - 42

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyorori. Ndiyozve hwaro hwekupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

RUONO RWEZVIRI MUGWARO ZVA 18:1-40

- A. Johani anosiya kushungurudzika kwaJesu muGetsemani (nyangwe chikamu. 17 chichigona kufananidza). Zviri pachena kuti izvi zvakadaro nokuti arikuedza kukumikidza hunhu hwaJesu aiva pamusoro pazvose. Iye pachake akarashira hupenyu hwake (cf. 10:11, 15, 17, 18).
- B. Muronga wezviitiko wechikamunchino unoti siyanei neuri muvhangeri nhatu dzokutanga. kusafanana uku kunoita sokuti kunechokuita ne
 1. Chimiro chezvinyorwa zvevakaona
 2. Vavariro yedzidziso yezvouMwari yemunyorori
- C. Vangeri yaJohani yakasiyana zvikuru nevhangeri nhatu dzokutanga. Kuti sei kana kuti nenzira ipi ndiyo mibvunzo isngakwanise kupindurwa nevanzveri vemagwaro. Nhuarwa yakanaka yandakaona iri mugwaro ravaGordon Fee rinonzi, maverengerwo ebhaibheri zvariri zvose” *How to read the Bible for All its worth*, “umo vanopa mafungiro akasiyana akawanda. Zviripachena kuti vanyori vevhangeri, vari mukutuswa vaiva norusununguko rweku
 1. Kusarudza kubva
 2. Nokutora

3. Nokuronga patsva

Mazwi nemabasa aJesu. Handifunge kuti vaizvifungira mazwi nemabasa, asi kuti vaigona kumatora vachiitira zvinangwa zvoudhangeri hwokuratidza Jesu kumapoka evanhu akasiyana siyana. Ranagarirai kuti vhangeri hadzisi nhorooondo yekumadokero (kureva., muronga hwechiito nezvibereko zvacho), asi inhorooondo dzekumabvazuva. Hadzisi nhorooondo dzoupenyu hwevanhu, asi ndizvo zvinyorwa zvevhangeri.

D. Gwaro rokuverenga rakanaka pamusoro pechikamu chino, nezvekuva pamutemo kwekutongwa kwaJesu (cf., Dare guru ravaJudha'Sanhedrin', 4:1) ndiro rakanyorwa nava A. N. Sherwin-White, rinonzi, mugarisanawa wevaRoma nemutemo wavo mutestamende itsva " *Roman Society and Roman Law in the New Testament.* "

DZIDZO YEMITSARA NEMAZWI

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :18:1-11

¹Jesu akati areva ivozvi, akabuda navadzidzi vake, akaenda mhiri kworukorodzi runonzi kedhironi, paiva nomunda, akapinda mauri, iye navadzidzi vake. ²Zvino Judhasi, akamupandukira, akanga achizivawo nzvimbo iyo; nokuti Jesu kazhinji waiunganapo navadzidzi vake. ³Naizvozvo Judhasi akatora boka ravarwi, navatariri, vaibva kuvapirista vakuru navaFarisi, akaendapo nemwenje namazhenje, nezvokurwa nazvo.

⁴Zvino Jesu, zvaakanga achiziva zvose zvaifanira kumuwira, akabuda, akati kwavari, "Munotsvaka aniko?"

⁵Vakamupindura vakati, "Jesu weNazareta." Jesu akati kwavari, "Ndini." NaJudhasi akamupandukira akanga amirewo navo. ⁶Zvini akati areva kwavari, achiti, "Ndini, "vakasudurukira kure vakawira pasi. ⁷Zvino akavabvunzazve, achiti, "Munotsvaka aniko?" vakati Jesu weNazareta."⁸Jesu akapindura akati, "Ndakuudzai, kuti ndini. kana muchinditsvaka ini, regai ava vaende; ⁹kuti shoko raakareva riitike rokuti, "Hnadina kurasikirwa nomumwe kana ivavo vamakandipa."

¹⁰Zvino Simoni Petirosi, akanga ano munondo, akauvhomora, akatema muranda womupirista mukuru, akamugura nzeve yorudyi. Zita romuranda uyu rainzi Marikosi.

¹¹Zvino Jesu akati kuna Petirosi, "Dzorera munondo wako mumuhara; mukombe wandakapiwa naBaba handingaunwi here?"

18:1 "rukorodzi runonzi kedhironi" Izwi rokuti "rukorodzi" raireva "mwendachirimo" kana "kakorodzi." "Kedhironi" (BDB 871) zvaireva (1) munda wemisidha (2) dema. Aka kaiva kakorodzi kainge kakaoma muzhizha asi kachierera muchirimo. Iyi ndiyo nzvimbo yakaeredzerwa ropa rezvibayiro zveMoriya. Zvinogona kuva izvo zvakaite kuti itsanagurwe kuti "dema/nhema" Yaiva pakati pegomo retemberi negomo remiorivhi (LXX II Samueri. 15:23; II Madzimambo. 23:4, 6, 12; II Makoronike. 15:16; 29:16; 30:14; Jeremiya. 31:40).

Pane musiyano wezvinyorwa zvechiGiriki pano:

1. "remisidha" (*kedrōn*) muMSS κ^C , B, C, L nezvimwewo zvinyorwa zvakare zvakawanda
2. "remusidha" (*kedrou*) muMSS κ^* , D, naW
3. "reKidhironi" (*kedrōn*) muMSS A na S

Gwaro re UBS⁴ rinoshandisa tsanangudzo yetatu

▣ “**Munda**” Chikamu chino chinosiya zvachose kushungurudzika kwaJesu muGetsemani, asi chinoisa chiitiko chokusungwa kwaJesu mumunda. Iyi ndiyo nzvimbo yainyanya kufarirwa kutandarira naJesu (cf. ndima. 2; Ruka. 22:39). Zviripachena kuti Jesu akararamo muvhiki rose rokupedzisira kwoupenyu hwake (cf. Ruka. 21:37).

Minda yaisabvumirwa muJerusarema nokuda kwokuti mupfudze waiiswamo wainzi wasvibisa nzvimbo. Naizvozvo avo vainge vakapfuma vaiva neminda yemidzambiringa nemimwewo michero, pagomo remiorivhi.

18:2” Iyi imwezve wedzeredzo yakaiswa naJohani.

▣ “**Judhasi**” Pane nhaurwa huru pamusoro paJudhasi nezvinangwa zvake. Anowanzozvidzwa zvikuru muvhangeri yaJohani (cf. 6:70-71; 12:4; 13:2, 26, 27; 18:2, 3, 5). Mutambo wemazuva ano wa” Jesu Kristu semutambi mukuru” unoburitsa Judhasi ari mudzidzi akatendeka, asi anoshungurudzwa nokuedza kumanikidza Jesu kuti azadzise basa raMosesi raitarisirwa nevaJudha mutestamende yekare—kureva kumukira nokukunda vaRoma, kuranga vatadzi nokuita kuti Jerusarema rive guta guru repasi rose. Zvisinei, Johani anoti zvinangwa zvake zvaiva zvoumbavha nouipi.

Nyaya huru yedzidziso yezvouMwari ndeyehutongo hwaMwari nemazvokuda evanhu. Kuti Mwari kana Jesu akashandisa Judhasi here?ko iye Judhasi anechokuita nezvaakaita here kana Satani ari iye akamushandisa kana kuti Mwari akanga akazvironga kare uye ndiye akaita kuti Judhasi apandukire Jesu?Bhaibheri haripindure mibvunzo iyi zvakajeka. Mwari ndiye akabata nhoroondo; anoziva zvichaitika, asi vanhu vanechokuita nesarudzo nezviito zvavo. Mwari haana kwaakarerekera uye haashnadisi munhu nenzira yakadai.

Pane bhuku idzva rinonatsurudza mabasa aJudhasi, rinonzi, Judhasi mupanduki/mutengeshi kana shamwari yaJesu?” *Judas a betrayer or friend of Jesus?*iro rakanyorwa navaWilliam Klassen, rikatsikiswa neFortress Press mugore ra1996. Handifariri bhuku iri nokuti rinodzirikisira huchapupup hwaJohani pamusoro paJudhasi, asi rinodenza pfungwa zvikuru.

NHAURWA INOKOSHA: SARUDZO/KURONGA KARE PAMWE NOKUDIWA KWENENGAIDZO YEDZIDZISO YEZVOUMWARI

Sarudzo igwara redzidziso rinofadza zvikuru. Zvisinei, harusi rudano rwechizivano, asi inzira, chombo nokuita kwokuti vamwe vadzikinurwe!Mutestamende yekare, izwi iri raishandiswa kureva ushumiri, mutestamende itsva rinoshandiswa kureva ruponeso runobva muushumiri. Bhaibheri hari yanani kupesana kunoita sokuti kuri pakati poutongo hwaMwari nemazvokuda evanhu, asi rinotsigira zvose !Muenzaniso wakanaka wemakakatanwa ebhaibheri ndivaRoma. 9 pamusoro pesarudzo youtongo hwaMwari, navaRoma. 10, pamusoro pekudiwa kwerudaviro rwevanhu (cf. 10:11, 13).

Shanguriro yegakava redzidziso yezvouMwari iyi inogona kuwanikwa munavaEfeso. 1:4. Jesu ndiye akasarudzwa naMwari uye vamwe vose vanogona kusarudzwa maari (Karl Barth). Jesu ndiye kuti” hongu” kwaMwari kune zvinodiwa nevatadzi (Karl Barth). vaEfeso. 1:4 inobatsirawo pakujekesa nyaya nokutaura kuti chinangwa chekuronga kare harisi denga, asi utsvene (kuvasaKristu). Tinonyanya kukwezvwa nezvibereko zvevhangeri tichikanganwa basa rinoda kuitwa!Rudano rwaMwari nderwechinguvana pamwe nokusingaperi!

Makwara edzidziso anouya aine hochekeche nezvokwadi, kwete zvokwadi dzisina sungano. Ringanidzo yakanaka ndeyegwara renzou renyeredzi maringe nenyeredzi imwechete. Mwari

anotura chokwadi mumanyorero okumabvazuva kwete okumadokero. Hatifanire kubvisa makakatanwa anokonzera nounyambiri wekakavadzano (gangaidzo) yegwara redzidziso yezvokwadi:

1. Kufanoronga kare maringe nemazvokuda evanhu
2. Kudzivirirwa kwevatendi maringe nekudiwa kwekutsungirira
3. Zvivi zvebviro maringe nezvivi zvokuzviitira
4. Kusava nezvivi (kururama) maringe nekutadza zvisoma
5. Kururamiswa nokuitwa mutsvene kwechiripiripo kwekutanga maringe neziendamberi rokuitwa mutsvene
6. Kusununguka kwevaKristu maringe nebasa rinofanira kuitwa nevaKristu
7. Kusava nomuganhu kwaMwari maringe nokuva munazvose kwake
8. Kusazivikanwa zvachose kwaMwari maringe nokuzivikanwa kwake kuburikidza neshoko
9. Kuvapo kwoutongo hwaMwari maringe nokumunyungidzwa munaramangwana
10. Kutendeuka sechipo chaMwari maringe nekutendeuka sechiito chinodiwa chechisungo cherudaviro rwevanhu
11. Jesu saMwari maringe naJesu semunhu
12. Jesu akaenzana naBaba maringe naJesu anozviisa pasi paBaba

Nzira yemafungiro yokuti” chisungo” ndiyo inobatanidza hutongo hwaMwari (uyo anogaro parura uye nokupa musoro wenyaya) nokutendeuka, kutenda pamwe norudaviro rwevanhu rwokutanga pamwe neziendamberi. Ngwarira kutsanzirirdza kuva nechirevo kubva kurutivi rumwechete rwegangaidzo uchidzikisira pamwe nokusiya rumwe rutivi! Ngwarira kusimudzira gwara redzidziso kana nzira yedzidziso yezvouMwari yaunofarira!

18:3

NASB “Boka ravaRoma”

NKJV “Boka ravarwi”

NRSV “Boka rauto”

TEV “Boka ravarwi vechiRoma”

NJB “Boka”

Izvi zvinoreva boka reuto revaRoma, iro rinova chikamu gumi kubva muzana chezvuru zvitane uye rinemauto anosvika mazana matanhatu ayo aiva ari mukamba yaidanwa kuti Antonio, yaiva pedo netemberi (cf. Mabasa. 21:31, 33). Hazvinyatso gamuchiriki kuti gurumwandira rose iri ringadai rakadanwa. VaRoma vainge vakagadzirira bishapisha raiitka muJerusarema panguva dzemitambo iyi. Vaigona kunge vakanga vatora mamwe mauto nengarava kubva kudunhu reKesariya. VaRoma vakabatikawo pakutongwa kwaJesu nokuti vaJudha vaidanwa kuti Jesu aroverwe. Izvi zvaiwanzotora mazuva akawanda; vaingogona kuita izvi nemvumo uye nekushandira pamwe nehurumende yevaRoma.

▣ **“nevatariri vaibva kuvapirista vakuru”** Vatariri vetemberi vechiRevhi ndivo vakaperekedza mauto echiRoma aya. Ivo vatariri ava vakange vatombo koniwa kusungwa Jesu (cf. 7:32, 45).

▣ “zvokurwa nazvo” Minondo yaitakurwa nevarwi vechiRoma, uye tsvimbo ndidzo dzaitakurwa nevatariiri vetemberi (cf. Mateu. 26:43; Mako. 14:43; Ruka. 22:52).

18:4” zvino Jesu, zvaakanga achiziva zvose” Iyi ikumikidzo huru kwazvo yokureva kuti Jesu aiziva nezvokusungwa, kutongwa nokuroverwa kwake (cf. 10:11, 15, 17, 18). kuroverwa kwaJesu hakuna kuitika setsaona (cf. Mako. 10:45; Mabasa. 2:23; 3:18; 4:28). Dingindira iri ndiro rinowanikwa muvhangeri yaJohani uye pamwe ndiro rinoita kuti asanyore nezvokushungurudzika kwaJesu muGetsemani.

18:5

NASB, NJB “Jesu muNazarini”

NKJV, NRSV,

TEV “Jesu weNazareta”

Pane nhaurwa huru pamusoro pemuvanzarira nemabviro ezwi rokuti “Nazarini.”Zvinogoneka kuti ringareva kuti (1) Nazarini; (2) muNaziri (cf. Numeri. 6) ; kana (3) kubva kuNazareta. Mashandisiro eTestamende itsva (cf. Mateu. 2:23) anotsigira tsanangudzo yetatu. Vamwe vanotopa sungano pakati pevara rechiHebheru rokuti *nzr* nezita rouMesiasi rokuti” Davi” (*nezir*, cf. Isaya. 11:1; 14:19; 60:21).

NHAURWA INOKOSHA: JESU MUNAZARINI

Pane mazwi akawanda echiGiriki anoshandiswa netestamende itsva kureva Jesu.

A. Mashandisiro etestamende itsva

1. Nazareta—guta rekuGaririya (cf. Ruka. 1:26; 2:4, 39, 51; 4:16; Mabasa. 10:38). Guta iri haritaurwi nezvaro munezvime zvinyorwa, asi rinowanikwa muzvinyorwa zvakazovapo pava paya.

Kutaura kuti Jesu aibva kuNazareta yakanga isiri nzira yokuyemura (cf. Johani. 1:46). Chinyorwa chakaiswa pamusoro pomuchinjiko waJesu icho chaiva chakanyorwawo zita renzvimbo iri chaiva chiratidzo chokuzvidza kwevaJudha.

2. *Nazarenos*—rinoitawo sezita renzvimbo (cf. Ruka. 4:34; 24:19).

3. *Nazōraios*—rinogona kureva guta, asi rinogonawo kuva dambe raiitwa nezwi rechiHebheru raMesiasi rokuti “Davi” (*netzer*, cf. Isaya. 4:2; 11:1; 53:2; Jeremiya. 23:5; 33:15; Zekariya. 3:8; 6:12; mutestamende itsva, Zvakazarurwa. 22:16). Ruka anorishandisa kureva Jesu muna. 18:37 naMabasa. 2:22; 3:6; 4:10; 6:14; 22:8; 24:5; 26:9.

4. Rinesungano netsanangudzo yetatu yezwi rokuti *nezir*, iro rinoreva kuti “kuchenurwa nenzira yemhiko.”

B. Mashandisirwo aro munhorondo arikunze kwetestamende itsva

1. Raireva boka revaJudha (chiKristu chisati chavapo) rechinamato chenhema (Aramaic *nasōrayya*).
2. Raishandiswawo navaJudha kureva vatendi vechiKristu (cf. Mabasa. 24:5, 14; 28:22, *nosri*).
3. Rakawawo izwi rechiAramaic kukereke dzokuSiriya rokureva vatendi. Izwi rokuti “muKristu” raishandiswa mukereke dzechiGiriki kureva vatendi.
4. Mushure mokuparara kweJerusarema, vaFarisi vakaungana paJamnia vakaronga kusiyana Sinagoge nekereke. Muenzaniso wezvituko zvakaitwa kuvaKristu

unowanikwa “zvabvumiranwa, gumi nezvisere” kubva mugwaro re*Berakoth* 28b-29a, iro rinodana vatendi kuti “vaNzarini.”

“Dai vaNazarini nevatendi venhema vakanyangarika; vachapfudzwa mubhuku roupenyu uye havazonyorwi pamwe nevanotenda.”

5. Rakashandiswawo naJustin Matyr, *Dial.* 126:1, uyo akashandisa izwi romunaIsaya rokureva Jesu rokuti *netzer*.

C. Mafungiro omunyori

Ndinoshamiswa zvikuru nezviperego zvezwi iri izvo zvakanwanda, nyangwe ndichiziva kuti izvi hazvishamisi mutestamende yekare sezvo zita rokuti “Joahua “riine zviperego zvakanwanda siyana mururimi rwechiHebheru. Zvinhu zvinotevera zvinoita kuti ndisave nechokwadi chechirevo charo chaicho:

1. Kuva nesungano yemandorokwati kwaro nezita rouMesiasi rokuti “Davi” (*netzer*) kana rimwe rinofanana naro rokuti *nezir* (uyo akachenurwa nenzira yemhiko)
2. Chirevo chokuzvidza cheGaririya
3. Kuva nerutsigiro rushoma kana kusatovapo zvachose kwerutsigiro rweguta reNazareta muGaririya
4. Kubva kwaro mumuromo wedhimoni nenzira yokureva mugumo (kureva., “Mauya here kuzotiparadza?”).

Tsanangudzo yakakwana yedzidzo yemutsumbu wemazwi uyu inowanikwa mumabhuku navaClin Brown rinonzi, Duramazwi idzva redzidziso yezvouMwari yetestamende itsva, “*New international Dictionary of New Testament Theology*, vol. 2, p. 346” kana rava Raymond E Brown, rinonzi, kuberekwa “*Birth*, pp. 209-213, 223-225.”

▣ **“ndini iye”** Izvi zvinoreva kwazvo kwazvo kuti “ndini, “izwi rechiito rechoiHebheru rokuti “kuva” (tarira nhaurwa inokosha pa6:20), iro rinonzi nevaJudha rinesungano nokuti ‘YHWH’Mwari, zita raMwari rechisungo (cf. Ekirodho. 3:14 naIsaya. 41:1). Jesu anotaura zvouMwari izvi nenzira iyoyi yezvivakamutauro zvokuti (*ego eimi*) muna4:26; 8:24, 28, 58 na13:19. Rinodzokororwa rutatu muchirevo chechinyorwa chino kuitira kumikidzo (cf. ndima. 6, 8). Chimiro chezvivakamutauro chakanwanda nechemitsara yaJesu yokuti “ndini...”

▣ **“naJudhasi akamupandukira akanga amirweo navo”** Iyi ndiyo imwe wedzero yakaiswa muvhangeri noakaona, anova Johani.

18:6” vakasudurukira kure vakawira pasi” Johani akanyora izvi achida kuratidza masimba okuvapo kwaJesu. Izvi hazvirevi kuremekedza (kugwadamira munhu), asi kutya.

18:7” zvino akavabvunzazve” Pamwe, Jesu akanga achivakwezvera kwaari kuti vasiyane nevadzidzi. Izvi ndizvo zvinoita sokufambirana nechirevo chechinyorwa chendima. 8.

18:8” kana” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokuva wechokwadi kubva pamaonero omunyori (FIRST CLASS CONDITIONAL SENTENCE) ; vaitsvaka iye.

▣ **“regai ava vaende”** Ichi ndicho cirevo chokudoma zvaidokwairirwa kuti zviitwe (AORIST ACTIVE IMPERATIVE). Ndiyo zadziso yechiporofita chaZekariya. 13:7 (cf. Mateu. 26:31; Johani. 16:32).

18:9” kuti shoko raakareva riitike” Izvi zvinoita sokuti zvinoreva Johani. 16:32, asiwo Johani. 17:12 inotaurwawo apa.

18:10 “zvino Simoni Petirosi, akanga anomunondo, akauvhomora akatema muranda womupirista mukuru, akamugura nzeve yorudzyi” Petirosi akanga asingadi kumutema nzeve, asi kuti aitoda kumugura musoro! Izvi zvinoratidza kuti Petirosi aida kufira Jesu. Zvakaitwa naPetirosi izvi zvinogona kunge zvakabva pakusanzwisisa zvakataurwa naJesu munaRuka. 22:36-38. MunaRuka. 22:51 tinoudzwa kuti Jesu akaporesa nzeve yomurume uyu nokuibata.

▣ **“zita romuranda uyu rainzi Marikosi”** Johani chete ndiye anotaure zita rake mumutsara uno. Izvi zvinoratidza kunyora kwoakaona zvaanonyora. Munyori wevhangeri yaJohani aivawo mubindu!

18:11” mukombe” iri idimikira rinoshandiswa mutestamende yekare richireva kwakananga upenyu hwomunhu, rinowanoshandiswa nechirevo chezvisina kunaka (cf. Mapisarema. 11:6; 60:3; 75:8; Isaya. 51:17, 22; Jeremiya. 25:15, 16, 27-28).

Zvivakamutauro zvemibvunzo yaJesu zvinotarisa mhinduro yokuti” hongu.”Petirosi arimubishi rokuita somunhu anoziva zvinofanira kuitwa (cf. Mateu. 16:22; naJohani. 13:8).

Kushandiswa kwezwi rokuti” mukombe” pano kunosiyana nokushandiswa kwaro muvhangeri nhatu dzokutanga umo munoyorwa nezvokushungurudzika kwaJesu mubindu reGetsemani. KunaJohani, Jesu aripamusoro pezvirikuitika zvose!Johani anonyora nezvaJesu anozvivimba, kwete anoty (cf. ndima. 4; 13:1, 11) !

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :18:12-14

¹²Zvino boka ravarwi, nomukuru wechiuru chezana, navatariri vavaJudha vakabata Jesu, vakamusunga¹³vakatanga kumuisa kunaAnasi; nokuti akanga ari tezvara waKaifasi, aiva mupirista mukuru gore iro.

¹⁴Zvino Kaifasi ndiye akanga apa vaJudha zano, kuti zviri nane kuti mumunhu mumwe afire vanhu vose.

18:12

NASB “Boka ravarwi nomukuru wechiuru chezana”

NKJV “Boka ravarwi nomukuru wechiuru chezana”

NRSV “Varwi nomukuru wechiuru chezana”

TEV “Varwi vechiRoma nomukuru wavo”

NJB “Boka ravarwi nomukuru waro”

Mazita anoshandiswa kutsanangudza mapoka emauto evaRoma anotorwa kubva pahuwandu hwemauto anenge aripo.

1. Boka—zvinoreva chikwata chemauto anosvika mazana matanhatu (cf. ndima. 3)

2. Kutu Mukuru—kunotsanangura mauto kubva pachuru chimwe (*chilliarth*, kureva., Mabasa. 21:31; 22:24; 23:10; 24:7)

Mazita aya haarevi huwandu hwemauto akasunga Jesu. MuParastina tsanangudzo yepiri yaingoreva mukuru wekachikwata kadiki kemauto/varwi.

▣ **“vakamusunga”** Izvi hazvirevi kuti vakanga vachitya Jesu, asi zvinoita sokuti ndiwo maitirwo aitiwa zvinhu (cf. ndima. 24).

18:13 “vakatanga kumuisa kunaAnasi” Pane nhaurwa huru kwazvo pamusoro pomuronga wekutongwa uku pamberi paAnasi naKaifasi. Vhangeri nhatu dzokutanga hadzinyori nezvokusangana naAnasi. Ndima. 24 noita sokuva chinyorwa chomujinga muvhangeri yaJohani, asi inotori chikamu chenhoroondo yokutongwa kwaJesu muvhangeri nhatu dzokutanga (cf. Mateu. 26:57; Mako. 14:53).

Mutestamende yekare kuva mupirista mukuru kwaiva kwoupenyu hwose uye kuti munhu ave mupirista aifanira kuva wedzinza raAroni. Zvisinei, vaRoma vakanga vashandura chigaro vakachiita chokupa mikana yechouviri munezvematomongerwo enyika, chichitengwa nemhuri yevaRevhi. Mupirista mukuru ndiye aiva nesimba pamusoro pezvaitengeswa munhandare yemadzimai mutemberi. Kucheneswa kwetemberi neJesu kwakatsamwisa mhuri iyi zvikuru.

Sokunyora kwaFlavius Josephus, Anasi aiva mupirista mukuru kubva mugore raA. D. 6 kusvika gore raA. D. 14. Akanga agadzwa pachigaro ichi naQuirinius, mutongi weSiriya uye akazobviswa naValerius Gratus. Hama dzake (vanakomana vake vashanu nemuzukuru mumwe) ndivo vakamugara nhaka. Kaifasi (A. D. 18-36), mukwasha wake (cf. Johani. 18:13, ndiye aiva achizomugara nhaka. Anasi ndiye aiva namasimba chaiwo echigaro. Johani anomudoma saiye akatanga kuendeserwa Jesu (cf. 18:13, 19-22).

18:14 “Iyi ndiyo imwezve wedzero yakaitwa naJohani, semundima. 15 na18.

▣ **“Kaifasi”** Nyaya inoita kuti Johani anyore pamusoro paKaifasi ndeyokuti ndiye akanga aporofita mukusaziva nezvokufa kwaJesu (cf. 11:50). Kaifasi aiva mukuwasha waAnasi uye ndiye akava mupirista mukuru kubva gore raA. D. 18 kusvika A. D. 36. Tarira chinyorwa pa11:49.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) : 18:15-18

¹⁵Zvino Simoni Petiroso akanga achitevera Jesu, nomumwe mudzidziwo. Mudzidzi uyu aizivikanwa nomupirista mukuru, akapinda naJesu muruvazhe rwomupirista mukuru. ¹⁶Asi Petiroso akanga amire panze pamusuo. Zvino uya mumwe mudzidzi, aizivikzwa nomupirista mukuru, akabuda akataura nomurindi womusuo, akapinza Petiroso. ¹⁷Zvino musikana, wairinda musuo, akati kuna Petiroso, “Newewo uri mumwe wavadzidzi vomunhu uyu here?” Akati, “Handisati.”¹⁸ Zvino varanda navatariri vakanga vamirepo, vambovesa moto wamazimbe, nokuti kwaitonhora ; vakadziya moto. NaPetiroso akamirawo navo achidziya moto.

18:15 “Simoni Petiroso akanga achitevera Jesu, nomumwe mudzidziwo.”Pane nhaurwa huru kwazvo pamusoro pokuti uyu mudzidzi aimbova ani.

1. Mafungiro agara aripo ndewokuti mudzidzi uyu ndiJohani mupositori nokuda kwemutsara mumwechetewo uyo unoshandiswa kureva iye muna20:2, 3, 4, nemundima. 8. Uyewo imwe sungano iri munaJohani. 19:25, iyo inodoma amai vaJohani, avo vanogona kuva mukoma waMaria, izvo zvinogona kurevawo kuti aiva murevhi uye, naizvozvo, aibva kumhuri youPirista (cf. mhupuro yaPolycarp).

2. Uyu anogona kunge aivawo mumwe wevateveri vasina kudomwa saNikodhimo kana Josefa weArimatiya nokuda kwoukama hwavo nomupirista mukuru nemhuri yake (cf. ndima. 15-16).

▣ **“Mudzidzi uyu aizivikanwa nomupirista mukuru”** Ichi ndicho chirevo chakadzama chokureva “kuzivana” uye chinoita sokuti chinoreva “ushamwari hwepedo” (cf. Ruka. 2:44 na23:49). Kana ari Johani, izvi zvinogona kureva bhindauro rake rokuredza iro raiita kuti mhuri yake iunze hove kuJerusarema nguva dzose.

18:17 “Zvino musikana wairinda musuo, akati kuna Petirosi, “Newewo uri mumwe wavadzidzi vomunhu uyu here’ “Chimiro chechivakamutauro ichi, sendima. 25, chinotarira mhinduro yokuti “kwete.”Mutauriro uyu unoratidza kuzvidza kwaitwa navanhu ava nokusashandisa zita raJesu. Muaikana uyu anogona kunge akabvunza mubvunzo uyu nokuda kwe (1) kweushamwari hwaPetirosi naJohani kana (2) rurimi rwaPetirosi rwechiGaririya.

▣ **“Handisati”** Petirosi aigona kunge aiva akazvipira kufira Jesu, asi akanga asina kugadzirira kupa mhinduro yechokwadi kumubvunzo wemusikana uyu! Muvhangeri nhatu dzokutanga, kuramba rutatu uku kwakaiswa panzvimbo imwechete, asi muvhangeri yaJohani, kunosiyaniswa nokubvunzurudzwa kwaJesu naAnasi (cf. ndima. 24).

Mutsara waPetirosi wokuzvidoma wokuti “Handisati” unopikisa kwazvo kwazvo waJesu wokuti “ndini”

18:18 Nyaya iyi inotsanangurwa yakadzama inoitwa noakaona chiitiko. Dzose ndima. 18 na25, dzinoshandisa mitsara inopoterera yokureva zvaitwa (PERIPHRASTIC IMPERFECTS).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :18:19-24

¹⁹Zvino mupirista mukuru akabvunza Jesu zvavadzidzi vake, nezvokudzidzisa kwake. ²⁰ Jesu akamupindura, akati, “Ndaitaura pachena kunyika; ndaidzidzisa nguva dzose mumaSinagoge nomutemberi, panoungana vaJudha vose; handina kureva chinhu pakavanda. ²¹ “Munondibvunzireiko ini? Bvunzai ava vainzwa zvandaitaura kwavari; tarirai, ava vanoziwa zvandaireva.”²² Akati areva izvozvo, mumwe wavatariri, akanga amirepo, akarova Jesu noruoko, achiti, “Unopindura mupirista mukuru uchidaro nhai?” ²³ Jesu akamupindura, akati, “kana ndareva zvakaipa, pupura kuti zvakaipa ndezvipi; kana ndareva zvakanaka, wagondirovereiko?” ²⁴ Zvino Anasi akamutumira akasungwa kunaKaifasi, mupirista mukuru.

18:19 “Zvino mupirista mukuru akabvunza Jesu zvavadzidzi vake, nezvokudzidzisa kwake” Anorehwa pano ndiAnasi, kwete Kaifasi. Anasi ndiye aiva namasimba chaiwo echigaro choupirista. Akatonga kubva gore raA. D 6 Kusvika raA. D. 15. Akabva angogarwa nhaka nemukuwasha wake uye pava paya nevanakomana pamwe nevazukuru vake vashanu. Anasi, uyo aiva namasimba okuona zvokutenga nokutengesa mutemberi, aigona kunge aidawo zvikuru kubvunzurudza munhu uyu akanga achenesa temberi (rungava ruviri). Zvinoshamisa kuti Anasi akanga achida kuziva nezvevadzidzi vaJesu pamwe nedzidziso yake.

18:20 Ichowadi kuti Jesu akadzidzisa pachena. Zvisinei, ichokwadiwo kuti dzidziso yake zhinji yaive yakavanzika kuruzhinji (cf. Mako. 4:10-12). Nyaya chaiyo yaiva youpofu hwepaMweya kuna avo vaimuteerera.

Mashoko nenzira dzekudzidzisa dzaJesu dzinonyorwa nenzira dzakasiyana pakati pevhangeri nhatu dzokutanga nevhangeri yaJohani. Vhangeri nhatu dzokutanga hadzina mitsara yokuti “ndini” Jesu anodzidzisa nemienzaniso; Johani haana kunyora mienzaniso iyi. Zvinoita sokuti musiyano uyu unokonzerwa nokuti vhangeri nhatu dzokutanga dzinonyora kudzidzisa kwaJesu kuruzhinji iyiwo vhangeri yaJohani ichinyora kudzidzisa kwaJesu kuvashoma/vadzidzi.

18:21 “Munondibvunzireiko ini” Mundima. 20, Jesu anotaura nezvokudzidzisa pachena kweushumiri hwake. Jesu arikuburitsa pachena kuti mibvunzo iyi yakanga isiri pamutemo wechiJudha uye yaiva pamusoro penyaya yaizivikanwa nomunhu wose.

18:22 “mumwe wavatariri, akanga amirepo, akarova Jesu noruoko, achiti” Pamabviro aro izwi iri raireva kuti “kupamhura” kana “kurova neshamhu.” Rakazoreva kuti “kurova nembama.” Izvi zvinotsigirana naIsaya. 50:6. Jesu anoti kana areva zvakaipa, ngazvipupurwe kana zvisizvo aigorooverwei?

18:23 “kana...kana” Mitsara iyi ndiyo iya ineshongedzo yokuva yechokwadi pamaonero omunyori (FIRST CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Wokutanga ndewokudavira nhema dziripo. Jesu arikuti Anasi ngaaburitse humboo hwake.

18:24 Muronga wokutongwa uku unosunamidzwa muvhangeri nhatu dzokutanga.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :18:25-27

²⁵Zvino Simoni Petiroso akanga amirepo, achidziya moto. Vakati kwaari, “Newewo uri mumwe wavadzidzi vake here?” Akaramba, akati, “Handisati.”²⁶ Mumwe muranda womupirista mukuru, hama yowakanga agurwa nzeve naPetiroso, akati, “Ini handina kukuona unaye mumunda here?”

²⁷ Petiroso akarambazve. Pakarepo Jongwe rikarira.

18:26 “Mumwe muranda womupirista mukuru, hama yowakanga agurwa nzeve naPetiroso, akati” Muvhangeri dzose dziri ina mune kusawirirana panyaya yokuti ndiyani akabvunza Petiroso mubvunzo uyu.

1. Muvhangeri yaMako, mubvunzo wokutanga wakabvunzwa nomusikana (cf. Mako. 14:69)
2. Muvhangeri yaMateu, mubvunzo uyu wakabvunzwa nomumwewo muranda wechisikana (cf. Mateu. 26:71)
3. Muvhangeri yaRuka, wakabvunzwa nomunhurume
4. Muvhangeri yaJohani, mubvunzo uyu wakabvunzwa nomusikana airinda pamusuo pomupirista mukuru

Zviripachena kubva panhoroondo kuti mibvunzo iyi yakabvunzwa nomunhu mumwechete pamoto uye vamwe vakazodairirawo (cf. ndima. 18).

18:26 “ini handina kukuona unaye mumunda here” Uyu mubvunzo unosiyana zvikuru nemiviri iri mundima. 17 na 25, nokuti chimiro chechivakamutauro chawo chinotarisa mhinduro yokuti “hongu.”

18:27 “Petirosi akarambazve” Tinonzwisisa kubva muvhangeri yaMako. 14:71 neyaMateu. 26:74 kuti Petirosi akaramba nokutuka pamwe nokuratidza kutsamwa zvikuru.

▣ **“pakarepo jongwe rikarira”** Muronga wezviiitko uyu muvhangeri dzose dziri ina unoratidza kuti izvi zvakaitika pakati penguva dzegumi nembiri usiku nedzetatu mangwanani. VaJudha vaisabvumira huku munharaunda yakapoterredza guta reJerusarema, saka jongwe iri rinofanira kunge raiva revaRoma.

Ruka. 22:61 inoti panguva iyi Jesu akatarisa kunaPetirosi. Zvinonzi Anasi naKaifasi vaigara muimba imwechete uye vatariri vaitora Jesu kubva kunoonana naAnasi vachimuendesa kunoonana naKaifasi nedare guru ravaJudha (Sanhedrin). Ipo pakuendeswa apa ndipo panonzi Jesu akatarisa kunaPetirosi. Yose iyi ingori fungidziro nokuti hatina nhoroondo yomboo hwakakwana hwokuti tindeseke pamusoro pezvakaitika pakutongwa kwousiku uku.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :18:28-32

²⁸Zvino vakabva kunaKaifasi, vakaenda naJesu kuimba yomubati; aiva mangwanani. Asi ivo Havana kupinda mumba momubati, kuti varege kusvibiswa, kuti vagodya Pasika. ²⁹Ipapo Pirato akabudira kwavari, akati, “Munoti, munhu uyu anemhosva yeiko?” ³⁰Vakapindura, vakati, kwaari, “Dai munhu uyu asaiva mutadzi, tingadai tisina kumuisa kwamuri.”³¹ Zvino Pirato akati kwavari, “Chimutorai imi, mumutonge nomurayiro wenyu.”VaJudha vakati kwaari, “Hatina kutenderwa isu kuti tiuraye munhu; ³²kuti shoko raJesu raakareva riitike, achidudzira kufa kwaifanira kufa nako.

18:28

NASB, NKJV,

JB “Kuimba yomubati”

NRSV “Kumuzinda waPirato”

TEV “Kumuzinda womubati mukuru”

Iri ndiro izwi rechiLatin rokureva muzinda womubati mukuru waaigara kana ari muJerusarema. Iyi inogona kunge yaiva kamba yeAntonio, iyo yaiva pedo netemberi kana muzinda wamambo Herodhi.

NHAURWA INOKOSHA: MUCHENGETI WEPATEMBERI

Mabviro ezwi rokuti “imba yomubati mukuru, “ndookureva tende romutungamiri wemauto evaRoma (*praetor*), asi mushure menguva yokukunda kwevaRoma rakazoshandiswa nenzira yokureva muzinda kana paigara vakuru veuto kana vezvematongerwo enyika (cf. Mateu. 27:27; Johani. 18:28, 33; 19:9; Mabasa. 23:35).

Zvisinei, muchiRoma chemakore zana okutanga raishandiswa kureva vabati vakuru vehutongo hwevaRoma. Bande repamusoro remauto iri rakaumbwa naAugustus, asi rakazonanyanya kusimbiswa muRoma naTiberius. Vaiva

1. Vose venyembe yakaenzana, vatariri vevanezana
2. Vaiwana mugove wakapetwa ruviri
3. Vaiwaniswa chouviri chakasiyana nechevamwe
4. Vakazova namasimba zvokuti sarudzo yavo yeazitonga yairemekedzwa zvikuru.

Bande repamusoro rezvematongerwo enyika iri rakazoparadzwa panguva yaConstantine.

▣ **“aiva mangwanani”** Kubva pazvinyorwa zvavaRoma, tinoziva kuti vabati vechiRoma muParastina vaisangana padare ari mangwanani. Zviripachena kuti aiva mashambanzou, apo dare ravaJudha rakasangana kuti rinaturudze kutonga munhu usiku uko kwakanga kusiri pamutemo. Pakarepo vakabva vaendesa Jesu kuna Pirato.

▣ **“Havana kupinda mumba momubati kuti varege kusvibiswa”** Kupinda mumba momuhedheni kwaivasvibisa zvokuti vaizotadza kudya Pasika. Zvinoshamisa kuti vaitya nzira dzokupira zvikuru, asi vaisatya kuuraya munhu zvisiri pamutemo.

Ndima iyi ndiyo inounza kusanzwisisana kuripo pamusoro penhorondo yokusiyana pakati pevhangeri nhatu dzokutanga, idzo dzinoti Jesu akadya Pasika nevadzidzi vake (cf. Mateu. 26:17; Mako. 14:12; Ruka. 22:1), nevhangeri yaJohani, iyo inoti izvi zvakaitika zuva rakanga rapfuura (musi wechina), zuva rokugadzirira mabiko ePsika. Munzveri wemagwaro wesangano guru reKaturike, anozivikanwa zvikuru, uye anobvumirana nevhangeri yaJohani, anonzi Raymond Brown, anotaura zvinotevera mutsoropodzo yebhaibheri yeJoerome:

“kana muronga wezvakaitika, sokunyorwa kwawakaitwa mugwaro re’syn’ ukateverwa pasinga tarirwi waJohani, neziso reamonero” ezvenhorondo, “mivaravara inotevera –chinyorwa cheakaona uye aiziva munyorero wegwaro re ‘syn’ --panova nematambudziko asinga gadzirisike. Kana, norumwe rutivi tikabvuma kuti mhupuro yowakaona iyo inoumba vhangeri yaJohani, ndiyo iri pedo nenyaya chaiyo yezvakaitika kwete muronga wedonogodzo yegwaro re ‘syn,’ muvaravara uyu unobva wanzwisisika” (p. 458).

Panogonawo kuva nemazuva maviri okuitwa kwePasika, musi wechina pamwe nowechishanu. Pane rimwewo dambudziko rokuti izwi rokuti “Pasika” rinogona kushandiswa kureva mutambo wezuva rimwechete uye nemutambo wemazuva manomwe (Pasika yakabatanidzwa nokudya chingwa chisina mbiriso, cf. Ekisodho. 12).

▣ **“kuti vagodya Pasika”** Pachine matambudziko anechokuita nenyaya yezuva chairo rekudya kwekupedzisira kwemanheru. Vhangeri nhatu dzokutanga dzinoita sokuti dzinoreva chidyo chePasika, asi Johani anodenengudza kuti raiva zuva rokunge chidyo chePasika chisati chadyiwa (cf. Johani. 19:14 pamwe nendima iyoyi). Mhinduro inogona kuva mu

1. Nyaya yokuti izwi rokuti “Pasika” rinogona kureva vhiki, chidyo kana Sabata inokosha
2. Nyaya yokuti mamwe mapoka evaJudha (seavo vaidzidzisa zvokusafarira zvepanyika ‘essenese’) vaitevara mazuva okutarisa mwedzi kubva mugwaro reayo akanyorwa pamazuva ari pakati petestamende yekare neitsva rinonzi, Jubilees.
3. Nyaya yokuvapo kwou” nyambiri wezvirevo “zvaJohani inotura Jesu sehwayana yePasika (1:29), iyo yakabayirwa zuva rimwe pasika isati yaitwa

18:29 Mwari akashandisa Pirato nenzira imwecheteyo yaakashandisa Farao munaEkisodho. Pirato akasarudzwa kuti ave mubati mukuru weJudhea nomutongi ainzi Tiberius mugore ra A. D. 26. Akanga achitsiva Valerius Gratus (uyo akanga abvisa Anasi pachigaro chokuva mupirista mukuru). Pirato aiva mubati wechiRoma wechishanu. Aibata muutongo hwa Achelaus (mwanakomana wamambo Herodhi), uhwo hwaisanganisira Samariya, Judhea, Gaza negungwa reDead sea. Horokodzwa zhinji pamusoro paPirato tinoiwana muzvinyorwa zva Flavius Josephus.

NHAURWA INOKOSHA :PIRATO

- I. Iye mbune
 - A. Kwaakaberekerwa negore raakaberekwa harizivikanwi
 - B. Aiva wemhuri dzainge dzakabuduirira muRoma
 - C. Aiva nomudzimai asi vana vake Havana kutaurwa nezvavo
 - D. Kusarudzwa semutungamiri pamazuva ake akare (kunofanira kunge kwaivapo) asi hakuzivikanwi
- II. Chimiro chake
 - A. Maonero maviri
 1. Philo (*legatio naGaium*, 299-305) naJosephus (*Antiq.* 18. 3. 1 nezvinyorwa zvehondo dzavaJudha zvinomuti aiva mutongi aiva noutsinye asina tsitsi.
 2. Testamende itsva (dzivhangeri, Mabasa) dzinoti aiva mubati aiva asina kusimba uye achishandisika.
 - B. vaPaul Barnet, muchinyorwa chavo chinonzi, Jesu nokutanga kwechiKristu chemazuva okutanga, *Jesus and the rise of Early Christianity*, pp. 143-148, “vanopa tsanangdzo inotambirika yemaonero maviri aya.
 1. Pirate haana kusarudzwa kuva mubati mugore ra A. D. 26 naTiberius uyo aifarira vaJudha (cf. Philo, *Legatio naGaium*, 160-161) asi norubatsiro rwa Sejanus, mubatsiri waTiberius mukuru uyo aivenga vaJudha.
 2. Tiberius akarasikirwa nemasimba akawanda zvikuru achitorwa na L. Aelius Sejanus uyo aiva mutungamiri wevabati vakuru vake uyewo akazova namasimba makuru kwazvo echigaro choushe uye aivenga vaJudha (Philo, *Legation a Gaium*, 159-160).
 3. Pirato aishandiswa zvikuru naSejanus zvokuti aiedza napose kumufadza
 - a. Kuunza muitiro wavaRoma muJerusarema (A. D. 26), izvo zvakanga zvisina kunge zvamboitwa navamwe vabati vakuru vose. Zviumbwa zvavamwari vechiRoma izvi zvakanyangadza vaJudha zvikuru (cf. Zvinyorwa zvaJosephus zvinonzi, 'Antiq.'18. 3. 1; *hondo dzevaJudha*. 2. 9. 2-3).
 - b. Akagadzira mari yemusho wesirivheri nendarama (A. D. 29-31) uyo waiva wkanyorwa mifananidzo yezvainamatwa navaRoma. Josephus anoti aiedza zvikuru kuparadza mirayiro netsika dzevaJudha (cf. Josephus, gwaro re*Antiq.* 18. 4. 1-2).
 - c. Kutora mari muhomwe yetemberi achivaka kanari yemvura muJerusarema (cf. Josephus, gwaro re*Antiq.*, 18. 3. 2; *hondo dzevaJudha*. 2. 9. 3).
 - d. Akaita kuti vaGaririya vakawanda vaurawe apo vainge vachipira chibayiro musi wePasika muJerusarema.
 - e. Akaunza nhovo dzevaRoma muJerusarema mugore raA. D. 31. Mwanakomana wamambo Herodhi akakumbirisa kuti dzibviswe asi iye akaramba, naizvozvo vakazonyorera kunaTiberius, uyo akazoita kuti dzibviswe dzichidzororwa kuKiseriya nengarava (cf. Philo, mugwaro rinonzi, *Legatio na Gaium*, 299-305).
 - f. Akaita kuti vaSamariya vazhinji vaurawe pagomo reGerizimu (A. D. 36/37) apo vaitsvaka zviumbwa zvinoera zvechinamoto chavo, izvo zvakanga zvarasika. Izvi zvakakonzero kuti mukuruwaPirato (Vitellius,

mubati mukuru wedunhu reSiriya) amubvise pachigaro achimutumira kuRoma (cf. Josephus, mugwaro re*Antiq*, 18. 4. 1-2).

4. Sejanus akazourawa mugore raA. D. 31 uyewo uyu Tiberius akadzorera masimba ake okutonga; naizvozvo tsanagudzo dzinoti yokutanga kusvika pane yechina dzinogona kureva zvakaitwa naPirato achiedza kufadza Sejanus; tsanangudzo dzinoti yechishanu neyechitanhatu dzinogona kunge dzaitirwa kuedza kufadza Tiberius, asi dzinogona kunge dzakazomudzokera.
5. Zviripachena nokuvapo kwomutongi aifarira vaJudha, pamwe netsamba yakanga yabva kuna Tiberius yokuti vaJudha varerutsirwe (cf. Philo, mugwaro relegation *naGaium*, 160-1610, kuti vakuru vevaJudha muJerusarema vakashandisa mukana wokusava nesimba kwaPirato ari pasi paTiberius, vakamuita kuti abvumire kuroverwa kwaJesu. Mafungiro aya anoitwa navaBarnet anounza maonerwo maviri aPirato nenzira inotambirika.

III. Zvakazoitika kwaari

- A. Akazodanwa kuRoma ndokusvika chinguvana mushure mokufa kwaTiberius (A. D. 37).
- B. Haana kuzosarudzwa kuti ave mubati.
- C. Hapana chinozivikanwa nezvopenyu hwake mushure mezvizvi. Panotaurwa zvakawanda zvopenyu hwake mushure mezvizvi asi hapana zvinoumboo chahwo.

18:30 “dai munhu uyu aisaiva mutadzi tingadai tisina kumuisa kwamuri” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva chokwadi nokudoma zvinopikisa (SECOND CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Jesu akanga asiri mutadzi. Uyu waiva mutauro wechibhende kunaPirato uyo airamba kutambira tsanziridzo yokutsvaka tumhosva tunechokuita nechinamoto iyo yayitwa nevaJudha.

Izwi rechiito iri rokuti” kumuisa” ndiro rimwechetro rinowanzoshandurudzwa richinzi “kupandukira” kana richishandiswa kureva Judhasi (cf. 6:64, 71; 12:4; 13:2, 11, 21; 18:2, 5). Izwi iri kwazvo kwazvo rinoreva kuti “kuisa munhu kuvakuru” kana “kuita mutambidzanwa wetsika.”Kana richitaurwa maringe naJudhasi mururrimi rwechirungu, izwi iri rinova nechirevo chakadzama kuvashanduruzi.

18:31 “hatina kutenderwa isu kuti tiuraye munhu” Vakuru vevaJudha vakanga vavaJesu mhosva yokuzvidza, asi vakashandisa mhosva yokumukira hurumende kuti aurawe nevaRoma. Kutu Jesu aroverwe chaiva chinhu chakakosha kuvaJudha nokuda kwaDhuteronomi. 21:23 (kureva., kuroverwa pamuchinjiko kwainziwisiswa navaRabhi vamakore zana okutanga senzira yokureva kutukwa naMwari). Jesu akanga ambozvitaure mundima. 32; 3:14; 8:28; 12:32, 33; navaGaratiya. 3:13.

18:32 “achidudzira kufa kwaifanira kufa nako” Ko ivo vakuru vevaJudha vaidireiko kuti Jesu aroverwe? Zviripachena kubva munaMabasa. 17 kuti vaiuraya vanhu vanenge vazvidza nokutaka namabwe pakarepo. Pamwe izvi zvinechokuita nechituko chaMwari chemunaDhuteronomi. 21:22-23. Pamabviro izvi zvaireva kuisa munembo mushure mokufa asi vaRanhi venguva iyi vaipirikira ndima iyi kuti ireve kurovera pamuchinjiko kwavaRoma. Vaida kuti Jesu, iye aiedzesera kuvaMesiasi kuti atukwe naMwari. Iri ndiro raiva zano raMwari rokudzikinura vatadzi. Jesu, hwayana yaMwari (kureva., 1:29), akazvipira sorutsivo9cf. Isaya. 53; 2vaKorinde. 5:21). Jesu akava “chituko” chedu (cf. 3:13).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :18:33-38a

³³ **Zvino Pirato akapindazve mumba yomubati, akadana Jesu, akati kwaari, “Ndiwe mambo wavaJudha here?”**

³⁴ **Jesu akapindura, akati, “Unozvireva izvi pachako here, kana wazviudzwa navamwe pamusoro pangu?”** ³⁵ **Pirato akapindura akati, “Ini ndiri muJudha su? Rudzi rwako navaPirista vakuru vakakuisa kwandiri; waiteiko?”** ³⁶ **Jesu akapindura akati, “kana Ushe hwangu hwaiva hwenyika ino, varanda vangu vangadai vairwa, kuti ndirege kuiswa kuvaJudha; asi zvino Ushe hwangu hahusi hwapano.”**

³⁷ **Ipapo Pirato akati kwaari, “Iwe uri mambo su?”** Jesu akati, “Unoreva iwe kuti ndiri mambo. Ndakaberekerwa izvo, ndakauyira izvozvo panyika, kuti ndipupure chokwadi. Mumwe nomumwe wechokwadi anonzwa izwi rangu.”

³⁸ **Ipapo Pirato akati kwaari, “Chokwadi chinyiko?”**

18:33 “mumba yomubati” Tarira nhaurwa inokosha pa 18:28

▣ **“ndiwe mambo wavaJudha here”** Jesu akapomerwa mhosva yokupandukira hurumende (cf. Mateu. 27:11; Mako. 15:2; Ruka. 23:2 naJohani. 19:3, 12, 15, 19-22).

18:34 “Jesu akapindura akati, ‘Unozvireva izvi pachako here, kana wazviudzwa navamwe pamusoro pangu” Kana Pirato akanga achibvunza mubvunzo maringe nezvinechokuita noushe hwepanyika, Jesu aizoramba nyaya iyoyo. Kana vaJudha vakanga vareva izvozvo, saka zvaireva zvaireva uMesiasi hwake uye Jesu aizozvibvuma. Zviripachena kuti Pirato akanga asingadi kutaura nezvehukorokodzwa hwechinamoto chechiJudha (cf. ndima. 35).

18:35 Mubvunzo wokutanga unotarisisira mhinduro yokuti “kwete.”Pirato arikuratidza kuti anotarisisira pasi chinamoto chechiJudha.

18:36 “kana ushe hwangu hwaiva hwenyika ino, varanda vangu vangadai vairwa “Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva chokwadi nokudoma zvinopikisa (SECOND CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Unofanira kushandurudzwa uchinzi “kana ushe hwangu hwaiva hwenyika ino, zvino hahusi, saka varanda vangu vangadai vairwa, izvo zvavasiri kuita.”Mutsara wokuti “varanda vangu” unogona kureva (1) vadzidzi kana (2) ngirozi (cf. Mateu. 26:53).

18:37 “ipapo Pirato akati kwaari, ‘iwe uri mambo su? ‘ “Idzi ndidzo ndyaringo dzkadzama dzkabuda mukawanda mouyu aimiririra masimba epanyika (kureva., Roma), achibvunza Jesu pamwe namasimba ake outongo hweMweya. Mubvunzo uyu unotarisisira mhinduro yokuti “hongu.”

▣ **“unoreva iwe kuti ndiri mambo. Ndakaberekerwa izvo, ndakauyira izvozvo panyika”** Mutsara wokutanga wakaoma kushandurudzwa nokuti unoreva zvakanwanda. Uku kubvuma kune zvimiso (cf. Mateu. 15:2; Ruka. 23:3). Jesu aiziva kuti iye aiva ani (zvirevanguva zviriri zvinoreva zvakanwanda zvine zviripo ‘TWO PERFECT TENSE VERBS’), uye nokuti akanga auyirei (cf. Johani. 13:1, 3’Mako. 10:45; Ruka. 2:49; Mateu. 16:22ff). Pirato haaikwanisa kunzwisisa!

▣ **“ndakaberekerwa izvo”** Jesu arikureva basa rake rokuratidza Baba (kureva., “kupupura chokwadi”). Kwazvo kwazvo pane zvinangwa zvitatu zvakaingwa naJesu

1. Kuratidza zvakazara maitiro nechinangwa chaMwari (cf. 1:18; 3:32)
2. Kufa sehwayana isina mhosva yaMwari nokubvisa zvivi zvenyika (cf. 1:29)
3. Kuratidza vatendi muenzaniso wokurarama nokufadza Mwari

▣ **“mumwe nomumwe wechokwadi anonzwa izwi rangu”** Ndinonyanya kubatwa nezwi rokuti “mumwe nomumwe, ““ani zvake, ““ani naani, “nouwandu hwavo” ! Mwari arikuzadzisa zvakarehwa munaGenesi. 3:15 munaKristu. Jesu anodzoredza mufananidzo waMwari uyo wakakanganiswa nokutadza kwevanhu. Kuwadzana kwepauzima kwemandiriri kwavakugonekazve! Kuwadzana kwadzoredzwa zvino (kuitka kwemugumo).

Avo chete vane nzeve nameso eMweya (kureva., 10:3, 16, 27; 18:37) ndivo vanogona kunzwisisa chokwadi (cf. Mateu. 11:15; 13:9, 16, 43; Mako. 4:9, 23; Ruka. 8:8; 10:23, 24; 14:35; Zvakazarurwa. 2:7, 11, 17, 29; 3:6, 13, 22). Jesu ndiye chokwadi (14:6) ! Paano taura vateveri vake vanonzwa (cf. 10:1-5). Muvhangeri yaJohani “kuona” kana “kunzwa” chokwadi kunofanana padzidziso yezvouMwari no” kugamuchira upenyu husingaperi.”

18:38 “ipapo Pirato akati kwaari, ‘chokwadi chinyi’ “Pirato anobvunza mubvunzo uyu, asi anobva aenda asina kupiwa mhinduro. Pirato aida kuva nechokwadi chokuti Jesu akanga asingazokonzeri dambudziko kuhurumende yevaRoma. Izvi akazviita. Zvino akaedza kuita kuti Jesu aregerwe sezvaireva tsika dzavaJudha pazuva iri renguva yemwaka wePasika (cf. ndima. 39; Mateu. 27:15). Johani ari kunyora, sezvakaitwa naRuka, achiratidza kuti chiKristu chaknaga chisingakanganisi hutongo hwevaRoma (kureva., 18:38b; 19:4; Ruka. 23:4, 14, 22).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :18:38b-40

^{38b}**Akati areva izvozvi, akabudirazve kuvaJudha, akati kwavari, “Ini handiwani mhosva kwaari. ³⁹ Asi imi mune tsika yokuti ndikusunungurirei mumwe nePasika; zvino munoda kuti ndikusunungurirei mambo wevaJudha here?”**

⁴⁰**Ipapo vakadanidzira vose, vachiti, “Munhu uyu kwete, asi BNharabhasi!” Zvino Bharabhasi akanga ari gororo.**

18:39 “mune tsika” Izvi zvinotsanangurwa munaMateu. 27:15 naRuka. 23:17 (asi hazvizivkanwi muzvinyorwa zvenhoroondo kunze kwetestamende itsva).

18:40 “ipapo vakadanidzira vose, vachiti, ‘kwete munhu uyu asi Bharabhasi’ “Pano pane ndyaringo dzinoshamisa dzokuti Bharabhasi aiva nhengo yebato remapindikiti uye ndiye aitova nemhosva yaipomerwa Jesu (cf. Mako. 15:7; Ruka. 23:19, 25). Zviripachena kuti ruzhinji urwu rwakanga rwauya kuzotsigira gamba ravo (Bharabhasi). Vakuru vevaJudha vakangotorawo mukana uyu kuti navowo vakwanise kubata Jesu nemhosva (cf. Mako. 15:11).

Pane ndyaringowo dzokuti zita rokuti Bharabhasi rinoreva kuti “mwanakomana wababa.”Johani anoita dambe nemazwi aya muvhangeri yake yose. Ruzhinji rwaida kuti “mwanakomana wababa” asunungurwe kunze kwokusunungurwa kwe” Mwanakomana waBaba.”Zvokwadi rima rauya zvakakwana!

MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Sei Jesu akaenda kunzvimbo yaaiziva kuti Judhasi aizomuwanako?
2. Sei Johani asinganyori zvokushungurudzika kwaJesu muGetsemani?
3. Sei dare guru ravaJudha rakaendesa Jesu kuna Pirato?
4. Sei muronga wezviitiko pakati pevhangeri yaJohgani nevhangeri nhatu dzokutanga uchivhiringa?
5. Sei Johani achiratidza sokuti Pirati aida kusunungura Jesu?

JOHANI 19

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Jesu anotongerwa rufu	Yarwi vanosvoveredza Jesu		Jesu anotongerwa rufu	Jesu pamberi paPirato
18 ; 38b - 19 : 16a		18 : 38b - 19 : 7	18 : 38b - 19 : 16	18 : 28 - 19 : 11
18 : 38b - 19 : 16a		18 : 3b - 19 : 7	18 : 40 - 19 : 3	18 : 33 - 19 : 3
	19 : 1 - 4			
	Rutemo rwaPirato		19 : 4 - 5	19 : 4 - 7
	19 : 5 - 16		19 : 6a 19 : 6b 19 : 7	
19 : 8 - 12		19 : 8 - 12	19 : 8 - 9 19 : 9b - 10 19 : 11	19 : 8 - 11
			19:12	Jesu anotongerwa rufu
19 : 13 -16a		19 : 13 - 16a	19 : 13 - 14	19 : 12 - 16a
			19 : 15a 19 : 15b 19 : 15c 19 : 16a	
Kuroverwa kwaJesu	Mambo pamuchinjiko		Jesu anoroverwa	Kuroverwa
19 : 16b - 22	19 : 17 - 24	19 : 16b - 25a	19 : 16b - 21	19 : 16b - 22
			19:22	Nguodza Jesu dzino govanwa
19 : 23 - 27			19 : 23 - 24	19 ; 23 - 24
	Tarira maiVako			Jesu namai vake
	19 : 25 - 27	19 : 25b - 27	19 : 25 -26 19:27	19 : 25 - 27
Kufa kwaJesu	Zvapera		Kufa kwaJesu	Kufa kwaJesu
19 : 28 - 30	19 : 28 -30	19 : 28 - 30	19:28	19:28
			19 : 29 - 30a 19 : 30b	19 : 29 -30

Kubaiwa kunerutivi rwaJesu 19: 31 - 37	Rutivi rwaJesu runobaiwa 19 : 31 - 37	19 : 31 - 37	Rutivi rwaJesu runobaiwa 19 : 31 - 37	Rutivi rwabaiwa 19 :31 - 37
Kuvigwa kwaJesu 19 : 38 - 42	Jesu anovigwa mubhiro hwaJosefa 19 : 38 - 42	19 : 38 - 42	Kuvigwa kwaJesu 19 : 38 - 42	Kuvigwa 19 : 38 - 42

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyorori. Ndiyozve hwaro hwekupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

DZIDO YEMITSARA NEMAZWI

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :19:1-7

¹ Zvino Pirato akatora Jesu, akamurova zvikuru. ² Varwi vakaruka ndaza yeminzwa, vakaiisa pamusoro wake, vakamupfekedza nguo tsvuku, ³ vakauya kwaari, vachiti, “kwaziwai, Mambo wavaJudha!” Vakamurova namaoko kuuso hwake.

⁴ Ipapo Pirato akabudazve, akati kwavari, “Tarirai, ndamubudisa kwamuri, muzive kuti handiwani mhosva kwaari.”⁵ Jesu akabuda, akadzikwa ndaza yeminzwa anenguo tsvuku. Pirato akati kwavari, “Tarirai munhu!” ⁶ Zvino vapirista vakati vachimuona vakadanidzira, vachiti, “Roverai pamuchinjiko, roverai pamuchinjiko!” Pirato akati kwavari, “Chimutorai imi, mumuovere pamuchinjiko; nokuti ini handiwani mhosva kwaari.”

⁷ VaJudha vakamupindura, vakati, “Isu tine murayiro, zvino nomurayiro wedu anofanira kufa, nokuti akazviita Mwanakomana waMwari.”

19:1 “Pirato akatora Jesu akamurova zvikuru “Huwandu hweshamhu dzaakarohwa haunyatsozivikanwi. Vasungwa vose vange vatongerwa rufu vairohwa. Kwaiva kuita kwakaipa zvikuru zvokuti vamwe vasungwa vaitourawa nako. Zisinei, muchirevo chechinyorwa chino

Piarto anoita sokuti akarova Jesu senzira yokufadza vaJudha kuti vabvume kuti asunungurwe (cf. Ruka. 23:16, 22; Johani. 19:12). Iyi inogona kuva zadziso yechiporofita chaIsaya. 53:5.

Kurova kwevaRoma uku kwaiva kwakaipa zvikuru zvokuti kwaingobvumirwa kuitwa kuna avo vaiva vasiri vaRoma. Chamboko chedehwe chakaiswa hwendefa dzemapfupa kana simbi ndicho chaishandiswa kurova munhu akakotamiswa uye maoko ake akasungwa. Huwandu hweshamhu hwakanga husinga rehwi kuti hwazova hwakadii. Izvi zvaiwanzotwa munhu asati aroverwa (cf. Livy XXXIII:36)

Vhangeri dzinoshandisa mazwi aksiyana okutsanangura kurohwa navaRoma uku.

1. Mateu. 27:26; Mako. 15:15—*phragelloō*, kutibura kana kurova zvikuru
2. Ruka. 23:16, 22—*paideuō*, pamabviro aro izwi iri raireva kuranga mwana (cf. vaHebheru. 12:6-7, 10), asi pano, semuna 2vaKorinde. 6:9, rinoreva kurova
3. Johani. 19:1—*mastigoō*, pamabviro aro izwi iri raiva zita retyava, Mateu. 10:17; 20:19; 23:34; Mabasa. 22:24-25; vaHebheru. 11:36

Mazwi aya anogona kufanana ose kana kuti anoreva mirovero miviri yakasiyana

- a. Kurohwa zvishoma naPirato
- b. Kurohwa zvikuru munhu asati aroverwa

19:2 “varwi vakaruka ndaza yeminzwa, vakaiisa pamusoro wake” Iyi yaiva nzira yokurwadzisa yokuti minzwa iyi yaizopota ichi dzvanyirirwa pahuma yaJesu. Zvisinei, zvinogoneka kwazvo kwazvo kuti ndaza iyi yaimirira inobwinya yemashizha emuchindwi, iyo yaivazve imwe nzira yokuzvidza Jesu saMambo (cf. Mateu. 27:27-31; Mako. 15:15-20).

Izwi rechiGiriki rokuti “ndaza” (*stephanos*) raishandiswa kureva mukombe waiwanikwa nomutambi anenge akunda kana ndaza yaipfekwa nomutongi mukuru

☐ **“vakamupfekedza nguo tsvuku”** Ruvara rutsvuku (*porphyros*) rwaiva chiratidzo choushe, muto waiitiswa ruvara urwu waidhura zvikuru, sezvo waigadzirwa nedemhe rehozwa. Ruvara rwakatsvukisisa ndirwo rwaipfekwa navabati vechiRoma (Mako. 15:17, 20). Muto wakatsvukisisa uyu waigadzirwa norukoko rwechipembenene chaiwanikwa pamuvanga. Chipfeko ichi chaifanana nezvipfeko zvitsvuku zvemadzimambo, asi kwazvo kwazvo chinogona kunge chaiva chipfeko chakapfumburuka chevabati vechiRoma (cf. Mateu. 27:28).

19:3

NASB “Vakauya kwaari, vachiti”

NKJV “Zvino vakati”

NRSV “Vakaramba vachiuya kwaari, vachiti”

TEV “Uye vakauya kwaari, vakati”

NJB “Vakaramba vachiuya kwaari, vachiti”

Izvi ndizvo zvirevanguva zvinoreva zvakaitwa izvi (IMPERFECT TENSES). Zviripachena kuti varwi ava vaipana mukana wokuita izvi mumwe nomumwe wavo. Kutsvinyirwa kwaiva kuzvidzwa kwevaJudha pachavo kupfuura Jesu pachake. Pamwe Pirato aida kuti izvi kuti vaJudha ava vanzwire Jesu tsistsi, asi hazvina kushanda.

Uyezve muvhangeri yaJohani mitsara yechiporofita inoiswa mukanwa mevavengi. Varwi ava vakataura zvinhu zvikuru zvaidarika kunzwisisa kwavo.

▣ **“vakamurova nemaoko kuuso hwake”** Pamabviro aro izwi iri raireva “kurova neshamhu.” Asi rakazoshandiswa kureva “kurova nembama.” Uku kurova kunogona kwainge kuri nzira yokutsvinyira kwete kurova chaiko.

19:4

NASB “Handiwani mhosva kwaari”

NKJV “Handiwani mhosva kwaari”

NRSV “Handiwaniri mhosva”

TEV “Handiwani mhosva yokumutonga nayo”

NJB “Handimuwani mhosva”

Chimwe chinangwa chaJohani chaiva chokuratidza kuti chiKristu chaisada kukanganisa hurumende yavaRoma kana vabati vayo. Johani anonyora kuti Pirato akaedza kusunungura Jesu nguva dzakawanda (cf. 18:38; 19:6; Ruka. 23:4, 14, 22).

19:5

NASB, NKJV “Tarirai, munhu!”

TEV, NET “Tarirai houno munhu!”

NRSV, NJB,

REB “Houno munhu”

Pane nzira dzakawanda dzokunzwisisa mutsara uyu.

1. Jesu akapfekedzwa samambo wemadunhurirwa
2. Jesu achirohwa senzira yokuti anzwirwe tsitsi
3. Kutsigira Zekariya. 6:12 (chirevo chokudoma Mesiasi chokuti” Davi”)
4. Kuzogamuchirwa pava paya kwaJesu somunhu (kureva., zvinopikisa maonero eavo vaisanganisa vhangeri nemafungiro avo panguva yaJohani)
5. Kuva nesungano nezita rechiAramaic rokuti “mwanakomana womunhu” *bar nasha* (chimwewo chirevo chokudoma Mesiasi chakavanzika)

19:6 “vakadanidzira vachiti, roverai pamuchinjiko, roverai pamuchinjiko!” “Nyaya yaiita kuti vakuru vevaJudha vadanidzire kuti Jesu aroverwe ndeyokuti vaida kuti chituko chomunaDhuteronomi. 21:23 chishande. Izvi ndizvo zvinogona kunge zvakaita kuti Pauro ave nokusagutsikana kuti Jesu weNazareta ndiye Mesiasi waMwari. Zvisinei, tinonzwa kubva munavaGaratiya. 3:13 kuti Jesu ndiye akatakura kutukwa kwedu pamuchinjiko (cf. vaKorose. 2:14).

▣ **“handiwani mhosva kwaari”** Pirato anotaura izvi katatu (cf. 18:38; 19:4).

19:7 “anofanira kufa nokuti akazviita mwanakomana waMwari” Jesu akati iye naMwari vaiva mumwe, Mwanakomana wake chaiye. VaJudha, avo vakanzwa mitsara yake iyi uye vakaziva chinangwa chayo, Havana kumbopokana kuti aireva kuva Mwari kwake (cf. 5:18; 8:53-59) ; 10:33). Mhosva chaiyo yaipiwa Jesu navaJudha ndeyokuzvidza 9cf. Mateu. 9:3; 26:65; Mako. 2:7; 14:64; Ruka. 5:21; Johani. 10:33, 36). Chirango chemhosva yokuzvidza chaiva chokutakwa namabwe (cf. Revhitiko. 24:16). Kana Jesu asiri zimukadzimu, Mwari akavapo kare, anofanira kutakwa namabwe!

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :19:8-12

⁸Zvino Pirato akati anzwa shoko iri, akanyanya kutya. ⁹ Akapindazve mumba momubati, akati kuna Jesu, “Uri wepiko?” Asi Jesu haana kumupindura.

¹⁰ Ipapo Pirato akati kwaari, “Hautauri neni here? Hauzivisu kuti ndine simba rokukusunungura, nesimba rokukurovera pamuchinjiko?” ¹¹ Jesu akapindura akati, “Haungatongovi nesimba pamusoro pangu, kana usina kuripiwa richibva kumusoro; naizvozvo akandiisa kwaari anezvivi zvinokunda zvako.”

¹² Zvino Pirato akatsvaka kumusunungura asi vaJudha vakadznidzira, vachiti, “kana mukusunungura munhu uyu, hamusi shamwari yaKesari; mumwe nomumwe anozviita mambo, anoramba Kesari.”

19:8 “zvino Pirato akati anzwa shoko iri akanyanya kutya” Mukadzi waPirato akanga atomukohomedza zvikuru pamusoro paJesu (cf. Mateu. 27:19), uye ikozvino vakuru vavaJudha vakanga vachiti akanga ati iye ndiye Mwanakomana waMwari. Pirato somunhu aitenda mapipi, akatya. Zvaivawo zvinhu zvaizivikanwa zvikuru kuti zvaigoneka kuti vamwari vetemberi dzevaRoma nevaGiriki vaigonawo kushanyira vanhu vari muchimiro chomunhu.

19:9

**NASB, NKJV,
NRSV “Uri wepi”
TEV, NJB,
NIV “Unobvepi”**

Pirato haasi kubvunza guta rakaberekerwa Jesu, asi mabviro ake. Pirato arikutanga kuona ukoshi hwemunhu ari pamberi pake. Jesu aiziva, kubva pamashoko akataurwa naPirato kuti akanga asinei nechokwadi asi aida zvokuzvinatsa munezvematongerwo enyika, naizvozvo haana kumupindura.

Pirato anovawo mumwe wevanhu vazhinji vanoyemura Jesu asi vasinganzwisise mabviro ake (cf. 4:12; 6:42; 7:27-28, 41-42; 8:14; 9:29-30). Ichi ndicho chimwe chikamu chounyambiri hwekudoma kumusoro hwaJohani. Jesu ndowekumusoro naizvovo hapana wepasi angagona kumuziva/nzwisisa/ona/kumunzwa pasina kubata kwaBaba (kureva., 6:44, 65; 10:29).

☐ “asi Jesu haana kumupindura” Pirato anofanira kunge akabva arangarira minduro yaJesu (cf. 18:37) ! Vamwe vanoona izvi sokuzadziswa kwaIsaya. 53:7.

19:10 “ndine simba rokukurovera” Pirato anoti iye aiva nesimba repanyika rokupa upenyu kana kuraya, asiwo anopa simba iri kugungano ravanhu vakanga vachiita bishapisha kuti vaite madiro avo. Chivakamutauro chomubvunzo waPirato chinotarisa mhinduro yokuti “hongu.”

19:11 “haungatongovi nesimba pamusoro pangu, kana usina kuripiwa richibva kumusoro” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokuburitsa chokwadi nokudoma zvinopikisa (SECOND CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Jesu aisatyiwa naPirato. Aiziva kuti Pirato aiva ani uye nokuti akanga aingei! Bhaibheri rinoti Mwari ndiye mubati wesimba rose ravanhu (cf. vaRoma. 13:1-7).

☐ “akandiisa kwaari ane zvivi zvinokunda zvako” Kana uchitanga kuverenga ndima iyi inoita sokuti inoreva Judhasi Isikarioti (cf. 6:64, 71; 13:11) asi vatsoropodzi vazhinji vanoti

inoreva Kaifasi, uyo akaendeswa Jesu kuvaRoma. Mutsara uyu unonzwiswa uchireva kuti (1) vakuru vevaJudha kana (2) vaJudha vose (cf. Mateu. 21:33-46; Mako. 12:1-12; Ruka. 20:9-19; vaRoma. 9-11).

19:12 “Pirato akatsvaka kumusunungura” Uyu mutsara unoreva zvakanga zvichiramba zvichiitwa (IMPERFECT TENSE). Akanga aedza kakawanda.

▣ **“kana mukasunungura munhu uyu, hamusi shamwari yaKesari”** Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuitika muneremangwana (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE). VaJudha vaipikira kuti vaizomhan’arira Pirato kuvakuru vake kuRoma kana akasaita zvavaida zvokutongerwa Jesu rufu. Mutsara wokuti “shamwari yaKesari” yaiva tsumo yokureva ruremekedzo rwaipihwa nomutongi weRoma (kutangira pana Augustus kana Vespasian).

Zita rokuti Kesari raiva rokureva mutongi mukuru wevaRoma. Rakabva pana Kesari (Julius) uye rakazoshandiswa naAugustus.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :19:13-16

¹³Zvino Pirato akati anzwa mashoko iwayo, akabudisa Jesu, akagara pachigaro chokutonga, panzvimbo yainzi “Pakarongwa naMabwe, “asi nechiHebheru “Gabhata.”

¹⁴ Zvino wakanga uri musi wokugadzirira Pasika ; yaiva nguva inenge yechitanhatu. Akati kuvaJudha, “Tarirai mambo wenyu!” ¹⁵ Ivo vakadanidzira, vachiti, “Bvisai, bvisai, mumurovere pamuchinjiko!” Pirato akati kwavari, “Ndorovera Mambo wenyu pamuchinjiko here?” vaPirista vakuru vakapindura, vachiti, “Hatina mambo, asi Kesari chete.”¹⁶ Ipapo akamuisa kwavari, kuti aroverwe pamuchinjiko.

19:13 “zvino Pirato akati anzwa mashoko iwayo, akabudisa Jesu, akagara pachigaro chokutonga” Chinyorwa ichi chinoreva zvakawanda pamusoro pokuti ndiani anogara pachigaro chokutonga. Shandurudzo dzose dziri mbiri yeWilliams neyeGoodspeed dzinoti ndiJesu pachake akagdzwapo senzira yokumutsvinyira samambo wavaJudha. Zvisinei, chirevo chechinyorwa chinonongedza Pirato, uyo akanga oda kupa mutongo.

▣

NASB, NKJV

NJB “Yainzi pakarongwa nemabwe, asi nechiHebheru, Gabhata”

NRSV “Yainzi pakarongwa namabwe, asi nechiHebheru, Gabhata”

TEV “Yainzi pakarongwa namabwe’ (nechiHebheru zita racho rinonzi ‘Gabhata’)

Kushandiswa kwemazwi echiHebheru nechiAramaic kunoratidza kuti Johani akanyorera vhangeri ino akainangisa kuvaHedheni (cf. ndima. 17). Iyo nzvimbo yaiva yakarongwa namabwe iyi ndiyo yaiva nzvimbo yokupira mitongo yavaRoma. Zita rechiAramaic rokuti *Gabbatha* raireva kuti “mabwe akaiswa pamusoro” kana kuti “nzvimbo yakasimukira.”

19:14 “zvino wakanga uri musi wokugadzirira Pasika” Pane kusiyana kuri pachena pakati pevhangeri yaJohani nevhangeri nhatu dzokutanga pamusoro penyaya yokudoma mazuva. Muvhangeri nhatu dzokutanga, Jesu anodya chidyo chePasika nevadzidzi vake asati asungwa (cf. Mako. 15:420, asi muvhangeri yaJohani kudya uku kunoitwa pazuva rokugadzirira Pasika. Tarira chinyorwa chakazara pa18:28.

▣ “yaiva nguva inenge yechitanhatu” Muronga wenguva yokutongwa kwaJesu pamwe nokuroverwa kwake naPirato, wakamira sezvizvi:

	MATEO	MAKO	RUKA	JOHANI
Mutongo waPirto				Nguva Dzenhanhatu 19:14
Kuroverawa		Nguva dzetatu 15:25		
Kwakava neRima	Kubva panguva dzenhanhatu kusvika panguva dzepfumbamwe 27:45	Kubva panguva dzenhanhatu kusvika dzepfumbamwe 15:33	Kubva panguva dzenhanhatu kusvika dzepfumbamwe 23:44	
Jesu akadanidzira	Nguva dzepfumbamwe 27:46	Nguva dzepfumbamwe 15:34		

Kana nguva idzi dzikaenzaniswa, panobuda nzira mbiri dzokupirikira.

1. Dzakafanana, Johani anoshandisa muronga wenguva wechiRoma, wokuverenga kubva panguva dzegumi nembiri masikati (cf. verenga bhuku ravaGleason. L. Archer rinonzi, duramazwi guru rezvakaoma zvemubhaibheri” *Encyclopedia of Bible Difficulties*, p. 364), uye vhangeri nhatu dzokutanga dzinoshandisa muronga wenguva wechiJudha, wokuverenga kubva panguva dzenhanhatu dzemangwanani.
2. Johani arikutaura nezveimwe nguva yokuroverwa kwaJesu, izvo zvinobva zvaburitsa musiyano uripo pakati pevhangeri yaJohani nevhangeri nhatu dzokutanga

Kubva munaJohani. 1:39 naJohani. 4:6, zvinoita sokuti anoshandisa muronga wenguva wechiJudha kwete wechiRoma (cf. verenga bhuku rava M. R. Vincent rinonzi, dzidzo yemazwi” *Word studies*, vol. 1, p. 403).

Mironga yenguva inogona kuva chiratidzo chikuru muvhangeri nokuti inesungano ne

1. Nguva yezvibayiro zvemisi yose mutemberi (nguva dzepfumbamwe mangwanani nenguva dzetatu madeuka zuva. cf. Mabasa. 2:15; 3:1)
2. Mushure menguva dzegumi nembiri masikati ndidzo dzaiva nguva dzibayiwa hwayana yePasika, pazuva rechigumi neina mumwedi wokutanga wechiJudha

Nokuda kwekuti Bhaibheri ibhuku akare rekumabvazuva, harinyanye kutarisa nyaya dzenguva sezvinoita magwaro ezvinyorwa zvenhorondo ekumadokero emazuva ano.

▣ “tarirai mambo wenyu” Sezvo ndima. 5 ichigona kuva inotsigirana naZekariya. 6:12, mutsara uyu unogonawo kuva unotsigirana naZekariya. 9:9 (verenga bhuku ravaF. F. Bruce, rinonzi, mhinduro dzemibvunzo” *Answers to Questions*, p. 72).

19:14 Mutsara wokutanga iwedzero yakaiswa nomunyori.

19:15 “bvisai, bvisai mumurovere pamuchinjiko!” Mutsara uyu unezvirevo zviviri zvezvaidokwairirwa kuti zviitwe (AORIST IMPERATIVES). Izwi remabviro rokuti “kurovera “raireva kuti “kusimudza” kana “kukudza” ; iyi inogona kuva nzira yaJohani yokuita dambe nemazwi achiaita kuti areve zvinhu zviviri (cf. 3:14; 8:28; 12:32).

▣ **“vapirista vakuru vakapindura vachiti, hatina mambo asi Kesari chete”** Ndyaringo dziri pano dzinokatyamadza. Vakuru vevaJudha ava vane mhosva yekuzvidza iyo yavaipomera Jesu. Mutestamende yekare Mwari chete ndiye Mambo wevanhu vake (cf. 1Samueri. 8).

19:16 “kwavari” MunaMateu. 27:26-27 naMako. 15:15-16, izwi rinesungano nezwi rinoreva zita rinodoma varwi vechiRoma. Muvhangeri yaJohani zvinogona kureva kuti Pirato akaendeswa Jesu kunavakuru vavaJudha nemhomho yaivapo kuti vaite zvavaida naye.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :19:17-22

¹⁷akabuda, achitakura muchinjiko wake, akaenda kunzvimbo yainzi, “Dehenya, “nechiHebheru ichinzi, “Gorogota, “¹⁸ pavakamurovera pamuchinjiko, navamwe vaviri naye, mumwe kune rumwe rutivi, mumwe kune rumwe rutivi, Jesu pakati. ¹⁹ Pirato akanyorawo rugwaro, pamuchinjiko; kwakanga kwakanyorwa kuchinzi, “JESU WENAZARETA, MAMBO WAWAJUDHA.”²⁰ Zvino vaJudha vazhinji vakarava rugwaro urwo; nokuti nzvimbo pakanga pakaroverwa Jesu pamuchinjiko yaiva pedyo neguta; rwakanga rwakanyorwa nechiHebheru, nechiRoma, nechiGiriki. ²¹ Ipapo vaPirista vakuru vavaJudha vakati kuna Pirato, “Musanyora muchiti, ‘Mambo wavaJudha, ’ asi kuti, ‘iye akati, ndiri mambo wavaJudha. ; “²² Pirato akapindura akati, “Zvandanyora, ndanyora.”

19:17 “achitakura muchinjiko wake” Hazvinyatsozivikanwa kuti muchinjiko waitarisika sei panguva yemakore zana okutanga muParastina; unogona kunge wainge wakaita sevara guru ra’T, ’vara diki ra ‘t’ kana kuita sechipingo’ X.’Pane dzimwe nguva vasungwa vakawanda vaigona kuroverwa paruhwaro rumwe rwemichinjiko. Chingava chitarisiko chipi zvacho chemuchinjiko, asi nyaya iripo ndeyokuti musungwa wese ainge abva mukurohwa aifanira kutakura chikamu chematanda aya achienda kwaazoroverwa (cf. Mateu. 27:32; Mako. 15:21; Ruka. 14:27; 23:26).

▣ **“nzvimbo yeDehenya, nechiHebheru ichinzi, Gorogota”** Chirevo chaicho chomutsara uyu hachinyatsozivikanwa. Izwi rechiHebheru nechiAramaic raisareva chikomo chakaita sedehenya, asi kachikomo kasina miti kaiva nechemunzira yaienda kuJerusarema. VaRoma vairivera vanhu senzira yokuvadziva kupandukira hurumende. Vanoita zvokuchera vamazuva ano havanyatsoziva chaipo paiva nemidhuri yeguta. Jesu akaurayirwa kunze kwemidhuri yeguta panzvimbo yaizivikanwa yokuurayira!

19:18 “pavakamurovera pamuchinjiko” Hapana chero vhangeri imwe zvayo inonyatsotsanangura zvakadzama pamusoro pokurovera kwacho chaiko kwaiitwa navaRoma. VaRoma vakanga vadzidzawo nzira iyi kubva kunorumwe rudzi rwainzi ‘Carthaginians, ’ urwo rwakanga rwadzidzawo kubva kumarudzi ekuPesia. Chero kutarisika kwemuchinjiko hakunyatsozivikanwi. Zvisinei, tinoziva kuti iyi yaiva nzira yokufa yairwadza zvikuru! Maitirwo aiva okurega munhu arimupenyu kwezvimazuva, achirwadziwa. Kufa kwaizowanzo konzerwa nokukachidzwa. Izvi zvaiitirwa kudziva vanhu kuti varege kupandukira hurumende yavaRoma.

▣ “nevamwe vaviri” Izvi zvakazadzisa chiporofita chaIsaya. 53:9, icho chakanyorwa munaMateu. 27:38; Mako. 15:27 naRuka. 23:33.

19:19 “Pirato akanyorawo rugwaro” Pirato anogna kunge akanyora mutsara worurememkedzo uyu (*titlon*) noruoko rwake uyo wakazonyorwawo nomumwe munhu pabhakani redanda. Vhangeri yaMateu inorudana kuti “mhosva yake” (*aitian*, cf. Mateu. 27:37), Ukuwo Mako naRuka vanorudana kuti rugwaro (*epigraphe*, cf. Mako. 15:26; Ruka. 23:38).

19:20 “rwakanyorwawo nechiRoma, nechiHebheru, nechiGiriki” kuti chi” Hebheru “zvinoreva kuti chiAramaic (cf. 5:2; 19:13, 17; 20:16; gwaro raJosephus rinonzi, *Antiq.* 2. 13. 1). Zvinokatyamadza kuti vhangeri dzinekusiyana kukuru pamusoro pemazwi akaiswa pamusoro pemuchinjiko achitsanagura mhosva yaJesu.

1. Mateu. 27:37—“Jesu uyu, Mambo wavaJudha”
2. Mako. 15:26—“Mambo wavaJudha”
3. Ruka. 23:38—“Uyu ndiye Mambo wavaJudha”
4. Johani. 19:19—“Jesu weNazareta, Mambo wavaJudha”

Tsanangudzo imwe neimwe yakasiyana nedzimwe, asi dzose dzinoreva zvimwechete. Izvi zvinofananawo netsanagudzo zhinji dzehorokodzwa yenhoroondo iri muvhangeri. Munyori woga wpga akanyora zvaairangarira nenzira yakasiyana nevamwe zvishoma, asi zvinyorwa izvi zvichiri zvimwechetezvo zvakanyorwa neavo vakaona.

Pirato aida kutsvinyira vaJudha nokuisa zita rimwechetero ravakanga vasingadi pamuchinjiko waJesu (cf. ndima. 21-22).

19:22 “zvandanyora, ndanyora” Apa pane mazwi maviri echiito anechirevanguva chokurevazvakaitwa zvine zvibereko zviripo (PERFECT TENSE VERBS) ayo anotsindikidza kupedziswa pamwe nokuguma kwezvainge zvanyorwa.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :19:23-25a

²³ Zvino varwi vakati varovera Jesu pamuchinjiko, vakatora nguo dzake, vakaita migove mina, murwi mumwe nomumwe mugove wake; nenguo yapasiwo. Zvino nguo iyi yakanga isina pakasonwa, asi yakanga yakarukwa yose kubva kumusoro kwayo. ²⁴ Zvino vakataurirana, vachiti, “Ngatirege kuibvarura, asi tikande mijenya pamusoro payo, tione kuti ichava yaani; “kuti rugwaro ruitike runoti, “Vakagovana nguo dzangu pakati pavo,

Vakakanda mijenya pamusoro pechokufuka change.”

²⁵ Ndizvo zvakaitwa navarwi.

19:23 “vakaita migove mina, murwi mumwe nomumwe wake” Varwi vakakandira nguo dzaJesu mijenya. Izvi zvinoreva nguo dzake dzokunze chete uye zvaigona kuitwa nenzira ina. Zvichireva shangu dzake, jira rokunamatira (*tallith*), mudya wake nenguo dzokunze. Hazvinyatso zivikanwa kana Jesu aiva nenguo yomumusoro. VaJudha vanogona kunga vakanyangadzwa nokuva musvo. Uku ndiko kuzadziswa kwechimwe chiporofita icho chinorehwa mundima. 24 (cf. Mapisarema. 22:18).

▣ **“nguo yapasiwo”** Nguo dzaJesu dzokunze dzinodomwa neizwi rinoreva huwandu rokuti *‘himatia.’* Nguo yake refu yomukati, ndiyo yaidanwa kuti nguo yapasi (*chitōn*). Musiyano uyu unoonekwa munaMateu. 5:40 naRuka. 6:29. Dhokasi aisona nguo dzose idzi (cf. Mabasa. 9:39).

VaJudha vemakore zana okutanga vaipfeka nguo yapasi yaidanwa kuti mufoyi. Jesu haana kubviswa nguo dzose.

Mutsara wokupedzisira wendima. 23 ndomumwe weimtsara yewedzero inoitwa nomunhu akagara naJesu.

▣ **“zvino nguo iyi yakanga isina pakasonwa, asi yakanga yakarukwa yose kubva kumusoro kwayo”** Izvi zvinogona kuva zvaiva nechirevo chedzidziso yezvouMwari. Nguo yapasi yemhando iyi yakanga isina kujairika uye inogona kuva yaidhura. Hazvipindirane nounhu hwaJesu kuti ave nenguu inodhura. Kubva muzvinyorwa zvaJosephus zve (*Antiq. 3. 7. 4*), tinoziva kuti vaPirista vakuru ndivo vaopfeka nguo yakadai, sokureva kunoitwa munhorondo dzavaRabhi kuti Mosesi ndiyo yaaipfekawo. Kutizvi zvingareva kuti Jesu aiva

1. Mupirista mukuru (cf. vaHebheru)
2. Mupi mutsva womurayiro

Hunyambiri hwezirevo hunogona kuwanikwa muvhangeri yaJohani, asi vapirkiri vanofanira kungwarira kuti varege kuona zvinhu zvose sezvine zvazvinomirira!

19:24 “kuti rugwaro ruitike” Mapisarema. 22 ndiyo inoumbwa hwaro hwetestamende yekare hwokuroverwa.

1. Mapisarema. 22:1-2—Mateu. 27:46; Mako. 15:34
2. Mapisarema. 22:7-8—Mateu. 27:39, 43; Mako. 15:29; Ruka. 23:35
3. Mapisarema. 22:15—Mateu. 27:48; Mako. 15:36; Ruka. 23:36; Johani. 19:28, 29
4. Mapisarema. 22:16—Mateu. 27:35; Mako. 15:24; Johani. 20:25
5. Mapisarema. 22:18—Mateu. 27:35; Mako. 15:24; Ruka. 23:34; Johani. 19:24
6. Mapisarema. 22:27—Mateu. 27:54; Mako. 15:39; Ruka. 23:47; (Johani. 20:31; Mateu. 28:18-20; Ruka. 24:46-47; Mabasa. 1:8)

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :19:25b-27

^{25b} **Zvino pamuchinjiko waJesu pakanga pamire mai vake, nomunun’una wamai vake, Maria mukadzi waKiropasi, naMaria Magadharina.** ²⁶ **Zvino Jesu akati achiona mai vake, nomudzidzi waaida amirepo, akati kuna mai vake, “Mai tarirai mwana wenyu.”**²⁷ **Ipapo akati kumudzidzi, “Tarira mai vako.”Kubva panguva iyo mudzidzi akavatora, akavaisa kumba kwake.**

19:25 “pamuchinjiko waJesu pakanga pamire mai vake, nomunu’una wamai vake, Maria mukadzi waKiropasi, naMaria Magadharina” Pane nhaurwa huru kwazvo pamusoro penyaya yokuti pano pane mazita mana here kana matatu. Zvingangoita kuti pangava namazita matatu kana mana nokuti mukoma nomunun’una havangavi nezita rimwe rokuti Maria. Munun’una waMaria, Sarome anodomwa munaMako. 15:40 pamwe na16:1. Kana ichi chiri chokwadi, saka zvinoreva kuti Jakobho, Johani naJesu vakanga vainoukama. Chimwewo chinyorwa chemakore mazana maviri okutanga (*Hegesipuss*) chinoti, uyu Kiropasi aiva munun’una waJosefa. Maria Magadharina ndiye akaburitswa mweya yetsvina minomwe naJesu, uye ndiyewo akatanga kuona Jesu mushure mokumuka kuvafi kwake (cf. 20:1-2, 11-18; Mako. 16:1; Ruka. 24:10).

NHAURWA INOKOSHA: MADZIMAI AYITEVERA JESU

- A. munaRuka. 8:1-3 ndimo munotanga kutaurwa pamusoro pevakadzi vakatevera nokubatsira Jesu pamwe neboka rake ravapositori
1. Maria, uyo aidanwa kuti Magadharina (ndima. 2)
 - a. Mateu. 27:56. 61; 28:1
 - b. Mako. 15:40, 47; 16:1, 9
 - c. Ruka. 8:2; 24:10
 - d. Johani. 19:25; 20:1, 11, 16, 18
 2. Johana mukadzi waKuza (mutariri waHerodhi, ndima. 3) anotaurwawo munaRuka. 24:10
 3. Susana (ndima. 3)
 4. “navamwe vazhinji vaimushumira nezvavo” (ndima. 3)
- B. Panonziwo paiva neboka ravakadzi pakuroverwa kwaJesu
1. Donongodzo yaMateu
 - a. Maria Magadharina (27:56)
 - b. Maria mai vaJakobho naJosefasi (27:56)
 - c. Mai vevanakomana vaZebhedhiya (27:56)
 2. Donongodzo yaMako
 - a. Maria Magadharina (15:40)
 - b. Maria mai vaJakobho muduku naJose (15:40)
 - c. Sarome (15:40)
 3. Ruka anoti “vakadzi avo vakamuperekedza kubva kuGaririya chete” (23:49)
 4. Donongodzo yaJohani
 - a. Maria mai vaJesu (19:25)
 - b. Munun’una wamai vake (19:25)
 - c. Maria mukadzi waKiropasi (KJ Cleopas, izvi zvinogona kureva kuti mukadzi waKiropasi kana mwanasikana waKiropasi (19:25)
 - d. Maria Magadharina (19:25)
- C. Pane boka ravakadzi rinonzi rakaita nharire panzvimbo yakavigwa Jesu
1. Donongodzo yaMateu
 - a. Maria Magadharina (27:61)
 - b. Mumwe Maria (27:61)
 2. Donongodzo yaMako
 - a. Maria Magadharina (15:47)
 - b. Maria mai vaJose (15:47)
 - 1) Ruka anoti, “vakadzi avo vakamuperekedza kubva kuGaririya chete” (23:55)
 3. Johani haana kunyora kunyora nezvevakadzi vakauya kuzoona bwiro
- D. Pane boka ravakadzi rakauya kubwiro mangwanani emusi wemugovera
1. Donongodzo yaMateu
 - a. Maria Magadharina (28:1)
 - b. Mumwe Maria (28:1)
 2. Donongodzo yaMako
 - a. Maria Magadharina (16:10)
 - b. Maria mai vaJoakobho (16:1)
 - c. Sarome (16:1)

3. Donongodzo yaRuka
 - a. “vakauya kubwiro” (24:1-5, 24)
 - 1) Maria Magadharina (24:10)
 - 2) Johana (24:10)
 - 3) Maria mai vaJakobho (24:10)
 4. Johani anongonyora Maria Magadharina chete (20:1, 110)
- E. Zvinoitaurwa sokuti vakadzi vaivawo muimba yepamusoro (Mabasa. 1:14)
 1. “vakadzi” (1:14)
 2. Maria mai vaJesu (1:14)
- F. Hukama chaihwo hwaiva pakati pevakadzi vakasiyana ava vakadonongodzwa mudonongodzo dzakasiyana idzi haunyatsozivikanwa. Zviripachena kuti Maria Magadharina ndiye anobata kupfuura vamwe vose. Chinyorwa chinotsanangura zvakanaka pamusoro pe” vakadzi” muupenyu noushumiri hwaJesu chinowanikwa mubhuku rinonzi, duramazwi raJesu nevhangeri” *Dictionary of Jesus and the Gospels*, pp. 880-886.”iro rakatsikiswa neveIVP.

19:26 “nomudzidzi waaida” Sezvo Johani asinga danwi nezita muvhangeri, vazhinji vanoti iyi ndiyo nzira yake yokuzvidoma (cf. 13:23; 19:26; 21:7, 20). Mumutsara umwe noumwe anoshandisa izwi rokuti ‘*agapaō*, ‘ asi muna. 20:2, anoshandisa mutsara mumwechetewo asi neizwi rokuti ‘*phileō*.’ Muvhangeri yaJohani mazwi aya anoreva zvakafanana; enzanisa izwi rokuti ‘*agapaō*’ muna3:35 nerokuti ‘*phileō*’ muna5:20, mumutsara yose iyi mazwi aya ari maviri anoreva rudo rwaBaba kuMwanakomana.

19:27 “kubva panguva iyo mudzidzi akavatora akavaisa kumba kwake” Izvi hazvrevi kuti Johani akabva atora Maria pakarepo akamuisa kumba kwake, nyangwe izvi zvinoratidzwa nokusa domwa kwake pamwe nevamwe vakadzi munaMateu. 27:56 naMako. 15:40. Zvinonzi Johani akachengeta Maria kusvika pakufa kwake iye ndokubva aenda kuAsia (nechekuvaEfeso) uko akazova noushumiri hwakareba uye hwakabudirira zvikuru. Zvinonzi vakuru vevaEfeso ndivo vakakurudzira Johani apo akanga ava mutana kuti anyore mirangariro yake youpenyu hwaJesu (kureva., vhangeri yaJohani).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :19:28-30

²⁸ Shure kwaizvozvo Jesu akati achiziva kuti zvose zvapera, kuti rugwaro ruitike, akati, “Ndine nyota.”²⁹ Pakanga pamirepo hari izere nevhiniga; zvino vakaisa chipanje chizere nevhiniga parutanda rwechisopi, vakaruisa kumuromo wake.

³⁰ Zvino Jesu akati agamuchira vhiniga akati, “Zvapera!” Akakotamisa musoro wake, akapa Mwari mweya wake.

19:28 “Jesu akati achiziva kuti zvose zvapera, kuti rugwaro ruitike, akati, ‘Ndine nyota’ “Dimikira rakashandiswa apa rinoreva zvakawanda, kuti pamwe rugwaro rwakarehwa runoreva mutsara wokuti “ndine nyota “kana wokuti “zvose zvapera.”Kana zvikatorwa semataurirwo azvagara zvichiitwa, saka zvinoreva mutsara wokuti” ndine nyota “uyo unechireva chaMapisarema. 69:21.

19:29 “pakanga pamirepo hari izere nevhiniga” Izvi zvinoreva waini isinga dhuri, uye inovava. Inogona kunge yakaisirwapo varwi pamwe navasungwa vairoverwa. Vaipiwa twu waini twushoma notwushoma kuitira kuti kuroverwa kutore nguva refu.

☐ **“vhiniga”** Izvi zvinoreva kwazvo kwazvo kuti “vhiniga.”Uku ndiko kwaiva kunwa kwevarombo. Tarira uone kuti Jesu haana kunwa waini yakavaviswa yaakapiwa nevakadzi veJerusarema (cf. Mako. 15:23; Mateu. 27:34). Pamwe zvakaita kuti agamuchire waini ndezvokukuti azadzisa rugwaro rwomunaMapisarema. 22:15. Akanga ava nenyota zvikuru zvokutadza kutaura uye aiva nezvimwewo zvaaida kutaura.

☐ **“parutanda rwechisopi”** Vamwe vanoona sokuti kushandiswa kwerutanda rwemuti waishandiswa pamutambo wePasika uku kune chirevo chikuru (cf. Ekisodho. 12:22). Vamwewo vanoti pakaita kushandurwa kwemazwi navanzveri vemagwaro vakare ezwi iri uye pamabviro aro raireva kuti” pfumo, ““nhangatare, ““mubadha” (cf. bhaibheri re NET asi re REB rinoshandisa izwi rokuti chisopi). Mateu. 27:48 naMako. 15:36 dzinoshandisa izwi rokuti “rutsanga.”

Nyaya inoita kuti vazhinji vaone sokuti pakaoita kushandurwa kwemazwi pano, ndeyokuti muti wechisopi wakanga usina mapazi akareba (aingoreba zvokuva zvipimo zviviri kusvika pazvina), asi zvinofanirawo kurangarirwa kuti michinjiko yakanga isina kuenda mudega zvakanyanya. Mifananidzo yatinoita yemichinjiko iri mudenga ndiyo inogona kuita kuti tisanzwisisa ndima. 3:14. Tsoka dzaJesu dzinogona kunge dzaiva zvipimo zviviri kubva pasi.

19:30 “zvapera” Ichi ndicho chirevo chokudoma zvakaitirwa uye zvine zvubereko zviripo (PERFECT PASSIVE INDICATIVE). Kubva kuvhangeri nhatu dzokutanga tinonzwa kuti akadanidzira izwi nezwi riripamusoro (cf. Mako. 15:37; Ruka. 23:46; Mateu. 27:50). Izvi zvinoreva basa rorudzikinuro iro rakapedzwa. Ichi chimiro chezwi rokuti (*telos*) muchinyorwa chokuljipita chepappryi (Moulton naMilligan) chaiva tsumo yokureva zvokutenga nokutengeserana ichireva kuti” kuripira zvakazara.”

☐ **“akakotamisa musoro wake akapa Mwari mweya wake”** Mutsara wokuti “akakotamisa musoro wake” yaiva tsumo yokureva kuti “kurara.”Kufa kwaJesu kwaiva nguva yorunyararo kwaari. Chirevo ndechokuti pakufa mweya womunhu unosiya nyama. Izvi zvinoita sokuti zvinoreva kuti vatendi vanofanira kunge vainokupesana kwenyama nemweya pakati pokufa nezuva rokumuka kuvafi (cf. 2vaKorinde. 5; vaTesaronika. 4:13-18, verenga bhuku ravaWilliam Hendriksen rinonzi, bhaibheri panyaya youpenyu mushure mokufa “*The Bible on the life Hereafter*”).

Kufambirana kwevhangeri munaMako. 15:37 naRuka. 23:46 kune mutsara wokuti” akabudisa mweya wake.”Izwi rechiHebheru rokureva kuti “mweya” noku” fema” anoreva zvakafanana. Kutu akaburitsa mweya wake kunoonekwa sokureva kuti mweya wake wakasiya muviri wake (cf. Genesi. 2:7).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :19:31-37

³¹ Zvino zvawaiva musi wokugadzirira Pasika, vaJudha vakakumbira kuna Pirato kuti makumbo avo avhunwe, vabviswe, kuti mitumbi irege kugara pamuchinjiko nesabata, nokuti zuva iro resabata raiva guru. ³² Naizvozvo varwi vakauya, vakavhuna makumbo owokutanga, noowomumwe akanga aroverwa pamuchinjiko pamwechete naye; ³³ asi

vakati vachisvika kuna Jesu, vachiona kuti atofa hake, Havana kuvhuna makumbo ake, ³⁴
asi mumwe murwi wakabaya rutivi rwake nepfumo, pakarepo ropa nemvura zvikabuda. ³⁵
Uyo akaona, ndiye akapupura, uye kupupura kwake ndokwechokwadi; iye anoziva kuti
anoreva zvechokwadi, kuti nemiwo mutende. ³⁶ **Nokuti izvozvo zvakaitwa, kuti rugwaro**
ruitike, runoti, “Pfupa rake haringavhunwi.” ³⁷ **Norumwe rugwaro runoti, “Vachatarira**
uyo wawakabowora.”

19:31 “kuti mitumbi irege kugara pamuchinjiko nesabata” VaJudha vaitya kuti mitumbi iyi yaizosvibisa nyika (cf. Dhuteronomi. 21:23), kunyanya pazuva resabata huru yokugadzirira Pasika.

▣ **“(nokuti zuva resabata raiva guru) “Nyaya iyi yakapirikirwa nenzira mbiri.**

1. Mugore iri zuva rechidyo chepasika nesabata zvakaitikira pamwe (vaJudha vaishandisa muronga wemazuva wokutevera mwedzi)
2. Mutambo wechingwa chisina mbiriso nesabata zvakaitikira pamwe gore iro

Mutambo wePasika nowechingwa chisina mbiriso (cf. Ekisodho. 12) wakanga waita wemazuva masere.

▣ **“kuti makumbo avo avhunwe, vabviswe”** Zviripachena kuti zvaigaro itika. Zinyundo guru ndiro raishandiswa kuvhuna makumbo evanhu vange varoverwa ava. Kuroverwa kwaikonzera rufu rwokushaya mhengo yokufema. Kuvhuna makumbo kwaikonzera izvi nokukurumidza nokuti munhu ainge asisa gone kuzvisimudza kuti afeme.

19:33 “vachiona kuti atofa hake, Havana kuvhuna makumbo ake” Izvi zvinogona kuva kuzadziswa kwechiporofita chomuna Ekisodho. 12:46; Numeri. 9:12 naMapisarema. 34:20.

19:34 “mumwe wavarwi wakabaya rutivi rwake nepfumo, pakarepo ropa nemvura zvikabuda” Iyi itsanangudzo yokukuvara inoitwa noakaona yokuratidza kuti akanga afa zvechokwadi pamwe nokuratidza kuva munhu kwechokwadi kwaMesiasi. Vhangeri yaJohani, pamwe netsamba yaJohani, zvakanyorwa panguva yokukura kwedzidziso yenhema yeavo vaisanganisa vhangeri nemafungiro avo, iyo yaibvuma kuva Mwari kwaJesu asi ichiramba kuva munhu kwake.

19:35 Ndimba ino iwedzeredzo yaJohani uyo aiva iye oga akaona zviitiko zve (1) kutongwa husiku; (2) kutongwa navaRoma; pamwe ne (3) kuroverwa. Zvaakataura pamusoro pokufa kwaJesu zvinofambirana na20:30-31, izvo zvinoratidza chinangwa chouparidzi chevhangeri (cf. 21:24). Tarira nhaurwa inokosha :zvapupu zvaJesu pa1:8.

Gombedzero yokupedzesera inomusiyano wezwi rechiito rechiGiriki. Zvimwe zvinyorwa zviri muchimiro chezvirikuitwa (PRESENT TENSE) uye zvimwewo zviri muchimiro chezvakaaitika (AORIST TENSE). Kana pamabviro aro riri muchimiro chezvakaaitika (AORIST), saka riri kunyanya kutarisana nevasingatendi, sezvinoita 20:30-31. Zvisinei, kana riri muchimiro chezvirikuitwa (PRESENT), rinenge richitarisa zvikuru nyaya yekuendamberi nokukura kwekutenda. Vhangeri yaJohani inoita sokuti yakanangana nemapoka ose aya ari maviri.

▣ **“chokwadi ...zvechokwadi”** Tarira nhaurwa inokosha pa6:55 na17:3

19:36 Ndima iyi inogona kunge ichitsigirana nenyaya yehwayana yePasika iri munaEki-sodho. 12:46; Numeri. 9:12; kana Mapisarema. 34:20. Apa zvinoenderana nokuti parikurehwa mutsara upi: (1) kubayiwa kana (2) kuvhunwa. Jesu pachake akaratidza kereke yokutanga shoko iri pamazuva makumi mana aakagara panyika mushure mokumuka kuvafi (cf. Ruka. 24:27; Mabasa. 1:2-3). Mharidzo dzekereke yokutanga (munaMabasa) dzinoratidza kuzadziswa kwezviporofita izvi izvo zwayakaratidzwa naJesu.

19:37 Mashoko ari mundima iyi akatorwa kubva kunaZekariya. 12:10 iyo inova imwe yevimbiso huru dzokuti

1. Nerimwe zuva Isiraeri ichadzokera kunaJesu, iye Mesiasi, nokutenda (cf. Zvakazarurwa. 1:7)
2. VaJudha vazhinji avo vakanga vatenda vakanga varipo vachirwadziwa pamusoro pokufa kwaJesu
3. Izvi zvinoreva varwi vechiRoma (cf. Mateu. 27:54) vachimirira ndudzi dzevaHedheni (cf. 12:32)

Zvinoshamisa kuti mazwi aya anobva mugwaro rechiHebheru re'Mesoteric Hebrew Text, ' kwete rebhaibheri rechiGiriki rakare 'septuagint' iro rinonyanya kushandiswa navanyori vevhangeri. Bhaibheri rakare rechiHGiriki rine izwi rokuti" kusvoveredzwa" asi chinyorwa chechiHebheru chinoshandisa izwi rokuti" kubayiwa."

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :19:38-42

³⁸Shure kwaizvozvo Josefa weArimatiya, aiva mudzidzi waJesu, asi chinyararire nokutya vaJudha, akakumbira kuna Pirato kuti abvise chitunha chaJesu; Pirato akamutendera. Ipapo akauya, akabvisa chitunha chake. ³⁹ NaNikodhimowo, iye akambouya kwaari pakutanga usiku, akauya ane mura nearosi zvakavhenganiswa, mapaundi anenge zana. ⁴⁰ Ipapo vakatora chitunha chaJesu, vakachiputira nemicheka pamwechete nezvinonhuwira, sezvinoita vaJudha pakuviga kwavo. ⁴¹ Panzvimbo iyo, paakaroverwa pamuchinjiko, pakanga pano munda; mumunda imomo maiva nobwiro hutsva, makanga musina kumboiswa munhu. ⁴² Zvino vakaisa Jesu ipapo, zavwakanga uri musi wokugadzirira kwavaJudha, (nokuti bwiro hwakanga huri pedyo.)

19:38-39 "Josefa.... Nikodhimo" Nhengo dzedare guru revaJudha mbiri idzi uye dzaiva dzakapfuma, dzaivawo vadzidzi vaJesu muchivande vakazobuda pachena panguva iyi yaiva yakaoma zvikuru.

19:39 "akauya ane mura nearosi zvakavhenganiswa, mapaundi anenge zana" Izvi ndizvo zvinonhuwira zvaishandiswa navaJudha pakuviga mumakore zana okutanga. Apa zvakanyanya kuwanda; vamwe vanoti izvi zvinoratidza kuti Jesu akavigwa saMambo (cf. 2Makoronike. 16:14). Tarira nhaurwa inokosha pamusoro pokuzodzwa pa11:2.

Izwi rechiGiriki rinoreva "muvhenganiswa" (*magma*), iro rinowanikwa mugwaro re MSS P⁶⁶, A, D, L pamwe nemadzibaba mazhinji ekereke nezvimwewo zvinyorwa, rakashandurwa richireva kuti "butwa" (*eligma*) mugwaro re MSS κ^* , B, W, nezvimwewo zvinyorwa zve'Coptic.' Gwaro re UBS⁴ rinopa izwi rokuti "muvhenganiswa" chipimo chepiri "B" (kureva pedo nechokwadi).

NHAURWA INOKOSHA: ZVINONHUWIRA ZVOKUVIGISA

- A. Mura, urwu rwaiva rubhani rwainhuwira rwaiwanikwa pamiti yekuArabia
1. Rubhani runonhuwira urwu runotaurwa nezvarwo runokwana kagumi nekaviri mutestamende yekare, kazhinji kacho muzvinyorwa zvoungwaru sezvinonhuwira
 2. Rwaivawo chimwe chezvipo zvakapiwa Jesu ari rusvava nevachenjeri vokumabvazuva (cf. Mateu. 2:11)
 3. Chirevo chezvarunomirira chinoshamisa zvikuru
 - a. Rwaishandiswawo “mumafuta okuzodza matsvene” (Ekirodho. 30:23-25)
 - b. Rwaishandiswawo sechipo chaipiwa Mambo (Mateu. 2:11)
 - c. Rwakashandiswawo kuzodza Jesu pakuvigwa kwake (cf. Johani. 19:39 uyezve kwazvo kwazvo munaJohani. 11:2). Izvi zvaitwa maringe netsika dzevaJudha idzo dzakatsanangurwa mugwaro re’ Talmud’ (kureva., Berakhoti. 53a).
- B. Arosi, mhando yegoroondyo rinonhuwira
1. Rinechokuita nezvinonhuwira (cf. Numeri. 24:6; Mapisarema. 45:8; Zvirevo. 7:17; Rwiyo rukuru rwaSoromoni. 4:14)
 2. Rakashandiswa, rakavhenganiswa nemura, nevaIjipita senzira yokugadzira chitunha kuti chivigwe
 3. Nikodhimo akauya nezvinonhuwora izvi zvizhinji pakuvigwa kwaJesu uye akamuzodza nazvo (cf. Johani. 19:39). Izvi zvaitwa maringe netsika dzavaJudha idzo dzakatsanangurwa mugwaro re’ Talmud’ (kureva., Betsah. 6a).

19:40 “ipapo vakatora chitunha chaJesu vakachiputira nemicheka, pamwe nezvinonhuwira” Zvinonhuwira zvaitirwa zvinhu zviviri zvinoti: (1) kubvisa munhuwe ne (2) kunamira micheka yokuvigisa.

19:41 “panzvimbo iyo, paakaroverwa pamuchinjiko, pakanga pano munda” Tinofanira kuti tinzwisise chimbichimbi yakashandwa nayo naNikodhimo naJosefa. Jesu akafa panguva dzetatu madeukazuva uye aifanira kunge ava muguva nenguva dzenhanhatu madeukazuvawo., apo paitanga sabata rePasika.

☐ **“bwiro hutsva, makanga musina kumboiswa munhu”** Ichi ndicho chibhebnde chokureva zvakaitirwa (PERIPHRASTIC PERFECT PASSIVE PARTICIPLE). Tinoziva kubva munaMateu. 27:60 kuti uhwu hwaiva bwiro hwaJosefa. Iyi ndiyo zadziso yalsaya. 53:9 yakashandiswa munaMateu. 27:57.

MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Sei varwi vairova nokusvoveredza Jesu?
2. Ko kuedza kwaPirato kusunungura Jesu kakawanda kunorevei?
3. Sei mutsara wemupirista mukuru wevaJudha mundima. 15 uchikatyamadza?
4. Sei horokodzwa yokuroverwa ichisiyana pakati pedzivhangeri?
5. Ko Dhuteronomi. 21:23, inesungano ipi nekuroverwa kwaJesu?

JOHANI 20

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Kumuka kwaJesu 20:1-10	Bwiro husina chinhu 20:1-10	Kumuka 20:1-10	Bwiro husina Chinhu 20:1-10	Bwiro husina chinhu 20:1-10
Kuonekwa kwaJesu naMaria Maghadarina 20:11-18	Maria Magadharina anoona Ishe vamuka 20:11-18	20:11-18	Jesu anoonekwa naMaria Magadharina 20:11-13a 20:13b 20:14-15a 20:15b 20:16a 20:16b 20:17 20:18	Kuonekwa kwaJesu naMaria Maghadarina 20:11-18
Kuonekwa kwaJesu nevadzidzi 20:19-23	Vapositioni vanotumwa 20:19-23	20:19-23	Jesu anoonekwa navadzidzi vake 20:19-23	Kuonekwa kwaJesu nevadzidzi 20:19-23
Jesu naTomasi 20:24-29	Kutenda nokuona 20:24-29		Jesu naTomasi 20:24-25a 20:25b 20:28 20:29	20:24-29
Chinangwa Chebhuku 20:30-31	Kuti mutende 20:30-31	20:30-31	Chinangwa chebhuku 20:30-31	Mheto yokutanga 20:30-31

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzera yedudzira yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyorori. Ndiyozve hwaro hwepupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

5. Ganhuro yokutanga
6. Ganhuro yepiri
7. Ganhuro yetatu
8. Nezvimwewo.

RUONO RWEZVIRI MUGWARO ZVENDIMA. 1-29

- A. Vimbiso dzose dzakapiwa kuvapositori naJesu muzvikamu. 14-17, dzakazadziswa manheru okutanga okumuka kuvafi kwake. Tarira chinyorwa pa16:20.
- B. Zvakanyorwa mudzivhangeri zvinosiyana panyaya inechokuita nokukumuka nokuti
 1. Itsanagudzo dzevakaona
 2. Kwakanga kwapfuura makore akaenda zvaitika
 3. Mumwe nomumwe wavo aneboka ravanhu vaainyorera uye vaitsindikizawo zvakasiyana siyana (cf. Mateu. 28; Mako. 16; Ruka. 24)

DZIDZO YEMITSARA NEMAZWI

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :20:1-10

¹Zvino nomusi wokutanga wevhiki Maria Magadharina akaenda kubwiro mangwanani kuchakasviba; akaona ibwe rabviswa pabwiro. ² Akamhanya, akaenda kuna Simoni Petirosi nokuno mumwe mudzidzi, aidikanwa naJesu, akati kwavari, “Vabvisa ishe mubwiro, hatizivi pavakamuisa.”³ Zvino Petirosi akabuda nouya mumwe mudzidzi, vakaenda kubwiro.

⁴ Vakamhanya vose vari vaviri; uya mumwe mudzidzi akamhanyisa akakunda Petirosi, akatanga kusvika pabwiro, ⁵akakotama achidongorera, akaona micheka iri pasi, asi haana kupinda.

⁶ Zvino Simoni Petirosi akasvikawo, akapinda mubwiro, akaona micheka iri pasi; ⁷ nomucheka muduku, wakanga uri mumusoro wake, usati uri kune mimwe micheka, asi wakapetwa uri pamwe woga. ⁸ Zvino uye mumwe mudzidzi akapindawo, iye akatanga kusvika pabwiro, akaona, akatenda. ⁹Nokuti vakanga vachigere kunzwisisa Rugwaro, runoti anofanira kumuka kuvakafa. ¹⁰Zvino vadzidzi vakadzokerazve kumusha kwavo.

20:1 “nomusi wokutanga wevhiki” Uyu waiva musi wemugovera, zuva rokutanga rokushanda mushure mesabata huru yePasika, apo paipirwa zvibereko zvokutanga mutemberi. Jesu ndiye aiva zvibereko zvokutanga zvevakafa (cf. 1vaKorinde. 15:23). Kuonekwa kwaJesu mumanheru emazuva emugovera matatu akatevera ndiko kwakaita kuti vatendi vanamate nomusi uyu (cf. ndima. 19, 26; Ruka. 24:36ff; Mabasa. 20:7; 1vaKorinde. 16:2).

▣ **“Maria Magadharina”** Uyu ndiye mumwe wevakadzi vaifamba naJesu pamwe nevapositori. Jesu akanga aporesa mukadzi uyu kubva kumadhimoni akawanda muGaririya (cf. Mako. 16:9 naRuka. 8:2). Aivawo pakuroverwa pamuchinjiko kwaJesu. Tarira zvinyorwa pa19:25.

Nyangwe vhangeri yaJohani isingadonongodze chinangwa chokuuya kwaMaria, Mako. 16:1 naRuka. 23:56 dzinotaura kuti vakadzi vakawanda (cf. ndima. 2) vakauya mangwanani kuzozodza chitunha chaJesu nezvinonhuwira. Zviripachena kuti vaisaziva kuti Nikodhimo naJesea vakanga vamuzodza kare kana kuti vakafunga kwaidiwa kuwedzerwa zvinonhuwira.

▣ **“kuchakasviba”** Zviripachena kuti iye navamwe vakanga vabva kudzimba dzavo huchiri husiku chaihwo, asi nenguva yavakazosvika akanga achiri mashamba nzou (cf. Mateu. 28:1; Mako. 16:2).

▣ **“ibwe rabviswa pabwiro”** Izvi zvinoreva kwazvo kwazvo kuti “kuburitswa” chirevanguva chezvakaiteirwa zvine zviripato (PERFECT PASSIVE PARTICIPLE) kubva paburi raro (cf. Mateu. 28:2). Rangarira kuti dombo rakabvisirwa kuti avo vakaona vaone mukati mebwiro, harina kubvisirwa kuti Jesu abude. Muviri wake mutsva wokumuka wakanga usina utera hwenyama hwomuviri wake wepanyika (kureva., 20:19, 26).

20:2 “akamhanya” Zviripachena kuti akabva pabwiro apa mangwanani iwawo achienda kunoudza vadzidzi nezvokusavamo kwaJesu (cf. Mateu. 28:5).

▣ **“mumwe mudzidzi aidikanwa naJesu”** Izwi rechiGiriki rinoreva kuti rudo ndi “*phileō*” iro rinechievo chokuti “kudana kwehama.” Zvisinei, mururimi rwe’Koine Greek’ (300 B. C—A. D 300) raishandiswa zvakafanana nerokuti “*agapaō*.” Mudzidzi anorehwa apa anoita sokuti ndiJohani, munyori wevhangeri (cf. ndima. 4-8 na 13:23). Pano anoiswa muhichekoche naPetirosi.

▣ **“vabvisa Ishe”** Ichi ndicho chirevo chezvakaiteirwa (AORIST ACTIVE INDICATIVE) (kureva., chiitiko chakapedzwa). Jesu akanga asisimo. Mumaonero aMaria kuti “va” kwaitira vakuru vevaJudha. Zviripachena, kuti vapositori nevadzidzi vaiva muimba yepamusoro vakashamiswa nekumuka kuvakafa!

▣ **“hati”** Izvi zvinosanganisira Maria Magadharina, Maria mai vaJakobho, Sarome, Johana nevamwe vakadzi (cf. Mateu. 28:1; Mako. 16:1; Ruka. 24:10).

20:4 “mumwe mudzidzi akamhanyisa akakunda Petirosi, akatanga kusvika pabwiro” Johani anogona kunge akanga ari muduku kuvapositori vose (kureva., sokutaurwa kwazvo).

20:5 “akakotama” “Bwiro hwenguva idzi hwaiva nomusuo uri pasi inenge zvikamu zvitatu kana zvina zvechipimo. Munhu aitoda kukotama (cf. ndima. 11) kuti apinde mubwiro.

▣ **“achitarisa”** Izvi zvinoreva “kutsinzinyira kuti aone.” Izvi zvaidaro nokuda kwerima raiva mubwiro.

▣ **“akaona micheka iri pasi”** Zvinyorwa zvechiGiriki hazvinyatsoburitse kuti mucheka yakanga iri nechapai chaipo. Dai kuri kuti chitunha chakanga chabiwa, nemicheka ingadai yakaendawo nacho nokuti zvinonhuwira zvainge zvashandiswa senamo!

20:6 “Simoni Petirosi” Simoni (*cephas*) kefasi ndiro raiva zita rake rechiHbeheru/Aramaic, iriwo rokuti Petirosi (*Petros*) ndiro raiva zita rake rechiGiriki raaka piwa naJesu. MuchiGiriki zita iri raireva kuti “ibwe riri roga kana hurungubwe” (cf. Mateu. 16:18). Mururimi rweAramaic hamuna musiyano pakati pezita rokuti ‘*Petros*’ nerokuti ‘*Petra*.’

20:7 “mucheka wakanga uri mumusoro” Musoro nouso zvaiputirwa nemucheka uri woga (cf. 11:44). Zvinogoneka kuti mucheka muduku uyu waishandiswa ku (1) vhara kuuso; (2) putira uso (cf. bhaibheri re NJB) ; kana (3) kusungira shaya kuti dzirege kurenguka (cf. bhaibheri reTEV).

▣ **“asi wakapetwa uri pamwe woga”** Uyu ndiwo mumwe mutsara unechirevo chezvakaaitwa (PERFECT PASSIVE PARTICIPLE) uyo unoreva kuti pane munhu akaita izvi. Zviripachena kuti izvi ndizvo zvakabata murangariro waJohani uye zvikaita kuti atende (ndima. 8).

20:8 “akaona akatenda” Johani akaona humboo hwezvaibatika akatenda kuti Jesu akanga ari mupenyu! Kutenda mukumuka kuvakafa kunova nyaya huru yedzidziso yezvouMwari.

1. vaRoma. 10:9-10
2. 1vaKorinde. 15

1vaKorinde. 15:12-19 ndiyo pfupiso yakanaka yezvinozoitika kana Jesu asina kumutswa! Kumutswa kwakava zvokwadi huru yemharidzo dzevapositori munaMabasa idzo dzaidanwa kuti ‘*kerygma*.’ Tarira nhaurwa inokosha pa 5:39.

20:9 “vakanga vachigere kunzwisisa Rugwaro” Iyi ndiyo imwezve wedzero yakaitwa nomunyori. Inogona kunge ichireva zviri munaMapisarema. 16:10, izvo zvinotaurwawo naPetirosi pazuva rependekositi munaMabasa. 2:27. Zvisinei, zvinogonawo kureva zviri munaIsaya. 53:10-12 kana munaHosea. 6:2. Dare guru ravaJudha rainzwisisa zvakanga zvataurwa naJesu nezvokumuka kwake (cf. Mateu. 27:62-66), asiwo vadzidzi vasinganzwisisi. Idzi ndidzo ndyaringo chaidzo!

Ndima iyi inogona kushanda pazvidzidzo zvouMwari, kusimbisa chokwadi chokuti mweya wakanga usati wauya zvizere kuvadzidzi. Mweya, kana wangounzwa chete, uhabatsira vatendi kunzwisisa mashoko aJesu nezviito zvake (cf. 2:22; 14:26).

20:10 Izvi zvinogona kureva kuti (1) vakadzokera kuGaririya (cf. Mateu. 26:32; 28:7, 10, 16; Johani. 21 inovawana vachiredza mugungwa reGaririya) kana (2) vakaenda kudzimba dzavaigara muJerusarema. Nokuti zviitiko zvemushure mokumuka kuvakafa zvakaaitikira muimba yepamusoro, saka tsanangudzo yepiri ndiyo iri pedo nechokwadi.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :20:11-18

¹¹Asi Maria akaramba amire kunze kwebwiro, achichema; zvino achichema, akakotama, akadongorera mubwiro.

¹²Akaona vatumwa vaviri, vane nguo chena, vagere mumwe kumusoro, mumwe kumakumbo, ipapo pakanga paiswa chitunha chaJesu. ¹³Ivo vakati kwaari, “Mai munochemeiko? “Akati kwavari, “Nokuti vakabvisa Ishe wangu, zvino handizivi

kwavakamuisa.”¹⁴Zvino akati achireva izvozvo, akatendeukira shure, akaona Jesu amire; asi haana kuziva kuti ndiJesu. ¹⁵Jesu akati kwaari, “Mai munochemeiko? Munotsvaka aniko?” Iye achiti ndiye murimi womunda, akati kwaari, “Ishe kana muri imi mamubvisa ndiudzei pamamuisa, ndindomutora.”¹⁶Jesu akati kwaari, “Maria!” Iye akatendeuka, akati kwaari nechiHebheru, “Rabhoni” ndokuti “Mudzidzisi.”

¹⁷Jesu akati kwaari, “Usandibata nokuti ndichigere kukwira kunaBaba vangu; asi enda kuhama dzangu, uti kwavari, ndinokwira kunaBaba vangu naBaba venyu, kunaMwari wangu naMwari wenyu.”

¹⁸Maria Mgadharina akaenda akaudza vadzidzi achiti, “Ndaona Ishe, “uye kuti akanga audzwa zvinhu izvi naye.

20:11 “achichema” Izvi zvinoreva kwazvo kwazvo “kubongomora” (cf. 11:31). Uyu mutsara unechirevo chezvakaikwa uye zvine zierendamberi kareko. Kuchema mufi kwekumabvazuru kunoitwa nenzira yokuratidza kushungurudzika zvikuru.

20:12 “vatumwa vaviri” Johani anRuka (24:23) vanobvumirana kuti paiva nevatumwa vaviri. Mateu, uyo anogaroza nezviviri pachimwe choga choga (cf. 8:28; 9:27; 20:30), anogova nemutumwa mumwe! Uyu ndiwo mumwe wemienzaniso yokusiyana kwedzivhangeri iyo isina tsanangudzo yakakwana.

Dzivhangeri inyaya dzinotaurwa nevakaona, avo vanosarudza, kutora nokubatanidza mashoko nemabasa aJesu, vachiitira zvinangwa zvedzidziso dzavo dzezvouMwari dzakatuswa uye vachiitirawo boka ravanenge vakanagana naro. Vaverengi vemazuva ano vanowanzo bvunza mibvunzo seyokuti (1) ndeyipi vhangeri inemuronga wenhorondo wakanaka kana (2) vanotsvaka hukorokodzwa pamusoro pechiitiko kana dzidziso yakanyorwa nomunyorori mumwechete wevhangeri akatuswa. Vapirikiri vanofanira kutanga vatsvaka vavariro yomunyorori wemabviro sekunyorwa kwayakaitwa muvhangeri iyoyo. Hatidi kuziva hukorokodzwa hwenhorondo kuti tinzwisise vhangeri.

▣ **“vane nguo chena”** Nyikadzimu kana venyikadzimu vanotsanagurwa vainenguo chena.

1. Nguo dzaJesu pakubwinya pagomo—Mateu. 17:2; Mako. 9:3; Ruka. 9:29
2. Vatumwa pabwiro—Mateu. 28:3; Mako. 16:5; Ruka. 24:4; Johani. 20:12
3. Vatumwa pakukwira kudenga—Mabasa. 1:10
4. Vatsvene vainaKristu achibwinyiswa—Zvakazarurwa. 3:4-5, 18
5. Vakuru (vatumwa) vakapoterredza chigaro chaMwari—Zvakazarurwa. 4:4
6. Vakaurawa nokuda kweshoko vari pasi pechigaro chaMwari—Zvakazarurwa. 6:11
7. Vose vakadzikinurwa—Zvakazarurwa. 7:9, 13-14 (cf. Dhanieri. 12:10)
8. Hondo dzokudenga (vatumwa) kudenga—Zvakazarurwa. 19:14
9. Mufananidzo wewuregerero wetestamende yekare—Mapisarema. 51:7; Isaya. 1:18 (chiratidzo chokururama kwaMwari, cf. Dhanieri. 7:9)

20:14 “haana kuziva kuti ndiJesu” Maria Magadharina haana kuziva Jesu. Zvinogona kunga zvakadariso ndeizvi:

1. Maziso aiva aine misodzi
2. Akanga achitarisa chiedza achangabva murima
3. Maonekero aJesu akanga asina kujairika (cf. Mateu. 28:17 naRuka. 24:16, 37)

20:15 “Ishe” Iri ndiro izwi rechiGiriki rokuti ‘*kurios.*’ Rinoshandiswa pano nenzira yaro isiri yedzidzo yezvouMwari (cf. 12:21). Rinogona kureva kuti “changamire, ““vanoremekedzwa, ““tenzi, ““samuridzi, ““baba vemhuri, “kana “Ishe.”Maria akafunga kuti akanga achitaura (1) nomuchengeti wemunda kana (2) muridzi wemunda.

Asi tarira mushandisirwe waro unesungano nedzidzo yezvouMwari muna20:28!

▣ **“kana”** Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokuva wecokwadi kubva pamaonero omutauri (FIRST CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Aifaunga kuti pane ainge atora chitunha.

20:16 “Maria Rabhoni” Zita rokuti Maria rinoreva kwazvo kwazvo kuti Miriamu. Mazita ose aya ari maviri ndeerurimi rwechiAramaic (“chiHebheru” ndicho chiAramaic, cf. 5:2; 19:13, 17, 20). Jesu akadana zita rake nezira yavaizivana nayo. Anofanira kunge akazomudana nenzira imwecheteyo apo ainyengetera nevaviri ava mumugwagwa wokuenda kuEmausi (cf. Ruka. 24:30-31). Vara “I” rinova chivakamberi chezita rokuti “Rabhoni” rinogona riri rokutsindikidza kureva kuti “Rabhi wangu, ““Tenzi wangu, “kana “Mudzidzisi wangu.”

NHAURWA INOKOSHA:KUONEKWA KWAJESU MUSHURE MOKUMUKA KUVAKAFA

Jesu akazviratidza kuvanhu vakawanda senzira yokukumikidza kumuka kuvafi kwake.

1. Mukadzi pabwiro, Mateu. 28:9
2. Vadzidzi vanegumi nomumwe, Mateu. 28:16
3. Simoni, Ruka. 24:34
4. Varume vaviri, Ruka. 24:15
5. Vadzidzi, Ruka. 24:36
6. Maria Magadharina, Johani. 20:15
7. Vadzidzi gumi, Johani. 20:20
8. Vadzidzi vane gumi nomumwe, Johani. 20:26
9. Vadzidzi vanomwe, Johani. 21:1
10. Kefasi (Petirosi), 1vaKorinde. 15:5
11. Vane gumi mnevaviri (vapositori), 1vaKorinde. 15:5
12. Vane mazana mashanu, 1vaKorinde. 15:6 yakabatana naMateu. 28:16-17
13. Jakobho (nemhuri yake yepanyika), 1vaKorinde. 15:7
14. Vapositori vose, 1vaKorinde. 15:7
15. Pauro, 1vaKorinde. 15:8 (Mabasa. 9)

Zviripachena dzimwe tsanangudzo dziripano dzinoreva kuonekwa kumwecheteko. Jesu aida kuti vazive zvechokwadi kuti aiva mupenyu!

20:17

NASB “Usandibata”

NKJV “Rega kundibata”

NRSV “Usabatira pandiri”

TEV “Usabatira pandiri”

NJB “Rega kundibata”

Bhaibheri re KJV rinoshandisa mutsara wokuti “urege kundibata.”Uyu mutsara unechirevo chazvirikudokwairirwa kuti zviitwe (PRESENT MIDDLE IMPERATIVE). Maria akanga

amubata uye airamba akabatira paari! Izvi hazvinei nechirevo chokukosha kwokubata Jesu asati akwira kudenga. MunaJohani. 20:27, Jesu anobvumira Tomasi kuti amubate uye munaMateu. 28:9 anobvumira vakadzi kuti vabate tsoka dzake.

☐ **“ndichigere kukwira kunaBaba vangu”** Uyu ndiwo mutsara unechirevo chezvakaaitika uye zviine zvizereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVE). Jesu haasi kuenda kudenga kusvikira kwaperama mazuva makumi mana mushure mokumuka kwake kuvakafa (cf. Mabasa. 1:9).

☐ **“enda kuhama dzangu”** Iye Ishe akamuka kvakafa uye akakudzwa, anodana mbwende idzi kuti “hama” (cf. Mateu. 12:50).

☐ **“ndinnokwira”** Ichi ndicho chirevanguva chezvirikuitika (PRESENT TENSE). Izvi hazvina kuitika kusvika kwaperama mazuva makumi mana angora navo (cf. Ruka. 24:50-52; Mabasa. 1:2-3). Johani anoramba achishandisa hunyambiri hwedenga nepasi hwokuti “kumusoro” ne “pasi.” Jesu anobva kunaBaba (kuvapo kare) uye anodzokera kunaBaba (kukudzwa).

☐ **“kunaBaba vangu naBaba venyu”** Houno mutsara unofadza! Zvisinei, zvinofanira kujekeswa kuti kuvaVanakomana kwevatendi hakuenzani nokuva Mwanakomana kwaJesu. Iye ndiye Mwanakomana waBaba weziitakamwe (3:16), Mwari akazara nomunhu akazara. Vtendi vanova nhengo dzemhuri kuburikidza naye. Ndiye zvose, Ishe, muponesi, nehama!

20:18 Maria ndemumwewo wevakaona!

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :20:19:23

¹⁹Zvino ava madeko pazuva iro rokutanga revhiki, misuo yapfigwa pavaakanga vari vadzidzi nokutya vaJudha, Jesu akauya, akamira pakati pavo, akati kwavari, “Rugare kwamuri!”

²⁰ Zvino akati areva izvozvo, akavaratidza zvanza zvake norutivi rwake. Vadzidzi vakafara vachiona Ishe. ²¹ Jesu akatizve kwavari, “Rugare kwamuri! Baba sezvavakandituma, neni ndinokutumaiwo, “²² Zvino akati areva izvozvo, akafemera kwavari, akati kwavari, “Gamuchirai Mweya Mutsvene. ²³ Avo vamunoregerera zvivi zvavo, varegererwa; avo, vamunobata zvivi zvavo, zvatatwa.”

20:19 “zvino ava madeko pazuva iro” Zuva rechiJudha rinotanga mambakwedza richipera kwati nzvaa madeko (cf. Genesi. 1:5), zvichireva kuti apa dzakanga dziri dzenhanhatu madeko., uri musi wokutanga wevhiki.

☐ **“pazuva rokutanga revhiki”** Mugovera ndiwo waiva zuva rokutanga rebasa revhiki, sezvinoita muvhuro wedu. Iri rakazova zuva raisangana kereke ichirangarira kumuka kuvakafa kwaJesu. Iye pachake akaita muenzaniso wokuuya mumba yepamusoro achionekwa manheru emigovera mitatu yakatevedzana (cf. ndima. 19, 26; Ruka. 24:36ff; Mabasa. 20:7; 1vaKorinde. 16:2).

Vatendi vokutanga vaisangana nomusi wesabata mumasinagoge nomutemberi pamisi yemabiko yaiva yakatarwa. Zvisinei, vaRabhi vakaita “mhiko yechituko” yaisungira kuti nhengo

dzomusinangoge dzirambe Jesu saMesiasi (mushure maA. D. 70). Zvadai vatendi ava vakabva vasiyana nekusangana nemusi wesabata, asi vakaenda mberi vachisanagana nomusi wemugovera, zuva rokumuka kuvakafa, vachirangarira kumuka kwaJesu.

▣ **“misuo yapfigwa”** Ichi ndicho chirevanguva chokudoma kuitirwa (PERFECT PASSIVE PARTICIPLE). Chirevo chouwandu chinoreva kuti yose misuo wepasi nowepamusoro yakanga yapfigwa. Izvi zvakataurwa senzira yo (1) kuratidza kushamisa kwokuuya kwaJesu kana (2) kuratidza kuti vaitya kusungwa.

▣ **“vadzidzi”** Tomasi akanga asipo. Vamwe vadzidzi kunze kwevanegumi nomumwe vaivapowo (cf. Ruka. 24:33)

▣ **“Rugare kwamuri** “Izvi zvinoratidza kushamiswa kwavo uye pamwewo nokutya. Jesu akanga avavimbisa rugare (cf. 14:27; 16:33). Izvi pamwe zvinoreva nzira yokumhoresa yechiHebheru yokuti ‘*shalom.*’ Jesu anodzokorora mazwi aya rutatu (ndima. 19, 21, 26).

20:20 “akavaratidza zvanza zvake norutivi rwake” Johani anonyanya kutaura nyaya yokubayiwa parutivi kwaJesu kupfuura dzimwe vhangeri (cf. 19:37; 20:25). Tsoka dzake hadzitaurwe nezvake kunze kwemunaRuka. 24:39 naMapisarema. 22:16. Mutumbi waJesu wakakudzwa unoramba uine mavanga okuroverwa kwake (cf. 1vaKorinde. 1:23; vaGratiya. 3:1).

▣ **“Ishe”** Zita iri rinoshandiswa pano nechirevo chedzidzo yezvouMwari yaro yakazara iyo inesungano na’YHWH’ Mwari wetestamende yekare (cf. Ekisodho. 3:14). Kushandisa zita raMwari Baba retestamende yekare panaJesu ndiyo yaiva nzira yevanyori vetestamende itsva yokuratidza uMwari hwakazara hwaJesu. Tarira nhaurwa inokosha pa6:20.

20:21 “Baba sezvavakandituma” Uyu ndiwo mutsara unechirevo chokudoma zvakaitwa uye zviine zvibereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVE). (cf. 17:18). Kereke inemasimba aMwari (cf. Mateu. 28:18-20; Ruka. 24:47; Mabasa. 1:8). Navatendiwo vakatumirwa kuutumwa hwokuzvipira (cf. 2vaKorinde. 5:14-15; 1Johani. 3:16).

Jesu anoshandisa mazwi maviri okureva kuti” kutuma.”MuVhangeri yaJohani, mazwi aya anoreva zvakafanana. Izvi zvinoonekwa zvakajeka muchikamu. 8, umo izwi rokuti ‘*pempō*’ rinoshandiswa kureva kutumwa kwaJesu naBaba (cf. 8:16; 18, 26, 29), asiwo rokuti ‘*apostellō*’ rinoshandiswawo muna. 8:42. Muzvikamu. 5, 6 mune chokwadi chenyaya imwechete. Tarira nhaurwa inokosha :tuma (*apostellō*) pa5:24.

20:22 “akafemera kwavari” Iri ndiro dambe rakaitwa nezwi rokuti “akafemera.”RechiHebheru rokuti ‘*ruach*’ nerechiGiriki rokuti ‘*pneuma*’ ose anogona kureva kuti “fema, “mhepo, “kana “mweya.”Izwi rechiito rimwechete ndiro rakashandiswa mutestamende yekare kureva kuita kwaMwari munaGenesi. 2:7 nokumutsiridzwa kweIsiraeri munaEzekieri. 37:5, 9. Izwi rine sungano nezita rokuti “ivo” rinoreva vanhu vakawanda kwete vapositori chete (cf. Ruka. 24:33).

▣ **“gamuchirai Mweya Mutsvene”** Ichi ndicho chirevo chezvadokwairirwa kuitwa (AORIST ACTIVE IMPERATIVE). Hochekeche iri npakati peizvi nekuuya kweMweya zuva rependekositi hainyatsozivikanwi. Jesu akazadzisa zvole zvaakanga avimbisa vadzidzi

pakuonekwa kwake kwokutanga uku. Izvi zvinechokuita nokuvasimbisira basa ravo idzva routumwa kwakaitwa naJesu sokusimbiswa kwaakaitwawo neMweya pakubhabhatidzwa kwake.

Ndima iyi yaishandiswa mukereke yokutanga pamakakatanwa enyaya yokuti Mweya unobva kunaBaba here kana kuti unobva kunaBaba noMwanakomana. Kwazvo kwazvo vose vanhu vatatu vaMwari vatatu mumwe vanobatikana muzviito zvokudzikinura.

Mugwaro ravo rinonzi, dzidzo yezvouMwari yetestamende itsva “*A theology of the New Testament*, “vaGeorge Ladd vanopa pfupiso yemhirikiro dzinogona kuva dzemuvaravara uyu:

“Muvaravara uyu unokonzera matambudziko pamusoro penyaya yokuuya kweMweya pazuva rependekositi, ayo anogona kugdziriswa nenzira nhatu. Pamwe Johani akanga asingazve nezvependekositi uye anoitsivanisa nenyaya iyi zvokuti inobva yava kwazvo kwazvo tsanangudzo yaJohani yependekositi; kana kuti zvokwadi pakava nezvipo zveMweya zviviri; kana kuti kufemera kwakaitwa naJesu chaiva chiiitiko chemuenzaniso wevimbiso uye netarisiro yokuuya chaiko kweMweya papendekositi” (p. 289).

Chinyorwa chirimujinga chechimakumi maviri neina (p. 1965) mubhaibheri re NET chinoti, izvi zvinorangaridza zviri munaGenesi. 2:7 (LXX). Sezvakapiwa upenyu hwepanyama munaGenesi, upenyu husingaperi hunopiwa mutestamende itsva. Kumikidzo iyi ye” femo yaMwari” inofananidzwa naEzekieri. 37, umo Mwari’YHWH’ anonunza upenyu hutsva kuvanhu vake nokufemera kweMweya.

20:23 “avo vamunoregerera zvivi zvavo” Iyi ndiyo mitsara ineshongedzo yokureva nezvechiitiko

chemuneramangwana miviri (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCES) iine vara rokuti ‘an’ iro rinowanzoshandiswa pamwechete nemutsara uneshongedzo yokuburitsa chokwadi nokudoma zvinopikisa (SECOND CLASS CONDITIONAL SENTENCES), kwete vara rokuti ‘ean.’ Musanganiswa wemitsara ineshongedzo iyi ndiko kunodzamisa hurongwa hwemuneramangwana hunechokuita navose vanoparidza vhangeri pamwe neavo vanodavira nokutenda. Mumwe anoruzivo rwevhangeri anosarudza kuparidza uye mumwewo anorinzwa osarudza kurigamuchira. Zvinhu zvosre zviri zviviri izvi ndizvo zvinodiwa. Ndima iyi haipi masimba ose kunavanoparidza vhangeri, asi samba rokupa upenyu kuna vose vanopupurira vhangeri! Masimba aya akaonekwa kuna avo vaiva makumi manomwe, vakaita rwendo rwoutumwa panguva yokurarama kwaJesu.

▣ **“varegererwa zvivi zvavo”** Hurongwa hwechivakamutauro ichi hune chirevo chokudoma zvakaitirwa uye zvine zvibereko zviripo (PEREFCT PASSIVE INDICATIVE). Chirevo chokuitirwa (PASSIVE VOICE) ndicho chinoreva kuregerera kwaMwari, uko kunowanikwa kuburikidza nokuparidzwa kwevhangeri. Vatendi vanesvumbunuro dzoushe hwaMwari (cf. Mateu. 16:19) kana vakangodzishandisa chete. Vimbiso ndeyekereke kwete munhu oga. Izvi, pazvidzidzo zvouMwari, zvinofanana ne “vakasungwa nevasina kusungwa” vomunaMateu. 18:18.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :20:24-25

²⁴Zvino Tomasi ainzi Dhidhimo, mumwe wavanegumi navaviri, akanga asipo, pakuuya kwaJesu. ²⁵Zvino vamwe vadzidzi vakati kwaari, “Taona Ishe.”Iye akati kwavari, “Kana ndikasaona mavanga embambo muzvanza zvake, nokuisa munwe wangu paiva nembambo, nokuisa ruoko rwangu murutivi rwake, handingatongotendi.”

20:24 “Zvino Tomasi ainzi Dhidhimo, mumwe wavanegumi navaviri, akanga asipo pakuuya kwaJesu” Zita rokuti Dhoidhimo muchiGiriki, rinoreva kuti “patya” (cf. 11:16). Kazhinji vanhu vanoshandisa muvaravara uyu kudana Tomasi kuti munhu anopokana, asi rangarira 11:16. Tomasi anoonekwa zvikuru muvhangeri yaJohani kupfuura dzimwe vhangeri (cf. 11:16; 14:5; 20:24, 26, 27, 28, 29; 21:2).

20:25 “kana ndikasa.... handingatongotendi” Izwi rokuti “ndikasa” rineshonedzo yokureva zvemuneramangwana rine tsiudzo yakapetwa ruviri (DOUBLE NEGATIVE), “handingatongo, kwete kwete, zvitendi” ndisina kuona nokubata. Jesu akabvumira chikumbiro ichi. Jesu aishanda nokutenda kwavadzidzi kuburikidza ne (1) zviratidzo zvake kana (2) kufanotaura zvaizoitika kwaaita. Shoko raJesu raiva idzva zvikuru, akavapa nguva yokuti vanzwise nokupindwa nezvairehwa nevhangeri.

▣ **“mavanga”** Tarira nhaurwa inokosha inotevera.

NHAURWA INOKOSHA:CHITARISIKO (TUPOS)

Dambudziko ndiro izwi rokuti ‘*tupos*, ’ iro rinoshandiswa zvakasiyana siyana.

1. Mugwaro ravaMoulton navaMilligan, rinonzi, mazwi makuru etestamende itsva yechiGiriki” *The vocabulary of the Greek New Testament*, p. 645” vanoti rinoreva zvinotevera
 - a. Munyereketete
 - b. Hurongwa
 - c. Chitarisiko kana nzira yorunyororo
 - d. Chisungo kana chibvumirano
 - e. Chirango kana rutemo
 - f. Chimiro chomutumbi womunhu chichimiririra pfupiro kunamwari anoporesa
 - g. Izwi rechiito rakashandiswa nenzira yokureva kuitwa kwemutemo
2. vaLouw nava Nida mugwaro ravo rinonzi, duramazwi rechirungo nechiGiriki” *Greek-English Lexicon*, vol. 2, p. 249” vanoti
 - a. vanga (cf. Johani. 20:25)
 - b. zvirivanidzo (cf. Mabasa. 7:43)
 - c. chimiro (cf. vaHebheru. 8:5)
 - d. muenzaniso (cf. 1vaKoirnde. 10:6; vaFiripi. 3:17)
 - e. mufananidzo (cf. vaRoma. 5:14)
 - f. rudzi (cf. Mabasa. 23:25)
 - g. zvirimukati (cf. Mabasa. 23:25)
3. vaHarold K. Moulton, mugwaro ravo rinonzi, duramazwi reongororo rechiGiriki rakaitwa patsva “*The Analytical Greek Lexicon Revised*, p. 411” vanoti
 - a. dzvanga, ronda, vanga (cf. Johani. 20:25)
 - b. mutaro
 - c. chifananidzo (cf. Mabasa. 7:43)
 - d. nzira yemaitiro, muronga (cf. vaRoma. 6:17)
 - e. chitarisiko, chokuti (cf. Mabasa. 23:25)
 - f. chinhu, chifananidziro (cf. 1vaKorinde. 10:6)
 - g. chinhu chetarisiro, mhando (cf. vaRoma. 5:14; 1vaKorinde. 10:11)
 - h. chimiro chomunyereketete (cf. Mabasa. 7:44; vaHebheru. 8:5)

i. munyereketete wehunhu (cf. vaFiripi. 3:17; 1vaTesaronika. 1:7; 2vaTesaronika. 3:9; 1Timoti. 4:12; 1Petirosi. 5:3)

Muchirevo chechinyorwa ichi, tsanangudzo yepfumbamwe ndiyo yakanaka. Vhangeri rine chirevo chazvose, gwara redzidziso pamwe nemararamiro. Chipso chokungopihwawo cheruponeso munaKristu chinodawo upenyu hunenge hwaKristu!

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :20:26-29

²⁶Zvino mazuva masere akati apfuurazve, vadzidzi vakanga varimo mukati, naTomasi anavo. Jesu akauya, misuo yapfigwa, akamira pakati pavo, akati, “Rugare kwamuri!”

²⁷Ipapo akati kuna Tomasi, “Uya pano nomunwe wako, uone zvanza zvangu; uya noruoko rwako, uruise murutivi rwangu; usava usingatendi, asi unotenda.”²⁸Tomasi akapindura akati, kwaari, “Ishe wangu, naMwari wangu!”

²⁹Jesu akati kwaari, “watenda nokuti wandiona? Vacharopafadzwa vanotenda, kunyange vasina kuona.”

20:26 “mazuva masere akati apfuura” Iyi itsumo yechiHebheru yokureva vhiki. Aya aiva mamwe manheru erimwe zuva rokutanga revhiki. Jesu akauya kuvadzidzi vari mumba yepamusoro (pamwe mumba maJohani Mako) mazuva okutanga evhiki dzakatevedzana achibva aita muenzaniso wokuti vaKristu vapote vachisangana nokunamata nemugovera. Tarira chinyorwa pandima. 19.

20:27 “usava usingatendi, asi unotenda” Ichi ndicho chorevo chezvirikudokwairirwa kuitwa (PRESENT MIDDLE [deponent] IMPERATIVE) chine chirevanguva chetsiudzo (NEGATIVE PARTICIPLE). Vatendi vose vanomusanganiswa wokutenda nokusatenda!

20:28 Kureurura kwaTomasi kunogona kuva nesungano nendima. 17. Kureurura kwaTomasi kunogonawo kuva kwakatanga mutestamende yekare pakuti pose painge pasanganiswa mazita maviri okuti ‘YHWH’ na *Elohim* (kureva., Genesi. 2:4), zita raibva rashandurudzwa roreva kuti “Ishe Mwari.” Jesu anobvuma zvakazara kumikidzo inoshamisa youMwari hwake iyi. Kuba muchikamu chokutanga, ndima yokutanga, vhangeri yaJohani inotaura zvouMwari hwaJesu weNazareta.

Jesu anozviita Mwari kakawanda muvhangeri yaJohani (cf. 8:58; 10:30; 14:9; 20:28) uyewo nomunyori anotaurawo zvouMwari hwaJesu muna. 1:15-17; 2vaTesaronika. 1:12; Tito. 2:13; vaHebheru. 1:8; 2Petirosi. 1:1, 11; 1Johani. 5:20).

20:29 Mutsara wezaruro uyu unogona kuva mutsara kana kuva mubvunzo unotarisisira mhinduro yokuti “hongu.” Murongerwo wezvivakamutauro zvawo zvinogona kureva zvakawanda. Izvi zvinofanana nemakombombodzo ari muna. 17:20 (cf. 1Petirosi. 1:8).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :20:30-31

³⁰Zvino Jesu akaita zvimwe zviratidzo zvizhinji pamberi pavadzidzi vake, zvisina kunyorwa mubhuku iyi; ³¹asi izvi zvakanyorwa, kuti mutende kuti Jesu ndiye Kristu Mwanakomana waMwari; uye kuti, muchitenda, muve noupenyu muzita rake.

20:30 Ndima. 30-31 dzinoratidza pachena kuti ndidzo dzine dingindira uye chinangwa chevhangeri yaJohani. Ndicho chinyorwa chouvhangeri! Vanyori vevhangeri, vari mukutuswa, vaiva nekodzero pamwe negoneso yaMwari yokusarudza, kuronga kutora pamwe nokupfupisa zviito nemashoko aJesu kuti vataurire mapoka evateereri, vaJudha, vaRoma pamwe navaHedheni, zvokwadi huru pamusoro paJesu. Testamende itsva haisi gwaro redzidziso yetsika yechiKristu (Talmud). vaCarl. F. Henry, mugwaro ravo rezaruro rinonzi, Masimba netuso yebhaibheri *'mugwaro retsanangudzo yakadzama yetsoropodzo yebhaibheri'* “The Authority and Inspiration of the Bible” in the *Expositor’s Bible Commentary*, vol. 1” vanoti:

“Bhaibheri harina chinangwa chokutura muronga wezviitiko, hazvinei kuti ndeyerondedzero yekusika kana nhorondo yeruponeso, kusanganisira nhorondo yekuita zimukadzimu. Asi chinangwa chedonogodzo yezvinyorwa zvebhaibheri ndechekupa vanhu vose zvose zvakaranganira kudzikinurwa kwavo nokuteerera kushumira musiki wavo. Nyangwe vanyori vebhaibheri vachiona basa raMwari rokuponesa nenzira dzakasiyana uye nezvinangwa zvakasiyana, zvavanotiudza ndezvechokwadi uye zvakatikwanira. Mateu anonyanya kuburitsa hurongwa hwenhaurwa achisiya muronga wenguva achiitira kuburitsa dzidziso. Ruka anosiya zvizhinji zviru muvhangeri yaMako asi achiita chinyorwa chakarongeka icho chinovhikirira gwara redzidziso yechinamato (cf. 1:4). Johani anopa tsoropodzo iri yesaruro yakajeka yevhangeri yechina (20:30, 31) “(pp. 27-28).

☐ **“Jesu akaita zvimwe zviratidzo zvizhinji pamberi pevadzidzi vake”** “zviratidzo” izvi zvinogona kunzwiswa nenzira dzakawanda.

1. Zviratidzo zvokuratidza kuti akanga ari mupenyu zvechokwadi
 - a. Kubata kwavakaita mavanga ake
 - b. Kudya navo kwaakaita (cf. Ruka. 24:43)
2. Zviratidzo zvinokosha zvisina kunyorwa zvakaitwa pamberi pavo mumba yepamusoro
3. Munongedzo webasa roupenyu hwake (zvakanagana nezvakanga zvaitika) kuvagadzirira kuti vanyore vhangeri (cf. Ruka. 24:46-48)

20:31

NASB, NKJV,

TEV, NJB “Kuti mutende”

NRSV “Kuti musvike pakutenda”

Zvimwe zvinyorwa zvechiGiriki, P⁶⁶, N*, B, nechinyorwa chechiGiriki icho chakashandiswa naOrigen, chine mutsara uneshongedzo yezvirikufungidzirwa kuti zviitike (PRESENT SUBJUNCTIVE), izvo zvinobva zvareva kuti vhangeri yaJohani yakanyorerwa kukurudzira vatendi kuti vaende mberi nokutenda.

Zvimwe zvinyorwa zvakare zvechiGiriki (kureva., N², A, C, D, L, N, W) zvine mutsara uneshongedzo yokureva zvaifungidzirwa kuti zvizoitwa (AORIST SUBJUNCTIVE), izvo zvinobva zvareva kuti vhangeri yaJohani yakanyorerwa vasingatendi. Gwaro re UBS⁴ rinoisa chirevo chezvakaaitika (AORIST) muchinyorwa asi rinopa mutsara uyu chipimo chetatu “C” (kureva kuti zvakaoma kupa rutemo). Ndima iyi ndiyo donogodzo yechinangwa chevhangeri. Vhangeri yaJohani, sedzimwe vhangeri, ndicho chinyorwa chinojekesa chimiro chouvhangeri.

▣ **“ndiye Kristu”** Iyi ndiyo shandurudzo yechiGiriki yezwi rechiHebheru rokuti “Mesiasi” iro rinoreva kwazvo kwazvo kuti “iye muzodzwa.” Mutestamende yekare, chaiva chizvarwa chaDhvhita chakaporofitwa kuti chaizounza nguva itsva yokururama. Jesu weNazareta (cf. 1:45) ndiye Mesiasi wechiJudha (cf. 11:27).

Kunan’anurwa kwaJesu uku kunowanikwa pakutanga kwevhangeri (cf. 1:41). Zvisinei, zita rokuti “Ishe, “kwete rokuti “Mesiasi, “ndiro zita raiva rakajairika pakureva Jesu pamaziviro evaHedheni (cf. vaRoma. 10:9-13; vaFiripi. 2:9-11).

Maonero okuti ‘Mesiasi’ aiva nechirevo chinochokuita nemagumo (1) kuvaFarisi aiva nechirevo chezvatongerwo enyika, etarisiro yerudzi pamwe ne (2) muzvinyorwa zvokuparara zvevaJudha aiva netariro yepasi rose.

▣ **“Mwanakomana waMwari”** Zita iri harinyanyi kushandiswa muvhangeri nhatu dzokutanga (pamwe nokuda kwekusanzwisiswa kwaro navaHedheni), asi rinoshandiswa kwokutanga muvhangeri yaJohani (cf. 1:14, 34, 49). Iyi ndiyo yaiva nzira yaJohani yokutaura ukama hweziitakamwe hwaiva pakati paJesu naBaba (kushandiswa kwezwi rokuti ‘*huios*’). Johani anoshandisa dimikira rechirevo chemhuri iri nenzira dzkawanda.

1. Sezita
2. Riine hochekeche na” iye akaberekwa ari mumwechete” (*monogenes*, cf. 1:18; 3:16; 1Johani. 4:9)
3. Rakabatanidzwa nokushandiswa kwezita rokuti” Baba” (cf. 20:17)

Tarira nhaurwa inokosha: Mwanakomana waMwari pana1Johani. 3:8.

MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviriri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Ndiani akauya kubwiro? Musi upi? Achitsvakei?
2. Sei vadzidzi vakanga vasingatarirsiri kumuka kuvakafa kwaJesu? Aripo here aizvitarisira?
3. Sei Maria asina kuziva Jesu?
4. Sei Jesu akaudza Maria kuti asamubate?
5. Tsanangudza ndima. 22-23 nemazwi ako.
6. Zvakanakawo here kudana Toamsi kuti aiva munhu anopokana?
7. Dudza izwi rokuti” tenda” sokushandiswa kwaraitwa panguva yaJesu, kwete yedu.

JOHANI 21

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Kuuya kwaJesu kuvadzidzi vanomwe 21:1-14	Kusvusvura pagungwa 21:1-14	Mazwi okupedzisira 21:1-3 21:4-8 21:9-14	Jesu anouya kuvadzidzi vanomwe 21:1-3a 21:3b-5a 21:5b 21:6 21:7-10 21:11-14	21:1-3 21:4-8 21:9-14
Jesu naPetirosi 21:15-19	Jesu anodzorerera Petirosi pachigaro 21:15-19 Mudzidzi aidikanwa naJesu nebhukurake	21:15-19	Jesu naPetirosi 21:15a 21:15b 21:15c-16a 21:16b 21:16c-17a 21:17b 21:17c	21:15-19
Jesu nomudzidzi waaida 21:20-23	21:20-25	21:20-21	Jes nevamwe vadzidzi 21:20-21 21:22 21:23	21:20-23 Mheto yepiri
21:24		21:24-25	21:24 Mheto	21:24
21:25			21:25	21:25

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara

ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyori. Ndiyozve hwaro hwekupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

RUONO RWEZVIRI MUGWARO RWENDIMA. 1-25

A. Pane nhaurwa huru pamusoro pechikamu. 21, chichinzi chakazowedzerwa nokuti vhangeri rinoita sokuti rinoperera pamagumo echikamu. 20:31. Zvisinei, hapana zvinyorwa zvechiGiriki zvinosiya chikamu. 21

B. Ndimu. 25 inowanzofungidzirwa kuti yakazowedzerwa pava paya nokuti munezvimwe zvinyorwa, Johani. 7:53-8:11 inozoiswa mushure mendima. 24. Uyezve, muzvinyorwa zvakare zve Sinaiticus, vanzveri vemabviro vakanga vakasiya ndima. 25 zvokuti vakatozonopfudza mivaravara yeshongedzo inohukorokodzwa wemunyori, mutiskisi wegwaro nezvimwewo kuti vaise ndima iyi.

C. Nyangwe isiri runhengo rwevhangeri yaJohani, chikamu. 21 chinoratidza kuti chakanyorwa naJohani mupositori. Chikamu ichi chinopindura mibvunzo miviri yekereke yokutanga:

1. Ko Petirosi akadzorerwa pahudzidzi noutungamiri here?
2. Ko nyaya inongotaurwa yokureba kwoupenyu hwaJohani?

DZIDZO YEMITSARA NEMAZWI

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :21:1-3

¹Shure kwaizvozvo Jesu akazviratidzave kuvadzidzi vake pagungwa reTibheriasi; akazviratidza kudai: ² VanaSimoni Petirosi, naTomasi, ainzi Dhidhimo, naNatanieri, weKana yeGaririya, navanakomana vaZebhedhi, navamwe vaviri vadzidzi vake, vakanga vari pamwechete. ³ Simoni Petirosi akati kwavari, “Ndonobata hove.”Vakati kwaari nesu toendawo newe.”Vakabuda, vakapinda muigwa; asi usiku uhwo Havana kubata chinhu.

21:1 “gungwa reTibheriasi” Tibheriasi ndiro raiva guta guru ravaRoma kuGaririya. Gapwa remvura ndiro rinozivikanwawozve nezita rokuti “gungwa reGaririya” (cf. 6:1) kana kuti “nyanza yeGenesareti” (cf. Mateu. 14:34; Mako. 6:53; Ruka. 5:1) uye mutestamende yekare rinodanwa kuti “nyanza yekinereti” (cf. Numeri. 34:11; Dhuteronomi. 3:17; Joshua. 11:2; 12:3; 13:27; 19:35; 1 Madzimambo. 15:20).

▣ **“akazviratidza kudai”** Izwi rechiito iri rinechirevo cho” kuratidza zvakakwana kana zvakajeka” (cf. 1:31; 2:11; 7:4; 9:3; 1Johani. 1:2; 2:28; 3:2; 4:9). Muvhangeri yaMateu munemusangano wakaitirwa kuGaririya mugomo (cf. 26:32; 28:7, 10, 16), hurongwa “hweutnwa hukuru.”Muvhangeri yaJohani, Jesu anozviratidza pagungwa reTibheriasi. Pakuonekwa kwake uku, Jesu anobata mibvunzo miviri iyo yaida mhinduro mukereke yokutanga

1. Ko Petirosi akanga adzorera pachigaro choutungamiri here?
2. Ko iyiwo nyaya yokuti Johani aisazofa Jesu asati adzoka

21:2 “Tomasi, ainzi Dhidhimo” Tarira nhaurwa inokosha pamusoro pemazita evapositori pa1:45.

Zviripachena kuti vanomwe pakati pevanegimi nomumwe ndivo vakaenda kunobata hove/kunoredza.

▣ **“vanakomana vaZebhedhi”** Izvi zvinoreva Jakobho naJohani (Johanani, cf. Mateu. 4:21). Muvhangeri yaJohani hapana anodomwa nezita pakati paJakobho naJohani.

21:3 “Simoni Petirosi, akati kwavari, ‘Ndonobata hove’ “Ichi ndicho chirevanguva chokureva zvirikuitika (PRESENT TENSE). Panotaurwa nyaya zhinji pamusoro pokunobata hove uku.

1. Kwaiva kuzvivaraidza vakamirira kusangana naJesu (cf. Mateu. 26:32; 28:7, 10)
 2. Kwaitirwa kutsvaka mari
 3. Dzaiva ndangariro dzaPetirosi dzokubata hove kwaaimboita
- Chikamu chino chinofanana zvikuru naRuka. 5.

▣ **“usiku uhwo Havana kubata chinhu”** Tarira uone kuti varume vava, avo vaiva nesimba rokudzanga madhimoni nokuporesa vairwara, vakanga vasina masimba eminana yokuita zvinhu zvose. Izwi rechiito iri harina kumwe kwarino shandiswa mutestamende itsva kureva kubata hove. Kazhinji rinowanzoshandiswa kureva kusunga munhu.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :21:4-8

⁴Zvino kwakati kwaedza, Jesu akamira pamhenderekedzo, asi vadzidzi vasingazivi kuti ndiJesu.

⁵Zvino Jesu akati kwavari, “Vana mune hove here?” Vakamupindura vakati, “kwete.”⁶Akati kwavari, “Kandai usvasvi kurutivi rworudyi rwegwa mugowana.”

Ipapo vakakanda, vakasagona zvino kuhukweva nokuwanda kwehove. ⁷ Zvino mudzidzi uya, aidikanwa naJesu, akati kunaPetirosi, “NdiIshe.”Ipapo Simoni Petirosi akati achinzwa kuti ndiIshe, akasunga nguo yake, nokuti akanga asina, akazviwisira mugungwa.

⁸ Asi vamwe vadzidzi vakauya nekagwa, vachikweva usvasvi hune hove, nokuti vakanga vasiri kure nenyika asi makubiti anenge mazana maviri.

21:4 “asi vadzidzi vasingazivi kuti ndiJesu” Pane nyaya zhinji dzinotaurwa pamusoro pokusaziva Jesu uku.

1. Kwaiva kuchakasviba
2. Aiva arikure navo zvikuru
3. Vakanga vaneta
4. Jesu aiva atishandukei (cf. Johani. 21:12; Mateu. 28:16-17; Ruka. 24:13ff)
5. Vakadziviswa pamweya kuti vamuzive (cf. Ruka. 24:16)

21:5 “**vana**” Izwi rakashandiswa nechibhende. Pane mazwi maviri anoreva “vana vadiki” ayo anonyanya kushandiswa mutestamende itsva. Irori rokuti (*paidion*) ndiro risinganyanyi kushandiswa uye rakasiyana nerinonyanya kushandiswa rokuti (*Teknion*) iro rakashandiswa muvhangeri yaJohani pamwe numalJohani. Muvhangeri izwi iri rinowanikwa muna. 4:49; 16:21, uye nepano chete. Mazwi aya anoita sokuti anoshandiswa zvakafanana munlJonani, rokuti *paidion* muna. 2:13, 18, asi rokuti *Teknion* muna. 2:1, 12, 28.

▣ “**mune hove here**” Izwi rokuti “hove” (*prospagation*) rinoreva kwazvo kwazvo kudya kupi zvako kunogona kudyiwa pamwe nechingwa, asi muchirevo chechinyorwa chino, “hove” dzinoita kurarirwa. Mubvunzo uyu unotarisisira mhinduro yokuti “kwete.”

21:6 Jesu aiita sezvaakamboita paya paakavadana, Ruka. 5:1-11. Sezvinoitwa muchikamu chino (tarira chinyorwa pandima. 15) mazwi maviri akasiyana echiGiriki anoshandiswa kureva igwa, *plion*’igwa’ mundima. 3 na6 nerokuti *pliaron*’kaigwa’ mundima. 8. Johani anoratidza kusiyana siyana kwemanyorero ake muchikamu nguva zhinji.

21:7 “**zvino mudzidzi uya aidikanwa naJesu**” Izvi zvinoreva munyori wevhangeri, iye Johani mupositori (cf. 13:23; 20:2, 3, 8; 21:20). Johani haana kumbodomwa muvhangeri.

▣

NASB “Akasunga nguo yake (nokuti akanga asina) “

NKJV “Akasunga nguo yake (nokuti akanga sina) “

NRSV “Akapfeka nguo, nokuti akanga asina”

TEV “Akazviputira nenguo yake nokuti akanga asina kupfeka”

NJB “Petirosi akazvisungira nenguo yake (nokuti akanga asina kupfeka) “

MuParastina yemakore zana okutanga vanhu vaipfeka nguo refu yomukati uye nepfupi yekunze. Petirosi akanga abvisa jazi/nguo yake yekunze uye akapeta yomukati kusvika muchiuo.

▣ “**ndiIshe**” Izwi rokuti *kurios* ndiro raiva rechiGiriki rokureva kuti “va, ““changamire, ““tenzi, ““muzvina, “kana “Ishe.”Nedzimwe nguva rinongova izwi rokuremekedza, asi munedzimwewo nguva rinoshandiswa senzira yokureva uMwari hwaJesu. Muchirevo chechinyorwa chino vabati vehove ava vakaziva kuti munhu akanga ari pamhenderekedzo dzegungwa aiva Ishe akakudzwa uye akamuka kuvakafa!

Mabviro eshandurudzo iyi anobva mumashandisire etestamende yekare, umo izwi rokuti ‘YHWH’ rinoshandurudzwa richireva kuti Ishe. Izvi zvakava saizvozvo nokuti vaJudha vaitya kutaura zita rouMwari iri, Naizvozvo vakaritsivanisa nerimwe rechiHebheru rokuti ‘*adonai*, ’ iro rinofambirana nerokuti *kurios*. Tarira nhaurwa inokosha pa6:20.

Zita rokuti Ishe ndiro riri pamusoro pemazita ose munavaFiripi. 2:9-11. Raivawo chikamu chokureurura kwerubhabhatidzo mukereke yokutanga, kuti “Jesu ndiIshe” (cf. vaRoma. 10:9-13).

20:8 “**asi vamwe vadzidzi** “Zviripachena kuti ruzhinji rwevadzidzi rwakanga rwaenda naPetirosi kunobata hove senzira yokutsvaka mari yokushandisa (vakanga vasisa miriri vakadzi avo vaifamba naJesu).

▣ “**usvasvi hune hove**” Chero panguva yokupedzisira iyi Jesu achiri

1. Kuumbiridza kutenda kwavo
2. Kuvapa zvavanoda
3. Kukumikidza masimba nokumuka kuvafi kwake (pamusoro pezvisikwa)

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :21:9-14

⁹Zvino vakati vasvika panyika, vakaona moto wamazimbe waveswa, nehove yakaiswa pamusoro pawo, nechingwa. ¹⁰ Jesu akati kwavari, “Uyai nedzimwe hove dzamakabata zvino.”

¹¹Simoni akakwira muigwa, akakwevera usvasvi kumucheto, hwakanga huzere nehove huru, zana nemakumi mashanu nenhatu; asi kunyange dzaiva zhinji dzikadai usvasvi hahuna kubvaruka. ¹²Jesu akati kwavari, “Uyayi musvuvure.” Kwakanga kusina mumwe wavadzidzi vake akatsunga kumubvunza, kuti, “Ndimi aniko?” Vachiziva kuti ndiye Ishe.

¹³Zvino Jesu akaenda, akatora chingwa, akavapa, nehovewo saizvozvo.

¹⁴Urwu rwaiva rwechitatu, Jesu rwaakazviratidza kuvadzidzi vake amuka kuvakafa.

21:9 “moto wamazimbe waveswa, nehove yakaiswa pamusoro pawo, nechingwa”

Chinangwa chokusvuvura uku chaiva chokuwadzana pamwe nekurangaridzo yedzidziso yezvouMwari. Zvirevo zvedzidziso yezvouMwari ndeyokuti

1. Mbadzi ino inobata nyaya yokuramba kwakitwa naPetirosi painomotozve (cf. 18:18). Izwi iri rinowanikwa pano neapo.
2. Vhangeri yaJohani neyaJohani dzakanyorerwa kupikisa manyepo evaya vaisanganisa vhangeri nemafungiro avo, avo vairamba kuvamunhu kwaJesu, iye Mesiasi. Jesu akadya navo.

21:10 Muchitsauko chino mune mazwi maviri okureva hove: (1) mundima. 9, 10, na 13, izwi rokuti *opsarion*, iro raireva kuti hove diki uye (2) mundima. 6, 8 na11, izwi rokuti *ichthus*, iro raireva kuti hove huru. Mazwi aya anoita sokuti anoshandiswa zvakananana muchirevo chechinyorwa chino.

21:11 “zana nemakumi mashanu nenhatu” Pachirevo chechinyorwa huwandu uhwu hahuite sokuti hungava nechirevo; hunongova humboo hwehukorokodzwa hunopiwa nomunhu akaona. Zvisineyi, nokuda kwemaitiro asakarurama ekereke yokutanga okuda kutsvaka chirevo kumirudzo nohukorokodzwa, yakazomanikidzira ndima iyi kuti ive nechirevo

1. Cyril akati, zana raimirira vaHedheni, makumi mashanu achimirira vaJudha uyewo nhatu yaimirira Mwari vatatu mumwe.
2. Augustine akatiwo muraudzo uyu waimirira mirayiro inegumi pamwe nezvipa zvemweya zvinomwe, izvo zvinotipa gumi nenomwe. Anotiwo ukaverenga miraudzo kubva pana motisi, piri tatu, ina kusvika kugumi nenomwe unowana muraudzo wezana nemakumi mashanu nenhatu. Augustine anoti uhwu ndihwo huwandu hwevanhu vakauya kunaKristu kuburikidza nomurayiro pamwe nenyasha.
3. Jerome akatiwo, kune mhando dzehove dzinosvika zana nemakumi mashanu nenhatu, naizvozvo, izvi zvaimirira chirevo chokuti ndudzi dzose dzinouya kunaKristu. Iyo nzira yokupirikira iyi yokutsanziridza chirevo inongoratidza kungwara kweanopirikira kwete vavariro yemabviro, yemunyori akatuswa!

☐ **“kunyange dzaiva zhinji dzikadai, usvasvi hahuna kubvaruka”** Izvi zvinogona kuva horokodzwa yeakaona kana kuti chirevo chechishamiso.

21:14 “urwu rwaiva rwechitatu Jesu rwaakazviratidza kuvadzidzi vake” Izvi kunge zviri kureva ruviri rwuri muchikamu. 20 rwuchisanganiswa nourwu.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :21:15-19

¹⁵Zvino vakati vasvuvura, Jesu akati kuna Simoni Petirosi, “Simoni, mwanakomana waJona uno rudo neni kudarika ava here?” Akati kwaari, “Hongu, Ishe; munoziva kuti ndinokudai.” Jesu akati kwaari, “Fudza hwayana dzangu.”

¹⁶Akati kwaarizve rwechipiri, “Simoni, mwanakomana waJona, une rudo neni here?” Akati kwaari, “Hongu Ishe; munoziva kuti ndinokudai.” Jesu akati kwaari, “Chengeta makwai angu.”¹⁷ Akati kwaari rwechitatu, “Simoni, mwanakomana waJona, Unondida here?” Petirosi akarwadziwa mwoyo nokuti akati kwaari rwechitatu, “Unondida here?” Akati kwaari, “Ishe, munoziva zvose; munoziva kuti ndinokudai.” Jesu akati kwaari, “Fudza hwai dzangu. ¹⁸Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwaari, uchiri jaya, waizvisunga chiuno, uchifamba kwawaida; asi kana wakwegura uchatambanudza maoko ako, mumwe achakusunga chiuno, achikuisa kwausingadi.”

¹⁹Akareva izvozvo, achifananidza kufa kwaazokudza Mwari nako. Zvino akati areva izvozvo, akati kwaari, “Nditevere.”

21:15 “Simoni, mwanakomana waJona” Tarira uone kuti Jesu haana kumudana kuti “Simoni Petirosi, “murume aive ibwe chairo!

Pane musoiyano wezvinyorwa kunechokuita nezita raBaba vaSimoni Petirosi.

1. Johani—gwaro re \aleph^1 , B, C*, D, L, W
2. Jona—gwaro re A, C²
3. Rakasiwa-- \aleph^*

Gwaro reUBS⁴ rinopa tsanangudzo yokutanga chipimo chepiri “B” (kureva., pedo nechokwadi) zvichitevera 1:42 (P⁶⁶, P⁷², \aleph , B*, L, W).

☐ **“rudo...rudo.. rudo”** Pane kudzororwa katatu kuripachena uko kunoita sokuti kunesungano nokuramba rutatu kwaPetirosi munhandare yemupirista mukuru (cf. 18:17, 25, 27). Mumbadzi yechinyorwa ino munekufambirana nokupikisana kwakawanda zvikuru.

1. Rudo (*phileō*) maringe nerudo (*agapaō*)
2. Hwayana maringe nehwayi
3. Ziva (*ginoskō*) maringe nekuziva (*oida*)

Pane nhaurwa huru pamusoro pokuti izvi zvingareva kusiyana here kana kuti uyu musiyano wemazwi aya wakaitwa neune. Johani anowanzoshandisa kusiyana kwakuwanda, kunyanya muchikamu chino (mazwi maviri okureva “vana, “‘igwa, “ne” hove”). Muchirevo chehinyorwa chino munoita sokuti mune musiyano pakati pemazwi echiGiriki okuti ‘*agapaō*’ nerokuti *phileō*, asi izvi hazvinganyanyi kutsindikidzwa nokuti mururimi rwe’Koine Greek’ mazwi aya anoreva zvakafanana (cf. 3:35; 5:20; 11:3, 5).

☐ **“unorudo neni kudarika ava here”** Murongerwo wemazwi mumutsara unoita kuti mutsara uyu usareva nyaya imwe yakangana nomubvunzo. Vamwe vanoti mutsara uyu unoreva

1. Basa robata hove

2. Zvakambotaurwa naPetirosi zvokuti iye aida Jesu kudarika vamwe vadzidzi (cf. Mateu. 26:33; Mako. 14:29 naJohani. 13:37)
3. Wokutanga achava muranda wavose (cf. Ruka. 9:46-48; 22:24-27)

▣ **“chengeta makwai angu”** Ichi ndicho chirevo chezvirikudokwairirwa kuti zviitwe (PRESENT ACTIVE IMPERATIVE). Yose mibvunzo iyi mitatu ine chimiro chechivakamutauro chakafanana (cf. ndima. 16 na17), asi iine murongerwo wemazwi wakasiyana zvishoma (fudza hwayi dzangu nokuchengeta makwai angu).

21:17 “Ishe, munoziva zvose” Petirosi arikudzidzira kutaura asingakurumidze. Anotaura dzidzo yezvouMwari yakanaka (cf. 2:25; 6:61, 64; 13:11; 16:30).

▣ **“munoziva kuti ndinokudai”** Pane kusiyana kwezwi rechiGiriki rokuti “ziva” pakati pendima. 16 (*oida*) nendima. 17 (*oida nerokuti ginokō*). Chinangwa chazvakaitirwa hachinyatsozivikanwi, kunogona kunge kwaingova kuda kushandisa mazwi akasiyana siyana.

21:18 “tambanudza maoko ako” Iri rinogona kunge raiva dimkira raishandiswa (1) mukereke yokutanga ne (2) kuti muzvinyorwa zvechiGiriki rinogona kunge raireva kuti” kurovera.”

21:19 “achifananidza kufa kwaazokudza Mwari nako” Zvinotaurwa zvichinzi Petirosi akafa rufu rwokuroverwa akasunamidzwa. Mugwaro renhorooondo youparidzi” *Ecclesiastical History*, vol. 3:1, Eusebius anoti, “Petirosi anonzi akaparidza mumatunhu ePointius, Garatiya, Bhitinia, Kapodhikia pamwe nekuAsia kusvika kuvaJudha vaiva muudzingwa. Aenda kuRoma vakati voda kumurovera akakumbira kuti vamurovere akasunamidzwa.”Tarira chinyorwa pa1:14.

▣ **“nditevere”** Ichi ndicho chirevo chokureva zvirikudokwairirwa kuti zviitwe (PRESENT ACTIVE IMPERATIVE), semundima. 22. Izvi zvinechokuita nokumutsiridzwa nokukumikidzwazve kweutungamiri hwaPetirosi (cf. Mateu. 4:19-20).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :21:20-23

²⁰Petirosi akatendeuka, akaona uya mudzidzi, aidikanwa naJesu, achitevera; ndiyewo akasendamira pachipfuva chake pachirayiro achiti, “Ishe, ndianiko achakupandukirai?”

²¹Zvino Petirosi akati achimuona akati kunaJesu, “Ishe, ko uyu achaitweiko?” ²²Jesu akati kwaari, “kana ndikada kuti agare kusvikira ndichiyaya, uneiko nazvo iwe? Unditevere iwe.”

²³Zvino shoko iro rakapararira pakati pehama, kuti mudzidzi uyu haangazofi, asi Jesu haana kureva kwaari, kuti haangazofi, asi kuti, “kana ndikada kuti agare kusvikira ndichiyaya, uneiko nazvo iwe?”

21:20 “mudzidzi uyo aidikanwa naJesu” Izvi zvinoreva zvakanyorwa muna. 13:25. Kutu sei akanan’anurwa sezvizvi hazvinyatsozivikanwi (cf. 13:23; 19:26; 20:2; 21:7, 20). Zvinogona kurevawo zvinotevera

1. Zvinyorwa zvavaJudha zvaisa doma munyori nezita muchinyorwa chake
2. Johani aiva muduku zvikuru paakatanga kutevera Jesu
3. Johani ndiye mudzidzi oga akaramba aina Jesu pakutongwa nokuroverwa

21:22 “Jesu akati kwaari, ‘kana ndikada kuti agare kusvikira ndichidzoka, uneiko nazvo iwe” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva zviru muneramangwana (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Tinofanira kuziva kuti tinosungirwa kutarisana nezvipo pamwe noshumiri hwedu kwete kuswero tarisana nezvakarongerwa vamwe naMwari! Chimwe chingangova chinangwa chokuwedzerwa kwechikamu. 21 ndiyo nyaya yokuda kupa mhinduro kunyaya yokusanzwiswisa kwenyaya iyoyi. Zviripachena kuti kwakava neguhwa kareko (ringangova raifambiswa nevaya vaisanganisa vhangeri nemafungiro avo) rokuti Johani aizo rarama kusvikira Jesu achidzoka (Johani haasi kutaura nezvekuzoona Jesu *porusia*, cf. 1Johani. 3:2).

☐ “**nditevere**” Izvi zvinoita sokuti ndiyo pfupiso yevhangeri yaJohani (cf. 1:43; 10:27; 12:26; 21:19, 22). Izvi ndizvo zvinokumikidza chimiro chepauzima chevhangeri, ukuwo kuti” tenda kuti” kunokumikidza zviru muvhangeri.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :21:24

²⁴Ndiwoyu mudzidzi anopupura izvozvi, wakazvinyorawo; tinoziva kuti kupupura kwake ndokwechokwadi.

21:24 “**wakanyorawo**” kuti izvi zvingareve here (1) ndima. 20-23; (2) chikamu. 21; kana (3) vhangeri yose? Mhinduro yemubvunzo uyu hainyatsozivikanwa.

☐ “**tinoziva kuti kupupura kwake ndokwechokwadi**” Hazvinyatsozivikanwa kuti boka chairo rinorehwa nezwi rinesungano nezita rokuti “tino” nderipi. Zviripachena kuti vamwewo varikuiswa mukutsigira zvokwadi yevhangeri yaJohani. Izvi zvinogona kureva vakuru vevaEfeso. Uku ndiko kwaigara Johani, nokwaishumira uye kwaakazofira. Zvinotaurwa zvichinzi vakuru vekuEfeso ndivo vakakurudzira Johani uyo akanga ava mutana, kuti anyorerwo vhangeri yake nokuda kwokuti vamwe vapositori vakanga vafa uyewo nokuda kwokupararira kwenhema pamusoro paJesu. Tarira nhaurwa inokosha:zvapupu zvaJesu pa1:8.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :21:25

²⁵Zvimwe zvizhinji zviriko zvakaitwa naJesu; kana zvainyorwa chimwe nechimwe, ndinoti kunyange nenyika yose haingaringani bhuku dzinganyorwa.

21:25 Ndima. 25 haina kugamuchirwa nokuda kwezvinhu zviru: (1) muzvinyorwa zvizhinji Johani. 7:53-8:11 dzinoiswa pakati pendima. 24 nendima. 25 (2) mugwaro reSinaiticus (N) vanzveri vemagwaro vakatozopfudza chinyorwa cheshongedzo, icho chinodoma zita romunyori mutsikisi, nezvimwewo, kuti vaise ndima. 25, pava paya. Izvi zvakaonekwa nenzira yokushandisa mwenje unoratidza zvisingaonekwi nemaziso evanhu, kujengeta magwaro rekunyika yeBhiriteni (Britain). Ndima iyi inotiratidza kuti vanyori vevhangeri vaisarudza zvavakanyora. Mubvunzo wezvokupirikirwa kwemagwaro, ndowekuti, “Sei vakanyora izvi nenzira yavakanyora nayo uye sei vasina kuchimbizikira kubatanidza vhangeri dzose dziri ina?” (verenga bhuku ravaGordon Fee navaDouglas Stuart, rinonzi, maverengerwo ebhaibheri nezvariri zvose “*How to read the Bible For All it’s worth*”).

MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Ko chikami. 21 chevhangeri yaJohani chinofanana papi naRuka. 5?
2. Sei vadzidzi vasina kukurumidza kuziva Jesu?
3. Ndiani mudzidzi aidikanwa naJesu?
4. Sei Jesu akabvunza Petirosi pamusoro pokuti aimuda here?
5. Ko Jesu akati Johani aizogara kusvikira iye achidzoka here?
6. Ndiani anorehwa mundima. 24?
7. Ko ndima. 25 ndeyemabviro here?

1 JOHANI

NHANGANYAYA YA 1 JOHANI

KUSIYANA KWAKAITA BHUKU RA 1 JOHANI NEMAMWE MABHUKU

- A. Bhuku ra 1.Johani harisi tsamaba yakanyorerwa munhu kana kereke chero kuva “tsamba inoburitsa kudzama kwemurangariro yaibva kuvatungamiri”(tsamba yezibatakose).
1. Harina nhanganyaya yakajairika(yokureva kuti tsamba yaibvepi ichiendepi).
 2. Harina kwaziso kana shoko rokupeta.
- B. Mubhuku iri hamutaurwi mazita evanhu. Izvi hazvina kujairika,kunze kwemumabhuku ayo akanyorerwa kereke dzakawanda, akaita setsamba kuvaEfeso naJakobho. Tsamba yemutestamende itsva isingadomi zita romunyori ndivaHebheru chete. Zvisinei, zvirpachena kuti bhuku ra 1.Johani rakanyorerwa vatendi vakanga vatarisana nedambudziko mukereke redzidziso yenhema yevaya vaisanganisa vhangeri nemafungiro avo.
- C. Tsamba iyi inoukorokodzwa hwakadzama hwedzidziso yezvouMwari
1. Kukosha kwaJesu
 - a. Kuva munhu nokuvaMwari akazara
 - b. Ruponeso runouya nokutenda munaJesu kwete nezvakavanzika kana kuva noruzivo rwezvakavanzika(vadzidzisi venhema)
 2. Kudikwa kwemararamiro echiKristu (zvipimo zvitatu zvouKristu chaihwo)
 - a. Kudanana
 - b. Kuteerera
 - c. Kuramba maitiro enyika inoutadzi
 3. Simbiso yoruponeso rusingaperi nokutenda munaJesu weNazareta(izwi rokuti “ziva “rakashandiswa kamakumi maviri anenomwe)
 4. Nzira yokuona vadzidzisi venhema
- D. Zvinyorwa zvaJohani(kunyanya 1.Johani) ndizvo zvimwe zvezvinyorwa zvakareruka zverurimi rwechiGiriki rwaishandiswa panguva yetestamende itsva (koine Greek) zvinozivikanwa zvakanyorwa nomunyori wetetsamende itsva,asiwo mabhuku ake, anobata nyaya dzakadzama dzezvokwadi yaMwari munaJesu Kristu(kureva kuti.,Mwari ndiye chiedza, 1.Johani.1:5; Mwari ndiye rudo, 1.Johani.4:8,16;Mwari meya, Johani.4:24).
- E. Zvinogonekawo kuti 1.Johani yaiva tsamba yaibata nyaya dziri muvhangeri yaJohani. Kupindura nhema dzevaisanganisa vhangeri nemafungiro avo veamkore zana okutanga,ndiko kunoumba hwaro hwemabhuku aya ari maviri. Vhangeri ine chinangwa chokuparidza, ukuwo bhuku ra 1.Johani rakanyorerwa vatendi(kureva.,udzidzi).
- Mutsoropodzi anomukurumbira,vaWestcott vanoti, vhangeri rinotsigira uMwari hwaJesu, ukuwo bhuku ra 1.Johani rinotsigira kuva munhu kwaJesu. Mabhuku aya anofambirana!

F. Johani anonyora nenzira younyambiri. Iyi ndiyo nzira yemanyorerwo emagwaro e 'D.S.S' pamwewo nevadzidzisi venhema. Murongerwo webhuku ra 1.Johani weunyambiri unoratidza zvose mutauriro(chiedza maringe nerima) pamwe nemhamndo(mutsara wetsiudzo uchiteverwa nowekurudziro nowekurudziro). Izvi zvinosiyana nevhangeri yaJohani iyo inoshandisa unyambiri hwedenga nepasi(Jesu anobva kudenga maringe nevanhu vose vepasi).

G. Kudonongodza bhuku ra 1.Johani kunonetsa nokuda kwekudzokororwa kwemadingindira kunoitwa naJohani. Bhuku iri rinenge zimonemone rezvokwadi dzakarukirirwa nemunyerekete unodzokororwa(cf.verenga bhuku ravaBill Hendricks rinonzi, zvirukwa zvezvokwadi,tsamba dzaJohani "*Tapestries of truth, The letters of John*").

MUNYORI

A. Nyaya yokuti bhuku ra 1.Jphani rakanyorwa naani ndiyo imwe yenhourwa huru idzo dziri pamusoro pokuti zvimwewo zvinyorwa zvaJohani zvakanyorwa naani –vhangeri, 1.Johani, 2.Johani, 3.Johani naZvakazarurwa.

B. Pane mafungiro maviri

1. Humboo hokusirana

a. Humboo hwaitaurwa navanamadzibaba vekereke yokutanga hwaibvumirana kuti Johani,iye mudikanwi mupositori, ndiye aiva munyori webhuku ya 1.Johani

b. Pfupiso yoomboo hwekereke yokutanga

1) Clement wekuRoma (A.D.90) anotaura zvinotsigirana na 1.Johani

2) Polycarp wekuSimirina,va*Firipi*.7(A.D.110-140) anotorawo mazwi mubhuku ya 1.Johani

3) Nhourwa dzaJustin Martyr, chikamu.123:9 (A.D.150-160) anotorawo mazwi ari mubhuku ra 1.Johani

4) Pano kutsigirwa kunoitwa bhuku ra 1.Johani muzvinyorwa zva

a) Ignatius wekuAndioki(mazuva chaiwo ezvinyorwa izvi haanyatsozivikanwa asi pakutanga kwemakore zana okutanga ,A.D.100)

b) Papias wekuHierapolis(akazvarwa pakati pemakore makumi mashanu nemakumi matanhatu 'A.D.50-60' okutanga uye akazourairwa shoko mumakoreanenge zana nemakumi mashanu nemashanu okutanga'A.D.155')

Irenius wekuLyons(A.D.130-202)anoti bhuku ra 1.Johani rakanyorwa naJohani mupositori. Tertullian, mutsigiri weshoko wemakore okutanga uyo akanyora mabhuku makumi mashanu achipikisa vadzidzisi venhema, aitorawo zvikuru mazwi ari muna 1.Johani

5) Zvimwewo zvinyorwa zvinoti bhuku iri rakanyorwa naJohani mupositori ndezvaClement ,Origen, naDionysius,nezvose zvitatu zvekuAlexandria,gwaro reMuratorian fragment(A.D.180-200), naEusebius(mumakore mazana matatu okutanga).

6) Jerome (muchikamu chepiri chemakore mazana mana okutanga)akatsigirawo kuti Johani ndiye aiva munyori webhuku iri asi akabvumawo kuti vamwe venguva yake vairamba nyaya iyi.

- 7) Theodore wekuMopssuestia, uyo aiva mukuru wekereke yekuAndioku kubva muna A.D.392-428, akaramba kuti Johani ndiye aiva munyori webhuku iri.
 - c. Kana ari Johani mupositori akanyora, ko chiiko chatinomboziva nezvake?
 - 1) Aiva mwanakomana waZebhedhi naSarome
 - 2) Aiva mubati wehove mugungwa reGaririya, pamwe nomunin'ina wake Jakobho (anogona kunge aivawo muridzi wemaigwa akawanda)
 - 3) Vamwe vanoti mai vake vaiva munun'una waMaria, mai vaJesu (cf. Johani. 19:25; Mako. 15:20)
 - 4) Zviripachena kuti aiva mupfumi nokuti aiva
 - a) Nevashandi (cf. Mako. 1:20)
 - b) Maigwa akawanda
 - c) Neimba muJerusarema
 - 5) Johani aibvumirwawo kusvika kumba kwemupirista mukuru muJerusarema, izvo zvinoratidza aiva munhu aivawo nomukurumbira (cf. Johani. 18:15-16)
 - 6) Maria, mai vaJesu vakasiwawo vachichengetwa naJohani
 - d. Mukereke yakare, zvinotaurwa zvichinzi, iye Johani ndiye akararama kupfuura vadzidzi vose, uye shure kwokufa kwaMaria muJerusarema, anonzi akandogara kuAsia, mudunhu rekuvaEfeso, iro raiva guta guru redunhu iri. Akazobviswa muguta iri akaiswa muudzingwa pachitsuwa chePatimosi (chinova chihambwe kubva pamhenderekedzo dzegungwa) uye akazosunungurwa akadzorerwa kuEfeso (Eusebius, Papias naIrenaeus).
2. Vanzveri vemazuva ano
 - a. Ruzhinji rwevanzveri vemazuva ano runoona kufanana pakati pezvinyorwa zvaJohani, kunyanya pakuumba mitsara, mazwi aanoshandisa nechimiro chezvivakamuturo. Muenzaniso wakanaka ndowekusiyana kuripachena kunowanikwa muzvinyorewa izvi; upenyu maringe norufu, chokwadi maringe nenhema. Kupatsanuka kuripachena uku kunoonekwawo munezvimwewo zvinyorwa zvenguva iyi, gwaro reDSS pamwe nezvinyorwa zvenhema zvevaye vaisanganisa vhangeri nema fungiro avo.
 - b. Pane mafungiro akawanda zvikuru pamusoro pemabhuku mashanu aya anonzi akanyorwa naJohani. Mamwe mapoka anoti mabhuku aya akanyorwa nomunhu mumwe, vanhu vaviri, vatatu, nezvimwewo zvakananda. Zvinoita sokuti nyaya chaiyo ndeyokuti zvinyorwa zvaJohani zvakananda mupfungwa dzomunhu mumwechete, chero zvichigoneka kuti zvakananyorwa nevadzidzi vake.
 - c. Maonero angu ndeokuti, Johani, mupositori akanga ava mutana, ndiye akanyora mabhuku ose ari mashanu pakunopera kwoushumiri hwake kuEfeso.
 3. Nyaya yokuti ndiani akanyora mabhuku inyaya inechokuita nokoupirikira kwete tuso. Kwazvo kwazvo munyori weshoko ndiye Mwari pachake!

MAZUVA AKANYORWA—Zviripachena kuti nyaya iyi inechokuitawo nekuti ndiani akanyora

- A. Kana Johani mupositori ari iye akanyora tsamba idzi, uye kunyanya 1. Johani, saka tiri kutaura nezvenguva iri pedo nokupera kwemakore zana okutanga. Izvi zvinopa nguva kukuvadudzwa kwenzira dzemafungiro okudzamisa ndangariro evaya vedzidziso yezvouMwari yenhema yokusanganisa vhangeri nema fungiro avo uye zvinobva zvafambirana zvikuru nemanorerwo akaitwa bhuku ra 1. Johani (“vana vaduku”), izvo

zvinoita sokuti zvinoreva vatana vaitaura neboka revatendi vechidiki. Jerome anoti Johani akararama makore makumi matanhatu ane masere mushure mokuroverwa kwaJesu. Izvi zvinoita sokuti zvinofambirana nezvinotaurwa izvi.

- B. vaA.T.Robertson vanoona sokuti bhuku ra 1.Johani rakanyorwa pakati paA.D.85-95, ukiwo vhangeri yakanyorwa munaA.D.95.
- C. gwaro retsoropodzo rinonzi ,dungwerungwe yetsoropodzo ya 1.Johani”*The International Commentary Series on 1.John*” iro rakanyorwa nava I.Howard Marshal ,rinoti mazuva ari pakati paA.D.60-100, ndiwo ari pedo nepanodiwa nevanzveri vemazuva ano kuti vasvike pakuwana fungidziro yakanaka yezvinyorwa zvaJohani.

VATAMBIRI VETSAMBA

- A. zvinonzi bhuku iri rakanyorwa rakanangana nematunhu evaRoma nechekumadokero kweAsia, Efeso iri iyo guta guru rematunhu aya.
- B. Tsamba iyi inoita sokuti yakanga yatumirwa kuboka remakereke muchipimvu chidiki cheAsia uko kwakanga kwaita dambudziko revadzidzisi venhema (sekuvaKorose nokuvaEfeso) kunyanya
 - 1. Bande revaya vaisanganisa vhangeri nemafungiro avo,raidaviro kuvaMwari kwaJesu richiramba kuvamunhu kwake (docetic Gnostics).
 - 2. Bande ravowo raipatsanura dzidziso youMwari kubva kutsika nemaitiro akanaka (antimonian Gnostics).
- C. Augustine (makore mazana mana okutanga) anoti tsamba yaienda kuBhabhironi. Anotsigirwawo naCassodrus(pakutanga pemakore mazana matanhatu okutanga). Izvi zvinodaro nokuda kwekuvhiringika kwakaunzwa nomutsara wokuti “mai vakasanangurwa,” 2.Johani.1, newokutiwo, “mai ari mubhabhironi,” 1Petirosi.5:13.
- D. Gwaro reMuratorian fragment ,rinova donogodzo yemabhuku etestamende itsva iro rakanyorwa mumakore ari pakati paA.D.180-200 muRoma, rinoti, tsamba iyi yakanyorwa “mushure mekurudziro yevamwewo vadzidzi pamwe nevakuru vedzikereke” (kuchipimvu chidiki cheAsia).

NHEMA

- A. Zviripachena kuti tsamba iyi yaiva yokugadzirisa nhema dzevadzidzisi venhema (kureva,,”kana tichiti...” 1:6ff na “uyo anoti...”2:9;4:20 [mutauriro wetsiudzo]).
- B. Tinogona kudzidza mimwe misimbote yedzidziso yenhema kubva muumboo huri muna 1.Johani.
 - 1. Kuramba kuvazimukadzimu kwaJesu Kristu
 - 2. Kuramba kukosha kwaJesu Kristu muruponeso
 - 3. Kusavapo kwemararamiro chaiwo echiKristu
 - 4. Kukumikidzwa kweruzivo(kazhinji rwevzkavanzika)
 - 5. Maitiro okunyanya kutaura nezvokusanangurwa

C. Mamiriro enguva yemakore zana okutanga

Nyika yavaRoma yakanaga iri munguva yebakanyira remafungiro ezvitendero zvokmavirira nezvokumabvazuva. vaMwari vavaGiriki netemberi dzavaRoma zvakanga zvisisna kumira zvakanaka. Zvitendero zvemuchivande izvi zvakanga zviine mukumbira nokuda kwokukumikidza kwazvaiita ukama hwepauzima naMwari pamwe noruzivo rwezvakananzika. Kudzamisira ndangariro kwevaGiriki kwaivawo nomukurumbira uye kwainge kwavakuvawo nemubatira pamwe nedzimwe nzira dzemaonero . Kubva mumusanganiswa webakanyira rezvitendero iri ndimo makabuda husanangurwa hwechitendero chechiKristu(Jesu ndiye oga nzira yokuenda kunaMwari,cf.Johani.14:6). Chero nedzipi nzira dzemabviro echitendero chenhema izvi, chinangwa chazvo chaiva chokuedza kuita kuti chiKristu chitambirike kuruzhinji rwevaRoma nevaGiriki.

D. Nzira dzingangovapo dzokudoma kuti Johani aireva boka ripi revadzidzisivenhema ava

1. Dzidziso yekusanganisa vhangeri nemafungiro evanhu

- a. Kwazvo kwazvo dzidziso yenhema yemakore zana okutanga iyi inoita sokuti ndiyo kumikidzo yedzidzo younyambiri hweraramo(nokusingaperi) pakati pemweya nenyama. Mweya (Mwari mukuru) ndiye ainzi akanaka, ukuwo nyana yainzi yaiva nouipi zvachose. Mhatsanurwa iyi inofanana neyemudzamisi wendangariro ainzi Plato,yokuti zvakanaka maringe nenyama, zvedenga maringe nezvenyika, zvisingaonekwi maringe nezvinoonekwa. Paivawo nekukumikidziswa kwekukosha kweruzivo rwezvakananzika(mitsumbutsumbu yemazwi anosvumbunurira mweya kuti upinde mumivanzarira yengirozi[*aeons*]kusvika kuna mwari mukuru) kuitira ruponeso.
- b. Pane dzidziso mbiri dzenhema idzo dzinoratidza pachena kuti ndidzo dzakaumbahwaro hwebhuku ra 1.Johani
 - 1) Venhema dzokuramba kuva munhu kwaJesu(Docetic Gnosticism),ava ndivo vairamba kuti Jesu aiva munhu nokuti zvoze zvenyama zvakaipa.
 - 2) Venhema dzokuti Jesu waiva Mweya wakagara munhu(Cerinthian Gnosticism), ava vaiti Jesu aiva ari ngirozi yaigara mumivanzarira yengirozi iri pakati pamwari mukuru nenyama inouipi. Vaitiwo “Mweya waKristu “ uyu ndiwo wakapinda munaJesu aiva munhu wenyama pakubhabhatidzwa kwake uye ukamusiya asati aroverwa.
 - 3) Pamapoka ari maviri aya paivawo nevamwe vaitendawo kuti chose chinodiwa nomuviri womunhu chakaipa(ascetism), vamwewo vaiti kana muviri uchichida unopiwa(antinomianism). Mumakore zana okutanga hamhuna humboo hwakanyorwa hwenzira yedzidziso yenhema iyi. Humboo uhwu hwakazovapo nechepakati pemakore mazana maviri okutanga. Kutu uzive zvakanwanda ne”zvedzidziso yedzenhema” idzi (Gnosticism) , verenga
 - a) Bhuku ravaHans Jonas rakatsikiswa neveBeacon Press,rinonzi; chitendero chekusanganisa vhangeri nemafungiro evanhu”*The Gnostic Religion*”
 - b) Bhuku ravaElaine Pagels,rakatsikiswa neveRandom House ,rinonzi; vhangeri yenhema”*Gnostic Gospels*”
 - c) Bhuku ravaAndrew Helmond, rinonzi;bhaibheri nezvinyorwa zvenhema zveNag Hammadi”*The NagHammadi Gnostic Texts and the Bible*”

2. Va Ignatius vanoti kunogona kuva nemamwe mabviro enhema idzi, muzvinyorwa zvavo ku *Smyrnaeans*.4-5. Vakaramba kuvazimukadzimu kwaJesu uye vakararama nenziro yokuzvifadza(antinomian).
3. Asiwo kuno mumwewo asinganyanye kutarisirwa kuva mabviro edzidziso yenhema iyi, ndiye Meander weAndioku, uyo anozivikanwa kubva muzvinyorwa zveIrenaeus, kupikisa nhema.23 '*against heresies XXIII.*' Uyu aiva mudzidzi waSimoni muSamaria uye aikurudzira nyaya yeruzivo rwezvakavanzika.

E. Nhema dzezuya ranhasi

1. kaMeya kekureva nhema aka kachiripo pazuva ranhasi, apo vanhu vanoedza kusanganisa chiKristu nedzimwe nzira dzemafungiro.
2. Kamweya kekureva nhema aka kachiripo pazuva ranhasi,apo vanhu vanokumikidza gwara redzidziso “rakanaka” vachisiya ukama hwepauzima nemararamiro okutenda.
3. Kamweya kekureva nhema aka kachiripo pazuva ranhasi,apo vanhu vanoshandura chiKristu kuti chive chevanhu vakadzidza uye vakabudirira.
4. Kamweya kekureva nhema aka kachiripo pazuva ranhasi.apo vateveri vezvinamato vanokurudzira kuzvinyima kana kuzvifadza

CHINAGWA

A. Bhuku iri rakanangana nevatendi

1. Kuvapa mufaro(cf.1:4)
2. Kuvakurudzira kurarama zvinouMwari(cf.1:7;2:1)
3. Kuvarayira(nokuvayeuchidza) kuti vadanane (cf.4:7-21) kwete nyika(cf.2:15-17).
4. Kuvapa simbiso yeruponeso rwavo munaKristu(cf.5:13)

B. Rine gwara rokudzidzisa vatendi

1. Kuramba mhosho yokupatsanura kuva munhu kwaJesu nokuvaMwari kwake
2. Kuramba mhosho yokupatsanura zvemweya kuti zvive nechokuita nekudzidza zvisinei nemararamiro ouMwari
3. Kuramba mhosho yokuti kune mumwe achaponeswa oga zvisinei navamwe

MAVERENGERO OKUTANGA (Tarira p. v)

Gwaro rino nderetsoropodzo naizvozvo mumwe nemumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngaufambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri neMweya Mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisinei kuti wasangana nemutsoropodzi akadii.

Verenga Bhaibheri rose. Nyora dingindira reBhaibheri nemazwi ako

1. Dingindira rebhuku rose
2. Mhando yemanyorerwo

MAVERENGERO ECHIPIRI (Tarira p. v)

Gwaro rino nderetsoropodzo naizvozvo mumwe nemumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngaufambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri neMweya Mutsvene ngarive gwaro ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisinei kuti wasangana nemutsoropodzi akadii.

Verengesa Bhaibheri rwepiri. Tora zvidzidzo zvikuru zvawanzwisisa ugonyora nezvazvo mumutsara mumwe chete

1. Chidzidzo chokutanga
2. Chidzidzo chepiri
3. Chidzidzo chetatu
4. Chidzidzo chechina
5. Nezvimwewo...

1 JOHANI 1:1 - 2:2

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO*

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
				Shoko rezimukadzimu nokubatana naBaba pamwe noMwanakomana
Shoko roupenyu 1:1-4	Zvakanzwikwa zvikaonekwa nokubatwa 1:1-4 Hwaro	Nhanganyaya 1:1-4	Shoko roupenyu 1:1-4	1:1-4
Mwari Chiedza 1:5-10	Hwekuwadzana naye 1:5-2:2	Maonero akanaka pazvivi 1:5-10	Mwari Chiedza 1:5-7 1:8-10	Kufamba muchiedza 1:5-2:28 1:5-7 Chimiso chokutanga : Kusiyana nezvivi 1:8-2:2

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyorori. Ndiyozve hwaro hwekupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri

* Nyangwe zvisina tuso yemweya, batsanuro neganhuro ndiro donzvo rekunzwisisa nokutevera chinangwa chomunyorori (muzvingwaro). Shandurudzo yose yezvinozvino inebatsanuro nepfupiso yechikamu chekutanga. Ganhuro yoga yoga inotenderera panhaurwa imwechete, kana pfungwa. Mhando yechinyorwa yoga yoga inoputira nhaurwa iyoyo nenzira yacho choga. Pauno verenga chinyorwa, zvibvunze hutu ndeipi chandurudzo inofambirana nekunzwisisa kwako zvidzidzo ne batsanuro rendima.

Pachikamu choga choga, unofanira kutanga maverenga Bhabheri, unoedza kuona zvidzidzo (ganhuro). Wobva waenzanisa kunzwisisa kwako nemhando yezvinyorwa zvechizvinozvino. Kana chete manzwisisa zvinangwa zvomuzvinagwaro (munyorori) nokutevera mafungiro nematuriro aanoita nyaya, ndipo paanogona kunzwisisa Bhaibheri zvakakwana Muzvinagwaro (munyorori) ndiye chete akatuswa – Vaverengi Havana kodzero yokushandurwa kana kugadzurudza shoko. Vaverengi veBhaibheri vane murandu wokuita chokwadi chetuso mumazuva neupenyu hwavo.

3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

HWARO HWEDZIDZO YEZVOUMWARI

- A. Muvaravara uno unehochekeche nemutsara wezaruro wevhangeri yaJohani (1:1-18, nyika isati yasikwa), iyo inofambirana naGenesi. 1:1 (kusikwa kwenyika). Zvisinei, pano inoreva kutanga kweushumiri hwaJesu.
- B. Kumikidzo iri pamusoro pe
 1. Kuva munhu azere kwaJesu Kristu
 - a. Mazwi okudoma kuita (PARTICIPLES) ayo anehochekeche nemirangariro yevanhu: kuona, ruzha, kubata (cf. ndima. 1, 3). Jesu aiva munhu chaiye uye aiva wenyama
 - b. Mazita oruremekedzo akazara aJesu
 - 1) Shoko roupenyu (cf. ndima, 1)
 - 2) Mwanakomana wake Jesu Kristu (cf. ndima. 3)
 2. HuMwari hwaJesu weNazareta
 - a. Kuvapo kare (ndima. 1, 2)
 - b. Kuvazimukadzimu (ndima. 2)

Zvokwadi idzi dzakanagana nokupikisa dzidziso yevadzidzisi venhema.

MARONGERWO EMITSARA NEMAZWI (SYNTAX)

- A. Ndim. 1-4
 1. Ndim. 1-3a, dzinoumba mutsara mumwechete mururimi rwechiGiriki.
 2. Izwi rechiito rokuti” kupupura” riri mundima. 3. Kohomedzo iri pamusoro pezviri mumharidzo dzevapositori.
 3. Pane gombedzero ina dzinofambirana mundima. 1. idzo dzinotungamidzwa mugombedzero dzadzo kuitra kumikidzo.
 - a. “zvakanga zviripo kubva pakutanga”
 - b. “zvatakanzwa”
 - c. “zvatakaona nameso edu”
 - d. “zvatakarira, nezvatakabata namaoko edu”
 4. Ndim. 2 inoita sokuti inyaya yakaiswawo ichitsanangura kuva zimukadzimu kwaJesu Kristu. Nyaya yokuti ndima iyi haina kunyatsojeka pazvivakamutauro zvayo ndiyo inoita kuti inyanye kutariswa
 5. Ndim. 3 na4 dzinodudza chinangwa chemhupuro youpositori yaJohani:Ruwadzano nomufaro. Zvakanyorwa navapositori, avo vaipupura zvavakaona ndizvo zvaiva misimboto yechipimiso chaishandiswa nekereke kuongorora magwaro.
 6. Tarira uone murongondo wezvirevanguva zvemazwi echiito mundima. 1
 - a. Zvakaitwa (IMPERFECT) ‘kuvapo kare’
 - b. Zvakaitwa zvine zviripo (PERFECT, PERFECT) ‘chokwadi chinogara’
 - c. Zvakaitika (AORIST, AORIST) ‘mienzaniso chaiyo’
- B. Ndim. 1:5-2:2
 1. Mazwi anesungano nemazita aya ari muna. 1:5-2:2 haana chirevo chakajeka, asi ndinofunga kuti ose kusara kwemundima. 5, anoreva Baba (zvinofanana navaEfeso. 1:3-14)

2. Mazwi ose okuti “kana” ndeyemutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuitika (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE).
3. Pane kusiyana kukuru padzidziso yezvouMwari pakati pe
 - a. Zvirevanguva zvemazwi echiito anoreva zvirikuitika (VERB TENSES PRESENT) maringe nezwi rokureva zvakaitwa (AORIST) pakureva “chivi”
 - b. Chirevo choumwe nechouwandu (SINGULAR and PLURAL), “chivi “maringe ne” zvivi”

VAREVI VENHEMA

- A. Mhupuro dzevarevi venhema dzinoonekwa mundima. 1:6, 8, 10; 2:4, 6, 9.
- B. Ndima. 5-10 dzinehochekeche nokuedza kupiwa kwedzidziso yezvouMwari yopatsanura kuziva Mwari (dzidzo yezvouMwari) kubva kukutevera Mwari (kuita zvakanaka). Izvi zvinoratidza kupfurikidza mwero kwevadzidzisi venhema pakunyanya kukumikidza ruzivo. Avo vanoziva Mwari vachamuratidza mumaramiro avo.
- C. Ndima. 1:8-2:2 dzinofanira kunengaidzwa na3:6-9. Inhivi mbiri dzezukwa rimwe. Dzinogona kunge dzichipikisa mhosho mbiri dzakasiyana.
 1. Mhosho yedzidziso yezvouMwari (hakuna chivi)
 2. Mhosho yetsika (chivi hachina basa)
- D. 1. Johani. 2:1-2 indima yakaitwa nechinangwa chokuedza kunengaidza nyaya yokuti chivi hachina basa (antinomianism) nedambudziko rechiKristu rokupomerana, mirayiro yetsika nemagariro, kana kuzvinyima (ascetism).

DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :1:1-4

¹Izvozo zvakanga zviripo kubva pakutanga, zvatakanzwa, zvatakaona nameso edu, zvatakarira nezvatakabata namaoko edu, zveShoko roupenyu ² (upenyu hwakaraidzwa tikahuona, tinopupura nokuparidzira upenyu husingaperi, hwakanga huri kuna Baba, hukaratidzwa kwatiri) : ³ izvo zvatakaona, nezvatakanzwa ndizvo zvatinokuparidziraiwo, kuti nemiwo muyanane nesu; kuyanana kwedu tinako naBaba, naMwanakomana wake Jesu Kristu. ⁴Zvinhu izvi tinokunyorera, kuti mufaro wedu uzadziswe.

1:1 “izvozo” Bhuku rinotanga nezwi rinesungano nezita asi risina kwarakarerekera (NEUTER PRONOUN). Rinotaura nyaya mbiri dzeshoko raMwari dzinova

1. Shoko pamusoro paJesu
2. Munhu chaiye aiva Jesu

Vhangeri ndiyo shoko, munhu pamwe nemaramiro.

▣ **“zvakanga”** Izvi zvinoreva zvakaitika (IMPERFECT INDICATIVE). Zvinoreva kuvapo kare kwaJesu (kureva., iri idingindira rinoramba richidzokororwa muzvinyorwa zvaJohani, cf. ndima. 2; Johani. 1:1, 15; 3:13; 8:57-58; 17:5). Iyi yaivawo imwe nzira yokureva huMwari hwake. Jesu anoratidza Baba nokuti akanga aina Baba kubva pakutanga.

▣ **“kubva pakutanga”** Zviripachena kuti izvi zvinoreva Genesi. 1 naJohani. 1, asi pano zvirikureva kutanga kweushumiri hwaJesu (tarira nhaurwa inokosha:Arche panaJohani. 1:1).

Kuuya kwaJesu rakanga risiri “zano repave paya.”Vhangeri yakagara iri iyo zano raMwari rokudzikinura (cf. Genesi. 3:15; Mabasa. 2:23; 3:18; 4:28; 13:29). Mutsara uyu, muchirevo chechinyorwa chino unoreva kutanga kusangana kwevanegumi navaviri naJesu.

Johani anoshandisa maonero okuti” pakutanga” (*arche*) kazhinji. Kazhinji kacho zvaanoreva zvinopatsanurikira muzviitiko zviviri

1. Kubva pakusikwa
 - a. Johani. 1:1, 2 (Jesu pakutanga)
 - b. Johani. 8:44; 1Madzimambo. 3:8 (satani muurayi nomurevi wenhema kubva pakutanga)
 - c. Zvakazarurwa. 3:14; 21:6, 12 (Jesu mavambo nemagumo)
2. Kubva panguva yokuita zimukadzimu nokushumira kwaJesu
 - a. Johani. 8:25; 1Johani. 2:7[ruviri]; 3:11; 2. Johani. 5, 6 (dzidziso dzaJesu)
 - b. Johani. 15:27; 16:4 (naJesu)
 - c. 1. Johani. 1:1 (kubva pakutanga kweushumiri hwaJesu)
 - d. 1Johani. 2:13, 24[ruviri] (kubva pakuvimba kwavo munaJesu)
 - e. Johani. 6:64 (kubva pakuramba kwavo Jesu)
3. Tsanangudzo yepiri ndiyo inofambirana nechirevo chechinyorwa chino

NHAURWA INOKOSHA:JOHANI.1 ICHIENZANISWA NA 1.JOHANI.1

Vhangeri

1. Pakutanga(1:1,2)
2. Izwi(*logos*)(1:1)
3. Upenyu(*zoe*)(1:4)
4. Chiedza munaJesu(1:4)
5. Chiedza chakararidzwa(1:4)
6. Rima(1:5)
7. Zvapupu zvechiedza(1:6-8)
8. Vanhu vachiiswa kunaMwari(1:7,12-13)
9. Vakaona kubwinya kwake(1:14)

Tsamba

- kubva pakutanga(1:1)
 izwi(*logos*)(1:1)
 upenyu(*zoe*)(1:1,2)
 chiedza munaMwari(1:5)
 chiedza chakararidzwa(1:5)
 Rima(1:5)
 Zvapupu zvechiedza(1:3,5)
 Vanhu vachiiswa kunaMwari(1:3)
 Vakaona kubwinya kwake(1:1-3)

▣ **“taka”** Izvi zvinoreva kupupura kwavapositori vose asi mumwe nomumwe wavo pazvima (kureva., vanyori vetestamende itsva). Uku kupupura pamwe ndiko kunonyanya kuonnekwa muna. 1. Johani. Kunoshandiswa runokwana makumi mashanu.

Vamwe vanoona izwi rinesungano nezita rezibatakose iri, serinoreva avo vanorehwa muzvinyorwa zvaJohani.”Izvi zvinoreva vakuru kana vadzidzi venzira yedzidziso yezvouMwari yaJohani.

▣ **Zvatakanzwa...zvatakaona”** Iyi mitsara yose ineshongedzo yokureva zvakaitika netsindikidzo yezvibereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVES). Johani akanga achitaura nezvokuva munhu kwaJesu nokuramba achishandisa mazwi anodoma zvakaitika (PARTICIPLES) ayo ane hochekeche nemirangariro mishanu ari mundima. 1, 3. Naizvozvo anoreva pachena kuti akaona nokunzwa dzidziso yaJesu weNazareta.

▣ **“zvatakaona nezvatakabata”** Mitsara yose iyi ineshongedzo yokureva zvakaitika (AORIST INDICATIVES). Kuti “Takaona” zvinoreva “kutarisisa” (cf. Johani. 1:14),, “takabata” zvinoreva “kubata namaoko chaiko” (cf. Johani. 20:20, 27; Ruka. 24:39).

Izwi rechiGiriki rinoreva kuti” zvatakabata” kana kuti” kutakura” rokuti (*pselaphaō*) rinowanikwa mundima mbiri chete mutestamende itsva :pano nemunaRuka. 24:39. Muna Ruka rinoshandiswa muchiitiko chokusangana naJesu mushure mokumuka kwake kuvakafa. Muna Johani rinorishandiswa nenzira imwecheteyo.

▣ **“shoko oupenyu”** Kushandiswa kweizwi rokuti shoko” *logos*” kwakaitirwa kukwezva ndangariro dzevadzidzisi venhema vechiGiriki, semanyorerwo akaitwa mumutsara wezaruro wevhangeri yaJohani (cf. 1:1). Izwi iri rainyanya kushandiswa muudzamisi hwendangariro hwechiGiriki. Raivawo nechirevo muopenyu hwechiHebheru (cf. Nhanganyaya yevhangeri yaJohani. 1, C). Mutsara uyu, pano unoreva zvose, zviri muvhangeri pamwe nemunhu wevhangeri.

1:2 Ndimba iyi igombedzero yemitsumbutsumbu yokududza “upenyu”

▣ **“upenyu”** “*Zōe*” (ndima. 2, ruviri) rinoshandiswa muzvinyorwa zvaJohani kureva upenyu hwemweya, upenyu hwokumuka kuvakafa, upenyu hwenguva itsva, kana kuti upenyu hwaMwari (cf. Johani. 1:4; 3:15, 36[ruviri]; 4:14, 36; 5:24[ruviri], 26[ruviri], 29, 39, 40; 6:27, 33, 35, 40, 47, 48, 51, 53, 54, 63, 68; 8:12; 10:10, 28; 11:25; 12:25, 50; 14:6; 17:2, 3; 20:31; 1. Johani. 1:1, 2; 2:25; 3:14-15; 5:11, 12, 13, 16, 20). Jesu akazvidana kuti” upenyu” (cf. Jhani. 14:6).

▣ **“hwakaraidzwa”** Izwi rechiito iri rinoshandiswa ruviri mundima ino, uye pose rinoshandiswa nechirevo chokudoma zvakaitirwa (AORIST PASSIVE INDICATIVES). Chirevo chokuitirwa (PASSIVE VOICE) chinonyanya kushandiswa kureva kuita kwaMwari Baba. Izwi iri rokuti (*phaneroō*) rinoreva kuti” kuunza muchiedza izvo zvagara zviripo.”Iri raiva izwi raifarirwa naJohani (cf. Johani. 1:31; 3:21; 9:3; 17:6; 1. Johani. 1:2[ruviri]; 2:19; 3:5, 8, 10; 4:9). Chirevanguva chezvakaaitwa (AORIST TENSE) chinokumikidza kuita zimukadzimu (cf. Johani. 1:14), iro rairambwa navadzidzisi venhema.

▣ **“pupura”** Izvi zvinoreva iye Johani pachake (kureva., chirevo chezviri kuitika[PRESENT ACTIVE INDICATIVE]). Izwi iri rainyanya kushandiswa kureva huchapupu hwenyaya iri mudare redzimhosva. Tarira nhaurwa inokosha :zvapupu zvaJesu panaJohani. 1:8.

▣ **“kuparidza”** Izvi zvinoreva huchapupu hwaJohani hune simba (kureva., chirevo chezvirikuitika[PRESENT ACTIVE INDICATIVE]) uhwo hwakaratidzwa nokuonekwa mukuparidza nemuzvinyorwa zvake. Iri ndiro izwi rechiito guru mundima. 1-3. Rinodzokororwa ruviri9ndima. 2 nendima. 3).

▣ **“hwakanga huri kunaBaba”** Sezvazvakanyorwa mundima. 1, uku ndiko kutaura kuvapo kare kwaJesu. Munyorero uyu unofanana nowakaitwa munaJohani. 1:1. Mwari akaita zimukadzimu akava munhu (cf. Johani. 1:14). Kuziva Jesu ndiko kuziva Mwari (cf. Johani. 14:8-11). Uyu ndiwo muenzaniso weunyambiri hwednga nepasi hwaJohani.

1:3 “izvo zvatakaona, nezvatakanzwa ndizvo zvatinokuparidziraiwo” Iyi ndiyo gombedzero yesungano (RELATIVE CLAUSE) yechishanu, iyo inomutsiridza zviri mundima. 1 mushure

megombedzero yemitsumbutsumbu iri mundima. 2. Inodzokorora mazwi echiito okureva maonero ari mundim. 1.

▣ **“Tinokuparidziraiwo”** Izwi guru rechiito (VERB) remundima. 1-3. Riri muchimro chokureva zvirikuitika (PRESENT ACTIVE INDICATIVE). Kuziva Mwari kunoda kuti uve nokuuwadzana nevana vake!

▣ **“kuti nemiwo muyanane nesu”** Iri igombedzero rinodoma chinangwa (PURPOSE CLAUSE) (*hina*) rine chirevo cheshuviro yezvinofanira kuitwa (PRESENT ACTIVE SUBJUNCTIVE). Donongodzo yechinagwa chevhangeri yaiva yokuti avo vakanga vasina kuona kana kunzwa Jesu vagoponeswawo nokupupura kwavapositori (cf. Johani. 17:20; 20:29-31). Ndirwo ruwadzano irworwu, muzaruro yenyasha ; runounza” mufaro, ““rugare, “ne” simbiso” ! Kereke igungano ravatendi, mutambwe wevatendi! Vhangeri ndeyenyika yose.

NHAURWA INOKOSHA:KUWADZANA 'KOINŌNIA'

Izwi rokuti “ruwadzano” (*koinōnia*) rinoreva

1. Kuita ukama hwemandiriri nemunhu
 - a. neMwanakomana (cf. 1. Johani. 1:6; 1vaKorinde. 1:9)
 - b. naMweya (cf. 2vaKorinde. 13:14; vaFiripi. 2:1)
 - c. naBaba neMwanakomana (cf. 1. Johani. 1:3)
 - d. nevakoma nehanzvadzi dzechisungo (cf. 1. Johani. 1 :7; Mabasa. 2:42; vaGaratiya. 2:9; Firimoni. 17)
2. ukama hwemandiriri nezvinhu kana mapoka
 - a. nevhangeri (cf. vaFiripi. 1:5; Firimoni. 6)
 - b. neropa raKristu (cf. 1vaKorinde. 10:16)
 - c. kwete nerima (cf. vaKorinde. 6:14)
 - d. nokutambura (cf. vaFiripi. 3:10; 4:14; 1Petirosi. 4:13)
3. chipo kana rubatsiro rwapiwa nomwoyo unoda (cf. vaRoma. 12:13; 15:26; 2vaKorinde. 8:4; 9:13; vaFiripi. 4:15; vaHebheru. 13:16)
4. chipo chaMwari chenyasha kuburikidza naKristu, icho chinodzoredza ruwadzano rwevanhu naMwari pamwe nehama dzavo.

Izwi zvireva hukama hwepanyika (munhu nemunhu) uhwo hunounzwa noukama hwedenga nomunhu (munhu nomusiki). Izwi zvinokumikidzawo kudikanwa kwomufaro mugungano revaKristu. Zvirevanguva zvemazwi echiito zvinotsindikidza kutanga nokuenda mberi kwechinhu ichi pakati pavaKristu (cf. 1:3[ruviri], 6, 7). ChiKristu ndechezibatakose!

NHAURWA INOKOSHA:CHIKRISTU NDECHEZIBATAKOSE

- A. Madimkira okureva uwandu aPauro naPetirosi
 1. Muviri
 2. Munda
 3. Chivakwa
- B. Izwi rokuti “mutsvene” rinowanazova riri muchimiro chouwandu (PLURAL) (kunze kwemunavaFiripi. 4:21, asi chero imomo riri muchimirowo chezibatakose)
- C. Kumikidzo yeshanduko yaMartin Luther pamusoro “poupirista hwemutendi” haisi yemubhabheri. Asi hupirista hwevatendi (cf. Ekisodho. 19:6; 1Petirosi. 2:5, 9;

Zvakazarurwa. 1:6).

D. Mutendi oga oga anechipo (cf. 1vaKorinde. 12:7)

E. Vanhu vaMwari vanogona kubudirira chete kana vakashandira pamwe. Ushumiri ndohwe zibatakose (cf. vaEfeao. 4:11-12).

▣ **“naBaba...neMwanakomana wake”** Mitsra iyi inofambirana pazvirevamwene (PREPOSITION) pamwe nemazwi anonongedza mazita (DEFINITE ARTICLE). Marongerwo emutsara nemazwi aya anotsigira kuenzana kwaJesu naMwari (cf. Johani. 5:18; 10:33; 19:7). Hazvigoni kuva naBaba (Mwari mukuru) pasina Mwanakomana (zimukadzimu raMwari) sezvaihwa navadzidzisi venhema (cf. 1. Johani. 2:23; 5:10-12).

Kuwadzana uku naBaba neMwanakomana kunofanana zvikuru ne” kugara mukati kunorehwa munaJohani. 14:23.

1:4 “zvinhu izvi tinokunyorera” Izvi zvinogona kureva bhuku rose kana ndima. 1-3 chete. Kureva zvakawanda ikoku kunowanikwa muna. 2:1.

Munyori anodonongodza chimwe chezvinangwa zvake pano (cf. 2:1).

▣ **“kuti mufaro wedu uzadziswe”** Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yechibhinde chokureva zvaishuvirwa zvine zvbereko zviripo (PERIPHRASTIC PERFECT PASSIVE SUBJUNCTIVE) (cf. Johani. 15:11; 16:20, 22, 24; 17:13; 2. Johani. 12; 3. Johani. 4). Mufaro womutendi wakazadziswa nokuwadzana naBaba, Mwanakomana, neMweya. Ichi chaiva chinhu chikuru kana kuchitariswa kukanganisa kwakanga kwaitwa nevadzidzisi venhema. Zvinangwa zvaJohani zvokunyorera bhuku rino ndezve

1. Kuwadzana naMwari pamwe nevana vake

2. Mufaro

3. Simbiso

4. Kurutivi rwetsiudzo, chinangwa chake chaiva chokusimbisa vatendi kuti vasatsauswe nedzidziso yenhema yezvouMwari yevadzidzisi venhema

Pane musiyano wechinyorwa wechiGiriki mundima ino pakati pe

1. “mufaro wedu, “MSS N, B, L; NASB, NRSV, NJB, REB, NIV

2. “mufaro wenyu” MSS A, C; NKJV

Gwaro re UBS⁴ rinoti tsanangudzo yokutanga ndiyo yakanaka. Ko iro izwi rokuti “wedu” rinoreva vapositori here kana vatendi? Asi nokuda kwechinangwa chedzidziso yezvouMwari yebhuku 1. Johani chekuda kupa simbiso kuvaKristu, ndinofunga kuti izwi ri rinoreva vatendi.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :1:5-2:2

⁵Heyi mharidzo yatakanzwa kubva kwaari, yatinokuparidziraiwo, kuti Mwari chiedza, hamuna rima maari. ⁶Kana tichiti, tinoyanana naye, tichifamba murima, tinoreva nhema, hatiite chokwadi; ⁷asi kana tichifamba muchiedza, saiye ari muchiedza, tinoyanana isu; neropa raJesu Kristu, Mwanakomana wake, rinotinatsa pachivi chose. ⁸Kana tichiti, hatina zvivi, tinozvinyengera, chokwadi chisiri matiri.

⁹Kana tichizvireurura zvivi zvedu, iye akatendeka akarurama, nokudaro anotiregerera zvivi zvedu, nokutinatsa pakusarurama kwose. ¹⁰Kana tichiti hatina kutadza, tinomuita murevi wenhema, neshoko rake harisi matiri.

2¹ Vanhu vangu vaduku, ndinokunyorera izvinhu izvi, kuti, murege kutadza. Kana munhu achitadza, tinomurevereri kuna Baba, iye Jesu Kristu akarurama; ²ndiye mudzikinuri wezvivi zvedu; haasi wezvivi zvedu bedzi, asi wezvivi zvenyika yosewo.

1:5 “mharidzo yatakanzwa” Izwi rinotevera zita rokuti “ta” rinoreva iye Johani nevamwewo vaipupurawo avo vakanzwa nokufamba naJesu panguva yaaiva panyika. Jhani anotaura kwaxzvo kwazvo nevaverengi vake (“mu”) muna. 2:1, pamwe aireva kereke dzokuchipimvu chiduku cheAsia.

Izwi rechiito rokuti” takanzwa” riri muchimiro chokureva zvakaitika zvine zviwereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVE). Izvi zvinoratidza kudzama kwezwi rechirevo chezvinobatika riri muna1:1-4. Neimwe nzira uyu ndiye Johani mupositori arikutsigira kuvapo kwake paidzidzisa Jesu. Johani arikudzidzisawo zvakaraitidzwa naJesu, haasi kudzidzisa zvake! Zvinogonekawo kuti mitsara yakanyorwa muvhangeri yaJohani yokuti “ndini, “inobva mundangariro dzaJohani dzepaidzidziswa naJesu.

☐ **“kubva kwaari”** Izwi rokuti “kubva kwaari, “ndiro roga izwi rinotevera zita riri muganhuro yose ya. 1:5-2:2 rinoreva Jesu. Jesu akauya kuzoratidza Baba (cf. Johani. 1:18). Kana tichitaura pazvidzidzo zvouMwari, Jesu akauyira zvinangwa zvitatu.

1. Kuzoratidza Baba (cf. 1:5)
2. Kuzoratidza vatendi muenzaniso wokutevera (cf. 1:7)
3. Kuzofira zvivi zvevatadzi (cf. 1:7; 2:2)

☐ **“Mwari chiedza”** Hapana izwi rinonongedza zita (ARTICLE). Izvi zviri kutsindikidza maitiro kuratidza aMwari (cf. Mapisarema. 27:1; Isaya. 60:20; Mika. 7:8; 1Timoti. 6:16; Jakobho. 1:17). Vadzidzisi venhema vaiti chiedza chinoreva ruzivo, asi Johani arikuti chiedza chinoreva kuchenuka pamaitiro.”chiedza” ne” rima” aiva mazwi ainyanya kushandiswa (hunyanbiri hwemaitiro hwokushandiswa kwemazwi aya hunowanikwawo muzvinyorwa zveDSS pamwe nezvinyorwa zvevadzidzisi venhema zvakare). Mazwi aya aiva nehochekeche nehunyanbiri hweringanidzo yaMwari nouipi (kureva., Johani. 1:5; 8:12; 12:46) uye pamwewo nounyanbiri hwevadzidzisi venhema hwemweya maringe nenyama. Iyi ndiyo imwe yetsanangudzo dzedzidziso dzezvouMwari dzaJohani dzakapfava asi dziinoudzamu, dziri pamusoro pouMwari. Dzimwe ndedzokuti (1) “Mwari rudo (cf. 4:8, 16) ne (2) “Mwari Mweya” (cf. Johani. 4:24). Mhuri yaMwari, saJesu (cf. Johani. 8:12; 9:5), inofanira kuratidza hunhu hwake (cf. Mateu. 5:14). Uhuwu hupenyu hwakashanduka uye huri kushanduka hwerudo, kuregerera, nokuchenuka ndihwo humwe hweumboo hwekutendeuka kwechokwadi.

☐ **“hamuna rima maari”** Iyi ndiyo tsindikidzo yetsiudzo yakapetwa ruviri (DOUBLE NEGATIVE). Inyaya yemaitiro asingashanduki aMwari (cf. 1Timoti. 6:16; Jakobho. 1:17; Mapisarema. 102:27; Maraki. 3:6).

1:6 “kana tichiti” Uyu ndiwo mumwe wemitsara mizhinji ineshongedzo yokureva zviri muneramangwana (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCES) unoreva vadzidzisi venhema (cf. 1:8, 10; 2:4, 6, 9). Mitsara iyi ndiyo chete nzira yokudoma zvairehwa nevadzidzisi venhema. Vanoratidza sokuti ndevaya vadzidzisi venhema vemakore okutanga.

Pane mhando yemanyorero yokuisa mupiksi wefungidziro. Iyi ndiyo mhando yokutura chokwadi nenzira yemubvunzo/mhinduro. Mhando iyi inonyatsooneka zvakajeka munaMaraki (cf. 1:2, 6, 7, 12; 2:14, 17; 3:7, 14) pamwe nemunavaRoma (cf. 2:3, 17, 21-23; 3:1, 3, 7-8, 9, 31; 4:1; 6:1; 7:7).

▣ **“tinoyanana naye”** Varevi venhema vaiti kuwadzana kwaitwa nevanoruzivo chete. Izvi zvaibva mudzidziso yaPlato uyo aiva mudzamisi wendangariro wechiGiriki. Zvisinei, Johani anoti, vaKristu vanofanira kurarama saKristu (cf. ndima. 7; Revhitko. 19:2; 20:7; Mateu. 5:48).

▣ **“tichifamba murima”** Izwi rokuti “tichifamba” riri muchimiro chokureva zvirikushuvirwa kuita (PRESENT ACTIVE SUBVJUNCTIVE). Iri idimikira remubhaibheri rinoreva mararamiro akanaka (cf. vaEfeso. 4:1, 17; 5:2, 15). Mwari chiedza chisina rima. Vana vake vanofanira kuva saiye (cf. Mateu. 5:48).

▣ **“tinoreva nhema, hatiite chokwadi”** Mazwi ose ari maviri, ndechiito ari muchimiro chezvirevanguva chezvirikuitika (PRESENT TENSE VERBS). Johani anodana vanhu vezvinamato zvakasiyana siyana kuti varevi venhema (cf. 1:10; 2:4, 22; 4:20; Isaya. 29:13). Zviito zvemaramiro ndizvo zvinoratidza mwoyo wemunhu (cf. Mateu. 7). Tarira nhaurwa inokosha:chokwadi muzvinyorwa zvaJohani panaJohani. 6:55.

1:7 “asi kana tichifamba muchiedza” Ichi ndicho chimwe chirevanguva chezvirikuitika, icho chinokumikidza kuenda mberi kwechiito. Izwi rokuti “famba,” idimikira remutestamende itsva rokureva mararamiro echiKristu (kureva., vaEfeso. 4:1, 17; 5:2, 15).

Tarira uone kuti izwi rokuti “famba” pamwe nezvirevanguva zvezvirevanguva echiito anechirevo chezvirikuitika ndiwo anesungano noupenyu hwechiKristu. Chokwadi chiri mumaramiro edu, kwete chinhu chatinongozivawo chete! Chokwadi ndiyo nyaya huru muzvinyorwa zvaJohani. Tarira nhaurwa inokosha panaJohani. 6:55 na17:3.

▣ **“saiye ari muchiedza”** vatendi vabofanira kufunga nokurarama saMwari (cf. Mateu. 5:48). Tinofanira kuratidza hunhu hwake kunyika yakarasika. Ruponeso ndirwo kudzoreredzwa kwemufananidzo waMwari muvanhu (kureva., Genesi. 1:26, 27), uyo wakanyangadzwa mukutadza kwomunaGenesi. 3.

▣ **“tinoyanana isu”** Izwi rokuti “kuyanana/kuwadzana” ndiro rechiGiriki rokuti *koinonia*, iro rinoreva kubatira pamwechete kwevanhu vaviri (tarira nhaurwa inokosha pa1:3). Hwaro hwechiKristu ndohwekuti vatendi vanotambidzana upenyu hwaKristu. Kana tikagamuchira upenyu hwake mukuregerera, tinofanirawo kugamuchira ushumiri hwake (cf. 1Johani. 3:16). Kuziva Mwari hakusiri chokwadi chomumurangariro chete, asi ndiko kunoparura kuyanana pamwe nokurarama saMwari. Vavariro yechiKristu haisiri chete yedenga rimwe zuva, asi kuva saKristu izvozvi. Varevi venhema, vava vaisanganisa vhangeri nemafungiro avo vaiva nerusaruro panyaya iyi. Zvisineyi, kana munhu ainoukama hwakanaka naMwari, anovawo noukama hwakanaka nevamwe vaKristu. Kushayikwa kwerudo kunavamwe vaKristu ndicho chiratidzo chiri pachena chokuvapo kwedambudziko paukama hwedu naMwari (cf. 4:20-21 pamwewo naMateu. 5:7; 6:14-15; 18:21-35)

▣ **“ropa raJesu”** Izvi zvinoreva rufu rwokuzvipira rwaJesu Kristu (cf. Isaya. 52:13-53:12; Mako. 10:45; 2vaKorinde. 5:21). Zvinofanana zvikuru na2:2, “kuzvipira kwechenuro (pfupiro) yezvivi zvedu..”Iyi ndiyo nyaya yaitsindikidzwa naJohani mubhabhatidzi paanoti “tarirai hwayana yaMwari inobvisa zvivi vzenyika” (cf. Johani. 1:29). Asina mhosva ndiye akafira vatadzi!

Varevi venhema vemakore okutanga vairamba kuva munhu kwaJesu. Kushandiswa kunoitwa izwi rokuti “ropa” naJohani ndiko kunorovedzera kuva munhu kwaJesu.

Pane kusiyana kwechinyorwa pazita iri muchiGiriki.

1. Jesu—NASB, NRSV, NJB, REB, NET
2. Kristu—MSS N, B, C
3. Jesu Kristu—NKJV

Uyu ndiwo muenzaniso wakashandiswa navaBart D. Ehrman, mugwaro ravo rinonzi, kushopodzwa kweshoko kwakaitwa kare” *The Orthodox corruption of Scripture*, p. 153, kuratidza kutivanzveri vemagwaro vakare vakaedza kuita kuti zvinyorwa zvijeke vachiitira mabasa evarevi venhema vamazuva ano. Tsanangudzo yetatu yaiva yokuedza kuyanana musiyano wegwaro reMSS.

▣ **“rinoti natsa pachivi chose”** Uyu unechirevo chezviri kuitwa (PRESENT ACTIVE INDICATIVE). Izwi rokuti “zvivi “riri muchirevo chomwe (SINGULAR) asi risina izwi rokudoma (ARTICLE). Izvi zvinoreva zvivi zvemhando dzose. Tarira uone kuti ndima iyi hairevi kunatswa kamwe (ruponeso, ndima. 7), asi ziendamberi rokunatswa (upenyu hwouKristu, ndima. 9). Zvose zvinoitika muupenyu hwechiKristu (cf. Johani. 13:10).

1:8 “kana tichiti hatina zvivi” Uyu ndiwo mumwe wemutsara ineshongedzo yokureva zvinogona kuitika muneramangwana (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Zvivi chinhu chaicho chemweya munyika yakatadza, chero kuvatendi (cf. vaRoma. 7). Vhangeri yaJohani inobata nyaya iyi zvikuru (cf. 9:14; 15:22, 24; 19:11). Ndima iyi inoramba nhaurwa yakare nazvino yokuramba rudaviro rwepauzima.

▣ **“tinozvinyengera”** Mutsara wechiGiriki unoreva kuramba chokwadi pauzima neune, kwete nokusaziva.

▣ **“chokwadi chisiri matiri”** Nzira yokugamuchirwa naMwari mutsvene hakusiri kuramba, asi kubvuma zvivi zvedu nokugamuchira kupa kwake munaKristu (cf. vaRoma. 3:21-31). Kuti “chokwadi” zvinogona kureva shoko raJesu kana iye Jesu pachake (cf. Johani. 14:6). Tarira nhaurwa inokosha panaJohani. 6:55 na17:3.

1:8, 9 “kana” Mitsara iyi yose ineshongedzo yokureva zvinogona kuitika muneramangwana (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCES).

1:9 “tichizvireurura” Iri izwi remubatanidzwa rechiGiriki rinobva pakuti “kutura” na” zvimwechetezvo.”Vatendi vanoramba vachibvumirana naMwari kuti vakanyangadza hutsvene hwake (cf. vaRoma. 3:23). Riri muchirevo chechirevanguva chezvirikuitwa (PRESENT TENSE), icho chinoreva chiito cheziendamberi. Kureurura kunoreva

1. Kudoma zvivi chaiko (ndima. 9)

2. Kubvuma zvivi pane vanhu (cf. Mateu. 10:32; Jakobho. 5:16)

3. Kutendeuka kubva kuzvivi (cf. Mateu. 3:6; Mako. 1:5; Mabasa. 19:18; Jakobho. 5:16) Tsamba yai. Johani inoshandisa izwi iri zvikuru (cf. 1:9; 4:2, 3, 15; 2. Johani. 7). Rufu rwaJesu ndiyo nzira yoruregerero, asi vatadzi vanofanira kudavira uye nokuramba vachidavira mukutenda kuti vaponeswe (cf. Johani. 1:12; 3:16). Tarira nhaurwa inokosha:kureurura pana Johani. 9:22-23.

▣ **“zvivi zvedu”** Tarira uone kushandiswa kweuwandu (PIURAL). Izvi zvinoreva zviito chaizvo zvokutadza.

▣ **“iye akatendeka”** Izvi zvinoreva Mwari Baba (cf. Dhuteronomi. 7:9; 32:4; Mapisarema. 36:5; 40:10; 89:1, 2, 5, 8; 92:2; 119:90; Isaya. 49:7; vaRoma. 3:43; 1vaKorinde. 1:9; 10:13; 2vaKorinde. 1:18; 1vaTesaroniuka. 5:24; 2Timoti. 2:13). Hunhu hwaMwari Baba hwokusashanduka, tsitsi nokutendeka, ndihwo tariro yedu chaiyo! Mutsara uyu unorovedzera kutendeka kwaMwari kushoko rake (cf. vaHebheru. 10:23; 11:11). Izvi zvinogonawo kureva vimbiso yechisungo yaMwari yakaitwa munaJeremiya. 31:34, iyo yaivimbisa kuregererwa kwezvivi.

▣ **“akarurama”** Mutsara uyu hauna kujairika muchirevo chechinyorwa chinehochekeche naMwari mutsvene anoregerera vanhu vasina utsvene. Zvisineyi, izvi zvakanaka pazvidzidzo zvouMwari nokuti Mwari anotarisa zvivi zvedu noukombwa, asiwo akapa nzira yokuregererwa kwedu murufu rworutsivo rwaKristu (cf. vaRoma. 3:21-31). Tarira nhaurwa inokosha pa2:29.

▣ **“regerera.. natsa”** Ose mazwi ari maviri anoreva zvinozoitwa (AORIST ACTIVE SUBJUNCTIVE). Mazwi ose aya ari maviri akafanana muchirevo chechinyorwa chino, ose anoreva ruponeso rwevakarasika uye neziendamberi rokunatswa iro rinoitirwa kuwadzana naMwari (cf. Isaya. 1:18; 38:17; 43:25; 44:22; Mapisarema. 103:3, 11-13; Mika. 7:19). Vadzidzisi venhema avo vakaramba vhangeri, vaida ruponeso. Vatendi avo vanoramba vachiita zvivi vanoda dzoreredzo yeruwadzano. Johani anoita sokuti anotaura neboka rokutanga rose pamwe nemumwe nomumwe weboka repiri.

1:10 “kana tichiti” Tarira chinyorwa pa1:6.

▣ **“hatina kutadza”** Uyu mutsara unechirevo chezvakaikaitika uye zvine zvibereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVE). uyo unoreva kuti munhu haana kumbotadza kare chero nhasi. Izwi rokuti “kutadza” riri muchimiro choumwe (SINGULAR) uye rinoreva kuita zvivi. Izwi rechiGiriki rinoreva “kuita mhosho.”Izvi zvinoreva kuti zvivi ndiko kuita pamwe nokusaita zvinhu zvakaraidzwa mushoko raMwari. Vadzidzisi venhema vaiti ruponeso rwaiva nechokuita chete nokuva noruzivo, kwete upenyu.

▣ **“tinomuita murevi wenhema”** Hwaro hwevhangeri ndiko kutadza kwevanhu (cf. vaRoma. 3:9-18, 23; 5:1; 11:32). Chero iye Mwari (cf. vaRoma. 3:4) kana avo vanoti Havana kutadza, vanoreva nhema.

▣ **“shoko rake harisi matiri”** Izwi zvinosanganisira nyaya youreva mbiri hweizwi rokuti “logos, “iro rinoreva zvose shoko nomunhu (cf. 1:1, 8; Johani. 14:6). Johani anowanzodudza izwi sokuti “chokwadi.”

2:1 “vanhu vangu vaduku” Johani anoshandisa mazwi maviri okureva huduku achireva “vana” muna1. Johani.

1. *Teknion* (cf. 2:1, 12, 28; 3:7, 18; 4:4; 5:21; Johani. 13:33)
2. *Paidion* (cf. 2:14, 18)

Mazwi aya anofanana pasina musiyano wevavariro yechirevo chedzidziso yezvouMwari. Pamwe mazwi okuratidza rudo aya anovapo nenyaya yokuti Johani paakanyora akanga ava mutana.

Jesu akashandisa izwi rokuti “vana” achireva vadzidzi munaJohani. 13:33.

▣ **“ndinokunyorera zvinhu izvi kuti murege kutadza”** Uyu mutsara uneshongedzo yokureva zvaizofanira kuitwa mune ramamngwana (AORIST ACTIVE SUBJUNCTIVE). Johani arikusiyana chirevo chezvirikuitwa/kuitika (PRESENT TENSE), mararamiro okutadza (cf. 3:6, 9) nezviito zvokutadza zvinoitwa nevaKristu avo varikurwisana nemiedzo. Arikuedza kuisa nengaidzo pakati pezvinhu zviviri zvinoti

1. Kusakosha zvivi (cf. vaRoma. 6:1; 1. Johani. 1:8-10; 3:6-9; 5:16)
2. Kutsamwa nokusasimba kwevaKristu pamusoro pezvivi zvavo

Zvinhu zviviri izvi zvinoratidza nzira mbiri dzedzidziso yenhema. Rimwe boka raifunga kuti ruponeso rwaiuya nokuda kwekuvandudzika pamafungiro nokudzmisa ndangariro; zvakanga zvisinei nokuti munhu airarama sei nokuti nyama inouipi. Rimwewo boka revadzidzisi venhema ava raitenda kuti nyama yaiva nouipi saka naizvozvo yaifanira kunyimwa zvainoda.

▣ **“kana munhu achitadza”** Uyu mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuitika/kuitwa (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Chero vaKristu vanotadza (cf. vaRoma. 7).

▣ **“tinomurevereri kunaBaba”** Ichi ndicho chirevo chezvirikuitwa/kuitika (PRESENT ACTIVE INDICATIVE) icho chinoreva kuenda mberi kwokutinyengerera kunoitwa naJesu somurevereri wedu kudenga (*parakletos*). Iri izwi raiva remutemo raireva gweta mumatare edzimhosva kana” munhu anodanirwa kuzobatsira” (kubva paizwi rokuti *para* iro rinoreva kuti – zve -e [kana riri chipauro]nerokuti *kaleoiro* rinoreva kuti kudana). Izwi iri rinoshandiswa munhaurirano yemumba yepamusoro muvhangeri yaJohani, kureva Mweya mutsvene, iye murevereri wedu uyo anogara matiri panyika (cf. Johani. 14:16, 26; 15:26; 16:7). Zvisineyi, apa ndipo chete panoshandiswa izwi iri kureva Jesu (nyangwe richimbodomwa munaJohani. 14:16; vaRoma. 8:34; vaHebheru. 4:14-16; 7:25; 9:24). Pauro akashandisa izwi irori kureva basa raJesu rokunyengerera munavaRoma. 8:34. Mumuvaravara mumwechetewo anotaaurawo nezvokunyengerera kwemweya mutsvene munavaRoma. 8:26. Tinomurevereri kudenga (Jesu) nomurevereri anogara mukati medu (mweya), vose avo vakatumirwa naBaba vanorudo.

▣ **“iye Jesu Kristu akarurama”** Tsanangudzo iyi inoshandiswa kureva Mwari Baba muna. 1:9. Vanyori vetestamende itsva vakashandisa nzira dzokunyora dzakawanda dzokutsanangura uMwari hwaJesu.

1. Vanoshandisa mazita oruremekedzo akashandiswa kureva Mwari vachireva Jesu
2. Vanotaura zviito zvaMwari zvakaitwa naJesu

3. Vanoshandisa zvivakamutauro zvemitsara zvinofanana kureva vose (zvinodomwa nemazwi echiito kana zvirevamwene[OBJECTS of VERBS or PREPOSITIONS]) Inotaura nezvokusava nezvivi (utsvene, kuva saMwari) kwaJesu (cf. 3:5; 2vaKorinde. 5:21; vaHebheru. 2:18; 4:15; 7:26; 1Petirosi. 2:22). Ndiye aiva nzira yaBaba yokuunza “kururama” kuvanhu.

2:2

NASB, NKJV “ndiye mudzikinuri wezvivi zvedu”

NRSV “ndiye chibayiro chechenuro yezvivi zvedu”

TEV “Kristu pachake ndiye nzira yokuregererwa kwezvivi zvedu”

NJB, RSV “ndiye chibayiro chokubviswa kwezvivi zvedu”

Izwi rokuti *hilasmos* rinoshandiswa mubhaibheri rechiGiriki rakare (septaugint) kureva muvharo weAreka yechisungo uyo waidanwa kuti chigaro chetsitsi kana kuti nzvimbo yokuregererwa kwezvivi. Jesu akazviisa panzvimbo yedu yokuva nezvivi pamberi paMwari (cf. 4:10; vaRoma. 3:25).

Mumarara miro evaRoma nevaGiriki, izwi iri raireva nzira yokudzoreredzwa kweruwadzano naMwari akakanganisirwa nenzira yokuripo muripo, asi izwi iri harirevi izvozvo mubhaibheri rechiGiriki rakare (Septuagint) (rangarira kuti vanyori vetestamende itsva[kunze kwaRuka] vaiva vadzamisi vendangariro vechiJudha, vainyora norurimi rwe’Koine Greek’). Izwi iri rakashandiswa mubhaibheri rechiHGiriki rakare pamwe nemunavaHebheru kushandurudza “chigaro chetsitsi, “icho chaiva muvharo weAreka yechisungo, iyo yaiva munzvimbo tsvene tsvene, umo maiwanikirwa chenuro yerudzi pazuva rokuchenurwa (Revhitiko. 16).

Izwi iri rinofanira kubatwa nenzira isingazo ratidzi sokuti Mwari haavengi zvivi, asi nenzira inotsindikidza maitiro ake akanaka okudzikinura vatadzi. Nyaya iyi yakataurwa zvakanaka mugwaro ravaJames Stewart rinonzi, Munhu munaKristu” *A man in Christ*, pp. 214-224.”Imwe nzira yokuita izvi ndeyokushandurudza izwi iri kuti rireve basa raMwari munaKristu: “chibayiro chorudzikinuro” kana kuti “nesimba rerudzikinuro.”

Shandurudzo yerurrimi rwechirungu itsva inosiyana pamusoro penzwisiso yechirevo chezwi rokureva chibayiro iri. Izwi rokuti “rudzikinuro” rinoreva kuti Jesu akapfupira kutsamwa kwaMwari (cf. vaRoma. 1:18; 5:9; vaEfeso. 5:6; vaKorose. 3:6). Utsvene hwaMwari hunonyangadzwa nekutadza kwevanhu. Izvi ndizvo zvinobatwa noushumiri hwaJesu (cf. vaRoma. 3:25; 2vaKorinde. 5:21; vaHebheru. 2:17).

Vamwe vadzidzi veshoko (kureva., vaC. H. Dodd) vanoona sokuti, maonero evahedheni vechiGiriki (okupfupira kutsamwa kwamwari) haafanire kushandiswa kunaMwari’YHWH, ’ naizvozvo, vanosarudza “chenuro” iyo inoreva kuti ushumiri hwaJesu ndihwo hwakagadzirisa zvivi zvevanhu (cf. Johani. 1:29; 3:16) pamberi paMwari uye kwete hasha dzaMwari kuzvivi. Zvisinei, tsanagudzo dzose idzi ndedzechokwadi chebhaibheri.

▣ **“wezvivi zvedu, haasi wezvivi zvedu bedzi, asi wezvivi zvenyika yosewo”** Izvi zvinoreva kugoneka kwechenuro isina muganho (cf. 4:14; Johani. 1:29; 3:16, 17; 12:47; vaRoma. 5:18; 1Timoti. 4:10; Tito. 2:11; vaHebheru. 2:9; 7:25). Jesu akafira chivi nezvivi zvenika yose (cf. Genesi. 3:15). Chinhu chintadzisa nyika kuponeswa hazvisi zvivi, asi kusatenda. Zvisinei, vanhu vanofanira kudavira uye nokuramba vachidavira nokutenda, kutendeuka, pamwe nokutsungirira!

MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Sei Johani achishandisa mazwi echiito akawanda zvakadai pakutsanangura mirfangariro mishanu?
2. Donongodza mazwi anoreva chibayiro anowanikwa mundima. 7 na9.
3. Tsanangudza zvaitendwa nevarevi venhema avo vari kutaurwa naJohani
4. Ko ndima. 9 inesungano ipi nevarevi venhema pamwe nevatendi?
5. Tsanagura nokududza zvinoreva “kureurura.”

1 JOHANI 2:3-27

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Kristu mumiriri wedu	Hwaro hwekuwadzana naye	Kuteerera	Kristu mubatsiri wedu	Kufamba muchiedza (1:5- 2:28) Chimiso chokutanga kusiwana nezvivi (1:8-2:3) Chimiso chepiri kuchengeta mirayiro zvikuru nerudo
2:1-6	Muedzo wekumuziva 2:3-11	2:1-2 2:3-6	2:1-2 2:3-11	2:3-11
Murayiro mutsva		Kufa vamwe	Murayiro mutsva	
2:7-14		2:7-11 Hukana hwechokwadi naMwari ndi Kristu	2:7-8	
	Chimiro chavo paMweya			
	2:12-14	2:12-14	2:12-13	2:12-17
	Musada nyika	Ongororo yechokwadi	2:14	
2:15-17	2:15-17	2:15-17	2:15-17	
	Kunyengera kweguva	Kuvimbisika kurutendo		Chimiso chechina kuchenjera
Iye antiKristu	yekupedzisira	rwechokwadi	Mweya waKristu	antiKristu
2:18-25	2:18-23	2:18-25	2:18-19 2:20-21	2:18-28
	Chokwadi ngachigare mamuri		2:22-23	
	2:24-27		2:24-25	
2:26-27		2:26-27	2:26-27	

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyorori. Ndiyozve hwaro hwekupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

RUONO RWEZVIRI MUGWARO ZVE 2:3-27

- A. Zvakaoma kudonongodza 1. Johani nokuda kwemadingindira ayo anodzokororwa. Zvisinei, vatsoropodzi vazhinji vanobvuma kuti chikamu. 2 chinoendesera mberi madingindira echikamu. 1, anova maitirwo okuwadzana naMwari. Zvose, nenzira yakanaka pamwe neyakaipa.
- B. Pane kufambirana kwemarongerwo pakati pechikamu. 1 nechikamu. 2. Johani anotura shoko nenzira dzinosiyana pakupindura zvinorehwa nevadzidzisi venhema.
Chikamu. 1 chikamu. 2
- | | |
|----------------------------------|---------------------------------|
| 1. Kana tichiti.... (ndima. 6-7) | 1. Uyo anoti.... (ndima. 4-5) |
| 2. Kana tichiti.... (ndima. 8-9) | 2. Uyo anoti (ndima. 6) |
| 3. Kana tichiti.... (ndima. 10) | 3. Uyo anoti..... (ndima. 8-11) |
- C. Chirevo chechinyorwa chino chinodonongodza nzira dzokuedza kana kuti humboo hunoratidza kuva mutendi wechokwadi (2:3-25)
1. Kubvuma kureurura zvivi (pakutanga nokuenda mberi) (1:8)
 2. Mararamiro okuteerera (2:3-6)
 3. Mararamiro erudo (2:7-11)
 4. Kukunda zvakaipa (2:12-14)
 5. Kuramba nyika (2:15-17)
 6. Kutsungirira (2:19)
 7. Gwara redzidziso rakanaka (2:20-24; 4:1-3)
- D. Maonero edzidziso dzinokosha (muna. 2:18-19)
1. “nguva yokupedzisira” (ndima. 18)
 - a. Mutsara uyu pamwe nemimwe mitsara, yakaita sewokuti” mazuva okupedzisira, “inoreva muhasva wenguva uri pakati pokuberekwa kwaJesu muBheterehema kusvika pakuuya kwake rwepiri. Hushe hwakauya, asi hausati hwamunyingirwa zvizere.
 - b. Vana vaIsiraeri panguva iri pakati pematestamende, vakatanga kutenda munguva mbiri, ino inouipi pamwe nenguva yokururama inounzwa neMweya, iyo yakanga

ichiri muneramangwana. Testamende yakare yakanga isinganyatsojekese pamusoro pokuuya ruviri kwaMesiasi, kwokutanga somuponesi uye kepiri somumunyungidzi. Nguva mbiri idzi dzinozereredzana. Tarira nhaurwa inokosha pa. 2:17.

- c. Apa pakashandiswa dimikira rokushandisa izwi rokuti “nguva” (*kairos*) kureva nguva isina kujekeswa (cf. Johani. 4:21, 23; 5:25, 28; 16:2).
2. “Iye antiKristu” (ndima. 18)
- Johani chete ndiye anoshandisa izwi rokuti “antiKristu” (cf. 2:18, 22; 4:3; 2Johani. 7). Tarira uone kuti muna. 2:18 riri muzvimiro zvose zviviri chouwandu noumwe (PLURAL and SINGULAR) (cf. 2. Johani. 7).
- a. Vamwewo vanyori vebhaibheri vanonongedza kumunhu mumwecheteyo wenguva yokupedzisira
 - 1) Dhanieri—“mhuka yechina” (cf. 7:7-8, 23-26; 9:24-27)
 - 2) Jesu—“kuparadzwa” (cf. Mako. 13; Mateu. 24)
 - 3) Johani—“mhuka yakabva pagungwa” (cf. Zvakazarurwa. 13)
 - 4) Pauro—“munhu wezvivi” (cf. 2vaTesaronika. 20)
 - b. Johani anopawo musiyano pakati pemunhu wemagumo nemweya unoramba uchidzokorora kana mafungiro ayo anogarovapo munyika (cf. 2:18; 4:3; 2Johani. 7; Mako. 13:6, 22; Mateu. 24:5, 24).
 - c. Chirevamwene chokuti *anti*, muchiGiriki chinogona kureva (1) kupikisa kana (2) kunze kwe. Izvi zvinokosha sokushandiswa kwezvimi zvose, chomwe nechouwandu (SINGULAR and PLURAL) mundima. 18. Nhorondo izere nevanhu avo vakambopikisana naMwari naKristu wake.
 - 1) Antiochus IV Epiphanes (nyanga duku yomunaDhanieri. 8; 11:36-45)
 - 2) Nero naDomitian (vakazviti vaiva vamwari asi kwete Mesiasi)
 - 3) Vasingatendi kuti kunaMwari vachitenda kurarama mumugarisanwa
 - 4) Vasingaite zvezvitendero vachiti kugarisana ndiko kukuru

Ava vanongofananawo nevaya vasingapikisi Kristu asi vanozviti ndivo vanaKristu (setsanangudzo yepiri).

 - 1) Vadzidzisi venhema vanorehwa munaMako. 13:6, 22 naMateu. 24:5, 24
 - 2) Vatungamiri vezvitendero zvemuchivande
 - 3) Iye antiKristu (Dhanieri. 7:8, 23-26; 9:24-27; 2vaTesaronika. 2:3; Zvakazarurwa. 13)
 - d. vaKristu venguva dzose vachasangana navo vose vadzidzisi venhema vanoramba Kristu pamwe nevanaMesiasi venhema vanozviti ndivo vanaKristu. Zvisinei, nerimwewo zuva, zuva rokupedzisira, zimukadzimu rimwe roupi (kureva., iye antiKristu) richaita zvose!
3. “kugara nemi/mamuri” (ndima. 19, 24, 27, 28)
- a. Vaparidzi vazhinji vemazuva ano vanonyanya kusimbisa nyaya yokudiwa kworutemo rwokutanga rwokuvimba/kuva norutendo nokutenda munaKristu, kwazvo kwazvo ichi ndicho chokwadi. Zvisinei, tsindikidzo yebhaibheri haisi murutemo, asi muudzidzi (cf. Mateu. 28:19-20).
 - b. Gwara redzidziso yokudzivirirwa kwomutendi inofanira kubatanidzwa negwara redzidziso yokutsungirira. Tarira nhaurwa inokosha:kudiwa kwokutsungirira panaJohani. 8:31. Haisi nyaya yokusarudza ichi kana icho, asi inyaya yokuita

zvose uye inerutsigiro rwebhaibheri. Zvokwadi kuti” kugara” iyeuchidzo yemubhaibheri (cf. Johani. 15)!

- c. Mimwe mivaravara inotaura pamusoro pokugara iri munaMateu. 10:22; 13:1-9, 18-23; Mako. 13:13; Johani. 8:31; 15:1-27; 1vaKorinde. 15:2; vaGaratiya. 6:1; Zvakazarurwa. 2:2, 7, 11, 17, 26; 3:5, 12, 21; 21:7. Tarira nhaurwa inokosha :” kugara” pana2:10.

DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :2:3-6

³Ndizvo zvinotizivisa kuti tinomuziva, kana tichichengeta mirayiro yake. ⁴Uyo, anoti ndinomuziva, asingachengeti mirayiro yake, murevi wenhema, chokwadi hachisi maari; ⁵ asi uyo, anochengeta shoko rake, rudo rwaMwari rwakwaniswa maari zvirokwazvo. Ndizvo zvinotizivisa kuti tiri maari; ⁶uyo, anoti, ndinogara maari, anofanira kufambawo sezvaakafamba iye.

2:3 “ndizvo zvinotizivisa kuti tinomuziva” Zvirokwazvo izvi zvinoreva kuti” tinoziva kuti takamuziva.”Mutsara uyu uri muchirevo chezviri kuitika/kuitwa (PRESENT ACTIVE INDICATIVE) chichiteverwa nechirevo chezvaitika/itwa (PERFECT ACTIVE INDICATIVE) uchikumikidza kuti vaKristu vekereke dzaishungurudzwa idzi vanogona kuva nesimbiso yakazara yeruponeso rwavo chero paine dzidziso yenhema iyi.

Izwi rokuti “ziva” rinoshandiswa muchirevo charo cherurimi rwechiHebheru chokureva hukama hwemandorokwati (cf. Genesi. 4:1; Jeremiya. 1:5) pamwe nechirevo charo chechiGiriki icho chinoreva hukorokodzwa pamusoro pemunhu kana chinhu. Vhangeri rinechimiro chomunhu pamwe nechomutambwe wechokwadi. Kumikidzo dzinopiwa mumutsara uyu ndedzokuti

1. Tinogona kuziva Mwari
2. Tinogona kuziva zvaanoda kuti tiite paupenyu hwedu
3. Tinogona kuziva kuti tinoziva! (cf. 5:13)

Imwe yesimbiso dzoukama hwedu naMwari inoratidzwa nezviito nezvinangwa zvedu (cf. Mateu. 7; Jakobho., 1Petirosi). Iri ndiro dingindira rinodzokororwa muna1. Johani (cf. 2:3, 5; 3:24; 4:13; 5:2, 13).

Zvinyorwa zvaJohani zvinoshandisa mazwi maviri echiGiriki okureva kuti” ziva” (*ginōskō* pamwe na *oida*) kazhinji (kanosvika makumi maviri anenomwe muzvikamu zvishanu zva. 1. Johani) uye mazwi aya anoshandiswa kureva zvakafanana. Panoita sokuti hapana musiyano unoonekwa wenzira yemaumbirwo, zvirevo nemashandisirwo mumitsara pakati pemazwi aya mururimi rwe’koine Greek.’ Sarudzo yekushandisa mazwi aya ndeyezvidobi zveanyorero. Zvinoshamisawo kuti Johani haashandisi chimiro chemazwi aya chinoudzamu chokuti *epiginōskō*.

Johani arikunyorera kukurudzira vatendi pamwe nokupikisa nhema. Vhangeri yaJohani pamwe na1. Johani dzinoshandisa izwi rokuti” ziva” kupfuura mamwe mabhuku ose etestamende itsva. 1. Johani ibhuku resimbiso inobva pakuziva vhangeri zvichienderana nerudo rwemararamiro pamwe nokuteerera (cf. bhuku yaJakobho).

▣ **“kana”** Uyu mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuitika/kuitwa (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE).

▣ **“tichichengeta mirayiro yake”** Tarira uone kuiswa kwezvimiso pano, chirevo chezviri kuzoitika muneramangwana (PRESENT ACTIVE SUBJUNCTIVE). Chisungo chitsva ichi hachina zvimiso maringe nepfupiro yaMwari, asi maringe nekutenda kwekutendeuka norudaviro rwokuteerera kwevanhu (cf. 2:3-5; 3:22, 24; 5:2, 3; Johani. 8:51-52; 14:15, 21, 23; 25:10; Zvakazarurwa. 2:26; 3:8, 10; 12:17; 14:12). Humwe hweumboo hwekuratidza kutendeuka kwechokwadi ndiko kuteerera chiedza (zvose Jesu nevhangeri, cf. Ruka. 6:46). Chero mutestamende yekare, kuteerera kwaipfuura chibayiro (cf. 1Samueri. 15:22; Jeremiya. 7:22-23). Kuteerera hakuunze ruponeso, asi kunoratidza kuponeswa. Hakusiri iko hwaro (cf. vaEfeso. 2:8-9), asi ndiko chibereko (cf. vaEfeso. 2:10).

2:4 “uyo, anoti” Uyu ndiwo muhozera wenzira yaJohani yokutaura achishandisa mupikisi wefungidziro.

▣ **“ndinomuziva”** Izvi ndizvo zvimwe zvezvaitaurwa nevadzidzisi venhema (cf. 1:6, 8, 10; 2:4, 6, 9). Uku ndiko kutaura pachishandiswa mupikisi wefungidziro (DIATRIBE) (“uyo anoti...”) kunofanana nekuri munaMaraki, vaRoma naJakobho. Vadzidzisi venhema vaiti vanoziva, [chirevanguva chezvakaikita/itwa zvine zvizbereko] (PERFECT TENSE) Mwari, asi vaiedza kusiyana ruponeso nokurarama zvinouMwari. Vakanga vachisiyana kururamiswa kubva kukuitwa mutsvene. Vaiti ivo vaneruzivo rwepamusoro rwaMwari (kureva., rwakavanzika), asi mararamiro avo ndiwo airatidza zvinangwa zvavo chaizvo.

▣ **“asingachengeti mirayiro yake”** Ichi ndicho chirevo cheizwi rinodoma zvirikungoitwa (PRESENT ACTIVE PARTICIPLE) iro rinotsanangura zviito zveamararamiro. Hupenyu hwedu ndihwo hunoratidza dzidziso yedu yemweya (cf. Mateu. 7). ndima. 4 inoburitsa chokwadi nenzira yetsiudzo, ukuwo ndima. 5 inoburitsa chokwadi chimwechetecho nenzira yekurudziro.

▣ **“murevi wenhema”** Hapana chinhu chakaipa sokuzvinyepera! Kuteerera ndiko humboo hwekutendeuka kwechokwadi. Muchavaziva nezvizbereko zvavo (cf. Mateu. 7)
Johani anodana vezvitendero zvakasiyana siyana (vadzidzisi nevaparidzi) kuti varevi venhema (cf. 1:6; 2:4, 22; 4:20). Vanoita zvezvitendero asi Havana kururama pamberi paMwari!

2:5 “asi uyo anochengeta shoko rake” Ichi ndicho chirevo chezvirikuzoitika/itwa (PRESENT ACTIVE SUBJUNCTIVE). Vanyori vegwaro reUBS’ rinonzi, gwaro rokutsanangura tsamba dzaJohani” *A handbook on the letters of John*” (vaHaas, vaJonge, navaSwellengrebel) vanopa tsanangudzo inofadza zvikuru pamusoro pokurongwa kwemazwi kwechiGiriki uku: “izwi rinesungano nezita iro rinodoma rimwe ramboshandiswa, uye riine izwi rinoreva chiito rechiGiriki, rokuti ‘an’ kana kuti ‘ean’ uye nezwi rechiito riri muchimiro chezvichaitwa, ndiro riri muna3:17, 22; 4:15; 5:15; 3Johani. 5. Zvinoita sokuti zvinoreva zviitiko zvagara zvichiitika” (p. 40). Kuteerera ndicho chinhu chinokosha chokutenda kwechisungo. Iri ndiro shoko guru ra1. Johani naJakobho. Hapana angati anoziva Mwari asi achiramba shoko rinorarama uye shoko rakanyorwa nenzira yemararamiro ezvivi (cf. 3:6, 9) !

▣ **“rudo rwaMwari rwakwaniswa maari”** Uyu mutsara unechirevo chezvakaiteirwa zviine zvibereko zviripo (PERFECT PASSIVE INDICATIVE) (cf. 4:12, 17, 18). Hazvinyatsozivikanwa, pazvivakamutauro kuti izwi rinotsanangura maitiro (GENITIVE) riri kutaura nezve

1. Rudo rwaMwari kwatiri (cf. 4:12)
2. Rudo rwehu kunaMwari (cf. 5:3)
3. Rudo rwaMwari mumwoyo yedu

Izwi rokuti” kukwaniswa” (*telos cf. 4:12, 17, 18*) rinoreva kukura, kuperera, kana kuti kuva nezvakakwanira basa (cf. vaEfeso. 4:12), kwete kusava nezvivi (cf. 1:8, 10).

▣ **“ndizvo zvinotizivisa kuti tiri maari”** Pano zvakare pane tsindikidzo yokugona kwevatendi kuva nokutenda kwekuzvivimba muukama hwavo naMwari. Nyaya yokuva maari kwedu (kugara cf. ndima. 6) idingindira rinodzokororwa muzvinyorwa zvaJohani (cf. Johani. 14:20, 23; 15:4-10; 17:21, 23, 26; 1. Johani. 2:24-28; 3:6, 24; 4:13, 16).

2:6 “ndinogara” Tarira nhaurwa inokosha pa2:10. Testamende itsva inoti vose Baba neMwanakomana vanogara matiri (cf. Johani. 14:23 na17:21). Tarira uone kuti chero mugombedzero inokumikidza simbiso, mune kudiwa kwe, nechirevo chokuti “anofanira” (cf. 2:6, chirevo chezvirikuitwa uye zviine zviendamberi (PRESENT INFINITIVE), “ndinogara maari”). Vhangeri ndicho chisungo chine zvimiso chinekodzero nebasa rokuita!

▣ **“anofanira kufambawo sezvaakafamba iye”** Iyi ndiyo imwe tsindikidzo pamusoro po” kutenda kwechokwadi” semararamiro okutenda (cf. Jakobho. 2:14-26). Kutenda harusingori rutemo chete, asi hukama hwepauzima hweziendamberi naJesu uhwo hunounza kurarama saKristu. Hupenyu husingaperi hune maitiro anoonekwa! Izvi zvinofanana nezviri pana1:7. Chinangwa chechiKristu hakusi kuenda kudenga rimwe zuva kana tafa, asi kuva saKristu izvozvi (cf. vaRoma. 8:29-30; 2vaKorinde. 3:18; vaGaratiya. 4:19; vaEfeso. 1:4; 1vaTesaronika. 3:13; 4:3; 1Petirosi. 1:15) ! Takaponeserwa kushumira. Takatumwa muutumwa sezvaakatumwa muutumwa. Sezvaakafira vamwe, nesuwo, tinofanira kuzviona sevaranda (cf. 1Johani. 3:16).

Izwi rokuti” iye” rinoreva kwazvo kwazvo kuti “uyo, “rinova dimikkira muzvinyorwa zvaJohani rokureva “Jesu” (cf. Johani. 2:21; 19:35; 1. Johani. 2:6; 3:3, 5, 7, 16; 4:17). Kazhinji rinowanzoshandiswa nenzira yokuzvidza (cf. Johani. 7:11; 9:12, 28; 19:21).

Kana izwi rokuti” iye uyo” richireva Jesu, saka rokuti “maari “remundima. 6a rinoreva ani? Johani anowanzoshandisa izwi rinoreva zvakaawanda zvine chinangwa. Rinogona kureva Baba (cf. Johani. 15:1-2, 9-10) kana Mwanakomana (cf. Johani. 15:4-6). Kureva zvakaawanda kumwecheteko kunogona kujekeswa muizwi rokuti” iye mutsvene” riri mundima. 20.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :2:7-11

⁷ Vadikanwi, handikunyorereyi murayiro mutsva, asi murayiro wakare, wamakanga munawo kubva pakutanga; murayiro wakare ndiro shoko ramakanzwa.

⁸Pamwezve ndinokunyorereyi murayiro mutsva, chiri chinhu chechokwadi kwaari nokwamuri; nokuti rima ropfuura, chiedza chechokwadi chotovhenekera. ⁹Uyo, anoti, ndiri muchiedza, achivenga hama yake, achiri murima kusvikira zvino. ¹⁰Anoda hama yake, anogara muchiedza, hapana chigumbuso maari. ¹¹Asi anovenga hama yake, ari murima, anofamba murima haazivi kwaanoenda, nokuti rima rakapofumadza meso ake.

2:7 “vadikanwi” Johani anowanzo dana vaverengi vake nemazita okuratidza rudo (cf. 2:1). Izwi iri rakasahandiswa naBaba vachireva Jesu pakubhabhatidzwa kwake (cf. Mateu. 3:17) nepakubwinya pagomo (cf. Mateu. 17:5). Iyi inan’anuro yakajairika yokureva vakaponeswa mutsamaba dzaJohani (cf. 3:2, 21; 4:1, 7, 11; pamwe na3Johani. 1, 2, 5, 11).

Gwaro re Textus Receptus rinoshandiswa izwi rokuti “hama dzangu” (MSS K, L, NKJV), asi muna 1. Johani munoshandiswa izwi iri pana 3:13 chete. Kushandiswa kweizwi rokuti “vadikanwi” kunotsigirwa negwaro rezvinyorwa zvechiGiriki zvakare (uncial Greek manuscripts) (N, A, B, C, P, gwaro reVulgate, rePeshiita, reCoptic nezvimwewo zvinyorwa zveArmenian (verenga bhuku ravaBruce Metzger rinonzi, tsoropodzo yechinyorwa chetestamende itsva yechiGiriki” *A Textual commentary on the Greek New Testament*, p. 708”).

▣ **“handikunyorereyi murayiro mutsva, asi murayiro wakare”** Aya ndiwo manyorero aJohani chaiwo (cf. Johani. 13:34; 15:12, 17). Murayiro wakanga usiri mutsva maringe nenguva, asi waiva mutsva paukoshi wawo. Vatendi vanorayirwa kuti vadane sokudiwa kwavakaitwa naJesu (cf. Johani. 13:34).

Kuti “Murayiro wakare” zvinogona kunzwiswa nenzira mbiri.

1. Murayiro waMosesi (kureva., Revhitiko. 19:18)
2. Dzidziso yaJesu iyo yakanyorwa muvhangeri yaJohani (kureva., Johani. 13:34; 15:12, 17)

▣ **“murayiro wakare”** Muna. 2:3, izwi rokuti” murayiro” riri muuwandu (PLURAL), asi pano riri mumwe (SINGULAR). Izvi zvinoita sokuti zvinoreva kuti rudo ndirwo runozadzisa mumwe mirayiro (cf. vaGaratiya. 5:22; 1vaKorinde. 13:13). Basa guru revhangeri ndirwo rudo.

▣ **“wamakanga munawo kubva kare”** Ichi ndicho chirevo chokureva zvakaitwa/itika kare (IMPERFECT ACTIVE INDICATIVE) chichireva kutanga kusangana nevhangeri kwemuteereri (cf. ndima. 24; 1:1; 3:11; 2Johani. 5-6).

▣ **“ramakanzwa”** Gwaro reTextus Receptus rinowedzera mutsara wokuti” kubva pakutanga” (unoshandiswa pokutantga pendima).

2:8 “chiri chinhu chechokwadi kwaari” Kudoma kuvahunhurume kana hunhukadzi (GENDER) kunoitwa nezwi rinoreva zita iri kunoshanduka kubva pakureva hunhukadzi (FEMININE) mundina. 7, izvo zvinofanana nokureva kuti “murayiro, “kuchireva zvisina kwazvakarerekera (NEUTER), izvo zvinoreva vhangeri yose. Kushanduka kweizwi rinoreva zita uku kunowanikwawozve munavaEfeso. 2:8-9.

▣ **“rima rinopgfura”** Ichi ndicho chirevo chokureva kuti mutauri anechokuita nezvirikuitika (PRESENT MIDDLE INDICATIVE) (kana tichitarisa zviru mubhuku ravaA. T. Robertson rinonzi mifananidzo yemazwi etestamende itsva” *word pictures in the New Testament*, p. 212). Kuna avo vanoziva Mwari munaKristu, nguva itsva yatosvika uye iri kuramba ichikwana muhana nemupfungwa dzavo (kureva., kuitika kwemugumo).

▣ **“chiedza chechokwadi chotovhenekera”** Jesu ndiye chiedza chenyika (cf. Johani. 1:4-5, 9; 8:12), zvinova izvo dimikira remubhaibheri rokureva chokwadi, zaruro, nounaku hwemagariro. Tarira zvinyorwa pa1:5 na1:7. Nguva itsva yasvika!

2:9 “asi achivenga hama yake” Iri ndiro izwi rinoreva chiito riri muchimiro chezvirikuitika/itwa (PESENT ACTIVE PARTICIPLE) iro rinoreva zvirikutoitwa. Ruvenge ndirwo chiratidzo cherima (cf. Mateu. 5:21-26).

2:10 “anoda hama yake anogara muchiedza” Chirevo chechinyorwa chino chizere nemazwi echiito ari muchimiro chezvirevanguva zvezviri kuitika. Rudo ndirwo humboo hwekuponeswa kwemutendi pamwe noukama hwake noruzivo rwechokwadi nechiedza. Uyu ndiwo murayiro mutsva, asi uri wakare (cf. 3:11, 23; 4:7, 11, 21).

NHAURWA INOKOSHA:” KUGARA” MUZVINYORWA ZVAJOHANI

Vhangeri yaJohani niotsanangura hukama hunokosha pakati paMwari Baba naJesu Mwanakomana. Uhwu ndihwo hukama hwemandorokwati hwekuzvininipisa pamwe nokuenzana. Muvhangeri yose, Jesu anotaura zvaanonzwa Baba vachitaura, achiita zvaanoona Baba vachiita. Jesu haaita zvaanoda iye pachake, asi anoita kuda kwaBaba.

Ruwadzano rwemandorokwati nouranda ndizvo zvinoumba munyereketi wehukama pakati paJesu nevateveri vake. Hukama hwemandiriri uhwu haurevi kunyangadirwa kwemunhu (sezvinorehwa muzvitendero zvechivande zvekumabvazuva), asi mararamiro akanaka okutevedzera. Kuwadzana kwaiva (1) kwemurangiro (maonerwo anoitwa vhangeri okuti ndiro shoko raMwari); (2) kwehukama (Jesu ndiye aive Mesiasi waMwari akavimbiswa uyo aifanira kuvimbwa pamwe nokumirwa naye); uye (3) maitiro akanaka (hunhu hwake huchionekwa muvatendi vanouMwari).

Jesu ndiye munhu wechokwadi, muIsiraeri wechokwadi, chipimo chokuva munhu akanaka. Anoratidza zvaifanire kunge zvakaitwa naAdhamu, uye nezvaaifanira kuva (kana tichitaura nemataurire evanhu). Jesu ndiye “mufananidzo chaiwo waMwari.” Anodzoredza mufananidzo wevanhu vakatadza noku (1) ratidza Mwari; (2) tifira (chenuro yerutsivo); ne (3) nokupa vanhu muenzaniso wokutevera. Izwi rokuti “kugara” (*menō*) ndiro rinoratidza chinangwa chokuva saKristu (cf. vaRoma. 8:29), kudzoreredzwa kwekutadza (cf. Genesi. 3).

Kubatanazve kwaMwari nechisikwa chake chinokosha, munhu, kuitira kuwadzana ndiko kunorehwa nomutsara waPauro mupositori wokuti” munaKristu” pamwe nawaJohani mupositori wokuti” kugara mandiri.”

Tarira uone mashandisirwo anoitwa naJohani:

1. Kugara pakati paBaba noMwanakomana
 - a. Baba muMwanakomana (Johani. 10:38; 14:10, 11:17:21, 23)
 - b. Mwanakomana munaBaba (Johani. 10:38; 14:10, 11; 17:21)
2. Kugara pakati pouMwari nomutendi
 - a. Baba mumutendi (Johani. 14:20, 23; 1Johani. 3:24; 4:12-13, 15)
 - b. Mutendi munaBaba (Johani. 14:20, 23; 17:21; 1Johani. 2:24, 27; 4:13, 16)
 - c. Mwanakomana mumutendi (Johani. 6:56; 14:20, 23; 15:4, 5; 17:23)
 - d. Mutendi muMwanakomana (Johani. 6:56; 14:20, 23; 15:4, 5, 7; 1. Johani. 2:6, 24, 27, 28)
3. Zvimwe zvinechokuita nokugara (zvakanaka)
 - a. Shoko raMwari

- 1) Zvakaipa (Johani. 5:38; 8:37; 1. Johani. 1:10; 2. Johani. 9)
- 2) Zvakanaka (Johani. 8:31; 15:2; 1. Johani. 2:14, 24; 2. Johani. 9)
- b. Rudo rwaMwari (Johani. 15:9-10; 17:26; 1. Johani. 3:17; 4:16)
- c. Mweya waMwari
 - 1) paMwanakomana (Johani. 1:32)
 - 2) mumutendi (Johani. 14:17)
- d. kuteerera ndiko kugara (Johani. 15:10; 1. Johani. 3:24)
- e. rudo ndirwo kugara muchiedza (1. Johani. 2:10)
- f. kuita kuda kwaMwari ndiko kugara (1. Johani. 2:17)
- g. kuzodzwa kunogara (1. Johani. 2:27)
- h. chokwadi chinogara (2. Johani. 2)
- i. Mwanakomana anogara (Johani. 8:35; 12:34)
4. Zvimwe zvinechokuita nokugara (zvakaipa)
 - a. Kutsamwa kwaMwari kunogara (Johani. 3:36)
 - b. Kugara murima (Johani. 12:46)
 - c. Kuasira kure... kupiswa (kusagara) (Johani. 15:6)
 - d. Kuita zvivi (kusagara) (1. Johani. 3:6)
 - e. Kusava norudo (kusagara) (1. Johani. 3:14)
 - f. Pasina murayi (kusagara nokusingaperi) (1. Johani. 3:15)
 - g. Murufu (1. Johani. 3:14)

NASB, NKJV “hapana chigumbuso maari”

NRSV “kumunhu akadai hakuna chigumbuso”

TEV “matiri hamuna chigumbuso chingaita kuti munhu atadze”

NJB “maari hamuna chingamuita kuti atadze”

Ndima iyi inogona kushandurudzwa nenzira mbiri.

1. Mutendi uyo anofamba murudo haangagumbuswi (cf. ndima. 11)
2. Mutendi uyo anofamba murudo haangaitisi kuti mumwe agumbuswe (cf. Mateu. 18:6; vaRoma. 14:13; 1vaKorinde. 8:13)

Nzira dzose dziri mbiri dzinoreva chokwadi! Vhangeri yakanakira mutendi nevamwewo (vose, vamwe vatendi nevakararika).

Mutestamende yakare izwi rokuti” chigumbuso” ndiro rinomia rakapikisana nokutenda (kutsika zvakanaka, kumira zvakaterama). Kuda kwaMwari nemirayiro yake zvaitsindikidzwa nenzira kana gwara rakajeka. Izvi ndizvo zvinoita kuti izwi rokuti “kufamba” rive dimikira rokureva mararamiro.

Tarira nhaurwa inokosha:Tenda, vimba, rutendo, nokutendeseka mutestamende yakare panaJohani. 1:14.

2:11 “asi anovenga hama yake ari murima uye anofamba murima” Iri ndiro izwi rinoreva zvaitwa/itika riri muchiumiro chezvirikuitika/itwa (PRESENT ACTIVE PARTICIPLE) (anovenga) richiteverwa nechirevo chokureva zvirikuitwa/itika (PRESENT ACTIVE INDICATIVE) (anofamba). Ruvengo runoratidza kusatenda (cf. 3:15; 4:20). Rima nechiedza, rudo neruvengo, hazvigoni kuva mumunhu mumwechete panguva imwechete. Izvi ndizvo zvinoreva mitsara yaJohani yokuenzanisa zvichena nezvitema. Anotaura zvakafanira kuitwa!

Zvisinei, kazhinji, vatendi vanotambura noksarurana, kusadanana, pamwe nokuregererana! Vhangeri inounza zvose shanduko yechiriporipo pamwe neyeziendamberi.

▣ **“rima rakapofumadza meso ake”** Izvi zvinogona kureva kahunhu kevatendi kwokuramba vachiita zvivi (cf. 2Petirosi. 1:5-9), kana mabasa aSatani (cf. 2vaKorinde. 4:4). Pane vavengi vatatu vevanhu: (1) nzira dzoutadzi dzepanyika; (2) muedzi wepamweya, Satani; ne (3) chimiro chedu chezvivi, chaAdhamu (cf. vaEfeso. 2:2-3, 16; Jakobho. 4).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :2:12-14

¹² **Ndinokunyorera, vana vaduku, nokuti makaregererwa zvivi nokuda kwezita rake.**

¹³ **Ndinokunyorera, madzibaba, nokuti munoziva iye akanga aripo kubva pakutanga. Ndinokunyorera, majaya, nokuti makakunda wakaipa. Ndakunyorera, vana vaduku, nokuti munoziva baba.**

¹⁴ **Ndakunyorera, madzibaba, nokuti munoziva iye akanga aripo kubva pakutanga. Ndakunyorera, majaya, nokuti mune simba neshoko raMwari rinogara mamuri, makakunda wakaipa.**

2:12-14 Mazwi ose echiito ari mundima idzi (kunze kwerokuti” ndinokunyorera” [NASB 1970], “Nakunyorera” [NASB 1995], Gwaro re UBS⁴ rinopa mutsara wepiri chipimo chokutanga” A” [kureva chokwadi]) ari muchimiro chechirevanguva chezvakaikwa zvive zviripiro (PERFECT TENSE), Sezvo chirevo chechinyorwa chapfuura change chichitaura nezvevadzidzisi venhema, chino chinotaura nezve mutendi. Pane mazita matatu anopiwa mutendi:” vana vaduku, ““madzibaba, “pamwe ne” majaya.”Ganhuro ino hainyatso fambirane zvakanaka nechirevo choumboo hwesimbiso hwemararamiro. Zvinogoneka kuti pano hatisi kutaura nezve mapoka matatu, asi inongova nzira yemanyorero yokutsanagura chimiro chezvakaikwa vaKristu vose kare.

Pane zvinhu zvina zvakadonongodzwa izvo zvinozivikanwa nevaKristu.

1. Kuti zvivi zvavo zvakaregererwa (ndima. 12)
2. Kuti kuburikidza naKristu, vakakunda Dhabhori (ndima. 13)
3. Kuti vano” ziva” kuti vanowadzana naBaba (ndima. 14) pamwe noMwanakomana (ndima. 13-14)
4. Kuti vanesimba mushoko raMwari (ndima. 14).

Donongodzo iyi inorehwa nezvivakamutauro mu (1) mutsara wokuti” ndinokunyorera” pamwe (2) negombedzero nhanhatu dzezwi rokuti nokuti (*hoti*).

2:12 “nokuti makaregererwa zviv vzenyu nokuda kwezita rake” Ushumiri hwaJesu ndihwo chete tariro yevanhu yokuregererwa (chirevo chezvakaikwa [PERFECT PASSIVE INDICATIVE]). Nemanzwisisiro echiHebheru, zita rinofambirana nemaitiro nounhu (cf. 3:23; 3. Johani. 7; vaRoma. 10:9-13; vaFiripi. 2:6-11).

Pane dungwerunge regombedzero nhanhatu dzezwi rokuti “nokuti” (*hoti*) mundima. 12-14. Gombedzero idzi dzinogona kuva dzevavariro (PURPOSE CLAUSES) (NASB, NRSV, NJB, “nokuti”) kana kungovawo nzira yokutara mitsara inodudza nyaya (NET, “kuti”).

2:13 “iye akanga aripo kubva pakutanga” Mazwi anoreva mazita muna. 1Johani, anoreva zvakanwanda, anogona kureva Mwari Baba kana Mwari Mwanakomana. Muchirevo chechinyorwa chino iri rinoreva Jesu. Uyu mutsara unoreva kuvapo kare uye, naizvozvo,

huMwari hwake (cf. Johani. 1:1, 15; 3:13; 8:48-59; 17:5, 24; 2vaKorinde. 8:9; vaFiripi. 2:6-7; vaKorose. 1:17; vaHebheru. 1:3).

▣ **“makakunda”** Uyu mutsara iyambiro nevimbiso inoramba ichidzokororwa munaJohani (cf. 2:14; 4:4, 5:4-5, 18-19). Izvi zvinorehwa nenzira yechirevo chezvakaaitika/itwa uye zviine zvizereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVE). Panozve, Johani anonyora achishandisa ringanidzo nezvitema nezvichena (iyoyi nyaya yekukunda kwemagumo kwakatoitika inowanika zvikuru muvhangeri yaJohani). Vatendi ndivo vakundi, asiwo nokuda kwekakavadzano ye” zvakatoitwa asi zvisati” zvoushe hwaMwari, vacharwisana nezvivi, nokuedzwa, kutambudzwa pamwe nerufu.

▣ **“wakaipa”** Izvi zvinoreva Satani, uyo anorehwazve mundima. 14. Ndimu. 13 na14, dzinofanana. Tarira nhaurwa inokosha panaJohani. 12:31.

▣ **“nokuti munoziva Baba”** Chirevo chebhaibheri chezwi rokuti” ziva” chinofambirana nechirevo charo muchiHebheru chokureva hukama hwemandorokwati (cf. Genesi. 4:1; Jeremiya. 1:5) nechechiGiriki chokureva “hukorokodzwa pamusoro pe.”Vhangeri inoreva zvole, munhu anofanira kugamuchirwa (Jesu), pamwe neshoko (gwara redzidziso) rinofanira kugamuchirwa nokuitwa, pamwe nokuraramiwa.

NHAURWA INOKOSHA:ZIVA (KUCHISHANDISWA MANYORERWO OMUNA DHUTERONOMI)

Izwi rechiHebheru rokuti “ziva” (BDB 393) rinoreva zvakawanda (zvidzidzo zvezvirevo zvemazwi) paizwi rokuti ‘qal’

1. Kunzwisisa chakanaka nechakaipa—Genesi. 3:22; Dhuteronomi. 1:39; Isaya. 7:14-15; Jona. 4:11
2. Kuziva nokunzwisisa—Dhuteronomi. 9:2, 3, 6; 18:21
3. Kuziva kuburikidza nezvakaitwa kare—Dhuteronomi. 3:19; 4:35; 8:2, 3, 5; 11:2; 20:20; 31:13; Joshua. 23:14
4. Kufunga—Dhuteronomi. 4:39; 11:2; 29:16
5. Kuziva pauzima
 - a. Munhu—Genesi. 29:5; Ekisodho. 1:8; Dhuteronomi. 22:2; 33:9
 - b. Chimwari—Dhuteronomi. 11:28; 13:2, 6, 13; 28:64; 29:26; 32:17
 - c. Mwari ‘YHWH’—Dhuteronomi. 4:35, 39; 7:9; 29:6; Isaya. 1:3; 56:10-11
 - d. Zvepabonde—Genesi. 4:1, 17, 25; 24:16; 38:26
6. Ruzivo kana umhizha hwekudzidza—Isaya. 29:11, 12; Amosi. 5:16
7. Iva nouchenjeri—Dhuteronomi. 29:4; Zvirevo. 1:2; 4:1; Isaya. 29:24
8. Ruzivo rwaMwari
 - a. rwaMosesi—Dhuteronomi. 34:10
 - b. rweIsiraeri—Dhuteronomi. 31:21

2:14 “mune samba” Tarira uone kuti kusimba kwavo kunobva mukugara kweshoko raMwari. Izvi zvinofanana neyeuchidzo yaPauro yemunavaEfeso. 6:10-18. Shoko rinogara ndiyo vhangeri. Iri pamafungiro pamwe nepauzima, Mwari akaparura uye mumwe nomumwe vakagamuchira, zvole rutemo noudzidzi, zvole chokwadi nokuvimbisika.

▣ **“shoko raMwari rinogara mamuri”** Izvi zvinopa shoko raMwari chimiro chomunhu (vhangeri, cf. ndima. 24). Izvi zvinotsigira zviru munaJohani. 15. Zvinoshandiswa nenzira yokutsiudza munaJohani. 5:38 na8:37.

▣ **“makakunda wakaipa”** Iyi itsindikidzo yekutsungirira kwevatsvene vechokwadi. Inowanikwazve mundima. 17, 19, 24, 27, 28; 5:18; na2. Johani. 9. Gwara redzidziso yokudzivirirwa kwevatendi inofanira kunengaidzwa nechokwadi chokuti avo vakadzikinurwa zvechokwadi vachatsungirira kusvika kumagumo (cf. Zvakazarurwa. 2:7, 11, 17, 26; 3:5, 12, 21). Tarira nhaurwa inokosha:kudiwa kwekutsungirira pana Johani. 8:31. Izvi hazvirevi kusava nezvivi zvino, nyangwe izvi zvichinzi zvinogoneka nokuda kwebasa rakapedzwa naKristu (cf. vaRoma. 6).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :2:15-17

¹⁵Musada nyika kunyange nezvinhu zviru munyika. Kana munhu achida nyika, rudo rwaBaba haruzi maari. ¹⁶Nokuti zvose zviru munyika, zvinoti, kuchiva kwenyama, nokuchiva kwemeso nokuzvikudza kwoupenyu, hazvibvi kunaBaba, asi panyika.

¹⁷Nyika inopfura nokuchiva kwayo; asi anoita kuda kwaMwari, anogara nokusingaperi.

2:15 “musada” Ichi ndicho chirevo chezvirikudokwairirwa kuti zviitke (PRESENT ACTIVE IMPERATIVE) chine chirevo chezwi rinoreva chiito retsiudzo (NEGATIVE PARTICIPLE), icho chinoreva kuregwa kwezvanga zvichiitwa. Muitiro wokuda zvenyika ndiwo waiva werimwe boka revarevi venhema.

▣ **“nyika”** Izwi iri rinoshandiswa nenzira mbiri mutestamende itsva: (1) nyika chaiyo yatinoona nameso edu kana nyika yakasikwa (cf. Johani. 3:16; 16:33; 1. Johani. 4:14) ne (2) mugarisanwa wevanhu wakarongwa uye nokushanda pasina Mwari (cf. 1. Johani. 2:15-17; 3:1, 13; 4:4-5; 5:4-5, 19). Tsanangudzo yokutanga inoreva kusika chaiko kwepakutanga (cf. Genesi. 1-2) uye yechipiri inoreva zvisikwa zvakatadza (cf. Genesi. 3). Tarira nhaurwa inokosha:*kosmos* panaJohani. 14:17.

NHAURWA INOKOSHA:HURUMENDE YEVANHU

I. Nhanganyaya

A. Dudziro—Hurumende hurongwa hwevanhu hwokuita nokuwana zvavanoda (semuna., Genesi. 4 na11). Vanhu zvisikwa zvomugarisanwa (chero apo kutadza kwakanga kusati kwaitika (cf. Genesi. 2:18). Mhuri, madzinza, ndudzi ndidzo dzinotipa maruwa.

B. Chinangwa—Mwari akaita kuti kurongeka kutambirike pane kusagadzikana.

1. Kuitwa kwemurayiro naMosesi, kunyanya mitemo ine gumi ndiyo kuda kwaMwari kuvanhu mukugarisana. Ino nengaidza kunamata noupenyu

2. Hakuna chimiro kana murongerwo weHurumende wakakurudzirwa mushoko, nyangwe zvazvo hutongo hwaMwari hweIsiraeri hwakare ndihwo chimiro chedenga chinotarisirwa. Hutongo hwegutsa ruzhinji kana hwe avo vanoremekedza chouviru, hakuna hune zvokwadi yemubhaibheri. MaKristu vanofanira kuita zvakanaka kuhurumende yose yava chava pasi payo. Chinangwa chemuKristu ndechekuparidza shoko nouchumiri, kwete chimurenga. Hurumende dzose dzinouya dzichienda!

C. Mabviro ehurumende dzavanhu

1. Sangano reKaturike rinoti hurumende yevanhu chidokwairirwa chagara chingoripo, chero kutdza apo kwakanga kusati kwavapo. Aya mafungiro akatangwa nava Aristotle. Anoti, “munhu chiskwa chinoita zvevatongerwo enyika” nematauriro aya aireva kuti hurumende” inoitirwa kusimudzira hupenyu hwevanhu.”
2. Avo vezvitendero zvaipikisana nesangano rekaturike, kunyanya vaMartin Luther, vakati hurumende yevanhu inerukonye routadzi. Anoidana kuti” hutongo hweturuboshwe kwaMwari.”Vakati” nzira yaMwari yokufudza vatadzi ndiko kuvaisira vafudzi vakaipa.”
3. VaKarl Marx vakati hurumende inzira inoita kuti vanhu vashoma vagone kufudza ruzhinji. Kwavari, hurumende nezvitendero zvinoita basa rimwechete.

II. ZVEMUBHAIBHERI

A. Testamende yekare

1. Isiraeri ndiyo munyerekete uchashandiswa kudenga. MuIsiraeri yakare “YHWH” Jehovha ndiye aiva mambo. Izwi rechirungu rokuti (theocracy) ndiro rinoreva hutongo hwaMwari chaihwo (cf. 1Samueri. 8:4-9).
2. Hutongo hwaMwari muhurumende yevanhu hunoonekwa mukugadza kwake
 - a. Madzimambo, Dhanieri. 2:21; 4:17. 24-25
 - b. Hutongo hwevaMesiasi, Dhanieri. 2:44-45
 - c. Nebhukadhinezari (mushure mokuenda muudzingwa kuBhabhironi), Jeremiya. 27:6; Dhanieri. 5:28
 - d. Koreshi wepiri (Perisia), 2Makoronike. 36:22; Ezira. 1:1; Isaya. 44:28; 45:1
3. Vanhu vaMwari vanofanira kuteerera nokuremekedza hurumende dzeavo vanovarwisa nokuvadzvanyirira:
 - a. Dhanieri. 1-4, Nebhukadhinezari (mushure mokuenda muudzingwa kuBhabhironi)
 - b. Dhanieri. 5. Bhesazari (mushure mokuenda muudzingwa kuBhabhironi)
 - c. Dhanieri. 6, Dhariusi (Perisia)
 - d. Ezira naNehemiya (Perisia)
4. Dzinza raJudha rakadzoreredzwa raizofanira kuzonyengeterera Koreshi neutongo hwezvizvarwa zvake
 - a. Ezira. 6:10; 7:23
 - b. vaJudha vaifanira kunyengeterera vatongi vepanyika, Mishnak, Avot. 3:2

B. Testamende itsva

1. Jesu akaratidza kuremekedza hurumende dzevanhu
 - a. Mateu. 17:24-27; akabhadhara mutero wemutembere (vatungamiri vezvitendero nevehurumende vainge vachifanira kufanana, cf. 1Petirosi. 2:17)
 - b. Mateu. 22:15-22; Mako. 12:13-17; Ruka. 20:20-26, akakurudzira mutero wevaRoma uye nemasimba okutonga avo
 - c. Johani. 19:11, Mwari akabvumira masimba okutonga epanyika
2. Mazwi aPauro aireva hurumende dzevanhu
 - a. vaRoma. 13:1-5, vatendi vanofanira kuzviisa pasi pehurumende dzepanyika nokuti dzakaiswa naMwari
 - b. vaRoma. 13:6-7, vatendi vanofanira kuripa mitero nokukudza vamasimba

makuru

- c. 1Timoti. 2:1-3, vatendi vanofanira kunamatira vehurumende
- d. Tito. 3:1, vatendi vanofanira kuzviisa pasi pehurumende
- 3. Mazwi aPetirosi aireva hurumende dzavanhu.
 - a. Mabasa. 4:1-31; 5:29, Petirosi naJohani pamberi pedare (uyu ndiwo muenzaniso wokutanga wemubhaibheri wokuramba zvinodiwa nehurumende dzepanyika)
 - b. 1Petirosi. 2:13-17, vatendi vanofanira kuzviisa pasi pehurumende kuitira kugara zvakanaka kwevanhu pamwe nokufambisa vhangeri.
- 4. Mazwi aJohani aireva hurumende dzavanhu
 - a. Zvakazarurwa 17, Bhabhironi yose inomirira kuvapo kwehurongwa hurumende yevanhu nokushanda pasina Mwari
 - b. Zvakazarurwa. 18, Bhabhironi yose inopadzwa

III. MHETO

A. Hurumende dzevanhu (munyika yakatadza) dzinogadzwa naMwari. Iyi haisiri “kodzero tsvene yemadzimambo, “asi basa dzvene rehurumende. Hapana maitiro anonzi ndiwo akanaka kupfuura mamwe.

B. Ibasa rounamati hwevatendi rokuteerera nokunyengeterera hurumende dzavanhu.

C. Chinhu chakanaka kuti vatendi vatsigire hurumende dzavanhu nemutero nomwoyo unomufaro.

D. Hurumende dzakaitirwa kugadzikana mukugarisana. Dzinomira sevaranda vaMwari pabasa iri.

E. Hurumende dzavanhu hadzingaite zvose. Simba radzo rine muganhu. Vatendi vakafanira kuramba hurumende idzi kana dzopfurikidza mwero webasa radzo. Sezvinotaurwa naAugustine mugwaro rake rinonzi; Gura raMwari” *The City of God*, “tiri vagara venyika mbiri, imwe yechinguvana neimwe isingaperi (cf. vaFiripi. 3:20). Tine basa rokuita munyika dzose dziri mbiri, asi youtongo hwaMwari ndiyo chaiyo!rudaviro rwedu kunaMwari nderwe pazima nezibatakose.

F. Tinofanira kukurudzira vatendi avo vari muurongwa hwezvematongerwo enyika egutsaruzhinji kuti vabatikane mukushanda kwehurumende pamwe nokuti, kana zvichigoneka, vadzidzise shoko raMwari

G. Shanduko chaiyo inofanira kubva kwemunhu pazima. Hapana tariro yakaperera yemagumo pahurumende. Hurumende dzose dzavanhu, chero dzakaitwauye dzichishandiswa naMwari, ndidzo chiratidzo chokuva nezvivi nokuda kurongeka pasina Mwari kwevanhu. Pfungwa iyi inoburitswa mukushandiswa kwezwi rokuti” nyika “naJohani (kureva., 1Johani. 2:15-17).

▣ **“kunyange zviri munyika”** Izvi zvinenge zvinoreva rudo rwezvinhu zvenyika (cf. ndima. 16) kana zvinhu zvinopiwa nenyika, zvakaita sesimba, kuzvikudza, kuva nounhongotongo pamusoro pevamwe, nezvimwewo (cf. vaRoma. 12:2; Jakobho. 1:27). Hurongwa huri panyika yavatadzi uhwu hunoedza kupa munhu zvose zvaanoda pasina Mwari. Hunoronga hupenyu nenzira yokuratidza sokuti vanhu vanozviitira upenyu voga. Iwo mapazi ehurumende atinofarira aya anogona kuva sezvimwari kana tikaabvumira kuti ashande pasina Mwari. Mienzaniso ndeino sanganisira: (1) hurongwa hwehurumende dzavanhu; (2) hurongwa hwedzidzo hwevanhu; (3) hurongwa hwezveupfumi; (4) hurongwa hwezveutano, nezvimwewo.

Sezvakahwa navaAugaustine zvokuti” munhu ane buri rinomufananidzo waMwari” muupenyu hwake. Tinoedza kuzadza buri iri nezvose zvatinowana panyika, asi tinogona chete kuwana rugare nokukwanisirwa munaMwari! Nyaya yokusununguka iyi ndiyo chituko chebindu reIdheni!

▣ **“kana”** Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuitika/itwa (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Zvatinoda ndizvo zvinopa humboo hwekuti tiri vaani... vaMwari kana Satani here.

2:16 “kuchiva kwenyika” Izvi zvinoreva pfungwa dzomunhu dzokuda kuzvisusukidza (cf. vaGaratiya. 5:16-21; vaEfeso. 2:3; 1Petirosi. 2:11). Tarira nhaurwa inokosha: Nyama (*sarx*) panaJohani. 1:14.

▣ **“kuchiva kwemeso”** vaJudha vaiti ivo maziso ndiwo fafitera remweya. Chivi chinotangira mumurangariro uye chichizobudikira mukuita. Maitiro omunhu anotozova mararamiro ake (sezvinorehwa., munaZvirevo. 23:7).

▣ **“nokuzvida kwoupenyu”** Izvi zvinoreva kuzvida kwevanhu pasina Mwari (kureva., vanhu vachivimba nezvavainazvo). Mugwaro ravaRaymond Brown, vanova munzveri wemagwaro ezvinyorwa zvaJohani anemukurumbira zvikuru wesangano reKaturike, rinonzi, tsoropodzo yebhaibheri reJerome” *The Jerome Bible commentary*, vol. 2, “pamusoro pemutsara wokuti, “zvisineyi, *alazoneia*, uyo unowanikwawozve munaJakobho. 4:16, vanoti unechirevo chokuita kwete kuzvida chete: unodudza hushwindi, kuzvitutumadza, kuzviita anozvikwanisira zvose” (p. 408).

Izwi rokuti hupenyu ndiro rimwero rokuti ‘*bios*’iro rinoreva hupenyu hwechinguvana hwepanyika pano (uhwo huri muvanhu, mhuka pamwe nemiti, cf. 1. Johani. 3:17). Tsanangudzo dzose idzi dzinoreva mapoka ose evadzidzisi venhema pamwe nevatadzi. Mwari ngaatiitire zvakanaka, tsanangudzo idzi dzinorevawo vaKristu vasina kukura pakutenda!

▣ **“hazvibvi kunaBaba, asi panyika”** Pane zvinhu zviviri zvinofanira kuita kuti vaKristu vasakurudzirwa kuda zvepanyika.

1. Rudo urwu harubvi kunaBaba (cf. ndima. 16)
2. Nyika ichapfuura (cf. ndima. 17)

2:17 “nyika inopfuura” Uyu ndiwo mutsara unechirevo chokureva zvirikuitika (PRESENT MIDDLE INDICATIVE) (cf. 2:8). Izvi zvinoreva nguva mbiri dzechJudha. Nguva itsva yakamunyungirwa, iri kuuya; nguva yakare yokutadza nokupanduka inopfuura (cf. vaRoma. 8:18-25).

NHAURWA INOKOSHA:NGUVA INO NENGUVA ICHAUYA

Maporofita emutestamende yekare aiona remangwana sehwendera hwazvino. Kwavari ramangwana raiva dzoredzo renyika chaiyo yelsiraeri. Zvisineyi, chero naivo vaiona izvi sezuya idzva (cf. Isaya. 65:17; 66:22). Nokuenda mberi kwokurambwa kwaMwari nezvizvarwa zvaAbhuramu (chero mushure moudzingwa) maonero matsva akawanikwawo

mumusanganiswa wezvinyorwa zvetestamende zvechiHebheru zvakare neitsva izvo zvinotaura nezvekuparara (kureva., 1Inoki, 4Ezira, 2Bharuki). Zvinyorwa izvi ndizvo zvinotanga kuratidza musiyano wenguva mbiri:nguva ino iyo izere nouipi ichitongwa naSatani pamwe nenguva ichauya yokururama iyoinotongwa neMweya mutsvene uye yakagadzwa naMesiasi (kazhinji murwi chaiye wemandorokwati).

Panyaya iyi yezvidzidzo zvouMwari (dzidzo yemagumo) pane vandudzo inoonekwa. Vadzidzi vezvouMwari vanoidana kuti” hwendera hwokuzviratidza.”Tetsamende itsva inotsigira zvokwadi yepasi rose iyi yenguva mbiri (kureva., hunyambiri hwenguva pfupi).

JESU	PAURO	VAHEBHERU
Mateu.12:32	vaRoma.12:2	1:2
Mateu.13:22 na29	1vaKorinde.1:20;2:6,8;3:18	6:5
Mako.10:30	2vaKorinde.4:4	11:3
Ruka.16:8	vaGaratiya.1:4	
Ruka.18:30	vaEfeso.1:21;2:1,7;6:12	
Ruka.20:34-35	1Timoti.6:17	
	2Timoti.4:10	
	Tito.2:12	

Muzvidzidzo zvouMwari zve mutestamende itsva nguva mbiri dzechiJudha idzi dzakatsikatidzwa nokuda kwetsitsiko yefembero yenguva mbiri dzokuuya kwaMesiasi idzo dzkanga dzisina kutarisirwa. Kuita zimukadzimu kwaJesu kwakazadzisa zviporofita zvetestamende yekare izvo zvaitaura nezvekuiswa kwenguva itsva (Dhanieri. 2:44-45). Zvisinei, testamende yekare yaionawo kuuya kwake sokuuya kwemutongi pamwe nomukundi, zvino iye akauya pakutanga somuranda anotambura (cf. Isaya. 53; Zekariya. 12:10), ari zinyerere akanyorova (cf. Zekariya. 9:9). Achadzoka musimba sezvakafembedzwa mutestamende yekare (cf. Zvakazarurwa. 19). Idzi nhanho mbiri dzezadziso dzakakonzera kuvapo kwoushe (kuiswa), asi remangwana (zvisingamunyungidzwi zvakaperera). Aya ndiwo makakatanwa emutestamende itsva ezvakatoitika, nezvisati!

▣ **“asi uyo anoita kuda kwaMwari anogara nokusingaperi”** Tarira uone kuti kugara nokusingaperi (kureva., kwazvo kwazvo “kugara munguva”) kunesungano nemararamiro erudo, kwete kutenda kwekuitira basa chete (cf. Mateu. 25:31-46; Jakobho. 2:14-26). Tarira nhaurwa inokosha pamusoro pekuda kwaMwari panaJohani. 4:34.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :2:18-25

¹⁸Vanana, inguva yokupedzisira; sezvamakanzwa kuti antiKristu anouya, nazvino vanaantiKristu vazhinji vavapo; ndizvo zvatinozivisa kuti yava nguva yokupedzisira. ¹⁹ Vakabva kwatiri, asi vakanga vasati vari vedu, nokuti dai vaiva vedu, vangadai vaigara nesu; asi vakabva kuti vaonekwe kuti vose havasi vedu.

²⁰ Imi munokuzodzwa kunobva kunai ye Mutsvene, munoziva mose. ²¹ Handina kukunyorerayi ndichiti hamuzivi chokwadi, asi nokuti munochiziva, uye nokuti hakuna nhema dzingabva pachokwadi. ²²Ndianiko murevi wenhema, kana asati ari iye anoramba kuti Jesu ndiye Kristu? Ndiye antiKristu, anoramba Baba noMwanakomana. ²³ Ani naani anoramba Mwanakomana, naiye haana Babawo.

24Kana murimi, izvo zvamakanzwa kubva pakutanga, ngazvigare mamuri. Kana izvo zvamakanzwa kubva pakutanga zvichigara mamuri, nemiwo muchagara muMwanakomana, nomunaBaba. **25**Ndichochi chipikirwa chaakatipikra, ndihwo upenyu husingaperi.

2:18 “vanana” Tarira chinyorwa pa. 2:1.

▣ **“inguva yokupedzisira”** kwazvo kwazvo wokuti “ingauva yokupedzisira” usina izwi rinodoma (ARTICLE) (unowanikwa pano chete). Sewokuti” mazuva okupedzisira, “uyu mutsara ndiwo mumwe weimwe inoshandiswa mutestamende itsva ichitsanangura kuuya kwaKristu kwepiri (cf. Johani. 6:39-40, 44). Iyi itsanangudzo inokosha zvikuru iri muvhangeri yaJohani nokuti panguva yedu ino vapirikiri vazhinji vakabatwa netsanangudzo yavaC. H. Dodd yokuti” mugumo wakaitka” (tsanangudzo huru yokuuya kwemagumo mumakore zviuru zviviri). Ichokwadi kuti Johani anodzidzisa zvakadzama kuti hushe hwaMwari hwakauya munaJesu. Zvisineyi, chinyorwa chino chinoratidza kuti kune kumwe kumunyangirwa muneramangwana (chiitiko kana nguva). Tsanangudzo dzose idzi dzinoreva chokwadi. Uku ndiko kumwe kuratidza kakavadzano (gangaidzo) yetestamende itsva pakati “pezvakatoitika pamwe nezvisati” (sokuti., “inouya”) zvenguva mbiri dzevaJudha, idzo dzakakomberana zvino munguva.

▣ **“antiKristu.... vanantiKristu”** Mutsara wetsanangudzo uyu uri muzvimiro zvole, chomwe pamwe nechouwandu (SINGULAR and PLURAL) ; ose mazwi aya haana izwi rinodoma (ARTICLE) (zvichiteverwa gwaro re MSS, N*, B, C). Johani oga ndiye anoshandisa izwi iri mutestamende itsva (cf. 2:18, 22; 4:3; 2. Johani. 7). Verenga chinyorwa chakazara muganhuro yeruono rwezviri mugwaro zve. 2:3-27, D.

▣ **“inouya”** Iyi ndiyo shongedzo yezwi rechiito riri muchimiro chokuitirwa asi riine chirevo chezvirikuitwa (PRESENT ACTIVE (deponent) INDICATIVE). Mururimi rwe’Koine Greek, ’ zvimwe zvimiro zvezviri echiito echiGiriki zvakapera kushandiswa uye zvimwewo zvimiro zvezviri aya zvikatangawo kushandiswa munzvimbo dzemazwi aya akanga arega kushandiswa. Mazwi echiito ari muchimiro cokuitirwa asi aine chirevo chokuita (deponent VERBS) aneshongedzo yokureva musanganiswa wekuita kwomutauri pamwe nokuitirwa (MIDDLE) kana kuti anenge ari muchirevo chokureva kuitirwa (PASSIVE VOICE), asi anoshandurudzirwa muchirevo chokureva zvirikuitwa (ACTIVE VOICE). Apa chirevo chezvirikuitwa chinosisirwa kuratidza zvakwadi yechiitiko chemuneramangwana. AntiKristu, muchirevo chomwe (SINGULAR), ari kuuya pamwe nevadzidzisi venhema vazhinji kana vanamesiasi venhema avo vanofanana naye vakatouya kare (vanaantiKristu).

Zvinogoneka pazvidzidzo zvouMwari kuti sezvo Satani asinga zivi nguva yokudzoka kwaKristu, akatogadzirira mumwewo akamirira mukana wokutungamira nyika chero nguva zvayo.

▣ **“vavapo”** Ichi ndicho chirevo chezviritwa uye zviine zvizereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVE). Iwo mweya wa anti” Kristu” watovapo uye urikutoshanda munyika ino yezvivi (kureva., vadzidzisi venhema), asiwo pachiine kuzviratidza muneramangwana. Vamwe vatsoropodzi vanoti izvi zvinoreva hutongi hwevaRoma hwenguva yaJohani, vamwewo vanoti, izvi zvimnoveva hushe hwenyika yemuneramangwana hwezuva rokupedzisira.

Nemaonero akawanda, zvinoreva tsanangudzo dzose idzi dziri mbiri! Nguva yokupedzisira yakaitwa pakuita zimukadzimu uye ichagara kusvikira pakumunyungirwa (kuuya kwepiri kwaKristu).

2:19 “vakabva kwatiri, asi vakanga vasati vari vedu” Uyu ndiwo muenzaniso wakanaka wevadzidzisi venhema pamwe nevabati venhema mukereke (cf. Mateu. 7:21-23; 13:1-9, 18-23, 24-30). Kusava norudo, chokwadi pamwe nokutsungirira kwavo ndiko humboo hunoratidza kuti havasi vatendi. Nhema dzinogarobva mukati mekereke!

Munyori webhuku ra. 1. Johani anongwarira zvikuru pakusarudza zviREVANGUVA zVEMAZWI echiito (VERB TENSES). Ndimu. 19 inoratidza

1. Vadzidzisi venhema vakabva (zvakaITWA, 'AORIST')
2. Vakanga vagara vasati vari vedu (zvakaITIKA, 'IMPERFECT')
3. Dai vaiva vedu, vangadai vasina kubva (mutsara uneshongedzo yokudoma zvinopikisa senzira yokuburitsa chokwadi'SECOND CLASS CONDITIONAL SENTENCE' uine izwi rechiito rinorevsa zvakaITWA zvikaPERA'PLUPERFECT VERB')

Tarira nhaurwa inokosha:huteveri hwenhema panaJohani. 6:64.

▣ **“vangadai vaigara nesu”** Ichi ndicho chirevo chezvakaITWA zvikaPERA (PLUPERFECT ACTIVE INDICATIVE). Uyu ndiwo mumwe wemuenzaniso yegwara redzidziso yokutsungirira (cf. ndimu. 24, 27, 28). Kutenda chaiko kunogara uye kunoita zviBEREKO (cf. Mateu. 13:1-23). Tarira nhaurwa inokosha panaJohani. 8:31.

2:20 “imi munokuzodzwa kunobva kunaiye mutsvene” vara rokuti” imi “riri muchimiro chouwandu (PLURAL) iro rinotsindikidzwa muzvinyorwa zvechiGiriki mutsanangudzo yokusiyanisa avo vakanga vasiya chitendero chechiKristu. Zvinogoneka kuti varevi venhema ava vakanga vabatwa zvikuru nezvitendero zvemuchivande zvokumabvazuva ndokutanga kudzidzisa kuzodzwa kwakanangurwa kwaiunza ruzivo nokuva noukama naMwari. Johani anoti, vatendi ndivo vaiva nokuzodzwa kwakanangurwa uku kunobva kunaMwari, kwete varevi venhema ava.

NHAURWA INOKOSHA:IYE MUTSVENE

Kuti “iye mutsvene “zvinogona kureva

1. Mwari Baba (cf. mivaravara mizhinji yemutestamende yakare inotaura pamusoro pa” iye mutsvene weIsiraeri”)
2. Mwari Mwanakomana (cf. Mako. 1:24; Ruka. 4:34; Johani. 6:69; Mabasa. 3:14)
3. Mwari Mweya (zita rake roruremekedzo, “Mweya mutsvene” cf. Johani. 1:33; 14:26; 20:22).

Mabasa. 10:38 ndiyo ndimu inoburitsa vose vanhu vatatu vaMwari vatatu mumwe vachibata mukuzodza. Jesu akazodzwa (cf. Ruka. 4:18; Mabasa. 4:27; 10:38). Pano nyaya iyi inovandudzwa kuitira kusanganisira vatendi (cf. 1. Johani. 2:27). Mutsara wokuti iye muzodzwa wavakuti ivo vazodzwa! Izvi zvinogona kufambirana nokuti antiKristu nokuti vanaantiKristu (cf. 1. Johani. 2:18). Nzira yemutestamende yekare yokuzodzwa namaFUTA (cf. Ekisodho. 29:7; 30:25; 37:29) ndiyo inesungano neavo vakadanwa nokusimbisirwa basa rinokosha naMwari (kureva., ; vaporofita., vapirista, pamwe nemadzimambo). Izwi rokuti “Kristu” ishanderudzo yezwi rechiHebheru rokuti “iye mutsvene” kana Mesiasi.

▣ “kuzodzwa” Tarira nhaurwa inokosha:kuzodzwa mubhaibheri panaJohani. 11:2.

NASB “munoziva mose”

NKJV “munoziva zvinhu zvose”

NRSV “mose munoruzivo”

TEV “saka mose munoziva chokwadi”

NJB “mose makagamuchira ruzivo”

Kana tichitarisa kuvapo kwevadzidzisi venhema pamwe nousingi hwavo hwokureva nhema dzavo dzokuti kuneruzivo rwakavanzika, mutsara uyu unokosha zvikuru. Johani anoti, vaKristu nvane ruzivo rwedzidziso yaKristu (ndima. 27 pamwe naJohani. 16:7-14 naJeremiya. 31:34), kwete ruzivo rwose rwezvitendero kana rwedzimwewo dzidziso (cf. 3:2). Kuna Johani, chokwadi chiri mumurangariro pamwe nepauzima, sezvazviri nokuzodzwa uko kunogona kureva vhangeri kana mweya.

Pamutrsara uyu pane musiyano muzvinyorwa zvechiGiriki. Bhaibheri reNKJV rinofambirana nezvinyorwa zvechiGiriki zvakare ‘A, C, neK, izvo zvine vara rokuti *panta*, iro riri muchimiro chouwandu hwezwi risina kwarakarerekerera (NEUTER PLURAL) iro rinoshandiswa kududza zvirikutaurwa chaizvo (DIRECT OBJECT), ukuwo bhaibheri re NASB rinofambirana nezvinyorwa zveN, B, pamwe naP, izvo zvinoshandisa vara rokuti *pantes*, iro riri muchimiro chouwandu hwechirume (MASCULINE PLURAL), iro rinoburitsa nyaya iri kutaaurwa (SUBJECT) “imi mose.”Kana zvichitariswa maringe nedzidziso yevadzidzisi venhema, tsanangudzo yepiri ndiyo yakanaka. Gwaro reUBS⁴ rinopa tsanangudzo iyi chipimo chepiri” B” (kureva pedo nechokwadi). Kuzodzwa pamwe neruzivo zvinopiwa kuvatendi vose, kwete boka revashoma rakadzidza uye rakasanangurwa!

2:21 Iyi ndiyo imwe yendima dzinotaura kuti vaverengi vevhangeri yaJohani vane simbiso yorudzikinuro uye vanoziwa chokwadi. Mundima iyi simbiso inobva pazodzo rinounzwa naMweya uyo akapa vatendi rudokwairo rweruzivo pamwe nevhangeri.

2:22 “ndianiko murevi wenhema” Mutsara uyu une izwi rinodoma zita (DEFINITE ARTICLE), naizvozvo, Johani anogona kunge achireva

1. Murevi wenhema chaiye aizivikanwa (pamwe Cerinthus)
2. “nhema huru” pamwe nokuramba vhangeri (cf. 5:10)

Izwi rokuti “murevi wenhema “rinofanana nerokuti “antiKristu.”Mweya wa antiKristu unowanikwa munguva dzose; dudziro (zvirevo zviviri zvechirevamwene’PREPOSITION’) chokuti “anti” ndezvokureva kuti “uyo anoramba kuti Jesu ndiye Kristu” kana “uyo anoedza kutsiva Kristu.”

▣ “kuti Jesu ndiye Kristu” Tsoropodzo yebhaibheri reJerome, (p. 408) inoburitsa nyaya yakanaka zvikuru,

“Munyori haarevi chete kuzadziswa kunoitwa naJesu testamende yakare pamwe netarisiro dzevaJudha dzokuuya kwaMesiasi. Zita rokuti “Kristu” pano rinechirevo charo chenan’anuro yetestamende itsva yokureva Jesu, uyo akadudzwa nemashoko pamwe nemabasa ake kuti ndiye muponesi wevanhu (cf. 2:31; vaRoma. 1:4).”

Zvinogoneka kuti tsigiro yegwara refdzidziso iyi yaishanda se

1. Sedoritori raishandiswa kupikisa varevi venhema
2. Mhiko yechiParastina iyo yaisiyanisa Sinagoge neKereke; inogona kunga ichiratidza zvaivapo mushure medare reJamnia (A. D. 70) rakaita zvituko zvavaRabhi
3. Kuti “Jesu ndishe” kunogona kunge kwaiva nzira yokubvuma pakubhabhatidzwa

2:22-23 “uyo anoramba Mwanakomana” Zviripachena kuti vadzidzisi venhema ava vaiti vanoziwa Mwari, asi vairamba nokudzikisira chigaro chaJesu (cf. 4:1-6; 5:11-12; Johani. 5:23).

Kubva muzvinyorwa zvevadzidzisi venhema venguva yemakore mazana maviri okutanga, zvinonyorwa mutestamende itsva, pamwe nemadzibaba ekereke yokutanga, panobuda zvitendero zvinotevera.

1. Vadzidzisi venhema ava vakaedza kubatanidza chiKristu nedzidziso dzevadzamisi vendangariro vechiGiriki (Plato) nezvitendero zvemuchivande zvekumabvazuva.
2. Vaidzidzisa kuti Jesu aiva noutsvene asi aisava munhu nokuti Mweya wakanaka, asi nyama yakaipa. Naizvozvo, paisava nokugoneka kwechiitiko chokuti Mwari akava munhu.
3. Vaidzidzisa zvinhu zviviri pamusoro peruponeso
 - a. Rimwe boka ravo raiti ruzivo rwakanangurwa runobva kuvatumwa (*aeons*) ndirwo runounza ruponeso rwemweya urwo rusina chpokuita nemabasa emuviri panyika.
 - b. Rimwewo boka raidzidzisa kuzvinyima (cf. vaKorose. 2:20-23). Vaiti ivo kunyima muviri zvaunoda ndiko kwaikosha kuti uve neruponeso.

2:23 Ndima iyi mugwaro reTextus Receptus, zvichitariswa zvinyorwa zvakare zve K naL, yakapfupikisa chinyorwa chemabviro nokusiya mutsara wepiri unoreva Mwari Baba, uyo unotsigirwa zvikuru nezvinyorwa zvakare zvechiGiriki zve N, A, B, na C.

▣ **“iye anopupura”** Izvi ndizvo zvinoreva kwazvo kwazvo zvinosiyana nokuti “ani naani anoramba” mundima. 22[ruviri] nendima. 23[rumwe] uye ndima. 26[rumwe]. Tarira nhaurwa inokosha:kureurura panaJohani. 9:22-23.

▣ **“Mwanakomana”** kuwadzana naMwari kunoitika chete kuburikidza nokutenda kuMwanakomana (cf. 5:10-12, 13). Kutenda munaJesu haisi sarudzo! Ndiye oga nzira yokusvika kunaBaba (cf. Johani. 5:23; 14:6; Ruka. 10:16).

2:24 “kana murimi” Izvi zvinoratidza kusiyana kwakadzama pakati pevaverengi vevhangeri yaJohani nevadzidzisi venhema pamwe nevateveri vavo avo vakanga vabva (cf. ndima. 27).

▣ **“izvo zvamakanzwa kubva pakutanga, ngazvigare mamuri”** Izvi zvinoreva zvirikudokwairirwa kuti zviitwe (PRESENT ACTIVE IMPERATIVE) zvine tsindikidzo yezvivakamutauro paizwi rokuti” imi” (iro riri pokutanga pomutsara wechiGiriki) pakusiyana neshoko revadzidzi venhema. Vhangeri rinopiwa chimiro chomunhu uye richitsanangurwa somuenzi anogara mukati. Ichi ndicho chimwe chezvikonzero zviviri zvinopiwa kuti vatendi vakunde vadzidzisi venhema (varevi venhema). Chikonzero chepiri chinowanikwa mundima. 20 na27, umo munotaurwa nezvekuzodza kwemweya. Uyewo, kutsanangurwa kwevhangeri semunhu zvole neshoko kunobatanidzwa nemutsara wokuti “kubva pakutanga” (cf. ndima. 13, 14, 24[ruviri]). Shoko raMwari ndiro zvole zvirimukati pamwe nepauzima, zvole zvakanyorwa pamwe nokurarama (cf. 1:8, 10; 2:20, 24) ! Tarira nhaurwa inokosha:kugara pa2:10.

▣ **“kana”** Uyu mutsara unechirevo chezvinogona kuitika (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Mutsara uyu unoenderera mberi neyeuchidzo pamwe neyambiro inechokuita no” kugara.”Kupera kwekugara ndiko kwakaritidza vaisava vari vedu (cf. 2:18-19). Humboo hwemararamiro “okugara” ndihwo hunounza simbiso yokutenda (cf. Johani. 15). Kugara ishoko rakanzwikwa pamwe nokugamuchirwa uye ruwadzano neMwanakomana pamwewo naBaba (cf. Johani. 14:23) izvo zvinoratidzwa musarudzo dzemararamiro, zvose zvakanaka (rudo) pamwe nezvakakipa (kurambwa nenyika).

2:25 “ndichochi chipikirwa chaakatipa, ndihwowu upenyu husingaperi” Panozve, mazwi anesungano nemazita mundima. 25 anoreva zvakananda uye anogona kureva Mwari Baba kana Mwari Mwanakomana. Pamwe izvi zvaiva nechinangwa (somuna2Petirosi. 1). Zvokwadi mutsara uyu unofanana naJohani. 3:15-16 na6:40). Tariro yomutendi iri mumaitiro nevimbiso yaMwari (cf. Isaya. 45:23; 55:11). Ruwadzano rvedu rwemandorokwati naMwari vatatu mumwe ndirwo runounza tariro, zvokwadi, vimbiso youpenyu husingaperi (cf. 5:13). Hupenyu husingaperi hune zvibereko zvemaitiro anoonekwa.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :2:26-27

²⁶Zvinhu izvi ndakakunyorera pamusoro pavanokutsausai. ²⁷kana murimi, kuzodzwa kwamakagamuchira kwaari kunogara mamuri, hamufaniri kuti mudzidziswe nomunhu; asi kuzodza kwake, sezvakanokudzidzisa pamusoro pezvinhu zvose, kuri kwechokwadi, chisati chiri nhema, sezvakanokudzidzisa, garai maari.

2:26 “pavanokutsausai” Ichi ndicho chirevo chezvakanaitika zvine zvibereko (PERFECT ACTIVE PARTICIPLE). Vanotsausa varimo munguva dzose (cf. Mateu. 7:15; 24:11, 24; 2. Johani. 7). Vazhinji vevanotsausa ava ndivo vaya vanobata zvikuru mumakungano echiKristu.

2:27 “kuzodzwa” Mashoko aya anoita sokuti anokumikidza zvibereko zvekuzodzwa, kwete nzira (mweya) kana zvinobatsira (chokwadi chevhangeri). Kuzodzwa yaiva nzira yemutestamende yekare yokudanwa kwakananganurwa nokusimbisirwa basa raMwari kwaitwa munhu. Vaporofita, vapirista, nemadzimambo aizodzwa. Pazvidzidzo zvezvirevo zvemazwi nemabviro awo, izwi iri rinofanana nerokuti “Mesiasi.”Pano riri kureva zvibereko zvokuterama izvo zvinounzwa nokujekesa kweMweya Mutsvene kumwoyo nepfungwa kuvhangeri kunoitirwa vatendi. Tarira nhaurwa inokosha:kuzodzwa kwemubhaibheri panaJohani. 11:2.

Vadzidzisi venhema vaiti vaneratidzo yakasanangurwa inobva kunaMwari (kureva., kuzodzwa kwakananganurwa). Johani anoti vatendi vose vanokuzodzwa kwechokwadi kare apo vanovimba nouyo akazodzwa, vanozadzwa neMweya wake, uye vanobva gara mushoko raMwari.

▣ **“kwamakagamuchira”** Ichindicho chirevo chezvakanaitwa (AORIST ACTIVE INDICATIVE). Kuti “kuzodzwa “kunofanana nokuti “zvamakanzwa” mundima. 24. Vhangeri rinofanira kugamuchirwa (1) pazvima nokutenda (cf. Johani. 1:12; 3:16) ne (2) sedimbatimbwa rechokwadi (cf. 2Johani. 9-10; 1vaKorinde. 15:1-4; Judhasi. 3). Zviitiko zvose zviri zviviri izvi zvinomiririrwa naMweya Mutsvene.

▣ **“hamufaniri kuti mudzidziswe nomunhu”** Ndima. 27 inofambirana nendima. 20 (kureva., chisungo chitsva, cf. Jeremiya. 31:34). Johani ari kushandisa matingindira anodzokororwa

(ndima. 20, 24, 27). Mweya mutsvene, kwete vadzidzisi venhema, ndiye mudzidzisi wedu wechokwadi (cf. Johani. 14:26). Zvisineyi, izvi hazvrevi kuti basa nechipo chokudzidzisa hachisi mukereke yakare neya nhasi (cf. vaEfeso. 4:11; Mabasa. 13:1; 1vaKorinde. 12:28). Izvi zvinongoreva chete kuti zvinhu zvine chokuita neruponeso zvinobva kunaMweya pamwe nebhaibheri, kwete mudzidzisi anechipo, nyangwe iye Mweya anoshandisa vadzidzisi senzira yokujekesa shoko.

▣ **“asi kuzodza kwake, sezvakanokudzidzisi pamusoro pezvinhu zvose, kuri kwechokwadi, chisati chiri nhema”** Izvi zvinoreva chokwadi cheMweya. MuKristu wose anaMweya Mutsvene anotungamira murangariro wake. Tinofanira kuteerera hutungamiri hwaMweya Mutsvene muzvinhu zvezvokwadi nehunhu hwakanaka.

▣ **“sezvakanokudzidzisi, garai maari”** Izvi zvinoreva zvirikudokwairirwa kuti zviitwe (PRESENT ACTIVE IMPERATIVE). Johani anosahandisa mutaurire wokuti “kugara” zvakananyanya mutsamba ino senzira yesimbiso yokutenda kuvaverengo vake (cf. Johani. 15). Kutenda kwemubhaibheri ndicho chisungo, machiri Mwari anoparura nokupa musoro wenyaya, asi vanhu vanofanira kudavira kwokutanga pamwe nokuramba vachidavira (kugara) ! Pane nyaya mbiri dzinechokuita nokugara, munhu pamwe noutsvene. Tarira nhaurwa inokosha:kugara pa2:10.

MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Tsanangudza zvaitendwa nevadzidzisi venhema.
2. Ipa humboo hunoita kuti tizive kuti takadzikinurwa zvechokwadi
3. Tsanangura hochekeche iri pakati pechivi chechijairira nechivi cheapo neapo.
4. Tsanangura hochekeche iri pakati pokutsungirira kwomutsvene nekudzivirirwa kwemutendi
5. Denengudza nokududza vavengi vatatu vemunhu.

1 JOHANI 2:28 - 3:24

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Vana vaMwari (2:28-3:10)	Vana vaMwari	Kuvimbisika kurutendo rwechokwadi (2:18-29)	Muvengi waKristu (2:18-29)	Kurarama sevana vaMwari
2:28-3:3	2:28-3:3	2:28 2:29 Hukama hwevana nemubereki hunoratidzwa nokuita zvakanaka	2:28-29 Vana vaMwari	2:29-3:2
		3:1-10	3:1-3	Chimiso chokutanga kusiya zvivi 3:3-10
3:4-10	Zvivi neMwana waMwari 3:4-9		3:4-6 3:7-8	
	Chidokwadokwa cherudo		3:9-10	
Danai	3:10-15	Kudana	Danai	Chimiso chepiri kuchengeta murayiro zvikuru hwupenyu 3:11-24
3:11-18		3:11-18	3:11-12 3:13-18	
Kusatya pamberi PaMwari	Kushandisika kwerudo	Simbiso yevaKristu	Kusatya pamberi PaMwari	

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara

ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyori. Ndiyozve hwaro hwekupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

RUONO RWEZVIRI MUGWARO

- A. Chikamu. 2 chakanyanya kunangana nevadzidzisi venhema (zvukur vaya vairamba kuti Jesu aiva munhu).
- B. Chikamu. 3 chinoenda mberi nokuita bembera pamusoro pevadzidzisi venhema avo vaisiyanisa ruponeso (kururamiswa) nekuuita zvakanaka (kuitwa mutsvene). Chikamu. 3 chinotaurawo nemutendi pachake.

DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :2:28-3:3

²⁸Zvino, vana vaduku, garai maari, kuti, kana achizooneswa, tive nokusatya, tirege kunyadziswa pamberi pake pakuuya kwake. ²⁹Kana muchiziva kuti iye akarurama, zivaiwo kuti mumwe nomumwe anoita zvakarurama akaberekwa naye.

3 ¹Tarirai kukura kworudo rwatakaitirwa naBaba, kuti tinzi vana vaMwari; ndizvo zvatiriwo; saka nyika haitizivi, nokuti haina kumuziva iye. ²Vadikanwi, zvino tiri vana vaMwari, uye zvichigere kuratidzwa kuti tichazoveyi. Tinoziva kuti kana achizooneswa, isu tichafanana naye; nokuti tichamuona sezvaakaita. ³Mumwe nomumwe ane tariro iyi kwaari, anozvichenesa sezvaakachena iye.

2:28 Pane nhaurwa huru kwazvo pakati pevatsoropodzi vemagwaro pamusoro pokuti ganhuro iyi inofanira kutanga nendima. 28, 29 kana 3:1. Nokuda kwedzokororo iri mundima. 27 na28, pamwe mhatsanuro yeganhuro inofanira kuuya pano.

“**vana vaduku**” Tarira chinyorwa pa2:1.

“**garai maari**” Izvi zvinoreva zvirikudokwairirwa kuti zviitwe (PRESENT ACTIVE IMPERATIVE). Uyu ndiwo mutsara unechirevo chokudokwairira wechitatu wakashandiswa kukurudzira kutsingirira kwevaKristu (cf. ndima. 15, 24). Tarira nhaurwa inokosha:kudiwa kwekutsungirira panaJohani. 8:31 pamwe nokugara pana1. Johani. 2:10.

Zvivakashure zvemazwi anesungano nemazita ndizvo zvinonyanya kunetsa kudoma, asi muganhuro ino, zviri pachena.

1. “maari, “ndima. 28a—Jesu
2. “kwaari, “ndima. 28b—Jesu
3. “kwake, “ndima. 28b—Jesu
4. “akarurama, “ndima. 29—Baba
5. “akaberekwa naye, “ndima. 29—Baba (tarira chinyorwa)
6. “kumuziva, “3:1—Baba (cf. Johani. 15:21; 16:2-3)
7. “achizooneswa, “3:2—Jesu
8. “tichafanana, “3:2—Jesu
9. “tichamuona, “3:2—Jesu
10. “sezvaakaita, “3:2—Jesu
11. “kwaari, “3:3—Jesu
12. “sezvaakachena iye, “3:3—Jesu

Chirevo chechinyorwa, chirevo chechinyorwa, chirevo chechinyorwa!

▣ **“kana achizooneswa”** Uyu ndiwo mutsara unoreva zvichaitika (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE), sendima. 29, pamwewo nomutsara wokuti” kana achizooneswa “uri muna. 3:2. Izvi hazvina knyorerwa kuratidza kusanyatso zivikanwa kwechiitiko, asi kwenguva (zvinofanana nokushandiswa kunoitwa izwi rokuti” tariro” mutestamende itsva, cf. 3:3).

▣ **“tive nokusatya”** Izwi rechiGiriki rokuti “kusava nokutya” (*parrheisia*) rinobva paizwi rokuti “kutaura zvakasununguka.” Simbiso ndiwo mararamiro azvino anobva muruzivo rwemutendi rwekuvimba nevhangeri yaJesu Kristu.

Tarira nhaurwa inokosha :ushimhwa panaJohani. 7:4.

NASB “tirege kunyadziswa”

NKJV “tirege kunyadziswa pamberi pake”

NRSV “tigonyadziswa pamberi pake”

TEV “tirege kumuhwanda nokunyara”

NJB “tirege kunyadziswa”

Ichi ndicho chirevo chokureva kuitirwa (AORIST PASSIVE) chinodomawo kuita (SUBJUNCTIVE icho chinoreva kuti zvinogona kunzwiswa sokuti

1. Iye mutendi pachake achanyara (NASB, TEV, NJB)

2. Mutendi achinyadziswa (NRSV)

Vatendi vanofanira kutarirsira nokufarira kudzoka kwaKristu, asi avo vakararama hupenyu hwehumbimbindoga, hwenyika, zvokwadi ava vachashamiswa pamwe nokunyadziswa pakuuya kwake! Pachava nokutongwa kwevatendi (cf. 2vaKorinde. 5:10).

▣ **“pakuuya kwake”** Izvi zvinoreva kudzoka kwepiri. Izwi rokuti, *parousia*, rinoshandiswa pano chete muzvinyorwa zvaJohani zvose uye rine chirevo chokuuya kwashe.

Izvi zvinoreva kwazvo kwazvo kuti kusvikira achionekwa (*porousia*), “izvo zvinoreva kuti “kuvapo” uye rakashandiswa kureva kuuya kwashe. Mamwewo mazwi emutestaemende itsva anoshandiswa kureva kuuya kwepir

Anoshandiswa kureva kuuya kwepiri ndeanoti

1. *Epiphaneia*, “kuonana”
2. *Apokalupis*, “kuoneswa”
3. “zuva raIshe” nemamwewo mataurirwo emutsara uyu

NHAURWA INOKOSHA:MAZWI EMUTESTAMENDE ITsvA OKUREVA KUDZOKA KWAKRISTU

Tsindikidzo yemugumo yezuva rakasanangurwa apo vanhu vanozosangana naJesu (semuponesi nemutongi) inotaurwa nenan’anuro dzakasiyana muzvinyorwa zvaPauro.

1. “zuva raIshe wedu Jesu Kristu” (cf. 1vaKorinde. 1:8)
2. “zuva raIshe” (cf. 1vaKorinde. 5:5; 1vaTesaronika. 5:2; 2vaTesaronika. 2:2)
3. “zuva raIshe Jesu” (cf. 2vaKorinde. 1:14 MS N rine mutsara wokuti” Ishe Jesu” muna1. vaKorinde. 5:5)
4. “zuva raJesu Kristu” (cf. vaFiripi. 1:6)
5. “zuva raKristu” (cf. vaFiripi. 1:10; 2:16)
6. “zuva rake (Mwanakomana wemunhu)” (cf. Ruka. 17:24)
7. “zuva rinooneswa Mwanakomana wemunhu” (cf. Ruka. 17:30)
8. “kuratidzwa kwaIshe wedu Jesu Kristu” (cf. 1vaKorinde. 1:7)
9. “apo Ishe Jesu vacharatidzwa kubva kudenga” (cf. 2vaTesaronika. 1:7)
10. “pamberi paIshe Jesu pakuuya kwake” (cf. 1vaTesaronika. 2:19)

Pane nzira dzingaita ina idzo dzinoshandiswa nevanyori vetestamende itsva kureva kudzoka kwaJesu.

1. *Epiphaneia*, izvo zvinoreva kungarima kukuru uko kunorehwa pazvidzidzo zvouMwari (asi kwete pazvidzidzo zvezvirevo zvemazwi) kuti kunofanana no” kubwinya.”muna2Timoti. 1:10; Tito. 2:11 na3:4 rinoreva kuuya kwokutanga kwaJesu (kureva., kuita zimukadzimu) pamwe nokuuya kwake rwepiri. Rinoshandiswa muna2vaTesaronika. 2:8 richibatidzira mazwi matatu ose anoreva kudzoka kwake:1Timoti. 6:14; 2Timoti. 4:1, 8; Tito. 2:13.
2. *Parousia*, iro rinoreva kuvapo uye pamabviro aro raireva kuuya kwaIshe. Iri ndiro izwi rinonyanya kushandiswa (cf. Mateu. 24:3, 27, 37, 39; 1vaKorinde. 15:23; 1vaTesaronika. 2:19; 3:13; 4:15; 5:23; 2vaTesaronika2:1, 8; Jakobho. 5:7, 8; 2Petirosi. 1:16; 3:4, 12; 1Johani. 2:28).
3. *Apokalupsis* (kana *apocalypsis*), iro rinoreva kuonesa nechinangwa chokuratidza. Ndiro zita rebhuku rokupedzisira remutestamende itsva (cf. Ruka. 17:30; 1vaKorinde. 1:7; 2vaTesaronika. 1:7; 1Petirosi. 1:7; 4:13).
4. *Phaneroō*, iro rinoreva kuti kujekesa kana kuratidza zvakajeka kana kuoneka. Izwi iri rinonyanya kushandiswa mutestamende itsva kureva nzira dzakawanda dzokuzviratidza kwaMwari. Irowo, sezvinoita rokuti *epiphaneia*, rinogona kureva kuuya kwokutanga kwaJesu (cf. 1Petirosi. 1:20; 1. Johani. 1:2; 3:5, 8; 4:9) pamwe nokuuya kwake rwepiri (cf. Mateu. 24:30; vaKorose. 3:4; 1Petirosi. 5:4; 1. Johani. 2:28; 3:2).
5. Izwi rakajairika iro rinoreva kuti” kuuya, “rokuti “*erchomai*, “rinoshandiswawo apo neapo kureva kuuya rwepiri kwaJesu (cf. Mateu. 16:27-28; 23:39; 24:30; 25:31; Mabasa. 1:10-11; 1vaKorinde. 11:26; Zvakazarurwa. 1:7, 8).
6. Rinoshandiswawo pamwe nomutsara wokuti “zuva raIshe” (cf. 1vaTesaronika. 5:2),

rinova zita raMwari remutestamende yekare raireva zuva rake rokukomborera (kumuka kuvafi) nokutonga.

Testamende itsva yosre yakanyorwa nemuonero wetestamende yekare, wokuti

- a. Huipei hwzvino, nguva youpanduki
- b. Nguva itsva yokururama inouya
- c. Nguva yakaunzwa nokumiririra kwaMweya kuburikidza nebasa raMesiasi (iye muzodzwa)

Mufungiro wezvidzidzo zvouMwari wokureva zierendamberi rokuratidzwa unodiwa nokuda kwokuti vanyori vetestamende itsva vakakwenenzvera zvishoma tarisiro yeIsiraeri. Kunze kwekuvapo kwekuuya kwaMesiasi wehondo nendudzi, weIsiraeri, kune kuuya kuviri. Kuuya kwekutanga ndiko kwezimukadzimu raMwari nokuberekwa kwaJesu weNazareta. Akauya ari “muranda anotambudzika, “asina mauto kana waanotonga, uyo anorehwa munaIsaya. 53; uyezve ari mutasvi wembongoro (kwete webhiza rehondo kana remadadura rouShe, anorehwa munaZekariya. 9:9. Kuuya kwokutanga ndiko kwakadzika nguva itsva yaMesiasi, humambo hwaMwari panyika. Neimwe nzira humambo hwavapano panyika, asiwo neimwe nzira, huchiri kure. Ndiwaya makakananwa ari pakati pokuuya ruviri kwaMesiasi, anova iwo gombedzerano dzenguva mbiri dzevaJudha dzisina kuonekwa kana kuti dzakanga dzisina kujeka, kubva mutestamende yekare. Zvokwadi, hunyambiri hwekuuya uhwu ndihwo hunokumikidza kuzvipira kwaMwari’YHWH’ pakudzikinura vanhu vose (cf. Genesi. 3:15; 12:3; Ekisodho. 19:5 pamwe nokuparidza kwevaporofita, kunyanya Isaya naJona).

Kereke haisi kumirira kuzadziswa kwechiporofita chetesytamende yekare, nokuti zviporofita zvizhinji zvinoreva kuuya kwokutanga (cf. Maverengerwo ebhaibheri nezvose zvariri” *How to read the Bible for all its worth*, pp. 165-166). Zvinotarisirwa nevatendi ndiko kuuya kworubwinyo kwaIshe wamadzishe akamuka kuvakafa namambo wemadzimambo, tarisiro yenhoroondo yokuzadziswa kwenguva itsva panyika sezvazviri kudenga (cf. Mateu. 6:10). Kutura kwakaitwa mutestamende yekare kwaiva kusina mhosho, asi kwaiva kusina kuperera. Achadzokazve sezvakarehwa navaporofita, musimba nemasimba aMwari’YHWH.’

Kuuya rwepiri harisi izwi remubhaibheri, asi muonero uyu ndiwo munero wechimiromo chemarongerwo etestamende itsva yose. Mwari achanatsa zvose. Kuwadzana pakati paMwari nomuhnu uyo akasikwa nomufananidzo waMwari ruchadzorerredzwa. Huipei huchatongwa nokubviswa. Hurongwa nevavariro yaMwari haizokoniswe, hainga koniswe!

2:29 “kana” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokudoma zvinopikisa senzira yekuburitsa chokwadi (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Pano zviri kureva ruzivo urwo runonzi runavatendi voga asi vadzidzisi venhema vachirushaiwa.

▣ **“muchiziva”** Muchimiromo chezvivakamutaro izvi zvinogona kureva, zvirikuitwa (PRESENT ACTIVE INDICATIVE), izvo zvinoreva ruzivo runoenda mberi, kana zviri kudokwairirwa kuti zviitwe (PRESENT ACTIVE IMPERATIVE) izvo zvinoreva kudiwa kweruzivo kumutendi. Kushandiswa kunoitwa izwi rokuti” ziva” naJohani, sechinhu chine avo vane Mweya ndiko kunodudza kudoma.

▣ **“iye”** Izvi zvinoreva Jesu (cf. 2:1, 28; 3:7. Zvisineyi, izwi rinesungano nezita rokuti “akaberekwa naye” rinoita sokuti rinoreva Mwari Baba, nokuti mutsara wokuti” akaberekwa naMwari” unonyanya kushandiswa (cf. 3:9; 4:7; 5:1, 4, 18; Johani. 1:13).

▣ “kururama akarurama” Aya ndiwo maitiro emhuri anotarisirwa!

NHAURWA INOKOSHA:KURURAMA

Izwi rokuti” kururama” inhourwa inokosha zvikuru zvokuti mudzidzi webhaibvheri anofanira kutsvagurudza pachake nezvenyaya iyi.

Mutestamende yekare hunhu hwaMwari hwaitanangurwa huchinzi” ruramo” kana kuti “kururama” (BDB 841). Izwi iri rinobva kumatunhu eMesopotamia, rinoreva rutsanaga rwemurwizi urwo rwaishandiswa pakuvaka sechishandiswa chokupima kuswatuka kwemidhuri neruzhowa. Mwari akasarudza izwi iri kuti rishandiswe sedimikira rokureva zvaari. Iye ndiye akaswatuka (chipimiso chokuswatuka) anofanira kupimiswa kuswatuka kwezvinhu zvose. Maonero aya anoreva kururama kwaMwari pamwe nekodzero yake yokutonga.

Munhu akasikwa nomufananidzo waMwari (cf. Genesi. 1:26-27; 5:1, 3; 9:6). Vanhu vakasikirwa kuwadzana naMwari. Zvimwe zviskwa zvose zvakaitirwa kururama kwemunhu. Mwari aida kuti chisikwa chake chakakosha, munhu, amuzive, amude, amushumire, uye kuti ave saiye! Kuteerera kwevanhu kwakaedzwa (cf. Genesi. 3) uye mhuri yokutanga yakakoniwa kuedzwa uku. Izvi zvakanyangadza hukama pakati paMwari nevanhu (cf. Genesi. 3; vaRoma. 5:12-21).

Mwari akavimbisa kugadzirisa pamwe nokudzoreredza ruwadzano (cf. Genesi. 3:15). Anoita izvi kuburikidza nokuda kwake uye neMwanakomana wake. Vanhu vakanga vasingagoni kudzoreredza chinyangadzo ichi (cf. vaRoma. 1:18-3:20).

Mushure mokutadza, chinhu chokutanga chakaitwa naMwari chokudzoreredza ruwadzano chaiva chechisungo icho chinobva pakukoka kwaanoita pamwe nokutendeuka, kutenda norudaviro rwokuteerera kwevanhu. Nokuda kwokutadza, vanhu vakasvika pakusagona kuita zvakanaka (cf. vaRoma. 3:21-31; vaGaratiya. 3). Mwari pachake ndiye akazoparura kuti adzoreredze vanhu vaityora chisungo. Akaita izvi noku

1. Kudzika kururama kwevanhu kuburikidza nebasa raKristu (kureva., kururama kweutsvakwa)
2. Kupa vanhu kururama pachena kuburikidza nebasa raKristu (kureva., kururama kwokupomwa)
3. Kupa Mweya unogara mukati uyo unoburitsa kururama (kureva., kuva saKristu, kudzoreredzwa kwemufananidzo waMwari) muvanhu.

Zvisineyi, Mwari anoda rudaviro rwechisungo. Mwari anosunga (anopa pachena) uye anopa, asi vanhu vanofanira kudavira nokuramba vachidavira mu

1. Kutendeuka
2. Kutenda
3. Mararamiro okuteerera
4. Kutsungirira

Naizvozvo, kururama, ndicho chisungo chokuwirirana pakati paMwari nechisikwa chake chinokosha. Izvi zvichibva pamaitiro aMwari, basa raKristu pamwe nekugoesa kweMweya, uko kunofanira kuramba kuchidavira nomunhu wose pazvima, zvakarungana. Mafungiro aya anodanwa kuti” kururamiswa nokutenda /chenuro yorutendo.”Mafungiro aya anoburitswa muvhangeri, asi kwete nemazwi aya. Anonyatso dudzwa naPauro, uyo anoshandisa izwi rechiGiriki rokuti “kururama” nenzira dzaro dzakasiyana siyana kanodarika kazana.

Pauro, semunhu akadzidzra huRabhi, anoshandisa izwi rokuti “*dikaiosune*” nechirevo charo chechiHebheru chezwi rokuti’ *SDQ* ’iro rinoshandiswa mubhaibheri rakare rechiGiriki

(Septuagint), kwete kubva muzvinyorwa zvechiGiriki. Muzvinyorwa zvechiGiriki, izwi iri rinoreva munhu akazvifananidza netarisiro youMwari pamwe nomugarisanwa. Muchirevo chechiHebheru, izwqi iri rinogaroiswa muhurongwa hwechisungo. Mwari'YHWH' ndiMwai akarurama, anoita zvakanaka. Anoda kuti vanhu vake varatidze hunhu hwake. Vanhu vakadzikinurwa vanova zvisikwa zvitsva. Hutsva uhwu hunounza mararamirommatsva ouMwari (sangano reKaturike rinonyanya kutaura nyaya yokururamiswa). Sezvo Isiraeri yaitongwa naMwari pakanga pasina musiyano pakati pemugarisanwa nehunhu hwevanhu (hunhu hwemugarisanwa) naMwari anoera (kuda kwaMwari). Musiyano uyu unoratidzwa mumazwi echiGiriki nechiHebheru anenge achishandurudzirwa muchirungu serokuti" ruenzaniso" (rinechokuita nokugarisana kwevanhu) nerokuti" kururama" (rinechokuita nezvitendero).

Vhangeri (shoko rakanaka) yaJesu inoti mutadzi akadzoreredzerwa mukuwadzana naMwari. Izvi zvakaitwa kuburikidza nerudo, tsitsi pamwe nenyasha dzaBaba; Hupenyu hweMwanakomana, rufu, nokumuka kuvakafa; pamwe nokukwezvera kuvhangeri kwaMweya mutsvene. Kururamiswa ndicho chipo chinoitwa pachena naMwari, asi chinofanira kuunza huMwari (maonero avaAugustine, ayo anoratidza zvose tsindikidzo yeshanduko pamusoro pokupiwa pachena kwevhangeri pamwe nekumikidzo yesangano reKaturike pamusoro poupenyu hwakashandurwa hwerudo nokutenda). Kuna avo veshanduko, izwi rokuti" kururama kwaMwari" rinechirevo chokudoma zviripo (OBJECTIVE GENITIVE) (kureva., chiitko chokuita kuti munhu agamuchirike kunaMwari[kuchenurwa kwekupihwa], ukuwo kune vesangano reKaturike, rinoreva zvakarehwa (SUBJECTIVE GENITIVE), zvichireva chiitiko chokuramba uchiita saMwari[chenuro yezienda mberi rezvakaitika]. Kwazvo kwazvo zvose ndezvchokwadi!)

Pamaonero angu, bhaobheri rose kubva munaGenesi. 4 kusvika kunaZvakazarurwa. 20 ndicho chinyorwa chokudzoreredzwa kunoitwa naMwari ruwadzano rwemubindu reIdheni. Bhaibheri rinotanga naMwari nevanhu vari muruwadzano panyika (cf. Genesi. 1-2) uye bhaibheri rinopera nechimiro chimwechetecho (cf. Zvakazarurwa. 21-22). Mufananidzo nechinangwa chaMwari zvichadzoreredzwa!

Kuti tidonongodze nhaurwa iyi tarira uone mivaravra yakatorwa mutestamende itsva iyo inotsindikidza mutsumbutsumbu wemazwi echiGiriki.

1. Mwari akarurama (zvinonyanya kuva nechokuita naMwari semutongi)
 - a. vaRoma. 3:26
 - b. 2vaTesaronika. 1:5-6
 - c. 2. Timoti. 4:8
 - d. Zvakazarurwa. 16:5
2. Jesu akarurama
 - a. Mabasa. 3:14; 7:52; 22:14 (zita raMesiasi)
 - b. Mateu. 27:19
 - c. 1. Johani. 2:1, 29; 3:7
3. Kuda kwaMwari kuzvisikwa zvake ndiko kururama
 - a. Revhitiko. 19:2
 - b. Mateu. 5:48 (cf. 5:17-20)
4. Nzira yaMwari yokupa nokuita zvibereko zvekururama
 - a. vaRoma. 3:21-31
 - b. vaRoma. 4
 - c. vaRoma. 5:6-11
 - d. vaGaratiya. 3:6-14

- e. zvakapihwa naMwari
 - 1) vaRoma. 3:24; 6:23
 - 2) 1vaKorinde. 1:30
 - 3) vaEfeso. 2:8-9
- f. zvakagamuchirwa nokutenda
 - 1) vaRoma. 1:17; 3:22, 26; 4:3, 5, 13; 9:30; 10:4, 6, 10
 - 2) 2vaKorinde. 5:7, 21
 - 3) vaFiripi. 2:6-11
- 5. kuda kwaMwari ndokwekuti vateveri vake varurame
 - a. Mateu. 5:3-48; 7:24-27
 - b. vaRoma. 2:13; 5:1-5; 6:1-23
 - c. 1Timoti. 6:11
 - d. 2Timoti. 2:22; 3:16
 - e. 1. Johani. 3:7
 - f. 1Petirosi. 2:24
- 6. Mwari achatonga nyika nokururama
 - a. Mabasa. 17:31
 - b. 2Timoti. 4:8

Kururama ndiwo maitiro aMwari, kunopihwa pachena kuvatadzi pachena kuburikidza naKristu. Ndiko

- 1. Chidziko chaMwari
- 2. Chipa chaMwari
- 3. Zvakaitwa naKristu

Asi zvinofanira kuitwa zvakadzama ndiko kutevera nzira yokururama, uko kuchazomunyangirwa rimwe zuva pakudzoka kwake. Kuwadzana naMwari kunodzoreredzwa pakuponeswa asi kunoramba kuchiitika hupenyu hwose kusvika kwava kusangana pakufa kana kuuya kwaIshe “*porousia!*”

Kupeta nhaurirano, heano mazwi akatorwa muchinyorwa chinonzi, duramazwi raPauro netsamaba dzake (IVP) “*Dictionary of Paul and his Letters*”

“Calvin, saLuther ; anokumikidza nyaya yokururama kwoukama hwaMwari. Maonero aLuther panyaya yekururama kwaMwari anoita sokuti anosanganisira kushairwa mhaka. Calvin anokumikidza kunaka kwekuuya kwekururama kwaMwari kwatiri” (p. 834).

Pamaonero angu, hukama hwemutendi naMwari hunobata zvinhu zvitatu.

- 1. Vhangeri ritori munhu pachake (kumikidzo yavaCalvin pamwe nekereke dzekumabvazuva)
- 2. Vhangeri ichokwadi (kumikidzo yavaLuther navaAugustine)
- 3. Vhangeri ndihwo hupenyu hwakashanduka (kumikidzo yesangano reKaturike)

Tsanangudzo dzose idzi dzinoreva chokwadi uye dzinofanira kutevedzwa kuitira chiKristu chebhaibheri chakanaka. Kana imwe yetsanangudzo idzi ikakwidziridzwa kana kudzikisirwa, tinosangana nematambudziko.

Tinofanira kugamuchira Kristu !

Tinofanira kutenda muvhangeri!

Tinofanira kuronda kuva saKristu!

▣ **“akaberekwa”** Izvi zvinoreva kuitirwa (PERFECT PASSIVE INDICATIVE), Mwari Baba (cf. Johani. 3:3). Tarira uone kushandiswa kwerimwe dimikira rokureva mhuri (cf. 3:9) richitsanangura chiKristu (imhuri). Tarira chinyorwa pa3:1d.

3:1 “tarirai kukura kworudo” Mazwi okureva rudo akashandiswa pano pamwe nemun1. Johani wose ndeanoti *agapaō* (izwi rechiito’VERB’) nerkuti *agape* (izwi rinesungano nezita’NOUN’ cf. 2:5, 15; 3:1, 16, 17; 4:7, 8, 9, 10, 12, 16, 17, 18; 5:3) Izwi iri raishandiswa zvikuru muchiGiriki chakare. Zvinoita sokuti kereke yokutanga yakazopa izwi iri dudziro itsva maringe nevhangeri. Rakazoreva rudo rwemandiriri. Hazvina kunaka kuti” rudo rwokuzvipa runenge rwaMwari” nokuti muvhangeri yaJohani, izwi iri rinoshandiswa kureva zvakafanana nerokuti *phileō* (cf. Johani. 5:20; 11:3, 36; 12:25; 15:19; 16:27; 20:2; 21:15, 16, 17). Zvisineyi, zvinoshamisa kuti rinogaroishandiswa (muna. 1Johani) riine chokuita nevatendi vachida vamwe vatendi. Kutenda nokuwadzana naJesu kunoshandura hukama hwedu naMwari pamwe nevanwe vanhu sesu!

▣ **“rwatakaitirwa naBaba”** Izvi zvinoreva zvirikuitwa (PERFECT ACTIVE INDICATIVE). Kushandiswa kwechirevanguva chine hochekoche nechipo chaMwari cheruponeso munaKristu, ndihwo hwaro hwegwara redzidziso yemubhaibheri yekudzivivirirwa kwemutendi (cf. Johani. 6:35-40; 10:1ff; vaEfeso. 2:5, 8; 5:1).

Tarira nhaurwa inokosha :simbiso yechiKristu panaJohani. 6:37.

NHAURWA INOKOSHA:HUMBOO HWERUPONESO HURI MUTESTAMENDE ITSVA

Runobva muchisungo chitsva (cf. Jeremiya. 31:31-34; Ezekieri. 36:22-38) munaJesu:

1. Hunhu hwaBaba (cf. Johani. 3:16), basa reMwanakomana (cf. 2vaKorinde. 5:21), noushumiri hwaMweya (cf. vaRoma. 8:14-16) kwete mabasa emunhu, kwete muripo wokuteerera, kwete mhiko yoga
2. Chitori chipo (cf. vaRoma. 3:24; 6:23; vaEfeso. 2:5, 8-9)
3. Ndirwo hupenyu hutsva, maonero matsva (cf. Jakobho. na1. Johani)
4. Ndirwo ruzivo (vhangeri), kuwadzana (kutenda muna, uye naJesu), uye noupenyu hutsva (kuva saKristu kunotungamirwa naMweya) zvose zviru zvitatu, kwete chimwe chiri choga
5. Verenga nezvekuudzwa kweruponeso chairwo paruono rwezviri mugwaro zva. 1. Johani. 2:3-27, C.

▣ **“kuti tinzi”** Izvi zvinoreva zvichaitirwa muneramangwana (AORIST PASSIVE SUBJUNCTIVE) zvashandiswa pano nechirevo chokuremekedza (“vana vaMwari”) chakapihwa naMwari.

▣ **“vana vaMwari”** Iyi ndiyo nyaya huru yomuna. 2:29-3:10. Inokumikidza kuparura kwaMwari paruponeso rwedu (cf. Johani. 6:44, 65). Johani anoshandiswa mazwi anechirevo chemhuri achitsanangura hukama hutsva hwemutendi naMwari (cf. 2:29; 3:1, 2, 9, 10; Johani. 1:12).

Zvinofadza kuti Johani (cf. Johani. 3:3) naPetirosi (cf. 1Petirosi. 1:3, 23) vanoshandisa dimikira rokureva mhuri rokuti” akaberekwa patsva” kana “akaberekwa kubva kudenga, “ukuwo Pauro anoshandisa dimikira rokuti “kuiswa muukama hutsva” (cf. vaRoma. 8:15, 23; 9:4; vaGaratiya. 4:1-5; vaEfeso. 1:5) naJakobhowo anoshandisa dimikira rokureva mhuri rokuti” kuberekwa” (cf. Jakobho. 1:18) kana kuti “kuzvara” achitsanangura hukama hutsva hwemutendi naMwari kuburikidza naKristu. ChiKristu imhuri.

▣ **“ndizvo zvatiriwo”** Ichi ndicho chirevo chezvirikuoitika (PRESENT INDICATIVE). Mutsara uyu hauwanikwi mubhaibheri KJV nokuti wakanga usina kuiswa muzvinyorwa zvechiGiriki zvakazovapo (kureva., K naL) izvo zvinova izvo zvakaumba bhaibheri reKJV. Zvisineyi, mutsara uyu unowanikwa munezvimwe zvinyorwa zvakare zvechiGiriki (P⁴⁷, N, A, B, naC). Gwaro reUBS⁴ rinopa kuvapo kwemutsara uyu chipimo chokutanga” A” (kureva kuti chokwadi). Tarira horokodzwa yokupeta gwaro yepiri pamusoro petsoropodzo/ongororo yechinyorwa.

▣ **“nyika haitizivi”** Izwi rokuti” nyika” rinoshandiswa neznira inofanana pazvidzidzo zvouMwari semuna. 2:15-17. Kutu nyika zvinoreva mugarisanwa wevanhu wakarongwa nokushanda pasina Mwari (cf. Johani. 15:18-19; 17:14-15). Kushungurudzwa nokurambwa nenyika ndihwo humwe humboo hwechigarero chedu munaKristu (cf. Mateu. 5:10-16).

▣ **“nokuti haina kumuziva iye”** Izvi zviripachena kuti zvinoreva Mwari Baba nokuti muvhangeri yaJohani, Jesu anodzokorora kuti nyika haimuzivi (cf. Johani. 8:19, 55; 15:18, 21; 16:3). Mazwi anesungano nemazita (PRONOUNS) ari muna1. Johani anoreva zvakanwanda (tarira chinyorwa pa2:28). Muchirevo chechinyorwa chino izwi rechivakamutauro rinotanga nderokuti Baba, asi chirevo chezvidzidzo zvouMwari mundima. 2 ndechoMwanakomana. Zvisineyi, munaJohani izvi zvinogona kunge zviine chinangwa chazvakaitirwa, nokuti kuona Jesu ndiko kuona Baba (cf. Mateu. 24:36; Mako. 13:22).

3:2 “zvichigere kuratidzwa kuti tichazoveyi” Apa parikutaurwa nezvokusagona kwaJohani kutsanangura kuti zviitiko zvenguva dzokupedzisira idzi zvinenge zvakaite sei (cf. Mabasa. 1:7) kana kutarisika chaiko kwemuviri wokumuka kuti unenge wakaita sei (cf. 1vaKorinde. 15:35-49). Izvi zvinoratidzawo kuti zviri muna. 2:27 hazvirevi ruzivo rwakaperera muzvinhu zvoze. Chero ruzivo rwaJesu pamusoro pechiitiko ichi rwaiva rusina kuperera panguva yaakanga achiri panyika (cf. Mateu. 24:36; Mako. 13:22).

▣ **“kana achizooneswa”** Izwi rokuti” kana” ndiro rinotura chirevo chomutsara unodoma zvinopikisa senzira yokuburitsa chokwadi (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Izwi iri rinoshandiswa pano, kwete senzira yokupikisa kuuya kwepiri, asi kuratidza kusazivikanwa kwezva racho. Nyangwe Johani ari kukumikidza ruponeso rwakazara zvino, anotarisirawo kuuya kwepiri.

▣ **“isu tichafanana naye”** Izvi zvinosanganisira kumunyungirwa kwekuva saKristu kwedu (cf. 2vaKorinde. 3:18; vaEfeso. 4:13; vaFiripi. 3:21; navaKorose. 3:4). Izvi ndizvo zvinodanwa kuti” kubwinyiswa” (cf. vaRoma. 6:28-30). Aya ndiwo manhengatenga eruponeso rwedu! Shanduko yemugumo ndiyo inehochekeche nekudzoreredzwa kwakazara kwemufananidzo waMwari

muvanhu avo vakasikwa nemufananidzo wake (cf. Genesi. 1:26; 5:1, 3; 9:6). Kuwadzana kwemandorokwatizve naMwari kwavakugoneka!

▣ **“nokuti tichamuona sezvaakaita”** Jobho aishuvira kuona Mwari (cf. cf. Jobho. 19:25-27). Jesu akatiudza kuti avo vakachena pamwoyo ndivo vachaona Mwari (cf. Mateu. 5:8). Kumuona sezvaari zvinoreva kuti tichashandurwa toita saiye (cf. IvaKorinde. 13:12). Izvi zvinoreva kubwinyiswa kwemutendi (cf. vaRoma. 8:29) pakuuya kwake rwepiri. Kana izwi rokuti” kururamiswa “richireva kusunungurwa kubva muzvivi uye rokuti” kuitwa mutsvene” richireva kusunungurwa kubva kusimba rezvivi, saka” kubwinyiswa” kunoreva kusngurwa kubva mukuvapo kwezvivi!

3:3 “mumwe nomumwe” Izwi rechiGiriki rokuti *pas* rinoonekwa runomwe kubva pana2:29 kusvika pana3:10. Hapana anonzi uyu. Jpohani anotura chokwadi nenzira yemironga yakajeka. Munhu anogona kuva mwana waMwari kana waSatani (cf. 2:29; 3:3, 4, 6[ruviri], 9, 10).

▣ **“tariro iyi”** Muvhangeri yaPauro, izvi zvinoreva zuva rokomuka kuvakafa (cf. Mabasa. 23:6; 24:15; 26:6-7; vaRoma. 8:20-25; IvaTesaronika. 2:19; Tito. 2:13; 1Petirosi. 1:3, 21). Zvinoburitsa chokwadi chechiitiko, asi nechirevo chenguva chinoreva zvakawanda.

Johani haataure “tariro” yekuuya kwepiri sezvinoita vamwe vanyori vetestamende itsva. Apa ndipo chete panoshandiswa izwi iri muzvinyorwa zvake. Anotaura nezvezvibereko pamwe nebasa reku” gara” munaKristu zvino! Zvisineyi, izvi hazvirevi kuti aisatarisira kutongwa kwezvivi kwenguva yekupedzisira (cf. 2:18) pamwe nokubwinyiswa kwemutendi (cf. 3:1-3).

▣ **“anozvichenesa sezvaakachena iye”** Ichi ndicho chirevochezvirikuitwa (PRESENT ACTIVE INDICATIVE). Kuchena kunokosha (cf. Mateu. 5:8, 48). Tinofanira kushandirapamwe pabasa rokuitwa vatsvene (cf. 2vaKorinde. 7:1; Jakobho. 4:8, 1Petirosi. 1:22; 2Petirosi. 3:13, 14) sokutaurawo kunoita Johani. 1:12 pamusoro pokubatira pamwe kwedu mukururamiswa. Gakava rimwechetero iri riri pakati pezvinoitwa naMwari (hutongo) muruponeso rwedu nebasa reduwo (mazvokuda evanhu) zvinoonekwa zvakajeka nokuenzanisa Ezekieri. 18:31 na36:26-27. Mwari ndiye anogaro parura (cf. Johani. 6:44, 65), asi anoda kuti vanhu vechisungo vadavire nokutenda nokutendeuka kwokutanga pamwe nokuramba vachiyendeuka, vachitenda vachiteerera, vachishumira, vachinamata, nokutsungirira.

Izvi zvinogona kutsigirana nemunyengerero weupirista hukuru waJesu munaJohani. 17, 19. Anozvichenesa, nevateveri vake vanozvichenesawo. Zvinoshamisa kuti zvimiro zvakasiyana zvemabviro mamwechete zvinosiyana.

1. Johani. 17:17, 19—*hagiazō* (*hagios*, cf. Johani. 10:36)
2. 1. Johani. 3:3—*hagnizō* (*hagnos*, cf. Johani. 11:55)

RUONO RWEZVIRI MUGWARO ZVA 3:4-10

A. Muvaravara uno wakakonzera nharo huru kwazvo pakati peavo vanotaura zvokururama kwevaKristu zvisina mhosho (cf. vaRoma. 6), uko kunodanwa kuti kuitwa mutsvene zvakaperera, neavo vanoti muKristu anoramba achiita zvivi (cf. vaRoma. 7).

- B. Hatifaniri kubvumira rerekero yedu ichitikanganisa pakuita ongororo yokutsvaga chokwadi chaicho chechinyorwa ichi. Uyezve, hatifaniri kubvumira zvimwewo zvinyorwa kuti zvikanganise chinyorwa chino kusvikira ongororo yechinyorwa chino yapedzedzwa nokunge tava nechokwadi chokuti Johani airevei, zvose muchikamu. 3 pamwe nemubhuku rose ra1. Johani!
- C. Chinyorwa chino ndicho chinotura vavariro inoshuvirwa navatendi vose, kudzikinurwa zvachose kubva kuzvivi. Nyaya imwecheteyo ndiyo inotaurwa munavaRoma. 6. Kuburikidza naJesu, tinogona kurarama pasina zvivi.
- D. Zvisineyi, muvaravara uno unofanira kufambirana nechirevo chechinyorwa chebhuku rose ra. 1. Johani.
1. Kupirikira muvaravara uno tisingatarisi zviri muna1:8-22 (vaKristu vane zvivi), hungava hurema.
 2. Kupirikira muvaravara uno nenzira yokushopodza chinangwa chikuru chebhuku ra1. Johani, simbiso yeruponeso iyo inopikisana nedzidziso yevadzidzisi venhema, hungavawo hurema.
 3. Muvaravara uno unofanira kuva nehochekeche nedzidziso dzevadzidzisi venhema dzokusava nezvivi kana kusakosha kwezvivi. Zvinogoneka kuti, 1:8-22 ndiyo inopindura imwe yedzidziso dzevarevi venhema, ukuwo, 3:1-10 ichibatawo dzimwe dzidziso dzenhema idzi. Rangarira kuti kupirikira tsamba dzetestamende itsva kunofanana nokuteerera chidimbu chenhaurirano yeparunhare.
- E. Pane hukama hwegangidzo huri pakati pemivaravara miviri iyi. Chivi muupenyu hwemutendi idambudziko rinoramba riripo patsanangudzo dzetestamende itsva (cf. vaRoma. 7). Izvi ndizvo zvinoumba kakavadzano seiri pakati pokufanoronga nemazvokuda evanhu kana kudzivirirwa kwemutendi nokutsungirira kwemutendi. Gangaidzo iri ndiro rinopa nengaidzo yedzidziso yezvouMwari uye richiparadza mafungiro asina mature. Vadzidzisi venhema vaitura mhosho mbiri panyaya yezvivi.
- F. Nhaurwa yose yedzidziso yezvouMwari iyi inobva pakusanzwisisa musiyano pakati pe
1. Nzvimbo yedu munaKristu
 2. Kushingirira kwedu kuti tizadzise nzvimbo iyoyo kare nemisi yose
 3. Vimbiso yokuti kukunda kuchava kwedu rimwe zuva!
Takasungurwa kubva pachirango chezvivi (kururamiswa) munaKristu, asiwo tinorwisana nesimba rezvivi (chenuro yeziendamberi) uye nerimwe zuva tichasunungka kubva mukuvapo kwezvivi (kubwinyiswa). Bhuku rino rose rinodzidzisa kukosha kwokubvuma zvivi zvedu uye nokushingirira kusava nezvivi.
- G. Imwe nyaya inobva pakunyora kwaJohani kweunyambiri. Akanyora achiratidza kusoiyana kwezvinhu (zvinoonekwawo muzvinyorwa zveDSS). Kwaari munhu aingogona chete kuva munaKristu obva ava akarurama kana kuti aiva munaSatani obva ava mutadzi. Kwakanga kusina tsanangudzo yetatu. Tsanangudzo iyi iyeuchidzo kuna avo vanoita huhwenyakwose panyaya dzechiKristu!

H. Hezvinoyi zvimwewo zvinyorwa pamusoro penyaya iyi:

1. Zve mhirikiro nomwe dzemuvaravara uyu verenga” gwaro ravaJohn. R. W. Scott, rakatsikiswa neveErdman, rinonzi “tsamba dzaJohani” mugwaro rinonzi, tsoropodzo dzetestamende itsva” *The Tyndale New Testament Commentaries* (pp. 130-136).
2. Kana uchida kuziva nezvenhauriano yakanaka yenyaya yokururama, verenga gwaro ravaH. Orton Willie, rakatsikiswa neveBeacon Press, rinonzi, zvidzidzo zvouMwari zvechiKristu” *Christian Theology*, vol. II, p. 440ff.
3. Kana uchida kuziva nezvenhauriano yakanaka pamusoro pegwara redzidziso rekuendamberi kwezvivi muupenyu hwemuKristu, verenga gwaro ravaB. B. Warfield, rakatsikiswa nevePresbyterian and Reformed published Company, rinonzi, “hururami”

DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :3:4-10

⁴Mumwe nomumwe anoita zvivi, anodarika nomurayirowo; zvivi ndiko kudarika murayiro. ⁵Munoziva kuti iye akaoneswa kuti abvise zvivi; maari hamuna zvivi. ⁶Mumwe nomumwe anogara maari, haaiti zvivi; mumwe nomumwe anoita zvivi, haana kumuona kana kumuziva. ⁷Vana vaduku, musatsauswa nomunhu; uyo, anoita zvakarurama, akarurama, saiye akarurama. ⁸Uyo, anoita zvivi, ndowaDhiabho, nokuti Dhiabho anoita zvivi kubva pakutanga. Mwanakomana waMwari akaoneswa nemhaka iyi kuti aparadze mabasa aDhiabho.

⁹Mumwe nomumwe akaberekwa naMwari haaiti zvivi, nokuti mbeu yake inogara maari, haagoni kuita zvivi, nokuti akaberekwa naMwari. ¹⁰Vana vaMwari vanooneswa naizvozvi, navana vaDhiabho; mumwe nomumwe asingaiti zvakarurama, haazi waMwari, naiyewo asingadi hama yake.

3:4

NASB “mumwe nomumwe anoita zvivi anodarika nomurayirowo”

NKJV “wose anoita zvivi anodarika nomurayirowo”

NRSV “mumwe nomumwe anoita zvivi anodarika nomurayirowo”

TEV “wose anoita zvivi ane mhaka yokudarika murayiro waMwari”

NJB “ani naani anoita zvivi anoita zvakaipa”

Izwi rinesungano nezita rokuti” mumwe nomumwe” ndiro rinoiswa pokutanga pano uye nomundima. 6. Chirevo chechinyorwa chino chinoreva vanhu vose!

Pane izwi rinodoma chiito rinoreva zvirikuitwa (PRESENT ACTIVE PARTICIPLE) pamwe nechirevo chezvirikuitika/itwa (PRESENT ACTIVE INDICATIVE). Zvinokosha kuti mzwi echiito aya ayo ari muchimiro chezvirikuitwa anotsindikidza musiyano wemararamiro eziendamberi roupenyu nechirevo chezvakaitwa zviri muchimiro cheramangwana (AORIST SUBJUNCTIVES) mundima. 2:1-2. Zvisineyi, dambudziko redzidziso yezvouMwari yemuvaravara uno (enzanisa 1:7-10 na3:6-9) harigoni kugadziriswa nechirevanguva chezwi rechiito (VERB TENSE). Rinogadziriswa chete nemuronga wemnhoroondo yevadzidzisi venhema ava pamwe nechirevo chechinyorwa chebhuku rose.

Zvimwewo zvinoonekwa mumuvaravara uno, ndiwo mushandisirwo unoitwa izwi rokuti “kudarika murayiro.” Izvi hazvirevi kudarika murayiro (waMosesi kana tsika dzemugarisanwa) asi semuitiro wekupanduka. Izwi rimwechetero iri ndiro rinoshandiswa kutsanangura antiKristu muna2. vaTesaronika. 2:3, 7. Izvi zvinogona kuva dudziro yakazara yezvivi (cf. Johani. 9:41 ; vaRoma. 14:23; Jakobho. 4:17; 1. Johani. 5:17), izvo zvinosiyana nokuva saKristu (cf. ndima. 5), kwete kudarika mutemo kwoga.

3:5 “akaoneswa” Ichi ndicho chirevo chkureva zvakaitirwa (AORIST PASSIVE INDICATIVE) icho chinotaura nezvokuva zimukadzimu kwaJesu (cf. ndima. 8; 2Timoti. 1:10). Izwi rechiito rimwechetero (VERB), rokuti “*phaneroō*, rinoshandiswa ruviri mundima. 2 kureva kuuya kwake rwepiri. Kwokutanga akauya semuponesi (cf. Mako. 10:45; Johani. 3:16; 2vaKorinde. 5:21). Asi achadzoka somumunyungidzi! Mutsoropodzo yavo inonzi, ytsamba dzaJohani” *The Letters Of John*, “vaBill Hendricks vanoti:

“Mitsara miviri iyo inotsanangudza zvakadzama nyaya yechinangwa chokuuya kwaKristu, inowanikwa mundima iyi pamwe nendima. 8. Akatumwa naMwari kuzobvisa zvivi (3:5), uye akaoneswa kuti aparadze mabasa aDhiabho (3:8). Mune zvimwewo zvinyorwa, Ruka anonyora kuti chinangwa chokuuya kwaJesu chaiva chokutsvaka nokuponesa avo vakarasika (Ruka. 19:10). Vhangeri yaJohani inoti, Jesu akainga kuti hwayana dzake dzive noupenyu hwakawanzurudzwa (Johani. 10:10). Mateu anoburitsa chinangwa chokuuya kwaJesu mukupirikira kwaakaita zita raJesu. ; Achasunungura vanhu vake kubva kuzvivi zvavo (, Mateu. 1:21). Chinhu chikuru panyaya dzose idzi ndechokuti Jesu akaitira vanhu chavaisagona kuzviitira” (pp. 79-80).

▣ **“kuti advise zvivi”** Ichi ndicho chirevo chezvaizoitwa (AORIST SUBJUNCTIVE). Chiitioko chinesungano nekudavira kwevanhu (kureva., kutendeuka nokutenda). Hwaro hwemutsara uyu hune hochekeche nemabviro angaita maviri.

1. Zuva reyananiso (cf. Revhitiko. 16) apo mhuka imwe kana mbiri dzabayirwa zvivi zveIsiraeri (cf. mashandisirwe anoitwa naJohani mubhabhatidzi muvhangeri yaJohani. 1:29)
2. Chirevo chezvakaaitwa naJesu pamuchinjikwa (cf. Isaya. 53:11-12; Johani. 1:29; vaHebheru9:28; 1Petiro. 2:24)

▣ **“maari hamuna zvivi”** Ichi ndicho chirevo chokudoma zvirikuiika/itwa (PRESENT ACTIVE INDICATIVE). Kusava nezvivi kwaJesu (cf. Johani. 8:46; 2vaKorinde. 5:21; vaHebheru. 4:15; 7:26; 1Petiro. 1:19; 2:22) ndihwo hwaro hwekuitira, hweyananiso yerutsivo yaakatiitira (Isaya.. 53).

Tarira uone kuti izwi rokuti “zvivi” riri muchimiro chouwandu, muchikamu chokutanga chendima. 5 uye riri muchimiro chomwe muchikamu chokupedzisira. Iziwi iri muchikamu chokutanga rinoreva zviito zvokutadza, muchikamu chepiri, rinoreva maitiro ake akarurama. Vavariro ndeyokuti vatendi vaite zvose, kuva munzvimbo yokuitwa mutsvene pamwe nokuenda mberi kwokuitwa mutsvene kwaKristu. Chivi chinhu chisingazivikanwi kunaKristu pamwe nevateveri vake.

NHAURWA INOKOSHA:KUITWA MUTSVENE

Testamende itsva inoti kana vatadzi vakaenda kuna Kristu mukutendeuka nokutenda, vanobva, pakarepo varuramiswa pamwe nokuitwa vatsvene. Iyi ndiyo nzvimbo itsva munaKristu.

Kururama kwake kwapomwa pavari (cf. vaRoma. 4). Vaakunzi vakarurama pamwe nokuva vatsvene (chiito chotsvakwa chaMwari).

Asi testamende itsva inokurudzira vatendi kuti vave noutsvene kana kuitwa vatsvene. Chiitiko ichi chinobata zvole, pazvidzidzo zvouMwari, chinzvimbo che basa rakapedzwa raKristu pamwe nokudanirwa kuva saKristu mumafungiro nemaitiro misi yose. Sezvo ruponeso rwuchipihwa pachena pamwe nemararamiro endyeko dzose, ndizvowo zvimwechetezvo nokuitwa mutsvene.

RUDAVIRO RWOKUTANGA

Mabasa. 26:18
vaRoma. 15:16
1vaKorinde. 1:2-3; 6:11
2vaTesaronika. 2:13
vaHebheru. 2:11; 10:10, 14; 13:12
1Petirosi. 1:12

ZIENDAMBERI ROKUVA SAKRISTU

vaRoma. 6:19
2vaKorinde. 7:1
vaEfeso. 1:4; 2:10
1vaTesaronika. 3:13; 4:3-4, 7; 5:2
1Timoti. 2:15
2Timoti. 2:21
vaHebheru. 12:14

3:6 “mumwe nomumwe anogara maari, haaiti zvivi” Sa. 3:4, ichi ndicho chimwe chirevochezwi rinodoma chiito riri muchimiro chezvirikuitwa (PRESENT ACTIVE PARTICIPLE) pamwe nechirevo chezvirikuitika (PRESENT ACTIVE INDICATIVE). Muvaravara uyu unofanira kuenzaniswa na1:8-2:1 pamwe pamwe na5:16.

▣ **“mumwe nomumwe anoita zvivi haana kumuona kana kumuziva”** Ndima iyi ine izwi rimwechete ririkudoma chiito (PRESENT ACTIVE PARTICIPLE) richiteverwa nezvirevo zviriri zvezvakaitwa zvine zvibereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVES). Kunakidzwa nokuita zvivi ndiko kunoratidza kuti munhu haana kuona Kristu uye haana kumbomuziva. VaKristu vanoita zvivi

1. Vanodzivisa ushumiri hwaJesu
2. Vanodzivisa chinangwa chokuva saKristu
3. Vanoratidza mabviro avo pamweya (cf. Johani. 8:44)

3:7 “musatsauswa nomunhu” Ichi ndicho chirevo chezvirikudokwairirwa (PRESENT ACTIVE INDICATIVE) chinoteverwa nezwi rinodoma chiito retsiudzo (NEGATIVE PARTICIPLE), iro rinoreva kuregwa kwezvirikuitwa. Kuvapo kwevadzidzisi venhema (cf. 2:26) ndiko kunounza muronga wechimiro chenhorondo unounza kunzwisiswa chaiko kwedzidziso yezvouMwari ya. 1. Johani yose pamwe nendima. 1:7-10 na3:4-10.

▣ **“uyo anoita zvakarurama, akarurama”** Ndima haikwanise kutariswa yoga pasina chirevo chechinyorwa chose uye haingashandiswe kusimudzira kana kusvora gwara redzidziso (“anoita zvakarurama”). Testamende itsva inojekesa kuti vanhu havagoni kuenda kunaMwari nemabasa avo. Vanhu havaponeswe nekugona kwavo. Zvisineyi, vanhu vanofanira kudavira kupfupiro yaMwari yeruponeso runobva mubasa rakapedzwa raKristu. Mabasa edu haatisvitse kunaMwari. Anongoratidza kuti takamuona. Ndiwo anonyatsoratidza chimiro chedu pamweya (cf. Zvakazarurwa. 22:11) nokukura mushure mukuponeswa. Hatiponeswe “ne” mabasa akanaka, asi mumabasa akanaka. Chinangwa chechipo chepachena chaMwari munaKristu ndiko kuva saKristu kwevateveri (cf. vaEfeso. 2:8-9, 10). Kuda kwaMwari chaiko kumutendi mumwe

nomumwe, harisi denga rimwe zuva kana afa (kururamiswa kwoutsvakwa), asi kuva saKristu (kuitwa mutsvene kwechinguvana) zvino (cf. Mateu. 5:48; vaRoma. 8:28-29; vaGaratiya. 4:19) ! Kana uchida kuona dzidzo yemazwi pamusoro pokururama verenga nhaurwa inokosha pa2:29.

3:8 “uyo anoita zvivi ndowaDhiabho” Ichi ndicho chirevo chezvirikuitwa chezwi rinodoma chiito (PRESENT ACTIVE PARTICIPLE). Vana vaMwari vanozivikanwa nemaramiro avo, nevaSataniwo (cf. 3:10; Mateu. 7:13; vaEfeso. 2:1-3).

▣ **“nokuti Dhiabho anoita zvivi kuba pakutanga”** Ichi ndicho chirevo chezvirikuitika (PRESENT ACTIVE INDICATIVE). Dhiabho anoramba achiita zvivi kubva pakutanga (cf. Johani. 8:44). Ko izvi zvingareve zvisikwa kana kupanduka kwevatumwa here?

Zvakaoma, pazvidzidzo zvouMwari kutaura zuva nenguva chaiyo Satani yaakapandukira Mwari. MunaJobho. 1-2; Zekariya. 3 na1Madzimambo. 22:19-23 munoratidza sokuti Satani atori muranda waMwari muranda waMwari uye ari mumwe wevatumwa. Zvinogoneka (asi hazvifungidzirike) kuti kuzvikudza, kusindimara, noundinidini hwemadzimambo ekumabvazuva (eBhabhironi, Isaya. 14:13-14 kana eTire, Ezekieri. 28:12-16) hunoshandiswa kutaura kupanduka kwaSatani, aiva kerubhi refuko, Ezekieri. 28:14, 16. Zvisineyi, munaRuka. 10:18, Jesu anoti akaona Satani achiwa kubva kudenga sokupenya kwemheni, asi haitiudzi kuti zvakaitika riini. Mabviro nokuvadudzika kwezvivi kunofanira kuramba kuri murima nokuda kwekusavapo kweratidzo. Ngwarira kusvina zvirevo nokuumba dzidziso kubva mumitsara inoreva zvakaanda uye iri muzvimi zvenadimkira! Nhaurwa yakanaka yetestamende yakare pamusoro pekukura kwaSatani kubva pakuvira muranda achiva muvengi iri mugwaro ravaA. B Davidson rinonzi, dzidziso yezvouMwari yetestamende yakare” *Old Testament theology*, pp. 300-306, rakatsikiswa neve T&T Clark. Tarira nhaurwa inokosha:huipi hwepauzima panaJohani. 12:31.

▣ **“Mwanakomana waMwari”** Tarira nhaurwa inokosha inotevera

NHAURWA INOKOSHA:MWANAKOMANA WAMWARI

Iri ndiro rimwe remazita makuru anodanwa nawo Jesu mutestamende itsva. Zvokwadi rine chirevo choutsvene. Rinosanganisirawo Jesu achidanwa kuti” Mwanakomana” kana kuti “Mwanakomana wangu” uyewo Mwarim achidanwa kuti “Baba.” Rinowanikwa mutestamende itsva runopfuura zana nemakumi maviri anena. Chero kuzvinan’anura kwaiita Jesu achizvidana kuti “Mwanakomana wemunhu” kune chirevo choutsvene kubva munaDhanieri. 7:13-14.

Mutestamende yekare, nan’anuro yokuti “Mwanakomana” inogona kureva mapoka mana

1. Vatumwa/ngirozi (kazhinji riri muchirevo chouwandu’PLURAL, ’ cf. Genesi. 6:2; Jobho. 1:6; 2:1)
2. Mambo weIsiraeri (cf. 2Samueri. 7:14; Mapisarema. 2:7; 89:26-27)
3. Rudzi rweIsiraeri rwose (cf. Ekirodho. 4:22-23; Dhuteronomi. 14:1; Hosea. 11:1; Maraki. 2:10)
4. vaTongi veIsiraeri (cf. Mapisarema. 82:6)

Tsanangudzo yepiri ndiyo inehochekeche naJesu. Nenzira iyi, kuti “Mwanakomana waDhavhiti” pamwe nokuti “Mwanakomana waMwari” zvose zvinehochekeche na2. Samueri. 7; Mapisarema. 2 na89. Mutestamende yekare, kuti” Mwanankomana waMwari” hakushandiswe

senzira yokureva Mesiasi chete, kunze kwekushandiswa kwaro senzira yokureva mambo wemugumo sechimwe “chezvigaro zvoudzwa” zveIsiraeri. Zvisineyi, mugwaro reDSS, zita rine chirevo chouMesiasi, ndiro rakajairika (verenga minongedzo yemagwaro muduramazwi raJesu nevhangeri” *Dictionary of Jesus and the Gospels*, p. 770). Kutiwo “Mwanankomana waMwari” izita rouMesiasi riri muzvinyorwa zvinotaura zvokuparadzwa kwenyika, zvakanyorwa panguva iri pakati pokupera kwetestamende yekare nokutanga kweitsva zvevaJudha (cf. Esdras. 7:28; 13:32, 37, 52; 14:9 naEnoki. 105:2).

Hwaro hwezita iri mutestamende itsva richireva Jesu hunonyatso tsanangurwa mupfupiso nenzira dzakawanda.

1. Kuvapo kare kwake (cf. Johani. 1:1-18)
2. Kuva ziiitakamwe kwake (kuberekwa nemhandara) (cf. Mateu. 123; Ruka. 1:31-35)
3. Kubhabhatidzwa kwake (cf. Mateu. 3:17; Mako. 1:11; Ruka. 3:22. Izwi raMwari rakabva kudenga ndiro rinopa sungano kuna Mambo womunaMapisarema. 2 nemuranda anotambura weIsiraeri anorehwa munalsaya. 53).
4. Kuedzwa kwake naSatani (cf. Mateu. 4:1-11; Mako. 1:12, 13; Ruka. 4:1-13. Anoedzwa senzira yokuti kuva Mwanakomana kwake kusavimbike kana kuti azadzise chinagwa neimwe nzira isiri yemuchinjikwa)
5. Kutsigirwa kwake nava pupuri vasingafungidziriki
 - a. Madhimoni (cf. Mako. 1:23-25; Ruka. 4:31-37, 41; Mako. 3:11-12; 5:7)
 - b. Vasingatendi (cf. Mateu. 27:43; Mako. 14:61; Johani. 19:7)
6. Kutsigirwa kwake navadzidzi vake
 - a. Mateu. 14:33; 16:16
 - b. Johani. 1:34, 49; 6:69; 11:27
7. Kuzvinan’anura
 - a. Mateu. 11:25-27
 - b. Johani. 10:36
8. Kushandisa kwake dimikira remhuri rokuti Baba achireva Mwari
 - a. Kushandisa kwake zita rokuti “abba” kureva Mwari
 - 1) Mako. 14:36
 - 2) vaRoma. 8:15
 - 3) vaGaratiya. 4:6
 - b. kuramba kwake achishandisa izwi rokuti Baba (*pater*) achitsanangura hukama hwake naMwari

Muchidimbu, zita rokuti “Mwanakomana waMwari” ndiro raiva nechirevo chikuru chedzidziso yezvouMwari kuna avo vaiziva testamende yekare pamwe nevimbiso dzayo uye nembdzi dzemironga dzayo, asi vanyori vetestamende itsva vaityira kushandiswa kwaro nevaHedheni nokuda kwenhoroondo yavo yokumbonamata zvfananidzo” zvimwari” nokutora vakadzi vakazobereka vana vaiva “hofori” kana “magokoshombwe” Chaiwo.

▣ **“akaoneswa”** Iri ndiro izwi rechiGiriki rokuti *phaneroō*, iro rinoreva kuti “kujekesa senzira yokuburitsa pachena.”Ndima. 5 ne8 dzinofambirana uye dzose dzinoshandisa izwi iri riri muchirevo chokuitirwa (PASSIVE VOICE), Izvo zvinoreva kuratidzwa zvechokwadi kwaKristu panyama (cf. 1:21). Dambudziko revarevi venhema harisi rokuti vhangeri rakanga risine kuvajekera, asi kuti ivo vaivawo nechinangwa chavo chezvidzidzo zvouMwari noudzamisi hwendangariro.

▣ **“kuti apradze mabasa aDhiabhoiri”** Chinangwa chokuoneswa kwaJesu munguva nepanyama chaiva chokuti “aparadze” (chirevo chezvinofanira kuitwa” AORIST ACTIVE SUBJUNCTIVE” chezwi rokuti *luō*), iro rinoreva kuti “kusunungura, ““kupfunzura.”Kana “kuparadza.”Izvi ndizvo chaizvo zvakaitwa naJesu paKarivhari, asi vanhu vanofanira kudavira kubasa rake rakapedzwa pamwe nechipo chake chepachena (cf. vaRoma. 3:24; 6:23; vaEfeso. 2:8) nokumugamuchira nokutenda (cf. Johani. 1:12; 3:16).

Nyaya yekakavadzaniso “yezvakatoitwa pamwe nezvisati” zvetestamende itsva inechokuitawo nokuparadzwa kwezvivi. Dhiabhoiri akundwa, asi achiri kuita mabasa ake munyika kusvikira pakumunyangirwa zvizere kwehumambo hwaMwari.

3:9 “mumwe nomumwe akaberekwa naMwari” Iri ndiro izwi rinodoma chiito riri muchimiro chokureva zvakaitirwa (PERFECT PASSIVE PARTICIPLE) (cf. rinofambirana nendima. 9c; 2:29; na5:18) rinotaura nezvechinhu chakaitirwa nomumwe (Mwari).

▣ **“haaiti zvivi”** Ichi ndicho chirevo chezviri kuitwa (PRESENT ACTIVE INDICATIVE) chinoreva zvakasiyana na2:1 apo chirevo chezvazaitwa (AORIST ACTIVE SUBJUNCTIVE) chinoshandiswa ruviri. Pane mafungiro maviri pamusoro pokukosha kwemutsara uyu.

1. Unoreva vadzidzisi venhema, kunyanya boka riya raida kudzidzisa kuti ruponeso rune chokuita noruzivo, naizvozvo zvichibvisa kudiwa kwemararamiro akanaka
2. Izwi rechiito riri muchimiro chezvirikuitika (PRESENT TENSE VERB) ndiro rinokumikidza zierendamberi, maitiro okutadza (cf. vaRoma. 6:1), kwete kuita zvivi apo neapo (cf. vaRoma. 6:15).

Musiyano pazvidzidzo zvouMwari unotsanagudzwa munavaRoma. 6 (kuva nokugoneka kwekutadza munaKristu) navaRoma. 7 (hondo iripo yomutendi yokuda kutadza zvisihoma).

Tsanagudzo yokutanga ndiyo inoratidza kuva yakanaka, asi munhu anosara aine kudokwairia kuita chokwadi ichi, icho chinorehwa mutsanangudzo yepiri.

Pane naurwa yakanaka yendima yakaoma iyi mugwaro ravaWalter Kaiser, vaPeter Davids, vaF. F Bruce navaManfred Brauch, rinonzi, naurwa dzakaoma dzebhaibheri” *Hard sayings of the Bible*, pp.. 736-739.”

▣ **“nokuti mbeu yake inogara maari”** Ichi ndicho chirevo chezvirikuitika (PRESENT ACTIVE INDICATIVE). Pane mafungiro akawanda akavapo pamusoro pokuti mutsara wechiGiriki wokuti “mbeu yake” unorevei

1. Augustine naLuther vakati unoreva shoko raMwari (cf. Ruka. 8:11; Johani. 5:38; Jakobho. 1:18; 1Petirosi. 1:23)
2. Calvin akati unoreva Mweya mutsvene (cf. Johani. 3:5, 6, 8; 1. Johani. 3:24; 4:4, 13)
3. Vamwe vakati unoreva chimiro choutsvene kana munhu mutsva (cf. 2Petirosi. 1:4; vaEfeso. 4:24)
4. Pamwewo unoreva Kristu oachake se” mbeu yaAbhurahamu” (cf. Ruka. 1:55; Johani. 8:33, 37; vaGaratiya. 3:16)
5. Vamwe vanoti unofanana nemutsara wokuti “akaberekwa naMwari”
6. Zviripachena kuti izwi iri raishandiswa nevarevi venhema vachireva gwenya routsvene riri muvanhu vose

Tsanangudzo yechina ndiyo inenge yakanaka pachirevo chechinyorwa, panhatu dziripo, asi Johani aisarudza mazwi ake nechinangwa chokupikisa vadzidzisi venhema ava (kureva., tsanangudzo yechitanhatu).

3:10 Iyi ndiyo pfupiso yendima. 4-9. Ine zvirovo zvezvirikuitka zviviri (PRESENT ACTIVE INDICATIVES) nemazwi arikureva zviito maviri (PRESENT ACTIVE PARTICIPLES), izvo zvinoreva zvirikutoitika. Pazvidzidzo zvouMwari izvi zvinofanana nemutsara wemharidzo yaJesu pagomo (cf. Mateu. 7:16-20). Mararamiro anoita munhu ndiwo anoratidza zviru mumwoyo make, zviru mumweya wake.

Iyi ndiyo tsiudzo inorovedzera 2:29!

☐ **“vana vaMwari.... vana vaDhiabhoi”** Izvi zvinoratidza mabviro aJohani. Chihebheru waiva mutauro wakare wakanga usina zvipauro (ADJECTIVES), waishandisa kuti” Mwanakomana wa...” senzira yokutsanangura munhu.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :3:11-12

¹¹Nokuti ndiro shoko ramakanzwa kubva pakutanga, kuti tidane; ¹²tisingaiti saKaini, akanga ari wowakaipa, akauraya munun’una wake. Akamuurayireiko? Nokuti mabasa ake akanga akaipa, asi omunun’una wake akanga akarurama.

3:11 “shoko” Izwi rechiGiriki iri rokuti (*aggelia*, rinowanzo shandurudzwa richinzi *angelia*) rinongoshandiswa muna1. Johani. 1:5 na3:11 chete. Kushandiswa kwaro kwokutanga kunoita sokuti kune chirevo chegwara redzidziso, ukuwo kwepiri kuri kwedzidziso yokuita zvakana. Izvi zvinofambirana nenengaidzo yaJohani pakati penyaya mbiri dzechiKristu idzi (cf. 1:8, 10; 2:20, 24; 3:14).

☐ **“ramakanzwa kubva pakutanga”** Mutsara uyu wakashandiswa kureva kuti Jesu ndiye shoko benyu (cf. Johani. 1:1) pamwe nokuratidza shoko raMwari (cf. 1:1; 2:7, 13, 14, 24; 2. Johani. 5, 6).

☐ **“kuti tidane”** Uhwu ndihwo humboo hunoita kuti vatendi vazive kuti vakadzikinurwa zvechokwadi (cf. ndima. 10, 14). Zvinoratidza mashoko aJesu (cf. Johani. 13:34-35; 15:12, 17; 1. Johani. 3:23; 4:7-8, 11-12, 19-21).

3:12 “Kaini” Nyaya youpenyu hwaKaini yakanyorwa munaGenesi. 4. Pazvakanyorwa chaipo ndemunaGenesi. 4:4 (cf. vaHebheru. 11:4), apo zvipiriso zvaKaini naAbhero zvinoemzansiswa. Hunhu hwaKaini hunoratidza kutadza kwemunhu (cf. Genesi. 4:7; 6:5, 11-12, 13b). Mutsika dzechiJudha nedzechiKristu (cf. vaHebheru. 11:4; Judhasi. 11) Kaini ndiye muenzaniso wokupanduka kwouipi.

☐ **“akanga ari wowakaipa”** Kuumbwa kwezvivakamutauro pano kunogona kureva chimiro chechirume chiri muumwe (MASCULINE SINGULAR) wowakaipa, cf. ndima. 10) kana kusava nekwachakarerekera (NEUTER) (zvakaipa). Zvivakamutauro zvinoreva zvakawanda izvozvi ndizvowo zvinowanikwa munaMateu. 5:37; 6:13; 13:19, 38; Johani. 17:15; 2vaTesaronika. 3:3;

1. Johani. 2:13, 14; 3:12; na5:18-19. Nguva zhinji chirevo chechinyorwa chinenge chichireva Satani (cf. Mateu. 5:37; 13:38; Johani. 17:15).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :3:13-22

¹³Musashamiswa hama dzangu kana nyika ichikuvengai. ¹⁴Tinoziva kuti takabva murufu, tapinda muupenyu, nokuti tinoda hama. Uyo asingadi hama yake anogara murufu. ¹⁵Mumwe nomumwe anovenga hama yake, muurayi; munoziva kuti hakuna muurayi anoupenyu husingaperi hugere maari.

¹⁶Ndozvatinoziva rudo nazvo, kuti akatipa upenyu hwake; nesuo tinofanira kupa hama upenyu hwedu, ¹⁷Asi kana munhu anepfuma yenyika, akaona hama yake ichishayiwa, akamupfigira tsitsi dzake, rudo rwaMwari runogara Seiko maari? ¹⁸vana vaduku, ngatirege kuda neshoko kana norurimi, asi nebasa nechokwadi. ¹⁹Ndozvatic haziva nazvo kuti tiri vechokwadi, tigosimba mwoyo yedu pamberi pake; ²⁰nokuti kana mwoyo yedu ichitipa mhaka, Mwari mukuru kumwoyo yedu, anoziva zvose. ²¹Vadikanwi, kana mwoyo usingatipi mhaka, tinako kusatya pamberi paMwari;

3:13 “Musashamiswa” Ichi ndicho chirevo chezvirikudokwairirwa kuti zviittwe (PRESENT ACTIVE IMPERATIVE) chine izwi rinodoma chiito riri retsiudzo (NEGATIVE PARTICIPLE) iro rinowanzoreva kuregwa kwezvirikuitwa (cf. 1Petirosi. 4:12-16). Nyika ino haina kunaka, haisiri iyo yaidiwa naMwari!

☐ **“kana”** Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yekuva wechokwadi kubva pamaonero omunyori (FIRST CLASS CONDITIONAL SENTENCE).

☐ **“nyika ichikuvengai”** Nyika yakavenga Jesu; inovengawo vateveri vake. Iri ndiro dingindira rakajairika mutestamende itsva (cf. Johani. 15:18; 17:14; Mateu. 5:10-11; 2Timoti. 3:12) uye ndihozve humwe humboo hwokuratidza kuti munhu mutendi chaiye.

3:14 “Tinoziva kuti” Ichi ndicho chirevo chezvakaikwa uye zviine zvibereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVE) (izwi rokuti *oida* riri muchimiro chechirevo chezvakaikwa zvine zvibereko” PERFECT, “asi riri muchimiro chezvirikuitika” PRESENT”). Iri ndirowo rimwe dingindira rakajairika. Kusatya kwevana vaMwari kunechokuita ne (1) shanduko yemafungiro ne (2) shanduko yemaitiro, zvinova izvo zvirevo zvemabviro zvezwi rokuti “tendeuka” muchiGiriki nechiHebheru.

☐ **“takabva murufu, tapinda muupenyu”** Ichi ndicho chirevo chezvakaikwa zvine zvibereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVE) (cf. Johani. 5:24). Imwe yehumboo hwekubva murufu tichipinda muupenyu (kureva., simbiso yechiKristu, verenga nhaurwa inokosha panaJohani. 6:37) ndeyokuti tinodana. Humwe ndohwekuti nyika inotivenga.

☐ **“nokuti tinoda hama”** Ichindichomchirevo chezviritikwa /itika (PRESENT ACTIVE INDICATIVE). Rudo ndirwo chinhu chikuru mumaitiro emhuri yaMwari (cf. Johani. 13:34-35; 15:12, 17; 2. Johani. 5; 1vaKorinde. 13; vaGaratiya. 5:22) nokuti ndiwo maitiro aMwari, pachake (cf. 4:7-21). Rudo handirwo hwaro hwehukama hwemunhu naMwari, asi ndirwo

zvibereko zvohekama uhwu. Rudo handirwo hwaro hweruponeso, asi rwutoriwo humwe hwehumboo hweruponeso.

“uyo asingadi hama yake anogara murufu” Iri ndiro izwi ririkudoma kuita (PRESENT PARTICIPLE) rakasahandiswa sezwi rokudura nyaya (SUBJECT) riri muchirevo chezwi rinoreva chiito riri muchimiro chezvirikuitwa (PRESENT ACTIVE INDICATIVE VERB). Apo vatendi vanoramba vachigara murudo, vasingatendiwo vanogarawo mukuvenga. Ruvengo, serudo, ndihwowo humboo hwechimiro chomunhu pamweya. Rangarira nzira yaJohani yokutaura zvinhu zviriri mumipanda yakasiyana; munhu anogara murudo kana murufu. Hapana asina kwaakarerekera.

3:15 “mumwe nomumwe” Johani akashandisa izwi iri rokuti (*pas*) runikwana rusere kubva muna2:29. Kukosha kwazvo ndokwekuti hapana zvinonzi izvi pane zvirikutaurwa naJohani. Panongori nemhando mbiri dzavanhu, vanoda hama nevanovenga hama. Johani anoona hupenyu huri mumipanda miviri iyoyo chete, hapana zvokuti gumbo munzungu gumbo munyemba.

▣ **“mumwe nomumwe anovenga hama yake muurayi”** Ichi ndicho chirevo cheizwi rinodoma kuita chiri muchimiro chezvirikuitwa (PRESENT ACTIVE PARTICIPLE) (kureva., ruvengo rwakatanga kare rwuri kuendamberi). Zvivi zvinotangira mupfungwa. Mumharidzo yepagomo, Jesu anodzidzisa kuti ruvengo rwakafanana nokuponda sokufanana kwakakita ruchiva nokupomba (cf. Mateu. 5:21-22).

▣ **“munoziva kuti hakuna muurayi anoupenyu husingaperi hugere maari”** Izvi hazvirevi kuti muurayi haagoni kuva muKristu. Zvivi zvinogona kuregererwa, asi zviito zveamaramiro ndizvo zvinoratidza zviriri mumwoyo. Apa pari kunzi uyo anoita mararamiro oruvengo haagoni kuva muKristu. Rudo noruvengo ndizvo zvinhu zvakasiyana zvikuru! Ruvengo runoparadza upenyu, asi rudo runopa upenyu.

3:16 “tinoziva” Ichi ndicho chirevo chezvakaikwa zvine zvibereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVE). Izwi rechiGiriki rakashandiswa mundima. 15 rokuti ‘*oida;*’ pano pakashandiswa rokuti *ginōskō*. Mazwi aya anoshandiswa zvakafanana muzvinyorwa zvaJohani.

▣ **“rudo nazvo”** Jesu akaratidza muenzaniso mukuru wokuti chii chinonzi rudo. Vatendi vanofanira kutevera muenzaniso wake (cf. 2vaKorinde. 5:14-15).

▣ **“akatipa upenyu hwake”** Ichi ndicho chirevanguva chezvakaikwa (AORIST TENSE) chinoreva Jesu nokushandisa mazwi aJesu pachake (cf. Johani. 10:11, 15, 17, 18; 15:13).

▣ **“tinofanira”** Vatendi vanosungwa nomuenzaniso waJesu (cf. 2:6; 4:11).

▣ **“kupa hama upenyu hwedu”** Kristu ndiye muenzaniso. Sezvo iye akapira vamwe upenyu hwake, kana zvichibvira, vaKristu vanofanira kupira hama upenyu hwavo. Kufa muumbimbindoga ndiko

1. Nhendudzo yokutadza
2. Kudzoreredzwa kwemufananidzo waMwari

3. Kuraramira zibatakwose (cf. 2vaKorinde. 5:14-15; vaFiripi. 2:5-11; vaGaratiya. 2:20; 1Petirosi. 2:21)

3:17 “asi kana munhu anepfuma yenyika akaona hama yake ichishayiwa” Aya ndiwo mazwi echiito anechirevo chezvinogona kuitika ari muchimiro chezvirikuitika (PRESENT SUBJUNCTIVE VERBS). Kupa upenyu kunorehwa mundima. 16 kwaiswa muchimiro chezvinogona kuitika, kubatsira hama yako nezvaunazvo. Ndima idzi dzinoita sezviri mubhuku yaJakobho (cf. Jakobho. 2:15, 16).

▣ **“akamupfigira tsitsi dzake”** Ichi ndicho chirevo chezvinogona kuitwa (AORIST ACTIVE SUBJUNCTIVE). Izwi rokuti tsitsi rinoreva kwazvo kwazvo kuti “utumbu, “tsumo yechiHebheru yokureva tsitsi. Panozve, zviito zvedu ndizvo zvinoratidza Baba wedu.

▣ **“rudo rwaMwari”** kuti panozve pane chirevo chezvakaikwa kare (OBJECTIVE) kana zvinogona kuramba zvichitirwa (SUBJUNCTIVE GENITIVE) kana kureva zvakaikwanda kune chinangwa here?

1. Rudo rwaMwari
2. Rudo rwaMwari kwatiri
3. Zvose

Tsanangudzo yetatu ndiyo inofambirana nezvinyorwa zvaJohani!

3:18 “ngatirege kuda neshoko kana norurimi” Zviito zvinechirevo chinesimba kupfuura kutaura (cf. Mateu. 7:24; Jakobho. 1:22-25; 2:14-26).

▣ **“asi nebasa nechokwadi”** Izwi rokuti “chokwadi” rinoshamisa. Apa unogona kutarisira izwi rinofanana nerokuti “basa” sokuti “chiito.”Izwi iri rinoita sokuti rinoreva kuti zvokwadi (NJB) kana chokwadi (TEV), sokushandiswa kunoitwa izwi rokuti” shoko” muna1:5 na3:11 iro rinotsindikidza zvose gwara redzidziso nemaramiro, ndizvowo zvinoita izwi rokuti “chokwadi.”Basa nechinangwa zvinofanira kutuswa nerudo rwokuzvipira (rudo rwaMwari) kwete basa remanyemwe rinotutumisa manyawi omupi.

3:19 “ndozvatic haziva nazvo” Izvi zvinoreva zviito zverudo zvamborehwa kare. Ichi chirevo chokuitirana muneramangwana (FUTURE MIDDLE (DEPONENT) INDICATIVE), icho chinova humwe humboo kwekutendeuka kwechokwadi kwomunhu.

▣ **“kuti tiri vechokwadi”** Mararamiro erudo evatendi, anoratidza zvinhu zviviri: (1) kuti vari kurutivi rwechokwadi uye (2) kuti pfungwa dzavo dzakajeka. Tarira nhaurwa inokosha:chokwadi panaJohani. 6:55.

3:19-20 Pane kuvhiringika kukuru pamusoro pokushandurudza zvinyorwa zvechiGiriki zvendima mbiri idzi. Imwe yemhirikiro ndiyo inotsindikidza kutonga kwaMwari, imwewo ichitsindikidza tsitsi dzaMwari. Nokuda kwechirevo chechinyorwa, tsanangudzo yepiri ndiyo inoita sokuti inofambirana nechinyorwa.

3:19-20 Ndima dzose dziri mbiri idzi, mitsara ineshongedzo yokureva zvinogona kuitika (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCES).

3:20

NASB “kana mwoyo yedu ichitipa mhaka”

NKJV “nokuti kana mwoyo yedu ichitipa mhaka”

NRSV “kana mwoyo yedu ichitipa mhaka”

TEV “kana mwoyo yedu ichitipa mhaka”

NJB “chero mwoyo yedu ichitipa mhaka”

VaKristu vose vakatombotambura zvikuru mumwoyo pamusoro penyaya yokukoniwa kuita zvavanziva kuti ndizvo kuda kwaMwari muupenyu hwavo (kureva., vaRoma. 7). Marwadzo emwoyo aya anogona kunge achibva kuMweya waMwari (kuitira kukonzera rutendeuko) kana Satani (kuitira kuzviparadza kana kushayikwa kwouchapupu). Pane mhaka inokodzera pamwe neisingakodzeri. Vatendi vanoziva musiyano nokuverenga bhuku raMwari (kana kunzwa vatumwa vake). Johani arikuedza kunyaradza vatendi avo varikurarama nechipimo cherudo asi vachiri kutambura nezvivi (zvole zvavanziva nezvavasingazive). Tarira nhaurwa inokosha :Mwoyo panaJohani. 12:40.

▣ **“anoziva zvole”** Mwari anoziva zviriri mumwoyo yedu (cf. 1Samueri. 2:3; 16:7; 1Madzimambo. 8:39; 1. Makoronike. 28:9; 2Makoronike. 6:30; Mapisarema. 7:9; 44:21; Zvirevo. 15:11; 20:27; 21:2; Jeremiya. 11:20; 17:9-10; 20:12; Ruka. 16:15; Mabasa. 1:24; 15:8; vaRoma. 8:26, 27).

3:21 “kana mwoyo usingatipi mhaka” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuitika (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Vatendi vachiri kutambura nezvivi pamwe nezvavari pachavo (cf. 2:1; 5:16-17). Vachiri kusangana nemiedzo uye vanoita zvisakarurama munguva idzodzi. Kazhinji mwoyo yavo inovapa mhaka. Sezvirehwa nerwiyo rwakanyorwa navaHenry Twells runonzi” chero nekuno zuva rakadoka, “urwo rwunoimbwa ruchinzi

“hakuna ishe hakuna akarurama,

Nokuti hapana akasunuguka kuzvivi zvizere;

Uye ivava vanoda ndivo vachakushumirai zvakanaka

Ivo vanoziva zvivi zviriri mumwoyo yavo.”

Kuziva vhangeri, kuwadzana zvakanaka naJesu, kuzvipira kuutungamiri hweMweya pamwe naBaba, ndiko kunonyaradza mwoyo yedu (cf. Mapisarema. 103:8-14) !

▣ **“tinako kusatya pamberi paMwari”** Izvi zvinoreva kukwanisa kusvika kukuvapo kwaMwari zvisina kudziviswa. Iyi nyaya inogaro dzokororwa muzvinyorwa zvaJohani (cf. 2:28; 3:21; 4:17; 5:14; vaHebheru. 3:6; 10:35, Tarira nhaurwa inokosha pa7:4). Mutsara uyu unotura zvibereko zvakanaka zviriri zvesimbiso.

1. Kuti vatendi Havana kutya pamberi paMwari

2. Vanowana zvole zvavanoda kubva kwaari

3:22 “uye zvole zvatinokumbira tinopiwa naye” Ichindicho chirevo chezvinogona kuitika chiri muchimiro chezvirikuitika, chine chirevo chezviriktoitwa. Izvi zvinoreva mitsara yaJesu munaMateu, 7:7; 18:19, Johani. 9:31; 14:13-14; 15:7, 16; 16:23; Mako. 11:24; Ruka. 11:9-10. Vimbiso dzeshoko idzi dzinosiyana zvikuru nezvinosangana nevatendi pakunyengereta. Ndima iyi inoita sokuti inovimbisa minamoto inopindurwa zvisina muganho. Apa ndipo panoshanda ringanidzo yezvimwe zvinorwa kuitira kuunza nengaidzo yedzidziso yezvouMwari.

NHAURWA INOKOSHA: MUNYENGETERO INOMUGANHU ASIWO HAINA MUGANHU

A. Vhangeri ina dzokutanga

1. vaKristu vanokurudzirwa kuti vatsungirire mukunamata uye Mwari anopa” zvinhu zvakanaka” (Mateu) kana “Mweya wake” (Ruka) Mateu. 7:7-11; Ruka. 11:5-13)
2. muchirevo chedzidziso yokuzvibata yechiKristu, vatendi (ruviri) vanokurudzirwa kubatana mumunamato (Mateu. 18:19)
3. muchirevo chokutonga kwevaJudha, vatendi vanofanira kukumbira mukutenda vasingatyi (Mateu. 21:22; Mako. 11:23-24)
4. muchirevo chemienzaniso miviri (Ruka. 18:1-8, mutongi asakarurama pamwe naRuka. 18:9-14, muFarisi nomutadzi), vatendi vanokurudzirwa kuti vaite zvakasiyana nomutongi asina Mwari pamwe nomuFarisi. Mwari anonzwa vano zvinipisa pamwe nokutendeuka (Ruka. 18:1-14)

B. zvinyorwa zvaJohani

1. muchirevo chemurume akaberekwa asingaoni uyo akaporeswa naJesu, kusaona chaiko kwevaFarisi kunoratidzwa. Minamoto yaJesu (seye munhu wose) inopindurwa nokuti aiziva Mwari uye airarama zvaifambirana noruzivo urwu (Johani. 9:31).
2. Nhairwa yaJohani yemumba yepamusoro (Johani. 13:17)
 - a. 14:12-14—munamato wekutenda unechimiro chokuti
 - 1) Unobva kuvatendi
 - 2) unokumbira muzita raJesu
 - 3) unoshuvira kuti Baba vakudzwe
 - 4) unochengeta mirayiro (ndima. 15)
 - b. 15:7-10—munamato wevatendi ndowe
 - 1) Kugara munaJesu
 - 2) Shoko rake richigara mavari
 - 3) Kuda kuti Baba vakudzwe
 - 4) Kuita zvibereko zvakanakawanda
 - 5) Kuchengeta mirayiro (ndima. 10)
 - c. 15:15-17—munamato wevatendi ndowe
 - 1) Kusarudzwa kwavo
 - 2) Kuita zvibereko kwavo
 - 3) Kukumbira muzita raJesu
 - 4) Kuchengeta murayiro wokudanana
 - d. 16:23-24—munamato wevatendi ndowe
 - 1) Kukumbira muzita raJesu
 - 2) Kushuvira kuti mufaro uzadziswe
3. Tsamba yaJohani yokutanga (1. Johani)
 - a. 3:22-24—munamato wevatendi ndowe
 - 1) Kuchengeta mirayiro yake (ndima. 22, 24)
 - 2) Kurarama zvakanaka
 - 3) Kutenda munaJesu

- 4) Kudanana
- 5) Kugara maari uye iye matiri
- 6) Kuva nechipo cheMweya
- b. 5:14-16—munamato wevatendi ndowe
 - 1) Kusatya munaMwari
 - 2) Maringe nokuda kwake
 - 3) Vatendi vanonamatirana

C. Jakobho

1. 1:5-7—vatendi vanosangana nematambudziko akasiyana siyana vanoudzwa kuti vakumbire hungwaru vasingatye
2. 4:2-3—vatendi vanofanira kukumbira nezvinangwa zvakanaka
3. 5:13-18—vatendi vane matambudziko rokurwara vanokurudzirwa
 - a. Kuti vakumbire vakuru vavo kuti vava namatire
 - b. Kuti kunamata nokutenda kunoponesa
 - c. Kuti vakumbire kuti zvivi zvavo zviregererwe
 - d. Kuti vareurure zvivi zvavo mumwe kuno mumwe uye nokunamatirana (zvinofanana nezviri muna1. Johani. 5:16)

Nyaya huru pakunamata ndiko kuva saKristu. Ndizvo zvinorehwa nokuti kunamata muzita raJesu. Chinhu chakaipisisa chingaitwa naMwari kuvaKristu ndiko kupindura minamoto yavo youmbimbindoga! Neimwe nzira minamoto yose inopindurwa. Chinhu chikuru pamunamato ndechokuti mutendi atora nguva aina Mwari, achivimba naMwari.

☐ **“nokuti tinochengeta mirayiro yake, tichiita zvinomufadza”** Tarira uone kuti muchirevo chechinyorwa chino zvinhu zviviri zvinodiwa kuti munamato upindurwe.

1. Kuteerera
2. Kuita zvinofadza Mwari (cf. Johani. 8:29)

Bhuku ra1. Johani, ndiro bhuku rinotsanangura maramiro chaiwo oushumiri nechikristu.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :3:23-24

²³Ndiwo murayiro wake, kuti titende kuzita roMwanakomana wake, Jesu Kristu, uye tidane, sezvaakatirayira. ²⁴Anochengeta mirayiro yake, anogara maari, naiye maari. Ndizvo zvatinoziva nazvo kuti anogara matiri; noMweya waakatipa.

3:23 “ndiwo murayiro wake...kuti titende...uye tidane” Tarira uone izwi rokuti “murayiro” riri muchimiro chomwe (SINGULAR) rakatakura nyaya mbiri. yokutanga ndeyo kutenda pazvima; Izwi rechiito (VERB) rokuti “tenda, “riri muchirevo chezvazozitwa muneramangwana (AORIST ACTIVE SUBJUNCTIVE) (cf. Johani. 6:29, 40). Nyaya yepiri ndeyo kuita zvakanaka; izwi rechiito (VERB), rokuti, kudana, riri muchirevo chezvirikuzoitwa muneramangwana (PRESENT ACTIVE SUBJUNCTIVE) (cf. 3:11; 4:7). Vhangeri ishoko rinofanira kutendwa, munhu anofanira kugamuchirwa, uye inzira yemararamiro!

☐ **“kuti titende kuzita roMwanankomana wake”** Tsanangudzo yokuti” tenda “inokosha zvikuru pakunzwisisa kutenda kwemubhaibheri. Izwi remutestamende yekare rokuti *aman* raireva “kuvimbika, ““kuvimbisika, ““kusatirwa, “kana “kutendeseka” (tarira nhaurwa inokosha pamusoro pezwi remutestamende yekare pana1. Johai. 2:10). Mutestamende itsva, izwi

rechiGiriki rokuti *pisteuō*) rinoshandurudzirwa kumazwi matatu echirungu:kutenda, rutendo, kana kuti ruvimbo (tarira nhaurwa inokosha pamusoro pezwi rechiGiriki panaJohani. 2:23). Izwi harinyanyi kureva kuvimbisika kwemuKristu asi kwaMwari. Ndiwo hunhu hwake, kuratidza, nevimbiso, kwete kuvimbika kana kutendeseka kwevatadzi, chero vatadzi vakadzikinurwa, ndiwo anoumba hwaro husingaputsiki!

Nyaya yokutenda “muzita “kana kunamata” muzita “inoburitsa nzwisiro yekumatunhu akadziva

Akadziva kumabvazuva yokuti zita rinomirira munhu.

1. Jesu munaMateu. 1:21, 23, 25; 7:22; 10:22; 12:21; 18:5, 20; 19:29; 24:5, 9; Johani. 1:12; 2:23; 3:18; 14:26; 15:21; 17:6; 20:31
2. Baba munaMateu. 6:9; 21:9; 23:39; Johani. 5:43; 10:25; 12:13; 17:12
3. Mwari vatatu mumwe munaMateu. 28:19.

Ndinoda kumbojekesa pamusoro pendima iyi. VaA. T. Robertson mugwaro ravo rinonzi, mifananidzo yemazwi mutestamende itsva” *word pictures in the New Testament*, (p. 228), vanotaura kuti pane dambudziko rechinyorwa chechiGiriki rinechokuita nezwi rechiito (VERB) rokuti” tenda.”Zvinyorwa zvakare zvechiGiriki, B, K, naL zvine zvirovo zvezvakazoitwa (AORIST ACTIVE SUBJUNCTIVES), ukuwo zvinyorwa zvinoti, N, A, naC zvine zvirovo zvezvirikuzoitwa (PRESENT ACTIVE SUBJUNCTIVES). Zvose zvinofambirana nechirevo chezvinyorwa zvaJohani pamwe nenzira yemanyorerero aJohani.

3:24 “anochengeta ...anogara..”Mazwi ose aya anoreva zvirikuitika/itwa (PRESENT TENSE). Kuteerera kunechokuita nokugara. Rudo ndirwo humboo hwekuratidza kuti tiri munaMwari uye Mwari ari matiri (cf. 4:12, 15-16; Johani. 14:23; 15:10). Tarira nhaurwa inokosha pamusoro pokugara pa2:10.

▣ **“noMweya waakatipa”** Johanbi anoshandisa humboo hwakati kuti, pakuburitsa kuva nechokwadi kwevatendi (cf. vaRoma. 4:13; 8:14-16, verenga ruono rwezviri mugwaro zva2:3-27, C). Zviviri ndizvo zvinechokuita naMweya mutsvene.

1. Kupupura Jesu (cf. vaRoma. 10:9-13; 1vaKorinde. 12:3)
2. Kurarama saKristu (cf. Johani. 15; vaGaratiya. 5:22; Jakobho. 2:14-26)

MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviru muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Dingndira rinobatanidza ndima. 11-24 nderipi? (cf. 1. Johani. 2:7-11) ?
2. Tsanagura sungano yendima. 16 na17. Ko kupa upenyu hwedu kunoenzaniswa sei nokubatsira hama yedu inoshayiwa?

3. Ko ndima. 19-20 dzinokumikidza kutongwa kwaMwari zvakaoma here kana kuti tsitsi huru dzaMwari dzinotinyaradza kutya kwedu?
4. Tinopa sungano sei kumutsara waJohani pamusoro pokunamata uri mundima. 22 neupenyu hwedu hwemazuva ose?
5. Ko ungayananisa sei kumikidzo yaJohani iyo inoita segangaidzo yokudiwa kwekubvuma nokureurura zvivi kwemuKristu nemutsara wake wekururama kwekusava nezvivi?
6. Sei Johani ari kukumikidza zvikuru nyaya yemararamiro?
7. Tsanangura chokwadi chedzidziso yezvouMwari chiri paku” berekwa patsva.”
8. Ko muvaravara uno unechokuita noupenyu hwechiKristu hwemazuva ose nenzira ipi?

1 JOHANI 4

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Mweya waMwari nemweya waantiKristu 4:1-6	Mweya wechokwadi nemweya wekutsauka 3:24-4:6	Kuziva chokwadi nokutsauka 4:1-6	Mweya wechokwadi nouwenhema 4:1-3 4:4-6	Chimiso chetatu- kuchenjera nyika naantiKristu 4:1-6 Kunobva rudo nokutenda (4:7- 5:13)
Mwari rudo 4:7-12	Kuziva Mwari kuziva nerudo 4:7-11	Kukombedza kwerudo 4:7-12	Mwari rudo 4:7-10	Kunobva rudo 4:7-5:4
4:13-16a	Kuona Mwari kuburikidza nerudo	4:13-16a	4:11-12 4:13-16a	
4:16b-21	Kumunyungirwa kwerudo 4:17-19 Kuteerea nerudo 4:20-25	4:16b-21	4:16b-18 4:19-21	

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyoru. Ndiyozve hwaro hwekupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri

3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

RUONO RWEZVIRI MUGWARO RWA4:1-21

- A. Johani. 4 ndicho chinyorwa chinokosha zvikuru panyaya yokuti vaKristu vangaongorore sei avo vanoti vanotaurira Mwari. Muvaravara uno unechokuita ne
1. Vaporofita venhema ava vanodanwa kuti vana antiKristu (cf. 2:18-25)
 2. Avo vanoedza kunyepa (cf. 2:26; 3:7)
 3. Neavowo vanoti vane ruzivo rwechokwadi chemweya (cf. 3:24)
- Kuti tinzwisise dambudziko revaKristu vokutanga tinofanira kunzwisisa kuti kwaiva nevanhu vazhinji vaiti varikutaura zvaMwari (cf. 1vaKorinde. 12:10; 14:29; 1vaTesareonika. 5:20-21; 1. Johani. 4:1-6). Panguva iyi pakanga pasina nzira chaiyo yakaperera yokuedza mweya uye testamende itsva yatiinayo nhasi yakanga isati yavapo. Nzira dzokuedza mweya dzaibva mugwara redzidziso kana kungoonawo mumigarisanwa yenyu (cf. Jakobho. 3:1-12).
- B. Bhuku ya1. Johani yakaoma kudenengudza nokuda kweminyerekete yematingindira anoramba achidzokororwa. Izvi zvinonyanya kuonekwa muchikamu. 4. Zvinoita sokuti chikamu ichi chinotsindikidza zvokwadi dzakadzidziswa mune zvimwe zvikamu zvokutanga, kunyanya nyaya yokuti vatendi vanofanira kudanana (cf. ndima, 7-21; 2:7-12 na3:11-24).
- C. Johani arikunyorera zvose, kupikisa vadzidzisi venhema, pamwe nokukurudzira vatendi vechokwadi. Anoita izvi nenzira yokushandisa nzira dzokuedza dzakasiyana siyana:
1. Kuedza kwegwara redzidziso (kutenda munaKristu, cf. 1. Johani. 2:18-25; 4:1-6, 14-16; 5:1, 5, 10)
 2. Kuedza nenzira yemararamiro (kuteerera, cf. 1. Johani. 2:3-7; 3:1-10, 22-24)
 3. Kuedza kwemugarisanwa (rudo, cf. 1. Johani. 2:7-11; 3:11-18; 4:7-12, 16-21; 5:1-2)
- Zvikamu zvakasiyana siyana zveshoko zvinotaurawo nezvevadzidzisi venhema vakasiyana siyanawo. 1. Johani, inotaura nezvedzidziso yenhema yevadzidzisi venhema. Verenga nhanganyaya ya1. Johani, nhema. Zvimwewo zvikamu zvetestamende itsva zvinotaura pamusoro pedzimwe nhema (cf. Johani. 1:13; vaRoma. 10:9-13; 1vaKorinde. 12:3). Chirevo chechinorwa chose chinofanira kuongororwa chiri choga kuti tione kuti ndeipi mhosho irikutaurwa nezvayo. Mhosho dzaibva kwakawanda.
1. vaJudha vaikurudzira kuteverwa kwemurayiro
 2. vadamisi vendangariro vechiGiriki
 3. vaGiriki vaitenda kuti ruponeso runounzwa nokutenda chete zvisineyi nemararamiro
 4. Avo vaiti vane zaruro yemweya yakasanangurwa.

DZIDZO YEMITSARA NEMAZWI

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :4:1-6

¹Vadikanwi, musatenda mweya yose, asi muedze mweya, kuti muone kana yakabva kuna Mwari; nokuti vaporofita vazhinji venhema vakabudira munyika. ²Ndizvo zvamunoziva nazvo Mweya waMwari; Mweya mumwe nomumwe unopupura kuti Jesu Kristu akauya munyama, ndowaMwari. ³Mweya mumwe nomumwe usingapupure Jesu, hauzi waMwari; iwo ndowaantiKristu, wamakanzwa kuti unouya ; nazvino atova panyika. ⁴Vana vaduku, imi, muri vaMwari, makavakunda, nokuti uyo ari mamuri, mukuru kuna iye, uri munyika. ⁵Ivo ndovenyika, naizvozvo vanotaura savenyika, nenyika inovanzwa. ⁶Isu tiri vaMwari; anoziva Mwari, anotiziva; asiri waMwari, haatinzwi. Ndizvo zvatinoziva nazvo Mweya wechokwadi, nomweya wokutsauka.

4:1 “musatenda” Ichindichochirevo chezvirikudokwairirwa kuti zviitwe (PRESENT IMPERATIVE) chine izwi rokudoma chiito retsiudzo (NEGATIVE PARTICIPLE) izvo zvinowanoreva kumiswa kwezirikuitwa. Nyaya yevaKristu yokutenda vanhu vanomukurumbira, manatsa mukanwa kana mashura sokuti anobva kunaMwari. Zviripachena kuti vadzidzisi venhema vaiti (1) vanotaura zvaMwari kana (2) kuti vakanga vaine ratidzo yakasanangurwa yaibva kunaMwari.

NHAURWA INOKOSHA: KO VAKRISTU VANOFANIRA KUTONGANA HERE?

Nyaya iyi inofanira kutariswa nenzira mbiri.

1. Vatendi vanoyambirwa kuti vasatongesane (cf. Mateu. 7:1-5; Ruka. 6:37, 42; vaRoma. 2:1-11; Jakobho. 4:11-12)
2. Vatendi vanoyambirwa kuti vaongorore vatungamiri (cf. Mateu. 7:6, 15-16; 1vaKorinde. 14:29; 1vaTesaronika. 5:21; 1Timoti. 3:1-13; na1. Johani. 4:1-6)

Dzimwe nzira dzokuongorora dzingabatsira ndeidzi

1. Chinangwa cheongoror chinofanira kuva chokutsigira (cf. 1Johani. 4:1—“yedza” nechinangwa chokutsigira)
2. Ongororo inofanira kuitwa nounyoro nokuzvininipisa (cf. vaGaratiya. 6:1)
3. Ongororo haifaniri kuitirwa zvinodiwa nomuongorori pazima (cf. vaRoma. 14:1-23; 1vaKorinde. 8:1-13; 10:23-33)
4. Ongororo inofanira kuona vatungamiri vasina kumbova namabasa anoshoresa mukereke kana mumana (cf. 1Timoti. 3).

▣ **“mweya yose”** Pano izwi rokuti mweya riri kushandiswa muchimiro chokureva munhu. Tarira chinyorwa pa4:6. Izvi zvinoreva shoko rinenge richinzi rabva kunaMwari. Nhema dzinobva mukereke (cf. 2:19). Vadzidzisi venhema vaiti varikutaura zvinobva kunaMwari. Johani anoti kune nzvimbo mbiri dzinobva mweya, Mwari kana Satani, ndivo vanopa vanhu izvo zvavanoita kana kutaura.

▣ **“asi muedze mweya”** Ichi ndicho chirevo chezvirikudokwairirwa kuti zviitwe (PRESENT ACTIVE IMPERATIVE). Chiito ichi chinoreva zvole, kuva chipo chemweya (cf. 1vaKorinde. 12:10; 14:29) nokuva chinhu chinofanira kuitwa nemutendi wose, semunamato, uvhangeri

nokupa. Izwi rechiGiriki rokuti “*dokimazō*” rine chirevo choku” edza nechinangwa chokutsigira.”Vatendi vanofanira kusafungira mumwe chakaipa kusvikira vava noumboo (cf. 1vaKorinde. 13:4-7; 1vaTesaronika. 5:20-21),

NHAURWA INOKOSHA:MAZWI ECHIGIRIKI ANOREVA KUEDZA

NEMINONGEDZO YAWO

Pane mazwi maviri echiGiriki neminongedzo yawo, anoreva kuedza munhu zvinechinangwa.

1. Rokuti, *Dokimazō, Dokimion, Dokimasia*

Izwi iri ndere mhizha dzesimbi rinoreva kuva nechokwadi kuti simbi ndeyomene kuchishandiswa moto, kureva kuti pano rakashandiswa sedimkira. Moto ndiwo unoburitsa kuva simbi kana kusava simbi kwayo (kureva kupfurura) muitirwo webasa uyu wakava chirahwe chakashandiswa zvikuru kureva Mwari, Satani kana munhu. Izwi iri rinoshandiswa nenzira yokureva kuedza nechinangwa chokutsigira

Izwi iri rinonyanya kushandiswa mutestamende itsva richireva kuedza

- a. Ngavi—Ruka. 14:19
- b. Isu pazima—1vaKorinde. 11:28
- c. Rutendo rwedu—Jakobho. 1:3
- d. Chero Mwari—vaHebheru. 3:9

Zvinobuda mukuedzwa uku zvaitarisirwa kuva zvakanaka (cf. vaRoma. 1:28; 14:22; 16:10; 2vaKorinde. 10:18; 13:3; vaFiripi. 2:27; 1Petirosi. 1:7) naizvozvo, izwi iri rinopa chirevo chomunhu akaedzwa zvakaomarara akabuduirira ndokugamuchirwa.

- a. Kuva nekodzero yokuvimbwa
- b. Kutsviki
- c. Kuva musvinu
- d. Kukosha
- e. Kuremekedzwa

2. *Peirazō, peirasmus*

Izwi iri rinopa chirevo chokubvunzurudzwa nechinangwa chokutsvaka mhosho kana kusagamuchira. Rinonyanya kushandiswa kureva kuedzwa kwaJesu murenje.

- a. Rinopa chirevo chokuedza kuteya Jesu (cf. Mateu. 4:1; 16:1; 19:3; 22:18, 35; Mako. 1:13; Ruka. 4:2; vaHebheru. 2:18).
- b. Izwi rokuti (*peirazōn*) rinoshandiswa sezita raSatani munaMateu. 4:3; 1vaTesaronika. 3:5.
- c. Rinoshandiswa naJesu kutiyambira kuti tisaedze Mwar (cf. Mateu. 14:7; Ruka. 4:12) [kana iye Kristu, cf. 1vaKorinde. 10:9]. Rinorevawo kuedza kuita chinhu chakakoniwa kare (vaHebheru. 11:29). Rinoshandiswa rinesungano nokuedzwa kwevatendi (cf. 1vaKorinde. 7:5; 10:9, 13; vaGaratiya. 6:1; ivaTesaronika. 3:5; vaHebheru. 2:18; Jakobho. 1:2, 13, 14; 1Petirosi. 4:12; 2Petirosi. 2:9). Mwari anotendera vavengi vavanhu vatatu (kureva., nyika, nyama, pamwe naDhiabho) kuti vazviratidze munguva yakafanira nenzvimbo yakafanira.

▣ **“nokuti vaporofita vazhinji venhema vakabudira munyika”** Ichi ndicho chirevo chezvakaaitwa zvine zvibereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVE) (cf. Jeremiya. 14:14; 23:21; 29:8; Mateu. 7:15; 24:11, 24; Mabasa. 20:28-30; 2Petirosi. 2:1; 1Johani. 2:18-19, 24; 3:7; 2Johani. 7). Chirevondechokuti vakabva mukereke (kereke dzaitirwa mudzimba), asi vanoramba vachiti vanotaura shoko raMwari.

Tarira nhaurwa inokosha:Zviporofita zveTestamende itsva panaJohani. 4:19

4:2 “ndizvo zvamunoziva nazvo Mweya waMwari” Chimiro chehcivakamutauro chingangova chokureva zvirikuitwa (PRESENT ACTIVE INDICATIVE) (mutsara) kana chokureva zvirikudokwairirwa kuti zviitwe (PRESENT ACTIVE IMPERATIVE) (murayiro). Chimiro chimwechetecho chokureva zvakawanda ndicho chiri paizwi rokuti” kugara, “muna2:27 nerokuti “ziva, “muna2:29. Mweya Mutsvene unogaro ratidza nokurumbidza Jesu (cf. Johani. 14:26; 15:26; 16:13-15). Kuedzwa kumwecheteko ndiko kunowanikwa muzvinyorwa zvaPauro muna1vaKorinde. 12:3.

▣ **“mweya mumwe nomumwe unopupura”** Izvi zvinoreva zvirikuitwa (PRESENT ACTIVE INDICATIVE) izvo zvinodoma ziendamberi rokupupura, kwete kupupura kutenda kwakaitwa kare. Izwi rechiGiriki rokuti “pupura” izwi romubatanidzwa wewi rokuti “zvimwechetezvo, “nerokuti “kutura, “kureva kuti “kutura zvimwechetezvo.”Iri ndiro dingindira rinodzokororwa muna1. Johani (cf. 1. Johani. 1:9; 2:23; 4:2-3; 4:15; Johani. 9:22; 2. Johani. 7). Izwi iri rinoreva kupupura nomuromo kunoitwa nomunhu achizvipira kuvhangeri yaJesu Kristu. Tarira nhaurwa inokosha panaJohani. 9:22.

▣ **“kuti Jesu Kristu akauya munyama, ndowaMwari”** Ichi ndicho chirevo chezwi rinodoma zvakaitwa (PERFECT ACTIVE PARTICIPLE). Uyu ndiwo muronga wekuedza vadzidzisi venhema wegwara redzidziso (kureva., avo vaisanganisa vhangeri nemafungiro avo) avo vaipikiswa naJohani mubhuku rino. Chirevo chiri pano ndechokuti Jesu aiva munhu chaiye (kureva., nyama, izvo zvairambwa nevadzidzisi venhema ava) pamwe nokuva Mwari chaiye (cf. 1:1-4; 2Johani. 7; Johani. 1:14; 1Timoti. 3:16). Chirevanguva chezvakaitwa zvine zvibereko (PERFECT TENSE) ndicho chinoratidza kuti kuva munhu kwaJesu kwaisava kwenguva pfupi, asi chaiko. Iyi yakanga isiri nyaya duku. Ichokwadi kuti Jesu anorumwero navanhu uye achivawo norumwero naMwari.

4:3 “mweya mumwe nomumwe usingapupure Jesu” Zvinoshamisa kuti pazvidzidzo zvouMwari, chinyorwa chakare chorurimi rweLatin chetestamende itsva pamwe nezvinyorwa zvamadzibaba vechiKristu, vana Clement, Origen wekuAlexandria, Irenaeus, naTertullian, zvine mitebvu, kureva kuti” vanosiyana Jesu, “vachimuita zimweya munhu pamwe nomweya woutsvene, izvi zvaiwanikwa zvikuru muzvinyorwa zvedzidzisi venhema zvevakore mazana maviri okutanga. Asi izvi zvinongova wedzero yechinyorwa chairatidza kurwisana kukuru pakati pekereke nenhema (verenga bhuku ravaBart Erhart, rinonzi, kushopodzwa kweshoko kwakaitwa kare” *The Orthodox Corruption of Scripture*, pp. 125-135”).

▣ **“ndowa antiKristu”** Pano izwi iri (cf. 2:18-25) rinoshandiswa kureva anoramba Kristu, kwete anoedza kuzviita Kristu.

▣ **“wamakanzwa kuti anouya, nazvino atova panyika”** Ichi ndicho chirevo chokureva zvakaitwa zvine zvibereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVE) izvo zvinoreva kuti Johani akanga ambotaura navo nezvenyaya Iyi uye pamwe nokuti ichiri kukosha. MuchiGiriki izwi rinesungano nezita rokuti” chino” rinechirevo chisina kwachakarerekera che” mweya.”Semuna. 2:18, Mutsara uyu unoreva zvose kuti mweya wa antiKristu wakatouya kare uye uchauya. Vadzidzisi venhema ava vanomuronga wehorokodzwa yenhema, mararamiro

enhema, pamwe nekupupura kwenhema kubva kare, kubva kunai ye muipi anorehwa munaGenesi. 3, kusvika pakuratidzwa kwezimukadzimu rezvivi pamwe na antiKristu wenguva yokupedzisira (kureva., 2vaTesaronika. 2; Zvakazarurwa. 13).

4:4-6 “imi...ivo...isu” Mazwi anesungano nemazita ose aya, anotsindikidzwa. Pane mapoka matatu ari kuturwa nawo

1. Vatendi vechokwadi (Johani nevaverengi vake)
2. Vatendi venhema (vadzidzisi venhema nevateveri vavo)
3. Boka raJohani roushumiri kana redzidziso yezvouMwari

Kutaura hunyamutatu uku kunowanikwawozve munavaHebheru. 6 na10.

4:4 “makavakunda” Ichi ndicho chirevo chezvakaikwa zvine zvizereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVE). Izvi zvinoita sokuti zvinoreva zvose, daritari regwara redzidziso pamwe nopenyu hwechiKristu hwevakundi. Herino shoko rekurudziro kwavari nesu!

Johani arikufunga zvikuru pamusoro pokukunda zvivi naDhiabhoi kwevaKristu. Anoshandisa izwi iri rokuti (*nikaō*), rutanhatu muna1. Johani (cf. 2:13, 14; 4:4; 5:4, 5), rugumi nekamwe munaZvakazarurwa, uye rumwe muvhangeri (cf. 16:33). Izwi rokureva “kukunda” rakashandiswa kamwechete munaRuka (cf. 11:22) uye ruviri muzvinyorwa zvaPauro (cf. vaRoma. 3:4; 12:21).

☐ **“nokuti uyo uri mamuri mukuru kuna iye uri munyika”** Iyi ndiyo kumikidzo youMwari hunogara mukati. Pano zvinoita sokuti parikurehwa baba vanogara mukati9cf. Johani. 14:23; 2vaKorinde. 6:16). Testamende itsva inokumikidzawo (1) Mwanakomana anogara mukati (cf. Mateu. 28:20; vaKorose. 1:27) pamwe na (2) Mweya Mutsvene anogara mukati (cf. vaRoma. 8:9; 1. Johani. 4:13). Mweya noMwanakomana ndivo vanoiswa pamwe (cf. vaRoma. 8:9; 2vaKorinde. 3:17; vaGaratiya. 4:6; vaFiripi. 1:19; 1Petirosi. 1:11). Tarira nhaurwa inokosha panaJohani. 14:16.

Mutsara wokuti “uyo ari munyika” unoreva Satani (cf. Johani. 12:31; 14:30; 16:11; 2vaKorinde. 4:4; vaEfeso. 2:2; 1. Johani. 5:19) pamwe nevateveri vake. Izwi rokuti “nyika” munai. Johani rinoreva zvisina kunaka (kureva., mugarisanwa wevanhu wakarongwa nokushanda pasina Mwari, tarira nhaurwa inokosha :*kosmos* panaJohani. 14:17).

4:5 “ivo ndevenyika” Ichi ndicho chirevo chechivakamutaro chinodoma nzvimbo (ABLATIVE of source). Izwi rokuti “nyika” rinoshandiswa pano kureva mugarisanwa wevatadzi uri kuedza kuzvtsvakira zvaunoda pasina Mwari (cf. 2:15-17). Rinoreva zimweya riri muvanhu rokuda kuzviitira! Muenzaniso wenyaya iyi ndiye Kaini (cf. 3:12). Mimwewo mienzaniso ndeinoti (1) Erija nemuporofita waBhahari (1Madzimambo. 18) na (2) Jeremiya naHananiya (Jeremiya. 28).

☐ **“nyika inovanzwa”** Humwe humboo hwevadzidzisi vechiKristu nevenhema ndohwekuti ndiani anovanzwa (cf. 1Timoti. 4:1).

4:6 “anoziva Mwari anotinzwawo” Ichi ndicho chirevo chezwi rinodoma zvirikuitwa (PRESENT ACTIVE PARTICIPLE). Vatendi vechokwadi vanoramba vachiteerera nokudavira kuzvokwadi yevaporofita! Vatendivanogona kuziva mudzidzisi kana muparidzi kuburikidza nezviri mushoko ravo pamwe nokuti ndiani anonzwa nokudavira shokoravo.

▣ **“ndizvo zvatinoziva nazvo Mweya wechokwadi nomweya wokutsauka”** Izvi zvinogona kureva Mweya Mutsvene (cf. Johani. 14:17; 15:26; 16:13; 1. Johani. 4:6; 5:7) kana mwqeya wokutsauka, Satani. Vatendi vanofanira kugona kuona kunobva shoko. Kazhinji vadzidzisi vose vanotaura shoko ravo muzita raMwari, zvichiita sokuti vose vanotaura shoko raMwari. Mumwe anotaura zvaJesu nokuva saKristu, mumwewo achitaura nezvokuti nvanhu vanoona sei uye nekudzamisa ndangariro pamwe nokuzviitira pazvima.

vaRobert Girdlestone, mugwaro ravo rinonzi, mazwi emutestamende yekare anoreva zvakafanana” *Synonyms of the old testament*, “vakaita nhaurirano yakanaka zvikuru pamusoro peizwi rokuti” mweya” mutestamende itsva.

1. Mweya yetsvina
2. Mweya womunhu
3. Mweya mutsvene
4. Zvinhu zvinoitwa nemweya mumweya yevaunhu pamwe nokuburikidza nomweya yevaunhu
 - a. ‘kwete mweya wouranda maringe nemweya wekuiswa muukama hutsva’—vaRoma. 8:15
 - b. ‘mweya wounyoro’—1vaKorinde. 4:21
 - c. ‘mweya wekutenda’—2vaKorinde. 4:13
 - d. ‘mweya woungwaru nezaruro muruzivo rwake’—vaEfeso. 1:17
 - e. ‘kwete mweya wokutya, asi wesimba, rudo nokuzvibata’—2Timoti. 1:7
 - f. ‘mweya wemhosho maringe nemweya wechokwadi’—1. Johani. 4:6” (pp. 61-63).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :4:7-14

⁷Vadikanwi ngatidane nokuti rudo runobva kunaMwari; mumwe nomumwe anoda akaberekwa naMwari, anoziva Mwari. ⁸Asingadi haazivi Mwari, nokuti Mwari rudo.

⁹Rudo rwaMwari rwakaridzwa kwatiri nechingu ichi, kuti Mwari akatuma Mwanakomana wake, akaberekwa ari mumwechete, munyika kuti tive noupenyu naye.

¹⁰Rudo rwuri pachingu ichi, kuti hatizisu takada Mwari, asi kuti ndiye wakatida, akatuma Mwanakomana wake kuti ave norudzikinuro rwezvivi zvedu.

¹¹Vadikanwi, kana Mwari akatida saizvozvo, nesuo tinofanira kudana. ¹²Hakuna munhu akamboona Mwari; kana tichidana, Mwari anogara matiri, norudo rwake rwunokwaniswa matiri. ¹³Ndizvo zvatinoziva nazvo kuti tinogara maari, naiye matiri, nokuti akatipa zvoMweya wake.

¹⁴Isu takaona, uye tinopupura kuti Baba vakatuma Mwanakomana, kuti ave Muponesi wenyika.

4:7 “ngatidane” Ichi ndicho chireo chezvinofanira kuitwa (PRESENT ACTIVE SUBJUNCTIVE). Mararamiro okudana misi yose ndiwo maitiro evatendi vose (cf. 1vaKorinde. 13:; vaGaratiya. 5:22). Iri ndiro dingindira rinoramba richidzokororwa muzvinyorwa zvaJohani uye rinokosha pakuedzwa kwemararamiro akanaka (cf. Johani. 13:34; 15:12, 17; 1. Johani. 2:7-11; 3:11, 23; 2. Johani. 5, tarira ruono rwezviri mugwaro, C). Mufungiro wezvinofanira kuzoitwa ndiwo unodonongodza hurongwa hweramangwana (SUBJUNCTIVE MOOD).

▣ **“nokuti rudo runobva kuna Mwari”** Kuna Mwari, kwete kuita zvakanaka kana tsitsi dzavanhu, ndiko kunobva rudo (cf. ndima. 16). Hadzisi tsitsi dzoka asi kuita zvinhu nechinangwa chezvakanaka (kureva., Baba vachituma Mwanakomana kuzotifira, cf. ndima. 10; Johani. 3:16).

▣ **“mumwe nomumwe anoda, akaberekwa naMwari, anoziva Mwari”** Mazwi echiito (VERBS) ose ari muchimro chezvakaaitirwa zvine zvibereko zviripo (PERFECT PASSIVE) pamwe nechirevo chezviraikuitwa (PRESENT ACTIVE INDICATIVES). Mazwi anoshandiswa naJohani zvikuru okureva kuva mutendi anechokuita nekuberekwa chaiko panyama (cf. 2:29; 3:9; 4:7; 5:1, 4, 18; Johani. 3:3, 7).

Izwi rokuti “ziva” rine chirevo chechiHebheru chokureva kuendamberi, kweruwadzano rwemandorokwati (cf. Gensi. 4:1; Jeremiya. 1:5). Iri ndiro dingindira rinodzokororwa muna1. Johani, rakashandiswa kanopfuura makumi mmanomwe. Tarira nhaurwa inokosha panaJohani. 1:10.

4:8 “asingadi haazivi Mwari, nokuti Mwari rudo” Maramiro orudo ndicho chipimo chekuziva Mwari zvechokwadi. Uyu ndiwo mumwe wemitsara yakadzama asi yakajeka yaJohani; wokuti” Mwari rudo” unofambirana newokuti” Mwari chiezwa” (cf. 1:5) pamwe newokuti” Mwari Mweya” (cf. Johani. 4:24). Imwe nzira yakanaka yokuringanidza rudo rwaMwari pamwe nehasha dzaMwari ndeyokufananidza Dhuteronomi. 5:9 ns5:10 pamwe na7:9.

4:9 “rudo rwaMwari rwakaraidzwa kwatiri nechinhu ichi” Ichi ndicho chirevo chezvakaaitirwa (AORIST PASSIVE INDICATIVE) (cf. Johani. 3:16; 2vaKorinde. 9:15; vaRoma. 8:32). Mwari akaraidza pachena kuti anotida nokutumira Mwanankomana wake kuzotifira. Rudo chiito, kwete manyawi chete. Vatendi vanofanira kuteedzera izvozvi muupenyu hwavo misi yose (cf. 1. Johani. 3:16). Kuziva Mwari, ndiko kuda sezvaanoita.

▣ **“Mwari akatuma Mwanakomana wake akaberekwa ari mumwechete munyika”** Ichi ndicho chirevo chezvakaaitirwa zvine zvibereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVE) ; Kuita zimukadzimu nezvibereko zvako zviripo! Zvose zvinobva kunaMwari zvinouya kuburikidza naJesu Kristu.

Izwi rokuti “akaberekwa ari mumwechete” rinoreva zvisina kudzokororwa (*monogenes*) kureva “ziitakamwe, “mumwe ari oga, “kwete akaberekwa nekusangana pabonde. Nyaya yokuberekwa nemhandara yakanga isiri yokusangana pabonde kwaMwari kana Maria. Johani anoshandisa izwi iri kakawanda achireva Jesu (cf. Johani. 1:14, 18; 3:16, 18; 1. Johani. 4:9). Tarira chinyorwa panaJohani. 3:16. Jesu ndiye Mwanakomana waMwari weziitakamwe wechokwadi. Vatendi vana vaMwari nenzira youtsvakwa.

▣ **“kuti tive noupenyu naye”** Ichi ndicho chirevo chezvakaaitirwa (AORIST ACTIVE SUBJUNCTIVE) icho chinodoma huorngwa hweramangwana, rudaviro rwokutenda runokosha. Chinangwa chokuita zimukadzimu chaiva choupenyu husingaperi uye hwakawanda (cf. Johani. 10:10).

4:10 “rudo rwuri pachinhu ichi” Rudo rwMwari runoraidzwa zvakaajeka muupenyu nokufa kwaJesu (cf. vaRoma. 5:6, 8). Kuziva Jesu, kuziva Mwari. Kuziva Mwari ndiko kuda!

▣ **“kuti hatizisu takada Mwari”** Testamende itsva yakasiyana zvikur nezvitendero zvenyika. Kazhinji zvitendero zvinoti vanhu ndivo vanotsvaka Mwari, asi chiKristu chinoti Mwsari ndiye anotsvaka vatadzi! Chokwadi chaicho chinofadza nechokuti harusi rudo rvedu kuna Mwari, asi rudo rwake kwatiri. Akatitsvaka kuburikidza nezvivi zvedu pamwe nezvatiri, upanduki hwedu nokzvikudza kwedu. Chokwadi chinofadza chechiKristu ndechokuti Mwari anoda vatadzi uye akaparura nokudzika chisungo chinoshandura hupenyu.

Pane musiyano wechinyorwa pachimiro cheizwi rechiito.

1. Akada uye anoramba achida, zvakaitwa zvine zvibereko zviripo (PERFECT) —MS B
2. Akada, zvakaitwa (AORIST) —MS N

Gwaro reUBS⁴ rinopa chirevanguva chezvaitwa zvine zvibereko zviripo (PERFECT TENSE) chipimo chepiri” B” (kureva pedo nechokwadi).

▣ **“akatuma Mwanakomana wake kuti ave norudzikinuro rwezvivi zvedu”** Tarira chinyorwa pa2:2.

4:11 “kana” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokuva wechokwadi pamaonero omunyori (FIRST CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Mwari anotida (vaRoma. 8:31) !

▣ **“Mwari akatida saizvozvo”** Izwi rokuti “saizvozvo” rinofanira kunzwisiswa sokuti “nokudaro, “semunaJohani. 3:16.

▣ **“nesuo tinofanira kudana”** Nokuti iye akatida tinofanirawo kudana (cf. 2:10; 3:16; 4:7). Mutsara uyu unoreva zvinofanira kuitwa unoburitsa pachena nyonga nyonga yayitwa pamwe nemafungiro akaipa evadzidzisi venhema.

4:12 “hakuna munhu akamboona Mwari” Ichi ndicho chirevo chezvaitwa pamwe nokuitirwa chine zviberekozviripo (PERFECT MIDDLE (deponent) INDICATIVE). Izwi iri rinoreva “kutarisisa munhu kana chinhu” (cf. Ekisodho. 33:20-23; Johani. 1:18; 5:37; 6:37; 6:46; 1Timoti. 6:16). Zvinogoneka kuti vadzidzisi venhema, avo vakanga vakabatwa nedzidziso yezvitendero zvemuchivande zvokumabvazuva, vaiti vane zvavakaoneswa naMwari. Jesu akauya kuzoratidza Baba zvakazara. Nokutarisa, tinoziva Baba!

▣ **“kana”** Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuitika (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE).

▣ **“Mwari anogara matiri”** Tarira nhaurwa inokosha pamusoro pokugara pa2:10

▣ **“rudo rwake runokwaniswa matiri”** Uyu ndiwo mutsara wechibhinde uinechirevo chezwi rinodoma zvakaitirwa zvine zvibereko zviripo (PERIPHRASTIC PERFECT PASSIVE PARTICIPLE). VaKristu vanerudo ndivo humboo hwekugara, hwerudo rwaMwari rwakakwaniswa (cf. 2:5; 4:17).

4:13 “akatipa zvoMweya wake” Ichi ndicho chirevo chezvaitwa zvine zvibereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVE). Mweya Mutsvene unogara mukati (cf. 3:24; vaRoma. 8:9) nesimba rake rokushandura ndhwo humboo hwekuponeswa kwedu kwechokwadi (cf. vaRoma.

8:16). Zvinoita sokuti ndima. 13 ndiho huchapupu hwezvatakaitirwa naMweya, ukuwo ndima. 14 iri iyowo inopupura zvakaitwa nemharidzo dzavapositori. Vanhu vatatu vaMwari vatatu mumwe vanobuda pachena mundima. 13-14.

Tarira nhaurwa inokosha :Mwari vatatu mumwe panaJohani. 14:26.

4:14 “isu takaona uye tinopupura” Mazwi echiito aya anoreva zvakaitiranwa (PERFECT ACTIVE (deponent) INDICATIVE) uye akabatanidzwa nechirevo chezvirikuitwa (PRESENT ACTIVE INDICATIVE). Mutsara uyu unotaura nezveuchapupu hweakaona hwaJohani pamusoro paKristu pachake, sezvinoita 1:1-3.

Izwi rokuti “takaona” ndiro izwi rimwechetero rechiGiriki seriri mundima. 12 iro rinoreva kuti “kutarisisa.”Tarira nhaurwa inokosha:Zvapupu zvaJesu panaJohani. 1:8.

☐ **“kuti Baba vakatuma Mwanakomana”** Ichi ndicho chirevo chezvakaaitwa zvine zviripo (PERFECT ACTIVE INDUCATIVE). Nyaya yokuti Mwari Baba vakatuma Mwari Mwanakomana munyika (cf. Johani. 3:16) ndiyo inopikisa zvikuru dzidziso yevadzidzisi venhema pamusoro pounyambiri pakati pemweya (wakanaka) nenyama (yakaipa). Jesu aiva mutsvene uye akatumwa munyika inouipi yezvivi kuzoidzikinura pamwe nesu (cf. vaRoma. 8:18-25) kubva kuchituko chemunaGenesi. 3 (cf. vaGaratiya. 3:13).

☐ **“kuti ave muponesi wenyika”** Nyaya yokuti Mwari akasarudza kushandisa Jesu senzira yoruponeso ndiyo inopikisa dzidziso yevarevi venhema yokuti ruponeso runouya kuburikidza noruzivo rwezvakavanzika zvinechokuita nevatumwa. Misandarara yevatumwa iyi ndiyo yavaidana kuti ‘eons’ kana kuti mihasva yevatumwa iri pakati paMwari mukuru naMwari muduku uyo akasika nyika nezvakanga zvagara zviripo.

Mutsara wokuti “muponesi wenyika” waiva (1) zita ravamwari (kureva., Zeus) ne (2) zita raishandiswa kureva Kaiseri wevaRoma. Kuva Kristu, Jesu chete ndiye anodanwa nezita iri (cf. Johani. 4:42; 1Timoti. 2:4; 4:10). Izvi ndizvo zvakakonzera kushiungurudzwa kwevaKristu nevezvinamato zvairemekedza Kaiseri zvekuchipimvu chiduku cheAsia.

Tarira uone kuti izwi iri rinobatakwose. Ndiye muponesi wavose (kwete vamwe) kana vakadavira chete (cf. Johani. 1:12; 3:16; vaRoma. 5:18; 10:9-13).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :4:15-21

¹⁵Ani naani anopupura kuti Jesu ndiye Mwanakomana waMwari, Mwari anogara maari, naiye munaMwari. ¹⁶Nesu takaziva, tikatenda rudo urwu Mwari rwaanarwo kwatiri. Mwari rudo; anogara murudo, anogara munaMwari, naMwari maari.

¹⁷Rudo rwakakwaniswa nesu pachinhu ichi, kuti tirege kutya nezuva rokutongwa; nokuti sezvaakaita iye, ndizvo zvatakaitawo panyika ino. ¹⁸Hakuna kutya murudo; asi rudo rwakakwana runodzinga kutya, nokuti kutya kunorohwa; munhu antya haana kukwaniswa parudo.

¹⁹Isu tinoda, nokuti iye akatanga kutida. ²⁰kana munhu achiti ndinoda Mwari, achivenga hama yake, murevi wenhema; nokuti asingadi hama yake yaakaona, angada Seiko Mwari, waasina kuona? ²¹Iwoyu murayiro wakabva kwaari, tinawo, wokuti anoda Mwari, ngaadewo hama yake.

4:15 “ani naani anopupura kuti Jesu ndiye Mwanakomana waMwari” Ichi ndicho chirevo chezvaizoitwa (AORIST ACTIVE SUBJUNCTIVE). Nezve izwi rokuti” pupura” tarira

chinyorwa pandima. 2. Umwe wemiedzo mitatu yaJohani youKristu hwechokwadi ichokwadi chezvidzidzo zvouMwari pamusoro paJesu pachake pamwe nebasa rake (cf. 2:22-23; 4:1-6; 5:1, 5). Izvi zvinofambirana na1. Johani. naJakobho nemararamiro erudo nokuteerera. ChiKristu munhu, mutambwe wechokwadi, pamwe nemararamiro. Tarira ruono rwezviri mugwaro, C.

Izwi rezibatakwose rokuti “ani naani” ndiko kukoka kunoitwa naMwari, ani naani zvake kuti auye kwaari. Vanhu vose vakasikwa nomufananidzo waMwari (cf. Genesi. 1:26-27; 5:3; 9:6). Mwari akavimbisa rudzikinuro kuvanhu munaGenesi. 3:15. Rudano rwake kunaAbhurahamu rwaiva rudano kunyika yose (cf. Genesi. 12:3; Ekisodho. 19:5). Rufu rwaJesu rwakagadzirisa dambudziko rezvivi (cf. Johani. 3:16). Munhu wese anogona kuponeswa kana akadavira kuzvimiso zvechisungo chokutendeuka, ushumiri, pamwe nokutsungirira. Shoko raMwari kuna vose nderokuti” huyai” (Isaya. 55).

NHAURWA INOKOSHA:REREKERO YOUVHANGERI HWABOB

Ndinofanira kubvuma kwamuri vaverengi kuti panyaya iyi ndine kwandakarerekera. Dzidzo yezvouMwari yangu haina kurerekera kune yaCalvin kana iya yezvakarongwa kare, asi ndeye gwara routumwa hweubvuvi (cf. Mateu. 28:18-20; Ruka. 24:46-47; Mabasa. 1:8). Ndinotenda kuti Mwari aiva nohurongwa hwekudzikinura vanhu vose (semuenzaniso., Genesi. 3:15; 12:3; Ekisodho. 19:5-6; Jeremiya. 31:31-34; Ezekieri. 18; 36:22-38; Mabasa. 2:23; 3:18; 4:28; 13:29; vaRoma. 3:9-18, 19-20, 21-31), vose vakasikwa nemifananidzo wake (cf. Genesi. 1:26-27). Zvisungo zvakabatana munaKristu (cf. vaGaratiya. 3:28-29; vaKorose. 3:11). Jesu ndiye zvakavanzika zvaMwari, akavigwa asi zvino aratidzwa (cf. vaEfeso. 2:11-3:13) ! Vhangeri yetestamende itsva, kwete Isiraeri, ndiyo shanguriro yeshoko.

Uku kufanoziva kare ndiko hwaro hwangu hwakupirikira shoko. Ndinohushandisa kuverenga zvinyorwa zvose! Zvokwadi iyi irekero (vapirikiri vose vanayo!), asi maonero anotungamirwa neshoko.

▣ **“Mwari anogara maari naiye munaMwari”** Izvi zvinoreva chimiro choukama hwechisungo hwaMwari nevanhu. Mwari ndiye anogaro parura, nokupa musoro wenyaya pamwe nehwaro hwechisungo, asi vanhu vanomurandu wokudavira kwokutanga pamwe nokuramba vachidavira.

Kugara chinhu chinodiwa muchisungo, asiwo ndiyowo vimbiso inofadza (cf. Johani. 15). Funga musiki wenyika yose, iye mutsvene weIsiraeri, achigara (mukati) mevatadzi (cf. Johani. 14:23) ! Tarira nhaurwa inokosha pamusoro pokugara pa2:10.

4:16 “nesuo takaziva tikatenda” Mazwi echiito ose aya (VERBS), anoreva zvakaitwa zvine zvibereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVES). Simbiso yokusatya kwevatendi yerudo rwaMwari munaKristu, kwete zvokuvapo, ndihwo hwaro hweukama hwavo. Tarira nhaurwa inokosha:Simbiso pa5:13.

▣ **“Mwari rwaanarwo kwatiri”** Ichindicho chirevo chezvirikuitwa (PRESENT ACTIVE INDICATIVE) chinoreva kuendamberi kwerudo rwaMwari.

▣ **“Mwari rudo”** Chokwadi chnikosha chakadzokororwa (ndima. 8).

4:17 “rudo rwakakwaniswa pachinhu ichi” Izvi zvinobva paizwi rechiGiriki rokuti ‘telos’ (cf. ndima. 120. Iro rinoreva kuzadziswa, kukura, pamwe nokuperera, kwete kusava nezvivi.

▣ “**nesu**” Chirevamwene chokuti (*meta*) chinogona kunzwisiswa sokuti” matiri” (TEV, NJB), “kwatiri” (NKJV, NRSV, NIV, REB), kana kuti” nesu” (NASB).

▣ “**kuti tirege kutya**” Pamabviro aro izwi iri raireva kuti kutaura zvaunoda. Johani anorishandisa zvakananyanya (cf. 2:28; 3:21; 5:14). Rinotaura nezvovushimhwa hwedu pakuenda kunaMwari mutsvene (cf. vaHebheru. 3:6; 10:35). Tarira nhaurwa inokosha panaJohani. 7:4.

▣ “**nezuva rokutongwa, nokuti sezvaakaita iye, ndizvo zvatakaitawo panyika ino**” vaKristu vanofanira kuda sokuda kwakaitwa naJesu (cf. 3:16; 4:11). Vangarambwa nokushungurudzwa sezvaakaitwa, asiwo navowo vanodiwa nokuraramiswa naBaba pamwe naMweya sezvaakaitwa iye! Nerimwe zuva vanhu vose vachapa rondedzero pamusoro pechipo choupenyu (cf. Mateu. 25:31-46; 2vaKorinde. 5:10; Zvakazarurwa. 20:11-15). Zuva rokutongwa harityisi avo vari munaKristu.

4:18 “hakuna kutya murudo” Kana tauya kunaMwari saBaba, hatichamutyi somutongi. Vanhu vazhinji vanotendutswa nokutya—kutya kutongwa, kutongerwa kuenda kugehena. Zvisineyi, chinhu chinofadza chinotika muupenyu hwevanhu vakadzikinurwa: zvinotanga nokutya zvinopera nokusatya!

▣ “**kutya kunorohwa**” Iri ndiro izwi risina kujairika rakashandiswa pano chete nemunaMateu. 25:46 (chimiro chezwi rechiito ‘VERB’ chiri muna2Petirosi. 2:9), rine chirevowo chemugumo. Chirevanguva chezvirikuitika chezwi rechiito (PRESENT TENSE VERB) chinoreva kutya hasha dzaMwari ndekwenguva pfupi (munguva) uye ndekwemugumo (panguva yekuguma). Vanhu vakasikwa nemufananidzo waMwari (cf. Genesi. 1:26-27) izvo zvinosanganisirawo hunhu hwake, ruzivo, sarudzo pamwe nezvibereko zvayo. Ino inyika inokoshesa hunhu. Vanhu havatyorori mirayiro yaMwari; vanozvityorera pimirayiro yaMwari!

4:19 “isu tinoda” Ichi ndicho chirevo chezvirikuitwa (PRESENT ACTIVE INDICATIVE). Bhaibheri reNKJV rinowedzera izwi rinodoma zvirikutaurwa (DIRECT OBJECT) pamber pezwi rokuti” isu tinoda.”Dzimwewo sarudzo dziri muzvinyorwa pamusoro pewedzero iyi ndedzinoti:

1. Mune chimwe chinyorwa chakare chechiGiriki (N) izwi rokuti“Mwari” (*ton theon*) ndiro rinowedzerwa
2. Izwi rokuti Maari “iye “(*auton*) ndiro rinowedzerwa (KJV)
3. muGwaro re’Vulgate’ izwi rokuti” mumwe “ndiro rinowedzerwa

Izwi rokudoma zvirikurehwa (DIRECT OBJECT) rinogona kuva wedzero yakazoitwa pava paya. Gwaro reUBS⁴ kuvapo kwezwi rechiito chete, chipimo chokutenga (kureva chokwadi).

▣ “**nokuti iye akatanga kutida**” Iyi ndiyo kumikidzo inodzokororwa mundima. 10. Mwari ndiye anogaro parura (cf. Johani. 6:44, 65) asi vatadzi vanofanira kudavira (cf. Johani. 1:12; 3:16). Vatendi vanovimba nokuvimbisika kwake uye vanotenda mukutendeseka kwake. Kuda, kuita nohunhu hwokutendeka kwaMwari vatatu mumwe ndiko tariro nesimbiso yevanhu vakadzikinurwa.

4:20 “kana munhu achiti” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuitwa (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Uyu ndiwo mumwe muenzaniso wokushandisa

mitsara yevadzidzisi venhema achiitira kuburitsa chokwadi (cf. 1:6, 8, 10; 2:4, 6). Iyi nzira yokunyora inodanwa kuti kuisa mupikisi wefungidziro (cf. Maraki, vaRoma, naJakobho).

▣ **“ndinoda Mwari, achivenga hama yake”** Rudo mumararamiro edu ndirwo runoratidza kana tiri vaKristu (cf. Mako. 12:28-34). Kukonana kunogna kuitika, asi kuchengeta chigumbu hakungaitwe (chirevanguva chezvirikuitwa ‘PRESENT TENSE’). Tarira nhaurwa inokosha: Rusarura ganda pana Johani. 4:4.

▣ **“murevi wenhema”** Johani anodana “vanoviti” vatendi vakawanda kuti” varevi venhema” (cf. 2:4, 22; 4:20). Johani anotiwo avo vanoparidza vhangeri yenhema vanoita Mwari murevi wenhema (cf. 1:6, 10; 5:10). Zvokwadi kune vezvinamato vanozyinyepera!

4:21 Ndimba ino ndiyo inopfupisa chikamu chose! Rudo ndiro humboo husinganyepedzereki hwokuva mutendi wechokwadi. Ruvengo ndihwo humboo hwekuva mwana waDhiabho. Vadzidzisi venhema vakanga vachiparadzanisa makwayi uye vachikonzera makakatanwa.

▣ **“hama”** Zvinofanira kubvumwa kuti izwi rokuti “hama” rinoreva zvakanwanda. Rinogona kureva “mumwewo muKristu” kana “mumwewo munhu.” Zvisineyi, Kudzokororwa kunoitwa izwi iri rokuti” hama” naJohani achireva vatendi kunoreva tsanangudzo yokutanga (cf. 1Timoti. 4:10).

MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Denengudza nzira dzokuedza nhatu dzioitira kuona kuti munhu muKristu chaiye
2. Ko ungaona sei kuti munhu anotaure zvaMwari?
3. Denengudza maviri maviri echokwadi (zvavakaita nezvavakaitirwa).
4. Chii chinokosha pazita rokuti “muponesi wenyika” ?
5. Denengudza zviito zvinoratidza kuti munhu murevi wenhema (kureva., vatendi venhema).

1 JOHANI 5

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Kutenda ndiko kukunda nyika	Kuteerera nokutenda 4:20-5:5	Kutenda kwekukunda	Kukunda nyika kweedu	
5:1-5		5:1-5	5:1-5	Kunobva kutenda
Huchapupu pamusoro peMumwanakomana	Chokwadi chouchapupu hwaMwari		Huchapupu pamusoro paJesu	5:5-13
5:6-12 Ruzivo rwopenyu husingaperi	5:6-13	5:6-12 Mheto	5:6-12 Hupenyu usingaperi	
5:13-15	Kusatya nerudo mukunamata	5:13	5:13-15	Kunamatira Vatadzi
	5:14-17 Kuziva zvechokwadi	5:14-17		5:14-17
5:16-17 5:18-21	kuramba nhema 5:18-21	5:18-20	5:18 5:19 5:20 5:21	Pfupiso yetsamba 5:18-21

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyorori. Ndiyoze hwaro hwekupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga

2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

DZIDZO YEMAZWI NEMITSARA

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :5:1-4

¹Mumwe nomumwe anotenda kuti Jesu ndiye Kristu, iye akaberekwa naMwari; mumwe nomumwe anoda iye akabereka, anodawo akaberekwa naye. ²Ndizvo zvatinoziva nazvo kuti tinoda vana vaMwari, kana tichida Mwari, tichiita mirayiro yake. ³Nokuti rudo rwaMwari ndirwo, kuti tichengete mirayiro yake; mirayiro yake hairemi. ⁴Nokuti chinhu chipi nechipi, chinoberekwa naMwari chinokunda nyika; kukunda kwakakunda nyika, ndiko kutenda kwedu.

5:1 “mumwe nomumwe” (ruviri) Izwi rokuti *pas* rinodzokororwa kushandiswa muna1. Johani (cf. 1. Johani. 2:29; 3:3, 4, 6[ruviri]9, 10; 4:7; 5:1). Hapana anosiiwa mumironga yokusiyanisa yaJohani. Uku ndiko kukoka kunoitwa pasi rose naMwari kuti rigamuchire Jesu Kristu (cf. Johani. 1:12; 3:16; 1Timoti. 2:4; 2Petirosi. 3:9). Kukoka uku kunofanana nekwakaitwa naPauro munavaRoma. 10:9-13.

▣ **“anotenda”** Iri ndiro izwi ririkudoma zvirikuitwa (PRESENT ACTIVE PARTICIPLE). Iri ndiro izwi rechiGiriki (zita’NOUN’—*Pistis*, izwi rechiito’VERB’—*Pisteuō*) iro rinogona kushandurudzwa richireva kuti “kutenda, “vimba, “kana “tenda.”Zvisineyi, muna1. Johani nemutsamba dzakanyorerwa vatungamiri vemakereke (1na2Timoti pamwe naTito) rinonyanya kushandiswa nenzira yokureva gwara redzidziso (cf. Judhasi. ndima. 3, 20). Mudzivhangeri nemutsamba dzaPauro, rinoshandiswa kureva kuzvivimba nokuzvipira. Vhangeri rinomirira zvose, chokwadi chinoda kutendwa pamwe nemunhu anoda kuvimbwa uye, sezvinojekeswa na1. Johani naJakobho, kuti vhangeri ndiko kurarama hupenyu hwerudo noshumiri. Tarira nhaurwa inokosha pana Johani. 2:23.

▣ **“kuti Jesu ndiye Kristu”** Mhoshu huru yevadzidzisi venhema ndeyebasa nemuhnu anonzi Jesu, uyo akanga ainouMwari hwakakwana (cf. ndima. 5). Jesu weNazareta ndiye Mesiasi akavimbiswa! Zvinoshamisawo kuti iye Mesiasi (kureva., kubva mutestamende yekare) anoutsvene. Mutsara uyu unogona kunge waiva mhiko, pakubhabhatidzwa (cf. 2:22), pamwe nomutsara wakawedzerwa wokuti” Mwanakomana waMwari” (cf. 4:15; 5:5). Zvokwadi, kohomedzo iyi youMesiasi hwaJesu yaiva inechokuita navanhu vaiziva testammende yakare (kureva., vaJudha, vakanga vatendeutsa nevaitya Mwari).

▣ **“akaberekwa naMwari”** Ichi ndicho chirevo chokureva zvakaitirwa zviine zvibereko zviripo (PERFECT PASSIVE INDICATIVE) icho chino kumikidza manhengatenga echiito, chokuitirwa (Mwari, cf. 4, 18; 2:29) kuti chive chiito chine chimiro chisingashanduki.

NASB “anoda vana vakaberekwa naMwari”

NKJV “anoda iye akaberekwa naye”

NRSV “anoda mubereki, anodawo mwana”

TEV “anoda Baba, anodawo mwana”

NJB “anoda Baba, anodawo Mwanakomana”

Mutsara uyu unogona kunge uchitaura nezvaBaba vachida Jesu nokuda kwekushandiswa kwe (1) chimiro choumwe (SINGULAR) ; (2) chirevanguva chezvakaitwa (AORIST TENSE) ; pamwe ne (3) kuedza kwaitwa nevadzidzisi venhema kusiyana pazvidzidzo zvouMwari, Jesu naBaba. Zvisineyi, unogonawo kureva dingindira rinodzokororwa rokudana kwevaKristu (cf. ndima. 2) nokuti tose tina Baba vamwechete.

5:2 Ndimu iyi, pamwechete nendima. 3, inodzokorora rimwe rematingindira makuru ai. Johani. Rudo, rudo rwaMwari, runoratidzwa nokuendamberi nokudana (cf. 2:7-11; 4:7-21) nokuteerera (cf. 2:3-6). Tarira uone humboo hwemutendi wechokwadi.

1. Anoda Mwari
2. Anoda mwana waMwari (ndima. 1)
3. Anoda vana vaMwari (ndima. 2)
4. Anoteerera (ndima. 2, 3)
5. Anokunda (ndima. 4-5)

5:3 “nokuti rudo rwaMwari ndirwo, kuti tichengete mirayiro yake” Izwi iri rinonongedza muridzi (GENITIVE) rinogona kuva nechirevo chezvisina muridzi (OBJECTIVE) kana zvine muridzi (SUBJECTIVE) kana mubatanidzwa wezvose. Rudo hakusi kuva netsitsi asi kuita basa, Iye Mwari pamwe nesu. Kuteerera kunkokosha (cf. 2:3-4; 3:22, 24; Johani. 14:15, 21, 23; 15:10; 2. Johani. 6; Zvakazarurwa. 12:17; 14:12).

▣ **“mirayiro yake hairemi”** Chisungo chitsva hachina basa rokuita (cf. Mateu. 11:29-30, apo Jesu anoshandisa izwi rokuti “joko” ; vaRabhi vairishandisa kureva murayiro waMosesi, Mateu. 23:4). Mirayiro ndiyo inobuda muukama hwedu naMwari, asi haiumbi hwaro hweukama ihwohwo, uhwo hwakaumbwa nenyasha, kwete mabasa evanhu kana kugona kwavo (cf. vaEfeso. 2:8-9, 10). Mashoko edzidziso aJesu akasiyana zvikuru neevadzidzisi venhema, avo vakanga vasina gwara redzidziso rakanaka kana kuti vaiva nemitemo yakawandisa (vaikurudzira kutevera murayiro) ! Ndinoda kubvuma kuti kutora nguva huru ndichishumira Mwari kuvanhu vake kunoita kuti ndnyanye kutya kupedzisira ndava nemaitiro okukurudzira vanhu kuita zvisina mature kana kuvakurudzira kutevera murayiro.

Tarira nhaurwa inokosha:kushandiswa kwezwi rokuti” murayiro” muzvinyorwa zvaJohani pana Johani. 12:50.

5:4

NASB, NKJV,

NRSV “nokuti chinhu chipi nechipi chinoberekwa naMwari”

TEV, NJB “chipi nechipi chakaberekwa naMwari”

Chinyorwa chehaciGiriki chinoisa izwi rokuti “vose” (*pas*) pokutanga senzira yokukumikidza, semundima. 1. Izwi risina kwarakarerekera riri muchimiro choumwe (NEUTER SINGULAR) ‘*pan*’ rinoshandiswa iro rinoshandurudzwa richireva kuti “chipi nechipi.”Zvisineyi, chirevo chechinyorwa chinoda chirevo chepauzima (kureva., nenzira yemashandisiro akajairika) nokuti rinobatanidzwa nechirevo chezwi rinodoma kuitirwa (PEFECT PASSIVE PARTICIPLE) chokuti “akaberekwa.”Munhu anokunda nyika ndiye anotenda munaJesu uye akaberekwa patsva (cf. 4:4; 2:13, 14).

▣ **“anokunda nyika”** Izwi rokuti “anokunda” ndiro chirevo chezvirikuitwa (PRESENT ACTIVE INDICATIVE) chezwi rokuti “*nikaō*” (cf. 2:13, 14; 4:4; 5:4, 5). Mabviro mamwechetewo ndiwo anoshandiswa ruvirizve mundima. 4.

1. Zita rokuti” kukunda” *nike*
2. Izwi rinodoma chiito (AORIST ACTIVE PARTICIPLE) rokuti, “*nikaō*” rinoreva kuti” akunda”

Jesu akakunda nyika kare (zvakaaitwa zviine zviripero PERFECT ACTIVE INDICATIVE, ’cf. Johani. 16:33). Nokuti vatendi vanogara mukubatana naye, vanesimbawo rokukunda nyika (cf. 2:13-14; 4:4).

Izwi rokuti “nyika” pano rinoreva “mugarisanwa wevanhu wakarongwa nokushanda pasina Mwari.”Zimweya rokuda kusununguka ndiro rakaunza kutadza nokupanduka (cf. Genesi. 3). Tarira nhaurwa inokosha panaJohani. 14:17.

▣ **“kukunda”** Ichi ndicho chimiro chezita rokuti (*nikos*) chezwi rechiito (VERB) rokuti “akunda”. Pakupera kwendima. 4, izwi rechiito rokudoma zvakaaitwa (AORIST ACTIVE PARTICIPLE) remabviro mamwechewo rinoshandiswa. Chimwezve chimiro chezwi rokuti (*nikos*) chinoshandiswazve mundima. 5. Vatendi vakundi uye vanoramba vachikunda kuburikidza nokukunda nyika kwakaaitwa naJesu. Izwi rokuti “*nike*,” “iro rinemukurumbira mazuva, richishandiswa nekambani inogadzira shangu, izita rechiGiriki rinoreva chimwarikadzi chokukunda.

▣ **“kutenda kwedu”** Uku ndiko kushandiswa chete kunoitwa chimiro chezita (NOUN) chezwi rokuti “kutenda” (*pistis*) muzvinyorwa zvose zvaJohani! Pamwe Johani aidisa kukumikidzwa kwedzidziso ye” zvouMwari yakanaka” (senzira yezvitendero) maringe neukristu hwemisi yose. Izwi rechiito rokuti (*pisteuō*) rinoshandiswa zvakananyanya naJohani. Kutenda kwedu ndiko kunounza kukunda nokuti

1. Kunesungano nokukunda kwaJesu
2. Kunesungano noukama hwedu hutsva naMwari
3. Kunesungano nesimba raMweya Mutsvene anogara mukati
Tarira nhaurwa inokosha panaJohani. 1:7; 2:23; na1. Johani2:10.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :5:5-12

⁵Ndianiko anokunda nyika? Haazi iye anotenda kuti Jesu ndiye Mwanakomana waMwari here? ⁶Ndiye akauya nemvura neropa, iye Jesu Kristu; haana kuuya nemvura bedzi, asi nemvura neropa. ⁷Ndiye Mweya anopupura, nokuti Mweya ndiye chokwadi. ⁸Nokuti kune zvitatu zvinopupura, zvinoti, Mweya nemvura neropa; zvitatu izvi zvinopupura chinhu chimwe. ⁹Kana tichigamuchira kupupura kwavanhu, kupupura kwaMwari kukuru; nokuti kupupura kwaMwari ndiko kuti akapupura pamusoro poMwanakomana wake. ¹⁰Uyo, anotenda kuMwanakomana waMwari, kupupura anako mukati make; asingatendi, Mwari akamuita murevi wenhema; nokuti haana kutenda kupupura kwakapupurirwa naMwari pamusoro poMwanakomana wake.

¹¹Kupupura ndiko, kuti Mwari akatipa hupenyu husingaperi; zvino upenyu uhwu hurimuMwanakomana wake. ¹²Ane Mwanakomana waMwari ano upenyu, asina Mwanakomana waMwari, haana hupenyu.

5:5 “Jesu ndiye Mwanakomana waMwari” Ndima iyi ndiyo inodudza xzvajakajeka zvirimukutenda kwedu, izvo zvinorehwa mundima. 4. Kukunda kwedu ndiko kupupura ruvimbo rwedu munaJesu, uyo anova munhu pamwe naMwari akakwana (cf. 4:1-6). Tarira uone kuti vatendi vanopupura kuti Jesu ndiye (1) Mesiasi (ndima. 1) ; (2) Mwana waMwari (ndima. 5, 10) ; ne (4) upenyu (cf. 1:2; 5:20). Tarira nhaurwa inokosha panaJohani. 2:23, iyo inodonongodza gombedzero dzose dzezwi rokuti *hoti* ‘dzine chokuita nezwi rechiito rokuti” tenda.”

▣ **“Mwanakomana waMwari”** Tarira nhaurwa inokosha pa3:8.

5:6 “ndiye akauya” Ichi ndicho chirevoi chezwi rinodoma zvakaitwa (AORIST ACTIVE PARTICIPLE) iro rinokumikidza kuita zimukadzimu (Jesu ari zvose munhu naMwari) uye nerufu rwake rwokuzvipira, zvose izvi zvairambwa nevadzidzisi venhema.

▣ **“nemvura neropa”** Zvinoita sokuti” mvura” inoreva kuberekwa panyama kwaJesu (cf. Johani. 3:1-9) uye “ropa “rinoreva kufa kwake chaiko. Muchirevo chokuramba kuva munhu kwaJesu, kwaitwa nevadzidzisi venhema, zviitiko zviviri izvi ndizvo zvinopfupisa nokuburitsa kuva munhu kwake.

Imwe nzira inechokuita nevadzidzisi venhema (Cerinthus) ndeyokuti “mviura” inoreva kubhabhatidzwa kwaJesu. Vaiti” Mweya waKristu” wakauya mumunhu ainzi Jesu pakubhabhatidzwa kwake (mvura) ukamusiya asati afa pamuchinjikwa (ropa, verenga pfupiso yakanaka mubhaibheri reNASB, p. 1835).

Nzira yetatu ndeyomutsara unotaura zvokufa kwaJesu. Pfumo rakaita kuti” ropa nemvura” (cf. Johani. 19:34) zvibude. Vadzidzisi venhema ava vanogona kunge vakanga vodzikisira rufu rwerutsivo rwaJesu.

▣ **“ndiye Mweya anopupura”** Basa raMweya nderokuratidza vhangeri. Ndiye mumwe waMwari vatatu mumwe anoburitsa zvivi, achibhabhatidzira kunaKristu, uye achiumba Kristu mumutendi (cf. Johani. 16:7-15). Mweya unongogaro pupura Kristu, hauzvi pupurire (cf. Johani. 15:26).

▣ **“Mweya ndiye chokwadi”** (cf. Johani. 14:17; 15:26; 16:13; 1. Johani. 4:6). Tarira nhaurwa dzinokosha panaJohani. 6:55 naJohani. 17:3.

5:7 Pane kuvhiringika mushandurudzo yechirungu pamusoro pokuti ndima. 6, 7 na8 dzinotanga nokuperera papi. Chikamu chendima. 7 icho chinowanikwa mubhaibhei reKJV icho chinoti “kudenga, Baba, shoko, naMweya mutsvene, vatatu ava chinhu chimwechete, “hachiwanikwe muzvinyorwa zvakare zvitatu zvechiGiriki zvetestamende itsva: Magwaro anoti reAlexandrus (A), Vaticanus (B), kana reSinaiticus (N), chero zvinyorwa zveByzantine. Chinongowanikwa muzvinyorwa zvakazovapo pava paya zvina.

1. MS 61, remumakore chiuru nemazana matanhatu okutanga (16th century)
2. MS88, remumakore chiuru nemzana maviri okutanga (12th century), umo muvaravra uyu wakazoisirwa pava paya
3. MS629, remumakore chiuru nemazana mana okutanga (14th century)
4. MS 635, remumakore chiuru nezana okutanga (11th century), umo muvarvara uyu wakazoisirwa pava paya.

Ndima iyi haishandiswe nemadzibaba ose ekereke yokutanga, chero mudoritori ravo pamusoro pgwara redzidziso yaMwari vatatu mumwe. Haiwanikwe muzvinyorwa zvose zvakare kunze kwechinyorwa chakanyorwa nerurimi rwechiLatin chinonzi (*sixto-clementine*). Haiwanikwe muzvinyorwa zveLatin zvakare kana mugwaro reJerome Vulgate. Inotanga kuwanikwa muchinyorwa chetsvakurudzo chomumwewo mudzidzisi wenhema ainzi Priscillian, uyo akafa mugore raA. D. 385. Yakashandiswa nemadzibaba echiLatin ekumaodzanyemba kweAfrica nekunyika yemaTariana mumakore mazana mashanu okutanga (5th century). Kwazvo kwazvo, ndima iyi haisi yemabviro eshoko rakatuswa remuna 1. Johani.

Gwara redzidziso yebhaibheri yaMwari mumwechete (kunamata Mwari mumwechete) asi iine kuzviratidza kutatu (Baba, Mwanakomana, neMweya) haikanganiswe nokurambwa kwendima iyi. Nyangwe chiri chokwadi kuti bhaibheri harishandise izwi rokuti “Mwari vatatu mumwe, “mivaravara mizhinji inotaura nezve vanhu vatatu ava vachishanda pamwe saMwari;

1. Pakubhabhatidzwa kwaJesu (Mateu. 3:16-17)
2. Pakutumwa (Mateu. 28:19)
3. Mweya wakatumba (Johani. 14:26)
4. Mharidzo yaPetirosi nezuya rependekositi (Mabasa. 2:33-34)
5. Nhaurwa yaPauro pamusoro penyama nemweya (vaRoma. 8:7-10)
6. Nhaurwa yaPauro pamusoro pezvipi zveMweya (1vaKorinde. 12:4-6)
7. Hurongwa hwerwendo rwaPauro (2vaKorinde. 1:21-22)
8. Minyengetero yokukumbira makomborero yaPauro (2vaKorinde. 13:14)
9. Nhaurwa yaPauro pamusoro pokukwana kwenguva (vaGaratiya. 4:4-6)
10. Munyengetero waPauro wokurumbidza Baba (vaEfeso.. 1:3-14)
11. Nhaurwa yaPauro pamusoro pokumbosava vanhu kwavaHedheni (vaEfeso. 2:18)
12. Nhaurwa yaPauro pamusoro pohumwe hwaMwari (vaEfeso. 4:4-6)
13. Nhaurwa yaPauro pamusoro ponyoro hwaMwari (Tito. 3:4-6)
14. Nhanganyaya yaPetirosi (1Petirosi. 1:2)

Tarira nhaurwa inokosha pamusoro paMwari vatatu mumwe panaJohani. 14:26.

5:8 “mweya nemvura neropa zvitatu izvi zvinopupura chinhu chimwe” Mutestamende yekare vanhu vaviri kana vatatu vaidiwa pakupupura nyaya (cf. Dhuteronomi. 17:6; 19:15). Pano, nhoroo yezvakaitika muupenyu hwaJesu inopiwa seuchapupu hwekuva munhu naMwari azere. Mundima ino izwi rokuti” mvura” nerokuti” ropa” anotaurwazve pamwechete nerokuti” mweya.”Mazwi okuti” mvura” na” ropa” anotaurwa mundima. 6. Kutu “mweya” zvinogona kureva kubhabhatidzwa kwaJesu nokuti njiva yakadzika kubva kudenga. Pane kusapindirana pamusoro pokuti ndezvipi zvikamu zvenhoroondo zvinmirirwa nezvinhu zvitatu izvi. Zvinofanira kuva nechokuita nekuramba kuva munhu kwaJesu kwaitwa nevadzidzisi venhema.

5:9 “kana” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokuva wechokwadi pamaonero omunyorori (FIRST CLASS CONDITONAL SENTENCE). Kereke dzainyorerwa naJohani dzakanga dziri mukuvhiringika nokuti dzakanga dzanzwa mharidzo dzevadzidzisi venhema.

▣ **“kana tichigamuchira kupupura kwavanhu, kupupura kwaMwari kukuru”** Mhupuro youtsvene iyi, muchirevo chechinyorwa, inoreva

1. Huchapupu hwaMweya mutsvene
2. Huchapupu hwevapositori hweupenyu hwepanyika nokufa kwake (kureva., 1:1-3)

▣ **“akapupura pamusoro peMwanakomana wake”** Izvi zvinoreva zvakaitwa zvine zvbereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVE). Izvi zvinogona kureva kutaura kwakaitwa naMwari pakubhabhatidzwa kwaJesu (cf. Mateu. 3:17) kana pakubwinya kwake pagomo (cf. Mateu. 17:5; Johani. 5:32, 37; 8:18) kana kunyorwa kwazvo zvose mushoko (kureva., vhangeri). Tarira nhaurwa inokosha :zvapupu zvaJesu panaJohani. 1:8.

5:10 “kupupura anako mukati make” Zviri nyore kupirikira mutsara uyu nenzira mbiri.

1. Kupupura kwaMweya mukati mevatendi (cf. vaRoma. 8:16)
2. Chokwadi chevhangeri (cf. Zvakazarurwa. 6:10; 12:17; 19:10)

Tarira nhaurwa inokosha:zvapupu zvaJesu panaJohani. 1:8.

▣ **“akamuita murevi wenhema”** Izvi zvinorevawo zvakaitwa zvine zvbereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVE). Avo vanoramba huchapupu hwevapositori pamusoro paJesu, vanoramba Mwari (cf. ndima. 12) nokuti vanita Mwari murevi wenhema.

▣ **“nokuti haana kutenda** “Izvi zvinorvawo zvakaitwa zvine zvbereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVE).

5:11-12 “kuti Mwari akatipa upenyu husingaperi” Izvi zvinoreva vzvakaaitirwa (AORIST ACTIVE INDICATIVE) (cf. Johani. 3:16). Hupenyu husingaperi hunodudzwa munaJohani. 17:3. Pane dzimwe nguva, mutsara uyu unoreva Jesu pachake (cf. 1:2; 5:20), pamwewo unoreva chipo chinobva kunaMwari (cf. 2:25; 5:11; Johani. 10:28), icho chinogamuchirwa kuburikidza nokutenda munaKristu (cf. 5:13; Johani. 3:16). Munhu haagoni kuva noruwadzano naBaba asingatendi muMwanakomana!

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :5:13-15

¹³Ndakakunyorera izvinhu izvi kuti mugoziva kuti munoupenyu husingaperi, iyemi munotenda kuzita roMwanakomana waMwari. ¹⁴Ndiko kusatya kwatiinako kwaari, kuti kana tichikumbira chinhu nokuda kwake, anotinzwawo; ¹⁵zvino kana tichiziva kuti anotinzwawo pazvose zvatinokumbira, tinoziva kuti tapiwa mikumbiro yatakakumbira kwaari.

5:13 “munotenda kuzita” Iri ndiro izwi rinodoma chiitoriri muchimiro chezvirikuitwa (PRESENT ACTIVE PARTICIPLE) rinoreva kuendamberi kwekutenda. Uku hakusi kushandiswa kwezita nenzira yemapipi (sezviito zvemashura zvevaJudha zvezita raMwari, *kabbalah*), asi kushandiswa kwezita iri richitsiva munhu. Tarira nhaurwa inokosha panaJohani. 2:23.

▣ **“kuti mugoziva”** Izvi zvinoreva zvatarisirwa kuti zviitike zvine zvbereko zviripo (PERFECT ACTIVE SUBJUNCTIVE) (Izwi rokuti *oida* riri muchirevo chezvakaitika zviine zvbereko zviripo, 'PERFECT, 'asi rakashandurudzirwa muchirevo chezvirikuitika, 'PRESENT'). Simbiso yokutenda kwomunhu ndiyo nyaya huru, uye ndiyo inogara donogodzwa mubhuku ra1. Johani. Pane mazwi maviri echiGiriki anoreva zvakafanana rokuti (*oida* nerokuti *ginōskō*) ayo anoshandiswa mutsamba yose ayo anoshandurudzwa achireva kuti” ziva.”Zviripachena kuti simbiso ndiyo nhaka yevatendi vose! Zviripachenawo kuti nokuda kwemamiriro ezvinhu panguvca iyoyo uye nechimiro chetsika nemagariro emazuva ano, kune vatendi vechokwadi avo

vasina simbiso. Pazvidzidzo zvouMwari ndima ino inofanana nendima dzokupeta vhangeri yaJohani (cf. 20:31).

Chrevo chendima dzinopeta bhuku ra1. Johani (5:13-20) chinodonongodza zvinhu zvinomwe zvinofanira kuzivikanwa nevatendi. Kuziva kwavo chokwadi chevhangeri ndiko kunovapa maonero, ayo anoti kana abatanidzwa nokutenda kwepauzima munaKristu, kunoumba hwaro hwesimbiso.

1. Vatendi vanoupenyu husingaperi (ndima. 13, *oida*, chirevo chezvaitarisirwa kuitika zviine zvibereko zviripo'PERFECT ACTIVE SUBJUNCTIVE')
2. Mwari anonzwa minamoto yevatendi (ndima. 15, *oida*, chirevo chezvavaitika zvine zvibereko zviripo'PERFECT ACTIVE INDICATIVE')
3. Mwari anopindura minamoto yevatendi (ndima. 14, *oida*, chirevo chezvavaitika zviine zvibereko zviripo'PERFECT ACTIVE INDICATIVE')
4. Vatendi vakaberekwa naMwari (ndima. 18, *oida*, chirevo chezvavaitika zviine zvibereko zviripo'PERFECT ACTIVE INDICATIVE')
5. Vatendi ndeva (vanobva kuna) Mwari (ndima. 19, *oida*, chirevo chezvavaitika zvine zvibereko zviripo'PERFECT ACTIVE INDICATIVE')
6. Vatendi vanoziva kuti Mesiasi akauya uye akavapa kunzwisisa (ndima. 20, *oida*, chirevo chezvavaitika zviine zvibereko viripo'PERFECT ACTIVE INDICATIVE')
7. Vatendi vanoziva iye wechokwadi—Baba kana Mwanakomana (ndima. 20, *ginōskō*, chirevo chezvirikutarisirwa kuitika'PRESENT ACTIVE SUBJUNCTIVE')

NHAURWA INOKOSHA :SIMBISO

- A. Ko vaKristu vanogona kuziva kuti vakaponeswa here (cf. 1. Johani. 5:13) ? Bhuku ra 1. Johani rine nzira dzokuedza nhatu kana humboo
 1. Gwara redzidziso (zvinotenda) (ndima. 1, 5, 10; 2:18-25; 4:1-6, 14-16; 5:11-12)
 2. Mararamiro (kuteerera) (ndima. 2-3; 2:3-6; 3:1-10; 5:18)
 3. Mumugarisanwa (rudo) (ndima. 2-3; 2:7-11; 3:11-18; 4:7-12, 16-21)
- B. Nyaya yesimbiso yava nechokuoita zvikuru nemasangano
 1. John Calvin aiti simbiso inobva musarudzo yaMwari. Aiti hatigone kuva nechokwadi paupnyu huno.
 2. John Wesley aiti simbiso inobva muupenyu hwezvechitendero. Aitenda kuti tinogona kurarama tiri pamusoro pezvivi zvatinoziva.
 3. Vesangano reKaturike pamwe nevesangano reKereke yaKristu vanoti simbiso inobva musimba reKereke. Sangano raunobata mariri ndiro nyaya huru yesimbiso.
 4. Ruzhinji rweavo vanoita zvovhangeri vanoti simbiso inobva muvimbiso dzebhaibheri, idzo dzine hochekoche nezvibereko zveMweya muupenyu hwemutendi (cf. vaGaratiya. 5:22-23).
- C. Ndinofunga kuti simbiso yevatadzi inobva pamaitiro/hunhu hwaMwari vatatu mumwe
 1. Rudo rwaMwari Baba
 - a. Johani. 3:16; 10:28-29
 - b. vaRoma. 8:31-39
 - c. vaEfeso. 2:5, 8-9
 - d. vaFiripi. 1:6
 - e. 1Petirosi. 1:3-5
 - f. Johani. 4:7-21
 2. Zvakaitwa naMwari Mwanakomana

- a. Kutifira
 - 1) Mabasa. 2:23
 - 2) vaRoma. 5:6-11
 - 3) 2vaKorinde. 5:21
 - 4) 1. Johani. 2:2; 4:9-10
- b. Munnamato woupirista hukuru (Johani. 17:12)
- c. Kuendamberi kwekunyengerera
 - 1) vaRoma. 8:34
 - 2) vaHebheru. 7:25
 - 3) 1. Johani. 2:1
- 3. Ushumiri hwaMwari mweya
 - a. Kudanwa (Johani. 6:44, 65)
 - b. Kuisa munembo
 - 1) 2vaKorinde. 1:22; 5:5
 - 2) vaEfeso. 1:13-14; 4:3
 - c. kusimbisa
 - 1) vaRoma. 8:16-17
 - 2) 1. Johani. 5:7-13
- D. Asi vanhu vanofanira kudavira kupfupiro yechisungo chaMwari (zvose pakutanga uye nokuendamberi)
 - 1. Vatendi avnofanira kusiya zvivi (kutendeuka) voenda kuna Mwari kuburikidza naJesu Kristu (kutenda)
 - a. Mako. 1:15
 - b. Mabasa. 3:16, 19; 20:21
 - 2. Vatendi vanofanira kugamuchira pfupiro yaMwari munaKristu
 - a. Johani. 1:12; 3:16
 - b. vaRoma. 5:1 (uye neringanidzo 10:9-13)
 - c. vaEfeso. 2:5, 8-9
 - 3. vatendi vanofanira kuramba vari muchitendero
 - a. Mako. 13:13
 - b. 1vaKorinde. 15:2
 - c. vaGaratiya. 6:9
 - d. vaHebheru. 3:14
 - e. 2Petirosi. 1:10
 - f. Judhasi. 20-21
 - g. Zvakazarurwa. 2:2-3, 7, 10, 17, 19, 25-26; 3:5, 10, 11, 21
 - 4. Vatendi vanosangana nokuedzwa kutatu
 - a. Gwara redzidziso (ndima. 1, 5, 10; 2:18-25; 4:1-6, 14-16)
 - b. Mararamiro (ndima. 2-3; 2:3-6; 3:1-10)
 - c. Magariro (ndima. 2-3; 2:7-11; 3:11-18; 4:7-12, 16-21)
- E. Simbiso yakaoma nokuti
 - 1. Kazhinji vatendi vanotsvaga zvimwewo zvinhu zvisina kuvimbiswa mubhaibheri
 - 2. Kazhinji vatendi havanyatsonzwisisi vhangeri
 - 3. Kazhinji vatendi vanoramba vachiita zvivi neune (cf. 1vaKorinde. 3:10-15; 9:27; 1Timoti. 1:19-20; 2Timoti. 4:10; 2Petirosi. 1:8-11)
 - 4. Vamwewo vanhu (kureva., vanozviita vakarurama) havagoni kugamuchira

rugamuchiro rusina zvimiso nerudo rwaMwari.

5. Mubhaibheri mune mienzaniso yokupupura kwenhema (cf. Mateu. 13:3-23; 7:21-23; Mako. 4:14-20; 2Petirosi. 2:19-20; 1. Johani. 2:18-19)

5:14 “ndiko kusatya kwatiinako kwaari” Iri ndiro dingindira rinoramba richidzokororwa (cf. 2:28; 3:21; 4:17). Zvinoreva ushimhwa kana rusununguko rwatiinarwo pakuenda kunaMwari (cf. vaHebheru. 4:16). Tarira nhaurwa inokosha panaJohani. 7:4.

“kana” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuitika (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE).

▣ **“tichikumbira chinhu nokuda kwake”** Mitsara yaJohani inoita sokuti inoreva kusava nomuganhu kwezvikumbiro zvomutendi kunaMwari. Kuti munhu anonamata sei uye anonamatirei ndihwo humwe humboo hwemutendi wechokwadi. Zvisneyi, tikatarisisa, tinoona kuti munamato haisi nzira yokukumbira kuda kwedu, asi inzira yokukumbira kuda kwaMwari muupenyu hwedu (cf. 3:22; Mateu. 6:10; Mako. 14:36). Tarira chinyorwa chakazara pa3:22. Onawozve nhaurwa inokosha :kuda kwaMwari pana Johani. 4:34. Tarira nhaurwa inokosha:munamato, hauna muganhu, asiwo unomuganhu pa3:22.

NHAURWA INOKOSHA:KUNYENGETERERA

I. Nhanganyaya

- A. Munamato unokosha nokuda kwemuenzaniso wakaitwa naJesu
1. Munamato wepauzima, Mako. 1:35; Ruka. 3:21; 6:12; 9:29; 22:31-46
 2. Kuchenesa temberi, Mateu. 21:13; Mako. 11:17; Ruka. 19:46
 3. Munamato wakapiwa, Mateu. 6:5-13; Ruka. 11:2-4
- B. Kunamato ndiko kuisa zvorutendo rwedu kuna Mwari wepauzima, anochengeta, aripo, anoda uye anogona ktiitira isu pamwe nevamwe, kuburikidza neminamato yedu.
- C. Mwari akasarudza kuita zvinokumbirwa neminamato yevana vake pazvinhu zvakawanda (cf. Jakobho. 4:2)
- D. Chinangwa chikuru chokunamata ndechekuwadzana nokuvawo naMwari vatatu mumwechete.
- E. Kunonamatirwa, chipi nechipi kana munhu anenge achikodzera kunamatwa nezvake navatendi. Tinogona kunamata kamwe, tichitenda, kana kakawanda zvichienderana nokuti zvirikunamatirwa zviripo.
- F. Manamato unogona kusanganisira zvinhu zvakasiyana siyana
1. Kurumbida nokuratidza rudo kunaMwari vatatu mumwe
 2. Kutenda Mwari nokuvapo kwake, ruwadzano pamwe nokupa kwake
 3. Kupupura zvivi zvedu, zvose zvakare nezvazvino
 4. Kutaura zvatinzwa kuti tinoda
 5. Kuyengeterera apo tinotaurira Baba zvinodiwa navamwe
- G. Kuyengeterera ndicho chinhu chinoshamisa zvikuru. Mwari anoda avo vatinonamatira kupfuura isu, asiwo minamato yedu inounza shanduko, rudaviro, kana zvinodiwa, kwete kwatiri chete, asi nokwavari.

II. Zviri mubhaibheri

A. Testamende yekare

1. Mimwe mienzaniso yekunyengerera:
 - a. Abhurhamu achikumbirira Sdhomu, Genesi. 18:22ff
 - b. Mosesi achinyengerera Isiraeri
 - 1) Ekisodho. 5:22-23
 - 2) Ekisodho. 32:31ff
 - 3) Dhuteronomi. 5:5
 - 4) Dhuteronomi. 9:18, 25ff
 - c. Samueri anonyengerera Isiraeri:
 - 1) 1. Samueri. 7:5-6, 8-9
 - 2) 1. Samueri. 12:16-23
 - 3) 1. Samueri. 15:11
 - d. Dhavhita anonyengerera mwana wake, 2. Samueri. 12:16-18
2. Mwari arikutsvaga vanonyengerera, Isaya. 59:16
3. Zvivi zvatinoziva zvatisin kureurura kana kusatendeuka kunoknganisa minamoto yedu
 - a. Mapisarema. 66:18
 - b. Zvirevo. 28:9
 - c. Isaya. 59:1-2; 64:7

B. Testamende itsva

1. Ushumiri hwekunyengerera hweMwanakomana naMweya
 - a. Jesu
 - 1) vaRoma. 8:34
 - 2) vaHebheru. 7:25
 - 3) 1. Johani. 2:1
 - b. Mweya mutsvene, vaRoma. 8:26-27
2. Ushumiri hwekunyengerera hwaPauro
 - a. Anonamatira vaJudha
 - 1) vaRoma. 9:1ff
 - 2) vaRoma. 10:1
 - b. anonyengerera kereke
 - 1) vaRoma. 1:9
 - 2) vaEfeso. 1:16
 - 3) vaFiripi. 1:3-4, 9
 - 4) vaKorose. 1:3, 9
 - 5) 1vaTesaronika. 1:2-3
 - 6) 2vaTearonika. 1:11
 - c. Pauro akakumbira kereke kutidzimunamatire
 - 1) vaRoma. 15:30
 - 2) 2vaKorinde. 1:11
 - 3) vaEfeso. 6:19
 - 4) vaKorose. 4:3
 - 5) 1vaTesaronika. 5:25
 - 6) 2vaTesaronika. 3:1
3. Ushumiri hwekereke hwekunyengerera

- a. Namatiranai
 - 1) vaEfeso. 6:18
 - 2) 1Timoti. 2:1
 - 3) vaTongi, 1Timoti. 2:2
 - 4) varwere, Jakobho. 5:13-16
 - 5) vaakudzokera shure mukereke, 1. Johani. 5:16
- III. zvimiso zveminamoto inopindurwa
 - A. hukama hwedu naKristu naMweya
 - 1. garai maari, Johani. 15:7
 - 2. muzita rake, Johani. 14:13, 14; 15:16; 16:23-24
 - 3. muMweya, vaEfeso. 6:18; Judhasi. 20
 - 4. maringe nokuda kwaMwari, Mateu. 6:10; 1. Johani. 3:22; 5:14-15
 - B. zvinangwa
 - 1. musingashanduki, Mateu. 21:22; Jakobho. 1:6-7
 - 2. kuzvininipisa nokutendeuka, Ruka. 18:9-14
 - 3. musingakumbiri zvisina mature, Jakobho. 4:3
 - 4. kuzvitutumadza, Jakobho. 4:2-3
 - C. zvimwewo
 - 1. kutsungirira
 - a. Ruka. 18:1-8
 - b. vaKorose. 4:2
 - 2. akaramba achikumbira
 - a. Mateu. 7:7-8
 - b. Ruka. 11:5-13
 - c. Jakobho. 1:5
 - 3. Kusawirirana pamba, 1Petirosi. 3:7
 - 4. Kusununguka kubva kuzvivi zvinozivikanwa
 - a. Mapisarema. 66:18
 - b. Zvirevo. 28:9
 - c. Isaya. 59:1-2
 - d. Isaya. 64:7
- IV. Mheto yedzidziso yezvouMwari
 - A. Hekuno kuitirwa zvakanaka. Heuno mukana. Herino basa rokuita
 - B. Jesu ndiye muenzaniso wedu. Mweya ndiwo unotitungamira. Baba vakamirira
 - C. Unogona kukushandura iwe, mhuri yako, shamwari dzako, pamwe nenyika yose.

5:15 “kana” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokuva wechokwadi pamaonero omunyoru (FIRST CLASS CONDITIONAL SENTENCE) (asi uine izwi rokuti *ean* pamwe nemunongedzo, verenga bhuku ravaA. T Robertson, rinonzi mifananidzo yemazwi mutestamende itsvaword *pictures in the New Testament*, p. 243). Iyi imhando yemutsara uneshongedzo isina kujairika.

1. Une vara rokuti *eankunze* kwerekuti *ei* (Mabasa. 8:31; 1vaTesaronika. 3:8)
2. Une vara rokuti *ean* rakabatanidzwa nechirevo chokureva zvirikutarisirwa (SUBJUNCTIVE) (kureva., kumbira), anova ndiwo maumbirwo chaiwo echivakamutauro emutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuitika (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE)

3. Mundima. 14 na16, mune mitsara ineshongedzo yokureva zvinogona kuitika (THIRD CLASS CONDITIONALS)
4. Dzidziso yezvouMwari yavaKristu iyo inehochekeche nekuda kwaMwari (ndima. 14) nezita raJesu (ndima. 13)

▣ **“tichiziva”** Ichi ndicho chirevo chezvakaaitika zvine zvibereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVE), icho chakashandurudzirwa muchirevo chezvirikuitika (PRESENT), icho chinofanana nendima. 14. Ndiyo simbiso yemutendi, kuti Baba vanonzwa nokudaira vana vavo.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :5:16-17

¹⁶Kana munhu achiona hama yake ichiita chivi chisati chiri chorufu, achakumbira Mwari agomupa upenyu hunopiwa vasingaiti chivi chorufu. Chiripo chivi chorufu; handiti akumbire pamusoro pechichi. ¹⁷kusarurama kwose chivi; zvino chivi chiripo chisati chiri chorufu.

5:16 “kana” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuitika (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Ndima. 16 inokumikidza kudiwa kwokuti tinyengeterere vamwe vaKristu (cf. vaGaratiya. 6:1; Jakobho. 5:13-18) tisingapfuure zvinotenderwa kuita (kwete chivi chorufu), icho chinoita sokuti chinechokuita nevadzidzisi venhema (cf. 2Petirosi. 2).

▣ **“achiona hama yake ichiita chivi chisati chiri chorufu”** Johani akadonongodza mhando dzezvivi. Zvimwe zvinechokuita ne (1) kuwadzana naMwari; (2) kuwadzana navamwe vatendi; ne (3) kuwadzana nenyika. Chivi chikuru ndechokuramba ruvimbo/rutendo nokutenda munaKristu. Ichi ndicho chivi chorufu! VaW. T Connors mugwaro ravo rinonzi, gwara redzidziso yechiKristu” *Christian Doctrine*, “vanoti:” Zvisineyi izvi hazvirevi kuramba gwara redzidziso yesangano. Zvimoreva kusatenda kuri mukuramba kunoitwa nemunhu zvakanaka zvechiedza chaMweya, zvikuru nokuti chiedza ichocho chiri munaKristu. Uku ndiko kuramba kuzviratidza kwaMwari kwekupedzisira kwaakaita munaKristu. Kana kuramba uku kududzwa zvizere uye kuri kwemaune, kunova chivi chorufu (1. Johani. 5:13-17). Uku kunova kuzviparadza pahunhu. Ndiko kuzvibvisa meso emweya. Izvi hazvingoitike, kunze nesungano nekuvanechiedza chaicho. Chivi chinoitwa nemaune, nemazvokuda okuramba Kristu saiye kuzviratidza kwaMwari, uchiziva kuti ndiye kuzviratidza uku. Ndiko kukakavara pazvinhu zvaunoziva” (pp. 135-136).

NHAURWA INOKOSHA :CHII CHINONZI CHIVI CHORUFU?

A. Tichitarisa maringe nebasa rokupirikira

1. Kudoma chivi ichi kunofanira kuitwa maringe nezvirikuitika kana zvaitika sezvinorehwa muna1. Johani
 - a. Kuvapo kwevadzidzisi venhema mukereke (cf. 2:19, 26; 3:7; 2Johani. 7)
 - 1) Vadzidzisi venhema va (Cerinthian) vaidzidzisa kuti Jesu akagamuchira mweya pakubhabhatidzwa kwake uyewo kuti mweya uyu waKristu wakazomusiya ava pamuchinjikwa (cf. 5:6-8)
 - 2) Vamwewo vadzidzisi venhema verimwe bande (Docetic) vaidzidzisa kuti Jesu aiva mweya woutsvene, kwete munhu chaiye (cf. 1:1-3)
 - 3) Dzidziso yenhema inowanikwa muzvinyorwa zvevakore mazana maviri

- okutanga inoratidza kuti paiva nemaonero maviri akasiyana pamusoro pemuviri wenyama
- a) Sezvo ruponeso rwaiva chokwadi chairatidzwa mupfungwa saka muviri wakanga usina basa panyaya dzemweya. Naizvozvo, zvose zvaunoda unogona kupihwa. Ava ndivo vanodanwa kuti 'ANTINOMIANI' kana kuti 'LIBERTINE.'
 - b) Rimwewo bande raiti, sezvo muviri uinouipi nguva dzose (kureva., mafungiro echiGiriki), muviri haufanire kupihwa zvose zvaunoda. Vadzidzisi venhema ava ndivo vanodanwa kuti 'ASCETICS.'
- b. Vadzidzisi venhema ava vakanga vabva mukereke (cf. 2:19), asi vakanga vachiri kuzivikanwa zvikuru nevatendi!
2. Kudoma kwakanaka kunofanira kuva nesungano nechirevo chebhuku rose
- a. 1. Johani ibhuku rakanyorerwa kupikisa vadzidzisi venhema nokusimbisa vatendi vechokwadi
 - b. Zvinangwa zviriviri izvi zvinoonekwa munyaya yokuedzwa kwevatendi
 - 1) Kunechokuita negwara redzidziso
 - a) Jesu aiva munhu chaiye (cf. 1:1-3; 4:14)
 - b) Jesu aiva Mwari chaiye (cf. 1:2; 5:20)
 - c) Vanhu vatadzi uye vanomurandu kunaMwari mutsvene (cf. 1:6, 10)
 - d) Vanhu vanoregererwa zvivi zvavo vachiyananiswa naMwari noku
 1. Rufu rwaJesu (cf. 1:7; 2:1-2; 3:16; 4:9-10, 14; 5:6-8)
 2. Kutenda munaJesu (cf. 1:9; 3:23; 4:15; 5:1, 4-5, 10-12, 13)
 - 2) Zvinoitwa (zvakanaka)
 - a) Mararamiro okuteerera (cf. 2:3-5; 3:22, 24; 5:2-3)
 - b) Mararamiro erudo (cf. 2:10; 3:11, 14, 18, 23; 4:7, 11-12, 16-18, 21)
 - c) Mararamiro okuva saKristu (haaiti zvivi, cf. 1:7; 2:6, 29; 3:6-9; 5:18)
 - d) Mararamiro okukunda zvivi (cf. cf. 2:13, 14; 4:4; 5:4)
 - e) Shoko rake rinogara mavari (cf. 1:10; 2:14)
 - f) Vane Mweya (cf. 3:24; 4:4-6, 13)
 - g) Minamoto yakapindurwa (cf. 5:14-15)
 - 3) Zvinoitwa (zvakaipa)
 - a) Mararamiro ezvivi (cf. 3:8-10)
 - b) Mararamiro eruvengo (cf. 2:9, 11; 3:15; 4:20)
 - c) Mararamiro okusateerera (cf. 2:4; 3:4)
 - d) Kuda nyika (cf. 2:15-16)
 - e) Anoramba Kristu (anoramba Baba noMwanakomana, cf. 2:22-23; 4:2-3; 5:10-12)
3. Kudoma chaiko kunofanira kuva nesungano nezvakanyorwa muzvinyorwa (cf. 5:16-17)
- a. Ko izwi riri mundima. 16 rokuti “hama “riri kureva avo vari kuita zvivi zvisiri zvorufu here kana avo varikuita zvivi zvorufu?
 - b. Ko ivo vanoita zvivi ava, vaimnbova nhengo dzekereke here (cf. 2:19) ?
 - c. Chii chinokosha pachinyorwa
 - 1) Chine izwi rokuti “chivi” chisina izwi rinodoma?
 - 2) Chine izwi rechiito rokuti “anoona” riri muchirevo chemutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuitika (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE)

rine chirevo chezvaitarisirwa kuitwa (AORIST ACTIVE SUBJUNCTIVE) ?

- d. Ko minamoto yemumwe muKristu (cf. Jakobho. 5:15-16) ingadzoredza sei hupenyu husingaper “zōe” hwemumwe pasina kutendeuka kwake pazuma?
- e. Ko ndima. 17 inesungano ipi nemhando dzechivi (chivi chorufu, chivi chisiri chorufu) ?

B. Matambudziko edzidziso yezvouMwari

1. Kana mupirikiri akaedza kusanganisa chinyorwa ichi ne

- a. Chivi “chisngaregererwi” chakarehwa muvhangeri
- b. Chivi “chokuti kana wabuda “chakarehwa munavaHebheru. 6 na 10

Chirevo chechinyorwa cha1. Johani hachiiti sokuti chinofanana nechivi chisingaregererwi chevaFarisi venguva yaJesu (cf. Mateu. 12:22-37; Mako. 3:2-29) pamwe nevaJudha vaisatenda vomunavaHebheru. 6 na10. Mapoka ose ari matatu aya (vaFarisi, vaJudha vaisatenda, nevadzidzisi venhema) vakanzwa vhangeri zvakajeka, asi vakaramba kuvimba naJesu Kristu.

2. Ko mibvunzo yemasungano emazuva ano ingava iyo mironga yezvidzidzo zvouMwari zvatishingandisa kuongorora chinyorwa ichi here?

Kuvhangeri kwakakumikidza zvikuru nyaya yokutanga kwoupenyu hwechiKristu, ndokusiya nyaya youmboo hwemararamiro okutenda kwechokwadi. Mibvunzo yedu yedzidziso yezvouMwari, yaigona kushamisa vaKristu vemakore zana okutanga. Isu tinoda zvokwadi niobva pazvinyorwa zvemubhaibheri zvatinosarudzira kuti tizvishandise kureva zvatinoda pachedu kana zvinodiwa namasangano edu.

Mibvunzo yedu yedzidziso yezvouMwari, mironga nezvatinosarudza zvinoratidza kutya kwedu. Tinotsvaga horokodzwa nejekeso isingawanikwe mubhaibheri, naizvozvo mhando dzedzidziso dzezvouMwari dzedu dzinotora zvidimbu zveshoko kwaakuzvirukirira tichiumba zidandemutande guru remafungiro edu emakwara edzidziso dzedu dzokumadokero!

Mazwi aJesu munaMateu. 7 naMako. 7 aive akakwanira kereke yokutanga! Jesu arikutsvaga vadzidzi, kwete rutemo, mararamiro okutenda, kwete kutenda kwenguva pfupi (cf. Mateu. 13:10-23; Johani. 8:31-59). ChiKristu hachisi chinhu chakasara munhoroondo, asi ndiko kuendamberi nokutendeuka, kutenda, kuteerera, nokutsungirira. ChiKristu haisi mvumo yokuenda kudenga, yakatengwa kare, kana vimbiso yokuzoripirwa kana watsvirwa nezvinhu zvako, yakaitirwa kuzvidzivirira nenzira yemararamiro asina huMwari!

3. Ko iko kuti chivi chorufu kunoreva rufu rwepanyama here kana nokusingaperi? Kushandiswa kunoitwa izwi rokuti “zōe” naJohani, muchirevo chechinyorwa chino kunoreva zvinoenzana nokufa nokusingaperi. Zvinogoneka here kuti Mwari angatora vatadzi (kufa panyama) ? Zvinoehwa nechinyorwa chino ndezvokuti (1) minamoto yevamwe vatendi ne (2) kutendeuka pazuma kwemutadzi ndiko kunodzoredza vatendi, asi kana vakaramba vachirarama nenzira isina kunaka mumugarisanwa wevatendi, ipapo vanogona kufa chiriporipo (cf. gwaro ravaNorman Geisler navaThomas Howe, rinonzi, kana vatsoropodzi vobvunza *When Critics Ask*, p. 541”)

▣ **“Mwari anogomupa hupenyu”** Dambudziko redzidziso yezvouMwari neyekududzirwa kwemazwi pano ndeyeizwi rokuti “upenyu” (*zōe*). Kazhinji muzvinyorwa zvaJohani, izwi iri rinoreva hupenyu husingaperi, asi muchirevo chechinyorwa chino rinoita sokuti rinoreva kudzoreredzwa kweutano kana kuregererwa (kureva., sokushandiswa kunoitwa izwi rokuti” ponesa” naJakobho. 5:13-15). Munhu arikunamatirwa ndiye anodanwa kuti” hama” izvo zvinopa chirevo chakadzama chokureva mutendi (sekushandiswa kunoitwa naJohani pachake achireva vaverengi vetsamba yake).

5:17 Zvivi zvose hazvina kunaka, asi zvose zvinogona kuregererwa kuburikidza nokutendeuka (cf. Mako. 1:15; Mabasa. 20:21; kuendamberi, cf. 1. Johani. 1:9) nokutenda munaKristu kunze kwechivi chokusatenda!

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :5:18-20

¹⁸Tinoziva kuti mumwe nomumwe akaberekwa naMwari haaiti zvivi; asi akaberekwa naMwari anochengetwa naye, akaipa haangamubati. ¹⁹Tinoziva kuti tiri vaMwari, nenyika yose igere muna iye wakaipa. ²⁰Tinoziva kuti Mwanakomana waMwari akauya, akatipa kuziva, kuti tizive iye nechokwadi; nesu tiri muna iye nechokwadi, muMwanakomana wake, Jesu Kristu. Ndiye Mwari wechokwadi, noupenyu husingaperi.

5:18 “tinoziva” Tarira zvakanyorwa paganhuro yepiri pa5:13.

☐ **“akaberekwa naMwari haaiti zvivi”** Ichi ndicho chirevo chezwi rinodoma chiito riri kureva zvakaitirwa zviine zvibereko zviripo (PERFECT PASSIVE PARTICIPLE). Uyu ndiwo mutauriro wokusiyana womuna. 3:6 na9. Hupenyu husingaperi hune maitiro anoonekwa. Mararamiro eavo verimwe bande revadzidzisi venhema avo vaidzidzisa kuti kuva nounhu hakuna basa, ndiwo airatidza zvaiva mumwoyo yavo. (cf. Mateu. 7) !

Johani aitura nezvemapoka maviri evadzidzisi venhema. Rokutanga iro rairamba kuti rinogona kuita zvivi (cf. 1:8-2:1) nerepiri iro raiti kuita zvivi hakuna basa (cf. 3:4-10 nepano). Zvivi zvinofanira kuregururwa pokutanga uye nokuedza napose kusazviita pakurarama. Zvivi ndizvo dambudziko, dambudziko, uye ndiro dambudziko chiro (cf. 5:21).

Mugwaro ravaBruce Metzger rinonzi, tsoropodzo yechinyorwa chetestamende itsva yechiGiriki” *A Textual Commentary of the Greek New Testament*, p. 718” vanoti kusiyana kwezvinyorwa kwakabva panyaya yokuti aitora chinyorwa akafungei pamusoro pechirevo chomutsara wokuti “akaberekwa naMwari.”

1. Kana uchireva Jesu—saka vara rokuti *auton* ndiro rakanaka (A*, B*

2. Kana uchireva vatendi—saka vara rokuti *eauton* ndiro rakanaka (N, A^C)

Gwaro reUBS⁴ rinopa chipimo chepiri” B” kutsanangudzo yokutanga (kureva pedo nechokwadi).

☐ **“asi akaberekwa naMwari anochengetwa naye”** Izwi rechiito (VERB) rokutanga riri muchimiro chokureva zvakaitirwa (AORIST PASSIVE PARTICIPLE) (kureva., Mweya, cf. vaRoma. 8:11). Izvi zvinoreva kuita zimukadzimu.

Izwi rechiito (VERB) repiri, riri muchimiro chokureva zvirikuitika (PRESENT ACTIVE INDICATIVE riine vara rokuti” iye” (*auton*)). Izvi zvinoreva kwazvo kwazvo kuti” iye akaberekwa naMwari anoramba achichengetwa naMwari.”Izwi zvinoreva kuendamberi kwekuchengetwa naKristu kwemutendi. Shandurudzo inotevera gwaro rakare rechiGiriki re A* naB*. Kupirikira uku kunowanikwa mushandurudzo yechirungu yemabhaibheri anoti reNASB, RSV, nereNIV.

Zvinyorwa zve N neA^c, zvine rimwe izwi rinoreva zita (NOUN), rokuti “anozvichengeta” (*eauton*) Izvo zvinoreva kuti iye akaberekwa naMwari anogonawo kuzvichengeta. Izwi rechiito (VERB) rakashandiswa pano kureva kuti “akaberekwa” harina kumboshandiswa kumwewo kureva Jesu. Izwi rechirevo chechiriporipo rakashandiswa rinoreva vatendi muna3:3 na5:21. Izvi zvinoteverwa nেশা

Zvinoteverwa neshandurudzo dzechirungu dzeKJV naASV.

NASB “akaipa haangamubati”
NKJV “akaipa haangamubati”
NRSV “akaipa haamubati”
TEV “akaipa haangamukanganise”
NJB “akaipa haangamubti”

Izvi zvinoreva zvirikuitiranwa (PRESENT MIDDLE INDICATIVE) Izvo zvinoreva kuti wakaipa haangarambi” akamubata.”Johani anoshandisazve izwi iri muvhangeri yake muna20:17. Zviripachena kubva mubhaibheri nepaupenyu kuti vaKristu vanoedzwa.

Pane nzira nhatu dzinofungirwa kuti dzinopa chirevo chemutsara uyu

1. Vatendi vakasununguka kubva kukutongwa nowakaipa maringe nomurayiro (kururamiswa)
2. Jesu anoti namatira (cf. 1. Johani. 2:1; Ruka. 22:32-33)
3. Satani haagoni kutibvutira ruponeso rwezu (cf. vaRoma. 8:31-39), nyangwe achigona kudzivisa mharidzo yaMwari muupenyu hwedu uyewo, kubva zviripandima. 16-17, anogona kubvisa munyika nguva isati yakwana!

5:19 “tinoziva kuti tiri vaMwari” Uku ndiko kusatya kwesimbiso yokutenda, maonero emutendi ari munaKristu Jesu (cf. 4:6). Zvimwe zvose zvinobva pachokwadi chinofadza ichi (cf. ndima. 13). Tarira chinyorwa pa5:13.

▣ **“nenyika yose igere muna iye wakaipa”** Ichi ndicho chirevo chezvirikuitiranwa (PRESENT MIDDLE (deponent) INDICATIVE) (cf. Johani. 12:31; 14:30; 16:11; 2vaKorinde. 4:4; vaEfeso. 2:2; 6:12). Izvi zvakaitwa nokuburikidza ne (1) chivi chaAdhamu; (2) kupanduka kwaSatani; ne (3) sarudzo yemunhu wose yokuda kutadza.

5:20 “tinoziva” Tarira chinyorwa chakazara paganhuo yepiri ya5:13.

▣ **“Mwanakomana waMwari akauya”** Chirevo chezvirikuitika (PRESENT ACTIVE INDICATIVE) ichi ndicho chinotsigira kuita zimukadzimu kweMwanakomana mutsvene. Mwari anomutumbi wemunhu ndiro rakava dambudziko guru kuvadzidzisi venhema avo vaiti nyama yakaipa.

▣ **“akatipa kuziva”** Ichi ndicho chimwe chirevo chezvakaitika zvine zvibereko zviripo (PERFECT ACTIVE INDICATIVE). Jesu, kwete vadzidzisi venhema ndiye akapa ruono rwezvouMwari rwaidiwa. Jesu akaratidza Baba zvakakwana nenzira youpenyu hwake, dzidziso yake, zviito zvake, rufu rwake nokumuka kuvakafa kwake! Ndiye shoko raMwari benyu; hakuna anoenda kunaBaba asingapfuure nokwaari (cf. Johani. 14:6; 1. Johani. 5:10-12).

▣ **“tiri muna iye wechokwadi, muMwanakomana wake, Jesu Kristu. Ndiye Mwari wechokwadi, noupenyu husingaperi”** Mutsara wokutanga wokuti “munaiye wechokwadi” unoreva Mwari Baba (tarira nhaurwa dzinokosha pa6:55 naJohani. 17:3), asi munhu arikurehwa mumutsara wepiri, wokuti” ndiMwari wechokwadi “anonetsa kudoma. Muchirevo chechinyorwa, zvinoita sokuti unorevawo Baba, asi pamaonero edzidziso yezvouMwari, unogona kureva Mwanakomana. Kureva zvakawanda kwezvivakamutauro uku kunogona kunge kuine chinangwa, semanyorero anogaroitwa naJohani, kuti munhu ave munaBaba anofanira kuva

muMwanakomana (cf. ndima. 12). HuMwari nokuvapo kwechokwadi (chokwadi) chavose, Baba neMwanakomana, zvinogona kuva izvo nyaya huru yedzidziso yezvouMwari (cf. Johani. 3:33; 7:28; 8:26). Testamende itsva inotaura nezvouMwari hwakazara hwaJesu weNazareta (cf. Johani. 1:1, 18; 20:28; vaFiripi. 2:6; Tito. 2:13; navaHebheru. 1:8). Zvisineyi, vadzidzisi venhema vaigonawo kunge vakanga vatsigira kuva nouMwari kwaJesu (nokugara mukati kwemweya woutsvene).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :5:21

²¹Vana vaduku, zvichenjererei pazvifananidzo.

5:21

NASB “zvichenjererei pazvifananidzo”

NKJV, NRSV “musawanikwa muri kuzvifanamidzo”

TEV “musawanikwa muri kuna vamwari venhema”

NJB “chenjererai vamwari venhema”

Izvi zvnoreva zvaidokwairirwa kuti zviitwe (AORIST ACTIVE IMPERATIVE), kumikidzo yechokwadi. Izvi zvinoreva kubata kwevaKristu mukitwa vatsvane (cf. 3:3), uko kwavapiwa kare munaKristu (cf. vaEfeso. 1:4; 1Petirosi. 1:5).

Izwi rokuti zvifananidzo (iro rinoshandiswa ruviri chete muzvinyorwa zvaJohani, pano uye nezvakatorewa mutestamende yekare zviri munaZvakazarurwa. 9:20), rinogona kureva dzidziso yevadzidzisi venhema pamwe nemararamiro avo, kana kuti nokuti zvinyorwa zveDSS zvinoshandisa izwi iri nenzira yokureva “chivi, “mazwi okuti” chifananidzo” na” chivi” anogona kureva zvakafanana.

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvane ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Donongodza nzira dzokuedzwa nhatu dzinopa simbiso kuvatendi yokuti vari munaKristu.
2. Ko mazwi okuti “mvura” ne” ropa “anorevei mundima. 6 na 8?
3. Tinogona kuziva here kuti tiri vaKristu? Kune vamwe vaKristu vasingazive here?
4. Ndechipi chivi chinonzi chorufu? Chinogona kuitwa nemutedni here?
5. Isimba rokuchengeta kwamMwari here kana rokugona kwedu rinoti dzikinura kubva mukuedzwa?

II JOHANI

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO[†]

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Zaruro	Kwaziso kunaMai vakasanagura		Nhanganyaya	Kwaziso
Ndim 1-3	Ndim 1-3	Ndim 1-2 Ndim 3	Ndim 1-3	Ndim 1-3
Chokwadi nerudo	Famba mumirayiro yaKristu		Chokwadi nerudo	Murayiro nerudo
Ndim 4-11	Ndim 4-6	Ndim 4-6	Ndim 4-6	Ndim 4-5 Ndim 6
	Chenjera vanyengeri va antiKristu			Vavengi vaKristu
	Ndim 7-11	Ndim 7-11	Ndim 7-8 Ndim 9-11	Ndim 7-11
Kwaziso yokupedzisira Ndim 12-13	Kwaziso yaJohane yokupera Ndim 12-13	Ndim 12 Ndim 13	Shoko roikupedzisira Ndim 12 Ndim 13	Ndim 12 Ndim 13

NHANGANYAYA YEMUCHIDIMBU

Bhuku ra2. Johani rinehochekeche neshoko pamwe nemanyorerwo akaitwa ra1. Johani. Mabhuku aya anogona kunge akanyorwa nomunyori mumwe, akanyorwa nguva inenge yakafanana. Ndiwo manyorerwo aaitwa tsamba mumakore zana okutanga, kuti dzainyorwa nenzira yokuita kuti dzikwane pabepa rimwechete.

Bhuku ra1. Johani rakanyorerwa kukereke dzakawanda (neimwe nzira kereke dzose), bhuku ra2. Johani rakanyorerwa kukereke imwechete nevatungamiri (nyangwe, tsamba zhinji

[†] Nyangwe zvisina tuso yemweya, batsanuro neganhuro ndiro donzvo rekunzwisisa nokutevera chinangwa chomunyori (muzvingwaro). Shandurudzo yose yezvinozvino inebatsanuro nepfupiso yechikamu chekutanga. Ganhuro yoga yoga inotenderera panhaurwa imwechete, kana pfungwa. Mhando yechinyorwa yoga yoga inoputira nhaurwa iyoyo nenzira yacho choga. Pauno verenga chinyorwa, zvibvunze huti ndeipi chandurudzo inofambirana nekunzwisisa kwako zvidzidzo ne batsanuro rendima. Pachikamu choga choga, unofanira kutanga maverenga Bhabheri, unoedza kuona zvidzidzo (ganhuro). Wobva waenzanisa kunzwisisa kwako nemhando yezvinyorwa zvechizvinozvino. Kana chete manzwisisa zvinangwa zvomuzvinagwaro (munyori) nokutevera mafungiro nematuriro aanoita nyaya, ndipo paanogona kunzwisisa Bhaibheri zvakakwana Muzvinagwaro (munyori) ndiye chete akatuswa – Vaverengi Havana kodzero yokushandurwa kana kugadzururwa shoko. Vaverengi veBhaibheri vane murandu wokuita chokwadi chetuso mumazuva neupenyu hwavo.

dzetestamende itsva dzaiverengerwa kereke yose). Uyu ndiwo mukana ungava muduku zvawo asi unotiratidza zvaitika mukereke yemakore zana okutanga kuchipimvu chidiki chedunhu reAsia (nyika yeTurkey).

MAVERENGERO OKUTANGA (Tarira p. v)

Gwaro rino nderetsoropodzo naizvozvo mumwe nemumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngaufambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri neMweya Mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisinei kuti wasangana nemutsoropodzi akadii.

Verenga Bhaibheri rose. Nyora dingindira reBhaibheri nemazwi ako

3. Dingindira rebhuku rose
4. Mhando yemanyorerwo

MAVERENGERO ECHIPIRI (Tarira p. v)

Gwaro rino nderetsoropodzo naizvozvo mumwe nemumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngaufambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri neMweya Mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisinei kuti wasangana nemutsoropodzi akadii.

Verengesa Bhaibheri rwepiri. Tora zvidzidzo zvikuru zvawanzwisisa ugonyora nezvazvo mumutsara mumwe chete

6. Chidzidzo chokutanga
7. Chidzidzo chepiri
8. Chidzidzo chetatu
9. Chidzidzo chechina
10. Nezvimwewo...

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyorori. Ndiyozve hwaro hwekupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

DZIDZO YEMITSARA NEMAZWI

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :NDIMA. 1-3

1¹Mukuru kuna mai vakasanangurwa navana vavo vandinoda nechokwadi; ndisati ndiri ini ndoga, asi navosewo vanoziwa chokwadi; ²nokuda kwechokwadi, chinogara matiri, chichagarawo nesu nokusingaperi. ³Nyasha, nengoni, norugare zvichava nesu, zvinobva kunaMwari Baba, nokuna Jesu Kristu, Mwanakomana waBaba, muchokwadi norudo.

Ndima. 1 “Mukuru” Zita reruremekedzo iri (*presbuteros*) ndiro rinoshandiswa kudoma munyorori wemabhuku ose ra2. Johani na3. Johani. Izwi iri rinezvirevo zvakawanda mubhaibheri.

Zvinyorwa zvaJohani zvinoratodza kunn’anurwa kwemunyorori nenzira dzakawanda.

1. Vhangeri inoshandisa mutsara wekuvanza wokuti “mudzidzi aidikanwa”
2. Tsamba yokutanga haina nan’anuro yomunyorori
3. Tsamba dzeperiri netatu dzinoshandisa nan’anuro yokuti” mukuru”
4. Zvakazarurwa inodoma nenzira isina kujairika muchinyorwa chinotraura zvemagumo, yokuti “muranda wake Johani”

Pane nhaurwa huru kwazvo pakati pevatsoropodzi nevanzveri vemagwaro pamusoro pokuti ndiani akanyora zvinyorwa izvi. Zvose zvine kushandiswa kwemutauro nenzira yemanyorero yakafanana pamwewo nokusiyana. Panyaya iyi hapana tsanangudzo inogamuchirwa nevadzidzisi vebhaibheri vose. Ini ndinotsigira kuti Johani ndiye akanyora zvinyorwa izvi zvose, asi iyi inyaya yezvokupirikirwa kwemagwaro kwete yokutuswa. Kwazvo kwazvo munyorori webhaibheri rose ndiye Mweya waMwari. Chinyorwa ichi iratidzo inovimbika, asi vanzveri vemagwaro vemazuva ano havazive kana kunzwisise manyorerwo kana kubatanidzwa kwacho.

NHAURWA INOKOSHA:MUKURU

1. Zita iri raishandiswa kureva vatumwa vaMwari avo vanogara mudare revatumwa (cf. Isaya. 24:23). Mushandisirwo wemazwi uyu unoshandiswa kureva zvisikwa zveutumwa munaZvakazarurwa (cf. 4:4, 10; 5:5, 6, 8, 11, 14; 7:11, 13; 11:16; 14:3; 19:4).
2. Rakashandiswawo kureva vatungamiri vemadzinza (*zaqem*) mutestamende yekare (cf. Ekisodho. 3:16; Numeri. 11:16). Pava paya mutestamenede itsva izwi iri rinoshandiswa kureva boka revatungamiri vaibva kuJerusarema, vaiva nhengo dzedare guru revaJudha (cf. Mateu. 21:23; 26:57). Panguva yaJesu dare iri iro raiva nenhengo makumi manomwe raitungamirwa nevapirista vaiva nouori.
3. Raishandiswa kureva vakuru vekereke mutestamende itsva. Raiva rimwe remazwi aireva zvakafanana (Mufundisi, Mubati, naMukuru, cf. Tito. 1:5, 7; Mabasa. 20:17, 28).

Petirosi naJohani vanorishandisa kuzviisawo muboka revatungamiri (cf. 1Petirosi. 5:1; 2. Johani. 1; 3. Johani. 1).

4. Raishandiswa kureva vanhurume vakanga vari vatana mukereke, kwete kureva vatungamiri (cf. 1Timoti. 5:1; Tito. 2:2).

▣ **“mai vakasanangurwa navana vavo”** Pane nhaurwa hur pamusoro penan’anuro iyi. Vamwe vakaedza kutaura kuti izvi zvainyorerwa mudzimai ainzi *Electa*, kubva paizwi rechiGiriki rinoreva kuti musanangurwa (Clement wekuAlexandria) kana *Kyria*, kubva paizwi rechiGiriki rinoreva mudzmai (Athanasius). Zvisineyi, ndinobvumirana naJerome kuti izvi zvaireva kereke nokuda kwezvintevera.

1. Izwi rechiGiriki rinoreva kereke riri muchimiro chechikadzi (FEMININE) (ndima. 1)
2. Mubhabheri reLXX izwi rokuti “vakasanangurwa “rinoreva boka ravanhu (cf. 1Petirosi. 2:9)
3. Izvi zvinogona kureva kereke semukadzi waKristu (cf. vaEfeso. 5:25-32; Zvakazarurwa. 19:7-8; 21:2)
4. Kereke iyi inehengo dzinodanwa kuti vana vaduku (cf. ndima. 13)
5. Kereke iyi ine mumwe, izvo zvinoita sokuti zvinreva imwewo kereke (cf. ndima. 13)
6. Pane dambe teambe rinoitwa pakati pechimiro chouwandu nechoumwe muchikamu chose (choumwe’SINGULAR’ mundima. 4, 5, 13; chouwandu’PLURAL’ mundima. 6, 8, 10, 12)
7. Izwi iri rinoshandiswa nenzira imwecheteyo yokureva kereke muna1. Petirosi. 5:13.

▣ **“avo”** Zvinoshamisa kuti izwi iri ndiro izwi rinesungano nezita riri muchimiro chechirume muuwandu (MASCULINE PLURAL PRONOUN) nokuti rinofanira kufambirana nerokuti” mudzimai, “iro riri muchirevo chechikadzi (FEMININE), kana rokuti” vana” iro risina kwarakarerekera (NEUTER). Ndinofunga iyi ndiyo yaiva nzira yaJohani yokuratidza kuti mutsara uyu waikosha.

▣ **“vandinoda”** Johani anoshandisa izwi rokuti *phileō* nenzira inofanana nerokuti *agapaō* muvhangeri nemunaZvakazarurwa, asi muna. 1, 2 na3. Johani, anoshandisa rokuti *agapaō* chete (cf. ndima. 3, 5, 6; 1. Johani. 3:18).

▣ **“chokwadi”** Chokwadi idingindira rinodzokororwa (cf. ndima. 1[ruviri]2, 3, 4). Mutsara uyu wokuti” dzidziso iyi” mundima. 9[ruviri] na10 unofanana nokuti “chokwadi.”Pamwe izwi iri rinokumikidzwa nokuda kwekuvapo kwenhema, izvo dzinoratidzwa pachena mutsamba ino. (cf. ndima. 4, 7-10) semuna 1. Johani.

Izwi rokuti “chokwadi” rinogona kureva chimwe chezvitatu zvinotevera (1) Mweya mutsvene uri munaJohani (cf. 14:17) ; (2) Jesu Kristu pachake (cf. Johani. 8:32; 14:6) ; ne (3) zviru muvhangeri

Ne (3) zviru muvhangeri (cf. 1. Johani. 3:23). Tarira nhaurwa dzinokosha pa6:55 na17:3.

Ndima. 2 “chinogara matiri” Ichi ndicho chirevo cheizwi rinodoma chiito riri muchimiro chezvirikuitika (PRESENT ACTIVE PARTICIPLE) cherimwe remazwi rainyanya kushandiswa naJohani kureva vatendi, “kugara.”Tarira nhaurwa inokosha pa2:10. Izvi zvinoita sokuti zvinoreva Mweya mutsvene unogara mukati (cf. vaRoma. 8:9; kana Mwanakomana, vaRoma.

8:9-10). Vanhu vose vari vatatu vaMwari vatatu mumwe vanogara mukati uye nevatendi (cf. Johani. 14:23).

▣ **“chichagarawo nesu nokusingaperi”** chokwadi chinogara uye chinoramba chiri muvatendi nokusingaperi. Heuno mutsara wesimbiso! Tarira nhaurwa inokosha pana1. Johani. 5:13. Chokwadi ndicho zvose munhu wevhangeri pamwe neshoko revhangeri. Chkwadi chinowanzoratidzwa murudo, rudo rwaMwari, rudo kuhama dzechisungo, nerudo kunyika yakarasika (cf. 1. Johani. 4:7-21).

Kuti “nokusingaperi” zvinoreva kwazvo kwazvo kuti” kusvika munguva” (cf. Johani. 4:14; 6:51, 58; 8:35, 51; 10:28; 11:26; 12:34; 13:8; 14:16; 1. Johani. 2:17). Tarira nhaurwa inokosha:nokusingaperi panaJohani. 6:58.

Ndima. 3 “nyasha nengoni norugare” Uyu ndiwo munyorero waiitwa nhanganyaya yetsamba dzechiGiriki mumakore zana okutanga, kunze kwezvinhu zviviri. Chokutanga, iyi yakashandurwa zvisoma kuitira kuti itaridze kuti itsamba yechiKristu. Izwi rechiGiriki rokuti” kwaziwai” *chairein*. Rakashandurwa kunerokuti *charis*, iro rinoreva kuti “nyasha.”Nhanganyaya iyi inofanana neyetsamba dzakanyorerwa vatungamiri vekereke, 1Timoti. 1:2; 2Timoti. 1:2; mazwi maviri aya anodzokororwa munhanganyaya yaPauro kuvaGaratiya nekuna1vaTesaronika.

Chepiri, kuumbwa kwezvivakamutauro kwakajairika, kunovaka munamoto kana shuviro youtano. Zvisineyi, 2. Johani, rinoumba mutsara wechokwadi, vimbiso yokumira naMwari nechido chezvibereko zvoutsvene.

Pazvidzidzo zvouMwari, zvinokatyamadza kuti pangava nohurongwa here kana hukama pakati pemazwi aya. Nyasaha nengoni zvinoratidza hunhu hwaMwari uhwo hunounza ruponeso pachena kubuiridza naKristu kuvatadzi. Rugare runoratidza mugamuchiri wechipo chaMwari. Vatendi vanoshandurwa. Sezvo kutadza kwakabata zvose zvoupenyu hwavanhu, naizvozvowo, ruponeso runodzoreredza, chokutanga kuburikidza nokururamiswa nokutenda, pamwe nokushanduka npamaonero uko kunoitiswa naMweya anogara mukati, izvo zvinobereka zierendamberi rokuva saKristu (ziendamberi rokuitwa mutsvene). Mufananidzo waMwari muvanbhu (cf. Genesi. 1:26-27) wadzoreredzwa!

Imwe nyaya ndeine chokuita nokudiwa kwemazwi matatu aya maringe nokuvapo kwevadzidzisi vchenhema. Vaisagamuchira “nyasha” ne” ngoni” vachitaura nyaya ye” rugare” chete. Zvinofanira kuonekwawo kuti apa ndipo chete pakashandiswa izwi rokuti “ngoni” *eleeōimuzvinyorwa* zvose zvaJohani. Izwi rokuti “nyasha” (*charis*) rinoshandiswa pano chete, muvhangeri rinoshandiswa muna1:14, 16, 17, uye munaZvakazarurwa (cf. 1:4; 22:21).

Tsoropdo yebhaibheri reJerome inotaura kuti mazwi matatu aya anesungano nechisungo chetestamende yekare (p. 412). Vanyori vetestamende itsva (kunze kwaRuka) vaiva vadzamisi vendangariro vechiHebheru, vainyora norurimi rwe’Koine Greek’. Mazwi mazhinji anoshandiswa muzvinyorwa zvetestamende itsva anobva mubhaibheri rekare rechiGiriki’septusagint.’

▣ **“zvinobva kunaMwari Baba nokuna Jesu Kristu”** Mazita (NOUNS) ose ari maviri aya ane chirevamwene (PREPOSITION) (*para*) Icho chinobva chaite kuti afanane. Iyi yaiva nzira yekushandisa zvivakamutauro kuburitsa huMwari hwaJesu Kristu.

▣ **“Mwanakomana waBaba”** Nyaya inoramba ichikumikidzwa muna1. Johani ndeyokuti, munhu haagoni kuva naBaba asina Mwanakomana (cf. 1. Johani. 2:23; 4:15; 5:10). Vadzidzisi

venhema vaiti ivo vanehukama hwakasanangurwa naMwari, asi pazvidzidzo zvouMwari, vaidzikisira Jesu nebasa reMwanakomana. Johani anodzokorora adzokororavze kuti Jesu ndiye (1) kuzviratidza kuzere kwaBaba ne (2) oga nzira (cf. Johani. 14:6) kuna Baba.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :NDIMA. 4-6

⁴Ndinofara zvikuru, nokuti ndakawana vamwe vana venyu vachifamba muchokwadi, Sezvatakarayirwa naBaba. ⁵Zvino ndinokumbira kwamuri, mai, ndisingaiti sendinokunyorera murayiro mutsva asi uyo watakanga tinawo kubva pakutanga, wokuti tidane. ⁶Ndirwo rudo kuti tifambe nemirayiro yake. Ndiwoyu murayiro, sezvamakanzwa kubva pakutanga, kuti tifambe mauri.

Ndima. 4 “ndinofara zvikuru” Izvi zvinoreva zvakaitirwa chiiitiko chakaitwa (AORIST PASSIVE (deponent) INDICATIVE). Pamwe mukuru akanzwa pamusoro pekereke iyi nevamwe vatendi veko vakanga vavhakacha.

- ▣ **“nokuti ndakawana vamwe vana venyu vachifamba muchokwadi”** Izvi zvinogona kureva
1. Mararamiro ouMwari erudo evanwe vaiva mukereke (cf. 2. Johani. 3-4)
 2. Nzira yokureva kuvapo kwevadzidzisi venhema mukereke avo vakanga vatotsautsa vamwe vatendi

▣ **“sezvatakarayirwa naBaba”** Izvi zvinoreva zvakaitika (AORIST ACTIVE INDICATIVE) izvo zvinoreva kupihwa kwemurayiro wekudana, sokudiwa kwavakaitwa naJesu (cf. Johani. 13:34-35; 15:12; 1. Johani. 3:11; 4:7, 11-12, 21).

Ndima. 5 “watakanga tinawo kubva pakutanga” Izvi zvinoreva zvakaitwa (IMPERFECT ACTIVE INDICATIVE) izvo zvinoreva kutanga kwekudzidzisa kwaJesu (cf. 1. Johani. 2:7, 24; 3:11). Zviri mumurayiro zvinonzi ndezvokuti” tidane” (cf. ndima. 5) noku” bvuma kuti Jesu akauya panyama” (cf. ndima. 7). Tarira uone kuti uhwu ndihwo hupenyu hwekugutsikana hwakazara.

▣ **“kuti tidane”** Izvi zvinoreva zvirikutarisirwa kuti zviitwe (PRESENT ACTIVE SUBJUNCTIVE) (sezvakaita izwi rechiito rokupedzisira mundima ino, rokuti famba). Aya ndiwo aiva maitiro evadzidzisi venhema okuzvisanangura vasina rudo. Nyaya iyi ndiyo inovaka nzira dzokuedza nhatu dzokuti munhu aone kuti iye muKristu chaiye here. Mubhuku ra1. Johani, miedzo iyi ndiyo: rudo, mararamiro negwara redzidziso. Miedzo mitatu iyi inodzokororwa muna2. Johani.

1. Rudo (cf. ndima. 5; 1. Johani. 2:7-11; 3:11-18; 4:7-12, 16-21; 5:1-2)
2. Kuteerera (cf. ndima. 6; 1. Johani. 2:3-6; 3:1-10; 5:2-3)
3. Zviri mugwara redzidziso (cf. ndima. 7; 1. Johani. 1:1ff; 2:18-25; 4:1-6, 14-16; 5:1, 5, 10)

Ndima. 6 “ndirwo rudo” Rudo (*agapaō*) chiito cheziendamberi, chirevo chezvirikuitwa (PRESENT TENSE), kwete dengetera chete. Rudo ndirwo “chiratidzo” chevatendi vechokwadi vose (cf. 1vaKorinde. 13; vaGaratiya. 5:22; 1. Johani. 4:7-21).

▣ **“kubva pakutanga”** Tarira chinyorwa pana1. Johani. 1:1. Ndinofunga kuti mutsara uyu unoshandiswa muna1. Johani na2. Johani uchireva kutanga kweushumiri hwaJesu.

▣ **“tifambe mauri”** ChiKristu ndiko kuzvipira kwepakutanga pamwe nokushanduka kwemararamiro (cf. 1. Johani. 2:6). Mararamiro edu haatiponese, asi anongoratidza kuti takaponeswa (cf. vaEfeso. 2:8-9 na2:10).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :NDIMA. 7-11

⁷Nokuti vanyengeri vazhinji vakabudira munyika, vasingapupuri kuti Jesu Kristu akauya panyama. Ndiye munyengeri naantiKristu. ⁸Zvichenjererei imi, kuti murege kurashikirwa nezvatakabatira, asi kuti mupiwe mubaiyiro wakakwana.

⁹Mumwe nomumwe, anotungamirira vamwe, asingarambiri mukudzidzisa kwaKristu, haana Mwari; asi uyo, anorambira mukudzidzisa, ndiye anaBaba noMwanakomana.

¹⁰Kana mumwe achiuya kwamuri, asingauyi nokudzidzisa uku, musamugamuchira mumba, kana kuti kwaari “kwaziwai”

¹¹Nokuti anoti kwaari, “kwaziwai” ! Anofambidzana naye pamabasa ake akaipa.

Ndima. 7 “nokuti vanyengeri vazhinji” Izwi rokuti “vanyengeri” rinobva paizwi rechiGiriki rokuti *plane*, apo patinowana izwi rechirungu rokuti nyeredzi iri mumuhasva wemitambwe yezvakasikwa (planet). Kareko kufamba kwemitambwe iyi kwaiongororwa nokudzidzwa (*zodiac*). Nyeredzi dzinopinda mumunyerekete wakanaka, asi dzimwe nyeredzi (kureva., nyeredzi idzi) dzaifamba zvisna kurongeka. Vanhu vakare vaidzidana kuti “nheterekwa.” Izvi zvakazoshandiswa kureva vanhu vanotetereka kubva pachokwadi.

Hazvirevi kuti vadzidzisi venhema ava vaingova vanhu vaiva nemhosho kana kuti vaiva vanhu vakanga vatsautswa vaisaziva vhangeri. Muzvinyorwa zvaJohani, vose vaFaris nevadzidzisi venhema vanopandukira chiedza chavakagamuchira. Ndizvo zvinoira kuti kupanduka kwavo kufananidzwe ne” chivi chisingaregererwi” kana “chivi chorufu” (tarira zvinyorwa pana1. Johani. 5:16). Dambudziko nderokuti vakatsautsirawo vamwe mukuparadzwa. Testamende itsva inojekesa kuti vanyengeri ava vachabudira panyika uye vachakonzera matambudziko makuru (cf. Mateu. 7:15; 24:11, 24; Mako. 13:22; 1. Johani. 2:26; 3:7; 4:1).

▣ **“vakabudira panyika”** Izwi rokuti nyika pano riri kureva iyoyi nyika yatigere. Vadzidzisi venhema ava vanogna kunge vakabva mukereke (cf. 1. Johani. 2:19) kana kuti vari pabasa ravakatumwa (cf. 3. Johani.).

▣ **“vasingapupuri”** Iri ndiro izwi rokuti *homologeō*, iro rinoreva kupupura nokureurura kutenda munaKristu. Tarira nhaurwa inokosha:kureurura panaJohani. 9:22-23.

▣ **“kuti Jesu Kristu akauya panyama”** Vanyengeri ava vanoramba vachidzidzisa nhema pamusoro paKristu. Ndima ino inodzokorora yambiro yokuti “edzai mweya” yemuna1. Johani. 4:1-6, kunyanya panyaya yokuva munhu kwaJesu (cf. Johani. 1:14; 1Timoti. 3:16). Dzidziso yenhema yaitsigira kuvapo kwounyimbiri pakati pe” mweya” (Mwari) ne” nyama.” Kwavari zvaisaita kuti Jesu ave munhu akakwana ovazve Mwari akakwana.

Zvinoratidza sokuti paiva nedzidziso mbiri dzezvouMwari mumaonero edzidziso yokutsautsa iyi.

1. Kuramba kuva munhu kwaJesu (Docetic) ; aionekwa somunhu asi aiva mweya
 2. Kuramba kuti Kristu akafa pamuchinjikwa; boka iri re (Cerinthian) raiti “mweya waKristu” kunaJesu pakubhabhatidzwa kwake uye wakazomusiya asati afa pamuchinjikwa
- Zvinogoneka kuti chirevanguva chezvirikuitika (PRESENT TENSE), chokuti “achiuya panyama” inzira yaJohani yokuramba zvairehwa neboka iri uye 1. Johani. 4:1-6 ndiyo nzira yake yokuramba zvairehwa nerimwe boka riya rokuti Jesu aisava munhu (Docetic).

▣ **“ndiye munyengeri naantiKristu”** Muna1. Johani. 2:18, mune musiyano pakati pechirevo chouwandu (PLURAL) chokuti “vanaantiKristu” pamwe necheumwe (SINGULAR) chokuti” antiKristu.”Chirevo chouwandu (PLURAL) chinoreva avo vakauya mukereke nenguva yaJohani uye vakazobva mukereke (cf. 1. Johani. 2:19), asi choumwe chinoreva zvemuneramangwana (verenga “munhu wokurashika” 2vaTesaronika. 2). Zvisineyi, mundimaino, chirevo choumwe (SINGULAR) ndicho chinoshandiswa, sezvinoitwa chirevo chouwandu (PLURAL) muna1. Johani. 2:18-25.

Ndima. 8 “zvichenjererei imi” Izvi zvinoreva zvirikudokwairirwa kuti zviitwe (PRESENT ACTIVE IMPERATIVE). Iri ndiro izwi rokuti “ona” (*blepō*), rinoshandiswa sedimikira reyambiro kuzvivi (cf. Mateu. 24:4; Mako. 13:5; Ruka. 21:8; Mabasa. 13:40; 1vaKorinde. 8:9; 10:12; vaGaratiya. 5:12; vaHebheru. 12:25). Vatendi vanomurandu wokuziva mhosho nokuti

1. Vanoziva vhangeri
2. vanoMweya
3. vanoruwadzano runoendamberi naKristu

▣

NASB “kuti murege kurashikirwa nezvatakabatira”

NKJV “kuti tirege kurashikirwa nezvatakashingairira”

NRSV “kuti murege kurashikirwa nezvatakashingairira”

TEV “kuti murege kurashikirwa nezvatakashingairira”

NJB “kuti basa redu risarashika”

Pane kusiyana kwezvinyorwa zvechiGiriki mundima ino, maringe neizwi rinesungano nezita (PRONOUN) rokutanga, kuti poshandiswa rokuti” mu” (NASB, NRSV, TEV) kana rokuti” ti” (NKJV) ? Gwaro reUBS⁴ rinotsigira izwi rinesungano nezita rokuti” mu, “zvichireva kuti vatendi varikutaurwa navo vanogona kusazadzisa zvinangwa zvehangeri yavakapihwa nouchapupu hwevapositori.

▣ **“kuti mupiwe mubayiro wakakwana”** Izvi zvinoreva zvaitarisirwa kuti zviitike (AORIST SUBJUNCTIVE) izvo zvinoreva pakutanga apo pavakagamuchira vhangeri. Kureva mberi (SUBJUNCTIVES) hakunachokuita neruponeso rwavo, asi kukura nokupararira kvehangeri kuburikidza navo (cf. 1vaKorinde. 9:27; 15:10, 14, 58; 2vaKorinde. 6:1; vaGaratiya. 2:2; vaFiripi. 2:16; 1vaTesaronika. 2:1; 3:5).

Ndima. 9

NASB “mumwe nomumwe anotungamirira vamwe asingarambiri mukudzidzisa kwaKristu”

NKJV “ani naani anodarikira uye asingarambiri mukudzidzisa kwaKristu”

NRSV “wose asingarambiri mukudzidzisa kwaKristu”

TEV “mumwe nomumwe asingarambiri mukudzidzisa kwaKristu, asi anodarikira”

NJB “kana munhu akarega kuramba ari mukudzidzisa kwaKristu, asi achidarikira”

Chokutanga, tarira uone kushandiswa zvetsiudzo kunoitwa izwi rokuti *pas*. Kukoerwa vhangeri kwakaitirwa “vose, “asi tsaona ndeyokuti chero nekuneka kwedzidziso yenhema. Iko kugoneka kwedzidziso yenhema kuri muchimiro chemazwi arikudoma zviito (PRESENT ACTIVE PARTICIPLES) :okuti” kudarikidza” nerokuti “asingarambi.”Rokutanga rokuti” kudarikira” rinogona kunge raireva kuti vadzidzisi venhema ava vakanga vowedzera kupfuura zvakarehwa nouchapupu hwevakaona, vapositori.

VaKristu vanozivikanwa neshoko rechokwadi rinogara mavari (cf. Johani. 8:31; 15:7; 1. Johani. 2:14, tsiudzo iri munaJohani. 5:38; 1. Johani. 1:10). Tarira nhaurwa inokosha pamusoro pokutsungirira panaJohani. 8:31 nouteveri hwenhema panaJohani. 6:64.

Mutsara vunoreva zvakapiwa naJesu (GENITIVE PHRASE) kureva kuti “kwaJesu” unogona kureva

1. Dzidziso yaKristu
2. Dzidziso pamusoro paKristu
3. Zvirevo zvonnyambiri zvaJohani

Mitsara iyi inoreva zvakaitwa /zva (GENITIVES) haina zvirevo zvakajeka! Chirevo chechinyorwa ndicho chete chinogona kududza chirevo chawo asi kazhinji, sepano, anogombdzerana.

▣ **“haana Mwari”** Mutsara wokuti “kudzidzisa kwaKristu” newokuti” chokwadi” mundima. 2, inofanana. Vadzidzisi venhema nevateveri vavo Havana mubayiro (cf. ndima. 8). Vakarasika pamweya uye Havana Mwari nokuti kuva naMwari munhu anofanira kuva noMwanakomana (cf. 1. Johani. 5:10-12).

Kushandiswa kweizwi rechiito (VERB) rokuti” ane” (ruviri, muchirevo chezvirikuitika’PRESENT ACTIVE INDICATIVE’) riine sungano naMwari kunoshandiswa pano chete nemuna 1. Johani. 2:23.

Ndima. 10 “kana” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokuva wechokwadi pamaonero omunyoru (FIRST CLASS CONDITIONAL SENTENCE). Vadzidzisi venhema vachauya !

▣ **“musamugamuchira mumba”** Ichi ndicho chirevo chezvirikudokwairirwa kuti zviitwe (PRESENT ACTIVE IPERATIVE) chine chirevo cheizwi rinodoma chiito retsiudzo (NEGATIVE PARTICIPLE) izvo zvinoreva kumiswa kwezvirikuitwa (chirevo chechinyorwa ndicho chinofanira kududza).

Izwi rokuti” imba” rinogona kureva kugamuchira kunoitwa navaKristu (cf. Mateu. 25:35; vaRoma. 12:13; 1Timoti. 3:2; Tito. 1:8; vaHebheru. 13:2; 1Petirosi. 4:9 kana3. Johani. 5-6), asi muchirevo chechinyorwa zvinogona kureva kukoka mushumiri arikupfuura kuti azotaura mukereke (cf. vaRoma. 16:5; 1vaKorinde. 16:19; vaKorose. 4:15; Firimoni. 2).

☐ **“kana kuti kwaari kwaziwai”** Izvi ndizvo zvimwe zvinoreva zvirikudokwairirwa (PRESENT ACTIVE IMPERATIVE) zvine chirevo chetsiudzo chezwi rinodoma chiito (NEGATIVE PARTICIPLE). Musava nechokuita neuyo “anozviita muKristu.” Kuwadzana navo chero kuduku sei kunogna kusanzwiswa sokuti munotenderana navo (cf. ndima. 11). Mutsara uyu wakaoma kuuteedzera mazuva ano. Vazhinji vanozviti vaKristu. Asiewo pose patinotaura navo tinofanira kuva nounyoro munhaurwa dzedu navo. Zvakadaro vakuru vevaKristu vanofanira kungwarira kuti vasave nechokuita nenhema. Izvi hazvishandiswe kumasangano evaKristu!

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :NDIMA. 12-13

¹²Kunyange ndiine zvizhinji zvandaida kukunyorera, handidi kunyora netsamba neingi; asi ndinotarira kuti ndichauya kwamuri, tigotaurirana nomuromo, kuti mufaro wenyu uzadziswe. ¹³Vana vomununa wenyu vakasanangurwa vanokukwazisai.

Ndima. 12 “ndina zvizhinji zvandaida kukunyorera” Izvi zvinofanana nokupetwa kwakaitwa 3. Johani. 13-14.

☐ **“kuti mufaro wenyu uzadziswe”** Uyu ndiwo mutsara wechibhinde unoreva zvaitairisirwa kuti zviitirwe zvine zvibereko zviripo (PERFECT PASSIVE SUBJUNCTIVE PERIPHRASTIC) une chinangwa (gombedzero inoratidza hurongwa hweramangwana). Iri ndiro dingindira rakajairika munaJohani (cf. Johani. 3:29; 15:11; 16:24; 17:13; 1. Johani. 1:4). Mufaro uyu waiva we

1. Kuvapo kwemudzidzisi
2. Johani anotaura nezve” mufaro” wake mundima. 4 pakuendamberi kwekufamba murudo nokuteerera.

Ndima. 13 Ndima ino, sendima. 1, inoshandisa madimikira ichitaura nezveimwe kereke nenhengo dzayo.

MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviru muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Donongodza nzira dzokuedza nhatu dziri muna1. Johani, dzinodzokororwa muna2. Johani.
 - a.
 - b.
 - c.

2. Ko tsamba ino yakanyorerwa munhukadzi here kana kereke?
3. Ungaziva sei kubva mutsamba ino kuti mukereke maiva navarevi venhema?
4. Ndiani kana chii chinonzi munyengeri kana antiKristu mundima. 7?
5. Ko ndima. 10 na11 dzinopikisana nekurudziro yedu mutestamende itsva yokuratidza rudo chero kuvavengi vedu here?

III JOHANI

GWARO REBATSANURO RESHANDURUDZO YEZVINOZVINO

UBS ⁴	NKJV	NRSV	TEV	NJB
Zaruro	Kwaziso KunaGayo		Nhanganyaya	Kutura nokukwaziso
Ndimu 1	Ndimu 1-4	Ndimu 1	Ndimu 1a Ndimu 1b	Ndimu 1-4
Ndimu 2-4		Ndimu 2-4	Ndimu 2-4	
Kushandiprapamwe nokupikisa	Kukurudzurwa kupa	Ndimu 5 – 8	Gayo anorumbidzwa	
Ndimu 5-8	Ndimu 5-8			Chenjerai muenzaniso waDhioturefe
	Dhioturefe Dhimetirio		Dhioturefe Dhimetirio	
Ndimu 9-10	Ndimu 9-12	Ndimu 9-10	Ndimu 9-10	Ndimu 9-11
Ndimu 11-12		Ndimu 11-12	Ndimu 11	Kutsigirwa kwa Dhimetirio
			Ndimu 12	Ndimu 12
Kwaziso yokupeta	Kwaziso yoruonekano		Kwaziso yokupeta	Mheto
Ndimu 13-15	Ndimu 13-15	Ndimu 13-14	Ndimu 13-14	Ndimu 13-15
		Ndimu 15	Ndimu 15a	
			Ndimu 15b	

MAVERENGERO ECHITATU (Tarira p. vii)

ZVICHITEVERA CHINANGWA PADANHO REGANHURO YOGA YOGA

Gwaro rino nderetsoropodzo, nazvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara

ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo, zvisinei kuti wasangana nomutsoropodzi akadii.

Verenga ndima kamwe. Ona zvidzidzo. Ringanidza zvidzidzo muzvikamu neshandurudzo dzemaBhaibheri. Echizvinozvino mashanu. Ganhuro haina tuso yemweya. Asi ndiyo donzo rokuteverera chinangwa chomunyorori. Ndiyozve hwaro hwekupirikira. Ganhuro yoga yoga ine chidzidzo chimwechete.

1. Ganhuro yokutanga
2. Ganhuro yepiri
3. Ganhuro yetatu
4. Nezvimwewo.

RUONO RWEZVIRI MUGWARO ZVA 3. JOHANI

NHANGANYAYA

- A. Tsamba ino yakangopiwa zita rokuti 3. Johani nokuti ipfupi zvishoma kuna2. Johani. Kwazvo kwazvo ndinofunga kuti dzose tsamba idzi, 2. Johani na3. Johani dzinoumba shoko raienda kukereke, pamwe kune imwe nzvimbo mudunhu reRoma reAsia, nechekumapeto kwemakore zana okutanga.
- B. Bhuku ra2. Johani rinobata dambudziko revaparidzi venhema, ukuwo ra3. Johani rinobata nyaya yekuyambira kuitira kubatsira vaKristu vaifamba vachiparidza.
- C. Pane varume vatatu vanodomwa mubhuku ra3. Johani.
 1. Gayo (murume aitya Mwari aiva kukereke yainyorerwa tsamba)
 - a. Pane varume vatatu vanodanwa nezita rokuti Gayo vanotaurwawo nezvavo mubhaibheri. Gayo wekuMakedhoniya, Mabasa. 19:29; Gayo weDhebhe, Mabasa. 20:4; naGayo wekuKorinde, vaRoma. 16:23; 1vaKorinde. 1:14.
 - b. Zvinyorwa zvinodanwa kuti” sungano yevapositori” zvinodonongodza Gayo wemuna3. Johani semukuru wekereke yekuPerigamo, akaiswapo naJohani.
 2. Dhiofirefe (nharadada yakanga isingatyi Mwari yaivawo kukereke yainyorerwa tsamba)
 - a. Apa ndipo chete panotaurwa nezve murume uyu mutestamende itsva. Zita rake harina kunyanya kujairika, iro rinoreva kuti” akarerwa naZeus.”Zvinokatyamadza sei kuti munhu anezita rinechokuita near” Zeus “ndiye anoramba kugamuchira hama dzaifamba neshoko iye “Zeus” ari iye” aidzivirira vapfuuri.”
 - b. Mabasa ake anoburitswa pachena mundima. 9-10.
 3. Dhemetirio (muendesesi wetsamba yaJohani iyi kukereke)
 - a. Zviripachena kuti aivawo mumwe wevaifamba neshoko uye ndiye akauya netsamba kubva kuna mupositori Pauro kuvaEfeso.
 - b. Zvinyorwa zvinodanwa kuti “sungano yevapositori” zvinoti Dhemetirio aiva mukuru wekereke yeFiradherifia, zvinoziwo akaiswawopo naJohani mupositori.

D. Kereke yokutanga yaiva nedambudziko rokuongorora nokubatsira vaparidzi/vadzidzisi/nevavhangeri vaifamba neshoko. Chimwewo chinyorwa chisiri mubhaibheri chakare, chemumakore mazana maviri okutanga, chinonzi, dzidziso dzevapositori vane gumi nevaviri” *The Didache or The teaching of the twelve Apostles*” chinokurudzira zvinotevera

CHIKAMU. XI/11—ZVINECHOKUITA NEVADZIDZISI, VAPOSITORI, NEMAPOROFITA
“Ani naani zvake achauya achikudzidzisa zvinhu izvi zvamakanzwa kare, mugamuchirei. Asi kana iye mudzidzisi akatanga kudzidzisa imwe dzidziso inopadza iyi, musamuteerera, asi kana achidzidzisa kuwedzera kururama neruzivo rwaShe, mugamuchirei saIshe. Asi pamusoro pevapositori nevaporofita, mhiko yevhangeri inoti: mupositori wose achauya kwamuri mugamuchirei saIshe. Asi haafanire kugara zvokupfuura zuva rimwechete; asi kana pachiiine basa rokuita; anogona kugara zuva repiri; asi akazogara mazuva matatu, uyu muporofita ndowenhema. Uye kana muporofita Muporofita achifamba, mubvumirei kutakura chingwa chete kusvikira awana pokugara; asi kana akakumbira mari, iyeyu muporofita ndowenhema” (p. 380).

CHIKAMU XII/12—KUGAMUCHIRWA KWEVAKRISTU
“Asi ani naani anoti pamweya, ndipei mari. Kana chimwe chinhuwo zvacho, musamuteerera; asi kana akati kwamuri ipai vamwe vanoshaiwa, pasawane anomupikisa.
Asi itai kuti munhu wose anouya muzita raIshe agamuchirwe, uye mushure maizvozvo muchamutarira kuti mumuzive zvakanaka; nokuti muchaziva zvose. Kana pakauya mupfuuri, mubatsirei sokugona kwenyu; asi musarega achigara nemi, kunze kwemazuva maviri kana matatu, kana zvichigona. Asi kana achida kugara nemi, uye aine basa raanogona, regai ashande kuti awane chokudya; asi kana asina basa raanogona, onaiwo nokuziva kwenyu kuti semuKristu, angazvibatsirawo sei. Asi kana asingadi kuita izvozvo, ndiye mumwe wavaya vanoda kudya nezita raKristu. Onai kuti hamuna chokuita nevakadaro” (381).

DZIDZO YEMITSARA NEMAZWI

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :NDIMA. 1

¹Mukuru kunaGayo, mudikanwi, wandinoda nechokwadi.

Ndima. 1 “**mukuru**” Izwi rokuti mukuru rinofanana nezwi rokuti” mufundisi, “ne” mukuru wekereke” (cf. Tito. 1:5, 7; Mabasa. 20:17, 28). Ona chinyorwa chakazara muna2. Johani, ndima. 1.

▣ “**mudikanwi**” Uyu mutsara ndiwo wakajairika mutsamba dzaJohani (cf. 1. Johani. 2:7; 3:2, 21; 4:1, 7, 11; 3. Johani. 1, 2, 5, 11; 3. Johani. 1, 2, 5, 11), asi hauwanikwe uchireva vatendi muvhangeri kana munaZvakazarurwa.

▣ “**Gayo**” Pane nhaurwa huru kwazvo pamusoro pokuti ndianai aiva mufundisi wekereke pakati paDhemitirio naDhitirefe. Zvinonetsa kupa shoko rezvechitendero nehorokodzwa isina kukwana seiyi. Nokuda kwendima. 9 umo munotaurwa nezve” kereke” nekuti” ivo” Zvinogoneka kuti Dhitiirefe aiva mukuru weimwe kereke uyuwo Dayo achitungamira imwewo yaiva pedyo, asi iyi ifungudziro chete.

▣ **“wandinoda nechokwadi”** Mazwi okuti “rudo nechokwadi” anonyanya kuwanikwa ari pamwechete muzvinyorwa zvaJohani (cf. 2. Johani. 1, 2, 3, 4; 3. Johani. 1, 3, 4, 8, 12).

Izwi rokuti chokwadi rinogona kureva

1. Mweya mutsvene (cf. Johani. 14:17)
2. Jesu Mwanakomana (cf. Johani. 8:32; 14:6)
3. Zviri muvhangeri (cf. 1. Johani. 2:2; 3:23)

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :NDIMA. 2-4

²Mudikanwi ndinokunyengetera kuti ufare pazvinhu zvose, uye uve mukukutu, sokufara kwomweya wako. ³Nokuti ndakafara zvikuru hama dzichisvika dzichikupupurira chokwadi yako, dzichiti, unofamba muchokwadi. ⁴Handina mufaro unopfuura uyu, wokuti ndinzwe kuti vana vangu vanofamba muchokwadi.

Ndima. 2 “ndinokunyengetera” Izvi zvinofambirana nokutangwa kunoitwa tsamba pachiGiriki. Ishuviro youtano nerugare /munamato wokunamatira ari kunyorerwa tsamba. Yakanga iri nzira yokukwazisa mudikanwi. Izvi hazvigoni kushandiswa kutsigira nyaya “yevhangeri yepfuma noutano, “iyo yadai kutekeshera munyika yeAmerica. Verenga bhuku ravaGordon Fee (munzveri wemagwaro anomukurumbira), rinonzi, Denda revhangeri yepfuma noutano” *The disease of the Health and wealth Gospel.*”Pamusoro pemaonero angu panyaya yokuporesa, ndinokumbirawo kuti muverenge zvinyorwa zvangu pana Jakobho. 5 padzimudzangara pawww. freebiblecommentary. org.

▣ **“kuti ufare pazvinhu zvose uye uve mukukutu”** Uyu waiva munamato wezaruro muupenyu hwevaGiriki nevaRoma venguva yemakore zana okutanga. Munamato uyu hauna kuitrwa kutsigira mharidzo “dzepfuma noutano.”Zvinyorwa zvebhaibheri zvikabviswa muchirevo chemanyorerwo azvo, zvinogona kureva chero chinhu. Zvinyorwa hazvingarevi, nhasi zvazvaisareva panguva yazvakanyorwa. Munhu akatuswa, ndiye munyori wemabviro. Tinofanira kuronda pfungwa dzake, kwete kuisa dzedu!

▣ **“mweya”** Izwi iri rokuti “*psuche*” (mweya) rinoda kunoti fananei nerokuti” *pneuma*.”Mazwi aya ndiwo anoshandiswa kureva humunhu. Izwi hazvirevi chimwe chinhu chiri pamunhu (muviri, mweya). Vanhu mubatanidzwa (cf. Genesi. 2:7). Tiri mweya; hatina mweya.

Ndima. 3 “ndakafara zvikuru” (cf. 2. Johani. 4; vaFiripi. 4:10).

▣ **“dzichisvika dzichikupupurira”** Ose mazwi akashandiswa apa arikudoma chiito (PRESENT PARTICIPLE) izvo zvinoreva kuti

1. Nhengo dzekereke iyi dzaigaroenda kuvaEfeso kunoona Johani
2. Vashumiri veshoko ava vakapupura basa rakanaka raiitwa naGayo

Pamwewo Johani, somunhu akanga ava mutana, asisa kwanise kufamba, asi achida kuziva chimiro nokukura kwekereke.

▣ **“unofamba muchokwadi”** Pazvidzidzo zvouMwari izwi iri rinoreva zvakafanana nerokuti” famba muchiedza” (cf. 1. Johani. 1:7). ChiKristu hachisi mhiko dzoga, kana nzira dzokupira, kana sangano rokuita nhengo, asi hupenyu hwekurarama muukama naJesu Kristu. Kereke yokutanga yaidanwa kuti” nzira iyo” (cf. Mabasa. 9:2, 19:9, 23; 24:22). Chokwadi hachisi

chomumurangariro chete (zvomukati), asiwo hukama (kwokutanga naMwari kuburikidza naJesu huchiita zvibereko zvekudana mumwe nomumwe). Tarira nhaurwa dzinokosha pamusoro pechokwadi pa6:55 na17:3.

Ndima. 4 “vana vangu” Iyi inan’anuro yakajairika mutsamba dzaJohani (cf. 1. Johani. 2:12, 13, 18, 28; 3:7, 18; 4:4; 5:21). Nyaya hur pano iri pa (1) masimba aJohani oupositori kana (2) rudo rwaJohani kuvaKristu nekereke dzemudunhu reRoma kuchipimvu chiduku cheAsia (kumadokero kwenyika yeTurkey), uko kwaishumira ari.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :5-8

⁵Mudikanwi unobata basa rakatendeka pazvinhu zvose zvaunoitira hama navamwewo; ⁶vakapupura rudo rwako pamberi pekereke; uchaita zvakanaka kana uchivaperekedza nomutoo wakafanira Mwari. ⁷Nokuti vakabuda nokuda kweZita rake, vasingatori chinhu kuvaHedheni. ⁸Naizvozvo isu tinofanira kugamuchira zvakanaka vakadaro, kuti tibatsirane pachokwadi.

Ndima. 5 “unobata basa rakatendeka” Mabasa aGayo aya anosiyana zvikuru neaDhiofere anorehwa mundima. 9-10. Tarira nhaurwa dzinokosha:tenda, ruvimbo, kutenda, nokutendeseka pana Johani. 1:7 naJohani. 1:14.

▣ **“pazvinhu zvose zvaunoitira”** Iri ndiro izwi rinesungano nezita riine chimiro chomunongedzo (relative PRONOUN) riine sungano nevara rokuti *ean* pamwe nechirevo chezvaizoitiranwa (AORIST MIDDLE SUBJUNCTIVE) iro rinoratidza chirevo chezvichaitwa. Gayo aibatsira vaifamba neshoko nguva dzose uye nenzira dzose dzaaigona nadzo.

▣ **“navamwewo”** Zvinoratidza kuti kereke iyi yakanga ichigamuchira nokubatsira vaKristu vaifamba neshoko, asi nokuda kwemamiriro ezvinhu, Gayo oga ndiye akanga obatsira hama idzi idzo dzaakanga asingazive kunze kwekuti dzaiziva, kushumira nokuda Kristu.

Ndima. 6 “vakapupura rudo rwako pamberi pekereke” Zviripachena kuti yokutanga kuvaEfeso yaivawo neguva yokutaura nezvebasa roushumiri panguva yavainge vachinamata pamwechete.

Izwi rechiGiriki iri rokuti, *ekklesia*, rinoubwa namazwi maviri, rokuti” kunze kwe” nerokuti” kudanwa” naizvozvo, izwi iri rinoreva kuti avo vakadanwa kunze naMwari. Kereke yakare yakatora mashandisirwe araiittwa nevanhu munyika (cf. Mabasa. 19:32, 39, 41) uye nemashandisirwe aro mubhaibheri rehiGiriki rakare okuti” gungano” raIsiraeri (*Qahal*, BDB 874, CF. Numeri. 16:3; 20:4). Vakarithandisa kuzvireva sokuendamberi nokureva vanhu vaMwari mutestamende yekare. Ndivo vaiva Isiraeri itsva (cf. vaRoma. 2:28-29; vaGaratiya. 6:16; 1Petirosi. 2:5, 9; Zvakazarurwa. 1:6), kuzadziswa kwekushumirwa kwaMwari pasi rose (cf. Genesi. 3:15; 12:3; Ekisodho. 19:5-6; Mateu. 28:18-20; Ruka. 24:47; Mabasa. 1:8).

NHAURWA INOKOSHA:KEREKE (EKKLESIA)

Izwi rechiGiriki iri rokuti, *ekklesia*, rinoubwa namazwi maviri, rokuti” kunze kwe” nerokuti” kudanwa” naizvozvo, izwi iri rinoreva kuti avo vakadanwa kunze naMwari. Kereke yakare

yakatora mashandisirwe araiittwa nevanhu munyika (cf. Mabasa. 19:32, 39, 41) uye nemashandisirwe aro mubhaibheri rehiGiriki rakare okuti” gungano” raIsiraeri (*Qahal*, BDB 874, CF. Numeri. 16:3; 20:4). Vakarishandisa kuzvireva sokuendamberi nokureva vanhu vaMwari mutestamende yekare. Ndivo vaiva Isiraeri itsva (cf. vaRoma. 2:28-29; vaGaratiya. 6:16; 1Petirosi. 2:5, 9; Zvakazarurwa. 1:6), kuzadziswa kwekushumirwa kwaMwari pasi rose (cf. Genesi. 3:15; 12:3; Ekisodho. 19:5-6; Mateu. 28:18-20; Ruka. 24:47; Mabasa. 1:8).

Izwi iri rinoreva zvakawanda muvhangeri nemunaMabasa.

1. Misangano yevanhu venyika muguta, Mabasa. 19:32, 39, 41
2. Vanhu vaMwari pasi rose munaKristu, Mateu. 16:18 navaEfeso.
3. Gungano rechita chavatendi munaKristu, Mateu. 18:17; Mabasa. 5:11 (mundima idzi, kereke yeJerusarema)
4. Vanhu veIsiraeri vose zvavo, Mabasa. 7:38, mumharidzo yaSitefani
5. Vanhu vaMwari munharaunda, Mabasa. 8:3 (Judhea kana Parasitina)

▣ **“uchaita zvakanaka”** Iri idimikira rechiGiriki rinowanikwa muzvinyorwa zvokuIjipita (verenga gwaro ravaMoulton navaMilligan, rinonzi, Mazwi anoshandiswa mutestamende itsva yechiGiriki” *vocabulary of the Greek New Testament*) kuti unzwe chirevo chezwi rokuti” ndinokumbirisa” (cf. Mabasa. 10:33).

▣ **“uchivaperekedza”** Iyi itsumo inoreva kuti, kuvabatsira, kuvanamatira, nokuvapa zvose zvavanoda kushandisa pakufamba neshoko (cf. Mabasa. 15:3; vaRoma. 15:24; 1vaKorinde. 16:6; 2vaKorinde. 1:16; Tito. 3:13).

▣ **“nomutoo wakafanira Mwari”** Izvi zvinoreva kuti nenzira yokupa nerudo (cf. vaKorose. 1:10; 1vaTesaronika. 2:12). Vatendi vanofanira kubata vashandiri vevhangeri nenzira yakafanira (cf. vaEfeso. 4:1).

Ndima. 7

NASB, REB “vakabuda”

NKJV “vakabudira”

NRSV “vakatangira rwendo”

TEV, NJB “vakabuda

Izwi rechiito rakajairika iri rinoshandiswa kureva

1. Vadzidzis venhema vachibva mukereke muna1. Johani. 2:19
2. Vaporofita venhema vachibudira munyika muna1. Johani. 4:1
3. Vanyengeri vazhinji vachibudira munyika muna2. Johani. ndima. 7
4. Zvapupu zvevapositori vechokwadi zvichibudira (munyika) muna3. Johani. ndima. 7

NASB “nokuda kweZita”

NKJV “nokuda kweZita rake”

NRSV “nokuda kweZita raKristu”

TEV “muushumiri hwaKristu”

NJB “zvokwadi nokuda kweZita rake”

Uyu ndiwo muenzaniso we” zita” richimirira munhu nebase raJesu Kristu. Sezvo vatendi vachitenda muzita rake (cf. Johani. 1:12; 3:18; vaRoma. 10:9; 1vaKorinde. 12:3; vaFiripi. 2:9-

11), vanoregererwa muzita rake (1. Johani. 2:13), vanoitirawo zita rake (cf. Mateu. 10:22; 24:9; Mako. 13:13; Ruka. 21:12, 17; Johani. 15:21; 20:31; Mabasa. 4:17; 5:41; 9:14; vaRoma. 1:5; 1Petirosi. 4:14, 16; Zvakazarurwa. 2:3).

NASB “vasingatori chinhu kuvaHedheni

NKJV “vasingatori chinhu kuvaHedheni”

NRSV “vasingagamuchiri rubatsiro kubva kunavasingatendi”

TEV “vasingagamuchiri rubatsiro kubva kunavasingatendi”

NJB “vasingabatsirwi nevasingatendi”

Mutsara unoreva kuti zvapupu izvi zvakavimba nokupa kwaMwari, semazwi aJesu kunavane gumi munaMateu. 10:5-15 nevanamakumi manomwe munaRuka. 10:4-7.

Uku ndiko kushandiswa kwaitwa izwi rokuti “vaHedheni “mumakore okupera kwemakore zana okutanga, kwokureva kuti vakarasika kana kuti vasingatendi (cf. Mateu. 5:47; 1Petirosi. 2:12; 4:3). Vatendi vanofanira kutsigira mabasa ekufambiswa kwevhangeri! Kuti unobatsira ani ndiko kunoratidza zviri mumwoyo wako.

Mumazuva aJohani vadzidzisi vaifamba vachidzidzisa vaizviitira mari nechimiro chavo. Vadzidzis, vaparidzi, vavhangeri vaMwari vaifanira kubatsirirwa, kwete mashoko avo, asi nokuda kwaIshe wavo, uyo anoushumiri hwavaizvipira mahuri.

Ndima. 8 “tinofanira” Iyi iyambiro inogaro dzokororwa (cf. Johani. 13:14; 19:7; 1. Johani. 2:6; 3:16; 4:11). Izwi rokuti *opheilō* rinoreva kwazvo kwazvo kuti kuva nechikwereti, asi rakazoshandiswa sedimikira rokureva kuti kuva nomurandu kune mumwe munhu.

▣ **“kugamuchira zvakanaka vakadaro”** Nyaya yokuchengeta vafambi yaiva basa guru kwazvo mukereke yokutanga nokuda kwekuipa kwakanga kwaita hunhu mudzimba dzevavhakachi panguva iyoyo (cf. Mateu. 25:35; vaRoma. 12:13; 1Timoti. 3:2; 5:10; Tito. 1:8; vaHebheru. 13:2; 1Petirosi. 4:9).

▣ **“kuti tibatsirane pachokwadi”** Apo vatendi vanobatsira vanofamba neshoko, vanenge vachitobatawo mubasa ravo rokutenda nechokwadi. Uyu ndiwo musimbotei wevhangeri! Dzidziso yetestamende itsva yokupa inowanikwa muna2vaKorinde. 8-9.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :NDIMA. 9-10

⁹Ndakanyorera kereke; asi Dhiotirefe, anoda kuva mukuru pakati pavo, anotiramba isu.

¹⁰Naizvozvo, kana ndichiuya, ndichayeudza mabasa ake aanoita, kuti anotiitira makuhwa namashoko akaipa; uye, haatendi naizvozvo bedzi, iye amene haagamuchiri hama, uye vakanga vachida havo anovadzivisa nokuvadzinga mukereke.

Ndima. 9 “ndakanyorera kereke” Izvi zvinogona kureva 1 kana 2. Johani kana tsamba yakarasika, mukufungidzira zvinoreva 2. Johani. Tarira nhaurwa inokosha:kereke (*Ekklesia*) pandima. 6.

▣ **“Dhiofirefe, anoda kuva mukuru pakati pavo”** Ichi ndicho chirevo chezwi rinodoma chiito riri muchimiro chezvirikuitika (PRESENT ACTIVE PARTICIPLE). Iri izwi nderomubatanidzwa wezwi rokuti “rudo” (*phileō*) nerokuti “kubatira chigaro chikuru” (*prōteuō*). Rinoshandiswa pano chete mutestamende itsva, asi izwi rechipiri rinoshandiswa munavaKorose. 1:18 kureva chigaro chikuru chaKristu. Murume uyu ndiye munhu wekutanga akanyorwa “aikarira kuva nesimba” kana kuva “mukuru wekereke.” Hatinyatsoziva kuti aiva mufundisi here kana kuti aingavawo mutungamiri mukereke. Zvisineyi, izvi zvinoratidza zvinangwa zvake. Vanhu vakaita seava vanowanikwa mukereke nguva dzose! Kuti murume uyu aivawo mudzidzisi wenhema here kana kuti kwete hazvinyatsozivikanwa uye hazvina kudonongodzwa, asi zvinogoneka.

vaJames Dunn, mubhuku ravo rinonzi, kubatana nokusiyana kuri mutestamende itsva” *Unity and Diversity in the New Testament*, p. 392, “vanoona Dhiofirefe semuenzaniso “wekutanga kwechiKaturike.”

“kwazvo kwazvo, humbindoga hwaJohani hunogona kunzwiswa sekupikisana nehurongwa hwe

Hwekufambisa shoko huriko mazuva ano (kubva mubuku rambotaurwa pamusoro, pp. 129f., uyewo munavaHebheru naZvakazarurwa --§§31. 2, 3). Saizvozvo zvinyorwa zvaJohani zvinoita sokuti zvinopikisa nyaya yesakaramende iyo yakanga yatova musangano rekaturike rokutanga raIgnatius (‘mushonga wekusava nounhu’—vaEfeso., 20. 2) (verenga zviru pamusoro §41). Chinhu chinoshamisa ndechokusvorwa kwaDhiofirefe mun3. Johani. 9f. Dhiofirefe ndiye aitungamira kereke iyi: haana kungoramba kugamuchira vaKristu vaishanyira kereke, asi aidzvisawo avo vaita zvaaida mukereke. Neimwe nzira Dhiofirefe aiva namasimba emukuru wekereke (cf. Ignatius, vaEfeso. 6. 1; Trall., 7. 2; Smyrn., 8. 1f), uye ndikoku kuda masimba mukereke (*philoprōteuōn*) kwakanyorwa nezvako ne” mukuru uyu.” Neimwe nzira, kana tikati bhuku ra3. Johani rinofanana na. 1. Johani pamwe na2. Johani, rinofanira kupnekwa senzira yokupikisa chiKristu chemakungano kana chemuchivande, nzira yokupikisa kuita chiKristu chemasangano, yokuit achitendero chepauzima, ichipikisana nekukura kwechiKaturike chokutanga.”

▣ **“anotiramba isu”** Dhiofirefe haana kungoramba masimba oupositori aJohani, asi airambawo zvakasimba dzidziso yechipositori uye aitoshungurudza avo vaitevera dzidziso iyi!

Ndima. 10 “kana” Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokureva zvinogona kuitika (THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE).

▣ **“ndichayeudza mabasa ake aanoita”** Johani anoda kunyatsoburitsa pachena zvinangwa zvemurume uyu (cf. ndima. 9) nezviito (cf. ndima. 10) :

1. NASB—“anotiitira makuhwa namashoko akaipa”
NKJV—“kuropora mashoko akaipa pamusoro pedu”
NRSV—“kuparidzira zvakaipa pamusoro pedu”
TEV—“zvinhu zvakaipa zvaanotaura pamwe nenhema “
NJB—“makuhwa akaipa aanga achitaura pamusoro pedu”
2. “iye amene haagamuchiri hama”
3. “vakanga vachida havu anovadzivisa”
4. “nokuvadzinga mukereke”

Murume uyu anoda mbiri zvikuru uye haadi mumwe anomukunda kuita zvakanaka. Anodzingawo mumwe nomumwe, mukereke, anopikisana kana asinga bvumirane naye.

☐ **“nokudzinga mukereke”** Izwi rechiito (VERB) rakadzma rimwechetero (*ekballō*) ndiro rinoshandiswa munaJohani. 9:34, 35 kureva murume akaporeswa naJesu uyo akanga adzingwa muSinagoge.

Rinoshandiswawo kureva kudzingwa kwaSatani munaJohani. 12:31.

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :NDIMA. 11-12

¹¹Mudikanwi usatevera chakaipa, asi chakanaka. Uyo, anoita zvakanaka, ndowaMwari; anoita zvakaipa, haana kuona Mwari. ¹²Dhimitiriyo anopupurirwa navanhu vose, uye nechokwadi chaicho; nesu tinopupurawo, newe unoziva kuti kupupura kwedu ndokwechokwadi.

Ndima. 11 “usatevera chakaipa” Izvi zvinoreva zvirikurayiranwa nokudokwairirwa kuti zviitwe (PRESENT MIDDLE (deponent) IMPERATIVE) izvo zvinoreva kumiswa kwezvirikuitwa. Tinowana izwi rechirungu rokuti “kutevedzera” kubva paizwi rechiGiriki rokuti (*mimeomai*). Tinofanira kunyatsosarudza avo vatinotevedzera. Vanofanira kuva vaKristu vakakura mushoko vari muKereke (cf. 2vaTesaronika. 3:7, 9; vaHebheru. 6:12; 13:7). Dhimitirio, ndiye muenzaniso wakanaka, Dhiotirefe, ndiye muenzaniso wakaipa.

☐ **“uyo anoita zvakanaka ndowaMwari”** Tsamba dzaJohani dzine nzira nhatu dzokuedza kuti munhu muKristu. Izvi zvinoreva muedzo wokuteerera (cf. 1. Johani. 2:3-6, 28-29; 3:4-10; 5:18; 2. Johani. 6). Panotaurwawo nezvemimwe miedzo miviri: (1) gwara redzidziso (ndima. 3-4) ne (2) rudo (ndima. 1-2, 6).

☐ **“anoita zvakaipa, haana kuona Mwari”** Vadzidzisi venhema vaiti vanoukama hwemandiriri naMwari asi vairarama zvisna rudo nouMwari. Izvi zvinoreva mafungiro erimwe boka ravadzidzisi venhema raiti ruponeso ichokwadi chemumurantgariro uye hachina chokuita nemararamiro emisi yose.

Ndima. 12 “Dhimitirio anopupurirwa navanhu vose” Izvi zvinoreva zvakaitirwa zvine zvbereko zviripo (PERFECT PASSIVE INDICATIVE). Iyi inoita sokuti itsamba yokutsigira Dhimitirio yaibva kuna Johani, uyo anogona kunge ari iye akaendeswa tsamba ya3. Johani kunaGayo. Kutu uone dzimwe tsamba dzerutsigiro mutestamende itsva verenga, Mabasa. 18:27; vaRoma. 16:1; 1vaKorinde. 16:3; 2vaKorinde. 3:1; 8:16-24; vaKorose. 4:10.

☐ **“Nechokwadi chaicho”** Chokwadi (tarira nhaurwa dzinokosha panaJohani6:55 na17:3) chinopihwa chimiro chomunhu uyo anopupurirawo Dhimitirio zvakanaka.

☐ **“Newe unoziva kuti kupupura kwedu ndokwechokwadi”** Johani arikureva huchapupu hwake hwakavimbika hwaKristu (cf. Johani. 19:35; 21:24).

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :NDIMA. 13-14

¹³Ndaknga ndine zvizhinji zvandaida kukunyorera, asi handisi kukunyorera neingi nechinyoreso; ¹⁴asi ndinotarira kuti ndichakurumidza kukuona, tigotaurirana nomuromo.

Ndima. 13 Ndima iyi inofanana zvikuru na2. Johani. 12

NASB (ZVINYORWA ZVAKAVANDUDZWA) :NDIMA. 14b

^{14b}Rugare ngaruve newe. Hama dzinokukwazisa. Ndikwazisire hama, mumwe nomumwe nezita rake.

Ndima. 14^b “rugare ngaruve newe” Zviripachena kuti izvi zvinoreva tsumo yechiHebheru yokuti *Shalom* (cf. Ruka. 10:5). Inogona kureva kuti” kwaziwai” kana kuti” sarai zvakanaka.”Izwi iri, haringorevi kusavap[^o kwematambudziko, asiwo kuvapo kwemakomborero aMwari. Aya ndiwo akava mazwi aKristu akanga amuka kuvakafa kuvadzidzi vaiva muimba yepamusoro (cf. Johani. 20:19, 21, 26). Vose Pauro (cf. vaEfeso. 6:23) naPetirosi (cf. 1Petirosi. 5:14) vakashandisa mazwi aya semunamato wekupeta kuvanhu vaMwari.

▣ **“nezita”** Iyi itsumo yokureva kukwazisa munhu oga oga pazvima nerudo. Yaishandiswa zvikuru muzvinyorwa zvokuIjipita.

MIBVUNZO YENHAURIRANO

Gwaro rino nderetsoropodzo, naizvozvo mumwe nomumwe anekodzero yedudziro yakewo. Tose ngatifambe muchiedza chatiinacho. Iwe, Bhaibheri nemweya mutsvene ngarive gwara ratinoshandisa pakududzira shoko raMwari. Usafe wakasiyana nazvo zvisineyi nokuti wasangana nomutsoropodzi akadini.

Iyi mibvunzo yenhaurirano yaisirwa kuti ubatsirwe kufunga pamusoro pezvidzidzo zviri muchikamu chino chegwaro. Ndeyekudenha ndangariro kwete kupedzeredza.

1. Pane fungidziro dzakawanda dzokuti sei Gayo naDhiotirefe vaikonana. Zvimwewo zvinofungwa ndezvinotevera
 - a. Dzaiva nyaya dzedzidziso dzezvouMwari
 - b. Nyaya dzemagariro
 - c. Nyaya dzekereke
 - d. Nyaya dzounhuTsanangura chimwe nechimwe chezvikonzero izvi uye nokuti zvingava nesungano ipi kuna3. Johani.
2. Ko bhuku ra2. Johani na3. Johani anehochekeche ipi?
3. Donongodza zvidzo zvitatu zvinoitirwa simbiso yevaKristu zvinowanikwa muna1. Johani, zvinodzokororwa muna. 2. Johani na3. Johani.

HOROKODZWA YOKUPETA GWARO YOKUTANGA

DUDZIRO MUCHIDIMBU YEMAZWI EZVIVAKAMUTAURO ZVECHIGIRIKI

Rurimi rweKoine Greek, urwo runozivikanwa wo nokuti Hellenistic Greek, rwakashandisa zvikuru mumatunhu ari kurutivi rweMediterranean kubvira panguva yokukurumbira kwaAlexander (336-323. B. C.) Jesu asati azvarwa, kusvika kumakore anokwana mazana masere (300 B. C. -A. D. 500). Wakanga usiri mutauro wakajairika wechiGiriki, asi waitova mutauro mutsva uyo wakazovo mutauro wepiri munharaunda dzakadziva kumabvazuva nokuMediterranean.

Mutauro wechiGiriki wetestamende itsva waiva wakapesa zvikuru nokuti vaiushandisa, kusiya kwaRuka nemunyori wevhangeri yevaHebheru, vanoita sokuti vaishandisa mutauro weAramaic. Naizvozvo zvinyorwa zvavo zvakaumbwa zvikuru nemadimikira nezvivakamutauro zvechiAramaic. Uyezve vainzvera nokutora zvakanyorwa muBhaibheri rechiGiriki rakare (Septuagint) iro raiva rakanyorwawo nerurimi rweKoine Greek. Asi Bhaibheri rakare rechiGiriki iri raivawo rakanyorwa nevanzveri vemagwaro vechiJudha avo vaisashandisa Giriki somutauro wavo.

Izvi zvinoti rangaridza kuti hatigone kuisa testamende itsva mumushwishwishi wezvivakamutauro. Testamende itsva yakapesa zvikuru asiwozve inofambirana zvikuru ne (1) bhaibheri rechiGiriki rakare (Septuagint) ; (2) Zvinyorwa zvechiJudha kunyanya zvaJosephus; pamwe (3) negwaro repapyri iro rakawnikwa kuljipita. Zvino tingasvika sei paongororo chaiyo yetestamende itsva?

Chimiro chezvivakamutauro zverurimi rweKoine Greek pamwe neKoine Greek yetestamende itsva chinozereka. Neimwe nzira iyi yaiva nguva yokusurudzwa kwe zvivakamutauro. Chirevo chechinyorwa ndicho chichava nhungamiri yedu huru. Mazwi anova nechirevo mukutambanuka kwechirevo chechinyorwa chese, chitarisiko chezvivakamutauro chinokwanisa chete kunzwisisika (1) mumhando yemanyorero emunyori; ne (2) muchirevo chakanangana nechinyorwqa. Hazvi goneki kuva nedudzira chaiyo yemaumbirwo nokurongwa kwemazwi echiGiriki.

Rurimi rweKoine Greek rwainyanya kushandiswa pakutaura. Kazhinji nyaya huru yokupirikira ndiyo mhando nekuurungana kwematauriro. MUmbadzi zhinji dzerurimi urwu, izwi rechiito ndiro rinotanga kuvapo, kuratidza kukosha kwaro. Pakuongorora izwi rechiito rechiGiriki, panofanira kutariswa mhando nhatu dzechorokodzwa (1) tsindikidzo yechirevanguva, mutauriro nechirevo chemafungiro (dzidzo yeruzha pamataurire kana dzidzo yekuumbwa kwemazwi) ; (2) chirevo chaicho chezwi rechiito (kunyorwa nokupepetwa kwemaduramazwi) ; pamwe ne (3) kuzerereka kwechirevo (kurongwa kwemazwi mumitsara).

I. ZVIREVANGUVA

- A. Zvirevanguva kana chimiro chinosisanganisira hochekeche yemazwi echiito pakureva chiito chakapedzwa kana chisina kupedzwa.

Izvi ndizvo zvinodanwa kuti” zvakaitika uye zvizibereko zvichiripo” (*perfective*) pamwe ne” zvaitika” (*imperfective*)

1. *Perfective tenses* ’zvirevanguva zvinoreva zvakaitika uyezvizibereko zvichiripo zvinonyanya kutarisa kuitika kwechiitiko. Hapana zve imwe horokodzwa inopiwa kunze kwekungoti pane zvakaitika!kutanga kuitika kana kusvika pamanhengatenga acho hakutaurwe nezvako.
2. *Imperfect tenses* ’zvirevanguva zvinoreva muitikiro wechiito. zvinogona kutsanangura maringe nemuronga wemaitikiro, nguva yokuitika nokuenda mberi kwacho, nezvimwewo.

B. Zvirevanguva zvinogona kutariswa maringe nokuti munyori anoona chiitiko sei

1. Zvakaitika=AORIST
2. Zvakaitika zvizibereko zvichiripo=PERFECT
3. Zvaitika kare uye zvizibereko zvaivapo, asi kwete zvino=PLUPERFECT
4. Zvirikuitika=PRESENT
5. Zvaitika=IMPERFECT
6. Zvichaitika=FUTURE

Muenzaniso ungapisa chiedza chokuti zvireva nguva izvi zvinobatsira sei pakupirikira ndowedzi rokuti” ponesa.”rakashandiswa muchimiro chezvirevanguva zvakasiyana zvakawanda kuratidza manhengatenga nemaitikiro ezvinhu

1. AORIST—“takaponeswa” (cf. vaRoma. 8:24)
2. PERFECT—“zvakaitika uye zvinoramba zvakadaro” (cf. vaEfeso. 2:5, 8)
3. PRESENT—“tirikuponeswa” (cf. vaKorinde. 1:18; 15:2)
4. FUTURE—“tichaponeswa” (cf. vaRoma. 5:9, 10; 10:9)

C. Tichitarisisa zvirevanguva zvezmazwi echiito, vapirikiri vanotsvaka chakaita kuti munyori wokutanga, asarudze kududza nyaya yake achishandisa chirevanguva chaangadai akashandisa. Chirevanguva chakajairika chokuti” hapana wedzero yezvisina mature” chaiva chirevanguva chezvaitika (AORIST). Chaiva chimiro chechirevanguva” chisina chaizvo zvachinonongedza, ““chisina chaizvo zvachinodoma, ““chisinga shanduriki.”Chinogona kushandiswa nenzira zhinji dzakasiyana, asi chirevo chechinyorwa ndicho chinofanira kupa rujeko rwechirevo. Chaingo doma chete kuti pane zvakaitika. Chirevo chenguva yekare chinotirwa muchirevo chepfungwa yokunongedza. Dai paine chimwewo chirevanguva chakashandiswa, zvaireva kuti paive nechinhu chaida kudomwa. Asi sechipi?

1. PERFECT TENSE. Ichi chinotaura nezvechiitiko chakaitika uye chine zvizibereko zvinoramba zvakadaro. Neimwe nzira waiva mubatanidzwa wechirevanguva chezvaitika nezvirikuitika. Kazhinji nyaya ndeye kutarisisa zvizibereko zvicharamba zvakadaro kana kupedza kuitwa kwechiito. Muenzaniso:vaEfeso. 2:5, 8, “makaponeswa uye mucharamba muchiponeswa.”
2. PLUPERFECT TENSE. Ichi chaiva chakaita sechirevanguva chezvaitika zvichisiyana chete pakuti pane ichi zvizibereko zvakatopera kare. Muenzaniso:” asi Petirosi akange amire panze pamusuo” (Johani. 18:16).
3. PRESENT TENSE. Ichi chinotaura nezve chiitiko chisina kupera kana chiitiko chaitika. Nyaya ndeyekutarira kuendamberi kwechiitiko.

Muenzaniso:” mumwe nomumwe anogara maari haaiti izvi” (1 Johani. 3:6&9).

4. IMPERFECT TENSE. Muchirevanguva ichi, hochekeche kuchirevanguva chezviri kuitika (PRESENT TENSE) ine ringanidzo nehochekeche pakati pechirevanguva chezviri kuitika niche zvakaitika kare zvikapera (PLUPERFECT). Chirevanguva ichi chinoreva zvaitika zvisina kupera asi nzvav zvakare kana kutanga kwechiitiko kareko. Muenzaniso:” zvino veJerusarema rose neJudhea nenyika yose yakapoteredza Jorodhani vakabudira kwaari” (Mateu. 3:5).
5. FUTURE TENSE. Ichi chinotaura nezve chiito chichaitika muneremangwana. Chaitarisa nezvekugoneka kwechiitiko kwete kuitika kwechiitiko chaiko. Chinowanzo taura nezvekuti zvokwadi chiitiko chinogona kuitika. Muenzaniso:” vakakomborerwa... vacha...”(Mateu. 5:4-9).

II. MATAURIRE

A. Mataurire ndiwo anoburitsa hochekeche pakati pechiito chezwi rechiito nemuiti.

B. ACTIVE VOICE ; Mataurire Wokuratidza kuita ndiwo chaiwo, unotarisirwa, usina wokusatsindikidza kuti anotaura ndiye aiva muiti.

C. PASSIVE VOICE; Izwi rinononedza kuitirwa, mataurire aya anoreva kuti mutauri haasiri iye muiti wechiito chinonongedzwa nezwi rechiito, asi aitoitirwa. Iye muitiri uyu ndiye aiburitswa mutestamende itsva yechiGiriki nezvirevamwene zvinotevera:

1. Muitiri chaye pazima uyo anorehwa nechirevamwene chokuti *hupo* pamwe nechirevo chokutsanangura kuparadzana ‘ABLATIVE CASE’ (Mateu. 1:22; Mabasa. 22:30).
2. Mumiriri wepazima anorehwa nechirevamwene chokuti *dia* pamwe nechirevo chokutsanangura kuparadzana ‘ABLATIVE CASE’ (Mateu. 1:22)
3. Muitiri asiri wepazima anorehwa kazhinji nechirevamwene chokuti *enpamwe* nechirevo chinonongedza kushandisa ‘INSTRUMENTAL CASE’
4. Nedzimwe nguva angava muitiri wepazima kana asiri wepazima, pamwe nechirevo chinonongedza kushandisa ‘INSTRUMENTAL CASE’ choga.

D. THE MIDDLE VOICE; Uyu mutaurire unoratidza kuti mutauri ndiye ari kuita chiitiko chiri kutsanangurwa nezwi rechiito. Ndiwo mutaurire unonongedza kuti mutauri ane chokuia nezviri kuitika. Kuumbwa kwemutsara uku kwaitindikidza kuita kwomuiti. kuumbwa uku hakuwanikwi muchirungu. Mataurire uyu uneshandurudzo dzakawanda muchiGiriki. Mimwe mienzaniso yekuumbwa kwemutsara uku ndeinotevera :

1. REFLEXIVE—tsanangudzo yechirevo chokuzvitira. Muenzaniso” akazvisungirira” (Mateu. 27:5)
2. INTENSIVE—Tsanangudzo yechirevo chokunongedza muiti. Muenzaniso:” satani anozvishandura achizviita mutumwa wechiedza” (2vaKorinde. 11:14).

3. RECIPROCAL—Izvi zvinoreva vaiti vaviri. muenzaniso:” vakarangana” (Mateu. 26:4).

III. CHIREVO CHEMAFUNGIRO” MOOD /MODE”

- A. Pane zvirevo zvemafungiro zvina mururimi rweKoine Greek. Zvioburitsa hukama hwemazwi echiito nezvirokwazvo iripo, mumaonero emunyori. Zvirevo zvemafungiro izvi zvinopatsanurirwa muzvikwata zviviri:icho chinonongedza zvirokwazvo (INDICATIVE) icho chinonongedza zvinogona kuitika (SUBJUNCTIVE, IMPERATIVE and OPTATIVE).
- B. INDICATIVE MOOD, Chirevo chemafunhiro ezvirokwazvo ndicho chinonongedza chiitiko change chaitika kana chakanga chichiitika maringe nemaonero omunyori. Ndicho chete chirevo chemafungiro emutauro wechiGiriki chaiburitsa nguva chaiyo yakaitika zvinhu, chero pano nyaya iyoyi haina kukosheswa.
- C. SUBJUNCTIVE MOOD, Chirevo chemafungiro ichi chinotsanangura zviitiko zvemuneremangwana. Pane chakanga chisina kuitika asi pane mukana wokuti chingango itika. Ichi chirevo chaifanana zvikuru niche” FUTURE INDICATIVE” musiyano ndowekuti che” SUBJUNCTIVE “chinoburitsa kusagutsikana. Mururimi rwechirungu izvi zvinowanzo dudzwa nemazwi okuti” zvinogona” “zvichango” “zvingango” “zvingagona.”
- D. OPTATIVE MOOD, Ichi chaiburitsa shuviro iyo yaigona kuitika pamafungiro. Ichi chainzi chinenge chiri kure nezvirokwazvo kudarika che’SUBJUNCTIVE.’ Che’OPTATIVE ‘chinonongedza kuti zvinhu zvingangoitika maringe nemamiriro anenge akaita zvinhu. Ichi chirevo chemafungiro chaisanyanya kuwanikwa mutestamende itsva. Chakanyanya kushandiswa muzvinyorwa zvaPauro apo paanoti “haisva” (KJV, “haisva”), chichishandiswa kagumi netatu (cf. vaRoma. 3:4, 6, 31; 6:2, 15; 7:7, 13; 9:14; 11:1, 11; 1vaKorinde. 6:15; vaGaratiya. 2:17; 3:21; 6:14). Mimwe mienzaniso inowanikwa munavaTearonika. 1:38, 20:16, Mabasa. 8:20, navaTearonika. 3:11.
- E. IMPERATIVE MOOD, Ichi chirevo chaireva murayiro waigoneka, asi kumikidzo yaiva pachinangwa chemutauri. Chaireva kugoneka kunechokuita nesarudzo yomumwe. Paiva nenzira yemashandisirwo aaitwa chirevo ichi muminyengerero pamwe nemuchimiro chokukumbira somunhu wetatu. Mirayiro iyi yaiwanikwa iri muchimiro chezvirevanguva zvezvirikuitika nezvakaitwa mutestamende itsva.
- F. Zvimwe zvivakamutauro zvinopatsanura zvreanguva zvemazwi echiito se mhando dzezvirevo zvemafungiro. Izvi zvinoitwa zvikuru muchiGiriki chetestamende itsva, zvinonyanya kududzirwa sezvipauro zvmatauriro. Zvinoshandurudzwa pamwechetepo nezwi rechiito razviine hochekeche naro. Zvizhinji zvazvo zvakagoneka pakushandurudza zvreanguva zvemazwi

echiito. Zvinobatsira kuringanidza shandurudzo dzechirungu dzakawanda. Bhuku rakanyorwa navaBarker rinonzi, bhaibheri mushandurudzo makumi maviri nenhanhatu” *The Bible in twenty six Translations*” ringabatsira zvikuru panyaya iyi.

G. AORIST ACTIVE INDICATIVE, Ndiyo yaiva nzira chaiyo yokunyora zviitiko” isina chaizvo zvainodoma”. zvimwewo zviirevanguva, mutauriro waivawo nokukosha pakupirikira izvo zvaida kurehwa nomunyorori.

- IV. Kumunhu asinga zive mutauro weGiriki mabhuku anotevera anogona kubatsira:
- A. Fireberg, Barbara and Timothy. *Analytical Greek New Testament*. Grand Rapids:Barker, 1988.
 - B. Marshal, Alfred. *Inerlinear Greek-English New Testament*. Grand Rapids:Zondervan, 1976.
 - C. Mounce, William D. *The Analytical lexicon to the Greek New Testament*. Grand Rapids:Zondervan, 1993.
 - D. Summers, Ray. *Essentials of New Testament Greek*. Nashville:Broadman, 1950.
 - E. Academically accredited Koine Greek correspondents courses are available through Moody Bible Institute in Chicago, IL.”zvidzidzo zve mutauro wechiGiriki zvinowanika kuchikoro cheMoody Bible institute kuChicago, IL.

V. MAZITA” NOUNS”

- A. Muzvidzidzo zvokurongwa kwemazwi, MAZITA ano patsanurwa maringe nemamiriro awo. Mamiriro ezita ayo anoburitsa sungano yaro nezwi rechiito pamwe nezvimwe zvikamu zvomutsara. Mururimi rweKoine Greek mamiriro mazhinji ekushanda kwemazita uku kuno ratidzwa nezvirevamwene. Sezvo mamiriro ari iwo anodudza sungano dzaro dzakasiyana siyana, chirevamwene ndicho chaizo dudza zvakajeka sungano dzemashandiro aya.
- B. Mamiriro emazita echiGiriki anopatsanurwa nenzira sere dzinotevera:
 1. NOMINATIVE CASE. Chimiro chezita ichi ndicho chaishandiswa kudoma uye ndicho chaitakura chirevo chomutsara kana ganhuro. Chaishandiswawo kunongedza mazwi anopa chirevo chechikamu chomutsara (PREDICATE NOUNS) pamwe nezvipauro zvinobatanidzwa nemazwi echiito sokuti” kuva” kana” kuzova.”
 2. GENITIVE CASE. Ichi chaishandiswa kutsanangura uye chaidudza chirevo chemaitiro kana mamiriro kuizwi rachinenge chine sungano naro. Chaipindura mubvunzo, sokuti “chirudzii?” chaiwanzo shandiswa pamwe nechirevamwene chokuti” ku, kwa, zva.”
 3. ABLATIVE CASE. Chaishandisa muchimiro chimwechete neGENITIVE, asi icho chaishandiswa kutsanangura mharadzaniso. Chainyano shandiswa kutsanangura mharadzano dzenguva, muhasva, mabviro kana danho. Chaiwanzoshandiswa pamwe nechirevamwene chokuti” kubva ku, kwa, “

4. DATIVE CASE. Chaishandiswa kutsanangura zvaitarisitwa pauzima. Izvi zvaigona kuva zvakanaka kana zvakaipa. Kazhinji ichi chaiva chipamaso. chaiwanzo shandiswa pamwe nechirevamwene chokuti” kuna.”
5. LOCATIVE CASE. Chaiva muchimiro chimwechetecho necheDATIVE, asi ichi chaitsanangura nzvimbo kana nzvimbo mumuhasva, munguva, kana mumhenderekedzo dzomurangariro. chaiwanzoshandiswa nechirevamwene chokuti” mu, pamu, pa, mukati, panguva, ne, pamu, uye kunze kwe.”
6. INSTRUMENTAL CASE. Chaiva muchimiro chimwechetecho necheDATIVE necheLOCATIVE, Ichi chaireva zvishandiswa kana sungano. chaishandiswa pamwe nechirevamwene chokuti” ne, na”
7. ACCUSATIVE CASE. Ichi chaishandiswa kutsanangura kupera kwechiito. chaitsanangura mhenderekedzo. chaisahandiswa kunongedza zviripo chaizvo. chaipindura mubvunzo wokuti” kure zvakadii?” kana” zvakadii?”
8. VOCATIVE CASE. Ichi chaishandiswa kutura nyaya kana kutaura nemunhu kana vanhu pachena.

VI. MAZWI OKUBATANIDZA MITSARA NOKUIPA SUNGANO (CONJUNCTIONS AND CONNECTORS)

- A. Mutauro weGiriki unehudonongodzwa hwakawanda nokuti une mazwi anopa sungano akawanda. Anopa sungano kumafungiro (zvitsauko, mitsara neganhuro). Mazwi aya akajairika zvikuru zvokuti kusavapo kwawo kinoto kangana kuongororwa nokupirikirwa kwezvinyorwa. Kwazvo kwazvo mazwi okubatanidza nokupa sungano aya ndiwo anoratidza gwara remafungiro emunyorori. Anokosha zvikuru pakuona kuti chii chaicho chaida kutaurwa nemunyorori.
- B. Heino donongodzo yemazwi okubatanidza neekupa sungano nezvirevo zvawo (horokodzwa ino yakapemhenwa kubva muchinyorwa chava H. E. Dana navaJulius K. Mantey chinonzi ‘gwara rezvivakamutauro zvetestamende itsva yechiGiriki’ (*A Manual Grammar of the Greek New Testament*)).
 1. Mazwi anopa sungano yenguva
 - a) *Epei, epeid e, hopote, hōs, hote, hotan* (SUBJ.) —“riini”
 - b) *Heōs*—“apo”
 - c) *Hotan, epan* (SUBJ.) —“Chero riini”
 - d) *Heōs, achri, mechri* (SUBJ.) —“kusvikira”
 - a. *Priv* (infin) —“kusati”
 - b. *Hōs*—“kubvira, ““riini, ““se”
 2. Zvinopa sungano yemuronga
 - a. Chinangwa
 - 1) *Hina* (SUBJ.), *hopōs* (subj.), *hōs*—“nokuda kwokuti, ““kuti”
 - 2) *Hōste* (ARTICULAR ACCUSATIVE INFINITIVE) —“kuti”
 - 3) *Pros* (ARTICULAR ACCUSATIVE INFINITIVE) kana *eis* (ARTICULAR ACCUSATIVE INFINITIVE) —“zvokuti”
 - b. Zvibereko (pane sungano yakasimba pakati pezvimiro zvezvinangwa zvezvivakamutauro nezvibereko)

- 1) *Hōste* (INFINITIVE, ichi ndicho chakajairika) —“nokuda kwokuti, ““saizvozvo”
 - 2) *Hiva* (SUBJ.) —“kuti zvi”
 - 3) *ara*—“saka”
- c. Honzeri kana musaka
- 1) *Gar* (honzeri/zvibereko kana musaka/mhendero) —“zva, ku, “nokuti”
 - 2) *Dioti, hotiy*—“nokuti”
 - 3) *Epei, epeide, hōs*—“kubvira”
 - 4) *Dia* (neACCUSATIVE) pamwe (neARTICULAR INFIN) —“nezvokuti”
- d. emhendero
- 1) *Ara, poinum, hōiste*—“naizvozvo”
 - 2) *dio* (izwi rinopabatanidzo yemhendero yakasimbisisa) —“pamusoro pokuti, ““nokuda kwazvo, ““naizvozvo”
 - 3) *oun*—“naizvozvo, ““saka, “zvino, ““zvadarō”
 - 4) *toinoum*—“zvadarō”
- e. okupikisa kana kuratidza musiyano
- 1) *alla* (izwi rakasimba rokuratidza musiyano) —“asi, ““kunze kwe, kwa”
 - 2) *de*—“asi, ““zvisineyi, “izvozvo, ““norumwe rutivi”
 - 3) *kai*—“asi”
 - 4) *mentoi, oun*—“zvisineyi”
 - 5) *plen*—“nyangwe” (kazhinji munaRuka)
 - 6) *oun*—“zvisineyi”
- f. muenzaniso
- 1) *hōs, kathōs* (rinotura ganhuro dzomusiyano)
 - 2) *kata* (mumazwi emubatanidzwa, *katho, kathoti, kathōsper, kathaper*)
 - 3) *hosos* (munavaHebheru)
 - 4) *e*—“kudarika”
- g. Anotsanangura bindirira kana mukata mukata
- 1) *de*—“pamwe, ne, ““zvino”
 - 2) *Kai*—“na, ne, “
 - 3) *tei*—“na, ne”
 - 4) *hina, oun*—“kuti”
 - 5) *oun*—“zvino” (munaJohani)
3. Kushandisa kwekumikidzo
- a. *alla*—“zvokwadi, ““hongu, ““pakuti”
 - b. *ara*—“zvedi, ““zvokwadi, ““chokwadi”
 - c. *gar*—“asi chokwadi, ““zvokwadi, ““zvedi”
 - d. *de*—“zvokwadi”
 - e. *ean*—“chero”
 - f. *kai*—“chero, ““zvokwadi, ““chokwadi”
 - g. *mentoi*—“zvokwadi”
 - h. *oun*—“chokwadi, ““nenzira dzose”

VII. MITSARA INECHIMIRO CHOKUVA YECHOKWADI KUBVA PAMAONERO OMUNYORI

- A. **CONDITIONAL SENTENCE.** Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yekuva wechokwadi, paganhuro, ungava mumwe kana mizhinji. Chivakamutauro ichi chinobatsira pakupirikira nokuti chinopa shongedzo yemamiro, misaku kana zvikonzero zvokuti sei chiitiko chezwi rechiito chichiitika kana kusaitika. Kwaiva nemhando ina dzemitsara ineshongedzo. Inobva pane uyo uneshongedzo yekuva wechokwadi kubva pamaonero omunyori kusvika kunouyo waingori shuviro.
- B. **FIRST CLASS CONDITIONAL SENTENCE.** Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yekuva wechokwadi kubva pamaonero munyori chero zvazvo wakataurwa nezwi rokuti” kana.”Mune zvimwewo zvirevo zvezvinyorwa unogona kushandurudzwa uchinzi “zvazviri” (cf. Mteu. 4:3; vaRoma. 8:31). Zvisineyi izvi hazvirevi kuti mitsara yose yakadai ndeyezvokwadi. Kazhinji yaingoshandiswa kuburitsa nyaya padoritori kana kusimudzira gakava (cf. Mateu. 12:27).
- C. **SECOND CLASS CONDITIONAL SENTENCE.** Uyu mutsara unowanzo buda uchiti “zvingaenderane nezviripo.”Uyu mutsara unodoma imwe nyaya isiri yechokwadi senzira yekuburitsa chokwadi. Mienzaniso:
1. “kana aive muporofita, izvo zvaasiri, Aigona kuziva hunhu nokuti mukadzi akamubata ndiyani, asi haazive” (Thess. 7:39).
 2. “nokuti dai msaitenda Mosesi, mungadai mainditenda ini, asi hamunditendi” (Johani. 5:46).
 3. “Nokuti zvino ndinoita ushamwari navanhu here, kana naMwari?kana ndinotsvaka kufadza vanhu here?kana ndaifadza vanhu nazvino, handizaiva muranda waKristu (vaGaratiya. 1:10).
- D. **THIRD CLASS CONDITIONAL SENTENCE.** Uyu ndiwo mutsara unotaura nezvechiitiko chiri muneremangwana. Unonyanya kutaura nezvekuti chiitiko chingangoitika. Unowanzoreva nezve hurongwa hwemberi. Chiito chinorehwa nezwi rechiito chine chirevo cheremangwana sechinonongedzwa nevara rokuti” kana”. Muenzaniso, munaJohani. 1:6-10; 2:4, 6, 9, 15, 20, 21, 24, 29; 3:21; 4:20; 5:14, 16.
- E. **FOURTH CLASS CONDITIONAL SENTENCE.** Uyu ndiwo mutsara urikure nechokwadi. hauwanikwi mutestamende itsva. Kwazvo kwazvo, hapana mutsara werudzi urwu unobuda wakaperera zvokuti nhengo dzawo dzienderane nedudziro. Muenzaniso wemutsara wemhando iyi uri mumutsara wezaruro munaPetirosi. 3:14. Muenzaniso wemutsara wemhando iyi uri wemhendero uri munaMabasa. 8:31.

VIII. MHINGO (PROHIBITIONS)

- A. **PRESENT IMPERATIVE** une **ME PARTICIPLE.** Uyu ndiwo mutsara uneshongedzo yokumisa (asi kwete iwo woga) zvinhu zviri kuitika. Mienzaniso ndeinoti” regai kuzviunganidzira pfuma pasi pano...”(Mateu. 6:19) ; “regai kufunganya pamusoro poupenyu hwenyu...”(Mateu. 6:25) “regai kupira miviri yenyu kuzvivi sezvombo zvokuitisa zvivi...”(vaRoma. 6:13) ; “regai kuchemedza Mweya mutsvene waMwari...”(vaEfeso. 4:30) ; “regai kudhakwa newaini...”(5:18).
- B. **AORIST SUBJUNCTIVE** une **ME PARTICIPLE.** Uyu mutsara unopa kumikidzo yokuti” usatombo ita kana kufunga zvokuita.”Mienzaniso :” musafunga kuti...”(Mateu. 5:17) ; “muafunga muchiti tichadyei...”(Mateu. 6:31) ; “usanyadziswa...”(2 Timoti. 1:8).
- C. **DOUBLE NEGATIVE** uine **SUBJUNCTIVE MOOD.** Uyu mutsara unoburitsa kuramba zvinesimba.”kwete kwete “kana “chero zvikadii.”Mienzaniso:” zvirokwazvo

ndinoti kwete hangatongooni rufu” (Johani. 8:51) ; “kwete, kwete handingatongo...”(1vaKorinde. 8:13).

IX. IZWI RINOTEVERWA NEZITA (ARTICLE)

A. Mururimi rweKoine Greek, izwi rinodudza zita (DEFINITE ARTICLE) serokuti” iyo, iye” ‘*the*’raishanda sezvarinoita kuchirungu. Basa raro guru raiva rokunongedza, kupa chirevo kuizwi rarinotevera, sezita kana mutsara. Mashandisirwo anosiyana siyana pamunyori umwe noumwe mutestamende itsva. Izwi iri (DEFINITE ARTICLE) rinogona kushanda :

1. Nenzira yokuratidza musiyano sezwi rinesungano nezita rinechirevo cheratidzo;
2. Sechiratidzo chokuyechidza nezve nyaya yambotaurwa kana munhu;
3. Senzira yokududza nhaurwa mumutsara, pamwe nesungano yezwi rechiito. Mienzaniso:” Mwari ndiMweya, “Johani. 4:24; “Mwari ndiye chiedza, “1Johani. 1:5; “Mwari ndiye rudo, “4:8, 16.

B. Mutauro weKoine Greek wainge usina izwi rising dudzi zita serechirungu romupanda wokuti” i” ‘*a, an.*’kusavapo kwezwi rinodudza zita, kwaigona kureva kuti

1. Kutarisiswa kwemaitiro kana chimiro chazviri kutaurwa nezvazvo
2. Kutarisiswa kwemupanda wechinhu

C. Vanyori vetestamende itsva vaisiyana zvikuru panyaya yokuti izwi iri (ARTICLE) raishandiswa sei.

X. NZIRA DZOKURATIDZA KUMIKIDZO MUTESTAMENDE ITSVA YECHIGIRIKI

A. Mabhindauko okuratidza kumikidzo anosiyana kumunyori woga woga mutestamende itsva. Vanonyatso nyora zvakatsetseka ndiRuka nemunyori wevhangeri yavaHebheru.

B. Tadonongodza kare kuti izwi rechiito rinoreva zvaitika raiitirwa kuburitsa tsindikidzo, asi zvimwewo zvirevanguva, mataurire kana chirevo chemafungiro zvaikoshawo pakupirikira. Izvi hazvirevi kuti izwi rechiito rinoreva zvaitika rakanga risingashandiswe nenzira yakakosha yezvivakamutauro. Muenzaniso:vaRoma. 6:10 (kaviri).

C. Marongerwo emazwi mururimi rweKoine Greek

1. Mutauro weKoine Greek waiva uri mutauro waishanduka maringe nemataurirwo awaitwa, waisaumbwa nokurongeka kwemazwi sezvinoita chirungu. Naizvozvo munyori aigona kushandura murongerwo wemazwi senzira yokuratidza:

- a. Zvaaida kutsindikidza kumuverengi
- b. Zvaafunga kuti zvaizoshamisa muverengi
- c. Zvaainzwa iye mumwoyo make

2. Nyaya yokurongedzeka kwemazwi mumutauro wechiGiriki, haisiri nyaya yati yava nokujeka. Murongerwo unotarisirwa kuvapo ndeunoti:

a. Kuisa sungano mumazwi echiito (VERBS)

- 1) Izwi rechiito
- 2) Nyaya irikutaurwa nezvayo kana mutauri
- 3) Mazwi okuzadzisa mutsara

b. Mazwi echiito anodudza sungano

- 1) Izwi rechiito
- 2) Nhaurwa
- 3) Chokutaura nezvacho

- 4) Chipamaso
- 5) Mutsara wechirevamwene
- c. Zvemitsara yemazita
 - 1) Zita
 - 2) Izwi rokurunga
 - 3) Mutsara wechirevamwene
3. Kurongwa kwemazwi kunogona kukosha zvikuru mukupirikira. Mienzaniso:
 - a. “ruoko rworudyi vakapa kwandiri naBhanabhasi, kuyanana” (vaGaratiya. 2:9). mutsara wokuti” ruoko rworudyi rwokuyanana” wakapatsanura ndokuiswa pokutanga kuratidza kukosha kwawo.
 - b. “naKristu” (vaGaratiya. 2:20), uyu mutsara wakaiswa pokutanga. kufa kwake kwaikosha.
 - c. “zvaiva zvishoma nezvishoma uye nenzira dzakawanda” (vaHebheru. 1:1) uyu mutsara wakaiswa pokutanga. Apa pairinganidzwa nzira iyo Mwari akazviratidza nayo, kwete
- D. Kazhinji kumikidzo inoratidzwa noku:
 1. Kudzokororwa kwezwi rinesungano nezita iro rakanga ragara riri muchimiro chemataurirwo ezwi rechiito. Muenzaniso:” ini, pachangu, zvokwadi ndichava nemi...”(Mateu. 28:20).
 2. Kusavapo kwezwi rinobatanidza iro rinotarisirwa kuvapo, kana rimwe rinopa sungano pakati pemazwi, ganhuro kana mitsara. Izvi zvinodanwa kuti” asyndeton” kureva ‘kushaya sungano. ‘Izwi rokupa sungano raitarisirwa, saka kusvapo kwaro kunokatyamadza. Mienzaniso:
 - a. Mazwi emadanha, Mateu. 5:3ff (yakakumikidza denengudzo)
 - b. Johani. 14:1 (nhaurwa itsva)
 - c. vaRoma. 9:1 (mbadzi itsva)
 - d. 2vaKorinde. 12:20 (yakakumikidza denengudzo)
 3. Kudzokororwa kwemazwi nemitsara nemazwi ayo ari muchirevo chechinyorwa. Mienzaniso:” kukurumbidzwa kwokubwinya kwake” (vaEfeso. 1:6, 12 &14). Uyu mutsara wakashandiswa kuratidza basa remumwe nemumwe wevanhu vaMwari vatatu mumwe.
 4. Kushandiswa kwedimikira kana dambanezwi (mutengenera) pakati pemazwi
 - a. Manatsamukanwa—kutsivanisa mazwi panyaya dzinoera kutaura sokuti” kurara” kuchirehwa rufu (Johani. 11:11-14) kana kuti “tsoka” kureva nhengo yemunhurume (Rute. 3:3:7-8; 1 Samueri. 24:3).
 - b. Chibhende—kutsivanisa mazwi kureva zita raMwari, sokuti” hushe hokudenga” (Mateu. 3:21) kana “izwi rakabva kudenga” (Mateu. 3:17).
 - c. Zvimiro zvomutauro
 - 1) Gudzanyaya risingadairiki (Mateu. 3:9; 5:29-30; 19:24).
 - 2) Mitsara inounyoro (Mateu. 3:5; Mabasa. 2:36).
 - 3) Mazwi ari muchimiro chomunhu (1vaKorinde. 15:55).
 - 4) Bempera (vaGaratiya. 5:12)
 - 5) Mivaravara yenhetembo (vaFiripi. 2:6-11).
 - 6) Rudengenero pakati pemazwi
 - a. “kereke”
 - 1) “kereke” (vaEfeso. 3:21)

- 2) “kudanwa” (vaEfeso. 4:1, 4)
- 3) “akadanwa” (vaEfeso. 4:1, 4)
- b. “sunungura”
 - 1) “mukadzi akasununguka” (vaGaratiya. 4:31)
 - 2) “rusunguko” (vaGaratiya. 5:1)
 - 3) “sununguka” (vaGaratiya. 5:1)
- d. Mutauro wemadimikira—Uyu mutauro unechekuita netsika nemagariro uye unosiyana maringe nerurimi rwuri kutaurwa:
 - 1) Ichi chaiva chibhende chokureva “zvokudya” (Johani. 4:31-34).
 - 2) Ichi chaiva chibhende chokureva kureva” tembere” (Johani. 2:19; Mateu. 26:61).
 - 3) Iri raiva dimikira rechiHebheru rokureva tsitsi, “kuvenga” (Genesi. 29:31; Dhuteronomi. 21:15; vaTesaronika. 14:36; Johani. 12:25; vaRoma. 9:13).
 - 4) “vose” maringe ne” vazhinji.”enzanisa izwi rokuti (“vose”) riri munaIsaya. 53:6 nerokuti (“vazhinji”) riri munaIsaya, 53:11&12. Mazwi aya anofambirana sezvinoratidzwa munavaRoma. 5:18 na19.
 - 5) Kushandiswa kwemutsara wose wakazara kunze kwezwi rimwechete. Muenzaniso:” Ishe Jesu Kristu.”
 - 6) Kushandiswa kunokosha kwezwi rokuti *autos*
 - a. Kana riine izwi rinodudza zita (attributive position), raishandurudzwa richireva kuti” zvimwechetezvo.”
 - b. Kana risina izwi rinodudza zita (predicate position) raishandurudzwa richiva nemataurire etsnangudzo yezwi rinesungano nezita romuiti (INTENSIVE REFLEXIVE PRONOUN) richireva—kuti “iye pachake’nechirevo chechirume”” kana” iye pachake’nechirevo chechikadzi’ “kana “icho, iyo...’nechirevo chokureva chinhu’.”
- E. Munzveri wemagwaro asiri wechiGiriki anogona kudoma kumikidzo nenzira dzakawanda:
 1. Nokushandisa duramazwi reongororo kana zvinyorwa zveshandurudzo yechiGiriki nechirungu.
 2. Enzaniso yeshandurudzo dzechirungu, kunyanya idzo dzakanyorwa kubva pamaonero okushandurudza akasiyana. Muenzaniso:kuenzanisa “shandurudzo yezwi roga roga” (KJV, NKJV, ASV, NASB, RSV, NRSV) nedzimwewo shandurudzo” dzakanyorwa nounyanzvi” (Williams, NIV, NEB, REB, JB, NJB, TEV). Rimwewo gwaro rinogona kubatsira zvikuru, ndeiro rakatsikiswa navaBarker rinonzi, bhaibheri mushandurudzo makumi maviri nenhanhatu” *The Bible in twenty-six translations.*”
 3. Nokushandisa bhaibheri rine kumikidzo” *The Emphasized Bible*” rakanyorwa navaJoseph Bryant Rotheham (Kregel, 1994).
 4. Nokushandisa shandurudzo yakareruka
 - a. Bhaibheri rakanyorwa kuAMERICA’*The American Standard Version of 1901*
 - b. Shandurudzo yavaRobert Young yeBhaibheri” *Young’s Literal Translation of the Bible*” (Guardian Press, 1976).

Kudzidza zvivakamutauro ibasa rinonetsa asi rinokosha kuitira kupirikira kwakanaka. Dudziro, tsoropodzo nemienzaniso iyi yakaitirwa kukurudzira nokubatsira avo vasingataure rurimi rwechiGiriki kuti vashandise pakuverenga chinyorwa chino. Zvokwadi dudziro idzi

dzakarerutswa zvikuru. Hadzifanire kushandiswa nenzira yokukakavara, noukukutu, asi sezambuko rokuenda mukunzwisisa kurongwa kwemazwi emutestamende itsva. Tine tariro yokuti dudziro idzi dzichabatsira vaverengi kunzwisisa dzimwewo tsoropodzo idzo dzakanyorwa senzira dzokubatsira kunzwisiswa kwetestamende itsva.

Tinosungirwa kuva nezvokwadi yekupirikira kwedu igere pahwaro hwe horokodzwa yezvinyorwa zvinowanikwa mubhaibheri. Zvivakamutauro ndizvo zvimwe zvezvo zvezvinobatsira; zvimwe zvacho ndezvinosanganisira nhoroondo, zvidzidzo zvezvinyorwa, mashandisirwo emazwi mazuva ano nemivaravara inofambirana.

HOROKODZWA YOKUPETA GWARO YEPIRI

ONGORORO YECHINYORWA

Chidzidzo chino chichabatwa nenzira yokutsanangura zvakanorwa muchinyorwa zviri mutsoropodzo ino. Donongodzo inotevera ndiyo ichashandiswa

1. Zvinyorwa zvinowanikwa mubhaibheri redu rechirungu
 - A. Testamende yekare
 - B. Testamende itsva
2. Tsanangudzo muchidimbu yematambudziko nemafungiro e” ongororo yepasi” iyo inozivikanwawo sokuti” ongororo yechinyorwa.”
3. Zvimwewo zvinyorwa zvinokurudzirwa kuverenga
 1. zvinyorwa zvinowanikwa mubhaibheri redu rechirungu

A. Testamende yekare

1. Mesoteric Text (MT) Ichi chinyorwa chemavara orugadagada chakanorwa nomumwe mudzidzisi wechiJudha ainzi Aquiba mugore raA. D. 100. Mamwewo mavara akaita seayo anodudza ruzha, matauriro, mihoozira inoshandiswa kurongedza chinyorwa nezvimwewo zvakanotanga kuwedzerwa mumakore mazana matanhatu okutanga (Sixth century. A. D) Uye basa iri rakazopedzwa mumakore mazana mapfumbamwe okutanga (ninth century. A. D) Basa iri rakaitwa neboka revanzveri vemagwaro vechiJudha raidanwa kuti “The Mesorettes.” Runyoro rwavakashandisa runofanana nerwakashandiswa pakunyora magwaro anoti reMishnah, Talmud, Targums, Peshiita nereVulgate.
2. Septuagint (LXX) —Zvinotaurwa zvichinzi bhaibheri iri rakanyorwa nevanzveri vemagwaro vechiJudha makumi manomwe (70) mukati memazuva makumi manomwe (70 days) richinyorerwa jengeta magwaro reAlexandria, zvichibhadharirwa naMambo Ptolemy wechipiri mumakore (285-246 B. C). Shandurudzo iyi inonzi yakanga yakumbirwa neumwe wevatungamiri vechiJudha aigara muAlexandria. Nyaya iyi iri mutsamba yaAristeas” *letter of Aristeas.*” Bhaibheri reLXX raive rakanyorwa norunyoro rumwewo rwechiHebheru rwaiye mudzidzisi wechiJudha ainzi Aquiba (MT).
3. Dead Sea Scrolls (DSS) —Aya magwaro akanyorwa muRoma munguva yokunge Kristu asati azvarwa (200 B. C –A. D 70) kusvika pamakore makumi manomwe Kristu akwira kudenga, nevanyori verimwewo bande revaJudha raidanwa kuti” Essenes” kureva avo vaidzidzisa kusafarira zvepanyika. Zvinyorwa zvechiJudha, izvo zvakanwanikwa munzvimbo dzakapoteredza dunhu reDead Sea anoratidza kusiyana nezvimwe zvakaaita seMT ne LXX.
4. Mimwe mienzaniso inoburitsa kuti kuenzaniswa kwezvinyorwa izvi kwakabatsira vapirikiri vemagwaro kunzwisisa testamende yekare ndeinotevera:
 - a. Bhaibheri rechiGiriki rakare (LXX) rakabatsira vashandurudzi nevanzveri vemagwaro kunzwisisa (MT)
 - 1) Bhuku yaIsaya. 52:14 iri muLXX inoti, “vazhinji vachashamiswa naye.”
 - 2) Bhuku yaIsaya. 52:14 iri muMT inoti, “nevazhinjiwo vakashamiswa pamusoro pako”

- 3) MunaIsaya 52:15 musiyano wezwi rinesungano nezita remugwaro reLXX unobuda pachena
 - a. LXX, “Sizvozvo achavhundusa marudzi mazhinji”
 - b. MT, “Saizvozvo anosasaidza marudzi mazhinji”

b. Magwaro e DSS akabatsira vashandurudzi vakaeanda kuit vanzwisise bhaibheri reMT

- 1) Bhuku yaIsaya. 21:8, iri muDSS, inoti, “zvino muoni akadanidzira, pamusoro peshongwe yokurinda ndimire...”
- 2) Bhuku yaIsaya. 21:8, iri muMT, inoti, “zvino ndakadanidzira seshumba !ishe wangu, ndinogara ndakamira pamusoro peshongwe yokurinda misi yose...”

c. Ose magwaro ari maviri aya reLXX nereDSS akabatsira pakujekesa bhuku yaIsaya. 53:11

- 1) Gwaro reLXX nereDSS anoti, “mushure mokutambura kweMweya wake, achaona choiedza, achagutsikana”
- 2) Gwaro reMT rinoti, “achaona zvaakatamburira noMweya wake, achagutswa “

B. Tetsamende itsva

1. Kune magwaro anodarika zviuru zvishanu zvine mazana matatu (5 300), zvechiGiriki kana zvikamu zvetestamende itsva yechiGiriki zvichiripo pazuva ranhasi. Zvingasvika makumi masere nezvishanu zvakanyorwa mugwaro rePapyri uye zvinosvika mazana maviri nemakumi matanhatu aneshanu zvakanyorwa norunoro rwakare (uncials). Pava paye, mumakore mazana mapfumbamwe okutanga (ninth century A. D) chinyorwa chorunoro rudiki chakazoitwa. Zvinyorwa zvechiGiriki zvakanyorwa parizvino zvinosvika zviuru zvivi zvine mazana manomwe (2 700). tine zvimwewo zvinyorwa zvakadonongodzwa zvaishandiswa pakunamata zvinodanwa kuti magwaro edonongodzo yeshoko (lectionaries)
2. Mamwewo magwaro anezvinyorwa zvinosvika makumi masere neshanu izvo zvine zvimwe zvikamu zvetestamende itsva zvakanyorwa paPapyri zviriri mumatura enhoroondo. Zvimwe zvinoratidza kuit zvakanyorwa makore mazana maviri okutanga (2nd century A. D.) Asi mazhinji acho akanyorwa mumakore mazana matatu kusvika pamazana mana okutanga (3rd & 4th century A. D.) Hapana kana rimwechete zvaro pakati pawo rinetestamende itsva yakazara. Kuva kwawo magwaro akare etestamende itsva hakurevi kuti ane misiyano mishoma. Mazhinji emagwaro aya akanyorwa zvechimbichimbi achida kushandiswa. Pakunyorwa apa hapana kunyiso tarisiswa. Naizvozvo, ane misiyano yakawanda.
3. Gwaro reCodex Sinaiticus, iro rinozivikanwa nevara rechiHebheru rokuti N (*aleph*) kana (01), iro rakawanikwa paimba yokunamatira yeSt Catherine pagomo reSinai naTischendorf. Iri gwaro rinoratidza kuti rakanyorwa mumakore mazana mana okutanga (4th century A. D.) Uye rinetestamende yakare yeLXX pamwe testamende itsva yechiGiriki. Yakanyorwa norunoro rwemhando ye” Alexandrian.”
4. Gwaro reCodex Alexandrian iro rinozivikanwa nevara “A” kana (02), iri gwaro rechiGiriki rakanyorwa mumakore mazana mashanu okutanga (5th century A. D.) rakawanikwa muAlexandria, KuIjipita.

1. Wakaunzwa nokusanyatso bata magwaro zvakanaka (kazhinji kacho)
 - a. Kusaona zvakanaka pakunyora uko kwaizo konzera kuti pave nokunyorwa kwechikamu chepiri chemazwi akafanana, zvichizoita kuti mazwi ari pakati asanyorwa (homioteleuton)
 - 1) Kusaona zvakanaka uko kunokonzera kusanyorwa kwezwi rine mavara maviri kana mutsara kunonzi (haplography)
 - 2) Kusaona zvakanaka mundangariro nokudzorora mutsara kana mukwava wechinyorwa chechiGiriki (dittography)
 - b. Kusanzwa zvakanaka pakunyorwa nhorondo yokuudzwa uko kunokonzera kusanyoreka zvakanaka kwezviperengo (itacism). kazhinji ksanyoreka kwezviperengo uku kwaireva kuti painyorwa rimwewo izwi rinofambirana pamataurirwo nerino fanira kunyora.
 - c. Zvinyorwa zvakare zvechiGiriki zvakanga zvisina mhatsanuro yezvikamu kana ndima mihoozera inopatsanura kana kubatanidza mazwi yaiva mishoma kana kusatovapo zvachose. Naizvozvo zvinogoneka kupatsanura mazwi mumitsara yakasiyanasiyana uchiumba mazwi matsva asiri iwo aivapo kare
2. Zvakaiywa nokuda
 - a. Shanduko dzakaitirwa kuvandudza chimiro chezvivakamutauro zvezvinyorwa zvakananyorwa
 - b. Shanduko dzakaitirwa kuti zvinyorwa zvifambirane nezvimwe mubhaibheri (harmonization of parallels)
 - c. Shanduko dzakaitirwa kubatanidza zvinyorwa zvakasiyana, zviviri kana zvinoraudza pachiburitswa chimwechete chakareba (conflation)
 - d. Shanduko dzakaitirwa kugadzirisa matambudziko aonekwa muzvinyorwa (cf. 1vaKorinde. 11:27 na1Johani. 5:7-8)
 - e. Imwe horokodzwa yenhoroondo yakawedzerwa ichiiswa mujinga mechinyorwa noumwe munyori iyo yayitirwa kupirikira zvakanaka chinyorwa asi yakazoiswa muchinyorwa nomunyori wepiri (cf. Johani. 5:4)
- B. Maitirwo ebase rokuongorora magwaro (misimboti yokutema mabviro omaverengerwo egwaro kana paita musiyano)
 1. Iro gwaro rine zvivakamutauro zvine unjonjoronjo kana manyorerwo asina kujairika ndiro rinogona kubva gwaro chairo remabviro
 2. Icho chinyorwa chipfupi pane zvole chinogona kuva icho chemabviro
 3. Chinyorwa chakare kare ndicho chinopiwa ruremekedzo rwekuva chemabviro nokuda kwekuva pedo nenguva yemabviro, kana zvimwe zvole zvichiringana
 4. Magwaro e MSS anobva kunzvimbo dzakasiyana siyana, kazhinji ndiwo ane zvinyorwa zvemabviro
 5. Zvinyorwa zvine dzidziso yemanatiro isina kusimba, kunyanya izvo zvine hochekeche nenhaurirano yezvidzidzo zvouMwari zvenguva yakaitika shanduko yezvinyorwa, senyaya yaMwari vatatu mumwe yemuna1Johani. 5:7-8, zvinofanira kutarisiswa.
 6. Zvinyorwa zvinokwanisa kupa tsanangudzo yakakwana yemabviro ezvimwewo zvinyorwa
 7. Mapoka maviri emazwi anobatsira kuratidza nengaidzo yezvinyorwa zvakasiyana izvi

- a. Bhuku rava J. Harold Grenlee rinonzi, Nnhanganyaya kuongororo yetestamende itsva” *Introduction to the New Testament Textual criticism*, rinoti:” Hapana gwara redzidziso yechKristu yakazendama pazvinyorwa zvisina kujeka; uye mudzidzi wetestamende itsva anosungirwa kungwarira kuda kuti zvinyorwa zvakezvifanane nedzidziso yakare kana kuzvisimbisa pagwara redzidziso yemanamatiro kupfuura zvinyorwa zvemabviro izvo zvakatuswa” (p. 68).
 - b. W. A. Criswell akaudza Greg Garrison nezve nyaya yaiva mupepa nhau yokuti iye (Criswell) aisatenda mazwi ose ari mubhaibheri yaiva tuso, “kureva kuti haasi ose mazwi akabva kuvashandurudzi achisvika kuvanhu vemazuva ano.”Criswell, akati:” ini ndinotenda zvikuru mukuongorwa kwemagwaro. Naizvozvo, ndinofunga kuti chikamu chokupedzisira chechikamu chegumi nenhanhatu chevhangeri yaMako chine mashoko enhema:hachina kutuswa, mashoko okuzviitira...kana ukatarisisa zvinyorwa nechekare kare, kwakanga kusina chinhu chainzi mheto yebhuku raMako. Pane munhu akawedzera izvi...”
- Madzibaba weboka reavo vaizvidana kuti vasingaiti mhosho reSBC” INERRANTISTS” nayewo akati “kudzimikirwa kwemazwi” uku kunowanikwawo mubhuku raJohani. 5, nyaya yaJesu padziva reBhetisaidha. uye anotaurawo pamusoro nyaya dzokuzvisungirira kwaJudhasi mbiri idzo dzakasiyana (cf. Mateu. 27 naMabasa. 1) :” Anongori maonero okuzvisungirira akasiyana, “Criswell anoti.”kana zviri mubhaibheri, pano fanira kuva netsangudzo yokuzvijekesa. Uye nyaya mbiri dzokuzvisungirira kwa Judhasi dziri mubhaibheri.”anowedzera achiti, “ongororo yemagwaro ibhinduko rakanaka zvikuru. kana risina kuitwa kwenguva pfupi, harina kuzvidza. Ndere shanduko yakanaka uye ndiro mwoyo wenyaya...”
3. Matambudziko ezvinyorwa (ongororo yezvinyorwa)
 - A. Mamwewo magwaro anokurudzirwa kuverenga
 1. *Biblical criticism:Historical, Literary and Textual*, by R. H. Harrison
 2. *The Text of the New Testament:It's transmission, Corruption and restoration*, by Bruce M. Metzger
 3. *Introduction to the New Testament Textual Criticism*, by J. H Greenlee

HOROKODZWA YOKUPETA GWARO YETATU DONONGODZO YEMAZWI NEZVIREVO ZVAWO

Adoptionism. (*Kuiswa muukama utsva*). Aya ndiwo mamwe emaonerwo aita Hukama hwaJesu nouMwari pamazuva akare. Zvainzi Jesu aiva munhu chaiye uyo akaiswa muukama hwakanangurwa naMwari pakubhabhatidzwa kwake (cf. Mate. 3:17; Mako. 1:11) kana pakumuka kuvakafa kwake (cf. vaRoma. 1:4). Jesu akararama upenyu hwakanaka zvokuti Mwari, paneimwe nguva (pakubhabhatidzwa, nokumuka kuvakafa) akamuisa muukama utsva “seMwanakomana wake” (cf. vaRoma. 1:4; vaFiripi. 2:9). Aya aiva maonero evashoma mukereke yemakore mazana masere okutanga (8th century). Kunze kwekuti Mwari akava munhu (zimukadzimu) mafungiro aya anoshandura zvino munhu ndiye iota Mwari! Zvakaoma kuisa mumazwi kuti zvakafamba sei kuti Jesu, Mwari mwanakomana, uMwari hwakagara huripo, akashangamedzerwa kurarama upenyu hwakanaka. Kana akanga ari Mwari nakare, angazoshangamedzwa sei? Kana akanga aine rubwinyo rwokuvapo kare, akazopiwa ruremekedzo zvakare sei? Nyangwe zvakatiomera kunzwisisa, Baba vakaremekedza Jesu nenzira yakasanangurwa nokuzadzisa kuda kwababa kwake.

Alexandrian School. Iyi nzira yokupirikira bhaibheri yakaitwa muAlexandria kuIjipita, mumakore mazana maviri okutanga (2nd century. A. D.) Inoshandisa misimboti yokupirikira yaPhilo, uyo aiva mudzidzi waPlato. Inonyanyo zivikanwa senzira yokushandisa zvirahwe. Yakashandiswa zvikuru kwazvo mukereke kusvika panguva yeshanduko yevandudzo. Vainyanya kuishandisa ndiOregone naAugustine. Tarira bhuku ravaMoises Silva rinonzi, kereke yakatadza kuverenga bhaibheri here?” *Has the church misread the bible?*” (Academic, 1987)

Alexandrinus. Ichi chaiva chinyorwa chemakore mazana matanhatu okutanga (6th century) chemuAlexandria kuIjipita, chinonganisa testamende yekare, Apokirifa, pamwe nemabhuku mazhinji etestamende itsva. Ndicho chimwe chemagwaro makuru anotsigira testamende itsva yechiGiriki yose (kunze kwemabhuku aMateu, Johani na2vaKorinde). Apo chinyorwa ichi, icho chinon’anurwa kunzi” A” nechinon’anurwa kunzi “B” (Vaticanus) zvinobvumirana pakuverengwa, zvinowanzo tambirwa sokuva zvemabviro nevadzidzi vazhinji.

Allegory. Iyi inzira yokupirikira bhaibheri yakatangwa nevaJudha muAlexandria. Yakazo paradzirwa naPhilo wokuAlexandria. Vavariro yayo huru ndeyekuita kuti shoko rienderane netsika pamwe nemafungiro evanhu kuchisiyiwa nhorondo yebhaibheri kana dzdziso yezvinyorwa zvaro. Nzira iyi inokurudzira kutsvaka zvakananzika zvemweya mushoko. Zvinofanira kubvumwa kuti Jesu, munaMateu. 13, naPauro, munavaGaratiya. 4, vakashandisa nzira iyi yezvirahwe kutaura zvokwadi. Zvisineyi, ava vaviri izvi vakazviita nenzira yokushandisa udzamu huri mushoko kwete zvirahwe.

Analytical lexicon. (*Duramazwi reongororo*) Iri duramazwi rakango fanana nechombo chetsvakurudzo chinobatsira kududza mazwi ose zvawo echiGiriki ari mutestamende itsva. Iri gwaro, iwunganidzo yemuronga wemavara echiGiriki nedudziro dzawo. Uri maringe neshandurudzo, rinobatsira vatendi vasingataure rurimi rwechiGiriki kuti vakwanise kuongorora zvivakamutauro nekurongwa kwemazwi echiGiriki mutestamende itsva.

Analogy of Scripture. (*Ringanidzo yeShoko*) Uyu ndiwo mutsara unoshandiswa kutsanagura maonero okuti bhaibheri rose rakatuswa naMwari uye nokudaro harizvipikisi asi rinofambirana. Aya mafungiro ndiwo rutsigiro rwokushandiswa kwemivaravara inofambirana pakupirikira chinyorwa chomubhaibheri.

Ambiguity. (*Kureva zvakawanda*) Izvi zvinoreva kusanzwisika kunowanika muchinyorwa kana paine zvirevo zvingaita zviviri kana kupfuura kana kuti painechirevo chezvinhu zviviri kana kuraudza panguva imwecheteyo. Zvinogoneka kuti Johani anoshandisa nzira iyi zvinechinangwa (hunyanbiri hwezvirevo zvezvazwi)

Anthropomorphic. (*Kutsanangura Mwari somunhu*) Zvichireva kuti” kuva nemaitiro evanhu, “Iri izwi rinoshandiswa kutsanangudza mutauro wedu wezvinamoto pamusoro paMwari. Rinobva pazwi rechiGiriki rokureva vanhu. Rinoreva kuti isu tinotaura nezvaMwari sokuti iye Mwari ava munhu. Mwari anotsanangurwa nemutauriro wepanyama, unechirevo chokugarisana kwepanyika, uye nenzira yemafungiro evanhu (cf. Genesi. 3:8; 1Madzimambo. 22:19-23). Iyi, ingova ringanidzo chete. Zvisineyi hapana imwe mhatsanuro kana mazwi atingashandise kunze kweiwawa epanyika. Naizvozvo kuziva kwedu Mwari, chero kuri kwezvokwadi, kune mhenderekedzo.

Antiochian School. Iyi nzira yokupirikira bhaibheri yakaitwa kuAndiyoki, Siria, mumakore mazana matatu okutanga (3rd century) senzira yokupikisana nenzira iya yezvirahwe (allegory) yemuAlexandria muJipita. Tsvegededzo yayo huru yaiva yokutarisisa chirevo chenhoroondo yebhaibheri. Yaipirikira bhaibheri segwaro chairo rakanyorwa navanhu. Chikoro ichi chakazopindawo zvikuru mudaritari rokuti chaiva chokwadi here kuti Jesu aiva nezvimiro zviviri (Nestorianism) kana chimiro chimwe (kuva Mwari nokuvamunhu azere). Chikoro ichi chakanzi chaiva chenhema nekereke yeRoma, chikabva chatamira kuPersia asi chikoro ichi chakanga chisina mukurumbira. Dzidziso yechikoro ichi yezvekupirikirwa ndiyo yakazoumba misimbotti yokupirikira yakazoshandiswa navana Luther na Calvin.

Antithetical. Iri ndiro rimwe remazwi matatu rinoshandiswa kutsanangura kureva hochekeche iri pamitsara yenhetembo dzechiHebheru. Rinoreva mitsara yenhetembo inopikisana (cf. Zvirevo. 10:1, 15:1).

Apocalyptic Literature. Iyi nzira yemanyorero yaiva zvikuru kwazvo yechiJudha. waiva munyorero waiva wakavanzika zvikuru wakashandiswa munguva yokurwiswa nokutapwa kwevaJudha nedzimwe ndudzi. Inoti Mwari wepauzima, werudzikinuro ndiye akasika uye anoitisa zviitiko munyika, nokutiwo Isirari inokosha kwaari. Zvinyorwa izvi zvinovimbisa kukunda kuburikidza nokuita kwakanangurwa kwaMwari.

Munyorero uyu une mifananidzo yakawanda wakanakisa uye uine mazwi akawanda. waiwanzoratidza zvokwadi nenzira yemhando dzoruvava dzakawanda, midzumbutsumbu, manyingidira, zviroti, mirangaridzo yengirozi, mazwi echivande pamwe nomusiyaniso wechakanaka nechakaipa.

Mimwe mienzaniso yemunyorero uyu ndeyi (1) mutestamende yekare, Ezekieri (zvikamu 36-48), Dhanieri (zvikamu 7-12), Zekariya. ; ne (2) mutestamende itsva, Mateu. 24; Mako. 13; 2vaTesaronika. 2 naZvakazarurwa.

Apologist (Apologetics) Izwi zvinobva paizwi rechiGiriki rokuti” rudziviro pamutemo.”Ichi chidzidzo chinowanikwawo zvikuru kwazvo muzvidzidzo zvouMwari, ndichi chidzidzo chokuita doritori rakanangana nokudzivirira chitendero chechiKristu.

A priori. Iri izwi rinofambirana nerokuti” kufanofungidzira.”Izwi iri rinechirevo chokufunga kubva mududziro, misimboto nemaonero akaitwa kare, ayo anonzi ndeekhwadi. Zvireva zviya zvinotambirwa zvisina kuongororwa.

Arianism. Arius aiva mufambisi webasa mukereke yepaAlexandria muljipita mukupera makamere mazana matatunokutanga kwemakere mazana mana okutanga (3rd –4th century). Akatsigirawo kuti Jesu akagara aripo asi haana uMwari (haana kuenzana naBaba), anogona kunge aitevedzera zviru munaZvirevo. 8:22-31. Akapikiswa nemukuru wekereke yeAlexandria, uyo akatangawo daritari rakewo rakatora makere akawanda. Arianism yakava mhiko yekereke yokumabvazuva. Dare reNicaea mugore raA. D 325 rakaramba pfungwa yaArius rikati Mwanakomana akaenzana naBaba.

Aristotle. Uyu aiva mudzamisi wendangariro wenguva yakare wechiGiriki, akadzidziswawo naPlato uyo akadzidziswawo Alexander. Mukurumbira wake, chero nanhasi unobata nharaunda zhinji dzedzidzo. Izwi zvinodaro nokuda kwokuti aikurudzira ruzivo kuburikidza nokuongorora nokupatsanura. Uyu ndiwo umwe wemisimboto yemabhindauko emhando dzokuongorora.

Autographs. (Zvinyorwa zvekutanga) Iri ndiro zita rinopihwa kuzvinyorwa zvebhaibheri zvemabviro. Zvinyorwa izvi zvemabviro izvo zvakanorwa nemaoko zvose zvakanosika. Zvakanga zvanyorerwawo panemamwe magwaro chete ndizvo zvakasara. Izvi ndizvo zvasara zviru izvo zvinyorwa zvakaumba zvinyorwa zvizhinji zviripo nhasi muchiHebheru nechiGiriki nezvimwewo zvakare.

Bezae. Ichi ndicho chinyorwa chechiGiriki nechiLatin chemakere mazana matanhatu okutanga (6th century) chinonan’anurwa nevara “D.”chine vhangeri dzose nebhuku raMabasa pamwe nedzimwewo tsamba. Chinyorwa ichi chakawedzerwa mamwe mazwi evanzveri vemagwaro. Ndicho chinoumba hwaro hwechinyorwa chinonzi” Textus Receptus, “ndiro zve gwaro guru rakaumbawo bhaibheri re” King James version.”

Bias. (Rerekero) Iri ndiro izwi rinoshandiswa kutsanangura rerekedzo kuchinhu kana maonero. Aya ndiwo mafungiro asina kurerutsa mafungiro maererano nechinhu kana maonero. Aya ndiwo maonero anerusaruro rwuri pachena.

Biblical Authority. (Hukuru hweBhaibheri) Iri izwi rinoshandiswa nenzira inokosha zvikuru. Rinodidzirwa richinzi, kunzwisisa kuti munyori wemabviro aida kurevei panguva yake uye nokushandisa chirevo ichi pangva yedu. Izwi iri rinowanzo dudzirwazve sokuti kutoa bhaibheri sairo nhungamiri yedu. Zvisineyi, kana kuchitariswa mhirikiro dzisakarurama dzemazuva ano, ndakadzora pfungwa iyi kuti ireve kuti kupirikirwa nenzira yemisimboto yezvivakamutaura zvenhoroondo.

Canon. (Zvinyorwa zvakanoswa) Iri ndiro izwi rinoshandiswa kutsanangura zvinyorwa zvinotendwa kuti zvakanoswa. Rinoshandiswa kureva testamende itsva neyekare.

Christocentric. (Kumira naJesu) Iri izwi rinoshandiswa kureva kukosha kwaJesu. Ini ndinori shandisa muchirevo chokuti Jesu ndiye Ishe webhaibheri rose. Tetsamende yekare inonongedza iye uye ndiye zadziso nevavariro yayo (Mateu. 5:17-48).

Commentary. (Tzoropodzo) Iri igwaro retsvakurudzo rinokosha. Rinopa nhoroondo yegwaro remubhaibheri. Rinozoedza kutsanangura chirevo chembadzi yoga yoga yegwaro iroro. Mamwe anonyanya kutaura nyaya yokushandisa, mamwewo achitarisisa chinyorwa zvakadzama. Magwaro aya anobatsira, asi anofanira kushandiswa mushure mokunge iwe wamboitawo ongororo yakowo. Mhirikiro yemutsoropodzi haifanire kugamuchirwa zvisina ongororo. kuenzanisa tsoropodzo dzakawanda kubva kuvatsoropodzi vane maonero akasiyana siyana ndiko kunobatsira.

Concordance. (Donongodzo yemazwi nezviitiko) Iyi imwe nzira yetsvakurudzo. Inodonongodza izwi rechiitiko choga choga mutestamende yekare neitsva. Inobatsira nenzira dzakasiyana siyana (1) kutsanangudza izwi rechiHebheru kana chiGiriki rinova mabviro ezwi rose zvaro rechirungu ; (2) kuenzanisa mivaravara yose yakashandiswa mazwi echiHebheru kana echiGiriki anofanana ; (3) kuratidza apo pane mazwi maviri echiHebheru kana echiGiriki anosiyana asi akashandurudzwa nezwi rimwechete rechirungu; (4) kuratidza kunyanya kushandiswa kwemamwe mazwi mumabhuku kana nevanyori; (5) kukubatsira kuwana muvaravara waunenge uchida mubhaibheri (cf. Walter Clark mubhuku rake rinonzi, mashandisirwo anoitwa magwaro anobatsira kunzwisisa testamende itsva yechiGiriki” *How to use New Testament Greek Study Aids, pp. 54-55*)

Dead Sea Scrolls. Izvi zvinoreva mitute mitute yemagwaro akanyorwa mururimi rwechiHebheru nechiAramaic ayo akawanikwa pedo negungwa reDead Sea mugore ra1947. Magwaro aya aiva jengeta magwaro rerimwe bande revaJudha venguva yemakore zana okutanga (1stcentury). Udzvanyiriri hwakabva pakutapwa nevaRoma pamwe nehondo dzemapindikiti dzakaita kuti vavige magwaro aya mumapako mumwena nemumakate akavharwa. Magwaro aya akati batsira kunzwisisa nhoroondo yeParastina yemakore zana okutanga uye akatsigirawo magwaro e MT, kuti ane humboo hwakanaka husina mhosho, zvokudzoka mumashure kusvika pamakore enguva iyo Jesu akanga asati azvarwa (B. C) Magwaro aya anonan’anurwa nevara “DSS.”

Deductive. Iyi mhando yokushandisa murangariro inobva pamisiboti kusvika pakushandisa nenzira yokudzamisa ndangariro. Inosiyana neye’Inductive’, iyo inoratidza nzira yeongororo nokufamba kubva pakutarisisa zvinhu kuenda kumhendero (maonero)

Dialectical. Iyi ndiyo nzira yokudzamisa ndangariro inoita sokuti inosanganisa zvinopikisana kana gangaidzo, ichitsvaka kuwana mhinduro inobata nhivi dzose dzegangaidzo. Gwara redzidziso zhinji dzemubhaibheri dzine hunyambiri hwemhando iyi, kufanoronga kare—Madiro; kudziviririka—kutsungirira; kutenda—Mabasa; rutemo—udzidzi; Rusununguko rwechiKristu—mabasa echiKristu.

Diaspora. (Udzingwa) Iri ndiro izwi raishandiswa nevaJudha vekuParastina kutsanangura vamwe vaJudha vaigara kunze kwenyika yechipikirwa.

Dynamic equivalent. Iyi inzira yemafungiro yokushandurudza bhaibheri. Kushandurudza bhaibheri kunogona kuonekwa seziendamberi re” izwi neizwi” umo, izwi roga roga rechiHebheru rinosungirwa kuva nerimwe rechirungu rakanagana naro kana rechiGirikiwo rinosungirwawo kuva nerechirungu rakanangana naro, kusvika “pamutsara mudiki” apo chirevo chete ndichi chinoshandurudza pasinga tariswe mazwi emabviro nemitsara. Pakati nepakati penzira mbiri idzi ndipo pane” dynamic equivalent” iyo inoedza kushanda zvikuru nezvinyorwa zvemabviro, asi ichizvishandurudza nezvivakamutauro nemadimikira emazuva ano. Nyaya iyi inotaurwa zvakanaka mubhuku ravaFee navaStuart rinonzi, maverengerwo ebhaibheri nezvose zvariri” *How to read the Bible for All its Worth, p. 35* nenhangananyaya yebhaibheri reTEV” *Introduction to the TEV.* rava Robert Bratcher.

Eclectic. (Ongororo yesungano yezvinyorwa) Izwi iri rinoshandiswa riine hochekeche neongororo yezvinyorwa. Rinoreva kusarudza zviyorwa zvakasiyana kubva muzvinyorwa zvechiGiriki kuitira kusvika pachinyorwa chine chirevo chiri pedo nemgwaro emabviro emubhaibheri (autographs) kushandoswa kwezwi iri kunoramba maonero okuti boka rimwe rezvinyorwa zvechiGiriki ndiro rinezvinyorwa zvemabviro.

Eisegesis. (Ongororo yechinyorwa inopinza mafungiro matsva) Iri izwi rinopikisana nerekuti” exegegesis” iro rinoreva “zvinobvisa” muvavariro yemunyori wemabviro, asi iri rinoreva “zvinopinza “mu zano kana mafungiro matsva.

Etymology. (Dzidzo yezvirevo nemabviro emazwi) Iyi inzira yekudzidza mazwi inoedza kuburitsa chirevo chezwi chemabviro. kubva pachirevo ichi, mashandisirwe anoonekwa zvakapfava. Mukupirikira, dzidzo yezvirevo nemabviro emazwi haisiri iyo nyaya, asi mashandisirwo aro nechirevo charo mazuva ano ndizvo zvinokosha.

Exegesis. (Kupirikira chinyorwa maringe nemuvaravara woga woga) Iri ndiro izwi rinoreva kupirikira muvaravara. Rinoreva kuti “kubvisa mu” (chinyorwa) zvichireva kuti chinangwa chedu ndechekunzwisisa vavariro yemunyori wemabviro maaringe nenhorondo, chidzidzo chechinyorwa, kuumbwa kwemazwi pamwe nezvirevo zvemazwi pazuva ranhasi.

Genre. (Manyorero) Iri izwi rinobva pamutauro wechiFrench richireva kuti manyorero akasiyana. Vavariro yezwi iri ndeyekupatsanurira manyorero akafanana mumapoka akasiyana: rondedzero yenhoroondo, nhetembo, tsumo, kuparara nemutemo.

Gnosticism. (Kusanganisa shoko nemafungiro evanhu) Ruzivo ruzhinji rwatiinarwo pamusoro pemaitiro asakarurama aya runobva kuvanyori veboka irori vemakore mazana maviri okutanga (2nd century). Zvisineyi, pfumvuti dzemaonero aya dzaivapo mumakore zana okutanga (1st century) uye nekumashure kwenguva iyi.

Imwe misimbote yakadonongodzwa yemapoka emafungiro aya e Valentian nere Cerinthian ayo aivako kumakore mazana maviri okutanga (2nd century) inoti (1) nyama neMweya zvose zvinorarama nokusingaperi (hunyanbiri hwedzidziso yeraramo). Nyama inezvivi, Mweya wakanaka. Mwari uyo anova Mweya hangave nechekuita nekuumba nyama inezvivi; (2) kune nhume (*eons* kana nhanho dzoungirozi) pakati paMari nenyama. Wepasipasi kana wokupedzisira ndiye ‘YHWH’Mwari wetestamende yekare, akasika nyika (*kosmos*) ; (3) Jesu aiva nhume sa’YHWH’Mwari, asi iye Jesu ari pamusoro pachikero, kuva pedo naMwari wezvokwadi.

Vamwewo vaiti Jesu ndiye ari pamusorosoro asi ari pasi paMwari wezvokwadi uye haasi zimukadzimu rouMwari (cf. Johani. 1:14). Sezvo nyama iine zvivi, hazvaiita kuti Jesu ave nemuviri wenyama ova mutsvene. Aiva dzangaradzimu (cf. 1Johani. 1:1-3; 4:1-6) ; uye (4) ruponeso rwaiwanikwa kuburikidza nokutenda munaJesu pamwe nokuva noruzivo rwakasanangurwa, urwo runowanikwa nevanhu vakasananguewa chete. Ruzivo (mazwi echivande) rwaidiwa kutira kupfuura mihasva yedenga. Mirayiro yechiJudha yaidivikanwa kuti usvike kunaMwari.

Vadzidzisi venhema vemafungiro aya vaikurudzira nzira mbiri dzokurarama dzaipikisana: (1) kuna vamwe, mararamiro akanga asina chokuita neruponeso. Kwavari ruponeso nezveMweya zvaiva zvakavigwa muruzivo rwechivande (mazwi echivande) kuburikidza nemihasha yengirozi (*eons*) ; kana (2) vamwewo vaiti, mararamiro ndiwo aikosha paruponeso. vaikurudzira kusafarira zvepanyika senzira kuva muMweya chaiko.

Hermeneutics. (*Misimboti yekupirikira*) Iri ndiro izwi rinoreva misimboti inotungamira kupirikirwa kwemivaravara (exegesis). kuita uku kunoratidza zvose hurongwa hwenhungamiri uye zvidavado/chipo. Mumabasa ebhaibheri kana zvinoera, bhindauko iri rinopatsanurirwa mumapoka maviri:misimboti yakareruka nemisimboti inokosha. Izvi zvinechokuita nemanyorero akasiyana anowanikwa mubhaibheri. Manyorero mamwe nemamwe (genre) ane nhungamiro dzawo asi achisanganawo pamafungiro nemapirikirirwo.

Higher Criticism. (*Tsoropodzo yepamusoro*) Iyi ndiyo nzira yokupirikira bhaibheri inotarisisa nhorondo nechimiro chemanyorerwo echinyorwa chemubhaibheri.

Idiom. (*Tsumo/Dimikira*) Iri izwi rinoshandiswa mumitsara inowanikwa mutsika nemitauro yakasiyana siyana iyo inechirevo chisiri chakajairika mazuva ose. Mimwe mienzaniso yemazuva ano ndeinoti:” zvaiva zvakanaka zvakaipa” kana “wazondiuraya.”Bhaibheri rinayowo mitsara yakadai.

Illumination. (*Rujeko*) Iri ndiro zita rinopiwa kumafungiro okuti Mwari akataura kuvanhu. Mafungiro akazara anowanzo buritswa nemazwi matatu (1) zaruro—Mwari akabata munhorondo yevanhu; (2) tuso—akapa mhirikiro chaiyo yemabasa ake nezvirevo zvawo kuvanhu vaakasarudza kuti vanyorere vanhu ; ne (3) rujeko—akapa Mweya wake kuti ubatsire kunzwiswa kwekuzviratidza kwake.

Inductive. Iyi imhando yehurongwa hwekudzamisa ndangariro, inoshanda ichibva pazvidiki ichienda pazvikuru kureva zvazazara. Iyi ndiyo yemazuva ano yokuongorora nokuedza. Iyi kwazvo inzira yaAristotle.

Interlinear. Ichi ndicho chombo chetsvakurudzo chinoita kuti chero avo vasingagoni kuverenga rurimi rwemubhaibheri vagonewo kuongorora chirevo charwo nemamiriro. chinoisa shandurudzo yechirungu paongororo yezwi nezwi mumutauro wemabviro webhaibheri. Chombo ichi, chikabatanidzwa neduramazwi re” Analytical lexicon, “zvinopa zvimiro nedudziro dzechiHebheru nechiGiriki.

Inspiration. (*Tuso*) Aya ndiwo mafungiro okuti Mwari akataura kuvanhu nokutungamira vanyori vebhaibheri kuti vanyore zvakanaka uye zvakajeka kuzviratidza kwake. Pfungwa

yakazara iyi inotsanangurwa nemazwi matatu (1) ratidzo—Mwari akabata munhorondo yevanhu; (2) tuso—akapa mhirikiro chaiyo yemabasa ake nezvirevo zvawo kuvanhu vaakasarudza kuti vanyorere vanhu; ne (3) rujeko—akapa Mweya wake kuti ubatsire kunzwisiswa kwekuzviratidza kwake.

Language of description. (*Mutauro wakashandiswa kutsanangura*) Iyi tsanangudzo inoshandiswa nesungano yemadimikira ayo anonyorwa nawo testamende yekare. Inotaura nezvenyika yedu maringe nemaonekero ainoita kupfungwa dzedu shanu. Haisi tsanangudzo yemabhindauko eongororo, uye haina kubobvira yarongwa saizvozvo.

Legalism. (*Zvemutemo*) Chirevo chemafungiro ichi chinoratidzwa nekunyanya kukumikidza mitemo kana kupira. Zvinonyanya kuva nechekuita zvikuru nokugadzirika kwemabasa evanhu senzira yokugamuchirwa naMwari. Zvinoita sokudzikisira hukama naMwari zvichikwiridzira mabasa, zvose zviri zviviri zvinhu zvinokosha zveukama hwechisungo pakati paMwari mutsvene navatadzi.

Literal. (*Kupirikira maringe nenhoroondo*) Iri izita rinopiwa kuneimwewo zve nzira yokupirikira inotarisisa zvinyorwa maringe nenhoroondo yakaitwa kuAndiyoku. Rinoreva kuti kupirikira kunechokuita nemutauro chaiwo nechirevo chakajairika chemutauro wevanhu, nyangwe zvazvo richitambira kuvapo kwemadimikira mumutauro.

Literary genre. (*Chimiro chechinyorwa*) Izvi zvinoreva zvimiro zvenhaurirano yevanhu, senhetembo kana rondedzero yenhoroondo. Nzira yemanyorero imwe neimwe ine nzira dzayo dzokupirikirwa pamusoro pokuvapo kwemisimboto kuzvinyorwa zvose.

Literary unit. (*Chidzidzo Chechinyorwa*) Izvi zvinoreva kupatsanurwa kwemafungiro arimubhuku remubhaibheri. mhatsanhuro iyi inogona kuva yendima shomanana, ganhuro kana zvikamu. Imhatsanuro imwechete inenge iine chidzidzo chimwechete.

Lower criticism. (*Ongororo yepasi*) Tarira “ongororo yezvinyorwa.”

Manuscript. (*Chinyorwa*) Iri izwi rinoreva zvinyorwa zvakasiyana siyana zvetestamende itsva yechiGiriki. Kazhinji zvinenge zvakapatsanurirwa mumapoka emhando dzakasiyana siyana maringe ne (1) pazvakanyorerwa (pepa’Papyri ‘kana dehwe), kana (2) runyoro rwakashandiswa (mavara makuru kana akasangana). Rinorehwa muchimbu nokuti” MS” (Muumwe) kana” MSS” (Muuwandu).

Mesoteric Text. Izvi zvinoreva zvinyorwa zvetestamende yekare yechiHebheru, zvakaitwa makore mazana mapfumbamwe okutanga (9th century) izvo zvakanyorwa nezvizvarwa zveanzveru vemagwaro vechiJudha, zvinyorwa izvi zvine mavara anodudza ruzha rwakaurungana uye nezvimwewo zvinyorwa zvipfupi. Ndizvo zvinoumba hwaro hwetestamende yedu yechirungu yakare. Runyoro rwazvo rwakatsigirwa negwaro rechiHebheru reMSS, kunyanya bhuku raIsaya, iro rinozivikanwa kubva muzvinyorwa zveDSS. Zvinonyorwa muchidimbu kuti” MT.”

Metonym. (*Dambanemazwi*) Uyu mutauriro unoitwa wekuti zita rechimwe chinhu rinoshandiswa kureva chimwewo chinhu chine sungano nechinhu ichocho. Semuenzaniso, “ketero iri kufashaira” zvinoreva kuti “mvura iri muketero irikufashaira.”

Muratorian Fragments. Iyi ndiyo donongodzo yemagwaro akatuswa etestamende itsva. Donongodzo iyi yakanyorwa kuRoma makore mazana maviri okutanga asati akwana (200 A. D.) Donongodzo iyi ine mabhuku anokwana makumi maviri nemanomwe seari mugwaro retestamende yeavo vakapandukira sangano rekaturike. Izvi zvinoratidza pachena kuti kereke dzemunharaunda yeRoma dzakanga dzatoronga donongodzo yemagwaro akatuswa matare emakereke emumakore mazana mana okutanga asati azvironga.

Natural revelation. (*Kuzviratidza kuburikidza nezvisikwa*) Iyi ndiyo imwe mhando yokuzviratidza kwaMwari kvanhu. kunosanganisira kuzviratidza kuburikidza nezvakasikwa (vaRoma. 1:19-20) uye nokuburikidza nomurangariro (vaRoma. 2:14-15) pamwe navaRoma. 1-2. Izvi zvnosiyana nokuzviratidza kuburikidza nenzira yakasanangurwa, inova ndiyo nzira yaMwari chaiyo yokuzviratidza mubhaibheri pamwe nokuburikidza nemunaJesu weNazareta.

Iyi nyaya yebatsanurwa revzidzidzo zvouMwari iri kutsigirwawo neboka revaongorori vechiKristu rinonzi [“old earth “Movement] (semuenzaniso., zvinyorwa zvavaHugh Ross). Vanoshandisa batsanurwa iri kureva kuti zvokwadi yose ndeyaMwari. Zvakasikwa ndiro gonhi rokuziva Mwari; Izvi zvakasiyana nokuzviratidza kwaMwari zvakanangurwa (kwebhaibheri). Kuzviratidza kuburikidza nezvakasikwa ndiko kunopa avo vemabhindauko okuongorora kwemazuva ano mukana wekuita tsvakurudzo pamusoro pezvisikwa. Pamaonero angu uyu ndiwo mukana wakanaka wokupupura kuna avo vokumadokero vanovimba nemabhindauko okuongorora nemichina.

Nestorianism. Nestorius aiva madzibaba kuConstantinople mumakore mazana mashanu okutanga (5th century). Akadzidziswa kuAndiyoku, Siria uye akatsigirawo kuti Jesu aiva nezvimiromo zviviri, chimwe chokuva munhuchaiye, chimwe chokuva nouMwari hwakazara. Aya maonero aisyana zvikuru neaitwa nekereke yakare paAlexandria okuti Jesu aiva nechimiromo chimwechete. Chinhu chikuru chainyanyo tambudza Nestorius izita rokuti” amai vaMwari” iro raipiwa kunaMaria. Nestorius akapikiswa zvikuru naCyril wekuAlexandria, zvichireva kuti akanga opikiswa nevakamudzidzisa uye nedzidziso yake. Antioch ndiro raiva guta guru renzira iyi yokupirikira bhaibheri nokutarisisa nhorondo yezvivakamutauro pamwe nezvinyorwa, ukuwo Alexandria raiva guta guru rechikoro choupirikiri hwemhando yezvirahwe. Zvakazoguma nokutiNestorius akadzingwa basa ndokuiswa muudzingwa.

Original author. (*Munyori wemabviro*) Izvi zvinoreva vanyori chaivo veshoko.

Papyri. Iyi imhando yebepa rokunyorera raibva kuJipita. Raigadzirwa nenhukwe dzomurukova. Ndiro bepa rakanyorerwa zvinyorwa zvedu zvakare zvetestamende itsva yechiGiriki.

Parrallel passages. (*Mivaravara inofambirana*) Izvi zvinobatwawo munyaya yokuti bhaibheri rose rakabva kunaMwari, naizvozvo, iro bhaibheri ndiro rinogona kuzvipikira zvakanwana nokunengaidza zvokwadi dzegangaidzo. Izvi zvinobatsirawo kana uchiedza kupirikira muvaravara usina kunyatsojeka uye uine zvirevo zvakanwana. Zvinobatsirawo kuti uwane

muvaravara wakajekesesa pachidzidzo chaunenge uchiita pamwe nezvimwewo zvingava zvine chokuita nezvidzidzo vzheshoko.

Paraphrase. (*Mutsumbutsumbu wemitsara*) Iri ndiro zita reimwe nzira yokushandurudza bhaibheri. Kushandurudza bhaibheri kunogona kutorwa seziendamberi rinobva “paizwi neizwi” umo izwi rechirungu rinosungirwa kuwanikirwa rose rechiHebherukana rechiGiriki “muganhuro yemivaravara” umo chirevo chete ndicho chinoshandurudzwa pasinga tarirswi mazwi emabviro kana mivaravara. Pakati nepakati penzira idzi ndipo pane nzira iyi inonzi” the dynamic equivalent” iyo inoedza kutarisisa zvinyorwa zvemabviro asi ichi shandurudza nezvimiro zvezvivakamutauro nemadimikira emazuva ano. Nhurwa yakanaka iri pamusoro penzira dzekushandurudza idzi inowanikwa muchinyorwa chavaFee nava Stuart chinonzi kuverenga bhaibheri nezvose zvariri” *how to read the bible for all its worth, p. 35.*”

Paragraph. (*Ganhuro*) Iyi ndiyo rondedzero yechidzidzo chechinyorwa. Inobata pfungwa yechidzidzo chimwechete nevandudzo yacho. Kana tikatevedzera vavairo yayo chaiyo hatinga zvisungirire munyaya dzisina mature uye hatirase vavairo yemunyori wemabviro.

Parochialism. Izvi zvinoreva rerekero dzezvidzidzo zvouMwari idzo dzinechokuita netsika nemagariro enzvimbo. Rerekero iyi haitarirsiwo kana kusahndisa ruzivo rwekuvapo kwezvokwadi yebhaibheri iyo inosanganisa tsika nemagariro akasiyana siyana.

Paradox. (*Gangaidzo*) Izvi zvinoreva zvokwadi dziya dzinoita sokuti dzinopikisana, asi dzose dziine chokwadi, chero dzichikakavadzana. Dzinoburitsa chokwadi nenzira dzinopikisana. Zvokwadi zhinji yemubhaibheri yakaburitswa nenzira yegangaidzo (hunymbiri). Zvokwadi yemubhaibheri haina kuita senyeredzi dzkamira dzoka, asi ibokorodzi rakaitwa nounyirikiti hwenyeredzi zhinji.

Plato. Uyu aiva mudzmissi wendangariro wekare wechiGiriki. Gwara rendanagariro rake rakava nechekuita zvokwadi nekereke yokutanga kuburikidza nevadzidzi vake paAlexandria, Ijipita, uye pava paye naAugustine. Akati zvose zviripanyika hazvina mature uye zvinongori mufananidzo wezviripaMweya. Vadzidzi vezvidzidzo zvouMwari vakazoenzanisa maonero ake aya “nenyika dzimu.”

Presupposition. (*Mifungo*) Izvi zvinoreva zvatagara tichifunga pamusoro pezvinhu. Kazhinji tinogara tiine maonero edu pamusoro pezvinhu tisati taverenga shoko. Iyi nzira yemaitiro inodanwawo kuti rerekero, kufunga maringe nedudziro dzagara dziripo, fungidziro, kana garoziva.

Proof texting. Iyi ndiyo nzira yokupirikira shoko nokutora ndima pasingatariwe chirevo chechinyorwa charo kana chirevo chechidzidzo chose. Izvi zvinobvisa ndima muvavairo yemunyori wemabviro uye zvinowanzo ratidza chido chokutaura maonero omuparidzi achishandisa bhaibheri.

Rabbinical Judaism. Iyi nhanho toupennyu hwevaJudha yakatanga vari muudzingwa kuBhabhironi (586-538 B. C). Sezvo mukurumbira wevaPirista netembere zvakanaga zvisisipo, masinagoge akatanga kukurudzira upenyu hwechiJudha. Nzvimbo idzi, idzo dzaidzidziswa tsika

nekagariro echiJudha, kuwadzana, kunamata nekuverenga bhaibheri dzakakurumbira panyaya dzoupenyu hwekunamata kwerudzi rwechiJudha. Munguva yaJesu “chinamoto chevanzveri vemagwaro “ichi chakanga chichifanana nechevaPirista. Pakaparadzwa Jerusarema mugore raA. D. 70. Chinamoto chevanzveri vemagwaro, ichi chakange chotungamirwa nevaFarisi ndicho chakange chotungamira zvikuru nyaya dzokunamata dzevaJudha. Mufambiro wechinamoto ichi ndechekupirikira murayiro uyo uri mugwaro reTorah sekutsanangurwa kwazvakaitwa mudzidziso yemadzinza (Talmud).

Revelation (Ratidzo). Tarira rujeko, tuso

Semantic field. (*Hwenzera hwezvirevo zvemazwi*) Izvi zvinoreva hwenzera hwose hwezvirevo zvinesungano nezwi. Izvi zvinongoreva zvinorehwa nezwi muzvimiro zvezvirevo zvakasiyana siyana.

Septuagint. Iri ndiro zita rinopiwa kushandurudzo yechiGiriki yetestamende yekare yechiHebheru. Zvinonzi yakanyorwa nevadzidzi vechiHebheru makumi manomwe mumazuva makumi manomwe, richinyorerwa jengeta magwaro reAlexandria, muIjipita. zvinonzi izvi zvakaitika mugore ra250. B. C. (Pachokwadi zvinogona kunge zvakatora makore zana kupedza). Shandurudzo iyi inokosha nokuti (1) inotipa chinyorwa chakare chokuzanisa nacho gwaro rechiHebheru reMesoteric; (2) inotiratidza chimiro chekupirikira kwevaJudha mumakore mazana maviri kusvika pamazana matatu okutanga, Kristu asati azvarwa; (3) inotiratidza kunzwisiswa kwezvaMesiasi kwechiJudha, Jesu asati arambwa. Pfupiso yayo ndi” LXX.”

Sinaiticus. Iri ndiro gwaro rechiJudha remakore mazana mana okutanga (4th century). Rakawanikwa nemudzidzi wechiJerimani anonzi, Tischendorf panzvimbo yokunamatira yeSt Catherine paJebel Musa, panzvimbo iri pagomo reSinai. Gwaro iri rinonan’anurwa nevara rokutanga rwerunyoro rwechiHebheru rokuti” *aleph*” [N]. Rine dzose testamende yekare neitsva. Iri gwaro ndiro rimwe remagwaro akare e MSS.

Spiritualizing. Iri izwi rinofanana nechirevo chemhando yokupirikira iyo inobvisa chirevo chenhorooondo nechechinyorwa chemuvaravara nokuupirikira maringe nemaonero.

Synonymous. (*Mazwi anezviperego zvakafanana*) Izvi zvinoreva mazwi ane zvirevo zvimwechete kana zvinofanana (nyangwe zvazvo pasina mazwi maviri anekusangana kwehwenzera hwezvirevo). Mazwi aya anenge aine sungano iri pedo zvikuru zvokuti anogona kutsivaniswa mumutsara chirevo chawo chisingakanganiswi. Zvinoshandiswawo kunan’anura zvimiro zvitatu zvekufambirana kwenhetembo dzechiJudha. Mumaonero aya, zvinoreva mitsara miviri yenhetembo inoreva chokwadi chimwechete (cf. Mapisarema. 103:3).

Syntax. (*Chimiro chemutsara*) Iri izwi rechiGiriki rinoreva murongerwo wemutsara. Rinoreva nzira inosanganiswa nayo zvikamu zvomutsara kuti uvake pfungwa yakazara.

Synthetical. (*Kurukirirana kwemitsara*) Iri ndiro rimweremazwi matatu anehochekeche nemhando dzokudetemba dzechiHebheru. Izwi iri rinotaura nezvekurukirirana kwemitsara yenhetembo ichiumba chirevo. Izvo zvinowanzo danwa kuti “manhengatenga” (cf. Mapisarema. 19:7-9)

Systematic theology. (Dzidziso yekupirikira sungano yezvouMwari) Iyi inhanho yokupirikira yokuedza kupa sungano kuzvokwadi yebhaibheri kuti ireve chinhu chimwe. Iyi ndiyo nzira yezvidzidzo zvouMwari zvechiKristu inoshandisa kurongeka mumipanda kwendangariro kwete nhoroono yoga (Mwari, munhu, zvivi, ruponeso, nezvimwewo.)

Talmud. Iri ndiro zita rinopiwa kugwaro rakaunganidzirwa dzidziso yechiJudha. VaJudha vanotenda kuti dzidziso iyi yakapiwa kuna Mosesi naMwari pagomo reSinai. Kwazvo kwazvo gwaro iri rinoratidza kuva uchenjeri hwechiJudha hwakaunganidzwa navadzidzisi vavo kwenguva yakareba. Kune zvinyorwa izvi zvemhando mbiri: chekuBhabhironi nechipfupi chisina kupera chekuParastina.

Textual criticism. (Ongororo yezvinyorwa) Iyi ndiyo dzidzo /ongororo yemagwaro emubhaibheri. Dzidzo iyi inokosha nokuti parizvino hakuna magwaro emabviro achiripo uye aripo acho anosiyana rimwe nerimwe. Ongororo iyi inoedza kutsanangura misiyano iyi nokuedza kuumba munyorero wemabviro wezvinyorwa zvakatuswa zvetestamende yekare neitsva. Iyi, nzira ndiyo inowanzo danwa kuti” ongororo yepasi”

Textus receptus. Nan’anuro iyi yakabatawo zvikuru chinyorwa chaElzevir chetestamende itsva yechiGiriki, mugore ra1633. A. D. Kwazvo izwi iri rinoreva chinyorwa chetestamende yechiGiriki yakanyorwa kubva mumagwaro mashoma echiGiriki nechiLatin aErasmus (1510-1535), naElzevir (1624-1678). Mubhuku ravaA. T Robertson rinonzi, nhanganyaya kuongororo yezvinyorwa zvetestamende itsva” *An introduction to the textual criticism of the New Testament*, p. 27.”vanoti; “gwaro reByzantine ndiro rimwechetero nere Textus receptus.”Gwaro reByzantine ndiro risinganyanyi kukosheswa pamagwaro ose ari matatu ezvinyorwa zvechiGiriki zvokutanga zvinoti (Western, Alexandrian nereByzantine). Rine mhoshho dzakawanda dzinobva mukunyorwa nemaoko kwemakore mazhinji. Zvisineyi vaA. T. Robertson vanoti” gwaro reTextus receptus rakatichengetera chinyorwa chisina mhoshho” (p. 21). Izvi zvinyorwa zvakare zvechiGiriki (kunyanya chaErasmus chechitatu chegore ra1522) zvinoumba hwaro hwebhaibheri re” king James version ra1611. A. D.”

Torah. Iri izwi rechiHebheru rinoreva kuti “kudzidzisa.”Rakazoshandiswawo kureva zvinyorwa zvaMosesi (Genesi kusvika kunaDhuteronomi). KuvaJudha, zvinyorwa zvetuso zvechiHebheru izvi ndizvo zvinonyanya kukosha.

Typology. (Mhando yekupirikira) Iri izwi rinoreva mabhindauko epamusoro mukupirikira. Kazhinji rinova nechekuita nezvokwadi dzemutestamende itsva idzo dzinowanikwa mumivaravara yetestamende yekare nenzira yemufananidzo weringanidzo. Iyi mhatsanuro yezvidzidzo zveabhindauko okupirikira yaiva chinhu chikuru kwazvo munzira yaidzidziswa pachikoro cheAlexandria. Nokuda kwekusashandiswa zvakana kwenzira yokupirikira iyi, tinofanira kuishandisa chete mumienzaniso yakanyorwa mutestamende itsva.

Vaticanus. Ichi chinyorwa chechiGiriki chemakore mazana mana okutanga (4th century A. D.). Chakawanikwa mujengeta mawaro reVatican. Pamabviro acho chaiva netestamende yekare yose, Apokirifa netestamende itsva. Zvisineyi, zvimwe zvikamu zvacho zvakazarasika (Genesi, Mapisarema, Tsamaba dzouparidzi, Firimoni naZvakazarurwa). Chinyorwa ichi chinokosha

zvokuru pakutema manyorerwo emabviro ezvinyorwa zvokutanga. Chinonan'anurwa nevara guru" B"

Vulgate. Iri ndiro zita rinopiwa kushandurudzo yebhaibheri yeLatin yaJerome. Ndiro rakava gwaro reshandurudzo resangano reKaturike. Gwaro iri rakaitwa mugore ra380 A. D.

Wisdom literature. (*Magwaro emuBhaibheri edzidziso yeuchenjeri*) Aya ndiwo manyorerwo akanga akajairika kunyika dzokumabvazuva (nemazuva ano). Manyorerwo aya aingori nzira yokuedza kudzidzisa chizvarwa chitsva misimboti yokurarama zvakanaka kuburikidza nenhetembo, tsumo, nengano. Dzidziso iyi yainge yakanyorerwa kumhu pauzima kwete mugarisanwa wose. Yaisa tsvaka rutsigiro rwenhorondo asi yaitaura nezvinoitika muupenyu pamwe neongororo. Mubhaibheri, Jobho kuburikidza nerwiyo rukuru rwaSoromoni akava nokuvapo nokurumbidza Mwari'YHWH', Asi muonero wekunamata uyu haushandi mune zvole zvinowanika muupenyu nguva dzose.

Senzira yemanyorerwo waidonongodza zvokwadi dzinowanikwa misi yose. Zvisineyi, munyorero uyu haushandiswe pose pose. Pane mitsara isingashandi muupenyu hwevanhu vose.

Vachenjeri ava vaibvunza mibvunzo mikuru youpenyu. Kazhinji vaibvunzurudza pamusoro penzira dzakare dzokunamata (Jobho naMuparidzi). Vanoumba nengaidzo nemakakatanwa kumhinduro dzakapfava dziri pamusoro pematambudziko oupenyu.

World picture and worldview. (*Mazwi ekutsanangudza maonero enyika*) Aya mazwi ndeefananidzo. Ose mazwi okudzamiswa kwendangariro pamusoro pokusika. Izwi rokuti "world picture" rinoreva mubvunzo wokuti" zvakaitika sei" zvokusika iriwo rokuti "worldview" rinehochekeche nokuti" ndiyani akasika."Mazwi aya anokosha pakupirikira kuti munaGenesi. 1-2 munobatwa nyaya yokuti ndiyani, kwete zvakaitika sei, zvokusika.

YHWH. (*Mwari*) Iri ndiro zita rechipikirwa raMwari mutestamende yekare. Rinodudzwa munaEkisodho. 3:14. riri muchimiro chohonzeri hwezwi rechiHebheru rokuti" kuva."VaJudha vaitya kutaura zita iri, nokuti vaizoritaura zvisina mature; Nokudaro vakaritsiva nerechiHebheru rokuti *Adonai*, "ishe."Ukiu ndiko kushandurudzwa kwezita iri rechipikirwa muchirungu.

HOROKODZWA YOKUPETA GWARO YECHINA MITSARA YEDZIDZISO YEKUTENDA

Ini pachangu handina basa nemisara yokutenda kana mhiko. Ndinotarudza kutsigira iro bhaibheri chairo. Ndinoona kuti mitsara yokutenda unoita kuti avo vasingandizive vawane nzira yokuongorora maonero angu panyaya dzedzidziso yezvokutenda. Munguva yedu ino yemhosho nokunyeperana pamusoro pezvidzidzo zvouMwari, ndinopa pfupiso yangu yezvidzidzo zvouMwari, niotevera.

1. Bhaibheri, rose testamende yekare neitsva rakatuswa, harina mhosho, rine samba, ndiro shoko raMwari nokusingaperi. Ndiro kuzvitatidza kwaMwari kwakanyorwa navanhu vachitungamirwa neMweya. Ndiro chete rinezvokwadi yakajeka pamusoro paMwari nezvinangwa zvake. Ndirozve rinopa kutenda pamwe nekushanda kwekereke yake.
2. Kunongori nemusiki mumwe chete nokusingaperi, Mwari mudzikinuri. Ndiye musiki wezvole, zvinooneka nezvisingaoneki. Akazviratidza saMwari muchengeti anerudo nyangwe zvazvo ari Mwari weruenganiso. Akazviratidza muvanhu vatatu: Baba, Mwanakomana neMweya; vakaparadzana asi vakafanana zvokwadi.
3. Mwari anobata nokushanda munyika yake. Pane mazano maviri nokusingaperi, rezvisikwa zvake iro risingashanduki nerepauzima iro rinobvumira zvido zvevanhu. Hapana chinoitika chisina kubvumidzwa kana kuzivikanwa naMwari, ukuwo achibvumirasarudzo pauzima kungirozi navanhu. Jesu ndiye munhu akasarudzwa nababa uye vamwe vanhu vose vanogona kusarudzwa maari. Kufano ziva zviitiko kwaMwari hakurevi kuti vanhu ava matemhe asina sarudzo. Tose tinechokuita nepfungwa nezviito zvedu.
4. Vanhu nyangwe zvazvo vakaitwa nomufananidzo waMwari uye vasina zvivi, vakasarudza kupandukira Mwari. Nyangwe vakafurirwa neaiva nesimba remweya, Adhamu naEvha vaiva nemurandu wokuzvitutmadza kwavo. Kupanduka kwavo kwakanganisa vanhu nezvisikwa. Tose tinoda tsitsi nenyasha dzaMwari, kuitira chimiro chedu munaAdhamu pamwe nokusarudza kwedu kupandukira Mwari pauzima.
5. Mwari akaisa nzira yoruregerero nedzoreredzo kuvatadzi. Jesu Kristu, iye Mwanakomana waMwari, akava munhu, akararama upenyu husina zvivi, uye nenzira yerufu rwake rwetsivaniso, akaripira chirango chokutadza kwevanhu. Ndiye chete nzira kudzoreredzo nokuwadzana naMwari. Hakuna imwe nzira yoruponeso kunze kwekuburikidza nokutenda mubasa rake rakapedzwa.
6. Umwe noumwe wedu akafanirwa kugamuchira pfupiro yaMwari yoruregerero nedzoreredzo munaJesu. Izvi zvinoitwa nenzira yokusarudza kuvimba muzvipikirwa zvaMwari kuburikidza naJesu uye nokusiya zvivi zvaunoziva
7. Tose takaregererwa nokudzoreredzwa zvizere maringe nokuvimba munaKristu nokutendeuka kubva muzvivi. Zvisinei, humboo hwehukama hutsva uhwu, hunoonekwa muupenyu hwakashanduka uye hurikushanduka. Vavariro yaMwari kuvanhu haisingori yedenga rimwe zuva, asi kuvasaKristu izvozvi. Avo vakadzikinurwa zvechokwadi, nyangwe vachimbotadza, vanoramba vachitendeuka nokutenda hupenyu hwavo hwose.
8. Mweya mutsvene ndiwo” mumwe Jesu.” Arimo munyika kuitira kutungamirira vakarasika kunaJesu nokuvandudza kuvasaKristu kune vakaponeswa. Zvipo zveMweya zvinopihwa pakuponeswa. Ndizvo upenyu noushumiri hwaJesu hwakapatsanurirwa pamuviri wake, kereke. Zvipo zvinova izvo ndangariro nezvinangwa zvaJesu zvinoda

kukurudzirwa nezvibereko zveMweya. Mweya urikubata mazuva ano sokubata kwawaiita munguva yakanyorwa bhaibheri.

9. Baba vakaita Jesu akamutswa kuvakafa mutongi wazvose. Achadzoka panyika kuzotonga vanhu vose. Avo vakavimba munaJesu uye vane mazita akanyorwa mubhuku rehwayana vachawana mitumbi inobwinya nokusingaperi pakudzoka kwake. Vachava naye zvachose. Zvisineyi, avo vakaramba kudavira kuzvokwadi yaMwari vachataramutswa nokusinga peri kubva mukufara kwekuwadzana naMwari vatatu mumwe. Vacharaswa pamwechete naSatani nengirozi dzake

Izvi hazvina kuperera asi ndinovimba kuti zvichakupa chimiro chezvidzidzo zvouMwari zviriri mumwoyo wangu. Ndinofarirra mutsara wokuti:

“Muzvokwadi—kubatana, Munezvimwewo—rusununguko, Munazvose—rudo.”